

LITIJÌ LÈ YÒ

Prémié tò'm *pro manuscripto*
tout *Litiji Lè yo* an kréyòl ayisyin, 8 désanm 2022

Nan 44^e anivèsè òdinasion Mgr Frantz Colimon, smm, kòm évèk
(8 désanm 1978 – 8 désanm 2022).

Sé antan l-ap konplété épi l-ap fè révizion tradiksion sa-a
li rivé nan *consummatum est* li-a 4 novanm 2022.

Sé pou nanm li répozé nan lapè Kris la!
Sé pou-l soutni nou sou rout la!

Dapré tèks *Liturgia horarum* ki gin Copyright © 2018, Libreria Editrice Vaticana, Città del Vaticano / Midwest Theological Forum, Downers Grove, Illinois, USA.

Nouvo sélébrasion ki antré nan Kalandriyé Romin jénéral la apré 2018 épi ki korésponn ak prémié volim sa-a, nou mété-l nan plas li, sé 10 désanm: Sint Vièj Mari de Lorèt.

OFIS DIVIN-AN
KI ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ
TRÈ SIN KONSIL ÉKUMÉNIK VATIKAN II-A
KI PROMULGÉ AK OTORITÉ PAP PÒL VI

LITIJI LÈ YO

DAPRÉ RIT ROMIN-AN
DÉZIÈM ÉDISION INPRIMÉ LATIN-AN
2018

I

TAN AVAN-AN
TAN NÉSANS GRANMÈT LA

Pro manuscripto
Port-au-Prince, Haïti, décembre 2022

| | |
|---|------|
| Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, 11 avril 1971 | 5 |
| Dékrè Kongrégasion pou Kult Divin-an, 7 avril 1985 | 6 |
| Konstitision Apostolik <i>Laudis canticum</i> , pap Pòl VI..... | 9 |
| Dispozision jénéral osijè Litiji Lè yo | 18 |
| Kalandriyé Romin jénéral | 98 |
| Pròp pou Tan-an..... | 111 |
| Òrdinè-a (Déroulman òrdinè-a)..... | 701 |
| Distribision Psòm yo ak Kantik yo sou kat sémèn | 733 |
| Konpli | 1188 |
| Psòm konplémantè | 1212 |
| Pròp pou Sin yo..... | 1221 |
| Komin | 1325 |
| Ofis défin yo..... | 1629 |
| Apindis (Dégi)..... | 1672 |
| I. Kantik ak Évanjil pou Vijil yo..... | 1672 |
| II. Priyè intèsésion ki pi kout ki kapab sèvi pou Vèp yo | 1709 |
| III. Fòmul ki kapab sèvi pou fè antré nan Priyè Granmèt la | 1714 |
| IV. Fòmul bénédiksion ki kapab sèvi pou Louanj yo nan matin ak Vèp yo..... | 1715 |
| V. Fòmul akt pénitansièl ki kapab sèvi pou Konpli..... | 1723 |



SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 1000/71

DÉKRÈ

Ak Litiji Lè yo, sa li té konn sélébré nan déroulman jounin-an dapré abitud dépi lontan-an, Égliz la akonpli lòd Granmèt la osijè priyè-a pou-l pa janm sispann-nan, épi an minm tan, li fè louanj pou Bondié Papa-a épi li intèsédé pou sovè tè-a.

Sé poutèt sa Konsil Vatikan II-a, antan l-ap fè anpil bagay pou disiplin Égliz la transmèt la, épi antan li té vlé renouvle-l tou, li té pran souin ak atansyon, pou fè révizion ki adapté pou priyè sa-a, yon fason pou ni prèt yo ni lòt manb Égliz la kapab fè-l pi byin épi pi ajisté dapré sikonstans jodi-a (cf. Const. de Sacra Liturgia *Sacrosanctum Concilium*, n. 84).

Antan travay révizion-an fini kounié-a, épi antan Pap Pòl VI aprouvé-l pa lintèmediè Konstitisyon Apostolik *Laudis canticum* nan, li signin jou premié novanm 1970, Sakré Kongrégasion sa-a pou Kult Divin-an, té pran souin pibliyé liv ki préparé nan lang latin-an pou sélébré Litiji Lè yo dapré rit romin-an épi édisyon sa-a l-ap prezanté kounié-a, li déklaré sé li ki modèl (tipik).

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Sot nan palè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 11 avril ané 1971, dimanch Pak nan Réziréksion Granmèt la.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

A. BUGNINI

Sékrète



KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 1814/84

DÉKRÈ

Litiji Lè yo, sa yo révizé nan ané 1971 apati dékrè Trè Sin Konsil Vatikan II-a, yon fason pou ak louanj yo, ak aksion-d-gras yo épi ak priyè-a tout lè yo nan déroulman jounin-an vîn sanktifié ansanm ak tout travay moun nan (cf. *Dispozision jénéral osijè Litiji Lè yo*, nn. 2 épi 11), li mandé pou richès spirituèl ki pròp pou li yo, sé pi afon yo antré nan yo palintèmediè konpréansion tèks yo an profondè, sa yo sèvi ak yo nan priyè kominotè Égliz la dapré fason Rit Romin-an transmèt la.

Pou rivé pi fasil nan objéktif sa-a, dézièm édision modèl (tipik) Litiji Lè yo, ki parèt apré 14 ané, prezanté kòm karakteristik pròp-li tèks édision Nouvo Vulgat Liv Sakré yo, ki doué nésésèman kounié-a pran plas tèks tradiksyon Vulgat la yo té konn anplouayé anvan sa-a, dapré règlèman Konstitisyon Apostolik *Scripturarum Thesaurus* Souvèrin Pontif Jan-Pòl II té bay jou 25 avril 1979 la.

Chak sa ki patikilié minm nan édision sa-a y-ap dékri yo ak plis présizyon nan sa ki suiv koulié-a.

1) Yo sèvi ak tradiksyon Nouvo Vulgat la pou léktu bibliik yo nan Ofis léktu yo épi Vijil la, minm jan tou pou léktu kout nan Louanj yo nan matin (Lôd yo), Vèp yo, Touazièm è-a (Tièrs), Sizièm è-a (Sèkst), Névièm è-a (Nòn) épi Konpli yo, ni pou tout Kantik Ansyin ak Nouvo Téstaman-an.

2) Kèk tèks bibliik yo té indiké nan édision anvan-an pa nan tradiksyon Nouvo Vulgat la, oubyin yo vîn gin yon lòt signifkasyon ladan-l, sé sa-k

fè yo té parèt mouins adapté an fonksion rézon ki fè yo té chouazi yo-a, yo pap jouinn yo ankò épi yo propozé tèks ki pi adapté nan plas yo.

3) Tèks Psòm yo vîn révizé yon dènié fous nan édition Nouvo Vulgat la, sé konsa yo mété yo nan édition sa-a pou Litiji Lè yo.

4) Répons Ofis léktu-a, yo révizé yo dapré tèks Nouvo Vulgat la, sof si pétèt rézon konpozision patikilié oubyin tradision, oubyin mélodi mizik, oubyin karaktè litijik pa-t pèmèt pou chanjé tèks la.

5) Yo introdui an plin nouvo réfrin pou *Benedictus* la ak pou *Magnificat* la ki konfòm ak Évanjil koté yo pran yo-a pou dimanch ak solanité yo.

6) Yo rémété Imn yo antan yo korijé yo avèk souin.

7) Nan léktu bibliik ki pi long yo, nan Psòm ak Kantik Ansyin ak Nouvo Téstaman-an, chak vèsè dékoré ak pròp numéro pa-l, jan yo prézanté nòmalmen nan liv bibliik yo.

8) Nan édition sa-a, psòm yo gin dé numéro ki indiké yo. Toudabò yo signalé numéro tradiksyon grèk la, sa yo rélé Séptant la, sa yo té toujou préfééré nan ansyin tradiksyon Vulgat la, sa Pèr Égliz yo té anplouayé-a épi Litiji-a transmèt la. Numéro patikilié pou tèks ébré-a, sa yo anplouayé anpil fous, alèkilé, nan édition liv ak tèks siantifik yo (*dissertatio*), yo ajouté yo apré, anndan krochè.

9) Nan Dégi-a (Apindis), yo ajouté lòt tèks, sètadi fòmul bénédiksyon solanèl épi akt pénitansiyèl, yo pran sot nan Misèl Romin-an.

Karaktè sa yo (Rémak sa yo) yo indiké pi ro-a ansanm ak rèz chanjman mouins inpòtan yo introdui, gin kòm objéktif final pou favorizé konpréansyon fasil sa-a épi rapò k-ap donnin frui ant sélébrasyon Litiji Lè-yo ak sélébrasyon ékaristik la, épitou ant sélébrasyon sa-yo ak ané litijik la ki « prézanté yon fòs ak yon éfikasité sakramantèl spésyal poutèt sé Kris la li-minm ki kontinué alé nan bout rout mizérikind san limit li-a nan mistè li yo oubyin nan souvni Sin yo, épi sitou Manman-l, yon fason pou fidèl krétyin yo non sèlman sonjé épi médité mistè Rédanmsion-an min pou yo rivé touché yo, vîn fè youn ak yo épi viv palintémédiè yo » (*Caeremoniale Episcoporum*, n. 231).

Dézièm édision sa-a pou Litiji Lè-yo, Souvèrin Pontif la Jan Pòl II té aprouvé-l ak Otorité Apostolik li épi Kongrégasion pou Kult Divin-an promulgé-l kounié-a épi déklaré-l sé modèl la (tipik). Sé poutèt sa, minm édision sa-a, yo préparé nan lang latin-an, l-ap kòmansé gin fòs aplikasyon tousuit lè li soti ; min édision nan lang pèp yo, sa yo préparé dapré règléman dézièm édision modèl la (tipik la), sé apati jou chak Konfèrans Évèk yo ap établi-a.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Sot nan palè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 7 avril ané 1985, dimanch Pak nan Rézéréksion Granmèt la.

+AUGUSTINUS MAYER
 Archiep. tit. Satrianensis
 Pro-Praefectus

+VERGILIUS NOÈ
 Archiep. tit. Voncariensis
 a Secretis



KONSTITISION APOSTOLIK
POU PROMULGÉ OFIS DIVIN-AN
KI RÉNOUVLÉ
DAPRÉ DÉKRÈ KONSIL ÉKUMÉNIK VATIKAN II

PÒL ÈVÈK
SÈVITÈ SÈVITÈ BONDIÉ YO
POU SOUVNI BAGAY SA-A TOUJOU RÉTÉ

KANTIK LOUANJ LA (LAUDIS CANTICUM), sa y-ap chanté ansanm dépi tout tan nan sièl yo, sa Souvèrin Prèt la, Kris Jézu, té transpòté nan égzil sa-a, Égliz la, nan tout déroulman sièk yo, nan divès fòm ki mérité konsidérasion, té kontinué-l san rété épi ak fidélimité.

Sé poutèt sa, Litiji lè yo, té progrésé ofiamézi yon fason ki fè li tounin priyè Égliz la nan chak koté, sa nan tan ak koté ki établi, antan prèt la ap prézidé, sa té vîn tounin prèské tankou yon konpléman nésésè pou fè kult divin nan pi ro dégré sa-a ki nan Sakrifis Ékaristik la, réjayi épi éljaji sou tout lè lavi moun nan.

Liv Ofis divin-an, minm, ki grandi ak pliziè éléman ki ajouté tou dousman nan déroulman tan yo, sé li ki vîn tounin instriman adapté pou aksion sakré sa-a li fèt pou li-a. Réyèlman poutèt atravè épòk moun nan gin modifikasion ki pa piti yo té introdui nan fason yo fè sélébrasion-an épi nan pami yo gin tou sélébrasion Ofis divin-an an patikilié, sa pa doué fè sézi si minm liv la, sa yo rélé pafoua Bréviè-a, yo té ranjé-l nan divès fason, ki pafoua té déranjé lòd konpozision-an.

Konsil Trant la, kòm poutèt difikilté tan-an, li pa-t kapab konplété réfòm Bréviè-a, li té rémèt sa bay Sièj Apostolik la. Bréviè Romin-an, sa Prédésèsè nou-an Sin Pi V té pibliyé nan ané 1568 la, té poté toudabò inifòmité sa-a yo t-ap mandé avèk fòs poutèt li té rélaché nan tan sa-a, nan priyè kanonik Égliz latîn nan.

Nan sièk ki vîn apré yo, pliziè foua yo té révizé-l sou Souvèrin Pontif Sikst V, Kléman VIII, Urbin VIII, Kléman XI épi lòt.

Sin Pi X té fè soti nan ané 1911 nouvo Bréviè li té bay lòd préparé-a. Antan li réstoré ansyin fason pou 150 Psòm yo résité chak sémèn, li té rénouvélé tout dispozision priyè Psòm yo, li té rétiré tout répétision yo épi li té bay posibilite pou mété Psòm yo nan sémèn yo ansanm ak déroulman léktu bibliik épi Ofis Sin yo. An plis, Ofis jou dimanch la vîn élaji épi ogmanté yon fason pou yo té ba-l plas anvan fèt sin yo nèt.

Pi XII tounin réprann tout travay révizion litijik la ankò, lè li pèmèt pou nouvo tradiksion Liv Psòm yo, sa Institu Bibliik Pontifikal la té fè-a, yo té kapab sèvi avèk li nan résitasion an privé oubyin an piblik, épi li té pasé lòd bay yon group patikilié li fè fòmé nan ané 1947 pou konplété késion Bréviè sa-a. Osijè minm bagay la, apati ané 1955, li té pozé tout Évèk yo sou tè-a késion. Frui travay sa-a ak dévouman sa-a vîn bay la, yo ouè-l nan Dékrè osijè rubrik yo pou yo sinplifié-a ki té soti jou 23 mars 1955, épitou nan règléman Jan XXIII té bay osijè Bréviè-a nan Kòd Rubrik yo an 1960.

Min, antan li t-ap désidé yon pati sèlman nan rénovasion litijik la, minm Souvèrin Pontif la, Jan XXIII, t-ap konsidéré pou-l té fè pi gran réchèch sou prinsip ki pi ro koté réalité litijik yo apuiyé-a ; travay sa-a minm li té mandé pou Konsil Ékuménik Vatikan II-a li té konvoké antrétan-an té fè-l. Sé konsa sa fèt pou Sinòd sa-a té aji yon fason tèlman rich épi klè, tèlman rélijyé épi valab osijè Litiji-a an jénéral épi osijè Priyè Lè yo an patikilié, pou sé apèn yo t-a kapab jouinn yon bagay konsa nan tout istoua Égliz la.

Pandan yo t-ap sélébré Konsil Vatikan-an toujou, Nou minm nou té pran souin pou tousuit apré promulgasion Konstitision osijè Sakré Litiji-a, nou té fè sa-l désidé yo pasé an pratik.

Sé poutèt sa, nan Konsèy pou égzékité Konstitision osijè Sakré Litiji-a minm, sa Nou minm nou té fòmé-a, yo té établi yon group spésial koté savan ak ékspè nan domèn litijik, téolojik, spirituèl, pastoral, té ofri konkou travay yo, pou apré sèt ané ak anpil dilijans ak aktivité, yo té travay pou réalizé nouvo liv Litiji Lè yo.

Yo té aprouvé prinsip ak métòd pou rédjé tout travay la épi chak pati li, dapré Konsèy nou sot di-a épitou dapré Sinòd Évèk yo ki té fèt nan ané 1967, antan yo konsilté tout Évèk Égliz la épi anpil résponsab (pastè) nanm, rélijyé ak layik.

Sa itil donk pou sa ki konsèné métòd épi lòd nouvo Litiji Lè yo, yo ékspozé yo youn pa youn.

1. Jan Konstitision ki kòmansé ak paròl *Sacrosanctum Concilium* nan té mandé-a, yo té konsidéré kondision koté prèt yo ap réalizé travay apostolik la nan épòk sa-a.

Sé konsa yo konpozé épi établi Ofis la poutèt li sé priyé tout pèp Bondié-a, pou sé minm jan-an non sèlman manb klèjé-a patisipé ladan-l, min tou rélijyé yo épi minm layik yo. Sé an fonksion diféran group ak grad moun yo épi an konsidéran bézouin patikilié yo ginyin, yo introdui diféran fòm sélébrasion yo antan priyé-a kapab adapté pou divès group ki gin pou sélébré Litiji Lè yo, dapré kondision yo ak vokasion yo.

2. Min kòm Litiji Lè yo sé sanktifikasion jounin-an, yo révizé òrdo priyé-a yon fason pou lè kanonik yo kapab korésponn pi fasil ak lè natirèl jounin-an, antan yo fè atansyon ak kondision ki vîn ajouté koté moun yo ap viv lavi yo nan tan nou yo.

Sé poutèt sa yo aboli Prémie Lè-a (*Hora Prima* - Prim) ; Louanj yo nan matin-an minm (Lòd yo) épi Vèp yo, kòm si sé gon tout Ofis la yo yé, yo vîn gin plis inpòtans, yon fason pou nan yo gin karaktè vrè priyé

matin ak asouè ; Ofis léktu-a, antan li konsèvé karaktè pandan lannuit la pou moun ki sélébré Vijil yo, li adapté kanminm pou ninpòt lè nan jounin-an ; kanta lòt yo, Lè nan mitan-an dispozé yon fason pou moun ki chouazi pou sélébré yon sèl lè sèlman nan Tièrs, Sèkst, Nòn, yo adapté pou nan déroulman liv Psòm yo ki distribiyé nan sémèn yo, yo pa kite anyin akoté.

3. Nan sélébrasion Ofis la, pou léspri-a kapab akòdé pi fasil ak voua-a, épi pou tout bon vré Litiji Lè-a tounin « sous dévosion épi nouritu priyè pèsonèl la », ¹ nan nouvo liv Lè yo poua obligasion chak jou-a vrèman diminué, variété tèks yo ogmanté yon fason rémakab, yo ofri pliziè èd pou méditasion Psòm yo, tankou tit yo, réfrin yo, priyè apati psòm yo, épi tan silans yo doué obsèvé lè sa konv nab.

4. Daprè lòd Konsil la, ² liv Psòm yo, antan yo siprimé sikl ébdomadè-a, yo distribué-l nan kat sémèn dapré nouvo tradiksion latin-an yo résévoua-a, sa Komision pou édision Nouvo Vulgat Bib la, Nou minm nou té fòmè-a, té préparé-a. Nan nouvo distribision Psòm yo, gin kèk nan yo ki pa parèt (pa anpil) épi kèk vèsé ki rèd anpil, sitou poutèt difikilté yo ka prezanté lè y-ap fè sélébrasion-an nan lang pèp la. An plis gin kèk Kantik yo pran nan liv Ansyin Téstaman-an yo ajouté nan Louanj yo nan matin pou ogmanté richès spirituèl yo ; nan Vèp yo tou, yo introdui Kantik ki sot nan Nouvo Téstaman-an, ki dékoré yo tankou bèl pèrl.

5. Trézò Paròl Bondié-a vîn vidé ak plis richès nan nouvo òrdo léktu yo ki soti nan Sint Ékritu-a, yo konpozé-l yon fason pou li akòdé ak òrdo léktu yo fè nan Mès la.

¹ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 90 : A.A.S. 56 (1964) p. 122.

² *Ibid.*, n. 91, pp. 122-123.

Yo dékoupé pasaj yo pou yo kapab prezanté an jénéral yon inité tématik épi yo séléksioné yo pou yo réprézanté moman prinsipal istoua sové-a pandan déroulman ané-a.

6. Dapré règléman Konsil ékuménik la té établi yo, léktu ki doué fèt chak fouda apati liv Sin Pèr yo ak Ékrivin ékléziastik yo, yo rèòganizé-l yon fason pou yo ofri kichòy ki pi bon kalité sot nan ékrivin krétyin yo, sitou Sin Pèr yo. An plis, pou yo kapab ofri pi plis toujou nan richès spirituèl Ékrivin sa yo, yo préparé yon Lòt léksionè yo kapab chouazi, koté y-ap kapab résévoua anpil frui.

7. Yo rétiré sot nan tèks liv Litiji Lè yo tout sa ki pa alé ak témouagnaj fidéлитé istorik la, épi pou sa léktu ki rakonté lavi sin yo sitou, yo révizé yo pou yo kapab ékspozé épi mété nan limiè pòtré spirituèl chak Sin yo toudabò épi inpòtans yo té ginyin pou lavi Égliz la.

8. Nan Louanj yo nan matin (Lôd), yo ajouté Priyè koté yo déklaré konsékrasion jounin-an épi yo sipliyé pou travay k-ap kòmansé-a. Nan Vèp yo minm, yo fè siplikasion kout, ki ranjé nan fason priyè inivèsèl.

Alafin priyè sa yo minm, yo réprann Priyè Granmèt la ; sa pèmèt pou kòm yo di minm priyè sa-a nan Mès la, nan tan pa nou yo tou, nou tounin nan abitud krétyin premié sièk yo ki té konn résité priyè sa-a toua fouda pa jou.

Sé poutèt sa, antan priyè Égliz la rénouvlé épi révizé an antié dapré tradision-l ki pi ansyin-an épi antan yo konsidéré nésésité tan kounié-a, yo ouè sé kichòy ki souétab nan pi ro degré pou li antré nèt nan tout priyè krétyin-an, pou-l ba-l lavi, pou-l dirijé-l, pou-l éksprimé-l épi pou-l nourri lavi spirituèl pèp Bondié-a yon fason ki bay randman.

Donk nou gin konfians nèt alé sa ap fè santiman priyè sa-a yo doué fè « san rété »-a,³ sa Granmèt nou Jézu-Kri té pasé Égliz li-a lòd la, l-ap tounin réviv, si Liv Litiji Lè yo, ki ranjé yon fason konvnan nan tan yo, apuiyé-l épi édé-l san rété, gras a aksion-an minm réyèlman, sitou lè kèk kominoté rasanblé pou fè-l, ki éksprimé véritab natu Égliz la k-ap priyé-a épi ki parèt kòm sign li yo kapab kontanplé.

Priyé krétyin-an sé toudabò priyé tout kominoté moun yo, sa Kris la réyini ansanm avèk li-a ;⁴ sètadi yo chak patisipé nan priyé sa-a ki pròp priyé yon sèl kò sa-a, pandan yo koulé priyé yo ansanm, sa yo ki indiké konsa voua Épouz la Kris la rinmin-an, sa tout pèp krétyin-an souété, sa-l anvi, ak siplikasion ak insistans pou nésésité tout moun.

Min sé apati kè Kris la priyé sa-a vîn fè youn. Rédanmètè nou-an réyèlman té vlé « pou lavi sa-a ki té kòmansé nan siplikasion li yo ak kò ki té kapab moura épi ak sakrifis li-a, sé minm nan ki pa sispann nan déroulman sièk yo nan Kò Mistik li-a ki Égliz la » ;⁵ konsa sa fèt pou priyé Égliz la sé an minm tan « priyé Kris la ak pròp Kò-l pou Papa-a ».⁶ Sé poutèt sa nou doué rékonèt, lè n-ap akonpli Ofis la, antan son voua nou nan Kris la, son voua pa-l nan nou.⁷

Pou karaktè sa-a priyé nou-an ginyin-an kapab briyé pi aklè, li nésésè pou, « atachman sa-a ki délika épi ki vif pou sint Ékritu-a »,⁸ sa Litiji Lè yo ap chèché inspiré-a, li t-a réviv nan tout moun, yon fason pou sint Ékritu-a vîn tounin yon lòt foua sous prinsipal tout priyé krétyin-an. Toudabò priyé Psòm yo, k-ap kontinué aksion Bondié-a san rété nan istoua sovè nou sovè-a épi k-ap anonsé-l, sa bon pou pèp Bondié-a rivé

³ Cf. Lk 18, 1 ; 21, 36 ; 1 Tés 5, 17 ; Éféz 6, 18.

⁴ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83 : A.A.S. 56 (1964) p. 121.

⁵ PIUS XII, Litt. Encycl. *Mediator Dei*, 20 nov. 1947, n. 2 : A.A.S. 39 (1947) p. 522.

⁶ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 84 : A.A.S. 56 (1964) p. 121.

⁷ Cf. S. AUGUSTINUS, *Enarrationes in ps.* 85, n. 1.

⁸ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 24 : A.A.S. 56 (1964) pp. 106-107.

konprann yo ak yon nouvo atachman ; sa ap fèt pi fasil si yo ankourajé avèk plis souin nan klèjé-a konpréansion ki pi afon pou psòm yo, dapré pròp sans li, jan yo chanté yo nan sakré Litiji-a, épi si yo kominiké-l bay tout fidèl yo ak yon katéchèz ki adapté. Réyèlman léktu sint Ékritu-a ki pi rich la sé pa sèlman nan Mès la li fèt, min tou nan nouvo Litiji Lè yo, pou yo kapab raplé istoua sovè nou sovè-a san rété épi pou yo anonsé ak plis randman kijan l-ap kontinué nan lavi moun yo.

Kòm réyèlman lavi Kris la nan Kò Mistik li-a fè pròp lavi pèsònèl chak fidèl vîn apouin épi lévé-l, yo doué réjité totalman tout fòm opozision ant priyè Égliz la ak priyè pèsònèl la ; épi rapò ki ginyin ant yo dé-a, yo doué résévoua yo ak plis fòs épi élaje yo pi plis. Priyè mantal la jouinn nouritu san rété apati léktu yo, psòm yo ak lòt pati Litiji Lè yo. Résitation Ofis la minm, nan mézi sa kapab fèt, sé pou yo akomodé-l dapré nésésité priyè ki vivan-an épi pèsònèl la, yon fason pou, jan yo avèti nan Institision [Dispozision] jénéral la, yo anplouayé ritm ak modalité épi yo chouazi fòm sélébrasion ki pi konfòm ak kondision spirituèl moun k-ap priyé yo. Paské si priyè Ofis divin-an vîn tounin yon vrè priyè pèsònèl, rapò ki ginyin-an tou ap parèt pi plis, sa ki fè Litiji-a ak tout lavi krétyin-an fè yon sèl youn ak lòt la. Lavi tout fidèl yo, réyèlman, pandan chak lè jounin-an ak nannuit la, sé tankou yon *leitourgia* (dévoua sèvis sakré pèp la), koté yo rinmèt pròp tèt yo nan sèvis rinmin-an aléga Bondié ak moun yo, antan yo rété kolé nan aksion Kris la, li minm ki té sanktifié lavi tout moun yo ak prezans li épi ofrann li-a.

Vérité sa-a ki tèlman ro, ki fè pati lavi krétyin-an, Litiji Lè yo indiké-l klèman épi ranfòsé-l antan-l réalizé-l.

Sé pou rézon sa-a ki fè priyè lè yo, yo propozé-l bay tout fidèl krétyin yo, minm sa yo ki pa gin obligasion légal pou yo résité-l.

Sa yo minm ki résévoua kòmandman nan min Égliz la pou yo sélébré Litiji Lè yo, sé pou yo fè déroulman-l chak jou rélijijézman an antié, antan yo obsèvé vérité lè yo, nan mézi sa kapab fèt ; épi toudabò sé pou yo bay Louanj yo nan matin (Lôd yo) ak Vèp yo inpòtans yo doué ginyin-an.

Pou réalizé sa minm, sa yo ki otorizé dapré Òrd sakré-a, ki maké ak sign Kris Prèt la yon fason spésyal, oubyin ki konsakré yon fason patikilié ak profésion vé rélijyé yo pou sèvis Bondié ak Égliz la, sé pa sèlman obsèvan laloua-a ki pou minnin yo, min sé pou yo santi yo pousé dapré yo ouè gran inpòtans bagay la sou pa anndan épi kijan li an akò ak travay pastoral la épi disiplin spirituèl la. Réyèlman sa souétab pou kay tout moun priyé piblik Égliz la vîn soti nan rénovèlman léspri-a ak nan konésans nésésité intèn tout kò Égliz la, li minm, dapré imaj Tèt li-a, pa gin lòt fason pou yo dékri-l si sé pa kòm Égliz k-ap priyé-a.

Sé pou yo tandé son louanj Bondié-a nan Égliz tan kounié-a réyèlman ak plis grandè ak plis bèlté, gras a nouvo liv Litiji Lè yo, sa kounié-a nou préskri, nou aprouvé épi nou promulgé ak otorité Apostolik Nou ; sé pou-l asosié ak sa Sin yo ak Anj yo ap chanté nan palè sièl la, épi pa lintèmediè bon avansman nan jou égzil sa-a sou tè-a li rivé pi vit nan louanj an plin sa-a y-ap bay « Sa-a ki chita sou trôn nan, épi Mouton-an »⁹ pou tout tan.

Nou établi réyèlman, pou yo kapab anplouayé nouvo liv Litiji Lè yo tousuit lè l-ap pibliyé. Antrétan, Konfèrans Épiskopal yo ap pran souin préparé édisyon minm travay litijik sa-a nan lang pèp yo épi, apré Sin Sièj la fin bay aprobasion-l oubyin konfirmasion-l, y-ap détèminé jou koté y-ap kapab oubyin y-ap doué résévoua yo soua tout soua an pati. Min, apati jou y-ap doué pran tradiksion sa yo nan sélébrasion y-ap fè nan lang pèp yo, minm sa yo ki kontinué sèvi ak lang latin-an, sé sèlman fòm rénovlé Litiji Lè-yo pou yo anplouayé.

Pou sa yo minm ki, poutèt laj avansé oubyin lòt kòz spésyal, t-a jouinn difikilté nan obsèvé nouvo Òrdo-a, yo pèmèt, ak konsantman Òrdinè yo-a épi sèlman lè y-ap fè résitasion-an pou kont yo, pou yo kinbé Bréviè Romin-an, sa yo té sèvi avèk li anvan-an, soua tout, soua an pati.

Nou vlé pou sa yo établi épi préskri-a rété solid épi yo réalizé-l kounié-a épi apré, antan anyin pa anpéché sa, kèlkésoua sa-l t-a yé, nan

⁹ Cf. Ap 5, 13.

Konstitision ak Òrdonans Apostolik Prédésésè Nou yo té bay, ni lòt prèskripsion, minm sa ki mérité mansion spésial é ki t-a dign éksépsion.

Yo bay li a Ròm, bò kot Sin Piè, jou premié novanm, nan solanité Tout Sin yo, nan ané 1970, uitièm nan Pontifika Nou.

Pap PÒL VI

DISPOZISION JÉNÉRAL OSIJÈ LITIJI LÈ YO

CHAPIT I

OSIJÈ INPÒTANS LITIJI LÈ YO SÈTADI OFIS DIVIN-AN NAN LAVI ÉGLIZ LA

1. Priyè piblik pèp Bondié-a fè ansanm nan, sé ak rézon yo konsidéré-l pami premié fonksion Égliz-la. Sé pou sa dépi nan kòmansman, sa yo ki té batizé yo « té pèsévére nan ansègnman Apot yo, nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyè yo » (Tr Ap 2, 42). Konsa pliziè foua Travay Apot yo témouagné kominoté krétyin-an té konn priyé ak yon sèl nanm.¹

Chak fidèl yo tou, dapré sa témouagnaj premié tan Égliz-la aprann nou, té konn pran tan pou priyé nan sètin lè. Apré sa, nan divès réjion byin vit abitud la vîn établi pou yo déstiné tan patikilié pou priyè an komin-an, tankou dènié lè jounin-an, pandan asouè ap rivé épi yo limin lanp la, oubyin premié lè-a, pandan lannuit la rivé bout anba solèy jounin-an k-ap lévé.

Nan déroulman tan-an minm, ak priyé an komin-an yo té sanktifié lòt Lè yo tou, sa Pèr yo té jouinn tras yo nan Travay Apot yo. La, réyèlman, yo rakonté disip yo té réyini nan touazièm è-a.² Prins Apot yo « té monté sou tèt kay la pou-l priyé, vè sizièm è-a » (10, 9) ; « Piè... ak Jan t-ap monté nan tanp la nan lè priyé névièm è-a » (3, 1) ; « vè mitan nannuit la... Pòl ak Silas t-ap chanté kantik pou Bondié antan y-ap lapriyé » (16, 25).

¹ Cf. Tr Ap 1, 14 ; 4, 24 ; 12, 5. 12 ; cf. Éféz 5, 19-21.

² Cf. Tr Ap 2, 1-15.

2. Mòd priyè sa yo ki fèt an komin, vîn établi ofiamézi yon fason détèminé dapré déroulman Lè yo. Litiji Lè yo oubyin Ofis divin sa-a, ki anrichi ak léktu yo tou, sé sitou yon priyè louanj ak démann, épitou sé priyè Égliz-la fè avèk Kris la épi adrésé bay Kris la.

I. OSIJÈ PRIYÈ KRIS LA

Kris la k-ap priyè Papa-a ak insistans

3. Lè li té vini pou fè moun yo patisipé nan lavi Bondié-a, Paròl la ki soti nan Papa-a kòm ékla gloua li, « gran-prèt Nouvo Téstaman ki la pou tout tan-an, Kris Jézu, antan-l té pran natu moun-nan, li té poté anndan égzil sa-a sou tè-a kantik y-ap chanté nan éspas sièl yo pou tout tan-an ».³ Apati sa, nan kè Kris la louanj Bondié ap sonnin ak paròl moun k-ap adoré, sipliyé, intèsédé : sé tout sa premié tèt moun nouvo-a épi Médiatè ant Bondié ak moun-nan montré bay Papa-a nan non tout moun ak pou byin tout moun.

4. Li minm minm Pitit Bondié-a, « ki fè youn ak Papa-l » (cf. Jan 10, 30), épi antan-l t-ap antré sou tè-a ki té di : « Min m-ap vini, pou-m fè volonté-ou » (Ébr 10, 9 ; cf. Jan 6, 38), li té vlé kité égzanp priyè li-a pou nou tou. Anpil foua réyéman Évanjil yo rapòté nou li t-ap priyé : lè Papa-a té dévoualé mision li-a,⁴ anvan-l té rélé Apot yo,⁵ lè li té béni Bondié nan multiplié pin-an,⁶ lè-l té transfigiré sou mòn nan,⁷ lè li té géri soud ki té bèbè-a⁸ ak lè li té résisité Lazar,⁹ anvan-l té mandé Piè déklarasion

³ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83.

⁴ Lk 3, 21-22.

⁵ Lk 6, 12.

⁶ Mt 14, 19 ; 15, 36 ; Mk 6, 41 ; 8, 7 ; Lk 9, 16 ; Jn 6, 11.

⁷ Lk 9, 28-29.

⁸ Mk 7, 34.

⁹ Jan 11, 41 ss.

lafoua-a,¹⁰ lè li té aprann disip yo lapriyè,¹¹ lè disip yo té tounin soti nan mision-an,¹² lè li t-ap béni ti moun yo¹³ épi lè li t-ap priyé pou Piè.¹⁴

Aktivité-l chak jou té maré byin séré ak lapriyè, plis toujou sé tankou sé la li té koulé soti, lè li té konn rétiré kò-l nan dézè-a oubyin nan mòn nan pou-l priyé,¹⁵ antan-l té konn lévé bonè¹⁶ oubyin asouè jous nan katriyèm vèy nannuit la¹⁷ antan-l pasé nuit la ap priyé Bondié.¹⁸

Li minm tou, jan yo kouè sa avèk rézon, li té patisipé soua nan priyè yo té konn fè piblikman yo épi nan sinagòg yo, koté li té antré jou saba-a « dapré abitud li »,¹⁹ épi nan tanp la li té rélé kay priyè-a,²⁰ soua nan priyè an privé bon Israélit yo té résité nòmalmman chak jou. Li té fè bénédikcion tradisionèl yo tou pou Bondié nan soupé yo, jan yo rakonté sa éksplisitman nan multiplikasion pin yo,²¹ nan dènié Soupé li-a,²² nan soupé Émayus la,²³ minm jan-an tou li té di kantik la avèk disip yo.²⁴

Jous nan bout lavi-l, lè Soufrans la t-ap proché,²⁵ nan dènié Soupé-a,²⁶ nan agoni-an²⁷ épi sou koua-a²⁸ Mèt ki sot nan Bondié-a montré sé priyè-a

¹⁰ Lk 9, 18.

¹¹ Lk 11, 1.

¹² Mt 11, 25 ss. ; Lk 10, 21 ss.

¹³ Mt 19, 13.

¹⁴ Lk 22 32.

¹⁵ Mk 1, 35 ; 6, 46 ; Lk 5, 16 ; cf. Mt 4, 1 par. ; Mt 14, 23.

¹⁶ Mk 1, 35.

¹⁷ Mt 14, 23. 25 ; Mk 6, 46. 48.

¹⁸ Lk 6, 12.

¹⁹ Lk 4, 16.

²⁰ Mt 21, 13 par.

²¹ Mt 14, 19 par. ; Mt 15, 36 par.

²² Mt 26, 26 par.

²³ Lk 24, 30.

²⁴ Mt 26, 30 par.

²⁵ Jan 12, 27 s.

²⁶ Jan 17, 1-26.

²⁷ Mt 26, 36-44 par.

²⁸ Lk 23, 34. 46 ; Mt 27, 46 ; Mk 15, 34.

ki animé sèvis li-a kòm Mési épi aboutisman li nan Pak la. Li minm réyèlman « nan jou li té pasé nan chè-a, li té ofri priyè ak plint avèk gran rèl ak dlo nan jé kot sa-a ki té kapab sovè-l sot nan lanmò-a, priyè-l la jouinn rézilta poutèt li rabèsè tèt li » (Ébr 5, 7), épi ak ofrann ki fîn apouin nèt la sou lotèl koua-a « li fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan » (Ébr 10, 14) ; apré sa, antan-l résisité sot nan pami mò yo, li toujou vivan épi l-ap priyé pou nou.²⁹

II. OSIJÈ PRIYÈ ÉGLIZ LA

Kòmandman priyè-a

5. Jézu té pasé lòd pou sa li minm li té fè-a nou minm tou nou fè-l. Anpil foua réyèlman li té di : « Priyé », « sipliyé », « mandé », ³⁰ « nan non mouin » ;³¹ li té minm transmèt modèl lapriyè-a nan priyè yo rélé ‘sa Granmèt la montré-a’ (priyè dominikal la, priyè Granmèt la),³² épi li té avèti priyè-a nésèsè,³³ épi kijan pou-l fèt ak umilité,³⁴ vijilans,³⁵ pèsévérans épi konfians nan bonté Papa-a,³⁶ ak yon intansion ki pròp épi ki korèsponn ak sa Bondié yé-a.³⁷

Apot yo minm ki transmèt nou priyè nan divès koté nan Lèt yo, sitou louanj ak aksion-d-gras, yo minm tou yo avèti nou osijè priyè nan Éspri-Sin-an,³⁸ sa yo prezanté bay Bondié³⁹ pa lintèmédiè Kris la,⁴⁰ avèk

²⁹ Cf. Ébr 7, 25.

³⁰ Mt 5, 44; 7, 7; 26, 41; Mk 13, 33; 14, 38; Lk 6, 28; 10, 2; 11, 9; 22, 40. 46.

³¹ Jan 14, 13 s.; 15, 16; 16, 23 s. 26.

³² Mt 6, 9-13; Lk 11, 2-4..

³³ Lk 18, 1.

³⁴ Lk 18, 9-14.

³⁵ Lk 21, 36; Mk 13, 33.

³⁶ Lk 11, 5-13; 18, 1-8; Jan 14, 13; 16, 23.

³⁷ Mt 6, 5-8; 23, 14; Lk 20, 47; Jan 4, 23.

³⁸ Rom 8, 15. 26; 1 Kor 12, 3; Gal 4, 6; Jud 20.

³⁹ Ébr 13, 15.

insistans épi san rété⁴¹ épi osijè fòs éfikasité-l pou sanktifikasyon-an⁴² san yo pa bliyé priyè louanj yo,⁴³ aksion-d-gras yo,⁴⁴ démann-yo⁴⁵ épi intèsésion pou tout moun.⁴⁶

Égliz la kontinué priyè Kris la

6. Poutèt moun-nan toutantié sé Bondié ki fè-l égzisté, li doué rékonèt épi admèt dominasion sa-a Kréatè-l la gin sou li-a, sé sa moun yo ki gin piété (dévoua respè sakré-a) dépi tout tan té fè tout bon vré lè y-ap priyé.

Min priyè-a, sa yo adrésé bay Bondié-a, li doué soudé ak Kris la Granmèt tout moun yo, sèl Médiatè-a,⁴⁷ sé pa lintèmediè-l sèlman nou rivé kot Bondié.⁴⁸ Li minm réyèlman li rasanblé tout kominoté moun-yo fè youn avèk li,⁴⁹ yon fason pou vîn gin yon rapò séré ki rét fèm ant priyè Kris-la ak priyè tout ras lèzòm-nan. Paské nan Kris la épi nan li minm sèlman rélijion moun-nan rivé gin valè pou-l sové épi rivé nan aboutisman-l.

7. Min gin yon rapò spésial épi ki pi séré nèt ant Kris-la ak moun sa yo li pran kòm manb nan kò li, ki Égliz-la, pa lintèmediè sakréman nouvo nésans la. Konsa minm, dépi nan tèt la jous nan kò-a toutantié, tout richès yo ki pou Pitit-la ap vidé : sètadi kominikasion Éspri-a, vérité-a, lavi-a épi patisipasion nan kondision pitit Bondié-a, sa-l té manifésté nan priyè-l la toutantié, lè-l t-ap viv bò koté nou.

⁴⁰ 2 Kor 1, 20; Kol 3, 17.

⁴¹ Rom 12, 12; 1 Kor 7, 5; Éféz 6, 18; Kol 4, 2; 1 Tés 5, 17; 1 Tim 5, 5; 1 Piè 4, 7.

⁴² 1 Tim 4, 5; Jak 5, 15 s.; 1 Jan 3, 22; 5, 14 s.

⁴³ Éféz 5, 19 s.; Ébr 13, 15; Ap 19, 5.

⁴⁴ Kol 3, 17; Fil 4, 6; 1 Tés 5, 17; 1 Tim 2, 1.

⁴⁵ Rom 8, 26; Fil 4, 6.

⁴⁶ Rom 15, 30; 1 Tim 2, 1 s.; Éféz 6, 18; 1 Tés 5, 25; Jak 5, 14. 16.

⁴⁷ 1 Tim 2, 5; Ébr 8, 6; 9, 15; 12, 24.

⁴⁸ Rom 5, 2; Éféz 2, 18; 3, 12.

⁴⁹ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83.

Sasèrdòs Kris la tou, tout kò Égliz la patisipé ladan-l, yon fason pou sa yo ki batizé gras a nouvo nésans la épi onksion Éspri-Sin-an, yo konsakré kòm yon kay spirituèl épi yon sasèrdòs ki sin,⁵⁰ yo vîn kapab fè kult Nouvo Tèstaman-an, ki pa soti nan pròp fòs nou, min nan mérit Kris la ak sa-l ba nou-an.

« Pa gin pi gran kado Bondié t-a kapab bay moun-yo, pasé pou Paròl li-a, sa li kréyé tout bagay yo pa lintèmédiè-l la, li t-a fè-l vîn tounin tèt yo, épi li t-a ajisté yo avèk li kòm manb, pou-l t-a Pitit Bondié épi Pitit moun, yon sèl Bondié ak Papa-a, yon sèl moun ak moun yo, pou ni lè n-ap palé ak Bondié antan n-ap priyé, nou pa séparé Pitit la pou sa, ni lè kò Pitit la ap priyé, li pa séparé tèt li sot nan li, konsa sé li minm ki yon sèl sovè kò li-a, Granmèt nou Jézu-Kri Pitit Bondié-a, k-ap priyé pou nou, ki priyé nan nou, épi sé li n-ap priyé. Li priyé pou nou tankou prèt nou, li priyé nan nou tankou tèt nou, n-ap priyé-l tankou Bondié nou. Nou rékonèt donk voua nou nan li épi voua li nan nou ».⁵¹

Sé poutèt sa, sé nan sa dignité priyé krétyin-an yé, pou-l patisipé nan pròp piété Sèl Pitit la aléga Papa-a épi nan priyé-l la, sa-l té éksprimé ak paròl yo nan lavi sou tè-a, épi sa-k kontinué konsèvé kounié-a, onon tout ras lèzòm épi pou yo kapab sovè, nan tout Égliz-la épi nan tout manb li yo san rété.

Aksion Éspri-Sin-an

8. Sé Éspri-Sin-an ki fè Égliz-la k-ap priyé-a fè youn, sé minm li minm nan ki nan Kris la,⁵² nan Égliz la toutantié épi nan chak moun ki batizé yo. Sé li minm « Éspri-a k-ap édé féblès nou » épi « k-ap priyé pou nou ak jémisman yo pa kapab palé » (Rom 6, 26) ; sé li minm, kòm Éspri Pitit la, ki mété nan nou « Éspri pitit adoptif yo, nan li n-ap rélé : Abba, Papa »

⁵⁰ Cf. CONC. VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 10.

⁵¹ S. AUGUSTINUS, *Enarrat. in psalm. 85*, 1: CCL 39, 1176.

⁵² Cf. Lk 10, 21, lè Jézu « trésayi nan Éspri-Sin-an, épi li té di : “ Mouin fè déklarasion pou ou, Papa...” ».

(Rom 8, 15 ; cf. Gal 4, 6; 1 Kor 12, 3; Éféz 5, 18; Jud 20). Konsa pa gin okinn priyè krétyin ki kapab égzisté san aksion Éspri-Sin-an, li minm ki, antan-l fè Égliz la toutantiè fè youn, minnin-l kot Papa-a pa lintèmediè Pitit la.

Karaktè kominotè priyè-a

9. An konsékans, égzanp ak kòmandman Granmèt la épi Apot yo pou priyé yo doué priyé tout tan ak insistans-la sé pa sèlman kòm yon régléman légal pou yo konsidéré yo, min yo fè pati sa Égliz la yé nan finfon-l, sé yon kominoté li yé épi li doué manifesté karaktè kominotè-l la lè l-ap priyé tou. Sé sa-k fè nan Travay Apot yo, lè yo fè premié palé osijè kominoté fidèl yo, li parèt rasanblé nan moman priyè-a « avèk médam yo épi Mari manman Jézu ak frè-l yo » (Tr Ap yo 1, 14). « Foul fidèl yo té gin yon sèl kè ak yon sèl nanm » (Tr Ap yo 4, 32), yon sèl nanm sa-a té fondé sou paròl Bondié-a, kominion tankou frè-a, priyè-a épi Ékaristi-a.⁵³

Minmsi priyè-a minm ki fèt nan chanm nan ak pòt fèmin-an,⁵⁴ li toujou nésésé épi sé pou yo rékòmandé-l,⁵⁵ sé manb Égliz-la ki fè-l pa lintèmediè Kris la nan Éspri-Sin-an, poutan priyè kominotè-a gin yon dignité spésial, poutèt Kris la li minm té di : « Koté gin dé oubyin toua moun ki rasanblé o non-m, mouin la nan mitan yo » (Mt 18, 20).

⁵³ Cf. Tr Ap 2, 42.

⁵⁴ Cf. Mt 6, 6.

⁵⁵ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 12.

III. OSIJÈ LITIJI LÈ YO

Konsékrasyon tan-an

10. Kòm Jézu té pasé lòd : « Fò yo toujou ap priyé, san yo pa janm sispann » (Lk 18, 1), Égliz la, antan-l obéyi avètisman sa-a fidèlman, li pa janm sispann fè priyè épi ak paròl sa yo li ankourajé nou : « Pa lintèmediè-l (Jézu), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj tout tan bay Bondié » (Ébr 13, 15). Sé pa sèlman antan-l sélébré Ékaristi-a Égliz la akonpli kòmandman sa-a, min tou nan lòt fason, sitou ak Litiji Lè yo. Nan pami lòt aksion litijik yo, pou Égliz la, dépi nan tradisyon krétyin ki ansyin-an, sé Litiji lè yo ki patikilié pou konsakré tout déroulman jounin-an ak nannuit la pa lintèmediè-l.⁵⁶

11. Poutèt donk sanktifikasyon jounin-an épi tout travay moun-nan fè pati finalité Litiji Lè yo, yo réstoré déroulman-l yon fason pou Lè yo rétonin nan vérité tan-an, nan mézi sa kapab fèt, épi konsa tou yo konsidé ré kondisyon lavi jodi-a.⁵⁷

Sé sa-k fè, « pou sanktifé jounin-an réyèlman vré oubyin pou yo kapab réité Lè yo ak frui spirituèl, li bon pou yo kinbé tan ki pi pré vrè tan chak Lè kanonik yo nan ranpli obligasyon Lè yo ».⁵⁸

Rapò ant Litiji Lè yo épi Ékaristi-a

12. Litiji Lè yo élaji⁵⁹ sou diféran lè jounin-an louanj yo, aksion-d-gras yo, ansanm ak fè sonjé mistè sovè nou sovè-a, priyè yo épi avangou gloua

⁵⁶ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83-84.

⁵⁷ Cf. *ibid.*, n. 88.

⁵⁸ *Ibid.*, n. 94.

⁵⁹ Cf. CONC. VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 5.

sièl la, sa yo bay nan mistè ékaristik la ki « pouin santral épi pouin ki pi ro pou tout lavi kominoté krétyin-an ». ⁶⁰

Sélébrasion Ékaristi-a vîn préparé nan pi bon fason-an pa lintèmediè Litiji Lè yo poutèt li alimanté épi révéyé, jan sa doué fèt la, dispozision ki nésèsé pou yon sélébrasion Ékaristi-a ki poté frui, tankou lafoua-a, espérans la, charité-a, dévotion-an épi éfò pou bliyé tèt ou-a.

Égzèsis fonksion sasèrdotal Kris la nan Litiji Lè yo

13. « Travay rédanmsion moun nan épi bay Bondié gloua ki apouin nèt la » ⁶¹ Kris la égzèsé-l nan Éspri-Sin-an pa lintèmediè Égliz la non sèlman lè l-ap sélébré Ékaristi-a épi administré sakréman yo, min tou, anvan lòt modalité yo, lè l-ap akonpli Litiji Lè yo. ⁶² Ladan-l, li minm minm li la prézan, lè asanblé-a réyini, lè yo proklamé paròl Bondié-a, « lè Égliz la ap sipliyé épi chanté Psòm ». ⁶³

Sanktifikasion moun nan

14. Sé konsa sanktifikasion moun-nan vîn fèt ⁶⁴ épi sèvis Bondié-a vîn réalizé nan Litiji Lè yo, pou ladan-l sé tankou yon échanj ki vîn établi sètadi dialòg sa-a ant Bondié ak moun yo, koté « Bondié palé ak pèp li-a, ... pèp la minm réponn Bondié soua ak kantik yo soua ak priyé-a ». ⁶⁵

Sètènman moun k-ap patisipé yo kapab rivé jouinn pi plis sanktifikasion nan Litiji Lè yo gras a paròl Bondié-a k-ap sové nou-an ki gin gran inpòtans ladan-l. Sé nan Sint Ékritu-a réyèlman yo fè léktu yo, sé

⁶⁰ CONC. VAT. II, Decr. de pastorali episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 30.

⁶¹ CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 5.

⁶² Cf. *ibid.*, nn. 83 et 98.

⁶³ *Ibid.*, n. 7.

⁶⁴ Cf. *ibid.*, n. 10.

⁶⁵ *Ibid.*, n. 33.

paròl Bondié-a psòm yo transmèt la yo chanté dévan fas li, épi lòt démann yo, priyè yo ak chan yo binyin nèt avèk souf inspirasion mouvman paròl sa-a.⁶⁶

Donk, non sèlman lè y-ap li sa yo ékri « pou ansègnman nou-an » (Rom 15, 4), min tou lè Égliz la ap priyé oubyin chanté, li nourri lafoua moun k-ap patisipé yo, léspri yo al jouinn Bondié ansanm, pou yo kapab ba li yon adorasion dapré paròl la épi résévoua gras la pi plis toujou.⁶⁷

Louanj yo bay Bondié, ansanm ak Égliz sièl la

15. Nan Litiji Lè yo, antan Égliz la ap égzèsè fonksion sasèrdotal Tèt li-a, l-ap ofri sakrifis louanj « san rété »⁶⁸ bay Bondié, sètadi frui bouch nou k-ap fè déklarasion pou non-l.⁶⁹ Priyè sa-a sé « voua Épouz la minm k-ap palé ak Épou-a, pi plis minm sé priyè Kris la fè ansanm ak pròp Kò-l bay Papa-a ».⁷⁰ « Konsa moun ki fè priyè sa-a, y-ap akonpli dévoua Égliz-la, yo patisipé nan pi gran onè Épouz Kris-la, paské antan y-ap akonpli louanj Bondié, yo kanpé dévan trôn Bondié-a o non Égliz-la ki Manman ».⁷¹

16. Antan l-ap ofri Bondié louanj nan Lè yo, Égliz la vîn asosié ak chanté louanj sa-a y-ap chanté dépi tout sièk nan plas ki anlè yo ;⁷² an minm tan li gouté davans louanj nan sièl la, sa Jan té dékri nan Apokalips la, sa k-ap rézonnin san rété dévan fotèy Bondié ak Mouton-an. Nou vîn mété ansanm yon fason ki réyéلمان pi séré avèk Égliz sièl la lè « nou sélébré louanj grandè Bondié-a antan nou rasanblé ansanm nan fèt, épi

⁶⁶ Cf. *ibid.*, n. 24.

⁶⁷ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 33.

⁶⁸ 1 Tés 5, 17.

⁶⁹ Cf. Ébr 13, 15.

⁷⁰ CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 84.

⁷¹ *Ibid.*, n. 85.

⁷² Cf. *ibid.*, n. 83.

nou tout ki rachté nan San Kris la sot nan tout ras, ak lang, ak pèp, ak nasion (cf. Ap 5, 9) épi ki rasanblé nan yon sèl Égliz-la, n-ap déklaré grandè yon sèl Bondié-a ki toua-a ak yon sèl kantik louanj ». ⁷³

Profèt yo té prèské ouè litiji nan sièl sa-a davans nan viktoua jou san nuit la, limiè san fènoua yo : « Solèy la pap sèvi-ou limiè ankò lajounin, klèté lalîn nan pap kléré-ou, sé Granmèt la k-ap sèvi-ou limiè tout tan » (Iz 60, 19 ; cf. Ap 21, 23. 25). « Ap gin yon sèl jou, Granmèt la konnin-l, pap gin ni lajounin, ni lannuit ; nan tan asouè ap gin limiè » (Zak 14, 7). Déja réyèlman « aboutisman sièk-yo rivé jouinn nou (cf. 1 Kor 10, 11) épi rénouvèlman tè-a déjà établi san tounin dèyè, épi nan yon sètin fason, li réyèlman déjà kòmansé nan sièk sa-a ». ⁷⁴ Nou minm sé konsa gras a lafoua-a nou vîn aprann tou ki sans lavi nou ginyin nan tan-an, pou nou kapab tann ansanm ak tout kréati yo révélasion pitit Bondié yo. ⁷⁵ Nan Litiji Lè yo minm nou proklamé lafoua sa-a, nou éksprimé épi nourri éspérans sa-a, nou patisipé nan yon sètin fason nan kè kontan louanj pou tout tan-an épi jou ki pa konnin solèy kouché-a.

Priyè ak intèsésion

17. Min, nan Litiji-a, an plis louanj Bondié-a, Égliz-la poté sa tout fidèl Kris la t-a vlé épi anvi, plis toujou li rélé Kris la épi pa lintèmédiè-l, li rélé Papa-a, an favè sovè tout tè-a gin pou sovè-a. ⁷⁶ Voua sa-a sé pa voua Égliz la sèlman, min voua Kris la tou, paské l-ap prezanté démann yo nan non Kris la, sètadi « pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an », épi konsa Égliz la rivé fè démann ak siplikasion sa yo, sa Kris la té fè nan jou chè li-a, ⁷⁷ sa yo tou ki gin puisans éfikasité patikilié poutèt sa. Sé poutèt sa, sé

⁷³ CONC VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 50; cf. Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, nn. 8 et 104.

⁷⁴ CONC VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 48.

⁷⁵ Cf. Rom 8, 19.

⁷⁶ CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83.

⁷⁷ Cf. Ébr 5, 7.

pa sèlman ak charité-a, égzanp la épi aksion pénitans yo, min tou ak priyè kominoté éklézial la li égzèsé fonksion-l kòm manman tout bon aléga nanm yo li doué minnin bay Kris la.⁷⁸

Bagay sa-a konsènè sitou tout moun yo rélé ak yon manda spésial pou réalizé Litiji Lè yo : sètadi évèk yo, prèt yo ak diak yo an favè pèp yo-a ak tout pèp Bondié-a lè y-ap priyè dapré dévoua yo,⁷⁹ épi rélijijé yo tou.⁸⁰

Pouin ki pi ro épi sous aksion pastoral la

18. Moun ki patisipé nan Litiji Lè yo, yo fè pèp Granmèt la grandi ak yon fékondité apostolik kaché ;⁸¹ sa fatig travay apostolik la ap chèche réyèlman sé « pou tout moun ki vîn tounin pitit Bondié gras a lafoua-a ak Batèm-nan, vîn rasanblé fè youn, pou yo fè louanj Bondié nan mitan Égliz-la, pou yo patisipé nan sakrifis la épi manjé soupé Granmèt-la ».⁸²

Konsa fidèl yo, antan y-ap viv li, yo éksprimé épi yo manifesté bay lòt yo « mistè Kris la épi natu otantik véritab Égliz-la, ki gin kòm karaktéistik pròp pou li... rich yon fason vizib ak sa ki invizib-yo, pou li plin élan nan aksion-an antan l-ap okipé kontanplasion-an, pou li prézan sou tè-a époutan pou li an pélérijaj ».⁸³

Sou bò pa yo, léktu ak priyè Litiji Lè yo tounin sous lavi krétyin-an. Réyèlman sou tab Sint Ékritu yo épi paròl Sin yo, lavi sa-a jouinn nouritu, min ak priyè yo li fòtifié. Paské sé Granmèt la sèlman, lè nou priyé-l, li minm san li nou pa kapab fè anyin-an,⁸⁴ ki kapab bay travay

⁷⁸ Cf. CONC VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 6.

⁷⁹ Cf. CONC VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 41.

⁸⁰ Cf. *infra*, n. 24.

⁸¹ Cf. CONC VAT. II, Decr. de accommodata renovatione vitae religiosae, *Perfectae caritatis*, n. 7.

⁸² CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 10.

⁸³ *Ibid.*, n. 2.

⁸⁴ Cf. Jan 15, 5.

nou yo éfikasité épi dévlopman,⁸⁵ pou konsa chak jou nou vîn bati nan tanp Bondié-a nan Éspri-a,⁸⁶ jous nan mézi laj plénitud Kris la,⁸⁷ épi an minm tan nou rafèmi fòs nou yo pou nou anonsé bòn nouvèl Kris la bay sa yo ki déyò yo.⁸⁸

Sé pou léspri-a akòdé ak voua-a

19. Min pou priyè sa-a kapab pròp priyè chak moun k-ap patisipé ladan-l, minm jan-an tou pou-l vîn sous piété (dévoua respè sakré) épi anpil gras Bondié, épi nouritu priyè pèsonèl la ak aksion apostolik la, yo doué réalizé-l yon fason ki dign, avèk atansyon épi dévosion pou ladan-l léspri-a li minm akòdé ak voua-a.⁸⁹ Avèk atansyon, sé pou tout moun kolaboré ak gras ki sot anro-a, pou yo pa résévoua-l pou anyin. Antan y-ap chèché Kris la, épi y-ap antré pi fon toujou nan mistè li-a ak priyè-a,⁹⁰ sé pou yo fè louanj Bondié épi fè siplikasyon ak minm léspri sa-a Rédanmtè nou-an li minm té priyé-a.

IV. OSIJÈ MOUN YO K-AP SÉLÉBRÉ LITIJI LÈ YO

a) Osijè fason pou yo fè sélébrasion an komin-an

20. Litiji Lè yo, tankou lòt aksion litijik yo, sé pa aksion an privé yo yé, min yo konsèné tout kò Égliz la, yo manifesté-l épi yo gin influyans sou li.⁹¹ Min sélébrasion éklézial li-a parèt nan pi ro degré, épi poutèt sa yo

⁸⁵ CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 86.

⁸⁶ Cf. *Éféz 2*, 21-22.

⁸⁷ Cf. *Éféz 4*, 13.

⁸⁸ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 2.

⁸⁹ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 2.

⁹⁰ Cf. CONC VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 14; Decr. de Institutione sacerdotali, *Optatam totius*, n. 8.

⁹¹ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 26.

konsyé-l anpil, lè ansanm ak Évèk li-a ki antouré ak prèt yo épi minis yo,⁹² yon Égliz patikilié réalizé-l, « koté tout bon vré yon sèl Égliz Kris la ki sin, ki katolik épi apostolik prézan épi aji ladan-l ». ⁹³ Sélébrasion sa-a, minm lè, antan Évèk la absan, sé chapit chanouàn yo oubyin lòt prèt ki réalizé-l, sé pou yo toujou fè-l antan yo konsèvé vérité tan-an épi, nan mézi sa kapab fèt, ak patispasion pèp la. Sé minm bagay la pou yo di osijè chapit koléjial yo.

21. Lòt group fidèl yo, pami yo gin sitou parouas yo ki tankou sélil diosèz la, ki òganizé nan yon koté détèminé anba yon pastè ki kinbé plas Évèk la, épi ki « nan yon sètin fason réprézanté Égliz vizib la ki établi sou tout ronn tè-a », ⁹⁴ sé pou yo sélébré Lè prinsipal yo an komin nan légliz la, koté sa posib pou yo fè-l.

22. Donk antan yo konvoké fidèl yo pou Litiji Lè yo épi yo rasanblé fè youn, antan yo asosyé kè yo ak voua yo an minm tan, yo manifésté Égliz la k-ap sélébré mistè Kris la. ⁹⁵

23. Min fonksion moun sa yo ki maké ak òrd sakré-a oubyin ki résévoua yon mision kanonik patikilié, ⁹⁶ sé konvoké épi dirijé priyè kominoté-a : « sé pou yo travay antan yo fè sa yo kapab pou tout moun yo konfié ba yo pou yo souin yo-a, vîn gin yon sèl nanm nan priyè-a ». ⁹⁷ Sé pou yo pran souin donk pou yo invité fidèl yo épi pou yo fòmé yo ak katéchèz ki doué fèt la pou yo sélébré an komin, sitou nan jou dimanch ak fèt yo, pati ki pi

⁹² Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 41.

⁹³ Cf. CONC VAT. II, Decr. de pastorali episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 11.

⁹⁴ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 42; cf. Decr. de apostolatu laicorum, *Apostolicam actuositatem*, n. 10..

⁹⁵ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, nn. 26 et 84.

⁹⁶ Cf. CONC VAT. II, Decr. de activitate missionali Ecclesiae, *Ad gentes*, n. 17.

⁹⁷ Cf. CONC VAT. II, Decr. de pastorali episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 15.

inpòtan yo nan Litiji Lè yo.⁹⁸ Sé pou yo aprann yo vîn gin yon priyè ki sinsè nan patisipasion yo-a,⁹⁹ sé poutèt sa sé pou yo dirijé yo ak yon fòmasyon ki adapté pou yo konprann sans krétyin psòm yo, yon fason pou ofiamézi yo kondui yo gouté pi plis épi sévi pi byin ak priyè Égliz la.¹⁰⁰

24. Kominoté chanouàn yo, mouàn yo, monial yo épi lòt rélijyé yo, ki dapré Règléman yo oubyin Konstitisyon yo, soua an komin soua an patikilié akonpli rit Litiji Lè yo toutantié oubyin an pati, yo réprézanté Égliz la k-ap priyé-a yon fason spésial : réyèlman yo montré pi an plin modèl Égliz la k-ap fè louanj Granmèt la san rété ak voua ki fè yon sèl kè, épi yo réalizé, toudabò ak priyè-a, « travay pou bati Kò mistik Kris la toutantié épi fè-l grandi pou byin Égliz patikilié yo ».¹⁰¹ Yo doué di sa sitou pou sa yo k-ap minnin vi kontanplatif la.

25. Administratè bagay sakré yo épi tout manb klèjé-a, ki pa gin obligasion sélébrasyon an komin-an, antan y-ap viv minm koté oubyin yo réyini ansanm, sé pou yo pran souin pou yo réalizé ansanm omouin kèk pati Litiji Lè yo, sitou Louanj yo nan matin épi Vèp yo lèsoua.¹⁰²

26. Minm manb rélijyé gason oubyin fi, ki pa gin obligasion fè sélébrasyon an komin-an, épi ninpòt ki Institu vi konsakré épi sosiété vi apostolik, sé pou yo konséyé yo fè éfò pou yo réyini ansanm, pou kont yo oubyin ak pèp la, pou sélébré Litiji sa-a oubyin yon pati nan li.

⁹⁸ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 100.

⁹⁹ Cf. CONC VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 5.

¹⁰⁰ Cf. *infra*, nn. 100-109.

¹⁰¹ Cf. CONC VAT. II, Decr. de pastorali episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 33; cf. Decr. de accommodata renovatione vitae religiosae, *Perfectae caritatis*, nn. 6, 7, 15; cf. Decr. de activitate missionali Ecclesiae, *Ad gentes*, n. 15.

¹⁰² Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 99.

27. Group layik yo kèlkésoua koté yo rasanblé, yo invité yo pou yo akonpli dévoua Égliz la,¹⁰³ antan yo sélébré yon pati nan Litiji Lè yo, kèlkésoua kòz ki fè yo réyini-an, priyè, apostola oubyin kèk lòt rézon. Li bon pou yo aprann toudabò adoré Bondié Papa-a nan éspri ak vérité nan aksion litijik la,¹⁰⁴ épi sé pou yo sonjé yo rivé touché tout moun ak kult piblik la épi priyè-a épi sa kapab poté konkou ki pa piti pou sovè tout tè-a.¹⁰⁵

Anfin, sé yon bon bagay pou fanmi-an, tankou sanktuè Égliz la nan yon kay, pou non sèlman li adrésé priyè ansanm bay Bondié, min tou li akonpli kèk pati nan Litiji Lè yo lè sa konv nab, k-ap fè-l antré pi séré nan Égliz la.¹⁰⁶

b) Osijè manda pou sélébré Litiji Lè yo

28. Yo konfié Litiji Lè yo bay administratè bagay sakré yo yon fason tèlman spésial, ki fè pou kont yo, minm lè pèp la pa la, sé pou yo akonpli-l, minmsi sa mandé adaptasion ki nésésè yo. Égliz la réyèlman délégé yo pou Litiji Lè yo, pou fonksion kominoté-a toutantié yo akonpli-l yo minm omouin yon fason asiré épi régilié, konsa priyè Kris la ap kontinué san rété nan Égliz la.¹⁰⁷

Évèk la, nan mézi sé li minm k-ap ranpli fonksion pèsònèl Kris la yon fason ki pi élvé épi yo kapab ouè, li sé gran prèt bann mouton-l yo, nan yon sètèn fason sé nan li lavi fidèl li yo nan Kris la soti épi lavi sa-a dépann dé li,¹⁰⁸ sé li minm ki doué prémié nan priyè-a pami manb Égliz

¹⁰³ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 100.

¹⁰⁴ Cf. Jan 4, 23.

¹⁰⁵ Cf. CONC VAT. II, Declar. de educatione christiana, *Gravissimum educationis*, n. 2; Decr. de apostolatu laicorum, *Apostolicam actuositatem*, n. 16.

¹⁰⁶ Cf. CONC VAT. II, Decr. de apostolatu laicorum, *Apostolicam actuositatem*, n. 11.

¹⁰⁷ Cf. CONC VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 13.

¹⁰⁸ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 41; Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 21.

li-a, épi sé pou-l réyalizé priyè-l la nan résitasyon Litiji Lè yo toujou nan non Égliz la épi an favè Égliz yo konfié ba li-a.¹⁰⁹

Prèt yo, ki fè youn ansanm ak évèk la épi tout présbitériòm nan, yo minm tou y-ap ranpli ròl pèsonèl Kris la kòm prèt yon fason spésyal,¹¹⁰ yo patispé nan minm fonksion-an, antan yo priyé Bondié an favè tout pèp yo konfié ba yo-a, plis toujou an favè tout tè-a.¹¹¹

Yo tout ap akonpli ministè bon Gadyin-an, li minm ki priyé pou moun pa-l yo, pou yo kapab gin lavi épi konsa pou yo fè yon sèl nèt.¹¹² Nan Litiji Lè yo minm, sa Égliz la propozé yo-a, y-ap jouinn non sèlman yon sous piété-a ak yon nouritu pou priyè pèsonèl la,¹¹³ min tou nan débòdman kontanplasion-an y-ap nouru épi chofé aksion pastoral la épi misionè-a pou réjouisans Égliz Bondié-a toutantié.¹¹⁴

29. Évèk yo donk, prèt yo épi diak ki aspiran pou présbitéra-a, yo minm ki résévoua manda nan min Égliz la (cf. n. 17) pou sélébré Litiji Lè yo, yo gin strikt obligasion pou yo akonpli-l intégralman nan déroulman jounin-an,¹¹⁵ antan yo obsèvé vérité Lè yo, nan mézi sa kapab fèt.

Yo doué bay inpòtans toudabò pou Lè sa yo ki tankou gon Litiji sa-a, sètadi Louanj yo nan matin épi Vèp yo, sé pou yo fè atansion pou yo pa kité Lè sa yo, sof si t-a gin kòz grav.

Ofis léktu-a tou, ki sé sitou yon sélébrasion litijik paròl Bondié-a, sé pou yo fè-l avèk fidélimité ; konsa fonksion, ki pròp pou yo yon fason patikilié, ki fè yo doué résévoua paròl Bondié-a nan yo minm, y-ap

¹⁰⁹ Cf. CONC VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 26; Decr. de pastoralis episcoporum munere in Ecclesia, *Christus Dominus*, n. 15.

¹¹⁰ Cf. CONC VAT. II, Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 13.

¹¹¹ Cf. *ibid.*, n. 5.

¹¹² Cf. Jan 10, 11; 17, 20. 23.

¹¹³ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 90.

¹¹⁴ Cf. CONC VAT. II, Const. dogm. de Ecclesia, *Lumen gentium*, n. 41.

¹¹⁵ Cf. C.I.C., cann. 276 § 2, 3° et 1174 § 1.

akonpli-l chak jou, sé li k-ap fè yo vîn tounin pi bon disip Granmèt la épi fè yo gouté pi afon richès Kris-la yo pa kapab sondé yo.¹¹⁶

Pou yo kapab sanktifié tout jounin-an pi byin, sé pou an plis yo mété kè yo nan récitation Lè nan mitan yo épi Konpli-a k-ap pèmèt yo akonpli « Travay Bondié-a » (« Opus Dei ») an antié anvan yo dòmi épi rékòmandé pròp tèt yo bay Bondié.

30. Diak pèmanan yo minm, ki résévoua manda Égliz la tou, sé pou yo résité chak jou pati Litiji Lè yo Konférans Évèk yo ap détèminé-a.¹¹⁷

31. a) Chapit katédral yo épi koléjial yo doué akonpli nan keur la pati Litiji Lè yo doua komin-an oubyin patikilié-a mété sou kont yo-a.

Min chak manb Chapit sa yo, anplis Lè yo tout administratè bagay sakré yo doué akonpli yo, doué résité lè sa yo pou kont yo, sa y-ap akonpli nan Chapit yo-a.¹¹⁸

b) Sé pou kominoté rélijyé yo ki gin strikt obligasion pou Litiji Lè yo, épi chak manb yo, sélébré Lè yo dapré prinsip doua patikilié yo, antan yo sovgadé sa n. 29 la préskri osijè sa yo ki résévoua Òrd sakré-a.

Kominoté yo minm ki gin strikt obligasion keur la, sé pou yo akonpli déroulman intégral Lè yo chak jou nan keur la ;¹¹⁹ andéyò keur la minm sé pou manb yo résité Lè yo dapré prinsip doua patikilié yo-a, antan yo toujou sovgadé sa yo préskri nan n. 29 la.

32. Lòt Kominoté rélijyé yo, épi chak manb yo, sé pou yo avèti yo pou, dapré sikonstans koté yo trouvé yo, pou yo sélébré kèk pati Litiji Lè yo,

¹¹⁶ Cf. CONC VAT. II, Const. dogm. de divina revelatione, *Dei verbum*, n. 25; Decr. de presbyterorum ministerio et vita, *Presbyterorum ordinis*, n. 13.

¹¹⁷ Cf. C.I.C., can. 276 § 2, 3°; PAULUS VI, Motu proprio, *Sacrum Diaconatus ordinem*, 18 iunii 1967, n. 27: A.A.S. 59 (1967), p. 703.

¹¹⁸ Cf. S. CONGR. RITUUM, Instructio *Inter Œcumenici*, 26 sept. 1964, n. 78b: A.A.S. 56 (1964), p. 895.

¹¹⁹ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 95.

ki priyè Égliz la, yo tout, ninpòt koté yo t-a gayé, antan yo gin yon sèl kè ak yon sèl nanm.¹²⁰

Minm égzòtasyon sa-a yo bay li pou layik yo tou.¹²¹

c) Osijè chapant sélébrasion-an

33. Litiji Lè yo òganizé dapré pròp prinsip li, antan li mété ansanm yon fason spésial éleman yo jouinn nan lòt sélébrasion krétyin yo épi li fòmé yon fason pou-l toujou ginyin psòm yo, antan yon imm vîn anvan, apré sa yon léktu Sint Ékritu yo ki pi long oubyin kout, épi anfin priyè yo.

Kit sé nan sélébrasion an komin, kit sé nan résitasyon moun nan fè pou kont li, chapant ésansiyèl Litiji sa-a rété : sètadi sé yon dialòg ant Bondié ak moun-nan. Poutan sélébrasion an komin-an manifésté pi klè karaktè éklézial Litiji Lè yo, li ankourajé patisipasion aktif tout moun dapré kondision chak moun pa lintèmediè aklamasyon yo, dialòg yo, psòm yo ki alténé épi lòt bagay minm jan-an, épi sa montré pi byin rézondèt diféran tip ékspresyon yo.¹²² Sé poutèt sa chak foua sélébrasion an komin-an avèk prézans épi patisipasion aktif fidèl yo kapab fèt, sé pou yo pito-l pasé sélébrasion individuèl la épi prèské an privé-a.¹²³ Li préfèrab anplis pou yo chanté Ofis la jan sa konvnan dapré natu chak pati li épi fonksion chak pati nan keur la épi an komin-an.

Sé konsa anfin y-ap akonpli avètisman Apot la : « Sé pou paròl Kris la abité nan nou jous li plin nou, antan nan tout sa jès youn ap bay lòt ansègnman, youn ap réprann lòt, avèk Psòm, kantik avèk chanté spirituèl, antan n-ap chanté nan gras la nan kè nou pou Bondié » (Kolosyin 3, 16 ; cf. Éfézyin 5, 19-20).

¹²⁰ Cf. Tr Ap 4, 32.

¹²¹ Cf. CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 100.

¹²² Cf. *ibid.*, nn. 26. 28-30.

¹²³ Cf. *ibid.*, n. 27.

CHAPIT II

OSIJÈ SANKTIFIKASION JOUNIN-AN SÈTADI OSIJÈ DIFÉРАН LÈ LITIJK YO

I. OSIJÈ INTRODIKSION OFIS LA TOUTANTIÉ

34. Nòmalmán sé Invitatoua-a ki introdui Ofis la toutantié. Li gin ladan-l vèsè **Grammèt, louvri bouch mouin : Bouch mouin ap anonsé louanj ou**, épi psòm 94 (95), koté chak jou yo invité fidèl Kris la vîn chanté louanj Bondié épi kouté voua-l, épi anfin yo minnin yo pou yo tann « répo Grammèt la ».¹

Si sa konvnan minm, nan plas psòm 94 (95), yo kapab anplouayé psòm 99 (100) oubyin 66 (67) oubyin 23 (24).

Li préférab pou yo di psòm invitatoua-a jan yo dékri-l nan plas li-a, nan fason réponsorial, sètadi avèk réfrin li-a, yo propozé tousuit épi yo répété, antan yo réprann li ankò apré chak stròf.

35. Invitatoua-a gin plas li nan kòmansman déroulman priyé chak jou-a toutantié, sètadi sé pou yo mété-l soua anvan Louanj yo nan matin soua anvan Ofis léktu-a, nan mézi youn oubyin lòt aksion litijik kòmansé jounin-an. Min dapré sikonstans, yo kapab kité psòm nan ak réfrin-l nan akoté, lè yo gin pou mété Louanj yo anvan.

36. Fason pou chanjé réfrin pou invitatoua-a dapré diféran jou litijik yo, yo indiké-l nan plas koté yo chak doué yé-a.

¹ Cf. Ébr 3, 7 — 4, 16.

II. OSIJÈ LOUANJ YO NAN MATIN ÉPI VÈP YO

37. « Louanj yo (Lôd) kòm priyè nan matin, épi Vèp-yo kòm priyè nan asouè, ki dé gon Ofis priyè chak jou-a dapré tradision vénérab tout l'Égliz-la, sé pou yo konsidéré yo épi sélébré yo tankou Lè prinsipal ».²

38. Louanj yo nan matin déstiné épi òganizé pou sanktifié tan matin-an, jan sa parèt nan anpil éléman ki ladan-l yo. Karaktè matinal sa-a paròl sin Bazil legran sa yo éksprimé-l trè byin : « Nan matin minm pou nou konsakré premié mouvman nanm nou ak léspri nou bay Bondié, épi pa gin anyin dòt nou doué okipé an premié, pasé réjoui antan n-ap sonjé Bondié, jan sa ékri-a : “Mouin sonjé Bondié, mouin jouinn plézi mouin” (Ps 76 [77], 4), ni nou pa doué mété kò-a an mouvman pou travay, anvan nou fè sa yo ki té di-a : “Sé koté-ou m-ap priyé, Granmèt, granmatin, ou kouté voua-m, granmatin mouin kanpé pou ou épi m-ap ouè” (Ps 5, 4-5) ».³

Anplis, Lè sa-a, anplis, yo akonpli antan nouvo limiè jounin-an tounin-an, li raplé réziréksion Granmèt Jézu, ki vrè limiè-a, k-ap kléré tout moun (cf. Jan 1, 9) épi « solèy jistis la » (Malachi 4, 2), « k-ap lévé sot anro-a » (Lk 1, 78). Sé poutèt sa sé pou yo byin konprann avètisman sin Sipriyin-an : « Granmatin yo doué lapriyé, pou yo sélébré réziréksion Granmèt la ak priyé matinal la ».⁴

39. Yo sélébré Vèp yo lè asouè ap rivé épi jou-a déja ap bésé, pou « rann gras osijè sa yo té ba nou nan jounin-an, oubyin sa nou té fè ki douat ».⁵ Nou sonjé rédanmsion-an tou pa lintèmediè priyè n-ap dirijé « tankou lansan dévan fas Granmèt la » épi koté « min nou ki lévé anlè-a » tounin

² CONC VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 89 a ; cf. *Ibid.*, n. 100.

³ S. BASILIUS M., *Regulae fusius tractatae*, Resp. 37, 3: PG 31, 1014.

⁴ S. CYPRIANUS, *De oratione dominica*, 35: PL 4 , 561.

⁵ S. BASILIUS M., *op. cit.*: PG 31, 1015.

« sakrifis nan asouè-a ».⁶ Sa-a minm « yo kapab konprann li tou yon fason ki pi sakré osijè véritab sakrifis nan asouè-a, soua sa Granmèt la té transmèt nan asouè antan Apot yo t-ap soupé-a, lè li té kòmansé mistè Égliz la ki tèlman sin yo, soua sakrifis nan asouè pròp tèt li jou apré-a, sètadi nan finisman sièk yo, sa-l té ofri bay Papa-a antan-l lévé min-l yo pou sovè tout tè-a ».⁷ Anfin, pou nou kapab viré éspérans la nan diréksion limiè ki pa konnin kouché-a « nou priyé épi nou mandé pou limiè-a vini sou nou yon lòt foua, nou priyé pou avènman Kris la, k-ap gin pou ba nou gras limiè pou tout tan-an ».⁸ Anfin nan lè sa-a, nou mété voua nou ansanm avèk Égliz oriental yo pou nou rélé : « Limiè k-ap bay kè kontan-an, gloua Papa-a ki sin-an pou tout tan-an nan sièl la, kontantman-an, Jézu-Kri ; pandan nou rivé nan solèy la k-ap kouché-a, antan nou ouè limiè asouè-a, n-ap chanté Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin Bondié-a... ».

40. Nan pi ro pouin donk, sé pou yo fè Louanj yo nan matin épi Vèp yo, kòm priyé kominoté krétyin-an : sé pou yo ankourajé sélébrasion piblik yo oubyin an komin, sitou bò kot moun k-ap viv an kominoté yo. Plis toujou, yo rékòmandé résitasion yo minm pou fidèl yo pou kont yo, sa-k pa kapab patisipé nan sélébrasion an komin-an.

41. Louanj yo nan matin épi Vèp yo kòmansé ak vèsè ki introdui-a **Bondié, vîn édé mouin : Granmèt, fè vit, poté-m sékou**, sa-k suiv li sé **Viv Papa-a avèk Tankou nan kòmansman épi Alélouya** (yo pa di nan tan Karèm). Min yo siprimé yo tout nan Louanj yo (Lod) lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

⁶ Cf. Ps 140 (141), 2.

⁷ CASSIANUS, *De institutione coenob.*, lib. 3, c. 3: PL 49, 124. 125.

⁸ S. CYPRIANUS, *De oratione dominica*, 35: PL 4, 560.

42. Apré sa, tousuit, yo di Imn ki korésponn nan. Imn nan konpozé yon fason pou-l bay chak Lè oubyin fèt tankou pròp koulè pa-l épi, sitou nan sélébrasion avèk pèp la, pou priyè-a kapab kòmansé pi fasil épi pi agréab.

43. Apré imn nan minm yo fè psòm yo, dapré prinsip ki nan nn. 121-125. Psòm Louanj yo (Lod) gin yon psòm pou matin, apré sa yon kantik yo pran sot nan Ansyin Téstaman-an épi yon dézièm psòm ki yon louanj, dapré tradision Égliz la.

Psòm yo pou Vèp yo gin dé psòm oubyin dé moso yon psòm ki pi long, ki adapté pou Lè sa-a épi pou sélébrasion avèk pèp la, épi yon kantik yo pran sot nan Lèt Apot yo oubyin Apokalips la.

44. Lè yo fîn fè psòm yo, gin léktu-a, soua kout, soua pi long.

45. Léktu kout la yo mété-l an fonksion kalité jou-a oubyin tan-an oubyin fèt la ; sé pou yo li-l épi kouté-l, tankou yon véritab proklamasion paròl Bondié-a ki propozé kèk déklarasion sakré ak fòs, épi ki sèvi pou mété kèk bagay ki di tou kout, sa yo gin doua fè mouins atansyon sou yo lè y-ap li Ékrito yo alasuit.

Léktu kout yo diféran nan déroulman psòm chak jou yo.

46. Min si yo vlé, épi sitou nan sélébrasion avèk pèp la, yo kapab chouazi yon léktu bibliki ki pi long soua nan Ofis léktu-a, soua nan sa yo li nan Mès la, sitou nan tèks yo pa-t kapab proklamé poutèt diféran rézon. Anplis, anyin pa anpéché, pou omouin tanzantan yo chouazi kèk lòt léktu ki pi adapté, dapré prinsip ki nan nn. 248-249, 251.

47. Nan sélébrasion ak pèp la, lè sa konvnab, yo kapab ajouté yon oméli kout pou ékspliké léktu yo sot di-a.

48. Apré léktu-a oubyin oméli-a, lè sa konvnab, yo kapab obsèvé kèk moman silans.

49. Pou réponn paròl Bondié-a, yo prezanté yon chan réponsorial oubyin yon répons kout, yo kapab pa di yo lè sa konvnb.

Poutan yo kapab mété nan plas li kèk lòt chanté ki gin minm fonksion-an épi minm modalité-a, dépi Konfèrans Évèk yo aprouvé yo pou sa, jan sa doué fèt la.

50. Apré sa, yon fason solanèl, yo di kantik évanjélik-la avèk réfrin-l, sètadi pou Louanj yo nan matin kantik Zakari-a **Benedictus**, pou Vèp yo kantik Sint Vièj Mari-a **Magnificat**. Kantik sa yo, dapré abitud ansyin épi popilè, sa Égliz Romèn nan konfirmé, yo éksprimé louanj rédanmsion-an épi aksion-d-gras la. Yo indiké yon réfrin pou **Benedictus** la épi **Magnificat** la an fonksion kalité jou-a, tan-an oubyin fèt la.

51. Lè yo fini kantik la, nan Louanj yo nan matin yo fè priyè pou konsakré jounin-an ak travay la bay Granmèt la, nan Vèp yo minm yo fè intèsésion yo (cf. nn. 1790193).

52. Apré priyè oubyin intèsésion yo sot indiké yo, tout moun di **Papa nou-an**.

53. Yon foua yo fin di Papa nou-an, tousuit yo di priyè final la, sa yo jouinn nan Distribision Psòm yo pou jou òdinè yo, nan Pròp la pou lòt jou yo.

54. Apré sa, si sé yon prèt oubyin yon diak k-ap prezidé, li ranvouayé pèp la avèk salutasion **Granmèt la avèk nou tout** épi bénédiksion-an tankou nan Mès la, avèk invitasion ki suiv la **Alé ak kè kontan**. R/ **Mèsi Bondié mèsi**. Otréman sélébrasion-an fini avèk **Sé pou Granmèt la béni nou**.

III. OSIJÈ OFIS LÉKTU-A

55. Ofis léktu-a ap chèché pou sé ak plis abondans yo prezanté méditation sint Ékritu yo épi pi bon paj écrivin spirituèl yo bay pèp Bondié-a, min sitou pou sa yo ki konsakré bay Granmèt la yon fason spésial. Minmsi réyèlman sé ak plis richès yo li sint Ékritu yo nan déroulman Mès chak jou-a, trézò révélation ak tradision sa-a ki nan Ofis léktu-a, pèmèt avansé nan yon gran profi spirituèl. Sé prèt yo ki pou chèché richès sa yo toudabò, pou paròl Bondié-a yo minm yo té résévoua-a, yo rivé distribué-l bay tout moun épi fè ansègnman yo-a tounin « nouritu pèp Bondié-a ».⁹

56. Min kòm priyè-a doué akonpagné « léktu sint Ékritu-a pou-l vîn tounin yon dialòg ant Bondié ak moun-nan, réyèlman “sé avèk li n-ap palé lè n-ap priyé, sé li minm nou tandé lè n-ap li paròl Bondié yo” »,¹⁰ sé sa-k fè Ofis léktu-a tou gin psòm, imn, priyé ak lòt fòmul, pou-l prezanté karaktéistik yon véritab priyé.

57. Ofis léktu-a, dapré Konstitision *Sacrosanctum Concilium* nan, « minmsi nan keur la li doué kinbé karaktè louanj pandan lannuit-la, sé pou yo ranjé-l yon jan pou yo kapab résité-l nan ninpòt ki lè nan jounin-an ; sé pou yo mété mouins psòm ladan-l, min sé pou léktu-yo pi long ».¹¹

58. Moun yo minm ki doué konsèvé karaktè lannuit Ofis sa-a poutèt doua patikilié yo-a oubyin moun yo ki vlé fè sa, é ki mérité louanj pou sa, kit yo di-l nannuit oubyin byin bonè granmatin anvan Louanj yo nan matin-an, y-a chouazi imn tan nan kouran ané-a nan séri ki déstiné pou

⁹ PONTIFICALE ROMANUM, *De ordinatione presbyterorum*, n. 14.

¹⁰ S. AMBROSIUS, *De officiis ministrorum* I, 20, 88; PL 16, 50; CONC. VAT. II, Const. dogm. de divina revelatione, *Dei verbum*, n. 25.

¹¹ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 89 c.

finalité sa-a. Anplis, pou jou dimanch yo, solanité yo épi kèk fèt, sé pou yo konsidéré sa yo di nan nn. 70-73 osijè Vijil yo.

59. Antan dispozision yo sot di-a rété fèm, yo kapab résité Ofis léktu-a nan kèlkésoua lè nan jounin-an, minm nan lè nan nuit jou ki vîn anvan-an, apré yo fîn fè Vèp yo.

60. Si yo di Ofis léktu-a anvan Louanj yo nan matin, lè sa-a yo mété invitatoua-a anvan-l, jan yo té di pi ro-a (nn. 34-36). Otréman, yo kòmansé ak vèsè **Bondié, vîn édé mouin** avèk **Viv Papa-a, Dépi nan kòmansman**, épi, andéyò tan Karèm, **Alélouya**.

61. Apré sa yo di imn nan yo chouazi, pandan ané-a, soua nan séri pou lannuit la, jan yo indiké pi ro-a nan n. 58, soua nan séri pou jounin-an, dapré sa vérité tan-an mandé.

62. Sa ki suiv sé priyè Psòm yo ki gin toua psòm (oubyin moso, si psòm ki tonbé yo t-a pi long). Nan tridiòm paskal la, nan jou anndan oktav Pak ak Nésans Granmèt la, épitou nan solanité yo ak fèt yo, psòm yo pròp ak pròp réfrin yo.

Nan dimanch yo minm épi nan jou lasémèn yo, yo pran psòm yo avèk réfrin yo nan Distribision Psòm k-ap déroulé-a. Minm jan-an tou yo pran yo nan Distribision Psòm k-ap déroulé-a pou mémoua Sin yo, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin pròp (cf. nn. 218 ss.).

63. Ant psòm yo ak léktu yo, nòmalmen yo di vèsè-a ki fè priyè-a pasé sot nan psòm yo al nan kouté léktu yo.

64. Sé dé léktu yo anplouayé, prémié-a bibliik, dézièm nan yo pran-l soua nan liv Pèr yo oubyin Ékrivin ékléziastik yo, soua nan istoua lavi sin yo.

65. Apré chak léktu minm yo di répons la (cf. nn. 169-172).

66. Nòmalmman y-ap sèvi ak léktu bibliik ki tonbé nan Pròp pou Tan-an, dapré prinsip yo transmèt pi louin yo, nn. 140-155. Nan solanité yo minm épi fèt yo, y-ap pran léktu bibliik la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

67. Dézièm léktu-a avèk répons li, yo pran-l soua nan liv Litiji Lè yo soua nan Léksionè-a, si yo vlé, jan yo di pi louin-an nan n. 161. Nòmalmman sé léktu ki tonbé nan Pròp pou Tan-an.

Nan solanité yo minm épi fèt Sin yo, yo anplouayé dézièm léktu nan Komin Sin yo ki korésponn nan. Nan mémoua Sin yo, sa sélébrasion yo-a pa gin anpèchman-an, yo pran léktu istoua lavi sin-an nan plas dézièm léktu ki tonbé-a (cf. nn. 166, 235).

68. Nan dimanch andéyò Karèm, nan jou anndan oktav Pak épi Nésans Granmèt la, nan solanité yo épi fèt yo, apré dézièm léktu-a avèk répons li, yo di imn **Te Deum (Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou)**, min yo siprimé-l nan mémoua yo ak nan jou lasémèn yo. Dènié pati imn nan-an, sètadi apati vèsè **Salvum fac populum tuum (Fè pèp ou-a sovè, Granmèt)** jouskalafin, yo kapab pa di-l si yo vlé.

69. Ofis léktu-a fini nòmalmman ak priyè ki pròp pou jou-a épi, omouin nan résitasion an komin-an, avèk aklamasion **An nou fè louanj pou Granmèt la. R/. N-ap di Bondié mèsi.**

IV. OSIJÈ VIJIL YO

70. Véyé paskal la, sé Égliz la toutantié ki sélébré-l tankou yo dékri-l nan liv litijik ki korésponn yo. « Véyé nuit sa-a tèlman gran », jan sint Ogustin di-a, « sé li minm sèl ki kapab réklamé non sa-a kòm non pròp li

minmsi-l ginyin-l an komin ak lòt yo »¹² « nou pasé nuit sa-a antan n-ap véyé, sé ladan-l Granmèt la té résisité, épi nan chè-l li kòmansé pou nou lavi sa-a... koté pa gin lanmò ditou ni dòmi... ; sé poutèt sa, li minm ki résisité-a n-ap chanté antan nou véyé yon ti kras pi long, l-ap fè nou kòmandé kòm roua ansanm avèk li antan nou viv san fin ».¹³

71. Tankou nan Véyé paskal la, vîn gin abitud nan diféran Égliz pou kòmansé diféran solanité ak yon vijil (véyé) : nan pami yo sé Nésans Granmèt la épi jou Pantkot la ki pi ro. Abitud sa-a minm sé pou yo kinbé-l épi ankourajé-l dapré fason pròp chak Égliz réalizé-l. Si kèk koté pétèt sa konvtab pou anbéli lòt solanité oubyin pélerinaj ak yon vijil (véyé), sé pou yo obsèvé prinsip jénéral yo propozé yo pou sélébrasyon paròl Bondié-a.

72. Pèr yo réyéلمان épi ékrivin spirituèl yo bay fidèl yo rékòmandasyon, sitou sa k-ap minnin lavi kontanplatif la, pou priyé lannuit la, ki éksprimé épi révéyé atant Granmèt la k-ap tounin-an : « Nan mitan nannuit, yo tandé yon rèl : min mesié k-ap marié-a ! Soti al rankontré-l » (Matié 25, 6) ; « Konsa sé pou nou véyé ; sèké nou pa konnin kilè mèt kay la ap vini, asouè, oubyin nan mitan nannuit, oubyin lè kòk chanté, oubyin nan matin; pou lè-l rivé san-zatann, li pa jouinn nou ap dòmi » (Mark 13, 35-36). Yo mérité louanj donk tout moun ki kinbé karaktè nannuit Ofis léktu-a.

73. An plis, kòm nan Rit Romin-an, antan yo konsidéré sitou moun ki angajé nan travay apostolik la, Ofis léktu-a toujou brèf pou yo, moun ki anvì prolonjé sélébrasyon vijil dimanch yo, solanité yo épi fèt yo, dapré tradision-an, yo kapab fè-l nan fason yo pral di-a.

¹² *Sermo Guelferbytanus 5: PLS 2, 550.*

¹³ *Ibid.: PLS 2, 552.*

Toudabò sé pou yo sélébré Ofis léktu-a jan-l yé nan liv Litiji Lè yo jous nan léktu yo inklizivman. Min apré dé léktu yo épi anvan **Te Deum** nan y-ap ajouté kantik yo, sa yo indiké pou sa nan Apindis minm liv yo ; ansuit sé pou yo li Évanjil la, épi osijè-l, lè sa konvnab, yo kapab fè oméli-a, apré y-ap chanté imn **Te Deum** nan épi y-ap di priyè-a.

Kanta Évanjil la, nan solanité yo ak fèt yo, yo pran-l sot nan Lékisionè Mès la, nan dimanch minm sot nan séri osijè mistè Pak la, sa yo dékri nan Apindis liv Litiji Lè yo.

V. OSIJÈ TIÈRS, SÈKST ÉPI NÒN, SÈTADI LÈ NAN MITAN-AN

74. Dépi sot nan yon tradision ki ansyin, anpil krétyin té abitué priyé dapré yon dévosion an privé nan diféran moman pandan jounin-an, minm nan mitan travay la, pou imité Égliz apostolik la ; tradision sa-a, nan diféran fason épi nan déroulman tan yo, yo té soutni-l ak sélébrasion litijik yo.

75. Abitud litijik Oriental épi Oksidental la kinbé Tièrs, Sèkst épi Nòn, sitou paské lè sa yo ataché ak sonjé yo fè sonjé évenman Soufrans Granmèt la épi premié dévlopman anons évanjil la.

76. Konsil Vatikan II minm établi pou yo konsèvé nan keur la ti Lè Tièrs, Sèkst épi Nòn.¹⁴

Abitud litijik pou di toua Lè sa yo, sé pou yo kinbé-l, sof doua patikilié, pou moun k-ap minnin lavi kontanplatif la ; yo konséyé-l tou pou tout moun, sitou sa k-ap patispé nan rétrèt spirituèl oubyin nan réyinion pou késion pastoral.

¹⁴ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 89 e.

77. Andéyò keur la minm, sof doua patikilié, yo kapab chouazi youn nan toua Lè yo ki pi konfòm ak tan nan jounin-an, yon fason pou yo konsèvé tradision priyé pandan jounin-an nan mitan travay la.

78. Konsa donk yo konpozé òrdo pou di Tièrs, Sèkst épi Nòn nan pou-l konsidéré an minm tan ni moun k-ap di yon sèl Lè, sètadi « Lè nan mitan-an », ni moun ki doué akonpli toulétoua Lè yo oubyin ki vlé fè-l.

79. Kòmansman Tièrs, Sèkst épi Nòn oubyin Lè nan mitan-an yo fè-l ak vèsè pou antré-a **Bondié, vîn édé mouin** avèk **Viv Papa-a, Dépi nan kòmansman**, épi **Alélouya** (yo pa di-l nan tan Karèm). Apré sa yo di imn ki korésponn ak Lè-a. Ansuit yo fè psòm yo, léktu kout la ak vèsè ki suiv li-a. Yo fini Lè-a ak priyé-a épi, omouin nan résitasyon an komin-an, avèk aklamasyon **An nou fè louanj pou Granmèt la. R/. N-ap di Bondié mèsì.**

80. Imn yo épi priyé yo, gin pliziè yo propozé pou chak Lè yo, yon fason pou yo korésponn ak vérité tan-an, dapré tradision yo résévoua-a, épitou pou yo pèmèt sanktifikasyon ki pi adapté pou Lè-a ; sé poutèt sa moun k-ap di yon sèl Lè, doué chouazi éleman yo ki korésponn ak Lè-a minm.

An plis, léktu kout yo ak priyé yo chanjé dapré kalité jou-a, tan-an oubyin fèt la.

81. Yo propozé dé séri pou psòm yo : youn pou jou k-ap déroulé-a, lòt la konplémentè. Moun k-ap di yon sèl Lè, l-ap pran psòm jou k-ap déroulé-a. Min moun k-ap di pliziè Lè, nan youn l-ap pran psòm jou k-ap déroulé-a, nan lòt yo psòm konplémentè yo.

82. Psòm jou k-ap déroulé-a gin toua psòm (oubyin pati si sé nan psòm ki pi long yo) yo pran nan Distribision Psòm yo épi yo anplouayé yo avèk réfrin yo, sof si yo indiké otréman nan plas ki korésponn nan.

Nan solanité yo, tridiòm paskal la épi jou anndan oktav Pak la, yo di réfrin pròp avèk toua psòm yo chouazi nan psòm konplémantè yo, sof si t-a gin pou anplouayé psòm spésial, oubyin sélébrasion solanité-a tonbé jou dimanch, nan ka sa-a yo pran psòm dimanch premié sémèn nan.

83. Psòm konplémantè yo gin toua group psòm ladan yo, nòmalmàn yo chouazi yo nan psòm yo rélé « graduèl » yo (pou lè y-ap monté).

VI. OSIJÈ KONPLI-A

84. Konpli-a sé dènié priyè jounin-an, yo doué fè-l anvan répo nannuit la, minm apré minui si ka-a prézanté.

85. Konpli-a kòmansé, tankou lòt Lè yo, ak vèsè **Bondié, vîn édé mouin** avèk **Viv Papa-a, Dépi nan kòmansman**, épi **Alélouya** (yo pa di-l nan tan Karèm).

86. Apré sa, li bon pou yo fè égzamin konsians la, soua an silans nan sélébrasion an komin-an soua anndan yon akt pénitansièl dapré fòmul Misèl Romin-an.

87. Apré sa yo di inm ki korésponn nan.

88. Psòm yo gin ladan yo jou dimanch, apré premié Vèp yo, psòm 4 épi 133 (134) ; apré dézièm Vèp yo, psòm 90 (91).

Lòt jou yo psòm yo chouazi yo sé sitou yon fason pou yo révéyé konfians nan Granmèt la ; yo pèmèt poutan pou yo mété nan plas yo psòm dimanch yo pou komodité, sitou pou sa yo ki t-a vlé pétèt résité Konpli-a pa kè.

89. Apré psòm yo, yo fè léktu kout la, sa répons **In manus tuas** la (**Sé nan min-ou, Granmèt**) suiv la ; apré sa yo di kantik évanjélik **Nunc**

dimittis la (**Koulié-a, Granmèt, ou mèt kitè sèvitè-ou la pati**) avèk réfrin-l, sé li ki tankou pouin ki pi ro pou tout Lè-a.

90. Yo di priyè final la, tankou nan Distribision Psòm yo.

91. Apré priyè-a yo di, minmsi sé moun nan pou kont li, bénédiksyon **Noctem quietam** nan (**Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a fè nou favè pou nou pasé yon nuit trankil koulié-a...**).

92. Apré, yo di youn nan réfrin osijè Sint Vièj Mari yo. Nan tan Pak minm, sé toujou réfrin **Regina caeli (Rèn sièl la)**. An plis réfrin yo prezanté nan liv Litiji Lè yo, Konférans Évèk yo kapab aprouvé lèt.¹⁵

VIII. OSIJÈ FASON POU MÉTÉ ANSANM LÈ SA KONVNAV DIFÉРАН LÈ OFIS LA AVÈK MÈS LA OUBYIN YOUN AK LÒT

93. Nan kèk ka patikilié, lè sikonstans yo mandé sa, nan sélébrasyon piblik oubyin an komin, yo kapab konbiné Mès la ansanm ak yon Lè Ofis la, dapré prinsip y-ap bay tousuit la-a, dépi Mès la épi Lè-a sé osijè yon sèl épi minm Ofis la. Min sé pou yo fè atansyon pou sa pa nan dezavantaj travay pastoral la, sitou jou dimanch.

94. Lè y-ap sélébré Louanj yo nan matin nan keur oubyin an komin épi li vini tousuit anvan Mès la, yo kapab kòmansé aksyon-an soua ak vèsè pou introdui-a épi imn Louanj yo, sitou nan jou lasémèn yo, soua ak chan Réfrin pou antré-a (**Introitus**) ansanm avèk prosésyon pou antré-a épi salutasyon sélébran-an, nan jou fèt yo sitou, nan ka sa-a yo siprimé youn ou lèt nan rit pou kòmansé yo.

Apré sa, yo kontinué ak psòm Louanj yo nan fason abituèl la jous nan léktu kout la yo pa fè. Apré psòm yo, antan yo siprimé akt pénitansièl la

¹⁵ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 38.

épi, lè sa konvnab, **Kyrie-a**, yo di dapré rubrik yo **Gloria in excelsis** épi sélébran-an di priyè Mès la. Apré sa sé litiji paròl la ki suiv nan fason abituèl la.

Yo fè priyè inivèsèl la nan koté ak nan fòm yo abitué fè-l nan Mès la. Min nan jou lasémèn nan, nan Mès nan matin-an, yo kapab di nan plas fòmulè priyè inivèsèl pou chak jou-a, priyè nan matin pou Louanj yo (Lod).

Apré kominion-an ak chan ki pròp pou li-a, yo chanté **Benedictus** la ak réfrin li nan Louanj yo nan matin-an ; ansuit yo di priyè apré kominion-an épi rès yo nan fason yo abitué fè-l la.

95. Si sé Lè nan mitan-an, sètadi Tièrs, Sèkst oubyin Nòn, dapré sa vérité Lè yo mandé, y-ap sélébré piblikman, antan Mès la vîn tousuit anvan, yo kapab kòmansé aksion-an minm jan-an soua ak vèsè pou introdui-a épi imn Lè-a, sitou nan jou lasémèn yo, soua ak chan Réfrin pou antré-a (**Introitus**) ansanm avèk prosésion pou antré-a épi salutasion sélébran-an, nan jou fèt yo sitou, nan ka sa-a yo siprimé youn ou lòt nan rit pou kòmansé yo.

Apré sa, yo kontinué ak psòm Lè-a nan fason abituèl la jous nan léktu kout la yo pa fè. Apré psòm yo, antan yo siprimé akt pénitansièl la épi, lè sa konvnab, **Kyrie-a**, yo di dapré rubrik yo **Gloria in excelsis** épi sélébran-an di priyè Mès la.

96. Sé minm jan yo fè sa pou Louanj yo nan matin-an, pou yo fè Vèp yo fè youn ak Mès y-ap vîn tousuit anvan-l nan. Min prémié Vèp solanité yo oubyin dimanch yo oubyin fèt Granmèt la ki tonbé jou dimanch, yo pa kapab sélébré yo si yo po ko fè Mès jou ki vîn anvan-an oubyin samdi-a.

97. Min lè soua yon Lè nan mitan, sètadi Tièrs, Sèkts oubyin Nòn, soua Vèp yo suiv Mès la, lè sa-a yo sélébré Mès la nòmalmman jous nan priyè apré kominion-an inklizivman.

Lè yo ffin di priyè apré kominion-an, yo kòmansé psòm Lè sa-a tousuit (absolute). Nan Lè nan mitan-an, tousuit apré yo fini psòm yo, antan yo siprimé léktu kout la, yo di priyè-a épi fè ranvoua-a, tankou nan Mès la. Nan Vèp yo, apré psòm yo épi antan yo siprimé léktu-a, yo ajouté tousuit kantik Magnificat la avèk réfrin-l épi, antan yo siprimé priyè yo ak Papa nou-an, yo di priyè final la épi yo béni pèp la.

98. Sof nan ka nuit Nésans Granmèt la, sé pou nòmalmman yo pa mété Mès la avèk Ofis léktu-a, poutèt Mès la li-minm déja ginyin pròp déroulman léktu pa-l yo doué distingé ak lòt. Min si yon lè sa t-a konv nab pou fè sa éféktivman, lè sa-a tousuit apré dézièm léktu Ofis la ansanm ak répons li, antan yo siprimé tout rèz la, yo kòmansé Mès la ak imn **Gloria in excelsis**, si yo doué di-l, otréman yo kòmansé ak priyè-a.

99. Si yo di Ofis léktu-a tousuit anvan yon lòt Lè Ofis la, lè sa-a anvan kòmansman Ofis léktu-a yo kapab mété imn ki koréponn ak Lè-a ; apré sa, alafin Ofis léktu-a yo siprimé priyè-a ak konklizyon-an, épi nan Lè ki suiv la yo siprimé vèsè introdiksyon-an avèk **Viv Papa-a**.

CHAPIT III

OSIJÈ DIFÉРАН ÉLÉMAN LITJI LÈ YO

I. OSIJÈ PSÒM YO ÉPI RAPÒ YO GINYIN AK PRIYÈ KRÉTYIN-AN

100. Nan Litiji Lè yo, yon gran pati nan priyè Égliz la fèt avèk bèl kalité poèm sa yo ékrivin sakré yo té konpozé nan Ansyin Téstaman-an anba souf inspirasion Éspri Bondié-a. Apati koté yo soti-a réyèlman, yo gin yon kalité fòs ki fè yo poté léspri moun yo kot Bondié, yo révéyé santiman ki sin épi piété nan yo, nan sikonstans favorab yo édé moun yo di mési yon fason ékstraòdinè, nan kontrariété yo poté konsolasion épi solidité nanm.

101. Poutan psòm yo sé sèlman lonbraj ki minnin nan plénitud tan sa-a ki parèt nan Kris Granmèt la koté priyè Égliz-la résévoua fòs li ; sé poutèt sa pafoua sa kapab rivé pou, minmsi tout fidèl Kris la dakò pou gin gran konsidérasion pou psòm yo, gin kèk difikilté ki rivé, lè antan y-ap priyé y-ap éseyé fè poèm sa yo ki vénérab palé pou yo.

102. Min Éspri-Sin-an, li minm sé anba souf inspirasion-l konpozité psòm yo té chanté-a, li toujou prézan avèk gras li-a bò koté moun yo ki kouè ak bòn volonté yo antan yo di poèm sa yo nan priyé psòm yo. An plis réyèlman li nésésè pou « yo préparé tèt yo ak yon fòmasion biblik ki pi rich, sitou pou psòm-yo »¹ dapré kapasité chak moun, avèk sa y-ap konprann nan ki fason épi ak ki métòd y-ap chèché priyé kòrèktéman antan y-ap résité yo.

¹ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 90.

103. Psòm yo pa léktu ni priyé ki konpozé tankou diskou lib, min sé poézi pou fè louanj yo yé. Donk minmsi kèk foua yo té kapab déklaré yo tankou yon léktu, poutan dapré modalité litèrè yo ginyin-an yo rélé yo kòrèktèman nan lang ébré « Téhillim », sètadi « kantik louanj » épi nan lang grèk « psalmoi », sètadi « kantik pou yo déklaré sou ‘psaltérion’ » (instriman mizik ak kòd tankou yon espès gita). Sé tout bon vré réyèlman nan tout psòm yo gin yon sètin karaktè mizikal ki pèmèt détèminé fason ki pi konvab pou déklaré-l la. Sé poutèt sa minmsi yo résité psòm nan san chanté-l, oubyin minmsi moun nan pou kont li épi an silans, yo doué réglé-l dapré karaktè mizikal li-a : yo prézané yon tèks bay léspri fidèl yo, min intansion-an sé pi plis touché kè moun k-ap chanté psòm nan épi moun k-ap kouté yo, ata sa k-ap joué « psaltérion ak sitar » yo.

104. Moun nan donk k-ap priyé psòm yo avèk sajès, antan l-ap médité, li travèsé vèsè aprè vèsè, antan kè-l toujou paré pou-l réponn, dapré jan Éspri-a vlé-a, li minm ki té inspiré konpozité psòm nan sé li minm tou k-ap prézan kot moun ki gin piété yo, pou yo paré pou résévoua gras li-a. Sé sa-k fè priyé psòm yo, minmsi-l égzijé respè ki korésponn ak grandè Bondié-a, li doué soti nan kè kontan nanm nan ak dousè charité-a, jan sa konvab pou poézi sakré-a ak chan pou Bondié-a épi nan pi ro dégré ak libètè pitit Bondié yo.

105. Anpil foua nou kapab priyé ak paròl psòm nan pi fasil épi ak plis chalè, soua pou rann gras épi déklaré grandè Bondié nan fèt, soua pou sipliyé nan profondè kè séré yo. Poutan – sitou si psòm nan pap palé dirèktèman ak Bondié – kèk difikilté kapab parèt pafoua. Konpozité psòm nan réyèlman, poutèt sé poèt li yé-a minm, anpil foua l-ap palé ak pèp la, sètadi antan l-ap raplé istoua Israèl ; lòt foua l-ap konvoké lòt bagay, san mété akoté kréatu sa yo ki pa gin kapasité rézon-an. Plis toujou li sipozé Bondié li minm k-ap palé ak moun yo, minm ak ènmi Bondié yo, tankou nan dézièm psòm nan. Konsa li klè psòm yo pa gin minm modalité tankou priyé oubyin kòlèkt (*collecta*) Égliz la konpozé. An plis sa alé ak

karaktè poétik épi mizikal psòm yo pou yo pa nésésèman ap palé ak Bondié, min pou yo chanté yo dévan Bondié, jan sin Benoua avèti-a : « Sé pou nou konsidéré kijan nou doué yé dévan fas Bondié ak anj li yo, épi sé konsa pou nou kanpé pou nou priyé psòm yo, pou léspri nou akòdé ak voua nou ».²

106. Moun k-ap priyé psòm yo, li ouvri kè-l bay santiman psòm yo inspiré yo, dapré modalité litèrè patikilié yo, soua modalité lamantasion, konfians, aksion-d-gras, soua lòt modalité égzéjèt yo gin rézon montré.

107. Antan-l rété kolé sou signifikasion paròl yo, moun k-ap priyé psòm yo fè atansyon ak inpòtans tèks la pou lavi moun ki kouè-a kòm moun.

Yo konstaté réyèlman sé nan sikonstans patikilié chak psòm vîn konpozé, tit yo mété anvan nan psòm yo an ébré sé sa yo gin intansyon indiké. Sé vré tou, kèlkésoua orijîn istorik li, ninpòt psòm gin yon sans pròp, nou pa kapab néglijé nan tan pa nou-an non plis. Minmsi poèm sa yo té soti dépi anpil sièk kot Oriental yo, sé doulè ak éspérans, mizè ak konfians lèzòm nan ninpòt ki épòk ak réjion y-ap éksprimé yon fason adapté, y-ap chanté sitou lafoua nan Bondié, épi révélation-an ak rédanmsion-an.

108. Moun k-ap priyé psòm yo nan Litiji Lè yo, sé pa tèlman nan non pròp tèt li pèsònèlman l-ap priyé psòm yo min nan non tout Kò Kris la, plis toujou, sé nan plas Kris la li-minm pèsònèlman. Si yon moun gin sa dévan jé-l, difikilté yo ap disparèt, si pafoua li t-a rémaké santiman kè-l, lè l-ap priyé psòm yo, pa maché ak santiman yo psòm nan éksprimé-a, lè parégzanp li gin santiman tristès ak lapinn épi psòm nan vini ak rèl kontantman, lè li kontan minm épi psòm nan sé lamantasion. Bagay sa-a li fasil pou évité-l nan yon priyé ki pèsònèl sèlman, koté gin posibilite chouazi psòm ki alé ak pròp santiman moun nan ginyin. Poutan nan Ofis

² *Regula monasteriorum*, c. 19.

divin-an sé pa an privé, min sé nan non Égliz-la yo réalizé déroulman piblik psòm yo minm nan ka moun ki pétèt t-a akonpli-l pou kont li. Moun nan minm k-ap priyé psòm yo nan non Égliz la, ap toujou kapab rivé jouinn kòz lajoua oubyin tristès, paské minm nan ka sa-a sa Apot la té di-a rété ak tout fòs li : « Sé pou nou kontan avèk moun ki kontan yo, sé pou nou kriyé avèk moun k-ap kriyé yo » (Romin 12, 15), épi konsa frajilité moun-nan, ki blésé ak rinmin pròp tèt li-a (égoyis), ap vîn géri nan dégré charité-a koté ni léspri ni voua moun k-ap priyé psòm yo ap akòdé.³

109. Moun k-ap priyé psòm yo nan non Égliz la, doué fè atansyon ak plénitud signifkasion psòm yo, sitou sans mésianik la, sé poutèt li Égliz la apliké Distribision Psòm yo. Sans mésianik sa-a té parèt an plin nan Nouvo Téstaman-an, plis toujou sé Kris Granmèt la li-minm ki déklaré-l antan-l di Apot yo : « Li té nésèsè pou tou sa-k ékri sou mouin nan laloua Moyiz la ni profèt yo ni psòm yo, pou yo té réalizé » (Luk 24, 44). Égzanp yo byin konnin sé dialòg sa-a nan Matié osijè Mési-a, Pitit David épi Granmèt li,⁴ koté yo konprann psòm 109 (110) la osijè Mési-a.

Antan yo suiv chémin sa-a, sin Pèr yo té résévoua épi kòmanté tout Psòm yo tankou yon profési osijè Kris la ak Égliz la ; sé dapré minm motif la yo chouazi psòm yo nan Litiji ki sakré-a. Minmsi pafoua yo té propozé kèk intèprétasion ki yon ti jan tòdé, poutan, an jénéral, ni Pèr yo ni Litiji-a té tandé yon fason léjitim nan psòm yo Kris la k-ap rélé kot Papa-a, oubyin Papa-a k-ap palé ak Pitit la, plis toujou yo té rékonèt voua Égliz-la, Apot yo oubyin mati yo. Métòd intèprétasion sa-a té dévlopé tou nan mouyinnaj la : réyèlman nan anpil kodèks maniskri Psòm yo ki ékri nan épòk sa-a, tit yo té mété anvan chak psòm té prezanté sans kristolojik la bay moun k-ap priyé psòm yo. Intèprétasion kristolojik la pa-t konsèné sèlman psòm yo konsidéré kòm mésianik yo, min li té éljaji sou anpil lòt,

³ Cf. S. BENEDICTUS, *Regula monasteriorum*, c. 19.

⁴ Mt 22, 44 ss.

koté san okinn dout sé té sinp adaptasion, poutan yo rékòmandé yo bay tradision Égliz la.

Nan pi ro dégré, psòm jou fèt yo, sé pou yon rézon kristolojik ki fè yo chouazi yo, épi sé pou mété sa an limiè ki fè yo propozé anpil réfrin ki sot nan psòm yo minm.

II. OSIJÈ RÉFRIN YO AK LÒT BAGAY KI ÉDÉ PRIYÉ AK PSÒM YO

110. Gin toua bagay nan tradision latin-an ki té kontribué anpil nan fè konprann psòm yo oubyin nan fè yo antré nan priyé krétyin-an, sètadi tit yo, priyé sou psòm yo épi sitou réfrin yo.

111. Nan Distribision Psòm Litiji Lè yo, yo mété yon tit anvan chak psòm osijè signifikasion-l épi inpòtans li pou lavi krétyin-an kòm moun. Tit sa-a, nan liv Litiji Lè yo sé sèlman pou avantaj moun k-ap priyé psòm nan yo mété-l. Min pou ankourajé priyé-a nan limiè nouvo révélation-an, yo ajouté yon fraz Nouvo Téstaman-an oubyin Pèr yo, k-ap invité priyé-l nan sans kristolojik la.

112. Priyé sou psòm yo, ki édé moun k-ap résité yo-a sitou nan intèprétasion krétyin-an, y-ap propozé yo nan Supléman liv Litiji Lè yo pou chak psòm épi yo kapab anlouayé yo si yo vlé dapré prinsip anyin tradision-an, sètadi yon fason pou lè yo fîn résité psòm nan épi yo obsèvé yon moman silans, li ranmasé santiman moun k-ap priyé psòm yo épi li ba-l yon konklizyon.

113. Minm si yo akonpli Litiji Lè yo san chanté, chak psòm gin réfrin pa-l, yo doué di minmsi moun nan pou kont li. Réfrin yo réyèlman édé pou kléré modalité litèrè psòm nan ; yo fè psòm nan tounin yon priyé pèsonèl ; yo mété an limiè yon fraz ki mérité atansyon ki t-a kapab pasé san yo pa ouè-l ; yo bay kèk psòm yon koulè patikilié nan diféran sikonstans ; plis toujou, nan mézi yo anpéché adaptasion ki pa nòmral, yo

édé anpil pou intèprétasyon tipolojik la oubyin dapré fèt la ; yo kapab fè résitasyon psòm yo vîn agréab épi ba-l variété.

114. Yo konpozé réfrin yo nan Dispozision Psòm yo yon fason pou yo kapab tradui yo nan lang pèp yo, plis toujou pou yo kapab répété yo apré chak stròf, dapré sa yo di nan n. 125 la. Min nan Ofis la nan kouran ané-a lè yo pa chanté-l, nan plas réfrin sa yo, yo kapab anplouayé, si sa konvnan, fraz yo ajouté sou psòm yo (cf. n. 111).

115. Lè yo kapab divizé yon psòm an pliziè pati poutèt li long, anndan yon sèl épi minm Lè-a, yo mété yon réfrin pròp pou chak pati pou mété variété, sitou nan sélébrasyon koté yo chanté, épitou pou fè yo ouè richès psòm nan pi byin ; minmsi yo kapab akonpli psòm nan intégralman san rété, antan yo anplouayé premié réfrin-an sèlman.

116. Gin réfrin pròp pou chak psòm nan Louanj yo nan matin épi Vèp yo nan tridiòm paskal la, nan jou anndan oktav Pak ak Nésans Granmèt la, épitou nan dimanch tan Avan, Nésans Granmèt la, Karèm épi Pak, minm jan-an tou nan jou Sémèn sint la, nan tan paskal épi nan jou dépi 17 rive 24 désanm.

117. Nan solanité yo, pou Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin, Tièrs, Sèkst, Nòn épi Vèp, yo propozé réfrin pròp ; otréman yo pran yo nan Komin-an. Nan fèt yo sé minm bagay la yo kinbé pou Ofis léktu, Louanj yo nan matin épi Vèp yo.

118. Si kèk mémoua Sin yo gin réfrin pròp, yo kinbé yo (cf. n. 235).

119. Réfrin pou **Benedictus** ak **Magnificat**, nan Ofis pou Tan-an, yo pran yo nan Pròp pou Tan-an, si ginyin, sinon nan Distribision Psòm yo k-ap déroulé-a ; nan solanité yo ak fèt yo, yo pran réfrin yo nan Pròp la, si ginyin, otréman nan Komin-an ; nan mémoua yo minm ki pa gin réfrin

pròp, si yo vlé yo kapab di réfrin-an soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn k-ap déroulè-a.

120. Nan Tan Pak, yo ajouté **Alélouya** nan tout réfrin yo, sof si pètèt sa pa akòdé ak signifikasyon réfrin-an.

III. OSIJÈ FASON POU PRIYÉ PSÒM YO

121. Daprè sa modalité litèrè ak longè chak psòm mandé, kit yo di psòm nan nan lang latin-an oubyin lang pèp la, épi sitou daprè sé yon sèl moun oubyin pliziè, oubyin si sé ak pèp la ki rasanblé yo fè sélébrasyon-an, yo kapab propozé diféran fason pou résité diféran psòm yo, k-ap pèmèt moun yo k-ap priyé psòm yo ouè pi fasil tankou dousè bon lodè spirituèl psòm yo ak bèlté yo. Réyéلمان yo pa anplouayé psòm yo an fonksion kantité priyé-a, min yo konsidéré variété ak karaktè pròp chak poèm.

122. Yo chanté psòm yo oubyin yo di yo soua toutantié yon sèl kou (sètadi « tou douat »), soua antan yo altèné vèsè yo oubyin stròf yo ant dé keur oubyin dé pati group k-ap priyé-a, soua yon fason réponsorial, daprè diféran tradision oubyin ékspérians pratik ki jouinn aprobasyon.

123. Nan kòmansman chak psòm yo toujou déklaré réfrin-l, jan yo té di pi ro-a nan nn. 113-120 ; min alafin psòm nan toutantié, sé pou yo kinbé abitud fè konklizyon-an avèk **Viv Papa-a (Gloria Patri)** épi **Tankou nan kòmansman. Gloria-a** réyéلمان sé konklizyon ki adapté, sa tradision-an rékòmandé, ki bay priyé Ansyin Téstaman-an signifikasyon louanj ak sans kristolojik épi trinitè. Apré psòm nan minm, jan sa konvnab, yo répété réfrin-an.

124. Lè yo anplouayé psòm ki pi long yo, yo maké divizion yo fè-a nan Distribision Psòm yo yon fason-l suiv toua moman chapant Lè-a, antan yo réspékté yon fason strikt véritab signifikasyon psòm nan.

Li bon pou yo respékté divizion sa-a, sitou nan sélébrasion yo akonpli nan keur la nan lang latin-an, antan yo ajouté **Viv Papa-a (Gloria Patri)** alafin chak pati.

Min yo pèmèt soua pou yo kinbé fason sa-a yo transmèt la, soua pou yo mété yon poz ant diféran pati minm psòm nan, soua pou yo déklaré psòm nan toutantié tout douat avèk réfrin-l.

125. An plis, lè modalité litéré psòm nan konséyé sa, yo indiké divizion stròf yo pou sa, yon fason pou, sitou si y-ap chanté psòm nan nan lang pèp la, yo kapab réalizé-l antan yo mété réfrin-an apré chak stròf, épi lè sa-a yo mèt ajouté **Viv Papa-a (Gloria Patri)** alafin tout psòm nan.

IV. PRINSIP DISTRIBISION PSÒM YO NAN OFIS LA

126. Psòm yo distribué dapré ronn kat sémèn, ak prinsip pou yo pa mété tròp psòm akoté, gin kèk lòt minm ki répété pi souvan poutèt yo rémakab pou tradision-an, épi yo òganizé Louanj yo nan matin, Vèp yo épi Konpli-a avèk psòm ki korésponn ak Lè ki konsèné-a.⁵

127. Pou Louanj yo nan matin épi Vèp yo, nan mézi yo plis déstiné pou sélébrasion popilè, yo séléksioné psòm sa yo ki pi adapté pou sélébrasion ak pèp la.

128. Pou Konpli-a yo respékté prinsip yo dékri nan n. 88 la.

129. Jou dimanch minm, pou Ofis léktu-a épi Lè nan mitan-an, yo chouazi psòm sa yo ki pi inpòtan pou tradision-an pou éksprimé mistè paskal la. Jou vandrédi, yo mété kèk psòm soua pénitansièl soua osijè Soufrans Granmèt la.

⁵ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 91.

130. Pou tan Avan, Nésans Granmèt la, Karèm épi Pak yo rézèvé toua psòm, sètadi 77 (78), 104 (105) épi 105 (106), k-ap fè istoua sovè-a parèt pi klè nan Ansyin Téstaman-an k-ap anonsé sa ki akonpli nan Nouvo-a.

131. Gin toua psòm minm, 57 (58), 82 (83) épi 108 (109), yo pa mété nan Distribision Psòm k-ap déroulé yo, poutèt karaktè souété mal la parèt plis nan yo. Minm jan-an tou yo mété akoté kèk vèsè pliziè psòm, jan yo indiké nan kòmansman yo chak. Tèks sa yo, sé poutèt kèk difikilté psikolojik yo pa mété yo, minmsi yo jouinn psòm k-ap souété mal nan piété Nouvo Téstaman-an, parégzanp Apokalips 6, 10, poutan nan okinn fason sé pa ak intansion pou kondui nan bay madichon.

132. Psòm ki pi long yo, ki fè yo pa kapab kinbé yo nan yon sèl Lè Ofis la, yo distribué yo sou diféran jou nan minm Lè-a, yon fason pou moun ki pa abitué di lòt Lè yo kapab résité yo intégralman. Konsa psòm 118 (119), dapré pròp divizion pa-l, yo distribué-l sou vinndé jou pou Lè nan mitan-an, poutèt sé nan lè pandan jounin-an tradision-an té mété-l.

133. Ronn kat sémèn Distribision Psòm yo ataché ak ané litijik la yon fason pou sé apati premié sémèn-nan, antan yo pa fè lòt yo pétèt, yo réprann premié dimanch Avan, premié sémèn nan kouran ané-a, premié dimanch Karèm, premié dimanch Pak.

Apré Pantkot la minm, kòm tan nan kouran ané-a suiv séri sémèn ronn Distribision Psòm yo, li réprann apati sémèn Distribision Psòm yo ki indiké nan Pròp pou tan-an nan kòmansman sémèn nan kouran ané-a ki korésponn nan.

134. Nan solanité yo ak fèt yo, nan tridiòm paskal la, nan jou anndan oktav Pak la épi Nésans Granmèt la, yo mété psòm ki pròp pou Ofis léktu-a yo pran nan sa yo tradision-an aprouvé, épi dòdinè réfrin-an montré akèlè kijan yo adapté pou sa. Yo fè sa tou pou Lè nan mitan-an nan kèk solanité Granmèt la ak nan oktav Pak la. Pou Louanj yo nan matin,

yo pran psòm ak kantik prémié dimanch Distribision Psòm yo. Pou prémié Vèp solanité yo, sé nan séri Laudate-a (“Fè louanj” la) yo pran yo, dapré abitud ki la lontan. Pou dézièm Vèp solanité yo épi pou Vèp fèt yo, psòm yo ak kantik la pròp. Pou Lè nan mitan solanité yo, sof sa yo sot di pi ro-a épi si sé pa jou dimanch yo tonbé, yo pran psòm yo nan graduèl yo (konplémantè yo) ; pou Lè nan mitan-an nan fèt yo, sé psòm jou lasémèn k-ap déroulé-a yo di.

135. Nan lòt ka yo, yo pran psòm yo nan sémèn Distribision Psòm k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin réfrin oubyin psòm pròp.

V. OSIJÈ KANTIK ANSYIN AK NOUVO TÉSTAMAN-AN

136. Nan Louanj yo nan matin, ant prémié psòm nan ak lòt la, yo mété, dapré abitud la, yon kantik Ansyin Téstaman-an. An plis séri kantik yo té aksépté nan ansyin tradision romin-an, épi yon lòt sin Pi X té mété nan Bréviè-a, sé konsa tou gin pliziè kantik yo pran nan diféran liv Ansyin Téstaman-an ki ajouté nan Distribision Psòm yo, yon fason pou nan kat sémèn yo chak jou lasémèn gin pròp kantik pa-l, jou dimanch yo minm yo altènè dé pati kantik toua Timoun yo.

137. Nan Vèp yo, apré dé psòm yo, yo mété yon kantik Nouvo Téstaman-an, yo pran sot nan Épit yo oubyin Apokalips la. Gin sèt kantik yo indiké pou chak jou chak sémèn yo. Nan dimanch Karèm yo minm, nan plas kantik Apokalips ki gin alélouya-a, yo di kantik ki sot nan Prémié Lèt Piè-a. An plis, nan solanité Épifani épi nan fèt Transfigirasion Granmèt la, yo di kantik ki indiké nan plas li-a, ki sot nan Prémié Lèt pou Timoté-a.

138. Kantik évanjélik Benedictus, Magnificat épi Nunc dimittis, yo ba yo réspè ak minm solanité épi dignité yo abitué tandé Évanjil la.

139. Yo ranjé ni group psòm yo, ni léktu yo dapré laloua tradision-an ki rété fèm-nan, pou toudabò sé Ansyin Téstaman-an, apré sa Apot la épi an dènié Évanjil la yo proklamé.

VI. OSIJÈ LÉKTU SINT ÉKRITU-A

a) Osijè léktu sint Ékritu-a an jénéral

140. Léktu sint Ékritu-a, sa yo fè piblikman nan Litiji-a dépi tradision ansyin-an, pa sèlman nan sélébrasion ékaristik-la, min nan Ofis divin-an tou, sé pi gran respè-a pou tout krétyin ginyin pou li, paské sé Égliz la minm ki propozé-l, sé pa dapré choua chak moun oubyin tandans panchan nanm nan, min an fonksion mistè-a, sa Épouz Kris-la « ap déplouayé nan ron ané-a, sot nan Inkarnasion-an ak Nésans Granmèt la jous nan Asansion-an, nan jou Pantkot la ak nan tann kontantman éspérans la épi avènman Granmèt la ». ⁶ An plis, nan sélébrasion litijik la léktu sint Ékritu-a toujou akonpagné ak priyè, yon fason pou léktu-a bay frui ki pi anplin épi visvèsa yo konprann priyè-a, sitou psòm yo, pi afon épi piété-a (dévoua respè sakré-a) fèt ak plis anprésman.

141. Nan Litiji Lè yo, yo propozé sint Ékritu-a, soua nan léktu pi long, soua nan léktu pi kout.

142. Léktu pi long la, sa yo gin pou fè nan Louanj yo nan matin épi nan Vèp yo, yo dékri-l pi ro-a, nan n. 46.

b) Osijè déroulman léktu sint Ékritu-a nan Ofis léktu-a

143. Nan déroulman léktu sint Ékritu-a nan Ofis léktu-a, sé pou yo konsidéré soua tan sakré yo, koté dapré tradision ki vénérab gin kèk liv

⁶ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 102.

yo doué li, soua déroulman léktu nan Mès la. Konsa donk Litiji Lè-a ranjé avèk Mès la, pou léktu Ékritu-a nan Ofis la konplété léktu yo fè nan Mès la, pou-l pèmèt ouè ansanm tout istoua sové nou sové-a.

144. Antan éksépsion-an rété fèm, sa-k nan n. 73 la, yo pa li Évanjil la nan Litiji Lè yo, paské nan Mès la yo li-l intégralman chak ané.

145. Gin dé déroulman léktu biblik yo : youn ki anndan liv Litiji Lè yo, li anbrasé yon sèl ané ; lòt la yo anplouayé si yo vlé, k-ap nan Supléman-an, li sou dézan, tankou déroulman léktu yo pandan ané-a nan Mès jou lasémèn nan.

146. Déroulman léktu yo sou dézan òganizé yon fason pou prèské tout liv sint Ékritu-a chak ané, épi tèks ki pi long yo, pi difisil yo, sa sé apèn yo té kapab jouinn plas nan Mès la, yo mété yo nan Litiji Lè yo. Pandan Nouvo Téstaman-an yo li-l intégralman chak ané – an pati nan Mès la, an pati nan Litiji Lè yo –, yo séléksioné kèk pati nan liv Ansyin Téstaman yo ki pi inpòtan pou konprann istoua sové-a épi pou nourri piété-a.

Mìn koréspondans la ant léktu Litiji Lè yo épi léktu Mès la doué fèt pou yo pa propozé minm tèks yo nan minm jou yo, oubyin pou yo pa distribué minm liv yo divès koté nan minm tan yo, paské yo t-a kité pasaj ki mouins inpòtan yo pou Litiji Lè yo épi sa t-a troublé lòd séri tèks yo. Koréspondans sa-a mandé nésésèman fòk minm liv la rétounin nan ané altèné nan Mès la épi nan Litiji Lè yo oubyin omouin, si yo li-l minm ané-a, yo mété kèk éspas tan nan mitan.

147. Nan tan Avan, dapré yon tradision ansyin, yo li pasaj yo pran sot nan liv Izayi, yon léktu ki kontinué a mouatié, épi ki altèné sot nan yon ané al nan lòt la. Yo ajouté liv Rut épi kèk profési sot nan liv Miché. Kòm dépi 17 rivé 24 désanm sé pou yo li léktu ki spésial yo mété pou jou sa yo, yo pa fè léktu touazièm sémèn Avan-an ki pa rivé jouinn plas.

148. Dépi 29 désanm rivé 5 janvié nan ané I yo li Lèt pou Kolosyin yo, koté yo konsidéré Inkarnasion Granmèt la anndan limit tout istoua sové nou sové-a, épi nan ané II yo li Kantik dè kantik la, koté yo gin tras kijan Bondié ak moun-nan fè youn nan Kris la : « Lè sa-a réyèlman Bondié Papa-a fè nòs Bondié Pitit li-a, lè li fè-l fè youn ak natu moun-nan nan vant Vièj la, lè li té vlé pou Bondié anvan sièk yo tounin moun nan finisman sièk yo ». ⁷

149. Dépi 7 janvié jous samdi apré Épifani-an yo li tèks éskatolojik yo (sou dènié tan yo), yo pran nan Izayi 60-66 ak Baruk ; min léktu yo ki pa réyisi jouinn plas, yo siprimé yo pou ané sa-a.

150. Nan Karèm ané I yo li kèk pasaj nan liv Détéronòm épi Lèt pou Ébré yo. Nan ané II yo prézanté yon vizion istoua sové-a sot nan liv Égzòd, Lévitik épi Nonb yo. Lèt pou Ébré yo intèprété ansyin aliens la nan limiè mistè paskal Kris la. Nan minm Lè sa-a, Vandrédi nan Soufrans Granmèt la, yo li pasaj osijè sakrifis Kris la (9, 11-28), épi Samdi sin osijè répo Granmèt la (4, 1-13). Nan lòt jou Sémèn sint la minm nan ané I yo li nan liv Izayi-a touazièm ak katriyèm kantik Sèvitè Granmèt la épi pasaj yo pran nan liv Lamantasion yo ; nan ané II yo li profèt Jérémi kòm modèl (tip) Kris la k-ap soufri-a.

151. Nan Tan paskal la, sof premié ak dézièm dimanch Pak épi solanité Asansion ak Pantkot, dapré tradision-an yo li nan ané I Premié Lèt Piè-a, liv Apokalips épi Lèt Jan yo, nan ané II yo li Travay Apot yo.

152. Dépi lindi apré dimanch Batèm Granmèt la jous nan Karèm épi sot lindi apré Pantkot jous nan Avan, sé déroulman séri trant-kat sémèn nan kouran ané-a ki kontinué.

⁷ S. GREGORIUS MAGNUS, *Homilia 38 in Evangelia*: PL 76, 1283.

Yo kanpé séri sa-a mèkrédi Sann yo jous jou Pantkot : lindi apré dimanch Pantkot, yo réprann léktu nan kouran ané-a apati sémèn sa-a ki suiv sémèn yo té kanpé lè Karèm nan té rivé-a, min antan yo pa fè léktu yo mété pou dimanch la.

Min ané, koté yo konté sèlman 33 sémèn tan nan kouran ané-a, yo pa fè sémèn ki tonbé tousuit apré Pantkot la, yon fason pou yo toujou li léktu dènié sémèn yo, ki gin karaktè éskatolojik (yo konsidéré dènié tan yo).

Yo distribué liv Ansyin Téstaman yo dapré istoua sové-a : Bondié révéle pròp tèt li nan déroulman lavi pèp la, li minm li kondui épi li kléré ofiamézi. Sé poutèt sa yo li profèt yo nan pami liv istorik yo an rézon tan koté yo té viv épi anségné-a. Sé poutèt sa nan ané I séri léktu Ansyin Téstaman-an propozé an minm tan liv istorik yo épi déklarasion profèt yo sot nan liv Jozué jous nan tan égzil la inklizivman ; nan ané II, apré léktu Jénèz la yo gin pou fè anvan Karèm nan, yo réprann istoua sové-a apré égzil la jous nan tan Makabé yo. Nan minm ané-a yo mété profèt ki pi résan yo, liv sajès yo épi istoua liv Êstèr, Tobi épi Judit.

Lèt Apot yo, sa yo pa li nan tan spésial yo, yo distribué yo antan yo konsidéré soua léktu Mès la, soua lòd kronolojik tan koté yo té ékri yo-a.

153. Déroulman yon sèl ané-a minm, yo abréjé-l pou sé chak ané yo li pati yo chouazi nan sint Ékritu-a, antan yo konsidéré toulédé déroulman léktu Mès yo, pou yo kapab konplété-l.

154. Nan solanité yo ak fèt yo, gin léktu pròp yo mété ; otréman yo pran nan Komin Sin yo.

155. Chak pasaj (périkòp), nan mézi sa kapab fèt, kinbé fè youn ansanm ; sé pou sa pou longè yo pa tròp, minmsi sa kapab diféran dapré divès modalité litèrè liv yo, pafoua yo pa mété kèk vèsè, min yo toujou indiké sa. Min sa t-a bon pou yo li vèsè sa yo intégralman nan tèks yo aprouvé.

c) Osijè léktu kout yo

156. Léktu kout yo, oubyin « ti chapit » (capitula), sa yo dékri inpòtans yo nan Litiji Lè yo nan n. 45 la, yo chouazi yo yon fason pou yo éksprimé yon santans oubyin yon avètisman kondansé épi klè. An plis, yo té chouazi yo yon fason pou pèmèt gin variété.

157. Yo établi donk kat séri sémèn léktu kout nan kouran ané-a, yo mété nan Distribision Psòm yo, yon fason pou léktu-a chanjé chak jou pandan kat sémèn. An plis gin séri sémèn pou tan Avan, Nésans Granmèt la, Karèm épi Pak. Gin léktu kout pròp pou solanité yo ak fèt yo épi kèk mémoua, épitou yon sèl séri sémèn pou Konpli-a.

158. Nan chouazi léktu kout yo, sé pou yo obsèvé sa ki pral suiv koulié-a :

- a) dapré tradision-an Évanjil yo pa ladan-l ;
- b) nan mézi sa kapab fèt, sé pou yo kinbé karaktè jou dimanch la oubyin vandrédi épi karaktè Lè yo minm ;
- c) léktu pou Vèp yo, kòm yo suiv kantik Nouvo Téstaman-an, sé nan Nouvo Téstaman-an sèlman yo séléksioné yo.

VII. OSIJÈ LÉKTU PÈR YO AK ÉKRIVIN ÉKLÉZIASTIK YO

159. Dapré tradision Égliz Ròm nan, nan Ofis léktu yo, apré léktu bibliik la, gin léktu Pèr yo oubyin Ékrivin ékléziastik yo avèk répons li, sof si yo t-a gin pou fè léktu istoua lavi yon sin (cf. nn. 228-239).

160. Nan léktu sa-a, yo propozé tèks yo pran ki sot nan sa sin Pèr yo té ékri, sava sakré yo épi lòt Ékrivin ékléziastik yo, ki manb Égliz Oriental oubyin Oksidantal la, yon fason kanminm pou yo bay sin Pèr yo prémié plas, yo minm ki gin otorité patikilié nan Égliz la.

161. An plis léktu yo, sa liv Litiji Lè yo mété pou chak jou-a, ap gin yon Léksionè fakiltatif la, koté yo ofri yon pi gran richès léktu, ki fè parèt yon fason pi laj trézò tradision Égliz la pou moun yo k-ap akonpli Ofis divinan. Yo pèmèt chak moun pran dézièm léktu-a soua nan liv Litiji Lè yo soua nan Léksionè fakiltatif la.

162. An plis, Konfèrans Évèk yo kapab préparé lòt tèks tou, ki pi korèsponn ak tradision épi karaktè réjion yo-a,⁸ sa yo doué mété kòm suplèman nan Léksionè fakiltatif la. Sé pou yo pran tèks yo sot nan liv Ékrivin katolik yo, sa-k pi bon yo sou plan doktrîn nan ak kònpòtman ki sin-an.

163. Fonksion kalité léktu sa-a sé sitou méditation paròl Bondié-a, jan Égliz la résévoua-l nan tradision li-an. Égliz la réyèlman toujou konsidéré li nésésè pou-l kléré paròl Bondié yon fason otantik bay fidèl Kris la, pou « li dirijé ak lign intèprétation profétik la épi apostolik la dapré prinsip signifkasyon ékléziastik la épi katolik la ».⁹

164. Nan frékanté avèk konstans dokiman tradision inivèsèl Égliz la prezanté yo, moun k-ap li yo rivé nan méditation anplin sint Ékritu-a épi nan yon atachman ki dous épi vivan pou li. Sa sin Pèr yo té ékri réyèlman sé témouagnaj ki klè anpil sou méditation paròl Bondié-a ki fèt nan déroulman sièk yo, sa Épouz Paròl la ki pran chè-a, sètadi Égliz la « ki gin avèk li disènman épi éspri Épou ak Bondié li-a »,¹⁰ ap mété aktivité pou jou apré jou li rivé jouinn konpréansion pi afon sint Ékritu yo.

165. Léktu Pèr yo minnin krétyin yo antré tou nan signifkasyon tan yo ak fèt litijik yo. An plis, li ouvri byin klè pou yo pòt ki minnin nan richès

⁸ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 38.

⁹ S. VINCENTIUS LIRINENSIS, *Commonitorium*, 2: PL 50, 640.

¹⁰ S. BERNARDUS, *Sermo 3 in vigilia Nativitatis 1*: PL 183 (edit. 1879), 94.

spirituèl yo pa kapab kalkilé ki fòmé patrimouàn spésial Égliz la, épi an minm tan li bay lavi spirituèl-la fondman ak nouritu an abondans pou piété-a. Moun yo minm k-ap anonsé paròl Bondié-a gin bèl égzanp prédikasyon sakré ki déjà preparé chak jou.

VIII. OSIJÈ LÉKTU ISTOUA LAVI SIN YO (LÉKTU AJIOGRAFİK)

166. Sa yo rélé “léktu istoua lavi yon sin”-an (léktu ajiografik la) sé soua tèks yon Pèr oubyin yon Ékrivin ékléziastik ki té palé dirèktéman osijè Sin y-ap sélébré-a oubyin yo gin doua apliké pou li yon fason kòrèk, soua yon ékstrè nan sa Sin-an li minm té ékri yo, soua k-ap rakonté istoua lavi-l.

167. Nan konpozé Pròp patikilié pou Sin yo, sé pou yo konsilté vérité istorik la¹¹ épi véritab progrè spirituèl moun yo k-ap li oubyin tandé léktu ajiografik la ; avèk souin sé pou yo fè atansyon ak sa ki t-a sèlman pousé nan admirasyon ; min sé pou yo mété nan limiè ni karaktè spirituèl patikilié Sin yo, ki adapté dapré modalité kondision lavi jodi-a, ni inpòtans yo pou lavi ak piété Égliz la.

168. Anvan léktu-a minm, yo mété yon ti nòt biografik k-ap bay sèlman kèk indikasyon istorik épi dékri déroulman lavi sin-an byin kout, pou infòmasyon sèlman ; sé poutèt sa yo pa doué di-l nan sélébrasyon-an.

IX. OSIJÈ RÉPONS YO

169. Léktu bibliik la nan Ofis léktu-a gin pròp répons li ki suiv li, yo séléksioné tèks la sot nan trézò tradision-an oubyin antan yo konpozé-l tou nèf, pou-l poté yon nouvo limiè pou konprann léktu yo fèk li-a, oubyin répons la mété léktu-a nan istoua sové-a, oubyin li kondui sot nan Ansyin Téstaman-an al nan Nouvo-a, oubyin li fè léktu-a tounin priyé ak

¹¹ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 92c.

kontanplasion, oubyin anfin ak bèlté poétik répons la ginyin-an li bay variété ki fè plézi.

170. Minm jan-an tou yo mété yon répons ki korésponn pou dézièm léktu-a, min li mouins kolé fè youn ak tèks léktu-a, sé poutèt sa li bay okazion pou gin plis libèté nan méditation-an.

171. Sé sa-k fè Répons yo avèk diféran pati yo, sa y-ap répété minm lè moun nan fè récitation-an pou kont li, li kinbé valè li ginyin-an. Min pati yo abitué répété nan répons la, yo kapab pa fè-l lè récitation-an fèt san chanté, sof si sans la minm mandé répétition-an.

172. Minm jan-an tou, min yon fason ki pi sinp, nan Louanj yo nan matin, nan Vèp yo ak Konpli-a, répons kout la, sa yo té di pi ro-a nan nn. 49 épi 89, épitou vèsè pou Tièrs, Sèkst épi Nòn nan, bay léktu kout la yon répons, tankou yon aklamasyon ki fè paròl Bondié-a antré pi fon nan nanm moun k-ap tandé-a oubyin li-a.

X. OSIJÈ IMN YO AK LÒT KANTIK KI PA BIBLIK YO

173. Imn yo, dépi nan yon tradision ki ansyin anpil, té gin plas nan Ofis la, kounié-a tou yo kinbé plas yo-a.¹² Réyéلمان vré, non sèلمان poutèt natu mizikal yo ginyin-an yo déstiné ékspres pou louanj Bondié, min tou yo sé yon pati ki pou pèp la, sitou paské plis pasé lòt pati Ofis la yo montré tousuit karaktè chak Lè yo oubyin chak fèt yo ginyin individuèلمان, épi yo mobilizé santiman nanm-nan antan yo invité fè sélébrasyon-an ak dévotion. Anpil foua bèlté litèrè-a ogmanté éfikasité sa-a. An plis, nan Ofis la, imn nan sé tankou éléman poétik prinsipal Égliz la konpozé.

¹² Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 93.

174. Imn nan fini ak yon doksoloji dapré prinsip tradision-an, nòmalmman li adrésé bay minm pèrsòn divîn nan imn nan dirijé koté-l la.

175. Nan Ofis tan nan kouran ané-a, pou pèmèt variété-a, yo établi dé séri imn pou tout Lè yo, pou yo anplouayé yo nan sémèn altènè.

176. An plis, nan Ofis léktu-a gin dé séri imn yo mété pou tan nan kouran ané-a, dapré si y-ap résité imn nan nannuit oubyin lajounin.

177. Yo kapab dékoré imn ki fèk introdui yo ak mélodi ki gin minm kantité ak minm mézi ak sa yo transmèt abituèlman yo.

178. Pou sa ki konsèné sélébrasion nan lang pèp la, Konfèrans Évèk yo gin otorité pou adapté imn latin yo dapré natu pròp lang yo, épitou pou yo introdui nouvo konpozision imn,¹³ a kondision yo konfòm vrèman ak éspri Lè yo oubyin tan-an oubyin jou fèt la ; avèk souin, an plis, sé pou yo fè atansyon pou yo pa admèt ti chanté popilè, ki pa ofri okinn valè atistik ni ki pa vrèman konfòm ak dignité Litiji-a.

XI. OSIJÈ PRIYÈ YO, PRIYÈ GRANMÈT LA, PRIYÈ FINAL LA

a) Osijè priyè yo, sètadi intèsésion yo nan Louanj yo nan matin ak Vèp yo.

179. Litiji Lè yo ap sélébré louanj Bondié. Tradision-an minm soua juif soua krétyin pa distingé ant louanj Bondié-a ak priyè démann nan, antan anpil foua démann nan sé nan louanj la li fè-l sòti yon sètin fason. Apot Pòl minm mandé « pou yo pèsisté kot Bondié, pou yo priyé, pou yo fè démann, pou yo di mèsì, pou tout moun : pou roua yo ak tout moun ki nan yon plas ki ro, dékoua pou nou kapab viv an pè, byin trankil, nan tout dévoua rélijyon-an, antan nou sérié. Sé sa ki bon, sé sa ki fè Bondié Sovè

¹³ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 38.

nou-an plézi, li minm ki vlé pou tout moun sové, pou yo rivé nan konésans vérité-a » (1 Timoté 2, 1-4). Avètisman sa-a Pèr yo té intèprété-l souvan tankou intèsésion yo t-a doué fè nan matin ak nan asouè.¹⁴

180. Intèsésion yo, sa yo réstoré nan Mès rit Romin-an, yo fè yo tou nan Vèp yo, min yon fason diféran, jan yo pral indiké pi louin-an.

181. Kòm an plis, sé tradision priyè sa-a pou nan matin yo rékòmandé tout jounin-an bay Bondié, nan Louanj yo nan matin yo fè invokasion pou rékòmandé oubyin konsakré jounin-an bay Bondié.

182. Ak non ‘priyè’-a yo dézigné soua intèsésion yo, sa yo fè nan Vèp yo, soua invokasion yo pou ofri jounin-an bay Bondié-a, sa yo fè nan Louanj yo nan matin.

183. Akòz variété ki goué ginyin-an, min pi plis pou Égliz la kapab éksprimé pi byin anpil kantité bézouin moun yo dapré diféran éta, group, ròl moun yo, kondision yo épi tan yo, gin diféran fòmul priyè yo propozé pou chak jou nan déroulman Distribision Psòm yo nan kouran ané-a épi pou tan sakré yo nan ané litijik la, épitou pou kèk sélébrasion fèt.

184. An plis, Konfèrans Évèk yo gin doua soua adapté fòmul yo propozé nan liv Litiji Lè yo soua aprouvé nouvo fòmul, min antan yo obsèvé prinsip yo ki pral suiv la-a.¹⁵

185. Tankou nan priyè Granmèt la, li bon pou yo mété demann yo ansanm ak louanj Bondié-a, sètadi déklarasion rékonèt gloua li-a, oubyin fè sonjé istoua sové-a.

¹⁴ Tankou parégzanp S. IOANNES CHRYSOSTOMUS, *In Epist. ad Tim. I*, Homilia 6: PG 62, 530.

¹⁵ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 38.

186. Nan priyè Vèp yo dènié intansion-an sé toujou pou défin yo.

187. Kòm Litiji Lè yo prinsipalman sé priyè Égliz la toutantié pou tout Égliz la, plis toujou pou tout tè-a kapab sovè,¹⁶ li bon pou nan priyè yo sé intansion inivèsèl yo ki gin premié plas nèt, sètadi sé pou yo priyè pou Égliz la ansanm ak diféran òrd li yo, pou pouvoua sivil yo, pou sa yo ki pòv, malad oubyin k-ap soufri kèk gro lapinn, pou bézouin tout ronnn tè-a, tankou pou lapè ak lòt bagay minm jan-an.

188. Min yo pèmèt pou soua nan Louanj yo nan matin soua nan Vèp yo, yo ajouté kèk intansion patikilié.

189. Sé chapant sa-a priyè pou yo anplouayé nan Ofis la ginyin, pou yo kapab adapté yo ni pou sélébrasion ak pèp la, ni pou sélébrasion nan ti kominoté, ni pou résitasion moun nan fè pou kont li.

190. Sé poutèt sa, yo introdui priyè yo nan résitasion avèk pèp la oubyin an komin-an ak yon invtasion kout, prèt la oubyin minis la gin pou fè, koté yo propozé yon modèl répons tout asanblé-a gin pou-l répété san chanjé-l.

191. An plis yo déklaré intansion yo ak yon diskou di adrésé dirèktéman bay Bondié, yon fason pou yo kapab alé ni ak sélébrasion an komin ni ak résitasion moun nan fè pou kont li.

192. Kèlkésoua fòmul intansion-an li gin dé pati, yo kapab anplouayé dézièm pati-a kòm yon répons k-ap chanjé.

193. Sé sa-k fè yo kapab anplouayé yo nan diféran fason, sètadi yon fason pou soua prèt la soua minis la t-a di toulédé pati yo épi asanblé-a soua

¹⁶ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 83 et 89.

bay minm répons la soua fè yon tan silans, oubyin soua prèt la soua minis la t-a di sèlman premié pati-a épi asanblé-a di dézièm nan.

b) Osijè priyè Granmèt la

194. Nan Louanj yo nan matin épi Vèp yo, kòm Lè ki pi popilè, apré priyè yo plas la sé pou priyè Granmèt la poutèt dignité-l, dapré prinsip tradision ki vénérab la.

195. Priyè Granmèt la donk alafin yo di-l toua foua solanèlman nan jounin-an, sètadi nan Mès la, nan Louanj yo nan matin épi nan Vèp yo.

196. Priyè Granmèt la sé tout moun ki di-l, antan yo mété anvan, jan sa konvnab yon avètisman kout.

c) Osijè priyè final la

197. Nan finisman Lè-a toutantié, pou akonpli-l, yo di priyè final la, li minm nan sélébrasion piblik épi avèk pèp la, dapré prinsip tradision-an, sé prèt la oubyin diak la ki gin pou fè-l.¹⁷

198. Priyè sa-a, nan Ofis léktu-a, nòmalmman li pròp pou jou-a. Nan Konpli, li toujou nan Distribision Psòm yo.

199. Pou Louanj yo nan matin épi pou Vèp yo, yo pran priyè-a nan Pròp la jou dimanch yo, jou lasémèn tan Avan-an, Nésans Granmèt la, Karèm nan épi Pak la, épitou nan solanité yo, fèt yo ak mémoua yo. Nan jou lasémèn yo minm nan kouran ané-a, yo di priyè sa-a ki indiké nan Distribision Psòm yo k-ap déroulé-a ki bay signifikasion karaktè pròp Lè sa yo.

¹⁷ Cf. *infra*, n. 256.

200. Pou Tièrs, Sèkst épi Nòn, sètadi pou Lè nan mitan-an, yo pran priyè-a nan Pròp la jou dimanch épi jou lasèmèn tan Avan-an, Nésans Granmèt la, Karèm nan épi Pak la, épitou nan solanité yo ak fèt yo. Lòt jou yo sé pou yo di priyè sa yo ki éksprimé karaktè chak Lè épi yo mété nan Distribision Psòm yo.

XII. OSIJÈ SILANS SAKRÉ-A

201. Kòm an jénéral nan aksion litijik yo sé pou yo véyé pou « yo obsèvé yon silans sakré tou nan tan pa-l », ¹⁸ sé pou yo ofri avantaj silans la nan akonplisman Litiji Lè yo.

202. Dapré avantaj donk épi ak prudans, pou suiv an plin voua Éspri-Sin-an k-ap rézoné nan kè yo, épi pou pèmèt priyè pèsonèl la fè youn pi séré ak paròl Bondié-a épi ak voua piblik Égliz-la, yo pèmèt mété yon moman silans soua apré chak psòm, antan yo fîn répété réfrin-an, dapré abitud anyin nan laj yo, épi sitou si, apré silans la, y-ap ajouté priyè psòm nan (cf. n. 112) ; soua apré léktu yo, kit yo kout, kit yo pi long, épi sa-a soua anvan soua apré répons la.

Sé pou yo fè atansion kanminm pou yo pa introdui yon kalité silans ki t-a défòmé chapant Ofis la, soua ki t-a poté déranjman oubyin annui pou sa k-ap patisipé yo.

203. Min nan résitasyon koté moun nan pou kont li, gin plis posibilité pou rété nan médité kèk fòmul ki révéyé santiman spirituèl la, épi sé pa poutèt sa Ofis la ap pèdi karaktè piblik li-a.

¹⁸ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 30.

CHAPIT IV

OSIJÈ DIFÉРАН СÉЛÉBRASION YO NAN RONN ANÉ-A

I. OSIJÈ СÉЛÉBRASION MISTÈ GRANMÈT LA

a) Osijè jou dimanch la

204. Ofis dimanch la kòmansé nan premié Vèp yo, koté yo pran tout bagay nan Distribision Psòm yo, sof sa yo mété kòm pròp.

205. Lè yo sélébré yon fèt Granmèt la jou dimanch, li gin premié Vèp pròp.

206. Nòmalmán vijil dimanch yo sé pou yo sélébré-l, lè sa konvtab. Yo té di sa pi ro-a nan n. 73.

207. Li konvtab anpil pou, koté sa kapab fèt, yo sélébré omouin Vèp yo avèk pèp la, dapré yon abitud ki ansyin anpil.¹

b) Osijè tridiòm paskal la

208. Nan tridiòm paskal la, yo sélébré Ofis la, tankou yo dékri-l nan Pròp pou Tan-an.

209. Min moun ki patisipé nan Mès asouè nan Soupé Granmèt la oubyin nan sélébrasion vandrédi Soufrans Granmèt la, yo pa di Vèp jou ki korésponn nan.

¹ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 100.

210. Vandrédi nan Soufrans Granmèt la épi Samdi sin sé pou gin anvan Louanj yo nan matin, nan mézi sa kapab fèt, yon sélébrasion Ofis léktu-a ki piblik épi avèk pèp la.

211. Konpli Samdi sin-an sé sèlman moun ki pa prézan nan Vyéy Pak la ki di-l.

212. Vyéy Pak la pran plas Ofis léktu-a : moun yo donk ki pa t-a prézan nan Vyéy paskal solanèl la, sé pou yo li omouin kat léktu avèk kantik yo épi priyè yo. Li bon pou chouazi léktu Égzòd, Ézékièl, Apot la épi Évanjil la. Apré sa sé imm **Te Deum** nan ki suiv épi priyè jou-a.

213. Louanj yo nan matin dimanch Réziréksion-an, tout moun di-l ; li bon pou yo sélébré Vèp yo yon fason pi solanèl pou onoré jou sa-a ki tèlman sakré-a nan lè li pral kouché-a épi fè sonjé aparision yo koté Granmèt la té fè disip li yo ouè-l. Avèk anpil souin, koté sa fèt toujou, sé pou yo obsèvé tradision patikilié pou sélébré, nan jou Pak la, Vèp batèm sa yo koté yo fè prosésion al nan fontèn batèm nan antan y-ap chanté psòm yo.

c) Osijè tan paskal la

214. Litiji Lè yo résévoua karaktè paskal la poutèt aklamasion **Alélouya**-a ki alafin prèské tout réfrin yo (cf. n. 120) ; an plis poutèt imm yo, réfrin yo épi priyè spésial yo, épi anfin poutèt léktu pròp yo, sa yo mété pou chak Lè yo.

d) Osijè Nésans Granmèt la

215. Nan nuit Nésans Granmèt la, anvan Mès la, li konv nab pou sélébré yon véyé solanèl pa lintèmédiè Ofis léktu-a. Moun ki prézan nan véyé sa-a yo pa di Konpli.

216. Nan jou Nésans Grammèt la nòmalmman yo di Louanj yo nan matin anvan Mès dévanjou-a.

e) Osijè lòt solanité ak fèt Grammèt la

217. Pou òganizé Ofis yo nan solanité ak fèt Grammèt la, sé pou yo obsèvé sa yo di pi louin-an nan nn. 225-233, antan yo chanjé kanminm bagay ki doué chanjé yo.

II. OSIJÈ SÉLÉBRASION SIN YO

218. Yo konpozé sélébrasion Sin yo yon fason pou yo pa vîn gin plis valè pasé jou fèt oubyin tan sakré k-ap raplé mistè yo koté nou sovè-a minm,² ni non plis pou tanzantan yo t-a krazé déroulman priyè psòm yo ak léktu paròl Bondié-a, oubyin pou yo t-a produi répétision ki pa doué fèt, yon fason pou yo kapab ankourajé vénérasion ki léjitim pou yo chak jan sa konvnan. Sé sou prinsip sa yo réfòm Kalandriyé-a apuiyé, sa yo fè anba lòd Konsil Vatikan II-a. Sé sou yo tou modalité sa-a pou sélébré Sin yo nan Litiji Lè yo apuiyé, sa yo pral dékri nan niméro ki suiv yo.

219. Sélébrasion Sin yo kapab soua solanité, soua fèt oubyin mémoua.

220. Mémoua yo minm kapab soua obligatoua soua, si yo pa indiké anyin, fakiltatif. Pou désidé èské li konvnan ou pa konvnan pou sélébré kalité mémoua fakiltatif sa yo nan Ofis yo akonpli avèk pèp la oubyin an komin-an, sé pou yo konsidéré byin komin-an oubyin véritab dévosion group ki réyini-an minm, pa sèlman moun k-ap présidé-a.

² Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 111.

221. Si minm jou-an gin pliziè mémoua fakiltatif ki tonbé, yo kapab sélébré youn sèlman, antan yo pa fè lòt yo.

222. Solanité yo, épi yo minm sèlman, y-ap transféré yo dapré prinsip rubrik yo.

223. Prinsip ki pral suiv yo valab ni pou Sin ki inskri nan Kalandriyé Romin jénéral la, ni pou sa yo ki nan lis kalandriyé patikilié yo.

224. Pati pròp yo, si yo ta manké pétèt, sé sa ki nan Komin Sin yo ki korésponn nan ki pran plas yo.

1. Kijan pou yo ranjé Ofis la nan solanité yo

225. Solanité yo gin prémié Vèp nan jou anvan-an.

226. Nan prémié ak nan dézièm Vèp yo, imn nan, réfrin yo, léktu kout la avèk répons li, priyè final la, yo pròp ; min si pròp yo manké, yo pran yo nan Komin-an.

Nan prémié Vèp yo, nòmalmman yo pran toulédé psòm yo nan séri **Laudate-a “Fè louanj”** (sètadi nan psòm 112 [113], 116 [117], 134 [135], 145 [146], 146 [147, 1-11], 147) dapré ansyin tradision-an ; kantik Nouvo Téstanman-an, yo indiké-l nan plas li. Nan dézièm Vèp yo, psòm yo ak kantik la yo pròp ; priyè yo pròp oubyin nan Komin-an.

227. Nan Louanj yo nan matin, imn nan, réfrin yo, léktu kout la avèk répons li, priyè final la, yo pròp ; si pròp yo t-a manké, yo pran nan Komin-an. Min Psòm pou yo pran yo sé nan prémié dimanch Distribision Psòm yo ; priyè yo pròp oubyin nan Komin-an.

228. Nan Ofis léktu-a, tout bagay pròp, soua imn, soua réfrin ak psòm, soua léktu yo ak répons yo. Prémié léktu-a bibliik, dézièm nan ajiografik.

Min si sé osijè yon Sin ki gin kult lokal sèlman épi minm nan Pròp lokal la li pa gin pati spésial, yo pran tout bagay nan Komin-an.

Alafin Ofis léktu-a yo di inm **Te Deum** épi priyè pròp la.

229. Nan Lè nan mitan-an, sètadi Tièrs, Sèkst épi Nòn, sé inm chak jou-a yo di, sof si yo t-a indiké lòt bagay ; psòm yo sot nan graduèl yo avèk réfrin pròp ; min jou dimanch, yo pran psòm yo nan premié dimanch Distribision psòm yo, léktu kout la épi priyè final la yo pròp. Poutan nan kèk solanité Granmèt la yo propozé psòm spésial.

230. Pou Konpli, yo pran tout bagay nan dimanch la, apré premié oubyin apré dézièm Vèp yo.

2. Kijan pou yo ranjé Ofis la nan fèt yo

231. Fèt yo pa gin premié Vèp yo, sof si sé t-a yon fèt Granmèt la ki tonbé jou dimanch. Pou Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin épi Vèp yo, tout bagay fèt tankou nan solanité yo.

232. Nan Lè nan mitan-an, sètadi Tièrs, Sèkst épi Nòn, yo di inm ki pou chak jou-a ; yo di psòm yo avèk réfrin yo nan jou lasémèn nan, sof si pou Lè nan mitan-an yon rézon spésial oubyin yon tradision t-a mandé pou yo di réfrin ki pròp, sa yo indiké nan plas li. Léktu kout la épi priyè final la, yo pròp.

233. Yo di Konpli yo tankou jou òdinè yo.

3. Kijan pou yo ranjé Ofis la nan mémoua Sin yo

234. Ant mémoua obligatoua épi mémoua fakiltatif, si yo t-a gin pou sélébré-l réyéلمان, pa gin okinn diférans nan fason pou ranjé Ofis la, sof si sé t-a yon mémoua fakiltatif ki tonbé pétèt nan tan priviléjié yo.

a) Osijè mémoua yo ki tonbé nan jou òdinè yo

235. Nan Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin épi Vèp yo :

a) yo pran psòm yo avèk réfrin yo nan jou lasémèn k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin réfrin oubyin psòm pròp, sa yo indiké nan chak koté ;

b) réfrin pou invitatoua-a, imm nan, léktu kout la, réfrin pou **Benedictus** la épi pou **Magnificat** la, priyè yo, si yo pròp, sé pou yo di sa-k pou Sin-an ; otréman yo di yo soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn k-ap déroulé-a ;

c) sé priyè final la ki osijè Sin-an yo doué di ;

d) nan Ofis léktu-a, léktu bibliik la avèk répons li sé nan liv Ékritu-a k-ap déroulé-a. Dézièm léktu-a li ajiografik avèk répons pròp oubyin nan Komin-an ; min si li pa pròp, yo pran tèks Pèr yo pou jou k-ap déroulé-a.

Yo pa di **Te Deum**.

236. Pou Lè nan mitan-an, sètadi Tièrs, Sèkst épi Nòn, épi pou Konpli, yo pa fè anyin osijè Sin-an, min tout bagay sot nan jou lasémèn nan.

b) Osijè mémoua yo ki tonbé nan tan priviléjié

237. Nan dimanch, solanité épi fèt, épitou nan mèkredi Sann yo, nan Sémèn sint épi nan oktav Pak la, yo pa fè anyin osijè mémoua yo si pétèt yo t-a tonbé lè sa-a.

238. Nan jou lasémèn dépi 17 jous 24 désanm, épitou nan oktav Nésans Granmèt la épi nan jou lasémèn Karèm, yo pa sélébré okinn mémoua obligatoua, minm pa nan kalandriyé patikilié. Min sa yo ki paraksidan t-a tonbé nan tan Karèm, yo konsidéré yo nan ané sa-a kòm mémoua fakiltatif.

239. Min, nan minm tan sa yo, si yon moun t-a vlé sélébré yon Sin ki inskri nan jou sa-a kòm mémoua :

a) nan Ofis léktu-a, apré léktu sot nan Pèr yo nan Pròp pou Tan-an avèk répons li, l-a ajouté léktu ajiografik pròp la avèk répons li épi la fini avèk priyè osijè Sin-an ;

b) an plis, nan Louanj yo nan matin épi Vèp yo, li kapab, apré priyè final la, antan-l pa fè konklizyon-an, ajouté réfrin (pròp oubyin nan Komin-an) épi priyè osijè Sin-an.

c) Osijè mémoua Sint Mari nan samdi

240. Nan samdi nan kouran ané-a, koté yo pèmèt mémoua fakiltatif, yo kapab sélébré, ak minm rit la, mémoua fakiltatif Sint Mari-a avèk léktu pròp li-a.

III. OSIJÈ KALANDRIYÉ POU YO ANPLOUAYÉ-A

ÉPI OSIJÈ POSIBILITÉ POU CHOUAZI KÈK OFIS OUBYIN KÈK PATI LADAN-L

a) Osijè kalandriyé pou yo anplouayé-a

241. Yo doué akonpli Ofis nan keur la épi an komin-an dapré kalandriyé pròp la, sètadi kalandriyé diosèz la, oubyin fanmi rélijijé la, oubyin chak légliz yo.³ Manm fanmi rélijijé yo minm doué mété ansanm avèk kominoté Égliz lokal la nan sélébré Dédikas légliz katédral la épi Patron prinsipal zòn nan ak dépatman pi gran koté yo rété-a.⁴

242. Kit sé yon manb klèjé-a oubyin yon rélijijé, ki gin obligasion Ofis divin-an pou kèlkesoua tit la, ki patisipé nan Ofis an komin-an dapré yon

³ Cf. Normae universales de anno liturgico et de calendario, n. 52.

⁴ Cf. *ibid.*, n. 52 c.

lòt kalandriyé oubyin yon lòt rit pasé pa-l la, li akonpli nan fason sa-a dévoua li parapò a pati sa-a nan Ofis la.

243. Nan sélébrasion moun nan fè pou kont li, li kapab obsèvé soua kalandriyé koté-a soua kalandriyé pròp la, sof nan solanité yo ak fèt pròp yo.⁵

b) Osijè posibilité pou chouazi kèk Ofis

244. Nan jou lasémèn yo ki admèt sélébrasion mémoua fakiltatif, pou yon rézon ki kòrèk yo kapab sélébré, ak minm rit la (cf. nn. 234-239), Ofis kèk Sin ki inskri nan jou sa-a nan Martirolòj Romin-an oubyin nan Apindis li ki aprouvé jan sa doué fèt la.

245. An déyò solanité yo, dimanch Avan, Karèm épi Pak, mèkrédi Sann yo, Sémèn sint la, oktav Pak la épi jou 2 novanm, pou yon rézon piblik oubyin pou dévosion, yo kapab sélébré, soua toutantié soua an pati, kèk Ofis votif : yo kapab fè sa parégzanp poutèt yon pélérijaj, yon fèt lokal, solanité ékstériè pou yon Sin.

c) Osijè posibilité pou chouazi kèk fòmulè

246. Nan kèk ka patikilié yo kapab chouazi nan Ofis la fòmulè ki diféran parapò a sa k-ap déroulé yo, dépi sa pa andomajé lòd jénéral chak Lè épi yo obsèvé règléman ki suiv la-a.

247. Nan Ofis dimanch yo, solanité yo, fèt Granmèt la ki inskri nan Kalandriyé jénéral la, jou lasémèn Karèm épi Sémèn sint, jou anndan oktav Pak la épi Nésans Granmèt la, épitou jou lasémèn yo dépi 17 rivé 24 désanm inklizivman, yo pa janm pèmèt chanjé fòmulè sa yo ki pròp

⁵ Cf. Tabula dierum liturgicorum, nn. 4 et 8: *infra*, p. 92.

oubyin ki ranjé pou sélébrasion sa-a ; sa valab pou réfrin yo, imn yo, léktu yo, répons yo, priyè yo épi trè souvan minm psòm yo.

Pou psòm yo minm nan dimanch sémèn k-ap déroulé-a yo kapab mété, dapré avantaj, psòm dimanch yon lòt sémèn nan plas yo, plis toujou, si sé osijè Ofis avèk pèp la, séléksioné lòt psòm sa yo yon fason pou kondui pèp la rivé konprann psòm yo ofiamézi.

248. Nan Ofis léktu-a, sé pou yo toujou respékté léktu k-ap déroulé nan sint Ékritu-a. Sa Égliz la souété-a fè pati Ofis la tou, « pou, anndan yon intèval ané détèminé, yo li pou pèp la pati ki pi inpòtan nan sint Ékritu yo ». ⁶

Antan yo fè atansyon sou sa, nan tan Avan, Nésans Granmèt la, Karèm épi Pak, yo pa doué abandoné déroulman léktu sint Ékritu-a ki propozé nan Ofis léktu-a ; nan tan nan kouran ané-a, pou yon rézon kòrèk, yon jou oubyin kèk jou ki pa anpil, yo kapab chouazi léktu yo pami sa yo propozé pou lòt jou yo, oubyin minm pami lòt léktu bibliik, parégzanp lè y-ap fè égzèsis spirituèl oubyin réyinion pastoral oubyin priyè pou Égliz la fè youn épi lòt bagay minm jan-an.

249. Lè yo intèronp léktu alasuit la poutèt kèk solanité oubyin fèt oubyin yon sélébrasion spésial, li t-a posib pou nan minm sémèn nan, antan yo konsidéré lòd tout sémèn nan, soua yo mété pati yo pa-t fè yo ansanm ak lòt, soua désidé ki tèks pou yo préféré parapò a lòt.

250. Nan minm Ofis léktu-a, nan plas dézièm léktu yo mété pou tèl jou, yo kapab chouazi pou yon rézon kòrèk, lòt léktu minm tan-an, yo pran soua nan liv Litiji Lè yo soua nan Léksioné fakiltatif la (n. 161). An plis nan jou lasémèn nan kouran ané-a épi, si sa sanblé konvnan, minm nan tan Avan, Nésans Granmèt la, Karèm épi Pak, yo kapab fè léktu prèské alasuit yon liv kèk Pèr ki konfòm ak léspri bibliik épi litijik la.

⁶ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 51.

251. Léktu kout yo épi priyè final yo, chan ak priyè yo propozé pou jou lasémèn tan spésial yo, yo kapab di yo nan lòt jou lasémèn minm tan-an.

252. Minmsi chak moun doué gin nan kè-l réspè tout déroulman Distribision Psòm yo nan sémèn yo,⁷ dapré avantaj soua spirituèl soua pastoral minm, nan plas psòm yo mété pou yon jou détèminé, yo kapab di psòm minm Lè-a yo mété pou yon lòt jou. Kapab ginyin tou kèk sikonstans poutèt okazion ki prezanté koté yo pèmèt chouazi psòm ki adapté épi lòt pati tankou pou Ofis votif.

⁷ Cf. *supra*, nn. 100-109.

CHAPIT V

OSIJÈ RIT YO DOUÉ OBSÈVÉ NAN SÉLÉBRASION AN KOMIN-AN

I. OSIJÈ DIFÉРАН FONKSION YO DOUÉ RANPLI

253. Nan sélébrasion Litiji Lè yo sé minm jan sa yé ak lòt aksion litijik yo : « Chak moun, soua minis, soua fidèl, antan l-ap réalisé fonksion-l, doué fè tout sa ki korésponn a ròl pa-l dapré nati réaltité-yo épi règléman litijik-yo, é sé sa sèlman pou-l fè ». ¹

254. Si évèk la ap prézidé, sitou nan légliz katédral la, sé pou-l entouré ak présbitériòm li épi minis yo, avèk patisipasion pèp la an plin épi aktif. Min ninpòt sélébrasion avèk pèp la nòmalmen sé pou prêt la oubyin diak la prézidé épi sé pou minis yo prézan tou.

255. Prèt la oubyin diak la k-ap prézidé sélébrasion-an, kapab mété étòl la sou ob la oubyin surpli-a ; prêt la kapab mété pivial la tou. An plis anyin pa anpéché, omouin nan solanité ki pi gran yo pou pliziè prêt abiyé avèk pivial épi diak yo avèk dalmatik.

256. Sé prêt la oubyin diak la k-ap prézidé-a, anan li nan plas li, ki gin pou kòmansé Ofis la avèk vèsè ki introdui-a, kòmansé priyè Granmèt la, fè priyè final la, salué pèp la, béni-l épi ranvouayé-l.

257. Priyè yo sé prêt la, diak la, oubyin minis la ki di yo.

¹ CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 28.

258. Si pa gin prèt oubyin diak, moun k-ap prezidé Ofis la sé sèlman youn nan pami lòt parèy li ; li pap antré nan éspas ki pou pè yo, ni salué ni béni pèp la.

259. Moun k-ap fè fonksion léktè-a, ap kanpé nan youn koté ki adapté pou-l li léktu yo, kit yo pi long kit yo kout.

260. Kòmansman réfrin yo oubyin psòm yo oubyin lòt chan yo sé chantè-a oubyin chantè yo ki pou fè-l. Pou priyé psòm yo minm, sé pou yo obsèvé sa yo té di pi ro-a, nan nn. 121-125.

261. Pandan y-ap égzékité kantik évanjélik la nan Louanj yo nan matin épi Vèp yo, yo kapab ansansé otèl la, épi apré sa prèt la tou épi pèp la.

262. Obligation keur la konsèné kominoté-a, min pa koté pou fè sélébrasion-an, ki pa nésésèman légliz la, sitou pou Lè sa yo ki akonpli san solanité.

263. Tout moun k-ap patisipé yo kanpé :

- a) pandan y-ap di introdiksion Ofis la épi vèsè ki introdui chak Lè ;
- b) pandan y-ap di imn nan ;
- c) pandan y-ap di kantik ki sot nan Évanjil la ;
- d) pandan y-ap di priyé yo, priyé Granmèt la épi priyé final la.

264. Antan tout moun chita, sof pou Évanjil la, yo kouté léktu yo.

265. Pandan y-ap di psòm yo ak lòt kantik yo avèk réfrin yo, asanblé-a soua chita soua kanpé dapré abitud la.

266. Tout moun fè sign koua-a sou yo, sot nan fron al sou pouatrîn épi sot nan zépòl goch al nan douat :

- a) nan kòmansman Lè yo, pandan y-ap di **Bondié, vîn édé** ;

b) nan kòmansman kantik ki sot nan Évanjil la, **Benedictus**, **Magnificat** épi **Nunc dimittis**.

Yo fè sign koua-a sou bouch yo nan kòmansman Invitatoua-a nan paròl **Granmèt**, **louvri bouch mouin**.

II. OSIJÈ CHAN-AN NAN OFIS LA

267. Nan rubrik yo épi prinsip Dispozision jénéral sa-a, vèb « di »-a oubyin « déklaré »-a yo doué konprann yo soua osijè chan-an soua osijè résitasyon-an, dapré prinsip y-ap mété koulié-a.

268. « Sélébrasion Ofis divin-an nan chanté, poutèt sa konfòm pi plis ak karaktè priyé sa-a, épi li indiké yon pi gran solanité épi jan kè yo fè youn pi afon nan akonpli louanj Bondié yo, avèk fòs yo rékòmandé-l pou moun yo k-ap akonpli Ofis divin-an nan keur oubyin an komin ».²

269. Tankou pou tout aksion litijik, konsa tou sa konsèné prinsipalman Litiji Lè yo, sa Konsil Vatikan II-a té déklaré osijè chan litijik la.³ Minmsi réyèlman tout pati yo épi chak pati òganizé yon fason pou minm moun ki pou kont li-a kapab résité yo avèk frui, min pliziè nan yo gin modalité mizikal épi sé pou sa sé nan chanté-a sèlman yo éksprimé signifikasyon yo an plin, toudabò psòm yo, kantik yo, imn yo épi répons yo.

270. Chan-an donk nan akonplisman Litiji Lè yo sé pa sèlman kòm yon ònèman pou yo konsidéré-l, ki t-a rivé prèské sot déyò vîn sou priyé-a, min pi plis sé nan profondè nanm moun k-ap priyé-a épi k-ap fè louanj

² S. CONGR. RITUUM, *Instructio Musicam sacram*, 5 martii 1967, n. 37: A.A.S. 59 (1967), p. 310; cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 99.

³ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 113.

Bondié-a li koulé soti épi li fè karaktè kominotè kult krétyin-an parèt aklè an plin épi apouin nèt.

Yo mérité louanj donk group krétyin yo kèlkésoua espès yo ki fè éfò sèvi pi souvan posib ak fason sa-a pou priyé-a ; sé pou yo fòmé ni manb klèjé-a ak rélijyé yo, ni fidèl yo pou sa, avèk katéchèz épi égzèsis yo doué fè-a, yon fason pou yo kapab chanté Lè yo ak kè kontan sitou nan jou fèt yo. Poutan, paské li difisil pou chanté tout Ofis la, épi antouka yo pa doué pansé ni dapré orijîn li ni dapré natu li, louanj Égliz sé pròp bagay manb klèjé-a oubyin mouàn yo, min sé pou kominoté krétyin-an toutantié li yé, sé pou sa gin pliziè prinsip pou yo konsidéré an minm tan, pou sélébrasion Litiji Lè yo avèk chan-an kapab fèt kòréktéman épi kléré ak vérité épi ak ékla bèlté.

271. Toudabò sa konvnab pou, omouin jou dimanch ak jou fèt, yo anplouayé chan-an, épi nan jan yo fè sa y-ap fè rékonèt diféran degré solanité yo.

272. Minm jan-an tou, kòm sé pa tout Lè yo ki gin minm poua, li bon pou palintèmediè chan-an tou yo lévé anlè lòt yo sa yo ki gon Ofis la réyèlman vré, sètadi Louanj yo nan matin épi Vèp yo.

273. An plis, minmsi sélébrasion ki fèt toutantié ak chan-an yo rékòmandé-l nan mézi li byin fèt ak sans atistik épi spirituèl, li bon kanminm pou yo anplouayé prinsip « progrésion » solanité yo kèk foua, soua pou rézon pratik, soua pou yo pa t-a fè diféran éléman sélébrasion litijik yo vîn égal san distinksiyon, min pou yo kapab tounin résévoua signifikasion orijinal yo épi véritab fonksion yo. Nan fason sa-a yo pap konsidéré Litiji Lè yo sèlman kòm yon bèl moniman tan pasé, ki t-a mandé pou yo konsèvé-l san chanjman pou fè yo admiré-l, min, okontrè l-ap réviv ak nouvo modalité épi l-ap kapab vîn grandi pou vîn tounin yon lòt foua yon témouagnaj klè yon kominoté ki gin kè kontan viv.

Sé pou sa prinsip « progrésion » nan solanité-a admèt pliziè dégré nan mitan ant Ofis yo chanté intégralman-an épi sinp résitasyon tout pati yo. Rézon sa-a bay yon gran variété ki agréab, antan yo kalkilé mézi li dapré koulè jou-a oubyin Lè-a y-ap sélébré-a, dapré natu chak éléman yo ki fòmé Ofis la, anfin dapré kantité oubyin karaktè kominoté-a, épitou dapré kantité chantè sa sipozé nan sikonstans sa yo.

Pa lintèmediè pi gran fasilité sa-a pou gin variété-a, louanj piblik Égliz la ap kapab fèt pi souvan pasé lontan avèk chan épi l-ap kapab adapté-l dapré divès sikonstans ; épi sé pa yon ti éspérans ki ginyin pou yo t-a jouinn nouvo chémin ak nouvo modalité pou épòk nou-an, tankou yo konstaté sa té toujou rivé nan lavi Égliz la.

274. Nan aksion litijik yo ki sélébré avèk chan-an nan lang latin-an, sé chan grégoryin-an, poutèt li pròp pou Litiji Romin-an, ki pou gin plas prinsipal, antan tout bagay égal.⁴ Min « pa gin okinn tip mizik sakré Égliz la mété akoté nan aksion litijik yo, dépi yo korésponn ak éspri aksion litijik-la ak karaktè chak pati li yo, épi li pa anpéché patisipasion aktif pèp la doué ginyin-an ».⁵ Lè yo chanté Ofis la, si pa gin mélodi pou réfrin yo propozé-a, sé pou yo pran yon lòt réfrin nan pami sa yo ki nan répètoua-a, dépi yo adapté dapré prinsip ki nan nn. 113, 121-125.

275. Min lè yo kapab akonpli Litiji Lè yo nan lang pèp la, « sé pou yo pran souin jan sa konvnan pou yo préparé mélodi y-ap kapab anplouyé nan chan Ofis divin-an nan lang pèp la ».⁶

276. Min pa gin anyin ki anpéché, omouin nan yon sèl épi minm sélébrasion yo t-a chanté diféran pati nan diféran lang.⁷

⁴ Cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 116.

⁵ S. CONCR. RITUUM, Instr. *Musicam sacram*, 5 martii 1967, n. 9: A.A.S. 59 (1967), p. 303; cf. CONC. VAT. II, Const. de sacra Liturgia, *Sacrosanctum Concilium*, n. 116.

⁶ S. CONCR. RITUUM, Instr. *Musicam sacram*, 5 martii 1967, n. 41: A.A.S. 59 (1967), pp. 312, 316-317.

277. Gin kèk éléman minm yo doué chouazi an premié pou yo chanté yo, sé pou yo dédui yo nan òganizasion otantik sélébrasion litijik la ki mandé pou réspékté ni signifkasion ak natu chak pati ni byin chanté-l. Ginyin réyèlman ki réklamé chan-an dapré yo minm minm :⁸ sé konsa sa yé toudabò pou aklamasyon yo, répons apré salutasion prèt la ak minis yo épi nan priyè litanik yo, épi an plis réfrin yo ak psòm yo, épitou vèsè yo intèkalé yo oubyin répons yo répété yo, épi imm yo ak kantik yo.⁹

278. Sa klè psòm yo (cf. nn. 103-120) gin rapò séré avec mizik la, sé sa ni tradision juif la ni tradision krétyin-an prouvé. Réyèlman vré pou yo byin konprann anpil psòm sa édé anpil lè yo chanté yo oubyin omouin lè yo toujou konsidéré yo nan limiè poétik épi mizikal sa-a. Sé poutèt sa, si sa posib pou-l fèt, yo ouè sé pou yo pito fòm sa-a, omouin nan jou ak nan Lè prinsipal yo épi dapré karaktè orijinal psòm yo.

279. Yo indiké diféran modalité pou égzékité priyè psòm yo pi ro-a nan nn. 121-123, nan pami yo variété pa antré sèlman apati sa yo ajouté sou déyò, min apati diféran karaktè chak psòm ki tonbé nan yon sèl sélébrasion : konsa pétèt l-ap pi bon pou yo t-a tandé psòm sajès oubyin istorik yo, tandiské okontrè imm yo oubyin aksion-d-gras yo mandé chanté-a an jénéral. Min yon sèl bagay ki pi inpòtan, sé pou sélébrasion-an pa ni trò difisil ni trò konpliké, sètadi pou-l pa sèvi sèlman pou égzékité prinsip ki la sinpléman pou lafòm, min pou-l korésponn ak vérité réalité-a. Sa l-ap chèché an premié sé pou fòmé nanm yo ak priyè otantik Égliz la épi pou sa agréab pou sélébré louanj Bondié-a (cf. Ps 146 [147, 1-11]).

⁷ S. CONCR. RITUUM, Instr. *Musicam sacram*, 5 martii 1967, n. 51: A.A.S. 59 (1967), p. 315.

⁸ Cf. *ibid.*, n. 6: p. 302.

⁹ Cf. *ibid.*, nn. 16 a, 38: pp. 305, 311.

280. Imn yo tou kapab nourri priyè moun k-ap résité Lè yo, si yo byin plin ak bon kalité ansègnman épi kalité atistik ; min, nan yo minm, sé pou chanté-a yo fèt, sé poutèt sa yo konséyé, sé dapré fòm sa-a, nan mézi sa kapab fèt, pou yo déklaré yo nan sélébrasion kominotè-a.

281. Répons kout la apré léktu-a nan Louanj yo nan matin épi Vèp yo, sa yo palé nan n. 49 la, nan li minm minm, li fèt pou chanté, épi minm pou pèp la.

282. Répons yo tou ki suiv léktu yo nan Ofis léktu-a, dapré karaktè ak fonksion yo, yo réklamé chan-an. Nan déroulman Ofis la minm, yo konpozé yo yon fason pou minm lè moun nan ap résité-l pou kont li an privé yo kinbé fòs yo. Min anpil foua yo t-a kapab anplouayé pou yo chan ki dékoré ak modalité mizikal ki pi sinp, ki pi fasil, pasé sa ki soti nan sous litijik yo.

283. Léktu yo kit yo pi long kit yo kout, nan yo minm, yo pa fèt pou chan-an ; lè y-ap proklamé yo, sé pou yo fè anpil atansyon pou yo li yo yon fason ki dign, klè, épi byin prononsé pou tout moun kapab tandé yo réyéلمان épi byin konprann yo. Donk sèl modalité mizik yo kapab aksépté nan léktu-a, sé sa ki pèmèt yo rivé tandé paròl yo épi konprann tèks la pi byin-an.

284. Tèks yo moun k-ap prézidé-a déklaré pou kont li, tankou priyè yo, yo kapab chanté yo yon fason ki bèl épi adapté, sitou nan lang latin-an. Min sa kapab difisil nan lang kèk pèp, sof si ak chan-an tout moun ap kapab tandé paròl tèks la pi klè.

TAB JOU LITIJK YO
ki sot nan Règléman inivèsèl pou ané litijik la
épi Kalandriyé-a, nn. 59-61

Préséans (sa-k vini anvan épi apré) nan pami jou litijik yo, kanta pou sélébrasion yo, sé sèlman anba lòd tab sa-a ki suiv la li réglé.

I

1. Tridiòm paskal Soufrans ak Réziréksion Granmèt la.
2. Nésans Granmèt la, Épifani, Asansion épi Pantkot.
 Dimanch Lavan, Karèm épi Pak.
 Mèkrédi Sann.
 Jou Sémèn sint yo, dépi lindi jous jédi inklizivman.
 Jou anndan oktav Pak la.
3. Solanité Granmèt la, Trè sint Vièj Mari, épi Sin ki inskri nan Kalandriyé jénéral la.
 Komémorasion tout fidèl défin yo.
4. Solanité pròp yo, sètadi :
 - a) Solanité Patron prinsipal koté-a, soua yon ti vil soua yon gran vil.
 - b) Solanité dédikas épi anivèsè dédikas légliz pròp la.
 - c) Solanité Tit légliz pròp la poté-a.
 - d) Solanité oubyin Tit
 oubyin Fondatè,
 oubyin Patron prinsipal Òrd oubyin Kongrégasion-an.

II

5. Fèt Granmèt la ki inskri nan Kalandriyé jénéral la.
6. Dimanch tan Nésans Granmèt la épi dimanch « òdinè » yo.
7. Fèt Trè Sint Vièj Mari épi Sin ki nan Kalandriyé jénéral la.
8. Fèt pròp yo, sètadi :
 - a) Fèt Patron prinsipal diosèz la.
 - b) Fèt anivèsè dédikas légliz katédral la.
 - c) Fèt Patron prinsipal réjion-an oubyin provins-la oubyin nasion-an, oubyin yon tériitoua pi laj.
 - d) Fèt Tit oubyin Fondatè, oubyin Patron prinsipal Òrd oubyin Kongrégasion-an épi provins rélijyé-a, sof sa yo kòmandé nan n. 4 la.
 - e) Lòt fèt kèk légliz pròp.
 - f) Lòt fèt yo inskri nan kalandriyé yon diosèz oubyin yon Òrd oubyin yon Kongrégasion.
9. Jou sémèn Lavan dépi jou 17 rivé 24 désanm inklizivman.
Jou anndan oktav Nésans Granmèt la.
Jou sémèn Karèm yo.

III

10. Mémoua obligatoua Kalandriyé jénéral la.
11. Mémoua obligatoua pròp yo, sètadi :
 - a) Mémoua dézièm Patron koté-a, diosèz la, réjion-an oubyin provins rélijyé-a.

b) Lòt mémoua obligatoua yo inskri nan kalandriyé chak diosèz, oubyin Òrd oubyin Kongrégasion.

12. Mémoua fakiltatif yo, sa yo indiké yon fason spésial nan Dispozision jénéral Misèl Romin-an ak nan Litiji Lè yo, yo kapab fè yo minm nan jou yo palé nan no. 9 la.

Pou minm rézon-an, yo kapab sélébré kòm mémoua fakiltatif mémoua obligatoua ki ta tonbé paraksidan nan jou sémèn Karèm yo.

13. Jou sémèn Avan yo jous nan jou 16 désanm nan inklizivman.

Jou sémèn tan Nésans Granmèt la dépi jou 2 janvié jous nan samdi apré Épifani-an.

Jou sémèn tan paskal la dépi nan lindi apré oktav Pak la jous nan samdi anvan Pantkot la inklizivman.

Jou sémèn « òdinè » yo.

OSIJÈ DAT SÉLÉBRASION YO RIVÉ ÉPI LÈ YO RIVÉ ANSANM

Si nan minm jou-a gin pliziè sélébrasion, sé pou yo fè sa ki gin plas pi ro nan tab jou litijik yo. Min solanité ki t-a jouinn anpèchman poutèt yon jou litijik ki joui préséans, sé pou yo transféré yo nan prochin jou ki lib la apati jou yo mété anba niméro 1-8 nan tab préséans la, antan yo suiv sa yo établi nan n. 5 la. Solanité Anonsiation Granmèt la minm, chak foua li tonbé nan kèk jou Sémèn sint la, sé pou yo toujou transféré-l nan lindi apré dézièm dimanch Pak la. Lòt sélébrasion yo, yo pa fè yo pou ané sa-a.

Min si nan minm jou-a yo doué sélébré Vèp Ofis jou-a minm épi premié Vèp jou apré-a, sé pou sélébrasion Vèp ki gin plas pi ro nan tab jou litijik yo pran dévan ; si gin égalité, Vèp jou-a minm pran dévan.

TABLO DAT
sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la

| Ané | Lèt Dim. | Sikl Dim. | Jou sann | Pak | Asan-sion (jédi) | Pant-kot | Sèmèn « òdinè » yo | | | | Prémié dimanch Avan-an |
|-------|----------|-----------|----------|---------|------------------|----------|--------------------|-------|---------------------|-------|------------------------|
| | | | | | | | anvan Karèm | | après tan paskal la | | |
| | | | | | | | jous jou | sèmèn | apati jou | sèmèn | |
| 2020* | e d | A - B | 26 fév | 12 avr | 21 mé | 31 mé | 25 fév | 7 | 1é juin | 9 | 29 nov |
| 2021 | c | B - C | 17 fév | 4 avr | 13 mé | 23 mé | 16 fév | 6 | 24 mé | 8 | 28 nov |
| 2022 | b | C - A | 2 mars | 17 avr | 26 mé | 5 juin | 1é mars | 8 | 6 juin | 10 | 27 nov |
| 2023 | A | A - B | 22 fév | 9 avr | 18 mé | 28 mé | 21 fév | 7 | 29 mé | 8 | 3 dés |
| 2024* | g f | B - C | 14 fév | 31 mars | 9 mé | 19 mé | 13 fév | 6 | 20 mé | 7 | 1é dés |
| 2025 | e | C - A | 5 mars | 20 avr | 29 mé | 8 juin | 4 mars | 8 | 9 juin | 10 | 30 nov |
| 2026 | d | A - B | 18 fév | 5 avr | 14 mé | 24 mé | 17 fév | 6 | 25 mé | 8 | 29 nov |
| 2027 | c | B - C | 10 fév | 28 mars | 6 mé | 16 mé | 9 fév | 5 | 17 mé | 7 | 28 nov |
| 2028* | b A | C - A | 1é mars | 16 avr | 25 mé | 4 juin | 29 fév | 8 | 5 juin | 9 | 3 dés |
| 2029 | g | A - B | 14 fév | 1é avr | 10 mé | 20 mé | 13 fév | 6 | 21 mé | 7 | 2 dés |
| 2030 | f | B - C | 6 mars | 21 avr | 30 mé | 9 juin | 5 mars | 8 | 10 juin | 10 | 1é dés |
| 2031 | e | C - A | 26 fév | 13 avr | 22 mé | 1é juin | 25 fév | 7 | 2 juin | 9 | 30 nov |
| 2032* | d c | A - B | 11 fév | 28 mars | 7 mé | 16 mé | 10 fév | 5 | 17 mé | 7 | 28 nov |
| 2033 | b | B - C | 2 mars | 17 avr | 26 mé | 5 juin | 1é mars | 8 | 6 juin | 10 | 27 nov |
| 2034 | A | C - A | 22 fév | 9 avr | 18 mé | 28 mé | 21 fév | 7 | 29 mé | 8 | 3 dés |
| 2035 | g | A - B | 7 fév | 25 mars | 3 mé | 13 mé | 6 fév | 5 | 14 mé | 6 | 2 dés |
| 2036* | f e | B - C | 27 fév | 13 avr | 22 mé | 1é juin | 26 fév | 7 | 2 juin | 9 | 30 nov |
| 2037 | d | C - A | 18 fév | 5 avr | 14 mé | 24 mé | 17 fév | 6 | 25 mé | 8 | 29 nov |
| 2038 | c | A - B | 10 mars | 25 avr | 3 juin | 13 juin | 9 mars | 9 | 14 juin | 11 | 28 nov |
| 2039 | b | B - C | 23 fév | 10 avr | 19 mé | 29 mé | 22 fév | 7 | 30 mé | 9 | 27 nov |
| 2040* | A g | C - A | 15 fév | 1é avr | 10 mé | 20 mé | 14 fév | 6 | 21 mé | 7 | 2 dés |
| 2041 | f | A - B | 6 mars | 21 avr | 30 mé | 9 juin | 5 mars | 8 | 10 juin | 10 | 1é dés |
| 2042 | e | B - C | 19 fév | 6 avr | 15 mé | 25 mé | 18 fév | 6 | 26 mé | 8 | 30 nov |
| 2043 | d | C - A | 11 fév | 29 mars | 7 mé | 17 mé | 10 fév | 5 | 18 mé | 7 | 29 nov |

| | | | | | | | | | | | |
|-------|-----|-------|--------|----------|-------|---------|---------|---|---------|----|--------|
| 2044* | c b | A - B | 2 mars | 17 avr | 26 mé | 5 juin | 1é mars | 8 | 6 juin | 10 | 27 nov |
| 2045 | A | B - C | 22 fév | 9 avr | 18 mé | 28 mé | 21 fév | 7 | 29 mé | 8 | 3 déc |
| 2046 | g | C - A | 7 fév | 25 marts | 3 mé | 13 mé | 6 fév | 5 | 14 mé | 6 | 2 déc |
| 2047 | f | A - B | 27 fév | 14 avr | 23 mé | 2 juin | 26 fév | 7 | 3 juin | 9 | 1é dés |
| 2048* | e d | B - C | 19 fév | 5 avr | 14 mé | 24 mé | 18 fév | 6 | 25 mé | 8 | 29 nov |
| 2049 | c | C - A | 3 mars | 18 avr | 25 mé | 6 juin | 2 mars | 8 | 7 juin | 10 | 28 nov |
| 2050 | b | A - B | 23 fév | 10 avr | 19 mé | 29 mé | 22 fév | 7 | 30 mé | 9 | 27 nov |
| 2051 | A | B - C | 15 fév | 2 avr | 11 mé | 21 mé | 14 fév | 6 | 22 mé | 7 | 3 dés |
| 2052* | g f | C - A | 6 mars | 21 avr | 30 mé | 9 juin | 5 mars | 9 | 10 juin | 10 | 1é dés |
| 2053 | e | A - B | 19 fév | 6 avr | 15 mé | 25 mé | 18 fév | 6 | 26 mé | 8 | 30 nov |
| 2054 | d | B - C | 11 fév | 29 mars | 7 mé | 17 mé | 10 fév | 5 | 18 mé | 7 | 29 nov |
| 2055 | c | C - A | 3 mars | 18 avr | 27 mé | 6 juin | 2 mars | 8 | 7 juin | 10 | 28 nov |
| 2056* | b A | A - B | 16 fév | 2 avr | 11 mé | 21 mé | 15 fév | 6 | 22 mé | 7 | 3 dés |
| 2057 | g | B - C | 7 mars | 22 avr | 31 mé | 10 juin | 6 mars | 9 | 11 juin | 10 | 2 dés |
| 2058 | f | C - A | 27 fév | 14 avr | 23 mé | 2 juin | 26 fév | 7 | 3 juin | 9 | 1é dés |
| 2059 | e | A - B | 12 fév | 30 mars | 8 mé | 18 mé | 11 fév | 5 | 19 mé | 7 | 30 nov |
| 2060* | d c | B - C | 3 mars | 18 avr | 27 mé | 6 juin | 2 mars | 8 | 7 juin | 10 | 28 nov |
| 2061 | b | C - A | 23 fév | 10 avr | 19 mé | 29 mé | 22 fév | 7 | 30 mé | 9 | 27 nov |
| 2062 | A | A - B | 8 fév | 26 mars | 4 mé | 14 mé | 7 fév | 5 | 15 mé | 6 | 3 dés |
| 2063 | g | B - C | 23 fév | 15 avr | 24 mé | 3 juin | 22 fév | 8 | 4 juin | 9 | 2 dés |
| 2064* | f e | C - A | 20 fév | 6 avr | 15 mé | 25 mé | 19 fév | 6 | 26 mé | 8 | 30 nov |
| 2065 | d | A - B | 11 fév | 29 mars | 7 mé | 17 mé | 10 fév | 5 | 18 mé | 7 | 29 nov |
| 2066 | c | B - C | 24 fév | 11 avril | 20 mé | 30 mé | 23 fév | 7 | 31 mé | 9 | 28 nov |
| 2067 | b | C - A | 16 fév | 3 avril | 12 mé | 22 mé | 15 fév | 6 | 23 mé | 8 | 27 nov |
| 2068* | A g | A - B | 7 mars | 22 avril | 31 mé | 19 juin | 6 mars | 9 | 11 juin | 10 | 2 dés |

* Ané biséksstil

OSIJÈ LÈT DIMANCH LA

Pou chak jou nan ané-a yo mété youn nan lèt sa yo : **A, b, c, d, e, f, g**, ki indiké sèt jou sémèn nan (cf. Kalandriyé Romin jénéral, p. 98, kolòn I). Apati lèt sa-yo, sa-k indiké jou dimanch la pandan tout ané-a, yo rélé-l lèt dominikal (lèt dimanch la).

Parégzanp, nan ané 2021 yo mété lèt dominikal **c** (cf. Tablo dat sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la, p. 95, kolòn II) ; tout jou yo indiké ak lèt sa-a, sé jou dimanch yo yé : 3, 10, 17 janvié, etc.

Nan ané biséksstil yo minm yo mété dé lèt dominikal, premié nan yo-a indiké jou dimanch yo dépi nan kòmansman ané-a rivé jous 24 févriyé, dézièm nan minm apati jou 25 févriyé jous nan fin ané-a : sé dé foua (**bis**) réyèlman yo di sizièm jou anvan kaland moua mas la (**sexto calendas martii**), sètadi jou 24 ak 25 févriyé, épi yo répété lèt **f** la, ki sèvi dé foua pou jou 24 ak 25.

Parégzanp, nan ané 2020 yo mété dé lèt dominikal : **e** épi **d**. Lèt **e-a** montré jou dimanch yo jous 24 févriyé : 5, 12, 19 janvié... 23 févriyé. Apré sa lèt **e-a** chanjé nan lèt **d** ki vîn anvan [dapré lòd alfabétik la], ki montré jou dimanch yo apati 24 févriyé : 1, 8, 15 mars, etc.

OSIJÈ LÈT SIKL LÉKTU DIMANCH YO

Nan Tablo dat sélébrasion mobil yo, sa-k chanjé plas nan ané litijik la (cf. kolòn III) yo mété lèt sikl léktu bibliik yo pou dimanch yo ak fèt yo pou kapab indiké tou réfrin yo doué anplouayé pou Benedictus la épi Magnificat la.

Premié lèt la ranvouayé nan ané sivil la, parégzanp 2021, ané **B**; dézièm lèt la minm ranvouayé nan ané litijik la ki kòmansé premié dimanch Avan-an, parégzanp 28 novanm 2021, ané **C**.

KALANDRIYÉ ROMIN JÉNÉRAL

JANVIÉ

| | | | | |
|---|-------|----|--|----------|
| A | Cal. | 1 | Oktav Nésans Grammèt la SINT MARI MAMAN BONDIE | Solanité |
| b | IV | 2 | Ss. Bazil legran ak Grégoua Nazianz, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| c | III | 3 | <i>Trè Sin Non Jézu *</i> | |
| d | Prid. | 4 | | |
| e | Non. | 5 | | |
| f | VIII | 6 | ÉPIFANI GRAMMÈT LA | Solanité |
| g | VII | 7 | <i>S. Rémon de Pényaför, prèt</i> | |
| A | VI | 8 | | |
| b | V | 9 | | |
| c | IV | 10 | | |
| d | III | 11 | | |
| e | Prid. | 12 | | |
| f | Idib. | 13 | <i>S. Ilè, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| g | XIX | 14 | | |
| A | XVIII | 15 | | |
| b | XVII | 16 | | |
| c | XVI | 17 | S. Antouàn, abé | Mémoua |
| d | XV | 18 | | |
| e | XIV | 19 | | |
| f | XIII | 20 | <i>S. Fabyin, pap é mati</i> <i>S. Sébastyin, mati</i> | |
| g | XII | 21 | S. Agnès, vièj é mati | Mémoua |
| A | XI | 22 | <i>S. Vinsan, diak é mati</i> | |
| b | X | 23 | | |
| c | IX | 24 | S. Fransoua d-Sal, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| d | VIII | 25 | KONVÈSION S. PÒL, APOT | Fèt |
| e | VII | 26 | Ss. Timoté épi Tit, évèk | Mémoua |
| f | VI | 27 | <i>S. Anjèl Mérisi, vièj</i> | |
| g | V | 28 | S. Toma d-Akin, prèt é doktè Égliz la | Mémoua |
| A | IV | 29 | | |
| b | III | 30 | | |
| c | Prid. | 31 | S. Jan Bosko, prèt | Mémoua |

Dimanch apré jou 6 janvié : BATÈM GRAMMÈT LA

Fèt

Koté yo transféré solanité Épifani-an nan dimanch ki tonbé jou 7 oubyin 8 janvié, yo sélébré fèt Batèm Grammèt la nan lindi ki suiv la.

* Lè yo pa indiké dégré sélébrasion-an, yo gin doua fè Mémoua-a si yo vlé.

FÉVRIYÉ

| | | | | |
|---|-------|----|---|--------|
| d | Cal. | 1 | | |
| e | IV | 2 | PRÉZANTASION GRANMÈT LA | Fèt |
| f | III | 3 | <i>S. Blèz, évèk é mati</i> <i>S. Ansgèr, évèk</i> | |
| g | Prid. | 4 | | |
| A | Non. | 5 | <i>S. Agat, vièj é mati</i> | Mémoua |
| b | VIII | 6 | <i>Ss. Pòl Miki ak konpagnon-l yo, mati</i> | Mémoua |
| c | VII | 7 | | |
| d | VI | 8 | <i>S. Jéròm Émilyin</i> <i>S. Jozéfin Bakita, vièj</i> | |
| e | V | 9 | | |
| f | IV | 10 | <i>S. Skolastik, vièj</i> | Mémoua |
| g | III | 11 | <i>T. S. Vièj Mari de Lourd</i> | |
| A | Prid. | 12 | | |
| b | Idib. | 13 | | |
| c | XVI | 14 | <i>Ss. Siril, mouàn, ak Métòd, évèk</i> | Mémoua |
| d | XV | 15 | | |
| e | XIV | 16 | | |
| f | XIII | 17 | <i>Ss. Sèt Fondatè Òd Sèvitè T. S. Vièj Mari</i> | |
| g | XII | 18 | | |
| A | XI | 19 | | |
| b | X | 20 | | |
| c | IX | 21 | <i>S. Piè Damyin, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| d | VIII | 22 | TRÒN ANSÈGNMAN S. PIÈ, APOT | Fèt |
| e | VII | 23 | <i>S. Polikarp, évèk é mati</i> | Mémoua |
| f | VI* | 24 | | |
| g | V | 25 | | |
| A | IV | 26 | | |
| b | III | 27 | <i>S. Grégoua de Narèk, abé é doktè Égliz la</i> | |
| c | Prid. | 28 | | |

* Nan ané bisèkstil la, moua févriyé-a gin 29 jou, épi yo di dé fous (bis) sizièm Kaland moua mas la (sexto Calendas martii), sètadi jou 24 ak 25. Sélébrasion yo minm pa chanjé plas, min yo fè yo nan jou koté yo indiké nan Kalandriyé-a.

MARS

| | | | | |
|---|-------|----|--|----------|
| d | Cal. | 1 | | |
| e | VI | 2 | | |
| f | V | 3 | | |
| g | IV | 4 | <i>S. Kazimir</i> | |
| A | III | 5 | | |
| b | Prid. | 6 | | |
| c | Non. | 7 | Ss. Pèrpétu ak Félisité, mati | Mémoua |
| d | VIII | 8 | <i>S. Jan de Dié, rélijé</i> | |
| e | VII | 9 | <i>S. Fransouaz Romèn, rélijijéz</i> | |
| f | VI | 10 | | |
| g | V | 11 | | |
| A | IV | 12 | | |
| b | III | 13 | | |
| c | Prid. | 14 | | |
| d | Idib. | 15 | | |
| e | XVII | 16 | | |
| f | XVI | 17 | <i>S. Patris, évèk</i> | |
| g | XV | 18 | <i>S. Siril Jérusalèm, évèk é doktè Egliz la</i> | |
| A | XIV | 19 | S. JOZÈF, ÉPOU LA T. S. V. MARI | Solanité |
| b | XIII | 20 | | |
| c | XII | 21 | | |
| d | XI | 22 | | |
| e | X | 23 | <i>S. Turib de Mongrovejo, évèk</i> | |
| f | IX | 24 | | |
| g | VIII | 25 | ANONSIASION GRANMÈT LA | Solanité |
| A | VII | 26 | | |
| b | VI | 27 | | |
| c | V | 28 | | |
| d | IV | 29 | | |
| e | III | 30 | | |
| f | Prid. | 31 | | |

AVRIL

| | | | | |
|---|-------|----|--|--------|
| g | Cal. | 1 | | |
| A | IV | 2 | <i>S. Fransoua de Pòl, èmit</i> | |
| b | III | 3 | | |
| c | Prid. | 4 | <i>S. Izidòr, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| d | Non. | 5 | <i>S. Vinsan Férié, prèt</i> | |
| e | VIII | 6 | | |
| f | VII | 7 | <i>S. Jan Batis de la Sal, prèt</i> | Mémoua |
| g | VI | 8 | | |
| A | V | 9 | | |
| b | IV | 10 | | |
| c | III | 11 | <i>S. Stanislas, évèk épi mati</i> | Mémoua |
| d | Prid. | 12 | | |
| e | Idib. | 13 | <i>S. Martin I, pap é mati</i> | |
| f | XVIII | 14 | | |
| g | XVII | 15 | | |
| A | XVI | 16 | | |
| b | XV | 17 | | |
| c | XIV | 18 | | |
| d | XIII | 19 | | |
| e | XII | 20 | | |
| f | XI | 21 | <i>S. Ansèlm, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| g | X | 22 | | |
| A | IX | 23 | <i>S. Jòrj, mati</i> <i>S. Adalbèr, évèk é mati</i> | |
| b | VIII | 24 | <i>S. Fidèl de Sigmaringén, prèt é mati</i> | |
| c | VII | 25 | <i>S. MARK, ÉVANJÉLIS</i> | Fèt |
| d | VI | 26 | | |
| e | V | 27 | | |
| f | IV | 28 | <i>S. Piè Chanèl, prèt é mati</i> <i>S. Loui Mari Grignon de Monfòr, prèt</i> | |
| g | III | 29 | <i>S. Katrîn de Sièn, vièj</i> | Mémoua |
| A | Prid. | 30 | <i>S. Pi V, pap</i> | |

MÉ

| | | | | |
|---|-------|----|--|----------|
| b | Cal. | 1 | <i>S. Jozèf Travayè</i> | |
| c | VI | 2 | <i>S. Atanaz, évèk é doktè Égliz la</i> | Mémoua |
| d | V | 3 | <i>Ss. FILIP ÉPI JAK, APOT</i> | Fèt |
| e | IV | 4 | | |
| f | III | 5 | | |
| g | Prid. | 6 | | |
| A | Non. | 7 | | |
| b | VIII | 8 | | |
| c | VII | 9 | | |
| d | VI | 10 | <i>S. Jan de Avila, prèt é doktè Égliz la</i> | |
| e | V | 11 | | |
| f | IV | 12 | <i>Ss. Néré épi Achil, mati</i> <i>S. Pankras, mati</i> | |
| g | III | 13 | <i>T. S. Vièj Mari de Fatima</i> | |
| A | Prid. | 14 | <i>S. MATIAS, APOT</i> | Fèt |
| b | Idib. | 15 | | |
| c | XVII | 16 | | |
| d | XVI | 17 | | |
| e | XV | 18 | <i>S. Jan I, pap épi mati</i> | |
| f | XIV | 19 | | |
| g | XIII | 20 | <i>S. Bèrnardin de Sièn, prèt</i> | |
| A | XII | 21 | <i>Ss. Kristòf Magalan, prèt ak konpagnon-l yo, mati</i> | |
| b | XI | 22 | <i>S. Rita de Kasia, rêliljiéz</i> | |
| c | X | 23 | | |
| d | IX | 24 | | |
| e | VIII | 25 | <i>S. Bèd Vénétab la, prèt é doktè Égliz la</i> <i>S. Grégoua VII, pap</i> <i>S. Mari Madlèn de Pazi, vièj</i> | |
| f | VII | 26 | <i>S. Filip Néri, prèt</i> | Mémoua |
| g | VI | 27 | <i>S. Ogustin de Kantorbèri, évèk</i> | |
| A | V | 28 | | |
| b | IV | 29 | <i>S. Pòl VI, pap</i> | |
| c | III | 30 | | |
| d | Prid. | 31 | <i>VIZITASION T. S. VIÈJ MARI</i> | Fèt |
| | | | <i>Lindi apré Pannkot : S. Mari, manman Égliz la</i> | Mémoua |
| | | | <i>Prémié dimanch apré Pannkot : TRÈ SINT TRINITÉ</i> | Solanité |
| | | | <i>Jédi apré T. S. Trinité : TRÈ SIN KÒ AK SAN JÉZU</i> | Solanité |

JUN

| | | | | |
|---|-------|----|--|----------|
| e | Cal. | 1 | S. Justin | Mémoua |
| f | IV | 2 | <i>Ss. Marslin ak Piè, mati</i> | |
| g | III | 3 | Ss. Charl Lwanga ak konpagnon-l yo, mati | Mémoua |
| A | Prid. | 4 | | |
| b | Non. | 5 | S. Bonifas, évèk é mati | Mémoua |
| c | VIII | 6 | <i>S. Nòrbèr, évèk</i> | |
| d | VII | 7 | | |
| e | VI | 8 | | |
| f | V | 9 | <i>S. Éfrèm, diak é doktè Égliz la</i> | |
| g | IV | 10 | | |
| A | III | 11 | S. Barnabé, apot | Mémoua |
| b | Prid. | 12 | | |
| c | Idib. | 13 | S. Antouàn de Padou, prèt é doktè Égliz la | Mémoua |
| d | XVIII | 14 | | |
| e | XVII | 15 | | |
| f | XVI | 16 | | |
| g | XV | 17 | | |
| A | XIV | 18 | | |
| b | XIII | 19 | <i>S. Romuald, abé</i> | |
| c | XII | 20 | | |
| d | XI | 21 | S. Loui de Gonzag, rélijyé | Mémoua |
| e | X | 22 | <i>S. Polin de Nòl, évèk</i> <i>Ss. Jan Fichèr, évèk, ak Toma Mòr, mati</i> | |
| f | IX | 23 | | |
| g | VIII | 24 | NÉSANS S. JAN BATIS | Solanité |
| A | VII | 25 | | |
| b | VI | 26 | | |
| c | V | 27 | <i>S. Siril Aléksandri, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| d | IV | 28 | S. Iréné, évèk é mati | Mémoua |
| e | III | 29 | Ss. PIÈ AK PÒL, APOT | Solanité |
| f | Prid. | 30 | <i>Ss. Prémié mati Sint Égliz Ròmèn nan</i> | |

Vandrédi apré dézièm dimanch apré Pantkot :

TRÈ SAKRÉ KÈ JÉZU

Solanité

Samdi apré dézièm dimanch apré Pantkot :

Kè Imakilé T. S. Vièj Mari

Mémoua

JUIYÈ

| | | | | |
|---|-------|----|--|--------|
| g | Cal. | 1 | | |
| A | VI | 2 | | |
| b | V | 3 | S. TOMA, APOT | Fèt |
| c | IV | 4 | <i>S. Elizabèt de Pòrtugal</i> | |
| d | III | 5 | <i>S. Antouàn Mari Zakari, prèt</i> | |
| e | Prid. | 6 | <i>S. Mari Goreti, vièj é mati</i> | |
| f | Non. | 7 | | |
| g | VIII | 8 | | |
| A | VII | 9 | <i>Ss. Ogustin Zao Rong, prèt, ak konpagnon-l yo, mati</i> | |
| b | VI | 10 | | |
| c | V | 11 | S. Benoua, abé | Mémoua |
| d | IV | 12 | | |
| e | III | 13 | <i>S. Anri</i> | |
| f | Prid. | 14 | <i>S. Kamiy de Lélis, prèt</i> | |
| g | Idib. | 15 | S. Bonavantur, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| A | XVII | 16 | <i>T. S. Vièj Mari du Mon Karmèl</i> | |
| b | XVI | 17 | | |
| c | XV | 18 | | |
| d | XIV | 19 | | |
| e | XIII | 20 | <i>S. Apolinèr, évèk é mati</i> | |
| f | XII | 21 | <i>S. Loran de Brindisi, prèt é doktè Égliz la</i> | |
| g | XI | 22 | S. MARI MADLÈN | Fèt |
| A | X | 23 | <i>S. Brijit, rèljiéz</i> | |
| b | IX | 24 | <i>S. Charbèl Maklouf, prèt</i> | |
| c | VIII | 25 | S. JAK, APOT | Fèt |
| d | VII | 26 | Ss. Joachin ak Àn, paran T. S. V. Mari | Mémoua |
| e | VI | 27 | | |
| f | V | 28 | | |
| g | IV | 29 | S. Mart, Mari ak s. Lazar | Mémoua |
| A | III | 30 | <i>S. Piè Krizològ, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| b | Prid. | 31 | S. Ignas de Loyola, prèt | Mémoua |

OUT

| | | | | |
|---|-------|----|---|----------|
| c | Cal. | 1 | S. Alfons Mari de Ligori, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| d | IV | 2 | <i>S. Euzèb de Vèrsèl, évèk</i> <i>S. Piè Julyin Éymar, prèt</i> | |
| e | III | 3 | | |
| f | Prid. | 4 | S. Jan Mari Viané, prèt | Mémoua |
| g | Non. | 5 | <i>Dédikas bazilik S. Mari majè</i> | |
| A | VIII | 6 | TRANSFIGIRASION GRANMÈT LA | Fèt |
| b | VII | 7 | <i>Ss. Sikst II, pap, ak konpagnon-l yo, mati</i> <i>S. Gaétan, prèt</i> | |
| c | VI | 8 | S. Dominik, prèt | Mémoua |
| d | V | 9 | <i>S. Térèz Bénédikt de la Koua, vièj é mati</i> | |
| e | IV | 10 | S. LORAN, DIAK É MATI | Fèt |
| f | III | 11 | S. Klè, vièj | Mémoua |
| g | Prid. | 12 | <i>S. Jàn Fransouaz de Chantal, rélijyé</i> | |
| A | Idib. | 13 | <i>Ss. Ponsyin, pap, ak Ipolit, prèt, mati</i> | |
| b | XIX | 14 | S. Maksimilyin Mari Kolbé, prèt é mati | Mémoua |
| c | XVIII | 15 | ASONPSION LA TRÈ SINT VIÈJ MARI | Solanité |
| d | XVII | 16 | <i>S. Étièn de Ongri</i> | |
| e | XVI | 17 | | |
| f | XV | 18 | | |
| g | XIV | 19 | <i>S. Jan Eud, prèt</i> | |
| A | XIII | 20 | S. Bèrnar, abé é doktè Égliz la | Mémoua |
| b | XII | 21 | S. Pi X, pap | Mémoua |
| c | XI | 22 | T. S. Vièj Mari Rèn | Mémoua |
| d | X | 23 | <i>S. Roz de Lima, vièj</i> | |
| e | IX | 24 | S. BARTOLOMÉ, APOT | Fèt |
| f | VIII | 25 | <i>S. Loui</i> <i>S. Jozèf de Kalasanz, prèt</i> | |
| g | VII | 26 | | |
| A | VI | 27 | S. Monik | Mémoua |
| b | V | 28 | S. Ogustin, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| c | IV | 29 | Soufrans S. Jan Batis, mati | Mémoua |
| d | III | 30 | | |
| e | Prid. | 31 | | |

SÉPTANM

| | | | | |
|---|-------|----|--|--------|
| f | Cal. | 1 | | |
| g | IV | 2 | | |
| A | III | 3 | S. Grégoua legran, pap é doktè Égliz la | Mémoua |
| b | Prid. | 4 | | |
| c | Non. | 5 | | |
| d | VIII | 6 | | |
| e | VII | 7 | | |
| f | VI | 8 | NÉSANS LA T. S. VIÈJ MARI | Fèt |
| g | V | 9 | <i>S. Piè Klavèr, prèt</i> | |
| A | IV | 10 | | |
| b | III | 11 | | |
| c | Prid. | 12 | <i>Trè Sin Non Mari</i> | |
| d | Idib. | 13 | S. Jan Krizostòm, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| e | XVIII | 14 | ÉGZALTASION SINT KOUA-A | Fèt |
| f | XVII | 15 | T. S. Vièj Mari k-ap soufri | Mémoua |
| g | XVI | 16 | Ss. Kòrnèy, pap, ak Sipriyin, évèk, mati | Mémoua |
| A | XV | 17 | <i>S. Robèr Bélarmin, évèk é doktè Égliz la</i> <i>S. Ildegard de Bingen, vièj é doktè Égliz la</i> | |
| b | XIV | 18 | | |
| c | XIII | 19 | <i>S. Janvié, évèk é mati</i> | |
| d | XII | 20 | Ss. André Kim Taégon, prèt, Pòl Chong A-Sang ak konpagnon yo, mati | Mémoua |
| e | XI | 21 | S. MATIÉ, APOT ÉPI ÉVANJÉLIS | Fèt |
| f | X | 22 | | |
| g | IX | 23 | <i>S. Pio de Pietrelcina, prèt</i> | |
| A | VIII | 24 | | |
| b | VII | 25 | | |
| c | VI | 26 | <i>Ss. Kòm ak Damyin, mati</i> | |
| d | V | 27 | S. Vinsan de Pòl, prèt | Mémoua |
| e | IV | 28 | <i>S. Vinseslas, mati</i> <i>Ss. Lorán Ruiz ak konpagnon-l yo, mati</i> | |
| f | III | 29 | Ss. MICHÈL, GABRIÈL ÉPI RAFAÈL, ARKANJ | Fèt |
| g | Prid. | 30 | S. Jéròm, prèt é doktè Égliz la | Mémoua |

OKTÒB

| | | | | |
|---|-------|----|---|--------|
| A | Cal. | 1 | S. Térèz de lanfan Jézu, vièj | Mémoua |
| b | VI | 2 | Ss. Anj Gadyin yo | Mémoua |
| c | V | 3 | | |
| d | IV | 4 | S. Fransoua d-Asiz | Mémoua |
| e | III | 5 | <i>S. Mari Fostîn (Éléna) Kowalska, vièj</i> | |
| f | Prid. | 6 | <i>S. Bruno, prèt</i> | |
| g | Non. | 7 | T. S. Vièj Mari du Rozèr | Mémoua |
| A | VIII | 8 | | |
| b | VII | 9 | <i>Ss. Déni, évèk, ak konpagnon-l yo, mati</i> <i>S. Jan Léonardi, prèt</i> | |
| c | VI | 10 | | |
| d | V | 11 | <i>S. Jan XXIII, pap</i> | |
| e | IV | 12 | | |
| f | III | 13 | | |
| g | Prid. | 14 | <i>S. Kaliks I, pap é mati</i> | |
| A | Idib. | 15 | S. Térèz de Jézu, vièj é doktè Égliz la | Mémoua |
| b | XVII | 16 | <i>S. Édouij, rélijijé</i> <i>S. Margerit Mari Alakòk, vièj</i> | |
| c | XVI | 17 | S. Ignas d-Antiòch, évèk é mati | Mémoua |
| d | XV | 18 | S. LUK, ÉVANJÉLIS | Fèt |
| e | XIV | 19 | <i>Ss. Jan de Brébeuf ak Izaak Jòg, prèt, ak</i> <i>konpagnon yo, mati</i> <i>S. Pòl de la Koua, prèt</i> | |
| f | XIII | 20 | | |
| g | XII | 21 | | |
| A | XI | 22 | <i>S. Jan Pòl II, pap</i> | |
| b | X | 23 | <i>S. Jan de Kapéstran, prèt</i> | |
| c | IX | 24 | <i>S. Antouàn Mari Klarèt, évèk</i> | |
| d | VIII | 25 | | |
| e | VII | 26 | | |
| f | VI | 27 | | |
| g | V | 28 | S. SIMON AK JUD, APOT | Fèt |
| A | IV | 29 | | |
| b | III | 30 | | |
| c | Prid. | 31 | | |

NOVANM

| | | | | |
|---|-------|----|---|----------|
| d | Cal. | 1 | TOUT SIN YO | Solanité |
| e | IV | 2 | SOUVNI TOUT FIDÈL DÉFIN YO | |
| f | III | 3 | <i>S. Martin de Porès, rélijyé</i> | |
| g | Prid. | 4 | S. Charl Boromé, évèk | Mémoua |
| A | Non. | 5 | | |
| b | VIII | 6 | | |
| c | VII | 7 | | |
| d | VI | 8 | | |
| e | V | 9 | DÉDIKAS BAZILIK LATRAN-AN | Fèt |
| f | IV | 10 | S. Léon legran, pap é doktè Égliz la | Mémoua |
| g | III | 11 | S. Martin de Tour, évèk | Mémoua |
| A | Prid. | 12 | S. Jozafat, évèk é mati | Mémoua |
| b | Idib. | 13 | | |
| c | XVIII | 14 | | |
| d | XVII | 15 | <i>S. Albèr legran, évèk é doktè Égliz la</i> | |
| e | XVI | 16 | <i>S. Margerit d-Ékòs</i> <i>S. Jèrtrud, vièj</i> | |
| f | XV | 17 | S. Élizabèt de Ongri, rélijyé | Mémoua |
| g | XIV | 18 | <i>Dédikas bazilik Ss. Piè ak Pòl, apot</i> | |
| A | XIII | 19 | | |
| b | XII | 20 | | |
| c | XI | 21 | Prézantasion T. S. Vièj Mari | Mémoua |
| d | X | 22 | S. Sésil, vièj é mati | Mémoua |
| e | IX | 23 | <i>S. Kléman I, pap é mati</i> <i>S. Kolonban, abé</i> | |
| f | VIII | 24 | Ss. André Dung Lak, prèt, ak konpagnon-1 yo, mati | Mémoua |
| g | VII | 25 | <i>S. Katrîn d-Aléksandri, vièj é mati</i> | |
| A | VI | 26 | | |
| b | V | 27 | | |
| c | IV | 28 | | |
| d | III | 29 | | |
| e | Prid. | 30 | S. ANDRÉ, APOT | Fèt |

Dènié dimanch « òdinè » :

GRANMÈT NOU JÉZU-KRI ROUA TOUT INIVÈ-A

Solanité

DÉSANM

| | | | | |
|---|-------|----|--|----------|
| f | Cal. | 1 | | |
| g | IV | 2 | | |
| A | III | 3 | S. Fransoua Gzavié, prèt | Mémoua |
| b | Prid. | 4 | S. Jan Damasèn, prèt é doktè Égliz la | |
| c | Non. | 5 | | |
| d | VIII | 6 | S. Nikola, évèk | |
| e | VII | 7 | S. Anbrouaz, évèk é doktè Égliz la | Mémoua |
| f | VI | 8 | IMAKILÉ KONSÉPSION TRÈ SINT VIÈJ MARI | Solanité |
| g | V | 9 | S. Jan Diégo Kouaoutlatoatzîn | |
| A | IV | 10 | S. Vièj Mari de Lorèt | |
| b | III | 11 | S. Damaz I, pap | |
| c | Prid. | 12 | S. Vièj Mari de Gouadaloupé | |
| d | Idib. | 13 | S. Lusi, vièj é mati | Mémoua |
| e | XIX | 14 | S. Jan de la Koua, prèt é doktè Égliz la | Mémoua |
| f | XVIII | 15 | | |
| g | XVII | 16 | | |
| A | XVI | 17 | | |
| b | XV | 18 | | |
| c | XIV | 19 | | |
| d | XIII | 20 | | |
| e | XII | 21 | S. Piè Kanisius, prèt é doktè Égliz la | |
| f | XI | 22 | | |
| g | X | 23 | S. Jan de Kenti, prèt | |
| A | IX | 24 | | |
| b | VIII | 25 | NÉSANS GRANMÈT LA | Solanité |
| c | VII | 26 | S. ÉTIÈN, PRÉMIÉ MATI | Fèt |
| d | VI | 27 | S. JAN, APOT É ÉVANJÉLIS | Fèt |
| e | V | 28 | SS. INOSAN YO, MATI | Fèt |
| f | IV | 29 | S. Toma Békèt, évèk é mati | |
| g | III | 30 | | |
| A | Prid. | 31 | S. Silvès I, pap | |

Dimanch anndan oktav Nésans Granmèt la, oubyin, si pa ginyin, jou 30 désanm nan :

SINT FANMI JÉZU, MARI AK JOZÈF

Fèt

PRÒP POU TAN-AN

TAN AVAN-AN – TAN NÉSANS GRANMÈT LA

TAN AVAN-AN

I. JOUS 16 DÉSANM

Nan Ofis jou dimanch ak jou sémèn yo, apati premié Vèp premié dimanch Avan-an jous 16 désanm inklizivman :

Pou Vèp yo

IMN (*Conditior alme siderum*)

Ou minm ki kréyé sièl yo, ki antréténi yo,
limiè tout tan-an pou moun ki kouè yo,
Kris, rédanmtè tout moun,
kouté priyé moun k-ap sipliyé yo.

Ou minm ki antan-ou patajé soufrans sièk la
k-ap péri nan déstriksion lanmò-a,
ou té sovè tè-a ki malad la,
antan-ou bay koupab yo rémèd.

Pandan asouè tè-a ap panché,
tankou yon épou k-ap soti nan chanm nòs,
ou soti ak dispozision ki onèt anpil
pou Vièj la ki manman-an.

Ou minm dévan pouvoua-ou ki fò-a,
tout bagay plouayé jénou-an,
sa-k nan sièl yo, sa-k sou tè-a
nan yon sign yo déklaré yo anba lòd.

Ou minm, Sin-an, n-ap priyé ak lafoua.
 Ou minm k-ap vini kòm jij sièk la,
 sové nou nan tan-an
 anba flèch ènmi ki trèt la.

Kris, roua ki bon anpil la,
 gloua pou ou ak pou Papa-a
 ansanm ak Paraklè-a
 pou tout tan gin tan. Amèn.

Pou Konpli

IMN (*Te lucis ante terminum*)

Ou minm anvan finisman limiè-a,
 kréatè bagay yo, n-ap priyé ou,
 pou dapré bon kè abituèl la,
 sé ou ki an tèt pou protéksion-an.

Ou minm sé pou kè nou yo révé-ou,
 ou minm sé pou yo santi-ou nan fon somèy,
 épi sé gloua-ou pou yo toujou ap chanté,
 nan prochin limiè-a.

Bay lavi favorab,
 réfè chalè nou,
 fènoua lannuit ki dégoutan-an,
 sé pou klètè-ou anvayi-l ak limiè-l.

Kouté, Papa ki gin tout pouvoua,
 pa lintèmediè Jézu-Kri Granmèt la,
 li minm ki avèk ou pou tout tan,
 ap régné avèk Éspri-Sin-an. Amèn.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua ki gin pou-l vini-an, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.
Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Verbum supernum prodiens*)

Paròl anlè-a k-ap avansé-a
 limiè ki soti nan Papa-a
 ou minm ki, antan-ou pran nésans la, vîn poté tè-a sékou-a,
 nan kous tan-an k-ap bésé-a :

Kléré kè yo koulié-a
 épi boulé yo nèt avèk amou-ou nan;
 pa lintèmediè bon nouvèl la yo tandé-a,
 sé pou sa k-ap fè glisé yo anfin yo chasé.

Jij lè ou-a rivé apré
 pou-ou sondé aksion kè-a,
 antan ou-ap rinmèt chak moun pou sa-k kaché yo
 épi péyi roua-a pou sa ki kòrèk yo,

Sèlman sé pa pou nou séré ak méchan yo
 pou kalité fèt la
 min sé avèk sa-k nan kontantman yo pou-ou mété-n
 pou nou tout tan nan sièl la.

Sé pou gloua-a pou ou, Kris, roua ki bon anpil
 ak Papa-a tou
 ansanm ak Éspri Paraklè-a
 pou tout tan gin tan. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Vox clara ecce intonat*)

Voua klè-a min l-ap éklaté,
 tout kalité fènoua yo l-ap réproché yo:
 Sé pou rèv yo pati byin louin :
 sot nan sièl la, Kris ap parèt.

Léspri-a déjà lévé tou angoudi,
 li minm ki kanpé blésé an déyò bagay sal;
 nouvo zétoual la déjà kléré
 pou ouété tou sa k-ap nui.

Yo voyé Mouton-an sot anro-a
 lagé dèt la gratis;
 nou tout, pou favè sa-a,
 sé pou nou lévé voua avèk dlo nan jé.

Dézièm foua-a pou lè l-ap soutni-an,
 épi frison ap tranglé tè-a,
 li pap pini pou fot,
 min lè sa-a li protéjé nou avèk bon kè-l.

Pou Papa-a ki anlè net la, gloua,
 pou Pitit la viktoua,
 pou Éspri-a louanj yo doué-a
 pou sièk sièk yo. Amèn.

Pou Lè nan mitan jounin-an

Pou Tièrs

IMN (*Nunc, Sancte, nobis, Spiritus*)

Koulié-a, Sint-Éspri,
 yon sèl ak Papa-a ansanm ak Pitit la,
 kité nou ofri-ou antan-ou soti
 pou vidé nan kè nou.

Bouch, lang, éspri, sans, fòs,
 sé pou yo kléronnin déklarasion-ou,
 sé pou charité-a anflamé ak difé,
 sé pou chalè-a chofé prochin yo.

Pa lintèmediè-ou ba nou pou nou konnin Papa-a,
 sé pou nou rékonèt Pitit la tou,
 ou minm Éspri ni youn ni lòt
 sé pou fè nou kouè tout tan. Amèn

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

Pou Sèkst

IMN (*Rector potens, verax Deus*)

Chèf puisan, vré Bondié,
ki réglé chanjamn bagay yo,
ki dispozé matin ak klèté
épi midi-a ak difé,

Étinn flanm kòlè yo,
ouété chalè bagay nuizib yo,
bay kò yo sa k-ap sové yo-a
bay kè yo véritab lapè-a.

Fè favè, Papa ki bon anpil,
ni Sèl Pitit ki égal ak Papa-a,
ansanm ak Éspri Paraklè-a
k-ap kòmandé pou tout sièk tan-an. Amèn.

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

Pou Nòn**IMN** (*Rerum, Deus, tenax vigor*)

Bondié, fòs solid bagay yo,
 imobil antan-ou rété nan ou minm,
 tan limiè jou-a
 antan-ou réglé yo nan siksésion,

bay asouè kléré-a,
 koté lavi-a pa janm tonbé-a,
 min koté rékonpans lanmò sakré-a
 sé gloua pou tout tan-an.

Fè favè, Papa ki bon anpil,
 ni Ou minm Sèl ki égal ak Papa-a
 ansanm ak Éspri-a Paraklè-a
 k-ap kòmandé pou tout sièk la. Amèn.

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé,
 épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmту
 virjinité mouin-an.

PRÉMIÉ DIMANCH AVAN

Prémié sémèn Psòm yo

Pou prémié Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

Réf. 1 Anonsé pèp yo, épi di : Min Bondié sovè nou-an ap vini.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 735.

Réf. 2 Min Granmèt la ap vini, épi tout sin-l yo avèk li, épi nan jou sa-a ap gin yon gran limière, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la ap vini nan gran pouvoua, épi tout chè ap ouè li.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23-24

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré nou.

V/. Épi sovè ou sovè nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané **A**

Poutèt sa véyé, sé sa Jézu di: paské nou pa konnin ki jou Granmèt nou-an ap vini.

Ané **B**

Min non Granmèt la ap vîn soti byin louin, épi klèté-l ap plin ronnn tè yo.

Ané **C**

Ap gin sign nan solèy la ak lalîn nan épi zétoual yo, épi sou tè-a présion nasion yo, épi lè sa-a y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini nan nuaj la avèk pouvoua épi gloua ki gran.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, kè kontan ak fèt tout moun k-ap tann li yo, an nou rélé-l :

Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

Antan nou kontan, n-ap tann vini ou-ap vini-an;

— vini, Granmèt Jézu.

Ou minm ki anvan sièk yo,

— vini pou sovè nou nan sièk sa-a.

Ou minm ki té kréyé tè-a épi moun yo ki abité nan li-a,

— vini pou-ou rachté travay min ou yo.

Ou minm ki pa-t pè natu nou-an ki kapab moura,

— vini pou-ou raché nou sot anba puisans lanmò-a.

Ou minm ki té vini pou nou kapab gin lavi k-ap débodé dépasé mézi-a,

— vini épi ba nou lavi-ou la ki pou tout tan-an.
 Ou minm ki té vlé réyini tout moun nan rouayòm ou-an,
 — vini épi rasanblé sa yo k-ap tann vizion fas ou-a.
 Papa nou ki nan sièl la, *etc.*

Priyè-a

Bay fidèl ou yo, tanpri, Bondié, ki gin tout pouvoua, volonté sa-a pou antan y-al rankontré avèk aksion ki kòrèk Kris ou-a k-ap vini-an, yo asosyé adouat li, yo mérité posédé rouayòm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua ki gin pou-l vini-an, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, Verbum supernum prodiens, 115.

Réf. 1 Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sové nasion yo, alélouya.

Psòm dimanch prémié sémèn-nan, 739.

Réf. 2 Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sové ou sové-a ap vini.

Réf. 3 Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

V/. Gadé, lévé tèt nou.

R/. Paské rédanmsion nou-an ap proché.

PRÉMIÉ LÉKTU

Kòmansman liv profèt Izayi

1, 1-18

Répròch pou pèp la

¹ Vizion Izayi, pitit Amos,
sa-l té ouè sou Juda ak Jérusalèm
nan jou Ozias, Joatam, Akaz, Ézékias roua Juda yo.

² Kouté sièl yo, épi louvri zòrèy yo pou tandé, tè-a,
paské Granmèt la ap palé :
« Mouin té nourri pitit yo, mouin té lévé yo anlè,
yo minm minm yo té méprizé-m.

³ Bèl la konnin mèt li, bourik la konnin mèt li ;
Israèl pa konnin, pèp mouin-an pa konprann ».

⁴ Ala malè pou nasion péchè-a,
pou pèp la ki lou ak péché-a,
pou ras méchan-an, pou pitit asasin yo !
Yo lagé Granmèt la, yo blasfémé Sin Israèl la,
yo viré do dèyè.

⁵ Sou ki bò pou yo frapé nou ankò,
n-ap mété péché sou péché ?

Tout tèt la blésé,
tout kè-a malad.

⁶ Dépi plant pié-a jous nan pouint tèt la,
pa gin koté ki an santé ;
sé blès, kò-fè-mal, koté ki louvri épi ki gonflé yo maré-l,
yo pa souin-l ak médikaman, yo pa froté-l ak luil.

⁷ Tè nou-an dézè,
vil nou yo boulé ak difé;
réjion nou-an, dévan nou étranjé yo dévoré-l,
épi l-ap vîn tounin yon dézè tankou nan dévastasion ènmi-an.

⁸ Épi ti fi Siyon-an abandoné kon yon tonèl nan jadin rézin,
tankou yon kay pay nan jadin konkonb,
tankou yon vil yo ansèklé.

⁹ Si Granmèt lamé yo pa-t kité yon sémans pou nou,
nou t-ap vîn tounin tankou Sodòm,
épi nou t-ap sanblé ak Gomòr.

¹⁰ Kouté paròl Granmèt la,
nou minm, chèf Sodòm yo ;
résévoua laloua Bondié nou-an nan zòrèy nou,
nou minm pèp Gomòr la :

¹¹ Sa sa fè pou mouin, pakèt sakrifis nou yo ?
sé Granmèt la ki di sa.
Mouin bouké : sakrifis bélié,
grès bèf, san toro ak mouton ak bouk, mouin pa vlé sa.

¹² Lè nou vîn dévan fas mouin,

kilès ki mandé bagay sa yo nan min nou,
pou n-ap maché nan lakou-m yo ?

¹³ Pa ofri sakrifis ki pa vo anyin ankò :
ansan-an, mouin rayi-l ;
nouvèl lîn ak saba ak lòt fèt yo, mouin pa sipòté yo ;
asanblé nou yo pa bon minm ;

¹⁴ nouvèl lîn nou yo ak gran fèt nou yo,
nanm mouin rayi yo, yo annuiyé-m,
mouin bouké sipòté yo.

¹⁵ Lè nou lonjé min nou,
mouin viré jé-m louin nou ;
lè nou fè plis priyè,
mouin pa kouté ;
sèké min nou plin san.

¹⁶ Lavé nou, pròpté nou, ouété mové pansé nou yo
sot dévan jé-m ;
sispann aji mal,

¹⁷ aprann fè byin :
chèché sa ki douat, poté sékou bay sa yo fè pasé mati-a,
pran ka òfélin-an, défann vèv la.

¹⁸ Vini, n-ap korésponn nan jijman,
sé sa Granmèt la di.
Si péché nou yo t-a tankou toual rouj,
tankou nèj y-ap blanchi,
épi si yo t-a rouj tankou vlou,
tankou linn y-ap vini.

RÉPONS

Iz 1, 16. 18. 17

R/. Lavé nou, pròpté nou, ouété méchansté pansé nou yo sot nan jé-m yo ; * Si péché nou yo t-a tankou toual rouj, tankou nèj y-ap blanch.

V/. Sispann aji avèk movèv foua, aprann fè byin, chèché jijman-an. * Si péché nou yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Katéchèz sin Siril de Jérusalèm, évèk

(Cat. 15, 1-3: PG 33, 870-874)

Osijè dé fason Jézu-Kri gin pou-l vini-an

Avènman Kris la n-ap anonsé-l, sé pa yon sèl fason réyéلمان, min yon lòt fason tou, k-ap pi bèl anpil pasé prémié-a. Prémié-a réyéلمان té poté signifkasion pasians ; sa-a minm ap poté kouròn ringn Bondié-a.

Paské kòm anpil foua, tout bagay an doub kot Granmèt nou Jézu-Kri. Dé nésans, youn sot nan Bondié anvan sièk yo, lòt la sot nan Vièj la nan akonplisman sièk yo ; dé désant : youn an kachèt, ki tankou lapli sou linn mouton, lòt la minm aklè, asiréman l-ap rivé.

Nan prémié avènman-an, li té vlopé ak bann toual, nan yon krèch : nan dézièm nan, l-ap abiyé ak limiè kòm rad. Nan prémié foua-a li té sipoté koua-a, li té méprizé mank déga-a ; nan dézièm nan, l-ap vini antouré ak lamé anj yo nan gloua.

Sé pa donk nan prémié avènman-an sèلمان nou répozé, min tou sé dézièm nan n-ap tann. Minm jan nan prémié-a nou té di : *Li béni Sa-a ki vini nan non Granmèt la*, sé minm bagay n-ap di ankò nan dézièm nan :

lè avèk anj yo, antan n-ap rankontré Granmèt la, antan n-ap adoré-l, n-ap rélé byin fò : *Li béni Sa-a ki vini nan non Granmèt la.*

Sovè-a ap vini, sé pa pou yo jijé-l ankò, min sé pou-l rélé nan jistis sa yo ki té rélé-l nan jijman-an. Li minm ki, anvan, lè yo t-ap jijé-l la, li té pé bouch, l-ap fè kriminèl yo sonjé mové tretman yo té ozé fè-l, lè yo t-ap kondui-l pou yo klouré-l sou koua-a, l-ap di : *Sé sa ou té fè, épi mouin té pé bouch.*

Lontan, pou-l égzékité plan sakré-a, li té vini ap anségné moun yo, antan l-ap chèché konvink yo ak dousè ; min nan tan sa-a minm, vlé-pa- vlé, y-ap blijé soumèt yo anba ringn li-a.

Osijè ni youn ni lòt fason pou-l vini-an profèt Malachi palé : *Épi tousuit, l-ap rivé nan tanp li-a, Granmèt la n-ap chèché-a.* Min yon avènman.

Épi osijè lòt la, konsa li kòmansé palé : *Épi Anj aliens la nou minm n-ap chèché-a. Min l-ap vini, Granmèt la ki gin tout pouvoua-a : épi kilès ki kapab sipòté jou l-ap antré-a, oubyin kilès ki kapab kanpé nan aparision-l nan ? Paské li minm l-ap rivé tankou difé fòj la, tankou zèb savon moun k-ap lavé yo : épi l-ap chita pou-l fonn, épi pou-l nétouayé.*

Dé fason sa yo tou pou-l vini-an, Pòl montré yo bay Tit antan-l ékri ak mo sa yo : *Gras Bondié Sovè-a té parèt pou tout moun yo ; antan li aprann nou détaché sot nan mank réspè sakré-a épi dézi tè-a, pou nou viv avèk tanpérans épi avèk réspè sakré épi yon fason kòrèk nan sièk sa-a, antan n-ap tann éspérans kontantman-an épi aparision gloua gran Bondié épi Sovè nou-an, Jézu-Kri.* Nou ouè ki jan li éksprimé sou prémié avènman-an antan-l palé sou gras la osijè-l la; lòt la minm, sé sa n-ap tann nan.

Sé pou sa, lafoua-a n-ap proklamé san rété-a koulié-a yo transmèt nou li konsa, pou nou kouè nan Sa-a *ki monté nan sièl la, ki chita adouat Papa-a. Épi li gin pou-l vini nan gloua pou-l jijé sa-k vivan yo ak sa-k mouri yo ; li minm ringn li-an pap gin finisman.*

Sé poutèt sa Jézu-Kri Granmèt nou-an ap vini sot nan sièl yo. L-ap vini réyèlman bò finisman tè sa-a avèk gloua nan dènié jou-a. Tè sa-a réyèlman ap rivé bout épi tè sa-a ki fèt la ap vîn tou nèf ankò.

RÉPONS

Cf. Ps 48 (49), 3; 79 (80), 2; 23 (24), 7. 9

R/. Antan mouin gadé byin louin, min li, mouin ouè puisans Bondié k-ap vini, épi yon nuaj ki kouvri tout tè-a. * Alé dévan-l, épi sé pou nou di : * Anonsé nou, si ou sé li minm, * Ki gin pou régné nan pèp Israèl la.

V/. Tout moun ki fèt sou tè-a, épi pitit moun yo, antan nou fè yon sèl rich ak pòv ansanm, * Alé dévan-l, épi sé pou nou di :

V/. Ou minm k-ap dirijé Israèl, fè atansyon, ou minm k-ap kondui Jozèf tankou mouton-an, * Anonsé nou, si ou sé li minm.

V/. Lévé pòt nou yo, prins yo, épi sé pou yo soulvé nou, pòt pou tout tan yo, épi Roua gloua-a ap antré. * Ki gin pou régné nan pèp Israèl la.

R/. Antan mouin gadé byin louin, min mouin ouè puisans Bondié k-ap vini, épi yon nuaj ki kouvri tout tè-a. Alé dévan-l, épi sé pou nou di : Anonsé nou, si ou sé li minm, ki gin pou régné nan pèp Israèl la.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115.

Réf. 1 Nan jou sa-a, mòn yo ap dégouté dousè ; épi ti rotè yo minm ap fè lèt ak mièl koulé, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch **prémié sémèn-nan**, 743.

Réf. 2 Mòn yo ak ti rotè yo pral chanté louanj dévan Bondié, épi tout pié boua forè yo pral bat bravo ; paské l-ap vini Granmèt la kòm kòmandan nan rouayòm pou tout tan-an, alélouya.

Réf. 3 Min gran Profèt la ap vini, épi li minm l-ap rénouvle Jérusalèm, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 11-12

Li déja lè pou nou lévé sot nan dòmi-a ; koulié-a réyèlman, sovè nou gin pou nou sovè-a pi pré pasé lè nou té kouè-a. Lannuit la pati, jou-a minm ap proche. Konsa sé pou nou kite aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pran pitié pou nou. Kris.

V/. Ou minm ki gin pou-ou vini sou tè-a. * Pran pitié pou nou.

Viv papa-a. Kris.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané **A**

Si pè-d-fanmiy nan té konnin ki lè vòlè-a t-ap vini, li t-ap véyé sètènman, épi li pa t-ap kité yo fè trou nan kay li-a.

Ané **B**

Poutèt sa véyé: nou pa konnin réyèlman kilè mèlè kay la ap vini: asouè, oubyin nan mitan nannuit, oubyin lè kòk la chanté, oubyin nan matin.

Ané **C**

Gadé, épi lévé tèt nou, paské rédanmsion nou ap proché.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a li minm ki fè nou gras ak bon kè pou nou tann révélasion

Granmèt nou Jézu-Kri-a, an nou lapriyè-l antan n-ap di :

Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

Éspri nou, Granmèt, épi nanm nou, épi kò nou, sanktifíé yo,

— épi konsèvé nou san répròch nan vini Pitit ou-a ap vini-an.

Fè nou maché nan jounin sa-a yon fason ki sin,

— épi viv nan sièk sa-a yon fason ki respékté sa ki douat ak sa ki sakré.

Fè nou abiyé avèk Jézu-Kri Granmèt nou,

— épi fè nou plin ak Éspri-Sin-an.

Pèmèt nou rété ap véyé, Granmèt,

— joustan Pitit ou-a parèt nan gloua-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bay fidèl ou yo, tanpri, Bondié, ki gin tout pouvoua, volonté sa-a pou antan y-al rankontré avèk aksion ki kòrèk Kris ou-a k-ap vini-an, yo asosyé adouat li, yo mérité posédé rouayòm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 117-119.

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 13-14 a

Tankou nan lajounin, sé pou nou maché yon fason onèt : non pa nan manjé anpil épi bouason cho, non pa nan mové plézi épi libètinaj, non pa nan kont épi jalouzi, min abiyé avèk Granmèt Jézu-Kri.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a ap krinn gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Tés 3, 12-13

Sé pou Granmèt la fè nou débòdé nan charité youn parapò a lòt épi pou tout moun, minm jan nou minm parapò a nou, pou kè nou yo kapab solid san répròch nan sa-k fè nou sin-an dévan Bondié ak Papa nou, pou avènman Granmèt nou Jézu ansanm ak tout sin-l yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové-a.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Tés 1, 6. 7. 10

Sa kòrèk kot Bondié pou nou minm k-ap pasé tray la, li ba nou répo avèk nou, nan révélation Granmèt Jézu sot nan sièl la avèk anj pouvoua-l yo, lè l-ap vini fè ouè gloua-l nan sin-l yo épi fè admiré-l nan tout sa ki té kouè yo.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

Réf. 1 Sé pou-ou réjoui, pitit fi Siyon, épi sé pou-ou byin fété, pitit fi Jérusalèm, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 752.

Réf. 2 Roua nou-an ap vini, Kris la, li minm Jan té anonsé kòm Mouton-an ki t-ap vini-an.

Réf. 3 Min m-ap vini tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin, sé Granmèt la ki di sa : pou bay chak moun dapré aksion-l yo.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 4-5

Sé pou nou kontan nan Granmèt la tout tan. Yon lòt foua ankò mouin di : Sé pou nou kontan! Bon jan nou-an, sé tout moun ki pou rékonèt li. Granmèt la tou pré.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Épi sové ou sové nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané **A**

Éspri-Sin-an ap désann nan ou, Mari : pa pè, ou-ap gin Pitit Bondié-a nan zantray ou, alélouya.

Ané **B**

Pa pè, Mari, ou jouinn gras réyèlman kot Granmèt la : min ou-ap ansint épi ou-ap anfanté yon Pitit gason, alélouya.

Ané **C**

Ala kontantman pou ou Mari, ou minm ki té kouè nan Granmèt la, y-ap akonpli nan ou, sa Granmèt la té di-ou yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmtè nou Jézu-Kri, ki chémin-an, vérité-a épi lavi-a, avèk siplikasion an nou priyé-l antan n-ap di :

Vini, épi rété avèk nou, Granmèt.

Jézu, Pitit Sa-a ki Anro nèt la, ou minm yo té anonsé bay Vièj Mari pa lintèmediè Gabrièl la,

— vini pou-ou régné sou pèp ou-a pou tout tan.

Ou minm, Sin Bondié-a, sa-k vîn anvan-ou nan té fè fèt pou ou nan vant Élizabèt,

— vini pou-ou bay tout tè-a kè kontan sové ou sové nou-an.

Jézu Sovè, ou minm Anj la té révélé nou-ou bay Jozèf, mésié ki korèk la,

— vini pou-ou sové pèp ou-a sot nan péché-l yo.

Limière tè-a, ou minm Siméon ak tout moun ki korèk yo t-ap tann nan,

— vini pou-ou konsolé nou.

Solèy k-ap lèvé-a, ki pap bésé-a, sa Zakari té prédi ki té gin pou vîn vizité nou sot anro-a,

— vini pou-ou kléré moun sa yo ki chita nan lonbraj lanmò-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bay fidèl ou yo, tanpri, Bondié, ki gin tout pouvoua, volonté sa-a pou antan y-al rankontré avèk aksion ki kòrèk Kris ou-a k-ap vini-an, yo asosyé adouat li, yo mérité posédé rouayòm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

LINDI PRÉMIÉ SÉMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

R/. Épi sové ou sové-a ba nou li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

1, 21-27; 2, 1-5

Jijman Siyon épi sové li sové-a. Rasanbléman nasion yo

^{1,21} Kòman-ou fè vîn tounin fi ki nan mové dézòd, ou minm vil ki té fidèl, ki té plin jijman.

Jistis té abité nan li,

épi koulié-a minm sé asasin.

²² Lajan-ou nan vîn tounin labou,

divin-ou nan vîn mélé ak dlo ;

²³ chèt ou yo vîn rébèl, sé zanmi vòlè :

yo tout rinmin kado pou yo fè pas-doua;

yo kouri dèyè avantaj pou sèvis;

yo pa pran défans sa-k san papa-a,

kòz vèv la pa antré lakay yo.

²⁴ Sé pousa, déklarasion Granmèt lamé-a,

Otorité Israèl la :

« Madichon, m-ap jouin satisfaksion sou ènmi-m yo,

m-ap tiré vanjans sou sa-k ataké-m yo.

²⁵ M-ap viré minm kont ou,

m-ap nétouayé labou-ou la tankou ak savon,

m-ap ouété tout mélanj ou yo.

²⁶ M-ap fè jij ou yo tounin tankou nan kòmansman,

épi konséyé-ou yo tankou lontan ;

aprè sa, y-ap rélé-ou “Vil jistis, Vil fidèl”.

²⁷ Siyon ap délivré nan jijman,

moun li yo k-ap tounin yo, y-ap délivré nan jistis ».

^{2.1} Paròl Izayi, pitit Amòs la, sa-l té ouè

osijè Juda ak Jérusalèm nan.

² Ap rivé nan dènié jou yo,

mòn kay Granmèt la ap paré anlè tèt mòn yo,

épi l-ap lévé anlè ti rotè yo,

épi tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.

³ Épi anpil pèp ap vini épi y-ap di :

« Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la,

ak nan kay Bondié Jakòb la,
 l-ap aprann nou chémin-l yo,
 n-ap maché nan santié-l yo » ;
 paské sé nan Siyon laloua-a ap soti,
 épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.

⁴ L-ap jijé nasion yo,
 l-ap korijé anpil pèp :
 y-ap fonn épé yo nan pikoua,
 épi lans yo nan sèpèt ;
 nasion pap lévé épé kont nasion,
 ni yo pap aprann fè lagè ankò.

⁵ Kay Jakòb, vini
 épi an nou maché nan limiè Granmèt la.

RÉPONS

Mi 4, 2; Jan 4, 25

R/. Vini, an nou monté sou mòn Granmèt la épi nan kay Bondié Jakòb la ; * L-ap aprann nou chémin-l yo épi n-apralé nan santié-l yo.

V/. Mési-a ap vini, sa-a yo rélé Kris la ; lè-l vini, l-ap anonsé nou tout bagay. * L-ap aprann.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt pastoral sin Charl Boromé, èvèk

(Acta Ecclesiae Mediolanensis, t. 2, Lugduni, 1683, 916-917)

Osijè tan Avan-an

Min li, nou minm mouin rinmin anpil la, tan sa-a yo tèlman ap fété-a, épi tan solanèl la, jan Éspri-Sin-an di-a, jou sovè nou sovè-a, lapè-a ak

rékonsiliation-an ; tan sa-a sin patriarch yo, ni profèt yo, yo té anvil anpil la, yo té mandé-l dépi lontan avèk anpil dézi épi soupi ; Siméon, moun kòrèk la, té ouè-l alafin avèk kontantman k-ap débòdé ; épi tout tan Égliz la ap sélébré-l jous koulié-a toujou yon fason solanèl, sé konsa tou nou minm nou doué fè tout tan avèk kè nou ki gin rékonésans, antan n-ap fè louanj pou Papa-a ki la tout tan-an, antan n-ap di-l mèsì pou mizérikòd li montré nou nan mistè sa-a; réyèlman vré, li si tèlman rinmin nou, nou minm péchè, li voyé Sèl Pitit li-a vini pou-l rétiré nou sot anba pouvoua ak otorité démon-an, pou-l invité nou al nan sièl la, pou-l fè nou antré nan profondè sièl yo, pou-l montré nou vérité-a minm, pou-l fiksé nou nan konduit ki douat, pou-l ba nou sémans bon kalité yo, pou-l anrichi nou ak trézò gras li-a, épi anfin pou-l résévoua nou kòm pitit li ak éritié lavi pou tout tan-an.

Mistè sa-a sètènman, pandan Égliz la ap fè sonjé-l chak ané, li invité nou pou nou toujou rékòmansé sonjé kijan li gran rinmin sa-a Bondié montré nou-an; li aprann nou tou lè Kris la vini-an, sé pa sèlman moun yo ki t-ap viv nan tan Sovè nou-an sa profité, min puisans li gin pou pasé nan nou tout koulié-a, si gras li té mérité pou nou-an, nou vlé aksépté-l ak travay lafoua ki sin-an épi sakréman yo, épi si nou vlé dirijé konduit lavi nou dapré gras sa-a antan nou obéyi-l.

Égliz la ap souété anpil ankò nan min nou, pou nou konprann, kòm Kris la vini yon sèl foua sou tè-a nan chè-a, konsa lè nou ouété anpèchman-an ki sou bò pa nou-an, ninpòt ki lè, ninpòt ki moman li paré pou-l vîn jouinn nou ankò, pou-l abité spirituèlman nan nanm nou yo avèk débòdman gras yo.

Sé pousa, tankou yon manman ki bon anpil épi k-ap fè anpil éfò pou nou kapab sové, Égliz la ba nou léson alokasion tan sa-a avèk imn, kantik

épi avèk lòt paròl ak sérémoni Éspri-Sin-an souflé, li aprann nou kijan pou nou résévoua kalité avantaj sa-a avèk rékonésans nanm nou, pou nou anrichi ak frui li, épi konsa pou Kris la, Granmèt la k-ap vini-an, nou pa doué paré kè nou avèk mouins dékoration passé si-l té gin pou-l vîn sou tè-a ankò; sé pa yon lòt fason soua nan paròl soua nan égzanp Ansyin Téstaman-an papa yo té aprann nou pou pran modèl sou yo.

RÉPONS

Cf. Joèl 2, 15; Iz 62, 11; Jér 4, 5

R/. Sonnin tronpèt nan Siyon, rélé nasion yo, anonsé pèp yo, épi sé pou nou di: * Min Bondié, sovè nou-an, ap vini.

V/. Anonsé épi fè tandé; palé épi rélé byin fò. * Min Bondié.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT**

Iz 2, 3

Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, ak nan kay Bondié Jakòb la, l-ap aprann nou chémin-l yo, n-ap maché nan santié-l yo ; paské sé nan Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la.

V/. Épi gloua li nan ou y-ap ouè li. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Lévé jé-ou, Jérusalèm, épi gadé puisans Roua-a : min Sovè-a vîn lagé-ou sot nan chinn nan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, Pitit Bondié vivan-an, limiè ki soti nan limiè-a, sé pou-l fè nou soti al nan limiè-a, pou nou ouè jistis li-a. Konsa, avèk konfians, an nou priyé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, Limiè ki pap fébli, k-ap lévé pou fonn fènoua nou-an,

— ou minm, Kris la, révéyé lafoua nou sot nan dòmi-an.

Fè pou tout jounin-an nou maché trankil,

— antan n-ap joui klèté-ou la.

Aprann nou dousè ki bon nèt la,

— pou tout moun yo kapab rékonèt li.

Vini pou-ou kréyé tè nouvo-a pou nou,

— koté jistis la ak lapè-a ap abité.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou rét fidèl, tanpri, Granmèt Bondié nou, ap tann Kris la Pitit ou-a k-ap vini-an pou, kon-l rivé l-ap frapé, li jouinn nou ap véyé nan priyé, épi ap fété nan louanj li. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT**Cf. Iz 10, 20-21**

Jou sa-a, rès Israèl la ak sa-k té sovè kò yo sot nan kay Jakòb la, ap apuiyé sou Granmèt la, Sin Israèl la nan vérité-a. Rès yo ap tounin, rès Jakòb yo, kot Bondié fò-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Cf. Iz 10, 24. 27**

Sé bagay sa yo Granmèt Bondié lamé yo di : « Pa pè, pèp mouin, ki abité Siyon. Nan jou sa-a y-ap ouété chaj la sot sou zépòl ou épi jouk la sot sou kou-ou ».

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Cf. Iz 13, 22 — 14, 1**

Li tou pré pou-l rivé, tan-l nan, épi jou-l yo pap mizé. Granmèt la ap pran pitié réyèlman pou Jakòb épi Israèl ap sové.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****Fil 3, 20b-21**

Sovè-a n-ap tann, Granmèt la Jézu-Kri, li minm k-ap transfòmé kò povreté nou-an, pou-l fè-l vîn konfòm ak kò gloua li-a, dapré opérasion-an koté li kapab minm soumèt tout bagay anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini.

V/. Montré fas ou, é n-a sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini.

Pou *Magnificat* la, réf. : Anj Granmèt la té anonsé Mari, épi li vîn ansint sot nan Éspri-Sin-an, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la k-ap vini épi k-ap sové nou, avèk siplikasyon an nou priyé-l, antan n-ap di byin fò :

Vini, épi sové nou.

Granmèt Jézu, Kris Bondié-a, sovè tout moun,

— vini pi vit épi sové nou.

Ou minm ki té vini sou tè sa-a,

— libéré nou sot nan péché tè-a.

Ou minm ki té vîn sot nan Papa-a,

— aprann nou chémin k-ap sové nou-an ki al kot Papa-a.

Ou minm ki té fòmé nan vant sot nan Éspri-Sin-an,

— nan minm Éspri sa-a rénouvlé kè nou yo ak paròl ou-a.

Ou minm ki té pran chè nan vant Mari ki Vièj,

— libéré nou sot nan koripsion chè-a.

Sonjé, Granmèt, tout moun yo

— ki té la dépi kòmansman tè-a épi ki té espéré nan ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Fè nou rét fidèl, tanpri, Granmèt Bondié nou, ap tann Kris la Pitit ou-a k-ap vini-an pou, kon-l rivé l-ap frapé, li jouinn nou ap véyé nan priyé, épi ap fété nan louanj li. Li minm ki vivan.

MADI PRÉMIÉ SÉMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Voua sa k-ap rélé nan dézè-a: Paré chemin Granmèt la.

R/. Fè santié Bondié nou-an yo douat.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

2, 6-22 ; 4, 2-6

Jijman Bondié-a

^{2,6} Ou réjité pèp ou-a, fanmi Jakòb la,
dépi lontan li plin ak majisyin ki sot olévan yo
épi yo gin divinò tankou Filistin yo,
yo kolé kò yo sou pitit étranjé yo.

⁷ Péyi-l la plin ak lajan ak lò,
richès yo pa gin finisman.

⁸ Péyi-l la plin ak choual,
kavalié-l yo pa gin finisman.
Péyi-l la plin ak zidòl,
yo ajénou dévan sa min yo fè,
dévan sa douèt yo fè.

⁹ Moun nan rabésé,
moun nan tonbé,
pa lévé yo.

¹⁰ Antré nan trou ròch, kaché nan tè-a
sot dévan sézisman Granmèt la, sot dévan bèlté grandè-l.

¹¹ Moun ki t-ap fè grandizè-a, li blijé bésé jé-l;
 moun ki t-ap lévé tèt li-a, li blijé plouayé kò-l.
 Sé Granmèt la sèl k-ap lévé tèt jou sa-a.

¹² Sèké sé jou Granmèt lamé yo
 sou tout grandizè ak arogan,

sou tou sa k-ap lévé tèt yo, pou-l rabésé-l,

¹³ sou tout pié boua-pin Liban yo ki byin ro yo, ki drésé byin douat yo
 ak sou tout pié boua-d-chèn Bachan yo,

¹⁴ sou tout mòn ki ro yo,
 ak tout ti mòn ki drésé yo,

¹⁵ sou tout fò byin ro yo
 ak sou tout miray ki byin protéjé yo,

¹⁶ sou tout batiman Tarsis yo
 ak sou tout bèl pòtré.

¹⁷ Grandizè moun nan ap rabésé,
 arogans lèzòm ap tonbé.
 Sé Granmèt la sèl k-ap lévé tèt li jou sa-a.

¹⁸ Tout pakèt zidòl yo ap détrui.

¹⁹ Y-ap antré nan trou ròch
 ak nan fant tè-a
 dévan sézisman Granmèt la, dévan bèlté grandè-l
 lè l-ap lévé pou-l frapé tè-a.

²⁰ Jou sa-a zidòl lajan ak zidòl lò moun nan ginyin yo, sa yo té fè pou
 li, pou-l adoré-a, l-ap jété yo bay rat ak chòv-sourit ²¹ pou-l antré nan fant
 ròch yo ak nan trou falèz yo dévan sézisman Granmèt la ak bèlté grandè-
 l, lè l-ap lévé pou-l frapé tè-a. ²² Ralé kò nou sot kot moun nan ki gin yon
 souf nan min-l nan. Sèké konbyin li vo?

- ² Jou sa-a jèm Granmèt la
 ap nan grandè ak gloua,
 épi frui tè-a ap lévé byin ro,
 ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.
- ³ Min sa k-ap rivé : tout sa yo k-ap rété nan Siyon,
 épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin,
 tout moun ki ékri nan lavi nan Jérusalèm.
- ⁴ Si Granmèt la ap pròpté fòt pitit fi Siyon yo,
 épi l-ap lavé san Jérusalèm nan sot nan mitan-l
 nan éspri jijman ak éspri chalè.
- ⁵ Épi sou tout plas mòn Siyon-an
 ak tout koté y-ap rélé-l,
 Granmèt la ap kréyé nuaj lajounin
 ak lafimin épi klèté difé k-ap flanbé nan nuit :
 sou tout moun réyèlman gloua-a ap sèvi tonèl,
⁶ épi tant la ap sèvi lonbraj lajounin kont chalè,
 épi sékirité ak kachèt
 kont loraj ak kont laplui.

RÉPONS

Iz 2, 11 ; Mt 24, 30

R/. Jé moun nan ki t-ap gadé anlè y-ap bésé yo épi rotè gason-an y-ap plouayé-l: * Épi sa y-ap lévé anlè, sé Granmèt la sèl, nan jou sa-a.

V/. Y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini sou nuaj yo, nan sièl la, ak pouvoua épi anpil gloua. * Épi sa y-ap lévé anlè.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Grégoua de Nazianz, évèk

(Or. 45, 9, 22. 26. 28 : PG 36, 634-635. 654. 658-659. 662)

Ala yon échanj ki ékstraòdinè

Pròp Pitit Bondié-a, li minm ki pi ansyin pasé sièk yo, li minm yo pa kapab ouè-a, li minm yo pa kapab konprann nan, li minm ki pa-t gin kò-a, kòmansman sa-a ki sot nan kòmansman-an, limiè sa-a ki sot nan limiè-a, li minm sous lavi-a ak inposibilité mouri-a, anprint vrè modèl la, mak so sa-a ki san mouvman-an, pòtré sa-a ki sanblé nan tout bagay la, li minm aboutisman épi plan Papa-a, li minm donk, li kominiké pròp tèt li bay pòtré-l la, li pran chè pou koz chè-a, épi li fè youn avèk youn nanm intéljijan akòz nanm pa-m, pou-l nétouayé sa-k sanblé-a pa lintèmédiè sa-k sanblé-a, épi li pran tout bagay nan moun nan sof péché-a; li vîn fòmé sètènman nan vant Vièj la, sa Éspri-Sin-an té nétouayé davans la ni nan nanm li ni nan chè li-a (paské anfantman-an té gin pou-l maké ak onè, épi yo té doué poté virjinité-a anvan); Bondié maché ansanm avèk kondision moun nan li pran-an; nan dé bagay sa yo ki kontrè ant yo minm nan, sa vlé di chè-a ak éspri-a, youn nan yo dé-a bay kondision Bondié-a, lòt la minm résévoua-l.

Sa-a ki anrichi lòt yo, li vîn pòv; li sibi kondision pòv chè-m nan réyèlman, pou mouin minm mouin kapab jouinn richès pròp kondision Bondié-l la. Sa-a ki plin-an, li vîn vidé; gloua li-a réyèlman vîn vidé pou youn ti moman, pou-m kapab jouinn pòsion pa-m nan sa-l plin-an.

Ki kalité richès bon kè sa-a ? Ki kalité mistè sa-a pou mouin ? Mouin té résévoua pòtré Bondié-a, épi mouin pa-t kinbé-l. Li minm li résévoua

chè-m nan, pou-l kapab poté sové-a bay pòtré-a, épi pou-l poté impossibilité mouri-a bay chè-a, li rékòmansé fè nou éritié ansanm avèk li yon dézièm foua ankò, épi sé yon fason ki pi ékstraòdinè anpil pasé premié-a.

Nan kondision moun nan Bondié pran-an, sé pou moun nan té kapab vîn sin ; pou lè li té krazé tiran-an ak fòs, li té libéré nou, épi pou-l té fè nou tounin vîn jouinn li palintèmediè Pitit la ki médiatè-a, ki réglé sa pou onè Papa-a, li minm nou ouè ki obéyi Papa-a nan tout bagay.

Kot mouton-an ki té pèdi-a, bon Gadyin sa-a té vini, antan li rinmèt lavi-l pou mouton-l yo, l-al sou mòn yo ak bit-tè yo, nan koté ou t-ap ofri sakrifis yo ; épi li jouinn sa-k té pèdi-a épi kon-l jouinn li, li mété-l sou pròp zépòl li yo, sa yo ki té poté boua koua-a tou, épi li pran-l, li minnin-l tounin nan lavi anro-a.

Limiè sa-a ki kléré anpil la, li suiv lanp la k-ap maché dévan-an épi Paròl la suiv voua-a, épi Épou-a suiv parinn nòs la, antan l-ap préparé yon pèp byin dispozé pou Granmèt la, épi l-ap nètouayé-l davans nan dlo-a pou Éspri-a.

Nou té bézouin yon Bondié ki pou té pran yon chè épi ki pou té mouri, pou nou té kapab viv. Nou té mouri ansanm avèk li, pou nou nètouayé ; nou té résisité ansanm avèk li, paské nou té mouri ansanm avèk li ; nou jouinn gloua ansanm avèk li paské nou té résisité ansanm avèk li.

RÉPONS

Cf. Gal 4, 4-5 ; Éféz 2, 4 ; Rom 8, 3

R/. Min plénitud tan-an déjà rivé, nan li Bondié té voyé Pitit li-a sou tè yo, li pran nésans sot nan Vièj la, li fèt anba laloua-a ; * Pou sa yo ki té anba laloua-a, li rachté yo.

V/. Poutèt charité-l la ki dépasé mézi-a, sa Bondié té rinmin nou ak li-a, li té voyé Pitit li-a nan résanblans chè péché-a. * Pou sa yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Jén 49, 10

Bagèt kòmandman-an, yo pap ouété-l sot nan Juda épi baton chèf la sot nan pié-l yo, joutan li rivé, sa-a li dépann dé li-a, épi li minm nasion yo ap obéyi-a.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi gloua li nan ou y-ap ouè li. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus la, réf.* : Yon boujon ap soti nan rasîn Jésé-a, épi tout tè-a ap plin ak gloua Granmèt la; tout chè ap ouè sové Bondié sové-l la.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ap lonjé min-l yon lòt foua pou-l pran posésion rès pèp li-a. Sé poua, an nou priyé-l :
Sé pou ringn ou-an rivé, Granmèt.

Pèmèt, Granmèt, pou nou donnin frui ki alarotè pénitans la,
 — pou nou résévoua rouayòm ou-an ki tou pré-a.

Paré chémin nan kè nou yo, Granmèt, pou Paròl ou-a k-ap vini-an,

— pou gloua li-a révéle nan nou.

Rabésé mòn ògèy nou-an,

— lévé bafon féblès nou-an.

Ranvèsé miray rayisans la k-ap divizé nasion yo,

— épi chémin k-ap mété nou dakò-a nivlé-l pou moun yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Panché ak bon kè, Granmèt Bondié, sou priyè nou yo, épi nou minm ki nan tribilasyon yo, tanpri ba nou sékou bon kè-ou, pou antan nou konsolé osijè prézans Pitit ou-a k-ap vini-an, okinn mak lontan yo pa sal nou ankò. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Jér 23, 5

Min jou k-ap vini, sé sa Granmèt la di, m-ap fè yon désandans kòrèk lévé pou David ; roua-a ap régné, l-ap gin sajàs, l-ap fè jijman ak jistis sou tè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Jér 23, 6

Nan jou sa yo, Juda ap sové, épi Israèl ap abité avèk konfians : min ki non y-ap rélé-l : « Granmèt la, jistis nou-an ».

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. Éz 34, 15-16

Mouin minm m-ap okipé mouton-m yo épi mouin minm m-ap fè yo kouché, sé sa Granmèt Bondié-a di. Sa-k té pèdi-a, m-ap chèché-l ; sa-k té blésé-a, m-ap pansé-l ; sa-k té malad la, m-ap ba-l santé épi m-ap okipé yo nan jistis.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 1, 7 b-9

N-ap tann révélation Granmèt nou Jézu-Kri-a, li minm k-ap asiré nou jouskalafin san répròch, nan jou Granmèt nou Jézu-Kri-a. Bondié fidèl, li minm pa lintèmédiè-l yo rélé nou nan kominion Pitit li Jézu-Kri Granmèt nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vîn libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-a sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a.
Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Chèché Granmèt la, pandan yo kapab jouinn li: rélé-l, pandan li tou pré-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl la ki égzisté tout tan-an, gras a voual chè li-a té montré rout tou nèf épi ki vivan-an pou alé nan sanktuè sièl la. Antan nou bésé byin ba, an nou mandé li :

Vini, épi sové nou, Granmèt.

Bondié, ou minm nan ou nou viv, nou gin mouvman épi nou égzisté,
— vini épi révélé nou sé ras ou nou yé.

Ou minm ki pa louin nou chak,

— montré-ou ou minm minm pi vit bay tout moun k-ap chèché-ou yo.

Ou minm, Papa pòv yo, épi konsolatè moun ki nan lapinn yo,
— bay prizonié yo libètè épi sa-k tris yo kè kontan.

Ou minm ki rayi lanmò-a, min ki rinmm lavi-a,
— nou minm épi tout défin yo, libéré nou sot nan lanmò pou tout tan-an.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Panché ak bon kè, Granmèt Bondié, sou priyè nou yo, épi nou minm ki nan tribilasyon yo, tanpri ba nou sékou bon kè-ou, pou antan nou konsolé osijè prezans Pitit ou-a k-ap vini-an, okinn mak lontan yo pa sal nou ankò. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI PRÉMIÉ SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié Granmèt nou, fè nou tounin.

R/. Montré nou fas ou, pou nou sovè.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

5, 1-7

Kont pié rézin Granmèt la

¹ M-ap chanté pou zanmi-m nan
kantik kouzin-m nan pou pié rézin-l nan :
Zanmi-m nan té gin yon pié rézin
sou yon mòn ki gra.

² Li baré-l ak yon lantouraj,

li rétiré ròch yo sot ladan-l,
 li planté-l ak plan ki byin chouazi,
 li bati yon kay ro nan mitan-l,
 li fouyé yon basin pou foulé rézin ladan-l,
 li t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin,
 min sé grinn rabi li bay.

³ Koulié-a, konsa, moun yo ki abité Jérusalèm yo
 ak moun Juda yo,
 sèvi jij ant mouin minm ak pié rézin-m nan.

⁴ Ki sa mouin té gin pou-m té fè ankò pou pié rézin-m nan
 épi mouin pa-t fè pou li ?

Pouki sa mouin t-ap tann pou-l fè bon grinn rézin yo,
 épi li fè grinn rabi yo ?

⁵ Koulié-a m-ap montré nou
 ki sa m-ap fè pié rézin-m nan :

m-ap ouété bariè-l la,
 pou yo piyé-l ;

m-ap jété miray li-a,
 y-ap foulé-l anba pié,

⁶ m-ap fè-l vîn tounin yon dézè ;

yo pap tayé-l, yo pap saklé-l,
 sé rajé ak pikan k-ap pousé,
 m-ap pasé nuaj yo lòd pou yo pa fè lapli tonbé sou li.

⁷ Ébyin pié rézin Granmèt lamé yo, sé kay Israèl la,
 épi moun Juda-a sé plan-l nan li rinmin anpil la :
 mouin t-ap tann pou-l té fè sa ki douat, min sé péché ;
 jistis, min sé rèl.

RÉPONS

Ps 79 (80), 14. 15. 3. 16. 15

R/. Li té sakajé rézin-ou nan, kochon maron ki sot nan rak boua-a, épi bèt nan boua-a té manjé-l ; gadé, Granmèt, épi révéyé pouvoua-ou, * Protéjé sa-a min douat ou té planté-a.

V/. Granmèt, Bondié lamé yo, gadé antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè, vizité pié rézin sa-a. * Protéjé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Bèrnar, abé

(Sermo 5 in Adventu Domini, 1-3:

Opera omnia, Edit. cisterc. 4 [1966], 188-190)

Sé pou Paròl Bondié-a vîn nan nou

Nou konnin toua fason Granmèt la vini. Touazièm fason-an li vini-an sé nan mitan dé lòt yo li yé. Dé lòt yo parèt klè, min sa-a minm pa parèt klè. Nan prémié-a, yo ouè-l sou tè-a, li palé avèk moun yo, lè dapré pròp témouagnaj pa-l, yo té ouè-l, épi yo té rayi-l. Nan dènié-a minm, *tout chè ap ouè sové Bondié nou-an sové nou*, épi *y-ap gadé sa-a yo té transpèsé-a*. Sa-k nan mitan-an, li kaché, ladan-l, sé sèlman moun li chouazi yo ki ouè-l nan yo minm, épi nanm yo vîn sové. Nan prémié fason-an donk, li té vini nan chè-a ak nan féblès, nan sa-k nan mitan-an li vini nan éspri ak nan pouvoua ; nan dènié-a l-ap vini nan gloua ak nan otorité.

Nan fason li vini-an ki nan mitan-an, sé chémin pou nou soti nan prémié fason-an al nan dènié-a : nan prémié-a Kris la té rédanmsion nou, nan dènié-a l-ap parèt kòm lavi nou, nan sa-a minm li sé répo ak konsolasion nou.

Min pou yon moun pa t-a konprann sé invansion sa nou di sou fason sa-a l-ap rivé ki nan mitan-an, kouté-l : Li di : *Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin yo, épi Papa-m ap rinmin-l, épi n-ap vîn jouinn li. Mouin té li réyèlman yon lòt koté : Moun ki respékté Bondié, sé pou li fè sa ki byin yo ; min mouin konprann yo di kichòy ki plis osijè moun ki rinmin-an, paské l-ap kinbé paròl yo. Ki koté pou yo kinbé paròl yo ? Pa gin okinn dout, sé nan kè-a, jan Profèt la di-a : Nan kè-m mouin té kaché promès ou yo, pou-m pa fè péché kont ou.*

Sé fason sa-a mouin té kinbé paròl Bondié-a : *Ala kontantman réyèlman pou moun yo ki kinbé-l.* Konsa sé pou-l tonbé tankou nan zantray nanm ou ; sé pou-l travèsé nan santiman-ou yo ak nan konduit ou yo. Manjé byin-an, nanm ou ap jouinn plézi-l nan pakèt avantaj k-ap débòdé-a. Pa bliyé manjé pin-ou, pou kè-ou pa séché, min sé pou nanm ou plin ak anpil bon manjé gra.

Si sé konsa ou kinbé paròl Bondié-a, pa gin okinn dout, li minm tou l-ap kinbé-ou. Pitit la ap vîn jouinn ou avèk Papa-a, gran Profèt la ap vini, li minm k-ap rénouvlé Jérusalèm nan, l-ap fè tout bagay yo vîn nouvo. Sé sa réyèlman l-ap fè nan vini sa-a l-ap vini-an, pou, *minm jan nou té poté pòtré sa-k sot nan tè-a, sé konsa tou n-ap poté pòtré sa-k sot nan sièl la.* Minm jan ansyin Adan-an té vidé nan tout moun nan nèt la, jous li té pran posésion tout moun nan nèt la, sé konsa tou Kris la ap ginyin-l toutantié, li minm ki té kréyé-l toutantié, ki té rachté-l toutantié, épi k-ap glorifié-l toutantié.

RÉPONS

Cf. Ps 28 (29), 11; Iz 40, 10

R/. Min Granmèt la ap vini, antan l-ap désann avèk ékla, épi pouvoua-l avèk li : * Pou-l vizité pèp li-a nan lapè, pou-l instalé lavi tout tan-an sou li.

V/. Min Granmèt nou-an ap vini avèk pouvoua. * Pou-l vizité.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 7, 14 b-15

Min li, Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon ti gason, y-ap rélé non-l Émanuèl; sé lèt ak mièl l-ap manjé, joustan li aprann réjté sa-k mal pou-l chouazi sa-k byin.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sa-a ki gin plis fòs pasé-m nan ap vini apré-m, li minm mouin pa mérité pou-m défèt lasèt sapat li yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl Bondié-a té désidé abité nan nou, pou nou té kapab ouè gloua li-a.

Antan nou kontan gras a éspérans sa-a, an nou di byin fò :

Tanpri, Émanuèl, sé pou avèk nou.

Chèf ki kòrèk é ki douat,

— rann jistis pou pòv yo ak sa y-ap krazé yo.

Roua ki mét lapè, antan ou fonn épi yo ak lans yo pou fè yo tounin sèpèt,

— chanjé jalouzi yo nan rinmin épi injistis nou yo nan padon.

Ou minm ki pa jijé dapré sa jé yo ouè,

— rékonèt moun ki pou ou yo.

Lè ou-ap vini nan nuaj la avèk gran pouvoua-a,

— fè nou parèt dévan fas ou san nou pa ront.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Préparé kè nou yo, tanpri, Granmèt Bondié nou, ak fòs ou ki sot nan Bondié-a, pou antan Kris la Pitit ou-a vini, yo jouinn nou nan éta pou nou patispé nan résépsion lavi tout tan-an, épi manjé sièl la, antan l-ap sèvi, nou mérité résévoua-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 2, 11

Moun ki t-ap fè grandizè-a, li blijé bésé jé-l yo; moun ki t-ap lévé tèt li-a, li blijé plouayé kò-l. Sé Granmèt la sèl k-ap lévé tèt jou sa-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 12, 2

Mìn Bondié sovè-m nan; m-ap gin konfians épi mouin pap pè, paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la, sé li minm ki vîn sové-m.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Dan 9, 19

Kouté, Granmèt ; kalmé, Granmèt, fè atansyon épi aji : pa tann akòz ou minm, Bondié mouin-an, paské yo rélé non-ou sou vil la avèk sou pèp ou-a.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Kor 4, 5

Pa jijé anyin anvan tan-an, joutan Granmèt la rivé, li minm k-ap kléré sa-k kaché nan fènoua yo, k-ap montré pansé ki nan kè yo ; lè sa-a chak moun ap jouinn louanj nan min Bondié.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré nou fas ou, pou nou sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : Sé nan Siyon laloua-a ap sòti, épi paròl Granmèt la sot nan Jérusalèm.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, li minm ki té voyé Pitit li-a, pou-l poté lapè san fin-an ba nou, antan n-ap sipliyé, an nou lapriyè-l :

Sé pou ringn ou-a rivé, Granmèt.

Gadé, Papa ki sin, Égliz ou-a,

— vini épi vizité jadin rézin sa-a min douat ou-a té planté-a.

Sonjé, Bondié ki fidèl, tout pitit Abraam yo,

— épi réalizé promès ou té fè papa yo-a.

Konsidéré, ou minm Bondié ki bon anpil, tout nasion yo,

— pou yo onoré-ou poutèt mizérikòd ou-a.
 Gadyin ki la pou tout tan, vizité mouton bann mouton-ou yo,
 — épi rasanblé yo tout nan koté ou-ap ba yo manjé-a.
 Sonjé tou tout moun ki pati kité tè sa-a nan lapè-ou la,
 — résévoua yo nan gloua-a ansanm avèk Pitit ou-a.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Préparé kè nou yo, tanpri, Granmèt Bondié nou, ak fòs ou ki sot nan Bondié-a, pou antan Kris Pitit ou-a vini, yo jouinn nou nan éta pou nou patispé nan résépsion lavi tout tan-an, épi manjé sièl la, antan l-ap sèvi, nou mérité résévoua-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI PRÉMIÉ SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Kouté paròl Granmèt la, nasion yo.

R/. Anonsé-l jous nan bout tè-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

16, 1-5 ; 17, 4-8

Siyon sé kachèt moun Moab yo. Éfrayim chanjé mové konduit li-a
 16,1 Voyé mouton bay chèf péyi-a,
 sot nan Ròch la nan savann nan al sou mòn pitit fi Siyon-an.

² Tankou zouazo k-ap vòltijé nan tout sans,
 ki pèdi nich yo,
 konsa pitit fi Moab yo,
 bò pas Arnon-an.

³ Fè rasanbléman, pran désizion,
 mété lonbraj ou tankou lannuit gro midi,
 kaché sa-k gayé yo, pa dévoualé moun k-ap sové kò-l la.

⁴ Moun Moab yo ki égzilé yo, kité yo abité lakay ou.
 Sèvi yo kachèt dévan fas moun k-ap piyé yo-a.
 Lè y-a sispann fè nou pasé tray,
 lè moun k-ap piyé-a ap disparèt,
 lè sa k-ap foulé tè-a pati,

⁵ fotèy la ap pozé fèm nan kè sansib,
 moun k-ap chita ladan-l nan nan vérité
 nan joupa David la, sé yon yon jij k-ap chèché jijman,
 k-ap mét aktivité pou jistis.

^{17,4} Jou sa-a, bèlté Jakòb la ap fébli,
 l-ap séché nan grès kò-l.

⁵ Sé tankou lè moun k-ap rékòlté-a kinbé brasé blé-a,
 ak min-l li koupé zépi yo,
 sé tankou lè y-ap ranmasé rès zépi nan bafon Réfrayim yo.

⁶ Sé ti rès ki rété,
 tankou lè y-ap kéyi oliv,
 dé toua grinn anro pié-a nèt,
 kat ou sink nan branch pié boua-a ki té plin frui-a,
 déklarasion Granmèt la, Bondié Israèl la.

⁷ Jou sa-a, moun nan ap gadé nan diréksion Sila-a ki fè-l la,
 lap fiksé jé-l sou Sin Israèl la,

⁸ li pap gadé nan diréksion lotèl
 min-l té fè yo,
 li pap fiksé jé-l sou sa-l fè ak douèt li:
 potò sakré yo ak zidòl solèy yo.

RÉPONS

Cf. Jér 33, 15. 16; Iz 16, 5

R/. M-ap fè yon jèm jistis jèmin pou David, l-ap fè jijman ak jistis rivé sou tè-a ; * Min kijan y-ap rélé-l : Granmèt la sé jistis nou.

V/. Fotèy la ap pozé fèm nan mizérikòd ; sa-a k-ap jijé épi k-ap chèché jijman-an, l-ap chita sou li nan vérité. * Min kijan.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan kòmantè sin Éfrèm, diak, nan Diatésaron-an

(Cap. 18, 15-17: SCh 121, 325-328)

Sé pou nou véyé: li gin pou-l vini ankò

Pou-l anpéché disip li yo mandé-l ki lè li gin pou-l vini-an, Kris té di : *Osi jè lè sa-a pèsonn pa konnin, ni anj yo ni Pitit la. Nou pa bézouin konnin tan yo ni moman yo. Li kaché yo pou nou kapab véyé épi pou chak moun nan nou pansé l-ap vini nan tan pa-l la. Si réyèlman li té révéle ki lè li té gin pou-l vini, li t-ap vini yon fason ki pa intélijan, nasion yo pa t-ap dézire-l ankò ni sièk yo tou koté li gin pou-l révéle-a. Li té di li gin pou-l vini, min li pa-t di ki lè l-ap vini, épi konsa sé tout jénérasyon yo ak sièk yo ki byin cho ap tann li.*

Malgré Granmèt la établi sign ki pou fè ouè lè l-ap vini-an, pa gin youn nan mo ki dézignin yo-a yo kapab konprann klè ; paské sign sa yo vini, yo pasé ak anpil chanjman, plis toujou yo pèsisté jous koulié-a. Dènié fason l-ap vini-an ap tankou premié-a.

Paské minm jan moun ki kòrèk yo ak profèt yo t-ap tann li, antan yo té sipozé sé nan jou yo li té gin pou-l révéle pròp tèt li, sé konsa tou minm jodi-a chak moun nan fidèl yo anvi résévoua-l nan tan pa-l, paské jou l-ap vini-an li pa-t fè ouè-l aklè : épi sa, sé sitou poutèt rézon sa-a : sé pou kèk moun pa konprann li ésklav aza ak lè, li minm ki gin pouvoua ak otorité sou kantité yo ak tan yo. Sa li minm li détèminé, kòman fè sa t-a kapab kaché pou li, li minm ki détayé sign fason l-ap vini-an ? Sé pou sa sé avèk paròl sa yo li dékoré sign li yo, pou dépi jou sa-a jous apré, tout jénérasyon yo ak sièk yo konsidéré sé nan tan pa yo li gin pou-l vini.

Sé pou nou véyé, paské lè kò-a ap dòmi, natu-a kité yo pran pié sou li, épi sé pa poutèt volonté nou, min sé dapré tandans natu-a aksion-an fèt avèk fòs. Épi lè yon dòmi lou pézé sou nanm nan, parégzanp féblès oubyin tristès, ènmi-an pran pié sou li épi pa lintèmediè dòmi sa-a li fè sa nanm nan pa vlé. Fòs la pran pié sou natu-a, ènmi-an minm pran pié sou nanm nan.

Konsa, vèy sa-a Granmèt la té kòmandé-a, li konsèné toulèdé aspè moun nan : ni kò-a, pou-l fè atansyon parès, ni nanm nan, pou-l fè atansyon pou-l pa angoudi, pou-l pa pè, sé konsa tou Ékri-a di : *Sé pou nou révéyé, nou minm ki kòrèk yo ; épi Mouin té lévé, épi mouin avèk ou toujou ; épi ankò : Pa fébli. Sé pou sa antan nou gin résponsabilité, nou pa fébli.*

RÉPONS

Iz 55, 3-4; Tr Ap 28, 28

R/. M-ap pasé yon kontra pou tout tan avèk nou, mizérikòd yo ki fidèl pou David la ; * Gadé mouin mété-l kòm témouin pou pèp yo, kòm chèf ak gid pou nasion yo.

V/. Sové Bondié sovè nou sa-a, yo voyé-l bay nasion yo, épi yo minm y-ap kouté. * Gadé.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 45, 8

Sièl yo, fè larouzé tonbé sot anro-a, sé pou nuaj yo fè jistis la tonbé tankou lapli; sé pou tè-a louvri, épi pou-l jèmin Sovè-a; épi sé pou jistis la lévé ansanm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : M-ap tann Granmèt la sovè-m nan, m-ap rété tann li pandan li tou pré-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, sajès ak puisans Bondié, li minm plézi-l sé rété avèk pitit moun yo, avèk konfians an nou lapriyè-l :

Rét toupré nou, Granmèt.

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki té rélé nou nan rouayòm klèté-ou la,

— fè nou maché kòrèk, antan nou fè Bondié plézi nan tout bagay.

Ou minm ki rété nan mitan nou san tè-a pa konnin-ou,

— montré vizaj ou bay moun yo.

Ou minm ki pi pré nou pasé pròp tèt pa nou,

— nan kè nou yo, asiré konfians la ak éspérans sovè nou sovè-a.

Ou minm ki sous k-ap fè vîn sin-an,

— kinbé nou sin épi san tach, pou jou ou-ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Mété pouvoua-ou déyò, Granmèt, épi, ak gran fòs, poté nou sékou, pou sa péché nou yo té anpéché-a, gras padon-ou nan fè-l rivé pi vit. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Mi 5, 3-4 a

Sa-a k-ap chèf nan Israël la ap kanpé, l-ap okipé mouton yo nan fòs Granmèt la, nan gloua non Granmèt Bondié-l la ; épi y-ap abité an sékirité, paské koulié-a l-ap gran jous nan bout tè-a, épi li minm l-ap lapè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Aj 2, 6 b. 9

Yon ti moman ankò, épi mouin minm m-ap souké sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak dézè-a. Gloua dènié kay sa-a ap pi gran pasé prémié-a; nan koté sa-a, m-ap bay lapè, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Mal 3, 20-21 b

L-ap lévé pou nou minm ki krinn non-m yo, solèy jistis la, avèk santé nan réyon-l yo; n-ap soti épi n-ap dansé tankou ti toro gra yo, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Jak 5, 7-8. 9 b

Sé pou nou pran pasians, frè yo, joutan Granmèt la rivé. Gadé moun k-ap fè jadin-an, l-ap tann frui tè-a ki gin anpil valè-a, li pran pasians, joutan li jouinn lapli prémié sèzon-an ak dènié sèzon-an. Konsa sé pou nou pran pasians nou minm tou, sé pou nou asiré kè nou, paské Granmèt la prèt pou-l rivé. Min li, jij la dévan pòt la li kanpé.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a béni.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, an nou inploré Kris la, gran limiè-a, sa profèt yo té promèt moun yo ki abité nan lonbraj lanmò-a, épi an nou aklamé :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm Paròl Bondié-a, ki té kréyé tout bagay dépi nan kòmansman épi nan dènié jou yo ki pran natu nou-an,

— vini épi sovè nou sot nan lanmò-a.

Véritab limiè k-ap kléré tout moun nan,

— vini épi gayé fènoua ignorans nou-an.

Sèl Pitit la ki nan vant Papa-a,

— vini épi rakonté nou byinvéyans Bondié-a.

Kris Jézu, ki té vîn jouinn nou kòm Pitit moun nan,

— moun ki résévoua-ou yo, fè yo vîn pitit Bondié.

Ou minm ki louvri pòt tout prizon yo,

— résévoua nan sal nòs yo moun yo k-ap mandé lacharité nan pòt yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Mété pouvoua-ou déyò, Granmèt, épi, ak gran fòs, poté nou sékou, pou sa péché nou yo té anpéché-a, gras padon-ou nan fè-l rivé pi vit. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI PRÉMIÉ SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt.

R/. Sovè ou sovè nou-an dapré promès ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

19, 16-25

Éjipsyin avèk Asiryin yo gin pou yo chanjé mové konduit yo-a

¹⁶ Jou sa-a, Éjipsyin yo ap vîn tankou médanm yo, y-ap sézi, y-ap pè dévan min Granmèt lamé yo k-ap ménasé, k-ap lévé sou li. ¹⁷ Péyi Juda-a ap sézi lokazion pou fè Éjip la ront. Tout moun k-ap sonjé bagay sa-a, l-ap tranblé dévan plan Granmèt lamé yo, plan sa-a li réfléchi sou li-a.

¹⁸ Jou sa-a gin sink vil nan péyi Éjip k-ap palé lang Kanaan-an, épi k-ap fè sèman sou non Granmèt lamé yo. Y-ap rélé youn Vil solèy.

¹⁹ Jou sa-a ap gin yon lotèl pou Granmèt la nan mitan péyi Éjip la. Sèké y-ap rélé kot Granmèt la tou pré frontiè Éjip la. ²⁰ L-ap sèvi sign ak témouagnaj pou Granmèt lamé yo nan péyi Éjip la. Sèké y-ap rélé kot Granmèt la, dévan moun k-ap fè yo pasé tray yo, l-ap voyé yon moun pou sové yo, l-ap batay pou yo, l-ap délivré yo. ²¹ Granmèt la ap fè Ejipsyin yo rékonèt li, Éjipsyin yo ap rékonèt Granmèt la, jou sa-a, y-ap sèvi-l nan sakrifis ak kado, y-ap fè promès bay Granmèt la, y-ap réglé sa yo promèt la. ²² Lè Granmèt la ap fîn frapé Éjip la byin frapé, l-ap géri-l, y-ap tounin vîn jouinn Granmèt la, l-ap résévoua yo, l-ap géri yo.

²³ Jou sa-a, ap gin yon rout k-ap sot Éjip k-apral Asiri. Asiri ap vîn Éjip, Éjip apral Asiri, Éjipsyin yo ap sèvi Asiri.

²⁴ Jou sa-a Israèl ap vîn nan touazièm plas apré Éjip ak Asiri, bénédiksion nan mitan péyi-a, ²⁵ k-ap sèvi Granmèt lamé yo pou-l béni, l-ap di : « Bénédiksion pou pèp mouin, Éjip ki pèp mouin, avèk pou Asiri mouin fè ak min-m nan, avèk pou Israèl ki éritaj mouin ».

RÉPONS

Iz 19, 21; Lk 13, 29

R/. Éjipsyin yo ap rékonèt Granmèt la jou sa-a, * Épi y-ap sèvi-l ak sakrifis ak kado.

V/. Y-ap vîn sòti olévan ak okouchan, nan nò ak nan sid, y-ap lonjé kò yo nan péyi-roua Bondié-a. * Épi y-ap sèvi-l.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan liv « Proslogion » (*Konvèsasion*) sin Ansèlm, évèk

(Cap. 1: *Opera omnia*,

Edit. Schmitt, Seccovii, 1938, 1, 97-100)

Anvi nou anvì ouè Bondié-a

Ébyin koulié-a, ti pitit mouin, kité okipasion-ou yo yon ti kras, kaché kò-ou yon ti kras louin ajitasion kalkil ou yo. Koulié-a, préokipasion ki lou yo, voyé yo louin, épi tray k-ap fatigé-ou yo, kité sa pou apré. Okipé Bondié yon ti kras épi répozé yon ti kras nan li.

Antré nan chanm léspri-ou ; voyé tout bagay dèyò sof Bondié ak sa k-ap édé-ou chèché-l, épi, antan pòt la fèmin, chèché-l. Koulié-a, tout kè-m, sé pou-ou di Bondié : M-ap chèché fas ou ; *sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.*

Koulié-a, ou minm Bondié Granmèt mouin, aprann kè-m ki koté épi kijan pou-l chèché-ou, ki koté épi kijan pou-l jouinn ou.

Granmèt, si-ou pa isit la, ki koté pou-m chèché-ou, antan-ou pa la ? Min si-ou toupatou, pouki sa mouin pa ouè-ou antan-ou la-a ? Min

sètènman ou abité yon limiè yo pa kapab proché. Épi koté limiè yo pa kapab proché-a, oubyin kijan pou-m proché koté limiè sa-a yo pa kapab proché koté-l la ? Oubyin kilès k-ap kondui-m, épi k-ap fè-m antré nan li, pou-m ouè-ou ladan-l ? Apré sa, avèk ki kalité sign, ki kalité fas pou-m chèché-ou ? Mouin pa janm ouè-ou, Granmèt Bondié-m ; mouin pa konnin fas ou.

Sa pou-l fè, Granmèt ki anro nèt la, sa pou-l fè, moun ou sa-a ki égzilé louin-ou la ? Sa pou-l fè sèvitè-ou la ki gin kè-l séré tèlman li souaf rinmin-ou nan, époutan li réjité louin fas ou ? Li anvi ouè-ou, époutan fas ou rét louin-l anpil. Li anvi proché koté-ou, époutan koté-ou rété-a yo pa kapab proché la. Li anvi jouinn ou, min li pa konnin koté ou yé. L-ap fè éfò chèché-ou, min li pa konnin fas ou.

Granmèt, sé Bondié-m ou yé, sé Granmèt mouin ou yé, épi mouin pa janm ouè-ou. Ou fè-m, ou réfè-m, épi tout byin mouin ginyin sé ou minm ki ban mouin yo, épi mouin pa ko konnin-ou. Apré sa sé pou-m té kapab ouè-ou ou té fè-m ; épi mouin pa ko fè-l, sa-m fèt pou li-a.

Épi ou minm, Granmèt, jouskilè ? Jouskilè, Granmèt, ou-ap bliyé nou, jouskilè ou-ap kaché fas ou louin nou ? Kilè ou-a gadé épi ou-ap kouté nou ? Kilè ou-a kléré jé nou, épi ou-ap montré nou fas ou ? Kilè ou-a rinmèt ou ba nou ?

Granmèt, gadé, kouté, kléré nou, fè nou ouè-ou ou minm minm. Rinmèt ou ba nou, pou sa bon pou nou ; san ou minm, sa tèlman mal pou nou. Pran pitié pou lapinn nou ak éfò n-ap fè pou nou rivé koté-ou, nou minm ki pa vo anyin san ou minm.

Aprann mouin chèché-ou, épi montré-ou bay sa k-ap chèché-a; paské mouinpa ni kapab chèché-ou si ou pa aprann mouin, ni kapab jouinn ou si ou pa montré-ou. Sé pou-m chèché-ou antan mouin anvi-ou, sé pou-m

anvi-ou antan m-ap chèché-ou, sé pou-m jouinn ou antan-m rinmin-ou, sé pou-m rinmin-ou antan-m jouinn ou.

RÉPONS

Ps 79 (80), 19. 20; 105 (106), 4

R/. Nou pap viré do ba ou, ou-ap fè nou viv, Granmèt, épi n-ap rélé non-ou: * Kléré fas ou épi n-ap sové.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a : vizité nou nan sové ou sové nou-an. * Kléré.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Jér 30, 21 a. 22

Sé sa Granmèt la di : Chèf li ap soti nan li, épi pitit roua ap avansé sot nan mitan-l ; m-ap fè édikasion-l, l-ap proche koté-m. N-ap pèp mouin, mouin minm m-ap Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Min Bondié ap vini épi moun nan ki sot nan kay David la, l-ap chita sou trôn nan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a té désidé révéle gloua li-a bay moun yo pa lintèmediè Pitit la, sé poua tankou nan fèt an nou akلامé :

Sé pou non-ou glorifié, Granmèt.

Fè nou aprann, Granmèt, pou youn sipòtè lòt,

— tankou Kris la té résévoua nou an lonè Bondié.

Plin nou ak tout kè kontan épi lapè nan kouè nou kouè-a,

— pou nou maché nan éspérans ak puisans Éspri-Sin-an.

Vini édé tout moun, Granmèt, dapré kantité pitie-ou yo,

— fè moun yo k-ap tann ou, minm si sé san yo pa konnin, rive rankontre-ou.

Ou minm ki rélé épi ki sanktifié moun ou chouazi yo,

— nou minm péchè yo ou gin pou kouroné ak kontantman pou tout tan-an, lévé nou anlè.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Mété pouvoua-ou déyò, tanpri, Granmèt, épi vini, pou nan danjé ménas péché nou yo, nou mérité délivré antan-ou protéjé nou, sové antan-ou délivré nou. Ou minm ki vivan é ki roua ansanm ak Bondié Papa-a ki fè youn ak Éspri-Sin-an, Bondié pou tout tan gin tan. Amèn.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Jér 29, 11. 13

Mouin minm mouin konnin kalkil m-ap kalkilé sou nou, sé sa Granmèt la di, sé kalkil lapè, sé pa kalkil malè, pou-m ba nou tan k-ap vîn apré-a ak éspérans la. N-ap chèché-m épi n-ap jouinn mouin, paské n-ap chèché-m ak tout kè nou.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Jér 30, 18 a

Min paròl Granmèt la : Min m-ap fè tant Jakòb yo tounin byin tounin, m-ap pran pitié pou kay li yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmту virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Bar 3, 5-6 a**

Pa sonjé péché papa nou yo, min sonjé min-ou ak non-ou nan moman sa-a, paské sé ou minm Bondié Granmèt nou.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****2 Piè 3, 8 b-9**

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou. Granmèt la pa fè réta pou-l réalizé promès li-a, tankou kèk konprann nan, min sé avèk pasians l-ap aji nan nou, paské li pa vlé pou kèk péri, min pou tout moun tounin fè pénitans.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vîn libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Mouin rélé Pitit mouin-an sot Éjip ; l-ap vini pou-l sové pèp li-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pastè épi évèk nanm nou yo, Kris la, an nou rélé-l avèk konfians :

Aji avèk byinvéyans, Granmèt, nan bòn volonté-ou la.

Bon Pastè bann mouton Bondié yo,

— vini pou-ou réyini tout moun yo nan Égliz ou-a.

Vîn édé, Granmèt, pastè pèp ou-a ki nan pélérijinaj la,

— pou yo bay bann mouton-ou yo manjé avèk souin joustan-ou vini.

Chouazi nan pami nou moun k-ap préché paròl ou-a,

— pou yo anonsé Évanjil ou-a jous nan bout tè-a.

Pran pitié pou tout moun k-ap souffri épi ki fébli sou rout la,

— fè yo jouinn yon zanmi ki vîn édé yo.

Montré gloua-ou la nan patiraj sièl yo

— bay sa yo ki té kouté voua-ou nan sièk sa-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Mété pouvoua-ou déyò, tanpri, Granmèt, épi vini, pou nan danjé ménas péché nou yo, nou mérité délivré antan-ou protéjé nou, sové antan-ou délivré nou. Ou minm ki vivan é ki roua ansanm ak Bondié Papa-a ki fè youn ak Éspri-Sin-an, Bondié pou tout tan gin tan. Amèn.

SAMDI PRÉMIÉ SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Granmèt la anonsé paròl li bay Jakòb.

R/. Jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

21, 6-12

Santinèl la ap anonsé Babilòn ap détrui

⁶ Min sa Granmèt mouin di-m :

« Alé, instalé yon santinèl,
sa-l ouè, sé pou-l anonsé-l.

⁷ L-ap ouè kavalié dé pa dé,
moun ki monté sou bourik, moun ki monté sou chamo,
sé pou-l obsèvé byin obsèvé avèk anpil atansyon ».

⁸ Lion-an rélé:

« Koté Granmèt la plasé-m pou-m véyé-a,
mouin kanpé tout lajounin,
nan pòst-santinèl mouin-an,
mouin rét kanpé tout nan nuit ».

⁹ Min kavalié k-ap vini dé pa dé,
li pran laparòl, li di:

« Li tonbé, li tonbé, Babilòn ;
 épi tout pòtré dié-l yo,
 yo krazé atè-a ».

¹⁰ Nou minm mouin ginyin ki krazé-a, pitit glasi-m yo,
 sa-m tandé kot Granmèt lamé yo, Bondié Israèl la,
 m-ap anonsé nou li.

¹¹ Déklarasion sou Douma.
 L-ap rélé koté-m sot Séyir :
 « Santinèl, ki sa-ou di sou lannuit la ?
 Santinèl, ki sa-ou di sou lannuit la ? ».

¹² Santinèl la di :
 « Matin ap vini, épi lannuit la tou ;
 si nou vlé chèché, chèché ;
 tounin, vini ».

RÉPONS

Ap 18, 2. 4. 5

R/. Anj la té rélé ak yon voua byin fò : Li té tonbé, gran Babilòn nan ;
 épi mouin tandé yon lòt voua ki sot nan sièl la, k-ap di : * Soti nan li, pèp
 mouin-an, pou nou pa sal tèt nou avèk péché-l yo.

V/. Péché-l yo monté jous yo rivé nan sièl la, épi Bondié sonjé fot li
 yo. * Soti.

DÉZIÈM LÉKTU

Nan Liv Réfléksion sin Sipriyin, évèk épi mati, Osijè byin pasians la

(Nn. 13 et 15: CSEL 3, 406-408)

Sa nou pa ouè-a, n-ap espéré-l

Kòmandman Granmèt ak Profèsè nou-an k-ap sové nou sé : *Moun ki sipòté jouskalafin, sé li minm k-ap sové. Épi yon lòt foua : Si nou rété nan paròl mouin, n-ap disip mouin tout bon vré épi n-ap konnin vérité-a, épi vérité-a ap libéré nou.*

Sé pou nou sipòté épi pèsévéré, frè yo mouin rinmin anpil la, pou yo résévoua nou nan espérans vérité-a ak libètè-a, pou nou kapab rivé nan vérité-a ak libètè-a ; paské sa nou yé kòm krétyin-an, sé réalité lafoua ak espérans ; min pou espérans la ak lafoua-a kapab rivé nan frui yo-a, nou bezouin pasians.

Sé pa gloua tan prézan-an n-ap chèché, min sé sa k-ap vini-an, dapré sa apot Pòl tou avèti nou, antan-l di : *Nou sové an-espérans. Min espérans yo ouè-a, li pa espérans ; sa yon moun ouè réyèlman, pou kisa l-ap espéré-l ? Min si n-ap espéré sa nou pa ouè-a, nou rézisté pa lintèmédiè tant n-ap tann nan. Rét tann ak pasians sa nésésè, pou sa nou kòmansé yé-a nou réalizé-l nèt, épi sa nou espéré-a ak sa nou kouè-a, nou kapab rivé ginyin-l antan Bondié ap prezanté-l.*

Apré sa gin yon lòt koté minm Apot la bay instriksion ak ansègnman pou moun ki kòrèk yo épi k-ap travay épi k-ap sonjé trézò sièl yo gras a intèrè Bondié k-ap dévlopié, li mandé yo pou yo gin pasians tou, antan-l di : *Konsa, pandan nou gin tan-an, sé pou nou fè sa-k bon aléga tout*

moun, min spésialman pou moun ki minm fanmi ak nou nan lafoua. Antan n-ap fè sa ki byin-an minm, nou pa doué dékourajé ; lè tan-an ap rivé n-a rékòlté.

Li bay avètisman pou pèsonn pa dékourajé nan travay la antan li manké pasians, pou pèsonn pa fébli sou rout la, akoz tantasion yo, oubyin paské li pèdi diréksion, oubyin paské li échoué nan mitan louanj ak gloua, épi sa-k pasé yo, yo détrui, pandan sa yo té kòmansé yo, yo sispann vîn bon nèt.

Apré sa, lè l-ap palé sou charité-a, Apot la mété andirans la ak pasians la ansanm. Li di : *Charité-a gin pasians, charité-a gin bon jan, charité-a pa fè jalouzi, li pa gonflé, li pa fè kòlè, li pa kalkilé sa-k mal, li rinmin nan tout okazion, li kouè nan tout okasion, li éspéré nan tout okasion, li sipòté nan tout okasion.* Konsa li montré li kapab pèsévéré fèm, paské li konn sipòté nan tout okazion.

Épi yon lòt koté, li di : *Antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an, sé pou nou mét aktivité pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan atach lapè-a.* Li prouvé yo pa kapab konsèvé fè youn ansanm nan ni lapè-a si frè yo pa fè éfò pou youn sipòté lòt, épi si yo pa kinbé atach bòn antant la antan pasians la nan mitan.

RÉPONS

Cf. Abak 2, 3; Ébr 10, 37

R/. L-ap parèt alafin, épi li pap bay manti ; * Sé pou-ou tann li, paské kanta pou vini l-ap vini épi li pap fè réta.

V/. Yon ti moman toupiti ankò sa-a k-ap vini-an ap rivé. * Sé pou-ou tann li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intélisans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lèvé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lèvé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Siyon, pa pè, min Bondié-ou la k-ap vini, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, ki té désidé sové pèp li-a nan dispozision dépi lontan, an nou priyé-l, antan n-ap di :

Protéjé pèp ou-a, Granmèt.

Bondié, ou minm ki té promèt pèp ou-a yon jèm jistis,

— protéjé Égliz ou-a pou-l rét sin.

Panché kè moun yo nan paròl ou-a, Bondié,

— épi asiré fidèl ou yo san répròch nan sin yo sin-an.

Konsèvé nou nan rinmin Éspri-ou la,
 — pou nou résévoua mizérikòd Pitit ou-a ki gin pou vini-an.
 Asiré jouskalafin, Bondié ki bon anpil la,
 — nan jou Jézu-Kri Granmèt la ap vini-an.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki té vlé libéré ras lèzòm sot nan kondision viéyisman-an, épi ki té voyé Sèl Pitit ou-a sou tè sa-a, avèk atansyon vidé favè gras bon kè-ou ki sot anro-a sou sa k-ap tann yo, pou nou rivé nan rékonpans vré libètè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sovè sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plinlagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Iz 4, 3**

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmту virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Iz 61, 11**

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

DÉZIÈM DIMANCH AVAN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

Réf. 1 Sé pou kontan épi sé pou réjoui, nouvo Siyon: gadé, min Roua-ou la k-ap vini, li tou dou antan l-ap sové nanm nou.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn-nan, 846.

Réf. 2 Rasiré min k-ap fébli yo; sé pou nou rasiré, di konsa : Min Bondié nou-an k-ap vini pou-l sové nou, alélouya.

Réf. 3 Laloua-a, sé pa lantrémiz Moyiz yo bay li; gras la minm ak vérité-a, sé pa lantrémiz Jézu-Kri li rivé.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23-24

Bondié lapè-a, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Sové ou sové nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Jan Batis vini antan l-ap préché nan dézè-a épi antan l-ap di : Fè pénitans; rouayòm sièl yo té proché réyèlman.

Ané B

Mìn mouin voyé anj mouin-an dévan fas ou, sé li minm k-ap préparé chémin-ou nan dévan-ou.

Ané C

Vini, Granmèt, vizité nou nan lapè, pou nou kontan dévan-ou avèk kè nou kòrèk nèt.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki pran nésans sot nan Vièj Mari-a, antan nou bésé byin ba an nou priyé-l épi antan nou fè kè nou kontan an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm Sèl Pitit Bondié-a, ki gin pou-ou vini kòm véritab mésajé aliens la,

— fè tè-a résévoua-ou épi konnin-ou.

Ou minm ki gin nésans nan vant Papa-a, ou té vîn pran chè nan Mari ki Vièj,

— nétouayé nou sot anba tou sa k-ap gaté kondision moun nan.

Ou minm ki, antan-ou sé lavi-a, té vini pou sipoté lanmò,

— fè nou favè pou nou pa sibi anyin nan domaj lanmò-a.

Épi kòm rékonpans ou-a ap vini ansanm avèk ou nan jijman-an, pitié ou abitué ginyin-an sé pou-l vîn rankontré nou lè sa-a kòm kado,

— ki toujou abitué rétiré féblès nou-an.

Kris Granmèt, ou minm ki té vîn poté mò yo sékou ak lanmò pa-ou la,

— kouté nou antan n-ap priyé pou défin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, épi ki gin mizérikòd, antan n-ap fè vit pou-n kouri al rankontré Pitit ou-a, pa kité okinn travay aksion tè-a jinnin nou, min sé pou ansègnman sajès sièl la fè nou patisipé nan minm déstiné avèk li. Li minm ki vivan.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua ki gin pou-l vini-an, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115.

Réf. 1 Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Psòm dimanch dézièm sémèn-nan, 850.

Réf. 2 Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Réf. 3 Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

V/. Gadé, lévé tèt nou.

R/. Paské rédanmsion nou tou pré.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

22, 8-23

Kont grandizè Jérusalèm ak Sobné

⁸ Protéksion Juda-a tonbé.

Jou sa-a, ou lévé jé-ou sou dépo zam kay rak boua-a,

⁹ ak sou trou nan miray vil David la.

Nou ouè yo anpil,

nou ranmasé dlo sitèn ki anba-a,

¹⁰ nou konté kay Jérusalèm yo,

nou krazé kay yo

pou nou konsolidé miray yo.

¹¹ nou fè yon sitèn ant dé miray la

pou dlo ansyin sitèn nan,

min nou pa voyé jé sou sila-a ki fè yo-a,
Sila-a ki fòmé-l la dépi lontan-an, nou pa ouè-l.

¹² Granmèt la, Granmèt lamé yo invité nou jou sa-a,
pou nou kriyé, pou nou pousé rèl malè,
pou nou koupé chévé nou, pou nou maré rin nou ak sak.

¹³ Okontrè sé kè kontan, sé plézi,
y-ap tuyé bèf, y-ap tuyé mouton,
y-ap manjé viann, y-ap bouè divin.
« Sé pou nou manjé, sé pou nou bouè,
paské démin n-ap mouri ».

¹⁴ Granmèt la dévoualé lidé nan zòrèy mouin:
« An vérité fot sa-a nou fè-a, li pap padonnin
jous nou mouri »,
déklarasion Granmèt la, Granmèt lamé yo.

¹⁵ Min sa Granmèt la di, Granmèt lamé yo:
« Al jouinn minis sa-a,
Chébna, k-ap dirijé palè-a.

¹⁶ “Sa-k pou ou, isit la, pou ou-ap bati kay ou isit la ?”
L-ap bati yon kavo ki ro anpil,
l-ap foyé yon chanb pou pròp tèt li nan ròch la.

¹⁷ Min Granmèt la apral voyé-ou jété, mon chè,
l-ap fonsé sou ou avèk fòs.

¹⁸ L-ap roulé-ou byin roulé tankou yon plèt fil,
tankou yon ti boul atè-a,
yon koté ki gin gran éspas.
Sé la ou-ap mouri ansanm avèk bèl machîn ou yo,
laront kay mèt ou-a.

¹⁹ M-ap chasé-ou sot nan pòs ou-a,

m-ap rétiré-ou sot nan sèvis ou-a.

²⁰ Jou sa-a, m-ap rélé sèvitè-m nan Éliasim, pitit Élsias,

²¹ m-ap abiyé-l ak rad ou-a,

m-ap maré senti-l ak sintiron-ou nan,

m-ap rinmèt pouvoua-ou la nan min-l ;

l-ap tankou yon papa pou moun yo ki abité Jérusalèm nan

ak kay Juda-a.

²² M-ap rinmèt clé kay David la

sou zépòl li ;

l-ap louvri, pèsonn pap kapab fèmin ;

l-ap fèmin, pèsòn pap kapab louvri.

²³ M-ap fiksé-l tankou yon poto nan yon koté ki solid,

l-ap tankou yon trôn gloua nan kay papa-l la ».

RÉPONS

Ap 3, 7. 8

R/. Min sa-l di, Sin-an, Vré-a, sa-k gin clé David la : * Min, dévan-ou mouin té mété yon pòtay ki louvri, sa pèsonn pa kapab fèmin-an.

V/. Ou té kinbé paròl mouin-an, épi ou pa-t nié non mouin. * Min, dévan-ou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè Euzèb de Sézaré, évèk, nan Izayi

(Cap. 40: PG 24, 366-367)

Voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a

Voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a, paré rout Granmèt la, fè santié Bondié nou-an vîn douat. Li déklaré bagay yo karéman, sa yo anonsé nan profési-a, sé pa Jérusalèm sa ap pasé, min sé nan dézè-a ; pa gin dout sa

gin pou-l rivé, pou gloua Granmèt la ap parèt, épi tout chè ap vîn rékonèt sové Bondié sové yo-a.

Bagay sa yo té akonpli vré dapré istoua-a épi dapré paròl la, lè Jan-Batis té préché vini Bondié t-ap vini pou sové nou-an, nan dézè Jourdin-an koté yo té ouè sové Bondié sové nou-an. Paské lè sa-a, li té fè tout moun konnin Kris la épi gloua li-a, lè antan li minm li t-ap batizé-a, sièl yo louvri, épi Éspri Sin-an désann sou fòm yon kolonb, vîn pozé sou li, épi Papa-a fè tandé voua-l k-ap rann Pitit la témouagnaj : *Sa-a sé Pitit mouin-an, mouin rinmin-an, sé pou nou kouté-l.*

Yo té di bagay sa yo sètènman, paské sé nan dézè-a Bondié té gin pou-l vini, koté dépi sièk tan yo pa-t kapab fè chémin, yo pa-t kapab proché. Tout nasion yo okontrè té vid kanta konésans Bondié-a, yo minm tout moun Bondié ki kòrèk yo ak profèt yo pa-t kapab proché koté yo-a.

Sé pou sa voua sa-a pasé lòd pou paré rout pou Paròl Bondié-a, épi pou égalizé koté ki gin falèz ak bit, pou lè Bondié nou-an ap vini-an li kapab avansé. *Paré rout Granmèt la* ; sa-a sé prèch Évanjil la ak nouvo konsolasion-an ki souété pou tout moun rivé konnin sové Bondié ap sové nou-an.

Monté sou yon mòn ki ro anpil, ou minm Siyon k-ap poté bòn nouvèl la. Lévé voua-ou la ak fòs, ou minm Jérusalèm k-ap poté bòn nouvèl la. Paròl moun sa yo, yo té voyé davans yo, yo adapté anpil, yo byin tonbé nan fè sonjé évanjélis yo épi yo anonsé moun yo Bondié ap vini lè yo fin palé sou voua-a k-ap rélé nan dézè-a. Réyèlman vré, apré profesí osijè Jan-Batis la sa nòmral po yo sité évanjélis yo.

Kilès donk ki Siyon sa-a, si sé pa sa-a yo té rélé Jérusalèm anvan-an ? Paské li minm tou té yon mòn, sa Ékritu sa-a déklaré lè-l di : *Mòn Siyon sa-a koté ou té abité-a* ; épi Apot la di : *Nou té proché kot mòn Siyon-an.*

Troup Apot yo ki chouazi sot nan ansyin pèp la ki sot nan sikonsizion-an, èské paraza sé pa osijè-l yo palé nan bagay sa-a ?

Siyon sa-a réyèlman, sé Jérusalèm sa-a tou ki résevoua sové Bondié sovè-l la, li minm tou ki mòn Bondié-a, sa vlé di sèl Paròl li anfanté-a ki plasé anro nèt yo ; li pasé-l lòd pou-l monté sou mòn ki ro-a pou-l anonsé paròl k-ap sové-a. Kilès sa-a minm k-ap anonsé bòn nouvèl la, si sé pa troup mésajé bòn nouvèl yo ? Kisa poté bòn nouvèl la yé ? préché bay tout moun yo, min anvan tout moun, bay vil Juda yo, vini Kris la vini sou tè-a.

RÉPONS

Cf. Mt 11, 11. 9

R/. Sa-a k-ap paré rout Granmèt la, li rivé, sé osijè-l minm yo té témouagné : * Pa gin okinn moun nan pami sa yo ki fèt sot nan médam yo ki pi gran pasé Jan-Batis.

V/. Sa-a réyèlman li sé profèt, min li plis pasé yon profèt, sé osijè-l Sovè-a té palé * Pa gin okinn moun.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou nan Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115.

Réf. 1 Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l : louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn-nan, 855.

Réf. 2 Nou tout ki souaf, vîn nan dlo yo: chèché Granmèt la pandan nou kapab jouinn li, alélouya.

Réf. 3 Min Granmèt nou-an k-ap vini avèk pouvoua, pou-l kléré jé sèvitè-l yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 11-12

Li déja lè pou nou lève sot nan dòmi-a ; koulié-a réyèlman, sovè nou sovè-a pi pré passé lè nou té kouè-a. Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kité aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

RÉPONS KOUT

R/. Kris la, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Kris la.

V/. Ou minm ki gin pou-ou vini sou tè-a. * Pitié pou nou. Viv papa-a. Jézu-Kri.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané A

Voua sa k-ap rélé nan dézè-a : Paré chémin Granmèt la, fè santié-l yo douat !

Ané B

Jan té nan dézè-a, antan l-ap batizé épi antan l-ap préché yon batèm pénitans pou padon péché yo.

Ané C

Paròl Granmèt la té rivé sou Jan, pitit Zakari, nan dézè-a, épi li té vini antan l-ap préché yon batèm pénitans, pou padon péché yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki jij moun k-ap viv yo ak moun ki mouri yo, antan nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou sové péchè yo,

— défann nou kont tout kontrariété tantasion yo.

Ou minm nou kouè ki gin pou vini aklè pou fè jijman-an,

— montré nan nou puisans sové ou ka sové nou-an.

Ba nou favè pou nou kinbé kòmandman laloua-ou la ak pouvoua éspri-a

— pou nou kapab tann nan charité-a vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki béni nan sièk yo, fè nou viv nan sièk sa-a gras a mizérikòd ou-a yon fason ki respékté sa ki sakré épi ki réglé,

— pandan n-ap tann éspérans k-ap bay kontantman-an épi vini grandè-ou la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, épi ki gin mizérikòd, antan n-ap fè vit pou-n kouri al rankontré Pitit ou-a, pa kité okinn travay aksion tè-a jinnin nou, min sé pou ansègnman sajès sièl la fè nou patisipé nan minm déstiné avèk li. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 117-119.

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 13-14 a

Tankou nan lajounin, sé pou nou maché yon fason onèt : non pa nan manjé anpil épi bouason cho, non pa nan mové plézi épi libètinaj, non pa nan kont épi jalouzi, min abiyé nou avèk Granmèt Jézu-Kri.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Tés 3, 12-13

Sé pou Granmèt la fè nou débòdé nan charité youn parapò a lòt épi pou tout moun, minm jan nou minm parapò a nou, pou kè nou yo kapab solid san répròch nan sa-k fè nou sin-an dévan Bondié ak Papa nou, pou avènman Granmèt nou Jézu ansanm ak tout sin-l yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Tés 1, 6. 7. 10

Sa kòrèk kot Bondié pou nou minm ki nan tribilasyon-an, li ba nou répo avèk nou, nan révélation Granmèt Jézu sot nan sièl la avèk anj pouvoua-l yo, lè l-ap vini fè ouè gloua-l nan sin-l yo épi fè admiré-l nan tout sa ki té kouè yo.

V/. Vini, Granmèt, pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

PSÒM YO

Réf. 1 Min Granmèt la ap vini nan nuaj sièl yo avèk gran pouvoua, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn-nan, 864.

Réf. 2 Min Granmèt la ap parèt, li pap bay manti; si-l fè réta, sé pou-ou tann li, paské l-ap vini, li pap mizé, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la sé li minm k-ap fè laloua pou nou, Granmèt la sé roua nou: li minm l-ap vini épi l-ap sové nou.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 4-5

Sé pou nou kontan nan Granmèt la tout tan. Yon lòt foua ankò mouin di : Sé pou nou kontan! Bon jan nou-an, sé tout moun ki pou rékonèt li. Granmèt la tou pré.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Sové ou sové nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané A

Mouin minm m-ap batizé nou nan dlo pou pénitans la, sé sa Jan té di. Sa-a k-ap vîn apré-m nan, li pi fò pasé-m : li minm minm l-ap batizé nou nan Éspri-Sin-an ak difé-a.

Ané B

Jan t-ap préché, antan l-ap di : Gin youn ki pi fò pasé-m k-ap vini apré-m, mouin pa mérité antan-m bésé pou-m défèt lasèt sandal li yo.

Ané C

Tout bafon doué konblé, épi tout mòn ak ti rotè doué rabésé: épi tout chè ap ouè sové Bondié sové-l la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki té vîn pou-l sové moun yo, épi avèk konfians an nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki pa lintèmediè mistè koté ou pran chè-a, ou té fè tè-a konnin gloua ou ginyin kòm Bondié-a,

— fè nou viv nan vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki té pran féblès nou-an,

— fè nou favè mizérikòd ou-a.

Ou minm ki lè-ou té vini premié foua-a antan ou rabésé tèt ou, ou té rachté sot nan fot la,

— lè ou-ap vini dézièm foua-a, fè nou vîn kòrèk sot anba tout péché.

Ou minm k-ap viv épi k-ap kòmandé tout bagay,
 — nan bon ou bon-an fè nou rivé nan éritaj pou tout tan-an.
 Ou minm ki chita adouat Papa-a,
 — fè nanm défin yo kontan avèk limiè fas ou-a.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, épi ki gin mizérikòd, antan n-ap fè vit pou-n kouri al rankontré Pitit ou-a, pa kité okinn travay aksion tè-a jinnin nou, min sé pou ansègnman sajès sièl la fè nou patisipé nan minm déstiné avèk li. Li minm ki vivan.

LINDI DÉZIÈM SÉMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

R/. Sové ou sové nou-an ba nou li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

24, 1-18

Granmèt la ap fè ouè-l nan jou-l la

¹ Min Granmèt la ap vizité péyi-a, l-ap sakajé-l,
 l-ap boulvèsé fas li,
 l-ap gayé moun ki abité-l yo.

² Prèt la ap gin minm sò ak pèp la,
 mèt la ap gin minm sò avèk ésklav la,
 mètrès kay la ap gin minm sò ak sèvant la,
 moun k-ap vann nan ap gin minm sò ak moun k-ap achté-a,
 moun k-ap prété lajan-an ap gin minm sò ak moun k-ap mandé prété-a,
 moun ki doué-a ap gin minm sò ak moun li doué-a.

³ Tè-a vidé byin vidé,
 li ront byin ront,
 sé Granmèt la ki déklaré paròl sa-a.

⁴ Tè-a pran dèy, l-ap dépéri,
 tout tè-a ap fébli, l-ap dépéri.
 Yo pèdi pouvoua yo, sa-k té gin gran plas nan pèp tè-a.

⁵ Tè-a sal anba moun ki abité-l yo,
 paské yo déréspékté laloua yo,
 yo dézobéyi désizion-an, yo kasé kontra tout tan-an.

⁶ Sé pousa madichon-an dévoré tè-a.
 Moun ki abité sou tè-a, yo sibi konsékans fèt li-a.
 Sé pousa moun yo ki abité sou tè-a, yo boulé,
 sé yon ti kras moun ki rété.

⁷ Divin nouvo-a an dèy,
 pié rézin-an dépéri,
 y-ap plinn, tou sa-k té gin kè kontan yo.

⁸ Kè kontan tanbou yo sispann,
 brui fèt yo sispann,
 kè kontan gita-a sispann.

⁹ Yo pap bouè divin avèk chanté ankò,
 bouason-an anmè pou moun k-ap bouè-l yo.

¹⁰ Li krazé, vil san fòm nan;

tout kay fèmin, yo pap kapab antré.

¹¹ Nan lari yo y-ap pousé rèl sou divin-an,
tout kè kontan voualé, kè kontan tè-a vlopé.

¹² Sé débri ki rét nan lavil la,
pòt la krazé nèt.

¹³ Sèké min sa k-ap rivé nan péyi-a
nan mitan pèp yo,
sé tankou lè y-ap golé ti grinn ki rété nan pié oliv,
tankou lè y-ap kéyi ti grap ki rété apré rékòlt la.

¹⁴ Sila yo minm y-ap lévé voua yo,
y-ap pousé rèl kè kontan pou bèlté Granmèt la,
y-ap chanté kè kontan yo nan réjion lanmè-a.

¹⁵ Sé pousa nan tè plat yo, fè louanj Granmèt la
nan zilé lanmè yo, fè louanj pou non Granmèt la Bondié Israèl la.

¹⁶ Nan bout tè-a nou tandé kantik:

« Louanj pou sila-a ki kòrèk la ».

Mouin di: « Mouin ouè sékrè,

mouin ouè sékrè,

malè pou mouin ! »

moun brutal yo ap fè brutalité,
sé brutalité moun brutal yo ap fè.

¹⁷ Sézisman, fòs, pièj sou ou,
ou minm ki abité péyi-a.

¹⁸ Moun k-ap sovè kò-l lè-l tandé rèl sézisman-an,
l-ap tonbé nan fòs la.
Sa-k monté sot nan fòs la,
l-ap pri nan pièj la.

Sèké pòtay dlo sièl yo louvri,
fondasion tè yo souké.

RÉPONS

Iz 24, 14. 15; Ps 95 (96), 1

R/. Sa yo ap lèvé voua yo, y-ap fè louanj grandè Granmèt la. * Nan réjion limiè yo, fè gloua pou Granmèt la.

V/. Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, chanté pou Granmèt la, tout tè-a. * Nan réjion.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Jan de la Koua, prèt, Osijè monté mòn Karmèl la

(Lib. 2, cap. 22)

Nan Kris la Bondié palé avèk nou

Prinsipal rézon ki fè nan ansyin laloua-a yo té gin doua pozé Bondié késion, épitou ki fè sa té nésésè pou profèt yo ak prèt yo té mandé Bondié ba yo vizion ak révélation, sé té paské lafoua tan sa-a pa-t ko gin fondasion, épi laloua Évanjil la pa-t ko établi ; sé poua li té nésésè pou yo té chèché konésans sou bagay yo kot Bondié, épi pou Bondié té palé avèk yo pafoua ak paròl, pafoua ak vizion épi révélation, soua ak pòtré épi konparézon, soua anfin ak anpil lòt fason pou fè konprann. Réyèlman tou sa-l t-ap réponn, li t-ap di épi révélé, sé té mistè lafoua nou-an ki sakré-a yo té yé, oubyin sètènman bagay ki konsènè-l oubyin ki dirijé sou li.

Min koulié-a kòm lafoua-a gin fondasion-l nan Kris la, épi yo déklaré laloua Évanjil la piblikman nan éta gras la, li pa nésésè pou késionè-l

fason sa-a, ni pa gin rézon pou li minm li t-a palé tankou lontan. Lè-l ba nou Pitit li-a sètènman, jan-l té bay li-a, li minm sèlman ki sèl Paròl li-a, sé tout bagay li palé ak nou, li révéle nou, ansanm, yon sèl foua, nan sèl Paròl li sa-a, li pa gin anyin ki rété pou-l di ankò.

Sa-a sé véritab sans otorité sa-a koté sin Pòl apuiyé pou-l konvink Ébré yo, pou yo kite premié fason yo té konn aji épi trété ak Bondié dapré anyin laloua Moyiz la, pou yo viré jé yo nan diréksion Kris la sèlman, antan-l di : *Anpil foua, anpil fason, lontan Bondié té konn palé ak papa yo nan profèt yo, min nan dènié jou sa yo minm, li palé avèk nou nan Pitit la.* Ak paròl sa yo, Apot la aprann nou Bondié di tèlman kantité bagay pa lintèmédiè Paròl li sa-a, ki fè nan pouin anyin pou souété ankò ki rété; sa li té palé anvan-an, an moso, pa lintèmédiè Profèt yo, koulié-a li di nou yo toutantié nan li minm, antan-l ba nou tout li minm nèt, sa vlé di Pitit li-a.

Sé poutèt sa koulié-a moun ki t-a vlé mandé Bondié kèk ansègnman oubyin kèk vizion oubyin révélation, sé yon manké déga li t-a sanblé fè Bondié, li pa fikse jé-l ditou sou Kris la, antan l-ap chèché yon lòt bagay oubyin kichòy ki t-a nouvo andéyò-l.

Bondié t-a kapab réponn li fason sa-a : *Sa-a sé Pitit mouin-an, sa-m rinmin-an, nan li mouin jouinn bon plézi-m : kouté-l.* Mouin déjà palé tout bagay pa lintèmédiè Paròl mouin-an : sé sou li sèlman pou-ou fikse jé-ou ; nan li minm mouin té déjà di-ou tout bagay épi mouin té déjà révéle-ou tout bagay; pi plis toujou nan li ou-ap rivé jouinn bagay ki plis pasé sa-ou kapab anvè oubyin mandé.

Déjà mouin minm mouin té désann nan li ansanm ak Éspri-Sin-m nan sou mòn Tabò-a, épi mouin té di : *Sa-a sé Pitit mouin-an, mouin rinmin-an, nan li mouin jouinn plézi-m ; kouté-l.* Pa gin rézon pou-ou ap chèché

nouvo mòd ansègnman ak répons ; paské si mouin té palé anvan, sé té pou-m té promèt Kris la ; si yo té pozé-m kèk késion, késion sa yo té dirijé pou mandé Kris la épi éspéré-l, sé nan li yo té kapab jouinn tout byin, jan koulié-a tout ansègnman évanjélic yo ak apot yo déklaré sa.

RÉPONS**Mi 4, 2; Jan 4, 25**

R/. Anpil nasion ap proché épi y-ap di : Vini, an nou monté sou mòn Granmèt la. * L-ap aprann nou chémin-l yo, épi n-ap maché nan santié-l yo.

V/. Mési-a vini, li minm yo rélé Kris la ; lè l-ap vini, l-ap anonse nou tout bagay. * L-ap aprann nou.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT****Iz 2, 3**

Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, al nan kay Bondié Jakòb la, pou-l aprann nou chémin-l yo, épi pou-n maché nan santié-l yo ; paské sé Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou Benedictus la, réf. : Granmèt la di : Fè pénitans, rouayòm sièl yo ap proche vré, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm k-ap vini pou moun ki tounin vîn jouinn li yo, li libéré yo sot anba pouvoua lanmò-a, épi antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Vini ou-ap vini-an, Granmèt, pandan n-ap anonsé-l,

— nétouayé kè nou sot anba tout tandans chèché sa ki pa gin valè.

Égliz ou-a, Granmèt, sa-ou té fondé-a,

— sé pou-l montré grandè-ou nan tout nasion yo.

Laloua-ou la, Granmèt, ki kléré jé yo,

— sé pou-l protéjé pèp yo ki mét konfians yo nan ou minm.

Ou minm ki fè Égliz ou-a favè pou-l anonsé nou davans kè kontan vini ou-ap vini-an,

— fè nou résévoua-ou ak dévouman yon rinmin ki tou paré.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Sé pou-l dirijé nan fas ou, tanpri, Granmèt, priyè démann nou-an, pou dézi sèvis nou-an rivé nan gran mistè inkarnasion sèl Pitit ou-a nan pròpté konplè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 10, 20-21

Épi ap rivé nan jou sa-a : rès Israèl la ak sa-k té sovè kò yo sot nan kay Jakòb la, ap apuiyé sou Granmèt la, Sin Israèl la, nan vérité-a. Rès yo ap tounin, rès Jakòb yo, kot Bondié fò-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 10, 24. 27

Sé bagay sa yo Granmèt Bondié lamé yo di : « Pa pè, pèp mouin, ki abité Siyon. Nan jou sa-a y-ap ouété chaj la sot sou zépòl ou épi jouk la sot sou kou-ou ».

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmту virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 13, 22 — 14, 1

Li tou pré pou-l rivé, tan-l nan, épi jou-l yo pap mizé. Granmèt la ap pran pitié réyèlman pou Jakòb épi Israèl ap sové.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

Fil 3, 20b-21

Sovè-a n-ap tann, Granmèt la Jézu-Kri, li minm k-ap transfòmé kò povreté nou-an, pou-l fè-l vîn konfòm ak kò gloua li-a, dapré opérasion-an koté li kapab minm soumèt tout bagay anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Min Roua-a ap vini, sé Granmèt tè-a, sé li minm k-ap ouété jouk ésklavaj nou-an.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou sipliyé-l, li minm ki jij moun ki vivan ak sa ki mouri yo, épi an nou di-l avèk konfians :

Vini, Granmèt Jézu.

Fè, Granmèt, pou jistis ou-a sièl yo ap anonsé-a, moun yo sou tè-a konnin-l,

— épi pou gloua-ou la abité sou tè nou-an.

Ou minm ki aksépté vîn tou fèb pou nou, kòm moun,

— é pou aksépté prezèvé moun yo avèk protéksion sa-ou yé kòm Bondié-a.

Vini épi kléré nou avèk klèté sians ou-a,

— sa yo ou ouè ki rété nan fènoua ki kinbé yo-a poutèt konnin yo pa konnin-ou nan.

Ou minm ki antan ou rabésé tèt ou ou té ouété péché nou-an,

— antan-ou nan gloua-ou la, fè nou favè rékonpans kontantman-an.

Ou minm ki gin pou-ou vini aklè pou jijman-an,

— frè nou yo ki défin yo, fè yo rivé nan rouayòm sièl yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Sé pou-l dirijé nan fas ou, tanpri, Granmèt, priyè démann nou-an, pou dézi sèvis nou-an rivé nan gran mistè inkarnasion sèl Pitit ou-a nan pròpté konplè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI DÉZIÈM SÉMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Voua sa k-ap rélé nan dézè-a : Paré chémin Granmèt la.

R/. Fè santié Bondié nou-an yo douat.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

24, 19 — 25, 5

Ringn Bondié-a. Aksion-d-gras

Nan jou sa-a :

^{24,19} Tè-a détrui nèt,

tè-a ap krazé,

tè-a ap tranblé byin tranblé.

²⁰ Tè-a ap kilbité tankou moun ki sou,

l-ap balansé tankou yon tonèl.

Péché-l la ap pézé sou li,

l-ap tonbé, li pap kapab kanpé ankò.

²¹ Jou sa-a :

Granmèt la ap vizité lamé anro-a,

ni roua yo sou tè-a.

²² Y-ap sanblé yo, y-ap ranmasé yo nan kachèt,

y-ap fèmin yo nan prizon,

apré anpil tan, y-ap sibi chatiman.

²³ Lalûn nan ap vîn tou rouj, tèlman l-ap ront.

Solèy la ap ront,

paské sé Granmèt lamé yo ki roua

sou mòn Siyon-an ak nan Jérusalèm.

Dévan granmoun li yo, bèlté ap parèt.

^{25,1} Granmèt, sé Bondié-m ou yé,

m-ap lévé-ou anlè épi m-ap fè déklarasion pou non-ou,

paské ou té fè mèvèy,

plan-ou yo dépi lontan yo, yo fidèl, yo vré.

² Ou fè vil la vîn tounin yon pil ròch,

vil ki byin protéjé-a, ou fè-l tounin yon pakèt débri.

Fò arogan yo pa vil ankò,

yo pap janm bati-l ankò.

³ Sé poua yon pèp ki gin fòs ap fè louanj ou,

vil nasion ki gin pouvoua yo, li respékté-ou.

⁴ Sèké ou sé yon fòs pou pòv la,

yon fòs pou maléré-a nan tribilasyon-l nan,

yon protéksion kont laplui,

yon lonbraj kont chalè,

sèké souf moun brutal yo

tankou laplui sou miray.

⁵ Tankou chalè nan yon koté ki sèk,

sé konsa ou-ap fè grandizè moun arogan yo bésé.

Tankou chalè anba lonbraj nuaj,

konsa chanté moun brutal yo ap tonbé.

RÉPONS

Iz 25, 1. 4

R/. Granmèt, sé Bondié-m ou yé ; m-ap lévé-ou anlè épi m-ap fè déklarasion pou non-ou, * Paské ou té fè mèvèy.

V/. Ou vîn tounin yon fòs pou pòv la, yon fòs pou maléré-a nan tribilasion-l nan. * Paské.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Konstitision dògmatik *Lumen gentium* dézièm Konsil Vatikan-an, osijè Égliz la

(N. 48)

Osijè karaktè dènié tan Égliz la ki nan pèlérinaj la

Égliz la, koté yo rélé nou tout nan Jézu-Kri-a, épi koté pa lintèmediè gras Bondié-a nou jouinn posibilite vîn sin-an, sé sèlman nan gloua sièl la l-ap akonpli nèt, lè tan-an ap rivé pou rimmèt tout bagay an plas, épi lè tout sa-k sou tè-a ki gin rélasyon séré avèk moun nan ap rasanblé nèt nan Kris la, ansanm ak ras moun nan, épi pa lintèmediè moun nan l-ap rivé nan dènié pouin li.

Kris la sètènman ki lévé sot sou tè-a, té rédi tout bagay vîn jouinn li ; antan-l résisité sot nan pami mò yo, li té voyé Éspri-l la k-ap bay lavi-a nan disip yo, épi pa lintèmediè Éspri sa-a, li instalé Kò-l, sa vlé di Égliz la, kòm sakréman sovè-a pou tout moun ; antan li chita adouat Papa-a, li kontinué ap aji sou tè-a, pou-l kondui moun yo nan Égliz la, épi pa lintèmediè-l pou-l fè yo gin rélasyon pi séré avèk li, épi antan-l nourri yo ak pròp Kò-l ak pròp San-l pou-l fè yo patispé nan lavi gloua li-a.

Konsa, rétablisman-an, sa yo té promèt la n-ap tann nan, li déjà kòmansé nan Kris la, li avansé nan mision Éspri-Sin-an, épi pa lintèmediè Éspri-Sin-an, li rivé nan Égliz la, koté pa lintèmediè lafoua-a nou aprann sans lavi nou tou nan tan-an, pandan travay Papa-a konfié nou sou tè-a, nou fè-l rivé nan finisman-l avèk éspérans byin k-ap vini yo, épi nou travay pou sovè nou sovè-a.

Konsa, finisman sièk yo déjà rivé sou nou épi rénouvèlman tè-a établi yon fason ki pap tounin dèyè ankò, nan sièk sa-a minm sa déjà fèt davans yon fason réyèl : paské sou tè-a déjà Égliz la distingé avèk yon karaktè ki sin tout bon vré, minm si-l manké kichòy toujou.

Sèlman an-atandan pou nouvo sièl yo ak nouvo tè-a rivé, koté jistis la abité-a, Égliz la ki an pèlerinaj la, nan sakrèman-l yo ak òganizasyon-l yo ki konsèné tan sa-a, l-ap poté fòm sièk sa-a k-ap pasé-a, épi li minm li abité nan pami kréatu yo, k-ap jémi, k-ap anfanté jouskoulié-a, épi k-ap tann révélation pitit Bondié yo.

RÉPONS

Fil 3, 20-21; Tit 2, 12-13

R/. N-ap tann Sovè-a Granmèt Jézu-Kri : * Li minm k-ap transfòmé kò féblès nou-an pou-l fè-l vîn sanblé ak kò gloua li-a.

V/. Sé pou nou viv yon fason réglé, yon fason kòrèk, yon fason ki sin, nan sièk sa-a antan n-ap tann éspérans kontantman-an épi avènman gloua gran Bondié-a. * Li minm k-ap transfòmé.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Jén 49, 10

Bagèt kòmandman-an, yo pap ouété-l sot nan Juda épi baton chè la sot nan pié-l yo, joutan li rivé, sa-a li dépann dé li-a, épi li minm nasion yo ap obéyi-a.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou Benedictus la, réf. : Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Siyon, paské min m-ap vini, épi m-ap abité nan mitan-ou, sé sa Granmèt la di.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, an nou priyé-l, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki limiè-a k-ap kléré tout moun; avèk kontantman an nou di byin fò :

Vini, Granmèt Jézu.

Sé pou limiè prézans ou-a gayé fènoua nou yo,

— épi nou minm, fè nou alarotè kado-ou yo.

Sové nou, Granmèt Bondié nou-an,

— pou jodi-a nou déklaré rékonèt non-ou ki sin-an.

Limin difé nan kè nou, pou yo souaf ou avèk chalè,

— épi pou yo fè vit fè yon sèl avèk ou ak tout anvi yo ginyin.

Ou minm ki té poté féblès nou-an,

— poté sékou bay malad yo ak moun yo k-ap mouri jodi-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki té déklaré mouayin ou-ap sové nou-an bay tout réjion tè-a, fè nou favè, tanpri, pou nou tann gloua nésans li-a ak kè kontan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Jér 23, 5

Min jou k-ap vini, sé sa Granmèt la di, m-ap fè yon désandans kòrèk lévé pou David ; roua-a ap régné, l-ap gin sajàs, l-ap fè jijman ak jistis sou tè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Jér 23, 6

Nan jou sa yo, Juda ap sové, épi Israèl ap abité avèk konfians : min ki non y-ap rélé-l : Granmèt la, jistis nou-an.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. Éz 34, 15-16

Mouin minm minm m-ap okipé mouton-m yo, m-ap fè yo kouché, sé sa Granmèt Bondié-a di. Sa-k té pèdi-a, m-ap chèché-l ; sa-k té blésé-a, m-ap pansé-l ; sa-k té malad la, m-ap ba-l santé ; m-ap okipé yo nan jistis.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 1, 7 b-9

N-ap tann révélation Granmèt nou Jézu-Kri-a, li minm k-ap asiré nou jouskalafin san répròch, nan jou Granmèt nou Jézu-Kri-a. Bondié fidèl, li minm pa lintèmédiè-l yo rélé nou nan kominion Pitit li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : Voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a : Paré chémin Granmèt la, fè santié Bondié nou-an yo douat.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a épi Granmèt la, frè yo mouin rinmin anpil la, an nou priyé-l, li minm ki Granmèt la, li minm ki gin pou-l vîn aklè nan dènié jou yo ; épi ak kè kontan an nou inploré-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, Rédanmtè nou épi Granmèt nou, antan ou pran nésans nan chè-a, ou té ouété jouk laloua-a sot sou nou,

— akonpli byinfè bon kè-ou la nan nou.

Ou minm ki té pran nan nou sa-ou té ouè ki adapté avèk sa-ou yé kòm Bondié-a,

— nan sa-ou yé-a, ba nou sa ou-ap tann pou mét nan nou-an.

Sa nou anvi yo, fè nou lagras jouinn yo antan ou-ap montré prézans-ou ou-a,

— épi ak limin rinmin-ou nan limin-an, mété difé nan kè nou-an.

Avèk ou, sé pou fè kè nou kontan nan gloua-a,

— ou minm isit la nou abité nan ou-a sèlman ak konésans lafoua-a.

Nanm tout défin yo,

— binyin yo ak larouzé bon kè-ou la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki té déklaré mouayin ou-ap sové nou-an bay tout réjion tè-a, fè nou favè, tanpri, pou nou tann gloua nésans li-a ak kè kontan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI DÉZIÈM SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié Granmèt nou, fè nou tounin.

R/. Épi montré fas ou, pou nou sové.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

25, 6 — 26, 6

Résépsion Bondié-a. Kantik moun yo rachté yo

^{25,6} Granmèt lamé yo ap fè
yon résépsion bon viann pou tout pèp yo sou mòn sa-a,
résépsion bon divin,
viann ki gin bon gou,
divin ki byin pozé.

⁷ Sou mòn sa-a, l-ap chaviré
fas chinn nan ki té maré sou tout pèp yo,

ak voual la ki té vlopé sou tout nasion yo.

⁸ L-ap chaviré lanmò-a pou tout tan,
Granmèt Bondié ap ouété dlo sot nan tout figi,
épi l-ap ouété laront pèp li-a sot sou tout tè-a,
paské Granmèt la palé.

⁹ Jou sa-a y-ap di : « Min Bondié nou sa-a,
nou t-ap tann li, épi l-ap sové nou ;
sé li minm Granmèt la, nou t-ap espéré li,
n-ap fété, épi n-ap fè kè nou kontan nan sové li sové nou-an.

¹⁰ Paské min Granmèt la ap pozé sou mòn sa-a ».
Moab ap krazé anba-l tankou yo krazé pay.

¹¹ L-ap lévé min-l nan mitan-l,
tankou moun k-ap najé lonjé min-l pou-l najé,
l-ap jété grandizè-l la
ansanm avèk pièj min-l yo.

¹² Miray ou yo ki gin kontréfò yo, ki ro yo, l-ap jété yo,
l-ap fè yo tonbé, l-ap fè-l touché tè jous nan pousiè.

^{26.1} Jou sa-a, y-ap chanté kantik sa-a
nan péyi Juda-a :
« Vil fò nou-an sé Siyon ; yo mété yon sovè ladan-l,
miray ak avan-miray.

² Ouvri pòt yo, épi l-ap antré nasion kòrèk la,
sa k-ap kinbé vérité-a.

³ Ansyin fot la pati,
ou-ap kinbé lapè-a :
lapè paské nan ou nou espéré.

⁴ Nou té espéré nan Granmèt la pou sièk tout tan yo,
nan Granmèt Bondié ki fò pou tout tan-an.

⁵ Sèké li rabésé moun yo ki té abité nan rotè-a ;
 vil la ki té ro-a, li rabésé-l ;
 li rabésé-l jous atè,
 li trinnin-l jous nan pousiè.
⁶ Pié moun ap foulé-l, pié pòv la,
 plant pié maléré yo. »

RÉPONS

Ap 21, 3; Iz 25, 8

R/. Mouin té tandé yon gran voua ki sot nan trôn nan, k-ap di : Min tant Bondié-a avèk moun yo, l-ap abité avèk yo : * Épi yo minm y-ap pèp li, li minm minm Bondié avèk yo l-ap Bondié yo.

V/. Granmèt Bondié ap détrui lanmò-a pou tout tan, l-ap suiyé dlo jé sot nan tout figi. * Épi yo minm.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Éksplikasion détayé sin Ogustin, évèk, sou Psòm yo

(In ps. 109, 1-3: CCL 40, 1601-1603)

Sa Bondié té promèt yo, li ofri nou yo pa lintèmédiè Pitit la

Bondié fiksé yon tan pou promès li yo, épi yon tan pou li réalizé sa-l té promèt yo.

Tan promès yo sé té dépi tan profèt yo jous sou Jan-Batis ; apati Jan-Batis minm épi apré sa jouskalafin, sé tan pou-l réalizé sa-l té promèt yo.

Bondié fidèl, li minm ki fè pròp tèt li gin dèt aléga nou, san-l pa résévoua anyin nan min nou, min antan li promèt nou gran bagay. Sa pa-t kont pou-l promèt, li té vlé angajé pròp tèt li antan-l ékri, sé kòm si li fè

yon kontra avèk nou pou sa-l promèt yo ; pou, lè li t-ap kòmansé réglé sa-l té promèt yo, nou t-a kapab konsidéré dapré sa-k ékri yo nan ki lòd li t-ap réglé promès yo. Sé pousa tan profèsion-a, sé té tan li té avèti promès yo davans, jan nou té déjà di souvan-an.

Li té promèt sovè n-ap sovè pou tout tan-an, épi lavi kontantman san fin-an ansanm ak anj yo, épi éritaj gloua pou tout tan-an ki pa kapab gaté-a, dousè figi-l, kay li ki sin nan sièl yo, pou nou pa pè mouri ankò gras a rézirkéksion sot nan pami mò yo. Sé promès li-a sa, tankou dènié pouin koté tout élan nou ap kouri alé la-a, koté lè nou rivé la, nou pap chèche anyin pi plis, nou pap égzijé anyin pi plis. Min pou al nan sa k-ap dènié pouin-an, sé ak lòd sa-a l-ap rivé; li pa-t fè silans sou sa antan-l té promèt la épi antan-l té anonse davans la.

Li té promèt moun yo lavi Bondié-a réyéman, li té promèt moun k-ap mouri yo pou yo pa kapab mouri, li té promèt péchè yo pou yo vîn kòrèk, li té promèt moun yo réjité yo pou yo jouinn gloua-a.

Sèlman, frè-m yo, kòm sa Bondié té promèt la té parèt inposib pou moun yo kouè-l, pou apati kondision lanmò-a, kondision sa k-ap gaté-a, sa yo réjité-a, sa-k fèb la, pousiè-a ak sann nan, pou moun yo vîn égal ak anj Bondié yo, ébyin non sèlman Bondié té ékri sa avèk moun yo, pou yo té kapab kouè, min li mété yon intèmediè pou lafoua li-a, sé pa ninpòt ki chèf oubyin ninpòt ki anj oubyin arkanj, min sèl Pitit li-a: konsa chémin koté li t-ap kondui nou pou nou rivé nan dènié pouin li té promèt la, sé pa lintèmediè pròp Pitit li-a li t-ap montré-l épi li t-ap bay li.

Sa pa-t kont pou Bondié, pou-l té fè Pitit li-a montré rout la ; li fè-l tounin chémin-an li minm minm, pou ou alé pa lintèmediè-l antan l-ap kondui-ou la, antan ou-ap maché pa lintèmediè-l la.

Pousa Sèl Pitit Bondié-a ki té gin pou-l vîn kot moun yo, li té gin pou-l pran sa moun nan yé-a, épi pa lintèmédiè sa-l t-ap pran-an li té gin pou-l vîn tounin moun, pou-l mouri, pou-l résisité, pou-l monté nan sièl la, pou-l chita adouat Papa-a, pou-l réalizé sa-l té promèt la nan nasion yo, épi apré réalizasion promès li yo nan nasion yo, li té gin pou-l réalizé promès pou-l vini-an tou, pou-l égzijé sa-l té mandé-a, pou-l séparé véso kòlè yo sot kot véso mizérikòd yo, pou-l rinmèt méchan yo sa-l té ménasé yo-a, pou-l bay moun ki kòrèk yo sa-l té promèt la.

Tou sa donk yo té gin pou profétizé-l, yo té gin pou anonsé-l davans, yo té gin pou insisté fè ouè sé bagay k-ap vini, pou antan sa rivé tousuit yo pa tranblé, min pou yo tann sa yo kouè-a.

RÉPONS

Mi 7, 19; Tr Ap 10, 43

R/. Bondié nou-an ap tounin épi l-ap pran pitié pou nou ; * L-ap foulé fot nou yo anba pié, épi l-ap jété tout péché nou yo nan fon lanmè-a.

V/. Tout profèt yo sèvi sa témouin, tout moun ki kouè nan li ap résévoua padon pou péché yo pa lintèmédiè non-l. * L-ap ouété fot nou yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 7, 14 b-15

Min li, Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon ti gason, y-ap rélé non-l Émanuèl; sé lèt ak mièl l-ap manjé, joustan li aprann réjé sa-k mal pou-l chouazi sa-k byin.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sou fotèy David la ak sou rouayòm li-a, l-ap instalé pou tout tan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt nou-an Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki vizité nou nan mizérikòd li-a, épi ak voua kè kontan, an nou répété :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm ki soti nan vant Papa-a, ou té vini pou-ou abiyé ak rad chè nou-an,

— libéré sa-k t-ap péri-a akòz kontaminasion natu ki gaté-a.

Ou minm ki gin pou-ou vini, pou-ou fè yo rékonèt ou ak gloua nan sa-ou chouazi yo,

— koulié-a antan ou vini sé pou yo jouinn ou toujou bon épi sansib pou péchè yo.

Antan n-ap jouinn gloua nan louanj ou-a, Kris Granmèt,

— vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Ou minm ki déjà fè nou soti al nan limiè-a gras a lafoua-a,

— fè nou fè-ou plézi gras a jistis ou-a poutèt aksion ki kòrèk yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ou minm ki pasé nou lòd paré chémin pou Kris Granmèt la, fè nou favè, tanpri, pou okinn féblès pa fè nou fatigé, nou minm k-ap tann prezans médsin sièl la k-ap konsolé nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 2, 11

Moun ki t-ap fè grandizè-a, l-ap blijé bésé jé-l yo; moun ki t-ap lévé tèt li-a, l-ap blijé plouayé kò-l. Sé Granmèt la sèl k-ap lévé tèt jou sa-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Iz 12, 2**

Min Bondié sovè-m nan; m-ap gin konfians épi mouin pap pè, paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la, sé li minm ki vîn sovè-m.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Dan 9, 19**

Kouté, Granmèt; kalmé, Granmèt, fè atansyon épi aji : pa tann akòz ou minm, Bondié mouin-an, paské yo rélé non-ou sou vil la avèk sou pèp ou-a.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Kor 4, 5

Pa jijé anyin anvan tan-an, joutan Granmèt la rivé, li minm k-ap kléré sa-k kaché nan fènoua yo, k-ap montré pansé ki nan kè yo ; lè sa-a chak moun ap jouinn louanj nan min Bondié.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Siyon, ou-ap réfèt tou nèf, ou-ap ouè moun kòrèk ou-a, k-ap vîn nan ou.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l antan nou bésé byin ba, li minm ki té rachté nou sot nan fènoua péché yo, épi avèk konfians an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Rasanblé, Granmèt, pèp yo sot nan tout péyi yo,

— épi asiré kontra ki pou tout tan-an avèk yo.

Mouton Bondié-a, ou minm ki té vini lontan pou-ou ouété péché moun yo sou tè-a,

— ouété sot nan nou tout mélanj péché-a.

Ou minm ki té vini pou-ou rachté sa-k t-ap pèdi-a,

— vini yon lòt foua yon fason pou-ou pa pini sa-k rachté yo.

Ou minm lafoua nou-an vizé-a,

— sé pou nou gin kè kontan san rété ansanm avèk ou, lè ou-ap vini-an.

Ou minm ki gin pou jijé ni moun ki vivan yo ni sa-k mouri yo,

— frè yo ki défin yo, admèt yo nan asanblé sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ou minm ki pasé nou lòd paré chémin pou Kris Granmèt la, fè nou favè, tanpri, pou okinn féblès pa fè nou fatigé, nou minm k-ap tann prezans médsin sièl la k-ap konsolé nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI DÉZIÈM SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Kouté paròl Granmèt la, nasion yo.

R/. Épi anonsé-l jous nan limit tè-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

26, 7-21

Kantik moun ki kòrèk yo. Promès réziréksion-an

⁷ Tras rout moun ki kòrèk la, li douat ;

ou minm ki douat, ou égalizé chémin moun ki kòrèk la pou-l maché.

⁸ Nan rout jijman-ou yo, Granmèt, n-ap tann ou ;
non-ou ak souvni-ou sé sa nanm nou anvi.

⁹ Nanm mouin anvi-ou nan nuit,
nan éspri-m, anndan fon kè-m granmatin m-ap véyé-ou.
Lè-ou fè jijman-ou yo sou tè-a,
moun yo ki abité fas tè-a aprann jistis.

¹⁰ Yo fè pa moun méchan-an,
li pa aprann jistis,
sou tè douat la li fè sa ki mal,
li pa ouè grandè Granmèt la.

¹¹ Granmèt, min-ou lévé, yo pa ouè.
Sé pou yo ouè jalouzi pèp la, pou yo ront,
difé ènmi-ou yo ap dévoré yo.

¹² Granmèt, ou-ap ba nou lapè ;
tout aksion nou yo, sé ou minm ki fè yo pou nou.

¹³ Bondié Granmèt nou,
dòt chèf ki pa ou minm fè nou santi pouvoua yo.
Sé ou minm sèl, n-ap fè sonjé non-ou.

¹⁴ Mò yo pap viv,
ou détrui yo, lonbraj yo pap kanpé,
ou pini yo, ou détrui yo,
ou fè souvni yo disparèt.

¹⁵ Fè atansyon-an vîn pi plis, Granmèt,
fè-l vîn pi plis, fè nasion-an jouinn konsidérasion,
rékilé tout limit péyi-a.

¹⁶ Granmèt, nan kè séré, y-ap chèché-ou ;
nan tray, y-ap plinyin ak paròl ou.

¹⁷ Tankou fi-a ki ansint,

lè tan pou-l fè pitit la ap proché,
li gin doulè, l-ap rélé nan soufrans li yo,
konsa nou té yé dévan fas ou, Granmèt.

¹⁸ Nou té ansint, sé kòm si nou t-ap fè pitit,
min sé van nou té anfanté.

Nou pa-t poté sovè pou sovè-a sou tè-a,
sé pou sa moun ki abité tè-a yo pa-t rivé fèt.

¹⁹ Mò-ou yo ap viv, moun mouin yo ki mouri yo, y-ap tounin vîn vivan.
Lévé, fè louanj, nou minm ki abité nan pou siè-a,
paské sé larouzé limiè larouzé-ou la yé ;
péyi jéan yo, ou-ap détoui-l.

²⁰ Alé, pèp mouin, antré nan chanm ou yo,
fèmin pòt ou yo sou ou,
kaché yon ti moman,
joutan kòlè-a pasé.

²¹ Sèké min Granmèt la ap sòti nan koté-l rété-a,
pou-l pini fot moun yo ki abité sou tè-a.
Tè-a ap dévoualé san-l nan,
li pap kouvri moun yo li té touyé-a ankò.

RÉPONS

Cf. Iz 26, 19; Dan 12, 2

R/. Lévé, fè louanj, nou minm ki abité nan pou siè-a, * Paské sé larouzé
limiè, larouzé Granmèt la.

V/. Anpil nan moun yo k-ap dòmi nan pou siè tè-a ap révéyé. * Paské.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Piè Krizològ, évèk

(Sermo 147: PL 52, 594-595)

Rinmin-an anvì ouè Bondié

Antan Bondié ouè kijan tè-a ravajé avèk kè soté, li aji tout tan pou-l ramné-l avèk rinmin, pou-l invité-l avèk gras la, pou-l soutni-l avèk charité-a, pou-l vlopé-l avèk aféksion.

Sé sa-k fè tè-a ki t-ap viéyi nan sa-k mal yo li té lavé-l avèk chatiman délij la, épi li rélé Noé pou-l vîn papa nouvo sièk la, li insisté koté-l avèk paròl délikatès, li fè-l pran konfians antan-l fè-l zanmi-l, li instrui-l sou évenman prézan yo avèk bon kè, li konsolé-l pa lintèmediè gras la osijè sa ki t-apral rivé yo ; épi déja li pa kòmandé-l, min li fè-l patisipé nan travay la, li fèmin sa tout sièk la produi nan yon batiman, pou rinmin tankou zanmi-an éfasé kè soté ésklavaj la, pou rinmin sa-a yo gin ansanm nan kapab konsèvé sa yo té sovè nan travay yo té fè ansanm nan.

Sé sa-k fè li rélé Abraam sot nan nasion yo, li ogmanté non-l, li fè-l vîn tounin papa lafoua-a, li akonpagné-l sou rout li, li protéjé-l pami étranjé yo, li fè-l vîn rich ak byin yo, li onoré-l ak viktoua yo, li ba-l garanti promès yo, li raché-l sot nan min sa-k pa kòrèk yo, li ba-l aféksion antan-l fè ladésant lakay li, li fè mèvèy pou li ak yon désandans li pa-t éspéré : Bondié té plin-l ak tout pakèt byin sa yo, li té atiré-l avèk kalité gran dousè charité-l sa-a, pou-l té kapab aprann rinmin Bondié, san-l pa pè ; pou-l té respékté-l antan-l rinmin, san-l pa tranblé.

Sé sa-k fè li ankourajé Jakòb nan rèv, lè-l t-ap sovè kò-l la, li éksité-l nan konba lè l-ap tounin-an, li séré-l nan bra-l tankou moun k-ap fè konba ; pou-l té kapab rinmin papa konba-a, pou-l pa-t krinn li.

Sé sa-k fè li rélé Moyiz nan lang papa-l, li palé avèk li avèk rinmin yon papa, li invité-l pou sé li ki libèratè pèp li-a.

Min akòz bagay sa yo nou raplé yo, koté flannm rinmin Bondié-a limin nan kè moun nan, épi tout transpò rinmin Bondié-a vidé pròp tèt li nan santiman moun yo, lè léspri yo blésé-a yo kòmansé vlé ouè Bondié ak jé chè yo.

Bondié, li minm tè-a pa kapab kinbé-a, kòman jé moun nan ki limité t-a kapab kinbé-l ? Doua rinmin-an pa konsidéré sa-l yé, sa-l doué, sa-l kapab. Rinmin-an ignoré jijman-an, li manké rézon, li pa konn mézi. Rinmin-an pa aksépté konsolé antan-l di bagay sa-a pa posib, li pa aksépté pou fè difikilté sèvi rémèd.

Rinmin-an, si-l pa rivé jouinn sa-l anvè-a, li touyé sa-k rinmin-an ; sé poua l-alé koté li kité yo minnin-l, li pa alé koté li doué alé.

Rinmin-an anfanté dézi-a, li boulé ak chalè-a, chalè-a poté-l jous nan sa yo pa ba li-a. Épi sa nou bézouin di plis ? Rinmin pa kapab pa ouè sa-l rinmin-an : sé sa-k fè tout sin yo té konsidéré tou sa yo té résévoua yo kòm san valè, si yo pa-t ouè Granmèt la.

Sé sa-k fè rinmin-an ki anvè ouè Bondié, minm si li pa gin jijman, li gin atachman respè sa ki sakré-a.

Sé sa-k fè Moyiz gin odas di : *Si-m té jouinn gras dévan-ou, montré-m fas ou.*

Sé sa-k fè yon lòt di : *Montré-m fas ou.* Anfin sé poua nasion yo, yo minm tou, yo té fè pòtré zidòl yo, pou malgré yo té nan èrè, yo té kapab ouè ak jé yo sa yo t-ap adoré-a.

RÉPONS

Cf. Iz 66, 13; 1 Roua 11, 36; Iz 66, 14; 46, 13

R/. Tankou yon manman ap konsolé pitit li yo, sé konsa m-ap konsolé nou, sé sa Granmèt la di : épi nan vil Jérusalèm nan, sa-a mouin chouazi-a, sé la sékou-a ap soti vîn pou nou : * Épi n-ap ouè, kè nou ap kontan.

V/. M-ap bay sovè n-ap sovè-a nan Siyon, épi nan Jérusalèm gloua-m nan. * Épi n-ap ouè.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 45, 8

Sièl yo, fè larouzé tonbé sot anro-a, sé pou nuaj yo fè jistis la tonbé tankou lapli; sé pou tè-a louvri, épi pou-l jèmin sa k-ap sovè nou-an; épi sé pou jistis la lévé ansanm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sé mouin minm k-ap poté-ou sékou, sé sa Granmèt la di, sé mouin minm rédanmètè-ou la, Sin Israèl la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, frè yo mouin aprésié anpil la, n-ap inploré-l, li minm ki té voyé Pitit li-a pou sovè moun yo, n-ap sipliyé antan nou akلامé-l :

Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

Kris ou-a, Papa ki gin bon kè anpil la, li minm bouch nou ap anonsé ak yon lafoua anplin-an,

— sé pou konduit nou pa méprizé-l nan aksion-an.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a pou-l sovè nou,

— ouété tout doulè sot sou fas tè-a épi sot nan lavil sa-a.

Tè nou-an ki anvayi ak kontantman rivé Pitit ou-a ap rivé-a :

— sé pou-l fè ékspérians kè kontan plénitud ou-a pi plis.

Gras a mizérikòd ou-a, fè nou viv nan sièk sa-a yon fason ki respékté sa ki sakré épi yon fason ki réglé,

— antan n-ap tann kontantman éspérans la épi vini gloua Kris la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Révèyé kè nou, Granmèt, pou nou préparé chémin Sèl Pitit ou-a, pou nan rivé li rivé-a, nou mérité sèvi-ou avèk kè nou nétouayé. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT**Mi 5, 3-4 a**

Sa-a k-ap chèf nan Israèl la ap kanpé, l-ap okipé mouton yo nan fòs Granmèt la, nan gloua non Granmèt Bondié-l la ; épi y-ap abité an sékirité, paské koulié-a l-ap gran jous nan bout tè-a, épi li minm l-ap lapè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Aj 2, 6 b. 9**

Yon ti moman ankò, épi mouin minm m-ap souké sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak dézè-a. Gloua dènié kay sa-a ap pi gran passé premié-a; nan koté sa-a, m-ap bay lapè, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Mal 3, 20-21 b

L-ap lévé pou nou minm ki krinn non-m yo, solèy jistis la, avèk santé nan réyon-l yo; n-ap soti épi n-ap dansé tankou ti toro gra yo, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Jak 5, 7-8. 9 b

Sé pou nou pran pasians, frè-m yo, joutan Granmèt la rivé. Gadé moun k-ap fè jadin-an, l-ap tann frui tè-a ki gin anpil valè-a, li pran pasians, joutan li jouinn lapli prémié sèzon-an ak dènié sèzon-an. Konsa sé pou nou pran pasians nou minm tou, sé pou nou asiré kè nou, paské Granmèt la prèt pou-l rivé. Min jij la dévan pòt la li kanpé.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : Sa-a k-ap vini apré-m nan, li égzisté anvan-m : mouin pa mérité pou-m défèt lasèt sapat li.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki té rabésé tèt li poutèt nou, an nou invoké-l antan n-ap di ak kè kontan :

Vini, Granmèt Jézu.

Granmèt Jézu, ou minm ki té aksépté poté moun yo sou tè-a sékou,
— antan-ou vini-an, nétouayé nanm nou yo ak kò nou yo sot nan péché-a.

Moun yo ou pa-t ront rélé frè nan mistè pran ou pran chè-a,
— pa kité yo vîn tounin étranjé pou ou.

Jan-ou fiksé pou nou yé antan-ou rachté nou-an,

— sé konsa pou nou yé pou pa pini nou lè ou-ap jijé nou-an.

Ou minm okinn tan pa manké nan richès bon ou bon-an épi sansib ou sansib la,

— fè nou résévoua kouròn gloua-a ki pap finnin-an.

Nou rékòmandé ou, Granmèt, nanm moun sa yo ki détaché sot nan kondision kò-a,

— yo défin pou sièk sa-a, fè yo viv pou ou pou tout tan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Révèyé kè nou, Granmèt, pou nou préparé chémin Sèl Pitit ou-a, pou nan rivé li rivé-a, nou mérité sèvi-ou avèk kè nou nétouayé. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI DÉZIÈM SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Sé pou mizèrikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt.

R/. Sové ou sové nou-an dapré promès ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

27, 1-13

Y-ap okipé jadin rézin Granmèt la ankò

¹ Jou sa-a, Granmèt la ap pran sab li ki du-a,
ki gran-an, ki solid la,
l-ap pini Léviatan, koulèv k-ap sové kò-l la,
Léviatan, koulèv rizèz la,
l-ap tuyé koulèv zèl la ki nan lanmè-a.

² Jou sa-a, sé pou nou chanté pié rézin ki gin bon gou-a.

³ Sé mouin minm Granmèt la k-ap véyé sou li,
tout tan m-ap rouzé-l

pou fèy li pa tonbé,
lannuit kon lajounin m-ap véyé sou li.

⁴ Mouin pap fè kòlè.

Fò pa gin pikan rajé;
m-ap fè yo lagè, mouin t-ap foulé yo,
mouin t-ap boulé yo tout ansanm.

⁵ Oubyin, sé pou yo chèché protéksion nan kachèt mouin,
sé pou yo fè lapè avèk mouin;
lapè, sé sa pou yo fè avèk mouin.

⁶ Nan tan k-ap vini yo, Jakòb ap pousé rasîn,
Israèl ap fè flè, l-ap grandi,
frui-l yo ap plin fas tè-a.

⁷ Èské li frapé-l, tankou li té frapé moun ki t-ap frapé-l yo,
èské li touyé-l tankou li té touyé moun yo ki t-ap touyé-l la.

⁸ Ou pini-l antan-ou chasé-l, antan-ou égzilé-l.
Li chasé-l ak souf li ki fò-a, nan jou van Nòdé-a.

⁹ Sé konsa fot Jakòb la ap padonnin,
sa-a sé tout rézilta l-ap jouinn, si-l viré do bay péché-l la,
li trété tout ròch lotèl yo tankou ròch lacho ki krazé byin fin.
Poto mitan ak ròch-kanpé pou solèy, sa pap kanpé ankò.

¹⁰ Sèké vil ki té byin protéjé-a, li pa gin pèsonn,
li rété pou kont li, yo lagé-l, tankou yon savann.
Sé la bann mouton yo manjé zèb,
sé la li kouché l-ap manjé branch li yo.

¹¹ Lé ti branch li sèk, yo kasé yo,
gin fi ki vini, yo boulé-l,
sèké pèp sa-a sé pa yon pèp ki gin léspri,
sé pou sa sila-a ki fè-l la, li pa gin pitié pou li,

sil-a-a ki fòmé-l la, li pa padonnin-l.

¹² Jou sa-a, Granmèt la ap fè rékòlt blé dépi sot nan ravîn nan rivé jous nan gran lariviè Éjip la, y-ap kéyi nou youn pa youn, nou minm pitit Israël yo.

¹³ Jou sa-a, y-ap sonnin gran troupèt la, y-ap rivé, sila yo ki té pèdi nan péyi Asour-la, ni sila yo ki té gayé nan péyi Éjip la, y-ap adoré Granmèt la sou mòn ki sin-an, nan Jérusalèm.

RÉPONS

Cf. Mt 24, 31; Iz 27, 13

R/. Granmèt la ap voyé anj li yo avèk gran troupèt : * Anj yo ap rasanblé sa-l chouazi yo, sot nan kat van yo, dépi pouint sièl yo jous nan limit yo.

V/. Épi y-ap rivé, y-ap adoré Granmèt la sou mòn ki sin-an nan Jérusalèm. * Anj yo ap rasanblé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo

(Lib. 5, 19, 1; 20, 2; 21, 1: SCh 153, 248-250. 260-264)

Osije Èv ak Mari

Antan sé yon fason klè Granmèt la vini nan pròp sa-k pou li-a, épi antan kondision pròp sa-k pou li-a ap poté-l, sa li minm li poté-a, li réprann dézobéyisans la ki té fèt sou boua-a, gras a obéyisans pa-l ki fèt sou boua-a, épi li défèt riz la ki té troupé fi sa-a yon fason méchan-an, li

minm Èv ki vièj la ki té déjà déstiné pou yon mesié-a, li défèt riz sa-a pa lintèmédiè vérité bòn nouvèl la Anj la vîn poté yon fason ki byin bay Mari ki Vièj, ki té déjà anba pouvoua yon mesié.

Minm jan réyèlman fi sa-a té kité yo pran-l nan riz pa lintèmédiè paròl yon anj la, pou-l viré do bay Bondié, pou-l dézobéyi paròl li ; sé konsa tou lòt fi-a résévoua bòn nouvèl pa lintèmédiè paròl yon anj pou-l poté Bondié, antan-l obéyi paròl li. Épi minm jan premié-a té kité yo pran-l nan riz pou-l pa-t obéyi Bondié, sé konsa tou dézièm nan kité yo konvink li pou-l obéyi Bondié, yon fason pou Mari ki Vièj té vîn tounin avoka Èv ki té vièj.

Konsa, antan Granmèt la ranmasé tout bagay, li té ranmasé ni antan-l éksité lagè-a kont ènmi nou-an, ni antan-l krazé-l, ènmi sa-a ki té fè nou prizonié nan Adan-an okòmansman-an, li maché sou tèt li, dapré sa nou jouinn nan Jénèz la koté Bondié di sèpan-an : *Épi m-ap mété yon rayisans ant ou minm ak madanm nan, épi ant désandans ou ak désandans li ; li minm l-ap vizé tèt ou, ou minm ou-ap vizé talon-l.*

Poutèt réyèlman sa-a ki té gin pou-l té pran nésans nan madanm nan ki Vièj la dapré résanblans Adan, yo té anonsé-l kòm yon moun k-ap vizé tèt sèpan-an. Épi sé li minm, désandans sa-a Apot la ap palé osijè-l nan lèt pou Galat yo : *Laloua aksion yo té pozé joutan désandans la rivé, li minm yo té promèt li-a.*

Min nan minm lèt la, li montré sa pi klè ankò, antan-l di konsa : *Lè plénitud tan-an minm té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a, ki fèt sot nan yon madanm. Sèké réyèlman yo pa t-ap ranpôté viktoua sou ènmi-an yon fason kòrèk, si sé pa yon moun ki fèt sot nan madanm nan ki té ranpôté-l sou li. Sé pa lintèmédiè yon madanm réyèlman li té pran pié sou moun nan dépi okòmansman, antan li drésé pròp tèt li kòm ènmi moun nan.*

Sé poutèt sa Granmèt la rékonèt pròp tèt li kòm Pitit moun nan, antan nan pròp tèt pa-l li réprann premié moun nan, sa sot nan li yo vîn modlé sa-k fèt dapré mandanm nan : yon fason pou konsa minm jan ras nou té désann nan lanmò-a akòz moun nan ki té pèdi batay la, konsa tou yon lòt foua n-ap monté nan lavi-a gras a moun nan ki ranpòté viktoua-a.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 26. 27. 30. 31. 32

R/. Yo té voyé anj Gabrièl kot Mari ki Vièj, ki té fiancé ak Jozèf, pou anonsé-l paròl la ; épi Vièj la té sézi poutèt limiè-a. Pa pè, Mari, ou té jouinn gras kot Granmèt la : * Min ou-ap ansint, épi ou-ap anfanté, épi y-ap rélé-l Pitit Sa-a ki Anro nèt la.

V/. Granmèt Bondié ap ba-l fotèy David, papa-l la, l-ap roua nan kay Jakòb la pou tout tan. * Min.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT**

Jér 30, 21 a. 22

Sé sa Granmèt la di : Chèf li ap soti nan li, épi pitit roua ap avansé sot nan mitan-l ; m-ap fè édikasion-l, l-ap proche koté-m. N-ap pèp mouin, mouin minm m-ap Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Di : Sa-k fèb yo, sé pou nou pran kouraj, min Bondié Granmèt nou-an k-ap vini.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmèt-a, an nou priyé-l, frè yo mouin rinmin anpil la, li minm ki té vini pou-l fè nou kòrèk ak lagras avènman li-a, épi an nou rénouvlé rèl la ak gran fèt :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, yo té anonsé davans lontan, ak déklarasion profèt yo ou té gin pou-ou pran nésans nan chè-a,

— ranfòsé nésans bon kalité yo nan nou.

Fè nou favè pou nou minm k-ap anonsé ou sové nou,

— nan ou nou kapab sové.

Ou minm ki té vini pou-ou pansé moun yo ki krazé nan kè-a,

— géri maladi pèp ou-a.

Ou minm ki té aksépté vini pou rékonsilié moun yo sou tè-a,

— lè ou-ap vini pou jijman-an, libéré nou sot anba soufrans chatiman yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Fè pèp ou-a favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou-l rét ap tann Sèl Pitit ou-a k-ap vini-an, antan l-ap véyé pi plis li kapab, pou jan li minm ki sové nou-an li té aprann nou-an, nou avansé al rankontré-l antan n-ap véyé ak lanp yo byin limin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Jér 29, 11. 13

Mouin minm mouin konnin kalkil m-ap kalkilé sou nou, sé sa Granmèt la di, sé kalkil lapè, sé pa kalkil malè, pou-m ba nou tan k-ap vîn apré-a ak éspérans la. N-ap chèché-m épi n-ap jouinn mouin, paské n-ap chèché-m ak tout kè nou.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Jér 30, 18 a

Min paròl Granmèt la : Min m-ap fè tant Jakòb yo tounin byin tounin, m-ap pran pitié pou kay li yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Bar 3, 5-6 a**

Pa sonjé péché papa nou yo, min sonjé min-ou ak non-ou nan moman sa-a, paské sé ou minm Bondié Granmèt nou.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****2 Piè 3, 8 b-9**

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou. Granmèt la pa fè réta pou-l réalizé promès li-a, tankou kèk konprann nan, min sé avèk pasians l-ap aji nan nou, paské li pa vlé pou kèk péri, min pou tout moun tounin fè pénitans.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Rédanmtè nou-an, ki té vini pou-l poté bòn nouvèl la bay pòv yo, avèk chalè an nou priyé-l antan n-ap di :

Sé pou tout moun ouè gloua-ou la.

Sé pou manifesté pròp tèt-ou bay tout moun ki pa-t konnin-ou,

— pou yo ouè sovè ou sovè nou-an.

Sé pou yo anonsé non-ou jous nan limit tè-a,

— pou tout moun yo jouinn santié-ou yo.

Ou minm sé pou sa ou té vini premié foua-a pou-ou té rachté moun yo sou tè-a,

— sé pou vini pou sa yon lòt foua, pou moun yo ki kouè nan ou yo ou pa kondané yo pou sa yo mérité.

Libèté sa-a ou té poté bay moun ou rachté yo antan-ou rachté yo-a,

— défann li antan ou konsèvé rédanmsion-an.

Ou minm ki té vini lontan pou-ou pran nésans nan chè-a épi k-ap vini ankò pou-ou fè jijman-an,

— fè pou lè-ou vini-an, ou minnin défin yo al nan rékonpans pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Fè pèp ou-a favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou-l rét ap tann Sèl Pitit ou-a k-ap vini-an, antan l-ap veyé pi plis li kapab, pou jan li

minm ki sové nou-an li té aprann nou-an, nou avansé al rankontré-l antan n-ap veyé ak lanp yo byin limin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI DÉZIÈM SÈMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Granmèt la anonsé paròl li bay Jakòb.

R/. Jistis li yo ak jijman-l yo bay Israèl.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

29, 1-8

Jijman Bondié nan Jérusalèm

¹ Madichon, Arièl, Arièl, vil la koté David té instalé lamé-l nan batay la. Sé pou ané mété sou ané, s é pou fèt yo fîn fè tout tou-a.

² M-ap anvironnin Arièl, y-ap plinn, y-ap plinyin, ou-ap pou mouin tankou Arièl.

³ M-ap instalé lamé-m kont tout alantou-ou, m-ap anvironnin-ou avèk machîn lagè, m-ap drésé but-tè kont ou.

⁴ Ou-ap tonbé, ou-ap palé antan-ou atè-a,
paròl ou-a ap vlopé nan pousiè-a.

⁵ Foul ènmi-ou yo ap tankou yon pousiè fin,
foul moun k-ap fè nou pasé tray yo,
y-ap tankou pay k-ap vòltijé.

⁶ Yon ti moman san yo pa atann.
Granmèt lamé yo ap vizité-ou
avèk loraj, avèk tranbléman-tè,
avèk gro brui voua,
toubiyon, gran van, flanm difé k-ap dévoré.

⁷ L-ap tankou yon rèv, vizion nan nuit,
foul tout nasion yo k-ap batay kont Arièl,
tou sa k-ap sanblé kont li yo,
k-ap drésé pièj kont li, k-ap drésé but-tè kont li.

⁸ Tankou moun ki grangou, k-ap révé l-ap manjé,
épi lè-l révéyé, vant vid,
tankou moun ki souaf, ki révé l-ap bouè,
épi lè-l révéyé, li bouké, gòj li sèch,
konsa foul tout nasion yo
k-ap ataké mòn Siyon-an.

RÉPONS

Iz 54, 4; 29, 7

R/. Jérusalèm, pa pè, paské ou pap ront, * Lè Granmèt lamé yo ap vizité-ou.

V/. Épi l-ap tankou yon rèv, vizion nan nuit, foul tout nasion yo k-ap batay kont ou. * Lè.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch byinnéré Izaak, abé nan monastè Zétoual la
(Sermo 51: PL 194, 1862-1863. 1865)

Osijè Mari épi Égliz la

Pitit Bondié-a sé prémié pitit nan pami anpil frè yo, li minm ki, malgré li té sèl pitit nan natu-a, li fè anpil vîn fè yon sèl avèk li nan gras la. Moun ki résévoua-l yo, *li té ba yo réyèlman pouvoua pou yo vîn tounin pitit Bondié.*

Sé pousa, lè li vîn tounin pitit moun, li té fè anpil yo vîn tounin pitit Bondié. Konsa li té fè anpil yo vîn fè yon sèl avèk li, kòm li sé yon sèl nan rinmin li-an ak nan pouvoua li-a : sa yo ki anpil nan yo minm poutèt nésans nan chè-a, yo fè yon sèl avèk li kanminm ak nouvo nésans dapré Bondié-a.

Yon sèl Kris la réyèlman ki pou kont li épi ki toutantié, tèt la ak kò-a: yon sèl la minm li sé pitit yon sèl Bondié nan sièl la, épi pitit yon sèl manman sou tè-a ; gin anpil pitit, gin yon sèl pitit. Minm jan sètènman tèt la ak manb yo, yon sèl pitit, épi pliziè pitit, konsa Mari ak Égliz la, yon sèl manman épi pliziè ; yon sèl vièj épi pliziè.

Ni youn ni lòt, sé manman ; ni youn ni lòt, sé vièj ; ni youn ni lòt ansint sou kont minm Éspri-a san mové panchan ; ni youn ni lòt anfanté pitit bay Bondié Papa-a san péché. Youn anfanté tèt la pou kò-a san péché ; lòt la anfanté kò-a pou tèt la nan padon tout péché yo. Ni youn ni lòt sé manman Kris la, min okinn pa anfanté tout Kris la san lòt la.

Sé pousa nan Ékritu yo Bondié inspiré yo, sa yo di an jénéral osijè Égliz la ki vièj, ki manman, yo doué di-l li yon fason spésial osijè Mari ki vièj ; épi sa yo di osijè Mari ki vièj ki manman yon fason spésial, yo gin doua konprann li yon fason jénéral osijè Égliz la ki vièj, ki manman, épi lè yon paròl ékri osijè youn oubyin lòt, yo gin doua konprann fraz la prèské san distinksiyon, san diférans pou ni youn ni lòt.

Chak nanm fidèl tou, yo kapab konprann li, nan fason pa-l, kòm épouz Paròl Bondié-a, manman Kris la, pitit fi ak sè, vièj épi ki anfanté. Konsa Sajès Bondié-a minm ki Paròl Papa-a, sé li minm ki palé yon fason jénéral pou Égliz la, yon fason spésial pou Mari, épitou yon fason patikilié tou pou nanm fidèl la.

Sé pousa épi an konsékans : *Épi m-ap abité nan éritaj Granmèt la.* Éritaj Granmèt la réyèlman, sé Égliz la yon fason jénéral, sé Mari yon fason spésial, sé chak nanm fidèl yon fason patikilié. Nan tant vant Mari, Kris la rété nèf moua ; nan tant lafoua Égliz la, l-ap rété joutan sièk la fîn akonpli ; nan konésans ak rinmin nanm fidèl la l-ap rété nan sièk sièk yo.

RÉPONS

Lév 26, 11-12; 2 Kor 6, 16

R/. M-ap mét tant mouin-an nan mitan nou, épi nanm mouin pap réjé nou. * M-ap maché nan mitan nou, m-ap Bondié nou, nou minm n-ap pèp mouin.

V/. Nou sé tanp Bondié vivan-an, dapré sa Bondié di. * M-ap maché.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intélijans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lèvé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lèvé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou Benedictus la, réf. : Granmèt la ap drésé signal nan nasion yo, épi l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l ak élan éspri-a, li minm k-ap vini avèk gloua épi gran pouvoua; antan n-ap sipliyé an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm k-ap vini nan fòs anro nèt la, gadé jan nou rabésé,

— pou méte nou alarotè kado-ou yo.

Ou minm ki té vini pou-ou manifésté Bòn Nouvèl la bay moun yo,

— fè nou toujou préché sovè ou sovè nou-an.

Ou minm ki béni, épi k-ap viv, épi k-ap kòmandé tout bagay,

— fè antan nou kontan nou tann éspérans ki sin-an épi vini grandè-ou la ap vini-an.

Épi nou minm ki anvi lagras vini ou-ap vini-an,

— konsolé nou avèk kado sa-ou yé kòm Bondié-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Sé pou-l lévé nan kè nou, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, klèté gloua-ou la, pou, antan tout fènoua nuit pati, yo ouè nou sé pitit limiè gras a sèl Pitit ou-a ki vini-an. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Iz 4, 3**

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèm tu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Iz 61, 11**

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

TOUAZIÈM DIMANCH AVAN

Touazièm sémèn Psòm yo

Si dimanch sa-a tonbé jou 17 désanm, sé pou yo di imn yo indiké pi louin-an, 323; an plis sé pou yo di ni léktu yo, ni réfrin yo pou *Benedictus* la ak *Magnificat* la épi priyè intèsésion ki pi louin-an, 334, sa yo indiké pou chak jou yo, antan yo kité sa yo mété isit la pou touazièm dimanch la.

Pou premié Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113 **oubyin** *Verbum salutis omnium*, 323.

Réf. 1 Jérusalèm, sé pou-ou kontan ak gran kontantman, paské Sovè-a ap vini jouinn ou, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch touazièm sémèn-nan, 962.

Réf. 2 Mouin minm, Granmèt la, mouin té fè jistis mouin-an proché; li pap pran tan, sové m-ap sové nou-an pap fè réta.

Réf. 3 Voyé Mouton-an, Granmèt, li minm k-ap kòmandé sou tè-a, sot nan Ròch dézè-a, vîn sou mòn pitit fi Siyon-an.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23-24

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt

nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Sové ou sové nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Anvan-m, pa gin dié ki fòmé; épi apré-m, pap ginyin : paské sé dévan-m tout jénou ap plouayé, tout lang ap fè louanj.

Ané B

Gin yon moun Bondié té voyé, yo té rélé non-l Jan ; li minm, li té vini pou-l sèvi limiè-a témouin.

Ané C

Foul yo t-ap pozé Jan késion, antan yo t-ap di : Ki sa donk pou nou fè ? Antan-l réponn minm, li té di yo : Moun ki gin dé chémiz, sé pou-l bay sa-k pa ginyin ; moun ki gin manjé, sé pou-l fè minm jan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, kè kontan ak fèt tout moun k-ap tann li yo, an nou rélé-l :

Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

Antan nou kontan, n-ap tann vini ou-ap vini-an;

— vini, Granmèt Jézu.

Ou minm ki égzisté anvan sièk yo,

— vini pou sovè nou nan sièk sa-a.

Ou minm ki té kréyé tè-a épi moun yo ki abité nan li-a,

— vini pou-ou rachté travay min ou yo.

Ou minm ki pa-t pè sa nou yé-a ki kapab mouri-a,

— vini pou-ou raché nou sot anba pouvoua lanmò-a.

Ou minm ki té vini pou nou kapab gin lavi k-ap débòdé dépasé mézi-a,

— vini épi ba nou lavi-ou la ki pou tout tan-an.

Ou minm ki té vlé rasanblé tout moun nan rouayòm ou-an,

— vini épi rasanblé sa yo k-ap tann pou yo ouè fas ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki ouè kijan pèp ou-a byin fidèl ap tann fèt nésans Granmèt la, fè nou favè, tanpri, pou nou réyisi rivé nan kontantman pou grandè sovè nou sovè-a, épi pou nou toujou fété kontantman sa yo nan sérémoni solanèl avèk youn gété ki vif. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Anvan 17 désanm, réf. : Roua ki gin pou-l vini-an, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Jou 17 désanm, réf. : Granmèt la déja tou pré: vini, an nou adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115 oubyin *Veni, redemptor gentium*, 325.

Réf. 1 Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sové nasion yo, alélouya.

Psòd dimanch touazièm sémèn-nan, 966.

Réf. 2 Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sové ou sové-a ap vini.

Réf. 3 Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l: paské min l-ap vini épi li pap mizé.

V/. Gadé, épi lévé tèt nou.

R/. Paské rédanmsion nou tou pré.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

29, 13-24

Yo anonsé jįman Granmèt la

Min sa Granmèt Bondié di :

¹³ « Paské pèp sa-a ap proché koté-m ak bouch li,
l-ap fè louanj mouin ak po bouch li,
pandan kè-l louin-m,

épi konsidérasion li gin pou mouin,
 sé kòmandman lèzòm, bagay li aprann,
¹⁴ sé pou sa min m-ap kontinué fè pèp sa-a ouè mèvèy mouin yo,
 sajès moun ladrès yo ap disparèt,
 intéljans moun léspri-l yo, l-ap voualé ».

¹⁵ Madichon pou sila yo k-ap antéré tèt yo louin Granmèt la
 pou yo kaché plan yo,
 y-ap réalizé yo nan fènoua, y-ap di:
 « Kilès k-ap ouè nou, kilès k-ap rékonèt nou? ».

¹⁶ Nou pa manké pèvèti.
 Èské moun ki fè kruch la, nou konprann li tankou tè rouj la?
 Èské bagay ki ffin fèt la,
 li kapab palé di moun ki fè-l la:
 « Sé pa li ki fè-m » ;
 Èské yon kruch kapab di moun ki ba-l fòm nan:
 « Ou pa gin léspri ? ».

¹⁷ Èské nan yon ti moman ankò
 Liban-an pap vîn tounin yon jadin?
 Èské jadin-an pap pasé pou yon rak boua?

¹⁸ Jou sa-a, moun soud yo ap tandé paròl yon liv,
 jé avèg yo ap sot nan fè noua, nan dékou, y-ap ouè klè.
¹⁹ Pòv yo ap rékòmanse vîn gin kè kontan nan Granmèt la.
 Moun ki pi maléré yo, y-ap dansé nan Sin Israël la.

²⁰ Sa k-ap fè profitè-a, l-ap disparèt,
 Moun k-ap pasé lòt nan rizib la, li pap la ankò.
 Moun yo k-ap véyé pou yo fè sa ki mal yo, y-ap dérasinin yo.

²¹ Moun yo k-ap kondané lòt yo ak paròl yo-a,
 sa k-ap mét pièj dévan jij la nan tribinal la,

sa k-ap fè moun kòrèk la tonbé atè-a san rézon-an.

²² Sé poussa, min sa Granmèt la di fanmiy Jakòb la,

li minm ki délivré Abraam nan:

« Koulié-a, Jakòb pap ront ankò,

koulié-a, figu-l pap dékonpozé ankò.

²³ Sèké pitit li yo ap ouè sa min-m fè nan mitan-l.

Y-ap fè rékonèt kijan non-m sin;

y-ap fè rékonèt kijan Sin Jakòb la apa.

Y-ap réspékté Bondié Israèl la.

²⁴ Léspri ki té pèdi rout yo, y-ap konnin sajès la.

Sa k-ap fè rébèl yo, y-ap aprann sians la.

RÉPONS

Iz 29, 18. 19; cf. Mt 11, 4. 5

R/. Nan jou sa-a, moun soud yo ap tandé paròl liv la, épi jé moun avèg yo ap ouè sot nan fènoua ak brouya-a, * Épi sa-k pi pòv yo ap fété nan Sin Israèl la.

V/. Alé anonsé Jan sa nou tandé ak sa nou ouè : avèg yo ouè, moun bouaté yo ap maché, moun soud yo tandé, pòv yo jouinn bòn nouvèl la. * Épi sa-k pi pòv yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 293, 3: PL 38, 1328-1329)

Jan sé voua-a, Kris la sé Paròl la

Jan sé voua-a, Granmèt la minm nan kòmansman-an sé té Paròl la. Jan sé voua-a pou yon tan ; Kris la sé Paròl pou tout tan-an nan kòmansman.

Ouété paròl la, sa voua-a yé ? Koté pa gin anyin pou konprann, sé yon brui ki vid. Voua-a san paròl la, li frapé zòrèy la, li pa rafèmi kè-a.

Sèlman, nan kè nou-an li minm ki pou rafèmi-an, sé pou nou konsidéré lòd bagay yo. Si m-ap pansé sa m-ap di-a, paròl la déjà nan kè-m : min si-m vlé palé avèk ou, mouin chèché kijan sa-k déjà nan mouin-an, m-ap fè-l vîn nan kè-ou tou.

Pandan m-ap chèché kijan m-ap fè paròl la ki déjà nan kè-m nan, rivé jouinn ou épi pou-l antré nan kè-ou, mouin pran voua-a, épi lè-m pran voua-a, mouin palé avèk ou : son voua-a kondui sans paròl la koté-ou, son-an li minm sètènman li pasé ; paròl la minm, sa son-an té kondui koté-ou la, li déjà nan kè-ou, san-l pa kité kè pa-m.

Konsa son-an, lè paròl la pasé al jouinn ou, èské sé pa li minm ki sanblé di-ou, *Sé pou li minm li grandi, mouin minm minm sé pou-m diminué ?* Son voua-a fè brui nan sèvis la, épi li pati, kòm si li t-ap di : *Kè kontan-m sa-a fîn akonpli.* Sé pou nou kinbé paròl la, sé pa pou nou lagé paròl sa-a ki vîn fòmé anndan nou-an.

Ou vlé ouè kijan voua-a pasé, épi Paròl la ki Bondié-a rété ? Koté batèm Jan-an yé koulié-a ? Li fîn sèvi, li pati. Koulié-a batèm Kris la

minm sé tout tan l-ap fèt. Nou tout nou kouè nan Kris la, nou espéré sovè n-ap sovè-a nan Kris la : sé sa voua-a t-ap sonnin.

Kòm li difisil pou distingé paròl la avèk voua-a, sé poua yo té konprann sé Jan li minm ki Kris la. Yo té konprann voua-a sé té paròl la : min voua-a fè konnin pròp tèt li, pou-l pa bay paròl la bariè. Li di : *Sé pa mouin minm ki Kris la, ni Éli, ni profèt la*. Yo réponn li : *Ébyin kilès ou yé ?* Li di : *Mouin minm mouin sé voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a, paré rout pou Granmèt la. Voua moun nan k-ap rélé nan dézè-a, voua moun nan k-ap fann silans la. Paré rout pou Granmèt la, sé kòm si li t-ap di : Mouin minm sé poua mouin sonnin, pou mouin fè-l antré nan kè nou : min koté m-ap fè-l antré-a, li pap aksépté vini, si nou pa préparé rout la.*

Sa sa vlé di : *Paré rout la*, si sé pa priyé jan nou doué fè-a ? Sa sa vlé di : *Paré rout la*, si sé pa réfléchi antan nou bésé tèt ? Sé pou nou aksépté pran modèl sou fason li bésé tèt li-a. Yo té sipozé li té Kris la, li di li pa sa yo sipozé-a, ni li pa profité fason lòt yo tronpé-a pou-l monté tèt li.

Si-l té di : *Sé mouin minm ki Kris la, èské yo pa t-ap kouè-l avèk anpil fasilité, paské anvan-l té palé-a, yo té déja kouè-l ?* Li pa-t di sa : li té fè yo konnin-l, li té détayé sa-l yé-a, li té bésé tèt li.

Li té ouè koté sovè-a té yé ; li té konprann byin sé lanp la li yé, li té pè pou van ògèy la pa-t étinn li.

RÉPONS

Cf. Jan 3, 30; 1, 27; Mk 1, 8

R/. Sé pou-m diminué, li minm minm sé pou-l grandi : sa-a minm ki vini aprè-m nan, li té la anvan-m : * Li minm mouin pa mérité défèt lasèt sapat li yo.

V/. Mouin minm mouin té batizé nou ak dlo : li minm minm l-ap batizé nou ak Éspri-Sin-an. * Li minm mouin pa mérité.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115 oubyin *Magnis prophetæ vocibus*, 327.

Réf. 1 Granmèt la ap vini, li pap fè réta, pou-l kléré sa ki kaché nan fènoua yo, l-ap fè tout nasion yo ouè-l, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch touazièm sémèn-nan, 969.

Réf. 2 Mòn yo ak tout ti rotè yo ap rabésé, sa-k té krochi yo ap vîn douat, sa-k té gin ròch yo ap chémin nivlé. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Réf. 3 M-ap bay sové n-ap sové-a nan Siyon, épi nan Jérusalèm glouam nan, alélouya.

LÉKTU KOUT**Rom 13, 11-12**

Li déjà lè pou nou lévé sot nan dòmi-a ; koulié-a réyèlman, sovè nou sovè-a pi pré pasé lè nou té kouè-a. Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kitè aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Kris.

V/. Ou minm ki gin pou-ou vini sou tè-a. * Pitié pou nou. Viv papa-a. Kris.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané A

Pandan Jan té nan prizon-an, li tandé palé sou aktivité Kris la, antan li voyé dé nan disip li yo, li di-l : Èské sé ou minm sa-a ki té gin pou-ou vini-an, oubyin èské sé yon lòt pou nou tann ?

Ané B

Jan di : Mouin minm mouin sé voua sa k-ap rélé nan dézè-a : Rédrésé chémin Granmèt la.

Ané C

Jan té di tout moun : Mouin minm réyèlman sé nan dlo m-ap batizé nou. Min gin youn ki pi fò pasé-m, k-ap vini : li minm minm l-ap batizé nou nan Éspri-Sin-an ak nan difé.

Min si dimanch sa-a tonbé jou 17 désanm, réf. Scitote (Aprann sa, ringn Bondié-a tou pré), 339.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a li minm ki té fè nou gras ak bon kè pou nou tann révélasion Jézu-Kri-a, an nou lapriyè-l antan n-ap di :

Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

Éspri nou, Granmèt, épi nanm nou, épi kò nou, sanktifé yo,

— épi kinbé nou san répròch nan vini Pitit ou-a ap vini-an.

Fè nou maché nan jounin sa-a yon fason ki sin,

— épi viv nan sièk sa-a yon fason ki respékté sa ki douat ak sa ki sakré.

Fè nou abiyé avèk Jézu-Kri Granmèt nou,

— épi fè nou plin ak Éspri-Sin-an.

Pèmèt nou rété ap véyé, Granmèt,

— joustan Pitit ou-a parèt nan gloua-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki ouè kijan pèp ou-a byin fidèl ap tann fèt nésans Granmèt la, fè nou favè, tanpri, pou nou réyisi rivé nan kontantman pou grandè sovè nou sovè-a, épi pou nou toujou fété kontantman sa yo nan sérémoni solanèl avèk yon gété ki vif. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 117-119 oubyin 328.

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT**Rom 13, 13-14 a**

Tankou nan lajounin, sé pou nou maché yon fason onèt : non pa nan manjé anpil épi bouason cho, non pa nan mové plézi épi libètinaj, non pa nan kont épi jalouzi, min abiyé nou avèk Granmèt Jézu-Kri.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Cf. 1 Tés 3, 12-13**

Sé pou Granmèt la fè nou débòdé nan charité youn parapò a lòt épi pou tout moun, minm jan nou minm parapò a nou, pou kè nou yo kapab solid san répròch nan sa-k fè nou sin-an dévan Bondié ak Papa nou, pou avènman Granmèt nou Jézu ansanm ak tout sin-l yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Tés 1, 6. 7. 10

Sa kòrèk kot Bondié pou nou minm ki nan tribilasyon-an, li ba nou répo avèk nou, nan révélation Granmèt Jézu sot nan sièl la avèk anj pouvoua-l yo, lè l-ap vini fè ouè gloua-l nan sin-l yo épi fè admiré-l nan tout sa ki té kouè yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 113 **oubyin** *Verbum salutis omnium*, 323.

Réf. 1 Min Granmèt la ap vini, pou-l chita avèk chèf yo pou-l pran posésion fotèy gloua-a.

Psòm ak kantik dimanch touazièm sémèn-nan, 977.

Réf. 2 Sé pou mòn yo fè kontantman-an éklaté épi ti rotè yo jistis la, paské limiè tè-a, Granmèt la, ap vini avèk pouvoua.

Réf. 3 Sé pou nou viv yon fason ki kòrèk, ki sin, antan n-ap tann espérans ki sin-an épi vini Granmèt la ap vini-an.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 4-5

Sé pou nou kontan nan Granmèt la tout tan. Yon lòt foua ankò mouin di : Sé pou nou kontan! Bon jan nou-an, sé tout moun ki pou rékonèt li. Granmèt la tou pré.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Épi sovè ou sovè nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Èské sé ou minm ki gin pou-ou vini-an, oubyin si sé yon lòt pou nou tann? Di Jan sa nou té ouè yo : Avèg yo tounin nan limiè-a, mò yo lèvé, pòv yo résévoua bon nouvèl la, alélouya.

Ané B

Mouin batizé nan dlo. Nan mitan nou gin yon moun ki kanpé, nou pa konnin-l, sé li minm ki gin pou-l vîn aprè-m nan.

Ané C

Jan pran laparòl, antan-l di : Gin youn ki pi fò pasé-m, k-ap vini, li minm pèl la nan min-l pou-l nétouayé glasi-l épi pou-l ranmasé blé-a nan dépo-l.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmèt nou Jézu-Kri, ki rout la, vérité-a ak lavi-a, avèk siplikasyon an nou priyé-l antan n-ap di :

Vini, épi rété avèk nou, Granmèt.

Jézu, Pitit Sa-a ki Anro nèt la, ou minm yo té anonsé bay Vièj Mari pa lintèmédiè Gabrièl,

— vini pou-ou régné sou pèp ou-a pou tout tan.

Ou minm, Sin Bondié-a, sa-k vîn anvan-ou nan té fè fèt pou ou nan vant Élizabèt,

— vini pou-ou bay tout tè-a kè kontan sovè ou sovè nou-an.

Jézu Sovè, ou minm Anj la té révélé nou-ou bay Jozèf, mésié ki korèk la,

— vini pou-ou sovè pèp ou-a sot nan péché-l yo.

Limiè tè-a, ou minm Siméon ak tout moun ki korèk yo t-ap tann nan,

— vini pou-ou konsolé nou.

Solèy k-ap lévé-a, ki pap bésé-a, sa Zakari té prédi ki té gin pou vîn vizité nou sot anro-a,

— vini pou-ou kléré moun sa yo ki chita nan lonbraj lanmò-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki ouè kijan pèp ou-a byin fidèl ap tann fèt nésans Granmèt la, fè nou favè, tanpri, pou nou réyisi rivé nan kontantman pou grandè sovè nou sovè-a, épi pou nou toujou fété kontantman sa yo nan sérémoni solanèl avèk yon gété ki vif. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan jou sémèn yo apati 17 désanm jous 23 désanm, yo kité sa ki indiké pou touazièm sémèn nan, yo di invitatoua-a, imn yo, léktu yo, répons yo, vèsè yo, priyè-a avèk réfrin épi priyè intèsésion yo pou Louanj yo nan matin avèk Vèp yo, jan sa prezanté pi louin-an, 323.

LINDI TOUAZIÈM SÉMÈN AVAN

Pou Ofis léktu-a

V/. Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

R/. Épi sovè ou sovè nou-an ba nou li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

30, 18-26

Yo promèt byin k-ap vini yo

¹⁸ Granmèt la ap tann pou-l fè nou gras,
sé poua l-ap lévé pou-l pran pitié pou nou,
paské Granmèt la, sé Bondié jisitis,
sé chans pou tout moun ki éspéré sou li.

¹⁹ Pèp Siyon-an ap abité nan Jérusalèm ;
li pap kriyé ankò,
y-ap pran pitié pou ou, nan voua rèl ou-a ;
minm lè-a kon yo tandé, y-ap réponn ou.

²⁰ Épi Granmèt la ap ba nou pin nan tray nou,

ak dlo nan kè séré nou,
 li pap fè moun k-ap ba-ou ansègnman-an kité-ou ankò,
 épi jé-ou yo ap ouè mèt ou-a,

²¹ épi zòrèy ou yo ap tandé paròl sa-a
 k-ap ba-ou avètisman dèyè do-ou la :

« Sa-a sé rout la : maché ladan-l »,
 épi nou pap dévié ni adouat ni agòch.

²² Zidòl ou yo ou kouvri ak lajan-an, ou-ap ouè ou pa pròp,
 ni rad lò ou abiyé pòtré dié-ou yo,
 ou-ap réjité yo tankou yon bagay sal
 ou-ap di yo: « Sòti ».

²³ L-ap bay lapli pou sémans ou-a,
 ninpòt koté-ou té simin nan péyi-ou la ;
 épi pin-an tè-a ap bay la l-ap rich, l-ap gra ;
 jou sa-a, mouton-an ap jouinn anpil koté
 pou-l manjé zèb nan éritaj ou-a,

²⁴ épi bèf ou yo ak ti bourik ou yo, k-ap travay tè-a,
 y-ap manjé yon bon manjé ki byin mélanjé,
 ki byin vanté sou glasi.

²⁵ Sou tout mòn ki ro
 ak sou tout ti rotè ki gran,
 ap gin riviè dlo k-ap kouri,
 nan jou y-ap touyé anpil moun nan,
 lè sitadèl yo ap tonbé yo.

²⁶ Épi limiè lalîn nan ap tankou limiè solèy la,
 épi limiè solèy la ap kléré sèt foua plis
 tankou limiè sèt jou,

jou Granmèt la ap pansé koté pèp li-a té blésé-a,
épi l-ap géri blésu kou-l yo ».

RÉPONS

Cf. Iz 30, 26. 18; Ps 26 (27), 14

R/. Nan jou sa-a Granmèt la ap pansé blès pèp li-a, Bondié jijman-an ap géri koté li té blésé ak kou yo : * Ala kontantman pou tout moun k-ap tann li.

V/. Tann Granmèt la, aji avèk fòs, sé pou kè-ou asiré, tann Granmèt la.
* Ala kontantman.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion Giyòm, abé nan monastè
sin Téodorik la, Osijè kontanplé Bondié-a

(Nn. 9-11: SCh 61, 90-96)

Sé li minm ki té rinmin nou an premié

Sé ou minm sèl ki Granmèt tout bon vré, ou minm lè-ou kòmandé sou nou, sé sovè ou-ap sovè nou ; lè nou sèvi-ou minm, sé pa anyin dòt pasé kite-ou sovè nou.

Kijan réyéman ou sovè nou, Granmèt, ou mim sovè-a sé pou ou-a, épi bénédiksion-ou nan sou pèp ou-a, si sé pa pou nou résévoua sot nan ou pou nou rinmin-ou oubyin pou nou kite-ou rinmin nou ?

Sé poua, Granmèt, ou té vlé pou Pitit min douat ou-a, moun nan ou asiré pou ou-a, yo rélé-l Jézu, sa vlé di Sovè, *sé li minm réyéman k-ap*

sové pèp li-a sot nan péché-l yo, épi pa gin lòt moun koté sové-a yé ; sé li minm ki aprann nou rinmin-l, lè li minm li té rinmin nou an premié-a jous nan lanmò koua-a, antan-l rinmin nou, antan-l gin rinmin vré pou nou, li ankourajé nou pou nou rinmin-l, li minm ki té gin rinmin pou nou an premié jouskalafin.

Épi sé konsa minm, sé konsa sa yé : ou té rinmin nou an premié, pou nou té kapab rinmin-ou ; sé pa paské ou té bézouin nou rinmin-ou, min sé paské si sé pa antan nou rinmin-ou, nou pa t-a kapab rivé nan ou té fè nou pou li-a.

Sé poussa, anpil fouda ak anpil fason, lontan ou té palé ak papa yo nan profèt yo, nan dènié jou sa yo, ou palé avèk nou nan Pitit la, nan Paròl ou-a : sé pa pouvoua-l sièl yo rét solid, épi sé ak souf bouch li tout puisans yo-a.

Lè-ou palé nan Pitit ou-a, sé pa-t lòt bagay, pasé mété nan solèy la, sa vlé di byin klè, kijan-ou té rinmin nou anpil, ou minm ki *pa-t ménajé pròp Pitit ou-a, min ou té rinmèt li pou nou tout ; li minm tou ki té rinmin nou épi ki té rinmèt pròp tèt li pou nou.*

Sé sa Paròl ou-a ou adrésé nou-an, Granmèt, *paròl sa-a ki gin tout pouvoua-a : pandan mitan silans la, sa vlé di lè profondè èrè-a té kinbé tout bagay la, li vîn sot sou fotèy roua yo, li ki krazé èrè ki rèd yo, li ki mété rinmin ki dou-a.*

Épi ninpòt sa-l té fè, ninpòt sa-l té di sou tè-a, jous nan mové trétman yo, jous nan kraché ak soufflèt yo, jous nan koua-a ak kavo-a, sé pa-t lòt bagay pasé paròl ou palé ak nou-an nan Pitit la : sa éksité nou pou nou résévoua rinmin-ou nan, sa révèyé rinmin nou-an.

Ou té konnin réyèlman, Bondié ki kréyé nanm yo, yo pa kapab fòsé santiman sa-a nan nanm pitit moun yo, min sé éksité pou yo éksité-l. An

minm tan réyèlman paské koté gin fòsé, pa gin libèté ankò ; koté pa gin libèté, pa gin jistis.

Ou té vlé donk pou nou rinmin-ou, paské nou pa-t kapab sové yon fason kòrèk, si nou pa-t rinmin-ou ; ni nou pa-t kapab rinmin-ou, si sa pa-t vîn sot nan ou minm. Konsa, Granmèt, jan Apot rinmin-ou nan di-a, épi jan nou té déjà di-a, sé ou minm ki té rinmin nou an prémié ; épi sé ou minm an prémié ki rinmin tout moun ki rinmin-ou yo.

Min nou minm nou rinmin-ou gras a santiman rinmin-an ou mété nan nou-an. Min rinmin-ou nan sé bonté-ou la, byin ki anlè nèt la épi bonté ki anlè nèt la, Éspri-Sin-an ki sot nan Papa-a ak Pitit la: ki dépi nan kòmansman kréasion-an, t-ap plané anlè dlo yo, sa vlé di léspri pitit moun yo ki t-ap floté yo, antan l-ap ofri tèt li ba yo tout, antan l-ap rédi tout bagay vîn jouinn li, antan l-ap inspiré, antan l-ap aspiré, antan l-ap ouété sa ki nuizib yo, antan l-ap paré sa ki itil yo, antan l-ap fè Bondié fè youn ak nou épi l-ap fè nou fè youn ak Bondié.

RÉPONS

Iz 54, 10. 13 ; 48, 17

R/. Mizérikòd mouin-an pap rékilé louin-ou, épi aliens lapè-m nan pap souké ; * Tout pitit ou yo sé disip Granmèt la y-ap yé, épi lapè-a ap gran pou pitit ou yo.

V/. Mouin minm Granmèt Bondié-ou la k-ap aprann ou sa-k sèvi-ou, antan m-ap dirijé-ou sou rout la, koté ou-ap maché-a. * Tout pitit ou yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 2, 3

Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, al nan kay Bondié Jakòb la, pou-l aprann nou chémin-l yo, épi pou-n maché nan santié-l yo ; paské sé Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a.
Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Granmèt la k-ap kòmandé-a ap vîn sot nan sièl la, nan min-l sé konsidérasion ak pouvoua.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, Pitit Bondié vivan-an, limiè ki soti nan limiè-a, sé pou-l fè nou soti al nan limiè-a, pou nou ouè jistis li-a. Sé pou sa, avèk konfians, an nou priyé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, Limiè ki pap fébli, k-ap lévé pou fonn fènoua nou-an,

— ou minm, Kris la, révéyé lafoua nou sot nan dòmi-an.

Fè pou tout jounin-an nou maché trankil,

— antan n-ap joui klèté-ou la.

Aprann nou dousè ki bon nèt la,

— pou tout moun yo kapab konnin-l.

Vini pou-ou kréyé tè nouvo-a pou nou,

— koté jistis la ak lapè-a ap abité.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Voua nou, tanpri, Granmèt, akòdé zòrèy bon kè-ou avèk li, épi fènoua yo ki nan kè nou-an, kléré yo avèk gras Pitit ou-a k-ap vizité nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 10, 20-21

Épi ap rivé nan jou sa-a : rès Israèl la ak sa-k té sovè kò yo sot nan kay Jakòb la, ap apuiyé sou Granmèt la, Sin Israèl la, nan vérité-a. Rès yo ap tounin, rès Jakòb yo, kot Bondié fò-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 10, 24. 27

Sé bagay sa yo Granmèt Bondié lamé yo di : « Pa pè, pèp mouin, ki abité Siyon. Nan jou sa-a y-ap ouété chaj la sot sou zépòl ou épi jouk la sot sou kou-ou ».

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 13, 22 — 14, 1

Li tou pré pou-l rivé, tan-l nan, épi jou-l yo pap mizé. Granmèt la ap pran pitié réyèlman pou Jakòb épi Israèl ap sové.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Fil 3, 20b-21

Sovè-a n-ap tann, Granmèt la Jézu-Kri, li minm k-ap transfòmé kò povrété nou-an, pou-l fè-l vîn konfòm ak kò gloua li-a, dapré opérasion-an koté li kapab minm soumèt tout bagay anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré nou fas ou, pou nou sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou moun, paské Bondié té voyé jé sou sèvant li ki pòv la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la k-ap vini épi k-ap sové nou, an nou priyé-l avèk insistans, antan n-ap mandé byin fò :

Vini, épi sové nou.

Granmèt Jézu, Kris Bondié-a, ki sovè tout moun yo,

— vini pi vit épi sové nou.

Ou minm ki té vini sou tè sa-a,

— libéré nou sot nan péché tè-a.

Ou minm ki té vîn sot nan Papa-a,

— aprann nou chémin k-ap sové nou-an ki al kot Papa-a.

Ou minm ki té fòmé nan vant apati Éspri-Sin-an,

— nan minm Éspri sa-a fè kè nou yo vîn tou nèf gras a paròl ou-a.

Ou minm ki té pran chè nan vant Man ki Vièj,
 — libéré nou sot nan koripsion chè-a.
 Sonjé, Granmèt, tout moun yo
 — ki té la dépi kòmansman tè-a épi ki té espéré nan ou.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Voua nou, tanpri, Granmèt, akòdé zòrèy bon kè-ou avèk li, épi fènoua yo ki nan kè nou-an, kléré yo avèk gras Pitit ou-a k-ap vizité nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri

MADI TOUAZIÈM SÉMÈN AVAN

Si madi sa-a tonbé apré 16 désanm, yo di tout bagay nan jou dat la, tankou pi louin-an, 323.

Pou Ofis léktu-a

V/. Voua sa k-ap rélé nan dézè-a: Paré chémin Granmèt la.

R/. Fe santié Bondié nou-an yo douat.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

30, 27-33; 31, 4-9

Sové Jérusalèm sové-a sot nan min Asiryin yo

^{30,27} Min non Granmèt la ap vîn sot byin louin,
 kòlè-l ap flanbé, chaj la lou,

po bouch li plin raj,
lang li tankou difé k-ap flanbé.

²⁸ Léspri-l tankou gran lariviè k-ap débòdé,
k-ap rivé jous nan kou,
pou-l pasé nasion yo nan pasoua k-ap détrui-a,
ak yon brid nan machoua pèp yo pou drésé yo.

²⁹ Kanta pou nou, sé chanté tankou yon nuit fèt ki sin,
kè kontan tankou moun k-ap pati ak son flut,
pou-l al sou mòn Granmèt la,
kot blòk ròch Israèl la.

³⁰ Granmèt la ap fè tandé grandè voua-l,
l-ap fè ouè jan bra-l ap tonbé nan raj kòlè-a,
avèk flanm difé l-ap dévoré, siklòn, laplui ak lagrèl.

³¹ Nan voua Granmèt la, y-ap jété Asour,
y-ap frapé-l ak baton.

³² Chak foua baton désizion-an ap pasé,
sa Granmèt la ap pozé sou li-a,
ak tanbou, ak gita, ak batay ki rèd,
l-ap batay kont li.

³³ Sèké dépi lontan Tofèt paré.
Pou roua-a tou li paré, li fouyé, li laji,
brazié-a limin, li plin boua.
Souf Granmèt la ap flanbé-l tankou yon lariviè souf.

^{31,4} Min sa Granmèt la di-m:
« Tankou yon lion ak yon pitit lion
ap rélé pou jibié-l,
foul gadyin yo mèt rélé sou li, li pa pè rèl yo,
li pa tranblé dévan brui y-ap fè,

konsa Granmèt lamé yo ap désann
pou-l batay sou mòn Siyon-an ak sou ti mòn li-a.

⁵ Tankou zouazo k-ap volé,
konsa Granmèt lamé yo ap protéjé Jérusalèm,
l-ap protéjé-l, l-ap sové-l,
l-ap prezèvé-l, l-ap délivré-l.

⁶ Tounin vîn jouinn sila-a nou té tèlman révolté kont li-a,
piti Israël yo.

⁷ Sèké jou sa-a, chak moun ap réjé
zidòl lajan-l ak zidòl lò-l,
sa nou té fè ak min péché nou yo.

⁸ Asiri ap tonbé dévan yon épé ki pa nan min moun,
yon épé ki pa nan min moun ap dévoré-l,
l-ap sové kò-l dévan épé-a,
sòlda-l yo ap vîn tounin ésklav.

⁹ L-ap pè, l-ap kouri kité ròch li-a.
Chèf li yo ap sézi, y-ap kouri kité drapo yo-a,
déklarasion Granmèt la ki gin difé-l nan Siyon-an,
ki gin fou-l nan Jérusalèm nan.

RÉPONS

Iz 31, 4. 5; 30, 29

R/. Granmèt lamé yo ap désann sou mòn Siyon-an. * Tankou zouazo k-ap volé, sé konsa Granmèt la ap protéjé Jérusalèm, antan l-ap prezèvé-l epi l-ap sové-l.

V/. N-ap gin yon kantik tankou yon nuit gran fèt ki sin, ak kontantman kè. * Tankou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Osijè imitasion Kris la

(Lib. 2, cap. 2-3)

Osijè bésé tèt la épi lapè-a

Pa trakasé-ou ap chèché konnin ki moun ki pou ou, oubyin kilès ki kont ou : min sa pou fè épi okipé, sé pou Bondié avèk ou nan tout bagay ou-ap fè.

Sé pou-ou gin yon bon konsians, épi Bondié ap défann ou byin.

Moun Bondié vlé édé, okinn méchansté pap kapab nui-l.

Si-ou konn pé bouch ou épi soufri, ou-ap ouè sékou Grammèt la san mank.

Sé li minm ki konnin tan ak fason pou-l délivré-ou, sé poua ou doué lagé kò-ou nan min-l.

Sé Bondié k-ap poté sékou, épi k-ap délivré sot nan tout laront.

Anpil foua li pi bon pou nou pou lòt moun yo konnin défo nou yo, pou yo kritiké yo, pou nou bésé tèt pi lis.

Lè yon moun bésé tèt poutèt défo-l yo, lè sa-a li kalmé lòt moun yo pi fasil, épi san éfò li satisfè moun ki faché kont li yo.

Moun ki bésé tèt, Bondié protéjé-l épi li libéré-l, li rinmin moun ki bésé tèt épi li konsolé-l : li panché pròp tèt li sou moun ki bésé tèt, li bay moun ki bésé tèt gran gras, épi apré li fîn rabésé-a, li lévé-l al nan gloua-a.

Li révéle sékrè-l bay moun ki bésé tèt la épi li rédi-l tou dousman sou li, konsa tou li invité-l.

Moun ki bésé tèt la, lè-l réservoua yon laront, li rét byin trankil nan lapè : paské sé nan Bondié li instalé, sé pa nan tè-a.

Pa konprann ou fè okinn progrè, si-ou pa konsidéré-ou kòm pi ba nan pami tout moun.

Kòmansé rét nan lapè ou minm minm, épi apré sa ou-a kapab bay lòt yo lapè.

Moun k-ap mét lapè-a pi itil pasé moun ki byin savan-an.

Moun ki gin san cho, minm sa ki byin-an li fè-l tounin mal, épi li fasil pou kouè sa-k mal.

Moun ki bon k-ap mét lapè-a, li fè tout bagay vîn tounin byin.

Moun ki nan lapè-a byin, li pa soupsoné pèsonn. Min moun ki mal pou satisfè épi ki troublé, li kité anpil dout sakajé-l : pou pròp tèt pa-l li pa gin répo, épi li pa kité lòt moun yo gin répo.

Anpil foua li di sa pou-l pa-t di, épi li pa fè sa-l té plis gin pou-l fè-a.

L-ap okipé sa lòt yo gin pou yo fè: épi li néglijé sa li minm li gin pou-l fè.

Kòmansé mét aktivité pou pròp tèt pa-ou, apré sa ou-a kapab mét aktivité pou prochîn-ou tou yon fason kòrèk.

Ou konn éskizé aksion-ou yo byin, épi ou pintiré yo, min ou pa vlé réservoua éskiz lòt yo.

Ou t-a aji yon fason pi kòrèk si-ou té akizé pròp tèt ou, épi si-ou té éskizé frè-ou la.

Si-ou vlé yo sipòté-ou, sé pou-ou sipòté lòt yo tou.

RÉPONS

Ps 24 (25), 9-10; Zak 7, 9

R/. Granmèt la ap dirijé pòv yo nan jijman-an : l-ap aprann moun ki dosil yo rout li yo. * Tout rout Granmèt la sé mizérikòd ak vérité, pou moun yo k-ap kinbé témouagnaj li-a.

V/. Sé pou nou jijé dapré vrè jijman, épi sé pou nou fè mizérikòd ak pran pitié, chak moun pou frè-l la. * Tout rout.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Jén 49, 10

Bagèt kòmandman-an, yo pap ouété-l sot nan Juda épi baton chèf la sot nan pié-l yo, joustan li rivé, sa-a li dépann dé li-a, épi li minm nasion yo ap obéyi-a.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Lévé, lévé, drésé-ou Jérusalèm: défèt chinn yo ki nan kou-ou la, pitit fi Siyon ki prizonié-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, ap lonjé min-l yon lòt foua pou-l pran posésion rès pèp li-a. Poutèt sa, an nou priyé-l :

Sé pou ringn ou-an rivé, Granmèt.

Pèmèt, Granmèt, pou nou donnin frui ki alarotè pénitans la,

— pou nou résévoua rouayòm ou-an ki tou pré-a.

Paré chémin nan kè nou yo, Granmèt, pou Paròl ou-a k-ap vini-an,

— pou gloua li-a révéle nan nou.

Rabésé mòn ògèy nou-an,

— lévé bafon féblès nou-an.

Ranvèsé miray rayisans la k-ap divizé nasion yo,

— épi chémin k-ap mété nou dakò-a nivlé-l pou moun yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki fè nou vîn tounin yon nouvo kréatu pa lintèmediè Sèl Pitit ou-a, konsidéré travay mizérikòd ou-a ak bon kè, épi nan vini Pitit ou-a ap vini-an, pròpté nou sot nan tout tach lontan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT**Jér 23, 5**

Min jou k-ap vini, sé sa Granmèt la di, m-ap fè yon désandans kòrèk lèvé pou David ; roua-a ap régné, l-ap gin sajàs, l-ap fè jijman ak jistis sou tè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Jér 23, 6**

Nan jou sa yo, Juda ap sové, épi Israèl ap abité avèk konfians : min ki non y-ap rélé-l : Granmèt la, jistis nou-an.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Cf. Éz 34, 15-16**

Mouin minm minm m-ap okipé mouton-m yo, m-ap fè yo kouché, sé sa Granmèt Bondié-a di. Sa-k té pèdi-a, m-ap chèché-l ; sa-k té blésé-a, m-ap pansé-l ; sa-k té malad la, m-ap ba-l santé ; m-ap okipé yo nan jistis.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 1, 7 b-9

N-ap tann révélation Granmèt nou Jézu-Kri-a, li minm k-ap asiré nou jouskalafin san répròch, nan jou Granmèt nou Jézu-Kri-a. Bondié fidèl, li minm pa lintèmédiè-l yo rélé nou nan kominion Pitit li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Anvan yo té abité ansanm, rivé Mari vîn ansint gras a Éspri-Sin-an, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl la ki égzisté tout tan-an, gras a voual chè li-a té montré rout tou nèf épi ki vivan-an pou alé nan sanktuè sièl la. Antan nou bésé byin ba, an nou mandé li :

Vini, épi sové nou, Granmèt.

Bondié, ou minm nan ou nou viv, nou gin mouvman épi nou égzisté,

— vini épi révélé nou sé ras ou nou yé.

Ou minm ki pa louin nou chak,

— montré-ou ou minm minm pi vit bay tout moun k-ap chèché-ou yo.

Ou minm, Papa pòv yo, épi konsolatè moun ki nan lapinn yo,

— bay prizonié yo libèté épi sa-k tris yo kè kontan.

Ou minm ki rayi lanmò-a, min ki rinmm lavi-a,

— nou minm épi tout défin yo, libéré nou sot nan lanmò pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki fè nou vîn tounin yon nouvo créatu pa lintèmediè Sèl Pitit ou-a, konsidéré travay mizérikòd ou-a ak bon kè, épi nan vini Pitit ou-a ap vini-an, pròpté nou sot nan tout tach lontan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI TOUAZIÈM SÈMÈN AVAN

Si mèkrédi sa-a tonbé apré 16 désanm, yo di tout bagay nan jou dat la, tankou pi louin-an, 323.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié Granmèt nou, fè nou tounin.

R/. Épi montré nou fas ou, pou nou sové.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

31, 1-3; 32, 1-8

Ringn vré jistis la

^{31,1} Madichon pou moun sa yo k-ap désann Éjip pou chèché protékision, k-ap chèché asirans yo nan choual, ki mét konfians yo nan machîn yo, paské yo anpil ak nan kavalié yo, paské yo fò anpil, min yo pa apuiyé sou Sin Israèl la, yo pa chèché Granmèt la.

² Min li minm tou tou li gin ladrès, l-ap fè malè rivé, li pap tounin sou paròl li, l-ap kanpé kont kay méchan yo ak kont protékision moun k-ap fè mal yo.

³ Ejipsyin-an sé moun li yé, sé pa dié, choual li yo sé kò, sé pa léspri. Granmèt la ap lonjé min-l, moun k-ap protéjé-a ap tranblé, moun k-ap chèché protékision-an ap tonbé, tou lè dé ansanm y-ap péri.

^{32,1} Sé nan jistis roua-a kòmandé, sé nan règléman douat chèf yo dirijé.

² Yo chak tankou yon protékision kont van-an, yon kachèt nan gro laplui, tankou kannal dlo nan savann, tankou lonbraj yon gro ròch nan tè sèk.

³ Jé moun ki ouè yo pap bouché,

zòrèy moun k-ap tandé yo, y-ap fè atansion.

⁴ Kè moun ki pa gin lòd yo ap chèché konprann,

lang moun ki bégé yo ap palé byin vit, y-ap di bagay ki klè.

⁵ Yo pap rélé moun fou-a moun ki nan ran sipériè,

sa k-ap chèché tronpé-a, yo pap rélé-l moun ki gin bon kè.

⁶ Paské moun fou-a ap di paròl ki pa gin sans,

épi kè-l ap fè sa-k mal,

pou-l kité moun ki grangou-a vant vid,

pou-l kité sa-k souaf la san bouè.

⁷ Moun k-ap chèché tronpé-a, aksion-l yo pèvèti,

l-ap kalkilé mové pansé,

pou-l détoui pòv la ak paròl nanti,

malgré pòv la pa palé san sa ki kòrèk.

⁸ Moun ki gin bon kè-a minm, sé bon lidé l-ap kalkilé,

li pèsévéré nan bon lidé-l yo.

RÉPONS

Iz 32, 3. 4; Jér 23, 5

R/. Jé moun ki ouè yo pap voualé, zòrèy moun ki tandé yo y-ap kouté avèk atansion ; * Épi kè moun ki pa gin léspri yo l-ap konprann sians.

V/. M-ap drésé yon jèm ki kòrèk pou David, l-ap kòmandé kòm roua, l-ap gin sajàs. * Épi kè.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo

(Lib. 4, 20, 4-5: SCh 100, 634-640)

Antan Kris la ap vini-an, moun yo ap ouè Bondié

Sé yon sèl Bondié-a, ki té fè tout bagay yo épi ki té ranjé yo avèk paròl la épi avèk sa jès la.

Paròl li sa-a minm, sé Granmèt nou-an Jézu-Kri, ki vîn tounin moun pami moun yo nan dènié tan yo, pou-l rataché finisman-an ak kòmansman-an, sa vlé di moun nan ak Bondié.

Épi sé poutèt sa profèt yo, antan yo té résévoua sot nan min Paròl la kado spésial mision profèt la, yo té anonsé vini li t-ap vini-an dapré chè-a, sa-k fè Bondié ak moun nan mélanjé épi vîn fè yon sèl dapré désizyon Papa-a, dépi nan kòmansman antan Paròl Bondié-a té anonsé davans moun yo t-ap ouè Bondié, épi li t-ap viv ansanm ak yo sou tè-a, li t-ap palé avèk yo, li t-ap prézan nan sa-l fîn fòmé-a, antan-l sové-l, li t-ap kité-l résévoua-l, antan-l *libéré nou sot anba min tout moun ki rayi nou yo*, sa vlé di sot anba tout kalité léspri rébèl, antan-l fè *nou sèvi-l nan sa-k fè nou vîn sin-an ak nan jistis la tout jou nou yo*, pou moun nan Éspri Bondié-a anbrasé-a, maché rivé nan gloua Papa-a.

Sé konsa, profèt yo té montré davans moun yo t-ap ouè Bondié, jan Granmèt la di sa tou : *Ala kontantman pou kè ki nèt yo, paské yo minm y-ap ouè Bondié.*

Min dapré grandè-l la sètènman ak gloua yo pa kapab ékspliké-a, *pèsonn pap ouè Bondié épi viv*, yo pa gin kapasité réyèlman pou Papa-a, sèlman dapré rinmin ak jan-l sansib pou moun nan, épi paské li kapab fè

tout bagay, li pèmèt bagay sa-a tou bay moun ki rinmin-l yo, sètadi pou yo ouè Bondié, sé sa profèt yo té profétizé tou : paské *sa ki pa posib bò kot moun yo, yo posib bò kot Bondié.*

Moun nan pou kont li pa t-ap ouè Bondié; Bondié minm antan-l vlé li fè moun yo ouè-l, moun li vlé yo, lè-l vlé épi jan-l vlé : Bondié réyèlman gin pouvoua nan tout bagay, yo té ouè-l sètènman lontan pa lintémédiè Éspri-a nan fason profèt yo, yo té ouè-l pa lintémédiè Pitit la nan fason pitit li adopté yo, y-ap minm ouè-l tou nan ringn sièl yo nan fason Papa-a, antan Éspri-a sètènman préparé moun nan pou Pitit Bondié-a, antan Pitit la minm ap kondui-l al kot Papa-a, antan Papa-a minm ap ba-l lavi tout tan-an pou-l pa janm mouri, sé sa k-ap rivé chak moun poutèt l-ap ouè Bondié-a.

Minm jan moun ki ouè limiè-a yo anndan limiè-a épi yo résévoua klèté-l, sé konsa tou moun ki ouè Bondié yo, yo anndan Bondié, yo résévoua klèté-l. Klèté Bondié-a bay lavi : konsa moun yo ki ouè Bondié-a yo résévoua lavi-a.

RÉPONS

Dét 18, 18; Lk 20, 9; cf. Jan 6, 14

R/. M-ap fè yon profèt lévé pou yo, épi m-ap mété paròl mouin yo nan bouch li ; * Épi l-ap di yo tout sa m-ap kòmandé-l yo.

V/. M-ap voyé Pitit mouin-an mouin rinmin-an. Sa-a sé profèt tout bon vré-a ki gin pou-l vîn sou tè-a. * Épi l-ap di yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 7, 14 b-15

Min li, Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon ti gason, y-ap rélé non-l Émanuèl; sé lèt ak mièl l-ap manjé, joustan li aprann réjité sa-k mal pou-l chouazi sa-k byin.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou Benedictus la, réf. : Konsolé, konsolé, pèp mouin-an, sé sa Granmèt la Bondié nou-an di.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl Bondié-a té désidé abité nan nou, pou nou té kapab ouè gloua li-a.

Antan nou kontan gras a éspérans sa-a, an nou di byin fò :

Tanpri, Émanuèl, sé pou avèk nou.

Chèf ki kòrèk é ki douat,

— rann jistis pou pòv yo ak sa y-ap krazé yo.

Roua ki mét lapè, antan ou fonn épé yo ak lans yo pou fè yo tounin sèpèt,

— chanjé jalouzi yo nan rinmin épi injistis nou yo nan padon.

Ou minm ki pa jijé dapré sa jé yo ouè,

— rékonèt moun ki pou ou yo.
 Lè ou-ap vini nan nuaj la avèk gran pouvoua-a,
 — fè nou parèt dévan fas ou san nou pa ront.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou gran fèt Pitit ou-a k-ap vini-an, vidé rémèd lavi koulié-a an kantité pou nou épi ba nou rékonpans k-ap diré tout tan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 2, 11

Moun ki t-ap fè grandizè-a, l-ap blijé bésé jé-l yo; moun ki t-ap lévé tèt li-a, l-ap blijé plouayé kò-l. Sé Granmèt la sèl k-ap lévé tèt jou sa-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 12, 2

Mìn Bondié sovè-m nan; m-ap gin konfians épi mouin pap pè, paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la, sé li minm ki vîn sové-m.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Dan 9, 19

Kouté, Granmèt; kalmé, Granmèt, fè atansyon épi aji : pa tann akòz ou minm, Bondié mouin-an, paské yo rélé non-ou sou vil la avèk sou pèp ou-a.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Kor 4, 5

Pa jijé anyin anvan tan-an, joutan Granmèt la rivé, li minm k-ap kléré sa-k kaché nan fènoua yo, k-ap montré pansé ki nan kè yo ; lè sa-a chak moun ap jouinn louanj nan min Bondié.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : Sé ou minm ki gin pou-ou vini, Granmèt, sé ou minm n-ap tann, pou sové pèp ou-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, li minm ki té voyé Pitit li-a, pou-l poté lapè san fin-an ba nou, antan n-ap sipliyé, an nou lapriyè-l :

Sé pou ringn ou-a rivé, Granmèt.

Gadé, Papa ki sin, Égliz ou-a,

— vini épi vizité jadin rézin sa-a min douat ou-a té planté-a.

Sonjé, Bondié ki fidèl, tout pitit Abraam yo,

— épi réalizé promès ou té fè papa yo-a.

Konsidéré, ou minm Bondié ki bon anpil, tout nasion yo,

— pou yo onoré-ou poutèt mizérikòd ou-a.

Gadyin ki la pou tout tan, vizité mouton bann mouton-ou yo,

— épi rasanblé yo tout nan koté ou-ap ba yo manjé-a.
 Sonjé tou tout moun ki pati kité tè sa-a nan lapè-ou la,
 — résevoua yo nan gloua-a ansanm avèk Pitit ou-a.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou gran fèt Pitit ou-a k-ap vini-an, vidé rémèd lavi koulié-a an kantité pou nou épi ba nou rékonpans k-ap diré tout tan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI TOUAZIÈM SÈMÈN AVAN

Si jédi sa-a tonbé apré 16 désanm, yo di tout bagay nan jou dat la, tankou pi louin-an, 323.

Pou Ofis léktu-a

V/. Kouté paròl Granmèt la, nasion yo.

R/. Épi anonsé-l jous nan limit tè-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

32, 15 — 33, 6

Yo promèt sovè n-ap sovè-a. Tann moun ki kouè yo ap tann nan.

Nan jou sa yo : ^{32,15} Y-ap vidé éspri ki sot anro-a sou nou.

Dézè-a ap vîn tounin Karmèl.

Karmèl la y-ap konsidéré-l tankou yon koté ki plin pié boua,

¹⁶ jijman-an ap abité nan dézè-a,
épi jistis la ap instalé nan Karmèl la,

¹⁷ travay jistis la ap lapè,
rézilta jistis la ap répo
avèk sékirité pou tout tan.

¹⁸ Pèp mouin-an ap abité nan bèlté lapè,
nan tout konfians
ak nan répo rich.

¹⁹ Lagrèl ap tonbé nan touf pié boua yo,
vil la ap tonbé atè.

²⁰ Sé chans pou nou, n-ap simin bò tout dlo,
n-ap kité bèf ak bourik yo lagé.

^{33.1} Madichon pou ou, k-ap détrui, san yo pa détrui-ou,
k-ap trayi, san yo pa trayi-ou.
Lè ou-ap fîn détrui, y-ap détrui-ou;
lè ou-ap fîn trayi, y-ap trayi-ou.

² Granmèt, pran pitié pou nou,
nan ou nou té espéré ;
sé pou-ou sèvi nou bra chak matin,
épi sovè nou nan tan tribilasyon-an.

³ Nan voua anj la, pèp yo té sovè kò yo,
lè-ou lèvé, nasyon yo té gayé.

⁴ Y-ap ranmasé richès nou yo tankou krikèt k-ap ranmasé,
tankou krikèt k-ap fonsé, yo fonsé sou li.

⁵ Granmèt la lèvé anlè, paské li té abité anro,
li té plin Siyon ak jijman ak jistis.

⁶ Ap gin konfians nan tan-ou yo ;

richès sové-a, sajès ak konésans :
rèspè Granmèt la sé trézò-l.

RÉPONS

Iz 32, 18. 17; Jan 14, 27

R/. Pèp mouin-an ap instalé nan kay lapè ak nan tant konfians : * Épi travay jistis la sé lapè l-ap yé.

V/. Sé lapè-m nan mouin ba nou : pa kité kè nou troublé, ni pa kité-l soté. * Épi travay.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Konstitision dògmatik *Dei Verbum* dézièm Konsil Vatikan-an, osijè révélation Bondié-a

(Nn. 3-4)

Kris la fîn akonpli tout révélation-an

Bondié, antan li kréyé épi li konsèvé tout bagay pa lintèmédiè Paròl la, li ofri moun yo nan sa-l kréyé yo témouagnaj li-a k-ap diré san rété-a, épi kòm li té vlé louvri chémin k-ap sové nou sot anro-a, li té montré pròp tèt li an plis dépi nan kòmansman-an bay prémié paran yo.

Apré yo fîn tonbé-a minm, antan li té promèt yo rédanmsion-an, li té drésé yo nan éspérans sové-a épi san rété li té okipé ras moun nan, pou tout moun k-ap chèché sové-a antan yo pran pasians ap fè sa ki byin, li t-a ba yo lavi pou tout tan-an.

Lè tan-an pa-l la minm, li té rélé Abraam, pou-l fè-l vîn tounin yon gran nasion, sa li té instrui apré patriarch yo pa lintèmédiè Moyiz ak profèt yo pou-l rékonèt li kòm sèl Bondié ki vivan-an, ki vré-a, papa ki prévouayan ak jij ki kòrèk, epi pou-l tann Sovè-a yo té promèt la, sé

konsa tou li té préparé rout pou Évanjil la pandan sièk yo. Min apré *anpil foua ak anpil fason Bondié té palé nan profèt yo, nan dènié jou sa yo, li té palé ak nou nan Pitit la.*

Li té voyé Pitit li-a réyéلمان, sa vlé di Paròl dépi tou tan-an, ki kléré tout moun yo, pou-l abité nan pami moun yo épi pou-l ékspliké yo profondè Bondié yo.

Konsa Jézu-Kri, Paròl la ki vîn tounin chè-a, *moun nan yo voyé kot moun yo, li palé paròl Bondié yo, épi li fin akonpli travay sové-a Papa-a té ba-l pou-l fè-a.*

Sé poutèt sa, li minm, kòm lè yon moun ouè-l, li ouè Papa-a tou, gras a tout prezans li-a ak fason li fè ouè-l la, ak paròl yo épi aksion yo, ak sign yo épi mirak yo, min sitou ak lanmò-l la épi rézirkéksion-l nan gloua-a sot nan pami mò yo, anfin ak Éspri vérité-a li voyé-a, li fin réalizé akonplisman révélation-an nèt épi li asiré-l ak témouagnaj ki sot nan Bondié-a, sètadi Bondié avèk nou pou-l libéré nou sot nan fènoua péché-a ak lanmò-a épi pou-l résisité nou nan lavi pou tout tan-an.

Prinsip dispozision lavi krétyin-an donk, kòm sé yon kontra nouvo épi définitif, li pap janm pasé, épi yo pa kapab tann okinn nouvo révélation bibliik ankò anvan parèt Granmèt nou Jézu-Kri ap parèt nan gloua-a.

RÉPONS

Iz 30, 20-21; Dét 18, 15

R/. Jé-ou yo ap ouè mèt k-ap anségné-ou la ; * Épi sòrèy ou yo ap tandé paròl sa-a k-ap avèti-ou la : Sa-a sé rout la, maché ladan-l.

V/. Granmèt Bondié-ou la ap fè yon profèt lévé pou ou sot nan nasion ou ak nan frè-ou yo. * Épi zòrèy ou.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 45, 8

Sièl yo, fè larouzé tonbé sot anro-a, sé pou nuaj yo fè jistis la tonbé tankou lapli; sé pou tè-a louvri, épi pou-l jèmin sa k-ap sovè nou-an; épi sé pou jistis la lévé ansanm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Lévé, lévé, abiyé-ou ak fòs, bra Granmèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, sajès ak puisans Bondié, li minm plézi-l sé rété avèk pitit moun yo, avèk konfians an nou lapriyè-l :

Rét toupré nou, Granmèt.

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki té rélé nou nan rouayòm klèté-ou la,

— fè nou maché kòrèk, antan nou fè Bondié plézi nan tout bagay.

Ou minm ki rété nan mitan nou san tè-a pa konnin-ou,

— montré vizaj ou bay moun yo.

Ou minm ki pi pré nou pasé pròp tèt pa nou,

— nan kè nou yo, asiré konfians la ak éspérans sovè nou sovè-a.

Ou minm ki sous k-ap fè vîn sin-an,

— kinbé nou sin épi san tach, pou jou ou-ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Nou minm ki pa mérité ran nou-an, tanpri, Granmèt, nou minm sèvitè-ou yo, nou minm fot pròp aksion nou-an fè nou chagrin-an, fè kè nou kontan gras a vini Sèl Pitit ou-a ap vini pou-l sovè nou-an. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Mi 5, 3-4 a

Sa-a k-ap chèf nan Israèl la ap kanpé, l-ap okipé mouton yo nan fòs Granmèt la, nan gloua non Granmèt Bondié-l la ; épi y-ap abité an sékirité, paské koulié-a l-ap gran jous nan bout tè-a, épi li minm l-ap lapè-a.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Aj 2, 6 b. 9**

Yon ti moman ankò, épi mouin minm m-ap souké sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak dézè-a. Gloua dènié kay sa-a ap pi gran passé prémié-a; nan koté sa-a, m-ap bay lapè, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Mal 3, 20-21 b**

L-ap lèvé pou nou minm ki krinn non-m yo, solèy jistis la, avèk santé nan réyon-l yo; n-ap soti épi n-ap dansé tankou ti toro gra yo, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Jak 5, 7-8. 9 b

Sé pou nou pran pasians, frè-m yo, joutan Granmèt la rivé. Gadé moun k-ap fè jadin-an, l-ap tann frui tè-a ki gin anpil valè-a, li pran pasians, joutan li jouinn *lapli premié sèzon-an ak dènié sèzon-an*. Konsa sé pou nou pran pasians nou minm tou, sé pou nou asiré kè nou, paské Granmèt la prèt pou-l rivé. Min jij la dévan pòt la li kanpé.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm épi fété nan li, nou tout ki rinmin-l, pou tout tan.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, an nou inploré Kris la, gran limiè-a, sa profèt yo té promèt moun yo ki abité nan lonbraj lanmò-a, épi an nou aklamé :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm Paròl Bondié-a, ki té kréyé tout bagay dépi nan kòmansman épi nan dènié jou yo ki pran natu nou-an,

— vini épi sové nou sot nan lanmò-a.

Véritab limiè k-ap kléré tout moun nan,

— vini épi gayé fènoua ignorans nou-an.
 Sèl Pitit la ki nan vant Papa-a,
 — vini épi rakonté nou byinvéyans Bondié-a.
 Kris Jézu, ki té vîn jouinn nou kòm Pitit moun nan,
 — moun ki résévoua-ou yo, fè yo vîn pitit Bondié.
 Ou minm ki louvri pòt tout prizon yo,
 — résévoua nan sal nòs yo moun yo k-ap mandé lacharité nan pòt yo.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Nou minm ki pa mérité ran nou-an, tanpri, Granmèt, nou minm sèvitè-ou yo, nou minm fot pròp aksion nou-an fè nou chagrin-an, fè kè nou kontan gras a vini Sèl Pitit ou-a ap vini pou-l sovè nou-an. Li minm ki vivan.

VANDRÉDI TOUAZIÈM SÈMÈN AVAN

Si vandrédi sa-a tonbé aprè 16 désanm, yo di tout bagay nan jou dat la, tankou pi louin-an, 323.

Pou Ofis léktu-a

V/. Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt.

R/. Sové ou sovè nou-an dapré promès ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

33, 7-24

Sové n-ap sové-a k-ap vini-an

⁷ Min sa k-ap kléronnin-an pral rélé nan lari,
anj lapè yo pral kriyé fièl.

⁸ Rout yo té vidé, moun yo té sispann pasé nan santié-a ;
kontra-a té vîn kasé,
yo té réjité témouin yo,
yo pa-t okipé pèsonn.

⁹ Tè-a an dèy, l-ap dépéri,
Liban té kouvri ak laront, li té finnin,
Saron-an té vîn tankou dézè,
Bachan-an ak Karmèl la té séché nèt.

¹⁰ « Koulié-a m-ap lévé, sé sa Granmèt la di,
koulié-a m-ap drésé, koulié-a m-ap soulvé ».

¹¹ N-ap ansint zèb chèch, n-ap anfanté pay.
Souf mouin ap dévoré nou tankou difé.

¹² Pèp yo ap tankou lacho ki boulé;
sé pikan yo fîn koupé, y-ap boulé nan difé.

¹³ Nou minm ki louin yo, kouté sa mouin fè;
nou minm ki pré yo, sé pou nou konnin fòs mouin ».

¹⁴ Nan Siyon, moun ki nan péché yo, yo gin sézisman,
yon frison sézi méchan yo.

Kilès nan pami nou k-ap rét bò difé sa-a k-ap dévoré-a?

Kilès nan pami nou k-ap rét kot flanm sa yo k-ap dévoré tout tan-an.

¹⁵ Sé moun k-ap maché avèk jistis, moun k-ap di sa ki douat,
 moun ki réfizé avantaj injistis,
 ki souké min-l pou-l pa pran yon kado malonèt,
 ki bouché zòrèy li pou-l pa tandé paròl san,
 ki fèmin jé-l pou-l pa ouè sa-k mal.

¹⁶ Sé moun sa-a k-ap abité sou rotè yo,
 kachèt li sé kay-défans sou blòk ròch yo,
 y-ap ba li pin-l, dlo-l ap asiré.

¹⁷ Jé-ou ap ouè roua-a nan bèlté-l,
 y-ap ouè yon péyi byin louin.

¹⁸ Kè-ou ap kalkilé jan-l fè nou pè.
 « Koté sila-a ki t-ap konté-a, koté sila-a ki t-ap pézé-a,
 koté sila-a ki t-ap konté kay défans yo? ».

¹⁹ Ou pap ouè pèp arogan-an,
 pèp ki gin lang ki difisil pou konprann nan,
 ki gin lang bégé-a, ki pa gin sans la.

²⁰ Gadé Siyon, vil fèt nou yo,
 jé-ou ap ouè Jérusalèm,
 koté yo abité alèz la,
 tant yo pap déplasé-a,
 sa yo pap janm raché pikèt li yo,
 sa kòd li yo pap raché-a.

²¹ Min sé la pouvoua Granmèt la pou nou,
 yon koté ki gin riviè, gran riviè laj avèk kannal,
 bato moun k-ap ramé yo pap pasé ladan-l,
 ni gran bato yo pap travèsé-l.

²² Granmèt la sé jij nou, Granmèt la fè laloua pou nou,
 Granmèt la sé roua nou, sé li minm k-ap sové nou.

²³ Kòd ou yo laché,
 yo pa kinbé nan batiman yo-a,
 yo pa lévé drapo-a.
 Lè sa-a yo séparé anpil byin yo pran nan lagè,
 moun ki bouaté yo yo piyé byin piyé.

²⁴ Okinn moun ki abité nan péyi-a pap di : « Mouin malad ».
 Pèp la ki abité la-a,
 fot li-a ap padonnin.

RÉPONS

Cf. Iz 33, 22; Ps 96 (97), 1

R/. Granmèt la jij nou, Granmèt la fè laloua pou nou, Granmèt la roua nou, * Li minm minm l-ap vini épi l-ap sovè nou.

V/. Granmèt la té kòmandé kòm roua, sé pou tè-a fété, sé pou pakèt zilé yo kontan. * Li minm minm l-ap vini.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Eksplikasyon détayé sin Ogustin, évèk, sou Psòm yo

(In ps. 37, 13-14: CCL 38, 391-392)

Sa-ou anvi-a, sé li minm ki priyé-ou

Mouin t-ap rélé poutèt jémisman kè-m. Gin yon jémisman ki kaché, moun pa tandé-l ; sèlman si pansé kèk anvi plin kè-a tèlman, pou koté moun nan blésé anndan-an blijé fè sign ak yon son ki pi klè, y-ap chèché kòz la ; épi moun nan di anndan li minm minm : Pètèt sé tèl bagay ki fè l-ap jémi-an, pétèt yo fè-l tèl bagay. Ki moun ki kapab konprann, si sé pa sa-a l-ap jémi nan jé-l yo ak nan zòrèy li yo ? Sé poutèt sa li di *mouin t-ap*

rélé poutèt jémisman kè-m, paské moun yo, lè yo tandé jémisman yon moun, pi souvan sé jémisman chèn-a yo tandé ; min yo pa tandé moun k-ap jémi ak jémisman anndan kèn-a.

Épi ki moun ki té konn pouki sa li t-ap rélé-a ? Li ajouté : *Épi tout sa-m anvi-a li dévan-ou*. Sé pa dévan moun yo, ki pa kapab ouè kèn-a, min *sé dévan-ou tou sa-m anvi-a yé*. Si sa-ou anvi-a li dévan-l ; Papa-a tou, ki ouè nan sa-k kaché, l-ap rinmèt ou sa.

Sa-ou anvi-a li minm réyèlman, sé priyè-ou la ; épi si anvi ou anvi-a li pa sispann, priyè-a pa sispann. Sé pa pou granmési réyèlman Apot la di : Antan n-ap priyé *san rété*. Èské sé san rété n-ap fè jéniflèksion, n-ap bésé kò nou, oubyin n-ap lévé min nou, ki t-a fè-l di : *Sé pou nou priyé san rété ?* Oubyin si sé konsa nou di n-ap priyé, mouin pansé nou pa kapab fè sa san rété.

Gin yon lòt priyé sou pa anndan san rété, sé sa-ou anvi-a. Ou mèt ap fè ninpòt lòt bagay, si-ou anvi saba sa-a, ou pa sispann priyé. Si-ou pa vlé sispann priyé, pa sispann anvi.

Si anvi-ou la pa sispann, voua-ou la pa sispann. Ou-ap pé bouch ou, si-ou sispann rinmin. Kilès ki pé bouch yo ? Sa yo di osijè yo-a : *Paské péché-a vîn anpil la, charité anpil moun vîn frèt*.

Charité ki vîn frèt la, sé silans kèn-a ; chalè charité-a, sé rèl kèn-a. Si charité-a rété tout tan, ou-ap rélé tout tan ; si ou-ap rélé tout tan, ou anvi tout tan ; si-ou anvi, ou-ap sonjé répo-a.

Épi tout sa-m anvi-a li dévan-ou. Sa-k rivé si anvi-ou la dévan-l, épi rèl la li minm pa dévan-l ? Koté sa kapab soti, paské anvi-a li minm gin voua li ki jémisman-an ?

Sé pousa li kontinué : *Épi jémisman mouin-an pa kaché pou ou*. Li pa kaché pou ou, min li kaché pou anpil moun. Kèk foua sé kòm si pòv sèvitè Bondié-a ap di : *Épi jémisman mouin-an pa kaché pou ou*. Kèk foua sé kòm si sèvitè Bondié-a ap ri tou ; èské anvi sa-a mouri nan kè-a ? Min si anvi-a la anndan, gin jémisman-an anndan tou ; li pa rivé nan zòrèy moun yo tout tan, min li pa janm rékilé louin zòrèy Bondié.

RÉPONS

R/. Antan n-ap maché nan Kris la épi antan n-ap fè pélérijaj toujou, joustan nou rivé, sé konsa pou nou chanté pou nou anvi. * Paské moun ki anvi-a, minm si ak lang la li fè silans, ak kè-a l-ap chanté.

V/. Min moun ki pa anvi-a, li mèt frapé zòrèy moun yo ak tout kalité rèl, li bèbè pou Bondié. * Paské moun ki.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Jér 30, 21 a. 22

Sé sa Granmèt la di : Chèf li ap soti nan li, épi pitit roua ap avansé sot nan mitan-l ; m-ap fè édikasion-l, l-ap proche koté-m. N-ap pèp mouin, mouin minm m-ap Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Kinbé jijman, épi fè jistis, paské sové m-ap sové nou-an prèt pou-l rivé.

PRİYÈ INTÈSÈSION YO

Bondié Papa-a té désidé révélé gloua li-a bay moun yo pa lintèmédiè Pitit

la, sé poua tankou nan fèt an nou akلامé :

Sé pou non-ou glorifié, Granmèt.

Fè nou aprann, Granmèt, pou youn sipòtè lòt,

— tankou Kris la té résévoua nou an lonè Bondié.

Plin nou ak tout kè kontan épi lapè nan kouè nou kouè-a,

— pou nou maché nan éspérans ak puisans Éspri-Sin-an.

Vini édé tout moun, Granmèt, dapré kantité pitié-ou yo,

— fè moun yo k-ap tann ou, minm si sé san yo pa konnin, rivé rankontré-ou.

Ou minm ki rélé épi ki sanktifié moun ou chouazi yo,

— nou minm péchè yo ou gin pou kouroné ak kontantman pou tout tan-an, lévé nou anlè.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Sé pou gras ou-a toujou pran dévan nou, Bondié ki gin tout pouvoua, épi sé pou-l suiv nou, pou, nou minm k-ap tann vini Sèl Pitit ou-a ap vini-an ak pi gran dézi kè nou, nou rivé jouinn sékou ni lavi sa-a ni sa k-ap vini-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT**Jér 29, 11. 13**

Mouin minm mouin konnin kalkil m-ap kalkilé sou nou, sé sa Granmèt la di, sé kalkil lapè, sé pa kalkil malè, pou-m ba nou tan k-ap vîn apré-a ak éspérans la. N-ap chèché-m épi n-ap jouinn mouin, paské n-ap chèché-m ak tout kè nou.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT**Jér 30, 18 a**

Min paròl Granmèt la : Min m-ap fè tant Jakòb yo tounin byin tounin, m-ap pran pitié pou kay li yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Bar 3, 5-6 a**

Pa sonjé péché papa nou yo, min sonjé min-ou ak non-ou nan moman sa-a, paské sé ou minm Bondié Granmèt nou.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****2 Piè 3, 8 b-9**

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou. Granmèt la pa fè réta pou-l réalizé promès li-a, tankou kèk konprann nan, min sé avèk pasians l-ap aji nan nou, paské li pa vlé pou kèk péri, min pou tout moun tounin fè pénitans.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : Sa sé témouagnaj Jan té bay la : Sa-a k-ap vini apré-m nan, li té la anvan-m.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pastè épi évèk nanm nou yo, Kris la, an nou rélé-l avèk konfians :

Aji avèk byinvéyans, Granmèt, nan bòn volonté-ou la.

Bon Pastè bann mouton Bondié yo,

— vini pou-ou réyini tout moun yo nan Égliz ou-a.

Vîn édé, Granmèt, pastè pèp ou-a ki nan pèlérinaj la,

— pou yo bay bann mouton-ou yo manjé avèk souin joutan-ou vini.

Chouazi nan pami nou moun k-ap préché paròl ou-a,

— pou yo anonsé Évanjil ou-a jous nan bout tè-a.

Pran pitié pou tout moun k-ap souffri épi ki fébli sou rout la,

— fè yo jouinn yon zanmi ki vîn édé yo.

Montré gloua-ou la nan patiraj sièl yo

— bay sa yo ki té kouté voua-ou nan sièk sa-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Sé pou gras ou-a toujou pran dévan nou, Bondié ki gin tout pouvoua, épi sé pou-l suiv nou, pou, nou minm k-ap tann vini Sèl Pitit ou-a ap vini-an ak pi gran dézi kè nou, nou rivé jouinn sékou ni lavi sa-a ni sa k-ap vini-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Samdi ki suiv la, yo di tout bagay nan jou dat la, tankou pi louin, 323.

KATRIYÈM DIMANCH AVAN

Katriyèm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

Réf. 1 Min l-ap vini, sa-a tout nasion yo anvi-a, épi kay Granmèt la ap plin gloua, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch katriyèm sémèn-nan, 1077.

Réf. 2 Vini, Granmèt, pa fè réta ; délagé krim yo pou pèp ou-a, Israël.

Réf. 3 Min tan-an déjà rivé plin, nan li Bondié voyé Pitit li-a sou tè yo.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23-24

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Sové ou sové nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou *Magnificat* la, réfrin nan jou ki korésponn nan, tankou pi louin-an, 323.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki pran nésans sot nan Vièj Mari-a, antan nou bésé byin ba an nou priyé-l épi antan nou fè kè nou kontan an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm Sèl Pitit Bondié-a, ki gin pou-ou vini kòm véritab mésajé aliens la,

— fè tè-a résévoua-ou épi konnin-ou.

Ou minm ki gin nésans nan vant Papa-a, ou té vîn pran chè nan Mari ki Vièj,

— nétouayé nou sot anba tou sa k-ap gaté kondision moun nan.

Ou minm ki, antan-ou sé lavi-a, té vini pou sipòté lanmò,

— fè nou favè pou nou pa sibi anyin nan domaj lanmò-a.

Épi kòm rékonpans ou-a ap vini ansanm avèk ou nan jijman-an, pitié ou abitué ginyin-an sé pou-l vîn rankontré nou lè sa-a kòm kado,

— ki toujou abitué rétiré féblès nou-an.

Kris Granmèt, ou minm ki té vîn poté mò yo sékou ak lanmò pa-ou la,

— kouté nou antan n-ap priyé pou défin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Gras ou-a, tanpri, Granmèt, vidé-l nan kè nou, pou nou minm ki konnin inkarnasion Kris Pitit ou-a, gras a Anj la ki anonsé-a, nou rivé jous nan gloua rézirkéksion-an, atravè souffrans li ak koua-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Min si dimanch sa-a tonbé 24 désanm, tout bagay fèt tankou pi louin-an, 402.

Réf. Granmèt la déjà tou pré: vini, an nou adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

Réf. 1 Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sové nasion yo, alélouya.

Psòm dimanch katriyèm sémèn-nan, 1080.

Réf. 2 Sé pou kontan épi sé pou-ou réjouï, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sové ou sové-a ap vini.

Réf. 3 Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Vèsè, léktu ak répons, yo pran yo nan jou dat la, tankou pi louin-an, 323.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, Magnis prophetae vocibus, 327.

Si dimanch sa-a tonbé jou 24 désanm, yo pran tout bagay jan sa indiké pi loun pou 24 désanm nan, 402. Otréman:

Réf. 1 Sonnin troupèt nan Siyon, paské jou Granmèt la toupré: min l-ap vini pou-l sové nou, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch katriyèm sémèn-nan, 1085.

Réf. 2 Granmèt la ap vini, al rankontré-l, antan n-ap di : Gran kòmansman-an, ringn li-an pap janm fini : Bondié fò, Sa k-ap kòmandé-a, Prins lapè, alélouya.

Réf. 3 Paròl ou-a ki gin tout pouvoua-a, Granmèt, ap vini sot sou fotèy roua yo, alélouya.

LÉKTU KOUT**Rom 13, 11-12**

Li déjà lè pou nou lévé sot nan dòmi-a ; koulié-a réyèlman, sové nou sové-a pi pré pasé lè nou té kouè-a. Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kite aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Jézu-Kri.

V/. Ou minm ki gin pou-ou vini sou tè-a. * Pitié pou nou. Viv papa-a. Kris.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Sof si yo doué di réf. Nolite timere [Pa pè, nan sink jou réyèlman, Granmèt nou-an ap vîn jouinn nou.] (21 désanm, 377) oubyin réf. Ecce completa sunt [Min tout bagay yo akonpli, sa yo té di pa lintèmédiè Anj la osijè Vièj Mari-a.] (23 désanm, 397).

Ané A

Jozèf, pitit David, pa pè résévoua Mari, madanm ou-an. Sa-a réyèlman ki pran nésans nan li-a, sé nan Éspri-Sin-an li soti, alélouya.

Ané B

Yo té voyé Anj Gabrièl sot kot Bondié al kot Mari ki vièj fiancé Jozèf, moun nan kay David, épi non vièj la sé té Mari, alélouya.

Ané C

Antan Mari lévé, li té alé nan mòn yo byin vit, nan yon vil Juda, li antré nan kay Zakari épi li salué Élizabèt.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki jij moun k-ap viv yo ak moun ki mouri yo, antan nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou sové péchè yo,

— défann nou kont tout kontrariété tantasion yo.

Ou minm nou kouè ki gin pou vini aklè pou fè jijman-an,

— montré nan nou puisans sovè ou ka sovè nou-an.

Ba nou favè pou nou kinbé kòmandman laloua-ou la ak pouvoua éspri-a

— pou nou kapab tann nan charité-a vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki béni nan sièk yo, fè nou viv nan sièk sa-a gras a mizérikòd ou-a yon fason ki respékté sa ki sakré épi ki réglé,

— pandan n-ap tann éspérans k-ap bay kontantman-an épi vini grandè-ou la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Gras ou-a, tanpri, Granmèt, vidé-l nan kè nou, pou nou minm ki konnin inkarnasion Kris Pitit ou-a, gras a Anj la ki anonsé-a, nou rivé jous nan gloua rézirkéksion-an, atravè soufrans li ak koua-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Sof si dimanch sa-a tonbé 24 désanm, nan ka sa-a y-a di jan sa indiké pi louin-an, 402.

IMN, 328-330.

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 13-14 a

Tankou nan lajounin, sé pou nou maché yon fason onèt : non pa nan manjé anpil épi bouason cho, non pa nan mové plézi épi libètinaj, non pa nan kont épi jalouzi, min abiyé nou avèk Granmèt Jézu-Kri.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Tés 3, 12-13

Sé pou Granmèt la fè nou débòdé nan charité youn parapò a lòt épi pou tout moun, minm jan nou minm parapò a nou, pou kè nou yo kapab solid san répròch nan sa-k fè nou sin-an dévan Bondié ak Papa nou, pou avènman Granmèt nou Jézu ansanm ak tout sin-l yo.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Tés 1, 6. 7. 10

Sa kòrèk kot Bondié pou nou minm ki nan tribilasyon-an, li ba nou répo avèk nou, nan révélation Granmèt Jézu sot nan sièl la avèk anj pouvoua-l yo, lè l-ap vini fè ouè gloua-l nan sin-l yo épi fè admiré-l nan tout sa ki té kouè yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Conditor alme siderum*, 323.

Réf. 1 Gadé kijan sa-a li gin gloua, li minm k-ap avansé pou-l sové pèp yo.

Psòm ak kantik dimanch katriyèm sémèn-nan, 1092.

Réf. 2 Rout krochi yo, y-ap drésé yo; térin ròch yo, y-ap égalizé yo. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Réf. 3 L-ap vîn anpil, pouvoua-l la, épi lapè-a pap gin finisman, alélouya.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 4-5

Sé pou nou kontan nan Granmèt la tout tan. Yon lòt foua ankò mouin di : Sé pou nou kontan! Bon jan nou-an, sé tout moun ki pou rékonèt li. Granmèt la tou pré.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Épi sovè ou sovè nou-an ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou *Magnificat* la, réfrin nan jou ki korésponn nan, tankou pi louin-an, 323.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki té vîn pou-l sovè moun yo, épi avèk konfians an nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki pa lintèmediè mistè koté ou pran chè-a, ou té fè tè-a konnin gloua ou ginyin kòm Bondié-a,

— fè nou viv nan vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki té pran féblès nou-an,

— fè nou favè mizérikòd ou-a.

Ou minm ki lè-ou té vini premié foua-a antan ou rabésé tèt ou, ou té rachté sot nan fot la,

— lè ou-ap vini dézièm foua-a, fè nou vîn kòrèk sot anba tout péché.

Ou minm k-ap viv épi k-ap kòmandé tout bagay,

— nan bon ou bon-an fè nou rivé nan éritaj pou tout tan-an.

Ou minm ki chita adouat Papa-a,

— fè nanm défin yo kontan avèk limiè fas ou-a.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Gras ou-a, tanpri, Granmèt, vidé-l nan kè nou, pou nou minm ki konnin inkarnasion Kris Pitit ou-a, gras a Anj la ki anonsé-a, nou rivé jous nan gloua rézireksion-an, atravè soufrans li ak koua-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

TAN AVAN

II. APRÉ JOU 16 DÉSANM

Nan Ofis jou dimanch ak jou sémèn yo, apati jou 17 jous premié Vèp Nésans Granmèt la éksklizivman, yo di :

Pou Vèp yo

IMN (*Verbum salutis omnium*)

Paròl ki sovè tout moun yo,
ki soti nan bouch Papa-a,
Mari, ou minm ki Vièj, ki sin,
résévoua-l nan vant ou ki san tach la.

Koulié-a li kléré-ou sot nan sièl la
lonbraj Éspri-a ki donnin-an,
pou-ou poté Kris la Granmèt la,
Pitit ki égal ak Papa-a,

Sa-a sé pòt tanp ki sakré-a
ki toujou fèmin-an,
pou sèl Roua ki pi ro-a
li louvri papòt li ki sin-an.

Profèt yo té promèt li lontan,
li pran nésans anvan zétoual matin-an,
li minm Gabrièl anonsé-a,
Granmèt la ki désann sou tè-a.

Sé pou anj yo kontan, yo tout ansanm,
sé pou tout pèp yo fété:

Sa-a ki anro nèt la vini byin ba
pou-l sovè sa-k té pèdi-a.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil la,
gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a,
ansanm ak Éspri Paraklè-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Konpli

IMN (*Christe, qui, splendor et dies*)

Ou minm Kris la, klèté ak lajounin,
ou dévoualé fènoua nan nuit yo,
nou kouè ou sé limiè ki soti nan limiè,
k-ap préché limiè-a bay sin yo.

Tanpri, Granmèt, ou minm ki sin,
protéjé nou pandan nuit sa-a ;
sé nan ou pou nou jouinn répo nou,
fè nou pasé moman yo frankil.

Si nou rimmèt somèy la jé nou,
sé pou kè nou toujou ap véyé koté-ou;
avèk min douat ou, protéjé
fidèl yo ki rinmin-ou yo.

Ou minm ki défans nou, voyé jé-ou,
ouété sa k-ap drésé pièj yo,
dirijé sèvitè-ou yo,
yo minm ou té achté ak san-ou nan.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil la,
gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a,
ansanm ak Éspri Paraklè-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la déjà tou pré: vini, an nou adoré-l.

Jou 24 désanm, réf. Jodi-a n-ap konnin Granmèt la ap vini, épi nan matin n-ap ouè gloua-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Veni, redemptor gentium*)

Vini, rédanmtè nasion yo,
montré anfantman Vièj la ;
sé pou tout sièk sézi :
sé kalité anfantman sa-a ki alarotè Bondié.

Sé pa nan sémans gason li soti,
 min sé nan mistè souf Éspri-a
 Paròl Bondié-a vîn tounin chè
 épi frui vant la té fléri.

Vant Vièj la vîn gro,
 fèmtu respè onè-a rété,
 drapo bon kalité yo floté,
 Bondié tounin nan tanp la.

L-ap soti nan chanm nòs li,
 palè respè onè roua-a,
 jéan-an ki Bondié ak moun an minm tan-an
 pou-l kouri byin vit sou rout li.

Li égal ak Papa-a ki la tout tan-an,
 li abiyé ak viktoua chè-a,
 antan féblès kò nou yo
 li fè yo gin fòs pou tout tan.

Krèch ou-a déjà kléré
 lannuit la souflé yon limiè tou nèf,
 okinn nuit pa kapab voualé-l
 l-ap kléré ak lafoua san rété.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil la,
 gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a,
 ansanm ak Éspri Paraklè-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin**IMN** (*Magnis prophetae vocibus*)

Ak gran voua yo profèt yo anonsé
 Kris la gin pou-l vini,
 ak lagras sovè-a ki pran dévan nan kontantman,
 sa-l rachté nou avèk li-a.

Koulié-a matin nou-an ap kléré,
 kè nou yo ap boulé ak kontantman,
 lè voua fidèl la ap sonnin
 pou-l anonsé gloua-a davans.

Lè-l té vini-an pou premié foua,
 li pa-t vîn pou-l pini sièk sa-a,
 min pou-l nétouayé blès la
 pandan l-ap sovè sa-k té pèdi-a.

Min dézièm foua-a avèti nou
 Kris la kanpé nan pèt yo
 pou-l rinmèt sin yo kouròn yo,
 pou-l déplouayé rouayòm sièl la.

Limiè pou tout tan-an, yo promèt li,
 zétoual k-ap sovè nou-an, yo dévoualé-l;
 déjà zétoual matin-an ki kléré davans la
 ap rélé nou al nan jistis sièl la.

Ou minm, Kris la, sé ou sèl n-ap chèché ouè,
 jan-ou yé-a kòm Bondié,
 pou vizion sa-a ki pap sispann
 vîn tounin yon kantik louanj san rété. Amèn.

Pou Lè nan mitan jounin-an

Pou Tièrs

IMN (*Certum tenentes ordinem*)

Antan n-ap kinbé lòd ki fiksé-a,
 ak kè dosil nan nou priyé
 nan touazièm è-d-tan jounin-an
 gloua pouvoua Bondié ki Toua-a,

Pou nou kapab tounin yon kay
 pou Éspri-Sin-an,
 ki té distribué sou apot yo
 lontan nan lè sa-a minm.

Ak lòd sa-a k-ap avansé-a,
 li té dékoré tout bagay byin bèl
 li minm ki fè rouayòm sièl la
 pou rékonpans nou pou tout tan.

Gloua pou Bondié Papa-a
 épi pou sèl Pitit li-a
 ansanm ak Éspri Paraklè-a,
 nan sièk ki pou tout tan yo. Amèn.

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

Pou Sèkst

IMN (*Dicamus laudes Domino*)

An nou fè louanj pou Granmèt la
avèk yon éspri cho ki byin dispozé ;
sizièm è-d-tan-an k-ap déroulé-a
invité nou pou nou priyé.

Sé nan lè sa-a réyéلمان yo té rinmèt
véritab gloua sové-a bay fidèl yo,
sakrifis Mouton-an ki sin-an,
gras a pouvoua lakoua-a.

Dévan limiè-l ki kléré anpil la
midi vîn tounin fènoua ;
an nou pran ak tout kè nou
lagras kalité klèté sa-a.

Gloua pou Bondié Papa-a
épi pou sèl Pitit li-a
ansanm ak Éspri Paraklè-a,
nan sièk ki pou tout tan yo. Amèn.

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

Pou Nòn**IMN** (*Ternis horarum terminis*)

Touazièm pòsion lè yo déroulè,
 antan sé Granmèt la ki bay,
 pou li minm ki toutantié toua épi yon sèl la
 n-ap chanté psòm ak tout kè nou.

Mistè sakré Bondié-a
 antan nou kinbé-l ak yon kè pròp,
 dapré règ Piè k-ap anségné-a transmèt
 kòm sign k-ap sovè nou,

Nou minm sé pou nou chanté psòm ak léspri,
 antan sé konsa nou éritié apot yo,
 pou plant yo ki fèb toujou,
 yo dirijé yo ak pouvoua Kris la.

Gloua pou Bondié Papa-a
 épi pou Sèl Pitit li-a
 ansanm ak Éspri Paraklè-a,
 nan sièk ki pou tout tan yo. Amèn.

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé,
 épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu
 virjinité mouin-an.

RÉFRIN POU LOUANJ YO NAN MATIN AK VÈP YO apati jou 17 jous jou 23 désanm

Réfrin sa yo, yo di yo ni pou Louanj yo nan matin ni pou Vèp yo pandan sis jou sémèn nan, ki tonbé ant 17 ak 23 désanm. Yo kòmansé 17 désanm (oubyin 18 si 17 la té yon dimanch) avèk réfrin yo fiksé pou jou sémèn nan épi yo indiké tou nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

Lindi

Réf. 1 Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Réf. 2 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

Réf. 3 Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Madi

Réf. 1 Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Réf. 2 Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Réf. 3 Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Mèkrédi

Réf. 1 Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sovè pèp li-a.

Réf. 2 Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joutan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Réf. 3 Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Jédi

Réf. 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Réf. 2 Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Réf. 3 Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Vandrédi

Réf. 1 Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Réf. 2 Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Réf. 3 Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sovè-m nan.

Samdi

Réf. 1 Bondié ap vîn sot Liban épi ékla-l ap tankou limiè.

Réf. 2 Sièl yo, sé pou nou fè larouzé tonbé sot anro-a, épi sé pou nuaj yo fè Sa-a ki kòrèk la désann tankou lapli; sé pou tè-a louvri épi pou-l jèmin Sovè-a.

Réf. 3 Sé pou préparé-ou, Israèl, pou-ou al rankontré Granmèt la, paské l-ap vini.

JOU 17 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Granmèt la anonsé paròl li bay Jakòb.

R/. Jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

45, 1-13

Sové Israèl sové-a pa lintèmediè Sirus

¹ Min paròl Granmèt la pou Sirus, sa-a li sakré-a :

« Mouin té pran min douat li-a,
pou-m fè nasion yo obéyi dévan fas li-a
pou-m fè roua yo plouayé do yo,
pou-m louvri pètay yo dévan-l,
épi pou pèt yo pa fèmin :

² Mouin minm m-ap maché dévan fas ou,
m-ap égalizé rotè yo.

pèt an kuiv yo, m-ap krazé yo;
krochèt an fè yo, m-ap koupé yo.

³ M-ap ba-ou trézò ki nan fènoua,
ak richès ki sékrè,
pou-ou konnin sé mouin minm Granmèt la
ki rélé-ou sou non-ou, sé Bondié Israèl la.

⁴ Poutèt sèvitè-m Jakòb

avèk Israèl mouin chouazi-a,

mouin rélé-ou sou non-ou,

mouin adopté-ou, san-ou pa-t konnin-m.

⁵ Sé mouin minm Granmèt la, pa gin lòt ;

andéyò-m, pa gin Bondié ;

mouin maré sinti nan tay ou, min ou pa-t konnin-m ;

⁶ sa yo ki dépi olévan jous okouchan-an,

sé pou yo kapab konnin si sé pa mouin minm, nan pouin :

sé mouin minm Granmèt la, pa gin lòt.

⁷ Mouin minm ki fòmé limiè-a épi ki kréyé fènoua yo,

ki fè lapè épi ki kréyé malè ;

mouin minm Granmèt la ki fè tout bagay sa yo.

⁸ Sièl yo, fè larouzé tonbé sot anro-a,

sé pou nuaj yo fè Sa-a ki kòrèk la tonbé tankou lapli !

Sé pou tè-a louvri,

épi pou-l jèmin Sovè-a,

épi sé pou jistis la lévé ansanm !

Mouin minm Granmèt la mouin té kréyé-l ».

⁹ Madichon pou moun k-ap diskité avèk sila-a ki fòmé-l la,

Yon kruch nan pami kruch ki fèt ak tè yo.

Èské tè-a kapab di sila-a ki ba-l fòm nan : « Ki sa-ou fè la-a? »

oubyin : « Travay ou-a pa gin min? ».

¹⁰ Madichon pou sila-a ki di yon papa: « Ki sa ou anfanté-a? »,

oubyin yon madanm : « Kisa ou akouché-a? ».

¹¹ Min paròl Granmèt la,

Sin Israèl la ki fè-l la:

« Y-ap mandé-m bagay k-ap rivé o sijè pitit mouin yo,

o sijè travay min-m, y-ap passé-m lòd ?

¹² Sé mouin minm ki fè tè-a;
 moun nan ki sou tè-a, mouin kréyé-l.
 Mouin minm, Sé min-m ki déployé sièl la;
 tout lamé-l yo, mouin pasé yo lòd.

¹³ Sé mouin minm ki fè-l lévé nan jistis la;
 tout chémin-l yo, m-ap égalisé yo.
 Sé li minm k-ap bati vil mouin-an.
 Moun mouin yo ki égzilé yo, l-ap voyé yo alé,
 san péyé pri lagé, ni lajan anba chal »,
 déklarasion Granmèt lamé yo.

RÉPONS

Cf. Iz 45, 8; cf. 16, 1

R/. Sièl yo, fè larouzé désann sot anro-a, sé pou nuaj yo fè Sa-a ki Kòrèk la tonbé tankou lapli. * Sé pou tè-a louvri, pou-l jèmin Sovè-a.

V/. Voyé Mouton-an, Granmèt, li minm ki chèf tè-a, sot nan Ròch dézè-a al sou mòn pitit fi Siyon-an. * Sé pou tè-a louvri.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Léon legran, pap

(Ep. 31, 2-3: PL 54, 791-793)

Sakréman rékonsiliation nou-an

Sa pa sèvi anyin pou nou di Granmèt nou-an, pitit sint Vièj Mari-a, sé yon moun tout bon vré nèt, si nou pa kouè li sé yon moun ki soti nan jénérasyon sa-a y-ap déklaré nan Évanjil la.

Matié di réyèlman vré : *Liv jénérasyon Jézu-Kri pitit David, pitit Abraam* ; épi konsa li suiv lòd nésans moun nan, pou-l kondui lign jénérasyon yo jous Jozèf, li minm manman Granmèt la té mariè avèk li-a.

Luk minm rémonté mach éskalié désandans yo an-ariè, li rivé nan premié-a pou jénérasyon moun-nan li minm, pou-l montré premié Adan-an ak dènié Adan-an gin minm natu.

Sètènman Pitit Bondié-a ki gin tout pouvoua-a t-ap kapab parèt yon fason pou-l anségné moun yo épi pou-l fè yo vîn kòrèk, minm jan li té parèt ni pou patriarch yo ni pou profèt yo nan aparans yon chè, soua lè-l té maré batay la, soua lè-l té fè konvèsasyon-an, soua lè-l pa-t réfizé yo résévoua-l la, oubyin minm lè-l té aksépté manjé manjé yo té prezanté dévan-l nan.

Min pòtré sa yo sé sign moun sa-a yo té yé, li minm yo t-ap anonsé signifikasyon an mistè vérité li t-ap pran sot nan souch papa ki vîn anvan yo.

Épi sé poua sakréman rékonsiliation nou-an, ki té préparé dépi anvan tout tan yo, okinn figi sa yo pa-t réalizé-l, paské Éspri-Sin-an pa-t ko désann sou Vièj la, ni fòs Sa-a ki Anro nèt la pa-t ko pozé lonbraj sou li ; pou anndan zantray ki san tach yo, antan Sajès la bati yon kay pou li la, Paròl la té vîn tounin chè ; épi, pou fòm Bondié-a ak fòm ésklav la ajisté ansanm nan yon sèl pèrson. Kréatè tan yo vîn pran nésans nan tan-an ; épi li minm tout bagay fèt pa lintèmédiè-l la, li minm minm vîn pran nésans nan pami tout bagay yo.

Si moun nouvo-a, ki fèt *nan résanblans chè péché-a*, pa-t pran viyéyman nou-an, épi si sa-a ki minm Bondié ak Papa-a pa-t aksépté vîn moun minm jan ak manman-an tou, pou-l fè natu nou-an fè yon sèl avèk li antan-l dégajé sèlman anba péché-a, sé anba jouk djab la an jénéral yo

t-ap kinbé moun nan kòm prizonié ; ni viktoua sa-k trionfé-a pa t-ap sèvi nou anyin, si sé an déyò natu nou-an li té réalizé.

Poutèt patisipasion ékstraòdinè sa-a, sakréman nouvo nésans nou-an té kléré pou nou, pou pa lintèmediè minm Éspri-a, li minm pa lintèmediè-l Kris la té fòmé nan vant épi té pran nésans la, nou minm tou nou tounin pran nésans ankò ak yon nésans spirituèl.

Sé pou sa Évanjélis la di osijè moun ki kouè yo : *Yo minm ki pa sot nan san yo, ni sot nan volonté chè-a, ni sot nan volonté gason, min sé sot nan Bondié yo pran nésans.*

RÉPONS

Cf. Iz 11, 10; Lk 1, 32

R/. Min li, rasîn Jésé-a ap désann pou sovè pèp yo, nasyon yo ap priyé-l : * Épi non li ap gin gloua.

V/. Granmèt Bondié ap ba-l fotèy David, papa-l la, épi l-ap roua nan kay Jakòb la pou tout tan. * Épi non li.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intélisans, éspri

konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou Benedictus la, réf. : Aprann sa, ringn Bondié-a tou pré ; amèn mouin di nou, li pap mizé.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, ki té desidé sové pèp li-a nan dispozision dépi lontan, an nou priyé-l, antan n-ap di :

Protéjé pèp ou-a, Granmèt.

Bondié, ou minm ki té promèt pèp ou-a yon jèm jistis,

— protéjé Égliz ou-a pou-l rét sin.

Panché kè moun yo nan paròl ou-a, Bondié,

— épi asiré fidèl ou yo san répròch nan sin yo sin-an.

Konsèvé nou nan rinmin Éspri-ou la,

— pou nou résévoua mizérikòd Pitit ou-a ki gin pou vini-an.

Asiré jouskalafin, Bondié ki bon anpil la,

— nan jou Jézu-Kri Granmèt la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki kréyé moun nan épi ki rachté-l, ou minm ki té vlé pou Paròl ou-a pran chè nan vant sa-a ki toujou rété vièj la, voyé jé, tanpri, sou

priyè nou yo, pou Sèl Pitit ou-a, ki pran kondision moun nou-an, fè nou asosyé nan minm déstiné avèk li minm ki Bondié-a. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sovè sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèss k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Iz 61, 11**

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT**1 Tés 5, 23-24**

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a. Li fidèl, li minm ki rélé nou-an, sé li minm tou k-ap aji.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Épi sovè ou sovè nou-an, ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou Magnificat la, réf. : O Sajès, ou minm ki té soti nan bouch Sa-a ki Anro nèt la, antan ou sot nan yon bout ou rivé nan lòt bout la, antan ou réglé tout bagay avèk fòs épi avèk souplès: vini pou-ou montré nou chémin ladrès la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, kè kontan ak fèt tout moun k-ap tann li yo, an nou rélé-l :

Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

Antan nou kontan, n-ap tann vini ou-ap vini-an;

— vini, Granmèt Jézu.

Ou minm ki égzisté anvan sièk yo,

— vini pou sovè nou nan sièk sa-a.

Ou minm ki té kréyé tè-a épi moun yo ki abité nan li-a,

— vini pou-ou rachté travay min ou yo.

Ou minm ki pa-t pè sa nou yé-a ki kapab mouri-a,

— vini pou-ou raché nou sot anba pouvoua lanmò-a.

Ou minm ki té vini pou nou kapab gin lavi k-ap débòdé dépasé mézi-a,

— vini épi ba nou lavi-ou la ki pou tout tan-an.

Ou minm ki té vlé rasanblé tout moun nan rouayòm ou-an,

— vini épi rasanblé sa yo k-ap tann pou yo ouè fas ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki kréyé moun nan épi ki rachté-l, ou minm ki té vlé pou Paròl ou-a pran chè nan vant sa-a ki toujou rété vièj la, voyé jé, tanpri, sou priyè nou yo, pou Sèl Pitit ou-a, ki pran kondision moun nou-an, fè nou asosyé nan minm déstiné avèk li minm ki Bondié-a. Li minm ki vivan.

JOU 18 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Gadé, épi lévé tèt nou.

R/. Paské rédanmsion nou tou pré.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

46, 1-13

Grammèt la an fas zidòl Babilòn yo

¹ Bèl plouayé kò-l, Nébo plati atè;
zidòl yo pou bèt boua yo ak bèt chaj yo;
chaj sa yo n-ap soulvé yo, sé yon poua pou bèt ki fatigé yo.

² Yo plati atè, yo plouayé, yo tout ansanm
yo pa kapab sovè chaj la,
yo minm minm yo pati an-égzil.

³ Kouté-m, kay Jakòb,
ak tout ras kay Israèl la,
nou minm mouin poté dépi nan vant,
nou minm mouin soutni dépi nan zantray.

⁴ Jous nou vié, sé minm mouin minm nan,
jous nou gin chévé blanch m-ap poté nou;
mouin té fè-l, m-ap soulvé nou,
m-ap poté nou, m-ap sovè nou.

⁵ Ak kilès nou vlé fè-m sanblé, nou vlé ban-m parèy,
nou vlé konparé-m, pou-m sanblé?

⁶ Yo minm k-ap vidé lò sot nan bous la,
y-ap pézé lajan ak rozo-a.
Yo péyé yon òfèv, li fè yon dié,
yo plouayé kò yo, yo adoré.

⁷ Yo mété-l sou zépòl, yo poté-l,
yo mété-l nan plas li, li kanpé,
li pap boujé sot nan plas li.
Li mèt rélé ba li, li pap réponn;
nan tray li, li pap sové-l.

⁸ Sonjé sa, pran kouraj,
antré nan kè nou, nou minm révòlté-a

⁹ Sonjé premié bagay yo dépi lontan,
sèké sé mouin minm sèl ki Bondié,
pa gin lòt ankò;
Bondié, pa gin tankou-m.

¹⁰ Dépi nan kòmansman, mouin anonsé sa k-ap vini apré;
dépi anvan, sa-k pa ko réalisé,
mouin minm ki déklaré: « Sa-m gin nan lidé-m nan, l-ap kanpé;
tou sa-k fè-m plézi, m-ap réalisé-l ».

¹¹ Mouin rélé yon malfini sot dépi kot solèy lévé,
dépi sot nan yon péyi byin louin, moun nan ki té nan lidé-m nan,
mouin palé, mouin fè sa rivé;
sa-k nan lidé-m nan, m-ap réalisé-l.

¹² Kouté-m, nou minm ki gin kè nou du,
nou minm ki louin jistis la.

¹³ Mouin fè jistis mouin-an proché, li pa louin;

délivrans mouin-an pap mizé,
 m-ap mét délivrans nan Sion,
 m-ap mét bèlté-m nan Israël.

RÉPONS

Iz 46, 12. 13

R/. Kouté-m, nou minm ki fèmin kè nou, ki rét louin jistis la : * M-ap bay sovè n-ap sovè-a nan Siyon, épi nan Israël gloua-m nan.

V/. Mouin fè jistis mouin-an proché, li papral louin, sovè m-ap sovè nou-an pap mizé. * M-ap bay.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt pou Diognèt la

(Cap. 8, 5 — 9, 5: Funk 1, 325-327)

Bondié révélé charité-l la pa lintèmediè Pitit la

Okinn moun pa-t ouè Bondié ni pa-t fè konnin-l, min sé li minm ki té montré pròp tèt li. Li montré tèt li pa lintèmediè lafoua-a, sèl mouayin Bondié pèmèt pou yo ouè-l. Paské Granmèt épi Bondié ki kréyé tout bagay yo, ki fè tout bagay yo épi ki réglé chak bagay nan plas li-a, non sèlman li té rinmin moun nan, min li té gin pasians tou. Li té toujou konsa vré, li konsa, l-ap toujou konsa, byinvéyan épi bon, pa nan kòlè épi véridik, sé li minm sèl sètènman ki bon ; lè-l fin pansé yon gran bagay yo pa kapab palé, li kominiké-l avèk sèl Pitit li-a.

Konsa pandan tout tan li té kinbé désizyon sajès li-a kaché épi li té konsèvé-l, sa té sanblé li té néglijé nou, li pa-t okipé nou ; min apré pa

lintèmediè Pitit li rinmin-an, li té révéle épi li té dévoualé bagay yo ki té préparé dépi nan kòmansman-an, li té ofri nou tout bagay ansanm, ni pou nou joui byinfè li yo, ni pou nou ouè yo épi pou nou konprann yo, sa kilès nan nou ki t-a janm ap atann yo ?

Konsa apré li déja ffin réglé tout bagay koté-l avèk Pitit la, jous nan tan ki pi anvan yo li kité nou suiv mouvman ki pa réglé yo, dapré libètè nou, li kité nou soti nan chémin ki douat la, antan plézi yo ak anvi yo ap kondui nou ; sé pa paské nan okinn fason li t-a jouinn plézi nan péché nou yo, min antan li toléré yo, ni sé pa paské li té dakò avèk tan péché sa-a, min antan li kréyé tan jistis la koulié-a, pou avèk tan sa-a nou gin konviksion nou pa-t alarotè lavi-a akòz pròp aksion nou yo, koulié-a byinvéyans Bondié fè nou vîn alarotè lavi sa-a, épi lè-l ffin fè nou ouè nou pa kapab antré nan rouayòm Bondié-a apati sa ki nan nou, pouvoua Bondié-a t-a ba nou posibilite pou sa.

Min lè injistis nou-an té ffin akonpli épi lè-l té ffin parèt klè rékonpans li – soufrans ak lanmò – té toupré, tan-an té rivé tou pou Bondié té montré aklè byinvéyans li ak pouvoua-l (ala li san limit rinmin Bondié pou moun nan épi charité-l la!), li pa-t gin rayisans pou nou, ni li pa-t réjité nou, ni li pa-t tiré vanjans, min ak pasians li té poté, li té sipòté, antan-l pran pitié lè li minm li té pran péché nou yo, li bay pròp Pitit li-a kòm pri rédanmsion pou nou, sin-an pou péchè yo, sa-k pa nan méchansté-a pou méchan yo, sa-k kòrèk la pou sa-k pa kòrèk yo, sa-k pa kapab gaté-a pou sa k-ap gaté yo, sa-k pa kapab mouri-a pou sa k-ap mouri yo. Kilès lòt bagay ki t-a kapab kouvri péché nou yo pasé jistis li-a ? Nan ki lòt moun nou minm ki pa kòrèk, ki péchè, nou t-a kapab vîn kòrèk pasé nan sèl Pitit Bondié-a ?

Ala yon échanj ki dous, ala yon aranjman yo pa kapab sondé, ala avantaj yo pa t-ap tann : pou péché pakèt moun yo vrèman kaché nan yon

sèl la ki kòrèk la, pou jistis yon sèl la minm fè pakèt moun ki pa kòrèk yo vîn kòrèk.

RÉPONS

Tr Ap 4, 12; Iz 9, 6

R/. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun ; * Ni pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a doué vîn sovè ladan-l.

V/. Y-ap rélé non-l Konséyé ékstraòdinè-a, Bondié fò-a, Papa pou tout tan-an, Prins lapè-a. * Ni pa gin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Rom 13, 11-12

Li déja lè pou nou lévé sot nan dòmi-a ; koulié-a réyéلمان, sovè nou sovè-a pi pré pasé lè nou té kouè-a. Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kité aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Vyé ak kouraj, Granmèt la Bondié nou-an toupré.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki jij moun k-ap viv yo ak moun ki mouri yo, antan nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou sové péchè yo,

— défann nou kont tout kontrariété tantasion yo.

Ou minm nou kouè ki gin pou vini aklè pou fè jijman-an,

— montré nan nou puisans sové ou ka sové nou-an.

Ba nou favè pou nou kinbé kòmandman laloua-ou la ak pouvoua éspri-a

— pou nou kapab tann nan charité-a vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki béni nan sièk yo, fè nou viv nan sièk sa-a gras a mizérikòd ou-a yon fason ki respékté sa ki sakré épi ki réglé,

— pandan n-ap tann éspérans k-ap bay kontantman-an épi vini grandè-ou la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm k-ap dépéri anba jouk péché-a ki sot nan ésklavaj lontan-an, nou libéré gras a nouvo nésans Sèl Pitit ou-a nou t-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lèvé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèss k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT**Iz 61, 11**

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT**Fil 4, 4-5**

Sé pou nou kontan nan Granmèt la tout tan. Yon lòt foua ankò mouin di : Sé pou nou kontan! Bon jan nou-an, sé tout moun ki pou rékonèt li. Granmèt la tou pré.

RÉPONS KOUT

R/. Montré nou, Granmèt, * Mizérikòd ou-a. Montré.

V/. Épi sovè ou sovè nou-an, ba nou li. * Mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. Montré.

Pou Magnificat la, réf. : O Adonayi épi Chèf kay Israèl la, ou minm ki té parèt bay Moyiz nan difé flannm rajé-a, épi ou té ba-l laloua-a sou Sinayi-a: vini pou-ou rachté nou ak bra lévé.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki té vîn pou-l sovè moun yo, épi avèk konfians an nou di-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm ki pa lintèmediè mistè koté ou pran chè-a, ou té fè tè-a konnin gloua ou ginyin kòm Bondié-a,

— fè nou viv nan vini ou-ap vini-an.

Ou minm ki té pran féblès nou-an,

— fè nou favè mizérikòd ou-a.

Ou minm ki lè-ou té vini premié foua-a antan ou rabésé tèt ou, ou té rachté sot nan fot la,

— lè ou-ap vini dézièm foua-a, fè nou vîn kòrèk sot anba tout péché.

Ou minm k-ap viv épi k-ap kòmandé tout bagay,

— nan bon ou bon-an fè nou rivé nan éritaj pou tout tan-an.

Ou minm ki chita adouat Papa-a,

— fè nanm défin yo kontan avèk limiè fas ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm k-ap dépéri anba jouk péché-a ki sot nan ésklavaj lontan-an, nou libéré gras a nouvo nésans Sèl Pitit ou-a nou t-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 19 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

R/. Épi sové ou sové nou-an ba nou li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

47, 1. 3 b-15

Lamantasion sou Babilòn

¹ Désann, chita nan pousiè-a,
vièj pitit fi Babèl;
chita atè-a, san kouròn
piti fi kaldéyin yo,
paské yo pap janm rélé-ou
dous ak moun plézi ankò.

^{3b} M-ap pran vanjans,
pèsonn moun pap anpéché-m.

⁴ sila-a k-ap délivré nou an,
sé Granmèt lamé yo ki non-l, Sin Israèl la.

⁵ chita nan silans, antré nan fènoua,
piti fi kaldéyin yo,
paské yo pap janm rélé-ou
chèf péyi roua yo ankò.

⁶ Mouin té faché kont pèp mouin an,

mouin té frapé éritaj mouin an,
 mouin té rémèt yo nan min-ou;
 ou pa fè kè-ou sansib pou yo.
 Sou vié granmoun ou an ou fè jouk ou an pézé rèd.

⁷ Ou di: « Pou tou tan, m-ap toujou chèf ».

ou pa mét bagay sa yo nan kè ou,
 ou pa sonjé sa k-ap vini.

⁸ Koulié-a, kouté sa, ou minm k-ap viv nan plézi,
 ki abité ak konfians,
 ou minm k-ap di nan kè-ou:

« Sé mouin minm sèl, pa gin lòt ankò,
 mouin pap rét vèv, mouin pa konnin sa yo rélé rét san pitit ».

⁹ Toulédé bagay sa yo ap rivé sou ou,

yon ti moman, yon sèl jou:

ou-ap san pitit, ou-ap vèv,

tout sa ap rivé sou ou,

malgré fòs maji-ou yo,

malgré tout pakèt sipèstision-ou yo.

¹⁰ Ou té gin konfians nan méchansté-ou la,

ou té di : « Pèsonn pa ouè-m ».

Sé sajàs ou ak sians ou ki viré kè-ou.

Ou di nan kè-ou:

« Sé mouin minm sèl, pa gin lòt ankò ».

¹¹ Malè ap rivé sou ou,

ou pap konnin avètisman l-ap bay tankou dévan jou.

yon malè ap tonbé sou ou,

ou pap kapab protéjé-ou dévan-l.

Yon ti moman, yon dézas ou pa-t konnin ap tonbé sou ou.

¹² Rété ak maji-ou yo,
 ak pakèt sipèstision-ou yo,
 dépi ou tou jèn, ou-ap fatiége kò-ou nan yo,
 pétèt sa kapab édé-ou, pétèt ou-ap fè moun tranblé.

¹³ Ou bouké ak tout pakèt konsèy ou-al chèché yo,
 sé pou yo kanpé, pou yo sové-ou, sa k-ap égzaminé sièl la,
 k-ap konsidéré zétoual yo,
 k-ap anonsé chak moua
 sa k-ap rivé-ou la.

¹⁴ Min yo tankou yon pay,
 difé ap boulé yo,
 yo pap délivré lavi yo
 anba pouvoua flanm nan,
 pap gin brèz pou chofé kò-ou,
 yon flanm difé pou chita dévan-l.

¹⁵ Sé konsa y-ap yé pou ou, majisiyin-ou yo,
 sa-ou fatigé kò-ou pou yo
 dépi ou tou jèn nan,
 yo chak gayé sou bò pa-l;
 pèsonn pa sové-ou.

RÉPONS

Iz 49, 13; 47, 4

R/. Fè louanj, sièl yo, fété tè-a ; fè louanj éklaté, mòn yo : * Paské Granmèt la pran pitié pou pòv li yo.

V/. Rédanmtè nou-an, Granmèt lamé yo sé non-l sa, Sin Israèl la. * Paské.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo

(Lib. 3, 20, 2-3: SCh 34, 342-344)

Fason Bondié pran chè-a pou-l rachté nou-an

Bondié sé gloua moun nan ; moun nan réyéman vré sé sa k-ap résévoua aktivité Bondié épi tout sa jès li ak pouvoua-l.

Minm jan doktè-a fè prèv li nan malad la, konsa tou Bondié fè ouè-l nan moun yo. Sé poutèt sa Pòl di : *Bondié té fèmin tout bagay nan mank lafoua-a, pou-l pran pitié pou tout moun* ; antan li di sa osijè moun nan ki pa-t obéyi Bondié épi ki té tonbé sot nan imposibilité mouri-a, apré sa li té jouinn mizérikind, pa lintèmediè Pitit Bondié-a, antan-l résévoua sa ki adopsion-an pa lintèmediè li minm minm.

Sa-a ki kinbé vré gloua-a san-l pa gonflé, san-l pa lévé tèt, osijè bagay yo ki fèt yo ak osijè sa-a ki fè yo-a, Bondié ki gin tout pouvoua sou tout bagay la, ki fè tout bagay yo égzisté-a, moun ki rété nan rinmin-l nan ak obéyisans li ak nan aksion-d-gras, l-ap résévoua pi gran gloua nan min-l, antan l-ap résévoua progrè pou-l vîn sanblé ak sa-a ki té mouri pou li-a.

Paské li minm tou sé *nan résanblans chè péché-a* li vîn fèt, pou-l kondané péché-a, pou-l jété-l déyò chè-a lè-l fîn kondané-l, li té vlé invité moun nan pou-l vîn gin résanblans pa-l, li pasé-l lòd pou-l *pran modèl* sou Bondié épi antan li mété-l anba règléman Papa-a pou-l ouè Bondié, antan li ba-l kapasité pou-l jouinn Papa-a : Paròl Bondié-a ki té abité nan moun nan épi ki vîn tounin *Pitit moun nan*, pou-l té abitué moun nan résévoua Bondié, épi pou-l té abitué Bondié abité nan moun nan, dapré désizyon Papa-a.

Sé poutèt sa donk *Granmèt la li minm té bay li kòm sign sové nou sové-a*, li minm *Émanuèl la ki soti nan Vièj la*, paské sé li minm *Granmèt la ki t-ap sové yo*, paské yo pa-t kapab sové pa lintèmédiè pròp tèt yo; sé poutèt sa antan Pòl anonsé féblès moun nan, li di : *Mouin konnin réyèlman byin-an pa abité nan chè-m*, antan li té vlé montré kijan sé pa nan nou minm, min nan Bondié byin sové nou sové-a soti ; épi ankò : *Mouin sé yon moun ki mizérab, kilès ki kapab libéré-m sot nan kò lanmò sa-a ?* alafin li prezanté libératè-a, *gras Jézu-Kri Granmèt nou-an*.

Izayi li minm tou di sa : *Ranfòsé min ki ramoli yo épi jénou ki fébli yo, ankourajé, nou minm ki timid nan lidé nou, rékonfôté, pa pè. Min Bondié nou-an ap tiré vanjans ak jijman-an, l-ap vini li minm minm épi l-ap sové nou ; sé pa nan nou sa soti, min sé nan sékou Bondié-a n-ap gin pou nou sové.*

RÉPONS

Cf. Jér 31, 10; 4, 5

R/. Kouté paròl Granmèt la, nasion yo, anonsé sa nan limit tè-a. * Épi di zilé yo ki byin louin yo : Sovè nou-an ap vini.

V/. Anonsé épi fè yo tandé ; palé épi rélé fò ; * Épi di zilé yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Iz 2, 3

Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, al nan kay Bondié Jakòb la, pou-l aprann nou chémin-l yo, épi pou-n maché nan santié-l yo ; paské sé Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lèvé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lèvé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : L-ap lèvé tankou solèy, Sovè tè-a, épi l-ap désann nan vant Vièj la tankou lapli sou zèb, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm k-ap vini pou moun ki tounin vîn jouinn li yo, li libéré yo sot anba pouvoua lanmò-a, épi antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Vini ou-ap vini-an, Granmèt, pandan n-ap anonsé-l,

— nétouayé kè nou sot anba tout tandans chèché sa ki pa gin valè.

Égliz ou-a, Granmèt, sa-ou té fondé-a,

— sé pou-l montré grandè-ou nan tout nasion yo.

Laloua-ou la, Granmèt, ki kléré jé yo,

— sé pou-l protéjé pèp yo ki mét konfians yo nan ou minm.

Ou minm ki fè Égliz ou-a favè pou-l anonsé nou davans kè kontan vini ou-ap vini-an,

— fè nou résévoua-ou ak dévouman yon rinmin ki tou paré.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté révéle klèté gloua-ou bay tè-a, pa lintèmédiè anfantman Vièj la ki sakré-a, fè nou favè, tanpri, pou mistè inkarnasion sa-a ki si tèlman gran-an, nou adoré-l ak yon lafoua san défo, épi nou toujou frékanté-l antan nou konsakré tèt nou avèk respè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sovè sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèz k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmou virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Fil 3, 20 b-21

Sovè-a n-ap tann, Granmèt la Jézu-Kri, li minm k-ap transfòmé kò povreté nou-an, pou-l fè-l vîn konfòm ak kò gloua li-a, dapré opérasion-an koté li kapab minm soumèt tout bagay anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, pou nou sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : O Rasîn Jésé-a, ki drésé kòm signal pou pèp yo, dévan ou minm roua yo fèmin bouch yo, ou minm nasion yo ap priyé-a; vini pou-ou libéré nou, pa mizé ankò.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou sipliyé-l, li minm ki jij moun ki vivan ak sa ki mouri yo, épi an nou di-l avèk konfians :

Vini, Granmèt Jézu.

Fè, Granmèt, pou jistis ou-a sièl yo ap anonsé-a, moun yo sou tè-a konnin-l,

— épi pou gloua-ou la abité sou tè nou-an.

Ou minm ki aksépté vîn tou fèb pou nou, kòm moun,

— é pou aksépté prezèvé moun yo avèk protèksion sa-ou yé kòm Bondié-a.

Vini épi kléré nou avèk klèté sians ou-a,

— sa yo ou ouè ki rété nan fènoua ki kinbé yo-a poutèt konnin yo pa konnin-ou nan.

Ou minm ki antan ou rabésé tèt ou ou té ouété péché nou-an,

— antan-ou nan gloua-ou la, fè nou favè rékonpans kontantman-an.

Ou minm ki gin pou-ou vini aklè pou jijman-an,

— frè nou yo ki défin yo, fè yo rivé nan rouayòm sièl yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté révéle klèté gloua-ou bay tè-a, pa lintèmediè anfantman Vièj la ki sakré-a, fè nou favè, tanpri, pou mistè inkarnasion sa-a ki si tèlman gran-an, nou adoré-l ak yon lafoua san défo, épi nou toujou frékanté-l antan nou konsakré tèt nou avèk respè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 20 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Voua sa k-ap rélé nan dézè-a: Paré chémin Granmèt la.

R/. Fè santié Bondié nou-an yo douat.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

48, 1-11

Sé Bondié sèl ki Granmèt tan k-ap vini yo

¹ Kouté sa, kay Jakòb,
nou minm yo rélé Israèl la,
nou minm ki sot nan dlo Juda yo,
nou minm ki fè sèman sou non Granmèt la,
k-ap fè sonjé non Bondié Granmèt la,
san sé pa nan vérité, san sé pa nan jistis.

² Sèké sé nan vil sila-a ki sin-an yo pran non yo,
sé sou Bondié Israèl la, yo apuiyé;
Granmèt lamé yo, sé non-l sa.

³ Prémie bagay yo, depi lontan mouin té devoualé yo;
yo té soti nan bouch mouin,
mouin té fè tandé yo;
yon ti moman mouim aji, épi yo rivé.

⁴ Mouin té konnin ou gin tèt du,
kou-ou sé yon bout fè,

fron-ou sé kuiv.

⁵ Sé pousa mouin té anonsé-ou sa dépi lontan;
 avan-l rivé, mouin té fè ou konnin,
 pou ou pa di: « Zidòl mouin-an fè sa,
 pòtré-m nan ak sa-m té fonn nan, sé li minm ki ranjé sa ».

⁶ Ou tandé tou sa, ou ouè yo,
 épi nou minm pouki sa nou pa anonsé-l?
 Mouin fè ou tandé bagay nouvo dépi koulié-a,
 bagay ki té kaché, bagay ou pa-t konnin.

⁷ Sé koulié-a yo kréyé, sé pa dépi lontan;
 jous jodi-a, ou pat tandé sa,
 pou ou pa di: « Gadé, mouin té konnin yo ».

⁸ Ou pa-t tandé, ou pa-t konnin,
 dépi lontan zòrèy ou pa-t louvri,
 sèké mouin konnin kijan ou pa fidèl,
 dépi nan vant sé révolté yo rélé-ou.

⁹ Poutèt non-m mouin rékilé kolè-m nan,
 poutèt bèlté-m, mouin ménajé-ou
 pou-m pa détrui-ou.

¹⁰ Gadé mouin fonn ou, mouin pa jouinn lajan,
 muoin éséyé-ou nan founèz malè-a.

¹¹ Sé poutèt mouin, sé poutèt mouin m-ap aji,
 paské kòman pou-l fè sal,
 mouin pap bay yon lòt moun bèlté-m.

RÉPONS

Iz 48, 10. 11; 54, 8

R/. Mouin minm mouin té égzaminé-ou nan founèz malè-a. Poutèt mouin, poutèt mouin m-ap aji, pou yo pa dérèspékté-m : * Épi mouin pap bay yon lòt gloua-m nan.

V/. Nan yon moman kòlè mouin té kaché fas mouin louin-ou yon ti kras, min nan mizérikòd pou tout tan-an mouin pran pitié pou ou. * Épi mouin pap bay.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Bèrnar, abé, nan Louanj Vièj Mari yo

(Hom. 4, 8-9: Opera omnia, Edit. Cisterc. 4 [1966], 53-54)

Tout tè-a ap tann répons Mari

Ou tandé, Vièj, ou-ap ansint épi ou-ap anfanté yon pitit gason : ou tandé, sé pap pa lintèmediè yon moun min sé pa lintèmediè Éspri-Sin-an. Anj la ap tann répons : li lè réyèlman pou-l tounin kot Bondié ki té voyé-l la. Nou minm tou n-ap tann, Madam, paròl pitié-a, nou minm jijman kondanasion-an té krazé yon fason mizérab la.

Épi min li, yo ofri-ou pri k-ap sovè nou-an: n-ap délivré tousuit, si-ou konsanti. Sé nan Paròl ki égzisté tout tan-an nou tout nou té fèt, épi gadé n-ap mouri : nan ti répons tout kout ou-a n-ap réfèt, pou yo rélé nou vîn tounin nan lavi-a.

Sé sa l-ap sipliyé koté-ou, ou minm Vièj ki bon, Adan ak dlo nan jé ki égzilé ansanm ak désandans mizérab li-a sot nan paradi-a, sé sa Abraam ap mandé, sé sa David ap mandé. Sé sa lòt papa ki sin yo ap mandé ak

insistans, sètadi papa-ou yo ki yo minm tou abité nan réjion lonbraj lanmò-a. Sé sa tout tè-a ki plouayé dévan jénou-ou yo ap tann.

Sé pa san rézon, paské konsolasion maléré yo pandié nan bouch ou, ni rédanmsion kaptif yo, libérasion kondané yo, sovè-a anfin tout pitit Adan yo ap sovè-a, tout ras ou-a.

Vièj, bay répons la byin vit. Réponn Anj la byin rapid, plis toujou réponn Granmèt la pa lintèmediè Anj la. Réponn yon paròl, épi résévoua Paròl la : di pa-ou la, épi ansint pa Bondié-a : fè sa k-ap pasé-a soti, épi anbrasé sa-k la pou tout tan-an.

Pou ki sa ou-ap fè réta-a ? Pou ki sa ou-ap tranblé-a ? Sé pou-ou kouè, sé pou-ou déklaré, épi résévoua. Sé pou rabésman-ou nan vîn tounin lodas, sé pou krint ou-an vîn tounin konfians. Sa pa konvnab ditou koulié-a pou simplisité vièj la bliyé fè atansion-an. Nan bagay sa-a sèlman ou pa bézouin pè gin odas, Vièj ki fè atansion : paské, minm si krint la fè Bondié plézi nan silans la, koulié-a minm dévoua obéyisans nan paròl la pi nésésè.

Louvri kè-ou bay lafoua-a, Vièj ki sin, louvri bouch ou bay déklarasion-an, louvri zantray ou bay Kréatè-a. Min li, sa-a tout nasion yo anvi-a déyò-a l-ap frapé nan pòt la. Ébyin si-ou mizé épi li pasé, épi apré sa pou-ou kòmansé ak lapinn ap chèché sa-a nanm ou rinmin-an ! Lévé, kouri, louvri. Lévé avèk lafoua-a, kouri avèk atachman-an, louvri avèk déklarasion-an. Li di : *Min sèvant Granmèt la, sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.*

RÉPONS

Cf. Lk 1, 31. 42

R/. Aksépté paròl la, Vièj Mari, sa Granmèt la transmèt ou pa lintèmédiè Anj la : ou-ap ansint épi ou-ap anfanté Bondié ki moun tou, * Pou yo di ou béni nan pami tout médam yo.

V/. Ou-ap anfanté yon pitit gason épi ou pap sibi déga nan virjinité-ou la : ou-ap ansint épi ou-ap manman ki toujou intak. * Pou yo di ou béni.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Jén 49, 10

Bagèt kòmandman-an, yo pap ouété-l sot nan Juda épi baton chèf la sot nan pié-l yo, joutan li rivé, sa-a li dépann dé li-a, épi li minm nasion yo ap obéyi-a.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lèvé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lèvé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Yo té voyé Anj Gabrièl al kot Mari ki vièj fiancé Jozèf la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, an nou priyé-l, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki limiè-a k-ap kléré tout moun; avèk kontantman an nou di byin fò :

Vini, Granmèt Jézu.

Sé pou limiè prezans ou-a gayé fènoua nou yo,

— épi nou minm, fè nou alarotè kado-ou yo.

Sové nou, Granmèt Bondié nou-an,

— pou jodi-a nou déklaré rékonèt non-ou ki sin-an.

Limin difé nan kè nou, pou yo souaf ou avèk chalè,

— épi pou yo fè vit fè yon sèl avèk ou ak tout anvi yo ginyin.

Ou minm ki té poté féblès nou-an,

— poté sékou bay malad yo ak moun yo k-ap mouri jodi-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Bondié, ou minm Vièj imakilé-a té résévoua Paròl ou-a yo pa kapab palé-a, lè Anj la té anonsé-a, épi antan-l vîn tounin kay Bondié, li plin ak limiè Éspri Sin-an, tanpri, fè nou minm tou, sou égzanp li, nou rivé kolé kò nou sou volonté-ou antan nou rabésé tèt nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèss k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 1, 7 b-9

N-ap tann révélation Granmèt nou Jézu-Kri-a, li minm k-ap asiré nou jouskalafin san répròch, nan jou Granmèt nou Jézu-Kri-a. Bondié fidèl, li minm pa lintèmédiè-l yo rélé nou nan kominion Pitit li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré nou fas ou, pou nou sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : O Klé David la, épi baton pouvoua kay Israèl la; ou minm ki louvri épi pèsonn pa fèmin; ou fèmin épi pèsonn pa louvri : vini épi ouété sa-k anchinnin yo sot nan kay prizon-an, sa-k chita nan fènoua yo ak lonbraj lanmò-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a épi Granmèt la, frè yo mouin rinmin anpil la, an nou priyé-l, li minm ki Granmèt la, li minm ki gin pou-l vîn akèlè nan dènié jou yo ; épi ak kè kontan an nou inploré-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, Rédanmtè nou épi Granmèt nou, antan ou pran nésans nan chè-a, ou té ouété jouk laloua-a sot sou nou,

— akonpli byinfè bon kè-ou la nan nou.

Ou minm ki té pran nan nou sa-ou té ouè ki adapté avèk sa-ou yé kòm Bondié-a,

— nan sa-ou yé-a, ba nou sa ou-ap tann pou mét nan nou-an.

Sa nou anvi yo, fè nou lagras jouinn yo antan ou-ap montré prezans-ou ou-a,

— épi ak limin rinmin-ou nan limin-an, mété difé nan kè nou-an.

Avèk ou, sé pou fè kè nou kontan nan gloua-a,

— ou minm isit la nou abité nan ou-a sèlman ak konésans lafoua-a.

Nanm tout défin yo,

— binyin yo ak larouzé bon kè-ou la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm Vièj imakilé-a té résévoua Paròl ou-a yo pa kapab palé-a, lè Anj la té anonsé-a, épi antan-l vîn tounin kay Bondié, li plin ak limiè Éspri Sin-an, tanpri, fè nou minm tou, sou égzanp li, nou rivé kolé kò nou sou volonté-ou antan nou rabésé tèt nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 21 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié Granmèt nou, fè nou tounin.

R/. Épi montré fas ou, pou nou sové.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

48, 12-21; 49, 9 b-13

Nouvo Égzòd la

Min sa Granmèt la di :

^{48,12} « Kouté-m, Jakòb,

Israèl mouin té rélé-a,

sé mouin minm, mouin sé prémié-a,

sé mouin minm tou ki dènié-a.

¹³ Sé minm ki pozé tè-a sou fondasion-l,

sé min douat mouin ki déplouayé sièl-la.

Mouin minm minm mouin rélé yo, yo kanpé yo tout ansanm.

¹⁴ Rasanblé nou tout, épi kouté,

kilès nan yo ki té anonsé bagay sa yo?

Granmèt la rinmin-l,

l-ap fè sa-k fè-l plézi osijè babèl,

ak ras kaldéyin yo.

¹⁵ Sé mouin minm, sé mouin minm ki té palé, mouin té rélé-l,

mouin fè-l vini, chémin-l ap réyisi.

¹⁶ Proché koté-m, kouté sa,
sé pa an kachèt mouin té palé dépi nan kòmansman,
dépi lè yo rivé mouin té la;
koulié-a Granmèt la minm voyé-m avèk léspri-l ».

¹⁷ Min sa Granmèt la di,

li minm ki délivré-ou, li minm ki sin Israël la:
« Sé mouin minm Granmèt la, Bondié-ou la, m-ap instrui-ou pou byin-ou,
m-ap fè-ou maché sou rout koté ou-apralé-a.

¹⁸ Si ou té kapab fè atansyon nan komandman-m yo,
kè pozé ou la t-ap tankou yon larivière,
jistis ou t-ap tankou yon lanm lanmè yo,

¹⁹ ras ou t-ap tankou sab la;
désandans ki sot nan vant ou t-ap tankou grinn sab yo,
li pa t-ap détrui, li pa t-ap péri,
non-l pa t-ap sot dévan fas mouin.

²⁰ Soti nan Babilòn, sovè kò nou sot kay Kaldéyin yo,
avèk rèl kè kontan sé pou nou anonsé sa,
sé pou nou fè tandé-l,
fè sa rivé jous nan bout tè-a,
déklaré: “Granmèt la délivré sèvitè-l Jakòb”.

²¹ Yo pa-t souaf, lè-l t-ap minnin yo nan savann nan,
li fè dlo koulé sot nan ròch,
li fann ròch la, dlo gayé.

^{49,9b} Sou rout yo, y-ap jouinn manjé,
nan tout plinn y-ap jouinn jadin zèb yo.

¹⁰ Yo pap grangou, yo pap souaf,
chalè solèy la pap frapé yo,
paské sa-a k-ap kondui yo-a, li pran pitié,

l-ap pasé souaf yo nan sous dlo yo.

¹¹ M-ap fè tout mòn mouin yo vîn tounin rout, santié-m yo ap drésé.

¹² Min sa yo ap vîn sot louin, min dòt k-ap vîn sot nan nò ak réjion lanmè-a, dòt minm ankò sot nan péyi nan-sid ».

¹³ Fè louanj, sièl yo, fété tè-a ; fè louanj éklaté, mòn yo, paské Granmèt la konsolé pèp li-a, li pran pitié pou pòv li yo.

RÉPONS

Cf. Iz 49, 13; Ps 71 (72), 7

R/. Sé pou sièl yo kontan, sé pou tè-a fété; fè louanj la éklaté, mòn yo ; paské Granmèt nou-an ap vini, * L-ap pran pitié pou pòv li yo.

V/. Nan jou-l yo jistis ap lévé avèk lapè an kantité. * L-ap pran pitié.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Éksplikasion sin Abrouaz, évèk, nan Luk

(Lib. 2, 19. 22-23. 26-27: CCL 14, 3942)

Osijè vizit sint Vièj Mari-a

Anj la, lè-l fîn anonsé bagay ki kaché yo, pou-l té kapab apuiyé lafoua-a avèk yon égzanp, li té anonsé Vièj Mari kijan yon madanm ki granmoun, ki pa kapab fè pitit vîn ansint, pou-l montré tout sa Bondié désidé posib pou li.

Lè Mari tandé sa, sé pa kòm si li pa-t kouè nan prédiksyon-an, ni sé pa kòm si li pa-t sètin sou mèsajé-a, ni sé pa-t kòm si li té fè dout sou égzanp la, min sé antan li té gin kontantman pou sa-l té souété-a, li té dévoué pou sèvis la, li té pati byin vit ak kè kontan nan mòn yo.

Li minm ki té déjà plin avèk Bondié-a, ki koté pou-l té alé réyèlman avèk rapidité si sé pa nan roté yo ? Gras Ésprì-Sin-an pa konn èfò k-ap ralanti yo. Byin vit tou yo vîn parèt klè byinfè vini Mari vini-an épi prézans Granmèt la ; an minm tan réyèlman *kon Élizabèt té tandé salutation Mari-a, ti pitit la té fété nan vant li, épi Élizabèt té vîn plin ak Ésprì-Sin-an.*

Konsidéyé diféran épi sans pròp chak mo yo. Élizabèt té tandé voua-a an premié, min Jan té santi gras la an premié : Élizabèt té tandé dapré lòd natu-a, Jan minm té fété an rézon mistè-a ; Élizabèt santi rivé Mari rivé-a, Jan santi rivé Granmèt la rivé-a, madanm nan santi prézans fi-a, ti pitit la minm santi prézans ti pitit la ; médam yo ap palé paròl lagras la, ti moun yo minm ap aji sou pa anndan, épi yo kòmansé réyalizé mistè piété-a antan yo fè manman yo fè progrè, épi nan yon doub mirak, manman yo profétizé ak léspri ti pitit yo-a.

Ti pitit la té fété, manman-an té plin. Sé pa manman-an ki té plin avan pitit la, min, lè pitit la té fîn plin ak Ésprì-Sin-an, manman-an tou té vîn plin. Jan fété, léspri Mari fété tou. Antan Jan fété-a, Élizabèt vîn plin, min kanta pou Mari, li pa vîn plin ak Ésprì-a, min nou té konnin léspri li fété – sa-a yo pa kapab konprann nan, réyèlman, sé yon fason yo pa kapab konprann li t-ap aji nan manman-an – Élizabèt té plin lè-l té fîn ansint, min Mari minm sé anvan-l té ansint. Li di : *Ala kontantman pou ou, ou minm ki té kouè-a.*

Min ala kontantman pou nou minm tou k-ap kouté épi ki kouè yo ; paské ninpòt nanm ki kouè, li ansint Paròl Bondié-a tou épi li anfanté-l, épi li rékonèt aksion-l yo.

Sé pou nanm Mari nan chak moun, pou-l chanté jan Granmèt la gran ; sé pou léspri Mari nan chak moun, pou-l fété nan Bondié ; si dapré chè-a sé yon sèl la ki manman Kris la, dapré lafoua-a minm Kris la sé frui tout moun ; réyèlman tout nanm résévoua Paròl Bondié-a, min sé si antan-l san tach épi prezèvé louin défo yo, li kinbé kò-l byin réglé ak yon respè intak.

Ninpòt nanm ki kapab viv konsa, li chanté jan Granmèt la gran, tankou nanm Mari té chanté jan Granmèt la gran, épi léspri-l té fété nan Bondié ki sovè-l la.

Yo chanté jan Granmèt la gran réyèlman, tankou nou té li yon lòt koté : *Chanté jan Granmèt la gran avèk mouin*, sé pa paské voua yon moun kapab ajouté kichòy pou Granmèt la, min sé paské li jouinn grandè-l nan nou : Kris la sé pòtré Bondié, épi sé poussa, si yon nanm fè kichòy ki kòrèk, ki réglé dapré rélijion-an, pòtré Bondié sa-a yo kréyé-l dapré résanblans li-a li fè-l grandi, épi sé poussa antan l-ap fè-l grandi-a, li vîn pi ro li minm tou antan-l patisipé nan grandè-l yon sètfin fason.

RÉPONS

Lk 1, 45. 46; Ps 65 (66), 16

R/. Ala kontantman pou ou ki té kouè, paské y-ap réalizé nan ou, sa yo té di-ou yo sot nan Granmèt la. Épi Mari di : * Nanm mouin ap chanté jan Granmèt la gran.

V/. Vini épi kouté, m-ap rakonté tou sa Bondié fè pou nanm mouin. * Nanm mouin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Iz 7, 14 b-15

Mìn li, Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon ti gason, y-ap rélé non-l Émanuèl; sé lèt ak mièl l-ap manjé, joustan li aprann réjté sa-k mal pou-l chouazi sa-k byin.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Pa pè, nan sink jou réyèlman, Granmèt nou-an ap vîn jouinn nou.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt nou-an Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l, li minm ki vizité nou nan mizérikòd li-a, épi ak voua kè kontan, an nou répété :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm ki soti nan vant Papa-a, ou té vini pou-ou abiyé ak rad chè nou-an,

— libéré sa-k t-ap péri-a akòz kontaminasion natu ki gaté-a.

Ou minm ki gin pou-ou vini, pou-ou fè yo rékonèt ou ak gloua nan sa-ou chouazi yo,

— koulié-a antan ou vini sé pou yo jouinn ou toujou bon épi sansib pou péchè yo.

Antan n-ap jouinn gloua nan louanj ou-a, Kris Granmèt,

— vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Ou minm ki déjà fè nou soti al nan limiè-a gras a lafoua-a,

— fè nou fè-ou plézi gras a jistis ou-a poutèt aksion ki kòrèk yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè pèp ou-a, tanpri, Granmèt, kouté yo avèk bon kè-ou, pou sa yo ki gin kè kontan osijè Sèl Pitit ou-a ki vini nan chè nou-an, lè l-ap vini nan grandè li-a, yo réyisi jouinn rékonpans lavi k-ap diré tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sovè sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèz k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmou virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

1 Kor 4, 5

Pa jijé anyin anvan tan-an, joutan Granmèt la rivé, li minm k-ap kléré sa-k kaché nan fènoua yo, k-ap montré pansé ki nan kè yo ; lè sa-a chak moun ap jouinn louanj nan min Bondié.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré nou fas ou, pou nou sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou Magnificat la, réf. : O Solèy k-ap lèvé, ékla limiè ki la pou tout tan-an épi solèy jistis la: vini épi kléré sa yo ki chita nan fènoua yo épi lonbraj lanmò-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l antan nou bésé byin ba, li minm ki té rachté nou sot nan fènoua péché yo, épi avèk konfians an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Rasanblé, Granmèt, pèp yo sot nan tout péyi yo,

— épi asiré kontra ki pou tout tan-an avèk yo.
Mouton Bondié-a, ou minm ki té vini lontan pou-ou ouété péché moun yo sou tè-a,
— ouété sot nan nou tout mélanj péché-a.
Ou minm ki té vini pou-ou rachté sa-k t-ap pèdi-a,
— vini yon lòt foua yon fason pou-ou pa pini sa-k rachté yo.
Ou minm lafoua nou-an vizé-a,
— sé pou nou gin kè kontan san rété ansanm avèk ou, lè ou-ap vini-an.
Ou minm ki gin pou jijé ni moun ki vivan yo ni sa-k mouri yo,
— frè yo ki défin yo, admèt yo nan asanblé sin yo.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè pèp ou-a, tanpri, Granmèt, kouté yo avèk bon kè-ou, pou sa yo ki gin kè kontan osijè Sèl Pitit ou-a ki vini nan chè nou-an, lè l-ap vini nan grandè li-a, yo réyisi jouinn rékonpans lavi k-ap diré tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 22 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Kouté paròl Granmèt la, nasion yo.

R/. Épi anonsé-l jous nan limit tè-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

49, 14 — 50, 1

Yo réfè Siyon

^{49,14} Siyon t-ap di : « Granmèt la lagé-m,
Granmèt la bliyé-m ».

¹⁵ Èské yon madanm kapab bliyé ti pitit li,
pou-l pa gin pitié pou pitit zantray li ?
Minm si youn t-ap bliyé,
mouin minm mouin pap bliyé-ou.

¹⁶ Gadé sé nan plat min-m mouin ékri non-ou,
miray ou yo dévan-m tou tan.

¹⁷ Pitit ou yo ap fè vit;
moun k-ap touyé-ou yo, k-ap détrui-ou yo, y-ap pati kité-ou.

¹⁸ Lévé jé-ou toutalantou, épi gadé,
yo tout ap rasanblé, y-ap rivé koté-ou.
« Sou lavi-m déklarasion Granmèt la,
yo tout y-ap tankou yon bèl rad ou-ap mét sou ou,
ou-ap maré yo sou ou tankou yon fiancé ».

¹⁹ Sèké débri-ou yo, savann ou yo,
péyi-ou la ki ravajé-a,
ou-ap tro séré pou abité nan yo,
moun ki t-ap valé ou yo, y-ap pati louin.

²⁰ Y-ap di ankò nan zòrey ou,
piti ou yo sa ou té pèdi yo:
« Koté sa-a trò séré pou mouin,
al yon lot koté pou-m abité ».

²¹ Ou-ap di nan kè-ou:
« Kilès ki anfanté pitit sa yo pou mouin?
Mouin té san pitit, mouin té abandoné,
mouin té égzilé, yo té réjité-m,
épi sila yo, kilès ki fè lédikasion yo?
Min mouin minm mouin té rété pou kont mouin,
épi yo minm ki kote yo té yé? ».

²² Min paròl Granmèt la:
« Min m-ap lévé minm nan diréksion nasion yo,
m-ap lévé yon signal nan diréksion pèp yo,
y-ap minnin pitit gason-ou yo sou léstomak;
pitit fi-ou yo sé sou zépòl y-ap poté yo.

²³ Roua yo ap okipé souin-ou,
pitit fi roua yo ap ba-ou tété,
fas atè, y-ap plati kò yo dévan-ou,
y-ap niché pou siè anba pié ou.

Ou-ap konnin sé mouin minm Granmèt la,
moun ki mét époua yo sou mouin, yo pap ront ».

²⁴ Èské yo pran prizonié yo nan min vanyan sòlda?
Èské yo délivré yon prizonié nan min sila-a ki korèk la?

²⁵ Sèké min paròl Granmèt la:

« Minm prizonié vanyan sòlda-a, y-ap pran-l,
sa chèf méchan-an té pran-an, y-ap délivré-l.

Moun k-ap chèché-ou kont, sé mouin minm k-ap chèché-l kont,
pitiit-ou yo sé mouin minm k-ap sové yo.

²⁶ Moun k-ap fè ou pasé tray yo, m-ap fè yo manjé pròp chè yo,
m-ap fè yo bouè san yo tankou divin ki fèk fèt.
tout chè ap konnin sé mouin minm Granmèt la ki sové-ou,
sila-a ki delivré-ou la, sé chèf Jakòb la ki Gin pouvoua-a ».

^{50,1} Min paròl Granmèt la:

« Koté lèt divòs manman-ou nan
mouin té voyé ba li-a?

Bay kilès nan moun mouin konn prété lajan nan min yo-a
mouin vann nou?

Min sé pou fòt nou yo yo té vann nou,
sé pou révolt nou yo mouin té ranvoyé manman nou ».

RÉPONS

Iz 49, 15; cf. Ps 26 (27), 10

R/. Èské yon madanm kapab bliyé ti bébé li, pou-l pa pran pitié pou
pitiit zantray li ? * Minm si yon manman t-a bliyé, mouin minm minm
mouin pap bliyé-ou, sé sa Granmèt la di.

V/. Papa-m ak manman-m té lagé-m, ou minm, Granmèt, ou té pran-m
avèk ou. * Minm si.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Éksplikasion sin Bèd le Vénétab, prèt, nan Luk

(Lib. 1, 46-55: CCL 120, 37-39)

Magnificat

Épi Mari di : *Nanm mouin ap chanté jan Granmèt la gran, léspri-m ap fété nan Bondié ki sovè-m nan.*

Li di : Granmèt la té tèlman lévé-m épi ak yon kalité kado yo pa janm tandé, ki fè okinn sèvis langaj pa kapab ékspliké sa, min apèn santiman fon kè kapab konprann li, épi sé pou sa mouin ofri tout fòs nanm mouin pou-m fè louanj aksion-d-gras, tout sa m-ap viv, m-ap santi, m-ap ouè nan grandè-l ki pa gin finisman-an, mouin fè-l sèvi rémèsiman paské sé minm Jézu sovè-a tou ki Bondié tout tan-an léspri-m kontan nan li-a, sé li minm tou chè-m té anfanté lè-m té ansint li nan tan-an.

Paské li té fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki plin pouvoua-a, épi non li sin.

Nan kòmansman kantik la, sa konsèné koté yo di : *Nanm mouin ap chanté jan Granmèt la gran.* Sé nanm sa-a sèl, sa Granmèt la té fè gran mèvèy pou li-a, ki kapab di li fè louanj li avèk déklarasion ki alarotè-l, épi ki kapab di, pou-l invité patisipé nan minm sa-l dézire-a ak sa-l propozé-a : *Chanté jan Granmèt la gran avèk mouin, sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.*

Réyèlman, moun ki néglijé chanté, otan li kapab, jan Granmèt la li konnin-an gran, épi fè ouè kijan non-l sin, *y-ap rélé-l pi piti nan rouayòm sièl yo.* Min y-ap rélé non-l sin, paské li dépasé anlè tout kréatu akòz rotè

pouvoua li minm sèl ginyin-an épi li séparé byin louin parapò a tout sa-l fè yo.

Li soutni Israël sèvitè-l la, li sonjé mizèrikòd li-a.

Sa bèl pou li rélé Israël sèvitè (ti moun) Granmèt la, Israël sa-a li soutni pou-l sovè-l la, sètadi antan li obéyisan épi li rabésé tèt li, dapré sa Ozé di-a : *Paské Israël ti moun, épi mouin té rinmin-l.*

Réyèlman, moun ki néglijé rabésé tèt li, li pa kapab sovè ditou, ni li pa kapab di avèk Profèt la : *Min li, réyèlman, Bondié ap édè-m, épi Granmèt la soutni nanm mouin. Tout moun ki té rabésé tèt li, tankou yon ti moun piti, sé li minm k-ap pi gran nan rouayòm sièl yo.*

Jan-l té palé ak papa nou yo, Abraam ak désandans li pou sièk yo.

Désandans Abraam nan pa nan chè, min nan léspri, sé sans li sa, sa vlé di sé pa sèlman sa yo ki anfanté dapré chè-a, min soua nan sikonsizyon-an (Juif yo) soua nan po ti-kò-a (payin yo), sé moun yo ki suiv tras lafoua-a. Réyèlman li té nan po ti-kò-a (payin), lè-l té kouè-a, épi yo konsidéré sa pou li kòm jistis.

Konsa vini Sovè-a ap vini-an, yo té promèt Abraam ak désandans li pou sièk yo, sètadi pou pitit promès la, yo minm yo di yo : *Si nou pou Kris la minm, donk nou sé désandans Abraam, éritié dapré promès la.*

Sé byin tou pou soua nésans Granmèt la soua nésans Jan-an manman yo anonsé sa davans antan y-ap profétizé, pou minm jan péché-a té kòmansé apati médam yo, konsa tou pou byin yo kòmansé apati médam yo, épi lavi-a ki té pèdi pa lintèmediè tronpé yon sèl té tronpé-a, yo tounin bay tè-a li ak dé médam k-ap chanté ansanm yo.

RÉPONS

Lk 1, 48-50

R/. Tout jénérasion ap di ala kontantman pou mouin : * Paské Granmèt la té fè gran bagay pou mouin, li minm ki gin pouvoua-a, épi non li sin.

V/. Épi mizérikòd li sot nan jénérasion al nan jénérasion pou moun ki krinn li yo. * Paské.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Iz 45, 8

Sièl yo, fè larouzé tonbé sot anro-a, sé pou nuaj yo fè jistis la tonbé tankou lapli; sé pou tè-a louvri, épi pou-l jèmin sa k-ap sovè nou-an; épi sé pou jistis la lévé ansanm.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Kon voua-ou rivé nan zòrèy mouin pandan ou-ap salué-m nan, ti bébé-a soté ak kontantman nan vant mouin, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmtè-a, an nou priyé-l, frè yo mouin rinmin anpil la, li minm ki té vini pou-l fè nou kòrèk ak lagras avènman li-a, épi an nou rénouvle rèl la ak gran fèt :

Vini, Granmèt Jézu.

Ou minm, yo té anonsé davans lontan, ak déklarasion profèt yo ou té gin pou-ou pran nésans nan chè-a,

— ranfòsé nésans bon kalité yo nan nou.

Fè nou favè pou nou minm k-ap anonsé ou sovè nou,

— nan ou nou kapab sovè.

Ou minm ki té vini pou-ou pansé moun yo ki krazé nan kè-a,

— géri maladi pèp ou-a.

Ou minm ki té aksépté vini pou rékonsilié moun yo sou tè-a,

— lè ou-ap vini pou jijman-an, libéré nou sot anba soufrans chatiman yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té vlé pou vini Sèl Pitit ou-a vini-an, li té rachté moun nan ou té ouè tonbé nan lanmò-a, fè nou favè, tanpri, pou sa yo ki rékonèt li pran chè-a, antan yo rabésé tèt yo pou yo kolé kò yo sou li-a, yo mérité jouinn minm déstiné avèk Rédanmtè-a. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèz k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Jak 5, 7-8. 9 b

Sé pou nou pran pasians, frè yo, joutan Granmèt la rivé. Gadé moun k-ap fè jadin-an, l-ap tann frui tè-a ki gin anpil valè-a, li pran pasians, joutan li jouinn lapli prémié sèzon-an ak dènié sèzon-an. Konsa sé pou nou pran pasians nou minm tou, sé pou nou asiré kè nou, paské Granmèt la prèt pou-l rivé. Min jij la dévan pòt la li kanpé.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-a sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : O Roua nasion yo épi ou minm yo anvi-a, ròch kouin mitan anlè-a, ki fè toulèdé bò yo vîn fè yon sèl la: vini épi sové moun nan, li minm ou té fòmé sot nan labou-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki té rabésé tèt li poutèt nou, an nou invoké-l antan n-ap di ak kè kontan :

Vini, Granmèt Jézu.

Granmèt Jézu, ou minm ki té aksépté poté moun yo sou tè-a sékou,

— antan-ou vini-an, nétouayé nanm nou yo ak kò nou yo sot nan péché-a.

Moun yo ou pa-t ront rélé frè nan mistè pran ou pran chè-a,

— pa kité yo vîn tounin étranjé pou ou.

Jan-ou fiksé pou nou yé antan-ou rachté nou-an,

— sé konsa pou nou yé pou pa pini nou lè ou-ap jijé nou-an.

Ou minm okinn tan pa manké nan richès bon ou bon-an épi sansib ou sansib la,

— fè nou réservoua kouròn gloua-a ki pap finnin-an.

Nou rékòmandé ou, Granmèt, nanm moun sa yo ki détaché sot nan kondision kò-a,

— yo défin pou sièk sa-a, fè yo viv pou ou pou tout tan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té vlé pou vini Sèl Pitit ou-a vini-an, li té rachté moun nan ou té ouè tonbé nan lanmò-a, fè nou favè, tanpri, pou sa yo ki rékonèt li pran chè-a, antan yo rabésé tèt yo pou yo kolé kò yo sou li-a, yo mérité jouinn minm déstiné avèk Rédanmètè-a. Li minm ki vivan.

JOU 23 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a

V/. Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt.

R/. Sové ou sové nou-an dapré promès ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

51, 1-11

Promès sové pitit Abraam yo ap sové-a

¹ Kouté-m, nou minm k-ap rapousuiv jistis la,
k-ap chèché Granmèt la,
fiksé jé nou sou blòk ròch la koté yo té tayé nou-an,
ak nan fon pui-a koté yo té tiré nou-an.

² Fiksé jé nou sou Abraam, papa nou-an,
ak Sara ki té anfanté nou-an,
sèké li té pou kont li, lè-m té rélé-l la,
min mouin béni-l, mouin fè-l vîn anpil.

³ Sèké Granmèt la pran pitié pou Siyon,
li pran pitié pou tout débri-l yo.
L-ap fè dézè-l la tounin Édèn,
l-ap fè savann li-an vîn tounin tankou jadin Granmèt la.
Sé fèt ak kè kontan y-ap jouinn ladan-l,
louanj ak son mizik.

⁴ Fè atansion sa m-ap di, pèp mouin;
 pèp mouin-an, paré zòrèy ou koté-m,
 paské laloua-a ap soti nan moin minm,
 m-ap bay jijman-m nan kòm limiè pou nasion yo.

⁵ Jistis mouin-an tou pré,
 délivrans mouin-an ap soti,
 bra-m ap jijé pèp yo.
 Zilé yo ap tann mouin,
 y-ap éspéré sou bra-m.

⁶ Lévé jé nou nan sièl la,
 épi fiksé jé nou sou tè-a anba-a.
 Sièl la ap disparèt tankou lafimin,
 tè-a ap chiré tankou yon rad,
 moun ki abité-l yo, y-ap mouri tankou mouch,
 min délivrans mouin-an ap diré pou tout tan,
 jistis mouin-an pap krazé.

⁷ Kouté-m, nou minm ki konnin jistis la,
 pèp ki gin laloua-m nan nan kè-l,
 pa pè moun k-ap jouré nou,
 pa tranblé dévan afron y-ap fè nou,

⁸ paské lagal ap manjé yo tankou rad,
 mit ap manjé yo tankou linn.
 Min jistis mouin-an ap diré pou tout tan,
 délivrans mouin-an pou jénérasion ak jénérasion.

⁹ Révéyé, révéyé, abiyé-ou ak fòs,
 bra Granmèt la,
 révéyé, tankou nan jou lontan yo,
 jénérasion lontan yo,

èské sé pa ou minm ki té fann Raab,
ki té touyé dragon-an?

¹⁰ Èské sé pa ou minm ki té fè lanmè-a vîn sèch la,
dlo gran bafon-an?

ou minm ki té mété yon chémin nan fon lanmè-a,
pou moun ou délivré yo pasé.

¹¹ Moun yo Granmèt la délivré yo, y-ap tounin,
y-ap rivé Siyon ak kè kontan.

Kontantman tout tan-an ap sou tèt yo,
fèt ak kè kontan ap akonpagné yo,
chagrin ak plint ap disparèt.

RÉPONS

Cf. Iz 51, 4. 5; 35, 10

R/. Fè atansion-m, pèp mouin, épi ras mouin, kouté-m ; * Li tou pré,
Moun Kòrèk mouin-an, li soti Sovè-m nan.

V/. Épi koulié-a, sa yo Granmèt la rachté yo, y-ap tounin, y-ap rivé
nan Siyon antan y-ap fè louanj. * Li tou pré.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ipolit, prèt, Kont érézi Noèt la

(Cap. 9-12: PG 10, 815-819)

Maniféstasion mèvèy sakré ki kaché-a

Sé yon sèl Bondié ki ginyin, li minm, frè-m yo, nou pa konnin dèt
fason pasé sot nan sint Ékritu yo. Tousa donk Ékritu yo ki sot nan
Bondié-a té anonsé, sé pou nou konnin-l ; épi tousa yo anségné, sé pou

nou rékonèt li: épi jan Papa-a vlé pou yo kouè-l la, sé konsa pou nou kouè ; épi jan-l vlé pou Pitit la jouinn gloua-a, sé konsa pou nou ba li gloua ; épi jan-l vlé bay Éspri-Sin-an, sé konsa pou nou résévoua-l. Sé pa dapré pròp volonté nou, ni dapré pròp sans nou, ni antan n-ap fòsé sa Bondié bay yo; min sé jan li minm li vlé anségné nan sint Ékritu yo, sé konsa pou nou konprann li.

Lè Bondié té sèl, épi pa-t gin anyin ki té an minm tan avèk li, li té vlé fè tè-a. Épi antan-l réfléchi-l, antan li vlé-l, antan li di-l ; minm lè-a sa té égzisté, sa té fèt jan-l té vlé-a, épi sa réalizé nèt jan-l té vlé-a. Sa kont pou nou konnin sèlman pa gin anyin ki té égzisté an minm tan avèk Bondié. Pa-t gin anyin sof li minm ; li minm sèl, li té anpil. Li pa-t réyèlman san rézon, san sajàs, san pouvoua, san désizion. Tout bagay yo té nan li: li minm li té tout bagay. Lè-l té vlé, épi jan-l té vlé, li fè ouè Paròl li-a nan tan yo ki té fiksé bò koté-l ; sé pa lintèmédiè-l li té fè tout bagay yo.

Paròl sa-a kòm li té ginyin-l anndan-l, épi tè-a li kréyé-a pa-t kapab ouè-l la, li té fè yo kapab ouè-l, antan li voyé yon premié voua ; épi antan li anfanté limiè-a sot nan limiè-a, li té voyé intélijans li bay tè-a kòm Granmèt; épi sa-a ki té vizib anvan pou pròp tèt li sèlman-an, min ki pa-t vizib pou tè-a, li fè-l vîn vizib pou lè tè-a t-a ouè-l ki té parèt la, li kapab sové.

Sa-a sé intélijans la, ki antan-l antré sou tè-a, li parèt kòm sèvitè Bondié. Tout bagay réyèlman pa lintèmédiè-l, min sé li minm sèl ki soti nan Papa-a.

Papa-a minm té bay laloua-a ak profèt yo ; épi antan-l bay yo, li fòsé yo palé pa pouvoua Éspri-Sin-an, pou, antan yo résévoua souf pouvoua Papa-a, yo anonsé désizion ak volonté Papa-a.

Paròl la vîn dévoualé konsa, tankou sin Jan di-a : Li répété an gro sa profèt yo té di yo, antan-l démontré sa-a sé Paròl la tout bagay yo té fèt pa lintèmediè-l la. Konsa réyèlman li di : *Nan kòmansman sé té Paròl la, épi Paròl la té kot Bondié, épi Paròl la té Bondié. Tout bagay sé pa lintèmediè-l yo té fèt, épi san li minm anyin pa-t fèt. Pi louin, li di : Tè-a té fèt pa lintèmediè-l, épi tè-a pa-t rékonèt li. Li vîn lakay li, épi moun lakay li yo pa-t résévoua-l.*

RÉPONS

Cf. Iz 9, 5. 6; Lk 1, 32; Jan 1, 4

R/. Yon ti pitit ap pran nésans pou nou, épi y-ap rélé-l Bondié fò : * Li minm l-ap chita sou trôn David papa-l la, épi l-ap kòmandé : li minm pouvoua-l ap sou zépòl li.

V/. Nan li minm sé té lavi-a, épi lavi-a sé té limiè moun yo. * Li minm l-ap chita.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

Jér 30, 21 a. 22

Sé sa Granmèt la di : Chèf li ap soti nan li, épi pitit roua ap avansé sot nan mitan-l ; m-ap fè édikasion-l, l-ap proche koté-m. N-ap pèp mouin, mouin minm m-ap Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * L-ap lévé, Granmèt la. Sou ou.

V/. Épi y-ap ouè gloua-l nan ou. * L-ap lévé, Granmèt la. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. : Min tout bagay yo akonpli, sa yo té di pa lintèmédiè Anj la osijè Vièj Mari-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a, frè yo mouin aprésié anpil la, n-ap inploré-l, li minm ki té voyé Pitit li-a pou sové moun yo, n-ap sipliyé antan nou akklamé-l :

Montré nou, Granmèt, mizérikòd ou-a.

Kris ou-a, Papa ki gin bon kè anpil la, li minm bouch nou ap anonsé ak yon lafoua anplin-an,

— sé pou konduit nou pa méprizé-l nan aksion-an.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a pou-l sové nou,

— ouété tout doulè sot sou fas tè-a épi sot nan lavil sa-a.

Tè nou-an ki anvayi ak kontantman rivé Pitit ou-a ap rivé-a :

— sé pou-l fè ékspérians kè kontan plénitud ou-a pi plis.

Gras a mizérikòd ou-a, fè nou viv nan sièk sa-a yon fason ki respékté sa ki sakré épi yon fason ki réglé,

— antan n-ap tann kontantman éspérans la épi vini gloua Kris la ap vini-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, nésans Pitit ou-a dapré chè-a, antan nou ouè-l ap proche, n-ap priyé, nou minm sèvitè-ou yo ki pa mérité ran yo-a, pou Paròl la ba nou mizérikòd, li minm ki aksépté vîn tounin chè, sot nan Mari ki Vièj, épi abité nan nou, Jézu-Kri, Granmèt nou. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Réf. Profèt yo té anonsé davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lèvé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rèss k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmtu virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Réfrin yo, ki tonbé tankou pi ro-a, 331, épi yo indiké yo nan plas yo nan Distribision Psòm yo.

LÉKTU KOUT

2 Piè 3, 8 b-9

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou. Granmèt la pa fè réta pou-l réalizé promès li-a, tankou kèk konprann

nan, min sé avèk pasians l-ap aji nan nou, paské li pa vlé pou kèk péri, min pou tout moun tounin fè pénitans.

RÉPONS KOUT

R/. Vini pou libéré nou, * Granmèt Bondié lamé yo. Vini pou libéré nou.

V/. Montré fas ou, é n-ap sové. * Granmèt Bondié lamé yo. Viv Papa-a. Vini pou libéré nou.

Pou *Magnificat* la, réf. : O Émanuèl, roua épi léjislatè nou-an, sa nasyon yo t-ap tann nan épi sové yo-a: vini pou-ou sové nou, Granmèt Bondié nou-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmètè nou-an, ki té vini pou-l poté bòn nouvèl la bay pòv yo, avèk chalè an nou priyé-l antan n-ap di :

Sé pou tout moun ouè gloua-ou la.

Sé pou manifésté pròp tèt-ou bay tout moun ki pa-t konnin-ou,

— pou yo ouè sové ou sové nou-an.

Sé pou yo anonsé non-ou jous nan limit tè-a,

— pou tout moun yo jouinn santié-ou yo.

Ou minm sé pou sa ou té vini premié foua-a pou-ou té rachté moun yo sou tè-a,

— sé pou vini pou sa yon lòt foua, pou moun yo ki kouè nan ou yo ou pa kondané yo pou sa yo mérité.

Libèté sa-a ou té poté bay moun ou rachté yo antan-ou rachté yo-a,

— défann li antan ou konsèvé rédanmsion-an.

Ou minm ki té vini lontan pou-ou pran nésans nan chè-a épi k-ap vini ankò pou-ou fè jijman-an,

— fè pou lè-ou vini-an, ou minnin défin yo al nan rékonpans pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, nésans Pitit ou-a dapré chè-a, antan nou ouè-l ap proche, n-ap priyé, nou minm sèvitè-ou yo ki pa mérité ran yo-a, pou Paròl la ba nou mizérikòd, li minm ki aksépté vîn tounin chè, sot nan Mari ki Vièj, épi abité nan nou, Jézu-Kri, Granmèt nou. Li minm ki vivan.

JOU 24 DÉSANM

Pou Invitatoua-a

Réf. Jodi-a n-ap konnin Granmèt la ap vini, nan matin n-ap ouè gloua-
1.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

Psòm yo ak réfrin yo, nan jou ki tonbé-a.

V/. Granmèt la anonsé paròl li bay Jakòb.

R/. Jistis li yo ak jijman-l yo bay Israèl.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

51, 17 — 52, 1-2. 7-10

Yo anonsé Jérusalèm bòn nouvèl la

^{51, 17} Révéyé-ou, révéyé-ou, kanpé, Jérusalèm,
ou minm ki ffin bouè godé kòlè Granmèt la nan min-l nan,
sé fon godé pouazon-an ou bouè,
ou sousé.

¹⁸ Pa gin pèsonn pou gidé-l,
okinn nan pitit yo li té anfanté-a,
pèsonn pa poté-l sékou ak min-l,
nan tout pitit li té élvé yo.

¹⁹ Dé bagay sa yo ki rivé-ou la,
ki moun k-ap plinn ou?
Sé piyay, sé déstriksion, sé grangou, sé épé;
ki moun, k-ap konsolé-ou?

²⁰ Pitit ou yo tonbé san fòs nan kouin lari yo,
tankou bèf sovaj nan pièj;
yo plin ak kòlè Granmèt la,
ak ménas Bondié-ou la.

²¹ Sé poussa, kouté sa, maléré,
ou minm ki sou, san-ou pa bouè divin,

²² min paròl Granmèt la Bondié-ou la,
k-ap pran défans pèp li-a,
min m-ap pran godé pouazon-an sot nan min-ou,
fon godé kòlè-m nan, ou pap bouè-l ankò.

²³ M-ap mété-l nan min sila yo ki t-ap fè-ou pasé mati yo,
yo minm ki t-ap di-ou: “Bésé, pou nou pasé”,
ou té fè do-ou tounin tankou tè-a,
tankou lari, pou yo pasé ».

^{52,1} Révéyé, révéyé,
abiyé-ou ak fòs ou, Siyon,
abiyé-ou ak rad bèlté-ou,
Jérusalèm, vil sin-an,
paské moun ki pa sikonsi-a, pa pròp la,
pap vîn lakay ou ankò.

² Souké kò-ou sot nan pousiè-a, lèvé,
 prizonié, Jérusalèm,
 dégajé chinn ki nan kou-ou la,
 prizonié, pitit fi Siyon,

⁷ Ala bèl yo bèl sou mòn yo,
 pié moun k-ap anonsé bòn nouvèl la,
 k-ap préché lapè-a, k-ap anonsé byin-an,
 k-ap préché sovè Bondié sovè-a,
 k-ap di Siyon : « Bondié-ou la roua ! ».

⁸ Min voua santinèl ou yo : yo lèvé voua yo,
 y-ap fè louanj ansanm,
 paské y-ap ouè jé nan jé
 lè Granmèt la ap tounin Siyon.

⁹ Fè kè nou kontan, fè louanj ansanm,
 dézè Jérusalèm yo,
 paské Granmèt la konsolé pèp li-a,
 li rachté Jérusalèm.

¹⁰ Granmèt la drésé bra-l ki sin-an
 dévan jé tout nasion yo,
 tout limit tè-a ap ouè
 sovè Bondié sovè nou-an.

RÉPONS

Cf. Égz 19, 10, 11; Dèt 7, 15; Dan 9, 24

R/. Sanktifié nou, pitit Israèl yo, sé sa Granmèt la di : sèké démin,
 Granmèt la ap désann, * Épi l-ap ouété tout féblès nou sot sou nou.

V/. Démin péché tè-a ap éfasé, Sovè tè-a ap régné sou nou. * Épi l-ap
 ouété.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 185: PL 38, 997-999)

Vérité-a té lévé sot sou tè-a, épi jistis la té panché gadé sot nan sièl la.

Révèyé-ou, monchè, sé pou ou Bondié té vîn tounin moun. *Lévé, ou minm k-ap dòmi, épi lévé sot nan pami mò yo, épi Kris la ap kléré-ou.* Sé pou ou, mouin di, Bondié vîn tounin moun.

Pou tout tan ou t-ap mouri, si-l pa-t fèt nan tan-an. Ou pa t-ap janm libéré sot nan chè péché-a, si-l pa-t pran résanblans chè péché-a. Mizè tout tan-an t-ap posédé-ou, si-l pa-t vîn tounin mizérikòd sa-a. Ou pa t-ap tounin viv, si-l pa-t antré nan kad lanmò-ou la. Ou t-ap dépéri, si-l pa-t vîn édé-ou. Ou t-ap péri, si-l pa-t vini.

Ak kè kontan, sé pou nou sélébré sovè nou sovè-a ak rédanmsion nou-an ki rivé-a. Sé pou nou sélébré jou fèt la, koté gran jou ki égzisté tout tan-an sot nan gran jou ki égzisté tout tan-an té rivé nan jou nou sa-a ki nan tan-an ki tèlman kout la.

Li minm pou nou li vîn tounin jistis épi sanktifikasion épi rédanmsion : pou, jan sa ékri-a : Moun k-ap bay tèt li gloua-a, sé nan Granmèt la pou-l bay tèt li gloua.

Vérité-a donk té lévé sot sou tè-a : Sé Kris la ki té di : Mouin minm mouin sé vérité-a, li té pran nésans sot nan Vièj la. Épi jistis la ap panché gadé sot nan sièl la : paské antan-l kouè nan sa-a ki té pran nésans la, moun nan vîn kòrèk, sé pa apati pròp tèt li, min apati Bondié.

Vérité-a té lévé sot sou tè-a : paské Paròl la vîn tounin chè. Épi jistis la ap panché gadé sot nan sièl la : paské tou sa yo bay ki bon nèt ak tout kado ki apouin nèt sé anro-a li soti.

Vérité-a té lévé sot sou tè-a, chè-a sot nan Mari. Épi jistis la panché gadé sot nan sièl la : paské yon moun pa kapab résévoua yon bagay, si yo pa-t ba li-l sot nan sièl la.

Antan nou vîn kòrèk gras a lafoua-a, sé pou nou gin lapè al kot Bondié : paské jistis ak lapè anbrasé youn lòt. Pa lintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri : paské Vérité-a té lévé sot sou tè-a. Pa lintèmediè-l nou gin possibilité proché nan gras sa-a, koté nou instalé-a, épi bay tèt nou gloua nan éspérans gloua Bondié-a. Li pa di : « gloua nou-an » min gloua Bondié-a : paské jistis la sé pa nan nou li soti, min li té panché gadé sot nan sièl la. Donk moun k-ap bay tèt li gloua, sé pa nan li minm, min sé nan Granmèt la pou-l bay tèt li gloua.

Sé pousa tou, réyèlman, lè Granmèt la té pran nésans sot nan Vièj la, anons voua anj yo té fèt : Gloua nan rotè yo pou Bondié épi sou tè-a lapè pou moun bòn volonté yo.

Sou tè-a réyèlman koté lapè-a soti, si sé pa paské Vérité-a té lévé sot sou tè-a, sa vlé di, Kris la pran nésans sot nan chè-a ? Li minm sé lapè nou ki fè toulédé fè yon sèl : pou nou vîn tounin moun bòn volonté, ki maré ansanm yon fason tou dous ak chinn ki fè nou fè youn nan.

Nan gras sa-a konsa, sé pou nou kontan, pou gloua nou sé témouagnaj konsians nou : konsa sé pa nan nou, min nan Granmèt la n-ap bay tèt nou gloua. Sé pousa réyèlman yo di : Gloua mouin-an ak sa k-ap lévé tèt mouin-an. Ki gras Bondié réyèlman ki pi gran ki t-a kapab kléré pou nou pasé pou, antan li gin yon sèl Pitit la, li fè-l vîn Pitit moun, pou konsa visvèsa li fè pitit moun nan vîn pitit Bondié ?

Chèché mérit la, chèché kòz la, chèché jistis la ; épi gadé si sé pa gras la sèlman ou-ap jouinn.

RÉPONS

Iz 11, 1. 5. 2

R/. Yon ramo ap lèvé sot nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li : * Épi sé jistis k-ap sintu pou tay li, épi lafoua-a ap sintiron pou rin-l.

V/. Éspri Granmèt la ap répozé sou li : éspri sajàs ak intéljans, éspri konsèy ak fòs. * Épi sé jistis.

Si-l tonbé jou dimanch, yo di *Te Deum*, 707

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Magnis prophetae vocibus*, 327.

Réf. 1 Ou minm, Bétléèm, tè Juda, sé pa ou k-ap pi piti: sé nan ou réyèlman l-ap sòti, Chèf sa-a k-ap dirijé Israèl, pèp mouin-an.

Psòm ak kantik jou ki korésponn nan katriyèm sémèn nan.

Réf. 2 Lèvé tèt nou: min l-ap proché, rédanmsion nou-an.

Réf. 3 Démin, n-ap sové, sé sa Granmèt la Bondié lamé yo di.

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intéljans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Démin, * Péché tè-a y-ap éfasé. Démin.

V/. Épi Sovè tè-a ap régné sou nou. * Péché tè-a y-ap éfasé. Viv Papa-a. Démin.

Pou Benedictus la, réf. : Jou yo rivé bout yo pou Mari, pou-l anfanté Pitit li-a ki premié sòti-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, rédanmèt-a, frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé-l ak élan éspri-a, li minm k-ap vini avèk gloua épi gran pouvoua; antan n-ap sipliyé an nou rélé-l :

Vini, Granmèt Jézu.

Kris Granmèt, ou minm k-ap vini nan fòs anro nèt la, gadé jan nou rabésé,

— pou méte nou alarotè kado-ou yo.

Ou minm ki té vini pou-ou manifésté Bòn Nouvèl la bay moun yo,

— fè nou toujou préché sovè ou sovè nou-an.

Ou minm ki béni, épi k-ap viv, épi k-ap kòmandé tout bagay,

— fè antan nou kontan nou tann éspérans ki sin-an épi vini grandè-ou la ap vini-an.

Épi nou minm ki anvè lagras vini ou-ap vini-an,
 — konsolé nou avèk kado sa-ou yé kòm Bondié-a.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè vit, tanpri, pa mizé, Granmèt Jézu, pou konsolasyon vini ou-ap vini-an, yo soulajé nou, nou minm ki mét konfians nou nan bon kè-ou la. Ou minm ki vivan é ki roua ansanm ak Bondié Papa-a, ansanm ak Éspri Sin-an, Bondié dépi tout tan é pou tout tan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Profèt yo té anonse davans Sovè-a t-a pran nésans sot nan Vièj Mari.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la.

V/. Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt.

R/. Épi tout roua yo sou tè-a gloua-ou la.

Pou Sèkst

Réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan pami médam yo.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 3

Tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri pou lavi-a nan Jérusalèm.

V/. Sonjé nou, Granmèt, nan byinvéyans pou pèp ou-a.

R/. Vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Pou Nòn

Réf. Mari té di : Ki kalité salutation sa-a ? Paské nanm mouin troublé, épi paské mouin gin pou-m anfanté Roua-a ki pap dézonoré fèmto virjinité mouin-an.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 11

Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin, ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

V/. Vini, Granmèt, épi pa fè réta.

R/. Délagé krim yo pou pèp ou-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

TAN NÉSANS GRANMÈT LA

I. JOUS NAN SOLANITÉ ÉPIFANI

Nan Ofis jou dimanch ak jou sémèn yo, apati premié Vèp Nésans Granmèt la jous nan premié Vèp Épifani Granmèt la éksklizivman, sof si gin yon inn spésial :

Pou Vèp yo

IMN (*Christe, redemptor omnium*)

Ou minm Kris la, rédanmètè tout moun,
ki sot nan Papa-a, Sèl Pitit Papa-a,
ou minm sèl anvan kòmansmam-an,
ki gin nésans yon fason ékstraòdinè,

Ou minm limiè, ou minm klèté Papa-a,
ou minm éspérans tout tan pou tout moun,
voyé jé sou priyè sèvitè-ou yo ap fè
sou tout ronnn tè-a.

Ou minm ki fè sové nou sové-a,
sonjé yon jou ou té pran fòm kò nou,
antan-ou té pran nésans
nan Vièj la ki san tach la.

Jou sa-a ki la-a sèvi témouin,
li minm ki répasé nan ronnn ané-a,
sé ou minm sèl ki sot sou fotèy Papa-a
pou-ou té vîn sové tè-a;

Sièl sa-a, tè-a, lanmè sa-a,
 tout sa-k nan yo,
 antan y-ap fété, ak kantik y-ap fè louanj
 pou Sa-a ki fè-ou vini-an.

Nou minm tou ki rachté
 ak san-ou nan ki sin-an,
 n-ap chanté yon kantik nouvo
 pou jou ou pran nésans la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans nan Vièj la.
 pou Papa-a ak pou Éspri-Sin-an
 nan sièk yo ki pou tout tan. Amèn.

Pou Konpli

IMN (*Te lucis ante terminum*)

Ou minm anvan finisman limiè-a,
 kréatè bagay yo, n-ap priyé ou,
 pou dapré bon kè abituèl la,
 sé ou ki an tèt pou protéksion-an.

Ou minm sé pou kè nou yo révé-ou,
 ou minm sé pou yo santi-ou nan fon somèy,
 épi sé gloua-ou pou yo toujou ap chanté,
 nan prochin limiè-a.

Bay lavi favorab,
 réfè chalè nou,
 fènoua lannuit ki dégoutan-an,
 sé pou klètè-ou anvayi-l ak limiè-l.

Kouté, Papa ki gin tout pouvoua,
 pa lintèmediè Jézu-Kri Granmèt la,
 li minm ki avèk ou pou tout tan,
 ap régné avèk Éspri-Sin-an. Amèn.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Pèsòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Candor aeternae Deitatis alme*)

Klèté rékonfò Bondié tout tan-an,
 ou minm Kris la, ou minm limiè, padon ak lavi
 ou rivé, rémèd maladi moun yo,
 pòt k-ap sovè nou-an.

Group anj yo ap chanté byin fò sou tè-a
 kantik sièl la, nouvo sièk la
 antan-l di, gloua pou Papa-a, épi pou ras nou-an
 kè kontan lapè-a.

Ou minm ki tou piti ou kouché antan ou-ap dominé ata ronnn tè-a
 ou sé frui Sint Vièj san tach la,
 ou minm Kris la, ou déjà posédé tout tè-a,
 ou minm yo doué toujou rinmin-an.

Ou soti nan sièl yo, patri y-ap gin pou bay la,
 ou sé youn nan nou, ou vîn tounin chè nou;
 réfè léspri yo, rédi kè yo
 ak chinn charité-a.

Min asanblé nou-an antan l-ap fété,
 li asosié ak kontantman voua anj la,
 épi pou Papa-a avèk ou ak Rinmin-an minm jan-an
 l-ap chanté kantik louanj. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*A solis ortus cardine*)

Dépi sot nan limit kot solèy lévé-a
 rivé jous nan bout tè-a,
 n-ap chanté Kris la ki chèf la,
 ki pran nésans nan Mari ki Vièj.

Li minm ki sin, ki fè sièk la,
 li té abiyé ak yon kò ésklav,
 pou antan-l libéré chè-a gras a chè-a,
 sa-l té kréyé-a pa-t pèdi.

Nan zantray manman-an ki fèm-in-an
lagras sièl la antré;
vant jèn fi-a poté
sékrè li pa-t konnin.

Kay kè ki rézèvé-a
vîn tounin tanp Bondié toudinkou;
li minm ki intak antan-l pa konnin gason
ak yon paròl li résévoua Pitit la nan li.

Jèn manman-an anfanté
Sa-a Gabrièl té anonsé davans la,
Sa-a Jan ki fèm-in nan vant manman-l
té rékonèt antan l-ap soté ak kè kontan.

Li aksépté yo kouché-l sou pay la,
li pa méprizé krèch la,
yo nour-i-l ak ti gout lèt,
li minm ki fè minm zouazo pa grangou.

Foul la ki nan sièl yo kontan,
anj yo ap chanté pou Bondié,
épi gadyin-an vîn dévoualé bay gadyin yo
li minm kréatè tout bagay yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans nan Vièj la.
pou Papa-a ak pou Éspri-Sin-an
nan sièk yo ki pou tout tan. Amèn.

Pou Lè nan mitan jounin-an**Pou Tièrs****IMN** (*Nunc, Sancte, nobis, Spiritus*)

Koulié-a, Sint-Éspri,
 yon sèl ak Papa-a ansanm ak Pitit la,
 kité nou ofri-ou antan-ou soti
 pou vidé nan kè nou.

Bouch, lang, éspri, sans, fòs,
 sé pou yo kléronnin déklarasion-ou,
 sé pou charité-a anflamé ak difé,
 sé pou chalè-a chofé prochin yo.

Pa lintèmediè-ou ba nou pou nou konnin Papa-a,
 sé pou nou rékonèt Pitit la tou,
 ou minm Éspri ni youn ni lòt
 sé pou fè nou kouè tout tan. Amèn

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

Pou Sèkst**IMN** (*Rector potens, verax Deus*)

Chèf puisan, vré Bondié,
 ki réglé chanjamn bagay yo,
 ki dispozé matin ak klèté
 épi midi-a ak difé,

Étinn flanm kòlè yo,
ouété chalè bagay nuizib yo,
bay kò yo sa k-ap sové yo-a
bay kè yo véritab lapè-a.

Fè favè, Papa ki bon anpil,
ni Sèl Pitit ki égal ak Papa-a,
ansanm ak Éspri Paraklè-a
k-ap kòmandé pou tout sièk tan-an. Amèn.

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

Pou Nòn

IMN (*Rerum, Deus, tenax vigor*)

Bondié, fòs solid bagay yo,
imobil antan-ou rété nan ou minm,
tan limiè jou-a
antan-ou réglé yo nan siksésion,

bay asouè kléré-a,
koté lavi-a pa janm tonbé-a,
min koté rékonpans lanmò sakré-a
sé gloua pou tout tan-an.

Fè favè, Papa ki bon anpil,
ni Ou minm Sèl ki égal ak Papa-a
ansanm ak Éspri-a Paraklè-a
k-ap kòmandé pou tout sièk la. Amèn.

Réf. Jé-m yo té ouè sovè ou sovè nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

Jou 25 désanm
NAN NÉSANS GRANMÈT LA
Solanité

Pou premié Vèp yo

IMN, *Christe, redemptor omnium*, 411.

PSÒM YO

Réf. 1 Roua k-ap mét lapè-a, yo déklaré grandè-l, li minm tout tè-a té anvi ouè fas li.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.

- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Roua k-ap mét lapè-a, yo déklaré grandè-l, li minm tout tè-a té anvi ouè fas li.

Réf. 2 Li voyé sa-l di-a sou tè-a, mèsaj li-a kouri rapid.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- 12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *

li ba-ou kont blé ki gra.

15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.

16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.

17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?

18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.

19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.

20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Li voyé sa-l di-a sou tè-a, mèsaj li-a kouri rapid.

Réf. 3 Paròl ki anro nèt la, sa Papa-a anfanté anvan tan yo, jodi-a li tounin chè pou nou, li té vidé pròp tèt li.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,

7 min li vidé pròp tèt li

- antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
 8 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 *épi tout lang pou déklaré* : *
 « Sé Grammèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Réf. Paròl ki anro nèt la, sa Papa-a anfanté anvan tan yo, jodi-a li tounin chè pou nou, li té vidé pròp tèt li.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Jodi-a n-ap rékonèt, * Grammèt la ap vini. Jodi-a.

V/. Nan matin n-ap ouè gloua li-a. * Grammèt la ap vini. Viv Papa-a. Jodi-a.

Pou *Magnificat* la, réf. : Lè solèy la ap lèvé nan sièl la, n-ap ouè Roua tout roua yo k-ap avansé sot nan Papa-a, tankou épou-a sot nan chanm nòs li.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, an nou adoré-l, li minm ki té vidé pròp tèt li nèt, antan li pran kondision ésklav, épi li kite yo tanté-l nan tout bagay akòz résanblans la, sof péché-a. Ak chalè lafoua-a, an nou priyé-l :

Gras a nésans ou, poté sékou bay moun ou rachté yo.

Antan-ou antré sou tè-a, ou té mété nouvo épòk profèt yo té anonsé davans la,

— fè Égliz ou-a toujou ap rajéni nan nouvo épòk sa yo.

Ou minm ki té pran féblès moun nan,

— sé pou-ou limiè pou avèg yo, fòs pou sa-k fèb yo, konsolasion pou maléré yo.

Ou minm ki té pran nésans antan-ou pòv épi antan-ou rabésé,

— gadé pòv yo, épi, antan-ou pran pitié, konsolé yo.

Ou minm ki antan-ou pran nésans sou tè-a, ou té poté kontantman pou tout moun osijè lavi pou tout tan-an yo té promèt la.

— fè kè moun k-ap mouri kontan ak éspérans nésans nan sièl la.

Ou minm ki désann sou tè-a pou té kapab minnin tout moun nan sièl la,

— nan gloua-a rasanblé défin yo ansanm avèk ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Bondié, ki fè kè nou kontan antan chak ané n-ap tann rédanmsion nou-an, fè nou favè pou Sèl Pitit ou-a, li minm nou résévoua ak kè kontan

kòm Rédanmètè-a, nou mérité ouè-l tou avèk asirans lè l-ap vini kòm Jij la, Grammèt nou, Jézu-Kri. Li minm ki vivan.

Konpli-a sé sèlman moun ki pa prézan nan Ofis léktu-a ak nan Mès nan nuit la ki di-l.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Candor aeternae Deitatis alme*, 413.

PSÒM YO

Réf. 1 Grammèt la té di-m : Sé pitit mouin ou yé, sé mouin minm jodi-a ki té anfanté-ou.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a (Tr Ap 4, 27).

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
chèf yo rasanblé fè yon sèl *
kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.

Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. Grammèt la té di-m : Sé pitit mouin ou yé, sé mouin minm jodi-a
ki té anfanté-ou.

Réf. 2 Tankou yon épou, Grammèt la antan l-ap soti nan chanm nòs li.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Grammèt la ki kréyé tout bagay

*Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou
nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).*

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †

chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Tankou yon épou, Granmèt la antan l-ap soti nan chanm nòs li.

Réf. 3 Gras ap koulé sot nan po bouch ou, sé pou sa Bondié té béni-ou pou tout tan.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

- ² Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- ³ Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- ⁴ Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- ⁵ Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- ⁶ flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.

- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpè adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.
- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvè bèlté-ou. *
Paské sé Grammèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièy yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- 17 Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- 18 Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;

sé pou sa pèp yo ap fè déklarasion pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Gras ap koulé sot nan po bouch ou, sé pou sa Bondié té béni-ou pou tout tan.

V/. Paròl la té vîn tounin chè, alélouya.

R/. Li té abité nan nou, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

11, 1-10

Rasîn Jésé-a

Min sa Granmèt Bondié di :

¹ Yon ramo ap soti nan rasîn Jésé,

épi yon flè ap monté sot nan rasîn li,

² épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li :

éspri sajès ak intélijans,

éspri konsèy ak fòs,

éspri sians ak krint Granmèt la.

³ épi plézi-l yo nan kint Granmèt la.

Sé pa dapré sa-k parèt dévan jé l-ap jijé,

ni dapré brui ki rivé nan zòrèy l-ap fè répròch ;

⁴ min l-ap jijé pòv yo nan jistis,

épi l-ap fè répròch nan sa ki douat pou pòv yo sou tè-a.

épi l-ap frapé tè-a ak bagèt bouch li,

épi ak souf po bouch li l-ap touyé méchan an.

⁵ Jistis ap sèvi sinti tay li,

épi lafoua ap sèvi sintiron rin-l.

⁶ Lou ap abité avèk mouton,

épi tig ap kouché kot kabrit ;

bèf ak lion ak mouton ap abité ansanm,

épi yon ti gason ap kondui yo ;

⁷ bèf ak ous ap manjé ansanm,

pitit yo ap rété minm koté,

épi lion ap manjé pay tankou bèf.

⁸ Épi ti bébé ki nan tété

ap joué sou trou sèpan.

Épi nan trou koulèv la

ti bébé-a ap lonjé min-l.

⁹ Yo pap fè méchansté, yo pap touyé

sou tout mòn mouin-an ki sin-an,

paské tè-a plin ak sians Grammèt la,

tankou dlo yo ki kouvri lanmè-a.

¹⁰ Jou sa-a rasîn Jésé-a,

ki kanpé kòm sign pèp yo,

sé li minm nasion yo ap chèché,

épi koté-l yé-a ap nan gloua.

RÉPONS

R/. Jodi-a, pou nou, Roua sièl yo té aksépté pran nésans nan Vièj la, pou-l rélé moun nan ki té pèdi-a vîn nan ringn sièl yo : * Lamé anj yo kontan : paské sovè pou tout tan-an té parèt pou ras moun nan.

V/. Gloua nan rotè yo pou Bondié, épi sou tè-a lapè pou moun bòn volonté yo. * Lamé anj yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Nan Prèch sin Léon legran, pap

(Sermo 1 in Nativitate Domini, 1-3: PL 54, 190-193)

Krétyin, sé pou-ou konprann dignité-ou la!

Sovè nou-an, nou minm mouin rinmin anpil la, jodi-a li pran nésans, sé pou nou gin kè kontan. Épi pa gin plas réyéلمان ki pèmèt pou la-a t-a gin tristès koté ki gin nésans lavi-a; nésans sa-a ki poté pou nou kontantman osijè sa-k égzisté tout tan-an, sa yo té promèt la, antan krint sa-k la pou mouri-a fini.

Pèsonn pa manké nan patisipasion ékla joua sa-a, sé yon sèl rézon kontantman ki konsèné tout moun: sèké Granmèt nou-an, ki détrui péché-a ak lanmò-a, minm jan li pa jouinn pèsonn ki lib parapò a responsabilité fot la, konsa li vini pou-l libéré tout moun. Sé pou sin-an fè fèt paské li toupré rékonpans la. Sé pou péchè-a fè kè-l kontan paské yo invité-l nan padon-an. Sé pou payin-an ankourajé paské yo rélé-l nan lavi-a.

Sèké Pitit Bondié-a, dapré plénitud tan-an, sa profondé plan Bondié-a yo pa kapab sondé-a té dispozé-a, li té pran natu ras moun nan pou-l rékonsilié-l avèk lotè li-a, pou djab la ki invanté lanmò-a, pa lintèmediè minm sa-k té ba-l viktoua-a, yo ranpòté viktoua sou li.

Antan donk anj yo ap fété, lè Granmèt la pran nésans la, yo chanté *Gloua nan rotè yo pou Bondié*, épi yo anonsé *lapè sou tè-a pou moun bòn volonté yo*. Yo ouè réyéلمان Jérusalèm ki nan sièl la ki fabriké ak tout

nasion tè-a: osijè travay bon kè Bondié sa-a yo pa kapab rakonté-a, konbyin rabèsman moun yo doué kontan, puiské grandè anj yo ki dépasé-a si tèlman kontan?

Konsa, nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou rann gras pou Bondié Papa-a, pa lintèmédiè Pitit li-a, nan Éspri-Sin-an, li minm ki, poutèt anpil mizérikòd li-a, sa-l té rinmin nou avèk li-a, té pran pitié pou nou; *épi malgré nou té mouri poutèt péché yo, li té fè nou viv avèk Kris la*, pou nou té vîn nan li yon nouvo créatu, épi yon nouvo pat ki modlé.

Konsa sé pou nou dépozé ansyin moun nan avèk aksion li yo; épi antan nou rivé gin patisipasion anfantman Kris la, sé pou nou rénoncé travay chè-a fè yo.

Krétyin, sé pou-ou konprann dignité-ou la, épi, poutèt yo fè-ou gin minm éritaj natu Bondié-a, pa tounin nan ansyin avilisman conduit ki déjénére-a. Sonjé kilès tèt ak kilès kò ou sé manb. Raplé-ou sé paské yo ouété-ou sot nan pouvoua fènoua yo, yo fè-ou travèsé nan limiè ak nan rouayòm Bondié-a.

Pa lintèmédiè sakréman batèm nan, ou vîn tounin tanp Éspri-Sin-an: li minm ki tèlman gran ki abité nan ou-a pa mété-l déyò ak mové aksion-ou yo, pou tounin yon lòt foua anba ésklavaj djab la: paské sé san Kris la ki pri yo achté-ou la.

RÉPONS

R/. Jodi-a vrè lapè-a désann pou nou sot nan sièl la : * Jodi-a sou tout tè-a sièl yo vîn dous tankou siro mièl.

V/. Li té kléré jodi-a jou rédanmsion ki nouvo-a, préparasion ki ansyin-an, kontantman ki pou tout tan-an. * Jodi-a sou tout tè-a.

Pou prolonjé ak vijil la, isit la yo ajouté kantik yo, tankou nan Apindis la, 1682, épi Évanjil la nan Mès vijil la.

Apré Évanjil la, oubyin, si yo pa prolonjé ak vijil la, apré répons la yo di *Te Deum*, 707.

Apré sa, sof si tousuit Mès nan nuit la suiv Ofis léktu yo sélébré yon fason piblik, yo di:

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té kréyé dignité égzistans moun nan yon fason ékstraòdinè épi ki té réfè-l yon fason pi ékstraòdinè toujou, fè nou favè, tanpri, pou nou asosié nan kondision Bondié sila-a ginyin-an, li minm ki té aksépté patisipé nan sa nou yé kòm moun nan. Li minm ki vivan.

Min si Mès la suiv, nan plas *Te Deum*, yo di *Gloria in excelsis* (Viv Bondié nan sièl la) épi, antan yo kité rit introdiksyon yo, tousuit yo di Priyè Mès la. Apré sa yo fè léktu yo.

Nan minm nuit Nésans Granmèt la, vérité Lè yo anpéché nòmalmman pou yo t-a sélébré Louanj yo nan matin tousuit apré Mès nan nuit la.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *A solis ortus cardine*, 414.

Réf. 1 Kisa nou té ouè, gadyin yo, di-l; anonsé nou : Sou tè-a kilès ki té parèt ? Sa-a ki pran nésans la, nou té ouè-l, avèk troup anj yo ki t-ap fè louanj Granmèt la, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 743.

Réf. 2 Anj la di gadyin yo : M-ap anonse nou yon gran kè kontan, paské jodi-a Sovè tè-a pran nésans pou nou, alélouya.

Réf. 3 Yon ti pitit gason pran nésans pou nou, jodi-a, yo rélé-l Bondié fò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 1, 1-2

Anpil foua ak anpil maniè lontan Bondié té palé ak papa yo nan profèt yo, nan dènié jou sa yo li palé avèk nou nan Pitit la, li minm li instalé kòm éritié tout bagay la, sé pa lintèmédiè-l tou li té fè sièk yo.

RÉPONS KOUT

R/. Grammèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Grammèt la.

V/. Sové li sovè nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Grammèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Gloua pou Bondié nan rotè anlè yo, épi sou tè-a lapè pou moun bòn volonté yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk louanj ki korèk, an nou sélébré Paròl Bondié-a, li minm ki égzisté anvan sièk yo épi ki pran nésans pou nou nan tan-an. Ak kontantman an nou akklamé-l, antan n-ap di :

Sé pou tè-a fété, paské ou té vini.

Kris, Paròl ki la tout tan-an, ou minm ki antan-ou désann sou tè-a, ou té bingnin-l avèk larouzé kontantman-an,

— fè kè nou kontan avèk vizité lagras ou-a ap vizité nou san rété-a.

Sovè nou-an, ou minm ki nan nésans ou-a ou té montré fidéлитé Bondié-a,

— fè nou kinbé promès batèm nou ak yon lafoua anplin.

Roua sièl la ak tè-a, ou minm ki fè anj yo anonsé lapè bay moun yo,

— konsèvé lavi nou nan lapè-ou la.

Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou té kapab vîn tounin véritab pié rézin-an, k-ap donnin frui lavi-a pou nou,

— fè nou toujou branch k-ap rété nan ou, pou nou pa san frui.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, antan nouvo limiè Paròl ou-a ki pran chè-a anvayi nou, sa parèt aklè nan aktivité nou, kléré li kléré nan éspri nou pa lintèmediè lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

PSÒM YO

Réfrin yo

Pou Tièrs : Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

Pou Sèkst : Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

Pou Nòn : Jé-m yo té ouè sovè ou sovè nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

Psòm 18 B (19 B)

Louanj Bondié, Grammèt laloua-a

Sé pou nou kòrèk nè, tankou Papa nou ki nan sièl la li kòrèk nè (Mt 5, 48).

- ⁸ Laloua Grammèt la san tach, li réfè nanm, *
témouagnaj Grammèt la fidèl, li bay ti moun yo sajès.
- ⁹ Jistis Grammèt la douat, yo fè kè kontan, *
kòmandman Grammèt la klè, li kléré jé yo.
- ¹⁰ Krint Grammèt la nè, li diré pou sièk sièk la, *
jijman Grammèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm,
- ¹¹ yo mérité yo anvi yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri, *
yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé.
- ¹² Réyèlman sèvitè-ou la jouinn instruksion nan yo ; *
antan-l obsèvé yo, li jouinn anpil avantaj.
- ¹³ Ki moun ki kapab konprann fòt yo ? †
Pròpté-m sot nan sa-k kaché yo, *
- ¹⁴ prézèvé sèvitè-ou la pou-l pa lévé tèt li,
pou sa pa pran pié sou mouin.
Lè sa-a m-a san tach, *
m-a pròpté sot nan gran péché-a.
- ¹⁵ Sé pou paròl bouch mouin fè-ou plézi, *
ni réfléksion kè-m dévan fas ou.

Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, *
ou k-ap rachté-m.

Psòm 46 (47)

Granmèt la roua tout bagay

Li chita adouat Papa-a, é li va roua pou tout tan.

- ² Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo, *
fè louanj pou Bondié avèk rèl chanté fèt,
- ³ paské Granmèt la ki anro nèt la, li térib, *
roua ki gran anlè tout tè-a.
- ⁴ Li mété pèp yo anba lòd nou *
ak nasion yo anba pié nou.
- ⁵ Li chouazi éritaj nou pou nou, *
gloua Jakòb la, sa-a li rinmin-an.
- ⁶ Bondié monté nan gran rèl fèt, *
Granmèt la monté nan son kléron.
- ⁷ Fè louanj pou Bondié, fè louanj ; *
fè louanj pou roua nou-an, fè louanj.
- ⁸ Paské Bondié sé roua tout tè-a, *
fè louanj avèk sajès.
- ⁹ Bondié roua sou nasion yo, *
Bondié chita sou trôn li ki sin-an.
- ¹⁰ Chèf pèp yo rasanblé *
ansanm ak pèp Bondié Abraam nan,

paské boukliyé tè-a, sé pou Bondié yo yé : *
li lévé byin ro.

Psòm 47 (48)

Aksion-d-gras pou sovè pèp la sovè-a

Li soulvé-m nan éspri anlè yon mòn ki gran... li montré-m vil sin-an Jérusalèm (Ap 21, 10).

- ² Grammèt la gran, li mérité anpil louanj *
nan vil Bondié nou-an.
- ³ † Mòn li-a sin, ti mòn li-a bèl, *
kontantman tout tè-a.
- Mòn Siyon-an, nan bout réjion nò-a, *
vil gran roua-a.
- ⁴ Bondié nan kay li yo, yo konnin-l byin, *
li vîn tounin kachèt.
- ⁵ Sèké min roua yo rasanblé, *
yo fè konplo ansanm.
- ⁶ Kon yo ouè, yo sézi, *
yo troublé, yo pran lafuit ;
- ⁷ la-a, tranbléman pran yo, *
doulè tankou doulè fi k-ap akouché.
- ⁸ Nan van olévan *
ou krazé batiman Tarsis yo.
- ⁹ Jan nou té tandé-a, sé konsa nou ouè
nan vil Grammèt lamé yo, †

- nan vil Bondié nou-an ; *
- Bondié instalé-l fèm pou tout tan.
- 10 N-ap kalkilé mizérikòd ou-a, Bondié, *
nan mitan tanp ou-a.
- 11 Dapré non-ou, Bondié, †
konsa louanj ou jous nan bout tè-a ; *
jistis ou plin min douat ou.
- 12 Mòn Siyon-an ap kontan, †
pitit fi Juda yo ap fété, *
poutèt jijman-ou yo.
- 13 Fè ron Siyon, épi fè tout tou-l, *
konté sitadèl li yo.
- 14 Mété kè nou nan fòs li, †
égzaminé palè-l yo, *
pou nou rakonté bay jénérasyon k-ap vini-an.
- 15 Paské sa-a, sé Bondié, Bondié nou-an †
pou tout tan épi pou sièk sièk la ; *
li minm l-ap kondui nou nan sièk yo.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Tit 2, 11-12

Gras Bondié k-ap sové nou-an té parèt pou tout moun yo antan l-ap instrui nou, pou antan nou rénonse péché-a épi anvì bagay sièk la, nou viv yon fason réglé, yon fason kòrèk, yon fason ki sin, nan sièk sa-a.

V/. Grammèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té kréyé dignité égzistans moun nan yon fason ékstraòdinè épi ki té réfè-l yon fason pi ékstraòdinè toujou, fè nou favè, tanpri, pou nou asosié nan kondision Bondié sila-a ginyin-an, li minm ki té aksépté patisipé nan sa nou yé kòm moun nan. Li minm ki vivan.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

1 Jan 4, 9

Nan sa-a charité Bondié-a té parèt nan nou puiské Bondié té voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

V/. Tout limit tè-a ap ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Priyè-a tankou pou Tièrs la.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 36

Bondié té voyé paròl la bay pitit Israèl yo antan li anonsé lapè-a pa lintèmédiè Jézu-Kri ; sa-a sé Granmèt tout moun.

V/. Mizérikòd ak vérité rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a tankou pou Tièrs la.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Christe, redemptor omnium*, 411.

PSÒM YO

Réf. 1 Prémié plas la avèk ou nan jou fòs ou-a, nan klèté sin yo, sot nan vant anvan zétoual matin-an, mouin té anfanté-ou.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prêt

Li gin pou-l kòmandé, joustan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *

« Chita adouat mouin,
joustan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».

- ² Baton pouvoua-ou, Grammèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Grammèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Grammèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Prémié plas la avèk ou nan jou fòs ou-a, nan klèté sin yo, sot nan vant anvan zétoual matin-an, mouin té anfanté-ou.

Réf. 2 Kot Grammèt la sé mizérikòd ak anpil rédanmsion koté-l.

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sové pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Grammèt ; *
- ² Grammèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.

- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.
- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la *
plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israël éspéré nan Granmèt la,
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israël *
sot nan tout fot li yo.

Réf. Kot Granmèt la sé mizérikòd ak anpil rédanmsion koté-l.

Réf. 3 Nan kòmansman épi anvan sièk yo, sé Bondié Paròl la té yé : li minm li pran nésans jodi-a kòm Sovè tè-a.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout kréati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mèsi, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion

- nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé premié pitit anvan tou kréatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- 17 li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, premié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Nan kòmansman épi anvan sièk yo, sé Bondié Paròl la té yé : li minm li pran nésans jodi-a kòm Sovè tè-a.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 1-3

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a épi sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, — épi lavi-a té parèt, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an —. Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm tou nou gin kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan mitan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. : Jodi-a Kris la té pran nésans ; jodi-a Sovè-a té parèt ; jodi-a sou tè-a anj yo ap chanté, arkanj yo kontan ; jodi-a moun kòrèk yo ap fété, antan y-ap di : Gloua nan rotè anlè yo pou Bondié, Alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, antan n-ap fè gran fèt, an nou sélébré-l, li minm nan nésans li-a anj yo té anonsé lapè-a bay moun yo sou tè-a, épi ak nanm ki dévoué, an nou priyé avèk insistans :

Sé pou nésans ou-a poté lapè bay tout moun.

Plin, Granmèt, Égliz ou-a ak tou kalité byin,

— li minm ou konsolé ak mistè nésans ou-a.

Ou minm ki té vini kòm premié chèf pastè yo, épi kòm évèk nanm nou yo,

— fè pap la avèk évèk nou yo tounin moun k-ap bay avèk fidélimité lagras ou-a ki gin anpil fòm nan.

Roua pou tout tan-an, ou minm ki, antan-ou pran nésans la, ou té vlé fèmin nan yon ti moman lavi, épi ékspérimanté chanjman moun yo sibi-a,

— nou minm k-ap tonbé yo épi ki kapab mouri yo, fè nou vîn patajé sa-ou yé pou tout tan-an avèk ou.

Ou minm yo t-ap tann dépi sièk yo, ki té vini nan plénitud tan-an,

— montré prézans ou pou sa yo ki jouskoulié-a ap tann ou-an.

Ou minm ki antan-ou vîn tounin chè-a, ou té réfè égzistans moun nan ki té gaté akòz lanmò-a,

— fè défin yo réfèt nèt nan ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té kréyé dignité égzistans moun nan yon fason ékstraòdinè épi ki té réfè-l yon fason pi ékstraòdinè toujou, fè nou favè, tanpri, pou nou asosié nan kondision Bondié sila-a ginyin-an, li minm ki té aksépté patisipé nan sa nou yé kòm moun nan. Li minm ki vivan.

Pandan sémèn oktav Nésans Grammèt la, Vèp yo chak jou sé nan jou anndan oktav la, jan yo indiké pi louin-an, minm si nan lòt Lè yo sé dapré fèt la sa fèt, sot nan solanité yo épi dimanch Sint Famiy nan.

Chak jou yo di youn oubyin lòt nan dé Konpli pou Dimanch la, 1188 oubyin 1192.

Dimanch anndan oktav Nésans Granmèt la

Prémié sémèn Psòm yo

SINT FAMIY JÉZU, MARI AK JOZÈF

Fèt

Lè Nésans Granmèt la tonbé yon jou dimanch, yo mété fèt Sint Fanmiy la 30 désanm, yo pa fè prémié Vèp yo.

Pou prémié Vèp yo

IMN (*O lux beata caelitim*)

Limiè kontantman sa-k nan sièl yo,
dènié éspérans sa k-ap mouri yo,
Jézu, ou minm rinmin moun lakay ou
té souri ba ou dépi-ou fèt la;

Mari ki rich ak lagras la,
ou minm sèl ki kapab souin Jézu
sou kè-ou ki san tach la,
pandan ou-ap ba-l lèt, ou-ap anbrasé-l;

Ou minm ki sot nan papa lontan yo,
sé ou yo chouazi pou véyé sou Vièj la,
ou minm ak non papa chéri-a
Pitit Bondié-a ap rélé ou:

Sot nan souch Jésé-a yo byin konnin nou
 ki pran nésans pou sovè nasion yo,
 kouté nou, antan n-ap sipliyé
 n-ap étalé démann k-ap sot nan kè nou.

Gras tout bon kalité-a
 ki té fléri nan lakay nou,
 sé sa pou yo bay pou-l kapab pasé
 nan konduit fanmi yo.

Jézu, ki té vîn obéyisan
 aléga paran-ou yo,
 pou ou ak Papa-a ki anro nèt la ak Éspri-a
 gloua pou tout tan. Amèn.

Réf. 1 Jakòb minm anfanté Jozèf, mésié Mari-a; sé nan Mari Jézu pran nésans, li minm yo rélé Kris la.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Sint Vièj Mari, 1354.

Réf. 2 Jozèf, pitit David, pa pè résévoua Mari, madanm ou; sa-a réyèlman ki pran nésans nan li-a, sé nan Éspri-Sin-an li soti.

Réf. 3 Gadyin yo rivé byin vit, yo jouinn Mari ak Jozèf épi Ti Bébé-a ki pozé nan krèch la.

LÉKTU KOUT

2 Kor 8, 9

Nou konnin gras Granmèt nou Jézu-Kri, puiské poutèt nou li vîn pòv, malgré li té rich, pou nou té kapab vîn rich antan-l vîn pòv.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Épi li té abité nan mitan nou. Paròl la.

V/. Nan sa-l plin-an nou tout nou té résévoua. * Épi li té abité nan mitan nou. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf.

Ané A

Mîn anj Granmèt la parèt nan rèv dévan Jozèf, antan-l di : Lévé, pran pitit la ak manman-l, sovè kò-ou nan Éjip ; rété laba-a joustan m-a di-ou.

Ané B

Lè jou purifikasion yo-a té fin réalizé dapré laloua Moyiz la, yo té poté-l Jérusalèm, pou yo té prezanté-l bay Granmèt la.

Ané C

Ti Jézu té rété Jérusalèm, épi paran-l yo pa-t konnin sa, antan yo té konprann li té nan pami vouayajè yo, épi yo t-ap chèché-l pami fanmi yo ak zanmi yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pitit Bondié vivan-an, li minm ki té aksépté vîn tounin pitit yon fanmi moun, an nou adoré-l, antan n-ap déklaré-l :

Sé ou minm, Granmèt, ki modèl épi sovè tout moun.

Ou minm Kris la, pa lintèmediè mistè soumission-ou nan aléga Mari ak Jozèf,

— aprann tout moun respè ak obéyisans aléga moun ki gin doua kòmandé-a.

Ou minm ki té rinmin paran-ou yo épi ou minm yo té rinmin-an,

— fè tout fanmi yo établi nan lapè ak charité youn gin pou lòt.

Ou minm ki té rét ap okipé sa-k pou Papa-ou yo,

— fè pou nan tout kay, yo respékté Bondié.

Ou minm Kris la, ki té kité paran-ou yo jouinn ou avèk kè yo séré nan kay Papa-a sou touazièm jou-a,

— aprann tout moun chèché an premié rouayòm Bondié-a.

Ou minm Kris la, ki té asosié Mari ak Jozèf avèk ou nan gloua sièl la,

— aksépté défin yo nan fanmi sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté ba nou bèl égzanp Sint Fanmiy nan, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap suiv li nan bèl kalité nou doué ginyin anndan kay nou épi nan chinn rinmin-an, nou joui rékonpans tout tan yo nan kè kontan lakay ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Pitit Bondié-a ki anba lòd Mari ak Jozèf la, vini an nou adoré-l.

Pèsòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Dulce fit nobis memorare parvum*)

Sa dous pou nou sonjé ti kay Nazarèt la
épi souin délika yo pran ladan-l;
sa bon pou rapòté poèm
lavi kaché Jézu-a.

Antan-l té pratiké métié Jozèf la nan sinplisité,
Jézu t-ap grandi louin jé moun pandan yon tan,
épi antan li asosié-l ak travay chapantié-a
li alé pi louin.

Manman bon kè-a chita koté sa-l anfanté-a, li nourri-a,
bon madanm nan chita koté épou-a,
ak kontantman lè-l kapab pran souin pou rélvé sa-k bouké yo
ak dévoua yon zanmi.

Épi nou minm ki pa-t manké travay ak fatig,
ni ki pa-t ignoré sa-k mal yo, édé mizérab yo;
chak foua y-ap mandé apui,
konsidéré yo ak vizaj byinvéyan.

Pou ou, Jézu, onè ak puisans,
ou minm ki bay prèv ki sin pou lavi-a,
épi k-ap régné ansanm Papa-a ki anlè nèt la
épi Souf rékonfò-a. Amèn.

Réf. 1 Pandan paran yo t-ap antré avèk Jézu pitit yo-a, Siméon té
résévoua-l nan bra-l épi li té béni Bondié.

Psòm yo nan Komin Sint Vièj Mari, 1361.

Réf. 2 Antan Maj yo antré nan kay la, yo té jouinn Pitit la avèk Mari, manman-l.

Réf. 3 Antan Jozèf lévé, li té pran Pitit la ak Manman-l nan nuit la, li pati nan Éjip.

V/. M-ap fè tout pitit ou yo aprann nan min Granmèt la.

R/. Épi anpil lapè pou pitit ou yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt sin Pòl apot pou Éfézyin yo

5, 21 — 6, 4

Osijè lavi krétyin-an nan fanmi-an

Frè yo : ^{5,21} Antan nou youn obéyi lòt nan krint Kris la. ²² Sé pou médam yo obéyi mari yo tankou y-ap obéyi Granmèt la ; ²³ paské mésié-a sé tèt madanm nan, tankou Kris la sé tèt Égliz la, li minm sovè kò-a. ²⁴ Min minm jan Égliz la obéyi Kris la, konsa tou pou médam yo obéyi mari yo nan tout bagay.

²⁵ Mésié yo, sé pou nou rinmin madanm nou tankou Kris la té rinmin Égliz la épi li rinmèt tèt li pou li, ²⁶ pou-l té fè-l vîn sin antan-l pròpté-l nan bingn dlo-a nan paròl la, ²⁷ pou-l prezanté li minm minm Égliz la plin gloua bay pròp tèt pa-l, san-l pa gin tach ni pli ni anyin minm jan-an, min pou-l sin, san tach. ²⁸ Konsa tou mésié yo doué rinmin madam yo tankou kò yo. Moun ki rinmin madanm li, li rinmin pròp tèt li. ²⁹ Réyèlman,

pèsonn pa janm rayi chè-l, min li ba-l manjé, li souin-l, tankou Kris la fè pou Égliz la : ³⁰ paské nou sé manb kò-l. ³¹ *Sé poua mésié-a ap kité papa-l ak manman-l épi l-ap kolé kò-l kot madanm li, yo dé-a y-ap vîn yon sèl chè.* ³² Mistè sa-a gran, mouin di sa minm osijè Kris la ak Égliz la. ³³ Réyèlman nou chak, sé pou chak moun rinmin madanm li tankou li rinmin pròp tèt li ; madanm nan minm, sé pou-l réspékté mari-a.

^{6,1} Pitit yo, sé pou nou obéyi paran nou yo nan Granmèt la : paské sé sa ki kòrèk. ² *Onoré papa-ou ak manman-ou*, sa-a sé premié kòmandman-an nan promès la, ³ *pou-ou kapab jouinn bénédikcion, épi pou-ou viv lontan sou tè-a.* ⁴ Épi nou minm, papa yo, pa provoké pitit nou yo nan kòlè, min sé pou nou fè édikasion yo nan disiplîn ak koréksion Granmèt la.

RÉPONS

Éféz 6, 1-2 ; Lk 2, 51

R/. Pitit yo, sé pou nou obéyi paran nou yo nan Granmèt la, paské sé sa ki kòrèk; * Onoré papa-ou ak manman-ou.

V/. Jézu désann avèk Mari épi Jozèf, li vîn Nazaret, li té anba lòd yo. * Onoré.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Paròl ankourajman sin Pòl VI, pap

(*Allocutio habita Nazareth 5 ianuarii 1964*)

Égzanp Nazarèt la

Kay Nazarèt la, sé yon ékòl li yé, koté vi Kris la kòmansé kité yo konprann li: ékòl Évanjil la réyèlman.

Isit la, réyèlman, toudabò nou aprann gadé, kouté, médité, pénétre afon, ki puisans fon ak kaché ki vlopé nan kalité révélation Pitit Bondié-a

ki si tèlman ba-a, si tèlman sinp la, si tèlman bèl la. Min minm pétèt nou aprann imité san nou pa santi sa.

Isit la plis ankò nou pèsévoua rézon ak chémin koté nou konnin fasilman kilès Kris la yé. Isit la sitou nou konnin kijan fò yo konsidéré bagay sa yo ki konsèn épi tankou ki fèmin koté li té abité nan pami nou-an, tankou plas yo, tan yo, abitud yo, fason yo palé yo, sérémoni sakré yo, tout bagay anfin Jézu té sèvi avèk yo pou-l té fè tè-a rékonèt li. Tout bagay isit la gin yon voua, yon signifkasion.

Isit la sètènman, nan ékòl sa-a, nou rémaké pou kisa sé pou yo kinbé yon disiplin spirituèl si yon moun anvi suiv ansègnman Évanjil la épi vîn tounin disip Kris la.

O kijan nou t-a byin vlé tounin nan laj lè nou té timoun nan, épi rinmèt pròp tèt nou yon lòt foua ankò nan ékòl Nazarèt sa-a ki tou ba-a épi an minm tan ki byin ro-a! Sé ak tout fòs nou t-a vrèman anvi rékòmansé étud nou bò kot Mari pou véritab sians lavi-a épi pou rivé jouinn intèlijans vérité Bondié yo.

Min isit la sé sèlman kòm pèlrin nou chita ansanm, épi sa nou souété-a nou blijé kité-l poutèt nou pap janm rivé fîn fè fòmasyon nou nèt nan aprann konnin Évanjil la nan kay sa-a. Sèlman nou pap pati san rapidman, épi kòm an pasan, nou pa poté kèk léson tou kout soti nan anplasman Nazarèt la.

Silans la réyèlman sé sa koté sa-a anségné an prémié. Nou souété pou andan nou gin yon nouvo aprésiasion ki bon anpil pou silans la, kondision éspri sa-a yo doué admiré-l réyèlman épi li nésésè, pandan nan chalè tan n-ap viv la ak lavi ki boulvèsé-a, tèlman gin jouré, brui, rèl k-ap troublé nou.

O silans Nazarèt la, aprann nou fikse nan bon pansé, gadé ki bagay yo ki anndan éspri-a, byin paré pou kouté plan sékrè Bondié yo avèk kòmandman vrè mèt yo; aprann nou konbyin préparasion yo nésésè épi yo gin valè, étud la, méditation-an, lòd lavi pèsonèl épi anndan nou, priyè-a, li minm Bondié sèl konsidéré nan koté ki kaché.

Fason pou viv anndan kay la nou pèsévoua-l isit la tou. Sé pou Nazarèt ba nou léson réyèlman sou kisa yon fanmi yé, kisa kominion rinmin-l nan yé, jan li bèl yon fason ki gin poua épi k-ap briyé, karaktè spésial li ki sakré épi yo pa gin doua dérèspékté; sé pou-l démontré kijan fòmasyon-an dous nan fanmi-an, anyin dèt pa kapab ranplasé-l; sé pou-l aprann nou ki fonksion natirèl li ginyin nan lòd sosiété-a.

Isit la anfin nou konnin disiplîn travay la. O abitasion Nazaret la, kay Pitit bòs chapant la, isit la nou t-a souété anpil pou nou konprann épi sélébré laloua travay moun nan ki sévè sé vré min ki gin valè rédanmsion; pou nou rétabli isit la dignité travay la yon fason pou tout moun santi-l; pou anba kouvèti kay sa-a nou raplé bagay sa-a : travay la pa kapab gin pròp tèt pa-l kòm rézon final pou li minm, min libèté-l ak grandè-l li pa pran yo sèlman nan sa yo rélé inpòtans ékonomik li-a, min sitou apati bagay sa yo ki dirijé li minm minm al nan réalité final ki sipériè-a. Isit la anfin nou vlé voyé yon salutation bay travayè tout tè-a épi montré yo gran modèl la, frè ki Bondié-a, profèt tout kòz ki kòrèk yo, ki gin pou konséyé yo, sa vlé di Kris la Granmèt nou-an.

RÉPONS

2 Kor 13, 11; Éféz 5, 19; Kol 3, 23

R/. Sé pou nou fè kè nou kontan, sé pou nou apouin nèt, sé pou nou jouinn ankourajman, sé pou nou gin minm santiman, sé pou nou gin lapè:

* Antan n-ap chanté pou nou fè louanj Granmèt la nan kè nou.

V/. Ninpòt ki sa n-ap fè, sé pou nou fè-l avèk kè, tankou pou Bondié, min pa pou moun. * Antan n-ap chanté.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou nan Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Christe, splendor Patris*)

Kris la, klèté Papa-a,
Manman Bondié ki Vièj la,
Jozèf, gadyin k-ap konsèvé
trézò sa yo ki tèlman sakré-a,

Kay nou-an ap kléré
ak flè bon kalité yo,
koté sous lagras yo
sé la li minm l-ap koulé.

Anj yo pran sézisman
antan yo ouè Pitit Bondié-a
ki abiyé ak fòm ésklav la,
k-ap sèvi ésklav yo.

Jozèf, ki pi ba-a, sé ou-k gin prémié plas,
ou minm ki bésé tèt ou-ap kòmandé;
Mari, ou-ap kòmandé tou
épi ou-ap sèvi toulèdé.

Pòv antouraj sa-a yo,
sé tout palè yo y-ap bay
sovè-a ki té kòmansé la
pou ras moun nan.

Jézu, Mari, Jozèf,
fè fanmi nou yo joui
kado ki sin yo
ki sòti lakay nou-an.

Pou ou, Kris la, louanj yo,
ou minm ki ba nou éspérans
pou-n al nan kay sièl la
gras a paran-ou yo. Amèn.

Réf. 1 Paran Jézu yo té konn alé chak ané Jérusalèm nan jou fèt solanèl Pak la.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 743.

Réf. 2 Ti pitit la minm t-ap grandi épi li t-ap dévlopé plin sajàs, épi gras Bondié-a té nan li.

Réf. 3 Papa Jézu ak manman-l té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Dét 5, 16

Onoré papa-ou ak manman-ou, jan Granmèt Bondié-ou la té pasé-ou lòd la, pou-ou kapab viv lontan, épi pou sa pasé byin pou ou nan tè-a, sa Granmèt Bondié-ou la ap ba ou-a.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Kris.

V/. Ou minm ki té anba lòd Mari ak Jozèf, * Pitié pou nou. Viv papa-a. Kris.

Pou *Benedictus* la, réf.

Ané A

Min Anj Granmèt la parèt nan rèv dévan Jozèf nan Éjip, antan-l di : Lévé, pran pitit la ak manman-l, al nan tè Israël la; yo mouri réyèlman, sa yo ki t-ap chèché lavi pitit la.

Ané B

Papa ak manman Jézu té sézi poutèt sa yo t-ap di osijè-l la, alélouya.

Ané C

Pitit, sa-ou fè nou konsa ? Min papa-ou ni mouin minm antan n-ap soufri nou t-ap chèché-ou. Poukisa nou t-ap chèché-m ? Èské nou pa-t konnin sé nan afè ki pou Papa-m yo pou-m té yé?

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pitit Bondié vivan-an, ki té aksépté vîn tounin pitit yon fanmi moun, an nou adoré-l, antan n-ap priyé-l :

Jézu, ki vîn obéyisan, fè nou vîn sin.

Jézu, Parol tout tan Papa-a, ou minm ki té soumèt tèt ou anba Mari ak Jozèf,

— aprann nou umilité-a.

Mèt nou-an, ou minm manman-ou té kinbé aksion-ou yo ak parol ou yo anndan kè-l,

— fè nou favè pou nou kouté paròl ou-a épi pou nou konsèvé-l nan yon kè ki pròp é ki bon.

Ou minm Kris la, ki travay pou tè-a fèt, ki té vlé yo rélé-ou pitit travayè-a,

— aprann nou travay ak konsians.

Jézu, ou minm ki nan fanmi Nazarèt la t-ap fè progrè nan sa-jès, nan laj épi nan gras dévan Bondié ak moun yo,

— fè nou grandi atravè tout bagay nan ou minm ki Tèt nou-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté ba nou bèl égzanp Sint Fanmiy nan, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap suiv li nan bèl kalité nou doué ginyin anndan kay nou épi nan chinn rinmin-an, nou joui rékonpans tout tan yo nan kè kontan lakay ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan dimanch sémèn I, 749. Min lè yo sélébré fèt sa-a andéyò dimanch, psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a. Pou psòm graduèl yo, nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT**Kol 3, 12-13**

Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, li rinmin, abiyé nou ak zantray mizérikòd, ak bon kè, rabésé tèt nou, ak dousè, pran pasians, antan youn ap sipòté lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt ; jan Granmèt la padonnin nou, konsa nou minm tou.

V/. Granmèt la ap aprann nou chémin-l yo.

R/. Épi n-ap maché nan santié-l yo.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT**Kol 3, 14-15**

Anlè tout bagay sa yo : charité-a, li minm ki kòd ki maré pou fè fîn kòrèk nèt la. Sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò. Sé pou nou di mèsi.

V/. Mouinn minm sé yon pòv mouin yé, dépi-m tou piti m-ap dépéri.

R/. Mouin té lévé anlè min mouin té rabésé épi mouin té troublé.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sovè ou sovè nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Kol 3, 17

Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay nan non Granmèt Jézu, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintèmédiè-l.

V/. M-ap fè tout pitit yo aprann nan min Granmèt la.

R/. Épi anpil lapè pou pitit ou yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *O lux beata caelitem*, 447.

Réf. 1 Apré toua jou, yo jouinn Jézu nan tanp la, li chita nan mitan savan yo, l-ap kouté yo, épi l-ap pozé yo késion.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Sint Vièj Mari, 1377.

Réf. 2 Jézu té désann avèk yo, li té vîn Nazaret épi li té rét anba lòd yo.

Réf. 3 Épi Jézu t-ap grandi nan sajàs ak laj ak gras dévan Bondié ak moun yo.

LÉKTU KOUT

Fil 2, 6-7

Kris Jézu, malgré li té nan kondision Bondié, égal li égal avèk Bondié-a, li pa-t konsidéré sa tankou yon bagay li kinbé pou pròp tèt pa-l, min li vidé pròp tèt li antan li pran kondision ésklav, li vîn sanblé ak moun yo, épi dapré konpòtman-l yo konstaté li sé yon moun.

RÉPONS KOUT

R/. Li té doué sanblé ak frè-l yo nan tout bagay, * Pou-l té kapab gin mizérikòd. Li té doué.

V/. Yo ouè-l sou tè-a, li palé avèk moun yo, * Pou-l té kapab gin mizérikòd. Viv Papa-a. Li té doué.

Pou Magnificat la, réf.

Ané A

Antan Jozèf rivé, li té abité nan yon vil yo rélé Nazarèt, pou sa Bondié té di pa lintèmediè profèt yo té kapab réalizé : Y-ap rélé-l Nazaréyin.

Ané B

Pitit la, Jézu, t-ap grandi épi li t-ap dévlopé plin sajes: épi gras Bondié-a té sou li.

Ané C

Jézu té désann avèk yo, li té vîn Nazarèt épi li té rét anba lòd yo. Kanta Manman-l, li t-ap konsèvé tout paròl sa yo nan kè-l.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Pitit Bondié vivan-an, li minm ki té aksépté vîn tounin pitit yon fanmi moun, an nou adoré-l, antan n-ap déklaré-l :

Sé ou minm, Granmèt, ki modèl épi sovè tout moun.

Ou minm Kris la, pa lintèmediè mistè soumission-ou nan aléga Mari ak Jozèf,

— aprann tout moun respè ak obéyisans aléga moun ki gin doua kòmandé-a.

Ou minm ki té rinmin paran-ou yo épi ou minm yo té rinmin-an,

— fè tout fanmi yo établi nan lapè ak charité youn gin pou lòt.

Ou minm ki té rét ap okipé sa-k pou Papa-ou yo,

— fè pou nan tout kay, yo respékté Bondié.

Ou minm Kris la, ki té kité paran-ou yo jouinn ou avèk kè yo séré nan kay Papa-a sou touazièm jou-a,

— aprann tout moun chèche an premié rouayòm Bondié-a.

Ou minm Kris la, ki té asosié Mari ak Jozèf avèk ou nan gloua sièl la,

— aksépté défin yo nan fanmi sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté ba nou bèl égzanp Sint Fanmiy nan, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap suiv li nan bèl kalité nou doué ginyin anndan kay nou épi nan chinn rinmin-an, nou joui rékonpans tout tan yo nan kè kontan lakay ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 26 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin, Tièrs, Sèkst épi Nòn, yo fè tout bagay nan S. Ètièn, *premié mati*, 1277.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dézièm Vèp Nésans Grammèt la, 441.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 5b. 7

Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li. Si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu, Pitit li-a, nétouayé nou anba tout péché.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, *réf.* Pandan tout bagay té fèmin nan mitan silans la, épi lannuit la té rivé nan mitan kous li, Paròl ou-a ki gin tout pouvoua-a, Grammèt, té vîn sot sou fotèy roua yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl Bondié-a, ki antan-l abité nan nou-an, té louvri santié k-ap sové nou tout tan-an; an nou priyé-l épi ak yon umilité sinsè an nou mandé-l :
Anba tout mal, délivré nou, Grammèt.

Poutèt mistè pran ou pran chè-a, poutèt nésans ou-a épi timoun ou té timoun nan,

— poutèt tout lavi-ou la ki konsakré bay Papa-a :

Anba tout mal, délivré nou, Granmèt.

Poutèt travay ou yo, poutèt prèch ou yo ak vouyaj ou yo,

— poutèt rété ou té rété pami péchè yo :

Anba tout mal, délivré nou, Granmèt.

Poutèt agoni-ou nan épi soufrans ou-a, poutèt koua-ou la épi abandoné yo té abandoné-ou la,

— poutèt kè séré-ou yo, poutèt lanmò-ou la épi antéré yo té antéré-ou la :

Anba tout mal, délivré nou, Granmèt.

Poutèt rézireksion-ou nan épi asansion-ou nan, poutèt Éspri-Sin-an ou bay la, poutèt kontantman-ou yo épi gloua-ou gin pou tout tan-an,

— frè nou yo ki déjà défin yo, délivré yo, Granmèt :

Anba tout mal, délivré nou, Granmèt.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nouvo nésans Sèl Pitit ou-a nan chè-a délivré nou, nou minm ansyin ésklavaj la kinbé anba jouk péché-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 27 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin, Tièrs, Sèkst épi Nòn, yo fè tout bagay nan S. Jan, apot ak évanjélis, 1287.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dézièm Vèp Nésans Grammèt la, 441.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 3 b-4

Bondié, lè-l voyé Pitit li-a nan yon chè ki sanblé chè péché-a épi poutèt péché-a, li kondané péché-a nan chè-a, pou jistis laloua-a réalizé nan nou, nou minm ki pap maché dapré chè-a, min dapré éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Gras a ou, Vièj Mari, sa tout profèt yo té anonsé-a yo réalizé vré, sa yo té di sou Kris la : Vièj ou té ansint, épi Vièj ou té anfanté.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, an nou priyé Bondié Papa-a, li minm ki poutèt anpil charité li-a, té voyé Pitit li-a ba nou, épi antan n-ap sipliyé an nou rélé-l :

Sé pou gras Pitit ou-a avèk nou, Granmèt.

Bondié rinmin-an, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, ou minm ki pran pitié pou moun yo k-ap maché nan fènoua yo,

— résévoua priyè yo n-ap fè-ou la pou sové tout moun.

Sonjé, Granmèt, Égliz ou-a ki déplouayé sou tout ronnn tè-a,

— épi béni pèp krétyin-ou nan, épi fè-l favè lapè-a.

Papa tout moun, mété lapè-a yon fason kòrèk minm nan pami nasion yo, dirijé jé tout pèp yo kot Pitit ou-a,

— épi nan moun k-ap kòmandé yo-a, vidé éspri lapè-a.

Ou minm ki, lè Pitit ou-a t-ap vini-an, ou té fè anonsé lapè sou tè-a,

— bay défin yo lapè pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, antan nouvo limiè Paròl ou-a ki pran chè-a anvayi nou, sa parèt aklè nan aktivité nou, kléré li kléré nan éspri nou pa lintèmédiè lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 28 DÉSANM

Pou Ofis léktu-a, Louanj yo nan matin, Tièrs, Sèkst ak Nòn, yo fè tout bagay nan Sin Inosan yo, 1299.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dézièm Vèp Nésans Granmèt la, 441.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 3 b-5

Nou té dapré natu-a pitit kòlè tankou lòt yo. Min Bondié ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li fè nou viv ansanm ak Kris la. Sé dapré gras la nou sové.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Vièj la ki sin-an, ki intak la, té anfanté Bondié pou nou, ki abiyé avèk manb frajil, li té mérité ba-l tété : nou tout, an nou adoré-l, li minm ki vîn sové nou-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié té voyé Pitit li-a, ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou-l té rachté moun yo ki té anba laloua-a. Antan nou asiré nan éspérans sa-a, avèk konfians an nou priyé :

Sé pou gras Pitit ou-a avèk nou, Granmèt.

Bondié rinmin-an ak lapè-a, rénouvlé lafoua tout krétyin yo nan pran Pitit ou-a pran chè-a,

— pou yo toujou rété nan aksion-d-gras la.

Ogmanté éspérans malad yo, pòv yo ak granmoun yo,

— bay sa-k krazé yo soulajman, sa-k dézéspéré yo konfians, sa-k nan lapinn yo konsolé yo.

Sonjé tout moun yo kinbé nan prizon yo,

— avèk moun ki égzilé louin patri yo-a.

Ou minm ki té fè tandé anj yo k-ap fè louanj pou ou nan nésans Pitit ou-a,

— fè défin yo fè louanj ou tout tan avèk lamé sièl la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té kréyé dignité égzistans moun nan yon fason ékstraòdinè épi ki té réfè-l yon fason pi ékstraòdinè toujou, fè nou favè, tanpri, pou nou asosié nan kondision Bondié sila-a ginyin-an, li minm ki té aksépté patisipé nan sa nou yé kòm moun nan. Li minm ki vivan.

Jou 29 désanm
NAN SINKIÈM JOU ANNDAN OKTAV NÉSANS GRANMÈT LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Candor aeternae Deitatis alme*, 413.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt puisans yo avèk nou : protéksion nou, Bondié Jakòb la.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- ² Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- ³ Sé pousa nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.

- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.
- Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
- 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
- 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Granmèt puisans yo avèk nou : protéksion pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. 2 L-ap lévé, abondans lapè-a, nan jou Granmèt la, épi l-ap kòmandé.

Psòm 71 (72)

Pouvoua Mési-a kòm roua

Antan yo louvri trézò yo, yo té ofri-l kado, lò, épi lansan, épi lamir (Mt 2, 11).

I

- ¹ Bondié, bay roua-a jijman-ou, *
bay pitit roua-a jistis ou ;
- ² l-ap jijé pèp ou-a nan jistis, *
ak pòv ou yo nan jijman.
- ³ Sé pou mòn yo poté lapè-a pou pèp la, *
épi ti rotè yo jistis la.
- ⁴ L-ap jijé pòv yo nan pèp la, †
l-ap sové pitit maléré yo *
l-ap krazé sa k-ap fè profitè-a.
- ⁵ L-ap diré ansanm avèk solèy la épi dévan lalîn-nan, *
pou jénérasyon ak jénérasyon.
- ⁶ L-ap désann tankou laplui sou gazon, *
tankou farinaj k-ap tranpé tè-a.
- ⁷ Nan tan-l yo jistis ap fléri ak lapè an kantité, *
joustan lalîn nan disparèt.
- ⁸ Épi l-ap kòmandé sot nan lanmè al nan lanmè, *
épi sot nan gran riviè-a jous nan bout fas tè yo.
- ⁹ Dévan-l, moun yo ki rété nan dézè-a ap plouayé, *
ènmi-l yo ap niché atè-a.

- ¹⁰ Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri richès, *
roua Arabi yo ak Saba ap poté kado.
- ¹¹ Tout roua yo ap adoré-l, *
tout nasion yo ap sèvi-l.

Réf. L-ap lévé, abondans lapè-a, nan jou Granmèt la, épi l-ap kòmandé.

Réf. 3 Granmèt la ap sové nanm pòv li yo.

II

- ¹² Sèké l-ap libéré maléré-a k-ap rélé-a, *
ak pòv la ki pa gin moun pou poté-l sékou.
- ¹³ L-ap pran pitié pou pòv la ak maléré-a, *
nanm pòv yo l-ap sové yo.
- ¹⁴ L-ap délivré yo sot nan injistis ak violans, *
san yo ap gin gran valè dévan-l.
- ¹⁵ Sé pou-l viv, sé pou yo ba-l nan lò Arabi-a, †
sé pou yo lapriyé pou li tout tan ; *
tout jounin y-ap béni-l.
- ¹⁶ Sé pou gin kantité blé sou tè-a, *
sé pou-l frisonnin sou tèt mòn yo ;
sé pou frui-l tankou Liban, *
sé pou yo lévé nan vil la tankou zèb tè-a.

- ¹⁷ Sé pou non-l béni pou sièk yo, *
 dévan solèy la, sé pou non-l diré.
 Sé pou tout fanmi tè-a béni nan non-l, *
 sé pou tout nasion di jan-l gran.
- ¹⁸ Li béni, Granmèt Bondié, Bondié Israël, *
 li minm ki fè mèvèy pou kont li.
- ¹⁹ Épi non grandè li-a béni pou tout tan ; *
 épi tout tè-a ap plin ak grandè-l. Amèn, amèn.

Réf. Granmèt la ap sové nanm pòv li yo.

V/. Lè gadyin yo ouè sa, yo rékonèt paròl la.

R/. Sa yo té di yo-a sou Ti Pitit la.

PRÉMIÉ LÉKTU

Kòmansman Lèt sin Pòl apot pou Kolosyin yo

1, 1-14

Aksion-d-gras épi priyé

¹ Pòl, apot Jézu-Kri, gras a volonté Bondié, ak Timoté, frè-a, ² pou moun yo ki Kolòs yo, pou sin yo ak frè yo ki fidèl nan Kris Jézu yo. Gras pou nou ak lapè sot nan Bondié Papa nou ak Granmèt la Jézu-Kri.

³ Mouin di Bondié, Papa Granmèt nou Jézu-Kri mèsì, tout tan m-ap priyé pou nou, ⁴ lè-m tandé lafoua nou nan Kris Jézu ak rinmin nou ginyin pou tout sin yo ⁵ gras a éspérans la k-ap tann nou nan sièl la ; nou té tandé palé sou éspérans sa-a nan paròl vérité Bòn Nouvèl la, ⁶ ki té rivé

jous koté nou. Minm jan li sou tout tè-a, li donnin, li dévlopé, konsa tou li donnin é li dévlopé nan nou dépi jou nou té tandé gras Bondié-a nan vérité-a. ⁷ [Nou té konnin éspérans sa-a,] jan Épafras té aprann nou li, li minm mouin rinmin anpil la, k-ap sèvi ansanm ak mouin, li minm ki fidèl sèvitè Kris Jézu pou nou ⁸ é ki montré-m rinmin nou ginyin nan Éspri-a.

⁹ Dépi jou mouin té tandé palé sou nou-an, mouin pa sispann priyé pou nou, m-ap mandé Bondié favè pou nou, pou nou plin ak konésans volonté-l, nan tout kalité sajès ak intélijans éspri-a, ¹⁰ pou nou maché yon fason kòrèk antan nou fè Bondié plézi nan tout bagay, antan n-ap donnin frui nan tout kalité bon aksion, antan n-ap dévlopé nan sians Bondié-a, ¹¹ n-ap asiré nan tout kalité fòs dapré puisans klètè-l la, nan tout kalité pasians ak pèsévérans avèk kè kontan ;

¹² n-ap di Bondié Papa-a mèsì,

li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion nan éritaj sin yo nan limiè-a,

¹³ li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo,

ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an.

¹⁴ Nan Pitit sa-a nou jouinn rédanmsion pa pouvoua san-li, padon pou péché yo.

RÉPONS

Kol 1, 12. 13 ; Jak 1, 17

R/. N-ap di Bondié Papa-a mèsì, * Li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an.

V/. Tout kado ki bon nèt, tout kado ki kòrèk nèt, sé anro-a li soti, li désann sot nan min Papa limiè yo. * Li minm ki délivré nou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan prèch sin Bèrnar, abé

(Sermo 1 in Epiphania Domini, 1-2: PL 133, 141-143)

Nan plénitud tan-an plénitud divinité-a vini tou

Bonté Sovè-a Bondié nou-an té parèt épi amou li pou moun nan. Gras a Dié li minm pa lintèmediè-l konsolasion nou-an tèlman débodé nan pèlerinaj sa-a, nan égzil sa-a, nan mizè sa-a.

Anvan rinmin pou moun nan té parèt, bonté-a té kaché; puiské li té la an prémié; réyèlman mizérikòd Granmèt la égzisté dépi tout tan. Min ki koté yo té kapab konnin tout bagay sa yo? Yo té promèt yo, min yo pa-t santi yo; sé pou sa anpil moun pa-t kouè yo. *Anpil foua réyèlman ak anpil fason Granmèt la té palé nan profèt yo. Mouin minm minm, antan li di, mouin ap pansé pansé lapè, épi sé pa malè. Min ki sa moun nan té réponn antan-l santi malè-a, antan-l ignoré lapè-a? Jouskilè n-ap di, Lapè, lapè, épi pa gin lapè? Sé pousa anj lapè yo t-ap kriyé anmè, antan y-ap di: Granmèt, kilès ki té kouè nan sa nou fè tandé-a? Min koulié-a moun yo kouè minm sa yo ouè-a, paské témouagnaj Bondié yo mérité yo kouè yo anpil. Pou réyèlman ata pou jé ki troublé-a li pa kaché, sé nan solèy la li té pozé tant li.*

Min lapè-a sé pa sa yo promèt la non, sé sa yo voyé-a, sé pa sa yo ofri-a, min sé sa yo bay la, sé pa sa yo profétizé-a min sé sa yo prézanté-a. Min tankou sak la ki plin mizérikòd li-a Bondié Papa-a té voyé sou tè-a, yon sak, mouin di, k-ap chiré nan Pasion-an pou sa-k kaché ladan-l nan koulé, pri nou-an, yon sak réyèlman, minm si-l piti, min li plin, sé *yon ti pitit réyèlman yo ba nou, min nan li sé tout plénitud divinité-a ki abité.*

Apré plénitud tan-an vini, réyèlman, plénitud divinité-a vini tou. Li vini nan chè-a pou minm konsa li montré tèt li bay moun yo ki nan chè-a, antan li parèt kòm moun nan, yo rékonèt jan li bon. Koté réyèlman yo konnin kondision moun Bondié pran-an, déjà jan li bon-an pa kapab kaché. Nan ki fason réyèlman pi plis li t-a kapab rékòmandé jan li bon pasé antan-l pran chè mouin-an? Pa-m nan, mouin di, sé pa chè Adan-an, sa vlé di sé pa sa-l té ginyin anvan fot la.

Poukisa li déklaré mizérikòd li-a avèk tèlman souin opouin li pran mizè-a li minm? Poukisa li sitèlman plin ak bonté opouin paròl Bondié-a vîn tounin zèb finnin poutèt nou. *Granmèt, kisa moun nan yé pou-ou konsidéré-l la? oubyin poukisa ou pozé kè-ou sou li-a?* Isit la moun nan doué konsidéré konbyin Bondié pran souin-l; isit la sé pou-l konnin kisa li pansé osijè-l oubyin kisa li santi.

Pa intèrojé, ou minm moun nan, bagay yo ou-ap soufri-a, min bagay yo li soufri li minm minm nan. Li té fè-ou tèlman gran apati bagay sa yo li té vîn tounin pou ou-a, sé pou-ou konnin, pou jan li bon-an parèt pou ou apati jan-l rinmin moun nan. Plis réyèlman li té fè tèt li pi piti nan jan li rinmin moun nan, sé plis li té montré pi gran grandè-a nan jan li bon-an; épi plis poutèt mouin minm li té pi avili-a, pou mouin li gin valè plis. *Li té parèt, sé sa Apot la di, jan Sovè-a Bondié nou-an bon ak jan-l rinmin moun nan.* Li gran sé bagay ki klè épi li parèt jan Bondié bon épi jan-l rinmin moun nan! épi li gran mak jan li bon-an li té déklaré-a li minm ki té pran souin ajouté non Bondié-a nan fason li rinmin moun nan.

RÉPONS

Éféz 1, 5; Rom 8, 29

R/. Bondié té destiné nou davans pou nou té vîn tounin pitit adoptif pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, * Daprè bon plézi volonté-l, pou louanj gloua gras li-a.

V/. Sa yo li té konnin davans yo, li té destiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a. * Daprè.

IMN *Te Deum*, 556.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan Louanj yo nan matin Nésans Granmèt la, 433.

LÉKTU KOUT

Ébr 1, 1-2

Anpil foua ak anpil maniè lontan Bondié té palé ak papa yo nan profèt yo, nan dènié jou sa yo li palé avèk nou nan Pitit la, li minm li instalé kòm éritié tout bagay la, sé pa lintèmediè-l tou li té fè sièk yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya.

Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Gadyin yo youn té palé ak lòt : An nou travèsè jous Bètlèèm, pou nou ouè paròl sa-a Granmèt la montré nou-an.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Poutèt Bondié nan mizèrikòd li-a té voyé Kris la, prins lapè-a ba nou, avèk konfians, an nou di byin fò :

Lapè pou moun bòn volonté yo.

Bondié ki gin tout pouvoua-a, Papa Granmèt nou Jézu-Kri, nan tan sa-a koté Égliz la ap sélébré rinmin-ou nan ki sovè nou-an,

— louanj nou-an, aksépté résévoua-l antan-ou pran pitié.

Ou minm ki té promèt moun yo dépi nan kòmansman viktoua-ou la gras a Kris la sovè-a,

— fè limiè Bòn Nouvèl la kléré tout moun.

Pou louanj Pitit ou-a, li minm Abraam té prévoua jou li-a avèk kè kontan, patriarch yo té éspéré-l, profèt yo té anonsé-l épi nasion yo té dézire-l,

— fè tout Israèl vîn sové.

Ou minm ki té vlé pou nésans Pitit ou-a éspri sièl yo té anonsé-l davans, épi pou Apot yo, mati yo ak fidèl tout sièk yo té fè louanj ansanm pou li,

— fè tè yo kado lapè sa-a anj yo té anonsé-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, épi yo pa kapab ouè-a, ki té chasé fènoua tè yo gras a vini limiè-ou la vini-an, gadé nou avèk klèté fas ou, tanpri,

pou ansanm nou fè louanj grandè nésans Sèl Pitit ou-a avèk piblikasyon ki kòrèk. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Tit 2, 11-12

Gras Bondié k-ap sové nou-an té parèt pou tout moun yo antan l-ap instrui nou, pou antan nou rénonse péché-a épi anvi bagay sièk la, nou viv yon fason réglé, yon fason kòrèk, yon fason ki sin, nan sièk sa-a.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

1 Jn 4, 9

Nan sa-a charité Bondié-a té parèt nan nou puiské Bondié té voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

V/. Tout limit tè-a ap ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 36

Bondié té voyé paròl la bay pitit Israèl yo antan li anonsé lapè-a pa lintèmediè Jézu-Kri ; sa-a sé Granmèt tout moun.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè té anbrasé, alélouya.

Priyè-a tankou nan Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dézièm Vèp Nésans Granmèt la, 441.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 1-3

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a épi sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, – épi lavi-a té parèt, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an –. Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm tou nou gin

kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. Roua sièl yo té aksépté pran nésans nan Vièj la, pou-l rélé moun nan ki té pèdi-a vîn nan ringn sièl yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin anpil pitié-a, ki té vidé Éspri-Sin-an tankou luil sou Pitit li-a pou pòv yo ka résévoua bòn nouvèl la, an nou mandé-l :

Granmèt mizérikòd la, pran pitié pou nou.

Bondié mizérikòd la épi ki égzisté tout tan, ou minm ki vlé pou tout moun sové épi pou yo rivé konnin vérité-ou la, n-ap di-ou mési, ou minm ki té bay moun yo sou tè-a Sèl Pitit ou-a;

— fè tout tè-a kontan nan nésans li-a.

Ou té voyé-l poté bòn nouvèl la bay pòv yo, anonsé kaptif yo délivrans la épi préché tan gras la :

— vidé san mézi sou moun yo kado libèté-a ak lapè-a.

Ou té dirijé savan nasion yo al jouinn li pou yo té adoré-l :

— résévoua soumission lafoua nou-an ak priyè nou-an.

Épi, apré sa yo, ou rélé tout moun yo sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-ou la pou nan non Jézu tout jénou plouayé :

— fè nou vîn témouin Bòn Nouvèl li-a.

Kris la ki fèt nan Bétlèèm, ou té fè-l limiè pou révélation nasion yo :

— révéle gloua vizaj ou-a bay frè yo ki pran dévan yo.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, épi yo pa kapab ouè-a, ki té chasé fènoua tè yo gras a vini limiè-ou la vini-an, gadé nou avèk klèté fas ou, tanpri, pou ansanm nou fè louanj grandè nésans Sèl Pitit ou-a avèk piblikasion ki kòrèk. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Jou 30 désanm
NAN SIZIÈM JOU ANNDAN OKTAV NÉSANS GRANMÈT LA

Si pa gin dimanch anndan sémèn oktav Nésans Granmèt la, sé jodi-a yo sélébré fèt Sint Fanmiy nan, 451, yo soté premié Vèp yo.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Candor aeternae Deitatis alme*, 413.

PSÒM YO

Réf. 1 Vérité-a té lévé sot sou tè-a, épi jistis la té panché sot nan sièl la.

Psòm 84 (85)

Li tou pré nou sové n-ap sové-a

Lè Sovè nou-an tonbé nan tè-a, Bondié béni tè li-a (Orijen).

² Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la, *
ou fè prizonié Jakòb yo tounin.

- 3 Ou padonnin fot pèp ou-a, *
ou kouvri tout péché-l yo.
- 4 Ou réfoulé tout kòlè-ou la, *
ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan.
- 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou, *
viré kòlè-ou la sot sou nou.
- 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou, *
oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la
sot nan jénèrasion al nan jénèrasion ?
- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vîn ba nou lavi, *
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt, *
sové ou sové nou-an ba nou li.
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di, †
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo, *
avèk pou sa yo ki chanjé nan kè yo.
- 10 Réyèlman li tou pré moun ki krinn li yo, sové li sové nou-an, *
pou gloua-a abité sou tè nou-an.
- 11 Mizérikòd ak vérité rankontré, *
jistis ak lapè anbrasé.
- 12 Vérité-a lévé sot sou tè-a, *
jistis la panché sot nan sièl la.
- 13 Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a, *
tè nou-an ap bay frui li.
- 14 Jistis ap maché dévan-l, *
l-ap pozé pié-l sou rout la.

Réf. Vérité-a té lèvé sot sou tè-a, épi jistis la té panché sot nan sièl la.

Réf. 2 Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt.

Psòm 88 (89), 2-30

Mizérikòd Granmèt la sou kay David la

Sé nan ras David, dapré promès la, Bondié fè Jézu soti kòm Sovè (Tr Ap 13, 22. 23).

I

- ² Mizérikòd Granmèt la sé tout tan m-ap chanté yo, *
 pou jénérasion ak jénérasion
 m-ap anonsé vérité-ou nan bouch mouin.
- ³ Paské mouin té di : †
 « Pou tout tan mizérikòd la bati », *
 nan sièl yo vérité-ou la asiré.
- ⁴ « Mouin té réglé aliens avèk sa-a mouin chouazi-a, *
 mouin té fè sèman bay David, sèvitè-m nan :
- ⁵ Pou tout tan m-ap asiré désandans ou-a, *
 m-ap drésé trôn ou pou jénérasion ak jénérasion ».
- ⁶ Sièl yo ap fè déklarasion pou mèvèy ou, Granmèt, *
 ni vérité-ou la nan Égliz sin yo.
- ⁷ Paské kilès nan nuaj yo ki égal ak Granmèt la, *
 k-ap sanblé ak Granmèt la nan pitit Bondié yo ?

- 8 Bondié ki mérité respè nan réyinion sin yo, *
li gran, li térib plis pasé tou sa-k antouré-l yo.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kilès ki tankou-ou ? *
Ou plin pouvoua, Granmèt, vérité-ou la vlopé-ou.
- 10 Sé ou minm ki kòmandé lanmè-a lè l-ap gonflé-a, *
lè lanm li yo monté-a, sé ou minm ki kalmé yo.
- 11 Sé ou minm ki krazé Raab, lè-ou fîn frapé-l, *
avèk fòs bra-ou ou gayé ènmi-ou yo.
- 12 Sièl yo sé pou ou, tè-a sé pou ou, *
fas tè-a ak sa ki ranpli-l, sé ou minm ki fiksé-l.
- 13 Nan-nò ak nan-sud, sé ou minm ki kréyé yo, *
ni Tabòr ni Èrmon, y-ap fété pou non-ou.
- 14 Ou gin yon bra ki gin fòs ; *
min-ou asiré, ou lévé min douat ou.
- 15 Jistis ak jijman sé solidité trôn ou-a. *
mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou.
- 16 Ala kontantman pou pèp la ki konn pousé rèl fèt la. *
Granmèt, nan limiè figi-ou y-ap maché,
- 17 o non-ou y-ap fété tout jounin, *
épi nan jistis ou-a y-ap lévé tèt yo,
- 18 paské sé ou minm ki bèlté pouvoua yo, *
sé nan bon plézi-ou kòn nou lévé.
- 19 Paské zam défans nou sé pou Granmèt la, *
pou Sin Israël la, roua nou-an.

Réf. Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt.

Réf. 3 Li minm l-ap rélé-m : Sé Papa-m ou yé, alélouya.

II

- 20 Lè sa-a ou té palé nan vizion avèk sin-ou yo, ou té di : †
 « Mouin té mété sékou-a nan yon moun ki fò, *
 mouin lévé yon moun mouin chouazi nan pèp la.
- 21 Mouin té jouinn David sèvitè-m nan ; *
 ak luil mouin ki sin-an mouin sakré-l.
- 22 Min-m ap rét fèm avèk li, *
 bra-m ap ba li fòs.
- 23 Ènmi-an pap pran pié sou li ditou, *
 pitit méchansté-a pap kapab nui li.
- 24 M-ap krazé ènmi-l yo dévan fas li, *
 sa-k rayi-l yo, m-ap frapé yo.
- 25 Vérité-m ak mizérikòd mouin ap avèk li, *
 o non-m l-ap lévé kòn li.
- 26 M-ap instalé min-l sou lanmè-a, *
 min douat li sou riviè yo.
- 27 Li minm l-ap rélé-m : “Sé Papa-m ou yé, *
 Bondié-m ak kachèt k-ap sové-m nan”.
- 28 Mouin minm m-ap mété-l kòm prémié pitit, *
 pi ro pasé roua yo sou tè-a.
- 29 Pou tout tan m-ap kinbé mizérikòd mouin pou li, *
 aliens mouin-an ap fidèl pou li.

³⁰ M-ap mété désandans li pou sièk sièk la, *
ak trôn li-a tankou jou sièl yo.

Réf. Li minm l-ap rélé-m : Sé Papa-m ou yé, alélouya.

V/. Granmèt la té fè konnin, alélouya.

R/. Sové li sové nou-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

1, 15 — 2, 3

Kris la, tèt Égliz la; Pòl sèvitè-l

Frè yo : ^{1,15} Kris Jézu sé pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, sé prémié pitit nan tou kréatu yo,

¹⁶ paské sé nan li tout bagay kréyé
nan sièl la ak sou tè-a,

sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè,
soua trôn, soua pouvoua, soua gouvènman, soua otorité :
tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé,

¹⁷ li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.

¹⁸ Li minm sé tèt kò Égliz la,
li sé sous, prémié pitit nan pami mò yo,
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay ;

¹⁹ sèké sé nan li Bondié pran plézi

fè tout bagay nèt abité,
²⁰ sé nan li, pa pouvoua li, li vlé rékonsilié tout bagay,
 ni sa-k sou tè-a, ni sa-k nan sièl la,
 antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a.

²¹ Lontan nou minm tou nou té étranjé, nou té ènmi, akoz santiman
 nou té ginyin pou nou té fè sa ki mal, ²² koulié-a minm Bondié rékonsilié
 nou nan kò chè Kri la gras a lanmò-l, pou-l prezanté nou sin, san tach, san
 yo pa gin anyin pou reproché nou dévan-l, ²³ si réyèlman nou kinbé fèm
 nan lafoua-a, nou pran rasîn byin solid san anyin pa dékontrolé nou sot
 nan éspérans Bòn Nouvèl la nou té tandé-a, Bòn Nouvèl sa-a y-ap préché
 bay tou sa Bondié kréyé yo ki anba sièl la, Bòn Nouvèl sa-a mouin minm
 Pòl m-ap sèvi-a.

²⁴ Koulié-a mouin kontan nan soufrans m-ap souffri pou nou yo, m-ap
 konplété sa-k manké nan soufrans Kris la nan chè mouin, pou kò-l ki
 Égliz la. ²⁵ sé sèvitè Égliz sa-a mouin vîn tounin, dapré sèvis Bondié ban
 mouin pou-m fè nan nou-an, pou-m réalizé paròl Bondié-a. ²⁶ Mistè-a, ki
 té kaché dépi sièk tan yo ak jénérasyon yo, koulié-a li révéle nan sin-l yo.
²⁷ Bondié té vlé montré sin yo richès gloua sakréman sa-a nan nasion yo :
 Kris la, éspérans gloua-a nan nou ; ²⁸ nou anonsé li antan n-ap réprann
 tout moun, antan n-ap bay tout moun ansègnman nan tout kalité sajès,
 pou nou prezanté tout moun kòrèk nèt nan Kris Jézu ; ²⁹ sé pou li m-ap
 travay, m-ap batay dapré aktivité-l k-ap aji nan mouin nan puisans la.

^{2.1} Réyèlman, mouin vlé nou konnin ki kalité tèt chajé mouin gin pou
 nou ak pou sa yo ki Laodisé-a, ni tout moun ki pa-t ouè fas mouin nan
 chè-a, ² pou kè yo jouinn konsolasyon, antan yo jouinn ansègnman nan
 charité ak nan tout kalité richès ki plin intélijans la ; konsa n-a konnin

mistè Bondié Papa-a ak Kris Jézu, ³ koté tout trézò sajàs ak sians la kaché.

RÉPONS

Kol 1, 18. 17

R/. Kris la sé tèt kò Égliz la, premié pitit nan pami mò yo, * Pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay.

V/. Li minm li anvan tout bagay, tout bagay kanpé nan égzistans nan li. * Pou-l kapab kinbé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ipolit, prèt

Osijè koréksion tout érézi yo

(Cap. 10, 33-34: PG 16, 3452-3453)

Paròl la ki tounin chè-a fè nou vîn tankou Bondié

Sé pa gras a paròl ki pa vo anyin nou gin lafoua-a, ni sé pa ak mouvman sibat kè-a yo raché nou, ni gras a fasilité paròl prèch nou ki té karésé nou, min sé gras a paròl fòs Bondié-a ki dikté lafoua-a nou pap rénié-a.

Épi bagay sa yo, Bondié té kòmandé yo bay Paròl la, kanta Paròl la, li t-ap palé yo antan li t-ap konvèti moun nan sot nan dézobéyisans la pa lintèmediè yo, sé pa ak fòs nésésité antan-l fè-l tounin nan ésklavaj, min nan libèté antan li rélé ak konsèy ki angajé volonté-a.

Paròl sa-a, nan finisman tan yo, Papa-a té voyé-l, antan li vlé pou sé pa pa lintèmediè yon profèt ankò li palé ni pou yo konprann prèch sa-a yon

fason voualé min antan li pasé lòd pou li té parèt antan yo ouè-l, pou tè-a antan li ouè-l li té sové.

Paròl sa-a, nou aprann li pran yon kò sot nan Vièj la épi moun ansyin-an gras a yon nouvo fòmasyon li poté-l. Nou konnin moun sa-a sé nan pat nou-an li fèt; si réyèlman sé pa nan minm bagay li té soti, sé pou bontan li t-a kòmandé pou nou minm nou imité-l tankou yon mèt. Moun sa-a si réyèlman li té soti nan yon lòt substans pétèt poukisa li ta kòmandé-m bagay konsa, mouin minm ki fèt tou fèb la, épi kòman li minm li t-a bon épi kòrèk?

Pou yo pa pansé réyèlman li diféran ak nou, ata travay li té supòté, épi li té vlé grangou, épi li pa-t réfizé souaf, épi li té répozé nan somèy, épi pasion-an li pa-t pè li, épi li té obéyi lanmò-a, épi li té fè rézirkonsion-l nan parèt antan l-ap ofri pròp sa-l yé kòm moun nan tankou prémié frui yo nan tout bagay sa yo, pou ou minm tou, antan ou-ap souffri-a, ou pa dékourajé, épi antan-ou profité sé moun minm ou yé-a ou tann ou minm tou sa Bondié té ofri ba li-a.

Bondié ki vré-a, kòm ou konnin-l, ou-ap gin yon kò ki pa kapab mouri épi ki pa kapab gaté, yon sèl avèk moun nan, épi péyi roua sièl yo ou-ap posédé-l, ou minm ki té sou tè-a épi ki té konnin roua sièl la, ou-ap zanmi Bondié minm épi ou-ap éritié ansanm ak Kris la, ou pap ésklav mové lanvi oubyin souffrans oubyin maladi paské ou vîn tounin dié-a.

Kèlkésoua réyèlman sa-ou té sipòté ki mal, kòm sé moun ou yé, bagay sa yo sé Bondié ki t-ap bay yo, paské sé moun ou yé; kèlkésoua bagay yo minm yo suiv Bondié, bagay sa yo Bondié té promèt li t-ap bay yo lè-ou vîn tounin dié épi ou vîn pa kapab mouri. Sé klè *sé pou-ou konnin pròp tèt pa-ou* anvan-ou rékonèt Bondié ki fè-ou la; rinmin réyèlman épi kite yo rinmin-ou sé touché sa-a ki rélé-a.

Pa diskité donk antré nou youn kont lòt ni pa ézité tounin dèyè. Kris la réyèlman *li anlè tout bagay kòm Bondié*, li minm ki té fè lavé péché sot nan moun yo, antan li fè ansyin moun nan vîn kòrèk nèt kòm moun, apré li té rélé-l pòtré dépi nan kòmansman épi pa lintèmédiè résanblans la li té montré charité-a, sa-l ginyin aléga ou-a. Kòmandman li yo ki lou yo, koté ou obéyi yo, l-ap fè-ou vîn bon antan ou imité sa-k bon-an, ou-ap sanblé ak li, ou-ap jouinn konsidérasion nan min-l. Bondié réyèlman pa yon mandian li minm ki té fè-ou vîn tounin yon dié pou pròp gloua pa-l la.

RÉPONS

Jan 1, 14; cf. Bar 3, 38

R/. Paròl la té vîn tounin chè, li té abité nan nou. * Épi nou té ouè gloua li, gloua tankou pa Sèl Pitit la ki sot nan Papa-a, plin gras ak vérité.

V/. Yo ouè-l sou tè-a, li palé avèk moun yo. * Épi nou té ouè gloua li.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan Louanj yo nan matin Nésans Granmèt la, 433.

LÉKTU KOUT

Iz 9, 5

Yon ti pitit té pran nésans pou nou, yon pitit gason yo té ba nou ; kòmandman-an té vîn sou zépòl li ; y-ap rélé non-l Konséyé ki ékstraòdinè-a, Bondié ki fò-a, Papa sa-k pou tout tan-an, Prins lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Nan nésans Granmèt la, troup anj yo t-ap chanté : Sové yo sové-a sé gras a Bondié nou-an, ki chita sou trôn nan, épi gras a Mouton-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Papa-a té désidé métè tout bagay kanpé nan li-a, an nou priyé-l :

Pitit Bondié ki gin anpil rinmin-an, kouté nou.

Pitit Bondié-a, ou minm ki té kot Papa-a nan kòmansman-an épi ki vîn tounin moun nan plénitud tan yo,

— fè nou rinmin tout moun tankou frè.

Ou té vîn pòv, pou nou té vîn rich gras a pòv ou pòv la; ou té vidé pròp tèt pa-ou nè, pou nou té résisité gras a rabésé ou té rabésé-a, antan nou vîn tounin asosié gloua-ou la,

— fè nou tounin fidèl sèvitè Bòn Nouvèl ou-a.

Nou minm ki té chita nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a, ou té ba nou limiè :

— ba nou minm jan tou fòs, jistis ak lapè.

Ba nou yon kè ki douat épi sinsè, pou nou kouté parol ou-a,

— épi nan nou ak moun yo sou tè-a réalizé pi plis frui pou gloua-ou la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nouvo nésans Sèl Pitit ou-a nan chè-a délivré nou, nou minm ansyin ésklavaj la kinbé anba jouk péché-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Dét 4, 7

Èské gin yon lòt nasion ki tèlman gran, ki kapab gin dié yo k-ap proché pré-l, tankou Granmèt Bondié nou-an prézan nan tout siplikasyon nou yo koté-l ?

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Iz 12, 5-6

Chanté pou Granmèt la, paské li té aji avèk grandè; sé pou yo konnin sa sou tout tè-a. Fété, fè louanj, fi ki abité nan Siyon paské li gran nan mitan-ou, Sin Israèl la.

V/. Tout limit tè-a ap ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Cf. Tob 14, 6-7

Épi tout nasion yo sou tout tè-a ap tounin, y-ap krinn Bondié réyèlman vré, yo tout ap kite zidòl yo ginyin yo. Épi y-ap béni Bondié tout tan-an nan jistis. Tout pitit Israèl yo, sa y-ap libéré nan jou sa yo, antan yo sonjé Bondié nan vérité, y-ap rasanblé pou yo vini nan Jérusalèm. Épi y-ap kontan, moun yo ki rinmin Bondié nan vérité-a.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dézièm Vèp Nésans Granmèt la, 441.

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Piè 1, 3-4

Kris la ba nou tout bagay ki konsèné puisans Bondié-l la, pou lavi-a ak bon kè-a, pa lintèmediè konésans li-a, li minm ki té rélé nou ak pròp

gloua-a ak puisans la, li minm pa lintèmédiè-l yo té ba nou promès yo ki pi gran yo épi ki gin anpil valè yo, pou pa lintèmédiè bagay sa yo nou vîn tounin moun ki posédé natu Bondié-a, antan n-ap évité mové anvi ki sou tè-a k-ap gaté nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. N-ap fè gloua pou ou, Manman Bondié, paské sé nan ou Kris la pran nésans; sovè tout moun k-ap fè gloua pou ou.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la ki chèf ki lévé sot nan Bètléèm Juda-a pou-l minnin pèp sin li-an nan patiraj, antan nou kontan an nou aklamé-l :

Sé pou gras ou-a, Granmèt, avèk nou.

Kris la, sovè-a, ou minm nasion yo anvi-a, gayé Bòn Nouvèl ou-a nan réjion yo ki pa ko résévoua parol lavi-a,

— ralé tout moun vîn jouinn ou.

Kris la, Granmèt la, déplouayé Égliz ou-a, épi laji éspas tant li-a,

— pou-l anbrasé moun ki sot nan tout lang ak nasion.

Roua tout roua yo, dirijé kè ak nanm chèf yo,

— pou antan y-ap chèché jistis la, yo travay pou lapè ak libèté tout pèp yo.

Mèt an chèf ki gin tout pouvoua, fòs moun ki fèb yo, asiré sa k-ap sibi tantasion yo, sa-k tonbé yo rédrésé yo, sa k-ap pasé danjé nan lavi yo protéjé yo,

— sa-k sibi échèk yo ak sa-k dézéspéré yo konsolé yo, sa y-ap pèsékité yo ranfòsé lafoua yo.

Ou minm k-ap konsolé sa-k nan lapinn yo, moun k-ap agonizé yo fòtifié yo,

— kondui yo nan sous dlo vivan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nouvo nésans Sèl Pitit ou-a nan chè-a délivré nou, nou minm ansyin ésklavaj la kinbé anba jouk péché-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Jou 31 désanm
NAN SÉTIÈM JOU ANNDAN OKTAV NÉSANS GRANMÈT LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Candor aeternae Deitatis alme*, 413.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété dévan fas Granmèt la, paské li vini.

Psòm 95 (96)

Granmèt la roua épi jij tout tè-a

Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, dévan fas Mouton-an
(Cf. Ap 14, 3).

¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
chanté pou Granmèt la, tout tè-a.

² Chanté pou Granmèt la, béni non li, *

- anonsé jou an jou sové li sové nou-an.
- 3 Anonsé gloua li pami nasion yo, *
nan tout pèp yo mèvèy li yo.
- 4 Paské Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
li térib anlè tout dié yo.
- 5 Paské tout dié nasion yo yo pa égzisté, *
min sé Granmèt la ki fè sièl yo.
- 6 Louanj ak bèlté dévan fas li, *
otorité ak dékoration nan kay sakré-l la.
- 7 Poté bay Granmèt la, fanmi pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans, *
- 8 poté bay Granmèt la gloua non-l nan.
Poté kado, antré nan lakou-l yo, *
- 9 adoré Granmèt la nan klèté-l ki sin-an.
Tranblé dévan fas li, tout tè-a, *
- 10 di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! ».
Réyèlman l-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ; *
l-ap jijé pèp yo nan jistis.
- 11 Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété, †
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l ; *
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa-k nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap fété †
- 13 dévan fas Granmèt la, sèké l-ap vini, *
paské l-ap vini pou-l jijé tè-a.
L-ap jijé fas tè-a nan jistis *
ak pèp yo nan vérité-l la.

Réf. Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété dévan fas Granmèt la, paské li vini.

Réf. 2 Limiè-a lévé pou sa-k kòrèk la, épi kontantman pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sové tè-a sové-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- ² Nuaj yo ak brouya antouré-l, *
jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- ³ Difé ap maché dévan-l, *
l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- ⁴ Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
tè-a ouè, li sézi.
- ⁵ Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
dévan fas Granmèt tout tè-a.
- ⁶ Sièl yo anonsé jistis li, *
tout pèp yo ouè gloua li.
- ⁷ Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
Adoré-l, tout anj li yo.

- ⁸ Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †
piti fi Juda yo fété, *
poutèt jijman-ou yo, Granmèt.
- ⁹ Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèt anlè tout tè-a, *
ou lèvé byin ro anlè tout dié yo.
- ¹⁰ Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
li protéjé nanm sin-l yo, *
li délivré yo sot nan min péchè yo.
- ¹¹ Limiè-a lèvé pou moun ki kòrèk la, *
ak kè kontan pou kè ki douat yo.
- ¹² Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Limiè-a lèvé pou sa-k kòrèk la, épi kontantman pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la té fè konnin sovè li sovè nou-an, alélouya.

Psòm 97 (98)

Granmèt la ranpòté viktoua nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré prémié fous Granmèt la té vini-an épi lafous tout nasion yo (S. Atanaz).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
paské li fè mèvèy.

Min douat li sové pou li, *

épi bra li ki sin-an.

2 Granmèt la fè konnin sové li sové-a, *
nan fas nasion yo li révélé jistis li-a.

3 Li sonjé mizérikòd li-a *
épi vérité-l la pou kay Israèl la.

Tout limit tè-a ap ouè *
sové Bondié nou-an sové nou-an.

4 Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, *
éklaté, fété, chanté psòm.

5 Chanté psòm pou Granmèt la sou gita, *
sou gita ak voua psòm ;

6 nan tronpèt métal épi ak voua tronpèt kòn, *
pousé rèl fèt nan fas Granmèt la ki roua-a.

7 Sé pou lanmè-a sonnin ak sa-k plin-l nan, *
fas tè-a ak sa ki abité nan li yo.

8 Sé pou riviè yo bat bravo, †
sé pou tout mòn yo fété⁹ dévan fas Granmèt la, *
paské l-ap vîn jijé tè-a.

L-ap jijé fas tè yo nan jistis *
ak pèp yo nan sa ki douat.

Réf. Granmèt la té fè konnin sové li sové nou-an, alélouya.

V/. An dènié Bondié palé avèk nou nan Pitit la.

R/. Sé pa lintèmédiè-l li té fè sièk yo tou.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

2, 4-15

Lafoua nou nan Kris la

Frè yo : ⁴ Bagay sa-a mouin di, pou pèsonn pa tronpé nou nan paròl grandizè, ⁵ si réyèlman dapré chè-a mouin absan, min dapré éspri-a mouin la avèk nou antan mouin kontan épi m-ap ouè lòd nou ak solidité lafoua nou, nan Kris la.

⁶ Minm jan nou té résevoua Jézu-Kri Granmèt la, sé konsa pou nou maché nan li, ⁷ antan nou pran rasîn nan li, nou bati nan li, nou asiré nan li gras a lafoua-a, jan nou té aprann nan, antan nou plin rékonésans pou li. ⁸ Atansyon pou pèsonn pa tronpé nou avèk filozofi ak manti ki vid, dapré ansègnman lézòm transmèt yo, dapré gran prinsip ki antré nan konpozision tou sa nou ouè-a, épi sé pa dapré Kris la ; ⁹ paské sé nan li minm, ak tout kò-l, tou sa Bondié yé-a abité, ¹⁰ épi nou plin ak sa-k nan li-a, li minm ki chèf tout otorité ak pouvoua ; ¹¹ sé nan nou sikonsi ak yon sikonsizyon ki pa fèt ak min moun k-ap ouété kò chè-a, min nan sikonsizyon Kris la : ¹² nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité, antan nou mét lafoua nan aksion Bondié, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo. ¹³ Nou minm, ki té mouri akoz fot yo, épi poutèt késion po ti kò nou-an, li fè nou viv avèk li, li padonnin tout fot nou yo, ¹⁴ li détrui biyè dèt la ki té ékri kont nou-an ; sa-k té kont nou-an, li pran-l nan li minm, li klouré-l sou koua-a ; ¹⁵ li dégradé otorité ak pouvoua yo, li trinnin yo akèlè, li ranpòtè viktoua sou yo dévan tout moun nan li minm.

RÉPONS

Kol 2, 9. 10. 12

R/. Nan Kris la, ak tout kò-l, tou sa Bondié yé-a abité an plin, * Sé li minm ki chèf tout otorité ak pouvoua.

V/. Nou antéré avèk li nan batèm nan, koté nou résisité avèk li tou, antan nou mét lafoua nan aksion Bondié-a. * Sé li minm.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Léon legran, pap

(Sermo 6 in Nativitate Domini, 2-3 , 5 : PL 54 , 213-216)

Nésans Granmèt la sé nésans lapè-a

Minm si kondision bébé sa-a, sa grandè Pitit Bondié-a pa-t méprizé-a, li gin pou-l progrèsé ak laj k-ap ajouté-a vîn yon moun apouin nèt, épi, antan li fîn réalizé soufrans la ak trionf rézireksion-an, antan li travèsé pou nou tout aksion rabèsman-an li té pran pou nou yo, poutan fèt jodi-a rénouvlé pou nou premié kòmansman sakré nésans Jézu sot nan Vièj Mari-a; épi pandan n-ap adoré nésans Sovè nou-an, nou dékouvri sé pròp kòmansman pa nou n-ap sélébré.

Anfantman Kris la réyéman sé la pèp krétyin-an soti, épi nésans tèt la sé nésans kò-a.

Minm si chak moun nan sa yo rélé yo gin plas pou yo yé-a épi tout pitit Égliz la yo séparé dapré siksésion tan yo, poutan tout kantité fidèl yo, ki pran nésans nan fontèn batèm nan, minm jan ansanm avèk Kris la yo klouré sou koua-a, yo résisité nan rézireksion-an, yo mété yo adouat

Papa-a nan asansion-an, konsa yo pran nésans ansanm avèk li nan nésans sa-a.

Kèlkésoua moun ki kouè yo réyèlman, nan ninpòt pati tè-a, li gin nouvo nésans nan Kris la, antan-l koupé branch sa-k anyin-an koté-l soti-a, li travèsé nan nouvo moun nan antan-l gin nouvo nésans la; li pa ginyin désandans nan papa dapré chè-a ankò, min nan sémans Sovè-a, li minm sé pou sa li té tounin Pitit moun nan, pou nou minm nou kapab tounin Pitit Bondié.

Si li minm réyèlman li pa-t désann vîn koté nou nan rabèsman sa-a, pèsonn pa t-ap kapab rivé koté-l ak pròp mérit li yo.

Sé pou sa réyèlman, jan sin Apot la anségné-a, nou pa-t résévoua éspri tè sa-a, min Éspri ki sot nan Bondié-a, pou nou konnin ki kado Bondié fè nou yo; li minm yo pa kapab sèvi otréman, sof si sé sa li minm li bay la yo ofri-l.

Kisa minm nou kapab jouinn nan trézò jénérozité Granmèt la ki t-a tèlman koréponn pou onoré fèt koulié-a, èské sé pa lapè, sa yo té anonsé toudabò ak chan anj yo t-ap fè ansanm nan nésans Granmèt la?

Sé li minm réyèlman ki anfanté pitit Bondié yo, ki nourri rinmin-an épi ki produi unité-a, répo sin yo épi koté ètènitè-a abité; li minm pròp travay li épi byinfè spésial li sé pou sa li séparé sot sou tè-a li fè yo fè youn ak Bondié.

Yo minm ki, donk, *sé pa nan sa yo, ni nan volonté chè-a, ni nan volonté gason, min sé nan Bondié yo pran nésans*, sé pou yo ofri Papa-a kè pitit k-ap fè lapè ki akòdé, épi sé pou tout manb yo adopté yo rasanblé vîn ansanm nan premié Pitit nouvo kréatu-a, ki pa-t vini pou fè volonté pa-l min volonté sa-k té voyé-l la: paské gras Papa-a pa adopté éritié ki an

dézakò ni ki pa sanblé, min ki gin yon sèl santiman épi yon sèl rinmin-an. Sa yo réfòmé nan yon sèl pòtré-a sé pou yo gin konfòmité nanm nan.

Nésans Granmèt la, sé nésans lapè-a: sé konsa réyèlman Apot la di: *Li minm minm sé lapè nou-an, li minm ki fè toulédé yon sèl; paské soua juif soua nasion, sé nan li-minm nou gin posibilite rivé kot Papa-a.*

RÉPONS

Éféz 2, 13-14. 17

R/. Nou minm ki té louin lontan-an, nou vîn tou pré nan san Kris la. * Sé li minm ki lapè nou, li minm ki fè toulédé vîn tounin yon sèl la.

V/. Li vini, li anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo. * Sé li minm.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan Louanj yo nan matin Nésans Granmèt la, 433.

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2- 3

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la. Min sa k-ap rivé : tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri nan lavi nan Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Rivé vîn gin yon foul lamé sièl la ansanm ak Anj la k-ap fè louanj Bondié, k-ap di : Gloua pou Bondié nan rotè anlè yo, épi sou tè-a lapè pou moun bòn volonté yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, li minm gras li-a té parèt pou tout moun yo, antan nou bésé dévan-l ak konfians an nou inploré-l :

Granmèt, pran pitié pou nou.

Ou minm Kris la, Papa-a anfanté anvan tout sièk yo, klèté gloua li-a, pòtré sa Papa-a yé nan li minm nan, ou minm ki soutni tout bagay avèk paròl ou-a,

— n-ap mandé-ou, pou-ou mété lavi nan jou sa-a ak bòn nouvèl ou-a.

Ou minm Kris la, ou pran nésans sou tè sa-a lè plénitud tan yo té rivé, pou-ou sové ras moun yo épi pou-ou libéré tout kréatu,

— n-ap mandé-ou, pou-ou bay tout moun libèté.

Ou minm Kris la, Pitit Papa-a ki minm ak sa-l yé-a, li anfanté-ou anvan limiè-a parèt, ou minm ki fèt Bétléèm, pou Sa ki Ékri yo té akonpli,

— n-ap mandé-ou, pou povreté-a kléré nan Égliz ou-a.

Ou minm Kris la, Bondié épi moun, ou minm ki Granmèt David épi pitit li, antan-ou akonpli profési yo,

— n-ap mandé-ou, pou Israël rékonèt sé ou ki Mési-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki fè ni kòmansman ni pèfèksion tout rélijion-an jouinn baz li nan nésans Pitit ou-a, fè nou favè, tanpri, pou yo konté nou nan pòsion pa-l la, li minm koté moun nan fîn sovè nèt la. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Iz 45, 13

Mouin té fè-l lévé nan jistis la épi tout chémin-l yo, m-ap égalizé yo; li minm l-ap bati vil mouin-an épi moun mouin yo ki égzilé yo, l-ap voyé yo alé, san-l pa péyé pri lagé, ni lajan anba chal, Granmèt lamé yo ki di sa.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Iz 48, 20

Avèk voua fèt sé pou nou anonsé; sé pou nou fè tandé sa, fè sa rivé jous nan bout tè-a, sé pou nou di : « Granmèt la té rachté sèvitè-l Jakòb ».

V/. Tout limit tè-a ap ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Iz 65, 1

Mouin kité moun ki pa t-ap pozé-m késion proche koté-m, mouin kité moun ki pa t-ap chèché-m jouinn mouin. Mouin té di: « Min mouin, min mouin! », pou yon nasion ki pa t-ap rélé non-m.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Jou 1é janvié
Nan oktav Nésans Grammèt la

SOLANITÉ SINT MARI MANMAN BONDIÉ

Pou premié Vèp yo

IMN (*Corde natus ex Parentis*)

Sa-a ki gin nésans sot nan kè Papa-a
dépi anvan tè-a fèt la,
yo rélé-l Alfa ak Oméga,
sé li minm ki sous ak finisman
tout sa ki égzisté, ki té égzisté
épi k-ap vini apré.

Li abiyé ak fòm kò ki fèb la,
ak manb yo ki ésklav lanmò-a,
pou ras la pa péri,
sa-k sot nan jèm premié moun nan,
sa laloua kondanasion-an té plonjé
nan fon péyi lanmò-a.

Ala kontantman pou sa-a ki parèt la,
lè jèn manman ki Vièj la
té anfanté sové nou sové-a
antan li ansint gras a Éspri-Sin-an,
épi ti moun nan ki rédanmètè ronnn tè-a
bouch ki sakré-a té fè-l soti.

Min li, sa-a poèt sièk ansyin yo
 t-ap chanté ansanm nan,
 sa-a liv profèt yo ékri yo
 t-ap garanti ak konfians,
 sa-a yo té promèt lontan-an, li parèt:
 sé pou tout bagay fè louanj li ansanm!

Sé pou nou fè tandé gloua pou Papa-a toupatou
 avèk voua k-ap byin chanté yo;
 Sé pou nou chanté gloua pou Kris la,
 ki pran nésans nan yon manman ki Vièj,
 épi pou Paraklè-a ki tèlman gran-an
 gloua pou tout tan. Amèn.

Réf. 1 Ala li ékstraòdinè sa nou troké-a ! Kréatè ras moun nan, antan li pran yon kò animé, li té aksépté pran nésans sot nan Vièj la; épi antan sé san sémans li soti kòm moun, li té fè nou kado divinité-l la.

Psòm yo ak kantik la nan **Komin Sint Vièj Mari**, 1354.

Réf. 2 Lè-ou té pran nésans nan Vièj la yon fason yo pa kapab palé-a, lè sa-a sa-k té ékri yo té réalizé : ou té désann tankou lapli sou linn nan, pou-ou sovè ras moun nan. N-ap fè louanj ou, Bondié nou.

Réf. 3 Rajé-a Moyiz té ouè ki pa-t boulé-a, nou rékonèt sé ou minm ki rété vièj, ki mérité louanj. Manman Bondié, lapriyè pou nou.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. Poutèt charité-l la ki dépasé mézi-a, sa Bondié té rinmin nou ak li-a, li té voyé Pitit li-a nan résanblans chè péché-a: li pran nésans nan yon fi, li fèt anba laloua-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Li béni, Grammèt Jézu, lapè nou-an, li minm ki té vini pou dé yo fè yon sèl. Antan n-ap sipliyé an nou mandé :

Bay tout moun lapè-ou la, Grammèt.

Ou minm ki, antan-ou pran nésans la, ou té montré moun yo jan-ou bon épi jan-ou rinmin yo,

— fè nou toujou rété nan aksion-d-gras pou tout byin ou fè nou yo.

Ou minm ki té fè Mari, Manman-ou, plin ak lagras,

— bay tout moun abondans lagras-ou yo.

Ou minm ki té vîn anonsé Bòn Nouvèl Bondié-a bay moun yo sou tè-a,

— fè moun yo k-ap préché paròl ou-a épi sa k-ap kouté-l yo vîn pi plis.

Ou minm frè nou-an ki té aksépté pran nésans nan Mari ki Vièj,

— aprann moun yo pou youn rinmin lòt tankou frè.

Ou minm ki té parèt pou moun yo sou tè-a tankou solèy k-ap lévé-a,

— montré défin yo vizaj ou pou yo ouè-ou fas a fas.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki bay ras moun nan rékonpans sovè tout tan-an, gras a Mari ki sin, ki anfanté antan li Vièj la, fè nou favè, tanpri, pou nou santi kijan l-ap plédé kòz nou, li minm ki fè nou mérité résévoua Pitit ou-a ki bay lavi-a. Li minm ki vivan.

Pou Invitatoua-a

Réf. An nou sélébré matènitè Vièj Mari-a: an-n adoré Kris la, Granmèt la, Pitit li-a.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Radix Iesse floruit*)

(*Pi lib pou mézi chan-an*)

Rasîn nan fléri,
Branch la donnin frui;
Fi-a fè pitit,
Manman-an rété Vièj.

(*Pi kolé sou latin-an*)

Rasîn Jésé-a té fléri
épi branch la té bay frui;
sa-k donnin-an té anfanté
épi manman-an rété vièj.

Li-k té fè limiè,
 Yo mété-l nan krèch;
 Li-k té kréyé sièl,
 Li vlopé ak toual.

Li-k bay sièk yo lòd,
 Li-k mét kòmandman,
 Li vîn tounin moun
 Anba chinn laloua-a.

Limiè, Sovè fèt,
 Nuit, lanmò fini;
 Vini, nou mèt kouè :
 Mari bay Bondié.

Konpliman, Jézu,
 Ou-k fèt nan Mari,
 Papa-a, Éspri-a,
 Louanj tout tan, Amèn.

Li té poté-l pou dépozé-l nan krèch la
 li minm ki té fè limiè-a;
 avèk Papa-a li té kréyé sièl yo,
 anba manman-an li té abiyé ak moso toual yo.

Li minm ki té bay sièk la laloua-a,
 sa-k gin dis kòmandman yo,
 antan-l té vîn tounin moun
 li aksépté pou-l anba kòd laloua-a.

Déja limiè-a ak sovè-a pran nésans,
 nuit la ralé kò-l, lanmò-a pèdi batay;
 vini, nasion yo, kouè:
 Mari fè ouè Bondié.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ki pran nésans sot nan Vièj la,
 ak pou Papa-a ak pou Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Soulvé nou, pòt tout tan yo, épi l-ap antré, Roua gloua-a.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 704.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- 1 Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- 2 Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- 3 Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- 4 Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- 5 Moun sa-a ap résévoua bénédiksjon nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- 6 Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.

- ¹⁰ Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Soulvé nou, pòt tout tan yo, épi l-ap antré, Roua gloua-a.

Réf. 2 Yon moun té pran nésans nan li, épi Sa-a ki Anro nèt la li minm té pozé fondasion-l.

Psòm 86 (87)

Jérusalèm, manman tout nasion yo

Jérusalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹ Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
² Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *
pasé tout tant Jakòb yo.
³ Y-ap di bèl bagay sou ou, *
vil Bondié-a !
⁴ M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
sa yo fèt isit la.
⁵ Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
⁶ Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
« Sa yo fèt isit la ».

- ⁷ Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
« Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yon moun té pran nésans nan li, épi Sa-a ki Anro nèt la li minm té pozé fondasion-l.

Réf. 3 Anvan zétoual matin-an li gin nésans épi anvan sièk yo, Granmèt la, Sovè nou-an, jodi-a li té vlé pran nésans.

Psòm 98 (99)

Li sin Granmèt Bondié nou-an

Ou anlè Chéribin yo, ou minm ki chanjé mové kondision tè-a, lè ou té vîn fèt dapré résanblans nou-an (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Pèp yo ap frissonnir ; *
li chita anlè chéribin yo, tè-a ap tranblé.
- ² Granmèt la gran nan Siyon, *
li lévé byin ro anlè tout pèp yo.
- ³ Sé pou yo fè louanj pou non-ou ki gran, ki mérité respè, *
paské li sin.
- ⁴ Roua ki gin fòs la, li rinmin jistis : †
sé ou minm ki fiksé sa ki douat yo, *
jijman ak jistis, sé ou minm ki fè-l nan Jakòb.

- 5 Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré dévan éskabo pié-l, *
paské li sin.
- 6 Moyiz avèk Aaron, nan pami prèt li yo *
ak Samuèl nan pami yo, sa-k rélé non-l yo.
Yo té rélé Granmèt la, li minm li té réponn yo, *
- 7 nan kolòn nuaj la li t-ap palé avèk yo.
Yo té kinbé témouagnaj li yo, *
ak kòmandman li té ba yo-a.
- 8 Granmèt Bondié nou, ou té konn kouté yo ; †
Bondié, ou té konn padonnin yo, *
antan-ou té korijé lidé yo té fè.
- 9 Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré-l sou mòn li ki sin-an, *
paské li sin, Granmèt Bondié nou-an.

Réf. Anvan zétoual matin-an li gin nésans épi anvan sièk yo, Granmèt la, Sovè nou-an, jodi-a li té vlé pran nésans.

V/. Paròl la té vîn tounin chè, alélouya.

R/. Épi li té abité nan nou, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Ébré yo

2, 9-17

Kris la sanblé ak frè yo nan tout bagay

Frè yo : ⁹ Min sa-a ki vîn yon ti kras pi ba pasé Anj yo, nou ouè-l, sé Jézu, li kouronnin ak gloua ak konsidérasion poutèt soufrans lanmò-a ; akoz gras Bondié-a li té gouté lanmò pou tout moun.

¹⁰ Sa-a tout bagay fèt poutèt li-a épi pa lintèmédiè-l la, li minm ki t-ap minnin tout pakèt pitit yo nan gloua-a, li té gin pou-l té kondui sa-a ki t-ap sové yo-a nan dènié pouin li, pa lintèmédiè soufrans la. ¹¹ Sèké sa-a k-ap fè yo vîn sin-an épi sa yo ki vîn sin-an sé nan yon sèl yo tout yo soti. Sé poutèt sa li pa ront rélé yo frè, ¹² antan-l di :

« *M-ap anonsé non-ou bay frè-m yo :
nan mitan asanblé-a m-ap fè louanj ou* ».

¹³ épi ankò : « *Mouin minm m-ap mét konfians sou li* »,
épi ankò : « *Min mouin minm épi pitit yo, sa Bondié ban mouin-an* ».

¹⁴ Paské pitit yo té kominiké nan chè-a ak san-an, Jézu li minm tou té vlé patisipé nan yo, pou, gras a lanmò-a, li té kapab détrui sa-a ki té gin pouvoua lanmò-a, sa vlé di djab la ; ¹⁵ pou-l té kapab libéré sa yo ki t-ap pasé tray pandan tout lavi-a poutèt ésklavaj kè soté lanmò-a. ¹⁶ Sé pa Anj yo li vîn poté sékou, min sé ras Abraam nan li vîn poté sékou. ¹⁷ Sé poua li té gin pou-l sanblé ak frè yo nan tout bagay, pou-l té kapab pran pitié pou yo, pou-l té kapab vîn tounin yon prèt an chèf ki fidèl kot Bondié, pou-l té kapab padonnin fot pèp la.

RÉPONS

Lk 1, 28

R/. Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Granmèt la, kréatè tè-a. * Ou té anfanté Sa-a ki té fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj.

V/. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras, Granmèt la avèk ou. * Sa-a ki té fè-ou la.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Atanaz, évèk

(Epist. ad Epictetum, 5-9: PG 26, 1058. 1062-1066)

Paròl la pran sa nou yé-a sot nan Mari

*Paròl la té pran désandans Abraam nan, jan Apot la di-a, sé pou sa li té doué nan tout bagay vîn sanblé ak frè yo, épi pran yon kò ki sanblé ak pa nou-an. Sé poua donk Mari vrèman nésésè pou nan li, li pran kò-a épi tankou pròp pa-l li ofri-l pou nou; Ékritu-a fè sonjé anfantman-an épi li di: *Li vlopé-l ak bann toual* épi li t-ap déklaré tété yo sin, yo minm ki té sèvi pou ba-l bouè lèt la, sé kòmси antan nésans la louvri matris la li ofri tèt li an sakrifis. Épi Gabrièl minm avèk prékosion épi avèk prudans t-ap anonsé li, antan li di nou sa yon fason sinp, *nan ou* l-ap pran nésans, pou pa t-a pansé sé yon kò ki ékstériè a li ki introdui; min, *apati ou minm*, pou, sa ki té pran nésans la, yo té kouè soti li soti-a li té kondui-l soti nan ou.*

Sé konsa minm bagay la té rivé pou sa nou yé-a Paròl-la pran-an épi li ofri an sakrifis la li pran-l nèt épi apré sa li abiyé nou ak sa-l yé-a, sa té

bay Apot la okazion pou-l té di: *Bagay sa-a k-ap gaté-a li doué abiyé ak sa-k pa kapab gaté-a, épi sa k-ap mouri-a li doué abiyé ak sa ki pa kapab mouri-a.*

Bagay sa yo minm sé pa bagay yo pansé anlè san fondman yo yé, jan kèk moun pansé-a, pa ditou, min Sovè-a antan-l vîn tounin moun tout bon vré-a, sé sové li rivé sové tou sa moun nan yé-a. Sé yon réalité, sé pa sèlon yon bagay yo imajiné li yé, sové nou sové-a, ni sé pa sèlman kò-a; min réyèlman sé tout moun nan, sa vlé di nanm nan épi kò-a, sové li sové sa-a réalizé nan Paròl la minm.

Li té gin kondision moun, konsa sa-k té soti nan Mari-a sèlon natu-a dapré sa Bondié té ékri yo épi sé té réyèlman kò Granmèt la; mouin di li té yé paské sé minm nan ak pa nou-an ki kanpé nan égzistans la. Sé sè nou réyèlman Mari yé, nou tout an vérité sé nan Adan nou sòti.

Sé sa réyèlman Jan di: *Paròl la vîn tounin chè-a*, li gin minm signifkasion, tankou li posib pou pran apati minm fason palé-a: kay Pòl réyèlman yo ékri: *Kris la vîn tounin pou nou bagay ki madichonnin*. Sèké pou kò moun nan apati kominion li avèk union li avèk Paròl la gin yon grandè san mézi ki rivé: sot nan sa ki kapab mouri-a réyèlman vîn ginyin sa ki pa kapab mouri-a, épi, malgré sé souf vivan li té yé li vîn tounin spirituèl épi malgré sé apati tè li té fèt, li té pénètré pòt sièl yo.

Sètènman Trinité-a, minm antan Paròl la pran kò apati Mari-a, li toujou Trinité, épi san-l pa admèt ogmantasion ni diminusion; min li toujou toutantié, épi nan Trinité-a sé yon sèl natu Bondié yo rékonèt, épi sé konsa yo préché nan Égliz la yon sèl Bondié Papa Paròl la.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 42

R/. Virjinité ki sin épi imakilé, avèk ki louanj pou-m t-a lèvé-ou anlè, mouin pa konnin: * Paské sa-a sièl yo pa-t kapab résévoua-a, sé nan vant ou ou té poté-l.

V/. Ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a béni. * Paské sa-a.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Fit porta Christi pervia*)

(*Pi lib pou mézi chan-an*)

(*Pi kolé sou latin-an*)

Pòt Jézu ki louvri
Ak tout kalité favè k-débodé,
Roua-a pasé, l-rét fèmin,
Minn jan li té yé, konsa pou tout sièk.

Pitit Papa nan Sièl
Ap vîn avansé nan lakou Vièj la;
Li Mari, li Sovè,
Kreatè ak Tèt tout Égliz li-a.

Lonè ak kontantman
Manman-an ak pakèt éspoua fidèl yo;
Ròch ki vîn sot nan mòn
Ak favè k-ap plin tout moun sou latè.

Pòt Kris la vîn louvri,
gras la soti pou tout moun,
roua-a pasé, pòt la rété fèmin,
jan-l té yé-a, pou tout sièk yo.

Pitit Papa-a ki anro nèt la,
té soti nan kay Vièj la,
épou, rédanmtè, kréatè,
jéan Égliz li-a:

Fièté manman-an ak kè kontan-l,
éspérans san limit pou moun ki kouè yo,
ròch ki vîn sot sou mòn nan
antan-l plin tè-a ak gras la.

Sé pou tout moun kontan,
 Koulié-a Sovè nasion yo rivé;
 Granmèt tè-a rivé,
 Li vîn délivré moun li té kréyé.

Tout louanj pou Jézu-Kri,
 Li minm ki Bondié Papa-a anfanté;
 Li minm Manman ki Vièj
 Rivé bay nésans gras a Éspri-Sin.

Tout nanm ap fété
 paské koulié-a sovè nasion yo,
 Granmèt tè-a, li vini
 pou-l délivré sa yo li té kréyé-a.

Tout gloua sé pou Kris la,
 Bondié sa-a Papa-a anfanté-a,
 li minm manman ki Vièj la bay la,
 antan-l donnin ak Éspri-Sin-an. Amèn.

Réf. 1 Li jèmin, rasîn Jésé-a; li lévé, zétoual la sot nan Jakòb; Vièj la té anfanté Sovè-a; ou minm n-ap fè louanj ou, Bondié nou-an.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 743.

Réf. 2 Min Mari anfanté Sovè-a pou nou; li minm lè Jan ouè-l, li té rélé antan-l di: Min Mouton Bondié-a, min Sa-a ki pran péché tè-a sou li-a, alélouya.

Réf. 3 Jèn manman-an té anfanté Roua-a ki gin non étènèl la, épi antan li gin kè kontan yon manman ansanm ak onè virjinité-a; bagay konsa ni yo pa-t ouè-l anvan ni pap ginyin-l apré, alélouya.

LÉKTU KOUT

Mi 5, 2-3 a. 4 a

Sa-a k-ap chèf nan Israèl la ap bay yo jous tan-an rivé, lè sa-a k-ap anfanté-a ap anfanté; épi rès frè-l yo ap tounin vîn jouinn pitit Israèl yo. Épi l-ap kanpé, l-ap okipé mouton yo nan fòs Granmèt la, nan grandè non Granmèt Bondié-l la ; épi li minm l-ap lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt té la fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sovè nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Sé yon mistè ékstraòdinè ki dévoualé jodi-a : tout bagay réfèt, Bondié vîn tounin moun; sa-l té yé-a rété, épi sa-l pa-t yé-a li pran-l, li pa sibi mélanj ni séparasion.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, an nou ba li gloua, li minm ki té pran nésans nan Mari ki Vièj la apati puisans Éspri Sin-an, épi an nou priyé-l antan n-ap di :

Pitit Vièj Mari-a, pran pitié pou nou.

Ou minm Kris la, ki té pran nésans nan Vièj Mari-a, ti pitit ki ékstraòdinè épi prins lapè-a,

— aksépté mété tout ronm tè-a nan lapè.

Roua épi Bondié nou, ou minm ki antan-ou vin-an ou té fè nou onè,

— fè nou favè pou nou onoré-ou ak lafoua épi ak konduit nou tout jou nou yo.

Ou minm ki té vîn sanblé ak nou,

— tanpri, pèmèt nou sanblé ak ou.

Ou minm ki vîn tounin sitouayin pami nou,

— rann nou konsitouayin rouayòm sièl ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki bay ras moun nan rékonpans sovè tout tan-an, gras a Mari ki sin, ki anfanté antan li Vièj la, fè nou favè, tanpri, pou nou santi kijan l-ap plèdé kòz nou, li minm ki fè nou mérité résévoua Pitit ou-a ki bay lavi-a. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm konplémantè yo, 1212, sof si li tonbé jou dimanch. Nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Sof 3, 14. 15 b

Fè louanj, pitit fi Siyon ; pousé rèl kontantman, Israèl! Réjoui, fété ak tout kè, pitit fi Jérusalèm! Roua Israèl la Granmèt la nan mitan-ou.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT**Zak 9, 9**

Fété kont kò-ou, pitit fi Siyon; éklaté ak fèt, pitit fi Jérusalèm. Min Roua-ou la ap vîn jouinn ou, li minm ki kòrèk la, li minm ki sovè-a.

V/. Tout limit tè-a ap ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Bar 5, 3-4**

Bondié ap fè tout sa-k anba sièl la ouè klèté-ou la, Jérusalèm. Min ki non Bondié ap rélé-ou pou tout tan : Lapè jistis la ak Gloua vénérasyon Bondié-a.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Corde natus ex Parentis*, 511.

Réf. 1 Sa nou troké-a, li ékstraòdinè ! Sa-a ki kréyé ras lèzòm nan, li pran yon kò ak nanm, li aksépté fèt nan Vièj la; sé yon moun ki pa soti nan sémans moun, li fè nou favè sa-l yé kòm Bondié-a.

Psòm yo ak kantik la nan **Komin Sint Vièj Mari**, 1377.

Réf. 2 Lè-ou té pran nésans nan Vièj la yon fason yo pa kapab palé-a, lè sa-a sa-k té ékri yo té réalizé : ou té désann tankou lapli sou linn nan, pou-ou sové ras moun nan. N-ap fè louanj ou, Bondié nou.

Réf. 3 Rajé-a Moyiz té ouè ki pa-t boulé-a, nou rékonèt sé ou minm ki rété vièj, ki mérité louanj. Manman Bondié, lapriyé pou nou.

LÉKTU KOUT**Gal 4, 4-5**

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Ala kontantman pou vant sa-a ki té poté-ou la, ou minm Kris la, épi ala kontantman pou sin yo ki té ba-ou bouè lèt la, ou minm Granmèt ak Sovè tè-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Émanuèl la, an nou béni-l, li minm Vièj la té poté nan vant la épi té anfanté-a. Antan n-ap sipliyé, an nou priyé-l ak insistans :

Pitit Vièj Mari-a, kouté nou.

Ou minm ki té bay Mari kè kontan pou-l vîn manman-an,

— bay tout paran yo pou yo gin rézon kontan osijè pitit yo.

Roua ki bay lapè-a, ou minm rouayòm ou-an sé jistis ak lapè-a,

— fè nou favè pou nou suiv bagay yo ki poté lapè-a.

Ou minm ki té vini pou fè ras moun nan vîn tounin pèp pou Bondié-a ki sin-an,

— rasanblé tout nasyon yo pou yo fè yon sèl antan yo antann yo.

Ou minm ki, antan-ou pran nésans la ou té maré séré sa-k fè fanmi-an rét ansanm nan,

— fè fanmi yo vîn fè youn nèt.

Ou minm ki té vlé pran nésans nan jou nou yo,

— pèmèt pou défin yo pran nésans nan jou pou tout tan-ou nan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Bondié, ou minm ki bay ras moun nan rékonpans sové tout tan-an, gras a Mari ki sin, ki anfanté antan li Vièj la, fè nou favè, tanpri, pou nou santi kijan l-ap plédé kòz nou, li minm ki fè nou mérité résévoua Pitit ou-a ki bay lavi-a. Li minm ki vivan.

Nan réjion koté yo sélébré solanité Épipani Grammèt la nan dimanch ki tonbé ant 2 ak 8 janvié, yo pa fè anyin ak dézièm dimanch apré Nésans Grammèt la. Min lè yo fin sélébré Épipani-an, yo fè Ofis la jan yo indiké 589-593, avèk pati ki pròp yo 624 ss., sof si dimanch la t-a tonbé jou 7 oubyin 8 janvié-a, nan ka sa-a jou ki suiv la yo sélébré Ofis fèt Batèm Grammèt la jan yo indiké 679-699, antan yo pran psòm Lè nan mitan jounin-an nan lindi premié sémèn nan avèk réfrin fèt la; léktu kout la, vèsè-a épi priyè-a tou yo pran yo nan fèt la; min pou Konpli yo sé psòm lindi-a.

Madi ki suiv la tan nan kouran ané-a kòmansé, vol. III.

DÉZIÈM DIMANCH APRÉ NÉSANS GRANMÈT LA

ki tonbé ant 2 ak 5 janvié

nan réjion koté yo sélébré solanité Épipani Granmèt la jou 6 janvié-a

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Christe, redemptor omnium*, 411.

Réf. 1 Vièj la té vîn ansint gras a paròl la, li té toujou rété vièj ; Vièj la té anfanté Roua tout roua yo.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn nan, 846.

Réf. 2 Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm ; Granmèt la té fè tankou yon rivière lapè koulé sou li.

Réf. 3 Li pran nésans pou nou, Bondié ki sot nan Bondié-a, limiè ki sot nan limiè-a, li minm ki té la dépi nan kòmansman-an.

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 20

Nou konnin Pitit Bondié-a té vini épi li té ba nou intélizans, pou nou konnin-l ki vré-a; épi nou nan li ki vré-a, nan Pitit li-a Jézu-Kri. Sa-a sé li ki vré-a, Bondié ak lavi tout tan-an.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. Gras sièl la antré nan zantray Sa-k Anfanté-a ki rété intak la: vant jèn fi-a poté sékrè yo li-minm li pa-t konnin-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, an nou adoré-l, li minm ki té vidé pròp tèt li nèl, antan li pran kondision ésklav, épi li kité yo tanté-l nan tout bagay akòz résanblans la, sof péché-a. Ak chalè lafoua-a, an nou priyé-l :

Gras a nésans ou, poté sékou bay moun ou rachté yo.

Antan-ou antré sou tè-a, ou té mété nouvo épòk profèt yo té anonse davans la,

— fè Égliz ou-a toujou ap rajéni nan nouvo épòk sa yo.

Ou minm ki té pran féblès moun nan,

— sé pou-ou limiè pou avèg yo, fòs pou sa-k fèb yo, konsolasion pou maléré yo.

Ou minm ki té pran nésans antan-ou pòv épi antan-ou rabésé,

— gadé pòv yo, épi, antan-ou pran pitié, konsolé yo.

Ou minm ki antan-ou pran nésans sou tè-a, ou té poté kontantman pou tout moun osijè lavi pou tout tan-an yo té promèt la.

— fè kè moun k-ap mouri kontan ak éspérans nésans nan sièl la.

Ou minm ki désann sou tè-a pou té kapab minnin tout moun nan sièl la,

— nan gloua-a rasanblé défin yo ansanm avèk ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, klèté nanm fidèl yo, aksépté plin tè-a ak gloua-ou la nan bon kè-ou, épi parèt pou tout pèp yo gras a klèté limiè-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Candor aeternae Deitatis alme*, 413.

Réfrin ak Psòm dimanch dézièm sémèn-nan, 850.

Vèsè, léktu ak répons, nan jou ki korésponn nan, 539 ss.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *A solis ortus cardine*, 414.

Réf. 1 Limiè-a lévé pou sa-k kòrèk la, paské Sovè tout moun yo pran nésans, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn-nan, 855.

Réf. 2 An nou di yon imn pou Granmèt Bondié nou-an.

Réf. 3 Pèp nasion yo ki té chita nan fènoua yo, li té ouè yon gran limiè.

LÉKTU KOUT

Ébr 1, 1-2

Anpil foua ak anpil maniè lontan Bondié té palé ak papa yo nan profèt yo, nan dènié jou sa yo li palé avèk nou nan Pitit la, li minm li instalé kòm éritié tout bagay la, sé pa lintèmediè-l tou li té fè sièk yo.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Jézu-Kri.

V/. Ou minm ki pran nésans sot nan Vièj Mari. * Pitié pou nou. Viv papa-a. Jézu-Kri.

Pou *Benedictus* la, réf. Vièj ki toujou fidèl, minm si li anfanté Paròl la ki pran chè-a, li rété vièj minm apré anfantman-an, li minm antan n-ap fè louanj li, nou tout n-ap di: Ou béni nan pami médam yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk louanj ki korèk, an nou sélébré Paròl Bondié-a, li minm ki égzisté anvan sièk yo épi ki pran nésans pou nou nan tan-an. Ak kontantman an nou akلامé-l, antan n-ap di :

Sé pou tè-a fété, paské ou té vini.

Kris, Paròl ki la tout tan-an, ou minm ki antan-ou désann sou tè-a, ou té bingnin-l avèk larouzé kontantman-an,

— fè kè nou kontan avèk vizité lagras ou-a ap vizité nou san rété-a.

Sovè nou-an, ou minm ki nan nésans ou-a ou té montré fidélité Bondié-a,

— fè nou kinbé promès batèm nou ak yon lafoua anplin.

Roua sièl la ak tè-a, ou minm ki fè anj yo anonsé lapè bay moun yo,
— konsèvé lavi nou nan lapè-ou la.

Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou té kapab vîn tounin véritab pié rézin-
an, k-ap donnin frui lavi-a pou nou,

— fè nou toujou branch k-ap rété nan ou, pou nou pa san frui.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, klèté nanm fidèl yo,
aksépté plin tè-a ak gloua-ou la nan bon kè-ou, épi parèt pou tout pèp yo
gras a klèté limiè-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Tit 2, 11-12

Gras Bondié k-ap sové nou-an té parèt pou tout moun yo antan l-ap
instrui nou, pou antan nou rénonsé péché-a épi anvî bagay sièk la, nou viv
yon fason réglé, yon fason kòrèk, yon fason ki sin, nan sièk sa-a.

V/. Granmèt la sonjé mizériköd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT**1 Jn 4, 9**

Nan sa-a charité Bondié-a té parèt nan nou puiské Bondié té voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Tr Ap 10, 36**

Bondié té voyé paròl la bay pitit Israèl yo antan li anonsé lapè-a pa lintèmédiè Jézu-Kri ; sa-a sé Granmèt tout moun.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Dézièm Vèp yo

IMN, *Christe, redemptor omnium*, 411.

Réf. 1 Li té kléré pou nou jou rédanmsion ki nouvo-a, préparasion ki ansyin-an, kontantman ki pou tout tan-an.

Psòm ak kantik dimanch dézièm sémèn-nan, 864.

Réf. 2 Bondié té voyé mizérikòd li-a ak vérité-l la.

Réf. 3 Sou tè yo, roua tout roua yo, Granmèt la, pran nésans pou nou: min li, sa-k sovè tè-a rivé déjà pou nou, rédanmsion nou-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 1-3

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a épi sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, – épi lavi-a té parèt, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an –. Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm tou nou gin kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. : Ala kontantman pou zantray yo ki té poté Pitit Papa ki la tout tan-an, épi ala kontantman pou sin yo ki té bay Kris la Granmèt la bouè lèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, antan n-ap fè gran fèt, an nou sélébré-l, li minm nan nésans li-a anj yo té anonsé lapè-a bay moun yo sou tè-a, épi ak nanm ki dévoué, an nou priyé avèk insistans :

Sé pou nésans ou-a poté lapè bay tout moun.

Plin, Granmèt, Égliz ou-a ak tou kalité byin,

— li minm ou konsolé ak mistè nésans ou-a.

Ou minm ki té vini kòm premié chèf pastè yo, épi kòm évèk nanm nou yo,

— fè pap la avèk évèk nou yo tounin moun k-ap bay avèk fidélimité lagras ou-a ki gin anpil fòm nan.

Roua pou tout tan-an, ou minm ki, antan-ou pran nésans la, ou té vlé fèmin nan yon ti moman lavi, épi ékspérimanté chanjman moun yo sibi-a,

— nou minm k-ap tonbé yo épi ki kapab mouri yo, fè nou vîn patajé sa-ou yé pou tout tan-an avèk ou.

Ou minm yo t-ap tann dépi sièk yo, ki té vini nan plénitud tan-an,

— montré prezans ou pou sa yo ki jouskoulié-a ap tann ou-an.

Ou minm ki antan-ou vîn tounin chè-a, ou té réfè égzistans moun nan ki té gaté akòz lanmò-a,

— fè défin yo réfèt nèt nan ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, klèté nanm fidèl yo, aksépté plin tè-a ak gloua-ou la nan bon kè-ou, épi parèt pou tout pèp yo gras a klèté limiè-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 2 JANVIÉ

Pou Ofis léktu-a

V/. Chanté pou Granmèt la, épi béni non li.

R/. Anonsé jou an jou sové li sové nou-an.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

2, 16 — 3, 4

Nouvo lavi-a nan Kris la

Frè yo : ^{2,16} Pèsonn pa doué jijé nou₂ nan manjé épi nan bouè oubyin nan pòsion fèt oubyin moua nouvo oubyin nan saba yo. ¹⁷ Sa yo, sé lonbraj bagay ki té gin pou yo vini yo, kidonk kò Kris la. ¹⁸ Pèsonn pa doué mété nou₂ akoté antan-l vlé, nan rabèsman ak sèvis sakré anj yo, bagay li té ouè antan l-ap maché kè gonflé ak éspri kò-l, ¹⁹ épi antan-l pa kinbé tèt la koté tout kò-a dévlopé dévlopman Bondié-a antan-l résévoua founiti li manké ak solidité, gras a jouinti yo ak rakò yo.

²⁰ Si nou té mouri avèk Kris sot nan éléman tè-a, ki bagay n-ap obsèvé kòm si nou vivan nan tè-a? ²¹ « Pa touché, pa gouté, pa kinbé ». ²² Tout

bagay sa yo ki pou déstriksion nan sèvis dapré lòd ak ansègnman moun yo, ²³ bagay sa yo ki gin sajès nan soua-dizan rélijion épi rabèsman épi san ménajman kò-a, min sé pa nan okinn respè parapò satisfaksion chè-a.

^{3,1} Si nou résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a : ² sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a. ³ Nou mouri réyèlman, lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. ⁴ Lè Kris la, lavi nou-an, ap parèt, lè sa-a, nou minm tou n-ap parèt avèk li nan gloua-a.

RÉPONS

Cf. Kol 3, 1-2; Lk 12, 34

R/. Si nou résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; * Sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa yo ki sou tè-a.

V/. Koté trézò nou-an yé-a, sé la kè nou ap yé tou. * Sé bagay ki anro yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv sin Bazil legran, évèk, Osijè Éspri-Sin-an

(Cap. 26, nn . 61. 64: PG 32, 179-182. 186)

Osijè Granmèt la k-ap bay kò li-a lavi-a nan Éspri-a

Moun nan ki déjà pa viv dapré chè-a, min ki kité Éspri Bondié-a fè-l aji épi ki poté non pitit Bondié-a épi ki pran fòm pòtré pitit Bondié-a, yo di li spirituèl. Épi minm jan puisans pou égzaminé-a sé nan yon jé ki an santé li yé konsa travay Éspri-a nan yon nanm ki nétouayé.

Minm jan tankou paròl la nan nanm nan, yon lè tankou yo pansé-l nan kè-a, yon lè tankou yo déklaré-l nan lang nan, sé konsa tou Éspri-Sin-an, oubyin lè li rann témouagnaj bay éspri nou-an, épi li rélé nan kè nou yo, *Aba, Papa*, oubyin lè li palé pou nou, dapré sa yo di-a, *sé pa nou minm k-ap palé, min Éspri Papa nou-an, k-ap palé nan nou.*

An plis, épi sé tankou sa-k toutantié-a nan pati yo, yo konprann Éspri-a dapré distribusion kado yo. Nou tout réyèlman youn parapò a lòt, nou sé manb, min antan nou gin kado ki diféran dapré gras Bondié ba nou-an.

Poutèt sa, *jé-a pa kapab di min-an: Mouin pa bézouin-ou; oubyin ankò tèt la pou pié yo: Mouin pa bézouin nou.* Min yo tout réyèlman ansanm ranpli kò Kris la nan unité Éspri-a; konsa utilité nésèsè-a yo youn rann lòt li apati kado yo.

Bondié réyèlman té pozé manb yo nan kò-a, chak nan yo dapré sa-l té vlé. Manb yo minm yo gin minm atansion youn parapò a lòt, dapré kominion spirituèl aféksion youn pou lòt ki fiksé nan yo. Sé poussa soua *yon manb ap souffri, ansanm avèk li tout manb yo ap souffri: soua yon manb nan gloua-a, ansanm tout manb yo gin kè kontan.*

Ankò, minm jan pati yo nan sa-k toutantié ansanm nan, sé konsa nou chak nou yé nan Éspri-a, paské nou tout ki nan yon sèl kò-a nou batizé nan yon sèl Éspri-a.

Minm jan tou nan Pitit la yo ouè Papa-a, konsa Pitit la yo ouè-l nan Éspri-a. Sé poussa adorasion ki fèt nan Éspri-a, indiké aktivité éspri nou-an ki réalizé tankou nan limiè, jan nou kapab aprann apati sa yo di Samaritèn nan. Sèké kòm li minm, akoz abitud réjion-an li té tronpé, li té pansé sé nan yon koté pou adorasion-an fèt, Granmèt la antan-l aprann li, li di sé nan Éspri-a ak vérité-a yo doué adoré: sètènman antan li rélé pròp tèt li vérité.

Minm jan donk nan Pitit la nou di adoration-an, tankou nan pòtré Bondié ak Papa-a: konsa tou nan Éspri-a, tankou l-ap ékspriyé nan pròp tèt pa-l divinité Granmèt la.

Sé pousa osans pròp épi yon fason konvnanb sé gras a ékléraj Éspri-a nou kontanplé klèté gloua Bondié-a; atravè tras la minm nou transpòté nan diréksion sa-a li sé tras li-a épi so li-a ki égal la.

RÉPONS

1 Korintyin 2, 12. 10; Éfézyin 3, 5

R/. Kanta nou minm nou pa résévoua éspri tè sa-a, min sé Éspri ki soti nan Bondié-a, pou nou konnin kado yo Bondié ba nou-an: * Sèké Éspri-a sondé tout bagay, jous profondè Bondié.

V/. Sa nan lòt jénérasyon yo, yo pa-t fè pitit moun yo konnin tankou koulié-a li té révélé bay sin apot yo ak profèt yo nan Éspri-a: * Sèké Éspri-a.

Si li tonbé jou dimanch, yo di *Te Deum*, 707.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 49, 8 b-9 a

Mouin instalé-ou kòm aliens pèp la, pou-ou mét péyi-a kanpé épi pou-ou séparé éritaj ki sakajé yo ; pou-ou di sa-k anchinnin yo : « Sòti », épi sa-k nan fènoua yo : « Parèt ».

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Nan krèch la li té kouché épi nan sièl yo li t-ap kléré; koté nou li t-ap vini, épi bò kot Papa-a li té rété.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kot Kris la, moun sièl la ak nouvo Adan-an, ki vîn tounin éspri k-ap bay lavi-a, an nou dirije siplikasyon nou yo, antan n-ap di : *Kyrie Eleison*.

Ou minm Kris la, solèy jistis, ki té révélé gloua-ou nan ras moun nou-an, pou-ou té kapab réalisé ansyin kontra-a,

— n-ap mandé-ou, pou-ou vidé limiè-ou la sou nou.

Ou minm Kris la, anj yo té glorifié-ou épi gadyin yo té anonsé-ou, Siméon avèk Àn té déklaré yo rékonèt ou épi yo té proklamé-ou,

— n-ap mandé-ou, pou Évanjil ou-a yo résévoua-l nan pèp promès la.

Ou minm Kris la, nan nésans ou-a, anj yo té chanté gloua nan rotè-a ak lapè sou tè-a,

— n-ap mandé-ou, pou fè lapè-ou la gayé sou tout ronnn tè-a.

Ou minm Kris la, nouvo Adan, ki fè ansyin moun-nan vîn nouvo épi ou té paré yon koté pou nou rété nan rouayòm ou-an,

— n-ap mandé-ou, pou moun yo ki krazé ak malè yo rivé kanpé ak éspérans ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bay pèp ou-a, tanpri, Granmèt, asirans ki pa fébli nan lafoua-a, pou, sa yo ki rékonèt Sèl Pitit ou-a ki avèk ou nan gloua-ou la tout tan-an li pran nésans nan vérité kò nou-an sot nan Manman ki Vièj la, yo délivré sot nan atak koulié yo épi yo antré nan kè kontan k-ap diré yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

1 Tim 1, 15

Li fidèl, paròl la épi li mérité yo résévoua-l tout jan: Kris Jézu té vîn sou tè-a pou-l sové péchè yo.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Ap 21, 23-24

Vel la pa bézouin solèy ni lalîn, pou yo kléré-l, paské klèté Bondié-a té kléré-l, épi lanp li sé Mouton-an. Nasion yo ap maché gras a limiè-l la, épi roua yo sou tè-a ap poté gloua yo-a ba li.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 5

Min mésaj la, sa nou té tandé sot nan li-a épi nou anonsé nou-an, sèké Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li.

V/. Mizérikòd ak vérité te rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Kol 1, 13-15

Bondié té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, li fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan li nou jouinn rédanmsion, padon pou péché yo; li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, prémié pitit pami tout kréatu.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat la, réf.* Ala kontantman pou Anfantman sa-a, li minm gras a li lavi ras nou-an réparé, paské tankou yon épou sot nan cham nòs li, Kris la soti nan vant Mari.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié, antan anpil foua li palé avèk papa nou yo nan profèt yo, an dènié li palé avèk nou nan Pitit li-a. An nou inploré mizérikòd li-a, antan n-ap di :

Kyrie eleison.

Pou Égliz ou-a ki sin-an,

— pou pitit ou yo déklaré, ak fidéлитé épi ak fòs, yo rékonèt non Sovè-a.

Kyrie eleison.

Pou moun yo k-ap anonsé bòn nouvèl la,

— pou travayè yo ou voyé yo préché non Sovè-a bay nasion yo avèk tout konfians.

Kyrie eleison.

Pou frè nou yo ki malad yo,

— pou yo rivé jouinn lasanté antan yo rélé non Sovè-a.

Kyrie eleison.

Pou krétyin yo k-ap sibi pèsékision,

— pou yo sipoté mové trétman yo avèk pasians poutèt non Sovè-a.

Kyrie eleison.

Pou frè nou yo ki mouri antan sé fot moun yo,

— pou yo jouinn lavi gras a mizérikòd ou-a.

Kyrie Eleison.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bay pèp ou-a, tanpri, Granmèt, asirans ki pa fèbli nan lafoua-a, pou, sa yo ki rékonèt Sèl Pitit ou-a ki avèk ou nan gloua-ou la tout tan-an li pran nésans nan vérité kò nou-an sot nan Manman ki Vièj la, yo délivré sot nan atak koulié yo épi yo antré nan kè kontan k-ap diré yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 3 JANVIÉ

Pou Ofis léktu-a

V/. Pitit Bondié-a té vini, épi li té ba nou intélijans.

R/. Pou nou konnin vré Bondié-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

3, 5-16

Lavi moun nouvo-a

Frè yo : ^{3,5} Mété lanmò nan manb nou yo ki sou tè-a : fònikasion, bagay ki pa pròp, mové tandans, mové lidé, avèk rinmin lajan, ki sèvis zidòl. ⁶ Bagay sa yo k-ap provoké kòlè Bondié sou moun ki pa gin lafoua yo, ⁷ nou minm tou nou té konn maché nan yo lontan, lè nou t-ap viv nan yo ; ⁸ Koulié-a minm, nou minm tou, dépozé tout bagay : kòlè, mové san, méchansté, blasfèm, paròl sal sot nan bouch nou ; ⁹ pa fè manti youn bay lòt, nou ouété moun ansyin-an ak tout aksion-l yo ki té abiyé nou-an, ¹⁰ nou abiyé ak moun nouvo-a, ki réfèt tou nèf nan konésans la, dapré

pòtré sa-a ki té kréyé-l la ; ¹¹ koté sa-a pa gin nasion ak Juif, ni sikonsizion ak pa-sikonsizion, ni moun sòt ak moun savan, ni ésklav ak moun lib, min sé Kris la ki tout bagay nan tout moun.

¹² Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, li rinmin, abiyé nou ak zantray mizérikòd, ak bon kè, rabésé tèt nou, ak dousè, pran pasians, ¹³ antan youn ap sipòté lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt : jan Granmèt la padonnin nou, konsa nou minm tou ; ¹⁴ anlè tout bagay sa yo : charité-a, li minm ki kòd ki maré pou fè fin kòrèk nèt la. ¹⁵ Sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò. Sé pou nou di mèsì.

¹⁶ Sé pou paròl Kris la abité nan nou jous li plin nou, antan nan tout sajàs youn ap bay lòt ansègnman, youn ap réprann lòt, avèk Psòm, kantik avèk chanté spirituèl, antan n-ap chanté nan gras nan kè nou pou Bondié.

RÉPONS

Cf. Gal 3, 27-28

R/. Nou tout ki té batizé nan Kris la, nou abiyé ak Kris la: * Nou tout réyèlman sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

V/. Pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi. *
Nou tout.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ogustin, évèk, nan Jan

(Tract. 17, 7-9: CCL 36, 174-175)

Doub kòmandman charité-a

Li té vini li minm minm Granmèt la, mèt k-ap anségné charité-a, plin charité, antan-l *rakousi*, dapré sa yo té di davans osijè-l la, *paròl la sou tè-a*, épi li té montré sé nan dé kòmandman charité yo laloua-a ak profèt yo pandié.

Kilès dé kòmandman sa yo, frè yo, raplé nou avèk mouin. Yo doué konnin yo trè byin réyèlman, sé pa yon fason sèlman pou yo vini nan mémoua-a lè nou sonjé, min yo pa doué janm éfasé sot nan kè ou. Tout tan tout lè sé pou nou pansé nou doué rinmin Bondié épi prochin-an: *Bondié ak tout kè, ak tout nanm, épi ak tout éspri; épi prochin-an tankou pròp tèt pa nou.*

Bagay sa yo tout tan sé pou yo pansé yo, bagay sa yo sé pou yo médité yo, sé pou yo kinbé yo, bagay sa yo sé pou yo réalizé yo, bagay sa yo sé pou yo akonpli yo. Amou Bondié-a li prémié nan lòd pou kòmandé-a, amour prochin-an minm li prémié nan lòd pou aji-a. Sa-a réyèlman ki té pasé-ou lòd rinmin sa-a nan dé kòmandman-an, li pa-t kòmandé-ou dabò prochin-an, épi apré sa Bondié, min toudabò Bondié, apré sa prochin-an.

Kanta ou minm, paské Bondié ou pa ko ouè-l, sé antan-ou rinmin prochin-an ou-ap mérité sa-a ou-ap ouè-a, sé antan-ou rinmin prochin-ou ou-ap nétouayé jé-a pou-ou ouè Bondié, antan sé yon fason klè Jan di: *Si frè-a, li minm ou ouè-a ou pa rinmin-l, Bondié li minm ou pa ouè-a, kijan ou kapab rinmin-l?*

Min yo di-ou: Sé pou-ou rinmin Bondié. Si ou di-m: Montré-m sa-a pou-m rinmin-an, kisa m-ap réponn, si sé pa sa li minm Jan té di-a: Bondié pèsonn pa-t janm ouè-l? Épi pa pansé ou toutafè andéyò pou-ou ouè Bondié: Bondié, dapré sa-l di, *li sé charité; épi moun ki rété nan charité-a sé nan Bondié li rété*. Sé pou-ou rinmin prochin-ou donk épi gadé nan ou minm ki koté sa soti pou-ou rinmin prochin-an; sé la ou-a ouè Bondié, nan mézi ou kapab.

Kòmansé donk rinmin prochin-an. *Séparé pin-ou bay sa ki grangou-a, épi étranjé-a ki pa gin koté pou-l rété-a fè-l antré nan kay ou-a; si-ou ouè yon moun nu-kò, abiyé-l, épi moun-kay ras ou pa méprizé yo.*

Antan donk ou fè bagay sa yo kisa ou-ap jouinn? *Lè sa-a limiè-ou ap éklaté tankou granmatin*. Limiè-ou la sé Bondié-ou la li yé koté-ou *granmatin*, paské apré lannuit sièk la l-ap vîn jouinn ou; sèké li minm li pa lèvé, ni li pa kouché, paské li toujou rété.

Antan-ou rinmin prochin-an, épi antan-ou pran souin sa-k konsèné prochin-ou nan, ou mèt maché. Ki chémin pou-ou fè, si sé pa nan diréksion Granmèt Bondié-a, nan diréksion li minm nou doué rinmin-an ak tout kè, ak tout nanm, ak tout éspri? Nan diréksion Granmèt la réyèlman nou pa ko rivé-a, min nou ginyin toupré nou-an. Poté-l donk, li minm ou-ap maché avèk li, pou ka rivé koté-l, li minm ou dézire rété avèk li-a.

RÉPONS

1 Jan 4, 10-11. 16

R/. Bondié té rinmin nou, li té voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo. * Si Bondié té rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou.

V/. Nou minm ki kouè, nou konnin charité-a Bondié ginyin pou nou-an. * Si Bondié.

Si li tonbé jou dimanch, yo di *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 62, 11-12 a

Di pitit fi Siyon-an : Min Sovè-ou la k-ap vini, min pri travay li avèk li, épi rékonpans li dévan-l. Épi y-ap rélé yo Pèp sin, Sa Granmèt la rachté yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la te fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Paròl la té vîn tounin chè, épi li té abité nan nou, plin gras ak vérité; sé nan sa-l plin-an nou tout nou té résévoua, épi gras sou gras, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmtè nou-an, Pitit Bondié-a, li minm ki vîn tounin moun pou-l té kapab fè moun nan vîn nouvo, an nou rélé-l ak kontantman, antan n-ap di :

Sé pou avèk nou, Émanuèl.

Jézu, Pitit Bondié vivan-an, klèté Papa-a, limiè tout tan-an, roua gloua-a,
solèy jistis la, pitit Vièj Mari-a,

— kléré jou sa-a avèk gloua inkarnasion-ou nan.

Jézu, konséyé ékstraodinè-a, Bondié fò-a, papa sièk k-ap vini-an, prins
lapè-a,

— dirijé chemin nou-an avèk sin kondision moun ou-an sin-an.

Jézu, ki gin tout pouvoua, ki gin pasians, ki obéyisan, ki dou épi tou piti
nan kè-ou,

— fè tout moun ouè pouvoua dousè-a.

Jézu, papa pòv yo, gloua fidèl ou yo, bon gadyin-an, vrè limiè-a, sajès san
limit, bonté san mézi-a, chémin ak lavi nou,

— bay Égliz ou-a éspri povreté-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki fè chè Pitit ou-a pa sibi dégradasion ras moun yo, gras a
nésans ki sin-an Vièj la ki sakré-a ba li-a, fè nou favè, tanpri, pou nou
minm ki résévoua nouvo kondision kréatu sa-a, nou dégajé sot nan
kontaminasion viyéès lontan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT**Iz 2, 3b-4**

Sé nan Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm. L-ap jijé nasion yo épi l-ap korijé anpil pèp; y-ap fonn épé yo nan pikoua, épi lans yo nan sèpèt; nasion pap lévé épé kont nasion, ni yo pap aprann fè lagè ankò.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT**Iz 9, 1**

Pèp ki t-ap maché nan fènoua yo, li té ouè yon gran limiè ; moun yo ki abité nan réjion lonbraj lanmò-a, yon limiè lévé pou yo.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Iz 60, 4 a-5**

Pitit ou yo, Jérusalèm ap vîn sot byin louin épi pitit fi-ou yo y-ap poté yo sou bra. Lè sa-a ou-ap ouè, ou-ap kléré, kè-ou ap sézi, l-ap gonflé,

paské fowl moun lanmè-a ap vîn rasanblé koté ou, fòs nasion yo ap vîn jouinn ou.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 5 b. 7

Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li. Si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu, Pitit li-a, nétouayé nou anba tout péché.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pou nou fété nan Granmèt la, sé pou nou fè kè nou kontan avèk léspri fèt, paské sovè nou sovè pou tout tan-an té parèt sou tè-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Lè Kris la vini-an, pèp Bondié-a ki sin-an té fléri épi li té jèmin. Poutèt sa antan n-ap pousé rèl kontantman ak rékonésans, an nou di Sovè nou-an :

Sé pou nésans ou-a mét kontantman sou tè-a.

Ou minm Kris la, lavi nou, ki té vini pou-ou té vîn tounin tèt Égliz la,
— fè kò-ou la dévlopé, pou-l rafèmi nan charité-a.

Ou minm ki fè yo adoré-ou nan toulédé sa-ou yé-a kòm Bondié épi moun,
— pèmèt nou patisipé nan sa-ou yé kòm Bondié-a.

Ou minm ki vîn tounin médiatè pa lintèmediè inkarnasion-an,
— asosié réponsab Égliz la pi byin ak kado-ou la gras a fason lavi yo sin-an.

Ou minm ki instalé yon lòt tè nouvo, lè-ou vini-an,
— minnin tout nasion yo nan sovè ou sovè yo-a.

Ou minm ki kasé chinn lanmò yo antan-ou pran nésans la,
— libéré défin yo sot nan tout chinn yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki fè chè Pitit ou-a pa sibi dégradasion ras moun yo, gras a nésans ki sin-an Vièj la ki sakré-a ba li-a, fè nou favè, tanpri, pou nou minm ki résévoua nouvo kondision kréatu sa-a, nou dégajé sot nan kontaminasion viyéys lontan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 4 JANVIÉ

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan li sé té lavi.

R/. Épi lavi-a sé té limiè moun yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

3, 17 — 4, 1

Lavi fanmi krétyin-an

Frè yo : ^{3,17} Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu-Kri, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsì pa lintémédiè-l.

¹⁸ Médam yo, sé pou nou obéyi mari nou, jan sa doué fèt, nan Granmèt la. ¹⁹ Mari yo, sé pou nou rinmin madanm nou, pa fè mové jan avèk yo.

²⁰ Ti moun yo, sé pou nou obéyi paran yo nan tout bagay ; sé sa ki fè Granmèt la plézi. ²¹ Papa yo, pa éksité pitit nou yo, pou nou pa dékourajé yo. ²² Ésklav yo, obéyi parapò a tout bagay aléga mèt yo parapò a chè-a, pa nan sèvis dévan jé kòm si pou fè moun plézi, min ak kè sinp, antan nou respékté Granmèt la. ²³ Ninpòt ki sa n-ap fè, sé pou nou fè-l avèk kè, tankou pou Bondié, min pa pou moun, ²⁴ antan nou konnin sé nan min Granmèt la n-ap résévoua rékonpans éritaj la. Sèvi Granmèt Kris la. ²⁵ Sa-k fè injistis réyèlman, l-ap résévoua injistis li té fè-a, épi pap gin moun-pa.

^{4,1} Mèt yo, sa-k kòrèk la ak sa-k égal la, bay ésklav yo, antan nou konnin nou minm tou nou gin yon mèt nan sièl la.

RÉPONS

Kol 3, 17

R/. Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion * Tout bagay, sé pou nou fè yo o non Granmèt Jézu.

V/. Antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintèmédiè-l. * Tout bagay.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Sink-san Chapit sin Maksim le Konfèsè, abé

(Centuria 1, 8-13: PG 90, 1182-1186)

Mistè toujours nouvo

Paròl Bondié-a, ki pran nésans yon sèl foua nan chè-a (sé sa ki panchan byinvéyans li ak rinmin li pou moun nan), pou sa ki t-a vlé yo, antan li toujou vlé li pran nésans nan éspri-a; li vîn tounin yon ti bébé, antan li pran fòm nan yo nan bon kalité yo; épi nan mézi li konnin moun ki résévoua-l t-a ba-l plas, li montré sa-l yé-a san okinn tach malvéyans ak jalouzi, antan li diminué lajè ékstraòdinè grandè li-a, min kòm si antan l-ap sondé posibilité dapré mézi ak fason moun ki dézire yo ginyin pou yo ouè-a, épi kòm antan li toujou pèsévéré rété invizib pou tout moun, akòz dépasman mistè-a.

Sé pou sa antan Apot Bondié-a, konsidéré puisans mistè-a avèk sajès: *Jézu-Kri*, sé sa li di, *yè épi jodi-a; sé minm nan, épi pou sièk yo*; antan konsa asuréman, li konprann mistè-a ki toujou nouvo-a, épi jamè okinn konpréansyon éspri pa fè-l vîn vié.

Kris Bondié pran nésans, antan li pran nan chè-a ki gin pouvoua pou pansé-a, li vîn tounin moun; li minm ki té fè bagay yo favè vîn égzisté apati anyin: yon zétoual parèt lajounin soti Olévan, li briyé, épi li kondui Maj yo koté Paròl la ki pran chè-a kouché-a; pou Paròl la montré sa ki fèmin nan laloua ak profèt yo, an mistè li dépasé sa sans yo gin pou konnin-an épi li kondui nasion yo nan diréksion pi gran limiè konésans ki kapab ginyin-an.

Sa klè réyèlman prèch laloua-a ak profèt yo, tankou zétoual la, antan yo konprann avèk piété, li kondui moun yo, sa yo rélé yo dapré propozision puisans gras la, pou yo konnin Paròl la ki pran chè-a.

Sé pousa Bondié té vîn tounin yon moun tout bon, san-l pa chanjé anyin nan bagay yo ki té nan natu-a, sof yon sèl, sa vlé di péché-a (ki pa-t sansé fè pati natu-a lontan); pou, gras a manjé chè-a ki prézanté-a, li té provoké dragon-an ki pa janm satisfè ak sa-l fîn dévoré-a épi ki louvri bouch li byin laj pou-l valé-l; sa vlé di ginyin li ginyin chè-a, ki t-ap vîn tounin yon pouazon pou dragon-an, akoz pouvoua natu Bondié-a ki kaché nan li-a, antan-l jété dragon-an atè totalman; kanta pou natu moun nan minm, li t-ap tounin yon rémèd pou li, antan-l ramné-l nan premié gras la akoz minm pouvoua natu Bondié-a ki nan li-a.

Minm jan réyèlman dragon-an, antan pouazon-l nan vidé nan pié-boua sians la, li té gaté natu-a pa lintèmediè gou-a; sé konsa tou li minm antan li gin lodas dévoré chè Granmèt la, akoz puisans sakré natu Bondié ki ladan-l nan, li gaté épi yo mété-l anba anéantisman-an.

Li gran, mistè inkarnasion Bondié-a, li toujou rété mistè; nan ki fason égzaktéman Paròl la nan chè-a, li ésansièlman pròp pèrsòn li, li minm ki ésansièlman minm pèrsòn nan toutantié réyèlman ki égzisté kot Papa-a? Kijan li minm minm, li alafoua toutantié Bondié dapré natu-a, épi li vîn

tounin moun toutantié dapré natu-a, minm nan dé natu yo pa manké absoluman ni divîn nan, gras a li li Bondié-a, ni réyèlman pa nou-an, gras a li li vîn tounin moun nan?

Sèl lafoua-a kapté mistè sa yo, li minm ki sètènman substans épi baz bagay sa yo, ki dépasé tout sans éspri-a ak rézònman-an.

RÉPONS

Jan 1, 14. 1

R/. Paròl la té vîn tounin chè, épi li té abité nan nou: * Nou ouè gloua li, gloua kòm Sèl Pitit ki soti nan Papa-a, plin gras ak vérité.

V/. Nan kòmansman, sé té Paròl la, épi Paròl la té kot Bondié, épi sé Bondié Paròl la té yé. * Nou ouè gloua li.

Si li tonbé jou dimanch, yo di Te Deum, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 45, 22-23

Tounin vîn jouinn mouin, épi n-a sové, tout limit tè yo, paské sé mouin minm Bondié, épi pa gin lòt. Sé sou pròp tèt mouin mouin té fè sèman : Jistis la soti nan bouch mouin, paròl ki pap tounin ; paské dévan-m tout jénou ap plouayé, épi tout lang ap fè sèman.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Kris la Bondié nou-an, nan li gin plénitud sa Bondié yé-a, antan li pran féblès kò nou-an, yon moun nouvo vîn fèt, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl Bondié-a, an nou ba li gloua, li minm yo té ouè nan chè-a, ki parèt dévan anj yo épi yo té préché-l nan nasion yo. Pou li, an nou fè déklarasion ak tout kè nou, antan n-ap di :

Nou adoré-ou, ou minm Sèl Pitit Bondié-a.

Libératè ras moun nan, ki té parèt pa lintèmédiè Vièj Mari pou fè nou vîn nouvo,

— antan li minm l-ap intèsédé, prézèvé nou pou nou délivré sot nan kondision ansyin-an.

Ou minm ki té fè jistis yo pa kréyé-a kléré sot nan sièl la vîn sou tè nou-an,

— nan limiè Solèy sa-a dirijé jounin nou-an ak lavi nou.

Pitit Bondié, ou minm ki té montré nou rinmin Papa-a,

— fè nou montré-l bay lèzòm gras a charité nou-an.

Ou minm ki té chouazi koté nou abité-a,

— fè nou alarotè viv avèk ou kòm konpagnon.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, Bondié ki gin tout pouvoua, pou sovè ou sovè nou-an k-ap avansé pou rédanmsion tè-a pa lintèmédiè nouvo limiè sièl yo, lévé nan kè nou ki toujou gin pou yo rénovlé-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Jér 31, 7-8 a

Fété nan kontantman poutèt Jakòb, épi ranni kont tèt nasion yo ; sonnin toupatou, chanté épi di : « Sové pèp ou-a, Granmèt, rès Israèl la ». Min mouin minm m-ap kondui yo sot nan tè nan-nò-a épi m-ap rasanblé yo sot nan bout tè-a.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Jér 31, 11-12 a

Granmèt la té rachté Jakòb réyèlman, li té libéré-l sot nan min sa-k pi fò-a. Y-ap rivé, y-ap fè louanj sou mòn Siyon, y-ap vîn ansanm nan byin Granmèt yo.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sovè nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Zak 8, 7-8**

Min li, mouin minm m-ap sové pèp mouin-an sot nan tè olévan-an ak sot nan tè okouchan-an : m-ap minnin yo, y-ap abité nan mitan Jérusalèm; y-ap pèp mouin épi mouin minm m-ap Bondié yo nan vérité ak nan jistis.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****Rom 8, 3b-4**

Bondié, lè-l voyé Pitit li-a nan yon chè ki sanblé chè péché-a épi poutèt péché-a, li kondané péché-a nan chè-a, pou jistis laloua-a réalizé nan nou, nou minm ki pap maché dapré chè-a, min dapré éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Mouin minm réyèlman sé nan Bondié mouin té sòti pou-m té vini; ni sé pa apati pròp tèt mouin mouin té vini, min Papa-m sé li minm ki té voyé-m.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la vîn jouinn nou épi li rinmèt pròp tèt li, pou-l nétouayé yon pèp li kapab aksépté, ki patizan fè aksion ki bon yo. An nou rélé-l ak chalè dévouman sakré-a :

Kyrie eleison.

Pou Égliz ou-a ki sin-an,

— pou tout pitit li yo réfèt nan nouvo lavi-a.

Kyrie eleison.

Pou pòv yo, kaptif yo, égzilé yo,

— pou gras a charité nou-an, yo jouinn ou, ou minm Pitit Bondié ki tounin moun nan.

Kyrie eleison.

Pou kè kontan nou-an plin nèt,

— pou nou admiré kado sa-a Papa-a ba nou nan ou-a.

Kyrie eleison.

Sèvitè ou yo ki défin yo, antan yo kléré ak nésans ou-a, sé pou yo ouè fas ou,

— pou pa gin lannuit pou yo ankò.

Kyrie eleison.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, Bondié ki gin tout pouvoua, pou sovè ou sovè nou-an k-ap avansé pou rédanmsion tè-a pa lintèmediè nouvo limiè sièl yo, lèvé nan kè nou ki toujou gin pou yo rénovlé-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 5 JANVIÉ

Pou Ofis léktu-a

V/. Té gin vré limiè-a.

R/. Sa-k kléré tout moun nan.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Kolosyin yo

4, 2-18

Konklizion Lèt la

Frè yo : ² Nan lapriyè rét fidèl, véyé ladan-l nan di mèsì, ³ antan nou lapriyè tou pou nou₁, pou Bondié ouvri pòt paròl la pou nou₁, pou palé mistè Kris la, sa mouin anchinnin pou li-a, ⁴ pou-m mété-l aklè jan-m doué palé. ⁵ Maché nan sajès parapò a sa-k déyò yo. Moman-an sé pou nou profité-l. ⁶ Paròl nou₂-an tout tan nan gras, ak sèl pou-l asézonnin, pou nou konnin kijan nou doué chak moun youn réponn lòt.

⁷ Tou sa-k konsèné-m yo, Tichik ap fè nou konnin, frè-a nou rinmin-an, épi ki sèvitè fidèl, épi ki ésklav avèk mouin nan Granmèt la, ⁸ li minm

mouin voyé koté nou, pou bagay sa-a, pou nou konnin sa-k konsènè nou₁ yo, épi pou-l ankourajé kè nou₂; ⁹ avèk Onézim, frè-a ki fidèl la épi nou rinmin-an, li minm ki soti nan pami nou₂; tout bagay, y-a fè nou₂ konnin yo, sa-k isit yo.

¹⁰ Aristark salué nou, li minm ki prizonié ansanm avèk mouin-an, épi Mark, kouzin Barnabé-a, osijè-l nou₂ té résévoua lèt yo; si-l vîn koté nou₂, akéyi-l, ¹¹ épi Jézu, sa yo rélé Justus la, yo minm ki sot nan sikonsizyon yo, sa yo sèl ap travay avèk mouin pou péyi-roua Bondié-a, yo minm ki té vîn tounin konsolasyon pou mouin. ¹² Épafra salué nou₂, li minm ki sot nan pami nou₂, ésklav Kris Jézu, li minm ki tout tan l-ap batay, pou nou₂ nan priyè yo, pou nou₂ kanpé fîn apouin nèt épi pou nou akonpli nèt nan tout volonté Bondié. ¹³ Mouin sèvi-l témouin réyéلمان, li gin anpil fatig pou nou₂, épi pou moun nan Laodisé yo épi pou moun nan Iérapolis yo. ¹⁴ Luk salué nou, doktè-a, nou rinmin-an, épi Démas. ¹⁵ salué frè yo nan Laodisé, épi Numfas, épi Égliz la ki kay li-a, ¹⁶ épi lè yo fîn li lèt la koté nou₂, fè pou yo li-l tou nan Égliz Laodiséyin yo, épi sa-k sot nan Laodisé-a, pou nou₂ li-l tou; ¹⁷ épi di Archip: «Gadé sèvis la, sa-ou té résévoua nan min Granmèt la, pou-ou akonpli-l».

¹⁸ Salutasyon-an ak min-m, Pòl, sonjé chinn mouin yo. Gras la avèk nou.

RÉPONS

Kol 4, 3 ; cf. Ps 50 (51), 17

R/. An nou priyé youn pou lòt, pou Bondié ouvri pòt paròl la pou nou
* Pou palé mistè Kris la.

V/. Granmèt, louvri po bouch nou, bouch nou ap anonsé louanj Bondié. * Pou palé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 194, 3-4: PL 38, 1016-1017)

N-ap satisfè ak vizion Paròl la

Kilès nan pami moun yo ki konnin tout trézò sajès ak sians ki kaché nan Kris la épi ki voualé nan povreté chè li-a? Sèké *poutèt nou minm li té vîn tounin pòv, malgré li té rich la, pou nan povreté-l la nou té vîn rich*. Kòm réyèlman li té vîn pran natu k-ap mouri-a épi li t-ap détrui lanmò-a, li montré tèt li nan povreté-a: min, li té promèt richès ki réladé yo, li pa-t pèdi sa-l kité yo.

Ala anpil yo anpil pakèt dousè li yo, sa-l séré pou moun ki krinn li yo, min li réalizé-l nèt pou moun ki éspéré nan li yo!

Sé dapré yon pòsion réyèlman nou konnin joutan sa ki apouin nèt la vini. Pou nou vîn tounin moun ki kapab sézi li, li minm ki égal ak Papa-a nan fòm Bondié-a, li vîn tounin nan fòm ésklav la, sanblé ak nou, li réfòmé nou nan résanblans; épi lè sèl Pitit Bondié-a vîn tounin pitit moun nan, li fè anpil pitit moun yo vîn pitit Bondié; épi ésklav yo li nourri-a palintèmediè fòm vizib ésklav la, li fè yo vîn lib nèt pou yo ouè fòm Bondié-a.

Nou sé pitit Bondié réyèlman épi sa n-ap yé-a poko parèt. Épi nou konnin lè l-ap parèt, n-ap tankou li minm, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a. Paské kisa trézò sajès ak sians sa yo yé, kisa richès Bondié sa yo yé, si sé pa paské yo asé pou nou? Épi kisa pakèt dousè sa-a yé si sé pa paské li satisfè nou? Montré nou donk Papa-a épi sa ap asé pou nou.

Épi nan yon psòm, gin yon moun pami nou, oubyin anndan nou, oubyin pou nou, ki di li: *M-ap satisfè, lè gloua-ou la ap maniféste*. Li minm minm ak Papa-a sé yon sèl yo yé: épi moun ki ouè-l li ouè Papa-a. Donk *Granmèt puisans yo, sé li minm ki roua gloua-a*. Antan li konvèti nou, l-ap montré nou fas li; épi n-ap sovè épi n-ap satisfè épi sa ap asé pou nou.

Sa minm joutan li fèt, joutan li montré sa k-ap asé pou nou-an, joutan nou bouè-l li minm ki sous lavi-a épi nou satisfè, an atandan pandan n-ap maché nan lafoua-a nou louin li, pandan nou grangou épi nou souaf jistis la, épi nou anvi bèl fòm Bondié-a avèk yon chalè yo pa kapab palé, sé pou nou sélébré nésans fòm ésklav la avèk yon respè dévoué.

Nou poko kapab kontanplé sa Papa-a anfanté-a anvan zétoual matin-an, sé pou nou frékanté sa-a ki pran nésans sot nan Vièj la nan lè nannuit la. Nou poko kapté sa-a *non li diré anvan solèy la*, sé pou nou rékonèt *tant li pozé nan solèy la*.

Nou poko ouè Sèl Pitit la ki rété nan Papa li-a, sé pou nou sonjé Épou-a k-ap *soti nan chanm nòs li-a*. Nou poko gin kapasité pou patisipé nan féstin Papa nou-an, sé pou nou rékonèt krèch Granmèt nou-an Jézu-Kri.

RÉPONS

1 Jan 1, 2 ; 5, 20

R/. Lavi-a té maniféste, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, * Ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an.

V/. Nou konnin Pitit Bondié-a vini, li ba nou intéljans, pou nou konnin vré Bondié-a, pou nou égzisté nan vré Pitit li-a. Sa-a sé vré Bondié-a ak lavi tout tan-an. * Ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an.

Si li tonbé jou dimanch, yo di *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Saj 7, 26-27

Sajès la sé klèté limiè tout tan-an, li sé glas san tach pouvoua Bondié-a, li sé pòtré bonté-l la. Kòm sé yon sèl la, li kapab fè tout bagay ; antan-l toujou rét nan li minm, li réfè tout bagay épi antan li kominiké tèt li bay nanm ki sin yo atravè jénérasyon yo, li fè yo vîn tounin zanmi Bondié épi profèt.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Granmèt la té vizité pèp li-a, épi li té rachté-l.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

An nou fè louanj pou Kris la; li minm ki vîn tounin pou nou sajès ki soti nan Bondié, jistis, sanktifikasyon ak rédanmsion. An nou priyé-l ak konfians:

Sé pou nésans ou-a sové nou, Granmèt.

Roua tout bagay yo, ou minm gadyin yo té jouinn vlopé nan bann toulal yo,

— fè nou aksépté pèsonèlman vîn pòv, vîn tou sinp minm jan avè-ou.

Granmèt sièl la, ou minm ki sot sou trôn roua yo pou ou désann jous anba-a,

— aprann moun yo pou yo trété ak konsidérasion frè yo ki gin kondision pi ba pasé yo.

Ou minm Kris la, limiè tout tan-an, antan-ou pran chè nou-an, ou pa-t ranmasé mak péché-a,

— fè fidèl yo k-ap sèvi ak byin tè-a pa sal ditou.

Ou minm Bondié ki Épou Égliz ou-a, ou minm ki kanpé koté-l, pou-ou drésé tankou yon fòtrès yo pa kapab pran,

— fè fidèl ou yo kinbé fèm nan li pou yo sovè.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki té kòmansé réalizasion rédanmsion-an pou pèp ou-a yon fason ékstraòdinè, gras a nésans Sèl Pitit ou-a, tanpri, bay sèvitè-ou yo solidité lafoua-a pou yo rivé jous nan rékonpans gloua-a ou té promèt la antan l-ap dirijé yo. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Éz 20, 41-42 a

Nan bon lodè m-ap résévoua nou, lè m-ap rétiré nou sot nan pèp yo épi m-ap rasanblé nou sot nan tè yo koté nou té gayé yo, m-ap fè ouè jan-m sin nan nou nan jé nasyon yo. Épi n-ap konnin mouin sé Granmèt la.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Éz 34, 11-12

Min li, mouin minm minm m-ap chèché mouton-m yo épi m-ap vizité yo. Minm jan yon gadyin vizité bann mouton-l nan jou-a, lè l-ap nan mitan mouton-l yo ki gayé yo, konsa m-ap vizité mouton-m yo épi m-ap libéré yo sot nan tout koté yo té gayé.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT

Mi 2, 12

M-apral rasanblé Jakòb nèt, tout ou minm; m-ap ranmasé rès Israèl la fè-l vîn yon sèl, m-ap mété-l ansanm tankou bann mouton nan pak, tankou mouton nan mitan patiraj.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Nan réjion yo koté yo sélébré Épifani-an nan dimanch ki tonbé jou 7 oubyin 8 janvié:

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 20

Nou konnin Pitit Bondié-a té vini épi li té ba nou intélijans, pou nou konnin-l ki vré-a; épi nou nan li ki vré-a, nan Pitit li-a Jézu-Kri. Sa-a sé li ki vré-a, Bondié ak lavi tout tan-an.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Sa-a Moyiz té ékri sou li-a nan laloua-a ak profèt yo, nou jouinn li, sé Jézu, pitit Jozèf, ki sot Nazarèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Émanuèl la, an nou béni-l, li minm Vièj la té poté nan vant la épi té anfanté-a. Antan n-ap sipliyé, an nou priyé-l ak insistans :

Pitit Vièj Mari-a, kouté nou.

Ou minm ki té bay Mari kè kontan pou-l vîn manman-an,

— bay tout paran yo pou yo gin rézon kontan osijè pitit yo.

Roua ki bay lapè-a, ou minm rouayòm ou-an sé jistis ak lapè-a,

— fè nou favè pou nou suiv bagay yo ki poté lapè-a.

Ou minm ki té vini pou fè ras moun nan vîn tounin pèp pou Bondié-a ki sin-an,

— rasanblé tout nasion yo pou yo fè yon sèl antan yo antann yo.

Ou minm ki, antan-ou pran nésans la ou té maré séré sa-k fè fanmi-an rét ansanm nan,

— fè fanmi yo vîn fè youn nèt.

Ou minm ki té vlé pran nésans nan jou nou yo,

— pèmèt pou défin yo pran nésans nan jou pou tout tan-ou nan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki té kòmansé rérealizasyon rédanmsion-an pou pèp ou-a yon fason ékstraòdinè, gras a nésans Sèl Pitit ou-a, tanpri, bay sèvitè-ou yo solidité lafoua-a pou, yo rivé jous nan rékonpans gloua-a ou té promèt la antan l-ap dirijé yo. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

JOU 6 JANVIÉ

Nan réjion yo koté yo sélébré Épipani-an nan dimanch ki tonbé jou 7 oubyin 8 janvié:

Pou Ofis léktu-a

V/. Chanté pou Granmèt la, épi béni non li.

R/. Anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

42, 1-8

Sèvitè Granmèt la dosil

¹ Min sèvitè-m nan, m-ap soutni-l,
li minm mouin chouazi-a nanm mouin jouinn plézi nan li :
mouin té mété Éspri-m sou li,
l-ap poté jijman-an nan nasion yo.

² Li pap rélé, li pap konsidéré figi moun,
yo pap tandé voua-l déyò.

³ Rozo ki féfé-a, li pap krazé-l,
mèch k-ap fè lafimin-an, li pap étinn li,
sé nan vérité-a l-ap fè jijman-an soti.

⁴ Li pap tris, li pap sakajé anyin,
joustan li pozé jijman-an sou tè-a ;
zilé yo ap tann laloua-l la ».

⁵ Min paròl Granmèt Bondié-a,
li minm ki kréyé sièl yo, li minm ki déplouayé yo,
li minm ki asiré tè-a, ni sa k-ap jèmin nan li,
li minm ki bay pèp la laparòl, pèp sa-a ki sou tè-a,
li minm ki mété éspri pou sa yo k-ap maché sou tè-a :

⁶ « Mouin minm Granmèt la, mouin rélé-ou nan jistis,
mouin pran min-ou,
mouin protéjé-ou, mouin mété-ou
kòm aliens pèp la, kòm limiè nasion yo,

⁷ pou-ou louvri jé avèg yo,

pou-ou fè prizonié yo sot nan prizon,
 pou-ou fè sa-k chita nan fènoua yo soti nan kacho-a.

⁸ Sé mouin minm Grammèt la, sé non-m sa;
 gloua-m nan, mouin pap bay yon lòt li,
 mouin pap bay zidòl yo louanj mouin ».

RÉPONS

Mt 12, 18. 21 (Iz 42, 1)

R/. Min pitit mouin-an, li minm mouin chouazi-a; li minm mouin rinmin-an, nan li mouin jouinn plézi nanm mouin. * Nan non-l nasion yo ap éspéré.

V/. M-ap mété Éspri-m sou li, l-ap anonsé jijman-an bay nasion yo. *
 Nan non-l.

DÉZIÈM LÉKTU

Léktu sa-a avèk répons li-a yo pran-l sot nan dimanch Batèm Grammèt la, tankou pi louin-an, 690.

Sot nan Diskou sin Grégoua de Nazianz, évèk

(Oratio 39 in sancta Lumina, 14-16. 20:

PG 36, 350-351. 354. 358-359)

Batèm Kris la

Kris la résévoua limiè, an minm tan nou kléré; Kris la résévoua Batèm, an minm tan an nou désann, pou an minm tan tou nou monté.

Jan ap batizé, Jézu té rivé; pétèt san dout pou-l mété moun sa-a tou k-ap batizé-l la nan dispozision pou-l sin; san okinn dout minm pou ansyin Adan-an toutantié li antéré nan dlo yo: antan anvan nou réyèlman vré épi

pou nou li sanktifié Jourdin-an; pou, minm jan li té éspri avèk chè-a, konsa tou li kòmansé pa pouvoua Éspri-a ak dlo-a.

Sa k-ap bay batèm nan pa-t dakò: Jézu diskité. Lè sa-a: *Mouin minm sé mouin ki t-a doué résévoua batèm nan min-ou*, sé sa lanp la di Solèy la, voua-a di Paròl la, zanmi-an di Épou-a, sa-k pi gran nan pami pitit médam yo, di Prémie anfanté-a nan tout créatu, sa-a ki té dansé nan vant manman-an, di sa-l té adoré nan vant la, sa-k pran dévan-an épi yo té vîn anvan-l la, di sa-k té parèt la épi k-ap parèt la. *Mouin minm sé mouin ki t-a doué résévoua batèm nan min-ou*: ajouté, épi pou ou. Li té présanti réyèlman sé nan mati-a li t-ap gin pou-l résévoua batèm nan; oubyin, tankou Piè, sé pa sèlman nan pié yo pou-l t-a nétouayé.

Min réyèlman Jézu té monté sot nan dlo yo; li poté tè-a réyèlman avèk li anro-a; épi sièl yo, sa Adan té fèmin minm jan paradi-a tou ak épé flanm difé-a, li té ouè yo fann épi ouvri.

Épitou Éspri-a k-ap témouagné Bondié, sé nòm al pou-l kouri kot sa-k sanblé-l la; épi yo voyé yon voua sot nan sièl la; antan-l sot anro-a réyèlman sé té sa-a témouagnaj la t-ap di-a; épi tankou yon kolonb li mété kò-a réyèlman nan yon dispozision onorab, lè asiréman sa-a tou poutèt natu Bondié-a li sé Bondié, yo ouè-l nan fason yon kò. Épitou an minm tan dépi anpil sièk an ariè, kolonb la té abitué anonsé déluj la fini.

Kanta nou minm jodi-a batèm Kris la sé pou nou konsidéré-l avèk onè, épi sé pou nou sélébré-l jan sa doué fèt.

Sé pou nou nétouayé nèt réyèlman, épi pròpté nou. Pa gin anyin réyèlman ki fè Bondié plis plézi pasé pou moun nan répanti épi sové, li minm tout paròl la ak tout mistè yo sé pou li-a; pou nou vîn tounin lanp sou tè-a, tankou yon fòs lavi pou rès moun yo k-ap fè yo kanpé kòm lanp byin kléré ak gran limiè sa-a, li minm minm ki nan sièl la, sé pou nou plin

ak ékla limiè-a, antan Trinité-a kléré nou yon fason pi nèt épi pi klè, antan nou té résévoua ak mouins plénitud koulié-a yon sèl réyon ki sot nan yon sèl Bondié-a, nan Kris Jézu, Granmèt nou-an, li minm sé pou li gloua-a ak kòmandman-an pou tout tan gin tan. Amèn.

RÉPONS**Ps 113 A (114), 5**

R/. Jodi-a sièl yo ouvri, lanmè-a vîn dous, tè-a ap fété, mòn yo ak bit tè yo kontan: * Paské Jan té batizé Kris-la nan Jourdin-an.

V/. Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ? * Paské Jan.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT****Iz 61, 1-2 a**

Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin, sé pousa Granmèt la té sakré-m, li té voyé-m anonsé bon nouvèl bay sa-k rabésé yo, pou-m pansé sa-k krazé nan kè yo-a, pou-m préché libérasion bay égzilé yo épi ouvri yo ouvri-a bay sa-k fèmin yo; pou-m préché yon ané k-ap poté lapè ak Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sové nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sa-a sé li minm ki vini palintèmediè dlo-a ak san-an, Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk louanj ki korèk, an nou sélébré Paròl Bondié-a, li minm ki égzisté anvan sièk yo épi ki pran nésans pou nou nan tan-an. Ak kontantman an nou akklamé-l, antan n-ap di :

Sé pou tè-a fété, paské ou té vini.

Kris, Paròl ki la tout tan-an, ou minm ki antan-ou désann sou tè-a, ou té bingnin-l avèk larouzé kontantman-an,

— fè kè nou kontan avèk vizité lagras ou-a ap vizité nou san rété-a.

Sovè nou-an, ou minm ki nan nésans ou-a ou té montré fidélité Bondié-a,

— fè nou kinbé promès batèm nou ak yon lafoua anplin.

Roua sièl la ak tè-a, ou minm ki fè anj yo anonsé lapè bay moun yo,

— konsèvé lavi nou nan lapè-ou la.

Granmèt, ou minm ki té vini pou-ou té kapab vîn tounin véritab pié rézin-an, k-ap donnin frui lavi-a pou nou,

— fè nou toujou branch k-ap rété nan ou, pou nou pa san frui.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fidèl ou yo, tanpri, Granmèt, kléré yo ak bon kè, épi ak klèté gloua-ou la limin kè yo tout tan pou yo rékonèt Sovè yo-a san rété, épi pou yo jouinn li tout bon vré. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intélrijans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Iz 42, 1

Mìn sèvitè-m nan, m-ap soutni-l; li minm mouin chouazi-a, nanm mouin jouinn plézi nan li ; mouin té mété éspri-m sou li, l-ap poté jijman-an nan nasion yo.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sové ou sové nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Iz 49, 6**

Granmèt la té di-m : « Sa pa kont pou-ou sèvitè-m pou-ou lèvé ras Jakòb yo, pou-ou fè rès Israèl yo tounin : mouin mété-ou kòm limiè nasyon yo, pou sé jous nan bout tè-a sové m-ap sové-a rivé ».

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****Tr Ap 10, 37-38**

Nou konnin paròl la ki té rivé nan tout Judé-a, kòmansé dépi Galilé apré batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri-Sin-an ak puisans, li minm ki té travèsé antan l-ap fè byin épi l-ap géri tout moun djab la t-ap maltrété yo, paské Bondié té avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Alélouya, alélouya. Paròl la.

V/. Épi li té abité nan nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou Magnificat la, réf. Yon voua té sòti nan sièl yo : Ou sé Pitit mouin-an, sa-m rinmin-an, nan ou mouin jouinn plézi mouin.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, antan n-ap fè gran fèt, an nou sélébré-l, li minm nan nésans li-a anj yo té anonsé lapè-a bay moun yo sou tè-a, épi ak nanm ki dévoué, an nou priyé avèk insistans :

Sé pou nésans ou-a poté lapè bay tout moun.

Plin, Granmèt, Égliz ou-a ak tou kalité byin,

— li minm ou konsolé ak mistè nésans ou-a.

Ou minm ki té vini kòm premié chèf pastè yo, épi kòm évèk nanm nou yo,

— fè pap la avèk évèk nou yo tounin moun k-ap bay avèk fidéлитé lagras ou-a ki gin anpil fòm nan.

Roua pou tout tan-an, ou minm ki, antan-ou pran nésans la, ou té vlé fèmin nan yon ti moman lavi, épi ékspérimanté chanjman moun yo sibi-a,

— nou minm k-ap tonbé yo épi ki kapab mouri yo, fè nou vîn patajé sa-ou yé pou tout tan-an avèk ou.

Ou minm yo t-ap tann dépi sièk yo, ki té vini nan plénitud tan-an,

— montré prézans ou pou sa yo ki jouskoulié-a ap tann ou-an.

Ou minm ki antan-ou vîn tounin chè-a, ou té réfè égzistans moun nan ki té gaté akòz lanmò-a,

— fè défin yo réfèt nèt nan ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fidèl ou yo, tanpri, Granmèt, kléré yo ak bon kè, épi ak klèté gloua-ou la limin kè yo tout tan pou yo rékonèt Sovè yo-a san rété, épi pou yo jouinn li tout bon vré. Li minm ki vivan.

JOU 7 JANVIÉ

Nan réjion yo koté yo sélébré Épipani-an nan dimanch ki tonbé jou 7 oubyin 8 janvié:

Pou Ofis léktu-a

V/. An dènié, Bondié palé avèk nou nan Pitit la.

R/. Sé pa lintèmediè-l li té fè sièk yo tou.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

61, 1-11

Éspri Granmèt la sou sèvitè-l la

¹ Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin,
sé pousa Granmèt la sakré-m,
li voyé-m anonsé sa-k bon bay pòv yo,
pou-m pansé kè ki krazé yo,
pou-m préché libérasion bay prizonié yo,

délivrans bay sa-k fèmin yo,

² pou-m préché yon ané koté Granmèt la fè gras,

yon jou vanjans pou Bondié nou-an,

pou-m konsolé tout moun ki nan lapinn,

³ pou-m mété yon kouròn nan plas sann

pou moun Siyon yo ki nan lapinn yo

épi pou-m ba yo-l,

losion kè kontan nan plas dèy,

manto louanj nan plas éspri chagrin.

Épi y-ap rélé yo Térébint jistis,

plantasion Granmèt la pou yo ba li gloua.

⁴ Y-ap bati miray ki té détrui dépi sièk,

y-ap drésé sa-k té tounin savann lontan yo,

y-ap réfè vil ki té détrui yo,

sa-k té tounin savann dépi jénérasyon ak jénérasyon yo.

⁵ Etranjé ap kanpé, y-ap gadiyin mouton nou,

pitit étranjé ap saklé tè nou, y-ap okipé jadin rézin nou.

⁶ Nou minm y-ap rélé nou « Prèt Granmèt la »,

y-ap di nou « Sèvitè Bondié nou-an ».

N-ap manjé richès nasyon yo,

n-ap pran plas yo nan bèlté yo-a.

⁷ Nan plas doub laront yo-a ak dézonè-a,

y-ap fè louanj pòsion pa-l la ;

sé poussa sé dé pòsion éritaj y-ap résévoua nan péyi yo-a,

sé kè kontan tout tan k-ap pou yo.

⁸ Paské mouin minm Granmèt la ki rinmin jijman-an,

mouin rayi piyaj ak méchansté ;

m-ap ba yo rézilta travay yo nan vérité,

m-ap pasé yon aliens tout tan avèk yo.

⁹ Y-ap rékonèt ras yo nan nasion yo,
ak sa-k sot nan yo nan mitan pèp yo.
Tout moun k-ap ouè yo ap rékonèt yo,
paské yo sé sémans Granmèt la béni.

¹⁰ Mouin kontan anpil nan Granmèt la,
nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,
paské li abiyé-m ak rad ki montré mouin sové-a,
li vlopé-m nan manto jistis la,
tankou yon mésié k-ap marié, ki gin yon kouròn sou tèt li,
épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.

¹¹ Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a,
minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an,
sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

RÉPONS

Iz 61, 1 ; Io 8, 42

R/. Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin, sé poussa Granmèt la té sakré-m; li té voyé-m anonsé bon nouvèl bay sa-k rabésé yo; * Pou-m pansé sa-k krazé nan kè yo-a, pou-m préché libérasion bay égzilé yo, épi ouvri yo ouvri-a bay sa-k fèmin yo.

V/. Mouin minm sé nan Bondié mouin té soti pou-m té vini ; ni sé pa apati pròp tèt mouin mouin té vini, min sé li minm ki té voyé-m. * Pou-m pansé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 13 de Tempore : PL 39, 1097-1098)

*Bondié vîn tounin moun
pou moun vîn tounin Bondié.*

Granmèt nou-an Jézu-Kri, frè yo mouin aprésié anpil la, li minm ki kréatè tout bagay yo dépi tout tan, jodi-a antan li pran nésans sot nan manman-an li vîn tounin sovè pou nou. Li pran nésans pou nou jodi-a nan tan-an paské-l té vlé, pou li kondui nou nan ètènité Papa-a. Bondié vîn tounin moun, pou moun vîn tounin Bondié: pou moun nan kapab manjé pin anj yo, Granmèt anj yo jodi-a vîn tounin moun.

Jodi-a li réalizé, profési sa-a ki di: *Sé pou nou fè larouzé sot anro-a, sièl yo, épi sé pou nuaj yo fè sa ki kòrèk la désann tankou lapli: sé pou tè-a ouvri pou-l jèmin sovè-a.* Li fèt donk li minm ki té fè-a, pou yo jouinn sa-k t-ap péri-a. Sé konsa réyèlman nan Psòm yo yon moun déklaré: *Anvan mouin té umilié, mouin minm mouin té fè péché.* Moun nan té fè péché épi li vîn tounin koupab: Bondié pran nésans kòm moun, pou koupab la libéré. Moun nan donk té tonbé, min Bondié té désann. Moun nan té tonbé yon fason mizérab, Bondié té désann avèk mizérikòd. Moun nan té tonbé akoz ògèy la, Bondié té désann avèk gras la.

Ala mirak, ala prodij, frè-m yo! Doua natu-a chanjé nan moun nan; Bondié té pran nésans, vièj la san gason té vîn ansint, san-l pa konn gason paròl Bondié-a marié-l: an minm tan li vîn tounin manman épi vièj; li vîn manman min li pa défèt; vièj antan li ginyin pitit, li pa konnin gason; li toujou fèmin, min li pa stéril. Li minm sèl réyèlman té pran nésans san

péché, li minm ki san liézon gason san anv lachè, min obéyisans léspri-a anfanté-a

RÉPONS

1 Jan 4, 14; 1, 9

R/. Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin: * Papa-a voyé Pitit li-a kòm sovè tè-a.

V/. Pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nétouayé nou sot nan tout fot. * Papa-a voyé Pitit li-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 9, 5

Yon ti pitit té pran nésans pou nou, yon pitit gason yo té ba nou ; kòmandman-an té vîn sou zépòl li ; y-ap rélé non-l Konséyé ki ékstraòdinè-a, Bondié ki fò-a, Papa sa-k pou tout tan-an, Prins lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té fè konnin, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Sové li sovè nou-an, * Alélouya, alélouya. Viv papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Min li sa-a yo té ékri sou li-a : Kris la pran nésans nan Israèl, épi ringn li pap gin finisman.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, ki poté sové Bondié sové nou-an, sa tout limit tè yo té ouè-a,
an nou péyé dèt louanj yo épi an nou rélé ak kè kontan :

Gloua pou ou, Kris Granmèt.

Rédanmètè tout moun, ou minm ki antan-ou vini-an, ou krazé miray ki té
séparé Juif yo ak Nasion yo,

— fè diskriminasion ki dézonoré dignité moun nan disparèt sot sou tè-a.

Ou minm ki instalé prézans ou nan pami nou pa lintèmediè inkarnasion-
ou nan ak nésans ou-a,

— aprann nou rékonèt divès fason ou prézan nan Égliz la ak nan moun
yo.

Ou minm ki té révélé Bondié anplin nèt bay moun yo,

— montré nou kijan pou nou mété nou dakò avèk paròl ou-a nan yon
lafoua ki toutantié ak nan sa n-ap fè.

Émanuèl, ou minm ki réfè tout bagay yon fason ékstraòdinè,

— fè nou favè pou tout bagay vîn nouvo, ni kè yo, ni voua yo, ni aksion
yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki té vlé fè yon nouvo
limiè kléré antan-ou fè Sèl Pitit ou-a vini-an, fè nou favè, pou, minm jan,
antan Vièj la anfanté-l la, nou vîn mérité li patisipé nan fòm kò nou-an,
konsa tou n-a mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan rouayòm gras li-a.
Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li.

LÉKTU KOUT

Dét 4, 7

Èské gin yon lòt nasion ki tèlman gran, ki kapab gin dié yo k-ap proche pré-l, tankou Granmèt Bondié nou-an prézan nan tout siplikasyon nou yo koté-l ?

V/. Granmèt la sonjé mizérikòd li-a, alélouya.

R/. Épi vérité-l la pou kay Israèl la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Mari minm t-ap konsèvé tout paròl sa yo, li t-ap kalkilé yo nan kè-l.

LÉKTU KOUT

Iz 12, 5-6

Chanté pou Granmèt la, paské li té aji avèk grandè; sé pou yo konnin sa sou tout tè-a. Fété, fè louanj, fi ki abité nan Siyon paské li gran nan mitan-ou, Sin Israèl la.

V/. Tout limit tè-a té ouè, alélouya.

R/. Sové Bondié sové nou-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé-m yo té ouè sovè ou sovè nou-an, sa-ou té paré dévan fas tout pèp yo.

LÉKTU KOUT**Cf. Tob 14, 6-7**

Épi tout nasion yo sou tout tè-a ap tounin, y-ap krinn Bondié réyèlman vré, yo tout ap kitè zidòl yo ginyin yo. Épi y-ap béni Bondié tout tan-an nan jistis. Tout pitit Israèl yo, sa y-ap libéré nan jou sa yo, antan yo sonjé Bondié nan vérité, y-ap rasanblé pou yo vini nan Jérusalèm. Épi y-ap kontan, moun yo ki rinmin Bondié nan vérité-a.

V/. Mizérikòd ak vérité té rankontré, alélouya.

R/. Jistis ak lapè anbrasé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

TAN NÈSANS GRANMÈT LA

II. APATI SOLANITÉ ÉPIFANI-AN

Pou Ofis Tan-an, dépi Épipani Granmèt la jous nan fèt Batèm Granmèt la éksklizivman :

Pou Vèp yo

IMN (*Hostis Herodes impie*)

Eròd, ènmi méchan,
pouki sa ou pè Kris la k-ap vini-an?
Li pap pran sa k-ap pasé yo,
li minm ki bay rouayòm sièl yo.

Maj yo t-ap maché, sou rout yo té vini-an
antan yo-ap suiv zétoual la ki t-ap gidé yo-a,
yo t-ap chèché limiè nan limiè-a,
ak kado-a yo rékonèt Bondié.

Nan bingn riviè sakré-a
Mouton sièl la plonjé;
péché li pa-t fè yo,
li poté yo pou-l lavé nou.

Yon nouvo kalité pouvoua:
dlo yo rouji nan ja-a,
li pasé lòd pou yo tiré divin,
dlo-a té chanjé sa-l té yé-a.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki révéle-ou bay nasion yo,
 ansanm ak pou Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 pou sièk tout tan yo. Amèn.

Pou Konpli

IMN, *Christe, qui splendor*, 324.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la té parèt pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan *déroulman Òrdinè-a*, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Magi videntes parvulum*)

Antan Maj yo ouè ti pitit la,
 yo prezanté-l kado ki soti olévan,
 épi antan yo bésé yo poté dévan-l kòm ofrann
 lansan, lamir épi lò pou roua yo.

Rékonèt sign klè ékstraòdinè
 puisans ak ringn ou-an,
 Pitit, ou minm Papa-a té voyé ba ou
 davans toua karaktéistik:

Sé Roua-a ak Bondié-a y-ap anonsé,
trézò-a épi bon lodè-a
lansan ki sot Saba-a, min lamir lan
déja aprann ou pousiè tonbo-a.

Ou minm sèl nan pami gran vil yo
ki pi gran, Bétlèèm, ou minm sa rivé
pou chèf sové nou sové-a ki sot nan sièl la
ki pran yon kò-a sé nan ou li pran nésans!

Sé li minm épi ak profèt yo ki témouin
k-ap indiké li minm minm nan
sa k-ap témouagné-a épi sa k-ap sové-a bay lòd
pou alé nan péyi-roua-a épi rékonèt:

Péyi-roua ki kouvri tout bagay yo
sa-k anlè yo, épi nan lanmè-a, épi sou tè-a
dépi solèy lévé jous li alé
épi anba tè-a ak anro sièl la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki révéle-ou bay nasion yo,
ansanm ak Papa-a épi Éspri rékonfò-a,
pou sièk tout tan yo. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Quicumque Christum quaeritis*)

Nou tout k-ap chèché Kris la,
lévé jé nou anlè,
sé la n-a kapab ouè
sign gloua pou tout tan-an.

Zétoual sa-a ki voualé ronnn solèy la
ak gloua ak limiè,
li anonsé Bondié vîn sou tè-a
avèk chè ki sot sou tè-a.

Min yo, ki sot nan ronnn gòlf Pèrsik la,
koté solèy la gin pèt li-a,
yo minm maj yo ki konn intèprété
yo byin ouè drapo roua-a.

Yo di : « Kilès gran roua sa-a
k-ap kòmandé zétoual yo,
pou sa-k nan sièl yo tranblé dévan-l konsa,
pou limiè ak sièl la obéyi-l la ?

Nou ouè yon pèsonaj ékstraòdinè,
ki pa konn sibi finisman,
li anro nèt, byin ro, san fin,
pi ansyin pasé sièl la ak bafon fènoua-a.

Sa-a sé li ki roua nasion yo,
 sé roua pèp Juif la tou,
 li minm yo té promèt papa Abraam
 ak ras li pou tout tan ».

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki révéle-ou bay nasion yo,
 ansanm ak Papa-a épi Éspri rékonfò-a,
 pou sièk tout tan yo. Amèn.

Pou Lè nan mitan jounin-an

Pou Tièrs

IMN, *Certum tenentes ordinem*, 328.

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasyon yo, koulié-a li parèt klè.

Pou Sèkst

IMN, *Dicamus laudes Domino*, 329.

Réf. Antan Kris la vini, li té anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè pou sa yo ki té tou pré yo.

Pou Nòn

IMN, *Ternis horarum terminis*, 330.

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sovè m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

Jou 6 janvié
oubyin dimanch ki tonbé ant 2 ak 8 janvié

ÉPIFANI GRANMÈT LA

Solanité

Pou premié Vèp yo

IMN, *Quicumque Christum quaeritis*, 592.

PSÒM YO

Réf. 1 Anvan zétoual matin-an li gin nésans épi anvan sièk yo, Granmèt la, Sovè nou-an, jodi-a li parèt sou tè-a.

Psòm 134 (135)

Louanj Granmèt la k-ap fè mèvèy

Pèp Bondié posédé-a... anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la (Cf. 1 Piè 2, 9).

I

- ¹ Fè louanj pou non Granmèt la, *
fè louanj, sèvitè Granmèt la,
² nou minm ki kanpé nan kay Granmèt la, *
nan lakou kay Bondié nou-an.

- 3 Fè louanj Granmèt la, paské Granmèt la bon ; *
chanté kantik pou non-l, poutèt li bon.
- 4 Paské Granmèt la té chouazi Jakòb pou li, *
Israèl kòm pòsion spésial li.
- 5 Sèké mouin konnin Granmèt la gran, *
Bondié nou-an anlè tout dié yo.
- 6 Tout bagay, ninpòt sa li vlé, †
Granmèt la fè-l nan sièl la ak sou tè-a, *
nan lanmè-a ak nan tout bafon yo.
- 7 Antan-l soulvé nuaj yo sot jous nan bout tè-a, †
li fè zéklè pou laplui, *
li fè van soti nan rézèv li yo.
- 8 Li minm ki té frapé prémié pitit gason yo nan Éjip la, *
dépi moun rivé jous sou bèt.
- 9 Li té voyé sign ak prodij nan mitan-ou, Éjip, *
bay faraon ak tout sèvitè-l yo.
- 10 Li té frapé anpil nasion, *
li touyé roua ki gin fòs :
- 11 Séyon, roua Amorit yo, avèk Òg, roua Bachan-an, *
ni tout péyi-roua Kanaan yo.
- 12 Li té rinnèt péyi yo kòm éritaj, *
kòm éritaj bay Israèl, pèp li-a.

Réf. Anvan zétoual matin-an li gin nésans épi anvan sièk yo, Granmèt la, Sovè nou-an, jodi-a li parèt sou tè-a.

Réf. 2 Granmèt la gran, Bondié nou-an dépasé tout dié yo.

II

- 13 Granmèt, non-ou pou tout tan ; *
 Granmèt, souvni-ou pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 14 Paské Granmèt la ap jijé pèp li-a, *
 l-ap pran pitié pou sèvitè-l yo.
- 15 Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, *
 travay min moun yo :
- 16 yo gin bouch, yo pa palé ; *
 yo gin jé, yo pa ouè ;
- 17 yo gin zòrèy, yo pa tandé ; *
 ni non plis pa gin souf nan bouch yo.
- 18 Sé tankou yo y-ap vini, moun yo ki fè yo-a, *
 tout moun ki mét konfians yo nan yo.
- 19 Kay Israël, béni Granmèt la ; *
 kay Aaron, béni Granmèt la ;
- 20 kay Lévi, béni Granmèt la ; *
 nou minm ki krinn Granmèt la, béni Granmèt la.
- 21 Li béni, Granmèt la dépi sot nan Siyon, *
 li minm ki abité Jérusalèm.

Réf. Granmèt la gran, Bondié nou-an dépasé tout dié yo.

Réf. 3 Zétoual sa-a briyé tankou flanm, épi li fè ouè Bondié ki Roua tout roua yo: maj yo té ouè-l, épi yo té ofri kado bay gran Roua-a.

Kantik

Cf. 1 Tim 3, 16

Osijè mistè ak gloua Kris la

R/. Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo.

Li minm ki té manifésté-a nan chè-a, *
ki té jistifié-a nan éspri,

R/. Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo.

Li té parèt la bay anj yo, *
yo té préché-l nan nasion yo,

R/. Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo.

Yo té kouè-l sou tè-a, *
yo té lévé-l nan gloua-a.

R/. Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo.

Réf. Zétoual sa-a briyé tankou flanm, épi li fè ouè Bondié ki Roua tout roua yo: maj yo té ouè-l, épi yo té ofri kado bay gran Roua-a.

LÉKTU KOUT

2 Tim 1, 9-10

Bondié té sovè nou, li té rélé nou nan vokasion pou nou vîn sin, sé pa daprè aktivité pa nou, min daprè désizion pa-l ak gras la li té ba nou-an nan Kris Jézu dépi anvan sièk tan yo, min ki manifésté koulié-a gras a limiè sovè nou Jézu-Kri, li minm ki té détrui lanmò-a vré, min tou ki té kléré lavi-a épi imposibilité dékonpozision-an gras a Bòn Nouvèl la.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè ouè jan li gran. * Tout fanmi yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

Pou Magnificat la, réf. : Lè Maj yo ouè zétoual la, youn té di lòt : Sa-a sé sign gran Roua-a li yé; an-n alé épi an nou chèché-l, épi an nou ofri-l kado yo, lò, lansan ak lamir.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an, li minm jodi-a maj yo adoré-a, an nou sipliyé-l avèk gran kè kontan, antan n-ap mandé :

Sové nanm pòv yo, Granmèt.

Roua nasion yo, ou minm ki té rélé maj yo vîn adoré-ou tankou premié frui nasion yo,

— fè nou kado éspri adorasion-an ak sèvis la.

Roua gloua-a, ou minm ki jijé pèp ou-a nan jistis,

— bay tout moun yo abondans lapè-a.

Roua tout tan-an, ou minm ki diré nan tout jénèrasion yo,

— voyé paròl ou-a nan kè yo tankou dlo k-ap tonbé gout-a-gout.

Roua jistis la, ou minm ki vlé libéré pòv la ki pa gin sékou,

— pran pitié pou mizérab yo ak sa-k nan lapinn yo.

Granmèt, ou minm non-ou béni nan sièk yo,

— réalizé mèvèy sové ou sové nou-an nan frè nou yo ki défin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki dévoualé Sèl Pitit ou-a jou jodi-a bay nasion yo, gras a zétoual la ki t-ap kondui yo-a, fè nou favè avèk bon kè-ou, pou, nou minm ki déjà rékonèt ou nan lafoua-a, nou kité-ou kondui nou jous nan vizion fas ou nan sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la té parèt pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Magi videntes parvulum*, 590.

PSÒM YO

Réf. 1 Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri kado bay Roua-a Granmèt la.

Psòm 71 (72)

Pouvoua Mési-a kòm roua

Antan yo louvri trézò yo, yo té ofri-l kado, lò, épi lansan, épi lamir (Mt 2, 11).

¹ Bondié, bay roua-a jijman-ou, *
bay pitit roua-a jistis ou ;

- 2 L-ap jijé pèp ou-a nan jistis, *
ak pòv ou yo nan jijman.
- 3 Sé pou mòn yo poté lapè-a pou pèp la, *
épi ti rotè yo jistis la.
- 4 L-ap jijé pòv yo nan pèp la, †
l-ap sové pitit maléré yo *
l-ap krazé sa k-ap fè profitè-a.
- 5 L-ap diré ansanm avèk solèy la épi dévan lalîn-nan, *
pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 6 L-ap désann tankou laplui sou gazon, *
tankou farinaj k-ap tranpé tè-a.
- 7 Nan tan-l yo jistis ap fléri ak lapè an kantité, *
joustan lalîn nan disparèt.
- 8 Épi l-ap kòmandé sot nan lanmè al nan lanmè, *
épi sot nan gran riviè-a jous nan bout fas tè yo.
- 9 Dévan-l, moun yo ki rété nan dézè-a ap plouayé, *
ènmi-l yo ap niché atè-a.
- 10 Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri richès, *
roua Arabi yo ak Saba ap poté kado.
- 11 Tout roua yo ap adoré-l, *
tout nasion yo ap sèvi-l.
- 12 Sèké l-ap libéré maléré-a k-ap rélé-a, *
ak pòv la ki pa gin moun pou poté-l sékou.
- 13 L-ap pran pitié pou pòv la ak maléré-a, *
nanm pòv yo l-ap sové yo.
- 14 L-ap délivré yo sot nan injistis ak violans, *
san yo ap gin gran valè dévan-l.

- 15 Sé pou-l viv, sé pou yo ba-l nan lò Arabi-a, †
sé pou yo lapriyè pou li tout tan ; *
tout jounin y-ap béni-l.
- 16 Sé pou gin kantité blé sou tè-a, *
sé pou-l frisonnin sou tèt mòn yo ;
sé pou frui-l tankou Liban, *
sé pou yo lévé nan vil la tankou zèb tè-a.
- 17 Sé pou non-l béni pou sièk yo, *
dévan solèy la, sé pou non-l diré.
Sé pou tout fanmi tè-a béni nan non-l, *
sé pou tout nasyon di jan-l gran.
- 18 Li béni, Granmèt Bondié, Bondié Israèl, *
li minm ki fè mèvèy pou kont li.
- 19 Épi non grandè li-a béni pou tout tan ; *
épi tout tè-a ap plin ak grandè-l. Amèn, amèn.

Réf. Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri kado bay Roua-a Granmèt la.

Réf. 2 Adoré Granmèt la nan palè li-a ki sin-an, alélouya.

Psòm 95 (96)

Granmèt la roua épi jij tout tè-a

Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, dévan fas Mouton-an
(Cf. Ap 14, 3).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
chanté pou Granmèt la, tout tè-a.

- 2 Chanté pou Granmèt la, béni non li, *
anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.
- 3 Anonsé gloua li pami nasion yo, *
nan tout pèp yo mèvèy li yo.
- 4 Paské Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
li térib anlè tout dié yo.
- 5 Paské tout dié nasion yo yo pa égzisté, *
min sé Granmèt la ki fè sièl yo.
- 6 Louanj ak bèlté dévan fas li, *
otorité ak dékoration nan kay sakré-l la.
- 7 Poté bay Granmèt la, fanmi pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans, *
- 8 poté bay Granmèt la gloua non-l nan.
Poté kado, antré nan lakou-l yo, *
- 9 adoré Granmèt la nan klèté-l ki sin-an.
Tranblé dévan fas li, tout tè-a, *
- 10 di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! ».
Réyèlman l-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ; *
l-ap jijé pèp yo nan jistis.
- 11 Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété, †
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l ; *
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa-k nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap fété †
- 13 dévan fas Granmèt la, sèké l-ap vini, *
paské l-ap vini pou-l jijé tè-a.
L-ap jijé fas tè-a nan jistis *
ak pèp yo nan vérité-l la.

Réf. Adoré Granmèt la nan palè li-a ki sin-an, alélouya.

Réf. 3 Adoré Bondié, tout anj li yo, alélouya.

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sové tè-a sové-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- 1 Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- 2 Nuaj yo ak brouya entouré-l, *
jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- 3 Difé ap maché dévan-l, *
l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- 4 Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
tè-a ouè, li sézi.
- 5 Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
dévan fas Granmèt tout tè-a.
- 6 Sièl yo anonsé jistis li, *
tout pèp yo ouè gloua li.
- 7 Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
Adoré-l, tout anj li yo.
- 8 Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †

pitit fi Juda yo fété, *

poutèt jijman-ou yo, Granmèt.

⁹ Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèt anlè tout tè-a, *
ou lévé byin ro anlè tout dié yo.

¹⁰ Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
li protéjé nanm sin-l yo, *
li délivré yo sot nan min péchè yo.

¹¹ Limiè-a lévé pou moun ki kòrèk la, *
ak kè kontan pou kè ki douat yo.

¹² Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Adoré Bondié, tout anj li yo, alélouya.

V/. Sièl yo té anonsé jistis li.

R/. Épi tout pèp yo té ouè gloua li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

60, 1-22

Révélasion gloua Granmèt la sou Jérusalèm

¹ Lévé, kléré, Jérusalèm, paské limiè-ou la rivé,
gloua Granmèt la lévé sou ou.

² Sèké min fènoua yo ap kouvri tè-a,
ténèb ap kouvri pèp yo ;
min sou ou sé Granmèt la ki lévé,

y-ap ouè gloua-l nan ou.

³ Nasion yo ap maché nan limiè-ou,
roua yo nan klèté nésans ou-a.

⁴ Lévé jé-ou toutalantou, gadé :
tout sa yo rasanblé, y-ap vîn jouinn ou ;
pitit ou yo ap vîn sot byin louin,
pitit fi-ou yo ap parèt, y-ap poté yo sou bra.

⁵ Lè sa-a ou-ap ouè, ou-ap plin richès,
kè-ou ap sézi, l-ap gonflé,
lè kantité richès lanmè-a ap rivé sou ou-a,
lè foul nasion yo ap rivé sou ou-a,

⁶ sé yon riviè chamo k-ap kouvri-ou,
dromadè Madian ak Éfa ;
yo tout ap vîn sot Saba,
y-ap poté lò ak lansan,
y-ap chanté louanj Granmèt la.

⁷ Tout mouton Kédar ap rasanblé vîn jouinn ou,
bélié Nébayot yo ap nan sèvis ou,
y-ap monté pou plézi lotèl mouin-an,
m-ap mété anpil bèlté nan kay mouin-an.

⁸ Kilès sila yo k-ap volé tankou yon nuaj,
tankou pijon nan kalòj yo.

⁹ Sé sou mouin zilé yo ap éspéré,
batiman Tasis yo pran tèt kolòn nan,
pou yo minnin pitit ou yo sot byin louin,
avèk lajan yo ak lò yo,
pou non Granmèt Bondié-ou la, pou Sin Israèl la
ki ba-ou bèlté.

¹⁰ Pitit étranjé yo ap bati miray ou yo,
roua yo ap sèvi-ou,
sèké mouin té frapé-ou avèk kòlè,
min avèk favè-m mouin pran pitié pou ou.

¹¹ Pòt ou yo ap toujou rét louvri,
lajounnin kon lannuit yo pap fèmin,
pou yo poté richès nasion yo ba ou,
pou yo fè roua yo antré.

¹² Sèké nasion ak péyi roua
ki pap sèvi-ou la, l-ap péri,
nasion yo ap péri byin péri.

¹³ Richès Liban-an ap rivé lakay ou,
pié boua-pin, sapin, ak pié sèd ansanm,
pou yo anbéli lakay mouin ki sakré-a,
pou-m mét bèlté nan koté pié-m pozé-a.

¹⁴ Pitit moun ki t-ap fè-ou pasé mati yo,
y-ap proché koté-ou tèt ba,
tou sa-k t-ap méprizé-ou yo,
y-ap ajénou nan plat pié-ou.

¹⁵ Nan plas [...] poutèt yo té abandoné-ou, yo té méprizé-ou,
san pèsonn pa-t pasé,
m-ap fè-ou vîn tounin bèlté tout tan,
koté ki gin kè kontan pou jénérasion ak jénérasion.

¹⁶ Ou-ap sousé lèt nasion yo,
ou-ap sousé richès roua yo.
Ou-ap konnin sé mouin minm Granmèt la ki sovè-ou,
sila-a ki délivré-ou la, sé sa-k gin pouvoua nan Jakòb la.

¹⁷ Nan plas kuiv, sé lò m-ap fè vini;

nan plas fè, m-ap fè lajan rivé,
 nan plas boua sé kuiv;
 nan plas ròch sé fè.

M-ap mété kè pozé kòm majistra-ou,
 avèk jistis kòm préfè-ou.

¹⁸ Yo pap tandé britalité ankò nan péyi-ou,
 ravaj ak déstriksion nan limit péyi-ou,
 ou-ap rélé miray ou yo délivrans,
 pòt ou yo louanj.

¹⁹ Solèy la pap sèvi-ou limiè ankò lajounin,
 klètè lalîn nan pap kléré-ou,
 sé Granmèt la k-ap sèvi-ou limiè tout tan,
 Bondié-ou la ap sèvi-ou bèlté.

²⁰ Solèy ou-a pap pati ankò,
 lalîn ou-a pap disparèt,
 paské sé Granmèt la k-ap sèvi-ou limiè tout tan,
 jou dèy ou yo ap fini.

²¹ Tout pèp ou-a sé moun ki kòrèk,
 pou tout tan y-ap posédé péyi-a,
 ti kréyòl jadin-m,
 travay min-m pou bèlté-m.

²² Piti-a ap vîn tounin mil,
 dènié-a ap vîn tounin yon nasion ki gin pouvoua.
 Sé mouin minm Granmèt la, nan tan-an m-ap fè vit.

RÉPONS

Iz 60, 1. 3

R/. Kléré, kléré, Jérusalèm, paské limiè-ou la rivé: * Épi gloua Granmèt la lèvé sou ou.

V/. Nasion yo ap maché nan limiè-ou, roua yo nan klèté nésans ou-a. * Épi gloua.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Léon legran, pap

(Sermo 3 in Epiphania Domini, 1-3. 5: PL 54, 240-244)

Sou tout ronn tè-a Granmèt la fè konnin sové li sové nou-an

Providans mizérikòd Bondié-a, antan li té dispozé pou nan dènié tan yo li té vini osékou tè-a ki t-ap péri-a, li té déjà fiksé nan Kris la sové li t-ap sové tout nasion yo.

Osijè yo, lontan yo té promèt patriarch Abraam ki sin anpil la désandans yo pa kapab konté-a, ki t-ap anfanté non pa nan désandans chè-a, min dapré sa lafoua-a donnin-an, épi poutèt sa sé antan yo konparé-l avèk pakèt kantité zétoual yo, pou apati tout nasion yo li té espéré vîn papa pou yon désandans ki pa soti sou tè-a min ki sot nan sièl la.

Sé pou-l antré, sé pou plénitud nasion yo antré nan fanmi patriarch yo, épi sé pou bénédikcion nan désandans Abraam nan, sa pitit chè-a té réfizé-a, pitit promès yo résévoua-l. Nan toua Maj yo sé pou tout pèp yo

adoré Sa-a ki fè tout bagay la; épi sé pa nan Judé sèlman pou yo konnin Bondié, min sou tout ronnn tè-a, pou tout koté *nan Israël non li gran.*

Konsa, nou minm nou rinmin anpil la, antan nou instrui avèk mistè gras Bondié sa yo, nou gin rézon sélébré ak kontantman jou prémié donnin nou yo épi kòmansman apèl nasion yo, antan nou rann Bondié ki gin mizériköd la gras, *li minm ki té fè nou kapab, jan Apot la di-a, patisipé nan déstiné sin yo nan limiè-a; li minm ki té ouété nou sot nan pouvoua fènoua yo épi ki té transpòté nou nan rouayòm Pitit li-a li rinmin-an; paské jan Izayi té profétizé-a, pèp nasion yo, ki té chita nan fènoua yo, té ouè yon gran limiè, épi sa ki abité nan réjion lonbraj lanmò-a, limiè té lévé pou yo. Osijè yo li minm minm li di Granmèt la: Nasion yo ki pa-t konnin-ou yo, y-ap rélé-ou; épi pèp yo ki té ignoré-ou yo, y-ap vîn pran réfij ansanm nan ou.*

Jou sa-a *Abraam té ouè-l épi li té kontan,* lè li té rékonèt pitit lafoua li yo ki doué béni nan désandans li-a, ki Kris la, épi li té ouè davans antan-l kouè li t-ap papa tout nasion yo, *antan li bay Bondié gloua épi antan li té konnin plènman sa Bondié té promèt la li gin pouvoua pou-l fè-l tou.*

Jou sa-a David té chanté-l nan psòm yo, antan-l di: *Tout nasion yo, kèlkésoua sa-ou té fè yo, y-ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, épi y-ap bay non-ou gloua; épi sa-a tou: Granmèt la té fè konnin sovè li sovè nou-an, dévan fas nasion yo li té révéle jistis li-a.*

Bagay sa-a, sa-k fè nou konnin réyéلمان li té fèt, sé paské toua maj yo ki té soti nan péyi yo ki louin-an, yon zétoual té kondui yo pou yo vîn konnin épi adoré Roua sièl la ak tè-a. Kondision ésklav la li pran-an réyéلمان li di nou nan ki fòm pou nou rann li omaj: pou, avèk gras sa-a k-ap invité tou moun al jouinn Kris la, jan nou kapab nou sèvi-l.

Nan éfò sa-a, nou minm mouin rinmin anpil la, nou tout nou youn doué sèvi lòt, pou nan rouayòm Bondié-a, koté yo rivé ak lafoua douat épi bon aksion yo, nou kléré tankou pitit limiè: pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri, k-ap viv épi ki roua avèk Bondié Papa-a ak Éspri-Sin-an dépi tout tan é pou tout tan. Amèn.

RÉPONS

R/. Sa-a sé jou ki kléré anpil la, koté Sovè tè-a té parèt la, li minm profèt yo té anonsé davans la, anj yo té adoré-a: * Li minm, zétoual li-a antan maj yo ouè-l, yo té kontan épi yo té ofri-l kado.

V/. Yon jou ki sin té kléré nou: vini, nasion yo, épi adoré Granmèt la.
* Li minm, zétoual li-a.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou nan Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Quicumque Christum quaeritis*, 592.

Réf. 1 Antan yo louvri trézò yo, maj yo ofri Granmèt la lò, lansan avèk lamir, alélouya.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 743.

Réf. 2 Lanmè yo ak riviè yo, sé pou nou béni Granmèt la; sé pou nou di imn, sous yo, pou Granmèt la, alélouya.

Réf. 3 Limiè-ou la rivé, Jérusalèm, gloua Granmèt la lèvé sou ou, nasion yo ap maché nan limiè-ou la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Iz 52, 7-10

Ala bèl yo bèl sou mòn yo, pié moun k-ap anonsé bòn nouvèl la, k-ap préché lapè-a, k-ap anonsé byin-an, k-ap préché sovè nou sovè-a, k-ap di Siyon : « Bondié-ou la roua » ! Voua santinèl ou yo : yo té lèvé voua yo, yo t-ap fè fèt ansanm, paské y-ap ouè jé nan jé lè Granmèt la ap tounin Siyon. Fè kè nou kontan, fè fèt ansanm, dézè Jérusalèm yo, paské Granmèt la konsolé pèp li-a, li rachté Jérusalèm. Granmèt la drésé bra-l ki sin-an dévan jé tout nasion yo; épi tout limit tè-a ap ouè sovè Bondié sovè nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Jodi-a, ak épou ki sot nan sièl la Égliz la rivé fè youn, paské nan Jourdin-an Kris la lavé péché-l yo; maj yo kouri vîn nan nòs roua-a avèk kado yo; épi dlo-a ki vîn tounin divin-an fè kè moun yo kontan nan résépsion-an, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an, li minm jodi-a maj yo adoré-a; an nou sipliyé-l avèk gran kè kontan, pandan n-ap akلامé:

Limière ki soti nan limière-a, kléré jou sa-a.

Ou minm Kris la, ki fè ouè-ou nan chè-a,

— fè nou vîn sin gras a paròl Bondié-a ak priyè-a.

Ou minm Kris la, yo rann ou jistis nan Éspri-a,

— libéré lavi nou sot nan éspri éré yo.

Ou minm Kris la, ki té parèt dévan anj yo,

— fè nou jouinn kè kontan sièl la sou tè-a.

Ou minm Kris la, yo préché bay nasion yo,

— ouvri kè moun yo gras a puisans Éspri-Sin-an.

Ou minm Kris la, yo kouè sou tè-a,

— fè lafoua tout moun ki kouè yo vîn tou nèf.

Ou minm Kris la, yo lévé nan gloua-a,

— limin nan nou anvi rouayòm ou-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki dévoualé Sèl Pitit ou-a jou jodi-a bay nasion yo, gras a zétoual la ki t-ap kondui yo-a, fè nou favè avèk bon kè-ou, pou, nou minm ki déjà rékonèt ou nan lafoua-a, nou kité-ou kondui nou jous nan vizion fas ou nan sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

PSÒM YO

Réfrin yo

Pou Tièrs : Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasyon yo, koulié-a li parèt klè.

Pou Sèkst : Antan Kris la vini, li té anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

Pou Nòn : Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sové m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

Psòm 46 (47)

Granmèt la roua tout bagay

Li chita adouat Papa-a, é li va roua pou tout tan.

- ² Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo, *
fè louanj pou Bondié avèk rèl chanté fèt,
- ³ paské Granmèt la ki anro nèt la, li térib, *
roua ki gran anlè tout tè-a.
- ⁴ Li mété pèp yo anba lòd nou *
ak nasion yo anba pié nou.
- ⁵ Li chouazi éritaj nou pou nou, *
gloua Jakòb la, sa-a li rinmin-an.

- ⁶ Bondié monté nan gran rèl fèt, *
Granmèt la monté nan son kléron.
- ⁷ Fè louanj pou Bondié, fè louanj ; *
fè louanj pou roua nou-an, fè louanj.
- ⁸ Paské Bondié sé roua tout tè-a, *
fè louanj avèk sajàs.
- ⁹ Bondié roua sou nasion yo, *
Bondié chita sou trôn li ki sin-an.
- ¹⁰ Chèf pèp yo rasanblé *
ansanm ak pèp Bondié Abraam nan,
paské boukliyé tè-a, sé pou Bondié yo yé : *
li lévé byin ro.

Psòm 85 (86), 1-10

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- ¹ Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- ² Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sovè sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap espéré nan ou.
- ³ Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- ⁴ Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.

- 5 Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizèrikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- 6 Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- 7 Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- 8 Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- 9 Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,
- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.

Psòm 97 (98)

Granmèt la ranpòté viktoua nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré prémié fous Granmèt la té vini-an épi lafous tout nasion yo (S. Atanaz).

- 1 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
paské li fè mèvèy.
Min douat li sovè pou li, *
épi bra li ki sin-an.
- 2 Granmèt la fè konnin sovè li sovè-a, *
nan fas nasion yo li révélé jistis li-a.

- ³ Li sonjé mizèrikòd li-a *
 épi vérité-l pou kay Israël la.
 Tout limit tè-a ap ouè *
 sovè Bondié nou-an sovè nou-an.
- ⁴ Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, *
 éklaté, fété, chanté psòm.
- ⁵ Chanté psòm pou Granmèt la sou gita, *
 sou gita ak voua psòm ;
- ⁶ nan tronpèt métal épi ak voua tronpèt kòn, *
 pousé rèl fèt nan fas Granmèt la ki roua-a.
- ⁷ Sé pou lanmè-a sonnin ak sa-k plin-l nan, *
 fas tè-a ak sa ki abité nan li yo.
- ⁸ Sé pou riviè yo bat bravo, †
 sé pou tout mòn yo fété⁹ dévan fas Granmèt la, *
 paské l-ap vîn jijé tè-a.
 L-ap jijé fas tè yo nan jistis *
 ak pèp yo nan sa ki douat.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasyon yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT**Ap 15, 4**

Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, épi ki pap fè gloua pou non-ou ? Paské ou minm sèl ou Sin, paské tout nasyon yo ap vini épi y-ap adoré nan fas ou.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li té anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT**Iz 49, 6**

Granmèt la té di-m : « Sa pa kont pou-ou sèvitè-m pou-ou lévé group fanmi Jakòb yo, pou-ou fè rès Israèl yo tounin : mouin mété-ou kòm limiè nasyon yo, pou sé jous nan bout tè-a sovè m-ap sovè-a rivé ».

V/. Nasyon yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasyon yo, pou sovè m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT**Zak 2, 15**

Anpil nasyon ap kolé kò yo sou Granmèt la nan jou sa-a, épi y-ap pèp mouin. M-ap abité nan mitan-ou, épi ou-ap konnin sé Granmèt lamé yo ki té voyé-m koté-ou.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Hostis Heródes ímpie*, 589.

PSÒM YO

Réf. 1 Yo fè ouè jan Roua k-ap mét lapè-a gran anlè tout roua yo sou tout tè-a.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *

« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».

² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *

kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.

³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †

nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.

⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».

⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.

[6]

⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Yo fè ouè jan Roua k-ap mét lapè-a gran anlè tout roua yo sou tout tè-a.

Réf. 2 Li lévé nan fènoua yo, limiè-a pou sa-k gin kè douat yo; Granmèt la ki mizérikòd, ki pran pitié, ki kòrèk.

Psòm 111 (112)

Kontantman mesié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

| | | |
|--------------|--|---|
| ¹ | Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, * | א |
| | nan lòd li yo li mét anpil anvì. | ב |
| ² | Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, * | ג |
| | ras moun ki douat yo ap béni. | ד |

| | | |
|----|---|---|
| 3 | Gloua ak richès nan kay li, * | ה |
| | jistis li ap rété pou sièk sièk la. | ו |
| 4 | Limiè-a ap lèvé nan fènoua, pou moun ki douat yo, * | ז |
| | li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. | ח |
| 5 | Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, † | ט |
| | ki réglé afè-l yo kòrèk, * | י |
| 6 | paské pou tout tan li pap souké. | כ |
| | Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, * | ל |
| 7 | lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè. | מ |
| | Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, † | נ |
| 8 | kè-l asiré, li pap pè, * | ס |
| | joustan li méprizé ènmi-l yo. | ע |
| 9 | Li té distribué, li té bay pòv yo ; † | פ |
| | jistis li rété pou sièk sièk la, * | צ |
| | kòn li ap lèvé nan gloua-a. | ק |
| 10 | Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, † | ר |
| | l-ap manjé dan, l-ap dépéri. * | ש |
| | Anvi péchè yo ap détrui. | ת |

Réf. Li lèvé nan fènoua yo, limiè-a pou sa-k gin kè douat yo; Granmèt la ki mizérikòd, ki pran pitié, ki kòrèk.

Réf. 3 Tout nasion yo, sa ou té fè yo, y-ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adoration

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Tout nasion yo, sa ou té fè yo, y-ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

LÉKTU KOUT

Tit 3, 4-5

Bon kè Bondié Sovè nou-an té parèt, avèk jan-l sansib pou moun yo, sé pa sou aksion jistis nou té fè, min dapré mizérikòd li-a li té sovè nou, nan bingn nouvo nésans la épi ki fè nou vîn tou nèf la gras a Éspri-Sin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè ouè jan li gran. * Tout fanmí yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn Bénédiksion.

Pou *Magnificat* la, réf. : N-ap fété jou sin sa-a ki anbéli avèk toua mirak : jodi-a, zétoual la kondui maj yo nan krèch la; jodi-a, yo fè divin sot nan dlo nan nòs la; jodi-a, nan Jourdin-an Kris la té désidé pou Jan batizé-l, pou-l té kapab sovè nou, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Sila-a ki sovè nou-an, jodi-a maj yo adoré-l, an nou lapriyè-l avèk gran kè kontan, pandan n-ap mandé :

Sovè nanm pòv ou yo, Granmèt.

Roua nasion yo, ou minm ki rélé maj yo vîn adoré-ou tankou prémié frui pèp déyò yo,

— fè nou favè yon léspri pou nou adoré-ou, pou nou sèvi-ou.

Roua bèlté, ou minm ki jijé pèp ou-a nan jistis,

— fè kè pozé débòdé sou lèzòm.

Roua tout tan, ou minm ki diré nan tout jénérasyon,

— voyé parol ou-a nan kè nou tankou dlo k-ap dégouté sot sou tèt kay.

Roua jistis, ou minm ki vlé délivré pòv la ki pa gin pèsonn pou édé-l,

— fè kè-ou sansib pou maléré ak moun ki nan lapinn.

Granmèt, non-ou béni pou tout tan,

— réalizé mèvèy délivrans ou-a nan frè nou yo ki mouri yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki dévoualé Sèl Pitit ou-a jou jodi-a bay nasion yo, gras a zétoual la ki t-ap kondui yo-a, fè nou favè avèk bon kè-ou, pou, nou minm ki déja rékonèt ou nan lafoua-a, nou kité-ou kondui nou jous nan vizion fas ou nan sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan jou ki suiv yo jous nan dimanch Batèm Granmèt la, yo pran pati ki pròp yo jan sa yé pi louin-an 624; min apré dimanch Batèm Granmèt la, tan nan kouran ané-a kòmansé.

Nan réjion koté yo sélébré solanité Épipani Granmèt la nan dimanch ki tonbé ant 2 ak 8 janvié, jou ki suiv yo pati ki pròp yo yo pran yo minm jan-an nan 624; sof si dimanch la t-a tonbé jou 7 oubyin 8 janvié-a, nan ka sa-a jou ki suiv la yo sélébré Ofis fèt Batèm Granmèt la jan yo indiké 679-699, antan yo pran psòm Lè nan mitan jounin-an nan lindi premié sémèn nan avèk réfrin fèt la; léktu kout la, vèsè-a épi priyè-a tou yo pran yo nan fèt la; min pou Konpli yo sé psòm lindi-a.

Madi ki suiv la tan nan kouran ané-a kòmansé, vol. III.

JOU 7 JANVIÉ
OUBYIN LINDI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Sièl yo té anonsé jistis li.

R/. Épi tout pèp yo té ouè gloua li.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

61, 1-11

Éspri Granmèt la sou sèvitè-l la

¹ Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin,
sé pousa Granmèt la sakré-m,
li voyé-m anonsé sa-k bon bay pòv yo,
pou-m pansé kè ki krazé yo,
pou-m préché libérasion bay prizonié yo,
délivrans bay sa-k fèmin yo,

² pou-m préché yon ané koté Granmèt la fè gras,
yon jou vanjans pou Bondié nou-an,
pou-m konsolé tout moun ki nan lapinn,

³ pou-m mété yon kouròn nan plas sann
pou moun Siyon yo ki nan lapinn yo
épi pou-m ba yo-l,

losion kè kontan nan plas dèy,
manto louanj nan plas éspri chagrin.

Épi y-ap rélé yo Térébint jistis,
plantasion Granmèt la pou yo ba li gloua.

⁴ Y-ap bati miray ki té détrui dépi sièk,
y-ap drésé sa-k té tounin savann lontan yo,
y-ap réfè vil ki té détrui yo,
sa-k té tounin savann dépi jénérasyon ak jénérasyon yo.

⁵ Etranjé ap kanpé, y-ap gadiyin mouton nou,
piti étranjé ap saklé tè nou, y-ap okipé jadin rézin nou.

⁶ Nou minm y-ap rélé nou « Prèt Granmèt la »,
y-ap di nou « Sèvitè Bondié nou-an ».
N-ap manjé richès nasion yo,
n-ap pran plas yo nan bèlté yo-a.

⁷ Nan plas doub laront yo-a ak dézonè-a,
y-ap fè louanj pòsion pa-l la ;
sé poua sé dé pòsion éritaj y-ap résévoua nan péyi yo-a,
sé kè kontan tout tan k-ap pou yo.

⁸ Paské mouin minm Granmèt la ki rinmin jijman-an,
mouin rayi piyaj ak méchansté ;
m-ap ba yo rézilta travay yo nan vérité,
m-ap passé yon aliens tout tan avèk yo.

⁹ Y-ap rékonèt ras yo nan nasion yo,
ak sa-k sot nan yo nan mitan pèp yo.
Tout moun k-ap ouè yo ap rékonèt yo,
paské yo sé sémans Granmèt la béni.

¹⁰ Mouin kontan anpil nan Granmèt la,
nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,

paské li abiyé-m ak rad ki montré mouin sové-a,
li vlopé-m nan manto jistis la,
tankou yon mésié k-ap marié, ki gin yon kouròn sou tèt li,
épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.

¹¹ Minm jan tè-a fè sémans li pousé-a,
minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an,
sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

RÉPONS

Iz 61, 1 ; Jan 8, 42

R/. Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin, sé poussa Granmèt la té sakré-m; li té voyé-m anonsé bon nouvèl bay sa-k rabésé yo; * Pou-m pansé sa-k krazé nan kè yo-a, pou-m préché libérasion bay égzilé yo, épi ouvri yo ouvri-a bay sa-k fèmin yo.

V/. Mouin minm sé nan Bondié mouin té soti pou-m té vini ; ni sé pa apati pròp tèt mouin mouin té vini, min sé li minm ki té voyé-m. * Pou-m pansé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Piè Krizològ, évèk

(Sermo 160: PL 52, 620-622)

*Li minm ki té vlé pran nésans pou nou-an,
li pa-t vlé pou nou ignoré-l*

Malgré nan sakréman inkarnasion Granmèt la minm té toujou ginyin sign klè divinité-a, poutan solanité jodi-a louvri épi révéle nou pliziè

fason Bondié vini nan yon kò moun, pou mòtalité-a ki toujou vlopé ak fènoua-yo pa pèdi poutèt ignorans la kalité bagay sa-a li té mérité kinbé épi posédé poutèt gras la.

Réyèlman li minm ki té vlé pran nésans pou nou-an, li pa-t vlé pou nou ignoré-l: épi pousa sé konsa li révélé, pou gran sakréman piété-a pa-t vîn tounin okazion gran èrè.

Jodi-a maj la ki t-ap chèché sa-k t-ap kléré nan zétoual yo, dékouvri nan bèso-a sa k-ap kriyé-a. Jodi-a maj la admiré klèman nan kouchèt yo, sa dépi lontan nan fènoua li t-ap admèt nan zétoual yo.

Jodi-a maj la sa l-ap ouè la-a boulvèsé-l ak yon sézisman ki fon: sou tè-a li ouè sièl la, nan Bondié li ouè moun nan, nan moun nan li ouè Bondié, épi sa tout sièk la pa-t kapab fèmin-an li ouè-l nan yon kò ki tou piti. Épi déjà antan-l ouè, avèk kado an mistè li fè déklarasion li kouè épi li pa diskité: li ofri Bondié ansan-an, roua-a lò-a, sa-k gin pou mouri-a lamir.

Sé la-a moun nasion-an ki té dènié-a, vîn tounin premié: paské lè sa-a apati lafoua maj yo sé kouè nasion yo pral kouè-a ki inogiré.

Jodi-a Kris la té antré nan basin Jourdin-an, pou-l lavé péché tè-a: Jan li minm témouagné sé pou sa li té vini: *Min Mouton Bondié-a ki ouété péché tè-a*. Jodi-a ésklav la kinbé Granmèt la, moun nan kinbé Bondié, Jan kinbé Kris la; sa-k kinbé-a sé sa-k gin pou résévoua padon-an, sé pa sa k-ap bay li-a.

Jodi-a, jan Profèt la di-a: *Voua Granmèt la sou dlo yo. Ki voua? Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an, li minm nan li-a mouin jouinn plézi mouin.*

Jodi-a Éspri-Sin-an sou fòm kolonb la ap floté anlè dlo yo, pou minm jan kolonb sa-a té anonsé Noé déluj la té rékilé sot nan tè-a, konsa sa-a bay signal: pou tout tan tè-a sispann fè nofraj; épi sé pa tankou ansyin kolonb la ki té poté branch oliv la, min li vidé nan tèt sa k-ap obéyi-a tout grès nouvo luil bon lodè-a, pou sa Profèt la té déjà di-a réalizé: *Sé poussa Bondié, Bondié-ou la, té ba-ou onksion ak luil kontantman-an anvan konpagnon-ou yo.*

Jodi-a Kris la bay kòmansman sign sièl yo, antan li chanjé dlo yo tounin divin. Min dlo-a té gin pou-l chanjé nan mistè san-an, pou Kris la té ofri vrè kalis yo apati véso kò li-a bay sa k-ap bouè yo, pou-l réalizé sa Profèt la: *Épi kalis mouin-an antan-l satisfè-m, ala li sipériè!*

RÉPONS

R/. Sé toua kalité kado ki gin pri maj yo té ofri Granmèt la nan jou sa-a, épi yo gin mistè Bondié nan yo: * Nan lò-a, pou yo montré pouvoua roua-a; nan lansan-an konsidéré gran prêt la; épi nan lamir la antèman Granmèt la.

V/. Sa-a ki fè nou sovè-a, maj yo vénéré-l nan bèso-a, épi yo ofri-l nan trézò pa yo aparans kado yo an mistè. * Nan lò-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT****Iz 9, 5**

Yon ti pitit té pran nésans pou nou, yon pitit gason yo té ba nou ; kòmandman-an té vîn sou zépòl li ; y-ap rélé non-l Konséyé ki ékstraòdinè-a, Bondié ki fò-a, Papa sa-k pou tout tan-an, Prins lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Maj yo sot olévan, yo vîn Bètléèm pou yo adoré Granmèt la, yo louvri trézò yo, yo ofri kado ki gin anpil valè : lò tankou pou gran Roua-a, lansan tankou pou véritab Bondié-a, lamir pou lantèman li, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, ki poté sové Bondié sové nou-an, sa tout limit tè yo té ouè-a, an nou péyé dèt louanj yo épi an nou rélé ak kè kontan :

Gloua pou ou, Kris Granmèt.

Rédanmètè tout moun, ou minm ki antan-ou vini-an, ou krazé miray ki té séparé Juif yo ak Nasion yo,

— fè diskriminasion ki dézonoré dignité moun nan disparèt sot sou tè-a.

Ou minm ki instalé prezans ou nan pami nou pa lintèmediè inkarnasion-ou nan ak nésans ou-a,

— aprann nou rékonèt divès fason ou prézan nan Égliz la ak nan moun yo.

Ou minm ki té révéle Bondié anplin nèt bay moun yo,

— montré nou kijan pou nou mété nou dakò avèk paròl ou-a nan yon lafoua ki toutantié ak nan sa n-ap fè.

Émanuèl, ou minm ki réfè tout bagay yon fason ékstraòdinè,

— fè nou favè pou tout bagay vîn nouvo, ni kè yo, ni voua yo, ni aksion yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Kè nou yo, tanpri, Granmèt, sé pou ékla grandè-ou la kléré yo pou nou réyusi travèsè fènoua tè sa-a épi pou-n rivé nan patri klèté tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasion yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT

Dét 4, 7

Èské gin yon lòt nasion ki tèlman gran, ki kapab gin dié yo k-ap proché pré-l, tankou Granmèt Bondié nou-an prézan nan tout siplikasion nou yo koté-l ?

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li té anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT

Iz 12, 5-6

Chanté pou Granmèt la, paské li té aji avèk grandè; sé pou yo konnin sa sou tout tè-a. Fété, fè louanj, fi ki abité nan Siyon paské li gran nan mitan-ou, Sin Israèl la.

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sové m-ap sové-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT

Cf. Tob 14, 6-7

Épi tout nasion yo sou tout tè-a ap tounin, y-ap krinn Bondié réyèlman vré, yo tout ap kité zidòl yo ginyin yo. Épi y-ap béni Bondié tout tan-an nan jistis. Tout pitit Israèl yo, sa y-ap libéré nan jou sa yo, antan yo sonjé Bondié nan vérité, y-ap rasanblé pou yo vini nan Jérusalèm. Épi y-ap kontan, moun yo ki rinmin Bondié nan vérité-a.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Cf. 2 Piè 1, 3-4

Kris la ba nou tout bagay ki konsènè puisans Bondié-l la, pou lavi-a ak bon kè-a, pa lintèmédiè konésans li-a, li minm ki té rélé nou ak pròp gloua-a ak puisans la, li minm pa lintèmédiè-l yo té ba nou promès yo ki pi gran yo épi ki gin anpil valè yo, pou pa lintèmédiè bagay sa yo nou vîn tounin moun ki posédé natu Bondié-a, antan n-ap évité mové anvi ki sou tè-a k-ap gaté nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè louanj li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

Pou *Magnificat* la, réf. Antan yo ouè zétoual la, maj yo té kontan ak gran kè kontan; épi antan yo antré nan kay la, yo té ofri Granmèt la lò, lansan ak lamir.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Li béni, Kris la, Granmèt la, li minm ki té vizité moun yo antan yo chita nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a, pou-l té kléré yo. An nou mandé-l ak élan santiman respè sakré-a :

Ou minm Kris la, solèy k-ap lévé-a, montré limiè-ou la.

Kris Granmèt la, antan-ou vini-an, ou réalisé nésans Kò-ou la, ki Égliz la, — fè-l dévlopé épi rafèmi nan charité-a.

Ou minm k-ap dirijé sièl la ak tè-a antan-ou kinbé yo nan yon min, — fè pèp yo ak dirijan yo rékonèt pouvoua roua-ou la.

Ou minm ki vîn tounin prêt pou tout tan-an pa lintèmédiè inkarnasion-ou nan,

— fè prêt yo vîn kapab alarotè sèvis rédanmsion-ou nan.

Ou minm ki réalisé nan vant Vièj Mari mistè mariaj ant sa moun nan yé-a ak sa Bondié yé-a,

— béni vièj yo ki konsakré ba ou kòm Épou ki nan sièl la.

Ou minm ki détrui lanmò-a ou pa-t fè-a, lè-ou vîn marié ak sa nou yé-a ki kapab mourri-a,

— tanpri fè lanmò défin yo chanjé nan lavi pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Kè nou yo, tanpri, Granmèt, sé pou ékla grandè-ou la kléré yo pou nou réyusi travèsé fènoua tè sa-a épi pou-n rivé nan patri klèté tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 8 JANVIÉ
OUBYIN MADI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm.

R/. Li minm ki voyé promès li sou tè-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

62, 1-12

Proché rédanmsion-an proché-a

¹ Poutèt Siyon mouin pap pè bouch mouin,
épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil
joustan moun kòrèk li-a sòti tankou klèté,
épi sovè-l la kléré tankou lanp.

² Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a,
épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la,
y-ap rélé-l yon non nouvo,
sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.

³ Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la,
yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.

⁴ Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò,

yo pap rélé tè-ou la « Dézolé » ankò ;
 min y-ap rélé-ou « Volonté-m nan li »,
 épi tè-ou la « Sa-a yo abité-a »,
 paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou,
 épi y-ap abité nan péyi-ou la.

⁵ Jèn jan-an ap abité avèk vièj la,
 pitit ou yo ap abité nan ou,
 mésié k-ap marié-a ap kontan poutèt madanm li k-ap marié-a,
 Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.

⁶ Sou miray ou yo, Jérusalèm, mouin instalé santinèl ;
 Tout lajounin, tout lannuit, yo pap janm sispann palé.
 Nou minm k-ap fè sonjé Granmèt la, pa sispann palé,

⁷ pa kite-l an silans non plis tou,
 joustan li rébati Jérusalèm,
 joustan li fè-l vîn tounin louanj tè-a.

⁸ Granmèt la fè sèman sou min douat li,
 sou fòs ponyèt li:

« Mouin pap bay ènmi-ou yo manjé blé-ou la ankò,
 divin-an ou fîn travay pou li-a,
 pitit étranjé yo pap bouè-l ankò.

⁹ Sé moun k-ap koupé-l yo, sé yo minm k-ap manjé-l,
 y-ap fè louanj Granmèt la;
 moun ki kéyi rézin-an,
 sé yo minm k-ap bouè-l nan lakou kay sakré-m nan.

¹⁰ Travèsé, travèsé pòtay yo,
 trasé chémin pou pèp la,
 drésé, drésé térasman-an ouété ròch yo,
 monté yon drapo pou pèp yo ».

¹¹ Min Granmèt la fè tandé nouvèl nan bout tè-a :

« Di ti fi Siyon-an :

Min Sovè-ou la k-ap vini,

min rékonpans li avèk li,

épi travay li dévan-l.

¹² Épi y-ap rélé yo : “Pèp sin”,

“Sa Granmèt la rachté-a” ;

kanta ou minm y-ap rélé-ou “Vil yo anvi-a

épi Vil yo pap abandoné-a” ».

RÉPONS

Iz 62, 2-3

R/. Nasion yo ap ouè jistis ou-a, épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la; *
Y-ap rélé ou yon non nouvo, sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.

V/. Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, yon
kouròn roua nan min Bondié-ou la. * Y-ap rélé-l.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sou Parèt Bondié parèt la ki sin-an,
yo di sé sint Ipolit, prèt, ki fè-l

(Nn. 2. 6-8. 10: PG 10, 854. 858-859. 862)

Dlo-a ak Éspri-a

Jézu té vini kot Jan, épi li té résévoua batèm nan min-l. Ala bagay ki
doué fè nou sézi anpil! Gran riviè ki san limit la k-ap fè vil Bondié-a
kontan-an, yon ti kras dlo lavé-l. Sous la yo pa kapab kapté-a k-ap fè lavi-
a boujonnin pou tout moun yo épi ki pa gin finisman-an, ti dlo yo ki la
pou yon tan-an kouvri-l.

Li minm ki prézan tout koté épi ki pa absan okinn koté, anj yo pa kapab konprann li-an épi li louin sa moun yo kapab ouè-a, li proché kot batèm nan jan sa té fè-l plézi-a. *Épi min sièl yo té louvri pou li épi yon voua rivé antan-l di: Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an, nan li minm mouin té jouinn plézi.*

Sa yo rinmin-an anfanté rinmin-an, épi limiè ki pa matérièl la anfanté limiè yo pa kapab proché-a. Sa-a sé li yo té bay non pitit Jozèf la, épi sé sèl Pitit mouin-an dapré sa Bondié yé-a.

Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an : antan-l grangou li minm, li nourri milié moun yo pa kapab konté yo; antan l-ap travay, épi sé li minm minm ki réfè sa k-ap travay yo; antan li pa gin koté pou-l pozé tèt li, épi ak min-l li dirijé tout bagay; li minm ki soufri-a, épi li géri tout soufrans yo; li minm ki résévoua souflèt yo, épi li bay tè-a libèté; li minm yo frapé bò kòt la, épi li korijé kòt Adan-an.

Min, tanpri, drésé éspri nou sou mouin avèk atansyon : mouin vlé réyèlman kouri tounin al nan sous lavi-a, épi kontanplé sous k-ap jayi gérizon yo.

Papa sa-k pa kapab mouri-a té voyé Pitit la, Paròl la, ki pa kapab mouri-a sou tè-a, li minm ki té vini jouinn moun yo, pou-l lavé yo nan dlo-a ak Éspri-a : épi, pou ba yo yon nouvo nésans pou yo pa kapab gaté ni nan nanm nan ni nan kò-a, li té souflé Éspri lavi-a nan nou, épi li té abiyé nou ak zam ki pap gaté.

Si donk moun nan vîn pa kapab mouri, l-ap Bondié tou. Si réyèlman vré apati nouvo nésans sot nan bingn nan dlo-a ak Éspri-Sin-an li vîn Bondié, li konprann afon tou apré rézireksion sot pami mò yo, l-ap éritié ansanm ak Kris la.

Sé poutèt sa, avèk voua k-ap anonsé, mouin déklaré : Tout group fanmi nasion yo sé pou nou vini nan batèm k-ap fè nou pa kapab mouri-a. Sa-a sé dlo-a ki fè youn ak Éspri-a, sa k-ap rouzé paradi-a, sa k-ap angrése tè-a, plant yo pran kouasans, bèt yo fè pitit; épi pou-m anbrasé tout bagay an rézimé, pa lintèmediè-l moun nan ki gin nouvo nésans la li jouinn lavi, nan li Kris la té batizé, li minm nan li-a Éspri-Sin-an té désann sou fòm kolonb la.

Moun ki réyèlman avèk lafoua désann nan bingn nouvo nésans sa-a, li rénonse djab la, épi li kolé kò-l sou Kris la; li rénié ènmi-an, épi li fè déklarasion Kris la sé Bondié; li dézabiyé ak ésklavaj la, li abiyé avèk adopsion-an; li soti nan batèm nan kléré tankou solèy la, antan l-ap briyé ak réyon jistis yo; min réyèlman vré sa-k pi gran-an, sèké li tounin pitit Bondié épi éritié ansanm ak Kris la.

Pou li, gloua ak puisans ansanm avèk Éspri li-a ki sin anpil la, ki bon épi ki bay lavi-a, koulié-a é pou tout tan gin tan. Amèn.

RÉPONS

Jan 1, 32. 34. 33

R/. Mouin ouè té Éspri-a k-ap désann tankou yon kolonb sot nan sièl la, li rété sou li; * Mouin minm mouin ouè, mouin sèvi témouin, sa-a sé Pitit Bondié-a.

V/. Sa-a ki voyé-m batizé nan dlo-a, li minm minm li di-m : Sou moun nan ou-a ouè Éspri-a désann li rété sou li-a, sé li minm k-ap batizé nan Éspri-Sin-an. * Mouin minm mouin ouè.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 4, 2-3

Nan jou sa-a jèm Granmèt la ap nan ékla ak gloua, épi frui tè-a ap lévé byin ro, ap gin fèt pou sa yo k-ap sové sot nan Israèl la. Min sa k-ap rivé : tout sa yo k-ap rété nan Siyon, épi ti rès k-ap nan Jérusalèm nan, y-ap rélé-l sin, tout moun ki ékri nan lavi nan Jérusalèm.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sé toua kalité kado maj yo té ofri Granmèt la : lò, lansan avèk lamir, pou Pitit Bondié-a, pou gran Roua-a, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Mizérikòd Kris la, an nou sélébré-l, li minrn ki té vini pou-l libéré kréasion-an sot nan ésklavaj dékonpozision-an, vîn nan libèté pitit Bondié yo. Avèk asirans bon kè sa-a ki sot nan Bondié-a, an nou mandé :

Gras a nésans ou-a, libéré nou sot nan sa-k mal la.

Granmèt, ou minm ki antan-ou égzisté dépi tout tan, ou antré nan yon nouvo lavi,

— fè nou vîn nouvo tout tan gras a mistè nésans ou-a.

Ou minm ki antan-ou pa lagé sa ou yé kòm Bondié-a, ou pran sa nou yé kòm moun nan yon fason ékstraòdinè,

— fè lavi nou fè éfò monté pou-l patisipé pi anplin nan sa-ou yé kòm Bondié-a.

Ou minm ki antan-ou vini-an, ou tounin limiè nasyon yo ak mèl k-ap fè yo vîn sin-an,

— fè paròl ou-a sèvi lanp pou pié nou yo.

Paròl Bondié, ou minm ki tounin chè nan vant Vièj Mari, épi ou té vini sou tè sa-a,

— tanpri aksépté toujou abité nan kè nou gras a lafoua-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm Sèl Pitit ou-a té parèt nan égzistans chè nou-an, fè nou favè, tanpri, pou gras a li minm nou rékonèt ki sanblé ak nou sou déyò-a, nou mérité jouinn yon lòt fòm sou anndan. Li minm ki vivan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasion yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT

Iz 45, 13

Mouin té fè-l lévé nan jistis la épi tout chémin-l yo, m-ap égalizé yo; li minm l-ap bati vil mouin-an épi moun mouin yo ki égzilé yo, l-ap voyé yo alé, san-l pa péyé pri lagé, ni lajan anba chal, Granmèt lamé yo ki di sa.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li té anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT

Iz 48, 20

Avèk voua fèt sé pou nou anonsé; sé pou nou fè tandé sa, fè sa rivé jous nan bout tè-a, sé pou nou di : « Granmèt la té rachté sèvitè-l Jakòb ».

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sové m-ap sové-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT

Iz 65, 1

Mouin kité moun ki pa t-ap pozé-m késion proché koté-m, mouin kité moun ki pa t-ap chèché-m jouinn mouin. Mouin té di: « Min mouin, min mouin! », pou yon nasion ki pa t-ap rélé non-m.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 3b-5

Nou té dapré natu-a pitit kòlè tankou lòt yo. Min Bondié ki rich nan mizèrikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li fè nou viv ansanm ak Kris la. Sé dapré gras la nou sovè.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksyon nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksyon.

V/. Tout nasyon yo ap fè louanj li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksyon.

Pou *Magnificat* la, réf. Limiè ki sot nan limiè, ou minm Kris la, ou té parèt, ou minm maj yo ofri kado yo, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÈSION YO

Ansanm avèk tout krétyin yo ki fè yon sèl nan louanj la ak priyè-a, an nou priyé Granmèt la :

Kouté pitit ou yo, Papa ki sin.

Poté sèkou, ou minm Bondié yo pa konnin-an, bay moun yo k-ap chèchè-ou nan lonbraj yo ak nan pòtré yo;

— kréyé yo yon lòt foua ak limiè Kris la.

Viré gadé tout moun yo k-ap adoré-ou kòm sèl Bondié-a épi k-ap tann ou kòm jij nan dènié jou-a;

— sé pou yo rékonèt kijan ou toujou byin dispoze avèk nou.

Sonjé tout moun yo ou bay lavi, limiè ak tout bagay,

— pa kité yo pati louin-ou.

Protéjé tout vouayajè yo gras a anj la k-ap véyé sou yo-a,

— prèzèvé yo pou yo pa mouri sibit, san yo pa paré pou sa.

Ou minm ki té montré défin yo vérité-ou la sou tè-a,

— kondui yo jous yo rivé kontanplé bèlté rotè-ou la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm Sèl Pitit ou-a té parèt nan égzistans chè nou-an, fè nou favè, tanpri, pou gras a li minm nou rékonèt ki sanblé ak nou sou déyò-a, nou mérité jouinn yon lòt fòm sou anndan. Li minm ki vivan.

JOU 9 JANVIÉ OUBYIN MÈKRÉDI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Granmèt la ap aprann nou chémin-l yo.

R/. Épi n-ap maché nan santié-l yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

63, 7-19

Souvni mizérikòd Bondié nan abandoné yo abandoné pèp la

⁷ M-ap fè sonjé pitié Granmèt la,
louanj Granmèt la
anlè tout bagay Granmèt la rinmèt nou yo,
épi anlè pakèt byin kay Israèl la,
sa-l ba yo dapré mizérikòd li yo
épi dapré kantité pitié-l yo.

⁸ Li di : « Réyèlman sé pèp mouin li yé,
pitit ki pa bay désépsion » ;
li vîn tounin sovè pou yo.

⁹ Nan tout tribilasyon yo, sé pa yon délégé
ni yon anj,
min sé li minm ki té sovè yo.
Nan amou li épi nan padon li,
li minm minm li té rachté yo,
li té lévé yo, li té poté yo,
chak jou sièk la.

¹⁰ Min yo minm yo fè léspri sin-l nan faché,
yo fè-l chagrin,
li vîn tounin yon ènmi pou yo,
li fè yo lagè.

¹¹ Li sonjé jou lontan yo,
Moyiz ak pèp li-a.

Koté sila-a ki té fè monté sot nan lanmè-a,
 avèk gadyin mouton-l nan,
 koté sila-a ki té mété Éspri Sin-l nan anndan-l nan?

¹² Li minm ki té maché avèk min douat Moyiz,
 ki t-ap fann dlo yo dévan fas yo,
 pou-l fè non-l rété pou tout tan.

¹³ Li minm ki té fè yo maché nan gran bafon yo,
 tankou choual nan savann, san yo pa bité,
¹⁴ tankou yon bèt k-ap désann nan tè fon-an.
 Éspri Granmèt la t-ap minnin yo répozé.

Sé konsa ou t-ap kondui pèp sa-a,
 pou-ou fè non-ou ki gin bèlté.

¹⁵ Panché, gadé, antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè,
 antan-ou nan lakay ou ki sin-an ki bèl la.
 Koté jalouzi-ou ak fòs ou-a,

sansibilité zantray ou,
 pitié-ou té ginyin pou mouin-an, sa frinnin?

¹⁶ Sèké sé ou minm ki papa nou,
 sèké Abraam pa konnin nou,
 Ou minm, Granmèt, papa nou,
 rédanmèt nou ;
 dépi sièk sé non-ou sa.

¹⁷ Pouki sa, ou té fè nou ap pèdi rout, Granmèt, louin chémin-ou yo,
 ou té fè kè nou vîn di, pou nou pa konnin-ou ?
 Tounin, poutèt sèvitè-ou yo, fanmiy éritaj ou-a.

¹⁸ Sé pou yon ti moman sèlman
 pèp ou-a ki sin-an té éritié;
 ènmi nou yo foulé kay sakré-ou la anba pié yo.

¹⁹ Dépi lontan nou té vîn tounin moun ou pa kòmandé sou yo,
 yo pa-t nommin non-ou sou nou.
 Si-ou té kapab chiré sièl la pou-ou désann!
 Dévan fas ou mòn yo t-a koulé.

RÉPONS

Iz 63, 17. 19

R/. Pouki sa, ou té fè nou ap pèdi rout, Granmèt, louin chémin-ou yo,
 ou té fè kè nou vîn di, pou nou pa krinn-ou ? * Si-ou té kapab chiré sièl
 yo, épi ou désann !

V/. Tounin, poutèt sèvitè-ou yo, fanmiy éritaj ou-a. * Si-ou té kapab.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Proklus de Konstantinòpl, évèk

(Oratio 7 in sancta Theophania, 1-3: PG 65, 758-759)

Sanktifikasion dlo yo

Kris la té parèt pou tè-a, épi antan li réglé tè-a ki té an dézòd la, li té
 fè-l vîn kléré épi kontan. Li té pran péché tè-a, épi li té jété ènmi tè-a. Li
 té fè sous dlo yo vîn sin, épi li té kléré nanm moun yo. Li té mété mirak
 nan mirak ki pi gran yo.

Jodi-a réyèlman tè-a ak lanmè-a séparé gras Sovè-a antré yo, épi tout
 tè-a inondé ak kontantman; épi jou sa-a montré pi gran dévlopman mirak
 yo pasé solanité ki té vîn anvan-an.

Réyèlman nan jou solanité nésans Sovè-a ki té vîn anvan-an, tè-a té kontan poutèt li té poté Granmèt la nan krèch la; min nan jou manifèstasion Bondié-a koulié-a, lanmè-a ap vòltijé épi ap ponpé ak kontantman ki dépasé mézi; l-ap ponpé minm, poutèt li té résévoua bénédiksion ki fè-l vîn sin-an pa lintèmédiè Jourdin-an.

Nan solanité ki té vîn anvan-an, yo té montré ti bébé-a ki pa-t ko grandi, sa t-ap témouagné inpèféksion nou-an; min nan fèt jodi-a koulié-a, yo ouè-l ki fîn gran, antan sa montré yon fason voualé sa-a ki soti apouin nan sa-a ki apouin-an. Laba-a Roua-a té abiyé ak toual rouj kò-a; koulié-a sous la vlopé riviè-a épi sé tankou li abiyé-l.

An avan donk, sé pou nou ouè nouvo mirak yo k-ap fè nou sézi: sètadi, solèy jistis la k-ap bingnin nan Jourdin-an, difé-a ki plonjé nan dlo-a, épi Bondié ki sanktifié palintèmédiè sèvis moun nan.

Jodi-a tout kréasion-an antan l-ap chanté immn, li proklamé: *Li béni, sa-a k-ap vini onon Granmèt la*. Li béni, sa-a ki vini tout tan-an : réyèlman sé pa koulié-a li prémié vini.

Èské sé pa sa? Di sa pi klè, tanpri, sin David : *Bondié Granmèt la minm té kléré nou*. Sé pa David sèlman ki té di sa kòm profèt, vrèman minm Apot Pòl antan li apuiyé-l ak témouagnaj li-a, li di nan paròl sa yo : *Gras Bondié-a té parèt, pou-l sovè tout moun yo, antan l-ap instrui nou*. Sé pa kèk moun, sé *tout moun* : tout moun réyèlman, Juif yo minm jan avèk Grèk yo, li té ba yo sovè y-ap sovè-a gras a batèm nan, antan li propozé batèm nan kòm byinfè komin pou tout moun.

An avan, gadé nouvo déluj ki ékstraòdinè-a, li pi gran épi li pi ékstraòdinè pasé déluj tan Noé-a. Lè sa-a réyèlman dlo déluj la té détrui ras moun nan; min isit la dlo batèm nan, akoz puisans sa-a ki té batizé-a, té rélé mò yo vîn nan lavi. Kolonb la, lè sa-a, antan-l t-ap poté branch oliv

la nan bèk li, té indiké sant bon lodè Kris la; isit la minm Éspri-Sin-an, antan-l vini sou fòm kolonb la, té montré Granmèt la ki gin mizérikòd la.

RÉPONS

R/. Jodi-a limiè ki sot nan limiè-a té parèt pou nou, li minm Jan té batizé nan gran riviè Jourdin-an: * Sé li minm nou kouè ki pran nésans sot nan Mari ki Vièj.

V/. Sièl yo té ouvri anro-l, épi yo té tandé voua Papa-a. * Sé li minm nou kouè.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 49, 8 b-9 a

Mouin instalé-ou kòm aliens pèp la, pou-ou mét péyi-a kanpé épi pou-ou séparé éritaj ki sakajé yo ; pou-ou di sa-k anchinnin yo : « Sòti », épi sa-k nan fènoua yo : « Parèt ».

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Nou té ouè zétoual li nan Olévan-an, épi nou vini avèk kado pou nou adoré Granmèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Paròl ki égzisté tout tan-an, sa Papa-a anfanté-a, nan plénitud tan-an li té pran nésans pou nou kòm yon timoun piti épi yo bay li kòm yon pitit gason. Konsa li minm ak kontantman an nou aklamé-l :

Sé pou-ou béni, Granmèt.

Pitit Bondié vivan-an, ou minm ki égzisté anvan tè-a té fèt, épi ou té vini sou tè-a pou sovè moun yo,

— fè nou sèvi Évanjil ou-a témouin.

Solèy jistis, ou minm ki té kléré sot anndan Papa-a épi ou té mét limiè sou tout tè-a,

— kléré tout moun ki chita nan fènoua lanmò-a.

Ou minm ki vîn tounin yon ti moun piti épi yo dépozé ou nan yon krèch,

— fè nou rétounin vîn sinp tankou ti moun piti yo.

Ou minm ki vîn tounin pin vivan pou nou pou lavi tout tan-an,

— fè kè nou yo kontan gras a sakréman lotèl ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki kléré tout nasion yo, fè pèp yo joui lapè tout tan, épi vidé bèl limiè sa-a nan kè nou, sa-ou té rouzé éspri papa nou yo avèk li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasion yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT

1 Tim 1, 15

Li fidèl, paròl la épi li mérité yo résévoua-l tout jan: Kris Jézu té vîn sou tè-a pou-l sovè péchè yo.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li anonse bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT

Ap 21, 23-24

Vil la pa bézouin solèy ni lalîn, pou yo kléré-l, paské klété Bondié-a té kléré-l, épi lanp li sé Mouton-an. Nasion yo ap maché gras a limiè-l la, épi roua yo sou tè-a ap poté gloua yo-a ba li.

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sovè m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 5

Min mésaj la, sa nou té tandé sot nan li-a épi nou anonsé nou-an, sèké Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Kol 1, 13-15

Bondié té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, li fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan li nou jouinn rédanmsion, padon pou péché yo; li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, premié pitit pami tout kréatu.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè louanj li, * Tout fanmí yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

Pou Magnificat la, réf. Èròd t-ap înterojé maj yo : Ki sign nou té ouè osijè Roua-a ki pran nésans la ? Nou té ouè yon zétoual k-ap briyé ak ékla, klèté-l kléré tè-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk louanj yo an nou suiv Paròl Bondié-a, li minm ki vini pou-l jeté tout péché nou yo nan lanmè, épi avèk asirans sa-a ki ba nou fòs la, an nou priyé-l antan n-ap di :

Montré mizérikòd ou-a, Granmèt.

Prèt pou tout tan-an, antan-ou antré sou tè-a, ou instalé plénitud égzèsis kult la,

— pa lintèmediè Égliz ou-a, fè tout moun patisipé nan litiji sa-a.

Médsin nanm yo ak kò yo, ou minm ki vîn vizité nou tout ki malad,

— géri malad yo épi ba yo fòs.

Ou minm ki nan nésans ou-a, té bay tout moun okazion pou yo kontan ansanm,

— édé maléré yo ak péchè yo, pou yo gin kè kontan nan ou.

Roua ki fò, ou minm ki krazé chinn ansyin ésklavaj la,

— lagé moun ki nan chinn yo épi voyé jé-ou sou moun ki nan prizon yo.

Ou minm ki antan-ou vini-an, ou té fè pòt sièl la ouvri,

— pa lintèmediè-l admèt défin yo nan sièl la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki kléré tout nasion yo, fè pèp yo joui lapè tout tan, épi vidé bèl limiè sa-a nan kè nou, sa-ou té rouzé éspri papa nou yo avèk li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 10 JANVIÉ
OUBYIN JÉDI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Pitit Bondié-a té vini, li té ba nou intélijans.

R/. Pou nou konnin vré Bondié-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

63, 19 — 64, 11

Y-ap inploré vizit Bondié-a

^{63,19} Si-ou té kapab chire sièl yo, épi ou désann !
dévan fas ou mòn yo t-a koulé !

^{64,1} Minm jan difé boulé pay sèch,
tankou difé fè dlo bouyi,
pou-ou fè ènmi-ou yo rékonèt non-ou,
dévan fas ou, nasion yo t-a tranblé,

² antan ou-ap fè mèvèy
yo pa-t ap tann.

Ou té désann, épi dévan fas ou mòn yo té koulé.

³ Dépi sièk, yo pa-t tandé, ni zòrèy pa-t résévoua ;
jé pa-t ouè, Bondié, andéyò ou minm,
bagay yo ou té préparé pou moun k-ap tann ou yo.

⁴ Ou té vîn rankontré moun ki gin kè kontan-an épi k-ap fè jistis la ;
nan chémin-ou yo, y-ap sonjé-ou.

Min, ou fè kòlè, épi nou té fè péché ;
nan yo nou té yé tout tan épi n-ap sové.

⁵ Nou té tankou bagay ki pa pròp, nou tout ;
épi tankou toual ki sal ak san,
épi tout jistis nou té tonbé tankou fèy boua,
épi nou tout, péché nou yo tankou van yo té broté nou.

⁶ Pa-t gin pèsonn ki t-ap rélé non-ou,
ki té lévé épi ki té kolé kò-l sou ou.

Ou té kaché fas ou louin nou,
épi ou té lagé nou sou kont péché nou-an.

⁷ Épi koulié-a, Granmèt, sé papa nou ou yé,
nou minm minm nou sé labou-a,

épi sa k-ap fòmé nou-an, sé ou minm minm
épi travay min ou yo sé nou tout.

⁸ Pa fè kòlè pou tout tan, Granmèt.

Pa sonjé fot la pou tout tan.

Gadé sé pèp ou nou tout nou yé.

⁹ Vil ou yo ki sin-an, yo vîn tounin yon savann;

Siyon vîn tounin yon savann;

Jérusalèm vîn tounin yon koté pa gin anyin.

¹⁰ Kay sakré nou-an, bèlté nou-an,

koté zansèt nou yo té konn chanté louanj ou-a,
yo boulé-l nan difé.

Tou sa-l té sèvi nou plézi, li vîn tounin débri.

¹¹ Èské ou kapab kité bagay sa yo?

Pa kaché kè-ou, Granmèt,
pou-ou pé bouch ou, pou-ou kité nou nan laront tout tan.

RÉPONS

Cf. Iz 56, 1; Mi 4, 9; Iz 43, 3

R/. Jérusalèm, sové ou-ap sové-a prêt pou-l rivé : Pou kisa lapinn ap fini avèk ou-a? Èské ou pa gin moun k-ap ba-ou konsèy, pou doulè-a rétonnin ankò sou ou? * M-ap sové-ou, m-ap libéré-ou, pa pè.

V/. Sé mouin minm Granmèt Bondié-ou, Sin Israèl la, Rédanmtè-ou la.
* M-ap sové-ou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Komantè sin Siril Aléksandri, évèk, nan Évanjil Jan-an

(Lib. 5, cap. 2: PG 73, 751-754)

Désann Éspri-Sin-an désann nan tout chè-a

Lè Sa-a ki fè tout bagay la té desidé pou-l mété tout bagay nan Kris la nan yon lòd ki vrèman bèl anpil, épi pou-l rémété natu moun nan yon lòt fous ankò nan kondision li té gin lontan-an, li té promèt ansanm ak lòt byin yo li t-ap bay pròp tèt li épi Éspri-Sin-an tou paské moun nan pa t-ap kapab otréman tounin posédé byin yo yon fason trankil épi asiré.

Sé poussa li té détèminé tan-an pou Éspri-Sin-an t-a désann nan nou, sa vlé di vini Kris la gin pou-l vini-an, épi li té promèt antan li di: *Nan jou sa yo, sètadi jou Sovè-a, m-ap vidé sot nan Éspri mouin-an nan tout chè.*

Lè réyèlman vré li té fè tan kalité byinfè ak libètè sa-a parèt sou tè-a pa lintèmediè chè Sèl Pitit la, sa vlé di yon moun ki pran nésans sot nan yon madanm dapré sa Bondié ékri-a, yon fous ankò Bondié-a ak Papa-a té

bay Éspri-a, épi an premié Kris la kòm premié frui natu-a ki rénouvlé-a, té résévoua-l. Jan Batis té témouagné sa antan-l di: *Mouin té ouè Éspri-a k-ap désann sot nan sièl la épi li té rété sou li.*

Yo di réyèlman vré Kris la té résévoua Éspri-a, antan sé moun li vîn tounin, épi antan nan mézi yon moun té kapab résévoua; épi nan minm fason-an, malgré li égzisté kòm Pitit Bondié-a ak Papa-a, épi li gin nésans nan égzistans Papa-a, minm anvan inkarnasion-an, minm pi plis toujou anvan tout sièk tou, poutan sa pa déranjé pou tandé Bondié-a ak Papa-a k-ap déklaré pròp tèt li, apré Pitit la vîn tounin moun nan: *Sé Pitit mouin ou yé: mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.*

Li minm réyèlman, ki té Bondié anvan sièk yo, ki gin nésans sot nan Bondié li-minm, li di jodi-a yo anfanté-l, pou nou minm li té résévoua nou nan li kòm pitit adoptif; yo jouinn tout natu-a sètènman nan Kris la, antan li moun: tankou Papa-a tou, kòm li té gin pròp Éspri li-a, yon lòt foua ankò yo di li bay Pitit la Éspri li, pou nou minm nou joui Éspri-a nan li. Donk sé poutèt rézon sa-a li *té pran désandans Abraam nan*, jan sa ékri-a, *épi li té vîn sanblé ak frè-l yo nan tout bagay.*

Donk Sèl Pitit la té résévoua Éspri-Sin-an pa pou li-minm minm; réyèlman li té pou li, épi yo bay li nan li épi pa lintèmediè li; jan nou té déjà di anvan-an: min paské li té vîn tounin moun, li té gin tout natu-a nan li pou li té mété-l sou pié nèt épi pou-l té réparé-l toutantié. Pi louin y-ap kapab ouè, si ak rézònman ki douat pou jan nou t-a vlé sèvi ak témouagnaj Ékritu yo tou, Kris la pa-t résévoua Éspri-a pou li-minm, min poutèt nou-minm pito nan li: tout byin yo tou sètènman rivé nan nou pa lintèmediè-l.

RÉPONS

Éz 37, 27-28; Ébr 8, 8

R/. M-ap Bondié yo, yo minm y-ap pèp mouin; * Nasion yo ap konnin mouin sé Granmèt la k-ap fè Israèl vîn sin, paské tanp mouin-an ap nan mitan yo pou tout tan.

V/. M-ap réalizé yon aliens tou nèf sou kay Israèl la ak sou kay Juda-a.
* Nasion yo ap konnin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 62, 11-12 a

Di pitit fi Siyon-an : Min Sovè-ou la k-ap vini, min pri travay li avèk li, épi rékonpans li dévan-l. Épi y-ap rélé yo Pèp sin, Sa Granmèt la rachté yo.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Tout nasion yo ap vini sot byin louin, antan y-ap poté kado yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Mèvèy Granmèt la té fè yo an nou sélébré yo, paské li konsolé nou nan
nésans Pitit li-a, épi antan nou kontan anpil, an nou tout aklamé-l :

Gloua pou Bondié nan rotè yo.

Avèk anj yo, patriarch yo épi profèt yo,

— n-ap fè louanj ou, Granmèt.

Avèk Vièj Mari, Manman Bondié-a,

— nanm nou ap chanté jan ou gran, Granmèt.

Avèk apot yo épi évanjélis yo,

— n-ap di-ou mèsì, Granmèt.

Avèk tout sin yo ki mati Kris la,

— nou ofri-ou kò nou tankou yon sakrifis ki sin.

Avèk tout sin yo ki témouin Égliz la,

— n-ap konsakré lavi nou ba ou ak anpil atachman.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki lévé limiè tout tan-ou nan pou tout nasion yo, pa lintèmédiè
Pitit ou-a, fè pèp ou-a rékonèt ékla Rédanmte-l la an plin, pou-l rivé nan
klèté tout tan-an antan l-ap ogmanté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasyon yo, koulié-a li
parèt klè.

LÉKTU KOUT**Iz 2, 3b-4**

Sé nan Siyon laloua-a ap soti, épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm. L-ap jijé nasion yo épi l-ap korijé anpil pèp; y-ap fonn épé yo nan pikoua, épi lans yo nan sèpèt; nasion pap lévé épé kont nasion, ni yo pap aprann fè lagè ankò.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT**Iz 9, 1**

Pèp ki t-ap maché nan fènoua yo, li té ouè yon gran limiè ; moun yo ki abité nan réjion lonbraj lanmò-a, yon limiè lévé pou yo.

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sové m-ap sové-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT**Iz 60, 4 a-5**

Pitit ou yo, Jérusalèm ap vîn sot byin louin épi pitit fi-ou yo y-ap poté yo sou bra. Lè sa-a ou-ap ouè, ou-ap kléré, kè-ou ap sézi, l-ap gonflé,

paské fowl moun lanmè-a ap vîn rasanblé koté ou, fòs nasion yo ap vîn jouinn ou.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 5 b. 7

Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li. Si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu, Pitit li-a, nétouayé nou anba tout péché.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè louanj li. * Tout fanmi yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

Pou *Magnificat* la, réf. Yo tout ap vini sot Saba, antan y-ap poté lò ak lansan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Ansanm avèk tout frè yo, ki fè youn ak nou nan priyè-a, an nou béni Bondié épi an nou priyé-l antan n-ap di :

Fè nou ouè mizérikòd ou-a, Granmèt.

Papa ki sin, n-ap priyé-ou pou sa yo ki rékonèt ou avèk limiè rézon-an sèlman,

— pou yo jouinn richès limiè Évanjil Pitit ou-a tou.

Viré gadé tout moun yo ki antan y-ap viv an déyò Égliz la, y-ap chèché libérasion sot nan difikilté kondision moun nan,

— pou yo jouinn Kris la ki chémin-an, vérité-a ak lavi-a.

Édé moun yo k-ap pratiké rélijion yo yon fason sinsè,

— pou yo rivé nan limiè ékstraòdinè Kris ou-a.

Nétouayé kè fidèl yo tout tan,

— pou yo réyisi ouè-ou pi klè toujou.

Montré mizérikòd ou-a nan défin yo,

— abiyé yo ak gloua sa yo ou chouazi yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki lévé limiè tout tan-ou nan pou tout nasion yo, pa lintèmediè Pitit ou-a, fè pèp ou-a rékonèt ékla Rédanmètè-l la an plin, pou-l rivé nan klèté tout tan-an antan l-ap ogmanté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 11 JANVIÉ
OUBYIN VANDRÉDI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan li sé té lavi.

R/. Épi lavi-a sé té limiè lézòm.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

65, 13-25

Sièl nouvo ak tè nouvo

¹³ Sé pousa, min déklarasion Granmèt la :

« Min sèvitè-m yo ap manjé,
min nou minm n-ap grangou,
min sèvitè-m yo ap bouè,
min nou minm n-ap souaf,
min sèvitè-m yo ap nan kè kontan,
min nou minm n-ap ront.

¹⁴ Min sèvitè-m yo ap nan fèt, avèk kontantman nan kè yo,
min nou minm n-ap pousé rèl nan soufrans kè nou,
n-ap rélé afòs léspri nou ap krazé.

¹⁵ N-ap kité non nou

kòm sèman pou sila yo mouin chouazi-a:

“Sé pou Granmèt la fè-ou mouri”.

Min pou sèvitè-l yo l-ap bay yon lòt non.

¹⁶ Sila-a yo k-ap rélé bédiksyon sou tèt yo nan péyi-a,
y-ap rélé bédiksyon-an onon Bondié vérité-a.

Sila-a yo k-ap fè sèman nan péyi-a,

y-ap fè sèman onon Bondié vérité-a.

Sèké y-ap bliyé tray lontan yo,

y-ap disparèt sot dévan jé-m.

¹⁷ « Min m-ap krèyé sièl nouvo ak tè nouvo ;

yo pap sonjé premié yo ankò,

sa pap monté sou kè-a.

¹⁸ Min n-ap kontan, n-ap fété pou tout tan

nan bagay sa yo mouin kréyé-a.

Sèké mouin kréyé Jérusalèm “Fèt” ak pèp li-a “Kè kontan”.

¹⁹ M-ap fété nan Jérusalèm,

m-ap kontan nan pèp mouin-an,

yo pap tandé voua kriyé ankò ladan-l,

ni voua rèl.

²⁰ Pap gin timoun k-ap mouri tou piti ladan-l ankò,

ni granmoun ki pap ffin rivé nan tout laj yo,

paské timoun nan sé santan pou-l ginyin anvan-l mouri,

moun ki pa rivé santan,

sé moun madichonnin.

²¹ Y-ap bati kay, y-ap abité,

y-ap planté jadin rézin, y-ap manjé frui yo.

²² Yo pap bati pou yon lòt vîn abité,

yo pap planté pou yon lòt vîn manjé,

min sé tankou tan pié boua yo tan pèp mouin-an ap yé,
sé ak travay min yo sila yo mouin chouazi-a ap sèvi.

²³ Yo pap pran fatig pou anyin,
yo pap fè pitit ki pou pèdi,
paské sila yo, sé ras Granmèt la béni,
ni pitit yo avèk yo.

²⁴ Lè sa-a, anvan yo rélé,
mouin minm m-ap réponn,
pandan y-ap palé toujou,
m-ap déjà réponn.

²⁵ Lou ak ti mouton ap manjé zèb tankou sé té yon sèl bèt,
lion kon bèf ap manjé pay,
koulèv la ap manjé poussiè,
yo pap fè sa-k mal, yo pap détrui anyin,
sou tout mòn mouin ki sin-an,
déklarasion Granmèt la.

RÉPONS

Ap 21, 1. 3. 4

R/. Mouin té ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo; épi mouin té tandé yon gran voua ki sot nan trôn nan, k-ap di: * Min tant Bondié-a avèk moun yo ! L-ap abité avèk yo.

V/. L-ap suiyé tout dlo sot nan jé yo, épi pap gin lanmò ankò, paské prémié bagay yo pati. * Min tant.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Maksim de Turin, évèk

(Sermo 100, de sancta Epiphania 1, 3: CCL 23, 398-400)

Sakréman batèm Kris la

Liv Évanjil yo rapòté Granmèt la té vini nan Jourdin-an akòz batèm nan, épi nan minm gran riviè-a li té vlé konsakré tèt li gras a mistè sièl yo.

Rézon-an réyèlman mandé, pou apré jou Nésans Granmèt la – minm si sé pliziè ané apré, sèlman sé minm tan-an – fèt sa-a té suiv, li minm mouin pansé yo doué rélé fèt nésans li-minm tou.

Lè sa-a réyèlman li té pran nésans pou moun yo, jodi-a li répran nésans nan sakréman yo; lè sa-a li té parèt pa lintèmédiè Vièj la, jodi-a li gin nésans pa lintèmédiè mistè-a. La-a, lè-l té pran nésans dapré moun nan, manman-an, Mari, té protéjé-l nan bra-l; isit la, lè dapré mistè-a li gin nésans la, Papa-a Bondié-a anbrasé-l ak voua-a; li di réyèlman: *Sa-a réyèlman sé Pitit mouin-an, li minm nan li-a mouin té jouinn plézi-m; li minm kouté-l.*

Manman-an donk té karésé sa-l anfanté-a avèk tandrès sou vant li, Papa-a té sèvi yon témouagnaj kòrèk pou Pitit la; manman-an, mouin di, prézanté-l bay Maj yo pou yo adoré-l, Papa-a montré-l bay nasion yo pou yo sèvi-l.

Donk Granmèt Jézu té vini pou batèm nan, épi li té vlé pou dlo-a té lavé kò li ki sin-an.

Yon moun pétèt t-a kapab di: « Sa-a ki sin-an poukisa li té vlé yo batizé-l la? ». Kouté non! Sé pou sa Kris la té vlé pou yo batizé-l, pa pou dlo yo fè-l vîn sin, min sé pou li-minm li té fè dlo yo vîn sin, épi gras a li-

minm ki pròp la pou-l té pròpté kouran dlo sa-a li touché-a. Konsékrasion Kris la réyèlman pi gran pasé konsékrasion éleman-an.

Lè réyèlman yo té lavé Sovè-a, déjà lè sa-a tout dlo-a pròpté pou batèm nou-an épi sous la vîn pròp, pou pèp yo k-ap vîn suiv apré-a yo sèvi ak li kòm gras bingn nan. Kris la donk pran dévan pa lintèmediè batèm nan, pou pèp krétyin yo apré suiv li avèk konfians.

Mouin minm mouin konprann mistè-a: konsa réyèlman kolòn difé-a tou té pran dévan nan lanmè Rouj la, pou pitit Israèl yo té suiv rout la san tranblé; épi li-minm an premié té antré nan dlo yo, pou-l té préparé tras rout pou sa-k t-ap vîn apré-l yo. Sa-k té fèt la, jan Apot la di-a, sé té mistè batèm nan. Yon sètin fason vrèman sé té yon batèm, koté nuaj yo té kouvri moun yo, dlo-a té poté yo.

Min tout bagay sa yo sé Kris la Granmèt la ki t-ap fè yo li-minm minm yon fason épi koulié-a; yon fason, tankou lontan li té pran dévan pitit Israèl yo nan kolòn difé-a, konsa koulié-a pa lintèmediè batèm nan li pran dévan pèp krétyin yo nan kolòn kò li-a. Sé li-minm, mouin di, ki kolòn nan, ki lontan té bay limiè pou jé sa-k t-ap vîn apré yo, koulié-a l-ap sèvi limiè pou kè sa-k kouè yo; lontan nan kouran dlo yo li té asiré santié-a, koulié-a nan bingn lafoua-a li rafèmi tras pié yo.

RÉPONS

Jan 1, 29; Iz 53, 11

R/. Jan té ouè Jézu k-ap vîn koté-l li di : Min Mouton Bondié-a; * Min sa-a ki ouété péché tè-a.

V/. L-ap rann anpil moun kòrèk, l-ap poté péché yo li minm minm. * Min sa-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Iz 45, 22-23

Tounin vîn jouinn mouin, épi n-a sové, tout limit tè yo, paské sé mouin minm Bondié, épi pa gin lòt. Sé sou pròp tèt mouin mouin té fè sèman : Jistis la soti nan bouch mouin, paròl ki pap tounin ; paské dévan-m tout jénou ap plouayé, épi tout lang ap fè sèman.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou *Benedictus* la, réf. : Y-ap vîn jouinn ou sa-k t-ap avili ou yo, épi y-ap adoré tras pié-ou yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Onè ak gloua pou Kris la, li minm ki vini pou-l kréyé yon moun nouvo nan kè-a ak nan éspri-a. An nou rélé-l antan n-ap di :

Gras a nésans ou-a, rénouvlé nou.

Ou minm ki antan-ou abiyé ak sa nou yé kòm moun nan, ou té ba nou sakréman sa-ou yé kòm Bondié-a,

— fè nou rékonét ou nan mistè Paròl ou-a ak Kò-ou la ou rinmèt Égliz la.

Ou minm ki kréyé ras moun nan, ou vîn tounin moun nan pami moun yo pa lintèmediè Vièj la ki rét intak la,

— fè nou favè, antan li minm l-ap intèsédé, pou antan nou géri nou rivé jouinn sa-ou yé kòm Bondié-a.

Rédanmtè nou, ou minm ki désann sou tè-a tankou lapli sou linn mouton-an,

— rouzé nanm nou yo ak dlo vivan k-ap jayi pou lavi tout tan-an.

Nou minm k-ap sélébré kòmansman lavi-ou sou tè-a,

— pèmèt nou fè éfò pou nou rivé kot moun ki fîn apouin-an nan mézi plénitud laj ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nésans Sovè tè-a, ki parèt antan zétoual la ap kondui-a, li dévoualé nan kè nou yo tout tan épi li dévlopté nan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasyon yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT

Jér 31, 7-8 a

Fété nan kontantman poutèt Jakòb, épi ranni kont tèt nasion yo ; sonnin toupatou, chanté épi di : « Sové pèp ou-a, Granmèt, rès Israèl la ». Min mouin minm m-ap kondui yo sot nan tè nan-nò-a épi m-ap rasanblé yo sot nan bout tè-a.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT

Jér 31, 11-12 a

Granmèt la té rachté Jakòb réyèlman, li té libéré-l sot nan min sa-k pi fò-a. Y-ap rivé, y-ap fè louanj sou mòn Siyon, y-ap vîn ansanm nan byin Granmèt yo.

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sovè m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT

Zak 8, 7-8

Min li, mouin minm m-ap sovè pèp mouin-an sot nan tè olévan-an ak sot nan tè okouchan-an : m-ap minnin yo, y-ap abité nan mitan Jérusalèm; y-ap pèp mouin épi mouin minm m-ap Bondié yo nan vérité ak nan jistis.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Rom 8, 3 b-4

Bondié, lè-l voyé Pitit li-a nan yon chè ki sanblé chè péché-a épi poutèt péché-a, li kondané péché-a nan chè-a, pou jistis laloua-a réalizé nan nou, nou minm ki pap maché dapré chè-a, min dapré éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap jouinn bénédiksion nan li, * Tout fanmi yo sou tè-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

V/. Tout nasion yo ap fè louanj li. * Tout fanmi yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap jouinn bénédiksion.

Pou *Magnificat* la, réf. Antan Anj la avèti maj yo nan rèv, yo pran yon lòt chémin pou yo tounin nan réjion yo-a.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Papa-a, li minm ki té mété Kris la kòm limiè nasion yo, an nou priyé-l :

Papa nou, kouté nou.

Dévolpé Légliz ou-a,

— pou gloua Pitit ou-a révélé.

Papa pou tout tan-an, ou minm ki té dirijé savan nasion yo kot Pitit ou-a,

— montré-l bay tout moun yo k-ap chèché vérité-a.

Rélé nasion yo vîn nan limiè ékstròdinè-ou la,

— pou tout jénou plouayé dévan non Jézu.

Voyé travayè nan rékòlt ou-a,

— pou yo anonsé bòn nouvèl la bay pòv yo épi préché tan gras la.

Fè défin yo rivé jouinn rédanmsion-an nèt,

— pou yo gin kè kontan nan viktoua Kris la Pitit ou-a ranpòté-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nésans Sovè tè-a, ki parèt antan zétoual la ap kondui-a, li dévoualé nan kè nou yo tout tan épi li dévloché nan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JOU 12 JANVIÉ OUBYIN SAMDI APRÉ DIMANCH ÉPIFANI-AN

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Té gin vré limiè-a.

R/. Sa-k kléré tout moun nan.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Liv profèt Izayi

66, 10-14. 18-23

Sové-a an jénéral

¹⁰ Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm, fété nan li, nou tout ki rinmin-l ;

fè kè nou kontan anpil,
 nou tout ki té pran lapinn sou li,
¹¹ pou nou bouè lèt kont kò nou
 nan sin-l k-ap ba nou konsolasion,
 pou nou sousé lèt ak délikatès k-ap koulé an kantité
 nan tout kalité gloua li.

¹² Sèké sé sa Granmèt la di :

« Min m-ap fè tankou yon riviè lapè vidé sou li,
 tankou yon ravîn k-ap débòdé, gloua nasion yo sou li.
 N-ap sousé lèt, y-ap poté nou sou koté,
 y-ap karésé nou sou jénou.

¹³ Tankou yon ti moun manman-l ap konsolé,
 konsa mouin minm m-ap konsolé nou ;
 épi n-ap konsolé nan Jérusalèm.

¹⁴ N-ap gadé, kè nou ap kontan,
 zo nou ap jèmin tankou zèb,
 Granmèt la ap fè sèvitè-l yo rékonèt min-l,
 l-ap fè ènmi-l yo santi fòs kòlè-l.

¹⁸ Mouin minm mouin vini pou-m rasanblé travay yo ak pansé yo avèk
 tout nasion yo ak lang yo, y-ap vini pou yo ouè gloua-m. ¹⁹ M-ap mété
 yon sign nan mitan yo, m-ap voyé nan sa-k sové yo pou y-al jouinn
 nasion lanmè yo, Afrik, Lidi, moun ki konn tiré flèch yo, Itali, Grès, zilé
 ki louin yo, sa yo ki pa-t tandé palé sou mouin, ki pa-t ouè gloua-m nan.
 Y-ap anonsé gloua-m nan nasion yo, ²⁰ y-ap minnin tout frè nou yo sot
 nan tout nasion yo kòm kado pou Granmèt la, sou choual, nan chario, sou
 kabann, sou milèt, sou chamo, pou yo vîn sou mòn mouin-an ki sin-an
 Jérusalèm, sé sa Granmèt la di, tankou lè pitit Israèl yo ap poté kado nan

vésò ki nèt nan kay Granmèt la. ²¹ M-ap pran prèt ak lévít nan pami yo », sé sa Granmèt la di.

²² Sèké minm jan sièl nouvo yo ak tè nouvo-a mouin fè-a, yo kanpé dévan-m, déklarasion Granmèt la, sé konsa tou ras nou ap kanpé, ni non nou.

²³ Konsa, sot nan nouvèl lûn al nan nouvèl lûn, sot nan saba al nan saba, tout chè ap vîn ajénou dévan-m », déklarasion Granmèt la.

RÉPONS

Iz 66, 18. 19; Jan 17, 6. 18

R/. Mouin minm m-ap vini pou-m rasanblé tout nasion yo ak lang yo:
* Y-ap vini pou yo ouè gloua-m, y-ap anonsé-l bay nasion yo.

V/. Mouin té montré moun yo non-ou, yo minm ou té ban mouin sot sou tè-a: tankou ou minm ou té voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé yo. * Y-ap vini.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch Fostus de Réjiòm, évèk

(Sermo 5, de Epiphania 2: PLS 3, 560-562)

Nòs Kris la ak Égliz la

Touazièm jou-a minm té gin nòs ki t-ap fèt. Kilès kalité nòs sa yo, èské sé pa dézi avèk kè kontan sovè moun yo sovè-a, yo té sélébré touazièm

jou an mistè oubyin akòz déklarasion Trinité-a, oubyin akòz lafoua rézireksion-an?

Réyèlman sé pou sa nan yon lòt léktu Évanjil la, yo résévoua avèk dans épi mizik, épi avèk rad nòs, dènié pitit la ki té rétounin-an, sa vlé di konvèsion pèp nasion yo.

Sé poutèt sa, *tankou yon épou k-ap soti nan chanm nòs li*, li té désann nan tè Égliz la ki té doué rasanblé sot nan nasion yo, antan li doué fè youn ak li nan résévoua li résévoua inkarnasion-an, li-minm li té bay garanti yo ak don-an: garanti yo lè Bondié té fè youn ak moun nan: don-an lè yo té sakrifé-l pou sovè moun nan. Garanti yo, sé rédanmsion koulié-a: kanta don-an minm nou konprann sé lavi ètènèl la. Sé poutèt sa bagay sa yo, pou sa-k té ouè yo sé mirak yo té yé, pou sa-k konprann yo sé sakrèman. Si réyèlman nou byin gadé, yon sètin fason nan dlo yo minm yo montré yon résanblans batèm nan épi nouvo nésans la. Pandan réyèlman youn vîn fèt sot nan lòt, pandan yo fè kréatu ki anba-a pasè nan yon kondision ki pi bon gras a yon chanjman kaché, mistè dézièm nésans la réalizé. Dlo yo chanjé tousuit, pou apré sa sé moun yo ki gin pou t-a chanjé.

Antan donk Jézu ap aji nan Galilé-a, li fè divin, sa vlé di, laloua-a rékilé, gras la avansé: yo ouété lonbraj la, yo prézanté vérité-a: sa-k sot nan chè balansé avèk sa-k sot nan éspri yo: nan nouvo téstaman-an yo transféré ansyin obsèvens la: jan sin Apot la di-a: *Sa-k ansyin yo pati épi min nouvo yo vîn fèt*: épi minm jan dlo yo, ki té nan ja yo, pa diminué anyin nan sa yo té yé-a, épi lè sa-a yo té kòmansé vîn sa yo pa-t yé-a, konsa laloua-a pa disparèt min li akonpli lè yo montré Kris la rivé-a.

Antan donk divin-an vîn manké, yo sèvi yon lòt divin: divin ansyin téstaman-an minm li bon, min pa nouvo-a pi bon. Ansyin téstaman-an, sa

Juif yo obsèvé-a, li disparèt nan lèt la; nouvo-a, sa-k konsèné nou-an, li rétonnin bay gou lavi-a nan gras la.

Bon divin-an, sa vlé di, bon kòmandman-an, sé laloua-a, lè-ou tandé: Sé pou rinmin prochin-ou nan épi sé pou rayi ènmi-ou nan. Min pi bon divin-an, sa-k pi fò-a, sé Évanjil la, lè-ou tandé: Mouin minm mouin di nou, sé pou nou rinmin ènmi nou yo, épi sé pou nou fè dibyin pou sa-k rayi nou yo.

RÉPONS

Cf. Tobî 13, 11. 13-14; Luk 13, 29

R/. Vil Bondié-a, ou-ap kléré ak yon bèl limiè : tout limit tè-a ap adoré-ou. Nasion yo ap soti byin louin vîn koté-ou : * Antan y-ap poté kado y-ap adoré Granmèt la nan ou.

V/. Moun yo ap vîn sòti olévan ak okouchan, nan nò ak nan-sid. * Antan y-ap poté kado.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Saj 7, 26-27

Sajès la sé klèté limiè tout tan-an, li sé glas san tach pouvoua Bondié-a, li sé pòtré bonté-l la. Kòm sé yon sèl la, li kapab fè tout bagay ; antan-l toujou rét nan li minm, li réfè tout bagay épi antan li kominiké tèt li bay nanm ki sin yo atravè jénérasyon yo, li fè yo vîn tounin zanmi Bondié épi profèt.

RÉPONS KOUT

R/. Y-ap adoré-l, * Tout roua yo sou tè-a. Y-ap adoré-l.

V/. Tout nasion yo ap sèvi-l. * Tout roua yo sou tè-a. Viv Papa-a. Y-ap adoré-l.

Pou Benedictus la, réf. : Sa-a, Jézu té fè-l kòm kòmansman sign yo nan Kana Galilé, li té fè gloua-l parèt.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, an nou ba li gloua, li minm ki pòtré Bondié-a, épi avèk lafoua, an nou priyé-l :

Ou minm Kris la, Pitit Bondié-a, kouté nou.

Pitit Bondié, ou minm ki té fè nou ouè rinmin Papa-a,

— montré-l bay moun yo nan fason nou rinmin yo tankou frè.

Ou minm ki montré sé mèt lavi-a ou yé,

— ba nou plénitud lavi-ou la.

Fè nou rivé montré lavi-ou la nan kò nou yo,

— antan n-ap poté lanmò-ou la avèk nou nan kò nou-an.

Kléré kè nou yo,

— pou nou rivé nan limiè sians klèté Bondié-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki té fè nou vîn tounin yon nouvo kréatu pou ou gras a Sèl pitit ou-a, fè nou favè, tanpri, pou

gras ou-a fè nou vîn gin fòm li, antan nan li minm sa nou yé-a fè youn ak sa-ou yé-a. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Mistè-a, ki té kaché dépi sièk yo ak jénérasion yo, koulié-a li parèt klè.

LÉKTU KOUT

Éz 20, 41-42 a

Nan bon lodè m-ap résévoua nou, lè m-ap retiré nou sot nan pèp yo épi m-ap rasanblé nou sot nan tè yo koté nou té gayé yo, m-ap fè ouè jan-m sin nan nou nan jé nasion yo. Épi n-ap konnin mouin sé Granmèt la.

V/. Yo ouè-l sou tè-a.

R/. Épi li palé avèk moun yo.

Pou Sèkst

Réf. Antan Kris la vini, li anonsé bòn nouvèl lapè-a ba nou, nou minm ki té louin yo, épi lapè tou pou sa yo ki té tou pré yo.

LÉKTU KOUT

Éz 34, 11-12

Mîn li, mouin minm minm m-ap chèché mouton-m yo épi m-ap vizité yo. Mîn jan yon gadyin vizité bann mouton-l nan jou-a, lè l-ap nan mitan mouton-l yo ki gayé yo, konsa m-ap vizité mouton-m yo épi m-ap libéré yo sot nan tout koté yo té gayé.

V/. Nasion yo ap ouè moun kòrèk ou-a.

R/. Épi tout roua yo ap ouè moun gloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Min li, mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sovè m-ap sovè-a sé sa ou yé jous nan bout tè-a.

LÉKTU KOUT

Mi 2, 12

M-apral rasanblé Jakòb nèt, tout ou minm; m-ap ranmasé rès Israèl la fè-l vîn yon sèl, m-ap mété-l ansanm tankou bann mouton nan pak, tankou mouton nan mitan patiraj.

V/. Béni Bondié nou-an, nasion yo.

R/. Épi fè tandé voua louanj li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Dimanch ki tonbé apré 6 janvié-a

NAN BATÈM GRANMÈT LA

Fèt

Lè yo sélébré fèt Batèm Granmèt la nan lindi ki tonbé apré dimanch 7 oubyin 8 janvié, koté yo transféré solanité Épipani Granmèt la, yo pa fè premié Vèp fèt Batèm Granmèt la.

Pou premié Vèp yo

IMN (*A Patre Unigenite*)

Sèl Pitit ki soti nan Papa-a,
ou vîn jouinn nou pa lintèmédiè Vièj la,
antan-ou konsakré ak larouzé batèm nan,
tout moun ou bay nouvo nésans ak lafoua-a.

Ou minm ki anlè nèl la, ou désann sot nan sièl,
ou pran fòm moun nan,
ou rachté sa-l fè ak lanmò-ou,
ou fè-l favè kè kontan lavi-a.

Ou minm, Rédanmtè, n-ap mandé-ou sa :
pou-ou panché ak kè sansib,
épi vidé limiè ki klè-a nan kè nou yo
sa-k fè-n tankou Bondié-a

Rét avèk nou, Granmèt,
ouété lannuit plin fènoua-a,
lavé tout fèt,
ak bon kè ba nou gérizon.

Ou minm Kris la, lavi-a, vérité-a,
 tout gloua-a sé pou ou,
 ou minm klèté sièl Papa-a ak Éspri-a
 sé ou ki dévoualé-l. Amèn.

Réf. 1 Jan té nan dézè-a, antan l-ap batizé épi antan l-ap préché yon batèm pénitans pou padon péché yo.

Psòm yo ak kantik la tankou nan **Prémié Vèp Épifani Granmèt la**, 594

Réf. 2 Mouin minm minm m-ap batizé nou ak dlo; li minm l-ap batizé nou ak Éspri-Sin-an épi difé-a.

Réf. 3 Lè Jézu fîn batizé-a, minm lè-a li monté sot nan dlo-a, épi lè sa-a sièl yo louvri pou li.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 37-38

Nou konnin paròl la ki té rivé nan tout Judé-a, kòmansé dépi Galilé apré batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri-Sin-an ak puisans, li minm ki té travèsé antan l-ap fè byin épi l-ap géri tout moun djab la t-ap maltrété yo, paské Bondié té avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié Granmèt, * Kouté voua pèp la. Bondié Granmèt.

V/. Épi ouvri sous dlo vivan-an pou yo. * Kouté voua pèp la. Viv Papa-a. Bondié Granmèt.

Pou *Magnificat* la, réf. : Ansyin moun nan, antan l-ap fè-l vîn nouvo, Sovè nou-an vini nan batèm nan, pou sa nou yé ki gaté-a, li réprann li gras a dlo-a, antan l-ap abiyé nou ak rad ki pap gaté-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmtè nou-an, ki té aksépté résévoua batèm nan min Jan nan Jourdin-an, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Voyé Éspri-ou la, Granmèt, sou nou.

Ou minm Kris la, sèvitè Bondié-a, sé ou Papa-a résévoua-a, nan ou li jouinn plézi-l,

— sou nou, Granmèt, voyé Éspri-ou la.

Ou minm Kris la, sé ou Bondié chouazi-a, ou pa krazé rozo ki féfé-a épi ou pa étinn mèch k-ap fè lafimin-an,

— pran pitié pou tout moun k-ap chèché-ou nan vérité.

Ou minm Kris la, Pitit Bondié, sé ou Papa-a rélé ak yon nouvo kontra pou-ou vîn limiè nasion yo,

— ouvri jé avèg yo nan dlo batèm nan.

Ou minm Kris la, sovè moun yo, sé sou ou Papa-a té vidé Éspri-Sin-an tankou luil pou sèvis sovè nou sovè-a,

— kondui tout moun pou yo ouè-ou épi pou yo kouè-ou, pou yo vîn gin lavi tout tan-an.

Ou minm Kris la, éspérans nou-an, ki kondui moun yo ki chita nan fènoua yo pou yo vîn nan limiè sovè yo sovè-a,

— résévoua frè nou yo ki défin yo nan rouayòm ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, lè Kris la té batizé nan riviè Jourdin-an, antan Éspri-Sin-an t-ap désann sou li-a, ou té déklaré solanèlman li sé Pitit ou-a ou rinmin-an fè pitit adoptif ou yo favè, yo minm ki vîn gin nouvo nésans apati dlo-a ak Éspri-Sin-an, pou yo toujou pèsévéré nan bon plézi-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Pitit yo rinmin-an, nan li Papa-a té jouinn plézi-l, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Implente munus debitum*)

Antan l-ap ranpli fonksion li doué fè-a,
Jan té tranpé sa-k fè tout bagay yo
ki plonjé nan Jourdin-an jodi-a
antan-l lavé dlo-a,

Sé pa antan-l vlé nétouayé pròp tèt li
ki pran nésans nan vant Vièj la,
min sé péché moun ki kapab mouri yo
li té ouété ak bingn li-an.

Antan Papa-a di:

« Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an »,
 antan Éspri-Sin-an pran
 fòm kolonb sièl la,

Anba non mistè sa-a,
 sé sovè Égliz la sovè-a ki kléré;
 Pèrsòn ki rété ansanm nan toua yo
 yon sèl Bondié nan tout bagay yo.

Ou minm Kris la, lavi-a, vérité-a,
 tout gloua-a sé pou ou,
 ou minm klèté sièl Papa-a ak Éspri-a
 sé ou ki dévoualé-l. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Voua Granmèt la sou dlo yo, Bondié grandè-a té fè tandé voua-l.

Psòm 28 (29)

Louanj pou Paròl Granmèt la

Min yon voua sot nan sièl yo, k-ap di : « Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an (Mt 3, 17).

- ¹ Poté bay Granmèt la, pitit Bondié yo, *
 poté bay Granmèt la gloua ak puisans,
² poté bay Granmèt la gloua non-l,
 adoré Granmèt la nan ékla bèlté ki sin-an.

- 3 Voua Granmèt la sou dlo yo ; †
Bondié grandè-a fè tandé voua-l, *
Granmèt la sou dlo yo ki anpil yo.
- 4 Voua Granmèt la nan pouvoua, *
voua Granmèt la nan grandè.
- 5 Voua Granmèt la krazé sèd yo ; *
Granmèt la krazé sèd Liban yo.
- 6 Li fè Liban galopé tankou ti toro, *
épi Sarion tankou pitit rinoséròs.
- 7 Voua Granmèt la fann flanm difé yo, †
8 voua Granmèt la fè dézè-a tranblé, *
Granmèt la fè dézè Kadès la tranblé.
- 9 Voua Granmèt la k-ap fè sèrf yo fè pitit pi vit, †
épi l-ap dézabiyé pié boua ki gin anpil fèy yo ; *
épi nan tanp li-a tout moun di : Gloua!
- 10 Granmèt la abité anlè délij la, *
Granmèt la ap chita kòm roua pou tout tan.
- 11 Granmèt la ap bay pèp li fòs;
Granmèt la ap béni pèp li-a nan lapè.

Réf. Voua Granmèt la sou dlo yo, Bondié grandè-a té fè tandé voua-l.

Réf. 2 Sé pou tout tè-a adoré-ou, Granmèt, épi sé pou-l kontan, paské ou bay nouvo limiè tout sièk yo.

Psòm 65 (66)

Imn pou sakrifis aksion-d-gras

Osijè réziréksion Granmèt la ak konvèsion nasion yo (Ésikius).

I

- ¹ Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, †
² chanté kantik gloua non-l, *
 fè gloua louanj li.
- ³ Di Bondié : « Ala krint travay ou yo mérité. *
 Poutèt kantité fòs ou, ènmi-ou yo ap flaté-ou.
- ⁴ Tout tè-a ap adoré-ou, l-ap chanté pou ou, *
 l-ap chanté pou non ou ».
- ⁵ Vini, n-a ouè travay Bondié yo, *
 li mérité respè nan aksion li fè pou pitit moun yo.
- ⁶ Li fè lanmè-a vîn tounin tè sèk, †
 épi y-ap pasé riviè-a apié ; *
 n-ap kontan nan li koté sa-a.
- ⁷ Li minm k-ap kòmandé nan pouvoua-l pou tout tan, †
 jé-l rét ap gadé sou nasion yo ; *
 rébèl yo pap lévé pròp tèt yo anlè.
- ⁸ Béni Bondié nou-an, nasion yo, *
 fè tandé voua louanj li ;
- ⁹ li minm ki té mété nanm nou nan lavi, *
 épi ki pa-t kité pié nou tranblé.

- 10 Paské ou té sondé nou, Bondié ; *
ou té nétouayé nou nan difé, tankou yo nétouayé lajan nan difé.
- 11 Ou té fè nou pri nan pièj ; *
ou té mété tribilasyon sou do nou.
- 12 Ou té instalé moun sou tèt nou, †
nou té pasé nan difé ak nan dlo, *
min ou té fè nou soti nan fréchè.

Réf. Sé pou tout tè-a adoré-ou, Grammèt, épi sé pou-l kontan, paské ou bay nouvo limiè tout sièk yo.

Réf. 3 Li béni, Bondié, li minm ki té mété nanm mouin nan lavi-a, épi ki té fè-m soti al nan fréchè-a.

II

- 13 M-ap antré lakay ou avèk sakrifis antié ; *
m-ap réglé ba ou sa-m té promèt yo,
- 14 lè-m té louvri pou bouch mouin, *
épi bouch mouin té palé nan tribilasyon mouin-an.
- 15 Sé sakrifis antié ki byin gra m-ap ofri ba ou,
ansanm ak lafimin bélié yo, *
m-ap ofri ou bèf ak kabrit.
- 16 Vini, kouté, †
m-ap rakonté nou tout ki krinn Bondié, *
tou sa-l fè pou nanm mouin.

- ¹⁷ Koté-l mouin rélé ak bouch mouin, *
mouin lévé-l anlè ak lang mouin.
- ¹⁸ Si-m té ouè méchansté nan kè-m, *
Grammèt la pa t-ap kouté-m.
- ¹⁹ Sé pou sa Bondié kouté, *
li fè-t-atansion pou-l tandé voua-m k-ap lapriyè.
- ²⁰ Li béni, Bondié, li pa voyé priyè-m nan louin, *
mizérikòd li-a pa sot sou mouin.

Réf. Li béni, Bondié, li minm ki té mété nanm mouin nan lavi-a, épi ki té fè-m soti al nan fréchè-a.

V/. Sa-a sé Pitit mouin-an m-aprésié anpil la.

R/. Kouté-l.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv profèt Izayi

42, 1-9; 49, 1-9

Sèvitè Grammèt la ki dosil la, limitè nasion yo

- ^{42,1} Min sèvitè-m nan, m-ap soutni-l,
li minm mouin chouazi-a nanm mouin jouinn plézi nan li :
mouin té mété Éspri-m sou li,
l-ap poté jijman-an nan nasion yo.
- ² Li pap rélé, li pap konsidéré figi moun,
yo pap tandé voua-l déyò.

³ Rozo ki félé-a, li pap krazé-l,
mèch k-ap fè lafimin-an, li pap étinn li,
sé nan vérité-a l-ap fè jijman-an soti.

⁴ Li pap tris, li pap sakajé anyin,
joustan li pozé jijman-an sou tè-a ;
zilé yo ap tann laloua-l la ».

⁵ Min paròl Granmèt Bondié-a,
li minm ki kréyé sièl yo, li minm ki déplouayé yo,
li minm ki asiré tè-a, ni sa k-ap jèmin nan li,
li minm ki bay pèp la laparòl, pèp sa-a ki sou tè-a,
li minm ki mété éspri pou sa yo k-ap maché sou tè-a :

⁶ « Mouin minm Granmèt la, mouin rélé-ou nan jistis,
mouin pran min-ou,
mouin protéjé-ou, mouin mété-ou kòm aliens pèp la,
kòm limiè nasion yo,

⁷ pou-ou louvri jé avèg yo,
pou-ou fè prizonié yo sot nan prizon,
pou-ou fè sa-k chita nan fènoua yo soti nan kacho-a ».

⁸ Sé mouin minm Granmèt la, sé non-m sa;
bèlté-m, mouin pap bay yon lòt li,
mouin pap bay zidòl yo louanj mouin.

⁹ Prémie bagay yo, min yo rivé;
nouvo yo, min m-ap anonsé yo,
anvan yo jèmin, mouin fè tandé yo.

^{49.1} Kouté, zilé yo, fè atansion, pèp yo, antan nou louin-an :
Granmèt la rélé-m dépi nan vant,
dépi nan vant manman-m, li sonjé non-m ;

² li mété bouch mouin tankou yon épé pointi,

li protéjé-m anba lonbraj min-l,
 li mété-m tankou yon flèch ki byin chouazi,
 li kaché-m nan sak li,

³ li di-m : « Sé sèvitè-m ou yé,
 Israèl, paské sé nan ou m-ap jouinn gloua-m ».

⁴ Mouin di : « Sé pou granmési mouin té travay,
 sé san rézon, sé pou vid mouin té gaspiyé fòs mouin ;
 époutan jijman-m té avèk Granmèt la,
 rékonpans mouin té avèk Bondié-m ».

⁵ Koulié-a, Granmèt la ki fòmé-m dépi nan vant
 pou-m sévitè-l la,

li di pou-m fè Jakòb tounin vîn jouinn li ;
 épi Israèl ap rasanblé.

Mouin jouinn gloua nan jé Granmèt la,
 Granmèt la vîn tounin fòs mouin.

⁶ Li di : « Sa pa kont pou-ou sèvitè-m
 pou-ou lévé ras Jakòb yo,
 pou-ou fè égzilé Israèl yo tounin ;
 mouin mété-ou kòm limiè nasion yo,
 pou sové m-ap sové moun yo, sa rivé jous nan bout tè-a ».

⁷ Min paròl Granmèt la,
 rédanmtè Israèl la, Sin-l nan,

pou sa-a yo méprizé-a,
 pou sa-a nasion yo rayi-a,
 pou ésklav mèt yo :

« Roua yo ap gadé, y-ap kanpé ansanm,
 pitit roua yo tou, y-ap adoré,
 poutèt Granmèt la ki fidèl,

Sin Israèl la ki chouazi-ou la ».

⁸ Min sa Granmèt la di :

« Nan tan favè-a mouin kouté-ou,
 nan jou pou sovè-a mouin poté-ou sékou ;
 mouin protéjé-ou, mouin instalé-ou kòm aliens pèp la,
 pou-ou mét péyi-a kanpé,
 pou-ou posédé éritaj ki gayé yo ;
⁹ pou-ou di sa yo ki nan prizon yo : “Sòti”,
 épi sa ki nan fènoua yo : “Parèt”.
 Sou rout yo, y-ap jouinn manjé,
 nan tout plinn y-ap jouinn jadin zèb yo ».

RÉPONS

Cf. Mt 3, 16. 17; Lk 3, 22

R/. Jodi-a nan Jourdin-an, lè Granmèt la fîn batizé, sièl yo louvri épi tankou yon kolonb Éspri-a té rété sou li, épi voua Papa-a té rézonin: * Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an, nan li mouin jouinn plézi-m.

V/. Éspri-Sin-an désann sou fòm yon kò tankou yon kolonb sou li, épi yon voua sot nan sièl la: * Sa-a sé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Grégoua de Nazianz, évèk

(Oratio 39 in sancta Lumina, 14-16. 20:

PG 36, 350-351. 354. 358-359)

Batèm Kris la

Kris la résévoua limiè, an minm tan nou kléré; Kris la résévoua Batèm, an minm tan an nou désann, pou an minm tan tou nou monté.

Jan ap batizé, Jézu té rivé; pètèt san dout pou-l mété moun sa-a tou k-ap batizé-l la nan dispozision pou-l sin; san okinn dout minm pou ansyin Adan-an toutantié li antéré nan dlo yo: antan anvan nou réyèlman vré épi pou nou li sanktifé Jourdin-an; pou, minm jan li té éspri avèk chè-a, konsa tou li kòmansé pa pouvoua Éspri-a ak dlo-a.

Sa k-ap bay batèm nan pa-t dakò: Jézu diskité. Lè sa-a: *Mouin minm sé mouin ki t-a doué résévoua batèm nan min-ou*, sé sa lanp la di Solèy la, voua-a di Paròl la, zanmi-an di Épou-a, sa-k pi gran nan pami pitit médam yo, di Prémie enfanté-a nan tout kréatu, sa-a ki té dansé nan vant manman-an, di sa-l té adoré nan vant la, sa-k pran dévan-an épi yo té vîn anvan-l la, di sa-k té parèt la épi k-ap parèt la. *Mouin minm sé mouin ki t-a doué résévoua batèm nan min-ou*: ajouté, épi pou ou. Li té présanti réyèlman sé nan mati-a li t-ap gin pou-l résévoua batèm nan; oubyin, tankou Piè, sé pa sèlman nan pié yo pou-l t-a nétouayé.

Min réyèlman Jézu té monté sot nan dlo yo; li poté tè-a réyèlman avèk li anro-a; épi sièl yo, sa Adan té fèmin minm jan paradi-a tou ak épé flanm difé-a, li té ouè yo fann épi ouvri.

Épitou Éspri-a k-ap témouagné Bondié, sé nòm al pou-l kouri kot sa-k sanblé-l la; épi yo voyé yon voua sot nan sièl la; antan-l sot anro-a réyèlman sé té sa-a témouagnaj la t-ap di-a; épi tankou yon kolonb li mété kò-a réyèlman nan yon dispozision onorab, lè asiréman sa-a tou poutèt natu Bondié-a li sé Bondié, yo ouè-l nan fason yon kò. Épitou an minm tan dépi anpil sièk an ariè, kolonb la té abitué anonsé déluj la fini.

Kanta nou minm jodi-a batèm Kris la sé pou nou konsidéré-l avèk onè, épi sé pou nou sélébré-l jan sa doué fèt.

Sé pou nou nétouayé nèt réyèlman, épi pròpté nou. Pa gin anyin réyèlman ki fè Bondié plis plézi pasé pou moun nan répanti épi sové, li

minm tout paròl la ak tout mistè yo sé pou li-a; pou nou vîn tounin lanp sou tè-a, tankou yon fòs lavi pou rèz moun yo k-ap fè yo kanpé kòm lanp byin kléré ak gran limiè sa-a, li minm minm ki nan sièl la, sé pou nou plin ak ékla limiè-a, antan Trinité-a kléré nou yon fason pi nèt épi pi klè, antan nou té résévoua ak mouins plénitud koulié-a yon sèl réyon ki sot nan yon sèl Bondié-a, nan Kris Jézu, Granmèt nou-an, li minm sé pou li gloua-a ak kòmandman-an pou tout tan gin tan. Amèn.

RÉPONS**Ps 113 A (114), 5**

R/. Jodi-a sièl yo ouvri, lanmè-a vîn dous, tè-a ap fété, mòn yo ak bit tè yo kontan: * Paské Jan té batizé Kris-la nan Jourdin-an.

V/. Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ? * Paské Jan.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Iesus refulsit omnium*)

Jézu té kléré tout moun,
li minm ki rachté nasion yo ak bon kè;
sé pou fanmi fidèl yo toutantié
fè fèt ak kantik louanj.

Antan sa fè trant-an déja
 dépi l-ap viv nan kò-a,
 li mandé dlo batèm nan,
 antan-l pa gaté ak okinn fòt.

Jan ki gin chans sa-a kòmansé tranblé
 pou-l t-a plonjé nan riviè-a,
 sa-a ki kapab éfasé avèk san-l nan
 péché yo sou tè-a.

Voua Papa-a minm sot anro nèt la,
 li sèvi témouin sé Pitit li,
 pouvoua Éspri-a minm té koulé,
 sa-k bay kado ki sin-an.

Nou minm, Kris la, ak voua k-ap sipliyé
 n-ap priyé pou protéjé nou tout,
 fè nou kléré nan léspri-a,
 fè nou viv pou ou antan nou pròp.

Ou minm Kris la, lavi-a, vérité-a,
 tout gloua-a sé pou ou,
 ou minm klèté sièl Papa-a ak Éspri-a
 sé ou ki dévoualé-l. Amèn.

Réf. 1 Solda-a batizé Roua-a, ésklav la batizé Granmèt la, Jan batizé Sovè-a; dlo Jourdin-an té sézi, kolonb la témouagné, yo tandé voua Papa-a : Sa-a sé Pitit mouin-an.

Psòm ak kantik dimanch prémié sémèn-nan, 743.

Réf. 2 Sous dlo yo vîn sin, antan Kris la parèt nan gloua pou ronm tè yo. Vîn pran dlo nan sous Sovè-a; paské koulié-a Kris-la Bondié nou-an té fè tout kréatu vîn sin.

Réf. 3 Ou minm ki pròpté kontaminasion moun nan nan Éspri-a ak nan difé-a, Bondié ak rédanmètè, nou tout n-ap glorifié-ou.

LÉKTU KOUT

Iz 61, 1-2 a

Éspri Granmèt Bondié-a sou mouin, sé poua Granmèt la té sakré-m, li té voyé-m anonsé bon nouvèl bay sa-k rabésé yo, pou-m pansé sa-k krazé nan kè yo-a, pou-m préché libérasion bay égzilé yo épi ouvri yo ouvri-a bay sa-k fèmin yo; pou-m préché yon ané k-ap poté lapè ak Granmèt la.

RÉPONS KOUT

R/. Kris, Pitit Bondié vivan-an, * Pitié pou nou. Kris.

V/. Ou minm ki té parèt jodi-a. * Pitié pou nou. Viv Papa-a. Kris.

Pou *Benedictus* la, réf. : Kris la résévoua batèm nan, épi tout tè-a sanktifié; li té ba nou padon péché yo ; ak dlo-a ak Éspri-a sé pou nou tout pròpté.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Rédanmètè nou-an ki té aksépté résévoua batèm nan min Jan nan Jourdin-an, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Kyrie eleison.

Ou minm Kris la, pa lintèmediè parèt ou té parèt la, ou té fè limiè-ou la kléré sou nou,

— voyé limiè-ou la bay moun yo n-ap rankontré jodi-a.

Ou minm ki rabésé tèt ou, pou résévoua batèm nan min sèvitè-ou la, pou montré nou chémin umilitéé-a,

— voyé ba nou éspri k-ap fè-n sèvi moun yo ak umilitéé.

Ou minm ki pa pouvoua batèm ou-a, ou té lavé nou sot nan tout fòt nou yo, épi ou té fè nou vîn pitit Papa-a,

— voyé éspri pitit adoptif la sou tout moun k-ap chèche-ou yo.

Ou minm ki pa pouvoua batèm ou-a, ou fè sa ou kréyé-a vîn sin, épi ou té louveri pòt konvèision-an bay moun k-ap gin pou résévoua batèm yo,

— fè nou vîn tounin sèvitè Évanjil ou-a sou tè-a.

Ou minm ki té révélé nou Trè Sint Trinité-a nan batèm ou-a,

— rénouvélé éspri pitit adoptif la nan moun ou fè vîn roua ak prêt gras a batèm nan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, lè Kris la té batizé nan riviè Jourdin-an, antan Éspri-Sin-an t-ap désann sou li-a, ou té déklaré solanèlman li sé Pitit ou-a ou rinmin-an, fè pitit adoptif ou yo favè, yo minm ki vîn gin nouvo nésans apati dlo-a ak Éspri-Sin-an, pou yo toujou pèsévéré nan bon plézi-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an

Psòm yo nan dimanch touazièm sémèn-nan, 974, sof si li t-a tonbé 7 janvié, nan ka sa-a psòm yo nan dimanch dézièm sémèn-nan, 861. Lè yo sélébré fèt Batèm Granmèt la nan jou ki tonbé tousuit apré dimanch 7 oubyin 8 janvié-a, psòm yo nan lindi prémié sémèn nan, 764, avèk réfrin fèt la.

Pou Tièrs

Réf. Jan té vlé anpéché Jézu, antan li t-ap di : Sé mouin minm ki doué résévoua batèm nan min-ou, épi sé ou minm ki vîn koté-m ?

LÉKTU KOUT

Iz 11, 1-3 a

Épi yon ramo ap soti nan chouk Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li; épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li : éspri sajès ak intélijans, éspri konsèy ak fòs, éspri sians ak krint Granmèt la; épi plézi-l yo nan krint Granmèt la.

V/. Li minm sé pou-l grandi.

R/. Mouin minm minm sé pou-m vîn pi piti.

Pou Sèkst

Réf. Jézu minm antan-l réponn, li té di-l : Kité mouin pou koulié-a ; sé konsa réyéلمان nou gin pou nou réalizé tout jistis.

LÉKTU KOUT

Iz 42, 1

Mîn sèvitè-m nan, m-ap soutni-l; li minm mouin chouazi-a, nanm mouin jouinn plézi nan li ; mouin té mété éspri-m sou li, l-ap poté jijman-an nan nasion yo.

V/. Min sèvitè-m nan, m-ap soutni-l.

R/. Li minm mouin chouazi-a, nanm mouin jouinn plézi nan li.

Pou Nòn

Réf. Jan té bay témouagnaj, antan-l di : Paské mouin té ouè Éspri-a k-ap désann tankou yon kolonb sot nan sièl la, épi li té rété sou li.

LÉKTU KOUT

Iz 49, 6

Granmèt la té di-m : « Sa pa kont pou-ou sèvitè-m pou-ou lévé group fanmi Jakòb yo, pou-ou fè rès Israèl yo tounin : mouin mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sé jous nan bout tè-a sové m-ap sové-a rivé ».

V/. M-ap mété éspri-m sou li.

R/. Épi l-ap anonsé jijman-an bay nasion yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Implente munus debitum*, 682.

PSÒM YO

Réf. 1 Yon voua té rézoné sot nan sièl yo, sé voua Papa-a yo té tandé : Sa-a sé Pitit mouin-an, nan li mouin jouinn plézi-m, kouté li.

Psòm yo ak kantik la tankou nan dézièm Vèp Épifani Granmèt la, 618

Réf. 2 Sovè-a té krazé tèt dragon-an nan gran riviè Jourdin-an, li té délivré tout moun sot anba pouvoua li.

Réf. 3 Sé yon gran mistè ki déklaré jodi-a, paské Kréatè tout bagay yo, nan Jourdin-an, li nètouayé mové aksion nou yo.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 37-38

Nou konnin paròl la ki té rivé nan tout Judé-a, kòmansé dépi Galilé apré batèm nan Jan té préché-a : Jézu moun Nazarèt la, kijan Bondié té sakré-l ak Éspri-Sin-an ak puisans, li minm ki té travèsé antan l-ap fè byin épi l-ap gèri tout moun djab la t-ap maltrété yo, paské Bondié té avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Sé li minm ki vini, * Nan dlo ak san-an. Sé li minm.

V/. Jézu-Kri, Granmèt nou-an. * Nan dlo ak san-an. Viv Papa-a. Sé li minm.

Pou *Magnificat* la, réf. : Kris Jézu té rinmin nou, li té lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l, li té fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié Papa li. Gloua ak otorité pou li pou tout tan.

PRİYÈ INTÈSÈSION YO

Rédanmèt nou-an, ki té aksépté résévoua batèm nan min Jan nan Jourdin-an, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Voyé Éspri-ou la, Granmèt, sou nou.

Ou minm Kris la, sèvitè Bondié-a, sé ou Papa-a résévoua-a, nan ou li jouinn plézi-l,

— sou nou, Granmèt, voyé Èspri-ou la.

Ou minm Kris la, sé ou Bondié chouazi-a, ou pa krazé rozo ki félé-a épi ou pa étinn mèch k-ap fè lafimin-an,

— pran pitié pou tout moun k-ap chèché-ou nan vérité.

Ou minm Kris la, Pitit Bondié, sé ou Papa-a rélé ak yon nouvo kontra pou-ou vîn limiè nasion yo,

— ouvri jé avèg yo nan dlo batèm nan.

Ou minm Kris la, sovè moun yo, sé sou ou Papa-a té vidé Èspri-Sin-an tankou luil pou sèvis sovè nou sovè-a,

— kondui tout moun pou yo ouè-ou épi pou yo kouè-ou, pou yo vîn gin lavi tout tan-an.

Ou minm Kris la, éspérans nou-an, ki kondui moun yo ki chita nan fènoua yo pou yo vîn nan limiè sovè yo sovè-a,

— résévoua frè nou yo ki défin yo nan rouayòm ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, lè Kris la té batizé nan riviè Jourdin-an, antan Èspri-Sin-an t-ap désann sou li-a, ou té déklaré solanèlman li sé Pitit ou-a ou rinmin-an, fè pitit adoptif ou yo favè, yo minm ki vîn gin nouvo nésans apati dlo-a ak Èspri-Sin-an, pou yo toujou pèsévéré nan bon plézi-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Apré fèt Batèm Granmèt la, tan nan kouran ané-a kòmansé : vol. III.

**DÉROULMAN ÒRDINÈ LITIJI LÈ YO
KI DOUÉ AKONPLI
SOT NAN PRÉMIÉ DIMANCH AVAN-AN
RIVÉ JOUS NAN FÈT BATÈM GRANMÈT LA**

Pou Invitatoua-a

Invitatoua-a gin plas li nan kòmansman déroulman priyè chak jou-a toutantié, sètadi sé pou yo mété-l soua anvan Ofis léktu-a, soua anvan Louanj yo nan matin, nan mézi youn oubyin lòt aksion litijik kòmansé jounin-an.

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

R/. Bouch mouin ap anonsé louanj ou.

Apré sa yo di psòm 94 (95), 704, avèk réfrin li-a, nan fason réponsorial. Yo propozé réfrin-an tousuit épi yo répété-l, épi yo réprann li ankò apré chak stròf.

Réfrin pou Invitatoua-a nan solanité yo ak fèt yo, yo jouinn li nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Nan mémoua Sin yo, réfrin yo, sof si gin sa ki pròp, yo pran-l si yo vlé soua nan Komin-an oubyin nan jou sémèn nan.

Pou Ofis dimanch épi jou sémèn nan tan Avan-an, apati premié dimanch la jous jou 16 désanm inklizivman:

Roua ki gin pou-l vini-an, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Dépi 17 rive 23 désanm inklizivman:

Granmèt la déja tou pré: vini, an nou adoré-l.

Jou 24 désanm:

Jodi-a n-ap konnin Granmèt la ap vini, épi nan matin n-ap ouè gloua-l.

Pou Ofis dimanch épi jou sémèn nan tan Nésans Granmet la, jous nan solanité Épifani Granmèt la éksklizivman:

Kris la pran nésans pou nou: vini, an nou adoré.

Dépi solanité Épifani Granmèt la jous nan fèt Batèm Granmèt la éksklizivman:

Kris la té parèt pou nou: vini, an nou adoré.

Psòm 94 (95)

Invitasion pou louanj Bondié

Sé pou nou ankourajé tèt nou, chak jou, toutotan yo kapab di « jodi-a »
(Éb 3, 13).

(Yo prezanté réfrin-an épi yo répété-l)

- 1 Vini, an nou fété pou Granmèt la ;
an nou fè fèt pou Bondié sovè nou-an.
- 2 An nou proché dévan fas li avèk louanj,
avèk kantik, an nou fè fèt pou li.

(Yo répété réfrin-an)

- 3 Paské sé Bondié ki gran Granmèt la yé,
yon roua ki gran anlè tout dié yo.
- 4 Sèké bafon tè-a sé nan min-l yo yé,
rotè mòn yo sé pou li.
- 5 Paské sé pou li lanmè-a yé, sé li minm ki fè-l,
tè sèk la, sé min-l yo ki fòmé-l.

(Yo répété réfrin-an)

- 6 Vini, an nou adoré-l, an nou bésé atè,
an nou ajénou dévan Granmèt la ki fè nou-an,
- 7 sèké sé li minm ki Bondié nou,
nou sé pèp pak li ak mouton min-l.

(Yo répété réfrin-an)

- ⁸ Si jodi-a nou té kapab tandé voua-l :
 « Pa fèmin kè nou,
⁹ tankou nan Mériba, dapré jou Masa nan dézè-a,
 koté papa nou yo té tanté-m nan :
 yo té chèché-m kont, malgré yo té ouè travay mouin yo.

(Yo répété réfrin-an)

- ¹⁰ Pandan karantan jénérasyon sa-a dégouté-m, *
 mouin té di : Pèp la, kè yo pèdi chémin.
¹¹ Yo minm yo pa-t konnin chémin-m yo ;
 sé poua mouin té fè sèman nan kòlè-m nan :
 Yo pap antré nan répo-m nan ».

(Yo répété réfrin-an)

Viv Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an.
 Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan,
 ak pou tout tan gin tan. Amèn.

(Yo répété réfrin-an)

Nan plas psòm 94 (95), yo kapab anplouayé psòm 99 (100), 825, oubyin 66 (67), 915, oubyin 23 (24), 775, si psòm sa yo déjà la nan Ofis k-ap fèt la, nan plas yo y-ap di psòm 94 (95).

Psòm nan avèk réfrin li-an, dapré sikonstans, yo kapab pa fè-l lè yo doué mété Invitatoua-a anvan Louanj yo nan matin.

Pou Ofis léktu-a

- V/. Bondié, vîn édé mouin,
 R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan
ak pou tout tan gin tan. Amèn. Alélouya.

Tout sa yo sot di la-a yo siprimé yo lè Invatoua-a vini tousuit anvan.

IMN

Apré sa, tousuit, yo di Imn ki korésponn nan.

Pou Ofis soua dimanch soua jou sémèn, yo indiké Imn nan o kòmansman
chak tan.

Pou solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan
Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé
soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin toua psòm oubyin moso psòm, yo
di yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Pou solanité yo ak fèt yo, épitou pou jou yo ki anndan oktav Nésans Granmèt
la, psòm yo ak réfrin yo pròp.

Pou dimanch yo minm ak jou sémèn yo, yo pran psòm yo ak réfrin yo nan
Déroulman psòm yo ki korésponn nan. Dimanch Avan-an yo gin pròp réfrin yo
ki indiké la tou.

Pou mémoua Sin yo, minm jan-an, sé nan Déroulman psòm yo ki korésponn
nan yo pran psòm yo avèk réfrin yo, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki
pròp.

VÈSÈ-A

Anvan léktu yo gin yon vèsè pou yo di, ki fè priyè-a pasé sot nan psòm yo al
nan kouté paròl Bondié-a. Yo indiké vèsè sa-a anvan premié léktu-a.

LÉKTU YO

Sé dé léktu ki pou ginyin. Prémie-a sé yon léktu bibliik avèk répons li, dapré sa Ofis y-ap fè-a mandé, épi yo pran-l nan Pròp pou Tan-an, sof nan solanité yo ak fèt yo, koté yo pran yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Dézièm léktu-a gin rapò ak lavi sin-an nan sélébrasion Sin yo, kit sé solanité, kit sé fèt, kit sé mémoua. Nan lòt Ofis yo, dézièm léktu-a sé nan travay Pèr-Égliz yo oubyin Ékrivin ékléziastik yo, épi yo pran yo soua nan liv Litiji Lè yo, minm koté léktu bibliik la yé-a, soua nan Léksionè ochoua-a. Yon répons ki koréponn suiv léktu-a.

IMN *TE DEUM*

Jou dimanch yo épi anndan oktav Nésans Grammèt la, nan solanité yo ak fèt yo, apré dézièm léktu-a ak répons li, yo di imn sa-a ki suiv la-a:

Te Deum laudamus : * te Dominum confitemur.

Te aeternum Patrem, * omnis terra veneratur.

Tibi omnes angeli,

* tibi caeli et universae potestates:

tibi cherubim et seraphim *

incessabili voce proclamant:

Sanctus, * Sanctus, * Sanctus s *

Dominus Deus Sabaoth.

Pleni sunt caeli et terra * maiestatis gloriae tuae.

Te gloriosus * Apostolorum chorus,

te prophetarum * laudabilis numerus,

te martyrum candidatus * laudat exercitus.

Te per orbem terrarum *

sancta confitetur Ecclesia,

Patrem * immensae maiestatis;
venerandum tuum verum * et unicum Filium;
Sanctum quoque * Paraclitum Spiritum.

Tu rex gloriae, * Christe.

Tu Patris * sempiternus es Filius.

Tu, ad liberandum suscepturus hominem, *
non horruisti Virginis uterum.

Tu, devicto mortis aculeo, *
aperuisti credentibus regna caelorum.

Tu ad dexteram Dei sedes, * in gloria Patris.

Iudex crederis * esse venturus.

Te ergo quaesumus, tuis famulis subveni, *
quos pretioso sanguine redemisti.

AETerna fac cum sanctis tuis * in gloria numerari.

¶ Salvum fac populum tuum, Domine, *
et benedic hereditati tuae.

Et rege eos, * et extolle illos usque in aeternum.

Per singulos dies * benedicimus te;
et laudamus nomen tuum in saeculum, *
et in saeculum saeculi.

Dignare, Domine, die isto *
sine peccato nos custodire.

Miserere nostri, Domine, * miserere nostri.

Fiat misericordia tua, Domine, super nos, *
quemadmodum speravimus in te.

In te, Domine, speravi: *
non confundar in aeternum.

¶ Haec ultima pars hymni ad libitum omitti potest:


HYMNUS TE DEUM




[III] Te De-um laudámus: * te Dóminum confi-témur. Te




æ-térnum Patrem, omnis terra vene-rá-tur. Ti-bi omnes




ánge-li, ti-bi cæ-li et uni-vérsæ po-testá-tes: Ti-bi ché-



rubim et sé-raphim incessá-bi-li voce proclámant: Sanc-




tus, Sanctus, Sanctus, Dóminus De-us Sába-oth. Pleni




sunt cæ-li et terra ma-iestá-tis gló-ri-æ tu-æ. Te glo-ri-



ósus Apосто-lórum cho-rus. Te prophe-tá-rum laudábi-




lis núme-rus. Te mártýrum candidátus laudat exércitus.




Te per orbem terrá-rum sancta confi-té-tur Ecclé-si-a,




Pa-trem imménsæ ma-iestá-tis; Ve-ne-rándum tu-um ve-



rum et ú-nicum Fí-li-um; Sanctum quoque Pa-rácli-tum




Spí-ri-tum. Tu rex gló-ri-æ, Christe. Tu Patris sempí-




térnus es Fí-li-us. Tu, ad li-be-rándum susceptúrus hó-



mí-nem, non horru-ísti Vírgi-nis ú-te-rum. Tu, devícto




mortis acú-le o, aperu- ísti credéntibus regna cæ-lórum.




Tu ad dèxte-ram De- i se-des in gló-ri- a Patris. Iudex



cré-de-ris esse ventúrus. Te ergo quæsumus, tu- is fá-mu-



lis súbveni, quos pre-ti- óso sánguine redemísti. Æ-tér-




na fac cum sanctis tu- is in gló-ri- a nume-rá- ri.


Hæc ultima pars hymni ad libitum omitti potest:




Salvum fac pópu-lum tu- um, Dómine, et bé-ne-dic he-




re-di-tá-ti tu- æ. Et re-ge e- os, et ex-tól-le




il-los us-que in æ-tér- num. Per síngu-los di- es, benedí-




cimus te; Et laudámus nomen tu-um in sæcu-lum et in




sæcu-lum sæcu-li. Digná-re, Dómine, di-e isto si-ne




peccá-to nos custo-dí-re. Mi-se-ré-re nostri, Dómine, mise-



ré-re nostri. Fi-at mi-se-ri-córdi-a tu-a, Dómine, super



nos quemádmódum spe-rá-vimus in te. In te, Dómi-ne,



spe-rá-vi: non confúndar in æ-tér-num.

IMN « OU MINM BONDIÉ N-AP FÈ LOUANJ OU »

Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou :
ou minm Granmèt n-ap déklaré rékonèt ou.

Ou minm, Papa pou tout tan-an,
tout tè-a ap vénéré-ou.

Pou ou, tout anj yo,
pou ou, sièl yo épi tout puisans yo :
pou ou, chéribin yo ak sérafin yo
ak voua ki pa sispann ap proklamé :

Sin,

Sin,

Sin, Granmèt Bondié lamé yo.

Sièl yo ak tè-a plin ak grandè gloua-ou la.

Ou minm, troup Apot yo ki nan gloua-a,
ou minm, kantité profèt yo ki mérité louanj la,
ou minm, lamé mati yo ki tou blan-an
ap fè louanj ou.

Ou minm, sou ronnn tè yo
Égliz la ki sin-an ak déklaré rékonèt-ou,
Papa grandè san limit la ;
véritab ak sèl Pitit ou-a ki mérité yo vénéré-l la ;
Sint-Éspri Paraklè-a tou.

Ou minm, roua gloua-a, Kris la,
ou minm ou sèl Pitit Papa pou tout tan-an,
ou minm, ki té gin pou pran moun nan pou libéré-l,
ou pa-t pè zantray Vièj la.

Ou minm, ki té ranpòté viktoua sou pikèt lanmò-a,
ou té louvri péyi-roua sièl yo bay moun yo ki kouè yo.

Ou minm ki chita adouat Bondié nan gloua Papa-a,
sé jij yo kouè ou yé ki gin pou vini-an.

Ou minm konsa tanpri, vîn édé sèvitè-ou yo,
yo minm ou té rachté ak san ki gin anpil valè-a.
Fè yo konté yo
avèk sin-ou yo nan gloua tout tan-an.

Dènié pati sa-a nan imn nan, si yo vlé, yo kapab pa di-l:

Sové, pèp ou-a, Granmèt,
épi béni éritaj ou-a.
Épi sé pou kòmandé yo kòm roua
épi lévé pou tout tan.
Chak jou n-ap béni-ou ;
épi n-ap fè louanj pou non-ou nan sièk ak nan sièk sièk la.
Aksépté, Granmèt, jou sa-a,
san péché pou-ou véyé sou nou.
Pran pitié pou nou, Granmèt,
pran pitié pou nou.
Sé pou mizérikòd ou-a, Granmèt, sou nou
tankou nou té espéré nan ou-a.
Nan ou, Granmèt, mouin té espéré :
mouin pap ront pou tout tan.

PRIYÈ FINAL LA

Apré imn *Te Deum* nan oubyin, si yo pa ginyin-l la-a, apré dézièm répons la,
yo di priyè final la, sa yo pran soua nan Pròp pou Tan-an oua nan Pròp oubyin
Komin Sin yo, dapré diféran Ofis yo.

Anvan priyè-a yo mété invitation An nou lapriyè-a épi yo ajouté konklizyon ki
korésponn nan, sa vlé di:

Si priyè-a adrésé bay Papa-a:

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou, li vivan, li roua, li Bondié, ansanm avèk ou, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Papa-a min alafin yo mansioné Pitit la:

Li minm ki vivan, ki roua, ki Bondié, ansanm avèk ou, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Pitit la:

Li vivan, li roua, li Bondié, ansanm avèk ou, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Épi yo réponn:

Amèn.

Apré sa, omouin nan sélébrasion an komin-an, yo ajouté aklamasion-an:

An nou fè louanj pou Granmèt la.

R/. N-ap di Bondié mèsì.

¶ Nan sélébrasion prolonjé vijil dimanch yo ak solanité yo, anvan imn Te Deum nan yo di kantik yo épi yo li Évanjil la, jan sa indiké nan Apindis la, 1672.

Si yo di Ofis léktu-a tousuit anvan yon lòt Lè, nan ka sa-a anvan kòmansman Ofis léktu-a yo kapab mété imn ki koréponn ak Lè-a ; apré sa, alafin yo siprimé priyè-a ak aklamasion-an, épi nan kòmansman Lè ki suiv la yo siprimé vèsè introdiksyon-an avèk Viv Papa-a.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Yo siprimé tout sa, lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN

Apré sa, tousuit, yo di Imn ki korésponn nan.

Pou Ofis soua dimanch soua jou sémèn, épitou pou jou yo anndan oktav Nésans Granmèt la, yo indiké Imn nan o kòmansman chak tan.

Pou solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin yon psòm pou matin, apré sa yon kantik sot nan Ansyin Téstaman-an épi yon lòt psòm louanj, yo di yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Pou Ofis dimanch yo ak jou sémèn yo, yo di psòm yo ak kantik la nan Déroulman psòm yo avèk réfrin yo. Min dimanch tan Avan-an ak Nésans Granmèt la, épitou jou sémèn yo dépi 17 rivé 24 désanm yo gin pròp réfrin yo.

Pou solanité yo ak fèt yo, épitou nan jou yo ki anndan oktav Nésans Granmèt la, yo pran psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn Distribision psòm yo, min réfrin yo sé nan Pròp la oubyin Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, psòm yo, kantik la épi réfrin yo sé nan jou sémèn k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki pròp.

Lè yo fîn priyé psòm yo, yo fè léktu-a, soua kout, soua pi long.

LÉKTU KOUT

Pou Ofis dimanch ak jou sémèn nan tan Avan-an ak Nésans Grammèt la, yo jouinn léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, gin léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, léktu kout la, sof si t-a gin youn ki pròp, yo pran-l si yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

LÉKTU PI LONG

Min si yo vlé, épi sitou nan sélébrasion avèk pèp la, yo kapab chouazi yon léktu ki pi long dapré régléman n. 46 nan Dispozision jénéral la.

Nan sélébrasion ak pèp la, lè sa konv nab, yo kapab ajouté yon oméli kout pou ékspliké léktu yo sot di-a.

RÉPONS POU PARÒL BONDIÉ-A

Apré léktu-a oubyin oméli-a, lè sa konv nab, yo kapab obsèvé kèk moman silans.

An plis yo prezanté yon chan réponsorial oubyin yon répons kout, yo jouinn minm koté ak léktu kout la.

Poutan yo kapab mété nan plas li kèk lòt chan ki gin minm karaktè-a, dépi Konfèrans Èvèk yo aprouvé yo pou sa.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 1, 68-79

Apré sa, yo di kantik évanjélik-la ki suiv la avèk réfrin ki koréspon li-an.

Réfrin pou *Benedictus*-la yo pran-l nan Pròp la. Min pou sélébrasion Sin yo, si pa gin ki pròp, yo pran-l nan Komin-an; pou mémoua yo minm, yo kapab pran-l tou si yo vlé nan jou sémèn nan ki tonbé-a.

Kantik évanjélik

Lk 1, 68-79

Osijè Mési-a ak moun k-ap vini an anvan-l nan

- 68 *Li béni, Granmèt la, Bondié Israèl la, **
 paské li té vizité pèp li-a, li té rachté-l,
- 69 *li té drésé yon kòn pou sové nou **
 nan kay David sèvitè-l la,
- 70 *jan-l té palé nan bouch sin yo, **
 ki té la dépi sièk yo, profèt li yo,
- 71 *sové li sové nou sot nan min ènmi nou yo **
 ak nan min tout moun ki rayi nou yo ;
- 72 *pou-l fè mizérikòd avèk papa nou yo, **
 pou-l fè sonjé aliens li-a ki sin-an,
- 73 *sèman-an li té sèmanté bay Abraam papa nou-an, **
 pou-l té fè nou favè,
- 74 *pou antan nou libéré sot nan min ènmi nou yo, **
 nou sèvi-l san nou pa bézouin pè
- 75 *antan nou sin, nou kòrèk dévan-l **
 pandan tout jou nou yo.
- 76 *Kanta ou minm, ti pitit, y-ap rélé-ou profèt Sa-a ki Anro nèt la : **
 sé ou minm k-ap maché *dévan fas Granmèt la*
pou-ou paré rout li yo,
- 77 *pou-ou bay pèp li-a konésans sové li sové-a, **
 pou padon péché-l yo,
- 78 *gras a zantray mizérikòd Bondié nou-an, **
 sé nan yo solèy lévé-a ap vîn vizité nou sot anro-a,
- 79 *l-ap kléré moun ki chita nan fènoua ak lonbraj lanmò, **
 pou-l dirijé pié nou yo nan chémin lapè-a.

Viv Papa-a ak Pitit la, *
ak Éspri-Sin-an.

Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan, *
ak pou tout tan gin tan. Amèn.

Vèsè sa-a Viv Papa-a yo di-l alafin tout kantik yo, sof si yo t-a indiké otréman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRIYÈ YO POU KONSAKRÉ JOU-A AK TRAVAY LA BAY GRANMÈT LA

Lè yo fini kantik la, yo fè priyè yo.

Pour Ofis dimanch épi jou sémèn nan, y-ap jouinn priyè yo nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, priyè yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, yo pran priyè yo, si yo vlé, soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

Apré priyè yo sot indiké yo, tout moun di Priyè Granmèt la [Papa nou-an], antan yo mété anvan, si sa konvab, yon avètisman kout, tankou nan Apindis la, 1714.

Papa nou ki nan sièl la,
sé pou yo réspékté non ou,
sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
sé pou volonté-ou fet sou tè-a tankou nan sièl la.
Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a;
padonnin sa nou fè-ou
tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy.
Pa kité nou pran nan pièj
min délivré nou ak sa ki mal.

Tousuit apré Papa nou-an, san yo pa di An nou lapriyè, yo di priyè final la, sa y-ap jouinn nan Pròp la épi y-ap fè konklizyon-l nan fason yo té indiké pi ro-a, 714.

Apré sa, si sé yon prèt oubyin yon diak k-ap prezidé, l-ap ranvouayé pèp la, antan-l di:

Granmèt la avèk nou tout.

R/. É avèk ou minm tou.

Bondié ki gin tout pouvoua Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.

R/. Amèn.

Oubyin yon lòt fòmul bénédiksyon, tankou nan Mès la (cf. Apindis, 1715).
Épi, si yo fè ranvoua-a, invitasyon sa-a suiv:

Alé ak kè kontan.

R/. Mèsi, Bondié, mèsi.

Si pa gin ni prèt ni diak ki prézan, épi lè sé yon sèl moun k-ap priyé-a, yo konkli konsa:

Sé pou Granmèt la béni nou, sé pou-l défann nou anba tout mal, sé pou-l fè nou rivé nan lavi ki pap janm fini-an. **R/.** Amèn.

Pou Tièrs, Sèkst épi Nòn sètadi pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Apré sa yo di imn ki korésponn nan, jan sa indiké nan kòmansman chak tan.
Yo pa fè anyin nan Lè sa yo nan mémoua Sin yo.

PSÒM YO

Apré imn nan yo fè psòm yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Gin dé séri psòm yo propozé nan Déroulman psòm yo: youn pou jou k-ap déroulé-a, yon lòt ki konplémantè.

Psòm pou jou k-ap déroulé-a gin toua psòm oubyin moso psòm nan Déroulman psòm yo.

Psòm konplémantè yo gin psòm ki pa chanjé, yo chouazi yo nan sa yo rélé graduèl yo, 1212.

Moun k-ap di yon sèl Lè, li pran psòm yo nan Déroulman jou-a, minm pou fèt yo.

Moun k-ap pliziè Lè, nan yon Lè li pran psòm yo nan Déroulman jou-a, nan lòt Lè yo li plan nan konplémantè-a.

Pou solanité yo y-ap di psòm yo nan konplémantè-a pou toua Lè yo.

Min si sé jou dimanch yo rivé, y-ap pran psòm yo nan dimanch premié sémèn nan, 749.

Pou kè solanité Granmèt la minm yo prezanté psòm spésial.

Konsa tou nan solanité yo, gin réfrin pròp.

Andéyò solanité yo, y-ap pran réfrin yo nan tan k-ap déroulé-a.

LÉKTU KOUT

Apré psòm yo, sé léktu kout la yo fè.

Pou Ofis dimanch ak jou sémèn tan Avan ak Nésans Granmèt la, yo mété léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo minm épi fèt yo, y-ap jouinn léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Apré léktu kout la, jan sa konvab, yo kapab obsévè kèk moman silans. An plis, yo ofri yon répons ki kout anpil oubyin vèsè, yo indiké minm koté ak léktu kout la.

PRIYÈ FINAL LA

Apré sa yo di priyè ki pròp pou jou-a, anvan-l yo mété invitasion An nou lapriyè-a épi yo ajouté konklizion ki korésponn nan, sa vlé di:

Si priyè-a adrésé bay Papa-a:

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou-an.

Si li adrésé bay Papa-a min alafin yo mansioné Pitit la:

Li minm ki vivan, ki roua, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Pitit la:

Li vivan, li roua, dépi tout tan é pou tout tan.

Épi yo réponn:

Amèn.

Apré sa, sof nan sélébrasion an komin, yo ajouté aklamasion-an:

An nou béni Granmèt la.

R/. N-ap di Bondié mèsì.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

HYMNUS

Apré sa, yo di Imn ki korésponn nan.

Pou Ofis dimanch ak jou sémèn, épitou pou jou yo anndan oktav Nésans Granmèt la, yo indiké Imn nan o kòmansman chak tan.

Pou solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin dé psòm oubyin modo psòm, épi yon katik sot nan Nouvo Téstaman-an, yo di yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Pou Ofis dimanch yo ak jou sémèn yo, yo di psòm yo ak kantik la nan Déroulman psòm yo, avèk réfrin yo. Min dimanch tan Avan-an ak Nésans Granmèt la, épitou jou sémèn yo dépi 17 rivé 24 désanm yo gin pròp réfrin yo.

Pou solanité yo ak fèt yo, épitou nan jou yo ki anndan oktav Nésans Granmèt la, yo pran psòm yo, kantik la ak réfrin yo nan Pròp la oubyin Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, psòm yo, kantik la épi réfrin yo sé nan jou sémèn k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki pròp.

Lè yo fin priyé psòm yo, yo fè léktu-a, soua kout, soua pi long.

LÉKTU KOUT

Pou Ofis dimanch ak jou sémèn tan Avan-an ak Nésans Granmèt la, yo jouinn léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, gin léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, léktu kout la, sof si t-a gin youn ki pròp, yo pran-l si yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

LÉKTU PI LONG

Min si yo vlé, épi sitou nan sélébrasion avèk pèp la, yo kapab chouazi yon léktu ki pi long dapré régléman n. 46 nan Dispozision jénéral la.

Nan sélébrasion ak pèp la, lè sa konvnab, yo kapab ajoute yon oméli kout pou ékspliké léktu yo sot di-a.

RÉPONS POU PARÒL BONDIÉ-A

Apré léktu-a oubyin oméli-a, lè sa konvnab, yo kapab obsèvé kèk moman silans.

An plis yo prezanté yon chan réponsorial oubyin yon répons kout, yo jouinn minm koté ak léktu kout la.

Poutan yo kapab mété nan plas li kèk lòt chan ki gin minm karaktè-a, dépi Konfèrans Évèk yo aprouvé yo pou sa.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 1, 46-55

Apré sa, yo di kantik évanjélik-la ki suiv la avèk réfrin ki koréspon li-an.

Réfrin pou *Magnificat*-la yo pran-l nan Pròp la. Min pou sélébrasion Sin yo, si pa gin youn ki pròp, yo pran-l nan Komin-an; pou mémoua yo minm, yo kapab pran-l tou si yo vlé nan jou sémèn nan ki tonbé-a.

Kantik évanjélik

Lk 1, 46-55

Nanm nan ap fété nan Granmèt la

⁴⁶ *Nanm mouin ap chanté **

jan *Granmèt la gran,*

⁴⁷ *léspri-m ap fété **

nan Bondié ki sové-m nan,

⁴⁸ *paské li té konsidéré rabésman sèvant li-a. **

Réyèlman dépi koulié-a tout jénérasyon ap di

ala kontantman pou mouin,

⁴⁹ *paské li té fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a, **

épi non li sin,

- 50 mizérikòd li sot nan jénérasyon al nan jénérasyon *
 pou moun ki krinn li yo.
- 51 Li té mété fòs nan bra-l, *
 li té gayé sa-k t-ap fè grandizè nan kè yo-a ;
- 52 li té dépozé sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, *
 épi li té lévé sa-k rabésé yo anlè ;
- 53 li té plin moun ki grangou yo ak byin, *
 li té voyé rich yo alé min vid.
- 54 Li té poté Israèl, sèvitè-l, sékou, *
 li té sonjé mizérikòd la,
- 55 jan-l té palé ak papa nou yo, *
 Abraam ak désandans li pou tout tan.
- Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRIYÈ YO SÈTADI INTÈSÈSION YO

Lè yo fini kantik la, yo fè priyè yo sètadi intèsésion yo.

Pour Ofis dimanch épi jou sémèn nan, y-ap jouinn priyè yo nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, priyè yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, yo pran priyè yo, si yo vlé, soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

Apré priyè yo sot indiké yo, tout moun di Priyè Granmèt la [Papa nou-an], antan yo mété anvan, si sa konvnan, yon avètisman kout, tankou nan Apindis la, 1714.

Papa nou ki nan sièl la,
 sé pou yo respékté non ou,

sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
 sé pou volonté-ou fet sou tè-a tankou nan sièl la.
 Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a;
 padonnin sa nou fè-ou
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy.
 Pa kité nou pran nan pièj
 min délivré nou ak sa ki mal.

Tousuit apré Papa nou-an, san yo pa di An nou lapriyè, yo di priyè final la, sa y-ap jouinn nan Pròp la épi y-ap fè konklizyon-l nan fason yo té indiké pi ro-a, 714.

Apré sa, si sé yon prèt oubyin yon diak k-ap prézidé, l-ap ranvouayé pèp la, antan-l di:

Granmèt la avèk nou tout.

R/. É avèk ou minm tou.

Bondié ki gin tout pouvoua Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an
 béni nou byin béni.

R/. Amèn.

Oubyin yon lòt fòmul bédiksyon, tankou nan Mès la (cf. Apindis, 1715).
 Épi, si yo fè ranvoua-a, invitasyon sa-a suiv:

Alé ak kè kontan.

R/. Mèsi, Bondié, mèsi.

Si pa gin ni prèt ni diak ki prézan, épi lè sé yon sèl moun k-ap priyé-a, yo konkli konsa:

Sé pou Granmèt la béni nou, sé pou-l défann nou anba tout mal, sé pou-l fè nou rivé nan lavi ki pap janm fini-an. R/. Amèn.

Pou Konpli

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sèkou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Apré sa, li bon pou fè égzamin konsians la, nan sélébrasion an komin-an yo kapab mété-l nan yon akt pénitansièl, dapré fòmul yo anplouayé nan Mès la (cf. Apindis, 1723).

IMN (*Te lucis ante terminum*)

Ou minm anvan finisman limiè-a,
kréatè bagay yo, n-ap priyé ou,
pou dapré bon kè abituèl la,
sé ou ki an tèt pou protéksion-an.

Ou minm sé pou kè nou yo révè-ou,
ou minm sé pou yo santi-ou nan fon somèy,
épi sé gloua-ou pou yo toujou ap chanté,
nan prochin limiè-a.

Bay lavi favorab,
réfè chalè nou,
fènoua lannuit ki dégoutan-an,
sé pou klètè-ou anvayi-l ak limiè-l.

Kouté, Papa ki gin tout pouvoua,
pa lintèmediè Jézu-Kri Granmèt la,
li minm ki avèk ou pou tout tan,
ap régné avèk Éspri-Sin-an. Amèn.

Oubyin, dapré sa rubrik yo indiké nan Pròp pou Tan-an:

(Christe , qui, splendor et dies)

Ou minm Kris la, klèté ak lajounjn,
ou dévoualé fènoua nan nuit yo,
nou kouè ou sé limiè ki soti nan limiè,
k-ap préché limiè-a bay sin yo.

Tanpri, Granmèt, ou minm ki sin,
protéjé nou pandan nuit sa-a ;
sé nan ou pou nou jouinn répo nou,
fè nou pasé moman yo trankil.

Si nou rinmèt somèy la jé nou,
sé pou kè nou toujou ap véyé koté-ou;
avèk min douat ou, protéjé
fidèl yo ki rinmin-ou yo.

Ou minm ki défans nou, voyé jé-ou,
ouété sa k-ap drésé pièj yo,
dirijé sèvitè-ou yo,
yo minm ou té achté ak san-ou nan.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil la,
gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a,
ansanm ak Ésprì Paraklè-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Apré premié Vèp dimanch yo ak solanité yo, y-ap di psòm 4 épi 133 (134), 1189; apré dézièm Vèp yo, psòm 90 (91), 1192. Yo kapab di youn ou lòt nan konpli dimanch yo minm anndan oktav Nésans Granmèt la.

Lòt jou yo, y-ap jouinn psòm yo ak réfrin yo nan Déroulman psòm yo.

Yo pèmèt poutan pou yo réprann youn ou lòt nan Konpli dimanch yo.

LÉKTU KOUT

Apré psòm yo yo fè léktu kout la, sa yo pran minm koté psòm yo yé-a nan Déroulman psòm yo. Apré sa sé répons kout la ki vini.

RÉPONS KOUT

R/. Sé nan min-ou, Granmèt, * Mouin rinnèt éspri mouin. Sé nan min-ou

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité. * Mouin rinnèt éspri mouin. Viv Papa-a. Sé nan min-ou.

RÉPONS KOUT

Lk 2, 29-32

Apré sa yo di kantik la:

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *

daprè paròl ou-a, nan lapè,

³⁰ paské jé-m yo té ouè *

sové ou-ap sové nou-an,

³¹ sa-ou té préparé-a *

dévan fas tout pèp yo,

³² limiè pou révélation nasion yo, *

épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRIYÈ FINAL LA

Apré sa yo di priyè-a tankou nan Distribisyon psòm yo, antan yo mété anvan invitasyon An nou lapriyè-a. Épi yo réponn Amèn.

Apré, minm si sé yon sèl moun k-ap priyé, yo di bédiksion-an:

Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a fè nou favè pou nou pasé yon nuit trankil koulié-a, épi pou nou rivé nan dènié dégré rinmin-an lè n-ap mourì.

R/. Amèn.

Dènié réfrin an lonè Sint Vièj Mari

Apré sa, yo di youn nan réfrin sa yo osijè Sint Vièj Mari.

(Alma Redemptóris Mater)

(Pi kolé sou latin-an)

Bon Manman Rédanmtè-a,
 pòt sièl la ki toujou ré t louvri-a,
 épi zétoual lanmè-a,
 poté sékou pou pèp la k-ap tonbé-a,
 k-ap chèché lévé;
 ou minm ki té anfanté,
 antan natu-a sézi,
 sin-an ki té Anfanté-ou la,
 ou minm ki Vièj anvan épi apré,
 antan-ou résévoua Salutasion sa-a
 nan bouch Gabrièl,
 pran pitié pou péché yo.

(Pi lib pou mélodi chan ki déjà la-a)

Manman Bondié ki délivré nou-an,
 Ou minm Pot sièl la ki toujou ré t louvri-a,
 Zétoual lanmè-a,
 Pèp k-ap tonbé-a, k-ap chèché lévé-a,
 poté-l sékou;
 Ou minm ki anfanté Sin-an ki fè-ou la,
 Mèvèy kréasion-an,
 Ou minm ki Vièj ni anvan ni apré,
 Ou minm ki résévoua salu sa-a nan bouch
 Gabrièl,
 Pran pitié pou nou minm ki nan péché-a.

Yon lòt

(Ave, Regina caelorum)

(Pi kolé sou latin-an)

(Pi lib pou mélodi chan ki déja la-a)

Salu, Rèn sièl yo,
salu, Patròn anj yo,
mouin salué-ou, rasîn, salu, pòt,
koté limiè-a té soti pou tè-a.
Sé pou kontan, Vièj ki gin gloua,
ki bèl dépasé tout moun
orévoua, ou minm ki bèl anpil,
priyé Kris la pou nou.

Salu, Rèn sièl yo,
salu, chèf mèsajé yo,
salu, rasîn, salu pòt
koté limiè-a sòti pou tè-a.
Fè kè-ou kontan, Vièj ki plin bèlté,
ou minm ki kléré pasé tout bagay.
Orévoua, ou minm ki bèl anpil,
lapriyé Jézu-Kri pou nou.

Yon lòt

(Salve, Regina, mater misericordiae)

(Pi kolé sou latin-an)

(Pi lib pou mélodi chan ki déja la-a)

Mouin salué-ou, Rèn,
manman mizèrikòd la;
lavi, dousè,
épi espérans nou, mouin salué-ou.
Koté-ou n-ap rélé,
nou minm pitit Èv yo ki égzilé yo.
Koté-ou n-ap plinn,
antan n-ap jémi épi n-ap kriyé
nan bafon dlo jé sa-a.
Ébyin konsa, avoka nou,
viré jé mizèrikòd ou sa yo koté nou.
Épi Jézu,
frui béni vant ou-a,
montré nou li
apré égzil sa-a.
Ou minm ki sansib, ou minm ki gin
bon kè,
Ou minm ki si dou, Vièj Mari.

Salu, Rèn, Manman kè sansib,
lavi nou, plézi nou, éspoua nou, salu.
Koté-ou n-ap rélé, nou minm pitit Èv yo
ki égzilé yo.
Koté-ou n-ap plinn, n-ap plinyin, n-ap
kriyé nan bafon dlo jé sa-a.
Ébyin, avoka nou, viré jé kè sansib-ou
koté nou.
Apré égzil sa-a, montré nou Jézu, frui
vant ou-a ki béni-an,
ou minm ki sansib, ou minm ki sin, ou
minm ki bon, Mari ki Vièj.

Yon lòt

(Sub tuum præsídium confúgimus)

(Pi kolé sou latin-an)

Anba protéksion-ou
 nou vîn kaché kò nou,
 sint Maman Bondié;
 pa méprizé priyè nou yo
 nan sa nou bezouin yo:
 min toujou libéré nou
 anba tout danjé yo,
 Vièj ki gin gloua é ki béni.

(Pi lib pou mélodi chan ki déja la-a)

N- ap mandé-ou sékou, tanpri protéjé-n,
 ou ki déja sin, ou-k Manman Bondié.
 Nou nan bezouin, pa réjté priyè-n,
 délivré nou anba tout danjé, tout tan,
 ou-k Vièj, ou-k nan sièl, ou ki béni.

Oubyin kèk lòt réfrin Konfèrans Évèk yo aksépté.

DISTRIBISION PSÒM AK KANTIK YO SOU KAT SÈMÈN

Ronn kat sémèn Psòm ak Kantik yo rataché ak ané litijik la yon fason pou sé apati prémié sémèn nan, antan yo kité lòt yo, yo rékòmansé nan prémié dimanch Avan-an. Épi sé konsa yo kontinué jous nan fèt Batèm Granmèt la éksklizivman.

Sign – sa-a anba yon kolòn indiké stròf psòm nan fini.

SÉMÈN I

DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

PSÒM YO

Réfrin 1

Prèmié dimanch Avan: Anonsé pèp yo, épi di : Min Bondié sovè nou-an ap vini.

Psòm 140 (141), 1-9

Priyè nan danjé yo

Épi lafimin lansan yo monté sot nan priyè sin yo sot nan min anj la, dévan Bondié (Ap 8, 4).

¹ Granmèt, mouin rélé koté-ou, fè vit vîn koté-m ; *
kouté voua-m, lè-m rélé koté-ou la.

² Sé pou priyè-m nan dirijé
tankou lansan dévan fas ou, *
min-m yo k-ap lévé-a
tankou sakrifis asouè-a.

- ³ Mété yon bariè nan bouch mouin, Granmèt, *
ak santinèl nan pòtay po bouch mouin yo.
- ⁴ Pa kitè-m panché kè-m nan mové paròl, *
pou-m fè konbinézon tranzaksion nan krim,
ansanm ak moun k-ap fè injistis yo ; *
- ⁵ Sé pou moun ki kòrèk la frapé-m nan mizérikòd,
sé pou-l korijé-m ; †
luil péchè yo minm pa doué grésé tèt mouin, *
paské m-ap kontinué priyè-m nan nan méchansté yo-a.
- ⁶ Y-ap jété jij yo anba nan min ki rèd, *
y-ap tandé paròl mouin yo, paské yo gin bon sans.
- ⁷ Tankou lè y-ap koupé, lè y-ap fann boua sou tè-a, *
sé pou zo yo gayé sou bouch bafon yo.
- ⁸ Paské sé koté-ou, Granmèt, Granmèt, jé-m yo fiksé ; *
koté-ou mouin kaché, pa vidé nanm mouin.
- ⁹ Protéjé-m sot nan pièj yo paré pou mouin-an, *
sot nan konplo moun k-ap fè krim yo.

Viv Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an.
Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan,
ak pou tout tan gin tan. Amèn.

Vèsè Viv Papa-a sa-a nòmalmàn yo di-l alafin tout psòm yo ak kantik yo, sof si yo t-a indiké otréman.

Prémié dimanch Avan: Réf. Anonsé pèp yo, épi di : Min Bondié sovè nou-an ap vini.

Réfrin 2

Prémié dimanch Avan: Min Granmèt la ap vini, épi tout sin-l yo avèk li, épi nan jou sa-a ap gin yon gran limiè, alélouya.

Psòm 141 (142)

Ou sé kachèt mouin

Tout bagay sa yo réalizé nan Granmèt la nan tan soufrans li-a (S. Ilèr).

- 2 Avèk voua-m kot Granmèt la mouin rélé, *
avèk voua-m kot Granmèt la mouin priyé ;
- 3 mouin vidé plint mouin dévan-l, *
épi tribilasion mouin,
dévan-l mouin fè konnin-l.
- 4 Pandan éspri-m t-ap fébli nan mouin, *
ou té konnin santié-m yo.
Nan chémin-an, koté m-t-ap maché-a, *
yo té kaché pièj pou mouin.
- 5 Mouin té égzaminé adouat épi mouin té ouè, *
pa-t gin pèsonn ki té konnin-m.
Mouin pa-t kapab sové kò-m, *
pa-t gin pèsonn ki t-ap réklamé nanm mouin.
- 6 Mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; †
mouin té di : « Sé ou minm ki kachèt mouin, *
pòsion pa-m sou tè vivan yo.
- 7 Panché sou priyè-m nan, *
paské yo rabésé-m tròp.
Libéré-m anba sa k-ap pèsékité-m yo, *
paské yo vîn pi ranfòsé pasé-m.
- 8 Fè nanm mouin soti nan prizon-an *
pou-l déklaré non-ou ;
sa-k kòrèk yo y-a antouré-m, *
lè ou-ap ban-m rékonpans la ».

Prémié dimanch Avan: Réf. Min Granmèt la ap vini, épi tout sin-l yo avèk li, épi nan jou sa-a ap gin yon gran limiè, alélouya.

Réfrin 3

Prémié dimanch Avan: Granmèt la ap vini nan gran pouvoua, épi tout chè ap ouè li.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ⁶ Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- ⁷ min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
- ⁸ épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- ⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- ¹⁰ konsa, o non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- ¹¹ épi tout lang pou déklaré : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Prémié dimanch Avan: Réf. Granmèt la ap vini nan gran pouvoua, épi tout chè ap ouè li.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Roua ki gin pou vini-an, 115, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Verbum supernum prodiens*, 115.

PSÒM YO

Réfrin 1

Prémié dimanch Avan: Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Psòm 1

Osijè dé chémin moun-nan

Ala kontantman pou moun yo ki, antan yo espéré nan koua-a, té désann nan dlo-a (Yon ékrivin dézièm sièk).

- ¹ Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo, †
ki pa kanpé nan chémin péchè yo, *
ki pa chita nan réyinion moun mové plézantri yo,
- ² min sé nan laloua Granmèt la li mét volonté-l, *
sé nan laloua-l la l-ap kalkilé lajounin kon lannuit.
- ³ L-ap tankou yon pié boua ki planté sou bò dlo k-ap kouri, *
k-ap bay frui-l nan sèzon-l ;
fèy li pap tonbé, *
ninpòt ki sa l-ap fè ap réyisi.
- ⁴ Méchan yo pa konsa, yo pa konsa, *
min sé tankou pousiè van-an ap broté.
- ⁵ Sé pousa méchan yo pap kanpé nan jijman-an, *
ni péchè yo, nan asanblé sa-k kòrèk yo.
- ⁶ Sèké Granmèt la konnin chémin moun ki kòrèk yo, *
épi rout moun ki pa kòrèk yo ap péri.

Prémié dimanch Avan: Réf. Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Réfrin 2

Prémié dimanch Avan: Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalem : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a
(Tr Ap 4, 27).

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
chèf yo rasanblé fè yon sèl *
kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.

- ¹² Pran disiplîn nan, †
 pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
 paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
 Ala kontantman pou tout moun *
 ki konfié nan li.

Prémié dimanch Avan: Réf. Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Prémié dimanch Avan: Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Psòm 3

Granmèt la sé protéksion mouin

Li té dòmi épi somèy té pran-l épi li résisité, paské Granmèt la té pran-l antan-l lévé-l (S. Iréné).

- ² Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ? *
 Yo anpil ki lévé kont mouin,
³ yo anpil k-ap di nanm mouin : *
 « Li pap sovè nan Bondié ».
- ⁴ Ou minm, Granmèt, ou sèvi-m protéksion, *
 gloua mouin, épi ou minm ki lévé tèt mouin.
- ⁵ Ak voua-m m-ap rélé kot Granmèt la, *
 li kouté-m antan-l sou mòn li ki sin-an.

- ⁶ Mouin minm mouin dòmí, mouin nan profon somèy, *
 mouin lévé, paské Granmèt la résévoua-m.
- ⁷ Mouin pa pè mil pèp k-ap entouré-m. *
 Lévé, Granmèt, sové-m, Bondié mouin ;
- ⁸ paské ou frapé tout ènmi-m yo nan machoua, *
 dan méchan yo, ou krazé yo.
- ⁹ Pou Granmèt la, sové-a yé, *
 sou pèp ou-a, bénédiksiyon-ou.

Prémié dimanch Avan: Réf. Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Vox clara ecce intonat*, 116.

PSÒM YO

Réfrin 1

Prémié dimanch Avan: Nan jou sa-a, mòn yo ap dégouté dousè ; épi ti roté yo minm ap fè lèt ak mièl koulé, alélouya.

Nan Nésans Grammèt la: Kisa nou té ouè, gadyin yo, di-l; anonsé nou : Sou tè-a kilès ki té parèt ? Sa-a ki pran nésans la, nou té ouè-l, avèk troup anj yo ki t-ap fè louanj Grammèt la, alélouya.

Psòm 62 (63), 2-9

Nanm ki souaf Grammèt la

L-ap véyé tann Bondié, moun ki réjité zèv lannuit la.

- ² Bondié, sé Bondié-m ou yé, *
sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.
Nanm mouin souaf ou, *
chè mouin anvi-ou.
Nan tè dézè-a, ki sèk la, ki san dlo-a, †
- ³ sé konsa mouin té parèt dévan-ou nan tanp la, *
pou-m ouè puisans ou ak gloua ou.
- ⁴ Sèké mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo, *
po-bouch mouin yo ap fè louanj ou.
- ⁵ Konsa m-ap béni-ou nan lavi-m, *
o non-ou m-ap lévé min-m yo.
- ⁶ Tankou ak viann ak bon manjé gra nanm mouin plin, *
ak paròl fèt bouch mouin ap fè louanj ou.
- ⁷ Lè m-ap sonjé-ou sou kabann mouin, *
granmatin m-ap médité sou ou,
- ⁸ Paské ou té poté-m sékou, *
anba voual zèl ou m-ap fété.
- ⁹ Nanm mouin té kolé apré-ou, *
min douat ou té soutni-m.

Prémié dimanch Avan: Réf. Nan jou sa-a, mòn yo ap dégouté dousè ; épi ti rotè yo minm ap fè lèt ak mièl koulé, alélouya.

Nan Nésans Granmèt la: Réf. Kisa nou té ouè, gadyin yo, di-l; anonsé nou : Sou tè-a kilès ki té parèt ? Sa-a ki pran nésans la, nou té ouè-l, avèk troup anj yo ki t-ap fè louanj Granmèt la, alélouya.

Réfrin 2

Prémié dimanch Avan: Mòn yo ak ti rotè yo pral chanté louanj dévan Bondié, épi tout pié boua forè yo pral bat bravo ; paské l-ap vini Granmèt la kòm kòmandan nan rouayòm pou tout tan-an, alélouya.

Nan Nésans Granmèt la: Anj la di gadyin yo : M-ap anonsé nou yon gran kè kontan, paské jodi-a Sovè tè-a pran nésans pou nou, alélouya.

Kantik

Dan 3, 57-88. 56

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo (Ap 19, 5).

- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 58 Béni Granmèt la, sièl yo, *
- 59 béni Granmèt la, anj Granmèt la.
- 60 Béni Granmèt la, tout dlo yo ki anlè sièl yo, *
- 61 béni Granmèt la, tout pouvoua Granmèt la.
- 62 Béni Granmèt la, solèy ak lafîn nan, *
- 63 béni Granmèt la, zétoual sièl la.

- 64 Béni Granmèt la, tout lapli ak larouzé, *
 65 béni Granmèt la, tout van k-ap souflé yo.
- 66 Béni Granmèt la, difé ak chalè, *
 67 béni Granmèt la, frédi ak chalè.
- 68 Béni Granmèt la, larouzé ak farinaj glasé, *
 69 béni Granmèt la, grèl ak frédi.
- 70 Béni Granmèt la, glas ak lanèj, *
 71 béni Granmèt la, nuit yo ak jou yo.
- 72 Béni Granmèt la, limiè ak fènoua yo, *
 73 béni Granmèt la, zéklè avèk nuaj.
- 74 Sé pou tè-a béni Granmèt la, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 75 Béni Granmèt la, mòn yo ak ti rotè yo, *
 76 béni Granmèt la, tout plant sou tè-a.
- 77 Béni Granmèt la, lanmè yo ak riviè yo, *
 78 béni Granmèt la, sous yo.
- 79 Béni Granmèt la, balèn
 ak tou sa ki an mouvman nan dlo yo, *
 80 béni Granmèt la, tout zouazo sièl yo.
- 81 Béni Granmèt la, tout bèt boua ak bèt gadinaj, *
 82 béni Granmèt la, pitit moun yo.
- 83 Sé pou Israèl béni Granmèt la, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 84 Béni Granmèt la, prèt Granmèt yo, *
 85 béni Granmèt la, sèvitè Granmèt yo.
- 86 Béni Granmèt la, éspri ak nanm ki kòrèk yo, *
 87 béni Granmèt la, sin yo ak sa ki pòv nan kè yo.
- 88 Béni Granmèt la, Ananias, Azarias, Misaèl, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
 An nou béni Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ; *

an nou fè louanj li, an nou lévé-l anlè
dépasé tou sa-k gran pou tout tan.

⁵⁶ Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj, ou mérité gloua pou tout tan.

Alafin kantik sa-a yo pa di Viv Papa-a.

Prémié dimanch Avan: Réf. Mòn yo ak ti rotè yo pral chanté louanj dévan Bondié, épi tout pié boua forè yo pral bat bravo ; paské l-ap vini Granmèt la kòm kòmandan nan rouayòm pou tout tan-an, alélouya.

Nan Nésans Granmèt la: Réf. Anj la di gadyin yo : M-ap anonsé nou yon gran kè kontan, paské jodi-a Sovè tè-a pran nésans pou nou, alélouya.

Réfrin 3

Prémié dimanch Avan: Min gran Profèt la ap vini, épi li minm l-ap rénouvle Jérusalèm, alélouya.

Nan Nésans Granmèt la: Yon ti pitit gason pran nésans pou nou, jodi-a, yo rélé-l Bondié fò, alélouya.

Psòm 149

Fèt sin yo ap fè

Pitit Égliz la, pitit nouvo pèp la ap fè fèt pou roua yo-a, pou Kris la (Ésikius).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; *
louanj li nan asanblé sin yo.
- ² Sé pou Israèl kontan nan sa-a ki fè-l la, *
sé pou pitit Siyon yo fété pou roua li-a.
- ³ Sé pou yo fè louanj pou non-l avèk dans, *

- 4 sou tanbou ak gita sé pou yo chanté pou li,
paské Granmèt la jouinn plézi nan pèp li-a, *
l-ap fè pòv yo jouinn konsidérasion nan sovè li sovè yo-a.
- 5 Sé pou sin yo pousé rèl fèt nan gloua-a, *
sé pou yo kontan sou kabann yo.
- 6 Louanj Bondié yo nan gòj yo, *
épé ki filé dé bò-a nan min yo,
- 7 pou yo tiré vanjans sou nasion yo, *
pou yo réglé pèp yo,
- 8 pou yo maré roua yo ak chinn, *
gran pèsonaj yo ak ménòt fè,
- 9 pou yo égzékité jijman ki ékri-a sou yo-a : *
gloua sa-a pou tout sin-l yo.

Prémié dimanch Avan: Réf. Min gran Profèt la ap vini, épi li minm l-ap rénouvlé Jérusalèm, alélouya.

Nan Nésans Granmèt la: Réf. Yon ti pitit gason pran nésans pou nou, jodi-a, yo rélé-l Bondié fò, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, 117-119.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

*Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin
mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).*

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.

- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sèkou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sèkou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.

- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN, *Conditor alme siderum*, 113.

PSÒM YO

Réfrin 1

Prémié dimanch Avan: Sé pou-ou réjoui, pitit fi Siyon, épi sé pou-ou byin fété, pitit fi Jérusalèm, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prêt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».

- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Prémié dimanch Avan: Réf. Sé pou-ou réjoui, pitit fi Siyon, épi sé pou-ou byin fété, pitit fi Jérusalèm, alélouya.

Réfrin 2

Prémié dimanch Avan: Roua nou-an ap vini, Kris la, li minm Jan té anonsé kòm Mouton ki t-ap vini-an.

Psòm 113 A (114)

Israèl délivré sot Éjip

Sé pou nou konnin nou minm tou nou pati sot Éjip, nou ki rénonse sièk sa-a (S. Ogustin).

- ¹ Lè Israèl t-ap kité Éjip la, *
kay Jakòb la t-ap sot nan pèp étranjé-a,
- ² Juda vîn tounin tanp li, *
Israèl vîn tounin propriété-l.

- ³ Lanmè-a té ouè sa, li ralé kò-l, *
 Jourdin-an tounin dèyè ;
- ⁴ mòn yo vòltijé tankou kabrit, *
 ti rotè yo tankou pitit mouton.
- ⁵ Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? *
 Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ?
- ⁶ Mòn yo, pouki sa n-ap vòltijé tankou kabrit la, *
 ti rotè yo, tankou pitit mouton-an ?
- ⁷ Dévan fas Granmèt la, tranblé, tè-a, *
 dévan fas Bondié Jakòb la,
- ⁸ li minm ki fè ròch la vîn tounin létan dlo yo, *
 épi ròch ki di-a sous dlo yo.

Prémié dimanch Avan: Réf. Roua nou-an ap vini, Kris la, li minm Jan té anonsé kòm Mouton ki t-ap vini-an.

Réfrin 3

Prémié dimanch Avan: Min m-ap vini tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin, sé Granmèt la ki di sa : pou bay chak moun dapré aksion-l yo.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

- ¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
 (R/. Alélouya.)

- ² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).
- ⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).
- Alélouya.
- ⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *
(R/. Alélouya.)
- ⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).
- Alélouya.
Paské nòs Mouton-an rivé, *
(R/. Alélouya.)
épi madanm li té préparé tèt li.
R/. Alélouya (alélouya).

Prémié dimanch Avan: Réf. Min m-ap vini tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin, sé Granmèt la ki di sa : pou bay chak moun dapré aksion-l yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn ak Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sové-m, Granmèt, poutèt mizèrikòd ou-a.

Psòm 6

Moun y-ap maltré-a ap sipliyé bon kè Bondié

Koulié-a nanm mouin troublé... Papa, sové-m sot nan lè sa-a ? (Jan 12, 27).

² Granmèt, pa réproché-m nan mové san-ou, *
ni pa korijé-m nan kòlè-ou.

³ Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb ; *
géri-m, Granmèt, paské zo-m yo ffin krazé.

- 4 Nanm mouin troublé anpil, *
min ou minm, Granmèt, jouskilè ?
- 5 Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin, *
sové-m poutèt mizèrikòd ou-a.
- 6 Sèké pa gin pèsonn nan lanmò, k-ap sonjé-ou ; *
anba tè-a minm kilès k-ap fè déklarasyon pou ou ?
- 7 Mouin té rédi nan jémisman mouin, †
mouin t-ap lavé kabann mouin chak nuit ; *
ak dlo k-ap sot nan jé-m yo
mouin t-ap rouzé koté mouin té kouché-a.
- 8 Jé-m troublé ak chagrin, *
mouin té viéyi nan pami ènmi-m yo.
- 9 Ralé kò nou sot sou mouin, nou tout k-ap fè sa-k pa kòrèk, *
paské Granmèt la kouté voua dlo jé-m.
- 10 Granmèt la kouté démann mouin-an, *
Granmèt la résévoua priyè-m nan.
- 11 Sé pou yo ront épi sé pou yo troublé anpil, tout ènmi-m yo ; *
sé pou yo tounin épi sé pou yo ront byin vit.

Réf. Sové-m, Granmèt, poutèt mizèrikòd ou-a.

Réf. 2 Granmèt la vîn tounin kachèt pòv la nan tribilasyon-an.

Psòm 9 A (9)
Aksion-d-gras pou viktoua-a

Li gin pou-l rétounin pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mourì.

I

- 2 M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt ak tout kè-m ; * 8
m-ap rakonté tout mèvèy ou yo.
- 3 M-ap kontan, m-ap fété nan ou, *
m-ap chanté pou non-ou, ou minm ki anlè nèt la.
- 4 Lè ènmi-m yo ap viré dèyè, * 2
yo fébli, yo péri dévan fas ou.
- 5 Paské ou té fè jijman-m ak kòz mouin.
Ou té chita sou trôn antan ou-ap jijé jistis.
- 6 Ou té ménasé nasion yo, ou té détoui méchan an, * 2
non yo, ou té éfasé yo pou tout tan épi pou sièk sièk la.
- 7 Ènmi yo krazé, *
yo tounin dézè pou tout tan ;
épi vil yo, ou démoli yo : *
souvni yo péri ansanm avèk yo.
- 8 Granmèt la minm ap instalé pou tout tan, * 7
li paré trôn li pou jijman-an,
- 9 sé li minm k-ap jijé fas tè-a nan jistis, *
l-ap jijé pèp yo nan sa ki douat.
- 10 Granmèt la ap sèvi kachèt pou moun y-ap maltrété-a, * 1
kachèt nan tan yo bézouin-l nan, nan tribilasion-an.
- 11 Y-ap espéré sou ou, sa yo ki konnin non-ou yo, *
paské ou pap lagé sa yo k-ap chèche-ou la, Granmèt.

Réf. Granmèt la vîn tounin kachèt pòv la nan tribilasion-an.

Réf. 3 M-ap anonsé louanj ou yo nan pòt pitit fi Siyon-an.

II

- 12 Chanté pou Granmèt la, ki abité nan Siyon-an ; * †
 anonsé aktivité li yo nan pami nasion yo.
- 13 Sèké li minm k-ap mandé kont pou san-an,
 li sonjé yo, *
 li pa bliyé rèl pòv yo.
- 14 Fè-m gras, Granmèt ; † π
 gadé rabésman-m akòz sa-k rayi-m yo, *
 ou minm ki lèvé-m sot nan pòt lanmò yo,
- 15 pou-m rakonté tout louanj ou yo
 nan pòt pitit fi Siyon-an, *
 m-ap fété nan sové ou sové-m nan.
- 16 Nasion yo fonsé nan fos la yo té fouyé-a ; † υ
 nan pièj sa-a yo té kaché-a, *
 pié yo pran ladan-l.
- 17 Granmèt la fè konnin-l, antan li fè jijman ; *
 nan mové aksion min-l yo,
 méchan-an antravé.
- 18 Y-ap tounin, méchan yo, nan bafon mò yo, * ϑ
 tout nasion yo ki bliyé Bondié-a,
- 19 Sèké sé pa pou tout tan ou-ap bliyé pòv la ; * ϛ
 éspérans pòv la pap péri pou tout tan.
- 20 Lèvé, Granmèt, moun pa doué fè fòs ; *
 sé pou nasion yo jijé dévan fas ou.
- 21 Instalé Granmèt, sa k-ap fè yo tranblé-a anlè yo, *
 sé pou nasion yo konnin sé moun yo yé.

Réf. M-ap anonsé louanj ou yo nan pòt pitit fi Siyon-an.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Koté-ou, m-ap priyé, Granmèt, nan matin ou réponn voua-m.

Psòm 5, 2-10. 12-13

Lapriyè granmatin pou mandé sékou

Moun yo ki résévoua Paròl la ki abité anndan yo-a, sé tout tan y-ap fété.

- ² Kouté paròl mouin yo ak zòrèy ou, Granmèt ; *
konprann plint mouin-an.
- ³ Panché sou voua rèl mouin, *
roua mouin, Bondié mouin.
- ⁴ Sé koté-ou m-ap lapriyè, Granmèt, †
dépi granmatin ou tandé voua mouin, *
dépi granmatin mouin kanpé dévan-ou m-ap tann.
- ⁵ Sèké ou pa yon Bondié ki rinmin méchansté, †

- 6 méchan-an pa abité koté-ou, *
moun ki pa kòrèk yo pa rété dévan jé-ou.
- 7 Ou rayi tout moun k-ap fè sa-k pa kòrèk, †
moun k-ap rakonté manti, ou-ap fè yo péri ; *
moun k-ap fè krim, k-ap tronpé,
Granmèt la pa vlé ouè-l.
- 8 Mouin minm nan pakèt mizérikòd ou-a, †
m-ap antré nan kay ou-a ; *
m-ap adoré-ou nan tanp ou-a ki sin-an
nan krint ou.
- 9 Granmèt, kondui-m nan jistis ou poutèt ènmi-m yo, *
drésé rout ou-a dévan-m.
- 10 Sèké nan pouin anyin ki sinsè nan bouch yo, *
kè yo sé yon fos ;
gòj yo sé tonbo ki louvri, *
bouch yo minm ap flaté.

[11]

- 12 Tout moun ki éspéré nan ou, y-ap gin kè kontan, *
pou tout tan y-ap fété.
Ou-ap kouvri yo ak lonbraj ou, y-ap jouinn gloua yo nan ou, *
moun sa yo ki rinmin non-ou nan ;
- 13 paské ou béni moun ki fidèl la, Granmèt, *
tankou yon boukliyé, bòn volonté ou ap kouronnin-l.

Réf. Koté-ou, m-ap priyé, Granmèt, nan matin ou réponn voua-m.

Réf. 2 N-ap fè louanj pou non-ou ki pa gin parèy la, Bondié nou.

Kantik

1 Kr 29, 10-13

Sé pou Bondié sèl konsidérasion-an ak gloua-a

Li béni, Bondié, Papa Granmèt nou Jézu-Kri (Éféz 1, 3).

- ¹⁰ Ou béni, Granmèt Bondié Israèl, papa nou, *
déli tout tan ak pou tout tan.
- ¹¹ Sé pou ou, Granmèt, grandè ak pouvoua, *
gloua, bèlté ak majésté.
Tout bagay réyèlman ki nan sièl la ak sou tè-a, sé pou ou yo yé, *
sé pou ou, Granmèt, péyi roua-a yé,
ou lévé anlè tankou chèf sou tout bagay.
- ¹² Richès ak gloua sé pou ou sé nan ou yo soti, *
ou-ap kòmandé sou tout bagay.
Nan min-ou sé fòs ak pouvoua, *
sé nan min-ou grandè ak solidité tout bagay yé.
- ¹³ Koulié-a minm, Bondié nou, n-ap fè déklarasion pou ou *
épi n-ap fè louanj non-ou ki pa gin parèy la.

Réf. N-ap fè louanj pou non-ou ki pa gin parèy la, Bondié nou.

Réf. 3 Adoré Granmèt la nan palè li-a ki sin-an.

Psòm 28 (29)

Louanj pou Paròl Granmèt la

Min you voua sot nan sièl yo, k-ap di : « Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an (Mt 3, 17).

- ¹ Poté bay Granmèt la, pitit Bondié yo, *
poté bay Granmèt la gloua ak puisans,

- 2 poté bay Granmèt la gloua non-l,
adoré Granmèt la nan ékla bèlté ki sin-an.
- 3 Voua Granmèt la sou dlo yo ; †
Bondié grandè-a fè tandé voua-l, *
Granmèt la sou dlo yo ki anpil yo.
- 4 Voua Granmèt la nan pouvoua, *
voua Granmèt la nan grandè.
- 5 Voua Granmèt la krazé sèd yo ; *
Granmèt la krazé sèd Liban yo.
- 6 Li fè Liban galopé tankou ti toro, *
épi Sarion tankou pitit rinoséròs.
- 7 Voua Granmèt la fann flanm difé yo, †
8 voua Granmèt la fè dézè-a tranblé, *
Granmèt la fè dézè Kadès la tranblé.
- 9 Voua Granmèt la k-ap fè sèrf yo fè pitit pi vit, †
épi l-ap dézabiyé pié boua ki gin anpil fèy yo ; *
épi nan tanp li-a tout moun di : Gloua!
- 10 Granmèt la abité anlè délij la, *
Granmèt la ap chita kòm roua pou tout tan.
- 11 Granmèt la ap bay pèp li fòs;
Granmèt la ap béni pèp li-a nan lapè.

Réf. Adoré Granmèt la nan palè li-a ki sin-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 18 B (19 B)

Louanj Bondié, Granmèt laloua-a

Sé pou nou kòrèk nèt, tankou Papa nou ki nan sièl la li kòrèk nèt (Mt 5, 48).

- ⁸ Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm, *
témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay ti moun yo sajès.
- ⁹ Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan, *
kòmandman Granmèt la klè, li kléré jé yo.
- ¹⁰ Krint Granmèt la nèt, li diré pou sièk sièk la, *
jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm,
- ¹¹ yo mérité yo anvi yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri, *
yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé.
- ¹² Réyèlman sèvitè-ou la jouinn instruksion nan yo ; *
antan-l obsèvé yo, li jouinn anpil avantaj.
- ¹³ Ki moun ki kapab konprann fòt yo ? †
Pròté-m sot nan sa-k kaché yo, *

- 14 prézèvé sèvitè-ou la pou-l pa lévé tèt li,
 pou sa pa pran pié sou mouin.
 Lè sa-a m-a san tach, *
 m-a pròpté sot nan gran péché-a.
- 15 Sé pou paròl bouch mouin fè-ou plézi, *
 ni réfléksion kè-m dévan fas ou.
 Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, *
 ou k-ap rachté-m.

Psòm 7

Priyè moun kòrèk la k-ap souffri poutèt y-ap palé-l mal

Min jij la dévan pòt la li kanpé (Jk 5, 9).

I

- 2 Granmèt Bondié-m, nan ou mouin espéré ; *
 sové-m sot nan min tout moun k-ap pèsékité-m yo, délivré-m,
- 3 pou-l pa pran lavi-m tankou lion, *
 k-ap déchiré, san pa gin pèsonn pou sové.
- 4 Granmèt, Bondié mouin, si-m té fè bagay sa-a, *
 si gin krim sou min mouin yo,
- 5 si mouin té rinmèt mal bay zanmi-m, *
 épi mouin té pran tout byin ènmi-m antan-m lagé-l min vid,
- 6 sé pou ènmi rapousuiv nanm mouin, épi sé pou-l sézi-l, †
 épi sé pou-l foulé lavi-m atè-a, *
 épi gloua mouin, nan pousiè-a pou-l fè-l abité.
- 7 Lévé Granmèt nan kòlè-ou, *
 soulvé kont raj ènmi-m yo.
 Lévé Bondié mouin, *
 nan jijman-an ou té kòmandé-a.

- 8 Épi sé pou asanblé pèp yo antouré-ou, †
épi anlè li, nan rotè-a, rétownin : *
- 9 Granmèt la ap jijé pèp yo.
Jijé-m, Granmèt, dapré jistis mouin *
dapré inosans mouin ki nan mouin.
- 10 sé pou méchansté péchè yo boulé ; †
asiré sa-a ki kòrèk la, *
ou minm k-ap sondé kè ak rin, Bondié ki kòrèk.

II

- 11 Sékou-m kot Bondié, *
li minm ki sové moun ki douat nan kè yo.
- 12 Bondié jij kòrèk la, *
Fò-a, y-ap fè faché chak jou.
- 13 Èské li pap tounin filé épé-l, *
dirijé ark li épi préparé-l ?
- 14 épi l-ap préparé instriman lanmò, *
flèch li yo, l-ap fè yo flanm difé.
- 15 Min, li gin doulè tranché injistis, *
li ansint mové aksion, épi li anfanté méchansté ;
- 16 Fòs li té fouyé épi li té fè-l vîn fon-an, *
li té tonbé nan trou-a li té fè-a.
- 17 Mové aksion li-an ap rétownin sou tèt li, *
épi anlè pouint tèt li méchansté li-a ap désann.
- 18 M-ap fè déklarasion pou Granmèt la dapré jistis li, *
épi m-ap chanté non Granmèt anlè nèt la.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé moun. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Jé Granmèt la ap gadé nan diréksion pòv la.

Psòm 10 (11)

Granmèt la, konfians moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn satisfaksion (Mt 5, 6).

- ¹ Sé nan Granmèt la moun kaché kò-m; kòman nou fè di-m : *
« Sové kò-ou nan mòn nan tankou irondèl la » ?
- ² Sèké méchan yo gin tan drésé zam pou tiré flèch yo, †
yo ajisté flèch yo sou kòd la, *
pou yo tiré an kachèt sou moun ki gin kè yo douat.
- ³ Si fondasyon yo ffin démoli, *
sa pou moun ki kòrèk la fè ?

- 4 Granmèt la nan tanp li-a ki sin-an, *
 Granmèt la gin trôn li nan sièl la.
 Jé-l ap gadé sou pòv la,
 pòpiè-l ap pozé pitit moun yo késion.
- 5 Granmèt la ap pozé moun ki kòrèk la ak méchan-an késion ; *
 moun ki rinmin péché-a, li rayi nanm li.
- 6 L-ap fè chabon difé tonbé sou méchan yo ; *
 sé difé, souf ak van cho k-ap pòsion éritaj yo.
- 7 Sèké Granmèt la kòrèk, li rinmin jistis, *
 moun ki douat yo ap ouè fas li.

Réf. Jé Granmèt la ap gadé nan diréksion pòv la.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun yo ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Psòm 14 (15)

Kilès ki aksétab dévan Bondié ?

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- 1 Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
 Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- 2 Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
 k-ap palé vérité nan kè-l,
- 3 ki pa chèché tronpé ak lang li, †
 ki pa fè prochin-l méchansté, *
 ki pa fè prochin-l afron.
- 4 Li konsidé ré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
 min li fè louanj pou sa yo ki krinn Granmèt la.

5 Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †
li pa prété lajan-l ak intèrè, *
li pa aksépté kado sou do inosan.

Moun ki aji konsa, *
li pap souké pou tout tan.

Réf. Ala kontantman pou moun yo ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Réf. 3 Nan Pitit li-a, Bondié té chouazi nou kòm pitit adoptif li yo.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

3 Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki té béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

5 li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,

6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,

7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,

- dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nan Pitit li-a, Bondié té chouazi nou kòm pitit adoptif li yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la ap jijé pòv yo nan jistis.

Psòm 9 B (10)

Aksion-d-gras

Ala kontantman pou nou minm ki pòv, paské péyi-roua Bondié-a pou nou.
(Lk 6, 20).

I

¹ Pouki sa, Granmèt, ou kanpé byin louin, *

ou kaché lè pou-ou t-a parèt la, nan tray la ?

² Pandan méchan-an ap lévé tèt li, l-ap pèsékité pòv la ; *
yo pri nan pièj yo kalkilé-a.

↳

- 3 Sèké péchè-a ap lévé tèt li
nan anvi nanm li anvi-a, *
sa-k rinmin lajan-an ap fè konpliman pou tèt li.
- 4 Péchè-a méprizé Granmèt la nan arogans li-a : * 1
« Li pap mandé kont, pa gin Bondié ».
- 5 Sé sa ki tout lidé-l yo ; *
chémin-l yo réyisi nan tout moman.
jijman-ou yo trò ro dévan-l ; *
tout ènmi-l yo, li méprizé yo.
- 6 Li di nan kè-l: « Mouin pa gin doua tranblé, *
pou jénérasyon ak jénérasyon mouin pap nan malè ».
- 7 Bouch li plin ak madichon ak riz, ak manti, * 5
anba lang li sé tranzaksion ak méchansté.
- 8 Li posté nan kachèt pièj bò kay yo, *
an kachèt, li touyé inosan-an.
- 9 Jé-l yo sou maléré-a, yo rét kaché ap véyé ; * 3
Li fè anbiskad nan kachèt la, tankou yon lion nan trou ròch li.
Li fè anbiskad pou-l pran pòv ; *
li pran pòv la, pandan-l trinnin-l nan filè-l.
- 10 Li plouayé kò-l, li panché, épi maléré-a tonbé
nan fòs ponyèt li yo.
- 11 Li di nan kè-l : « Bondié bliyé, *
li viré fas li, pou-l pa ouè jouskalafin ».

Réf. Granmèt la ap jijé pòv yo nan jistis.

Réf. 2 Ou minm, Granmèt, ou konsidéré travay la ak soufrans la.

- 2 Sové-m, Granmèt, paské sin disparèt, *
paské fidèl yo diminué sot nan pitit moun yo.
- 3 Sé bagay ki pa vo anyin chak moun ap palé ak prochin-l ; *
sé ak bouch riz, ak dé kè y-ap palé.
- 4 Granmèt la ap gayé tout bouch riz *
ak lang grandizè.
- 5 K-ap di : « Ak lang nou nou jouinn konsidérasion, †
po bouch nou yo, sé pou nou yo yé ; *
ki moun ki mèt nou ? »
- 6 « Poutèt mizè pòv yo, poutèt plint maléré yo, †
koulié-a m-ap lévé, sé sa Granmèt la di ; *
m-ap instalé-l nan sovè-a, sa yo té gadé ak mépri-a.
- 7 Promès Granmèt la sé promès ki intak, *
lajan ki sondé nan difé, séparé sot nan tè,
nétouayé sèt foua.
- 8 Ou minm, Granmèt, ou-ap présèvé nou, ou-ap protéjé nou *
sot anba jénérasyon sa-a pou tout tan.
Toutalantou, méchan yo ap déplasé,
lè y-ap lévé dégradasion anlè pami pitit moun yo

Réf. Langaj Granmèt la sé langaj fidèl ; lajan nétouayé nan difé.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa-k inosan nan min yo épi ki pròp nan kè-a, l-ap monté sou mòn Granmèt la.

Lè psom ki suiv la yo anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 704.

Psòm 23 (24)**Granmèt la ap antré nan tanp la**

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.

- 5 Moun sa-a ap résévoua Bénédiksion nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- 6 Sa-a sé jénérasion moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Sa-k inosan nan min yo épi ki pròp nan kè-a, l-ap monté sou mòn Granmèt la.

Réf. 2 Lévé Roua sièk yo anlè nan travay nou yo.

Kantik

Tob 13, 2-8

Bondié k-ap korijé épi k-ap sovè

Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té réfè nou dapré gran mizérikòd li-a (1 Piè 1, 3).

- 2 Li béni, Bondié ki vivan pou tout tan, †
ak pou péyi roua li-a, *
sèké sé li minm ki pini, ki pran pitié,

ki kondui jous nan bafon yo anba †
 ki ramné sot nan déstriksion-an ak grandè-l, *
 pèsonn pa chapé nan min-l.

3 Fè déklarasion pou li, pitit Israèl yo, dévan nasion yo, †
 sèké li minm li té gayé nou nan yo, *
 4 épi la-a li montré grandè-l.

Lévé-l anlè dévan tout sa-k vivan, †
 paské sé Granmèt nou, épi li minm li sé papa nou, *
 li minm li sé Bondié nou pou tout sièk tan yo.

5 L-ap korijé nou pou péché nou yo, *
 min l-ap gin pitié pou nou tout,
 l-ap rasanblé nou sot nan tout nasion yo, *
 ninpòt koté nou té gayé-a.

6 Lè n-a tounin koté-l †
 ak tout kè ou épi ak tout nanm nou, *
 pou nou fè vérité dévan-l,
 lè sa-a l-ap rétonin koté nou, *
 li pap kaché fas li louin nou ankò.

Koulié-a gadé, sa-l té fè avèk nou, *
 fè déklarasion pou li ak tout bouch nou.
 Béni Granmèt jistis la, *
 lévé roua sièk yo anlè.

Mouin minm nan péyi koté-m égzilé-a, m-ap fè louanj li, *
 m-ap montré fòs li ak grandè-l bay nasion péchè yo.
 Konsa sé pou nou konvèti, péchè yo, †
 fè jistis dévan fas li. *

Sa-k konnin si-l rinmin nou
 épi l-ap fè mizérikòd pou nou ?

7 Mouin minm ak nanm mouin n-ap di kontantman roua sièl la, *
 épi nanm mouin ap kontan tout jou lavi-l.

- ⁸ Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, †
nou tout fè louanj grandè li. *
Òganizé jou kontantman, fè louanj pou li.

Réf. Lévé Roua sièk yo anlè nan travay nou yo.

Réf. 3 Sa k-ap maché douat yo, louanj la alé ak yo.

Psòm 32 (33)

Louanj pou Granmèt la k-ap voyé jé sou nou

Tout bagay té fèt palintèmédiè-l (Jan 1, 3).

- ¹ Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo ; *
louanj la alé ak moun ki douat yo.
- ² Fè déklarasion pou Granmèt la sou gita, *
sou instriman dis kòd la, chanté pou li.
- ³ Chanté yon kantik nouvo pou li, *
joué mizik byin pou li avèk gran bravo,
- ⁴ sèké paròl Granmèt la douat, *
tout aksion-l yo nan fidélimité.
- ⁵ Li rinmin jistis ak jijman ; *
mizérikòd Granmèt la plin tè-a.
- ⁶ Ak paròl Granmèt la sièl yo fèt, *
ak souf bouch li tout lamé yo.
- ⁷ Li ranmasé dlo lanmè-a tankou nan yon kalbas, *
bafon lanmè yo, li séré yo nan ja.
- ⁸ Sé pou tout tè-a respékté Granmèt la, *
dévan fas li sé pou tout moun sou tè-a tranblé.
- ⁹ Paské li minm li palé, épi bagay yo fèt, *

- li kòmandé, yo kréyé.
 10 Granmèt la gayé plan nasion yo, *
 li bloké kalkil pèp yo.
 11 Min plan Granmèt la rété pou tout tan, *
 kalkil kè-l pou jénérasyon ak jénérasyon.
 12 Ala kontantman pou nasion-an,
 ki gin Granmèt la pou Bondié-l, *
 pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.
 13 Antan-l nan sièl la Granmèt la voyé jé-l, *
 li ouè tout pitit moun yo.
 14 Antan-l nan koté li abité-a li voyé-jé-l *
 sou tout moun ki abité tè-a.
 15 li minm ki fòmé kè yo chak, *
 ki égzaminé tout travay yo.
 16 Roua-a pap sové gras a yon kantité lamé, *
 sòlda vanyan-an pap délivré gras a kantité fòs li.
 17 Sé pa vré choual ap sèvi pou sové, *
 ak kantité fòs li, li pap sové.
 18 Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo, *
 sou moun ki éspéré sou mizérikòd li-a,
 19 pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò, *
 pou-l ba yo manjé nan grangou.
 20 Nanm nou ap tann Granmèt la, *
 paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm ;
 21 paské nan li kè nou ap kontan, *
 épi nan non-l ki sin-an n-ap éspéré.
 22 Sé pou mizérikòd ou vîn sou nou, Granmèt, *
 tankou nou té éspéré sou ou.

Réf. Sa k-ap maché douat yo, louanj la alé ak yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 1-8

I (N Alèf)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo (1 Jn 5, 3).

- ¹ Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an, *
k-ap maché nan laloua Granmèt la.
- ² Ala kontantman pou moun yo ki kinbé témouagnaj li yo, *
k-ap chèché-l ak tout kè yo.
- ³ Yo pa fè péché réyèlman, *
nan chémin-l yo y-ap maché.

- 4 Ou té pasé lòd *
pou yo obsèvé kòmandman-ou yo.
- 5 Mouin souété pou chémin-m yo dirijé, *
pou-m kinbé désizion-ou yo !
- 6 Lè sa-a mouin pap ront, *
lè y-ap gadé nan tout kòmandman-m yo.
- 7 M-ap fè déklarasion pou ou nan kè ki douat, *
paské mouin aprann jijman-ou yo ki kòrèk yo.
- 8 M-ap kinbé désizion-ou yo, *
pa lagé-m nan okinn moman.

Psòm 12 (13)

Plint moun kòrèk la antan-l gin konfians nan Granmèt la

Sé pou Bondié éspérans la plin nou ak tout kè kontan (Rom 15, 13).

- 2 Jouskilè Granmèt, ou-ap bliyé-m pou jous lafin ? *
Jouskilè ou-ap viré fas ou louin mouin ?
- 3 Jouskilè ou-ap mété révdòt nan nanm mouin, †
doulè nan kè-m chak jou ? *
Jouskilè ènmi-m nan ap monté sou mouin ?
- 4 Gadé, kouté-m, Granmèt Bondié mouin. *
Kléré jé-m, pou-m pa dòmi nan lanmò,
- 5 pou ènmi-m pa di : †
« Mouin ranpòté viktoua sou li » ; *
pou sa yo k-ap pèsékité-m yo pa fété, si-m souké.
- 6 Kanta mouin minm sé nan mizérikòd ou-a mouin éspéré. †
Kè-m ap fété nan sovè ou sovè-m nan, *
m-ap chanté pou Granmèt la, ki fè-m jouinn byin yo.

Psòm 13 (14)

Foli méchan yo

Koté fot la minm té vîn anpil la, gras la té débòdé pi plis (Rom 5, 20).

- ¹ Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ». †
Yo pèvèti, yo rann aksion pèvèti ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon.
- ² Granmèt la antan-l nan sièl yo, ap obsèvé sou pitit moun yo, *
pou-l ouè si ginyin ki konprann oubyin k-ap chèché Bondié.
- ³ Yo tout yo rébèl ansanm, yo pa vo anyin ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon, pa minm yon sèl.
- ⁴ Èské yo pa konnin, tou sa k-ap fè méchansté yo, *
k-ap manjé pèp mouin-an tankou si y-ap manjé pin ?
- Granmèt la, yo pa rélé-l, †
- ⁵ koté sa-a y-ap tranblé byin tranblé, *
paské Bondié avèk jénérasion kòrèk la.
- ⁶ Plan pòv la nou fè-l ront, *
min Granmèt la sé éspérans li.
- ⁷ Kilès k-ap bay sovè Israèl la sot nan Siyon ? †
Lè Granmèt la ap ramné bann égzilé pèp li-a, *
Jakòb ap fété, Israèl ap kontan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té bay Kris li-a viktoua-a.

Psòm 19 (20)

Priyè pou roua-a ranpôté viktoua

Épi tout moun k-ap rélé non Granmèt la, l-ap sové (Tr Ap 2, 21).

- ² Sé pou Granmèt la réponn ou, jou tray la, *
sé pou non Bondié Jakòb la protéjé-ou.
- ³ Sé pou-l voyé sékou ba ou, antan-l nan kay sakré-l la, *
antan-l nan Siyon, sé pou-l soutni-ou.
- ⁴ Sé pou-l sonjé tout sakrifis ou-a, *
sakrifis antié-ou la, sé pou-l fè-l plézi.
- ⁵ Sé pou-l ba ou daprè kè ou, *
tou sa-ou désidé, sé pou-l réalizé-l.
- ⁶ Sé pou nou kontan nan sové ou sové nou-an, †
o non Bondié nou-an n-ap lévé drapo yo ; *
tou sa-ou mandé, sé pou Granmèt la réalizé yo.

- 7 Koulié-a mouin konnin : Granmèt la sovè sa-a li sakré-a : †
li réponn li nan sièl li ki sin-an, *
nan puisans sovè min douat li-a.
- 8 Sa yo sé machîn ak choul, *
min nou minm sé non Bondié Granmèt nou-an n-ap rélé.
- 9 Yo minm yo plouayé, yo tonbé, *
min nou minm nou levé, nou rét kanpé fèm.
- 10 Granmèt, sovè roua-a, *
réponn nou, jou n-ap rélé-ou la.

Réf. Granmèt la té bay Kris li-a viktoua-a.

Réf. 2 N-ap chanté épi n-ap joué psòm pou puisans ou yo.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisité, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
(S. Iréné).

- 2 Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
sou sovè ou sovè nou-an l-ap fété anpil.
- 3 Ou ba li sa kè-l té anvè-a, *
ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- 4 Ou pran dévan-l nan bénédikcion dousè-a ; *
ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- 5 Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- 6 Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *
ou mété grandè ak bèlté sou li ;

⁷ paské ou fè-l sèvi bédiksyon pou sièk sièk la, *
ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.

⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
nan mizérikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.

[9 - 13]

¹⁴ Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. N-ap chanté épi n-ap joué psòm pou puisans ou yo.

Réf. 3 Granmèt, ou té fè nou roua ak prèt pou Bondié nou-an.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay, *
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.

^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, †
épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion

¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.

¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
pou-l résévoua puisans, richès, sajès, *
fòs, onè, gloua ak bédiksyon.

Réf. Grammèt, ou té fè nou roua ak prèt pou Bondié nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin.

Psòm 17 (18), 2-30

Aksion-d-gras pou sovè-a ak viktoua-a

Nan lè sa-a, vîn gin yon gran tranbléman-tè (Ap 11, 13).

I

² Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin. *

³ Granmèt, kay défans mouin kachèt mouin, ak libératè-m nan ;

- Bondié mouin, sékou-m m-ap éspéré nan li ; *
 protéktè-m, kòn k-ap sové-m,
 li minm k-ap soutni-m.
- 4 M-ap rélé Granmèt la ki mérité louanj la, *
 l-ap sové-m sot nan min énmí-m yo.
- 5 Lanm dlo lanmò yo té vlopé-m, *
 épi ravîn Bérial yo té troublé-m ;
- 6 kòd lanfè yo té entouré-m, *
 filè lanmò yo té sènin-m.
- 7 Nan tribilasyon mouin-an, mouin té rélé Granmèt la, *
 mouin té rélé kot Bondié-m nan ;
 li té kouté voua-m, antan-l nan tanp li-a, *
 rèl mouin té rivé dévan fas li, nan zòrèy li.

Réf. Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin.

Réf. 2 Granmèt la té sové-m paské li té rinmin-m.

II

- 8 Tè-a té sézi, li té tranblé ; †
 fondasyon mòn yo té frissonnin, yo té sézi, *
 paské li té an kòlè.
- 9 Lafimin té monté sot nan nin-l, †
 difé sot nan bouch li ap dévoré ; *
 chabon difé té limin sot nan li.
- 10 Li té panché sièl yo épi li té désann, *
 épi yon nuaj noua anba pié-l yo.

- 11 Li té monté sou yon chéribin, épi li té volé, *
li t-ap plané sou zèl van yo.
- 12 Li té instalé fènoua-a kòm kachèt li, †
toutalantou-l tankou tant li, *
dlo fènoua, nuaj yo ki anlè yo.
- 13 Akòz klèté dévan-l nan,
nuaj yo té travèsé, *
lagrèl ak chabon difé.
- 14 Granmèt la té grondé sot nan sièl la, †
Sa-k anro nèt la té fè tandé voua-l : *
lagrèl ak chabon difé.
- 15 Li té voyé flèch li yo épi li té gayé yo, *
li té jété zèklè épi li té troublé yo.
- 16 Sous dlo yo té parèt, *
épi fondasion fas tè yo té dévoualé
dévan ménas ou, Granmèt, *
dévan souf van kòlè-ou la.
- 17 Li té voyé antan-l anro-a, li té pran-m, *
li té rétiré-m sot nan gran dlo yo ;
- 18 li té délivré-m sot nan min ènmi-m yo ki gin anpil fòs, †
ak nan min sa-k rayi-m yo, *
paské yo pi fò pasé-m.
- 19 Yo té fonsé sou mouin jou malè-m nan, *
min Granmèt la té sèvi yon apui pou mouin ;
- 20 li té fè-m soti nan éspas laj, *
li té sové-m paské li té rinmin-m.

Réf. Granmèt la té sové-m paské li té rinmin-m.

Réf. 3 Ou minm, Granmèt, limin lanp mouin-an ; ou-ap kléré fènoua mouin yo.

III

- 21 Granmèt la ap rékonpansé-m
dapré jistis mouin, *
dapré pròpté min-m
l-ap rinmèt mouin.
- 22 sèké mouin kinbé chémin Granmèt la, *
épi mouin pa fè péché sot kot Bondié-m nan.
- 23 Paské tout jijman-l yo dévan-m, *
épi désizion-l yo, mouin pa viré yo sot koté-m ;
- 24 mouin rét intak avèk li, *
épi mouin kinbé tèt mouin louin méchansté-a.
- 25 Granmèt la rinmèt mouin dapré jistis mouin, *
dapré pròpté min-m dévan jé-l yo.
- 26 Avèk sin-an ou-ap sin *
épi avèk moun inosan-an ou-ap inosan
- 27 avèk sa-k nèt la ou-ap nèt *
min ak moun ki pèvèti-a ou-ap gin ladrès.
- 28 Paské pèp pòv la, ou minm minm ou-ap sovè-l, *
épi jé moun yo k-ap fè grandizè yo, ou-ap rabésé yo.
- 29 Paské ou minm minm ou-ap kléré lanp mouin-an, Granmèt ; *
Bondié mouin kléré fènoua mouin yo.
- 30 Paské nan ou m-ap kouri sou bann ènmi yo, *
épi nan Bondié-m nan m-ap travèsé miray la.

Réf. Ou minm, Granmèt, limin lanp mouin-an ; ou-ap kléré fènoua mouin yo.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié, nan limiè-ou n-ap ouè limiè.

Psòm 35 (36)

Méchansté péchè-a, bonté Granmèt la

Moun k-ap suiv mouin, li pap maché nan fènoua, min l-ap gin limiè lavi-a (Jn 8, 12).

- ² Méchansté-a palé tou ba ak péchè-a nan mitan kè-l ; *
pa gin krint Bondié dévan jé-l yo.
- ³ Paské l-ap flaté pròp tèt li nan fas li, *
pou-l pa jouinn péché-l la épi pou-l pa rayi-l.
- ⁴ Paròl bouch li sé méchansté ak manti, *
li pa vlé konpran pou-l aji byin.
- ⁵ L-ap kalkilé méchansté sou kabann li, †
li kanpé nan tout chémin ki pa bon, *
sa-k mal la minm, li pa rayi-l.

- 6 Granmèt, mizèrikòd ou nan sièl la, *
vérité-ou jous nan nuaj yo ;
- 7 jistis ou tankou mòn Bondié yo, †
jijman-ou yo sé anpil bafon : *
ni moun yo ni bèt chaj yo, ou-ap sovè yo, Granmèt.
- 8 Ala valè mizèrikòd ou-a ginyin, Bondié ! *
Pitit moun yo ap éspéré anba protéksion zèl ou yo ;
- 9 Y-ap plin ak richès kay ou, *
nan riviè plézi-ou, ou-ap fè yo bouè.
- 10 Paské koté-ou sé sous lavi, *
nan limiè-ou nou ouè limiè.
- 11 Lonjé mizèrikòd ou pou moun ki konnin-ou yo *
ak jistis ou-a pou sa yo ki gin kè yo douat yo.
- 12 Sé pa pou pié ògèyé-a rivé koté-m, *
sé pa pou min péchè-a souké-m.
- 13 Y-ap tonbé la, sa yo k-ap fè méchansté-a, *
yo chasé yo, yo pa kapab rété.

Réf. Bondié, nan limiè-ou n-ap ouè limiè.

Réf. 2 Granmèt, ou gran, ou ékstraòdinè nan fòs ou.

Kantik

Jdt 16, 1-2. 13-15

Granmèt la, ki kréyé tè-a, ap protéjé pèp li-a

Y-ap chanté yon kantik nouvo (Ap 5, 9).

- 1 Bay signal chanté pou Bondié-m nan sou tanbou yo, *
chanté pou Bondié-m nan ak sinbal yo,
joué mélodi yon kantik nouvo pou li, *

- lévé non-l anlè, rélé non-l.
- ² Ou sé Bondié k-ap krazé lagè yo, †
ki pozé kanpman nan mitan pèp ou-a, *
pou délivré-m sot nan min sa k-ap pèsékité-m yo.
- ¹³ M-ap chanté yon kantik nouvo pou Bondié-m nan : †
Granmèt, ou gran, ou briyé, *
ou ékstraòdinè nan fòs ou, yo pa kapab dépasé-ou.
- ¹⁴ Tou sa-ou kréyé, sé pou yo sèvi-ou, *
paské ou té palé épi yo té fèt,
ou té voyé léspri-ou, épi yo té kréyé, *
anyin pa kapab rézisté voua-ou.
- ¹⁵ Mòn yo réyèlman ap tranblé sou fondasion yo,
ansanm ak dlo yo, *
ròch yo minm ap fonn tankou lasi dévan fas ou.
Min pou moun ki respékté-ou yo, *
jous koulié-a ou-ap gin pitié.

Réf. Granmèt, ou gran, ou ékstraòdinè nan fòs ou.

Réf. 3 Pousé rèl kontantman pou Bondié nan voua k-ap fété.

Psòm 46 (47)

Granmèt la roua tout bagay

Li chita adouat Papa-a, é li va roua pou tout tan.

- ² Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo, *
fè louanj pou Bondié avèk rèl chanté fèt,
- ³ paské Granmèt la ki anro nèt la, li térib, *
roua ki gran anlè tout tè-a.

- 4 Li mété pèp yo anba lòd nou *
ak nasion yo anba pié nou.
- 5 Li chouazi éritaj nou pou nou, *
gloua Jakòb la, sa-a li rinmin-an.
- 6 Bondié monté nan gran rèl fèt, *
Granmèt la monté nan son kléron.
- 7 Fè louanj pou Bondié, fè louanj ; *
fè louanj pou roua nou-an, fè louanj.
- 8 Paské Bondié sé roua tout tè-a, *
fè louanj avèk sajès.
- 9 Bondié roua sou nasion yo, *
Bondié chita sou trôn li ki sin-an.
- 10 Chèf pèp yo rasanblé *
ansanm ak pèp Bondié Abraam nan,
paské boukliyé tè-a, sé pou Bondié yo yé : *
li lévé byin ro.

Réf. Pousé rèl kontantman pou Bondié nan voua k-ap fété.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 9-16

II (𐤀 Bèt)

- ⁹ Kòman pou yon jénòm kapab nèt nan chémin-l ? *
- Antan-l kinbé paròl ou yo.
- ¹⁰ Ak tout kè-m mouin té chèché-ou, *
- pa kité-m pèdi rout louin kòmandman-ou yo.
- ¹¹ Nan kè-m mouin kaché promès ou yo, *
- pou-m pa fè péché kont ou.
- ¹² Ou béni, Granmèt ; *
- aprann mouin désizion-ou yo.
- ¹³ Nan po-bouch mouin yo *
- mouin détayé tout jijman bouch ou yo.
- ¹⁴ Nan rout témouagnaj ou yo mouin jouinn plézi-m, *
- tankou nan tout kalité richès.
- ¹⁵ Nan kòmandman-ou yo m-ap médité, *
- m-ap obsèvé chémin-ou yo.
- ¹⁶ Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m, *
- mouin pa bliyé paròl ou-a.

Psòm 16 (17)

Granmèt, sovè-m anba méchan yo

Nan jou li té pasé nan chè-a... antan-l ofri priyè épi li té ékzosé (Ébr 5, 7).

I

- 1 Kouté jistis mouin, Granmèt, *
panché sou priyè-m.
Paré zòrèy ou nan priyè-m, *
- 2 ki pa sot nan bouch manti.
Sé pou jijman-m nan soti nan fas ou ; *
- 3 sé pou jé-ou ouè sa ki douat yo.
Sondé kè-m, vizité-m nan nuit ; †
- 4 éséyé-m avèk difé, *
ou pap jouinn méchansté nan mouin.
Bouch mouin pa pasé akoté, nan aksion moun, *
- 5 poutèt paròl bouch ou
mouin kinbé tèt mouin louin chémin sa k-ap fè violans yo.
Kinbé plant pié-m nan santié-ou yo, *
- 6 pou démach mouin pa tranblé.
Mouin minm sé koté-ou mouin rélé, paské ou kouté-m, Bondié ; *
- 7 panché zòrèy ou sou mouin, kouté paròl mouin yo.
Fè mèvèy mizérikòd ou yo parèt, *
- 8 ou minm ki sovè moun ki éspéré nan ou yo anba sa k-ap ataké yo,
nan min douat ou.
Protéjé-m tankou grinn jé, †
- 9 anba lonbraj zèl ou, protéjé-m *
sot nan fas méchan yo, yo minm k-ap pèsékité-m nan.

II

- 10 Ènmi-m yo ap fè vironn mouin nan kòlè, †
 yo fèmin nan gra yo gra-a ; *
 bouch yo ap palé avèk arogans.
- 11 Y-ap avansé koulié-a, y-ap antouré-m, *
 yo désidé jé yo pou yo blayi moun nan tè-a.
- 12 Yo sanblé ak lion ki paré pou dévoré sa-l pran, *
 épi ak pitit lion ki instalé nan kachèt yo.
- 13 Kanpé Granmèt, pran dévan fas li, chiré-l ; *
 raché nanm mouin sot nan min méchan-an, avèk épé ou,
- 14 sot nan mitan mò yo ak min-ou, Granmèt, *
 sot nan mitan mò yo, sa yo ki manké pòsion lavi yo-a.
 Ak rézèv ou yo ki kaché ou plin vant yo, *
 yo gin kont pitit,
 yo kité rèss yo pou désandans yo.
- 15 Kanta mouin minm, nan jistis m-ap ouè fas ou, *
 lè m-ap révéyé, m-ap satisfè dévan fas ou.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyé final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé moun. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la sé li ki kléré-m épi ki sové-m, kilès pou-m t-a pè ? †

Psòm 26 (27)**Konfians nan danjé yo****I**

Min tant Bondié-a avèk moun yo (Ap 21, 3).

- ¹ Granmèt la sé klété-m, sé sa-k sové-m nan, *
kilès pou-m pè ?
† Granmèt la sé protéksion lavi-m, *
dévan kilès pou-m tranblé ?
- ² Lè moun k-ap chèche fè-m ditò yo proche sou moun, *
pou yo manjé chè-m ;
sa yo k-ap fè-m passé tray la ak ènmi-m yo, *
sé yo minm ki fébli, épi ki tonbé.
- ³ Si lamé kanpé anfas moun, *
kè-m pa gin doua pè ;

si batay lèvé kont mouin,
sé nan sa mouin minm m-ap espéré.

- 4 Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché : *
abité kay Granmèt la tout tan lavi-m,
pou-m ouè dousè Granmèt la, *
pou-m vizité tanp li-a.
- 5 Sèké l-ap kaché-m nan tant li, *
nan jou malè yo.
L-ap kaché-m nan kachèt tant li, *
nan ròch la l-ap lèvé-m.
- 6 Koulié-a minm, tèt mouin levé *
anro ènmi-m yo ki antouré-m yo.
M-ap ofri sakrifis nan tant li-a, sakrifis louanj, *
m-ap chanté, m-ap joué mizik pou Granmèt la.

Réf. Granmèt la sé li ki kléré-m épi ki sové-m, kilès pou-m t-a pè ?

Réf. 2 Sé fas ou-a, Granmèt, m-ap chèché : pa viré fas ou sot sou mouin.

II

Gin kèk ki lèvé antan y-ap bay fo-témouagnaj kont Jézu (Mk 14, 57)

- 7 Granmèt, kouté voua-m k-ap rélé, *
pitié pou mouin, kouté-m.
- 8 Sé sou ou kè-m té di : †
« Chèché fas mouin ». *
Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.

- 9 Pa viré fas ou louin-m, *
 pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè.
 Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m, *
 pa abandoné-m, Bondié sovè-m.
- 10 Sèké papa-m ak manman-m lagé-m, *
 Granmèt la minm résévoua-m.
- 11 Montré-m chémin-ou nan, Granmèt, *
 dirijé-m nan santié douat la poutèt ènmi-m yo.
- 12 Pa rinmèt mouin nan pouvoua bouro-m yo ; †
 paské témouin-manti levé kont mouin; *
 sé fè britalité y-ap respiré.
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la *
 nan péyi vivan yo.
- 14 Tann Granmèt la, aji avèk kouraj, *
 asiré kè-ou, sé pou-ou tann Granmèt la.

Réf. Sé fas ou-a, Granmèt, m-ap chèché : pa viré fas ou sot sou mouin.

Réf. 3 Li minm li sé prémié pitit nan tout créatu, nan tout bagay sé prémié plas li ginyin.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
 ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mési, *
 li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
 nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *

- ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
 padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
 sé prémié pitit anvan tou créatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
 nan sièl yo ak sou tè-a, *
 sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
 soua trôn, soua pouvoua yo, *
 soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
 17 li minm li anvan tout bagay,
 tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
 li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
 pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
 fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
 antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
 ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Li minm li sé prémié pitit nan tout créatu, nan tout bagay sé prémié plas li ginyin.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Paròl Granmèt la sé yon boukliyé li yé, pou tout moun ki espéré nan li yo.

Psòm 17 (18), 31-51

Aksion-d-gras

Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? (Rom 8, 31).

IV

³¹ Bondié, rout li san tach, †
paròl Granmèt la sondé nan difé ; *
li protéjé tout moun ki espéré nan li yo.

- 32 Paské kilès ki Bondié andéyò Granmèt la ? *
- Oubyin kilès ki miray-défans, éksépté Bondié nou-an ?
- 33 Bondié ki té maré rin-m ak fòs la, *
- épi ki té mété chémin-m san répròch la ;
- 34 ki té ranjé pié-m tankou pa sèrf yo *
- épi ki té instalé-m sou rotè yo ;
- 35 ki drésé min-m pou batay, *
- épi bra-m pou plouayé ark ki fèt ak bronz la.

Réf. Paròl Granmèt la sé yon boukliyé li yé, pou tout moun ki espéré nan li yo.

Réf. 2 Min douat ou, Granmèt, té soutni-m.

V

- 36 Ou té ban-m boukliyé sové-ou la, †
- épi min douat ou té soutni-m, *
- kouté ou kouté-a, sa grandi-m.
- 37 Ou té laji démach mouin anba pié-m, *
- épi plat pié-m pa tranblé.
- 38 M-ap rapousuiv ènmi-m yo, épi m-ap sézi yo, *
- mouin pap tounin joutan yo détrui.
- 39 M-ap frapé yo, yo pap kapab kanpé, *
- y-ap tonbé anba pié-m yo.
- 40 Ou té maré rin-m ak fòs pou batay la, *
- ou té fè ènmi-m yo plouayé anba-m.
- 41 Ènmi-m yo, ou té fè yo ban-m do, *
- épi sa-k rayi-m yo, ou té gayé yo.
- 42 Yo té rélé, pa-t gin pèsonn pou sové yo, *

- kot Granmèt la, épi li pa réponn yo.
- 43 Mouin té krazé yo tankou pousiè dévan fas van, *
tankou labou nan lari, mouin foulé yo.
- 44 Ou délivré-m anba sa pèp la t-ap di kont mouin yo, *
ou mété-m kòm tèt nasion yo.
- Yon pèp mouin pa-t konnin t-ap sèvi-m, *
- 45 kon zòrèy tandé yo té kouté-m.
- Pitit étranjé yo té flaté-m, †
- 46 pitit étranjé yo dépéri, *
épi y-ap tranblé sot nan kachèt yo.

Réf. Min douat ou, Granmèt, té soutni-m.

Réf. 3 Sé pou Granmèt la viv, sé pou yo lévé Bondié Sovè mouin-an anlè.

VI

- 47 Viv Granmèt la, épi li béni, Sa-a k-ap poté-m sékou-a, *
sé pou yo lévé Bondié Sovè mouin-an anlè.
- 48 Bondié-a ki ban-m vanjans la, †
épi li plouayé pèp yo anba-m, *
ou minm ki delivré-m anba ènmi-m yo ki an kòlè ;
- 49 anba sa-k drésé kont mouin yo, ou lévé-m, *
anba moun violans la ou dégajé-m.
- 50 Sé poua m-ap fè déklarasion pou ou nan nasion ou, Granmèt, *
o non-ou m-ap chanté kantik,
- 51 antan l-ap fè roua-l la ranpòté gran viktoua, †
antan-l fè mizérikòd pou Kris li-a, *
David ak désandans li pou tout tan.

Réf. Sé pou Granmèt la viv, sé pou yo lévé Bondié Sovè mouin-an anlè.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé, mandolîn ak gita; m-ap révéyé dévanjou-a.

Psòm 56 (57)

Priyè granmatin nan mové trétman

Sé soufrans Granmèt la psòm sa-a ap chanté (S. Ogustin).

- ² Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin, *
paské sé nan ou nanm mouin kaché ;
anba lonbraj zèl ou mouin chèché kachèt, *
joustan malè-a pasé.

- 3 Mouin rélé kot Bondié ki Anro nèt la, *
Bondié ki fè-m dibyin-an.
- 4 Sé pou-l voyé sot nan sièl la, pou-l délivré-m ; †
sé pou-l fè sa k-ap krazé-m yo ront. *
Sé pou Bondié voyé mizérikòd li ak vérité-l.
- 5 Nanm mouin kouché nan mitan pitit lion yo *
y-ap dévoré pitit moun yo.
Dan yo sé zam ak flèch, *
lang yo sé épé byin filé.
- 6 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.
- 7 Yo té ranjé pièj pou lè m-ap pasé, *
nanm mouin té répliyé sou li ;
Yo té fouyé yon fos dévan fas mouin, *
sé yo ki té tonbé ladan-l.
- 8 Kè-m paré, Bondié, †
kè-m paré ; *
- 9 m-ap chanté, épi m-ap joué mizik.
Lévé, gloua mouin, †
lévé, mandolîn ak bandjo, *
m-ap révéyé dévan jou-a.
- 10 M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
m-ap joué mizik pou ou nan nasion yo,
- 11 paské ou gran, mizérikòd ou rivé jous nan sièl yo, *
fidélité-ou rivé jous nan nuaj yo.
- 12 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.

Réf. Lévé, mandolîn ak gita; m-ap révéyé dévanjou-a.

Réf. 2 Pèp mouin-an, sé sa Granmèt la di, l-ap plin ak byin-m yo.

Kantik

Jér 31, 10-14

Kontantman pèp la ki délivré-a

Jézu té gin pou-l té mouri... pou pitit Bondié yo, ki té gayé yo, pou yo té kapab rasanblé fè yon sèl (Jan 11, 51. 52).

- ¹⁰ Kouté paròl Granmèt la, nasion yo, *
 anonsé sa nan zilé yo ki louin yo, épi di :
 « Sa-a ki té gayé Israèl la, l-ap rasanblé-l, *
 l-ap véyé sou li tankou yon gadyin fè pou bann mouton-l ».
- ¹¹ Sèké Granmèt la rachté Jakòb, *
 li délivré-l sot nan min sa-k pi fò.
- ¹² Y-ap rivé, y-ap fè louanj sou mòn Siyon, *
 y-ap vîn ansanm nan byin Granmèt yo,
 sou blé ak divin ak luil, *
 sou ti mouton ak bèf ;
 nanm yo ap tankou jadin ki rouzé, *
 yo pap rékòmansé grangou ankò.
- ¹³ Lè sa-a vièj la ap kontan nan dans la, *
 ni jèn jan ni granmoun ansanm.
 « M-ap fè dèy yo-a vîn tounin kè kontan, *
 m-ap konsolé yo, m-ap fè réjoui nan plas souffrans yo-a.
- ¹⁴ M-ap plin nanm prèt yo ak grès, *
 épi pèp mouin-an ap plin ak byin-m yo ».

Réf. Pèp mouin-an, sé sa Granmèt la di, l-ap plin ak byin-m yo.

Réf. 3 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, nan vil Bondié nou an. †

Pòm 47 (48)

Aksion-d-gras pou sové pèp la sové-a

Li soulvé-m nan éspri anlè yon mòn ki gran... li montré-m vil sin-an Jérusalèm (Ap 21, 10).

- 2 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj *
nan vil Bondié nou-an.
- 3 † Mòn li-a sin, ti mòn li-a bèl, *
kontantman tout tè-a.
- Mòn Siyon-an, nan bout réjion nò-a, *
vil gran roua-a.
- 4 Bondié nan kay li yo, yo konnin-l byin, *
li vîn tounin kachèt.
- 5 Sèké min roua yo rasanblé, *
yo fè konplo ansanm.
- 6 Kon yo ouè, yo sézi, *
yo troublé, yo pran lafuit ;
- 7 la-a, tranbléman pran yo, *
doulè tankou doulè fi k-ap akouché.
- 8 Nan van olévan *
ou krazé batiman Tarsis yo.
- 9 Jan nou té tandé-a, sé konsa nou ouè
nan vil Granmèt lamé yo, †
nan vil Bondié nou-an ; *
- 10 N-ap kalkilé mizérikòd ou-a, Bondié, *
nan mitan tanp ou-a.
- 11 Dapré non-ou, Bondié, †

- konsa louanj ou jous nan bout tè-a ; *
- jistis ou plin min douat ou.
- ¹² Mòn Siyon-an ap kontan, †
piti fi Juda yo ap fété, *
poutèt jijman-ou yo.
- ¹³ Fè ronn Siyon, épi fè tout tou-l, *
konté sitadèl li yo.
- ¹⁴ Mété kè nou nan fòs li, †
égzaminé palè-l yo, *
pou nou rakonté bay jénérasyon k-ap vini-an.
- ¹⁵ Paské sa-a, sé Bondié, Bondié nou-an †
pou tout tan épi pou sièk sièk la ; *
li minm l-ap kondui nou nan sièk yo.

Réf. Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, nan vil Bondié nou an. †

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 17-24

III (λ Gimèl)

- 17 Fè sèvitè-ou dibyin, épi m-a viv, *
m-a kinbé paròl ou-a.
- 18 Dévoualé jé-m yo, *
m-a konsidéré mèvèy nan laloua-ou la.
- 19 Sé étranjé mouin yé sou tè-a, *
pa kaché kòmandman-ou yo ban mouin.
- 20 Nanm mouin ap dépéri tèlman mouin anvi jijman-ou yo, *
pandan tout tan.
- 21 Ou réproché ògèyé yo ; *
yo madichonnin, sa-k kité kòmandman-ou yo.
- 22 Ouété laront ak mépri sot sou mouin, *
paské mouin obsèvé témouagnaj ou yo.
- 23 Minm si chèf yo chita, y-ap palé kont mouin, *
sèvitè-ou la minm ap réfléchi sou désizion-ou yo.
- 24 Sèké témouagnaj ou yo sé plézi-m, *
désizion-ou yo sé konsèy mouin.

Psòm 24 (25)

Siplikasion pou padon-an ak sové-a

Éspérans la pa fè ront (Rom 5, 5).

I

- 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin, * ⋈
- 2 Bondié mouin, nan ou mouin mét konfians mouin : ⊔

mouin pap ront.

- 3 Pa kitè ènmi-m yo fè fèt sou mouin, *
 réyèlman tout moun ki konté sou ou, yo pap jouinn désépsion. א
 Sa k-ap pran désépsion yo sé sa k-ap aji san fidélimité yo *
 poutèt bagay san konsistans.
- 4 Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo, * ט
 santié-ou yo, aprann mouin yo.
- 5 Dirijé-m nan vérité-ou la, ban-m léson, † ה
 paské ou sé Bondié sovè mouin, *
 sé ou minm m-ap tann tout lajounin.
- 6 Sonjé bon kè-ou yo, Granmèt, * ז
 ak mizérikòd ou yo, paské dépi sièk yo égzisté.
- 7 Fòt jèn laj mouin yo, épi péché-m yo, pa sonjé yo ; † ח
 dapré mizérikòd ou, sonjé-m, *
 poutèt bon kè-ou, Granmèt.
- 8 Granmèt la bon, li kòrèk, * ט
 poutèt sa, li aprann péchè yo chémin-l ;
- 9 l-ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an, * י
 l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo.
- 10 Tout chémin Granmèt la sé mizérikòd ak vérité * כ
 pou moun ki obsèvé téstaman-l
 nan ak témouagnaj li yo.
- 11 Poutèt non-ou, Granmèt, ל
 ou-ap padonnin péché-m nan : *
 sèké li anpil.

II

- 12 Kilès moun sa-a, ki krinn Granmèt la ? * ז
 L-ap aprann li chémin-an, pou-l chouazi-a.

- 13 Nanm li ap rété nan byin yo, * 1
épi désandans li ap éritié tè-a.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo, * 2
pou-l montré yo téstaman-l nan.
- 15 Jé-m tout tan kot Granmèt la, * 3
paské li minm li dégajé pié-m yo sot nan pièj la.
- 16 Voyé jé sou mouin, pran pitié pou mouin, * 4
paské mouin pou kont mouin, mouin pòv.
- 17 Louvri pòt kè-m ki fèmin * 5
déga-jé-m sot nan malè mouin yo.
- 18 Gadé rabésman-m ak fatig mouin, *
padonnin tout fot mouin yo.
- 19 Gadé ènmi-m yo, paské yo vîn anpil, * 6
épi avèk rayisans méchan yo rayi-m.
- 20 Protéjé nanm mouin, déga-jé-m ; * 7
mouin pap ront, paské mouin éspéré sou ou.
- 21 Sé pou-m san fot, sé pou-m douat pou-m jouinn protéksion, * 8
paské mouin konté sou ou.
- 22 Libéré Israèl, Bondié, * 9
anba tout tribilasion-l yo.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Lékto kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin té rélé koté-ou, ou té géri-m, Granmèt ; pou tout tan m-ap fè louanj ou.

Psòm 29 (30)**Aksion-d-gras poutèt délivrans anba lanmò-a**

Kris la, apré réziréksion nan gloua-a, li di Papa-a mèsi (Kasiodòr).

- ² M-ap lévé-ou anlè, Granmèt, paské ou té délivré-m, *
ni ou pa-t kité ènmi-m yo pran plézi yo sou mouin.
- ³ Granmèt, Bondié mouin, mouin té plinn koté-ou, *
épi ou té géri-m.
- ⁴ Granmèt, ou té ouété lavi-m sot anba tè-a, *
ou té fè-m viv, pou-m pa désann nan fòs la.
- ⁵ Chanté pou Granmèt la, sin-l yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin.
- ⁶ Sèké pou yon moman kòlè-l rivé, *
min sé pou lavi volonté-l diré.
Nan asouè gin dlo nan jé, *
nan matin sé kè kontan.

- 7 Mouin minm minm mouin t-ap di nan asirans mouin-an :
« Mouin pap janm tranblé ».
- 8 Granmèt, nan volonté-ou, *
ou té bay garanti fòs pou bèlté mouin-an ;
ou té kaché fas ou louin-m, *
mouin vîn boulvèsé.
- 9 Koté-ou, Granmèt, mouin rélé, *
épi kot Bondié-m nan mouin mandé épagné-m.
- 10 Sa ou-ap jouinn nan san-m, *
lè-m désann nan fòs la ?
Èské pou siè-a ap fè déklarasion pou ou ?
Èské l-ap anonsé vérité-ou la ?
- 11 Kouté, Granmèt, pran pitié pou mouin, *
Granmèt, sé ou k-ap poté-m sékou.
- 12 Ou té chanjé plint mouin-an nan chanté dans, *
ou chiré rad sak mouin-an, ou abiyé-m ak kè kontan,
- 13 pou-m chanté pou ou gloua mouin san rété, *
Granmèt Bondié-m, pou tout tan m-ap fè déklarasion pou ou.

Réf. Mouin té rélé koté-ou, ou té géri-m, Granmèt ; pou tout tan m-ap fè louanj ou.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun nan, Granmèt la pa-t fè-l poté chaj péché-l fè-a.

Psòm 31 (32)

Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li

David di kijan moun sa-a gin kontantman, sa Bondié résévoua-a, li ba-l jistis la san travay yo (Rom 4, 6).

- 1 Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li, *
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la, *
ki pa gin riz nan lès-pri-l la.
- 3 Poutèt mouin té pé bouch mouin, zo-m t-ap viéyi, *
pandan mouin t-ap rélé tout lajounin.
- 4 Sèké lajounin kon lannuit min-ou té lou sou mouin, *
fòs mouin chanjé nan chalè tan cho-a.
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan, *
mouin pa kaché fot mouin-an.
Mouin di : « M-ap déklaré fot mouin-an dévan Granmèt la ». *
Ou minm ou padonnin fot péché-m nan.
- 6 Poutèt sa tout sin ap priyé ou *
nan tan favorab la. *
Épi nan délij anpil dlo yo *
yo pap proche koté-l.
- 7 Ou sé kachèt mouin, ou-ap protéjé-m sot nan tray la ; *
ou-ap vlopé-m ak fèt sovè ou sovè-m nan.
- 8 M-ap ba-ou intèlijans
épi m-ap aprann ou nan ki rout pou-ou maché ; *
m-ap fiksé jé-m sou ou.
- 9 Pa vîn tounin tankou choual ak milèt, *
ki pa gin intèlijans ;
avèk brid épi mò si-ou avansé pou-ou kinbé yo, *
yo pap proche koté-ou.
- 10 Anpil doule pou péchè-a, *
sa-k espéré nan Granmèt la nan mizérikòd li vlopé-l.
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk. *
Lévè tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat.

Réf. Ala kontantman pou moun nan, Granmèt la pa-t fè-l poté chaj péché-l fè-a.

Réf. 3 Granmèt la té ba-l pouvoua, konsidérasion, péyi-roua ; sé pou tout pèp yo sèvi li.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

11,17 N-ap di ou mèsì, *

Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,

sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *

paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.

18 Nasion yo té fè kòlè, *

épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,

pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,

profèt yo, ak sin yo, *

ak sa-k réspékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.

12,10 Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *

ak otorité Kris li-a,

paské yo jété akizatè frè nou yo, *

li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an

lajounin kon lannuit la.

11 Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *

épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;

yo bliyé tèt yo jous yo mouri.

12 Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *

ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Granmèt la té ba-l pouvoua, konsidérasion, péyi-roua ; sé pou tout pèp yo sèvi li.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé, Granmèt, pou poté-m sékou.

Psòm 34 (35), 1-2. 3 c. 9-19. 22-23. 27-28

Granmèt la sovè nan pèsékision

Yo té rasanblé... épi yo té fê konplo pou yo té kinbé Jézu nan riz (Mt, 26, 3. 4).

I

¹ Granmèt, jijé sa k-ap jijé-m yo ; *
batay ak sa k-ap fè-m lagè yo.

- ² Pran zam ak boukliyé, †
épi lévé nan sékou-m, *
- ^{3 c} di nanm mouin : « Sové-ou la sé mouin minm ».
- [3 a b ; 4 - 8]
- ⁹ Nanm mouin minm, ap fété nan Granmèt la ; *
m-ap mété kontantman-m nan sovè-m nan.
- ¹⁰ Tout zo-m ap di : *
« Granmèt, kilès ki tankou ou ?
Ou minm ki délivré pòv la sot anba pouvoua sa-k pi fò pasé-l ; *
pòv la ak maléré-a sot anba min sa k-ap piyé-l la ».
- ¹¹ Fo-témouin lévé, *
sé sa-m pa konnin y-ap mandé-m ;
- ¹² Yo rinmèt mal nan plas byin, *
san pitié pou nanm mouin.

Réf. Lévé, Granmèt, pou poté-m sékou.

Réf. 2 Jijé kòz mouin-an ; défann mouin, paské ou gin pouvoua, Granmèt.

II

- ¹³ Époutan, mouin minm nan maladi yo-a, *
mouin té abiyé ak sak,
mouin t-ap rabésé nanm mouin avèk jèn, *
épi lapriyé-m andan zantray mouin t-ap viré tounin.
- ¹⁴ Tankou pou zanmi-m, tankou pou frè-m mouin t-ap maché *
tankou dèy yon manman, chagrin té dékonpozé-m.

- ¹⁵ Lè-m tonbé-a minm, yo kontan, épi yo rasanblé ; *
yo rasanblé kont mouin antan y-ap frapé-m,
épi mouin pa-t konnin.
- ¹⁶ Yo déchiré-m épi yo pa sispann ; †
yo tanté-m, yo jouré-m byin jouré, *
y-ap manjé dan kont mouin.

Réf. Jijé kòz mouin-an ; défann mouin, paské ou gin pouvoua, Granmèt.

Réf. 3 Lang mouin, tout jounin, ap médité jistis ou-a.

III

- ¹⁷ Granmèt mouin, jouskilè ou-ap rét ap gadé ? †
Réprann nanm mouin sot nan méchansté yo, *
sèl sa-m ginyin-an sot anba lion yo.
- ¹⁸ M-a fè déklarasion pou ou nan gran asanblé-a, *
nan foul pèp m-ap fè louanj ou.
- ¹⁹ Pa kité yo fè fèt sou do-m, ènmi-m yo ki nan manti, *
sa-k rayi-m san rézon yo, k-ap fè sign ak jé yo-a.

[20 - 21]

- ²² Ou ouè, Granmèt, pa rét an silans ; *
Granmèt mouin, pa rét louin mouin.
- ²³ Révéyé-ou épi souké kò-ou pou jijman-m nan ; *
Bondié mouin, Granmèt mouin, pou prosè-m nan.

[24 - 26]

- ²⁷ Sé pou yo fété, sé pou yo kontan, sa-k rinmin jistis mouin-an,
sé pou yo di tout tan: « Granmèt la gran,
li minm ki vlé lapè sèvitè-l la ».
- ²⁸ Lang mouin ap kalkilé jistis ou-a, *
tout jounin, louanj ou-a.

Réf. Lang mouin, tout jounin, ap médité jistis ou-a.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou-ap aksépté sakrifis jistis sou lotèl ou-a, Granmèt.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

*Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou
abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).*

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;

- dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizyon-ou, *
douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.

- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Ou-ap aksépté sakrifis jistis sou lotèl ou-a, Granmèt.

Réf. 2 Nan Granmèt la tout désandans Israèl la ap jouinn jistis épi louanj.

Kantik

Iz 45, 15-25

Tout nasion yo ap tounin vîn jouinn Granmèt la

O non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé (Fil 2, 10).

- 15 Réyèlman vré, ou sé yon Bondié ki kaché, *
Bondié Israèl, sovè nou.
- 16 Yo tout té ront, yo té blijé bésé tèt yo, *
yo t-alé ansanm byin ront, moun k-ap fè zidòl yo.
- 17 Sé Granmèt la qui sovè Israèl, li sovè-l pou tout tan ; *
nou pap ront ankò, nou pap blijé bésé tèt nou
jous nan sièk sièk la.

- 18 Paské min sa Granmèt la di, †
 li minm ki kréyé sièl yo, li minm Bondié, *
 ki fòmè tè-a, épi ki fè-l, li minm ki pozé fondasion-l ;
 sé pa pou-l té vid li té kréyé-l, †
 sé pou yo té kapab abité-l li té fòmé-l : *
 « Sé mouin minm Granmèt la, épi pa gin lòt.
- 19 Sé pa an kachèt mouin té palé, *
 nan yon réjion ki fènoua sou tè-a ;
 mouin pa-t di ras Jakòb la :
 “Chèché-m pou pèdi tan”. *
 Sé mouin minm Granmèt la ki di sa ki kòrèk,
 ki anonsé sa ki douat.
- 20 Rasanblé, vini, proche ansanm, *
 nou minm ki té sovè sot nan pami nasion yo.
 Yo pa konprann, moun sa yo k-ap poté zidòl boua yo, *
 k-ap priyé yon dié ki pa kapab sovè-a.
- 21 Anonsé, vini, an nou réfléchi ansanm. *
 Kilès ki té fè konnin sa dépi nan kòmansman,
 ki té dévoualé-l dépi lè sa-a ?
 Èské sé pa mouin minm Granmèt la, †
 pa gin dèt Bondié an déyò-m ? *
 Bondié ki kòrèk, épi k-ap sovè moun, pa gin sa andéyò-m.
- 22 Tounin vîn jouinn mouin, épi n-a sovè,
 nou tout limit tè-a, *
 paské sé mouin minm Bondié, épi pa gin lòt.
- 23 Sé sou pròp tèt mouin mouin té fè sèman : †
 Jistis la soti nan bouch mouin, *
 paròl la ki pap tounin-an :
 paské dévan-m tout jénou ap plouayé, *
 épi tout lang ap fè sèman ».

- ²⁴ Konsa sé pou yo di : « Sé nan Granmèt la sèlman *
 ki gin jistis ak fòs ! ».
 Koté-l y-ap vini épi y-ap ront †
 tou moun ki té répousé-l yo : *
- ²⁵ nan Granmèt la l-ap jouinn jistis ak louanj
 tout désandans Israèl la.

Réf. Nan Granmèt la tout désandans Israèl la ap jouinn jistis épi louanj.

Réf. 3 Antré dévan fas Granmèt la avèk fèt.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 704.

Psòm 99 (100)

Kè kontan sa yo k-ap antré nan tanp la

Sa li rachté yo, Granmèt la ba yo lòd pou yo chanté chan viktoua (S. Atanaz).

- ² Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a, *
 sèvi Granmèt la nan kè kontan ;
 antré dévan fas li *
 avèk gran fèt.
- ³ Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ; †
 sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé, *
 pèp li ak mouton pak li.
- ⁴ Antré nan pòtay li yo avèk louanj, †
 nan lakou-l yo avèk kantik, *

fè déklarasion pou li, béni non-l.
⁵ Sèké Granmèt la bon ; †
 pou tout tan mizérikòd li, *
 jous nan jénérasion ak jénérasion vérité-l la.

Réf. Antré dévan fas Granmèt la avèk fèt.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 25-32

IV (7 Dalèt)

²⁵ Nanm mouin kolé nan pousiè-a ; *
 fè-m viv dapré paròl ou-a.

²⁶ Mouin rakonté chémin-m yo, ou kouté-m ; *
 aprann mouin désizion-ou yo.

- 27 Fè-m konprann chémin kòmandman-ou yo, *
m-a réfléchi sou mèvèy ou yo.
- 28 Nanm mouin ap kriyé ak lapinn ; *
fè-m kanpé daprèn paròl ou-a.
- 29 Viré chémin manti-a louin-m, *
ban-m laloua-ou la avèk bon kè-ou.
- 30 Mouin chouazi chémin vérité-a, *
mouin mété jijman-ou yo dévan-m.
- 31 Mouin kolé nan témouagnaj ou yo, Granmèt ; *
pa kité mouin ront.
- 32 Nan chémin kòmandman-ou yo m-ap kouri, *
paské ou fè kè-m vîn laj.

Psòm 25 (26)

Konfians ak priyè sa-k inosan-an

Bondié té chouazi nou nan Kris la, pou nou té kapab sin épi san tach

(Éféz 1, 4).

- 1 Jijé-m, Granmèt, †
paské sé nan inosans mouin m-ap maché *
épi antan-m espéré nan Granmèt la mouin pap fébli.
- 2 Éséyé-m, Granmèt, sondé-m ; *
boulé rin-m ak kè-m.
- 3 Paské mizérikòd ou-a li dévan jé-m, *
mouin maché nan vérité-ou la.
- 4 Mouin pa-t chita ak moun vanité *
épi moun k-ap aji an kachèt yo mouin pa-t antré koté yo.
- 5 Mouin té rayi asanblé méchansté yo *
épi avèk péchè yo mouin pap chita.

- 6 M-ap lavé min-m nan inosans *
 épi m-ap fè tout tou lotèl ou-a, Granmèt,
 7 pou-m fè tandé voua louanj *
 épi pou-m rakonté tout mèvèy ou yo.
 8 Granmèt, mouin té rinmin chanm kay ou-a *
 épi koté gloua-ou la abité-a.
- 9 Pa ranmasé nanm mouin ansanm avèk méchan yo *
 épi lavi-m avèk moun san yo,
 10 nan min yo sé péché, *
 min douat yo plin kado.
- 11 Mouin minm minm sé nan inosans mouin m-ap maché, *
 rachté-m, pran pitié pou mouin.
- 12 Pié-m kanpé nan sa ki douat, *
 nan asanblé yo m-ap béni Granmèt la.

Psòm 27 (28), 1-3. 6-9

Siplikasion ak aksion-d-gras

Papa, mouin di ou mèsì poutèt ou kouté-m (Jan 11, 41).

- 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin rélé ; *
 Bondié mouin, pa rét soud vizavi mouin.
 Poutèt si-ou pa kouté-m, *
 m-ap sanblé ak sa k-ap désann nan fòs yo.
- 2 Kouté voua priyè-m, pandan m-ap rélé koté-ou, *
 pandan m-ap lonjé min-m kot tanp ou-a ki sin-an.
- 3 Pa trinnin-m avèk koupab yo, *
 épi avèk sa k-ap fè injistis yo.
 Y-ap palé lapè avèk zanmi yo, *
 épi mal nan kè yo.

[4 - 5]

- 6 Li béni, Granmèt la, †
paské li kouté voua lapriyè-m ; *
- 7 Granmèt sékou-m ak protéksion-m,
nan li kè-m éspéré, mouin jouinn sékou, †
kè-m ap fété, *
m-ap fè déklarasion pou li ak kantik mouin.
- 8 Granmèt la sé fòs pèp li-a, *
sé kachèt pou Kris li-a sové.
- 9 Sové pèp ou-a, béni éritaj ou-a, *
souin yo, poté yo sékou jous pou tout tan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

Psòm 40 (41)

Priyè yon malad

Youn nan nou ap trayi-m, youn k-ap manjé ansanm avèk mouin (Mk 14, 18).

- 2 Ala kontantman pou mouin ki fè atansyon pòv la, *
jou malè-a Granmèt la ap délivré-l.
- 3 Granmèt la ap kinbé-l, l-ap ba-l lavi, †
l-ap fè-l jouinn kontantman sou tè-a, *
li pap lagé-l nan nanm ènmi-l yo.
- 4 Granmèt la ap poté-l sékou sou kabann doulè-l la ; *
tout kabann li-an, ou-ap viré-l nan maladi-l la.
- 5 Mouin minm mouin té di : « Granmèt, pitié pou mouin ; *
géri nanm mouin, paské mouin fè péché kont ou ».
- 6 Ènmi-m yo ap palé mal sou mouin : *
« Kilè pou-l mouri, épi pou non-l disparèt ? ».
- 7 Si youn vini, pou-l ouè, sé bagay san konsistans kè-l ap palé ; †
l-ap rasanblé méchansté pou li, *
kon-l soti déyò, li kòmansé palé.
- 8 Yo fè yon sèl kont mouin, y-ap palé tou ba tout ènmi-m yo, *
kont mouin y-ap kalkilé malè pou mouin:
- 9 « Mové chatiman tonbé sou li, *
koté-l kouché-a, li pa gin doua levé ankò ».
- 10 Minm moun lapè mouin, sa konfians mouin nan li, *
k-ap manjé pin mouin,
li lévé talon kont mouin.
- 11 Min ou minm, Granmèt, pitié pou mouin, *
épi fè-m lévé, épi m-ap korésponn ak yo.
- 12 Nan sa m-a rèkonèt ou rinmin-m, *
paské ènmi-m nan pap gin kè kontan sou mouin ;

- 13 kanta mouin minm poutèt inosans mouin, ou té résévoua-m, *
ou té fè-m kanpé dévan fas ou pou tout tan.
- 14 Li béni, Granmèt Bondié Israèl la *
dépi sièk é jous nan sièk. Amèn, amèn.

Réf. Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

Réf. 2 Granmèt puisans yo avèk nou, kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé poua nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.

- Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
 boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
 mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
- 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
 kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Granmèt puisans yo avèk nou, kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. 3 Tout nasion yo ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adoration

- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- 4 Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Tout nasion yo ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

ÌMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Chanté pou Granmèt la, sonjé mèvèy li té fè yo.

Psòm 104 (105)

Granmèt la fidèl nan promès li yo

Apot yo montré nasion yo mèvèy Bondié yo lè-l vini-an (S. Atanaz).

I

¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, rélé non-l, *
anonsé travay li nan pami nasion yo.

² Chanté pou li, joué mizik pou li, *
médité sou tout mèvèy li yo.

- 3 Fè louanj nou nan non-l ki sin-an, *
sè pou kè moun yo k-ap chèché Granmèt la kontan.
- 4 Chèché Granmèt la ak puisans li, *
chèché fas li tout tan.
- 5 Sonjé mèvèy li fè yo, *
prodij li ak jijman bouch li :
- 6 ras Abram, sèvitè-l, *
pitit Jakòb, sa-a li chouazi-a.
- 7 Sé li minm Granmèt Bondié nou-an ; *
sou tout tè-a jijman-l yo.
- 8 Li té sonjé téstaman-l nan pou tout tan, *
paròl li té kòmandé bay mil jénérasyon yo,
- 9 sa-l té pasé avèk Abraam nan, *
sèman li té fè bay Izaak la.
- 10 Li instalé-l pou Jakòb kòm yon désizion, *
pou Israèl kòm yon téstaman pou tout tan
- 11 antan-l di : « M-ap ba ou tè Kanaan-an *
kòm pòsion éritaj nou-an ».
- 12 Lè yo té yon ti kantité, *
yo pa-t anpil, sé étranjé yo té yé nan koté-a,
- 13 yo déplasé sot nan yon nasion al nan yon lòt nasion, *
sot nan yon péyi-roua al nan yon lòt pèp,
- 14 li pa pèmèt pèsonn maltrété yo, *
li korijé roua yo poutèt li :
- 15 « Pa touché sa-m sakré yo, *
profèt mouin yo, pa fè yo anyin ki mal ».

Réf. Chanté pou Granmèt la, sonjé mèvèy li té fè yo.

Réf. 2 Moun kòrèk la yo té vann nan, Granmèt la pa-t lagé-l, min anba péchè yo li té libéré-l.

II

- 16 Li té rélé grangou sou tè-a, *
épi li té kasé tout baton pin.
- 17 Li té voyé yon moun dévan yo, *
sé Jozèf yo té vann kòm ésklav la.
- 18 Yo té fiksé pié-l yo nan chinn, *
yo té pasé kou-l nan fè,
- 19 joutan paròl li-a rivé, *
promès Granmèt la té nétouayé-l.
- 20 Roua-a té voyé lagé-l, *
chèf pèp yo, épi li té ranvouayé-l ;
- 21 li té instalé-l kòm mèt kay li, *
kòm chèf sou tou sa-l posédé,
- 22 pou-l fòmé chèf li yo tankou pròp tèt li, *
pou-l aprann ansyin yo bon jijman.

Réf. Moun kòrèk la yo té vann nan, Granmèt la pa-t lagé-l, min anba péchè yo li té libéré-l.

Réf. 3 Granmèt la té sonjé paròl li ki sin-an, épi li té fè pèp li-a soti nan fèt.

III

- 23 Israèl té antré nan Éjip, *
Jakòb vîn étranjé nan péyi Kam nan.
- 24 Li té fè pèp li-a dévlopé anpil, *
li té asiré-l ak fòs anro ènmi-l yo.
- 25 Li té viré kè yo, pou yo rayi pèp li-a, *

- pou yo fè riz avèk sèvitè-l yo.
- 26 Li té voyé Moyiz sèvitè-l la, *
Aaron sa-a li té chouazi-a.
- 27 Li té mété paròl sign li yo nan yo *
ak prodij li yo nan péyi Kam nan.
- 28 Li té voyé fènoua, vîn gin fènoua vré, *
yo fè rébèl ak paròl li-a.
- 29 Li té fè dlo yo vîn tounin san, *
li té fè pouason yo mouri.
- 30 Li té manjé péyi yo-a ak krapo, *
jous nan chann roua yo.
- 31 Li té pasé lòd, moustik rivé, *
yon pakèt maringouin nan tout réjion yo-a.
- 32 Li té voyé lagrèl nan plas laplui yo, *
difé k-ap boulé nan péyi yo-a.
- 33 Li té frapé jadin rézin yo ak pié fig yo, *
li té krazé pié boua réjion yo-a,
- 34 Li té pasé lòd, krikèt vini, *
gro krikèt yo pa kapab konté,
- 35 li té dévoré tout plant nan péyi yo-a, *
li té dévoré sa tè yo fîn produi-a.
- 36 Li té frapé tout prémié pitit nan péyi yo-a, *
prémié pitit tout fòs yo.
- 37 Li té fè yo soti avèk lajan ak lò ; *
pa-t gin malad nan ras pa yo-a.
- 38 Éjip kontan poutèt yo pati-a, *
paské yo té fè sézisman tonbé sou yo.
- 39 Li louvri yon nuaj kòm protéksion, *
avèk yon difé pou kléré yo nannuit.
- 40 Yo mandé, pintad rivé, *
li té satisfè yo ak pin ki sot nan sièl la.

- ⁴¹ Li té fann ròch la, dlo koulé, *
lariviè yo koulé nan tè sèk la.
- ⁴² Paské li té sonjé paròl li ki sin-an, *
sa-l bay Abraam sèvitè-l la.
- ⁴³ Li té minnin pèp li-a soti ak nan fèt, *
sa yo li chouazi-a nan kè kontan.
- ⁴⁴ Li té ba yo péyi nasion yo, *
yo pran frui travay pèp yo kòm pròp byin pa yo,
- ⁴⁵ pou yo obsèvé désizion-l yo, *
pou yo kinbé laloua-l la.

Réf. Granmèt la té sonjé paròl li ki sin-an, épi li té fè pèp li-a soti nan fèt.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Jé-m yo té vîn koté-ou davans dévanjou.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (᠙ Kòf)

- ¹⁴⁵ Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizion-ou yo.
- ¹⁴⁶ Mouin té rélé koté-ou, sové-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- ¹⁴⁷ Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té éspéré byin éspéré.
- ¹⁴⁸ Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- ¹⁴⁹ Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- ¹⁵⁰ Yo t-ap proché, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- ¹⁵¹ Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- ¹⁵² Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Réf. Jé-m yo té vîn koté-ou davans dévanjou.

Réf. 2 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, sé li minm ki sové-m.

Kantik

Égz 15, 1-4 b. 8-13. 17-18

Imn viktoua apré pasaj lanmè Rouj la

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la, yo t-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a (Cf. Ap 15, 2-3).

- 1 An nou chanté pou Granmèt la : †
 paské li tiré gloua anpil : *
 choual ak kavalié, li jété yo nan lanmè.
- 2 Fòs mouin ak rézistans mouin, sé Granmèt la, *
 li vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
 Li minm sé Bondié-m, *
 m-ap fè louanj li ;
 Bondié papa-m nan, *
 m-ap lévé-l anlè !
- 3 Granmèt la tankou yon gason k-ap batay ; *
 Granmèt sé non-l sa !
- 4 Chario faraon ak lamé-l la *
 li jété yo nan lanmè-a.
- 8 Nan van kòlè-ou dlo yo rasanblé ; †
 sa-k konn koulé-a, li kanpé tankou yon dig, *
 bafon dlo yo rasanblé nan mitan lanmè-a.
- 9 Ènmi-an té di : « M-ap rapousuiv, m-ap sézi ; †
 m-ap séparé piyay, min mouin ap plin : *
 m-ap ouété épé-m, min-m ap touyé yo ! ».
- 10 Souf ou souflé, lanmè-a kouvri yo ; *
 yo plonjé tankou plon nan dlo yo ki gin fòs yo.
- 11 Kilès ki tankou-ou nan pami dié yo, Granmèt ? †
 Kilès ki tankou-ou, ki gran nan jan-ou sin, *
 ki térib épi ki mérité louanj, antan ou-ap fè mèvèy ?
- 12 Ou té lonjé min-ou, tè-a dévoré yo. *
- 13 avèk mizérikòd ou,
 ou kondui pèp sa-a ou té rachté-a,
 avèk fòs ou, ou minnin-l *
 nan kay ou ki sin-an.

- 17 Ou-ap fè yo antré, ou-ap planté yo *
 sou mòn éritaj ou-a,
 kay ou-a ki solid la, †
 sa-ou fè-a, Granmèt, *
 sanktuè-a, Granmèt,
 sa min-ou té instalé fèm nan.
- 18 Granmèt la ap roua *
 pou tout tan san rété.

Réf. Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, sé li minm ki sové-m.

Réf. 3 Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo. †

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasion yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua
 (Éb 13, 15).

- 1 Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
 † fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- 2 Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
 vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la,
 dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 33-40

V (7 Hé)

- 33 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt, chémin désizion-ou yo, *
m-a obsèvé-l tout tan.
- 34 Ban-m intéljans, m-a obsèvé laloua-ou la, *
m-a kinbé-l ak tout kè-m.
- 35 Kondui-m nan santié kòdmanman-ou yo, *
paské sé sa mouin vlé.
- 36 Panché kè-m nan témouagnaj ou yo, *
pa nan rinmin lajan.
- 37 Viré jé-m yo pou yo pa ouè sa-k pa vo anyin-an ; *
nan chémin-ou yo ban-m lavi.
- 38 Kinbé promès ou fè sèvitè-ou la, *
pou yo kapab krinn ou.
- 39 Ouété mank-déga y-ap fè-m yo, sa-m pè yo, *
paské jijman-ou yo sé kontantman.

40 Mouin anvi kòmandman-ou yo ; *
nan jistis ou-a, fè mouin viv.

Psòm 33 (34)

Granmèt la sovè moun kòrèk yo

Nou gouté kijan Granmèt la bon (1 Piè 2, 3).

I

- | | | |
|----|---|---|
| 2 | M-ap béni Granmèt la nan tout tan, * | א |
| | louanj li toujou nan bouch mouin. | |
| 3 | Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidèrasion-l, * | ב |
| | sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan. | |
| 4 | Fè louanj Granmèt la avèk mouin, * | ג |
| | sé pou nou lévé non-l anlè ansanm. | |
| 5 | Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ; * | ד |
| | anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. | |
| 6 | Gadé nan dirèksion-l, n-ap kléré, * | ה |
| | fas nou pap ront. | |
| 7 | Pòv sa-a rélé, † | ו |
| | Granmèt la kouté-l, * | |
| | anba tout tribilasion li li sovè-l. | |
| 8 | Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo * | ז |
| | épi l-ap délivré yo. | |
| 9 | Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon ; * | ח |
| | ala kontantman pou moun ki éspéré nan li. | |
| 10 | Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo, * | ט |
| | paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo. | |
| 11 | Rich yo nan bézouin, yo grangou, * | י |

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN II

DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Dézièm dimanch **Avan**: Sé pou kontan épi sé pou réjoui, nouvo Siyon: gadé, min Roua-ou la k-ap vini, li tou dou antan l-ap sové nanm nou.

Dézièm dimanch **après Nésans Granmèt la**: Vièj la té vîn ansint gras a paròl la, li té toujou rété vièj ; Vièj la té anfanté Roua tout roua yo.

Psòm 118 (119), 105-112

XIV (1 Nûn)

¹⁰⁵ Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a, *
limiè pou santié-m yo.

¹⁰⁶ Mouin fè sèman, mouin rété fidèl *
pou-m kinbé jijman jistis ou-a.

¹⁰⁷ Mouin rabésé jous nan fon, Granmèt ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.

- ¹⁰⁸ Ofrann bouch mouin-an, sé pou yo fè-ou plézi, Granmèt, *
jijman-ou yo, aprann mouin yo.
- ¹⁰⁹ Nanm mouin nan min-m tout tan, *
laloua-ou la, mouin pa bliyé-l.
- ¹¹⁰ Péchè yo pozé pièj pou mouin, *
mouin pa dévié sot nan kòmandman-ou yo.
- ¹¹¹ Éritaj mouin sé témouagnaj ou yo pou tout tan, *
paské sé kontantman kè-m yo yé.
- ¹¹² Mouin panché kè-m pou fè jistis ou yo *
pou tout tan, jouskalafin.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Sé pou kontan épi sé pou réjoui, nouvo Siyon: gadé, min Roua-ou la k-ap vini, li tou dou antan l-ap sové nanm nou.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Vièj la té vîn ansint gras a paròl la, li té toujou rété vièj ; Vièj la té anfanté Roua tout roua yo.

Réfrin 2

Dézièm dimanch Avan: Rasiré min k-ap fébli yo; sé pou nou rasiré, di konsa : Min Bondié nou-an k-ap vini pou-l sové nou, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm ; Granmèt la té fè tankou yon rivière lapè koulé sou li.

Psòm 15 (16)

Granmèt la sé pòsion éritaj mouin

Bondié fè Jézu lévé antan-l dégajé-l sot nan soufrans lanmò-a (Tr Ap 2, 24).

- 1 Prézèvé-m, Bondié, *
paské mouin espéré nan ou.
- 2 Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé, *
byin pou mouin, pa gin sa, sof ou minm ».
- 3 Sin yo sou tè-a, moun ki mérité respè yo, *
tout plézi-m sé nan yo li yé.
- 4 Yo fè soufrans yo vîn anpil, *
sa yo k-ap kouri dèyè dié étranjé yo.
Mouin pap vidé likè sakrifis sot nan san ba yo, *
mouin pap kité non yo monté nan bouch mouin
- 5 Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin : *
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin.
- 6 Chinn apantè yo tonbé pou mouin nan koté ki fè-m plézi, *
réyèlman vré éritaj mouin-an satisfè-m.
- 7 M-ap béni Granmèt la ki ban-m intélijans ; *
minm nannuit rin-m ban-m léson.
- 8 Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan ; *
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé.
- 9 Sé pousa kè-m kontan, †
tout anndan fon kè-m ap fété ; *
minm chè-m pozé nan espérans.
- 10 Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, *
ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision.
- 11 Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, †
kè kontan an plin avèk fas ou, *
plézi adouat ou jouskalafin.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Rasiré min k-ap fébli yo; sé pou nou rasilé, di konsa : Min Bondié nou-an k-ap vini pou-l sovè nou, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm ; Granmèt la té fè tankou yon rivière lapè koulé sou li.

Réfrin 3

Dézièm dimanch Avan: Laloua-a, sé pa lintèmédiè Moyiz yo bay li; gras la minm ak vérité-a, sé pa lintèmédiè Jézu-Kri li rivé.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Li pran nésans pou nou, Bondié ki sot nan Bondié-a, limière ki sot nan limière-a, li minm ki té la nan kòmansman-an.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ⁶ Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- ⁷ min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- ⁸ li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- ⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- ¹⁰ konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,

¹¹ *épi tout lang pou déklaré : **
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Laloua-a, sé pa lintèmediè Moyiz yo bay li; gras la minm ak vérité-a, sé pa lintèmediè Jézu-Kri li rivé.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Li pran nésans pou nou, Bondié ki sot nan Bondié-a, limiè ki sot nan limiè-a, li minm ki té la nan kòmansman-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.
 Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki pròp pou chak tan yo.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Dézièm dimanch **Avan**: Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Dézièm dimanch **aprè Nésans Granmèt la**: Granmèt Bondié-m, sé ak déklarasion épi dékorasion ou té abiyé, ou vlopé ak limiè tankou yon rad, alélouya.

Psòm 103 (104)

Kantik pou Granmèt la, créatè-a

Si yon moun nan Kris la, sé yon nouvo créati ; ansyin yo pati, min nouvo yo rivé (2 Ko 5, 17).

I

- 1 Béni Granmèt la, nanm mouin, *
Granmèt Bondié-m, ou gran anpil !
Ou abiyé ak grandè, ak gloua, *
- 2 ou vlopé ak limiè tankou yon rad.
Ou déplouayé sièl la tankou yon rido, *
- 3 ak dlo yo ou bati chanmòt ou-a.
Ou fè nuaj la sèvi pou monté, *
ou déplasé sou zèl van yo.
- 4 Ou fè éspri yo anj-mésajé-ou yo, *
sèvitè-ou yo sé difé k-ap boulé.
- 5 Ou té fiksé tè-a sou fondasion-l ki rét an plas, *
pou-l pa baskulé pou sièk sièk la.
- 6 Ou té kouvri-l avèk dlo fon yo tankou yon rad, *

- sou mòn yo dlo yo té rét pozé.
- 7 Kon-ou ménasé, yo sové, *
kon loraj ou grondé, yo tranblé.
- 8 Yo monté mòn yo, yo désann tè fon yo, *
nan plas ou té fiksé pou yo-a.
- 9 Ou té mété limit pou yo pa dépasé, *
pou yo pa rékòmansé kouvri tè-a ankò.
- 10 Ou fè sous yo soti nan riviè yo ; *
yo kouri nan mitan mòn yo,
- 11 tout bèt nan boua yo bouè, *
choual maron yo pasé souaf yo.
- 12 Zouzou nan sièl yo vîn abité anlè yo, *
nan mitan branch yo, yo fè tandé voua yo.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sové nasion yo, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Granmèt Bondié-m, sé ak déklarasion épi dékorasion ou té abiyé, ou vlopé ak limiè tankou yon rad, alélouya.

Réfrin 2

Dézièm dimanch Avan: Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jéruzalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sové ou sové-a ap vini.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Granmèt la té fè pin soti nan tè-a, ak divin ki fè kè moun nan kontan, alélouya.

II

- 13 Ou rouzé mòn yo, antan-ou nan chanmòt ou yo, *
ou satisfé tè-a kont kò-l ak frui travay ou.
- 14 Ou fè zèb pousé pou bèt yo, *
ak ti plant pou sa-k nan sèvis moun yo,
ou fè pin soti nan tè-a *
- 15 ak divin ki fè kè moun kontan ;
antan-ou mét gété nan fas li ak luil, *
pin-an minm bay kè moun nan fòs.
- 16 Pié boua Granmèt yo jouin satisfaksion, *
pié sèd Liban yo, sa-l té planté yo.
- 17 Sé la ti zouazo yo fè nich yo, *
kay poul-dlo yo anlè yo nèt.
- 18 Mòn ki ro yo, sé pou kabrit maron yo, *
lapin yo jouinn kachèt nan ròch yo.
- 19 Li té fè lalín nan pou maké tan yo, *
solèy la konnin lè pou-l kouché.
- 20 Kon-ou té mété fènoua yo, lannuit la rivé : *
sé lè sa-a tout bèt nan boua kòmansé ranpé,
21 ti lion yo pousé rèl pandan y-ap fè lachas, *
y-ap mandé Bondié manjé.
- 22 Kon solèy lévé, yo rasanblé, *
y-al kouché nan kachèt yo.
- 23 Moun nan soti pou-l fè travay li, *
pou-l réglé okipasion-l jous asouè rivé.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Sé pou kontan épi sé pou-ou réjouï, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Granmèt la té fè pin soti nan tè-a, ak divin ki fè kè moun nan kontan, alélouya.

Réfrin 3

Dézièm dimanch Avan: Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Bondié té ouè tou sa-l té fè yo, épi yo té bon anpil anpil, alélouya.

III

- ²⁴ Ala anpil travay ou yo anpil, Granmèt ! †
Yo tout sé ak sajès ou fè yo, *
tè-a plin ak sa ou kréyé.
- ²⁵ Gadé lanmè-a, li gran, li laj tout koté : †
gin bèt k-ap glisé ladan-l, yo pa kapab konté yo, *
bèt vivan, ni piti, ni gran ;
- ²⁶ gin batiman k-ap déplasé ladan-l, *
ni Léviatan, sa-ou té fòmé pou joué avèk li-a.
- ²⁷ Yo tout sé ou y-ap tann, *
pou-ou ba yo manjé nan tan yo.
- ²⁸ Antan-ou ba yo, yo ranmasé, *
antan-ou louvri min-ou, yo plin ak byin.
- ²⁹ Antan-ou viré fas ou, yo troublé ; †
ou ouété éspri yo, yo mouri, *
nan pouziè yo y-ap tounin.
- ³⁰ Ou-ap voyé éspri-ou, y-ap kréyé, *
ou-ap réfè fas tè-a.

- 31 Sé pou gloua Granmèt la pou tout tan ; *
 sé pou Granmèt la kontan nan travay li yo.
- 32 Li minm ki gadé tè-a, li fè-l tranblé, *
 li touché mòn yo, yo fè lafinin.
- 33 M-ap chanté pou Granmèt la nan lavi mouin, *
 m-ap chanté psòm pou Bondié mouin-an toutotan mouin égzisté.
- 34 Sé pou paròl mouin yo fè-l plézi, *
 mouin minm minm m-ap joui nan Granmèt la.
- 35 Sé pou péchè yo sispann égzisté sou tè-a, †
 pou pa gin moun méchan ankò. *
 Béni Granmèt la, nanm mouin.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Bondié té ouè tou sa-l té fè yo, épi yo té bon anpil anpil, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Dézièm dimanch Avan: Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Limiè-a lèvé pou sa-k kòrèk la, paské Sovè tout moun yo pran nésans, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sovè-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- ⁶ Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.

- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sèkou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sèkou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.
- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.

- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Limiè-a lévé pou sa-k kòrèk la, paské Sovè tout moun yo pran nésans, alélouya.

Réfrin 2

Dézièm dimanch Avan: Nou tout ki souaf, vîn nan dlo yo: chèché Granmèt la pandan nou kapab jouinn li, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: An nou di yon imn pou Granmèt Bondié nou-an.

Kantik

Dan 3, 52-57

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Kréatè-a ... li béni pou tout tan (Rom 1, 25).

- 52 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
ou mérité louanj, ou anlè nèt pou tout tan ;
épi li béni, non gloua-ou la ki sin-an, *
li mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt pou tout tan.
- 53 Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, *
ou mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt pou tout tan.
- 54 Ou béni sou trôn péyi-roua-ou la, *
ou mérité louanj anlè nèt, ou anlè nèt pou tout tan.
- 55 Ou béni, ou minm ki sondé bafon yo, †
antan-ou chita anlè chéribin yo, *
ou mérité louanj, ou anlè nèt pou tout tan.
- 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj ak gloua pou tout tan.
- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè nèt pou tout tan.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Nou tout ki souaf, vîn nan dlo yo: chèché Granmèt la pandan nou kapab jouinn li, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. An nou di yon imm pou Granmèt Bondié nou-an.

Réfrin 3

Dézièm dimanch Avan: Min Granmèt nou-an k-ap vini avèk pouvoua, pou-l kléré jé sèvitè-l yo, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Pèp nasion yo ki té chita nan fènoua yo, li té ouè yon gran limiè.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

- ¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
fè louanj li nan sièl puisans li-a.
- ² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
fè louanj li dapré kantité grandè-l.
- ³ Fè louanj li nan son tronpèt, *
fè louanj li sou bandjo ak gita,
- ⁴ fè louanj li sou tanbou ak dans, *
fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,
- ⁵ fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †

fè louanj li ak sinbal fèt : *
tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Dézièm dimanch Avan: Réf. Min Granmèt nou-an k-ap vini avèk pouvoua, pou-l kléré jé sèvitè-l yo, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Pèp nasion yo ki té chita nan fènoua yo, li té ouè yon gran limiè.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 22 (23)

Bon gadyin-an

Mouton-an ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a (Ap 7, 17).

- 1 Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m : *
- 2 nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m, *
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis *
poutèt non-l.
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, *
paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou, *
sé yo k-ap konsolé-m.
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin *
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou grésé tèt mouin ak luil, *
kalis mouin ap débòdé.
- 6 Réyèlman bon kè ak mizèrikòd ap rapousuiv mouin *
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la *
nan longè tan yo.

Psòm 75 (76)

Aksion-d-gras pou viktoua-a

Y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini sou nuaj yo, nan sièl la (Mt 24, 30).

I

- 2 Yo rékonèt Bondié nan Juda, *
non-l gran nan Israèl.
- 3 Nan Salèm, sé la tant li yé, *
sé nan Siyon li abité.

- 4 Sé la li krazé zéklè zam pou tiré flèch la, *
ni boukliyé, ni épé, ni lagè.
- 5 Antan ou kléré, Ou-k mérité konsidérasion, *
sot nan mòn yo pran yo.
- 6 Sa yo té gin pouvoua nan kè, yo piyé yo, †
yo t-ap dòmi nan fon somèy yo, *
nan pouin gason vanyan ki jouinn kouraj ak min yo.
- 7 Lè ou ménasé, Bondié Jakòb, *
ni sa k-ap kondui chario ni choual yo pran dòmi.

II

- 8 Ou minm ou mérité respè épi kilès k-ap rézisté dévan-ou ? *
Dépi lè sa-a kòlè ou-a.
- 9 Antan ou nan sièl la, ou fè jijman-an ; *
tè-a té tranblé épi li té rét trankil,
- 10 lè Bondié lévé pou jijman-an, *
pou-l sové tout pòv yo sou tè-a.
- 11 Paské gro kòlè moun nan ap fè déklarasion pou ou, *
épi réstan gro kòlè-a ap fè jou fèt pou ou.
- 12 Fè promès épi réglé-l bay Granmèt Bondié nou-an ; *
nou tout ki antouré-l, poté kado pou sa-k Mérité respè-a,
- 13 li minm ki koupé souf chèf yo, *
roua yo sou tè-a ap ba-l respè.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Dézièm dimanch Avan: Min Granmèt la ap vini nan nuaj sièl yo avèk gran pouvoua, alélouya.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Li té kléré pou nou jou rédanmsion ki nouvo-a, préparasion ki ansyin-an, kontantman ki pou tout tan-an.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *

« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».

² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.

- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Désièm dimanch Avan: Min Granmèt la ap vini nan nuaj sièl yo avèk gran pouvoua, alélouya.

Désièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Li té kléré pou nou jou rédanmsion ki nouvo-a, préparasion ki ansyin-an, kontantman ki pou tout tan-an.

Réfrin 2

Désièm dimanch Avan: Min Granmèt la ap parèt, li pap bay manti; si-l fè réta, sé pou-ou tann li, paské l-ap vini, li pap mizé, alélouya.

Désièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Bondié té voyé mizérikòd li-a ak vérité-l la.

Psòm 113 B (115) Louanj vrè Bondié-a

Nou té konvèti sot nan zidòl yo vîn jouinn Bondié, pou nou sèvi Bondié ki vivan-an, ki vré-a (1 Tés 1, 9).

- 1 Sé pa nou minm, Granmèt, sé pa nou minm, †
min sé non-ou pou-ou bay gloua-a *
anlè mizèrikòd ou ak vérité-ou la.
- 2 Pouki sa pou nasion yo t-a di : *
« Koté Bondié yo-a ? ».
- 3 Bondié nou-an nan sièl la, *
tou sa-l vlé, li fè-l.
- 4 Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, *
travay min moun yo.
- 5 Yo gin bouch, min yo pap palé, *
yo gin jé, min yo pap ouè.
- 6 Yo gin zòrèy, min yo pap tandé, *
yo gin nin, min yo pap santi.
- 7 Yo gin min, min yo pap touché, †
yo gin pié, min yo pap maché ; *
yo pa pousé rèl nan gòj yo.
- 8 Sé pou yo vîn tounin tankou yo, moun ki fè yo-a, *
ak tout moun ki mét konfians yo nan yo.
- 9 Kay Israèl la té espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 10 Kay Aaron-an té espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 11 Moun ki krinn Granmèt la, yo espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 12 Granmèt la sonjé nou, *
l-ap béni nou :
l-ap béni kay Israèl la, *
l-ap béni kay Aaron-an,
- 13 l-ap béni tout moun ki krinn Granmèt la, *
ni piti, ni gran.

- 14 Sé pou Granmèt la ap ajouté sou nou, *
sou nou ak sou pitit nou yo.
- 15 Sé Granmet la ki béni nou, *
li minm ki fè sièl la ak tè-a.
- 16 Sièl yo sé sièl Granmèt la, *
tè-a minm, li bay pitit moun yo.
- 19 Sé pa mò yo k-ap fè louanj ou, Granmèt, *
ni tout moun yo k-ap désann nan silans la,
- 18 min nou minm, ki vivan yo, n-ap béni Granmèt la, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Désièm dimanch Avan: Réf. Min Granmèt la ap parèt, li pap bay manti; si-l fè réta, sé pou-ou tann li, paské l-ap vini, li pap mizé, alélouya.

Désièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Bondié té voyé mizérikòd li-a ak vérité-l la.

Réfrin 3

Désièm dimanch Avan: Granmèt la sé li minm k-ap fè laloua pou nou, Granmèt la sé roua nou: li minm l-ap vini épi l-ap sové nou.

Désièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Sou tè yo, roua tout roua yo, Granmèt la, pran nésans pou nou: min li, sa-k sové tè-a rivé déjà pou nou, rédanmsion nou-an, alélouya.

Kantik sa-a, lè y-ap chanté-l, yo chanté-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman ak nan finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *
(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *
(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.
R/. Alélouya (alélouya).

Dézièm dimanch Avan: Réf. Granmèt la sé li minm k-ap fè laloua pou nou, Granmèt la sé roua nou: li minm l-ap vini épi l-ap sovè nou.

Dézièm dimanch apré Nésans Granmèt la: Réf. Sou tè yo, roua tout roua yo, Granmèt la, pran nésans pou nou: min li, sa-k sovè tè-a rivé déjà pou nou, rédanmsion nou-an, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Panché zòrèy ou sou mouin, Granmèt, pou-ou délivré-m.

Psòm 30 (31), 2-17. 20-25

Moun k-ap souffri-a ap sipliyé avèk konfians

Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin (Lk 23, 46).

I

² Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, pou-m pa ront pou tout tan ; *
nan jistis ou, délivré-m.

³ Panché zòrèy ou sou mouin, *
fè vit, pou-ou sové-m.

Sé pou-ou sèvi-m yon ròch kachèt épi yon kay-sitadèl *
pou-ou sové-m.

⁴ Paské fòs mouin ak kachèt mouin sé ou minm, *
poutèt non-ou, ou-a kondui-m, ou-a souin-m.

⁵ Ouété-m sot nan pièj la, sa yo té kaché pou mouin-an, *
paské sé ou minm ki fòs mouin.

⁶ Sé nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin ; *
ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a.

⁷ Ou rayi sa k-ap kinbé vid-anyin, *
mouin minm sé nan Granmèt la mouin mét éspérans mouin.

⁸ M-ap fété épi m-ap kontan nan mizérikòd ou-a, *
paské ou gadé rabèsman-m nan ;

ou konnin tray nanm mouin yo, †
⁹ épi ou pa fèmin-m nan min ènmi-an; *
ou fè pié-m kanpé fèm nan éspas ki laj.

Réf. Panché zòrèy ou sou mouin, Granmèt, pou-ou délivré-m.

Réf. 2 Kléré fas ou sou sèvitè ou-a, Granmèt.

II

¹⁰ Pran pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin nan tribilasyon ; †
jé-m troublé ak chagrin, *
ni nanm mouin, ni vant mouin.

¹¹ Paské lavi-m dépéri nan doulè *
épi ané-m yo fébli nan plint ;
nan mizè mouin, fòs mouin fébli, *
tout zo-m ap tranblé.

- 12 Dévan tout ènmi-m yo mouin vîn tounin dézonè, †
ni pou vouazin-m yo minm, sézisman pou zanmi-m yo : *
sa-k té konn ouè-m déyò, yo sovè pou mouin.
- 13 Yo bliyé-m nan kè, tankou yon moun mouri ; *
mouin tankou yon véso ki pèdi.
- 14 Paské mouin tandé jouman anpil moun : *
katastròf toutalantou ;
lè y-ap fè bann ansanm kont mouin, *
sé pou pran nanm mouin, y-ap fè plan,
- 15 Min mouin minm sé nan ou mouin espéré, Granmèt ; †
mouin di : « Sé Bondié-m ou yé, *
16 nan min-ou déstiné-m yé ».
- Délivré-m sot nan min ènmi-m yo *
ak sa k-ap pèsékité-m yo ;
- 17 kléré fas ou sou sèvitè ou-a, *
sovè-m nan mizérikòd ou-a.

Réf. Kléré fas ou sou sèvitè ou-a, Granmèt.

Réf. 3 Li béni, Granmèt la, paské li té montré mèvèy mizérikòd li-a pou mouin.

III

[18 -19]

- 20 Ala anpil yo anpil kantité dousè-ou, Granmèt, *
sa-ou kaché pou moun ki krinn ou yo.
Ou réalizé yo pou sa yo ki espéré nan ou yo, *
dévan fas pitit moun yo.
- 21 Ou kaché yo nan kachèt fas ou-a, *

dévan tranzaksion moun yo ;
ou protéjé yo nan tant la, *
louin lang yo k-ap démanté yo.

- 22 Li béni, Granmèt la, *
paské li montré mèvèy mizérikòd li pou mouin
nan yon vil ki byin protéjé.
- 23 Kanta mouin minm mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Ou ouété-m sot dévan jé-ou yo ».
Vréman ou kouté voua priyè-m nan, *
pandan mouin rélé koté ou.
- 24 Rinmin Granmèt la, tou sin-l yo : †
Granmèt la protéjé fidèl yo, *
l-ap pini moun k-ap lévé tèt yo byin pini.
- 25 Pran kouraj, sé pou kè nou gin fòs, *
nou tout ki éspéré nan Granmèt la.

Réf. Li béni, Granmèt la, paské li té montré mèvèy mizérikòd li-a pou mouin.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Kilè m-a vini pou-m parèt dévan fas Granmèt la ?

Psòm 41 (42)

Anvi Granmèt la ak tanp li-a

Sa-k souaf la sé pou-l vini ; sa-k vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a (Ap 22, 17).

- ² Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, *
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié.
- ³ Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ; *
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- ⁴ Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit, *
pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ⁵ Mouin sonjé bagay sa yo, nanm mouin fonn anndan mouin ; †
paské mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la, *
jous nan kay Bondié-a,
nan chanté fèt avèk louanj, *
fèt foul la k-ap fè louanj la.
- ⁶ Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Espéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.
- ⁷ Anndan mouin nanm mouin chagrin ; †
sé poua mouin sonjé-ou *
dépi sot nan tè Jourdin-an ak Èrmon-an,
sot nan mòn Misa-a.

- ⁸ Bafon-an rélé bafon-an, nan voua kaskad ou yo ; *
tout lanm ou yo ak vag ou-a travèsé anlè mouin.
- ⁹ Lajounin Granmèt la voyé mizérikòd li-a, †
épi nannuit kantik li-a bò koté-m : *
priyè bay Bondié lavi mouin.
- ¹⁰ M-ap di Bondié : *
« Sé ou minm ki protéksion-m.
Poukisa ou bliyé-m nan, †
épi poukisa m-ap maché tou chagrin, *
pandan ènmi-m nan ap trakasé-m nan ? ».
- ¹¹ Pandan zo-m yo ap krazé-a, †
y-ap jouré-m, sa k-ap fè-m pasé tribilasyon yo, *
pandan y-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ¹² Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasyon pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Kilè m-a vini pou-m parèt dévan fas Granmèt la ?

Réf. 2 Montré nou, Granmèt, limiè pitié-ou yo.

Kantik

Sir 36, 1-7. 13-16

Splikasyon pou vil ki sin-an Jérusalèm

Sa-a sé lavi tout tan-an, pou yo konnin ou minm, sèl Bondié tout bon vré-a épi, sa-a ou voyé-a, Jézu-Kri (Jan 17, 3).

- ¹ Pran pitié pou nou, Bondié tout bagay, voyé jé gadé nou, *
montré nou limiè pitié-ou yo ;
- ² voyé krint ou sou nasion yo, *

- ki pa t-ap chèché ou yo,
 pou yo rékonèt pa gin dòt Dié sof ou minm, *
 pou yo rakonté mèvèy ou yo.
- ³ Lévé min-ou sou nasion étranjé yo, *
 pou yo ka ouè pouvoua-ou.
- ⁴ Minm jan nan fas yo ou té montré ou sin nan nou-an, *
 konsa nan fas nou ou-ap fè ouè ou gran nan yo,
- ⁵ pou yo rékonèt ou, minm jan nou minm nou té rékonèt, *
 nan pouin Bondié andéyò-ou, Granmèt.
- ⁶ Fè dot mèvèy, fè dèt bagay ékstraodinè, *
⁷ montré gloua min ak rafèmi bra douat ou.
- ¹³ Rasanblé tout fanmi Jakòb yo, *
 ba yo éritaj la tankou nan kòmansman.
- ¹⁴ Pran pitié pou pèp ou-a,
 sé non-ou yo té rélé sou li, *
 épi Israèl ou adopté pou prémié pitit ou-a.
- ¹⁵ Pran pitié pou vil ou-a ki sin-an, *
 Jérusalèm, koté ou pran répo-ou la.
- ¹⁶ Plin Siyon ak grandè-ou la *
 épi tanp ou-a ak gloua-ou la.

Réf. Montré nou, Granmèt, limiè pitié-ou yo.

Réf. 3 Ou béni, Granmèt, nan platfòm sièl la.

Psòm 18 A (19 A)
Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Ou béni, Granmèt, nan platfòm sièl la.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 41-48

VI (1 Ouaou)

- 41 Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt, *
 sové ou sové nou-an dapré promès ou-a.
- 42 M-ap réponn yon paròl bay sa k-ap manké-m déga yo, *
 paské mouin espéré nan paròl ou yo.
- 43 Pa ouété paròl vérité-a sot nan bouch mouin ditou, *
 paské mouin espéré nan jijman-ou yo anlè tout bagay.
- 44 M-ap kinbé laloua-ou la tout tan, *
 pou sièk épi sièk sièk la.
- 45 M-ap maché nan gran chemin, *
 paské mouin té chèché kòmandman-ou yo.
- 46 M-ap palé sou témouagnaj ou yo dévan roua yo *
 épi mouin pap ront.
- 47 M-ap jouinn kontantman nan lòd ou yo, *
 yo minm mouin rinmin-an.
- 48 M-ap lévé min-m nan diréksion lòd ou yo,
 mouin rinmin-an ; *
 m-ap réfléchi sou désizion-ou yo.

Psòm 39 (40), 2-14. 17-18

Rémèsiman ak démann sékou

Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, sé yon kò ou té paré pou mouin (Ébr 10, 5).

I

- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la, *
li panché sou mouin.
- 3 Li kouté rèl mouin, *
li ouété-m sot nan fos mizè-a ak nan labou ki sal la ;
li mété pié-m kanpé sou ròch, *
li fè plant pié-m asiré.
- 4 Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin, *
yon chanté pou Bondié nou-an.
Anpil moun ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap espéré nan Granmèt la.
- 5 Ala kontantman pou moun ki mété espérans li nan Granmèt la, *
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti.
- 6 Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo, †
épi pansé-ou yo pou nou : *
pa gin ki sanblé avèk ou.
Si mouin t-a vlé déklaré yo, pibliyé yo, *
yo dépasé chif.
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, *
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa, *
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini.
Nan roulo liv la yo ékri osijè-m, *
- 9 pou-m fè volonté-ou.
Bondié mouin, mouin dakò ; *
laloua-ou la nan zantray mouin ».

II

- 10 Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ; *
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin.
- 11 Jistis ou-a mouin pa kaché-l nan kè-m, *
vérité-ou la ak sékou-ou la, mouin di-l.
Mouin pa kaché mizérikòd ou-a *
ak vérité-ou, bay gran rasanbléman-an.
- 12 Kanta ou minm Granmèt,
pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ; *
sé pou mizérikòd ou-a ak vérité-ou la
toujou soutni mouin,
- 13 paské mal yo antouré-m, sa yo pa kapab konté yo ; †
yo vlopé-m, péché-m yo, *
mouin pa kapab ouè.
Yo multiplié pi plis pasé chévé tèt mouin, *
épi kè-m lagé-m.
- 14 Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; *
Granmèt, présé vîn poté-m sékou.
- [15 - 16]
- 17 Sé pou yo fété, sé pou yo kontan nan ou tout sa k-ap chèché-ou yo, *
épi y-ap di tout tan : « Sé pou ouè jan Granmèt la gran »,
sa yo ki rinmin sové ou sové nou-an.
- 18 Kanta mouin minm mouin maléré épi pòv ; *
sé Granmèt la k-ap okipé-m.
Sékou-m ak libératè-m sé ou minm ; *
Bondié mouin, pa mizé.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Lékto kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé moun. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Aparans ou pi bèl pasé pitit moun yo, gras la ap débòdé sot nan bouch ou.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- ² Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
Lang moun sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- ³ Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- ⁴ Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *

- kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
 pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
 Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
 nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
 baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
 sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
 ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
 nan palè ki fèt avèk défans éléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
 rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Aparans ou pi bèl pasé pitit moun yo, gras la ap débòdé sot nan bouch ou.

Réf. 2 Min Épou-a ap vini: sòti al dévan-l.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
 épi paré zòrèy ou *
 épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
- Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
 moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.

- ¹⁴ Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- ¹⁵ Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- ¹⁶ Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- ¹⁷ Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- ¹⁸ Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè déklarasyon pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Min Épou-a ap vini; sòti al dévan-l.

Réf. 3 Bondié té desidé pou-l réfè tout bagay nan Kris la, nan plin tan yo plin-an.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bénédikcion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

- pa lintèmédiè Jézu-Kri pou li minm, *
daprè bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,
daprè richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
daprè bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Bondié té désidé pou-l réfè tout bagay nan Kris la, nan plin tan yo plin-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, daprè sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Rinnèt Granmèt la chémin-ou nan, sé li minm k-ap aji.

Psòm 36 (37)

Déstiné sa-k mové yo ak sa-k korèk yo

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a (Mt 5, 5).

I

- ¹ Pa éksité kont méchan yo, *
ou pa bézouin fè jalouzi pou sa k-ap fè krim yo,
² paské tankou zèb byin vit y-ap séché, *
y-ap finnin tankou fèy ti plant.

- 3 Éspéré nan Granmèt la, fè sa-k bon, * 2
ou-ap abité tè-a, ou-ap manjé ak konfians.
- 4 Joui nan Granmèt la, *
l-ap ba ou sa kè-ou mandé yo.
- 5 Rinmèt Granmèt la chémin-ou nan, épi éspéré sou li, * 3
sé li minm k-ap aji ;
- 6 l-ap fè jistis ou-a soti tankou limiè, *
épi jijman-ou nan tankou klèté midi.
- 7 Rét dosil sou kont Granmèt la, rété tann li ; † 7
ou pa bézouin éksité kont sa k-ap réyisi nan chémin-l nan, *
- 8 Sispann fè kòlè, épi kite mové san-an, * 7
pa éksité-ou, sé nan sa-k mal sa kondui,
- 9 paské méchan yo, y-ap détoui yo, *
min sa-k mét éspérans yo nan Granmèt la,
yo minm y-ap éritié tè-a.
- 10 Nan yon ti moman ankò pap gin péchè, * 1
ou-ap chèché rékonèt plas li, épi ou pap jouinn li.
- 11 Moun ki dosil yo minm ap éritié tè-a *
y-ap mét kontantman yo nan gran lapè.

Réf. Rinmèt Granmèt la chémin-ou nan, sé li minm k-ap aji.

Réf. 2 Viré do bay sa-k mal épi fè sa-k byin ; Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo.

II

- 12 Péchè-a ap mété pièj kont sa-k kòrèk la, * 7
l-ap manjé dan kont li.

- 13 Granmèt la minm ap ri-l, *
paské davans li ouè jou-l ap rivé.
- 14 Péchè yo ouét épé sot nan fourou, *
yo ajisté ark yo,
pou jété pòv la ak maléré-a, *
pou touyé sa k-ap maché douat yo sou rout la.
- 15 Épé yo ap antré nan kè yo, *
épi ark yo, ap krazé.
- [16 - 17]
- 18 Ti kras pa sa ki kòrèk la *
pi bon pasé anpil richès péchè yo,
- 17 paské bra péchè yo ap krazé, *
min Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo.
- 18 Granmèt la konnin jou moun ki san tach yo, *
éritaj yo ap la pou tout tan.
- 19 Yo pap ront nan tan malè-a, *
nan jou grangou y-ap konblé.
- 20 Sèké méchan yo ap péri, †
épi ènmi Granmèt la minm
tankou flè savann y-ap disparèt, *
tankou lafimin y-ap disparèt.
- 21 Péchè-a prété, épi li pa rinmèt, *
min sa-k kòrèk la pran pitié, li bay.
- 22 Paské sa-l béni yo, y-ap éritié tè-a, *
épi sa-l madichonnin yo, y-ap détrui.
- 23 Sé Granmèt la ki asiré démach yon moun, *
ki vlé chémin-l.
- 24 Lè-l tonbé, li pap krazé, *
paské Granmèt la soutni min-l.

- 25 Mouin té ti moun, koulié-a mouin fîn vié, † 1
 mouin pa ouè sa-k korèk la abandoné, *
 ni désandans li ap mandé pin.
- 26 Tout jounin l-ap pran pitié, l-ap prété, *
 désandans li ap nan bénédiksion.
- 27 Viré do bay sa-k mal, fè sa-k byin, * 0
 ou-ap abité pou sièk sièk la.
- 28 Paské Granmèt la rinmin jijman, *
 li pa lagé sin-l yo. 6
 Moun ki pa kòrèk yo ap péri pou tout tan, *
 ras méchan yo ap détoui.
- 29 Moun kòrèk yo ap érité tè-a, *
 y-ap abité sou li pou sièk sièk la.

Réf. Viré do bay sa-k mal épi fè sa-k byin ; Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo.

Réf. 3 Tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan.

III

- 30 Bouch moun ki kòrèk la ap kalkilé sajès, * 5
 lang li ap palé jijman ;
- 31 laloua Bondié-l la nan kè-l, *
 pié-l pap tranblé.
- 32 Péchè-a ap sivéyé sa-k kòrèk la * 3
 épi l-ap chèché touyé-l ;
- 33 Granmèt la pap abandoné-l nan min-l, *
 épi li pap kité yo kondané-l, lè y-ap jijé-l.
- 34 Rété tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan, † 7
 l-ap lévé-ou anlè pou-ou pran tè-a kòm éritaj ; *

- lè l-ap détrui péchè yo, ou-ap ouè.
- 35 Mouin té ouè méchan-an plin fòs, * ר
- li instalé tankou yon pié sèd byin dévlopé ;
- 36 mouin pasé, épi gadé, li pa la, * ש
- mouin chèché-l, épi mouin pa jouinn li.
- 37 Obsèvé sa-k san répròch la, épi gadé sa-k douat la, * ת
- paské gin yon désandans pou moun lapè-a.
- 38 Méchan yo ap péri ansanm, *
- désandans méchan yo y-ap détoui-l.
- 39 Sové moun ki kòrèk yo sovè-a, sé nan Granmèt la sa soti, *
- li sèvi yo protéksion nan tan tribilasyon-an.
- 40 Granmèt la ap édé yo, l-ap libéré yo, †
- l-ap délivré yo sot nan min péchè yo, épi l-ap sovè yo, *
- paské yo té éspéré nan li.

Réf. Tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la, Granmèt.

Psòm 42 (43)

Anvi tanp la

Mouin limiè-a mouin vîn sou tè-a (Jan 12, 46).

- ¹ Jijé-m, Bondié, †
égzaminé kòz mouin sot nan min nasion ki pa sin ; *
anba min moun méchan-an ak rizèz la, sové-m.
- ² Paské ou sé Bondié kachèt mouin ; †
pouki sa ou té répousé-m nan, *
pouki sa m-ap maché tou tris, pandan ènmi-m ap fè-m pasé tray ?
- ³ Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la ; *
pou yo kondui-m, pou yo minnin-m
sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a.
- ⁴ M-ap antré kot lotèl Bondié-a, †
kot Bondié kè kontan chanté fèt mouin-an. *
M-ap fè déklarasion pou ou sou gita, Bondié, Bondié mouin.
- ⁵ Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la, Granmèt.

Réf. 2 Pandan tout tan lavi nou, sové nou, Granmèt.

Kantik

Iz 38, 10-14. 17-20

Kè séré moun k-ap mourir-a, kè kontan sa-k géri-a

Sé mouin vivan-an, mouin té mourir... min mouin gin klé lanmò-a (Ap 1, 17-18).

- 10 Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo †
 m-apral nan pòt anba tè-a ; *
 mouin té mandé rès ané-m yo.
- 11 Mouin té di : Mouin pap ouè Granmèt Bondié
 sou tè vivan yo, †
 mouin pap ouè moun ankò *
 pami sa yo ki abité gras tè-a.
- 12 Abitasion-m nan yo té raché-l,
 yo détaché-l minnin-l louin-m *
 tankou tant gadyin mouton yo ;
 yo té roulé lavi-m tankou moun k-ap fè toual ; *
 pandan m-ap trésé fil la li té koupé-l sèk pou mouin.
 Sot matin rivé nan asouè *
 ou té gin tan fini avèk mouin.
- 13 Mouin kouché plat jous nan matin, *
 tankou yon lion, sé konsa li krazé tout zo mouin yo ;
 sot matin rivé nan asouè *
 ou gin tan fini avèk mouin.
- 14 Tankou ti ironchèl sé konsa m-ap plinyin, *
 m-ap médité tankou toutrèl ;
 jé-m yo ap fébli *
 antan y-ap lévé gadé nan diréksion anro-a.
- 17 Ou minm ou té ralé nanm mouin *
 sot nan trou dékonpozision-an,
 sèké ou té jété dèyè do-ou *
 tout péché mouin yo.
- 18 Paské sé pa bafon-an k-ap fè déklarasion pou ou, *
 lanmò pap fè louanj pou ou ;

moun k-ap désann nan fòs la, *
yo pap espéré sou vérité-ou la.

19 Sé vivan-an, vivan-an minm k-ap fè déklarasion pou ou,
tankou mouin minm jodi-a ; *
papa ap fè pitit yo konnin vérité-ou la.

20 Granmèt, vîn sové-m, †
n-a chanté ak son gita touléjou lavi nou *
nan kay Granmèt la.

Réf. Pandan tout tan lavi nou, sové nou, Granmèt.

Réf. 3 Imn nan alé avè-ou, Bondié, nan Siyon. †

Psòm 64 (65)

Aksion-d-gras solanèl

Nan Siyon, sa vlé di vil sièl la (Orijèn).

2 Ou mérité kantik, Bondié, nan Siyon ; *
† y-ap rinnèt ou vé nan Jérusalèm.

3 Ou minm ki kouté priyè, *
koté-ou tout chè vini poutèt péché-a.

4 Minm si fot nou yo dépasé anlè nou, *
ou minm ou pran pitié pou yo.

5 Ala kontantman pou sa-a ou chouazi-a épi ou pran-an ; *
I-ap abité nan lakou-ou yo.
N-ap plin ak byin kay ou-a, *
ak sinteté tanp ou-a.

6 Ou ékstraòdinè nan jistis,

- ou kouté nou, Bondié ki sové nou-an, *
 espérans tout limit tè-a ak lanmè ki louin-an.
- 7 Antan ou bay mòn yo solidité nan puisans ou-a, *
 lè-ou maré rin-ou avèk pouvoua.
- 8 Antan-ou métrizé brui lanmè-a, brui lanm li yo *
 ak grondman pèp yo.
- 9 Y-ap krinn, sa-k abité limit tè-a, dévan sign ou yo ; *
 koté olévan ak okouchan soti ou-ap pran plézi ou.
- 10 Ou vizité tè-a, ou rouzé-l ; *
 ou fè-l vîn rich anpil.
 Lariviè Bondié-a plin ak dlo ; †
 ou paré blé yo, *
 paské sé konsa ou paré-l.
- 11 Ou fè dlo koulé nan kannal li yo,
 ou égalizé bit tè-l yo ; *
 ou fè-l vîn mòl ak gro lapli, ou béni boujon-l yo.
- 12 Ou kouronnin ané-a ak bon kè-ou, *
 tras pié-ou ap dégouté ak grès.
- 13 Pak zèb savann yo ap dégouté, *
 ti mòn yo vlopé ak fèt.
- 14 Pak zèb yo abiyé ak mouton, †
 plinn yo ap poté anpil kantité blé ; *
 y-ap rélé, réyèlman y-ap chanté kantik.

Réf. Imn nan alé avè-ou, Bondié, nan Siyon.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 49-56

VII († Zayîn)

- 49 Sonjé paròl ou-a ou bay sèvitè-ou la, *
li minm ou té ban-m éspérans nan li-a.
- 50 Sé li-k konsolé-m nan rabésman-m, *
paské paròl ou-a té fè-m viv.
- 51 Ògèyé yo té pasé-m nan jouèt ak fòs ; *
min mouin pa-t dévié sot nan laloua-ou la.
- 52 Mouin sonjé jijman-ou yo, sa-k té la dépi sièk la, Granmèt, *
épi mouin konsolé.
- 53 Laront sézi-m, *
poutèt péchè yo k-ap abandoné laloua-ou la.
- 54 Sé kantik yo yé pou mouin, volonté-ou yo, *
nan péyi pélérijaj mouin-an.
- 55 M-ap sonjé non-ou nan nuit, Granmèt, *
m-ap kinbé laloua-ou la.

⁵⁶ Sa-a réalizé pou mouin, *
paské mouin kinbé kòmandman-ou yo.

Psòm 52 (53)

Foli méchan yo

Tout moun fè péché, yo pa gin gloua Bondié-a (Rom 3, 23).

¹ Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ». †
² Yo pèvèti, yo fè krim ki lèd ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon.
³ Bondié antan-l nan sièl la, té panché gadé sou pitit moun yo, *
pou-l ouè si ginyin ki konprann oubyin k-ap chèché Bondié.
⁴ Yo tout yo viré do, yo pèvèti ansanm ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon, pa minm yon sèl.
⁵ Èské yo pa konnin, tou sa k-ap fè méchansté yo, *
k-ap manjé pèp mouin-an tankou si y-ap manjé pin ?
Granmèt la, yo pa rélé-l ; *
⁶ koté sa-a y-ap tranblé byin tranblé, san pa gin rézon pou tranblé.
Paské Bondié gayé zo sa-k t-ap ataké-ou yo, *
yo té ront, paské Bondié voyé yo jété.
⁷ Kilès k-ap bay sovè Israèl la sot nan Siyon ? †
Lè Bondié ap ramné pèp li-a ki té prizonié-a, *
Jakòb ap fété, Israèl ap kontan.

Psòm 53 (54), 3-6. 8-9

Démann sékou

Profèt la priyé pou li délivré o non Granmèt la anba méchansté pèsékité yo (Cassiodorus).

- 3 Bondié, o non-ou sovè-m, *
nan pouvoua-ou, jijé-m.
- 4 Bondié, kouté priyè-m, *
panché zòrèy ou pou-ou kouté paròl bouch mouin !
- 5 Paské arogan yo lévé kont mouin, †
sa-k gin pouvoua yo ap chèché nanm mouin, *
yo pa kité plas pou Bondié dévan fas yo.
- 6 Min, Bondié ap édé-m, *
Granmèt la ap soutni nanm mouin.
- [7]
- 8 M-ap ofri-ou sakrifis ak tout kè-m, *
m-ap fè déklarasion pou non-ou, Granmèt, paské ou bon ;
- 9 Paské ou té sovè-m sot nan tout tribilasion, *
jé-m té ouè ènmi-m yo anba ak mépri.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou pa kapab sèvi Bondié ansanm avèk lajan.

Psòm 48 (49)

Richès yo pap diré

L-ap difisil pou yon rich antré nan péyi-roua sièl yo (Mt 19, 23).

I

- 2 Kouté sa, tout nasion yo, *
 louvri zòrèy nou, nou tout ki abité sou tè-a :
- 3 ni moun ki ba ni moun ki nan gran kondision, *
 ni rich ni pòv ansanm !
- 4 Bouch mouin ap palé sajès, *
 kè-m ap réflèchi intèlijans.
- 5 M-ap panché zòrèy mouin sou provèb, *
 m-ap éspliké dévinèt mouin-an sou mandolîn.
- 6 Pouki pou-m pè nan jou malè yo, *
 lè méchansté profitè yo ap antouré-m nan ?
- 7 Yo minm ki mét konfians nan fòs yo, *
 yo minm k-ap bay tèt yo gloua poutèt pakèt richès yo ?
- 8 Sèké yon moun pa rachté pròp tèt li ; *
 li pap bay Bondié sa k-ap fè-l jouinn padon-an.
- 9 Pri rédanmsion nanm li trò chè : †
 nan dènié bout, l-ap manké, *
- 10 pou-l t-a viv jouskalafin, pou-l pa t-a ouè lanmò.
- 11 L-ap ouè saj yo k-ap mouri ; †

ni moun san konprann ni moun sòt ap pèri ansanm, *
y-ap kitè richès yo bay lòt.

- 12 Tonm yo, kay yo pou tout tan ; †
tant yo pou jénèrasion ak jénèrasion, *
minm si yo rélé tè yo dapré non yo.
- 13 Époutan yon moun, lè-l t-a nan gran situasion, li pap rété nèt ; †
li tankou bèt labatoua k-ap pèri yo, *
li vîn sanblé avèk yo.

Réf. Nou pa kapab sèvi Bondié ansanm avèk lajan.

Réf. 2 Ranmasé trézò pou nou nan sièl la, sé sa Granmèt la di.

II

- 14 Sa-a sé chémin moun yo ki mét konfians nan pròp tèt yo-a, *
ak finisman sa yo ki mét plézi yo nan bouch yo-a.
- 15 Tankou mouton ki instalé nan bafon-an, *
lanmò-a ap gadiyin yo ;
Y-ap désann tèt bésé nan kavo-a, †
pòtré yo ap disparèt : *
bafon-an sé rézidans pou yo.
- 16 Min Bondié ap délivré nanm mouin, *
anba min bafon-an l-ap soulvé-m.
- 17 Pa pè, lè yon moun vîn rich, *
lè gloua lakay li ap vîn anpil,
- 18 paské, lè l-ap mouri, li pap poté tout bagay sa yo, *
gloua li pap désann avèk li.
- 19 Pandan l-ap fè konpliman pou nanm li nan lavi-l : *
« Y-ap fè louanj ou, paské ou té réglé afè-ou byin »,

- 20 sèlman l-ap antré al jouinn fanmi zansèt li yo, *
ki pap janm ouè limiè-a.
- 21 Yon moun, lè-l t-a nan gran situasion, li pa konprann ; †
li tankou bèt labatoua k-ap péri yo, *
li vîn sanblé avèk yo.

Réf. Ranmasé trézò pou nou nan sièl la, sé sa Granmèt la di.

Réf. 3 Mouton-an yo té touyé-a, li mérité résévoua gloua ak konsidérasion.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- 4.11 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay, *
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- 5.9 Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, †
épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- 10 épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- 12 Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
pou-l résévoua puisans, richès, sajès, *
fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Mouton-an yo té touyé-a, li mérité résévoua gloua ak konsidérasion.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou minm n-ap plinn anndan nou, antan n-ap tann rédanmsion kò nou-an.

Psòm 38 (39)

Siplikasion yon moun ki malad

Kréasion-an té blijé obéyi sa-k pa anyin-an... poutèt Sa-a ki té mété-l anba lòd la nan éspérans (Rom 8, 20).

I

² Mouin té di : « M-ap véyé sou rout mouin yo, *
pou-m pa fè fot nan lang mouin ;

m-ap mété yon santinèl sou bouch mouin, *
toutotan péchè-a kanpé an fas mouin ».

3 Antan mouin té pé bouch mouin, mouin pa-t palé,
épi mouin té fè silans san anyin ki bon, *
épi doulè mouin-an rékòmansé.

4 Kè-m chofé anndan mouin, *
épi nan méditation-m nan difé-a flanbé.

5 Mouin palé nan lang mouin : *
« Fè-m konnin Granmèt, finisman mouin ;
épi kantité jou mouin yo, ki sa-l yé, *
pou-m konnin kijan li kout lavi mouin ».

6 Min sé kèk pla min ou té fè jou mouin yo, *
épi éspas lavi mouin tankou anyin dévan-ou.
Réyèlman sé vanité toutantié tout moun yé. *

7 Réyèlman tankou yon pòtré moun nan pasé.
réyèlman sé vanité li yé épi l-ap éksité ; *
l-ap ranmasé épi li pa konnin kilès k-ap rasanblé.

Réf. Nou minm n-ap plinn anndan nou, antan n-ap tann rédanmsion kò nou-an.

Réf. 2 Kouté priyè-m nan, Granmèt ; konsidé ré dlo k-ap sot nan jé-m yo.

II

8 Épi koulié-a, sa m-ap tann, Granmèt ? *

Éspérans mouin sé lakay ou li yé.

9 Anba tout fot mouin yo dégajé-m, *
pa mété-m tankou on répròch pou moun ki san sajàs la.

- 10 Mouin pap palé épi mouin pap louvri bouch mouin, *
paské sé ou minm ki té aji.
- 11 Rétiré sot nan mouin mak kou-ou yo : *
anba frap min-ou nan mouin tonbé.
- 12 Nan répròch poutèt fot, ou té korijé moun nan, †
ou fè sa-l anvè yo dékonpozé tankou larouy. *
Réyèlman tout moun sé vanité.
- 13 Kouté priyè-m nan, Granmèt, *
épi rèl mouin-an résévoua-l ak zòrèy ou.
Dévan dlo k-ap koulé sot nan jé-m yo, pa rété soud, †
paské sé étranjé mouin yé koté-ou, *
pèlrin tankou tout papa mouin yo.
- 14 Viré sot koté-m, pou-m ka rafréchi, *
anvan m-alé épi mouin pa égzisté ankò.

Réf. Kouté priyè-m nan, Granmèt ; konsidéré dlo k-ap sot nan jé-m yo.

Réf. 3 Mouin minm, mouin té éspéré nan mizérikòd Bondié tout tan.

Psòm 51 (52)

Kont médizan yo

Moun k-ap lévé tèt li, sé nan Granmèt la pou-l lévé tèt li (1 Kor 1, 31).

- 3 Kijan pou fè louanj pròp tèt ou pou méchansté-a, *
ou minm ki vanyan nan péché-a ?
- 4 Tout lajounin ou-ap kalkilé konplo ; *
lang ou tankou yon razoua byin filé, l-ap bay manti.
- 5 Ou pi rinmin mal pasé byin, †

- manti pli pasé palé sa-k douat. *
- 6 Ou rinmin tout paròl déstriksion, lang manti.
- 7 Sé poussa, Bondié ap krazé-ou pou tout tan ; †
l-ap sézi-ou, l-ap raché-ou sot nan tant la, *
l-ap dérasinin-ou sot nan tè vivan yo.
- 8 Moun kòrèk yo ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap ri sou do-l :
- 9 « Min moun ki pa-t pran Bondié kòm kachèt li, †
li té mété konfians li sou kantité richès li yo, *
li té mété fòs li nan konplo-l yo ».
- 10 Mouin minm, mouin tankou yon pié oliv tou vèt nan kay Bondié. †
Mouin éspéré nan mizérikòd Bondié *
pou tout tan épi nan sièk sièk la.
- 11 M-ap fè déklarasion pou ou nan sièk la, paské ou aji, †
m-ap éspéré non-ou paské ou bon, *
dévan fas fidèl ou yo.

Réf. Mouin minm, mouin té éspéré nan mizérikòd Bondié tout tan.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié, sé nan sin-an chémin-ou nan yé; ki dié ki gran tankou Bondié nou-an ?

Psòm 76 (77)

Souvni travay Granmèt la fè yo

Nan tout okazion sé tribilasyon n-ap pasé, min nou pa krazé (2 Kor 4, 8).

- ² Ak voua-m kot Bondié, mouin té rélé ; *
ak voua-m kot Bondié, li panché zòrèy li sou mouin.
- ³ Nan jou tribilasyon-m nan mouin té chèché Bondié, †
lannuit min-m yo rét lévé, *
yo pa angoudi.
- ⁴ Nanm mouin réfizé konsolasyon ; †
mouin sonjé Bondié, m-ap plinn, *
m-ap trakasé, léspri-m fébli.
- ⁵ Ou kinbé pòpiè jé-m san somèy ; *
mouin troublé mouin pa palé.
- ⁶ M-ap kalkilé jou lontan yo, *
ané lontan lontan yo té nan léspri-m.
- ⁷ Avèk kè-m mouin t-ap médité lannuit. *
mouin t-ap trakasé, léspri-m t-ap chèché.
- ⁸ Èské sé pou tout tan Bondié réjité nou, *
oubyin li pap proché pou-l jouinn plézi-l nan nou ankò ?
- ⁹ Èské mizériköd li-a fini pou tout tan, *
èské li sispann palé pou jénérasyon ak jénérasyon ?
- ¹⁰ Èské Bondié bliyé pran pitié, *
oubyin nan kòlè li-a, li té fèmin mizériköd li yo ?

- 11 Mouin té di : « Sa sa-k blésé mouin, *
Sa-a ki anlè nèt la, li viré min douat li ».
- 12 M-ap sonjé travay Granmèt yo, *
m-ap sonjé mèvèy ou yo dépi nan kòmansman.
- 13 M-ap médité sou tout travay ou yo, *
m-ap réfléchi sou sa-ou jouinn pou mété yo.
- 14 Bondié, chémin-ou nan sin ; *
kilès dié ki gran tankou Bondié nou-an ?
- 15 Ou sé Bondié ki fè mèvèy, *
ou fè konnin pouvoua-ou nan pèp yo.
- 16 Ou rachté pèp ou-a ak fòs bra-ou, *
pitit Jakòb ak Jozèf yo.
- 17 Dlo yo té ouè-ou, Bondié, †
dlo yo té ouè-ou, yo té tranblé ; *
minm trou san fon yo frissonnin.
- 18 Nuaj yo té vidé dlo yo, †
nuaj yo té fè tandé voua yo, *
minm flèch ou yo t-ap vòltijé.
- 19 Voua loraj ou-a k-ap roulé ; †
zèklè-ou yo té kléré fas tè-a, *
tè-a frissonnin, li tranblé.
- 20 Nan lanmè-a chémin-ou nan, santié-ou yo nan gran dlo yo ; *
pèsonn pa rékonèt tras ou yo.
- 21 Ou té kondui pèp ou-a tankou mouton, *
nan min Moyiz avèk Aaron.

Réf. Bondié, sé nan sin-an chémin-ou nan yé; ki dié ki gran tankou Bondié nou-an ?

Réf. 2 Kè-m té fété nan Granmèt la, li minm ki rabésé épi ki soulvé.

Kantik

1 Sam 2, 1-10

Fèt pòv yo nan Bondié

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k toupiti yo anlè ; li plin sa-k grangou yo ak byin (Lk 1, 52-53).

- 1 Kè-m té fété nan Granmèt la, *
épi kòn mouin lévé nan Bondié-m nan ;
bouch mouin louvri laj kont ènmi-m yo, *
paské mouin kontan nan sové ou sové-m nan.
- 2 Nan pouin sin tankou Granmèt la ; †
réyèlman nan pouin lòt sof ou minm sèl, *
nan pouin ki fò tankou Bondié nou.
- 3 Pa rét ap plédé palé pou n-ap monté tèt nou. *
Rétiré arogans sot nan bouch nou,
paské Bondié sians yo sé Granmèt la, *
sé li minm ki pézé aksion yo sou balans.
- 4 Zam-flèch sa-k fò yo té kasé, *
épi fèb yo té maré rin-yo ak fòs.
- 5 Sa-k té plin lontan yo pou pin yo loué tèt yo, *
épi sa-k té grangou yo pap nan bézouin ankò.
Sa-k té stéril la té anfanté anpil, *
sa-k té gin anpil pitit la minm li finnin.
- 6 Granmèt la fè mouri, li fè viv, *
li té fè désann anba tè épi li té fè rémonté.
- 7 Granmèt la fè vîn pòv, épi li fè vîn rich, *
li rabésé, épi li lévé anlè ;
- 8 li lévé maléré-a sot nan pousiè-a, *
épi li lévé pòv la sot nan fatra-a,
pou-l chita avèk prins yo, *
pou-l kinbé trôn gloua-a.

Paské sé pou Granmèt la fondasion tè-a yo yé, *
sé sou yo li pozé tè-a.

⁹ Li véyé sou pié sin-l yo, †
méchan yo sé nan fènoua y-ap disparèt, *
paské sé pa sou fòs li yon moun ap rivé rézisté.

¹⁰ Granmèt la krazé sa k-ap chèché-l kont yo ; *
nan sièl yo li grondé anlè yo.
Granmèt la jijé bout tè-a, †
li bay roua li-a kòmandman-an *
li lévé kòn Kris li-a.

Réf. Kè-m té fété nan Granmèt la, li minm ki rabésé épi ki soulvé.

Réf. 3 Granmèt la té kòmandé kòm roua, sé pou tè-a fété. †

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sové tè-a sové-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- ² Nuaj yo ak brouya entouré-l, *
jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- ³ Difé ap maché dévan-l, *
l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- ⁴ Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
tè-a ouè, li sézi.
- ⁵ Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
dévan fas Granmèt tout tè-a.

- 6 Sièl yo anonsé jistis li, *
tout pèp yo ouè gloua li.
- 7 Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
Adoré-l, tout anj li yo.
- 8 Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †
pitit fi Juda yo fété, *
poutèt jijman-ou yo, Granmèt.
- 9 Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèt anlè tout tè-a, *
ou lévé byin ro anlè tout dié yo.
- 10 Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
li protéjé nanm sin-l yo, *
li délivré yo sot nan min péchè yo.
- 11 Limiè-a lévé pou moun ki kòrèk la, *
ak kè kontan pou kè ki douat yo.
- 12 Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Granmèt la té kòmandé kòm roua, sé pou tè-a fété. †

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 57-64

VIII (᠗ Hèt)

- 57 Pòsion pa-m, Granmèt : *
mouin té di sé kinbé paròl ou yo.
- 58 Mouin priyé fas ou ak tout kè-m ; *
pran pitié pou mouin dapré promès ou-a.
- 59 Mouin té kalkilé chémin-m yo, *
mouin té viré pié-m nan témouagnaj ou-a.
- 60 Mouin té fè vit, mouin pa-t trinnin, *
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- 61 Kòd péchè yo té maré-m, *
min mouin pa-t bliyé laloua-ou la.
- 62 Nan mitan nannuit mouin lévé pou-m fè déklarasion pou ou, *
sou jijman jistis ou-a.
- 63 Mouin asosié ak tout moun ki krinn ou, *
k-ap kinbé kòmandman-ou yo.
- 64 Mizérikòd ou-a, Granmèt, plin tè-a ; *
aprann mouin volonté-ou yo.

Psòm 54 (55), 2-15. 17-24

Kont yon zanmi ki trèt

Jézu kòmansé sézi, kè-l séré (Mk 14, 33).

I

- 2 Bondié, panché zòrèy ou nan lapriyè-m nan, †
pa kaché pou-ou pa tandé jan m-ap insisté koté-ou ; *
- 3 Fè-t-atansion pou-ou kouté-m, pou-ou kapab réponn mouin.
M-ap dépalé tèlman mouin gin chagrin, m-ap plinn,
4 poutèt voua ènmi-an ak poutèt tribilasyon péchè-a.
- Yo té roulé-m nan méchansté, *
sé ak raj yo té fè-m lapinn.
- 5 Kè-m ap tòdé anndan-m, *
krint lanmò té tonbé sou mouin.
- 6 Krint ak tranbléman rivé sou mouin, *
sézisman vlopé-m.
- 7 Mouin té di : « Kilès k-ap ban-m zèl tankou toutrèl, *
m-a volé, m-a répozé ?
- 8 Min, m-ap sové kò-m byin louin, *
m-ap rété nan dézè-a ».
- 9 M-ap tann sa-a k-ap sové-m nan, *
anba souf loraj la ak tanpèt la.

II

- 10 Granmèt, gayé, divizé lang yo, *
paské mouin ouè méchansté ak jalouzi nan lavil la.
- 11 Lajounin ak lannuit, y-ap fè ronn li sou muray li yo, †
12 sé méchansté, sé soufrans, sé konplo ki anndan-l ; *
ruz ak manti pa sispann sou laplas li yo.
- 13 Paské si yon ènmi-m t-a madichonnin-m, *
mouin t-a kapab sipòté-l kanminm ;

si moun ki rayi-m nan t-a fè arogan sou mouin, *
mouin t-a kaché kò-m pétèt sot koté-l.

- 14 Min sé ou minm, moun ki égal mouin-an, *
ki abitué avèk mouin, ki zanmi mouin,
15 ki konn gin bon jan rélasyon ansanm antré nou, *
nan kay Bondié-a nou té konn maché ansanm nan asanblé-a.

[16]

- 17 Mouin minm, sé kot Bondié m-ap rélé, *
épi Granmèt la ap sové-m.
18 Asouè, granmatin, a midi, m-ap médité épi m-ap plinn, *
l-ap kouté voua-m.
19 Li rachté nanm mouin nan lapè
sot kot sa yo k-ap batay kont mouin-an, *
paské yo anpil, sa ki kanpé kont mouin yo.
20 Bondié ap tandé, l-ap fè yo bésé tèt yo, *
li minm ki égzisté anvan sièk yo.
Nan pouin chanjman pou yo, *
yo pa-t respékté Bondié.
21 Li lonjé min-l sou asosié-l yo ; *
li trayi kontra-l la.
22 Bouch li pi délika pasé krèm, *
époutan, kè-l sé lagè :
paròl li pi dous pasé luil, *
époutan yo sé épé ki soti nan fourò-l.
23 Jété tèt chajé-ou sou Granmèt la, †
sé li minm k-ap okipé-ou ; *
li pap kité moun kòrèk la nan boulvès tout tan.
24 Ou minm, Bondié, fè yo désann *
nan pui déskriksion-an.
Moun k-ap fè san koulé, k-ap bay manti yo,

yo pap jouinn mouatié nan jou ki pou yo-a ; *
kanta mouin minm, sé nan ou mouin espéré, Granmèt.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou nou tann espérans ki sin-an épi vini gloua Sovè nou-an
ap vini-an.

Psòm 61 (62)

Lapè nan Bondié

Sé pou Bondié espérans la plin nou ak tout lapè nan kouè nou kouè-a
(Rom 15, 13).

² Sé nan Bondié sèlman pou-ou répozé, nanm mouin, *
sèké sé nan li délivrans mouin soti.

- 3 Vrèman sé li minm ki kachèt mouin ak délivrans mouin, *
protéksion-m, mouin pap souké ankò.
- 4 Jouskilè n-ap fonsé sou moun, †
pou nou krazé-l nou tout ansanm, *
tankou yon miray ki panché,
yon lantouraj k-ap tonbé ?
- 5 Réyèlman vré, y-ap kalkilé pou yo jété-l sot nan rotè li yé-a ; †
sé nan manti yo pran plézi yo. *
Ak bouch yo y-ap fè konpliman,
min nan kè yo, y-ap madichonin.
- 6 Nan Bondié sèlman pou-ou pozé, nanm mouin, *
paské sé nan li pasians mouin soti.
- 7 Vrèman sé li minm ki Bondié-m ak délivrans mouin, *
protéksion-m, mouin pap souké.
- 8 Nan Bondié délivrans mouin ak gloua mouin ; *
Bondié fòs mouin,
kachèt mouin sé nan Bondié li yé.
- 9 Éspéré nan li, tout fanmi pèp la, †
vidé kè nou dévan li ; *
Bondié sé kachèt pou nou.
- 10 Réyèlman vré, pitit Adan yo pa vo anyin, *
pitit moun yo sé manti.
Si yo monté sou yon balans, *
yo tout ansanm y-ap pi léjé pasé lafimin.
- 11 Pa mét éspoua nou nan violans †
pa tronpé nou nan piyaj ; *
si richès nou ap ogmanté, pa instalé kè nou ladan-l.
- 12 Bondié di yon bagay, *
sé dé bagay sa yo mouin tandé :
sèké sé Bondié ki gin pouvoua, †

- ¹³ sé pou ou, Granmèt, mizèrikòd la ; *
paské ou rinmèt chak moun dapré aksion-l.

Réf. Sé pou nou tann éspérans ki sin-an épi vini gloua Sovè nou-an ap vini-an.

Réf. 2 Sé pou Bondié kléré fas li sou nou, épi sé pou-l béni nou.

Psòm 66 (67)

Sé pou tout nasion yo fè déklarasion pou Granmèt la

Sé pou nou konn sa, sovè Bondié sovè nou sa-a sé bay nasion yo yo voyé-l
(Tr Ap 28, 28).

- ² Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou ; *
sé pou-l fè figi-l kléré sou nou,
- ³ Sé pou yo rékonèt chémin-ou yo sou tè-a, *
sovè ou sovè nou-an nan tout nasion yo.
- ⁴ Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié ; *
sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- ⁵ Sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, †
paské ou jijé pèp yo nan fason ki douat, *
ou dirijé nasion yo sou tè-a.
- ⁶ Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, *
sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- ⁷ Tè-a té bay frui-l ; *
Bondié béni nou, Bondié nou-an,
- ⁸ sé pou Bondié nou-an béni ou, *
sé pou tout limit tè-a respékté-l.

Réf. Sé pou Bondié kléré fas li sou nou, épi sé pou-l béni nou.

Réf. 3 Nan li minm tout bagay kréyé, épi tout bagay nan li minm yo gin konsistans.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- ¹² N-ap di Bondié Papa-a mèsi, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- ¹³ li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- ¹⁴ sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- ¹⁵ li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé prémié pitit anvan tou créatu,
- ¹⁶ paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- ¹⁷ li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- ¹⁸ Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- ¹⁹ sèké sé nan li Bondié té pran plézi

fè tout bagay nèt abité, *
20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Nan li minm tout bagay kréyé, épi tout bagay nan li minm yo gin konsistans.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou té sové nou, Granmèt, épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan.

Psòm 43 (44)

Dézas pèp la

Nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua dépasé mézi poutèt sa-a ki rinmin nou-an (Rom 8, 37).

I

² Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé ; †
papa nou yo té rakonté nou *
aksion ou fè nan jou yo, nan jou lontan yo.

- ³ Ou minm, ak min-ou, ou té chasé nasion yo épi ou té planté yo, *
ou té maltrété pèp yo épi ou té élaï yo.
- ⁴ Sé pa nan épé yo réyèlman yo té posédé tè-a, *
épi bra yo pa-t sové yo ;
min sé min douat ou ak bra-ou, ak limiè fas ou, *
paské ou té jouinn plézi-ou nan yo.
- ⁵ Sé ou minm sa, roua mouin, Bondié mouin, *
ki té kòmandé sové Jakòb yo.
- ⁶ Nan ou ènmi nou yo té résévoua kou, *
nan non-ou n-ap foulé anba pié nou
sa-k lévé kont nou yo.
- ⁷ Sèké sé pa nan ark mouin mouin mét konfians mouin, *
épi épé-m pa sové mouin.
- ⁸ Ou minm ou té sové nou anba sa k-ap frapé nou yo *
épi sa-k rayi nou yo, ou té fè yo ront.
- ⁹ Nan Bondié n-ap jouinn gloua tout jounin *
épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan.

Réf. Ou té sové nou, Granmèt, épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan.

Réf. 2 Pitié, Granmèt, pa rinmèt éritaj ou-a nan dézonè.

II

- ¹⁰ Koulié-a minm, ou té répousé nou, ou té fè nou ront *
épi ou pa-t soti ak lamé nou yo, Bondié.
- ¹¹ Ou té fè nou tounin dèyè, dévan ènmi nou yo, *
sa-k rayi nou yo té piyé nou.
- ¹² Ou té rinmèt nou tankou mouton pou labatoua *
épi nan nasion yo ou té gayé nou.

- 13 Ou té vann pèp ou-a pou anyin, *
épi ou pa-t tiré avantaj nan pri yo té ba ou pou li-a.
- 14 Ou té fè nou sèvi répròch pou vouazin nou yo, *
rizib ak mèpri pou sa-k entouré nou yo.
- 15 Ou té fè nou vîn tounin provèb nan nasion yo, *
pèp yo ap souké tèt sou nou.
- 16 Tout jounin ront mouin-an la dévan-m, *
épi avilisman fas mouin kouvri-m *
- 17 dévan voua k-ap reproché, k-ap déréspekté, *
dévan fas ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.

Réf. Pitié, Granmèt, pa rinmèt éritaj ou-a nan dézonè.

Réf. 3 Lévé, Granmèt, rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

III

- 18 Tout bagay sa-a té rivé nou, †
épi nou pa-t bliyé-ou ; *
épi nou pa-t trayi aliens ou-a.
- 19 Nou pa-t fè kè nou rèkilé déyé, *
épi nou pa-t fè pié nou viré sot nan rout ou-a ;
- 20 min ou té krazé nou nan koté ki gin mangous yo *
épi ou té kouvri nou ak lonbraj lanmò.
- 21 Si nou té bliyé non Bondié nou-an, *
épi nou té lonjé min nou kot yon dié étranjé,
- 22 èské Bondié pa t-ap dékouvri sa ? *
sèké li minm li konnin sa-k kaché nan kè.
- 23 Paské poutèt ou y-ap touyé nou tout jounin, *
yo konsidéré nou tankou mouton labatoua.

- ²⁴ Révéyé, pouki sa ou-ap dòmi, Granmèt ? *
- Lévé, pa lagé nou pou tout tan.
- ²⁵ Pouki sa ou-ap viré fas ou-a, *
- ou bliyé povreté nou ak tribilasyon nou yo ?
- ²⁶ Paské nanm nou ap drivé nan pousiè, *
- épi vant nou kolé atè-a.
- ²⁷ Lévé, Granmèt, poté nou sékou, *
- rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

Réf. Lévé, Granmèt, rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mété pouvoua-ou déyò, Granmèt, pou-ou sové nou.

Psòm 79 (80)

Granmèt, vizité jadin rézin-ou nan

Vini, Granmèt Jézu (Ap 22, 20).

- 2 Ou minm k-ap kondui Israèl, fè atansion, *
ou minm k-ap kondui Jozèf tankou mouton-an.
Ou minm ki chita anlè Chéribin yo, kléré, *
- 3 dévan Éfrayim, Benjamin ak Manasé.
Drésé pouvoua-ou, épi vini, *
pou-ou sové nou.
- 4 Bondié, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sové.
- 5 Granmèt Bondié lamé yo, *
jouskilè ou-ap fè kòlè sou priyè pèp ou-a ?
- 6 Ou té fè nou manjé pin dlo ki sot nan jé nou, *
ou té ba nou bouè nan dlo ki sot nan jé nou kont kò nou.
- 7 Ou té fè nou vîn tounin kontradiksion pou vouazin nou yo, *
ènmi nou yo t-ap pasé nou nan jouèt.
- 8 Bondié lamé-yo, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sové.
- 9 Ou té transplanté pié rézin-an sot Éjjip, *
ou té chasé nasion yo, ou té planté-l.
- 10 Ou té égalizé térin dévan-l, *
ou té planté rasîn li, li té anvayi péyi-a.
- 11 Li té kouvri mòn yo ak lonbraj li, *
branch li té pié sèd Bondié ;
- 12 li té lonjé branch li yo jous nan diréksion lanmè-a, *
ak boujon-l yo jous nan diréksion gran riviè-a.
- 13 Pouki sa ou krazé miray li-a, *
épi tout moun k-ap pasé sou chémin-an ap kéyi grap li yo ?
- 14 Kochon maron ki nan rak boua-a fini avèk li, *
tout bèt sovaj manjé-l.
- 15 Bondié lamé yo, viré, *
gadé antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè, vizité pié rézin sa-a.

- 16 Épi protéjé sa-a min douat ou té planté-a, *
épi sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 17 Yo boulé-l nan difé, yo raché-l ; *
sé pou yo péri, lè fas ou ap ménasé.
- 18 Sé pou min-ou sou moun min douat ou-a, *
sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 19 Épi nou pap viré do ba ou, ou-a fè nou viv, *
épi n-ap rélé non-ou.
- 20 Granmèt Bondié lamé yo, fè nou tounin,
fè fas ou kléré, épi n-a sové.

Réf. Mété pouvoua-ou déyò, Granmèt, pou-ou sové nou.

Réf. 2 Granmèt la té fè mèvèy, anonsé sa sou tout tè-a.

Kantik

Iz 12, 1-6

Rèl fèt pèp yo rachté-a

Si yon moun souaf, sé pou-l vîn jouinn mouin pou-l bouè (Jan 7, 37).

- 1 M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt,
paské lè-ou té an kòlè kont mouin, *
ou détounin kòlè-ou, ou konsolé-m.
- 2 Min Bondié sovè-m nan, *
mouin gin konfians, mouin pap pè,
paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la, *
sé li minm ki vîn sové-m.
- 3 N-ap tiré dlo ak kè kontan *
sot nan sous Sovè-a.
- 4 N-ap di nan jou sa-a : *
« Fè louanj Granmèt la, rélé non li,

fè konnin mèvèy li yo nan pèp yo ; *
fè sonjé kijan non-l anlè nèt.

⁵ Chanté pou Granmèt la, paské li fè mèvèy ; *
sé pou yo konn sa sou tout tè-a.

⁶ Fété, fè louanj, ou ki abité nan Siyon, *
paské li gran nan mitan-ou, Sin Israèl la ».

Réf. Granmèt la té fè mèvèy, anonsé sa sou tout tè-a.

Réf. 3 Fété pou Bondié ki poté nou sékou. †

Psòm 80 (81)

Rénouvèlman aliens la chak ané

Fè atansion, pou nan youn nan nou pa gin yon kè mové, san lafoua (Éb 3. 12).

² Fété pou Bondié sékou nou, *

† pousé rèl fèt pou Bondié Jakòb la.

³ Pran kantik, frapé tanbou, *
bon gita-a avèk bandjo-a.

⁴ Sonnin tronpèt la nan fèt nouvèl lîn nan, *
nan jou plinn-lîn nan, nan gran fèt chak ané nou-an.

⁵ Paské sé yon kòdmanman pou Israèl sa yé, *
sé yon jijman pou Bondié Jakòb la.

⁶ Li té mété-l kòm témouagnaj nan Jozèf, †
lè-l t-ap soti nan péyi Éjip la ; *
mouin té tandé yon paròl mouin pa-t konnin :

⁷ « Mouin ouété chaj yo sot sou do-l ; *
min-l té sispann poté kòbèy la.

- 8 Nan tribilasyon-an ou té rélé-m, mouin té libéré-ou, †
mouin réponn ou nan kachèt mové tan-an, *
mouin sondé-ou bò dlo Mériba-a.
- 9 Kouté, pèp mouin, m-ap pozé-ou késion ; *
Israèl, pa pito-ou kouté-m !
- 10 Pap gin dié étranjé nan ou, *
ou pap adoré dié étranjé.
- 11 Sé mouin minm ki Granmèt Bondié-ou, †
ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la ; *
ouvri bouch ou blin laj, pou-m kapab plin-l.
- 12 Pèp mouin-an pa-t kouté voua-m, *
Israèl pa fè atansion ban mouin.
- 13 Mouin té lagé yo dapré kè yo ki rèd la, *
y-ap maché nan pròp lidé yo.
- 14 Si pèp mouin-an té kouté-m, *
si Israèl té maché nan chémin-m yo !
- 15 Yon ti moman mouin t-a krazé ènmi-l yo, *
mouin t-a lonjé min-m sou sa yo k-ap fè-l pasé tray yo.
- 16 Ènmi Granmèt yo t-a flaté-l, *
sò yo t-a réglé pou sièk yo ;
- 17 mouin t-a fè yo manjé nan blé ki gra, *
mouin t-a plin vant yo ak mièl ròch la.

Réf. Fété pou Bondié ki poté nou sékou.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 65-72

IX (☩ Tèt)

- ⁶⁵ Ou té fè sèvitè-ou dibyin, Granmèt, *
daprè paròl ou-a.
- ⁶⁶ Aprann mouin sa-k bon, ni intélijans, ni sians, *
paské nan kòmandman-ou yo mouin té mété konfians mouin.
- ⁶⁷ Anvan mouin té rabésé-a, mouin té pèdi chémin ; *
koulié-a minm mouin kinbé promès ou-a.
- ⁶⁸ Ou bon, ou fè dibyin, *
aprann mouin désizion ou yo.
- ⁶⁹ Ògégé yo kalkilé manti kont mouin, *
mouin minm minm ak tout kè-m
mouin kinbé kòmandman-ou yo.
- ⁷⁰ Kè yo gro tankou grès, *
kanta mouin minm sé nan laloua-ou la
mouin jouinn plézi mouin.

- 71 Sa bon pou mouin poutèt mouin té umilié, *
pou-m aprann désizion-ou yo.
- 72 Li bon pou mouin, laloua bouch ou-a, *
plis pasé milion lò ak lajan.

Psòm 55 (56), 2-7 b. 9-14

Mété konfians nan paròl Granmèt la

Sé Kris la nan soufrans li-a y-ap montré (S. Jéròm).

- 2 Pitié pou mouin, Bondié,
paské moun nan ap foulé-m anba pié, *
tout jounin sa k-ap fè-m lagè-a ap krazé-m.
- 3 Ènmi-m yo ap foulé-m anba pié tout jounin, *
paské yo anpil sa k-ap batay kont mouin yo, ou minm ki Anlè nèt la.
- 4 Nan ninpòt jou mouin t-a pè, *
m-ap éspéré nan ou.
- 5 Nan Bondié sa-a m-ap chanté paròl li-a, †
nan Bondié mouin éspéré ; *
- 6 mouin pa pè : ki sa pou chè-a fè-m ?
- 7 Tout jounin, y-ap défòmé paròl mouin, *
kont mouin tout lidé yo sé pou sa-k mal.
- 7 Y-ap éksité goumin, yo kaché ap mété pièj, *
yo minm y-ap véyé tras mouin.
- [7c - 8]
- 9 Ou konté démach mouin yo : †
mété dlo ki sot nan jé-m yo nan véso-ou la ; *
èské ou pa konté yo ?

- ¹⁰ Lè sa-a ènmi-m yo ap viré dèyè, †
nan ninpòt ki jou m-ap rélé : *
min, mouin konnin sé Bondié-m ou yé.
- ¹¹ Nan Bondié, li minm m-ap fè louanj paròl li-a, *
nan Granmèt la, li minm m-ap fè louanj paròl li-a,
- ¹² nan Bondié mouin éspéré ; *
mouin pap pè : ki sa pou moun fè-m ?
- ¹³ Yo sou mouin, Bondié, promès mouin fè-ou yo ; *
m-ap rinmèt louanj yo ba ou,
- ¹⁴ paské ou déliyé nanm mouin sot nan lanmò, †
ak pié-m sot nan pièj, *
pou-m maché dévan Bondié nan limiè vivan yo.

Psòm 56 (57)

Priyé granmatin nan mové trétman

Sé soufrans Granmèt la psòm sa-a ap chanté (S. Ogustin).

- ² Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin, *
paské sé nan ou nanm mouin kaché ;
anba lonbraj zèl ou mouin chèché kachèt, *
joustan malè-a pasé.
- ³ Mouin rélé kot Bondié ki Anro nèt la, *
Bondié ki fè-m dibyin-an.
- ⁴ Sé pou-l voyé sot nan sièl la, pou-l déliyé-m ; †
sé pou-l fè sa k-ap krazé-m yo ront. *
Sé pou Bondié voyé mizérikòd li ak vérité-l.
- ⁵ Nanm mouin kouché nan mitan pitit lion yo *
y-ap dévoré pitit moun yo.

Dan yo sé zam ak flèch, *
lang yo sé épé byin filé.

6 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.

7 Yo té ranjé pièj pou lè m-ap pasé, *
nanm mouin té répliyé sou li ;
Yo té fouyé yon fos dévan fas mouin, *
sé yo ki té tonbé ladan-l.

8 Kè-m paré, Bondié, †
kè-m paré ; *

9 m-ap chanté, épi m-ap joué mizik.

Lévé, gloua mouin, †
lévé, mandolîn ak bandjo, *
m-ap révéyé dévan jou-a.

10 M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
m-ap joué mizik pou ou nan nasion yo,

11 paské ou gran, mizérikòd ou rivé jous nan sièl yo, *
fidélité-ou rivé jous nan nuaj yo.

12 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin té mété-ou kòm limiè nasyon yo, pou sé ou minm sovè mouin ba yo-a jous nan bout tè-a.

Psòm 71 (72)**Pouvoua Mési-a kòm roua**

Antan yo louvri trézò yo, yo té ofri-l kado, lò, épi lansan, épi lamir (Mt 2, 11).

I

- ¹ Bondié, bay roua-a jijman-ou, *
bay pitit roua-a jistis ou ;
- ² l-ap jijé pèp ou-a nan jistis, *
ak pòv ou yo nan jijman.
- ³ Sé pou mòn yo poté lapè-a pou pèp la, *
épi ti rotè yo jistis la.
- ⁴ L-ap jijé pòv yo nan pèp la, †
l-ap sovè pitit maléré yo *
l-ap krazé sa k-ap fè profitè-a.
- ⁵ L-ap diré ansanm avèk solèy la épi dévan lalîn-nan, *
pou jénérasyon ak jénérasyon.

- ⁶ L-ap désann tankou laplui sou gazon, *
 tankou farinaj k-ap tranpé tè-a.
- ⁷ Nan tan-l yo jistis ap fléri ak lapè an kantité, *
 joustan lalîn nan disparèt.
- ⁸ Épi l-ap kòmandé sot nan lanmè al nan lanmè, *
 épi sot nan gran riviè-a jous nan bout fas tè yo.
- ⁹ Dévan-l, moun yo ki rété nan dézè-a ap plouayé, *
 ènmi-l yo ap niché atè-a.
- ¹⁰ Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri richès, *
 roua Arabi yo ak Saba ap poté kado.
- ¹¹ Tout roua yo ap adoré-l, *
 tout nasion yo ap sèvi-l.

Réf. Mouin té mété-ou kòm limiè nasion yo, pou sé ou minm sovè mouin ba yo-a jous nan bout tè-a.

Réf. 2 Sé pou Granmèt la sovè pitit pòv yo; anba violans la sé pou-l rachté nanm yo.

II

- ¹² Sèké l-ap libéré maléré-a k-ap rélé-a, *
 ak pòv la ki pa gin moun pou poté-l sèkou.
- ¹³ L-ap pran pitié pou pòv la ak maléré-a, *
 nanm pòv yo l-ap sovè yo.
- ¹⁴ L-ap délivré yo sot nan injistis ak violans, *
 san yo ap gin gran valè dévan-l.
- ¹⁵ Sé pou-l viv, sé pou yo ba-l nan lò Arabi-a, †
 sé pou yo lapriyé pou li tout tan ; *
 tout jounin y-ap béni-l.

- 16 Sé pou gin kantité blé sou tè-a, *
 sé pou-l frisonnin sou tèt mòn yo ;
 sé pou frui-l tankou Liban, *
 sé pou yo lévé nan vil la tankou zèb tè-a.
- 17 Sé pou non-l béni pou sièk yo, *
 dévan solèy la, sé pou non-l diré.
 Sé pou tout fanmi tè-a béni nan non-l, *
 sé pou tout nasion di jan-l gran.
- 18 Li béni, Granmèt Bondié, Bondié Israël, *
 li minm ki fè mèvèy pou kont li.
- 19 Épi non grandè li-a béni pou tout tan ; *
 épi tout tè-a ap plin ak grandè-l. Amèn, amèn.

Réf. Sé pou Granmèt la sovè pitit pòv yo; anba violans la sé pou-l rachte nanm yo.

Réf. 3 Koulié-a sovè nou sovè-a rivé épi rouayòm Bondié nou-an.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

- 11,17 N-ap di ou mèsì, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- 18 Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k réspékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.

- 12,10 Koulié-a yo sové, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizatè frè nou yo, *
 li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
 lajounin kon lannuit la.
- 11 Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
 épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
 yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- 12 Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
 ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Koulié-a sové nou sové-a rivé épi rouayòm Bondié nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
 dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Pa korijé-m nan kòlè-ou la, Granmèt.

Psòm 37 (38)

Démann péchè-a ap fè avèk insistans antan li nan yon gran danjé
Tout zanmi-l yo té kanpé louin-l (Lk 23, 49).

I

² Granmèt, pa fè-m éksplikasyon nan kòlè-ou, *

épi nan mové san-ou pa korijé-m,

³ paské flèch ou yo anfonse nan mouin, *

épi min-ou désann sou mouin.

⁴ Pa gin koté ki an-santé nan chè-m dévan kontrariété-ou, *

pa gin lapè nan zo-m yo dévan péché-m yo.

- 5 Sèké fot mouin yo dépasé tèt mouin *
épi tankou yon poua lou yo pézé-m anpil.

Réf. Pa korijé-m nan kòlè-ou la, Granmèt.

Réf. 2 Granmèt, dévan-ou tout anvi-m.

II

- 6 Foua-m pouri épi dékonpozé *
dévan mank-sajès mouin-an.
- 7 Mouin plouayé épi mouin koubé anpil ; *
tout jounin m-ap maché ak chagrin.
- 8 Sèké rin-m plin ak chalè, *
épi pa gin koté ki an-santé nan chè-m.
- 9 Mouin nan lapinn épi mouin rabésé anpil, *
mouin t-ap rélé poutèt jémisman kè-m.
- 10 Granmèt, dévan-m tout anvi-m, *
jémisman-m pa kaché pou ou.
- 11 Kè-m ap bat, fòs mouin abandoné-m, *
épi limiè jé-m,
épi li minm li pa avè-m.
- 12 Zanmi-m yo épi prochin mouin yo
sé louin blès mouin yo kanpé, *
pròch mouin yo sé byin louin yo kanpé.
- 13 Yo té mété pièj sa ki t-ap chèché nanm mouin yo, †
épi s-ak t-ap chèché mal pou mouin yo, yo t-ap palé pièj *
épi sé riz tout jounin yo t-ap médité.

Réf. Granmèt, dévan-ou tout anvi-m.

Réf. 3 Fot mouin-an m-ap fè-ou konnin li ; pa lagé-m, Granmèt, sovè mouin.

III

- ¹⁴ Mouin minm minm tankou yon moun ki soud mouin pa-t kouté *
épi tankou moun ki bèbè ki pa louvri bouch li ;
- ¹⁵ Mouin té tankou yon moun ki pa tandé, *
épi ki pa gin réplik nan bouch li.
- ¹⁶ Paské nan ou, Granmèt, mouin té espéré, *
ou minm ou té kouté Granmèt Bondié mouin.
- ¹⁷ Sèké mouin té di : « Pînga lè y-ap pran plézi osijè-m nan ; *
pandan pié-m ap tranblé,
y-ap fè grandizè sou tèt mouin ».
- ¹⁸ Paské mouin minm mouin prêt pou-m tonbé, *
épi doulè mouin-an li dévan-m tout tan.
- ¹⁹ Paské fot mouin-an m-ap anonsé-l *
épi mouin pran tèt chajé osijè péché-m.
- ²⁰ Ènmi-m yo minm, y-ap viv épi yo gin asirans, *
épi yo multiplié, sa yo ki rayi-m yo avèk méchansté.
- ²¹ Antan y-ap rinmèt mal pou byin, yo t-ap palé-m mal, *
poutèt mouin t-ap suiv sa ki bon-an.
- ²² Pa lagé-m, Granmèt ; *
Bondié mouin, pa alé louin-m.
- ²³ Fè vit poté-m sékou, *
Granmèt, sovè mouin.

Réf. Fot mouin-an m-ap fè-ou konnin li ; pa lagé-m, Granmèt, sovè mouin.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit avan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Yon kè krazé, rabésé, Bondié pa méprizé-l.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- ⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- ⁵ Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.

- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.

- ²⁰ Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
 pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- ²¹ Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
 kado avèk sakrifis antié ; *
 lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Yon kè krazé, rabésé, Bondié pa méprizé-l.

Réf. 2 Malgré ou t-a an kòlè, Granmèt, ou-ap sonjé mizéridòd la.

Kantik

Abak 3, 2-4. 13 a. 15-19

Bondié parèt pou-l jijé

Lévé tèt nou, paské rédanmsion nou toupré (Lk 21, 28).

- ² Granmèt, mouin té tandé sa y-ap di sou ou, *
 Granmèt, mouin krinn sa-ou fè.
 Nan mitan ané yo, fè-l viv, *
 nan mitan ané yo, fè rékonèt li.
 Lè ou t-a nan kòlè, *
 sonjé mizérikòd la.
- ³ Bondié rivé sot Téman, *
 Sin-an rivé sot sou mòn Faran-an.
 Li kouvri sièl yo ak gloua li, *
 tè-a plin avèk louanj li.
- ⁴ Klèté-l la ap tankou limiè-a, †
 dé réyon sot nan min-l yo : *
 sé la fòs li kaché.
- ¹³ Ou té sòti pou-ou sové pèp ou-a, *
 pou-ou sové Kris ou-a.

- 15 Ou té fè yon chémin nan lanmè-a pou choual ou yo, *
nan labou pakèt gran dlo yo.
- 16 Mouin té tandé sa, zantray mouin frisonnin, *
nan voua sa-a po-bouch yo mouin tranblé,
Dékonpozision antré nan zo-m yo, *
épi mouin tranblé sou plas.
M-ap rété trankil pou jou tribilasyon-an, *
k-ap monté kont pèp sa-a k-ap piyé nou-an.
- 17 Sèké pié fig la pap boujonnin, *
pap gin frui nan pié rézin yo ;
frui pié oliv la ap rabougri, *
jadin yo pap bay manjé ;
mouton yo disparèt sot nan pak la, *
pa gin bèf ankò nan krèch yo.
- 18 Mouin minm m-ap kontan nan Granmèt la, *
m-ap fè fèt nan Bondié ki sovè-m nan,
- 19 Granmèt la sé fòs mouin, †
li pozé pié-m tankou kabrit, *
li fè-m maché sou rotè-m yo.

Réf. Malgré ou t-a an kòlè, Granmèt, ou-ap sonjé mizéridòd la.

Réf. 3 Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm. †

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- 12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- 19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- 20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm. †

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 73-80
X (° Yòd)

- 73 Min-ou yo fè-m, yo fòmé-m ; *
ban-m intèlijans, m-a aprann lòd ou yo.
- 74 Sa-k krinn ou yo, y-ap ouè-m, y-ap kontan, *
paské nan paròl ou yo mouin té espéré byin espéré.
- 75 Mouin té konnin, Granmèt, jijman-ou yo kòrèk, *
sé nan vérité ou té umilié-m.
- 76 Sé pou mizèrikòd ou-a rivé pou-l konsolé-m, *
dapré promès ou bay sèvitè-ou la.
- 77 Sé pou pitié-ou yo vîn sou mouin pou-m viv, *
paské laloua-ou la sé plézi-m li yé.
- 78 Sé pou yo ront, ògéyé yo, paské yo plouayé-m ak manti, *
mouin minm minm m-ap médité nan kòmandman-ou yo.
- 79 Moun ki krinn ou yo ap viré koté-m *
ni sa-k aprann témouagnaj ou yo.
- 80 Fè kè-m vîn san tach nan désizion-ou yo, *
pou-m pa ront.

Psòm 58 (59), 2-5. 10-11. 17-18

Priyè kont sa k-ap chèché kont yo

Paròl sa yo ap aprann tout moun dévouman Sovè-a aléga Papa-I (Euzèb moun Sèzaré).

- 2 Délivré-m sot nan min ènmi-m yo, Bondié mouin, *
anba min sa yo ki lévé kont mouin yo, protéjé-m.
- 3 Délivré-m sot nan min sa yo k-ap fè méchansté yo, *
anba min moun k-ap fè san koulé yo, sové-m.
- 4 Sèké min yo fè konplo kont nanm mouin, *
yo fonsé sou mouin avèk fòs.
- 5 Pa gin fot, ni péché nan mouin, Granmèt ; *
San-m pa fè méchansté, yo kouri, yo pran pozision.
Lévé pou-ou vîn rankontré-m, pou-ou ouè ; †
[6 - 9]
- 10 Fòs mouin, sé ou minm m-ap tann ; *
paské, Bondié, sé protéksion-m ou yé.
- 11 Bondié mouin, sé pou mizérikòd li pran dévan-m. *
Bondié ap fè pou-m méprizé ènmi-m yo.
[12 - 16]
- 17 Mouin minm m-ap chanté fòs ou, *
m-ap fété granmatin mizérikòd ou-a,
paské ou vîn tounin protéksion-m *
ak kachèt mouin nan jou tribilasyon-m nan.
- 18 Fòs mouin, m-ap chanté pou ou, †
paské, Bondié, sé protéksion-m ou yé : *
Bondié mouin, mizérikòd mouin.

Psòm 59 (60)

Priyè apré dézas la

Sou tè-a n-ap gin tray, min, konfians, mouin ranpòté viktoua sou tè-a (Jan 16, 33).

- 3 Bondié, ou té réjité nou, ou té détoui nou. *
Ou faché. Tounin vîn jouinn nou !
- 4 Ou té souké tè-a, ou té sakajé-l ; *
géri blès li yo, paské li krazé.
- 5 Ou té fè pèp ou-a ouè bagay ki rèd, *
ou fè nou bouè divin vètij.
- 6 Ou té bay moun ki respékté-ou yo yon signal, *
pou yo pran lafuit louin zam k-ap tiré flèch la.
- 7 Pou moun ou rinmin yo kapab délivré, *
lonjé min douat ou pou-ou sové nou, réponn nou.
- 8 Bondié palé nan kay sakré-l la : †
« M-ap fè fèt, m-ap séparé Sikèm, *
m-ap mézuré tè-fon Soukòt la.
- 9 Galaad, sé pou mouin, Manasé sé pou mouin, *
Éfrayim sé fòs pou tèt mouin.
Juda, sé baton kòmandman-m, *
- 10 Moab sé kuvèt pou-m lavé.
Sou Édòm, m-ap lagé sapat mouin, *
sou Filisti mouin pousé rèl viktoua ».
- 11 Kilès k-ap minnin-m nan vil ki byin protéjé-a ? *
Kilès k-ap kondui-m jous nan Édòm ?
- 12 Èské ou minm, Bondié, sé pa ou ki té réjité nou,
épi ou pa-t soti avèk lamé nou yo, Bondié ?

Ba nou sékou nan tribilasyon-an, *
paské sové ki sot nan moun, sa pa vo anyin.

¹³ Nan Bondié n-ap fè prodij, *
épi li minm l-ap foulé anba pié sa k-ap fè nou pasé tray yo.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt, libéré nanm mouin sot nan lanmò, pié-m yo sot nan fo-pa.

Psòm 114 (116 A)

Aksion-d-gras

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a (Tr Ap 14, 22).

¹ Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.

- 2 Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- 3 Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.
Tribilasion ak doulè, sé sa mouin té jouinn †
- 4 épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Antan Granmèt la protèjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sové-m.
- 7 Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- 8 Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- 9 M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo.

Réf. Granmèt, libéré nanm mouin sot nan lanmò, pié-m yo sot nan fo-pa.

Réf. 2 Sékou-m vîn sot nan Granmèt la, ki té fè sièl la ak tè-a.

Psòm 120 (121)

Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- 1 M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- 2 Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- 3 Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- 4 Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israèl la.
- 5 Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- 6 Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- 7 Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- 8 Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Sékou-m vîn sot nan Granmèt la, ki té fè sièl la ak tè-a.

Réf. 3 Yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, Roua sièk yo.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
Roua nasion yo !

⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
Paské ou minm sèl ou Sin, †
paské tout nasion yo ap vini
y-ap adoré nan fas ou, *
paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, Roua sièk yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sonjé nou, Granmèt, vizité nou nan sovè ou sovè nou-an.

Psòm 105 (106)

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la

Yo ékri bagay sa yo pou édikasion nou, nou minm ki rivé nan finisman sièk tan yo (1 Ko 10, 11).

I

¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon, *
paské pou sièk tan mizérikòd li.

² Kilès k-ap rakonté puisans Granmèt la, *
k-ap fè tandé tout louanj li yo ?

- 3 Ala kontantman pou moun ki kinbé jijman-an, *
épi ki fè jistis nan tout okazion.
- 4 Sonjé nou, Granmèt, nan bon kè-ou pou pèp ou-a, *
vizité nou nan sovè ou sovè nou-an,
- 5 pou nou kapab ouè byin moun ou chouazi yo, †
pou nou kontan nan kontantman nasion-ou nan, *
pou nou jouinn gloua avèk éritaj ou-a.
- 6 Nou fè péché avèk papa nou yo, *
nou aji yon jan ki pa korèk, nou fè fot.
- 7 Papa nou yo nan Éjip la,
yo pa-t konprann mèvèy ou yo, †
yo pa-t sonjé pakèt mizérikòd ou yo, *
yo té fè-ou fè kòlè, antan y-ap monté nan lanmè-a,
nan lanmè Rouj la.
- 8 Li té sovè yo poutèt non li, *
pou-l fè konnin puisans li.
- 9 Li té ménasé lanmè Rouj la, li séché, *
li té kondui yo nan bafon dlo yo tankou nan yon dézè.
- 10 Li té sovè yo sot anba min sa-k rayi yo-a, *
li té rachté yo anba min ènmi-an.
- 11 Dlo-a té kouvri sa-k t-ap fè yo pasé tray la : *
pa gin youn nan yo ki té chapé.
- 12 Yo té mét lafoua nan paròl li yo, *
yo té chanté louanj li.
- 13 Byin vit, yo bliyé aksion-l yo, *
yo pa konté sou désizion-l nan ;
- 14 yo mété lidé yo sou anvi yo té ginyin nan dézè-a, *
yo tanté Bondié nan tè san dlo-a.
- 15 Li té ba yo sa yo mandé-a, *
li té fè nanm yo plin.

- 16 Yo té éksité jalouzi Moyiz nan kanpman-an, *
ni Aaron, sin Granmèt la.
- 17 Tè-a té louvri, li té valé Datan, *
li té kouvri group Abiram nan.
- 18 Difé té limin kont group yo-a, *
yon flanm dévoré péchè yo.

Réf. Sonjé nou, Granmèt, vizité nou nan sové ou sové nou-an.

Réf. 2 Fè atansyon anpil pou-ou pa bliyé kontra Granmèt la Bondié-ou la.

II

- 19 Yo té fè yon ti toro nan Orèb, *
yo adoré yon pòtré ;
- 20 yo chanjé gloua yo-a *
pou pòtré yon toro k-ap manjé zèb.
- 21 Yo té bliyé Bondié ki té sové yo-a, *
li minm ki té fè bagay ékstraòdinè nan Éjip la,
- 22 mèvèy nan péyi Kam nan, *
prodij nan lanmè Rouj la.
- 23 Li té di li t-ap détrui yo, *
si Moyiz, sa-l té chouazi-a, pa-t kanpé dévan-l :
li té kanpé nan moman déstriksion-an dévan fas li, *
pou-l fè-l kité kòlè-l, pou-l pa détrui yo.
- 24 Yo té méprizé yon péyi yo kapab anvi, *
yo pa-t mét lafoua nan paròl li.
- 25 Yo té bougonnin nan tant yo, *
yo pa-t kouté voua Granmèt la.
- 26 Li té lévé min-l kont yo, *

- pou-l té fè yo tonbé nan dézè-a,
 27 pou-l té fè désandans yo tonbé nan pami nasion yo, *
 pou-l té gayé yo nan péyi yo.
 28 Yo té rinmèt tèt yo bay Baal-Péòr, *
 yo manjé sakrifis mò ;
 29 avèk konduit yo, yo té provoké kòlè-l la, *
 li minm li té plonjé sou yo pou ravaj.
 30 Pinas té kanpé, li réglé kòz la, *
 konsa, krazé-brizé-a té sispann,
 31 yo konsidéré sa kòm jistis pou li, *
 pou jénérasyon ak jénérasyon jous pou tout tan.
 32 Yo té éksité kòlè-a bò dlo Mériba yo, *
 malè rivé Moyiz akòz yo,
 33 sèké yo té fè rébèl kont éspri li, *
 li minm li kité bouch li palé san konsidérasion.

Réf. Fè atansion anpil pou-ou pa bliyé kontra Granmèt la Bondié-ou la.

Réf. 3 Sové nou, Granmèt, rasanblé nou sot nan pami nasion yo.

III

- 34 Yo pa-t gayé nasion yo, *
 sa Granmèt la té di yo-a.
 35 Yo té mélanjé avèk nasion yo, *
 yo té aprann aksion yo.
 36 Yo té sèvi zidòl yo, *
 ki vîn tounin antrav pou yo.
 37 Yo té sakrifié pitit gason yo *
 ak pitit fi yo bay démon yo.

- 38 Yo té vidé san inosan, †
 san pròp pitit gason yo ak pitit fi yo, *
 yo té ofri yo kòm sakrifis bay zidòl Kanaan yo.
 Yo té sal péyi-a ak san sa yo, †
- 39 yo té kontaminé nan aksion yo, *
 yo té fè fònikasion nan konduit yo.
- 40 Kolè Granmèt la té boulé kont pèp li-a, *
 li vîn gin dégou éritaj li-a.
- 41 li té lagé yo nan min nasion yo, *
 sa-k rayi yo té kòmandé yo.
- 42 Ènmi yo té maltrété yo, *
 yo blijé bésé tèt yo anba min yo.
- 43 Li té délivré yo anpil foua ; †
 min yo minm yo éksité-l nan désizion-l, *
 yo té blijé bésé tèt yo akoz pròp fòt yo.
- 44 Li té ouè tribilasion yo, *
 lè-l té tandé rèl yo.
- 45 Li té sonjé téstaman-l nan, *
 li té pran pitié pou yo, akoz anpil mizérikòd li yo.
- 46 Li té ba yo pou yo jouinn pitié *
 dévan tout moun ki t-ap minnin yo kòm prizonié yo.
- 47 Granmèt, Bondié nou, sové nou, *
 rasanblé nou sot nan pami nasion yo,
 pou nou kapab fè déklarasion pou non-ou ki sin-an, *
 pou nou jouinn gloua nan fè louanj yo.
- 48 Li béni, Granmèt la, Bondié Israèl la, †
 dépi sièk la épi jous nan sièk la. *
 Sé pou tout pèp la di : « Amèn, amèn ».

Réf. Sové nou, Granmèt, rasanblé nou sot nan pami nasion yo.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 N-ap anonsé anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, ak vérité-ou la tout nannuit.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

- ² Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki Anro nèt la,
- ³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
- ⁴ sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
- ⁵ Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.

- 6 Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
- 7 Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
- 8 Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
- 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.
- 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
yo vidé luil sou mouin an kantité.
- 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- 13 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- 14 Yo planté nan kay Granmèt la, *
nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- 15 Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
16 pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
kachèt mouin-an, *
pa gin défo nan li.

Réf. N-ap anonsé anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, ak vérité-ou la tout nannuit.

Réf. 2 Bay Bondié nou-an grandè.

Kantik

Dét 32, 1-12

Byinfè Bondié nan pèp la

Konbyin fous mouin té vlé rasanblé pitit ou yo, minm jan yon poul rasanblé ti poulèt li yo anba zèl (Mt 23, 37).

- 1 Kouté, sièl yo, m-apral palé, *
sé pou tè-a tandé paròl bouch mouin !
- 2 Sé pou ansègnman-m nan dégouté tankou lapli, *
sé pou paròl mouin koulé tankou larouzé
tankou farinaj sou zèb *
tankou ti lapli sou gazon.
- 3 Sèké m-ap rélé non Granmèt la : *
bay grandè pou Bondié nou-an !
- 4 Blòk Ròch la, aksion-l réyisi nèt, *
paské tout chémin-l sé jistis.
Bondié vérité, pa gin okinn manti, *
li kòrèk, li douat.
- 5 Yo té péché kont li, sé pa pitit li yo nan salté yo-a, *
jénérasyon ki tòdié, ki pèvèti.
- 6 Èské sé bagay sa-a ou rinnèt bay Granmèt la, *
pèp fou, ki san sajès ?
Èské sé pa li minm ki papa-ou, *
ki achté-ou, li minm ki fè-ou, ki té pozé-ou byin solid ?
- 7 Sonjé jou lontan yo, *
réfléchi sou chak jénérasyon yo ;
pozé papa-ou késion, l-ap ba-ou nouvèl, *
granmoun ou yo, y-a di-ou.

- 8 Lè Sa-a ki anro nèt la t-ap séparé nasion yo, *
 lè-l t-ap séparé pitit Adan yo,
 li té instalé frontiè pèp yo *
 dapré kantité pitit Israël yo ;
- 9 min pòsion Granmèt la, sé pèp li-a, *
 Jakòb sé kòd éritaj li-a.
- 10 Li té jouinn li nan péyi dézè-a, *
 nan koté ki fè tranblé ak nan rèl sovaj dézè-a ;
 li té antouré-l, li té pran souin-l *
 li té véyé sou li tankou mitan grinn jé-l.
- 11 Tankou malfini k-ap pousé ti pitit li yo pou yo volé *
 épi k-ap plané anlè yo,
 li té déplouayé zèl li, li té pran-l, *
 li poté-l anlè zèl li yo.
- 12 Sé Granmèt la sèl ki té kondui-l, *
 pa-t gin dié étranjé avèk li.

Réf. Bay Bondié nou-an grandè.

Réf. 3 Ala ékstraòdinè non-ou ékstraòdinè, Granmèt, sou tout tè-a.

Psòm 8

Grandè Bondié, konsidèrasion moun

Li mété tout bagay anba pié-l, li bay li kòm tèt sou tout Égliz la (Éféz 1, 22).

- 2 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
 paské grandè-ou ro *
 anlè sièl yo.

- 3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.
- 4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
lalîn ak zétoual yo ou fiksé,
5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?
- 6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
ak gloua ak konsidérasion ou kouronnin-l *
7 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.
- Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †
8 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
minm bèt nan rak boua yo,
9 zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.
- 10 Granmèt, Granmèt nou, *
ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Réf. Ala ékstraòdinè non-ou ékstraòdinè, Granmèt, sou tout tè-a.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 81-88

XI (☞ Kaf)

- 81 Nanm mouin rivé jous nan bout nan sové ou sové-m nan, *
nan paròl ou-a mouin espéré byin espéré.
- 82 Jé-m yo rivé jous nan bout nan promès ou-a, *
antan y-ap di : « Kilè ou-ap konsolé-m ? ».
- 83 Mouin tankou yon véso po-bèt nan lafimin ; *
volonté-ou yo, mouin pa bliyé yo.
- 84 Konbyin yo yé, jou sèvitè-ou yo ? *
Kilè ou-ap fè jijman osijè pèsékité-m yo ?
- 85 Ògégé yo fouyé fòs pou mouin, *
yo minm ki pa dapré laloua-ou la.
- 86 Tout lòd ou yo sé vérité ; *
y-ap pèsékité-m ak manti : poté-m sékou.
- 87 Yon ti kras ankò yo t-ap fini avèk mouin sou tè-a, *
mouin minm minm mouin pa kité kòmandman-ou yo.
- 88 Dapré mizérikòd ou-a fè mouin viv, *
m-ap kinbé témouagnaj bouch ou-a.

Psòm 60 (61)

Priyè égzilé-a

Priyè moun kòrèk la ki espéré lavi pou tout tan-an (S. Ilè).

- ² Kouté démann mouin, Bondié, *
panché sou priyè-m.
- ³ Dépi nan bout tè-a m-ap rélé koté-ou, †
pandan kè-m séré. *
Sou ròch yo pa kapab monté-a, kondui-m !
- ⁴ Paské ou sé espérans mouin, *
sitadèl fòs an fas ènmi-an.
- ⁵ M-ap abité nan tant ou-a pou sièk yo, *
m-ap jouinn protéksion nan voual zèl ou yo,
- ⁶ paské ou minm, Bondié mouin, ou kouté voua-m, *
ou bay éritaj pou moun ki krinn non-ou yo.
- ⁷ Ou ajouté jou sou jou roua-a, *
sé pou ané-l yo jous nan jou jénérasyon ak jénérasyon.
- ⁸ Sé pou-l chita pou tout tan dévan fas Bondié ; *
sé pou mizérikòd ak vérité prezèvé-l.
- ⁹ Konsa m-ap chanté psòm ou non-ou pou sièk sièk la, *
pou-m rinmèt vé-m yo jou apré jou.

Psòm 63 (64)

Priyè kont ènmi yo

Plis pasé tout bagay yo montré valè soufrans Granmèt la nan psòm sa-a (S. Ogustin).

- 2 Bondié, kouté voua-m k-ap plinn ; *
 prézèvé nanm mouin sot nan krint ènmi-an.
- 3 Protéjé-m sot nan rasanbléman méchan yo, *
 sot foul moun yo k-ap fè méchansté-a.
- 4 Yo té filé lang yo tankou yon épé, †
 yo té ajusté flèch yo, sé paròl anpouazonnin, *
 5 pou yo t-a tiré flèch an kachèt kont sa-k san répròch la.
 San-z-atann yo t-ap tiré flèch sou li, épi yo pa pè, *
- 6 youn té soutni lòt nan mové kòz la.
 Yo té antann yo pou yo kaché pièj yo, *
 yo t-ap di : « Kilès k-ap ouè yo ? ».
- 7 Yo té kalkilé méchansté, †
 yo réalizé plan yo fin kalkilé-a. *
 Anndan moun nan ak kè-l sé yon trou san fon.
- 8 Sèlman Bondié tiré flèch sou yo ; †
 san-z-atann, yo pran gro kou, *
 9 pròp lang yo fè yo fébli.
- Tout moun k-ap ouè yo, y-ap souké tèt yo, *
 10 tout moun ap vîn pè ;
 y-ap déklaré sa Bondié fè, *
 y-ap konprann aksion-l yo.
- 11 Moun ki kòrèk la ap kontan nan Granmèt la, l-ap éspéré nan li, *
 tout moun ki douat nan kè yo ap jouinn gloua.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN III

DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touzièm dimanch Avan: Jérusalèm, sé pou-ou kontan ak gran
kontantman, paské Sovè-a ap vini jouinn ou, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

*Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè
(Lk 1, 52).*

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.

- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Touazièm dimanch Avan: Réf. Jérusalèm, sé pou-ou kontan ak gran kontantman, paské Sovè-a ap vini jouinn ou, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm dimanch Avan: Mouin minm, Granmèt la, mouin té fè jistis mouin-an proché; li pap pran tan, sovè m-ap sovè nou-an pap fè réta.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- 10 [1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- 11 [2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- 12 [3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?

- ¹³ [4] M-ap pran kalis ki sovè nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴ [5] M-ap rinmèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵ [6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶ [7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷ [8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ [9] M-ap rinmèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹ [10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Touzièm dimanch Avan: Réf. Mouin minm, Granmèt la, mouin té fè jistis mouin-an proché; li pap pran tan, sovè m-ap sovè nou-an pap fè réta.

Réfrin 3

Touzièm dimanch Avan: Voyé Mouton-an, Granmèt, li minm k-ap kòmandé sou tè-a, sot nan Ròch dézè-a, vîn sou mòn pitit fi Siyon-an.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ⁶ Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,

- 7 min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
- 8 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 *épi tout lang pou déklaré* : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Touzièm dimanch Avan: Réf. Voyé Mouton-an, Granmèt, li minm k-ap kòmandé sou tè-a, sot nan Ròch dézè-a, vîn sou mòn pitit fi Siyon-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki pròp pou chak tan yo.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO**Réfrin 1**

Touazièm dimanch Avan: Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Psòm 144 (145)**Louanj grandè Bondié**

Ou kòrèk, ou minm ki égzisté, épi ki té égzisté, Sin-an (Ap 16, 5).

I

- ¹ M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua, † ⌘
 m-ap béni non-ou *
 pou sièk épi pou sièk sièk la.
- ² Chak jou m-ap béni-ou, † ⌘
 m-ap fè louanj pou non-ou *
 pou sièk épi pou sièk sièk la.

Psòm 92 (93)

Grandè Granmèt la, kréatè-a

Li roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fèté, sé pou nou ba li gloua (Ap 19, 6. 7).

- ¹ Granmèt la roua ! Li vlopé ak bèlté ; *
Granmèt la vlopé, li maré rin-l ak fòs.
Réyèlman li rann fas tè-a solid, *
pou-l pa souké.
- ² Trôn ou solid dépi lontan, *
dépi sièk la ou égzisté.
- ³ Gran riviè yo lévé, Granmèt, †
gran riviè yo lévé voua yo, *
Gran riviè yo lévé éklatman yo.
- ⁴ Anlè voua dlo ki anpil yo, †
anlè dlo lanmè yo ki monté avèk puisans yo, *
Granmèt la puisan nan rotè yo.
- ⁵ Témouagnaj ou yo mérité konfians nèt ; *
kay ou-a mérité sin li sin-an, Granmèt,
pou longè tan yo.

Touazièm dimanch Avan: Granmèt la ap vini, li pap fè réta, pou-l kléré sa ki kaché nan fènoua yo, l-ap fè tout nasion yo ouè-l, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm dimanch Avan: Mòn yo ak tout ti rotè yo ap rabésé, sa-k té krochi yo ap vîn douat, sa-k té gin ròch yo ap chémin nivlé. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Kantik

Dan 3, 57-88. 56

Sé pou tout kréatu fè louanj Granmèt la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo (Ap 19, 5).

- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 58 Béni Granmèt la, sièl yo, *
59 béni Granmèt la, anj Granmèt la.
- 60 Béni Granmèt la, tout dlo yo ki anlè sièl yo, *
61 béni Granmèt la, tout pouvoua Granmèt la.
- 62 Béni Granmèt la, solèy ak lafn nan, *
63 béni Granmèt la, zétoual sièl la.
- 64 Béni Granmèt la, tout lapli ak larouzé, *
65 béni Granmèt la, tout van k-ap souflé yo.
- 66 Béni Granmèt la, difé ak chalè, *
67 béni Granmèt la, frédi ak chalè.
- 68 Béni Granmèt la, larouzé ak farinaj glasé, *
69 béni Granmèt la, grèl ak frédi.
- 70 Béni Granmèt la, glas ak lanèj, *
71 béni Granmèt la, nuit yo ak jou yo.
- 72 Béni Granmèt la, limiè ak fènoua yo, *
73 béni Granmèt la, zéklè avèk nuaj.
- 74 Sé pou tè-a béni Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 75 Béni Granmèt la, mòn yo ak ti rotè yo, *
76 béni Granmèt la, tout plant sou tè-a.
- 77 Béni Granmèt la, lanmè yo ak riviè yo, *
78 béni Granmèt la, sous yo.

- 79 Béni Granmèt la, balèn
 ak tou sa ki an mouvman nan dlo yo, *
- 80 béni Granmèt la, tout zouazo sièl yo.
- 81 Béni Granmèt la, tout bèt boua ak bèt gadinaj, *
- 82 béni Granmèt la, pitit moun yo.
- 83 Sé pou Israël béni Granmèt la, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 84 Béni Granmèt la, prèt Granmèt yo, *
- 85 béni Granmèt la, sèvitè Granmèt yo.
- 86 Béni Granmèt la, éspri ak nanm ki kòrèk yo, *
- 87 béni Granmèt la, sin yo ak sa ki pòv nan kè yo.
- 88 Béni Granmèt la, Ananias, Azarias, Misaèl, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
 An nou béni Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ; *
 an nou fè louanj li, an nou lévé-l anlè
 dépasé tou sa-k gran pou tout tan.
- 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
 ou mérité louanj, ou mérité gloua pou tout tan.

Alafin kantik sa-a yo pa di Viv Papa-a.

Touazièm dimanch Avan: Réf. Mòn yo ak tout ti rotè yo ap rabésé, sa-k té krochi yo ap vîn douat, sa-k té gin ròch yo ap chémin nivlé. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Réfrin 3

Touazièm dimanch Avan: M-ap bay sové n-ap sové-a nan Siyon, épi nan Jérusalèm gloua-m nan, alélouya.

Psòm 148

Proklamasion Granmèt la kréatè-a

Pou sa-a ki chita sou trôn nan ak pou Mouton-an bénédiksion, konsidérasion, gloua ak pouvoua pou tout tan gin tan (Ap 5, 13).

- 1 Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo, *
† fè louanj li nan anro anlè yo.
- 2 Fè louanj li, tout anj li yo, *
fè louanj li, tout puisans li yo.
- 3 Fè louanj li, solèy ak lafin, *
fè louanj li, tout zétoual yo k-ap kléré-a.
- 4 Fè louanj li, sièl sièl yo, *
épi tout dlo yo ki anlè sièl yo.
- 5 Sé pou yo fè louanj non Granmèt la, *
paské li minm li kòmandé, épi yo té kréyé ;
- 6 li fiksé yo pou tout tan épi pou sièk sièk la ; *
li té bay lòd, li pap néglijé.
- 7 Fè louanj pou Granmèt la dépi sot sou tè-a, *
nou minm gro bèt lanmè yo ak tout bafon dlo yo,
- 8 difé, lagrèl, lanèj, brouya, *
van tanpèt k-ap égzékité paròl li,
- 9 mòn yo ak tout ti rotè yo, *
pié boua ki bay frui ak tout pié sèd yo,
- 10 bèt boua yo ak tout bèt gadinaj yo, *
sèpan yo ak tout zouazo zèl yo.
- 11 Roua yo sou tè-a ak tout pèp yo, *
chèf yo ak tout jij yo sou tè-a,
- 12 jèn jan yo ak vièj yo, *
granmoun yo ak timoun yo,

¹³ sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la, *
paské sé non-l sèl ki anlè nèt.

Grandè li anlè sièl la ak tè-a, *

¹⁴ li lévé kòn pèp li-a.
Imn pou tout sin-l yo, *
pou pitit Israèl yo, pèp ki toupré li-a.

Touazièm dimanch Avan: Réf. M-ap bay sovè n-ap sovè-a nan Siyon,
épi nan Jérusalèm gloua-m nan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la,
tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sovè-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I

- ¹ Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasyon-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- ⁶ Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- ⁷ Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- ⁸ Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- ⁹ Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- ¹⁰ Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.

- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *

- sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sové-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touazièm dimanch Avan: Min Granmèt la ap vini, pou-l chita avèk chèf yo pou-l pran posésion fotèy gloua-a.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
† joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédèk ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Touazièm dimanch Avan: Min Granmèt la ap vini, pou-l chita avèk chèf yo pou-l pran posésion fotèy gloua-a.

Réfrin 2

Touazièm dimanch Avan: Sé pou mòn yo fè kontantman-an éklaté épi ti rotè yo jistis la, paské limiè tè-a, Granmèt la, ap vini avèk pouvoua.

Psòm 110 (111)

Gran aksion Granmèt la

Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua (Ap 15, 3).

- | | | |
|---|--|---|
| 1 | M-ap fè déklarasion pou Granmèt la ak tout kè-m, * | א |
| | nan konsèy moun kòrèk yo ak asanblé-a. | ב |
| 2 | Travay Granmèt yo gran, * | ג |
| | yo mérité tout moun ki anvè yo chèché yo. | ד |
| 3 | Travay li sé gloua ak grandè, * | ה |
| | jistis li diré pou sièk sièk la. | ו |
| 4 | Li fè sonjé mèvèy li yo, * | ז |
| | Granmèt la gin mizérikòd, li pran pitié. | ח |
| 5 | Li bay moun ki krinn li yo manjé ; * | ט |
| | li sonjé aliens li pou tout tan. | י |
| 6 | Li anonsé pèp li-a fòs travay li yo, † | כ |
| | pou-l ba yo éritaj nasion yo ; * | ל |
| 7 | travay min-l, sé vérité ak jijman. | מ |
| | Tout kòmandman-l yo fidèl, † | נ |
| 8 | yo asiré pou sièk sièk la, * | ס |
| | yo fèt nan vérité ak jistis. | ע |

- 9 Li voyé rédanmsion pou pèp li-a, * פ
li kòmandé aliens li-a pou tout tan. צ
- Non-l sin, li térib. * ק
- 10 Kòmansman sajès la sé krint Granmèt la, * ר
sé bon intélijans pou tout moun ki fè-l ; * ש
louanj li diré pou sièk sièk la. ת

Touazièm dimanch Avan: Réf. Sé pou mòn yo fè kontantman-an éklaté épi ti rotè yo jistis la, paské limiè tè-a, Granmèt la, ap vini avèk pouvoua.

Réfrin 3

Touazièm dimanch Avan: Sé pou nou viv kòrèk, sin, antan n-ap tann ak éspoua ki sin Granmèt la k-ap vini-an.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

- Alélouya.
- 1 Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)
- 2 paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).
- 5 Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)

ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Touazièm dimanch Avan: Réf. Sé pou nou viv kòrèk, sin, antan n-ap tann ak éspoua ki sin Granmèt la k-ap vini-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki koréssonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki koréssonn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié nou-an ap vini aklè, épi li pap rét an silans.

Psòm 49 (50)

Véritab dévosion nan Granmèt la

Mouin pa vini pou-m défèt laloua-a, min pou-m akonpli-l (Cf. Mt 5, 17).

I

¹ Bondié dié yo Granmèt la palé, *

li rélé tè-a dépi olévan jous okouchan.

² Dépi Siyon Granmèt la kléré avèk bèl dékorasion, *

³ Sé pou Bondié nou-an vini, épi sé pa pou-l rét an silans :

difé dévan fas li ap dévoré, *
épi alantou li gro tanpèt.

4 Li invité sièl la antan-l anro-a *

épi tè-a pou jijé pèp li-a :

5 « Rasanblé sin-m yo ban mouin, *

yo minm ki té pasé aliens mouin-an nan sakrifis la ».

6 Sièl yo ap anonsé jistis li, *

paské Bondié sé jij la.

Réf. Bondié nou-an ap vini aklè, épi li pap rét an silans.

Réf. 2 Ofri bay Bondié sakrifis louanj.

II

7 « Kouté, pèp mouin, m-ap palé ; †

Israèl, m-ap déklaré témouagnaj kont ou : *

Sé Bondié, Bondié-ou mouin yé.

8 Sé pa poutèt sakrifis ou yo m-ap réprann ou ; *

sakrifis antié-ou yo dévan fas mouin tout tan.

9 Mouin pap aksépté ti bèf ki sot lakay ou, *

ni kabrit ki sot nan pak ou yo.

10 Paské tout bèt boua yo sé pou mouin, *

mil bèt nan mòn yo.

11 Mouin konnin tout zouazo sièl la, *

épi sa ki an mouvman nan jadin sé pou mouin li yé.

12 Si-m grangou, mouin pap di-ou ; *

fas tè-a réyéلمان sé pou mouin ak sa-k plin-l.

13 Èské m-ap manjé chè toro yo, *

oubyin san kabrit yo, èské m-ap bouè-l ?

14 Sakrifé sakrifis louanj pou Bondié, *

- rinmèt Sa-a ki anro nèt la sa-ou té promèt yo ;
 15 rélé-m nan jou tribilasyon-an : *
 m-ap déliivrè-ou, ou-a fè-m jouinn konsidèrasion ».

Réf. Ofri bay Bondié sakrifis louanj.

Réf. 3 Sé mizèrikòd mouin té vlé, sé pa sakrifis : épi sé konésans Bondié plis pasé sakrifis antié.

III

- 16 Kanta pou péchè-a, Bondié di : †
 « Pouki sa ou-ap résité kòmandman-m yo, *
 épi ou-ap mété téstaman-m nan nan bouch ou ?
 17 Ou minm poutan ou té rayi disiplin,
 épi ou té réjité paròl mouin yo dèyè do-ou.
 18 Si-ou té ouè yon vòlè, ou t-ap kouri ansanm avèk li ; *
 épi sé avèk adiltè-a pòsion-ou yé.
 19 Bouch ou, ou té lagé-l bay méchansté, *
 lang ou t-ap plédé kozé riz.
 20 Antan-ou chita kont frè-ou ou t-ap palé, *
 épi kont pitit manman-ou
 ou t-ap di bagay pou avili-l.
 21 Sé bagay sa yo ou té fè, épi mouin té pé bouch mouin. †
 Ou té konprann mouin té sanblé avèk ou. *
 M-ap fè-ou ésplikasion,
 épi m-ap drésé bagay sa yo kont fas ou.
 22 Konprann bagay sa yo, nou minm ki bliyé Bondié-a, *
 pou-m pa sézi, épi pa gin pèsonn ki déliivré.
 23 Moun ki ofri sakrifis louanj, l-ap fè-m jouinn gloua, †

moun ki san tach nan chémin-an, *
m-ap montré-l sové Bondié sové nou-an.

Réf. Sé mizérikòd mouin té vlé, sé pa sakrifis : épi sé konésans Bondié plis pasé sakrifis antié.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt.

Lindi anvan 24 désanm: Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Psòm 83 (84)

Anvi tanp Granmèt la

Nou pa gin isit la yon vil k-ap diré, min sé sa k-ap vini-an n-ap chèché (Ébr 13, 14).

- 2 Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo ! *
- 3 Nanm mouin anvi, li t-ap dépéri pou kay Granmèt la.
Kè-m ak chè-m *
t-ap fété nan Bondié vivan-an.
- 4 Minm ti zouazo-a jouinn yon kay pou li, †
toutrèl la jouinn yon nich, koté li dépozé ti pitit li yo : *
lotèl ou yo, Granmèt puisans yo, roua-m ak Bondié-m.
- 5 Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a : *
pou tout tan y-ap fè louanj ou.
- 6 Ala kontantman pou moun sa-a ki jouinn sékou-l nan ou-a, *
li dispozé monté pou-l monté yo nan kè-l.
- 7 Lè y-ap pasé nan bafon souaf la, y-ap fè-l tounin yon sous, *
réyèlman laplui nan matin-an ap vlopé-l ak bénédiksyon.
- 8 Y-ap maché sot nan puisans al nan puisans, *
Bondié dié yo ap fè yo ouè-l nan Siyon.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kouté priyè-m ; *
panché zòrèy ou, Bondié Jakòb.
- 10 Protéktè nou, gadé, Bondié, *
voyé jé sou fas Kris ou-a.
- 11 Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil, †
mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan, *
plis pasé pou-m abité nan tant péchè yo.
- 12 Sèké Granmèt Bondié-a sé solèy ak boukliyé, †
Granmèt la ap bay gras ak gloua ; *
li pap anpéché sa yo jouinn byin
yo minm k-ap maché nan inosans la.
- 13 Granmèt puisans yo, *
ala kontantman pou moun sa-a ki éspéré nan ou.

Réf. Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Réfrin 2

Vini, an nou monté sou mòn Granmèt la.

Lindi anvan 24 désanm: Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

Kantik

Iz 2, 2-5

Mòn kay Granmèt la anlè tèt mòn yo

Tout nasion yo ap vini, y-ap adoré nan fas ou (Ap 15, 4).

- ² Ap rivé nan dènié jou yo, *
 mòn kay Granmèt la ap paré anlè tèt mòn yo,
 épi l-ap lévé anlè ti mòn yo, *
 tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.
- ³ Anpil pèp ap vini épi y-ap di : †
 « Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, *
 ak nan kay Bondié Jakòb la,
 l-ap aprann nou chémin-l yo, *
 n-ap maché nan santié-l yo » ;
 paské sé nan Siyon laloua-a ap soti, *
 épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.
- ⁴ L-ap jijé nasion yo, *
 l-ap korijé anpil pèp,
 y-ap fonn épé yo nan pikoua, *

lans yo nan sèpèt ;
 nasion pap lèvé épé kont nasion, *
 ni yo pap aprann fè lagè ankò.

⁵ Kay Jakòb, vini, *
 an nou maché nan limiè Granmèt la.

Réf. Vini, an nou monté sou mòn Granmèt la.

Lindi anvan 24 désanm: Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo;
 louanj li sot nan limit tè-a.

Réfrin 3

Chanté pou Granmèt la, béni non-l.

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap
 jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Psòm 95 (96)

Granmèt la roua épi jij tout tè-a

Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, dévan fas Mouton-an
 (Cf. Ap 14, 3).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
 chanté pou Granmèt la, tout tè-a.
- ² Chanté pou Granmèt la, béni non li, *
 anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.
- ³ Anonsé gloua li pami nasion yo, *
 nan tout pèp yo mèvèy li yo.
- ⁴ Paské Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
 li térib anlè tout dié yo.

- 5 Paské tout dié nasion yo yo pa égzisté, *
min sé Granmèt la ki fè sièl yo.
- 6 Louanj ak bèlté dévan fas li, *
otorité ak dékoration nan kay sakré-l la.
- 7 Poté bay Granmèt la, fanmi pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans, *
- 8 poté bay Granmèt la gloua non-l nan.
- 9 Poté kado, antré nan lakou-l yo, *
adoré Granmèt la nan klètè-l ki sin-an.
- 10 Tranblé dévan fas li, tout tè-a, *
di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! ».
Rèyèlman l-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ; *
l-ap jijé pèp yo nan jistis.
- 11 Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété, †
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l ; *
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa-k nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap fété †
- 13 dévan fas Granmèt la, sèké l-ap vini, *
paské l-ap vini pou-l jijé tè-a.
L-ap jijé fas tè-a nan jistis *
ak pèp yo nan vérité-l la.

Réf. Chanté pou Granmèt la, béni non-l.

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 89-96

XII (7 Lamèd)

- ⁸⁹ Pou tout tan, Granmèt, *
paròl ou-a fikse nan sièl la.
- ⁹⁰ Pou jénérasyon ak jénérasyon vérité-ou la ; *
ou té fikse tè-a, li rété kanpé.
- ⁹¹ Dapré jijman-ou yo, yo diré jodi-a, *
paské tout bagay sèvi-ou.
- ⁹² Si laloua-ou la pa-t jouisans mouin, *
mouin t-a pétèt péri nan rabèsman-m nan.
- ⁹³ Pou tout tan mouin pap bliyé kòmandman-ou yo, *
paské sé nan yo ou fè mouin viv.
- ⁹⁴ Sé pou ou mouin yé, sové-m, *
paské sé kòmandman-ou yo mouin té rét ap chèché.
- ⁹⁵ Péchè yo ap tann mouin, pou yo détrui-m ; *
mouin konprann témouagnaj ou yo.

⁹⁶ Mouin ouè bout tout sa ki kòrèk nèl, *
lòd ou-a laj anpil.

Psòm 70 (71)

Granmèt, ou sé espérans mouin dépi-m tou jèn

Sé pou nou kontan nan espérans la, sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an (Rom 12, 12).

I

- ¹ Sé nan ou, Granmèt, mouin espéré, *
pa kité-m ront pou tout tan.
- ² Nan jistis ou-a libéré-m, épi délivré-m ; *
panché zòrèy ou sou mouin, sové-m.
- ³ Sé pou-ou sèvi-m yon ròch sitadèl ak yon kay défans, *
pou-ou sové-m,
paské fòs mouin-an *
ak kachèt mouin-an sé ou minm.
- ⁴ Bondié mouin, ouété-m, nan min péchè-a.
sot nan min moun k-ap trayi laloua-a, k-ap fè profitè-a.
- ⁵ Paské sé sou ou mouin konté, Granmèt ; *
Granmèt, ou sé espérans mouin dépi-m tou jèn.
- ⁶ Sé sou ou mouin apuiyé dépi-m nan vant, †
dépi nan vant manman-m sé ou minm ki poté-m ; *
sé nan ou louanj mouin yé tout tan.
- ⁷ Mouin tankou yon prodij pou anpil moun, *
sé ou minm sékou ki bay fòs.
- ⁸ Sé pou bouch mouin plin ak louanj ou, *
tout jounin ak grandè-ou.

- 9 Pa jété-m nan tan viyéès mouin-an ; *
lè fòs mouin fîn fébli-a, pa lagé-m.
- 10 Sèké ènmi-m yo ap palé sou mouin, †
sa yo k-ap sivéyé nanm mouin yo, *
y-ap fè konplo ansanm
- 11 antan y-ap di : « Bondié lagé-l ! †
An nou rapousuiv li, an nou sézi-l, *
paské nan pouin pèsonn k-ap délivré-l ».
- 12 Bondié, pa rété louin-m ; *
Bondié mouin, fè vit poté-m sékou.
- 13 Sé pou yo ront, sé pou yo disparèt, sa-k rayi nanm mouin yo ; *
sé pou mank-déga ak ront kouvri yo,
yo minm k-ap chèché pou malè rivé-m nan.

II

- 14 Kanta mouin minm tout tan m-ap espéré, *
épi m-ap ajouté sou tout louanj ou-a.
- 15 Bouch mouin ap anonsé jistis ou, †
tout jounin sové ou sové nou-an : *
pou-m t-a konté-l, mouin pa kapab.
- 16 M-ap rivé kot puisans Granmèt la ; *
Granmèt, m-ap fè sonjé jistis ou-a ki pa gin parèy la.
- 17 Bondié, ou ban-m ansègnman dépi-m tou jèn ; *
jous koulié-a m-ap anonsé mèvèy ou yo.
- 18 Minm lè-m fîn vié, lè-m gin chévé blan, *
Bondié, pa lagé-m,
pou-m kapab déklaré fòs bra-ou la *
bay tout jénérasyon-an k-ap vini-an.

- Pouvoua-ou ¹⁹ ak jistis ou, Bondié, †
 ki jous anro-a, sé gras a li ou té fè mèvèy yo : *
 Bondié, kilès ki tankou-ou?
- ²⁰ Ou fè-m ouè anpil tray ak malè ; †
 ou-a rékòmansé fè-m viv ankò, *
 ou-a fè-m rémonté sot anba fon tè-a ankò.
- ²¹ Fè-m jouinn plis konsidérasion, *
 rétounin vîn konsolé-m.
- ²² Oui mouin minm tou m-ap fè déklarasion pou ou, †
 nan instriman pou joué mizik psòm yo vérité-ou la, Bondié mouin ; *
 m-ap chanté pou ou nan gita-a, Sin Israël la.
- ²³ Po-bouch mouin yo ap fè fèt, lè m-a chanté pou ou, *
 ni nam mouin-an ou té délivré-a ;
- ²⁴ tout jounin lang mouin ap médité jistis ou-a, *
 lè y-ap ront, y-ap dézonoré,
 sa k-ap chèché pou malè rivé-m yo.

Pou lòt Lè yo, yo pran psòm konplémantè yo nan séri I épi III, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Jé nou yo toujou sou Granmèt la, joustan li pran pitié pou nou.

Lindi anvan 24 désanm: Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Psòm 122 (123)

Granmèt la, konfians pèp la

Dé avèg... yo té rélé : « *Pitié pou nou, Granmèt, pitit David* » (Mt 20, 30).

- ¹ Koté-ou mouin té lévé jé-m yo, *
ou minm ki abité nan sièl yo.
- ² Min sé tankou jé sèvitè yo
kot min mèt yo, *
tankou jé sèvant la kot min métrès li,
sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an, *
joustan li pran pitié pou nou.
- ³ Pitié pou nou, Granmèt, pitié pou nou, *
paské nou plin ak mépri ;
- ⁴ Paské nanm nou plin anpil *
ak dérizion moun ki rich yo,
ak mépri arogan yo.

Réf. Jé nou yo toujou sou Granmèt la, joustan li pran pitié pou nou.

Lindi anvan 24 désanm: Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Réfrin 2

Sékou nou nan non Granmèt la ki té fè sièl la ak tè-a.

Lindi anvan 24 désanm: Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

Psòm 123 (124)

Sékou nou nan non Granmèt la

Granmèt la té di Pòl: « Pa pè... paské mouin avèk ou » (Tr Ap 18, 9-10).

- 1 Si Granmèt la pa-t nan nou,
sé pou Israèl di sa koulié-a, †
- 2 si Granmèt la pa-t nan nou, *
- lè moun yo lévé kont nou-an :
- 3 pétèt sé tou vivan yo t-ap valé nou, *
- lè raj yo t-ap boulé kont nou-an.
- 4 Pétèt dlo-a t-ap nouayé nou, †
- riviè-a t-ap pasé anlè nanm nou ; *
- 5 pétèt yo t-ap pasé anlè nanm nou,
- dlo yo k-ap bouyi yo.
- 6 Li béni, Granmèt la, *
- li minm ki pa rinmèt nou kòm manjé anba dan yo.
- 7 Nanm nou tankou zouazo ki chapé *
- sot nan pièj chasè yo :
- pièj la krazé, *
- nou minm minm nou chapé.

⁸ Sékou nou o non Granmèt la, *
ki fè sièl la ak tè-a.

Réf. Sékou nou nan non Granmèt la ki té fè sièl la ak tè-a.

Lindi anvan 24 désanm: **Réf.** Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

Réfrin 3

Nan Pitit li-a Bondié té chouazi nou kòm pitit adoptif li yo.

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

³ Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

⁵ li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,

- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,
dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
dapré bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nan Pitit li-a Bondié té chouazi nou kòm pitit adoptif li yo.

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié lévé, épi sa-k rayi-l yo sovè kò yo dévan fas li.

Psòm 67 (68)

Kòtèj viktoua Granmèt la ap antré

Antan-l monté nan rotè-a, li minnin anprizònman nan prizon, li bay moun yo kado yo (Éféz 4, 8).

I

- ² Bondié lévé, sé pou ènmi-l yo gayé ; *
sé pou sa yo ki rayi-l yo sovè kò yo dévan fas li.
- ³ Tankou lafimin gayé, ou gayé yo ; †
tankou lasi fonn dévan fas difé, *

- konsa péchè yo péri dévan fas Bondié.
 4 Sé pou moun kòrèk yo fè kè yo kontan,
 épi sé pou yo fété dévan fas Bondié, *
 sé pou yo joui nan kè kontan.
- 5 Chanté pou Bondié, di kantik pou non-l ; †
 paré rout pou li, li minm y-ap poté sou nuaj yo : *
 Granmèt la sé non-l sa.
 Fè fèt dévan fas li ; †
- 6 papa òfélin yo ak jij vèv yo, *
 Bondié nan kay li ki sin-an.
- 7 Bondié ki fè pòv yo abité nan yon kay, †
 ki kondui prizonié yo nan richès ; *
 min rébèl yo ap rété nan tè ki sèk la.
- 8 Bondié, lè-ou té sòti dévan fas pèp ou-a, *
 lè-ou t-ap travèsé nan dézè-a, tè-a té tranblé,
 9 minm sièl la té fè laplui dévan fas Bondié Sinayi-a, *
 dévan fas Bondié Israèl la.
- 10 Sé yon lapli gras ou té vidé, Bondié ; *
 éritaaj ou-a ki fèb la, ou té réfè-l.
- 11 Vivan-ou yo té abité ladan-l, *
 ou té paré-l pou pòv la nan bon kè-ou, Bondié.

Réf. Bondié lévé, épi sa-k rayi-l yo sové kò yo dévan fas li.

Réf. 2 Bondié nou-an, sé Bondié k-ap sové nou ; épi pou Granmèt la, pòt lanmò-a.

II

- 12 Granmèt la bay lòd ; *
 fi k-ap poté nouvèl yo, sé yon gran lamé :

- 13 « Roua lamé yo sovè kò yo, yo sovè kò yo, *
fi ki rét lakay la, li séparé richès yo pran nan lagè-a.
- 14 Pandan nou kouché nan pòtay pak la : *
zèl toutrèl yo kouvri ak lajan,
plim yo kouvri ak lò koulè jòn fonsé.
- 15 Pandan Sa-k gin tout pouvoua-a t-ap chasé roua yo koté sa-a, *
Sèlmon vîn blan tankou lanèj ».
- 16 Mòn Bondié, mòn Bachan, *
mòn ki apik, mòn Bachan.
- 17 Nou minm mòn ki apik yo, pouki sa n-ap koupé kout-jé, †
sou mòn koté Bondié jouinn plézi-l pou-l abité-a ? *
Réyèlman sé la Bondié ap abité pou tout tan.
- 18 Chario Bondié yo, sé dis millon mil : *
Granmèt la vini sot Sinayi nan kay sakré-a.
- 19 Ou monté sou rotè-a, ou kondui anprizònman nan prizon ; †
ou résévoua moun yo kòm kado, *
pou minm sa-k rébèl yo abité bò koté Bondié Granmèt la.
- 20 Li béni, Granmèt la, chak jou ; *
Bondié sovè nou-an ap poté nou.
- 21 Bondié nou, sé Bondié k-ap sovè nou ; *
épi pou Granmèt la, pou Granmèt la, pòt lanmò-a.
- 22 Vrèman Bondié ap krazé tèt ènmi-l yo, *
kouròn tèt chévé moun k-ap prominnin nan péché-l yo.
- 23 Granmèt la di : « M-ap fè yo tounin sot Bachan, *
m-ap fè yo tounin sot nan fon lanmè-a,
- 24 pou-ou lavé pié-ou nan san, *
pou lang chyin-ou yo jouin pòsion pa-l nan ènmi yo ».

Réf. Bondié nou-an, sé Bondié k-ap sovè nou ; épi pou Granmèt la, pòt lanmò-a.

Réf. 3 Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié ; joué psòm pou Granmèt la.

III

- 25 Yo ouè kijan ou-ap maché antré, Bondié,
maché antré Bondié mouin-an, roua mouin, nan kay sakré-a.
- 26 Moun k-ap chanté yo ap avansé dévan, †
muzisyin yo dèyè, *
nan mitan sé jèn fi yo k-ap bat tanbou yo.
- 27 « Nan asanblé yo béni Bondié, *
pou Granmèt la, nou minm dépi nan sous Israèl yo ».
- 28 Benjamin té la, li minm ki dènié pitit, antan l-ap minnin yo, †
té gin chèf Juda yo, avèk lamé-l la, *
té gin chèf Zabulon yo, chèf Néftali yo.
- 29 Kòmandé, Bondié, ak fòs ou ; *
asiré sa, Bondié, sa-ou té réalizé nan nou-an.
- 30 Dépi nan tanp ou-a nan Jérusalèm *
sé pou roua yo poté kado pou ou.
- 31 Méнасé bèt sovaj ki nan rozo-a, †
bann toro yo nan ti bèf pèp yo, *
sé pou yo bésé tèt yo ak piès lajan.
Gayé pèp yo ki vlé lagè-a. †
- 32 Sé pou sa-k gin pouvoua yo vîn sot Éjip, *
Sé pou Étiopi kouri lonjé min-l bay Bondié.
- 33 Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié,
joué psòm pou Granmèt la, †
chanté kantik pou Bondié,
- 34 li minm ki monté anlè sièl la nan diréksion olévan ; *
min li lèvé voua li, voua pouvoua-l.

- ³⁵ Bay Bondié pouvoua-a. †
Sou Israèl grandè-l, *
pouvoua-l nan nuaj yo.
- ³⁶ Ou mérité respè, Bondié, dépi kay sakré-ou la ! †
Sé Bondié Israèl li minm k-ap bay pèp li-a fòs ak pouvoua. *
Li béni, Bondié !

Réf. Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié ; joué psòm pou Granmèt la.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Ou té béni tè-ou la, Granmèt ; ou té padoné fot pèp ou-a.

Madi anvan 24 désanm: Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Psòm 84 (85)

Li tou pré nou sovè n-ap sovè-a

Lè Sovè nou-an tonbé nan tè-a, Bondié béni tè li-a (Orijen).

- 2 Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la, *
ou fè prizonié Jakòb yo tounin.
- 3 Ou padonnin fot pèp ou-a, *
ou kouvri tout péché-l yo.
- 4 Ou réfoulé tout kòlè-ou la, *
ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan.
- 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou, *
viré kòlè-ou la sot sou nou.
- 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou, *
oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon ?
- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vîn ba nou lavi, *
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt, *
sovè ou sovè nou-an ba nou li.
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di, †
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo, *
avèk pou sa yo ki chanjé nan kè yo.
- 10 Réyéلمان li tou pré moun ki krinn li yo, sovè li sovè nou-an, *
pou gloua-a abité sou tè nou-an.
- 11 Mizérikòd ak vérité rankontré, *
jistis ak lapè anbrasé.
- 12 Vérité-a lévé sot sou tè-a, *
jistis la panché sot nan sièl la.
- 13 Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a, *
tè nou-an ap bay frui li.

¹⁴ Jistis ap maché dévan-l, *
l-ap pozé pié-l sou rout la.

Réf. Ou té béni tè-ou la, Granmèt ; ou té padoné fot pèp ou-a.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Réfrin 2

Nanm mouin té anvi-ou nannuit, antan granmatin l-ap véyé koté-ou.

Madi anvan 24 désanm: Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Kantik

Iz 26, 1-4. 7-9. 12

Kantik apré viktoua sou ènmi yo

Miray vil la gin douz fondasion (Cf. Ap 21, 14).

- ¹ Vil fò nou-an ap sovè nou ;
li té mété miray ak avan-miray.
- ² Ouvri pòt yo, épi l-ap antré nasion kòrèk la, *
sa k-ap kinbé vérité-a.
- ³ Projè li-a solid ; *
ou-ap kinbé lapè-a,
paské nan ou li té éspéré.
- ⁴ Sé pou nou éspéré nan Granmèt la pou sièk tout tan yo,
Granmèt la ki blòk ròch tout tan-an.

- ⁷ Santié moun ki kòrèk la, li douat ; *
ou égalizé rout douat moun ki kòrèk la.
- ⁸ Nan rout jijman-ou yo, Granmèt, nou té espéré nan ou ; *
sé non-ou ak souvni-ou nanm nou anvi.
- ⁹ Nanm mouin anvi-ou nan nuit, *
min tou anndan fon kè-m ak éspri mouin m-ap chèché-ou.
Lè-ou fè jijman-ou yo kléré sou tè-a, *
moun yo ki abité fas tè-a aprann jistis.
- ¹² Granmèt, ou-ap ba nou lapè ; *
paské tout aksion nou yo, sé ou minm ki fè yo pou nou.

Réf. Nanm mouin té anvi-ou nannuit, antan granmatin l-ap véyé koté-ou.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Réfrin 3

Kléré fas ou sou nou, Granmèt.

Madi anvan 24 désanm: Fè nou rékonèt, Granmèt, chemin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Psòm 66 (67)

Sé pou tout nasion yo fè déklarasion pou Granmèt la

Sé pou nou konn sa, sovè Bondié sovè nou sa-a sé bay nasion yo yo voyé-l (Tr Ap 28, 28).

- 2 Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou ; *
- sé pou-l fè figi-l kléré sou nou,
- 3 Sé pou yo rékonèt chémin-ou yo sou tè-a, *
- sové ou sové nou-an nan tout nasion yo.
- 4 Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié ; *
- sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- 5 Sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, †
- paské ou jijé pèp yo nan fason ki douat, *
- ou dirijé nasion yo sou tè-a.
- 6 Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, *
- sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- 7 Tè-a té bay frui-l ; *
- Bondié béni nou, Bondié nou-an,
- 8 sé pou Bondié nou-an béni ou, *
- sé pou tout limit tè-a respékté-l.

Réf. Kléré fas ou sou nou, Granmèt.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sové ou sové nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 97-104

XIII (7) Mèm)

- ⁹⁷ Sé pa ti kras rinmin mouin rinmin laloua-ou la, Granmèt ; *
tout jounin li sé méditation-m.
- ⁹⁸ Anlè ènmi-m yo lòd ou-a fè mouin saj, *
paské pou tout tan sé pou mouin li yé.
- ⁹⁹ Plis pasé sa k-ap anségné-m yo mouin té vîn gin ladrès, *
paské témouagnaj ou yo sé méditation-m.
- ¹⁰⁰ Plis pasé ansyin yo mouin té gin intélijans, *
paské kòmandman-ou yo, mouin obsèvé yo.
- ¹⁰¹ Mouin té anpéché pié-m al nan okinn mové chémin, *
pou-m kinbé paròl ou yo.
- ¹⁰² Mouin pa-t dévié sot nan jijman-ou yo, *
paské ou té mété laloua-a dévan-m.
- ¹⁰³ Ala dous paròl ou yo dous nan palèt mouin, *
plis pasé siro mièl nan bouch mouin.
- ¹⁰⁴ Akòz kòmandman-ou yo mouin té gin intélijans ; *
sé poua mouin té rayi tout chémin manti.

Psòm 73 (74)

Lamantasion poutèt tanp la ki dévasté

Pa pè sa yo k-ap touyé kò-a (Mt 10, 28).

I

- 1 Poukisa, Bondié, ou té réjité jouskalafin, *
ou té faché ak gro kòlè sou mouton pak ou yo ?
- 2 Sonjé asanblé-ou la, *
sa-ou té posédé dépi nan kòmansman-an.
Ou té rachté ti plant éritaj ou-a, *
mòn Siyon koté ou abité-a.
- 3 Lévé pié-ou, vîn nan dékonb tout tan yo : *
ènmi-an té démoli tout bagay nan tanp la.
- 4 Yo té pousé gro rèl, sa yo ki té rayi-ou yo,
nan mitan asanblé-ou la ; *
yo té plasé sign pa yo kòm sign.
- 5 Yo té parèt tankou moun k-ap voyé kout rach sou tè mòn,
nan rak plin piéboua.
- 6 Yo té fann pòt li yo nan li ; *
ak rach, ak mas, yo té jété-l.
- 7 Yo té boulé tanp ou-a ak difé, *
yo té sal tant non-ou nan atè ;
- 8 Yo té di nan kè yo : « N-ap krazé yo ansanm ». *
N-ap boulé tout koté yo konn réyini pou Bondié sou tè-a ».
- 9 Nou pa ouè sign nou yo, †
nan pouin profèt ankò, *
pèsonn nan nou pa konnin pou jouskilè.
- 10 Jouskilè, Bondié, ènmi-an ap kontinué madichonnin, *
ènmi-an ap dérèspékté non-ou san rété ?

- 11 Pouki sa ou ralé min-ou, *
ou kinbé min douat ou anndan pouatrîn ou ?
- 12 Bondié, sé ou ki roua nou dépi tout tan, *
sé ou minm ki té sové nou nan mitan péyi-a.

II

- 13 Sé ou minm ki té gayé lanmè-a avèk fòs ou, *
ou té krazé tèt gro koulèv-zèl la sou dlo yo.
- 14 Ou té krazé tèt Léviatan, *
ou té rinmèt li kòm manjé bay gro bèt lanmè yo.
- 15 Sé ou minm ki té pèsé ni sous ni riviè ; *
ou minm ki té séché gro lariviè ki t-ap rété nèt yo.
- 16 Lajounin sé pou ou, ni lannuit sé pou ou, *
sé ou minm ki té fiksé ni limiè nan sièl yo ni solèy la.
- 17 Sé ou minm ki té pozé tout limit tè-a, *
ni tan chalè ni tan frèt sé ou minm ki fè yo.
- 18 Sonjé sa : †
ènmi-an ap madichonnin Granmèt la, *
yon pèp san konprann ap dérespékté non-ou.
- 19 Pa rinmèt nanm ki gin konfians nan ou yo bay bèt sovaj yo, *
nanm pòv ou yo, pa bliyé-l san rété.
- 20 Voyé jé sou téstaman-an, *
paské kachèt péyi-a plin ak tant violans.
- 21 Pa kité sa-k rabésé-a tounin ak laront ; *
pòv la ak maléré-a ap fè louanj pou non-ou.
- 22 Bondié, lévé pou-ou plédé kòz ou-a ; †
sonjé mank-déga kont ou yo, *
sa moun fou-a ap fè-ou tout jounin.
- 23 Pa bliyé rèl ènmi-ou yo ap pousé ; *
sa-k kanpé kont ou yo, sé tout tan y-ap fè brui voua yo monté.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi III, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyé final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Granmèt la alantou pèp li-a.

Madi anvan 24 désanm: Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sové pèp li-a.

Psòm 124 (125)

Granmèt la ap véyé sou pèp li-a

Lapè sou Israèl Bondié-a (Gal 6, 16).

¹ Moun yo ki mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon : *
li pap janm souké, l-ap rété pou tout tan.

² Jérusalèm, mòn yo antouré-l, †
konsa Granmèt la antouré pèp li-a *

dépi koulié-a jous pou tout tan.

³ Baton méchansté-a pap pozé sou éritaj moun ki kòrèk yo, *
pou moun ki kòrèk yo pa lonjé min yo nan méchansté.

⁴ Fè dibyin Granmèt, pou moun ki bon yo, *
moun kè yo douat yo.

⁵ Sa yo minm ki panché nan chémin krochi yo, †
sé pou Granmèt la minnin yo ansanm ak sa k-ap fè méchansté yo. *
Lapè sou Israèl !

Réf. Granmèt la alantou pèp li-a.

Madi avan 24 désanm: **Réf.** Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Réfrin 2

Si nou pa vîn tankou ti bébé, nou pap antré nan ringn sièl la.

Madi avan 24 désanm: Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Psòm 130 (131)

Konfians nan Granmèt la tankou yon ti moun

Pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pitit na kè-m (Mt 11, 29).

¹ Granmèt, kè-m pa gonflé, *
ni jé-m pa lévé,

mouin pa maché nan grandè, *
ni nan mèvèy ki anlè-m.

² Byin trankil, an répo *
mouin pozé nanm mouin ;
tankou yon ti bébé nan bra manman-l, *
tankou yon ti bébé, sé konsa nanm mouin yé nan mouin.

³ Sé pou Israël espéré nan Granmèt la, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Si nou pa vîn tankou ti bébé, nou pap antré nan ringn sièl la.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Réfrin 3

Granmèt, ou té fè nou roua ak prèt pou Bondié nou-an.

Madi anvan 24 désanm: Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasyon yo sovè ou sovè nou-an.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay, *
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.

- 5,9 Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- 10 épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- 12 Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajàs, *
 fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Granmèt, ou té fè nou roua ak prêt pou Bondié nou-an.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sové ou sové nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt.

Psòm 88 (89), 2-38

Mizérikòd Granmèt la sou kay David la

Sé nan ras David, dapré promès la, Bondié fè Jézu soti kòm Sovè (Tr Ap 13, 22. 23).

I

² Mizérikòd Granmèt la sé tout tan m-ap chanté yo, *
pou jénérasyon ak jénérasyon
m-ap anonsé vérité-ou nan bouch mouin.

- 3 Paské mouin té di : †
« Pou tout tan mizérikòd la bati », *
nan sièl yo vérité-ou la asiré.
- 4 « Mouin té réglé aliens avèk sa-a mouin chouazi-a, *
mouin té fè sèman bay David, sèvitè-m nan :
- 5 Pou tout tan m-ap asiré désandans ou-a, *
m-ap drésé trôn ou pou jénérasyon ak jénérasyon ».
- 6 Sièl yo ap fè déklarasyon pou mèvèy ou, Granmèt, *
ni vérité-ou la nan Égliz sin yo.
- 7 Paské kilès nan nuaj yo ki égal ak Granmèt la, *
k-ap sanblé ak Granmèt la nan pitit Bondié yo ?
- 8 Bondié ki mérité respè nan réyinion sin yo, *
li gran, li térib plis pasé tou sa-k entouré-l yo.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kilès ki tankou-ou ? *
Ou plin pouvoua, Granmèt, vérité-ou la vlopé-ou.
- 10 Sé ou minm ki kòmandé lanmè-a lè l-ap gonflé-a, *
lè lanm li yo monté-a, sé ou minm ki kalmé yo.
- 11 Sé ou minm ki krazé Raab, lè-ou fîn frapé-l, *
avèk fòs bra-ou ou gayé ènmi-ou yo.
- 12 Sièl yo sé pou ou, tè-a sé pou ou, *
fas tè-a ak sa ki ranpli-l, sé ou minm ki fiksé-l.
- 13 Nan-nò ak nan-sud, sé ou minm ki kréyé yo, *
ni Tabòr ni Èrmon, y-ap fété pou non-ou.
- 14 Ou gin yon bra ki gin fòs ; *
min-ou asiré, ou lévé min douat ou.
- 15 Jistis ak jijman sé solidité trôn ou-a. *
mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou.
- 16 Ala kontantman pou pèp la ki konn pousé rèl fèt la. *
Granmèt, nan limiè figi-ou y-ap maché,
- 17 o non-ou y-ap fété tout jounin, *

- 18 épi nan jistis ou-a y-ap lévé tèt yo,
paské sé ou minm ki bèlté pouvoua yo, *
sé nan bon plézi-ou kòn nou lévé.
- 19 Paské zam défans nou sé pou Granmèt la, *
pou Sin Israèl la, roua nou-an.

Réf. Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt.

Réf. 2 Bondié-a vîn fèt nan ras David la dapré chè-a.

II

- 20 Lè sa-a ou té palé nan vizion avèk sin-ou yo, ou té di : †
« Mouin té mété sékou-a nan yon moun ki fò, *
mouin lévé yon moun mouin chouazi nan pèp la.
- 21 Mouin té jouinn David sèvitè-m nan ; *
ak luil mouin ki sin-an mouin sakré-l.
- 22 Min-m ap rét fèm avèk li, *
bra-m ap ba li fòs.
- 23 Ènmi-an pap pran pié sou li ditou, *
pitit méchansté-a pap kapab nui li.
- 24 M-ap krazé ènmi-l yo dévan fas li, *
sa-k rayi-l yo, m-ap frapé yo.
- 25 Vérité-m ak mizérikòd mouin ap avèk li, *
o non-m l-ap lévé kòn li.
- 26 M-ap instalé min-l sou lanmè-a, *
min douat li sou rivè yo.
- 27 Li minm l-ap rélé-m : “Sé Papa-m ou yé, *
Bondié-m ak kachèt k-ap sové-m nan”.
- 28 Mouin minm m-ap mété-l kòm premié pitit, *
pi ro pasé roua yo sou tè-a.

- 29 Pou tout tan m-ap kinbé mizérikòd mouin pou li, *
 aliens mouin-an ap fidèl pou li.
 30 M-ap mété désandans li pou sièk sièk la, *
 ak trôn li-a tankou jou sièl yo.

Réf. Pitit Bondié-a vîn fèt nan ras David la dapré chè-a.

Réf. 3 Mouin fîn fè sèman yon fous bay David, sèvitè-m nan :
 Désandans li ap rété pou tout tan.

III

- 31 Min si pitit li yo lagé laloua-m nan, *
 si yo pa maché nan jijman-m yo,
 32 si yo profané désizion-m yo, *
 si yo pa obsèvé kòmandman-m yo,
 33 m-ap vizité fot yo avèk fouèt, *
 ni péché yo avèk répròch.
 34 Min mizérikòd mouin-an, mouin pap ouété-l sot sou li, *
 mouin pap bay manti nan vérité-m nan.
 35 Mouin pap dérépékté kontra-m nan, *
 sa-k fîn sot nan bouch mouin-an, mouin pap chanjé-l.
 36 Mouin fîn fè sèman yon fous sou mouin minm ki sin : *
 mouin pap bay David manti.
 37 Désandans li ap kanpé pou tout tan, *
 trôn li ap dévan-m tankou solèy la,
 38 tankou lalîn nan l-ap solid pou tout tan, *
 témouin fidèl nan sièl la ».

Réf. Mouin fîn fè sèman yon foua bay David, sèvitè-m nan : Désandans li ap rété pou tout tan.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Fè nanm sèvitè-ou la kontan: sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sové pèp li-a.

Psòm 85 (86)

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- 1 Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- 2 Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sovè sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap éspéré nan ou.
- 3 Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- 4 Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- 5 Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- 6 Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- 7 Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- 8 Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- 9 Tout nasyon yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,
- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
m-a maché nan vérité-ou la ;
fè kè-m vîn tou sinp, *
pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasyon pou ou, Granmèt Bondié mouin,
ak tout kè mouin, *
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèl la.

- ¹⁴ Bondié, ògèyé yo té soulvé kont mouin, †
 asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
 yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- ¹⁵ Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
 ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,
- ¹⁶ voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †
 bay sèvitè-ou fòs ou, *
 sové pitit sèvant ou-a.
- ¹⁷ Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
 pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
 paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sékou
 ou té konsolé-m.

Réf. Fè nanm sèvitè-ou la kontan: sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin.

Mèkrédi avan 24 désanm: Réf. Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sové pèp li-a.

Réfrin 2

Ala kontantman pou moun k-ap maché nan jistis, k-ap palé vérité.

Mèkrédi avan 24 désanm: Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joutan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Kantik

Iz 33, 13-16

Bondié ap jijé nan jistis

Sé pou nou promès la yé, ansanm ak pitit nou yo, ak tout moun ki louin yo (Tr Ap 2, 39).

- 13 Kouté, nou minm ki louin yo, sa mouin té fè, *
nou minm ki pré yo, sé pou nou konnin fòs mouin.
- 14 Nan Siyon, péchè yo pran sézisman, *
yon frison sézi méchan yo.
Kilès nan pami nou k-ap kapab abité avèk difé k-ap dévoré-a ? *
Kilès nan pami nou k-ap abité avèk flanm tout tan yo ?
- 15 Sé moun k-ap maché avèk jistis, *
moun k-ap di sa ki douat,
moun ki réfizé avantaj ki sot nan vòlè *
ki souké min-l pou-l pa résévoua favè,
ki bouché zòrèy li pou-l pa tandé paròl san, *
ki fèmin jé-l yo pou-l pa ouè sa-k mal :
- 16 sé moun sa-a k-ap abité sou rotè yo, *
kachèt li sé kay-défans sou blòk ròch yo ;
y-ap ba li pin, *
dlo yo ap asiré pou li.

Réf. Ala kontantman pou moun k-ap maché nan jistis, k-ap palé vérité.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joutan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Réfrin 3

Pousé rèl kontantman dévan fas Granmèt la ki roua-a.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Psòm 97 (98)

Grammèt la ranpòté viktoua nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré prémié fouda Grammèt la té vini-an épi lafouda tout nasion yo (S. Atanaz).

- ¹ Chanté pou Grammèt la yon kantik nouvo, *
paské li fè mèvèy.
Min douat li sové pou li, *
épi bra li ki sin-an.
- ² Grammèt la fè konnin sové li sové-a, *
nan fas nasion yo li révéle jistis li-a.
- ³ Li sonjé mizérikòd li-a *
épi vérité-l la pou kay Israèl la.
Tout limit tè-a ap ouè *
sové Bondié nou-an sové nou-an.
- ⁴ Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, *
éklaté, fété, chanté psòm.
- ⁵ Chanté psòm pou Grammèt la sou gita, *
sou gita ak voua psòm ;
- ⁶ nan tronpèt métal épi ak voua tronpèt kòn, *
pousé rèl fèt nan fas Grammèt la ki roua-a.
- ⁷ Sé pou lanmè-a sonnin ak sa-k plin-l nan, *
fas tè-a ak sa ki abité nan li yo.
- ⁸ Sé pou riviè yo bat bravo, †
sé pou tout mòn yo fété⁹ dévan fas Grammèt la, *
paské l-ap vîn jijé tè-a.
- L-ap jijé fas tè yo nan jistis *
ak pèp yo nan sa ki douat.

Réf. Pousé rèl kontantman dévan fas Granmèt la ki roua-a.

Mèkredi anvan 24 désanm: Réf. Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Lèktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 105-112

XIV (J Nûn)

¹⁰⁵ Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a, *
limiè pou santié-m yo.

¹⁰⁶ Mouin fè sèman, mouin rété fidèl *
pou-m kinbé jijman jistis ou-a.

¹⁰⁷ Mouin rabésé jous nan fon, Granmèt ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.

- ¹⁰⁸ Ofrann bouch mouin-an, sé pou yo fè-ou plézi, Granmèt, *
jijman-ou yo, aprann mouin yo.
- ¹⁰⁹ Nanm mouin nan min-m tout tan, *
laloua-ou la, mouin pa bliyé-l.
- ¹¹⁰ Péchè yo pozé pièj pou mouin, *
mouin pa dévié sot nan kòmandman-ou yo.
- ¹¹¹ Éritaj mouin sé témouagnaj ou yo pou tout tan, *
paské sé kontantman kè-m yo yé.
- ¹¹² Mouin panché kè-m pou fè jistis ou yo *
pou tout tan, jouskalafin.

Psòm 69 (70)

Bondié, vîn édé mouin

Granmèt, sové nou, n-ap péri (Mt 8, 25).

- ² Bondié, tanpri vîn édé mouin ; *
Granmèt, fè vit pou-ou poté-m sékou.
- ³ Sé pou yo ront, sé pou yo dézonoré, *
sa k-ap chèché pran nanm mouin yo.
Sé pou yo ralé kò yo dèyè, sé pou yo ront, *
sa-k anvî pou malè rivé-m yo.
- ⁴ Sé pou yo tounin avèk désépsion yo-a, *
yo minm k-ap di-m : « Sé bon, sé bon ».
- ⁵ Sé pou yo fété, sé pou yo tout gin kè kontan nan ou,
sa k-ap chèché-ou yo, *
tout tan, sé pou yo di : « Bondié gran »,
sa-k rinmin sové ou sové yo-a.

- 6 Mouin minm mouin sé yon pòv, yon maléré ; *
 Bondié, fè vit pou mouin.
 Sé ou minm k-ap édé-m, sé ou minm k-ap délivré-m ; *
 Granmèt, pa fè réta.

Psòm 74 (75)

Granmèt la jij ki pi ro-a

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè
 (Lk 1, 52).

- 2 N-ap fè déklarasion pou ou, Bondié ; †
 n-ap fè déklarasion épi n-ap rélé non-ou : *
 n-ap rakonté mèvèy ou yo.
- 3 Lè m-a fiksé tan-an, *
 sé mouin minm k-ap jijé nan jistis yo.
- 4 Si tè-a ak tou sa-k abité ladan-l yo fonn, *
 mouin minm mouin té fiksé kolòn li yo byin solid.
- 5 Moun k-ap fè arogan yo, mouin té di yo :
 « Sispann bay tèt nou gloua ! » *
 kanta pou méchan yo : « Sispann lévé kòn nou !
- 6 Sispann lévé kòn nou anlè ; *
 sispann palé kont Bondié avèk arogans ».
- 7 Sèké sé pa sot olévan ni sot okouchan *
 ni sot nan dézè-a lévé tèt la yé.
- 8 Paské sé Bondié k-ap jijé : *
 li fè youn désann, li lévé yon lòt anlè.
- 9 Sèké kalis nan min Granmèt la, *
 sé divin ki troublé, ki plin mélanj.
 Li panché sot sou sa-a al nan sa-a ; †

réyèlman vré y-ap gin pou bouè ata ma-a ki nan fon-an, *
tout péchè yo ki sou tè-a, y-ap bouè.

- ¹⁰ Mouin minm, m-ap anonsé pou tout tan, *
m-ap chanté pou Bondié Jakòb la.
- ¹¹ Tout kòn méchan yo, m-ap krazé yo, *
sa ki kòrèk la, kòn li ap lévé.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi II, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sa k-ap simin ak dlo nan jé, y-ap rékòlté nan fèt.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn
sot nan Siyon, pou-l sovè pèp li-a.

Psòm 125 (126)

Kè kontan ak éspérans nan Bondié

Minm jan nou patisipé nan soufrans nou yo, konsa tou n-ap patisipé nan konsolasion-an (2 Kor 1, 7).

- ¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an, *
nou té tankou nan rèv.
- ² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan, *
épi lang nou ak fèt.
Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : *
« Granmèt la té fè gran mèvèy avèk yo ».
- ³ Granmèt la té fè gran mèvèy avèk nou ; *
nou vîn gin kè kontan.
- ⁴ Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, *
tankou ravîn nan sid yo.
- ⁵ Moun ki simin ak dlo nan jé, *
yo ranmasé ak fèt.
- ⁶ Yo t-apralé, yo t-ap kriyé, *
antan y-ap poté sémans pou simin-an ;
min antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, *
pandan y-ap poté zépi yo.

Réf. Sa k-ap simin ak dlo nan jé, y-ap rékòlté nan fèt.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sové pèp li-a.

Réfrin 2

Sé pou Granmèt la bati kay pou nou épi pou-l véyé sou vil la.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joustan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmèsi ou-ap lévé anvan limiè-a,
n-ap kouché byin ta, †
n-ap manjé pin fatig, *
sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Sé pou Granmèt la bati kay pou nou épi pou-l véyé sou vil la.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joustan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Réfrin 3

Li minm li sé prémié pitit nan tout créatu, nan tout bagay sé prémié plas li ginyin.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- ¹² N-ap di Bondié Papa-a mèsi, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- ¹³ li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- ¹⁴ sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- ¹⁵ li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé prémié pitit anvan tou créatu,
- ¹⁶ paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.

- 17 Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Li minm li sé prémié pitit nan tout créatu, nan tout bagay sé prémié plas li ginyin.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Gadé byin, Granmèt, épi konsidéré dézonè nou-an.

Psòm 88 (89), 39-53

Plint sou déstriksion kay David la

Li drésé kòn sové-a pou nou nan kay David la (Lk 1, 69).

IV

- ³⁹ Époutan, ou té réjité, ou té méprizé, *
ou fè kòlè ak sa-a ou té sakré-a ;
- ⁴⁰ kontra sèvitè-ou la ou té kasé-l, *
ou jété kouròn li jous atè.

- 41 Ou krazé tout lantouraj li yo, *
ou fè miray li yo vîn tounin débri.
- 42 Tout moun k-ap passé sou chémin-an yo piyé-l, *
ou fè-l tounin yon ront pou vouazin-l yo.
- 43 Ou té lévé min sa k-ap krazé-l yo, *
ou té fè tout ènmi-l yo kontan.
- 44 Ou té blijé-l rantré pouint épé-l la, *
ou pa-t soutni-l nan batay la.
- 45 Ou té détrui bèlté li, *
ou té jété fotèy li-a jous atè.
- 46 Ou té rakousi jou lè-l té jèn yo, *
ou té vlopé-l ak ront.

Réf. Gadé byin, Granmèt, épi konsidéré dézonè nou-an.

Réf. 2 Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David, zétoual ki byin kléré épi jous nan matin.

V

- 47 Jouskilè, Granmèt, ou-ap rét kaché san rété, *
jouskilé kòlè-ou ap flanbé tankou difé ?
- 48 Sonjé kijan lavi-m kout. *
Pou ki vid ou té kréyé tout pitit moun yo ?
- 49 Ki moun k-ap viv san-l pa ouè lanmò, *
pou-l délivré nanm li sot nan min anba tè-a ?
- 50 Koté mizérikòd ou té gin lontan yo, Granmèt, *
tankou té fè sèman bay David sou vérité-ou la ?
- 51 Sonjé, Granmèt, laront sèvitè-ou yo, *
sé nan léstomak mouin mouin poté sa, pou pakèt nasion yo,

⁵² sa ènmi-ou yo t-ap manké déga, Granmèt, *
sa yo ki t-ap manké tras sa-ou sakré-a déga

⁵³ Li béni, Granmèt la pou tout tan. *
Amèn, amèn.

Réf. Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David, zétoual ki byin kléré épi jous nan matin.

Réf. 3 Ané nou yo ap pasé tankou zèb : dépi sièk, ou minm Bondié, ou égzisté.

Psòm 89 (90)

Sé pou klété Granmèt la sou nou

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou (2 Piè 3, 8).

¹ Granmèt, ou sèvi nou kachèt, *
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon.

² Anvan mòn yo té fèt †
oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans, *
dépi sièk épi jous nan sièk ou sé Bondié.

³ Ou fè moun nan tounin nan pousiè ; *
ou té di : « Tounin, pitit moun yo ».

⁴ Paské mil ané dévan jé-ou sé tankou jounin yè-a ki pasé, *
ak yon vèy nan nuit.

⁵ Ou poté yo alé, dòmi pran yo : *
⁶ nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé,
nan matin li fléri, li grandi, *
nan asouè, li finnin, li séché.

⁷ Sèké nou té fini nan kòlè-ou la, *
nan kout-san-ou nan nou té troublé.

- 8 Ou té mété fot nou yo dévan fas ou, *
sa nou fè ki kaché yo, ou mété yo nan limiè fas ou-a.
- 9 Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la, *
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- 10 Jou ané nou yo sé sousanndizan, *
oubyin nan santé sé katrévinzan,
min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans, *
paské yo pasé byin vit, épi nou volé.
- 11 Kilès ki konnin puisans kolè-ou *
épi antan-l gin krint ou, ki konnin lè-ou faché ?
- 12 Konsa aprann nou konté jou nou yo, *
pou nou kondui kè nou nan sajès la.
- 13 Tounin, Granmèt, jouskilè ? *
Pran pitié pou sèvitè-ou yo.
- 14 Plin nou granmatin ak mizérikòd ou-a, *
n-a fété, n-a joui tout jou lavi nou.
- 15 Fè kè nou kontan pou jou yo ou té rabésé nou-an, *
pou ané yo nou té ouè malè yo.
- 16 Sé pou travay ou-a parèt pou sèvitè-ou yo, *
ak grandè-ou pou pitit yo.
- 17 Sé pou klèté Granmèt Bondié nou-an sou nou, †
asiré travay min nou yo sou nou, *
travay min nou yo, asiré-l.

Réf. Ané nou yo ap pasé tankou zèb : dépi sièk, ou minm Bondié, ou égzisté.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO**Réfrin 1**

Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a.

Jédi anvan 24 désanm: Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Psòm 86 (87)**Jérusalèm, manman tout nasion yo**

Jérusalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

¹ Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †

² Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *
pasé tout tant Jakòb yo.

³ Y-ap di bèl bagay sou ou, *
vil Bondié-a !

⁴ M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
sa yo fèt isit la.

- ⁵ Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
- ⁶ Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
« Sa yo fèt isit la ».
- ⁷ Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
« Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a.

Jédi anvan 24 désanm: **Réf.** Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Réfrin 2

Granmèt la ap vini nan fòs, rékonpans li avèk li.

Jédi anvan 24 désanm: Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Kantik

Iz 40, 10-17

Bon gadyin-an : Bondié ki anlè nèt la é ki konn tout bagay nèt la
Min m-ap vini, tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin (Ap 22, 12).

- ¹⁰ Min Granmèt Bondié-a k-ap vini ak fòs, *
épi bra-l ap kòmandé :
min pri travay li avèk li, *
épi rékonpans li dévan-l.
- ¹¹ Tankou yon gadyin ap okipé bann mouton-l, †
nan bra-l l-ap rasanblé mouton yo,
épi nan dé bral-l l-ap lévé yo ; *
sa-k plinn yo, li minm minm l-ap poté yo.

- 12 Kilès ki té méziré dlo yo ak ponyin li,
épi ki té dispozé sièl yo ak pla min-l, †
ki té kinbé pousiè tè-a nan barik,
ki té pézé mòn yo nan balans, *
ak ti rotè yo nan plato balans ?
- 13 Kilès ki té dirijé éspri Granmèt la ? *
Oubyin kilès ki té konn fè-l ouè désizion pou-l pran ?
- 14 Kot ki moun li t-ap pran konsèy, ki pou té instrui-l, *
ki pou té aprann li santié jijman,
ki pou aprann li sians *
épi fè-l ouè chémin bon désizion ?
- 15 Min nasion yo tankou yon gout dlo ki sot nan yon so, †
tankou yon ti pousiè, sé sa yo vo sou balans ; *
min zilé yo tankou yon ti kras pousiè.
- 16 Liban-an pap kont pou fè difé, *
bèt li yo pap kont pou sakrifis antié.
- 17 Tout nasion yo kòm pa égzisté dévan-l ; *
tankou anyin, sé vid, sé sa yo vo pou li.

Réf. Granmèt la ap vini nan fòs, rékonpans li avèk li.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Réfrin 3

Lévé Granmèt la, Bondié nou-an, anlè, épi adoré sou mòn li ki sin-an.

Jédi anvan 24 désanm: Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Psòm 98 (99)

Li sin Granmèt Bondié nou-an

Ou anlè Chéribin yo, ou minm ki chanjé mové kondision tè-a, lè ou té vîn fèt dapré résanblans nou-an (S. Atanaz).

- 1 Granmèt la roua ! Pèp yo ap frissonnin ; *
li chita anlè chéribin yo, tè-a ap tranblé.
- 2 Granmèt la gran nan Siyon, *
li lévé byin ro anlè tout pèp yo.
- 3 Sé pou yo fè louanj pou non-ou ki gran, ki mérité respè, *
paské li sin.
- 4 Roua ki gin fòs la, li rinmin jistis : †
sé ou minm ki fiksé sa ki douat yo, *
jijman ak jistis, sé ou minm ki fè-l nan Jakòb.
- 5 Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré dévan éskabo pié-l, *
paské li sin.
- 6 Moyiz avèk Aaron, nan pami prèt li yo *
ak Samuèl nan pami yo, sa-k rélé non-l yo.
Yo té rélé Granmèt la, li minm li té réponn yo, *
- 7 nan kolòn nuaj la li t-ap palé avèk yo.
Yo té kinbé témouagnaj li yo, *
ak kòmandman li té ba yo-a.
- 8 Granmèt Bondié nou, ou té konn kouté yo ; †
Bondié, ou té konn padonnin yo, *
antan-ou té korijé lidé yo té fè.
- 9 Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré-l sou mòn li ki sin-an, *
paské li sin, Granmèt Bondié nou-an.

Réf. Lévé Granmèt la, Bondié nou-an, anlè, épi adoré sou mòn li ki sin-an.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 113-120

XV (D Samèk)

¹¹³ Mouin té rayi sa-k gin kè doub yo, *
min mouin té rinmin laloua-ou la.

¹¹⁴ Kachèt mouin ak boukliyé-m sé ou minm, *
nan paròl ou-a mouin éspéré byin éspéré.

¹¹⁵ Viré sot koté-m, méchan yo, *
m-ap obsèvé lòd Bondié-m nan.

- ¹¹⁶ Résévoua-m dapré promès ou-a, épi m-ap viv ; *
pa kité-m ront nan sa m-ap tann nan.
- ¹¹⁷ Soutni-m, m-a sové, *
m-a joui tout tan nan désizion-ou yo.
- ¹¹⁸ Ou té chaviré tou sa-k viré do yo sot nan désizion-ou yo, *
paské sé manti kalkil yo yé.
- ¹¹⁹ Ou té lagé tout péchè tè yo tankou larouy ; *
sé poussa mouin té rinmin témouagnaj ou yo.
- ¹²⁰ Chè-m t-ap tranblé anba krint ou ; *
dévan jijman-ou yo minm mouin té pè.

Psòm 78 (79), 1-5. 8-11. 13

Lamantasion sou Jérusalèm

Si-ou té konnin ou minm tou... sa k-ap ba-ou lapè ! (Lk 19, 42).

- ¹ Bondié, nasion yo té rivé nan éritaj ou-a, †
yo sal tanp ou-a ki sin-an, *
yo fè Jérusalèm tounin débri.
- ² Yo té rinnèt kadav sèvitè-ou yo kòm manjé bay zouazo sièl yo, *
chè sin-ou yo bay bèt tè yo.
- ³ Yo té vidé san yo tankou dlo alantou Jérusalèm, *
pa gin pèsonn pou antéré.
- ⁴ Nou sèvi laront pou vouazin nou yo, *
yo pasé nou nan jouèt, yo pran plézi sou do nou,
sa yo ki antouré nou yo.
- ⁵ Jouskilè, Granmèt ? †
Èské ou-ap faché pou tout tan ? *
Èské jalouzi-ou la ap flanbé tankou difé ?

[6 - 7]

- 8 Pa sonjé méchansté papa nou yo, †
 dépéché-ou, fè mizérikòd ou-a pran dévan nou, *
 paské nou vîn pòv anpil.
- 9 Édé nou, Bondié sovè nou, *
 poutèt gloua non-ou, épi libéré nou ; *
 padonnin péché nou yo *
 poutèt kòz non-ou.
- 10 Pouki pou y-ap di nan nasion yo : « Koté Bondié yo-a ? ». †
 Sé pou sa vîn klè nan nasion yo dévan jé nou, *
 vanjans poutèt san sèvitè-ou yo ki té koulé-a.
- 11 Sé pou-l antré dévan fas ou, rèl prizonié yo ; †
 dapré grandè bra ou *
 kitè rès pitit lanmò yo.

[12]

- 13 Nou minm minm, pèp ou-a ak mouton pak ou-a, *
 n-ap fè déklarasion pou ou tout tan ;
 pou jénèrasion ak jénèrasion, *
 n-ap anonsé louanj ou.

Psòm 79 (80)

Granmèt, vizité jadin rézin-ou nan

Vini, Granmèt Jézu (Ap 22, 20).

- 2 Ou minm k-ap kondui Israèl, fè atansyon, *
 ou minm k-ap kondui Jozèf tankou mouton-an.
 Ou minm ki chita anlè Chéribin yo, kléré, *
- 3 dévan Éfrayim, Binjamin ak Manasé.

- Drésé pouvoua-ou, épi vini, *
pou-ou sovè nou.
- 4 Bondié, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sovè.
- 5 Granmèt Bondié lamé yo, *
jouskilè ou-ap fè kòlè sou priyè pèp ou-a ?
- 6 Ou té fè nou manjé pin dlo ki sot nan jé nou, *
ou té ba nou bouè nan dlo ki sot nan jé nou kont kò nou.
- 7 Ou té fè nou vîn tounin kontradiksyon pou vouazin nou yo, *
ènmi nou yo t-ap pasé nou nan jouèt.
- 8 Bondié lamé-yo, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sovè.
- 9 Ou té transplanté pié rézin-an sot Éjip, *
ou té chasé nasion yo, ou té planté-l.
- 10 Ou té égalizé térin dévan-l, *
ou té planté rasîn li, li té anvayi péyi-a.
- 11 Li té kouvri mòn yo ak lonbraj li, *
branch li té pié sèd Bondié ;
- 12 li té lonjé branch li yo jous nan diréksyon lanmè-a, *
ak boujon-l yo jous nan diréksyon gran riviè-a.
- 13 Pouki sa ou krazé miray li-a, *
épi tout moun k-ap pasé sou chémin-an ap kéyi grap li yo ?
- 14 Kochon maron ki nan rak boua-a fini avèk li, *
tout bèt sovaj manjé-l.
- 15 Bondié lamé yo, viré, *
gadé antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè, vizité pié rézin sa-a.
- 16 Épi protéjé sa-a min douat ou té planté-a, *
épi sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 17 Yo boulé-l nan difé, yo raché-l ; *
sé pou yo péri, lè fas ou ap ménasé.

- ¹⁸ Sé pou min-ou sou moun min douat ou-a, *
sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- ¹⁹ Épi nou pap viré do ba ou, ou-a fè nou viv, *
épi n-ap rélé non-ou.
- ²⁰ Granmèt Bondié lamé yo, fè nou tounin,
fè fas ou kléré, épi n-a sové.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sin-ou yo ap fété, Granmèt, pandan y-ap antré nan tant ou-a.

Jédi anvan 24 désanm: Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm
mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Psòm 131 (132)

Promès Bondié fè bay kay Davi la

Granmèt Bondié ap ba li trôn David papa-l (Lk 1, 32).

I

- 1 Sonjé David, Granmèt, *
ak tout bon kè-l,
- 2 sèké li té fè sèman bay Granmèt la, *
yon vé li té fè bay Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la :
- 3 « Mouin pap antré nan tant lakay mouin-an, *
mouin pap monté sou kabann koté-m kouché-a,
- 4 mouin pap bay jé-m yo somèy, *
ni pòpiè-m yo yon ti répo,
- 5 joustan mouin jouinn yon plas pou Granmèt la, *
yon tant pou Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la ».
- 6 Min nou tandé li nan Éfrata, *
nou jouinn li nan boua Yaar yo.
- 7 An nou antré nan tant li-a, *
an nou adoré nan éskabo pié-l yo.
- 8 Lévé, Granmèt, nan répo-ou, *
ou minm ak arch fòs ou-a.
- 9 Prèt ou yo, sé pou abiyé ak jistis, *
sin-ou yo, sé pou yo fété.
- 10 Poutèt David, sèvitè-ou la *
pa viré fas Kris ou-a.

Réf. Sin-ou yo ap fété, Granmèt, pandan y-ap antré nan tant ou-a.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Réfrin 2

Granmèt la té chouazi Siyon kòm koté pou li abité.

Jédi anvan 24 désanm: Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

II

- 11 Granmèt la fè sèman bay David, sé vérité, *
li pap démanté-l :
« Sé nan frui vant ou *
m-ap mété sou trôn ou-an ».
- 12 Si pitit li yo kinbé téstaman-m nan, *
ak témouagnaj mouin yo m-ap aprann yo-a,
pitit yo pou tout tan *
ap chita sou trôn ou-an ».
- 13 Paské Granmèt la chouazi Siyon, *
li té anvi-l kòm kay pou li :
- 14 « Sa-a sé répo-m pou sièk sièk la ; *
sé isit la m-ap abité, paské mouin té anvi-l ».
- 15 Manjé-l yo, m-ap béni yo byin béni, *
pòv li yo m-ap plin yo ak pin.
- 16 Prèt li yo m-ap abiyé yo ak sové mouin sové yo-a, *
sin-l yo, y-ap fété ak kontantman.
- 17 Sé la m-ap fè kòn David jèmin, *
m-ap paré yon lanp pou Kris mouin-an.

¹⁸ M-ap fè ènmi-l yo ront, *
min sou li sé kouròn li k-ap fléri ».

Réf. Granmèt la té chouazi Siyon kòm koté pou li abité.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Réfrin 3

Granmèt la té ba-l pouvoua, konsidérasion, péyi-roua ; sé pou tout pèp yo sèvi li.

Jédi anvan 24 désanm: Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

^{11,17} N-ap di ou mési, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.

¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
profèt yo, ak sin yo, *
ak sa-k réspékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.

^{12,10} Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
ak otorité Kris li-a,

paské yo jété akizatè frè nou yo, *
li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
lajounin kon lannuit la.

¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
yo bliyé tèt yo jous yo mouri.

¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Granmèt la té ba-l pouvoua, konsidérasion, péyi-roua ; sé pou tout
pèp yo sèvi li.

Jédi anvan 24 désanm: Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn
jouinn sèvitè ou yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin té souffri antan m-ap rélé, pandan m-ap éspéré nan Bondié mouin-an.

Psòm 68 (69), 2-22. 30-37

Jalouzi kay ou-a dévoré-m

Yo ba-l divin pou-l bouè ki mélé avèk fièl (Mt 27, 34).

I

² Sové-m, Bondié, *
paské dlo yo rivé jous nan kou-m.

- 3 M-ap fonsé nan labou ki fon-an, pa gin solidité ; *
mouin rivé nan fon dlo yo, lanm nan ap nouayé-m.
- 4 Mouin bouké tèlman mouin rélé, gòj mouin vîn anroué ; *
jé-m fîn étinn, a fòs m-ap éspéré nan Bondié mouin-an.
- 5 Yo vîn pi plis pasé chévé tèt mouin, *
sa yo ki rayi-m pou granmési yo.
Yo fò, sa yo k-ap pèsékité-m yo, ènmi-m yo k-ap bay manti yo ; *
sa-m pa-t pran, koulié-a mouin blijé rinmèt.
- 6 Bondié, ou konnin foli mouin-an, *
fot mouin yo, yo pa kaché louin-ou.
- 7 Pa kité yo ront sou kont mouin, sa k-ap éspéré-ou yo, *
Granmèt, ou minm Granmèt lamé yo.
Pa kité yo pran afron sou kont mouin, *
sa k-ap chèché-ou yo, ou minm Bondié Israèl la.
- 8 Paské sé poutèt ou mouin sipòté afron, *
laront kouvri fas mouin ;
- 9 mouin vîn tounin étranjé pou frè-m yo *
ak moun déyò pou pitit manman-m yo.
- 10 Paské jalouzi kay ou-a dévoré-m, *
afron moun k-ap manké-ou déga yo, sé sou mouin yo tonbé.
- 11 Nanm mouin té kriyé nan fè jèn, *
sa tounin yon mank-déga pou mouin.
- 12 Mouin mété yon rad sak, *
y-ap pozé késion sou mouin.
- 13 Y-ap fè tripotaj kont mouin, sa-k chita nan pòtay yo, *
y-ap chanté sou mouin, sa k-ap bouè divin yo.

Réf. Mouin té soufri antan m-ap rélé, pandan m-ap éspéré nan Bondié mouin-an.

Réf. 2 Yo té mété fièl nan manjé-m, épi nan souaf mouin-an yo té ban-m bouè vinèg.

II

- ¹⁴ Mouin minm priyè-m ap monté koté-ou, Granmèt, *
nan tan byinvéyans la, Bondié.
Nan pakèt mizérikòd ou-a kouté-m, *
nan vérité sovè ou sovè nou-an.
- ¹⁵ Délivré-m sot nan labou-a, pou-m pa fonsé, †
délivré-m anba min sa yo ki rayi-m yo, *
sot nan fon dlo yo.
- ¹⁶ Pa kité lanm dlo yo nouayé-m, †
pa kité bafon-an valé-m, *
pa kité fos la séré bouch li sou mouin.
- ¹⁷ Kouté-m, Granmèt, paské mizérikòd ou-a gin bon jan ; *
dapré pakèt pitié-ou yo, voyé jé sou mouin.
- ¹⁸ Pa viré fas ou louin sèvitè-ou la ; *
paské m-ap sibi tribilasyon, fè vit réponn mouin.
- ¹⁹ Proché kot nanm mouin, vanjé-l, *
akòz ènmi-m yo, rachté mouin.
- ²⁰ Ou konnin afron mouin-an, *
laront mouin-an ak krint mouin-an.
Sa k-ap fè-m pasé tribilasyon yo, yo tout dévan fas ou ; *
- ²¹ afron-an krazé kè-m, mouin fébli.
Mouin t-ap tann moun ki pou pran lapinn avèk mouin, pa ginyin, *
moun ki pou konsolé-m, mouin pa jouinn.
- ²² Yo mété fièl nan manjé-m, *
nan souaf mouin yo ban-m bouè vinèg.

Réf. Yo té mété fièl nan manjé-m, épi nan souaf mouin-an yo té ban-m bouè vinèg.

Réf. 3 Chèché Granmèt la, épi nanm nou ap viv.

III

[23 - 29]

- 30 Mouin minm mouin pòv, m-ap plinn ; *
 sové ou sové nou-an, Bondié, li té résévoua-m.
- 31 M-ap fè louanj non Bondié avèk kantik, *
 épi m-ap di jan-l gran nan louanj.
- 32 Sé sa k-ap fè Granmèt la plézi plis pasé yon toro, *
 pasé yon ti bèf k-ap pousé kòn ak sabo.
- 33 Sé pou pòv yo ouè, pou yo kontan ; *
 chèché Bondié, sé pou kè nou viv.
- 34 Paské Granmèt la kouté pòv yo, *
 li pa méprizé prizonié-l yo.
- 35 Sièl la ak tè-a ap fè louanj li, *
 lanmè-a ak tout bèt k-ap glisé ladan-l.
- 36 Paské Bondié ap sové Siyon, †
 l-ap bati vil Juda yo ; *
 y-ap abité la, y-ap posédé-l.
- 37 Ras sèvitè-l yo ap éritié-l *
 épi moun ki rinmin non-l yo, y-ap abité ladan-l.

Réf. Chèché Granmèt la, épi nanm nou ap viv.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit avan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO**Réfrin 1**

Sé kont ou sèl mouin té fè péché, Granmèt, pran pitié pou mouin.

Vandrédi avan 24 désanm: Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Psòm 50 (51)**Bondié, pitié pou mouin**

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

³ Pitié pou mouin, Bondié, *
daprè mizérikòd ou-a ;
daprè kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.

⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.

- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.

- ¹⁹ Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- ²⁰ Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- ²¹ Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Sé kont ou sèl mouin té fè péché, Granmèt, pran pitié pou mouin.

Vandrédi anvan 24 désanm: **Réf.** Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Réfrin 2

Nou té rékonèt fot nou yo, Granmèt, paské nou té fè péché kont ou.

Vandrédi anvan 24 désanm: Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Kantik

Jér 14, 17-21

Lamantasion pèp la nan tan grangou ak lagé

Péyi-roua Bondié-a proche ; fè pénitans épi kouè nan Bòn nouvèl la (Mk 1, 15).

- ¹⁷ Jé-m yo ap koulé dlo
tout lannuit ak tout lajounin, *
yo pa doué sispans,
paské doulé vièj la pitit pèp mouin-an gran anpil, *
kou ki blésé-l la rèd anpil.

- 18 Si-m soti nan jadin yo,
 min sé moun yo touyé ak épé ; *
 si-m antré nan vil la,
 min sé moun k-ap mouri grangou :
 profèt la ak prèt la *
 apralé nan yon péyi yo pa-t konnin.
- 19 Èské ou té réjité Juda louin-ou, *
 oubyin èské nanm ou dégouté ak Siyon ?
 Pouki sa ou frapé nou-an, *
 pou pa gin okinn gérizon ?
 Nou t-ap tann lapè-a, min pa gin anyin ki bon, *
 nou t-ap tann tan gérizon-an, min sé tray.
- 20 Granmèt, nou rékonèt méchansté nou, †
 fot papa nou yo, *
 paské nou fè péché kont ou.
- 21 Pa fè nou pran ront poutèt non-ou, *
 pa fè trôn gloua-ou la sibi afron ;
 sé pou sonjé, *
 pa kasé aliens ou-a avèk nou.

Réf. Nou té rékonèt fot nou yo, Granmèt, paské nou té fè péché kont ou.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Réfrin 3

Granmèt la li minm sé Bondié; nou minm nou sé pèp li ak mouton pak li.

Vandrédi anvan 24 désanm: Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sové-m nan.

Lè yo anplouayé psòm ki suiv la nan Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 704.

Psòm 99 (100)

Kè kontan sa yo k-ap antré nan tanp la

Sa li rachté yo, Granmèt la ba yo lòd pou yo chanté chan viktoua (S. Atanaz).

- ² Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a, *
sèvi Granmèt la nan kè kontan ;
antré dévan fas li *
avèk gran fèt.
- ³ Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ; †
sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé, *
pèp li ak mouton pak li.
- ⁴ Antré nan pòtay li yo avèk louanj, †
nan lakou-l yo avèk kantik, *
fè déklarasion pou li, béni non-l.
- ⁵ Sèké Granmèt la bon ; †
pou tout tan mizérikòd li, *
jous nan jénérasyon ak jénérasyon vérité-l la.

Réf. Granmèt la li minm sé Bondié; nou minm nou sé pèp li ak mouton pak li.

Vandrédi anvan 24 désanm: Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sové-m nan.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 21 (22)

Soufrans moun kòrèk la épi kouté yo kouté-l

Jézu té rélé byin fò : « Éli, Éli lama sabaktani ? » (Mt 27, 46).

I

- ² Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m nan ? *
Yo rét louin sové-m nan, paròl rèl mouin yo.
- ³ Bondié mouin, m-ap rélé tout jounin, ou pa kouté, *
tout lannuit, pa gin répo pou mouin.

- 4 Épi ou minm ou sin, *
ou ki abité nan louanj Israèl yo.
- 5 Nan ou papa nou yo té espéré, *
yo té espéré épi ou té libéré yo ;
- 6 koté-ou yo té rélé épi yo té sové, *
nan ou yo té espéré épi yo pa-t ront.
- 7 Mouin minm minm sé yon vè-tè mouin yé ; sé pa yon moun, *
laront moun yo, réjè pèp la.
- 8 Tout moun ki ouè-m yo pasé-m nan jouèt ; *
yo tiré lang, yo souké tèt :
- 9 « Li té espéré nan Granmèt la : sé pou-l délivré-l ; *
sé pou-l sové-l, paské li rinmin-l ».
- 10 Sèké, sé ou minm ki té ouété-m sot nan vant, *
éspérans mouin sou sin manman-m.
- 11 Sou ou yo té jété-m dépi sot nan zantray, *
dépi sot nan vant manman-m, Bondié-m sé ou minm.
- 12 Pa rét louin-m, †
paské tray la ap proché, *
paské pa gin sékou.

II

- 13 Yon bann jénis antouré-m, *
toro Bachan yo ansèklé-m.
- 14 Yo louvri bouch yo sou mouin, *
tankou lion k-ap déchiré épi k-ap rélé byin fò.
- 15 Tankou dlo mouin vidé, *
épi tout zo-m ap déplasé.
Kè-m vîn tankou lasi, *
l-ap fonn anndan zantray mouin yo.

- 16 Gòj mouin séché tankou yon moso krich, †
épi lang mouin kolé nan palèt mouin, *
épi sé nan pouziè lanmò-a ou dépozé-m.
- 17 Sèké anpil chyin ansèklé-m, *
yon bann méchan ap fè lavironn mouin.
Yo pèsé min-m ak pié-m yo, *
- 18 m-ap konté tout zo mouin yo.
Yo minm y-ap voyé jé y-ap gadé-m ; †
- 19 yo séparé rad mouin yo antré yo, *
yo tiré manto-m nan osò.
- 20 Ou minm, Granmèt, pa rét louin, *
fòs mouin, fè vit vîn édé mouin.
- 21 Délivré nanm mouin sot anba épé-a *
sèl sa-m ginyin-an sot anba pat chyin-an.
- 22 Sové-m sot nan bouch lion-an, *
anba kòn sa-k gin sèl kòn nan sové rabésman-m nan.
- 23 M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo,
nan mitan asanblé-a m-ap fè louanj ou.

III

- 24 Nou minm ki krinn Granmèt la, sé pou nou fè louanj li, *
tout ras Jakòb, déklaré gloua li.
Sé pou tout ras Israèl krinn li, *
- 25 sèké li pa méprizé ni li pa néglijé soufrans pòv la,
li pa viré fas li sot koté-l, *
lè li rélé koté-l, li kouté-l.
- 26 Louanj mouin koté-ou, Granmèt, nan foul fidèl yo ; *
m-ap réglé sa-m té promèt yo dévan moun ki krinn li yo.

- 27 Sé pou pòv yo manjé, sé pou yo rasazié, †
y-ap fè louanj Granmèt la, sa yo k-ap chèché-l yo : *
« Sé pou kè yo viv pou sièk sièk la ! ».
- 28 Y-ap sonjé, y-ap tounin kot Granmèt la
tout limit tè-a, *
y-ap adoré dévan-l tout fanmi nasion yo.
- 29 Paské péyi roua-a sé pou Granmèt la, *
l-ap kòmandé nasion yo.
- 30 Sé li minm sèl y-ap adoré,
tou sa k-ap dòmi nan tè-a ; *
dévan-l y-ap plouayé, tou sa k-ap désann nan pousiè-a.
Nanm mouin ap viv pou li, *
- 31 épi ras mouin ap sèvi-l.
Y-ap palé sou Granmèt la bay jénérasyon k-ap vini-an, †
- 32 y-ap anonsé jistis li-a bay pèp la k-ap fèt la : *
« Sé bagay yo Granmèt la té fè ! ».

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Granmèt la gran, Bondié nou-an pi gran pasé tout dié yo.

Vandrédi anvan 24 désanm: Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Psòm 134 (135)

Louanj Granmèt la k-ap fè mèvèy

Pèp Bondié posédé... anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la (Cf. 1 Piè 2, 9).

I

- ¹ Fè louanj pou non Granmèt la, *
fè louanj, sèvitè Granmèt la,
- ² nou minm ki kanpé nan kay Granmèt la, *
nan lakou kay Bondié nou-an.
- ³ Fè louanj Granmèt la, paské Granmèt la bon ; *
chanté kantik pou non-l, poutèt li bon.
- ⁴ Paské Granmèt la té chouazi Jakòb pou li, *
Israèl kòm pòsion spésial li.
- ⁵ Sèké mouin konnin Granmèt la gran, *
Bondié nou-an anlè tout dié yo.
- ⁶ Tout bagay, ninpòt sa li vlé, †
Granmèt la fè-l nan sièl la ak sou tè-a, *
nan lanmè-a ak nan tout bafon yo.

- 7 Antan-l soulvé nuaj yo sot jous nan bout tè-a, †
li fè zéklè pou laplui, *
li fè van soti nan rézèv li yo.
- 8 Li minm ki té frapé prémié pitit gason yo nan Éjip la, *
dépi moun rivé jous sou bèt.
- 9 Li té voyé sign ak prodij nan mitan-ou, Éjip, *
bay faraon ak tout sèvitè-l yo.
- 10 Li té frapé anpil nasion, *
li touyé roua ki gin fòs :
- 11 Séyon, roua Amorit yo, avèk Òg, roua Bachan-an, *
ni tout péyi-roua Kanaan yo.
- 12 Li té rinnèt péyi yo kòm éritaj, *
kòm éritaj bay Israèl, pèp li-a.

Réf. Granmèt la gran, Bondié nou-an pi gran pasé tout dié yo.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Réfrin 2

Kay Israèl, sé pou nou béni Granmèt la; joué psòm pou non-l paské li gou.

Vandrédi anvan 24 désanm: Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

II

- 13 Granmèt, non-ou pou tout tan ; *
Granmèt, souvni-ou pou jénèrasion ak jénèrasion.

- 14 Paské Granmèt la ap jijé pèp li-a, *
l-ap pran pitié pou sèvitè-l yo.
- 15 Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, *
travay min moun yo :
- 16 yo gin bouch, yo pa palé ; *
yo gin jé, yo pa ouè ;
- 17 yo gin zòrèy, yo pa tandé ; *
ni non plis pa gin souf nan bouch yo.
- 18 Sé tankou yo y-ap vini, moun yo ki fè yo-a, *
tout moun ki mét konfians yo nan yo.
- 19 Kay Israèl, béni Granmèt la ; *
kay Aaron, béni Granmèt la ;
- 20 kay Lévi, béni Granmèt la ; *
nou minm ki krinn Granmèt la, béni Granmèt la.
- 21 Li béni, Granmèt la dépi sot nan Siyon, *
li minm ki abité Jérusalèm.

Réf. Kay Israèl, sé pou nou béni Granmèt la; joué psòm pou non-l paské li gou.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Réfrin 3

Tout nasion yo ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

Vandrédi anvan 24 désanm: Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adoration

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Tout nasion yo ap vini épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn ak Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou yo déklaré rékonèt Granmèt la poutèt mizérikòd li, ak mèvèy li yo pou pitit moun yo.

Psòm 106 (107)

Aksion-d-gras poutèt délivrans la

Bondié voyé paròl la bay pitit Israèl yo, li anonsé lapè pa lintèmediè Jézu-Kri (Tr Ap 10, 36).

I

¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon, *
paské pou sièk tan mizérikòd li.

² Sé pou yo di, sa-a yo Granmèt la rachté-a, *

- 3 yo minm li rachte sot nan min ènmi-an,
sa li rasanblé yo sot nan péyi yo, †
sot kot solèy lévé ak koté-l kouché, *
sot nan nò ak nan lanmè.
- 4 Yo t-ap alé-vini nan dézè-a, nan tè sèk la, *
yo pa-t jouinn rout vil ki abité.
- 5 Yo té grangou, yo té souaf, *
nanm yo t-ap dépéri nan yo.
- 6 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasyon-an, *
li délivré yo sot nan traka yo-a.
- 7 Li kondui yo sou yon rout ki douat, *
pou yo alé nan vil ki abité.
- 8 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li, *
ak mèvèy li pou pitit moun yo,
- 9 paské li kalmé nanm ki té souaf la, *
nanm ki té grangou-a, li plin-l ak byin.
- 10 Antan yo té chita nan fènoua ak lonbraj lanmò, *
yo té prizonié nan mizè ak nan chinn,
- 11 paské yo té fè rebèl ak promès Bondié yo, *
yo té méprizé désizyon Sa-a ki anlè nèt la.
- 12 Li té rabésé kè yo ak soufrans, *
yo té fébli, pa-t gin pèsonn pou édé yo.
- 13 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasyon-an, *
li té délivré yo sot nan traka yo-a.
- 14 Li té konduit yo sot nan fènoua yo ak lonbraj lanmò-a, *
li kasé chinn yo.
- 15 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li, *
ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
- 16 sèké li krazé pòt an bronz yo, *
li kasé krochèt an fè yo.

Réf. Sé pou yo déklaré rékonèt Granmèt la poutèt mizérikòd li, ak mèvèy li yo pou pitit moun yo.

Réf. 2 Yo minm yo té ouè travay Granmèt la, ak mèvèy li yo.

II

- 17 Yo té vîn sòt nan chémin méchansté yo-a, *
yo té soufri poutèt pròp injistis yo ;
- 18 tout manjé té dégouté nanm yo, *
yo té rivé jous nan pòtay lanmò,
- 19 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasion-an, *
li délivré yo sot nan traka yo-a.
- 20 Li té voyé paròl li, li géri yo, *
li raché yo anba déstriksion yo-a.
- 21 Sé pou yo fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt mizérikòd li-a, *
ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
- 22 sé pou yo ofri sakrifis louanj, *
sé pou yo rakonté sa-l fè antan y-ap fété.
- 23 Sa yo ki désann sou lanmè-a nan batiman yo, *
k-ap fè komès sou gran dlo yo,
- 24 yo minm yo té ouè travay Granmèt la, *
ak mèvèy li yo nan bafon-an.
- 25 Li té palé, épi li té lévé yon van tanpèt, *
lanm li yo té gonflé.
- 26 Yo té monté jous nan sièl yo †
épi yo désann jous nan bafon dlo yo ; *
nanm yo t-ap fonn nan malè yo.
- 27 Yo baskilé, yo san pozision, tankou moun ki sou, *
tout sajàs yo té disparèt.

- 28 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo t-ap sibi tribilasyon-an, *
li fè yo soti nan traka yo-a.
- 29 Li té fè tanpèt li-a vîn tounin yon ti van lèjè, *
épi lanm li yo té fè silans.
- 30 Yo té kontan, poutèt yo té vîn fè kalmi, *
li té kondui yo nan pò-a koté yo té vlé alé-a.
- 31 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li-a, *
ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
- 32 sé pou yo lévé-l anlè nan asanblé pèp la *
sé pou yo fè louanj li nan réyinion ansyin yo.

Réf. Yo minm yo té ouè travay Granmèt la, ak mèvèy li yo.

Réf. 3 Sa ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, y-ap konprann mizérikòd Granmèt la.

III

- 33 Li té fè gran riviè vîn tounin dézè, *
sous dlo vîn tounin souaf,
- 34 tè k-ap donnin frui vîn tounin lasalîn, *
akòz méchansté moun ki abité ladan-l yo.
- 35 Li té fè dézè-a vîn tounin ma dlo, *
tè san dlo-a minm vîn yon sous dlo.
- 36 Li té fè moun ki grangou yo abité la, *
yo té instalé yon vil koté yo abité.
- 37 Y-ap simin jadin, y-ap planté rézin, *
y-ap fè frui nan rékòlt yo.
- 38 Li té béni yo, yo té vîn anpil anpil, *
bèt yo pap diminué.

- 39 Sèlman yo vîn diminué, yo vîn krazé, *
akòz tribilasyon malè yo ak soufrans la.
- 40 Li té vidé méri sou chèf yo, *
li fè yo pèdi nan yon dézè ki pa gin chémin.
- 41 Li lévé pòv la sot nan mizè-a, *
li fè fanmi yo vîn tankou bann mouton.
- 42 Moun ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, *
tout méchansté fèmin bouch li.
- 43 Kilès ki sa, ki obsèvé bagay sa yo, *
pou-l konprann mizèrikòd Granmèt la ?

Réf. Sa ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, y-ap konprann mizèrikòd Granmèt la.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Samdi anvan 24 désanm: Bondié ap vîn sot Liban épi ékla-l ap tankou limiè.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (ᵂ Kòf)

- 145 Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizion-ou yo.
- 146 Mouin té rélé koté-ou, sovè-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- 147 Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té éspéré byin éspéré.
- 148 Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- 149 Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- 150 Yo t-ap proche, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- 151 Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- 152 Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Samdi anvan 24 désanm: Réf. Bondié ap vîn sot Liban épi ékla-l ap tankou limiè.

Réfrin 2

Samdi anvan 24 désanm: Sièl yo, sé pou nou fè larouzé tonbé sot anro-a, épi sé pou nuaj yo fè Sa-a ki kòrèk la désann tankou lapli; sé pou tè-a louvri épi pou-l jèmin Sovè-a.

Kantik

Saj 9, 1-6. 9-11

Granmèt, ba mouin sajès la

M-ap ba nou yon bouch ak sajès, ki fè yo pap kapab rezisté nou... okinn ènmi nou yo (Lk 21, 15).

- ¹ Bondié papa mouin yo ak Granmèt mizérikòd la, *
ki fè tout bagay nan paròl ou,
- ² épi nan sajès-ou ou fòmé moun, *
pou-l kòmandé kréati yo, sa-ou té fè yo,
- ³ pou-l dirijé fas tè yo nan fason ki sin, ki kòrèk, *
pou-l jijé jijman nan douati kè-a,
- ⁴ ban-m sajès la ki kanpé bò trôn ou yo *
épi pa réjité-m sot nan pami pitit ou yo,
- ⁵ paské mouin sé sèvitè-ou épi pitit sèvant ou-a, †
yon moun ki fèb, ki pa viv lontan, *
épi ki piti nan konprann jistis la ak laloua-a.
- ⁶ Minm si réyéلمان yon moun t-a kòrèk nèt
nan pami pitit moun yo, †
sajès la ki sot nan ou-a, si-l pa ginyin-l, *
sé kòm anyin y-ap konsidéré-l.
- ⁹ Avèk ou sajès la yé, li minm ki konnin aksion-ou yo, *
épi ki té la lè-ou t-ap fè fas tè yo,
ki té konnin sa-k fè plézi nan jé-ou yo, *
sa ki douat nan lòd ou yo.
- ¹⁰ Voyé-l sot nan sièl ou yo ki sin, *
épi voyé-l sot nan trôn grandè-ou la,
pou-l kapab rét avèk mouin épi pou-l travay avèk mouin, *
pou-m konnin sa-k aksétab koté-ou.

- ¹¹ Li konnin tout bagay réyèlman, li konprann, †
l-a kondui-m avèk prudans nan aksion-m yo, *
l-ap konsèvé-m nan gloua li-a.

Samdi anvan 24 désanm: Réf. Sièl yo, sé pou nou fè larouzé tonbé sot anro-a, épi sé pou nuaj yo fè Sa-a ki kòrèk la désann tankou lapli; sé pou tè-a louvri épi pou-l jèmin Sovè-a.

Réfrin 3

Samdi anvan 24 désanm: Sé pou préparé-ou, Israèl, pou-ou al rankontré Granmèt la, paské l-ap vini.

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasyon yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua (Éb 13, 15).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasyon yo, *
fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- ² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Samdi anvan 24 désanm: Réf. Sé pou préparé-ou, Israèl, pou-ou al rankontré Granmèt la, paské l-ap vini.

Lékto kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 121-128

XVI (𐤃 Ayîn)

- ¹²¹ Mouin té fè jijman ak jistis ; *
pa lagé-m bay sa k-ap fè manti sou mouin yo.
- ¹²² Sèvi garanti pou sèvitè-ou la nan byin-an ; *
pa kité ògégé yo fè manti sou mouin.
- ¹²³ Jé-m yo té rivé jous nan bout
antan-m anvi ouè sovè ou sovè-m nan *
avèk promès jistis ou-a.
- ¹²⁴ Aji avèk sévitè-ou la dapré mizérikòd ou-a, *
apran mouin désizyon-ou yo.
- ¹²⁵ Sé sèvitè-ou mouin yé ; *
ban-m intéljans, pou-m konnin témouagnaj ou yo.
- ¹²⁶ Li tan pou-ou aji, Granmèt ; *
yo gayé laloua-ou la.
- ¹²⁷ Sé poua mouin té rinmin kòmandman-ou yo, *
plis pasé lò avèk piè-bijou.

¹²⁸ Sé poussa m-ap pran diréksion tout kòmandman-ou yo, *
tout chémin manti mouin té rayi-l.

Psòm 33 (34)

Granmèt la sové moun kòrèk yo

Nou gouté kijan Granmèt la bon (1 Piè 2, 3).

I

- | | | |
|----|--|---|
| 2 | M-ap béni Granmèt la nan tout tan, * louanj li toujou nan bouch mouin. | א |
| 3 | Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidérasion-l, * sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan. | ב |
| 4 | Fè louanj Granmèt la avèk mouin, * sé pou nou lévé non-l anlè ansanm. | ג |
| 5 | Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ; * anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. | ד |
| 6 | Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré, * fas nou pap ront. | ה |
| 7 | Pòv sa-a rélé, † Granmèt la kouté-l, * anba tout tribilasion li li sové-l. | ו |
| 8 | Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo * épi l-ap délivré yo. | ז |
| 9 | Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon ; * ala kontantman pou moun ki éspéré nan li. | ח |
| 10 | Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo, * paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo. | ט |
| 11 | Rich yo nan bézouin, yo grangou, * | י |

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri II épi III, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN IV

DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Avan: Min l-ap vini, sa-a tout nasion yo anvi-a, épi kay Granmèt la ap plin gloua, alélouya.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *

« Nan kay Granmèt la n-apralé ».

² Antan pié nou déja kanpé *

nan pòt ou yo, Jérusalèm.

³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *

koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.

⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *

témouagnaj Israèl, pou fè déklarasion pou non Granmèt la.

- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Min l-ap vini, sa-a tout nasion yo anvi-a, épi kay Granmèt la ap plin gloua, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Avan: Vini, Granmèt, pa fè réta ; délagé krim yo pou pèp ou-a, Israèl.

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sové pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- ² Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.
- ³ Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- ⁴ Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.

- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
 nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin espéré nan Granmèt la *
 plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou.
- Plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israèl espéré nan Granmèt la,
 Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *
 sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl *
 sot nan tout fot li yo.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Vini, Granmèt, pa fè réta ; délagé krim yo pou pèp ou-a, Israèl.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Avan: Min tan-an déjà rivé plin, nan li Bondié voyé Pitit li-a sou tè yo.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- 8 li rabésé pròp tèt li, †

antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
lanmò lakoua-a minm.

⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
li ba-l yon non, *
ki anlè tout non,

¹⁰ konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,

¹¹ *épi tout lang pou déklaré* : *
« Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
nan gloua Bondié Papa-a.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Min tan-an déjà rivé plin, nan li Bondié voyé Pitit li-a sou tè yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, Redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Avan: Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Lè psòm ki suiv la yo anplouayé-l nan Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 704.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévè nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua bédikasyon nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- ⁶ Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.

- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Min l-ap vini Roua ki anlè nèt la ak gran pouvoua pou-l sovè nasion yo, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Avan: Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Psòm 65 (66)

Imn pou sakrifis aksion-d-gras

Osijè réziréksion Granmèt la ak konvèsion nasion yo (Ésikius).

I

- 1 Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, †
2 chanté kantik gloua non-l, *
fè gloua louanj li.

- 3 Di Bondié : « Ala krint travay ou yo mérité. *
Poutèt kantité fòs ou, ènmi-ou yo ap flaté-ou.
- 4 Tout tè-a ap adoré-ou, l-ap chanté pou ou, *
l-ap chanté pou non ou ».
- 5 Vini, n-a ouè travay Bondié yo, *
li mérité respè nan aksion li fè pou pitit moun yo.
- 6 Li fè lanmè-a vîn tounin tè sèk, †
épi y-ap pasé riviè-a apié ; *
n-ap kontan nan li koté sa-a.
- 7 Li minm k-ap kòmandé nan pouvoua-l pou tout tan, †
jé-l ré t ap gadé sou nasion yo ; *
rébèl yo pap lévé pròp tèt yo anlè.
- 8 Béni Bondié nou-an, nasion yo, *
fè tandé voua louanj li ;
- 9 li minm ki té mété nanm nou nan lavi, *
épi ki pa-t kité pié nou tranblé.
- 10 Paské ou té sondé nou, Bondié ; *
ou té nétouayé nou nan difé, tankou yo nétouayé lajan nan difé.
- 11 Ou té fè nou pri nan pièj ; *
ou té mété tribilasyon sou do nou.
- 12 Ou té instalé moun sou tèt nou, †
nou té pasé nan difé ak nan dlo, *
min ou té fè nou soti nan fréchè.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Jérusalèm : min Roua-ou la ap vîn jouinn ou. Siyon, pa pè, paské byin vit sovè ou sovè-a ap vini.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Avan: Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

II

- ¹³ M-ap antré lakay ou avèk sakrifis antié ; *
 m-ap réglé ba ou sa-m té promèt yo,
- ¹⁴ lè-m té louvri po bouch mouin, *
 épi bouch mouin té palé nan tribilasyon mouin-an.
- ¹⁵ Sé sakrifis antié ki byin gra m-ap ofri ba ou,
 ansanm ak lafimin bélié yo, *
 m-ap ofri ou bèf ak kabrit.
- ¹⁶ Vini, kouté, †
 m-ap rakonté nou tout ki krinn Bondié, *
 tou sa-l fè pou nanm mouin.
- ¹⁷ Koté-l mouin rélé ak bouch mouin, *
 mouin lévé-l anlè ak lang mouin.
- ¹⁸ Si-m té ouè méchansté nan kè-m, *
 Granmèt la pa t-ap kouté-m.
- ¹⁹ Sé pou sa Bondié kouté, *
 li fè-t-atansion pou-l tandé voua-m k-ap lapriyè.
- ²⁰ Li béni, Bondié, li minm ki pa voyé priyè-m nan louin, *
 mizérikòd li-a pa sot sou mouin.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Nan vini Roua ki pi ro-a ap vini-an sé pou kè moun yo pròpté, pou nou maché kòrèk al rankontré-l : paské min l-ap vini épi li pap mizé.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetae vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Avan: Sonnin troupèt nan Siyon, paské jou Granmèt la toupré, min l-ap vini pou-l sovè nou, alélouya.

Si dimanch sa-a tonbé jou 24 désanm, yo di réfrin yo tankou pi ro-a, 407.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sovè-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, * poutèt mizèrikòd li pou tout tan.

- 2 Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizèrikòd li pou tout tan.
- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizèrikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizèrikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasyon-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo entouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †

- min douat Granmèt la lèvé-m byin ro ; *
 min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
 épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
 min li pa lagé-m nan lanmò.
- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
 m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
 moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè louanj ou, paské ou kouté-m, *
 ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
 sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
 sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè louanj ou, *
 Bondié mouin, m-ap fè bèl louanj pou ou.
- 29 Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Sonnin tronpèt nan Siyon, paské jou Granmèt la toupré, min l-ap vini pou-l sové nou, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Avan: Granmèt la ap vini, al rankontré-l, antan n-ap di : Gran kòmansman-an, ringn li-an pap janm fini : Bondié fò, Sa k-ap kòmandé-a, Prins lapè, alélouya.

Kantik

Dan 3, 52-57

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Kréatè-a ... li béni pou tout tan (Rom 1, 25).

- ⁵² Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
ou mérité louanj, ou anlè nèt pou tout tan ;
épi li béni, non gloua-ou la ki sin-an, *
li mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt pou tout tan.
- ⁵³ Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, *
ou mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt pou tout tan.
- ⁵⁴ Ou béni sou trôn péyi-roua-ou la, *
ou mérité louanj anlè nèt, ou anlè nèt pou tout tan.
- ⁵⁵ Ou béni, ou minm ki sondé bafon yo, †
antan-ou chita anlè chéribin yo, *
ou mérité louanj, ou anlè nèt pou tout tan.
- ⁵⁶ Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj ak gloua pou tout tan.
- ⁵⁷ Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè nèt pou tout tan.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Granmèt la ap vini, al rankontré-l, antan n-ap di : Gran kòmansman-an, ringn li-an pap janm fini : Bondié fò, Sa k-ap kòmandé-a, Prins lapè, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Avan: Paròl ou-a ki gin tout pouvoua-a, Granmèt, ap vini sot sou fotèy roua yo, alélouya.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

- ¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
fè louanj li nan sièl puisans li-a.
- ² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
fè louanj li dapré kantité grandè-l.
- ³ Fè louanj li nan son tronpèt, *
fè louanj li sou bandjo ak gita,
- ⁴ fè louanj li sou tanbou ak dans, *
fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,
- ⁵ fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †
fè louanj li ak sinbal fèt : *
tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Paròl ou-a ki gin tout pouvoua-a, Granmèt, ap vini sot sou fotèy roua yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN, 328-330.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 22 (23)

Bon gadyin-an

Mouton-an ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a (Ap 7, 17).

- ¹ Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m : *
- ² nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m, *
- ³ li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis *
poutèt non-l.
- ⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, *
paské ou avèk mouin.

Baton-ou ak bagèt ou, *
sé yo k-ap konsolé-m.

5 Ou paré yon tab dévan fas mouin *
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou grésé tèt mouin ak luil, *
kalis mouin ap débòdé.

6 Réyèlman bon kè ak mizèrikòd ap rapousuiv mouin *
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la *
nan longè tan yo.

Psòm 75 (76)

Aksion-d-gras pou viktoua-a

Y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini sou nuaj yo, nan sièl la (Mt 24, 30).

I

2 Yo rékonèt Bondié nan Juda, *
non-l gran nan Israèl.

3 Nan Salèm, sé la tant li yé, *
sé nan Siyon li abité.

4 Sé la li krazé zéklè zam pou tiré flèch la, *
ni boukliyé, ni épé, ni lagè.

5 Antan ou kléré, Ou-k mérité konsidérasion, *
sot nan mòn yo pran yo.

6 Sa yo té gin pouvoua nan kè, yo piyé yo, †
yo t-ap dòmi nan fon somèy yo, *
nan pouin gason vanyan ki jouinn kouraj ak min yo.

7 Lè ou ménasé, Bondié Jakòb, *
ni sa k-ap kondui chario ni choual yo pran dòmi.

II

8 Ou minm ou mérité respè épi kilès k-ap rézisté dévan-ou ? *
Dépi lè sa-a kòlè ou-a.

9 Antan ou nan sièl la, ou fè jijman-an ; *
tè-a té tranblé épi li té rét trankil,

10 lè Bondié lévé pou jijman-an, *
pou-l sové tout pòv yo sou tè-a.

11 Paské gro kòlè moun nan ap fè déklarasion pou ou, *
épi réstan gro kòlè-a ap fè jou fèt pou ou.

12 Fè promès épi réglé-l bay Granmèt Bondié nou-an ; *
nou tout ki antouré-l, poté kado pou sa-k Mérité respè-a,

13 li minm ki koupé souf chèf yo, *
roua yo sou tè-a ap ba-l respè.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Avan: Gadé kijan sa-a li gin gloua, li minm k-ap avansé pou-l sovè pèp yo

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- 1 Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- 2 Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- 3 Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- 4 Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédèk ».
- 5 Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- 7 L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Gadé kijan sa-a li gin gloua, li minm k-ap avansé pou-l sovè pèp yo

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Avan: Rout krochi yo, y-ap drésé yo; térin ròch yo, y-ap égalizé yo. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Psòm 111 (112)

Kontantman mesié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, * | א |
| | nan lòd li yo li mét anpil anvi. | ב |
| 2 | Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, * | ג |
| | ras moun ki douat yo ap béni. | ד |
| 3 | Gloua ak richès nan kay li, * | ה |
| | jistis li ap rété pou sièk sièk la. | ו |
| 4 | Limiè-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, * | ז |
| | li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. | ח |
| 5 | Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, † | ט |
| | ki réglé afè-l yo kòrèk, * | י |
| 6 | paské pou tout tan li pap souké. | כ |
| | Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, * | ל |
| 7 | lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè. | מ |
| | Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, † | נ |
| 8 | kè-l asiré, li pap pè, * | ס |
| | joustan li méprizé ènmi-l yo. | ע |

- | | | |
|----|--|-------------|
| 9 | Li té distribué, li té bay pòv yo ; † jistis li rété pou sièk sièk la, * kòn li ap lévé nan gloua-a. | פ צ ק |
| 10 | Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, † l-ap manjé dan, l-ap déperi. * Anvi péchè yo ap détrui. | ר ש ת |

Katriyèm dimanch Avan: Réf. Rout krochi yo, y-ap drésé yo; térin ròch yo, y-ap égalizé yo. Vini, Granmèt, pa fè réta, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Avan: L-ap vîn anpil, pouvoua-l la, épi lapè-a pap gin finisman, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman non kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

- 1 Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)
- 2 paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).
- 5 Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

- ⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

- ⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Katriyèm dimanch Avan: Réf. L-ap vîn anpil, pouvoua-l la, épi lapè-a pap gin finisman, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala Bondié Israèl la bon pou sa yo ki gin kè yo douat.

Psòm 72 (73)

Pou kisa yo pèsékité moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun sa-a ki pa skandalizé nan mouin (Mt 11, 6).

I

¹ Ala bon Bondié bon pou sa ki douat yo, *

Bondié pou sa yo ki gin kè pròp yo !

² Kanta mouin minm minm ti kras pié-m t-ap souké, *

- yon ti kras plant pié-m t-ap glisé,
 3 paské mouin té anvì sa k-ap fè gloua pou pròp tèt pa yo-a, *
 antan-m ouè lapè péchè yo.
- 4 Paské yo pa jouinn anpèchman, *
 vant yo an santé, li gra.
- 5 Yo pa nan traka sa k-ap mouri yo, *
 avèk moun yo, yo pa résévoua kou.
- 6 Sé poussa tankou yon kolié, ògèy la yé pou yo, *
 tankou yon rad, violans la kouvri yo.
- 7 Méchansté yo-a soti tankou nan grès, *
 pansé kè-yo ap soti.
- 8 Y-ap pasé nan rizib, y-ap palé méchansté, *
 fot la, sé anlè yo palé-l.
- 9 Yo mété bouch yo nan sièl, *
 lang yo minm ap travèsé tè-a.
- 10 Sé poussa yo chita anro, *
 dlo ki plin yo pap rivé koté yo.
- 11 Y-ap di : « Kòman Bondié ap konnin, *
 èské gin sians nan Sa-a ki anro nèt la ? ».
- 12 Min yo minm péchè yo, yo plin nan sièk la, *
 yo mété richès pil sou pil.

Réf. Ala Bondié Israèl la bon pou sa yo ki gin kè yo douat.

Réf. 2 Ri y-ap ri-a ap tounin rèl dèy, kè kontan yo-a ap tounin lapinn.

II

- 13 Mouin té di : « Sé san rézon mouin té chanjé kè-m, *
 mouin té lavé min-m nan inosans ;

- 14 mouin té pran kou tout lajounin, *
ak koréksion nan matin ».
- 15 Si-m t-a di : « M-ap palé tankou sa yo », *
min, ras pitit ou yo mouin t-a trayi-l.
- 16 Mouin t-ap kalkilé pou-m konnin bagay sa-a ; *
sé té lapinn nan jé-m,
- 17 joustan mouin antré nan tanp Bondié-a *
épi mouin konprann finisman yo.
- 18 Réyèlman ou mété yo koté ki glisé, *
ou jété yo nan dékonb yo.
- 19 Kijan yo fè rivé nan dézolation ! *
Yon kou yo fini, yo péri avèk sézisman.
- 20 Tankou rèv jé klè, Granmèt, *
antan-ou révéyé, ou méprizé pòtré yo.

Réf. Ri y-ap ri-a ap tounin rèl dèy, kè kontan yo-a ap tounin lapinn.

Réf. 3 Sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri ; kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon.

III

- 21 Paské kè-m t-ap soté, *
rin-m té krazé ;
- 22 mouin minm mouin té vîn tou sòt, mouin pa-t konnin : *
mouin té vîn tounin tankou yon milèt koté-ou.
- 23 Mouin minm poutan mouin tout tan avèk ou ; *
ou kinbé min douat mouin.
- 24 Nan konsèy ou, ou kondui-m *
épi apré sa, avèk gloua, ou résévoua-m.

- 25 Kilès ki pou mouin nan sièl la ? *
- Avèk ou mouin pa anvì anyin sou tè-a.
- 26 Chè-m fini, ni kè-m ; *
- Bondié kè-m, pòsion mouin Bondié tout tan-an.
- 27 Sèké min, sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri, *
- ou pèdi tout moun ki nan mové rélasion louin-ou.
- 28 Kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon, *
- meté nan Granmèt Bondié éspérans mouin,
- pou-m anonsé tout aksion-ou yo *
- nan pòtay pitit fi Siyon yo.

Réf. Sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri ; kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

IMN, *Magnis prophetae vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Lindi anvan 24 désanm: Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Psòm 89 (90)

Sé pou klèté Granmèt la sou nou

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou (2 Piè 3, 8).

- 1 Granmèt, ou sèvi nou kachèt, *
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon.
- 2 Anvan mòn yo té fèt †
oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans, *
dépi tout tan épi jous pou tout tan ou sé Bondié.
- 3 Ou fè moun nan tounin nan pousiè ; *
ou té di : « Tounin, pitit moun yo ».
- 4 Paské mil ané dévan jé-ou sé tankou jounin yè-a ki pasé, *
ak yon vèy nan nuit.
- 5 Ou poté yo alé, dòm pràn yo : *
- 6 nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé,
nan matin li fléri, li grandi, *
nan asouè, li finnin, li séché.
- 7 Sèké nou té fini nan kòlè-ou la, *
nan kout-san-ou nan nou té troublé.
- 8 Ou té mété fot nou yo dévan fas ou, *
sa nou fè ki kaché yo, ou mété yo nan limiè fas ou-a.
- 9 Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la, *
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- 10 Jou ané nou yo sé souasanndizan, *

- oubyin nan santé sé katrévinzan,
 min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans, *
 paské yo pasé byin vit, épi nou volé.
 11 Kilès ki konnin puisans kolè-ou *
 épi antan-l gin krint ou, ki konnin lè-ou faché ?
 12 Konsa aprann nou konté jou nou yo, *
 pou nou kondui kè nou nan sajès la.
 13 Tounin, Granmèt, jouskilè ? *
 Pran pitié pou sèvitè-ou yo.
 14 Plin nou granmatin ak mizérikòd ou-a, *
 n-a fété, n-a joui tout jou lavi nou.
 15 Fè kè nou kontan pou jou yo ou té rabésé nou-an, *
 pou ané yo nou té ouè malè yo.
 16 Sé pou travay ou-a parèt pou sèvitè-ou yo, *
 ak grandè-ou pou pitit yo.
 17 Sé pou klété Granmèt Bondié nou-an sou nou, †
 asiré travay min nou yo sou nou, *
 travay min nou yo, asiré-l.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Réfrin 2

Lindi anvan 24 désanm: Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a. †

Kantik

Iz 42, 10-16

Kantik osijè Bondié ki ranpòté viktoua épi ki sovè

Y-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan (Ap 14, 3).

- 10 Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la, *
 sé pou louanj li vîn sot nan bout tè-a ;
 † sa k-ap désann sou lanmè-a ak sa ki plin-l nan, *
 zilé yo ak sa-k abité nan yo,
- 11 Sé pou dézè-a ak vil li yo fété, *
 lakou yo koté Kédar abité-a.
 Sé pou pousé rèl fèt, sa-k abité Pétra yo, *
 sou tèt mòn yo, sé pou yo pousé rèl.
- 12 Sé pou yo mété gloua pou Granmèt la, *
 pou yo anonsé louanj li nan zilé yo.
- 13 Granmèt la ap sòti tankou vanyan-sòlda, *
 tankou gason k-ap fè lagè, l-ap éksité jalouzi-l ;
 l-ap pousé rèl li, li fè voual-l éklaté, *
 sou ènmi-l yo li ranpòté viktoua.
- 14 « Mouin té toujou pé bouch mouin, mouin té fè silans,
 mouin té pran pasians ; †
 tankou sa k-ap akouché, mouin t-ap pousé rèl piké, *
 mouin t-ap plinn, mouin t-ap grondé an minm tan.
- 15 M-ap fè mòn yo ak ti rotè yo vîn dézè, *
 m-ap fè tout zèb yo séché ;
 m-ap fè riviè yo tounin zilé, *
 m-ap fè ma dlo yo vîn sèch.
- 16 M-ap kondui avèg yo sou rout yo pa konnin, *
 nan santié yo pa-t konnin, m-ap fè yo maché ;
 m-ap fè fènoua tounin limiè dévan jé yo, *
 m-ap fè sa-k tòdé yo vîn douat ».

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a. †

Réfrin 3

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Psòm 134 (135)

Louanj Granmèt la k-ap fè mèvèy

Pèp Bondié posédé... anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la (Cf. 1 Piè 2, 9).

I

- ¹ Fè louanj pou non Granmèt la, *
fè louanj, sèvitè Granmèt la,
- ² nou minm ki kanpé nan kay Granmèt la, *
nan lakou kay Bondié nou-an.
- ³ Fè louanj Granmèt la, paské Granmèt la bon ; *
chanté kantik pou non-l, poutèt li bon.
- ⁴ Paské Granmèt la té chouazi Jakòb pou li, *
Israèl kòm pòsion spésial li.
- ⁵ Sèké mouin konnin Granmèt la gran, *
Bondié nou-an anlè tout dié yo.
- ⁶ Tout bagay, ninpòt sa li vlé, †
Granmèt la fè-l nan sièl la ak sou tè-a, *
nan lanmè-a ak nan tout bafon yo.
- ⁷ Antan-l soulvé nuaj yo sot jous nan bout tè-a, †
li fè zéklè pou laplui, *
li fè van soti nan rézèv li yo.
- ⁸ Li minm ki té frapé premié pitit gason yo nan Éjip la, *
dépi moun rivé jous sou bèt.

- ⁹ Li té voyé sign ak prodij nan mitan-ou, Éjip, *
bay faraon ak tout sèvitè-l yo.
- ¹⁰ Li té frapé anpil nasion, *
li touyé roua ki gin fòs :
- ¹¹ Séyon, roua Amorit yo, avèk Òg, roua Bachan-an, *
ni tout péyi-roua Kanaan yo.
- ¹² Li té rinmèt péyi yo kòm éritaj, *
kòm éritaj bay Israèl, pèp li-a.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN, 328-330.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 129-136

XVII (5 Pé)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

Akonplisman laloua-a sé rinmin-an (Rom 13, 10).

- ¹²⁹ Témouagnaj ou yo ékstraòdinè, *
sé pousa nanm mouin té kinbé yo.
- ¹³⁰ Déklarasion paròl ou yo kléré *
épi li bay ti moun yo intélijans.
- ¹³¹ Mouin louvri bouch mouin, épi mouin aspiré Éspri-a, *
paské mouin té anvri kòmandman-ou yo.
- ¹³² Viré koté-m, pran pitié pou mouin, *
dapré jijman-ou avèk sa yo ki rinmin non-ou nan.
- ¹³³ Dirijé démach mouin dapré promès ou-a, *
pou okinn péché pa kòmandé sou mouin.
- ¹³⁴ Délivré-m sot nan kalomni moun yo, *
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- ¹³⁵ Fè fas ou kléré sou sèvitè-ou la *
épi aprann mouin désizion-ou yo.
- ¹³⁶ Rigòl dlo koulé sot nan jé-m yo, *
paské yo pa obsèvé laloua-ou la.

Psòm 81 (82)

Kont jij malonèt yo

Pa jijé anvan tan-an, joustan Granmèt la rivé (1 Ko 4, 5).

- ¹ Bondié kanpé nan réyinion Bondié-a, *
nan mitan dié yo li prononsé jijman.

- 2 « Jouskilè n-ap fè jijman malonèt, *
n-ap pran pati aparans figi péchè yo ?
- 3 Jijé maléré-a ak òfélin-an, *
sa-k rabésé-a ak pòv la, rann yo jistis.
- 4 Délivré pòv la, *
dégajé maléré-a sot nan min péchè-a ».
- 5 Yo pa rékonèt, yo pa konprann,
sé nan fènoua y-ap maché ; *
tout fondasion tè-a, yo tranblé.
- 6 Mouin té di : « Nou sé dié, *
épi nou tout sé pitit Sa-a ki anro nèt la ».
- 7 Nou tout poutan n-ap mouri tankou moun, *
n-ap tonbé tankou youn nan chèf yo.
- 8 Lévé, Bondié, jijé tè-a, *
paské sé ou minm k-ap gin tout nasion kòm éritaj ou.

Psòm 119 (120)

Anvi lapè

Sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an, sé pou nou pèsévéré nan priyè-a (Rom 12, 12).

- 1 Lè-m nan tribilasyon, mouin té rélé kot Granmèt la, *
li réponn mouin.
- 2 Granmèt, délivré nanm mouin anba bouch manti, *
anba lang tronpri.
- 3 Sa y-ap ba ou, sa y-ap ajouté ba ou, *
lang tronpri ?
- 4 Flèch vanyan-sòlda ki byin pouinti yo *
ak chabon difé pikan rajé.

- ⁵ Malè pou mouin, paské mouin fè ladésant nan Méchèk, *
mouin abité nan tant Kédar yo !
- ⁶ Sa fè lontan nanm mouin abité *
avèk moun ki rayi lapè yo.
- ⁷ Mouin minm mouin t-ap mété lapè ; *
kon-m palé, yo minm sé pou lagè.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri II épi III, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Lindi anvan 24 désanm: Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a;
ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Psòm 135 (136)

Kantik fèt pak

Rakonté sa Granmèt la fè, sé fè louanj li (Kasiodòr).

I

- 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Fè déklarasion pou Bondié dié yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 3 Fè déklarasion pou Granmèt mèt yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Li minm ki fè gran mèvèy pou kont li, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Li minm ki té fè sièl yo nan intéljans, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 6 Li minm ki té élaji tè-a sou dlo yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 7 Li minm ki té fè gran sous limiè yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- 8 solèy la, pou-l kòmandé jou-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- 9 lalîn ak zétoual yo, pou yo kòmandé nuit la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Min Granmèt la ap vini, chèf roua yo sou tè-a; ala kontantman pou moun yo ki paré pou y-al rankontré-l la.

Réfrin 2

Lindi anvan 24 désanm: Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

II

- ¹⁰ Li minm ki té frapé Éjip nan premié pitit li yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹¹ Li minm ki té fè Israèl soti nan mitan yo,
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ¹² ak min fò, ak bra lévé, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹³ Li minm ki té séparé lanmè Rouj la an dé moso, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁴ Li té fè Israèl travèsé nan mitan-l, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁵ Li té chaviré Faraon ak lamé-l la nan lanmè Rouj la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; louanj li sot nan limit tè-a.

Réfrin 3

Lindi anvan 24 désanm: Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédikcion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Lindi anvan 24 désanm: Réf. Lè Pitit moun nan ap vini, èské ou pansé l-ap jouinn lafoua-a sou tè-a ?

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, Redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Rèl mouin-an, Granmèt, sé pou-l rivé koté-ou ; pa kaché fas ou louin-m.

Psòm 101 (102)

Vé ak priyè moun ki égzilé-a

Bondié konsolé nou nan tout tribilasyon nou (2 Ko 1, 4).

I

² Granmèt, kouté priyè-m, *
fè rèl mouin-an rivé koté-ou.

³ Pa kaché fas ou louin-m ; †

nan ninpòt jou m-ap pasé tray la, *
panché zòrèy ou koté-m.

Nan ninpòt jou mouin rélé-ou, *
fè vit réponn mouin.

4 Sèké jou-m yo ap disparèt tankou lafimin, *
zo-m yo ap boulé tankou boua sèk.

5 Tankou zèb yo fîn bat, kè-m vîn sèk, *
mouin minm bliyé manjé pin mouin.

6 Mouin tèlman rélé afòs m-ap plinn, *
zo-m kolé ak kò-m.

7 Mouin sanblé ak krabié nan savann, *
mouin tankou yon frizé nan vié miray.

8 Mouin rét san somèy, *
tankou yon zouazo pou kont li sou tèt kay.

9 Tout jounin ènmi-m yo ap déréspékté-m, *
antan y-ap chofé kont mouin, y-ap fè sèman sou non mouin.

10 Sèké sé sann mouin t-ap manjé kòm pin, *
sa m-ap bouè-a, li mélé ak dlo ki sot nan jé-m,

11 dévan kòlè-ou ak mové san-ou, *
sèké antan-ou lévé-m anlè ou fésé-m atè.

12 Jou-m yo ap désann tankou lonbraj, *
épi mouin minm tankou zèb m-ap séché.

Réf. Rèl mouin-an, Granmèt, sé pou-l rivé koté-ou ; pa kaché fas ou louin-m.

Réf. 2 Voyé jé-ou, Granmèt, sou priyè sa-k rabésé yo.

II

- 13 Kanta ou minm, Granmèt, sé tout tan ou diré, *
souvni-ou pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 14 Ou-ap lévé pou-ou pran pitié pou Siyon, †
sèké li tan pou-ou pran pitié pou li, *
sèké tan-an rivé,
- 15 paské sèvitè-ou yo rinmin ròch li yo, *
yo pran lapinn pou pousiè-l la.
- 16 Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt, *
tout roua yo sou tè-a ap krinn gloua-ou la, *
- 17 sèké Granmèt la ap bati Siyon, *
l-ap parèt nan gloua li-a.
- 18 Li té voyé jé sou priyè pòv yo, *
li pa-t méprizé priyè yo-a.
- 19 Sé pou yo ékri bagay sa yo pou lòt jénérasyon-an, *
pèp k-ap kréyé-a, l-ap fè louanj Granmèt la.
- 20 Sèké li panché sot nan tanp li-a anro-a, *
Granmèt la gadé sou tè-a antan-l nan sièl la,
- 21 pou-l kouté rèl prizonié yo, *
pou-l lagé pitit lanmò yo ;
- 22 pou yo anonsé non Granmèt la nan Siyon, *
avèk louanj li nan Jérusalèm,
- 23 lè pèp yo ap rasanblé pou yo fè yon sèl, *
avèk péyi-roua yo, pou yo sèvi Granmèt la.

Réf. Voyé jé-ou, Granmèt, sou priyè sa-k rabésé yo.

Réf. 3 Ou minm, Granmèt, ou té plasé tè-a sou fondasion-l, sièl yo sé travay min-ou.

III

- 24 Li té rabésé fòs mouin nan chémin-an, *
li rakousi jou mouin yo.
Mouin di : « Bondié mouin, †
- 25 pa ouété-m nan mouatié jou mouin yo ; *
ané-ou yo sé pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 26 Nan kòmansman ou té plasé tè-a sou fondasyon-l ; *
sièl yo sé travay min-ou.
- 27 Yo minm y-ap péri, ou minm minm ou-ap rété ; †
yo tout tankou yon rad y-ap viéyi, *
tankou yon manto ou-ap chanjé yo épi y-ap chanjé.
- 28 Ou minm minm ou rété minm jan-an, *
ané-ou yo pa fini.
- 29 Pitit sèvitè-ou yo ap abité, *
ras yo ap asiré dévan fas ou ».

Réf. Ou minm, Granmèt, ou té plasé tè-a sou fondasyon-l, sièl yo sé travay min-ou.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetae vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Madi anvan 24 désanm: Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sové pèp li-a.

Psòm 100 (101)

Déklarasion lafoua yon prins ki kòrèk

Si nou rinmin-m, n-ap kinbé kòmandman-m yo (Jan 14, 15).

- 1 M-ap chanté mizérikòd ak jijman-an ; *
pou ou, Granmèt, m-ap chanté psòm.
- 2 M-ap chèché konprann nan chémin ki san tach la ; *
kilè ou-ap vini koté-m ?
M-ap maché nan inosans kè-m, *
nan mitan kay mouin-an.
- 3 Mouin pap mété bagay ki pa kòrèk dévan jé-m, †
mouin rayi moun k-ap fè fo-akizasion yo, *
mouin pap kité-l kolé sou mouin.
- 4 Kè ki pèvété-a, l-ap rékilé louin-m, *
mouin pa vlé konnin méchansté.
- 5 Moun k-ap fè tripotaj an sékrè kont prochin-l nan, *
moun sa-a m-ap fè-l sispann ;
moun k-ap lévé jé-l, k-ap gonflé kè-l, *
moun sa-a, mouin pap sipòté-l.

- ⁶ Jé-m sou fidèl yo ki sou tè-a, pou yo chita avèk mouin ; *
 moun k-ap maché nan chémin ki san tach,
 sé li minm k-ap sèvi-m.
- ⁷ Li pap rété anndan kay mouin, moun k-ap fè arogans la ; *
 sa k-ap palé sa-k pa kòrèk, li pap rét kanpé dévan jé-m yo.
- ⁸ Chak matin m-ap fè tout pèchè yo sou tè-a sispann, *
 pou-m dérasinin sot nan vil Granmèt la
 tout moun k-ap fè injistis.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Réfrin 2

Madi anvan 24 désanm: Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Kantik

Dan 3, 26. 27. 29. 34-41

Priyè Azarias nan founèz la

Sé pou nou fè pénitans, sé pou nou chanjé konduit, pou péché nou yo éfasé (Tr Ap 3, 19).

- ²⁶ Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
 non-ou mérité louanj ak gloua pou tout tan,
- ²⁷ paské ou kòrèk nan tout bagay, *
 nan tou sa ou fè nou yo.
- ²⁹ Nou fè péché réyèlman, nou fè sa-k pa kòrèk,
 nou viré do ba ou, *
 nou fè gro péché nan tout bagay.

- 34 Tanpri, pa lagé nou pou tout tan poutèt non-ou, *
pa kasé téstaman-ou nan,
- 35 pa ouété mizérikòd ou-a sot nan nou, †
poutèt Abraam, sa-a ou rinmin-an, *
ak Izaak, sèvitè-ou la, ak Israèl, sin-ou nan.
- 36 Yo minm ou té palé ak yo,
ou té promèt ou t-ap fè ras yo vîn anpil, *
tankou zétoual sièl la ak tankou sab ki sou bò lanmè-a,
- 37 sèké, Granmèt, nou vîn pi piti pasé tout nasion yo, *
nou rabésé sou tout tè-a jodi-a poutèt péché nou yo ;
- 38 épi pa ginyin nan tan sa-a †
ni prins, ni profèt, ni chèf, *
ni sakrifis antié, ni sakrifis,
ni kado, ni lansan, †
ni koté pou yo poté premié frui dévan-ou, *
pou nou jouinn mizérikòd ;
- 39 min sé ak nanm nou krazé,
ak léspri nou rabésé ou-ap résévoua nou, †
tankou ak sakrifis antié bouk ak toro yo, *
- 40 épi tankou avèk mil mouton gra,
sé konsa pou sakrifis nou yé dévan-ou jodi-a, †
épi fè moun k-ap suiv ou yo fîn réalisé, *
paské pa gin ront pou moun ki mét konfians nan ou.
- 41 Koulié-a n-ap suiv ou ak tout kè nou, *
n-ap krinn ou, n-ap chèché fas ou.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Réfrin 3

Madi anvan 24 désann: Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Psòm 143 (144), 1-10

Pou viktoua-a ak lapè-a

Mouin kapab tout bagay nan sa-a ki ban-m fòs la (Fil 4, 13).

- 1 Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an, †
li minm ki antréné min-m pou batay *
ak douèt mouin pou lagè.
- 2 Mizérikòd mouin ak fòs mouin, *
kachèt mouin ak libératè mouin ;
boukliyé-m, nan li mouin éspéré, *
li minm ki pliyé pèp mouin-an anba-m.
- 3 Granmèt, ki sa moun nan yé, pou-ou rékonèt li, *
oubyin pitit moun nan, pou-ou konsidéré-l ?
- 4 Moun nan sanblé ak vid, *
jou-l yo tankou lonbraj k-ap pasé.
- 5 Granmèt, bésé sièl ou yo pou-ou désann ; *
touché mòn yo pou yo fè lafimin.
- 6 Limin zèklè-ou pou-ou gayé yo ; *
voyé flèch ou pou-ou fè yo kouri.
- 7 Voyé min-ou, pandan-ou anro-a ; *
délivré-m, libéré-m sot nan gran dlo yo,
sot nan min pitit pèp étranjé yo, †
- 8 bouch yo ap palé vid la, *
min douat yo, sé min douat manti.

- ⁹ Bondié, sé yon kantik nouvo m-ap chanté pou ou, *
 nan instriman dis kòd la m-ap joué pou ou,
¹⁰ ou minm ki sovè roua yo, *
 ki rachté David sèvitè-ou la anba épé méchan-an.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 137-144

XVIII (X Tsadé)

- ¹³⁷ Ou kòrèk, Granmèt, *
 jijman-ou nan douat.

- ¹³⁸ Ou té kòmandé témouagnaj ou-a nan jistis *
épi nan anpil vérité.
- ¹³⁹ Jalouzi-m nan fini avèk mouin, *
paské ènmi-m yo bliyé paròl ou yo.
- ¹⁴⁰ Promès ou-a pasé nan difé byin pasé, *
sèvitè-ou la rinmin-l.
- ¹⁴¹ Mouin tou jèn, yo méprizé-m ; *
kòmandman-ou yo mouin pa bliyé yo.
- ¹⁴² Jistis ou-a sé jistis pou tout tan, *
laloua-ou la sé vérité.
- ¹⁴³ Tribilasion ak kè séré anvayi-m ; *
lòd ou yo sé plézi-m.
- ¹⁴⁴ Jistis témouagnaj ou yo pou tout tan ; *
ban-m intéljans, épi m-a viv.

Psòm 87 (88)

Priyè yon moun ki malad grav

Min sa-a sé lè pa nou, ak pouvoua fènoua yo (Lk 22, 53).

I

- ² Granmèt, Bondié sovè mouin, *
lajounin mouin té rélé, ni nannuit dévan-ou.
- ³ Sé pou priyè-m nan antré dévan fas ou ; *
panché zòrèy ou nan diréksion priyè-m nan.
- ⁴ Paské nanm mouin plin malè, *
lavi-m t-ap proche anba tè-a.
- ⁵ Mouin té tankou moun k-ap désann nan fos la, *
mouin té vîn tankou yon moun ki san sékou.

- 6 Lagé nan pami mò yo, *
 tankou moun ki blésé yo, k-ap dòmi nan kavo yo ;
 yo minm yo pa sonjé yo ankò, *
 yo minm ou ouété sot nan min-ou.
- 7 Ou té mété-m nan fos anba tè-a, *
 nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a.
- 8 Sou mouin kòlè-ou la té pézé, *
 tout lanm ou yo té vlopé-m.

II

- 9 Ou té fè zanmi-m yo pati louin mouin, *
 ou té fè-m vîn tounin yon dégoutans pou yo ;
 mouin fèmin, mouin pa kapab soti. *
- 10 Jé-m fin dépéri nan soufrans la.
 Tout lajounin mouin t-ap rélé-ou, Granmèt, *
 mouin t-ap lonjé min-m koté-ou.
- 11 Èské pou mò yo ou-ap fè mèvèy, *
 oubyin èské lonbraj yo ap lévé épi y-ap fè déklarasion pou ou ?
- 12 Èské yon moun nan kavo-a ap rakonté mizérikòd ou-a, *
 ak vérité-ou la nan koté yo pèdi-a ?
- 13 Èské yo konnin mèvèy ou yo nan fènoua yo, *
 ak jistis ou-a nan tè yo bliyé-a ?
- 14 Mouin minm, sé koté-ou, Granmèt, mouin té rélé, *
 granmatin priyè-m ap rivé koté-ou.
- 15 Pouki sa, Granmèt, ou répousé nanm mouin-an, *
 ou kaché fas ou louin-m ?
- 16 Mouinn minm sé yon pòv mouin yé,
 dépi-m tou piti m-ap dépéri ; *
 mouin t-ap poté kè soté-ou yo, mouin té troublé.
- 17 Kòlè-ou yo té pasé sou mouin, *

sézisman-ou yo té fîn koupé souf mouin.

¹⁸ Tout jounin yo t-ap ansèklé-m tankou dlo, *
yo t-ap vlopé-m ansanm.

¹⁹ Zanmi-m ak sa-k viv avèk mouin, ou té mété yo louin-m, *
sé fènoua yo ki rékonèt mouin.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Madi anvan 24 désanm: Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-
ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Psòm 136 (137), 1-6

Sou bò riviè Babilòn yo

*Anprizònman sa-a ki maré kò pèp la yo doué rapòté-l kòm imaj
anprizònman spirituèl la (S. Ilèr).*

- 1 Sou bò gran riviè Babilòn yo,
sé la nou té chita épi nou t-ap kriyé, *
pandan nou t-ap sonjé Siyon.
- 2 Nan pié banbou nan mitan-l yo, *
nou té pandié gita nou yo.
- 3 Sèké sé la sa yo ki té fè nou prizonié yo *
té mandé nou paròl kantik
épi sa yo ki t-ap pèsékité nou yo, kè kontan : *
« Chanté pou nou nan kantik Siyon yo ».
- 4 Kijan pou nou t-a chanté kantik Granmèt la *
nan tè étranjé ?
- 5 Si-m bliyé-ou, Jérusalèm, *
sé pou min douat mouin bliyé-m ;
- 6 sé pou lang mouin kolé nan palèt mouin, *
si-m pa sonjé-ou,
si-m pa mété Jérusalèm dévan *
nan tèt kè kontan-m.

[7 - 9]

Madi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ap soti nan koté pa-l la ki sin-an; l-ap vini pou-l sovè pèp li-a.

Réfrin 2

Madi anvan 24 désanm: Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Psòm 137 (138)

Aksion-d-gras

Roua yo sou tè-a ap poté gloua li-a ak onè nan vil ki sin-an (Cf. Ap 21, 24).

- ¹ M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt, ak tout kè-m, *
paské ou tandé paròl bouch mouin.
- ² Dévan fas anj yo m-ap chanté pou ou, *
m-ap adoré nan tanp ou-a ki sin-an ;
m-ap fè déklarasion pou non-ou †
poutèt mizérikòd ou ak vérité-ou, *
paské ou té fè promès ou-a gran dépasé tou non.
- ³ Nan ninpèt ki jou mouin t-a rélé-ou, réponn mouin ; *
ou-ap multiplié fòs nan nanm mouin.
- ⁴ Y-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt, tout roua sou tè-a, *
paské yo té tandé promès bouch ou.
- ⁵ Y-ap chanté chémin Granmèt la, *
paské gloua Granmèt la gran ;
- ⁶ paské Granmèt la ro anlè-a, †
li té voyé jé sou pòv la, *
li rékonèt arogan-an dépi byin louin.
- ⁷ Si m-ap maché nan mitan tribilasion,
ou-ap fè-m jouinn lavi ; †
ou-ap lonjé min-ou kont kòlè ènmi-m yo, *
min douat ou ap sové-m.
- ⁸ Granmèt la ap fini travay la pou mouin ; †
Granmèt, mizérikòd ou pou tout tan : *
travay min-ou yo, pa lagé-l.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Vil fòs nou-an sé Siyon, Sovè-a té instalé miray ladan-l avèk miray dévan-l; louvri pòt yo, paské Bondié avèk nou, alélouya.

Réfrin 3

Madi anvan 24 désanm: Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- ^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- ¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- ¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajàs, *
 fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Madi anvan 24 désanm: Réf. Fè nou rékonèt, Granmèt, chémin-ou lan sou tè-a, nan tout nasion yo sovè ou sovè nou-an.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Béni Granmèt la, nanm mouin, pa bliyé tout byin l-ap plédé fè pou ou yo.

Psòm 102 (103)

Louanj Granmèt la ki pran pitié-a

Gras a zantray mizérikòd Bondié-a, Solèy k-ap lévé sot anro-a té vizité nou (Cf. Lk 1, 78).

I

¹ Béni Granmèt la, nanm mouin, *
tou sa-k anndan-m yo, pou non-l ki sin.

- 2 Béni Granmèt la, nanm mouin, *
pa bliyé tout rékonpans li yo.
- 3 Li minm ki padonnin tout fot ou yo, *
ki géri tout maladi-ou yo ;
- 4 li minm ki rachté lavi-ou sot nan déstriksion-an, *
ki kouronnin-ou ak mizérikòd, ak pitié ;
- 5 li minm ki plin tout tan-ou ak byin : *
pou-l fè-ou vîn tou jèn ankò tankou yon ègl.
- 6 Granmèt la fè jistis *
ak jijman pou tout moun k-ap soufri afron yo.
- 7 Li fè Moyiz konnin chémin-l yo, *
li fè pitit Israèl yo konnin sa-l rivé fè yo.

Réf. Béni Granmèt la, nanm mouin, pa bliyé tout byin l-ap plédé fè pou ou yo.

Réf. 2 Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, Granmèt la gin pitié pou sa ki krinn li yo.

II

- 8 Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd, *
li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Sé pa pou tout tan l-ap fè diskision, *
sé pa pou tout tan li faché.
- 10 Sé pa dapré péché nou yo li aji avèk nou, *
ni dapré fot nou yo li rinmèt nou.
- 11 Paské otan sièl la ro anlè tè-a, *
mizérikòd li débòdé sou sa yo ki krinn li yo ;
- 12 otan olévan louin okouchan, *
li ranvouayé péché nou yo louin nou.

- 13 Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, *
Granmèt la gin pitié pou moun ki krinn li yo.
- 14 Paské li minm li konnin kijan nou fèt, *
li sonjé sé pousiè nou yé.
- 15 Moun nan sé tankou zèb chèch jou-l yo yé, *
tankou flè jadin konsa-l fléri.
- 16 Van-an souflé sou li, li pa rézisté, *
koté-l té yé-a pa rékonèt li ankò.

Réf. Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, Granmèt la gin pitié pou sa ki krinn li yo.

Réf. 3 Béni Granmèt la, tout sa-l fè égzisté yo.

III

- 17 Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan, †
épi jous pou tout tan pou moun ki krinn li yo ; *
jistis li nan pitit pitit yo,
- 18 nan sa yo ki kinbé aliens li-a *
épi ki sonjé kòmandman-l yo pou réalisé yo.
- 19 Granmèt la té paré trôn li nan sièl la, *
ringn li ap kòmandé sou tout bagay.
- 20 Béni Granmèt la, tout anj li yo, †
ki gin pouvoua ak fòs pou réalisé paròl li-a. *
lè nou tandé voua paròl li-a.
- 21 Béni Granmèt la, nou tout puisans li yo, *
nou minm sèvitè-l yo k-ap réalisé volonté-l la.
- 22 Béni Granmèt la, nou tout li fè yo, †
nan tout koté li kòmandé. *
Béni Granmèt la, nanm mouin.

Réf. Béni Granmèt la, tout sa-l fè égzisté yo.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetae vocibus, 327.*

PSÒM YO

Réfrin 1

Mèkrédi anvan 24 désanm: Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sovè pèp li-a.

Psòm 107 (108)

Louanj Granmèt la épi démann sékou

Paské Pitit Bondié-a lèvé dépasé anlè sièl yo, anlè tout tè-a gloua li-a préché (Arnòb).

² Kè-m paré, Bondié, †
kè-m paré, *

† m-ap chanté, m-ap joué muzik : An nou ouè, gloua mouin !

- 3 Lévé, mandolîn ak gita, *
m-ap révéyé gran-matin-an.
- 4 M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
m-ap chanté ak muzik pou ou nan nasion yo,
5 sèké mizérikòd ou-a gran jous nan sièl yo, *
vérité-ou rivé jous nan nuaj yo.
- 6 Bondié, sé pou-ou lévé dépasé anlè sièl yo *
épi gloua-ou la dépasé anlè tout tè-a.
- 7 Pou sa yo ou rinmin yo délivré, *
fè min douat ou sovè-m, réponn mouin.
- 8 Bondié palé nan kay sakré-l la : †
« M-ap fè fèt, m-ap séparé Sikèm, *
m-ap méziré tè-fon Soukòt la ;
- 9 Galaad, sé pou mouin, Manasé sé pou mouin, †
Éfrayim sé fòs tèt mouin, *
Juda, sé baton kòmandman-m.
- 10 Moab sé kivèt pou-m lavé kò-m ; †
sou Édòm, m-ap lagé sapat mouin, *
sou Filisti m-ap pousé rèl viktoua ».
- 11 Kilès k-ap minnin-m nan vil ki byin protéjé-a ? *
Kilès k-ap kondui-m jous nan Édòm ?
- 12 Èské sé t-a ou, Bondié, ki t-a répousé-n ? *
Ou pa soti ankò, Bondié, avèk lamé nou yo ?
- 13 Poté nou sékou nan tribilasion-an, *
sèké konté sou moun pou nou sovè sé pèdi tan.
- 14 Nan Bondié n-ap fè fòs, *
li minm l-ap foulé ènmi nou yo anba pié.

Mèkredi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sovè pèp li-a.

Réfrin 2

Mèkrédi anvan 24 désanm: Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joutan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Kantik

Iz 61, 10 - 62, 5

Rèl fèt profèt la osijè nouvo Jérusalèm nan

Mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a... ki abiyé tankou yon fi k-ap marié ki anbéli pou mari-l (Cf. Ap 21, 2).

- ^{61,10} Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la, *
 nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,
 paské li abiyé-m ak rad ki sovè-m nan, *
 li vlopé-m nan manto jistis la,
 tankou yon mésié k-ap marié dékoré ak kouròn, *
 épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.
- ¹¹ Réyèlman, minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, †
 minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, *
 sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
 ni louanj la tou dévan tout nasion yo.
- ^{62,1} Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, *
 épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil,
 joutan moun jistis li-a soti tankou klèté, *
 épi sovè-l la kléré tankou lanp.
- ² Nasion yo ap ouè jistis ou-a *
 épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la ;
 y-ap rélé-ou ak yon non nouvo, *
 sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.
- ³ Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, *
 yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.

- ⁴ Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò, *
yo pap rélé tè-ou la « Dézolé » ankò ;
min y-ap rélé-ou « Bòn volonté-m nan li », *
épi tè-ou la « Sa yo marié avèk li-a »,
paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou, *
épi tè-ou la ap madan marié.
- ⁵ Sèké minm jan yon jèn gason chouazi yon vièj pou-l marié, *
sé konsa pitit ou yo ap chouazi-ou ;
minm jan épou-a ap kontan poutèt épouz la, *
sé konsa Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.

Mèkredi anvan 24 désanm: Réf. Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joustan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Réfrin 3

Mèkredi anvan 24 désanm: Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
² m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- ³ Pa mét konfians nou nan chèf, *
nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sovè nou.

- 4 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
- jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
- sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la,
- 6 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
- lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
- li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
- 7 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
- li bay sa-k grangou yo manjé.
- Granmèt la défèt chinn yo, *
- 8 Granmèt la kléré avèg yo,
- Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
- Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
- òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
- min rout péchè yo, li gayé-l.
- 10 Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
- Bondié-ou la, Siyon,
- pou jénérasyon ak jénérasyon.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (Ṛ Kòf)

- ¹⁴⁵ Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizion-ou yo.
- ¹⁴⁶ Mouin té rélé koté-ou, sové-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- ¹⁴⁷ Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té espéré byin espéré.
- ¹⁴⁸ Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- ¹⁴⁹ Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- ¹⁵⁰ Yo t-ap proché, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- ¹⁵¹ Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- ¹⁵² Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Psòm 93 (94)

Granmèt la tiré vanjans pou sa-k kòrèk yo

Granmèt la tiré vanjans sou tout bagay sa yo : ... Sèké Bondié pa rélé nou pou bagay ki pa pròp, min pou nou vîn sin (Cf. 1 Tés 4. 6-7).

I

- ¹ Ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, Granmèt, *
ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, parèt.
- ² Monté anlè, ou minm k-ap jijé tè-a, *
rinnèt arogan yo sa yo mérité-a.
- ³ Jouskilè péchè yo, Granmèt, *
jouskilè péchè yo ap fè fèt ?
- ⁴ Y-ap bouyonnin paròl arogan, *
y-ap bay tèt yo gloua, yo tout k-ap fè méchansté-a.
- ⁵ Pèp ou-a Granmèt, yo rabésé-l, *
érita-j ou-a, yo fè-l pasé tray.
- ⁶ Vèv la ak étranjé-a, yo touyé yo, *
òfélin yo, yo touyé yo.
- ⁷ Yo té di : « Granmèt la pap ouè, *
Bondié Jakòb la pap konprann ».
- ⁸ Chèché konprann, nou minm ki san konprann nan pèp la, *
nou minm ki sòt yo, kilè n-a gin sa-jès ?
- ⁹ Sa-a ki planté zòrèy la, li pa t-a tandé, *
oubyin sa-a ki fiksé jé-a, li pa t-a gadé ?
- ¹⁰ Li minm ki korijé nasion yo, li pa t-a fè répròch, *
li minm ki aprann moun sians la ?
- ¹¹ Granmèt la konnin sa-k nan lidé moun yo *
sé van yo yé.

II

- 12 Ala kontantman pou moun sa-a, ou korijé-a, Granmèt, *
ou aprann li laloua-ou la,
- 13 pou-ou fè-l rét an pè nan mové jou yo, *
pandan y-ap fouyé fòs pou péchè-a.
- 14 Sèké Granmèt la pap répousé pèp li-a, *
li pap lagé éritaj li-a.
- 15 Sèké sé dapré jistis la jijman-an ap tounin, *
y-ap suiv li, tout moun ki gin kè yo douat yo.
- 16 Ki moun k-ap lévé kanpé pou mouin kont méchan yo, *
oubyin ki moun k-ap pran pozision pou mouin,
kont sa k-ap fè méchansté yo ?
- 17 Si Granmèt la pa-t poté-m sékou, *
yon ti kras ankò nanm mouin t-ap abité nan koté silans la.
- 18 Si-m t-a di : « Pié-m ap souké », *
mizérikòd ou-a, Granmèt, ta soutni-m.
- 19 Nan pakèt tèt chajé-m yo ki nan kè-m nan, *
konsolasion-ou yo fè nanm mouin kontan.
- 20 Èské ou fè bann avèk tribunal méchansté, *
k-ap instalé abi nan plas jistis ?
- 21 Y-ap plonjé sou nanm moun ki kòrèk la *
épi san moun ki inosan-an, yo kondané-l.
- 22 Granmèt la sèvi-m kòm protéksion, *
Bondié-m nan sé trou ròch kachèt mouin ;
- 23 l-ap rinmèt yo méchansté yo-a, †
l-ap détrui yo nan fè mal yo-a, *
- 24 Bondié Granmèt nou-an ap détrui yo.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Mèkrédi anvan 24 désanm: Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sovè pèp li-a.

Psòm 138 (139), 1-18. 23-24

Granmèt la ki ouè tout bagay

Ki moun ki té konnin éspri Granmèt la ? Oubyin ki moun ki té ba-l konsèy ? (Rom 11, 34).

I

- ¹ Granmèt, ou té sondé-m, ou té konnin-m, *
- ² ou té konnin chita-m ak lévé-m.
Ou té sézi pansé-m yo dépi byin louin, *
- ³ koté-m maché ak koté-m kouché, ou fouyé yo.
Tout rout mouin yo, ou ouè yo klè, †

- 4 paské paròl la pa ko sou lang mouin, *
gadé, Granmèt, ou té konnin tout bagay.
- 5 Dèyè kon dévan ou té séré-m, *
ou pozé min-ou sou mouin.
- 6 Sé mèvèy ékstraòdinè sians ou-a yé anlè-m, *
li ro, mouin pa kapab touché-l.
- 7 Ki koté pou-m alé louin éspri-ou, *
ki koté pou-m sové kò-m louin fas ou ?
- 8 Si-m monté nan sièl la, ou la ; *
si-m désann anba tè-a, ou prézan.
- 9 Si-m pran zèl dévan jou-a, *
pou-m al abité nan dènié bout lanmè-a,
- 10 minm la, min-ou ap kondui-m, *
min douat ou kinbé-m.
- 11 Si-m t-a di : « Pètèt fènoua yo ap fèmin-m, *
épi pap gin klèté alantou-m », *
- 12 minm fènoua yo pa fènoua dévan-ou, †
lannuit la ap kléré tankou lajounin *
– tankou fènoua li yo konsa limiè li-a tou –.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt la ki gin tout pouvoua-a ap vîn sot nan Siyon, pou-l sové pèp li-a.

Réfrin 2

Mèkrédi anvan 24 désanm: Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joustan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

II

- 13 Paské sé ou minm ki té fòmé rin-m yo, *
ou té trésé-m nan vant manman-m.
- 14 M-ap fè déklarasion pou ou,
paské ou té fòmé-m yon fason ékstraòdinè ; †
aksion-ou yo ékstraòdinè, *
nanm mouin konnin anpil.
- 15 Zo-m pa-t kaché louin-ou, †
lè mouin té fèt nan sékrè, *
trésé nan fon tè-a.
- 16 Mouin pa-t ko fîn fèt, jé-ou té déjà ouè-m, †
épi nan liv ou-a tout jou yo té ékri : *
yo té an fòmasion, épi yon sèl nan yo pa-t ko égzisté.
- 17 Kanta pou mouin minm, pansé-ou gin tròp valè, Bondié ; *
li trò lou kantité yo-a.
- 18 Si-m konté yo,
y-ap multipliye plis pasé sab ; *
si-m rivé nan finisman, mouin toujou avèk ou.
- [19 - 22]
- 23 Égzaminé-m, Bondié, konnin kè-m ; *
sondé-m, konnin tras rout mouin yo
- 24 épi gadé, si gin rout ki pa vo anyin nan mouin ; *
kondui-m nan chémin tout tan-an.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, joutan li soti tankou klèté Sa-a li ginyin ki Kòrèk la.

Réfrin 3

Mèkrédi anvan 24 désanm: Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo

- ¹² N-ap di Bondié Papa-a mèsì, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- ¹³ li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- ¹⁴ sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- ¹⁵ li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé prémié pitit anvan tou créatu,
- ¹⁶ paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- ¹⁷ li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- ¹⁸ Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- ¹⁹ sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *

²⁰ épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Mèkrédi anvan 24 désanm: Réf. Éspri Granmèt la sou mouin, li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Bra yo pa-t sovè yo, min sé min douat ou ak limiè fas ou.

Psòm 43 (44)

Dézas pèp la

Nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua dépasé mézi poutèt sa-a ki rinmin nou-an (Rom 8, 37).

I

- ² Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé ; †
papa nou yo té rakonté nou *
aksion ou fè nan jou yo, nan jou lontan yo.

- ³ Ou minm, ak min-ou, ou té chasé nasion yo épi ou té planté yo, *
ou té maltréte pèp yo épi ou té élaï yo.
- ⁴ Sé pa nan épé yo réyèlman yo té posédé tè-a, *
épi bra yo pa-t sové yo ;
min sé min douat ou ak bra-ou, ak limiè fas ou, *
paské ou té jouinn plézi-ou nan yo.
- ⁵ Sé ou minm sa, roua mouin, Bondié mouin, *
ki té kòmandé sové Jakòb yo.
- ⁶ Nan ou ènmi nou yo té résévoua kou, *
nan non-ou n-ap foulé anba pié nou
sa-k lévé kont nou yo.
- ⁷ Sèké sé pa nan ark mouin mouin mét konfians mouin, *
épi épé-m pa sové mouin.
- ⁸ Ou minm ou té sové nou anba sa k-ap frapé nou yo *
épi sa-k rayi nou yo, ou té fè yo ront.
- ⁹ Nan Bondié nou konsidérasion nou tout jounin *
épi nan non-ou, pou tout tan n-ap fè louanj.

Réf. Bra yo pa-t sové yo, min sé min douat ou ak limiè fas ou.

Réf. 2 Granmèt la pap viré fas li louin nou, si nou tounin vîn jouinn li.

II

- ¹⁰ Koulié-a minm, ou té répousé nou, ou té fè nou ront *
épi ou pa-t soti ak lamé nou yo, Bondié.
- ¹¹ Ou té fè nou tounin dèyè, dévan ènmi nou yo, *
sa-k rayi nou yo té piyé nou.
- ¹² Ou té rinmèt nou tankou mouton pou labatoua *
épi nan nasion yo ou té gayé nou.

- 13 Ou té vann pèp ou-a pou anyin, *
épi ou pa-t tiré avantaj nan pri yo té ba ou pou li-a.
- 14 Ou té fè nou sèvi répròch pou vouazin nou yo, *
rizib ak méri pou sa-k entouré nou yo.
- 15 Ou té fè nou vîn tounin provèb nan nasion yo, *
pèp yo ap souké tèt sou nou.
- 16 Tout jounin ront mouin-an la dévan-m, *
épi avilisman fas mouin kouvri-m *
- 17 dévan voua k-ap reproché, k-ap déréspekté, *
dévan fas ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.

Réf. Granmèt la pap viré fas li louin nou, si nou tounin vîn jouinn li.

Réf. 3 Lévè, Granmèt, pa répousé nou jouskalafin.

III

- 18 Tout bagay sa-a té rivé nou, †
épi nou pa-t bliyé-ou ; *
épi nou pa-t trayi aliens ou-a.
- 19 Nou pa-t fè kè nou rèkilé déyé, *
épi nou pa-t fè pié nou viré sot nan rout ou-a ;
- 20 min ou té krazé nou nan koté ki gin mangous yo *
épi ou té kouvri nou ak lonbraj lanmò.
- 21 Si nou té bliyé non Bondié nou-an, *
épi nou té lonjé min nou kot yon dié étranjé,
- 22 èské Bondié pa t-ap dékouvri sa ? *
sèké li minm li konnin sa-k kaché nan kè.
- 23 Paské poutèt ou y-ap touyé nou tout jounin, *
yo konsidéré nou tankou mouton labatoua.

- 24 Révéyé, pouki sa ou-ap dòmi, Granmèt ? *
Lévé, pa lagé nou pou tout tan.
- 25 Pouki sa ou-ap viré fas ou-a, *
ou bliyé povreté nou ak tribilasyon nou yo ?
- 26 Paské nanm nou ap drivé nan pousiè, *
épi vant nou kolé atè-a.
- 27 Lévé, Granmèt, poté nou sékou, *
rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

Réf. Lévé, Granmèt, pa répousé nou jouskalafin.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetæ vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Jédi anvan 24 désanm: Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Psòm 142 (143), 1-11

Priyè nan kè séré yo

Moun pa vîn kòrèk poutèt aksion laloua-a, min gras a lafoua nan Jézu-Kri (Gal 1, 16).

- 1 Granmèt, kouté priyè-m, †
sé pou zòrèy ou sansib pou démann mouin
nan vérité-ou la ; *
kouté-m nan jistis ou-a.
- 2 Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou la, *
paské nan fas ou okinn vivan pa an règ.
- 3 Sèké ènmi-an t-ap pèsékité nanm mouin, †
li té krazé lavi-m jous atè, *
li té instalé-m nan fènoua yo,
tankou moun ki mouri dépi sièk la.
- 4 Souf mouin t-ap dépéri nan mouin, *
kè-m vîn rèdi anndan mouin.
- 5 Mouin sonjé jou lontan yo, †
m-ap médité sou tout aksion-ou yo, *
sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- 6 Mouin lonjé min-m yo koté-ou, *
nanm mouin tankou tè san dlo pou ou.
- 7 Fè vit réponn mouin, Granmèt ; *
éspri-m ap fébli.
Pa kaché fas ou louin mouin, *
pou-m pa sanblé ak moun k-ap désann nan fòs yo.
- 8 Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin, *
paské sé nan ou mouin espéré.
Fè-m konnin nan ki chémin pou-m maché, *
paské sé koté-ou mouin lévé nanm mouin.

- ⁹ Délivré-m anba ènmi-m yo, *
Granmèt, sé koté-ou mouin té kaché.
- ¹⁰ Aprann mouin fè volonté ou, *
paské sé Bondié-m ou yé.
- Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki douat ; *
- ¹¹ poutèt non-ou, Granmèt, ou-a ban-m lavi.
Nan jistis ou-a *
ou-a konkui nanm mouin sot nan tribilasyon-an.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Réfrin 2

Jédi anvan 24 désanm: Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Kantik

Iz 66, 10-14 a

Konsolasyon ak kè kontan nan vil ki sin-an

Lòt la minm, Jérusalèm ki anlè-a, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹⁰ Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm, fété nan li, *
nou tout ki rinmin-l ;
fè kè nou kontan anpil, *
nou tout ki té pran lapinn sou li,
- ¹¹ pou nou bouè lèt kont kò nou *
nan sin-l k-ap ba nou konsolasyon,
pou nou sousé lèt ak délikatès k-ap koulé an kantité *
nan tout kalité gloua li.

- ¹² Sèké sé sa Granmèt la di : †
 « Min m-ap fè tankou yon riviè lapè vidé sou li, *
 tankou yon ravîn k-ap débòdé, gloua nasion yo sou li.
 N-ap sousé lèt, y-ap poté nou sou koté, *
 y-ap karésé nou sou jénou.
- ¹³ Tankou yon ti moun manman-l ap konsolé, †
 konsa mouin minm m-ap konsolé nou ; *
 épi n-ap konsolé nan Jérusalèm.
- ¹⁴ N-ap gadé, kè nou ap kontan, *
 zo nou ap jèmin tankou zèb ».

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Réfrin 3

Jédi anvan 24 désanm: Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Psòm 146 (147 A)

Puisans ak bonté Granmèt la

Ou minm n-ap fè louanj ou Bondié, ou minm n-ap déklaré ou Granmèt.

- ¹ Fè louanj Granmèt la,
 paské sa bon pou yo chanté pou Bondié nou-an, *
 paské sa bon pou fè louanj.
- ² Antan Granmèt la bati Jérusalèm, *
 l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.
- ³ Li minm ki géri kè ki krazé, *
 ki pansé koté yo blésé yo ;

- 4 ki konté kantité zétoual yo, *
ki rélé yo tout sou non yo.
- 5 Granmèt nou-an gran, pouvoua-l gran, *
yo pa kapab sondé sajès li.
- 6 Granmèt la soutni moun ki dosil yo, *
min li rabésé péchè yo jous atè.
- 7 Sonnin dévan Granmèt la, nan aklamasyon, *
chanté kantik pou Bondié nou-an sou gita.
- 8 Li minm ki kouvri sièl la avèk nuaj yo, *
li préparé laplui pou tè-a.
Li minm ki fè mòn yo pousé zèb *
ak ti plant pou sa k-ap sèvi moun yo.
- 9 Li minm ki bay bèt yo manjé yo, *
pitit gragra yo k-ap rélé yo.
- 10 Sé pa nan fòs yon choual li mét plézi li, *
ni nan jarèt yon moun li gin satisfasyon.
- 11 Sa-k bay Granmèt la satisfaksion, sé moun ki krinn li yo, *
épi nan yo, moun ki éspéré sou mizérikòd li-a.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 153-160

XX (7 Rèsh)

- ¹⁵³ Gadé jan-m rabésé, dégajé-m, *
paské mouin pa bliyé laloua-ou la.
- ¹⁵⁴ Jijé kòz mouin-an, rachté-m ; *
poutèt promès ou-a fè-m viv.
- ¹⁵⁵ Li louin péchè yo, sové ou sové nou-an, *
paské yo pa-t chèché désizion-ou yo.
- ¹⁵⁶ Mizérikòd ou yo anpil, Granmèt ; *
dapré jijman-ou yo, fè mouin viv.
- ¹⁵⁷ Yo anpil, sa yo k-ap pèsékité-m yo, k-ap fè-m pasé tray yo ; *
mouin pa dévié sot nan témouagnaj ou yo.
- ¹⁵⁸ Mouin ouè sa yo k-ap fè fo-akizasion yo, sa dégouté-m, *
paské yo pa kinbé promès ou yo.
- ¹⁵⁹ Gadé jan mouin rinmin kòmandman-ou yo, Granmèt ; *
dapré mizérikòd ou-a, fè mouin viv.
- ¹⁶⁰ Kòmansman paròl ou yo sé vérité, *
sé pou tout tan tout jijman jistis ou yo.

Psòm 127 (128)

Lapè kay la nan Granmèt la

« *Sé pou Granmèt la béni-ou sot nan Siyon* », *sètadi : sot nan Égliz li-a* (Arnòb).

- ¹ Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la, *
k-ap maché nan chémin-l yo.
- ² Sé frui travay min-ou ou-ap manjé, *
ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou.
- ³ Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin *
sou bò lakay ou ;
pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv *
alantou tab ou-a.
- ⁴ Gadé sé konsa moun nan ap béni, *
sa-k krinn Granmèt la.
- ⁵ Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon, *
sé pou-ou ouè byin Jérusalèm
touléjou lavi-ou ;
- ⁶ sé pou-ou ouè pitit pitit ou yo. *
Lapè pou Israël !

Psòm 128 (129)

Konfians pèp ki nan soufrans la ap rénovlé

Égliz la ap palé osijè sa-l sipòté yo (S. Ogustin).

- ¹ Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn, *
sé pou Israël di sa.

- ² Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn, *
min yo pa-t gin pouvoua kont mouin.
- ³ Travayè jadin yo pasé chari sou do-m, *
yo lonjé rigòl yo fouyé yo.
- ⁴ Granmèt la minm li kòrèk, *
li té kasé kou péchè yo.
- ⁵ Sé pou yo ront, sé pou yo ralé kò yo déyé, *
tout moun ki rayi Siyon yo.
- ⁶ Sé pou yo vîn tankou zèb pou tèt kay yo, *
ki gin tan séché anvan yo raché-l ;
- ⁷ moun k-ap rékòlté-a, pa jouinn pou-l plin min-l avè-l, *
ni dé bra-l, moun k-ap maré pakèt yo.
- ⁸ Moun k-ap pasé yo, yo pap di : †
« Bénédiksion Granmèt la sou nou, *
n-ap béni nou o non Granmèt la ».

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi II, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyé final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Jédi anvan 24 désanm: Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délivré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Psòm 143 (144)

Pou viktoua-a ak lapè-a

Min-l yo té antréné pou lagè-a, lè-l té ranpòté viktoua sou sièk la : « Mouin minm, réyèlman, li té di, mouin té ranpòté viktoua sou tè-a » (S. Ilèr).

I

- ¹ Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an, †
li minm ki antréné min-m pou batay *
ak douèt mouin pou lagè.
- ² Mizérikòd mouin ak fòs mouin, *
kachèt mouin ak libératè mouin ;
boukliyé-m, nan li mouin éspéré, *
li minm ki pliyé pèp mouin-an anba-m.
- ³ Granmèt, ki sa moun nan yé, pou-ou rékonèt li, *
oubyin pitit moun nan, pou-ou konsidéré-l ?
- ⁴ Moun nan sanblé ak vid, *
jou-l yo tankou lonbraj k-ap pasé.
- ⁵ Granmèt, bésé sièl ou yo pou-ou désann ; *
touché mòn yo pou yo fè lafimin.
- ⁶ Limin zèklè-ou pou-ou gayé yo ; *
voyé flèch ou pou-ou fè yo kouri.
- ⁷ Voyé min-ou, pandan-ou anro-a ; *

délibéré-m, libéré-m sot nan gran dlo yo,
 sot nan min pitit pèp étranjé yo, †
 8 bouch yo ap palé vid la, *
 min douat yo, sé min douat manti.

Jédi avan 24 désanm: Réf. Sé koté-ou, Granmèt, mouin té lévé nanm mouin ; vini épi délibéré-m, Granmèt, koté-ou mouin té vîn kaché.

Réfrin 2

Jédi avan 24 désanm: Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

II

9 Bondié, sé yon kantik nouvo m-ap chanté pou ou, *
 nan instriman dis kòd la m-ap joué pou ou,
 10 ou minm ki sovè roua yo, *
 ki rachté David sèvitè-ou la anba épé méchan-an.
 11 Délivré-m, libéré-m, *
 sot anba min pitit pèp étranjé yo,
 bouch yo ap palé vid, *
 min douat yo sé min douat manti.
 12 Pitit gason nou yo, sé pou yo tankou plant k-ap pousé *
 dépi yo tou jèn ;
 pitit fi nou yo, sé pou yo tankou poto-kouin, *
 yo tayé tankou pou konstriksion tanp.
 13 Sé pou galita nou yo plin, *
 pou yo débòdé ak tout kalité danré ;
 sé pou mouton nou yo rapòté mil foua, †
 pou yo fè pitit-pitit nan jadin nou yo, *
 14 sé pou bèf nou yo gra.

Fò nan pouin trou nan miray ni nan pouin kouri, *
nan pouin rèl lapinn sou laplas nou yo.

- ¹⁵ Ala kontantman pou pèp sa-a ki gin bagay sa yo ; *
ala kontantman pou pèp sa-a ki gin Granmèt la kòm Bondié-l.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Bay rékonpans, Granmèt, pou moun yo k-ap tann ou yo, pou yo jouinn profèt ou yo mérité konfians.

Réfrin 3

Jédi anvan 24 désanm: Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

- ^{11,17} N-ap di ou mèsì, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.

- ¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
profèt yo, ak sin yo, *
ak sa-k réspékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.

- ^{12,10} Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
ak otorité Kris li-a,
paské yo jété akizaté frè nou yo, *
li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
lajounin kon lannuit la.

- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
ak sa yo ki abité nan yo.

Jédi anvan 24 désanm: Réf. Granmèt, tounin byin vit, pa mizé pou-ou vîn jouinn sèvitè ou yo.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Granmèt la déjà tou pré, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Papa nou yo té rakonté nou, puisans Granmèt la ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.

Psòm 77 (78), 1-39

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la nan istoua sové-a

Bagay sa yo minm, sé nan pòtré yo rivé pou nou (1 Kor 10, 6).

I

¹ Pèp mouin, konsidéré ansègnman-m nan ; *
panché zòrèy nou sou paròl yo nan bouch mouin-an.

- 2 M-ap louvri bouch mouin nan parabòl, *
m-ap palé bagay ki té kaché dépi tan lontan.
- 3 Ala anpil bagay nou té tandé, nou konnin, †
épi papa nou yo té rakonté nou, *
- 4 nou pap kaché bay pitit yo,
antan y-ap rakonté-l bay yon lòt jénérasyon,
louanj Granmèt la ak puisans li yo *
ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.
- 5 Li instalé témouagnaj nan Jakòb, *
épi li mété laloua-a nan Israël ;
li pasé papa nou yo lòd †
pou yo fè pitit yo konnin yo, *
- 6 pou jénérasyon k-ap vini-an kapab konnin sa,
pitit yo k-ap vîn fèt yo.
- 7 Sé pou yo lévé, pou yo rakonté pitit yo, *
pou yo mété éspérans yo nan Bondié,
pou yo pa bliyé aksion Bondié yo, *
pou yo kinbé kòmandman-l yo.
- 8 Pou yo pa vîn tankou papa yo, *
jénérasyon rébèl, k-ap révòlté ;
jénérasyon ki pa gin kè-l solid, *
ki pa gin éspri-l fidèl pou Bondié.
- 9 Pitit Éfrayim yo, yo minm ki konn tiré flèch byin-an, *
yo viré do jou batay la.
- 10 Yo pa kinbé kontra Bondié-a, *
yo réfizé maché nan laloua-l la.
- 11 Yo bliyé aksion ékstraòdinè-l yo, *
ni mèvèy li yo li té fè yo ouè-a.
- 12 Dévan pròp papa yo li té fè mévèy, *
nan tè Éjip la, nan kanpman Tanis la.
- 13 Li té fann lanmè-a, li fè yo pasé, *

- li fè dlo yo kanpé tankou nan véso po-bèt.
 14 Li té kondui yo lajounin avèk yon nuaj, *
 épi tout nan nuit avèk yon limiè difé.
 15 Li té fann ròch yo nan dézè-a, *
 li té fè yo pasé souaf yo, tankou ak gran dlo nan trou san fon yo.
 16 Li fè dlo koulé sot nan ròch la, *
 sé tankou lariviè dlo li fè désann.

Réf. Papa nou yo té rakonté nou, puisans Granmèt la ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.

Réf. 2 Pitit Israël yo té manjé mèn nan, yo té bouè bouason éspri-a, nan ròch ki t-ap suiv yo-a.

II

- 17 Min yo té rékòmansé fè péché kont li, *
 nan tè sèk la yo éksité nan kòlè Sa-a ki Anlè nèt la.
 18 Yo té tanté Bondié nan kè yo, *
 antan y-ap mandé manjé pou nanm yo ;
 19 yo té palé kont Bondié, *
 yo té di : « Èské Bondié kapab
 paré yon tab nan dézè-a ? ».
 20 Li fi-n frapé ròch la, dlo yo té koulé, *
 lariviè yo té gayé.
 « Koulié-a èské li kapab bay pin tou, *
 oubyin èské-l kapab préparé viann pou pèp li-a ? ».
 21 Granmèt la tandé, li faché, †
 difé limin kont Jakòb, *
 kòlè-a monté kont Israël.
 22 Sèké yo pa-t kouè nan Bondié, *
 ni yo pa-t éspéré nan li kapab sovè yo-a.

- 23 Réyèlman li té pasé nuaj yo anro-a lòd, *
li té louvri pòt sièl yo ;
- 24 li té fè lapli lamàn tonbé pou yo pou yo manjé, *
li té ba yo pin sièl la :
- 25 Moun nan té manjé pin anj yo ; *
li té voyé manjé pou yo an kantité.
- 26 Li lévé van nan sid nan sièl la, *
li minnin van sot nan Afrik ak tout fòs li ;
- 27 sé tankou pousiè viann ki tonbé sou yo kon lapli, *
tankou sab lanmè, zouazo zèl yo :
- 28 yo tonbé nan mitan kan yo-a, *
alantou tant yo-a.
- 29 Yo manjé, yo satisfè kont kò yo, *
sa yo té anvè-a li poté-l ba yo.
- 30 Yo pa viré kité lanvi yo-a, *
manjé yo-a té nan bouch yo toujou,
- 31 lè kòlè Bondié monté kont yo, †
li touyé sa-k pi vanyan nan pami yo, *
li détrui jèn jan Israël yo.

Réf. Pitit Israël yo té manjé mèn nan, yo té bouè bouason éspri-a, nan ròch ki t-ap suiv yo-a.

Réf. 3 Yo té vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou épi sé rédanmè yo.

III

- 32 Malgré tou sa, yo fè péché toujou, *
yo pa kouè nan mèvèy li yo ;
- 33 li fè jou yo disparèt ak yon souf, *
ané yo disparèt byin vit.

- 34 Lè-l t-ap touyé yo-a, yo té vîn ap chèché-l, *
yo konvèti, yo vîn koté-l granmatin ;
- 35 yo vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou, *
Bondié ki Anro nèt la, sé rédanmtè yo.
- 36 Épi yo té éséyé konvink li ak bouch yo, *
ak lang yo sé manti yo té ba li ;
- 37 kè yo minm pa-t douat avèk li, *
ni yo pa-t fidèl nan aliens li-a.
- 38 Li minm minm li té gin mizérikòd, *
li padonnin péché-a, li pa gayé yo.
Anpil foua li viré kòlè-l, *
- 39 Épi li té sonjé sé chè yo yé, *
souf k-ap pati ki pap tounin.

Réf. Yo té vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou épi sé rédanmtè yo.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetæ vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Vandrédi anvan 24 désanm: Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a :
Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

*Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou
abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).*

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- ⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- ⁵ Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- ⁶ Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- ⁷ Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- ⁸ Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- ⁹ Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.

- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Réfrin 2

Vandrédi anvan 24 désanm: Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Kantik

Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b

Aksion-d-gras pou libérasion pèp la

Li montré-m vil ki sin-an Jérusalèm... ki gin klèté Bondié-a (Ap 21, 10-11).

- ⁸ Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, *
nou tout, fè louanj grandè-l.
Òganizé jou fèt, *
fè louanj pou li.
- ⁹ Jérusalèm vil ki sin-an, *
li té frapé-ou poutèt aksion min-ou yo.
- ¹⁰ Fè déklarasion pou Granmèt la nan bon aksion *
épi béni Roua sièk yo,
pou tant li-a kapab tounin vîn rébati nan ou avèk kè kontan, *
pou-l fè tout égzilé yo kontan nan ou,
pou-l rinmin tout maléré yo nan ou *
pou tout sièk sièk yo.
- ¹¹ Yon bèl limiè ap kléré *
nan tout kouin tè-a ;
anpil nasion ap soti byin louin vîn koté-ou, †
ni moun ki abité tout bout tè-a,
y-ap vîn dévan non sin ou-a *
y-ap gin kado nan min yo pou roua sièl la.
Pou jénérasion ak jénérasion y-ap ba-ou kè kontan, *
non dam yo chouazi-a ap pou sièk sièk yo.

- ¹³ Lè sa-a sé pou kontan sé pou fété poutèt pitit moun ki kòrèk yo, †
paské yo tout ap rasanblé, *
y-ap béni Granmèt la pou tout tan-an.
- ¹⁴ Sé chans pou moun ki rinmin-ou yo, *
sé chans pou sa yo k-ap kontan nan lapè-ou la.
- ¹⁵ Nanm mouin, béni Granmèt la, gran roua-a, *
- ¹⁶ paské nan Jérusalèm y-ap bati tankou yon vil
kay li-a *
pou tout sièk yo.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Réfrin 3

Vandrédi anvan 24 désanm: Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sovè-m nan.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.

- 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- 19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- 20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sovè-m nan.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 161-168

XXI (Ψ Sîn)

- ¹⁶¹ Chèf yo té pèsékité-m san rézon, *
min sé nan paròl ou yo kè-m té tranblé.
- ¹⁶² M-ap kontan mouin minm osijè promès ou yo, *
tankou yon moun ki jouinn anpil richès.
- ¹⁶³ Mouin té rayi manti, mouin pa vlé ouè-l ; *
sé laloua-ou la mouin té rinmin.
- ¹⁶⁴ Sèt foua chak jou mouin té di louanj pou ou, *
osijè jijman jistis ou-a.
- ¹⁶⁵ Anpil lapè pou sa yo ki rinmin laloua-ou la, *
pou yo, li pa sèvi bariè.
- ¹⁶⁶ Mouin t-ap tann sovè ou sovè-m nan, Granmèt, *
mouin té réalizé lòd ou yo.
- ¹⁶⁷ Nanm mouin té kinbé témouagnaj ou yo, *
mouin rinmin yo anpil.
- ¹⁶⁸ Mouin kinbé kòmandman-ou yo ak témouagnaj ou yo, *
paské tout rout mouin yo dévan fas ou.

Psòm 132 (133)

Plézi bòn antant ant frè yo

Sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti (1 Jnn 4, 7).

- ¹ Gadé kijan sa bon, kijan sa fè plézi, *
pou frè yo abité ansanm :
- ² sé tankou pi bon losion sou tèt, †
k-ap désann sou bab, bab Aaron, *

k-ap désann sou kòl rad li ;
 3 sé tankou larouzé Èrmon, *
 k-ap désann sou mòn Siyon yo,
 Paské sé la Granmèt la pasé lòd pou bénédiksion-an rivé, *
 lavi-a jous pou tout tan,

Psòm 139 (140), 2-9. 13-14

Ou sé kachèt mouin

Y-ap rimmèt Pitit moun nan nan min péchè yo (Mt 26, 45).

2 Délivré-m, Granmèt, sot anba moun méchan-an, *
 kont moun brutal la, protéjé-m.
 3 Yo minm k-ap kalkulé méchansté nan kè yo, *
 tout jounin y-ap òganizé bagay.
 4 Yo filé lang yo tankou sèpan, *
 pouazon sèpan aspik anba po bouch yo.
 5 Prézèvé-m, Granmèt, sot anba min péchè-a, †
 protéjé-m kont moun brutal la, *
 y-ap kalkulé pou yo fè pié-m glisé.
 6 Arogan yo té kaché yon pièj pou mouin, †
 yo té tann kòd ak filè, *
 bò santié-a yo té pozé pièj pou mouin.
 7 Mouin té di Granmèt la : « Sé Bondié-m ou yé ; *
 Granmèt, panché zòrèy ou sou voua lapriyé-m nan ».
 8 Granmèt, Granmèt, sé ou minm ki fòs k-ap sové-m nan, *
 ou kouvri tèt mouin nan jou lagè-a.
 9 Pa kité méchan-an réyusi sa-l anvi-a, Granmèt ; *
 pa kité mové plan-l nan réyisi.

[10 - 12]

¹³ Mouin té rékonèt kijan Granmèt la fè jijman maléré-a *
épi vanjans pòv yo.

¹⁴ Vrèman, moun ki kòrèk yo ap fè déklarasion pou non-ou, *
moun ki douat yo, y-ap abité dévan fas ou.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN, *Verbum salutis omnium*, 323.

PSÒM YO

Réfrin 1

Vandrédi anvan 24 désanm: Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a :
Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Psòm 144 (145)
Louanj grandè Bondié

Ou kòrèk, ou minm ki égzisté, épi ki té égzisté, Sin-an (Ap 16, 5).

I

- 1 M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua, † 8
m-ap béni non-ou *
pou tout tan ak tout tan gin tan.
- 2 Chak jou m-ap béni-ou, † 9
m-ap fè louanj pou non-ou *
pou tout tan ak tout tan gin tan.
- 3 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, * 10
yo pa kapab sondé grandè-l.
- 4 Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li 11
bay yon lòt jénérasyon, *
y-ap rakonté pouvoua-ou.
- 5 Grandè gloua majésté-ou, y-ap déklaré-l, * 12
mèvèy ou yo, y-ap rakonté yo.
- 6 Y-ap di puisans sa-ou fè yo ki bay krint * 13
épi y-ap rakonté grandè-ou.
- 7 Y-ap déklaré souvni dousè-ou k-ap débòdé, * 14
y-ap fété poutèt jistis ou.
- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd, * 15
li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Granmèt la bon pou tout moun, * 16
pitié li yo sou tou sa-l fè yo.
- 10 Sé pou yo fè déklarasyon pou ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ; * 17
sé pou sin-ou yo béni-ou.
- 11 Gloua péyi-roua-ou la, sé pou yo déklaré-l, * 18
pouvoua-ou, sé pou yo anonsé-l,
- 12 pou yo fè pitit moun yo konnin mèvèy ou yo, * 19
ak gloua grandè péyi-roua-ou la.
- 13 Péyi-roua-ou la, sé péyi-roua tout tan yo, * 20
kòmandman-ou nan pou jénérasyon ak jénérasyon.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Sot nan Siyon l-ap vini sa-a k-ap roua-a : Granmèt la, Émanuèl sé gran non-l sa.

Réfrin 2

Vandrédi anvan 24 désanm: Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

III

- ^{13b} Granmèt la fidèl nan tout paròl li yo, * 1
 épi li sin nan tout aksion li yo.
- ¹⁴ Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé, * 2
 li drésé tout moun ki fébli.
- ¹⁵ Jé yo tout ap éspéré sou ou, * 3
 ou minm ou ba yo manjé nan tan konvnab.
- ¹⁶ Ou louvri min-ou, * 4
 ou plin tout vivan nan byinvéyans.
- ¹⁷ Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo, * 5
 li sin nan tout aksion-l yo.
- ¹⁸ Granmèt la toupré tout moun k-ap rélé-l yo, * 6
 tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a.
- ¹⁹ L-ap fè volonté moun ki krinn li yo, † 7
 l-ap kouté priyè yo, *
 l-ap sové yo.
- ²⁰ Granmèt la prezèvé tout moun ki rinmin-l yo, * 8
 min l-ap gayé tout péchè yo.
- ²¹ Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la, † 9
 sé pou tout chè béni non-l ki sin-an *
 pou tout tan ak tout tan gin tan.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kinbé pa lagé, n-ap ouè sékou Granmèt la sou nou.

Réfrin 3

Vandrédi anvan 24 désanm: Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sové-m nan.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Vandrédi anvan 24 désanm: Réf. Kanta pou mouin minm sé kot Granmèt la m-ap gadé, épi m-ap tann Bondié k-ap sové-m nan.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 703, avèk réfrin Jodi-a n-ap konnin Jodi-a n-ap konnin
Granmèt la ap vini, épi nan matin n-ap ouè gloua-l.

, 325, oubyin 703.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Veni, redemptor gentium*, 325.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té rachté yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo.

Psòm 77 (78), 40-72

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la nan istoua sové-a

Bagay sa yo minm, sé nan pòtré yo rivé pou nou (1 Kor 10, 6).

IV

⁴⁰ Konbyin foua, yo té provoké-l nan dézè-a, *
yo té pousé-l fè kòlè nan tè san dlo-a !

- 41 Yo té rékòmansé, yo té tanté Bondié, *
yo té provoké Sin Israël la.
- 42 Yo pa-t sonjé min-l, *
jou li té délivré yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo.
- 43 Lè-l té bay sign li yo nan Éjip la *
avèk prodij li yo nan kanpman Tanis la.
- 44 Lè-l té fè gran lariviè yo-a tounin san-an, *
joutan yo pa-t kapab bouè dlo yo ki t-ap koulé-a.
- 45 Li té voyé moustik sou yo ki dévoré yo, *
ak krapo ki té gaté sa yo ginyin.
- 46 Li fè krikèt kado jadin yo, *
frui travay yo té pou gro krikèt.
- 47 Li té touyé jadin rézin yo ak kout lagrèl, *
pié fig yo ak laglas.
- 48 Li té rinmèt bèt chaj yo bay lagrèl, *
bann mouton yo bay flanm difé.
- 49 Li té voyé chalè kòlè-l sou yo, †
mové san, raj, kè séré, *
yon détachman anj malè.
- 50 Li té égalizé santié pou kòlè-l ; †
li pa-t prezèvé nanm yo anba lanmò, *
li té lagé lavi yo bay épidémi ki rèd.
- 51 Li té frapé tout prémié pitit nan tè Éjip, *
prémié frui fòs nan tant Kam yo.

Réf. Granmèt la té rachté yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo.

Réf. 2 Granmèt la té kondui yo sou mòn koté li fè vîn sin-an.

V

- 52 Li té kondui pèp li-a tankou mouton, *
li dirijé yo tankou yon troupo nan dézè-a.
- 53 Li té kondui yo nan éspérans, yo pa tranblé, *
lanmè-a kouvri ènmi yo.
- 54 Li té kondui yo jous nan péyi-l ki sin-an, *
sou mòn nan min douat li té réyisi pran-an.
- 55 Li té chasé nasion sot dévan yo, †
li té séparé éritaj la ba yo avèk apantaj, *
li té instalé fanmi Israèl yo nan tant yo.
- 56 Yo té tanté Bondié ki Anro nèt la, yo té éksité-l, *
yo pa-t kinbé témouagnaj li yo.
- 57 Yo té viré do ba li, yo té fè rébèl, †
tankou papa yo, *
yo té viré an-ariè tankou yon mové zam pou tiré flèch.
- 58 Yo té éksité kòlè-l sou ti rotè yo, *
yo fè-l fè jalouzi avèk zidòl yo.
- 59 Bondié té tandé, li faché, *
li té méprizé Israèl byin méprizé.
- 60 Li té pati kité kay Silo-a, *
tant koté li té abité avèk moun yo.
- 61 Li té rinnèt puisans li kòm prizonié, *
épi bèlté-l la nan min ènmi-an.
- 62 Li té fèmin pèp li-a nan épé, *
li té fè kòlè kont éritaj li-a.
- 63 Difé té dévoré jèn jan-l yo, *
jèn fi li yo pa gin fèt nòs.
- 64 Prèt li yo tonbé anba kout épé, *
vèv yo pa gin sérémoni dèy.

Réf. Granmèt la té kondui yo sou mòn koté li fè vîn sin-an.

Réf. 3 Sé group fanmi Juda-a li té chouazi, épi David, sévitè-l, pou-l okipé Israèl éritaj li-a.

VI

- ⁶⁵ Épi Granmèt la té lévé tankou moun ki sot nan dòmi, *
 tankou sòlda divin éksité.
- ⁶⁶ Li té frapé ènmi-l yo pa déyè, *
 li té lagé yo nan laront pou tout tan.
- ⁶⁷ Li té pati kité tant Jozèf la, *
 li pa-t chouazi ras Éfrayim nan,
- ⁶⁸ sé ras Juda-a li té chouazi, *
 mòn Siyon-an li té rinmin.
- ⁶⁹ Li té bati kay sakré-l la tankou sa-k pi ro-a,
 tankou tè li té pozé fondasion-l pou sièk yo.
- ⁷⁰ Li té chouazi David, sévitè-l, †
 li té pran-l sot nan pak mouton yo, *
- ⁷¹ pandan-l t-ap suiv manman mouton yo, li fè-l vini :
 pou-l kondui Jakòb, pèp li-a, *
 ak Israèl éritaj li-a.
- ⁷² Li té kondui yo avèk yon kè san répròch, *
 li té dirijé yo avèk min ki gin ladrès.

Réf. Sé group fanmi Juda-a li té chouazi, épi David, sévitè-l, pou-l okipé Israèl éritaj li-a.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a pròp, 402.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, *Magnis prophetae vocibus*, 327.

PSÒM YO

Réfrin 1

Jou 24 désanm nan: Ou minm, Bétlèèm, tè Juda, sé pa ou k-ap pi piti: sé nan ou réyèlman l-ap sòti, Chèf sa-a k-ap dirijé Israël, pèp mouin-an.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

- ² Sa bon pou fè louanj Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
- ³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
- ⁴ sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
- ⁵ Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
- ⁶ Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.

- 7 Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
- 8 Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou tout tan ; *
- 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.
- 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
yo vidé luil sou mouin an kantité.
- 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- 13 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- 14 Yo planté nan kay Granmèt la, *
nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- 15 Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- 16 pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
kachèt mouin-an, *
pa gin défo nan li.

Jou 24 désanm nan: Réf. Ou minm, Bétlèèm, tè Juda, sé pa ou k-ap pi piti: sé nan ou réyèlman l-ap sòti, Chèf sa-a k-ap dirijé Israèl, pèp mouin-an.

Réfrin 2

Jou 24 désanm nan: Lévé tèt nou: min l-ap proché, rédanmsion nou-an

Kantik

Éz 36, 24-28

Grammèt la ap renouvélé pèp li-a

Y-ap pèp li, li minm Bondié avèk yo l-ap Bondié yo (Ap 21, 3).

- 24 M-ap pran nou sot nan nasion yo, †
 m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, *
 m-ap minnin nou nan péyi nou-an ;
- 25 m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, †
 n-ap nétouayé sot nan tou sa-k té sal nou, *
 anba tout zidòl nou yo m-ap nétouayé nou.
- 26 M-ap ba nou yon kè nouvo, *
 m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou,
 m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, *
 m-ap ba nou yon kè chè ;
- 27 m-ap mété éspri-m nan mitan nou, †
 m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, *
 pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.
- 28 N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, †
 n-ap yon pèp ki pou mouin, *
 mouin minm m-ap Bondié nou.

Jou 24 désanm nan: Réf. Lévé tèt nou: min l-ap proché, rédanmsion nou-an

Réfrin 3

Jou 24 désanm nan: Démin, n-ap sové , sé sa Granmèt la Bondié lamé yo di.

Psòm 8

Grandè Bondié, konsidèrasion moun

Li mété tout bagay anba pié-l, li bay li kòm tèt sou tout Égliz la (Éféz 1, 22).

- 2 Granmèt, Granmèt nou, *
ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
paské grandè-ou ro *
anlè sièl yo.
- 3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.
- 4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
lalîn ak zétoual yo ou fiksé,
5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?
- 6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
ak gloua ak konsidèrasion ou kouronnin-l *
7 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.
- Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †
8 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
minm bèt nan rak boua yo,
9 zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.

¹⁰ Granmèt, Granmèt nou, *
ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Jou 24 désanm nan: Réf. Démin, n-ap sové , sé sa Granmèt la Bondié lamé yo di.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, pròp, 407.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki pròp pou chak tan yo.

PSÒM YO

Réfrin-an, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Psòm 118 (119), 169-176

XVII (⌈ Taou)

¹⁶⁹ Sé pou priyè-m nan proche nan fas ou, Granmèt ; *
dapré paròl ou-a, ban-m intèlijans.

¹⁷⁰ Sé pou démann mouin-an antré nan fas ou, *
dapré promès ou-a libéré-m.

- ¹⁷¹ Bouch mouin déklaré kantik, *
lè ou-ap aprann mouin désizion-ou yo.
- ¹⁷² Lang mouin chanté promès ou, *
paské tout lòd ou yo sé jistis.
- ¹⁷³ Sé pou min-ou vîn poté-m sékou, *
paské mouin chouazi kòmandman-ou yo.
- ¹⁷⁴ Mouin anvi délivrans ou-a, Granmèt, *
laloua-ou la sé plézi-m.
- ¹⁷⁵ Sé pou nanm mouin viv, l-ap fè louanj ou, *
jijman-ou yo ap poté-m sékou.
- ¹⁷⁶ Mouin pèdi rout tankou mouton, k-ap péri ; *
chèché sèvitè-ou la, paské mouin pa bliyé lòd ou yo.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- ² Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- ³ Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- ⁴ Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- ⁵ Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *

- pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
 Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
 nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, tout tan san rété ; *
 baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
 sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
 ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
 nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
 rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
 épi paré zòrèy ou *
 épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
- Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
 moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
 ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
 fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
 yo minnin yo nan palè roua-a.

- ¹⁷ Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- ¹⁸ Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè louanj ou tout tan *
ak pou tout tan san rété.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1212.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

POU KONPLI

APRÉ PRÉMIÉ VÈP DIMANCH ÉPI SOLANITÉ YO

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Pitié pou mouin, Granmèt, épi kouté priyè-m.

Psòm 4

Aksion-d-gras

Granmèt la té fè bèl mèvèy, lè-l té résisité-l pami mò yo (S. Ogustin).

- ² Lè-m té rélé ou té kouté-m, Bondié jistis mouin. *
nan tribilasion-an ou té dégajé-m ;
pran pitié pou mouin, *
kouté priyè mouin.
- ³ Pitit moun yo, jouskilè n-ap lou nan kè nou ? *
- ⁴ Pouki sa nou rinmin sa-k pa vo anyin, n-ap chèché paròl manti ?
⁴ Sé pou nou konnin Granmèt la fè mèvèy pou sin-l nan ; *
Granmèt la ap kouté, lè m-ap rélé koté-l.
- ⁵ Fè kòlè, min pa fè péché ; †
palé nan kè nou, *
sou kabann nou, rété trankil.
- ⁶ Sakrifié sakrifis kòrèk, *
épi éspéré nan Granmèt la.

- ⁷ Anpil moun ap di : « Kilès k-ap montré nou byin yo ? ». *
Lévé limiè fas ou sou nou tankou yon sign, Granmèt !
- ⁸ Ou mété plis kè kontan nan kè-m, *
pasé lè blé ak divin yo vîn anpil.
- ⁹ Nan lapè byin vit m-ap dòmi, m-ap répozé, *
paské ou minm, Granmèt,
ou instalé-m nan éspérans yon fason spésial.

Réf. Pitié pou mouin, Granmèt, épi kouté priyè-m.

Réf. 2 Nan lannuit yo sé pou nou béni Granmèt la.

Psòm 133 (134)

Priyè asouè nan tanp la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran (Ap 19, 5).

- ¹ Gadé, béni Granmèt la,
nou tout sèvitè Granmèt la, *
ki kanpé nan kay Granmèt la, tout nannuit la.
- ² Lévé min nou nan diréksion sanktuè-a, *
épi béni Granmèt la.
- ³ Sé pou Granmèt la béni-ou antan-l nan Siyon, *
li minm ki fè sièl la ak tè-a.

Réf. Nan lannuit yo sé pou nou béni Granmèt la.

LÉKTU KOUT

Dét 6, 4-7

Kouté, Israël : Granmèt la Bondié nou-an sé youn sèl Granmèt la. Sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou ak tout nanm ou, ak tout fòs ou. Sé pou paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a, rét nan kè-ou, sé pou-ou rakonté yo bay pitit ou yo, sé pou-ou médité sou yo antan-ou chita nan kay ou épi antan ou-ap maché nan chémin, antan ou-ap dòmi épi antan ou-ap lévé.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rinmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rinmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israël

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélation nasion yo, *
épi gloua Israël, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Vizité nou, tanpri, Granmèt, nan nuit sa-a koulié-a, pou antan nou lévé dévanjou gras a pouvoua-ou, n-ap kapab réjouï osijè réziriksiyon Kris ou-a. Li minm ki vivan.

Oubyin, nan solanité ki pa tonbé jou dimanch :

Vizité kay sa-a, tanpri, Granmèt, épi voyé tout pièj ènmi-an byin louin-l; sé pou anj-ou yo ki sin abité ladan-l, yo minm k-ap protéjé nou nan lapè; épi sé pou bénédiksiyon-ou toujou sou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizyon Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

APRÉ DÉZIÈM VÈP DIMANCH ÉPI SOLANITÉ YO

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Anba lonbraj zèl li l-ap mété-ou; ou pap krinn dévan sa-k fè pè nan nuit.

Psòm 90 (91)

Anba protéksion Sa-a ki anro nèt la

Min mouin ba nou pouvoua pou nou maché sou sèpan ak skòpion (Lk 10, 19).

- ¹ Moun ki abité nan protéksion Sa-a ki anro nèt la, *
l-ap rété anba lonbraj Sa-a ki gin tout pouvoua-a.
- ² L-ap di Granmèt la : †
« Kachèt mouin, ak fòs mouin, *
Bondié mouin, m-ap éspéré nan ou ».
- ³ Paské li minm l-ap libéré-ou sot nan pièj chasè yo *
ak nan paròl méchan.
- ⁴ Ak zèl li yo l-ap kouvri-ou, †
anba plim zèl li ou-ap kaché ; *
boukliyé ak protéksion, sé vérité-l la.
- ⁵ Ou pap pè bagay k-ap fè moun pè nannuit,
dévan flèch k-ap volé lajounin, †
- ⁶ dévan épidémi k-ap maché nan fènoua, *
dévan déstriksion k-ap fè ravaj gro midi.

- 7 Mil ap tonbé bò koté-ou, †
di-mil adouat ou ; *
kanta ou minm, li pap touché-ou.
- 8 Réyèlman ou-ap égzaminé byin ak jé-ou, *
ou-ap ouè péchè yo jouinn sa yo mérité.
- 9 Paské ou minm, Granmèt, ou sé kachèt mouin. *
Ou té mété abitasion-ou anlè nèt.
- 10 Malè pap proché koté-ou, *
chatiman pap proché nan tant ou,
- 11 paské l-ap pasé anj li yo lòd osijè-ou, *
pou yo véyé sou ou nan tout chémin-ou yo.
- 12 Sé sou min yo y-ap poté-ou, *
pou pié-ou pa riské frapé sou ròch.
- 13 Sou sèpan aspik ak roua sèpan yo ou-ap maché, *
ou-ap foulé lion ak dragon anba pié-ou.
- 14 Paské li kolé kò-l sou mouin, m-ap libéré-l ; *
m-ap résévoua-l, paské li konnin non-m.
- 15 L-ap rélé-m, m-ap kouté-l ; †
m-ap avèk li nan tribilasion-an, *
m-ap libéré-l, m-ap fè-l jouinn gloua.
- 16 M-ap plin-l ak kantité jou, *
m-ap fè-l ouè sovè mouin sovè-l la.

Réf. Anba lonbraj zèl li l-ap mété-ou; ou pap krinn dévan sa-k fè pè nan nuit.

LÉKTU KOUT

Ap 22, 4-5

Y-ap ouè fas Granmèt la, épi non-l ap nan fron yo. Pap gin nannuit ankò, yo pap bézouin limiè lanp, ni limiè solèy, paské Granmèt Bondié ap kléré sou yo, y-ap régné nan sièk sièk yo.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rimmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rimmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Voua nou, Granmèt, ap priyé-ou avèk umilité, pou antan mistè rézirkision Granmèt la sélébré nan jou sa-a, nou répozé nan lapè-ou la san okinn mal pa troublé nou, épi nou lévé nan louanj ou ak kè kontan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin, nan solanité ki pa tonbé dimanch :

Vizité kay sa-a, tanpri, Granmèt, épi voyé tout pièj ènmi-an byin louin-l; sé pou anj ou yo ki sin abité ladan-l, yo minm k-ap protéjé nou nan lapè; épi sé pou bédiksion-ou toujou sou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

LINDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Ou minm, Bondié Granmèt, ou pasian épi ou gin anpil mizérikòd.

Psòm 85 (86)

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

¹ Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.

² Présèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sové sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap éspéré nan ou.

- 3 Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- 4 Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- 5 Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- 6 Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- 7 Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- 8 Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- 9 Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,
- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
m-a maché nan vérité-ou la ;
fè kè-m vîn tou sinp, *
pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasyon pou ou, Granmèt Bondié mouin,
ak tout kè mouin, *
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèt la.
- 14 Bondié, ògèyé yo té soulvé kont mouin, †
asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,

- ¹⁶ voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †
 bay sèvitè-ou fòs ou, *
 sovè pitit sèvant ou-a.
- ¹⁷ Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
 pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
 paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sékou
 ou té konsolé-m.

Réf. Ou minm, Bondié Granmèt, ou pasian épi ou gin anpil mizérikòd.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 9-10

Bondié té mété nou pou nou jouinn sovè li sovè nou-an, pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki mouri pou nou, pou, soua n-ap véyé, soua n-ap dòmi, nou viv ansanm avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rimmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rimmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sovè nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kitè sèvitè-ou la pati, *
 dapré paròl ou-a, nan lapè,

- ³⁰ paské jé-m yo ouè *
 sové ou-ap Sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
 dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
 épi gloua Israël, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Répo-a, Granmèt, sa-k bon pou santé-a, fè kò nou yo jouinn li, épi sémans nou planté jodi-a gras a travay nou-an, fè-l jèmin pou rékòlt k-ap pou tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

MADI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Pa kaché fas ou louin-m, paské sé nan ou mouin té éspéré.

Psòm 142 (143), 1-11

Priyè nan kè séré yo

Moun pa vîn kòrèk poutèt aksion laloua-a, min gras a lafoua nan Jézu-Kri (Gal 1, 16).

- ¹ Granmèt, kouté priyè-m, †
sé pou zòrèy ou sansib pou démann mouin
nan vérité-ou la ; *
kouté-m nan jistis ou-a.
- ² Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou la, *
paské nan fas ou okinn vivan pa an règ.
- ³ Sèké ènmi-an t-ap pèsékité nanm mouin, †
li té krazé lavi-m jous atè, *
li té instalé-m nan fènoua yo,
tankou mouin ki mouri dépi sièk la.
- ⁴ Souf mouin t-ap dépéri nan mouin, *
kè-m vîn rèdi anndan mouin.
- ⁵ Mouin sonjé jou lontan yo, †
m-ap médité sou tout aksion-ou yo, *
sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- ⁶ Mouin lonjé min-m yo koté-ou, *
nanm mouin tankou tè san dlo pou ou.
- ⁷ Fè vit réponn mouin, Granmèt ; *
éspri-m ap fébli.
Pa kaché fas ou louin mouin, *
pou-m pa sanblé ak moun k-ap désann nan fòs yo.
- ⁸ Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin, *
paské sé nan ou mouin espéré.
Fè-m konnin nan ki chémin pou-m maché, *
paské sé koté-ou mouin lévé nanm mouin.

- ⁹ Délivré-m anba ènmi-m yo, *
 Granmèt, sé koté-ou mouin té kaché.
- ¹⁰ Aprann mouin fè volonté ou, *
 paské sé Bondié-m ou yé.
- Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki douat ; *
- ¹¹ poutèt non-ou, Granmèt, ou-a ban-m lavi.
 Nan jistis ou-a *
 ou-a konkui nanm mouin sot nan tribilasion-an.

Réf. Pa kaché fas ou louin-m, paské sé nan ou mouin té espéré.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 8-9 a

Kontrolé tèt nou, rét ap véyé. Ènmi nou-an, djab la, tankou yon lion k-
 ap pousé rèl l-ap fè lavironn, l-ap chèché moun pou-l dévoré. Rézisté-l
 avèk fòs nan lafoua-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rinmèt éspri mouin. Nan min-
 ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rinmèt éspri
 mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap
 dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- 29 Koulié-a, Granmèt, ou mèt kite sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
30 paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
31 sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
32 limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Nuit sa-a, tanpri, Granmèt, kléré-l pou jan-ou bon, épi nou minm sèvitè-ou yo fè nou dòmi nan lapè yon fason pou o non-ou nou kontan révéyé al nan klèté jou nouvo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

MÈKRÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Sé ou minm ki pou Bondié k-ap protéjé-m nan ak kay pou-m kaché-a.

Psòm 30 (31), 1-6

Moun k-ap souffri-a ap sipliyé avèk konfians

Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin (Lk 23, 46).

- ² Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, pou-m pa ront pou tout tan ; *
nan jistis ou, délivré-m.
- ³ Panché zòrèy ou sou mouin, *
fè vit, pou-ou sovè-m.
Sé pou-ou sèvi-m yon ròch kachèt épi yon kay-sitadèl *
pou-ou sovè-m.
- ⁴ Paské fòs mouin ak kachèt mouin sé ou minm, *
poutèt non-ou, ou-a kondui-m, ou-a souin-m.
- ⁵ Ouété-m sot nan pièj la, sa yo té kaché pou mouin-an, *
paské sé ou minm ki fòs mouin.
- ⁶ Sé nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin ; *
ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a.

Réf. Sé ou minm ki pou Bondié k-ap protéjé-m nan ak kay pou-m kaché-a.

Réf. 2 Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt. †

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- 1 Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- 2 † Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.
- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.
- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la *
plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la,
Paské kot Granmèt la sé mizèrikòd, *
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl *
sot nan tout fot li yo.

Réf. Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt. †

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 26-27

Pa fè péché ; pa kité solèy la kouché sou kòlè nou, épi pa bay djab la plas.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rimmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rimmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki tou dou épi tou sinp, ou prezanté bay moun k-ap suiv ou yo yon jouk ki fasil ak yon chaj ki léjé, aksépté résévoua angajman ak travay jounin sa-a, épi ba nou répo-a k-ap fè nou pi byin dispozé pou sèvis la. Ou minm ki vivan.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

JÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Chè mouin répozé nan éspérans.

Psòm 15 (16)

Granmèt la sé pòsion éritaj mouin

Bondié fè Jézu lévé antan-l dégajé-l sot nan soufrans lanmò-a (Tr Ap 2, 24).

- ¹ Prézèvé-m, Bondié, *
paské mouin éspéré nan ou.
- ² Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé, *
byin pou mouin, pa gin sa, sof ou minm ».

- 3 Sin yo sou tè-a, moun ki mérité respè yo, *
tout plézi-m sé nan yo li yé.
- 4 Yo fè soufrans yo vîn anpil, *
sa yo k-ap kouri dèyè dié étranjé yo.
Mouin pap vidé likè sakrifis sot nan san ba yo, *
mouin pap kité non yo monté nan bouch mouin
- 5 Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin : *
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin.
- 6 Chinn apantè yo tonbé pou mouin nan koté ki fè-m plézi, *
réyèlman vré éritaj mouin-an satisfè-m.
- 7 M-ap béni Granmèt la ki ban-m intélizans ; *
minm nannuit rin-m ban-m léson.
- 8 Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan ; *
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé.
- 9 Sé poussa kè-m kontan, †
tout anndan fon kè-m ap fété ; *
minm chè-m pozé nan éspérans.
- 10 Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, *
ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision.
- 11 Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, †
kè kontan an plin avèk fas ou, *
plézi adouat ou jouskalafin.

Réf. Chè mouin répozé nan éspérans.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rinmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rinmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA**Lk 2, 29-32**

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik**Lk 2, 29-32****Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl**

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Granmèt Bondié nou, travay lajounin-an fatigé nou, réfè fòs nou ak répo somèy la, pou gras a sèkou-ou k-ap toujou la pou fè nou réviv, n-a dévoué pou ou ni ak kò nou ni ak léspri nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizyon Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

VANDRÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 727, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. 1 Lajounin mouin t-ap rélé ni lannuit tou dévan-ou, Granmèt.

Psòm 87 (88)

Priyè yon moun ki malad grav

Min sa-a sé lè pa nou, ak pouvoua fènoua yo (Lk 22, 53).

- ² Granmèt, Bondié sovè mouin, *
lajounin mouin té rélé, ni nannuit dévan-ou.
- ³ Sé pou priyè-m nan antré dévan fas ou ; *
panché zòrèy ou nan diréksion priyè-m nan.
- ⁴ Paské nanm mouin plin malè, *
lavi-m t-ap proche anba tè-a.
- ⁵ Mouin té tankou moun k-ap désann nan fos la, *
mouin té vîn tankou yon moun ki san sékou.
- ⁶ Lagé nan pami mò yo, *
tankou moun ki blésé yo, k-ap dòmi nan kavo yo ;

yo minm yo pa sonjé yo ankò, *
yo minm ou ouété sot nan min-ou.

7 Ou té mété-m nan fos anba tè-a, *
nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a.

8 Sou mouin kòlè-ou la té pézé, *
tout lanm ou yo té vlopé-m.

9 Ou té fè zanmi-m yo pati louin mouin, *
ou té fè-m vîn tounin yon dégoutans pou yo ;
mouin fèmin, mouin pa kapab soti. *

10 Jé-m fîn dépéri nan soufrans la.
Tout lajounin mouin t-ap rélé-ou, Granmèt, *
mouin t-ap lonjé min-m koté-ou.

11 Èské pou mò yo ou-ap fè mèvèy, *
oubyin èské lonbraj yo ap lévé épi y-ap fè déklarasion pou ou ?

12 Èské yon moun nan kavo-a ap rakonté mizérikòd ou-a, *
ak vérité-ou la nan koté yo pèdi-a ?

13 Èské yo konnin mèvèy ou yo nan fènoua yo, *
ak jistis ou-a nan tè yo bliyé-a ?

14 Mouin minm, sé koté-ou, Granmèt, mouin té rélé, *
granmatin priyè-m ap rivé koté-ou.

15 Pouki sa, Granmèt, ou répousé nanm mouin-an, *
ou kaché fas ou louin-m ?

16 Mouinn minm sé yon pòv mouin yé,
dépi-m tou piti m-ap dépéri ; *
mouin t-ap poté kè soté-ou yo, mouin té troublé.

17 Kòlè-ou yo té pasé sou mouin, *
sézisman-ou yo té fîn koupé souf mouin.

18 Tout jounin yo t-ap ansèklé-m tankou dlo, *
yo t-ap vlopé-m ansanm.

19 Zanmi-m ak sa-k viv avèk mouin, ou té mété yo louin-m, *
sé fènoua yo ki rékonèt mouin.

Réf. Lajounin mouin t-ap rélé ni lannuit tou dévan-ou, Granmèt.

LÉKTU KOUT

Cf. Jér 14, 9

Ou minm, Granmèt, ou nan mitan nou, épi non-ou, sou nou yo rélé-l; pa lagé nou, Granmèt Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, * Mouin rinmèt éspri mouin. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Mouin rinmèt éspri mouin. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè.

Priyè

Pèmèt nou, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou rété kolé byin fidèl ak Sèl Pitit ou-a yo té antéré-a yon fason pou mérité résisité ansanm avèk li nan lavi tou nèf la. Li minm ki vivan.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 730.

**PSÒM KONPLÉMANTÈ
POU TIÈRS, SÈKST AK NÒN**

Apré V/. Bondié, vîn édé mouin épi imn nan, yo di psòm graduèl ki vîn apré yo, avèk réfrin yo tankou nan Pròp la.

Séri I (Pou Tièrs)

Psòm 119 (120)

Anvi lapè

Sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an, sé pou nou pèsévéré nan priyè-a (Rom 12, 12).

- ¹ Lè-m nan tribilasyon, mouin té rélé kot Granmèt la, *
li réponn mouin.
- ² Granmèt, délivré nanm mouin anba bouch manti, *
anba lang tronpri.
- ³ Sa y-ap ba ou, sa y-ap ajouté ba ou, *
lang tronpri ?
- ⁴ Flèch vanyan-sòlda ki byin pouinti yo *
ak chabon difé pikan rajé.
- ⁵ Malè pou mouin, paské mouin fè ladésant nan Méchèk, *
mouin abité nan tant Kédar yo !
- ⁶ Sa fè lontan nanm mouin abité *
avèk moun ki rayi lapè yo.
- ⁷ Mouin minm mouin t-ap mété lapè ; *
kon-m palé, yo minm sé pou lagè.

Psòm 120 (121)

Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- ¹ M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- ² Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- ³ Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- ⁴ Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israèl la.
- ⁵ Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- ⁶ Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- ⁷ Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- ⁸ Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proche kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déja kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Séri II (Pou Sèkst)

Psòm 122 (123)

Granmèt la, konfians pèp la

Dé avèg... yo té rélé : « Pitié pou nou, Granmèt, pitit David » (Mt 20, 30).

- ¹ Koté-ou mouin té lévé jé-m yo, *
ou minm ki abité nan sièl yo.

- 2 Min sé tankou jé sèvitè yo
 kot min mèt yo, *
 tankou jé sèvant la kot min mètrès li,
 sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an, *
 joutan li pran pitié pou nou.
- 3 Pitié pou nou, Granmèt, pitié pou nou, *
 paské nou plin ak mépri ;
- 4 Paské nanm nou plin anpil *
 ak dérizion moun ki rich yo,
 ak mépri arogan yo.

Psòm 123 (124)

Sékou nou nan non Granmèt la

Granmèt la té di Pòl: « Pa pè... paské mouin avèk ou » (Tr Ap 18, 9-10).

- 1 Si Granmèt la pa-t nan nou,
 sé pou Israèl di sa koulié-a, †
- 2 si Granmèt la pa-t nan nou, *
 lè moun yo lévé kont nou-an :
- 3 pétèt sé tou vivan yo t-ap valé nou, *
 lè raj yo t-ap boulé kont nou-an.
- 4 Pétèt dlo-a t-ap nouayé nou, †
 riviè-a t-ap pasé anlè nanm nou ; *
- 5 pétèt yo t-ap pasé anlè nanm nou,
 dlo yo k-ap bouyi yo.
- 6 Li béni, Granmèt la, *
 li minm ki pa rinmèt nou kòm manjé anba dan yo.
- 7 Nanm nou tankou zouazo ki chapé *
 sot nan pièj chasè yo :

pièj la krazé, *
nou minm minm nou chapé.

8 Sékou nou o non Granmèt la, *
ki fè sièl la ak tè-a.

Psòm 124 (125)

Granmèt la ap véyé sou pèp li-a

Lapè sou Israèl Bondié-a (Gal 6, 16).

- 1 Moun yo ki mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon : *
li pap janm souké, l-ap rété pou tout tan.
- 2 Jéruzalèm, mòn yo antouré-l, †
konsa Granmèt la antouré pèp li-a *
dépi koulié-a jous pou tout tan.
- 3 Baton méchansté-a pap pozé sou éritaj moun ki kòrèk yo, *
pou moun ki kòrèk yo pa lonjé min yo nan méchansté.
- 4 Fè dibyin Granmèt, pou moun ki bon yo, *
moun kè yo douat yo.
- 5 Sa yo minm ki panché nan chémin krochi yo, †
sé pou Granmèt la minnin yo ansanm ak sa k-ap fè méchansté yo. *
Lapè sou Israèl !

Séri III (Pou Nòn)**Psòm 125 (126)****Kè kontan ak éspérans nan Bondié**

Minm jan nou patisipé nan soufrans nou yo, konsa tou n-ap patisipé nan konsolasyon-an (2 Kor 1, 7).

- ¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an, *
nou té tankou nan rèv.
- ² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan, *
épi lang nou ak fèt.
Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : *
« Granmèt la té fè gran mèvèy avèk yo ».
- ³ Granmèt la té fè gran mèvèy avèk nou ; *
nou vîn gin kè kontan.
- ⁴ Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, *
tankou ravîn nan sid yo.
- ⁵ Moun ki simin ak dlo nan jé, *
yo ranmasé ak fèt.
- ⁶ Yo t-apralé, yo t-ap kriyé, *
antan y-ap poté sémans pou simin-an ;
min antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, *
pandan y-ap poté zépi yo.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
 sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
 Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Psòm 127 (128)

Lapè kay la nan Granmèt la

« *Sé pou Granmèt la béni-ou sot nan Siyon* », sètadi : *sot nan Égliz li-a* (Arnòb).

- ¹ Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la, *
 k-ap maché nan chémin-l yo.
- ² Sé frui travay min-ou ou-ap manjé, *
 ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou.

- 3 Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin *
sou bò lakay ou ;
pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv *
alantou tab ou-a.
- 4 Gadé sé konsa moun nan ap béni, *
sa-k krinn Granmèt la.
- 5 Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon, *
sé pou-ou ouè byin Jérusalèm
touléjou lavi-ou ;
- 6 sé pou-ou ouè pitit pitit ou yo. *
Lapè pou Israël !

PRÒP POU SIN YO

NOVANM

30 novanm

S. ANDRÉ

Apot

Fèt

André fèt Bètsayid, li té disip Jan-Batis anvan, apré sa li té suiv Kris la, li té minnin Piè, frè-l la, tou bay Jézu. Ansanm avèk Filip, li té prezanté payin yo bay Kris la, épi li montré ti gason-an ki té poté pouason yo ak pin yo. Apré Pantkot la, yo di li préché Évanjil la nan anpil réjion épi yo klouré-l sou koua nan péyi la-Grès.

Nan Komin Apot yo, 1385, éksépté sa-k vîn apré la-a :

Pou Ofis léktu-a

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

1, 18 — 2, 5

Apot yo préché koua-a

Frè yo : ^{1,18} Paròl koua-a réyèlman sé yon foli pou moun k-ap péri yo ; min pou sa yo k-ap sovè yo, sètadi nou minm, sé pouvoua Bondié. ¹⁹ Min sa-k ékri-a di : « M-ap pèdi sajès saj yo, m-ap réjité intélizans intélizans yo ».

²⁰ Koté saj la ? koté skrib la ? koté moun k-ap ranpòté viktoua sou tè sa-a ? Èské Bondié pa fè sajès tè sa-a vîn tounin foli ? ²¹ Réyèlman, paské nan sajès Bondié-a, tè-a pa-t konprann Bondié, Bondié désidé sovè moun ki kouè yo gras a foli prèch la. ²² Sèké Juif yo ap mandé sign, Grèk yo ap

chèché sajès ; ²³ nou minm minm n-ap préché Kris la yo klouré sou koua-a, pou Juif yo sé yon skandal, pou nasion yo sé yon foli, ²⁴ min pou sa yo yo rélé yo, Juif ak Grèk, sé Kris la, puisans Bondié ak sajès Bondié-a. ²⁵ Paské sa-k fou pou Bondié ; li pi saj pasé moun yo ; sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo.

²⁶ Gadé nan ki sa yo rélé nou, frè-m yo ; sèké pa gin anpil saj dapré chè-a, ni anpil moun ki gin pouvoua, ni anpil moun ki sot nan gran ras.

²⁷ Min sé sa-k fou sou tè-a Bondié chouazi, pou-l fè saj yo ront ; sé sa-k fèb sou tè-a Bondié chouazi, pou-l fè sa-k fò yo ront ; ²⁸ sé sa-k san konsidèrasion ak sa yo méprizé sou tè-a Bondié chouazi, ak sa-k pa anyin, pou-l détrui sa-k kichòy yo, ²⁹ pou okinn chè pa fè grandizè dévan fas li. ³⁰ Sé gras a li nou nan Kris Jézu, li minm ki vîn tounin sajès pou nou sot nan Bondié, ak jistis, ak sanktifikasion, ak rédanmsion ; ³¹ konsa, dapré sa-k ékri-a : « moun k-ap lévé tèt li, sé nan Granmèt la pou-l lévé tèt li ».

^{2.1} Mouin minm, lè-m rivé koté nou, frè-m yo, mouin pa-t vini pa lintèmédiè ékstravagans diskou oubyin sajès, antan m-ap anonsé nou mistè Bondié-a. ² Mouin pa-t konsidéré réyèlman mouin konn kichòy nan pami nou, sof Jézu-Kri épi li minm sa-a ki klouré sou koua-a. ³ Épi mouin minm sé nan féblès épi krint épi anpil tranbléman mouin té lakay nou ; ⁴ diskou mouin-an épi prèch mouin-an pa-t nan paròl sajès k-ap chèché konvink, min sé té nan montré Éspri-a ak puisans la, ⁵ pou lafoua nou-an pa nan sajès lèzòm, min nan puisans Bondié.

REPONS

Mt 4, 18. 19

R/. Antan Granmèt-la ap maché bò lanmè Galilé-a, li té ouè Piè épi André, yo t-ap voyé filè nan lanmè-a, li di yo : * Vini apré-m, m-ap fè nou al lapèch moun.

V/. Réyèlman sé péchè pouason yo té yé, li di yo : * Vini.

DEZIEM LEKTU

Sot nan Prèch sin Jan Krizostòm, évèk, nan Évanjil Jan-an
(Hom. 19, 1: PG 59, 120-121)

Nou té jouinn Mési-a

André, antan-l té rété kot Jézu épi li té aprann anpil bagay, li pa-t kaché trézò-a nan li-minm, min li té fè vit épi li té kouri al kot frè li-a, pou-l té ka fè-l vîn tounin konpagnon-l. Konsidéré réyéلمان kisa li té di frè li-a la-a: *Nou té jouinn Mési-a, sa vlé di Kris la*. Èské nou pa ouè nan ki fason sa-l té aprann nan yon ti moman, la minm li té montré-l?

Ryéلمان li déklaré ni puisans Mèt la ki té konvink yo bagay sa-a, ni pròp éfò ak atansyon yo minm yo té pran souin pou sa déja o-kòmansman. Sa-a sètènman sé paròl nanm nan t-ap tann l-ap vini-an ak anvi anlè tout bagay, épi ki té gin pou vini sot nan sièl la pou sa k-ap tann nan k-ap fété ak kè kontan-an, apré li té parèt la, épitou antan-l fè vit li té anonsé yon bagay ki si gran bay lòt yo. Sa sé té byinvéyans yon frè, fanmi ki zanmi, aféksion sinsè, lonjé min youn bay lòt nan sa ki spirituèl yo.

Konsidéré tou, dépi nan kòmansman-an minm, nanm Piè ki konsanti fasilman. Ki té kouri tousuit san okinn réta. *Li té minnin-l bay Jézu*, dapré sa-l di-a. Min pèsonn pa doué kondané fasilité-l la, ki fè-l té aksépté paròl la san sanpil vérifikasyon. T-a sanblé vrèman réyéلمان frè-a té rakonté bagay sa yo avèk souin ba li épi ak anpil détay; vrèman évanjélist yo rakonté anpil bagay an rézimé tout koté antan yo fè éfò pou yo brèf. Otréman minm yo pa di li té kouè tousuit, min: *Li té minnin-l bay Jézu*, antan-l té gin pou-l rinmèt li bay Jézu pou-l té aprann tout bagay nan min-l: réyéلمان té gin yon lòt disip tou ki té prézan, épi li té poté konkou pou sa.

Paské si Jan Batis, lè-l té di: *Sé Mouton-an épi Sé nan Éspri-a l-ap batizé*, li té kité pou yo résévoua nan min Kris la sa-k konsènè ansègnman sa-a pi klè, André té fè sa pi plis ankò, li minm ki pa-t pansé li gin kont

kapasité pou-l ékspliké tout bagay, min li té kondui frè-a nan sous limiè-a minm, yon fason tèlman vit épi ak kè kontan, pou li pa-t minm rété tann yon ki kras.

REPONS

R/. Osito aprè sint André té tandé voua Granmèt la ki t-ap préché-a, antan li té kité filè yo, ki té sèvi pou-l travay épi pou-l viv la, * Li té suiv sa-a ki bay rékonpans lavi pou tout tan-an.

V/. Sé li minm ki, poutèt rinmin Kris la épi pou laloua li-a, li té sipoté soufrans la. * Li té suiv.

IMN *Te Deum*, 707.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Captátor olim piscium*)

Ou minm ki té abitué péché pouason lontan,
koulié-a minm, sé lapèch moun ou-apralé,
André, ak filè-ou yo.
Ouété nou sot nan lanm yo ki sou tè-a.

Ou minm ki frè Piè nan kò,
minm laloua lanmò-a pa séparé nou,
nou minm yon sèl chè té anfanté-a,
koua-a té anfanté nou vîn frè nan sièl la.

Frè ki mérité anpil konsidérasion,
sou minm ran parapò a kouròn gloua-a !
Yo minm ki sin, ki papa Égliz la,
yo pitit koua-a yon fason égal.

Ou minm ki t-al jouinn Jézu anvan frè-ou la,
 ou minm ki té cho pou-ou montré-l lavi-a,
 pou nou minm tou ki mizérab
 sé ou ki pou gid nan chémin ki sin-an.

Ou minm ki té zanmi frè-ou la yon fason ékstraòdinè,
 fè Égliz ki obéyi Piè kòm gadyin
 jouinn lagras pou-l bay prèv charité
 yon fason ékstraòdinè.

Ou minm Kris la té rinmin anpil la,
 fè nou kouri, gras a rinmin-an,
 pou, antan nou rivé jouinn patri-a ak kè kontan,
 nou chanté gloua pou Bondié. Amèn.

Réf. 1 Youn nan yo dé-a, ki té suiv Granmèt la, sé té André, frè Simon Piè-a.

Psòm ak kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Granmèt la té rinmin André tankou yon losion bon lodè.

Réf. 3 André té di Simon, frè-l la : Nou té jouinn Mési-a; épi li té minnin-l bay Jézu.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé sitouayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou instalé yo kòm chèf * Sou tout tè-a. Ou instalé.

V/. Y-ap sonjé non-ou, Granmèt, * Sou tout tè-a. Viv Papa-a. Ou instalé.

Pou Benedictus la, réf. Salu, koua ki gin valè-a, résévoua disip sa-k té pandié sou ou-a, mèt mouin-an, Kris la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, antan nou résévoua éritaj sièl la nan min

Apot yo, an nou rann Papa nou-an gras pou tout kado-l yo, antan n-ap di byin fò :

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Louanj pou ou, Granmèt, pou tab kò-a ak san-an, sa Apot yo transmèt nou-an,

— sé li minm ki réfè nou, épi ki fè nou viv.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou tab paròl ou-a, sa Apot yo paré pou nou-an,

— koté yo ba nou limiè-a ak kè kontan-an.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou Égliz ou-a ki sin-an, ki bati sou Apot yo,

— li minm koté nou vîn fòmé yon sèl kò ansanm nan.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou bingn batèm nan ak pénitans la ou konfié Apot yo,

— li minm ki lavé nou sot nan tout péché yo.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Papa nou.

Priyè-a

N-ap priyé grandè-ou, Granmèt, ak tout kè nou, pou, minm jan apot sint André té prédikatè ak gid Égliz ou-a, konsa tou pou koté-ou, li sèvi nou intèsésè tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a avèk réfrin Tan-an. Léktu kout nan Komin Apot yo, 1398. Priyè-a tankou pi ro-a.

Pou Vèp yo

IMN *Exsúltet cælum láudibus* nan Komin Apot yo, 1385.

Réf. 1 Granmèt la té ouè Piè ak André, épi li té rélé yo.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Apot yo, 1400.

Réf. 2 Vini apré-m, sé sa Granmèt la di : m-ap fè nou al lapèch moun.

Réf. 3 Antan yo kité filè yo, yo suiv Granmèt la, Rédanmtè-a.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 11-13

Kris la té bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dòt ankò sé sa-k évanjélis, dòt yo minm sé gadyin ak anségnan pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun apouin nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Anonsé nan pami nasion yo * Gloua Granmèt la. Anonsé.

V/. Nan tout pèp yo mèvèy li yo. * Gloua Granmèt la. Viv Papa-a. Anonsé.

Pou *Magnificat* la, réf. André, zanmi Kris la, Apot Bondié mété alarotè, frè Piè-a, épi ki asosié ak li nan soufrans la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasion Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lévé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòn yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout créati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

N-ap priyé grandè-ou, Granmèt, ak tout kè nou, pou, minm jan apot sint André té prédikatè ak gid Égliz ou-a, konsa tou pou koté-ou, li sèvi nou intèsésè tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

DÉSANM

3 désanm

S. FRANSOUA GZAVIÉ

Prèt

Mémoua

Li fèt an Éspagn, nan ané 1506; pandan li t-ap étidié a Pari, li asosié-l ak sint Ignas. Li vîn Prèt a Véniz nan ané 1537, li okipé aktivité lacharité. Nan ané 1541, li pati an Orian, pandan dizan li évanjélizé Ind ak Japon avèk anpil kouraj épi li fè anpil moun chanjé chémin vîn nan lafoua-a. Li mouri nan ané 1552 nan yon zilé péyi la-Chîn, San Chouàn.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461 : pou yon prèt.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Fransoua Gzavié, prèt, bay sint Ignas

(E Vita Francisci Xaverii, auctore H. Tursellini, Romæ, 1596, Lib. 4, epist. 4 [1542] et 5 [1544])

Malè pou mouin, si-m pa anonsé Évanjil la!

Nou té alé nan vilaj moun ki fèk batizé yo, yo minm ki pa gin anpil ané dépi yo té résévoua sakréman krétyin yo. Tè sa-a pa-t gin moun Pòrtugal ki té rété ladan yo, paské li stéril épi li té pòv dènié dégré: moun zòn yo minm ki té krétyin, kòm yo pa-t gin pè, yo pa-t konn anyin dèt pasé sé krétyin yo yé. Pa-t gin pèsonn pou fè ofis sakré-a pou yo; pèsonn pa-t transmèt yo Sinbòl la, Papa nou-an avèk Mouin salué-ou Mari-a.

Sé poutèt sa dépi-m rivé-a m-pa-t janm sispann: mouin t-ap fè tout tou vilaj yo avèk souin, mouin t-ap batizé ak dlo sakré-a timoun ki pa-t ko batizé yo. Sé poua mouin té pran pitié pou gran kantité timoun ki pa-t konnin, jan yo di-a, sa-k fè diférans ant min douat la ak min gòch la. Timoun yo minm pa-t kite-m résité Ofis divin-an ni pran manjé ni pran répo, tout tan m-pa-t montré yo kèk priyè; sé lè sa-a mouin té kòmansé konprann tout bon sé pou sa-k tankou yo-a péyi-roua sièl yo yé.

Sé poua kòm yon démand ki sitèlman onèt, mouin pa-t kapab ranvouayé-l si sé pa yon fason malonèt, antan-m kòmansé avèk déklarasion Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an, sinbòl Apot yo, mouin té chèché gravé nan léspri yo priyè Papa nou-an épi Mouin salué-ou Mari-a. Mouin té rémaké gran kapasité intèlijans ki té nan yo épi si té ginyin moun pou ba yo fòmansion sou kòmandman krétyin yo, mouin pa gin dout sé bon krétyin nèt yo t-ap tounin.

Anpil nan koté sa yo, sé sèlman pou sa jous koulié-a yo pa-t vîn krétyin, paské té manké moun ki pou fè yo vîn krétyin. Réyèlman sa vîn anpil foua nan léspri-m pou-m t-a pasé nan inivèsité Euròp yo, épi sitou sa-k nan Pari-a, épi tankou yon moun fou pou-m t-a rélé adouat agòch, épi pousé sa-k gin plis sians pasé charité-a ak paròl sa yo: « Élas, ala yon gran kantité nanm ki pa rivé nan sièl la poutèt fot nou, yo détounin al nan lanfè! ».

Pa pito Bondié t-a fè pou minm jan pou literatu-a, konsa tou yo t-a panché sou okipasion sa-a, pou yo kapab rinmèt Bondié kont sians la épi talan yo konfié yo-a!

Réyèlman vré anpil nan yo, ki t-ap sézi nan réfléksion sa-a, antan yo t-a médité sou bagay Bondié yo, yo t-ap chèché tandé kisa Granmèt la ap di yo nan sa, antan yo t-a ouété an-ariè anbisyon yo avèk bagay mondin yo, yo t-ap fiksé tout yo minm sou diréksion ak désizyon Bondié. Yo t-a rélé vrèman ak tout nanm yo: *Granmèt min mouin; kisa-ou vlé-m fè? Voyé-m koté kè-ou vlé, minm si sé jous an Ind.*

REPONS

Luk 10, 2; Travay 1, 8

R/. Rékòlt la anpil sé vré, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé; * Priyé donk Granmèt rékòlt la, pou-l voyé ouvriyé nan rékòlt li-a.

V/. N-apral résévoua yon fòs ; sé Éspri-Sin-an k-ap vîn désann sou nou, n-ap sèvi-m témouin jous nan bout tè-a. * Priyé.

Priyé-a

Bondié, ki té jouinn anpil pèp gras a prédikasyon sin Fransoua, fè nou favè pou nanm fidèl yo boulé ak minm chalè lafoua-a, épi fè Égliz la ki sin-an kontan nan anpil pitit tout koté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

4 désanm

S. JAN DAMASÈN

Prèt é Savan sakré Égliz la

Li fèt Damas nan dézièm mouatiè sétièm sièk la nan yon fanmi krétyin. Li té savan anpil nan filozofi, li vîn tounin mouàn nan monastè sin Saba, toupré Jérusalèm, épi li viv ròl prèt li yon fason ékstraòdinè. Li ékri anpil osijè doktrîn téolojik yo, spésyalman kont moun ki t-ap ataké pòtré sakré yo. Li mouri nan mitan uitièm sièk la.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461, ak Doktè (Savan sakré) Égliz la, 1501.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Déklarasion Lafoua sin Jan Damasèn, prèt

(Cap. 1: PG 95, 417-419)

Ou té rélé-m, Granmèt, pou-m sèvi pitit ou-ap nourì yo

Sé ou minm, Granmèt, ki té rité-m sot nan rin papa-m; sé ou minm ki té fòmé-m nan vant manman-m; sé ou minm ki té fè-m parèt nan limiè timoun tou-nu, paské laloua natu nou yo konpòté yo tout tan dapré kòmandman-ou yo.

Sé ou minm ki té préparé kréasion mouin-an ak égzistans mouin-an pa lintèmediè bénédiksion Éspri-Sin-an, sé pa akòz volonté yon gason oubyin dézi chè-a, min akòz gras ou-a yo pa kapab rakonté-a. Ou té préparé nésans mouin-an avèk yon préparasion ki dépasé laloua natu nou yo, antan ou adopté-m kòm pitit, ou té voyé-m nan limiè-a, épi ou té inskri-m pami pitit yo Égliz ou-a ki sin-an épi ki san tach la ap nourì-a.

Ou té nourì-m ak lèt spirituèl, lèt, mouin di, paròl ou yo ki sot nan Bondié-a. Ou té soutni-m avèk manjé solid kò Jézu-Kri-a Bondié nou-an, Sèl Pitit ou-a ki sin anpil la, épi ou té pasé souaf mouin ak kalis ki sot nan Bondié-a, sètadi san li-a ki bay lavi-a, sa-l té vidé-a pou tout tè-a sové.

Paské Granmèt, ou té rinmin nou, épi ou té mété nan plas nou Pitit ou-a, Sèl Pitit ou-a ou rinmin-an, pou rédanmsion nou, sa li té aksépté-a antan-l vlé, san répugnans; pi plis toujou, minm jan ak sa-a yo té chouazi pou sakrifis la tankou mouton inosan-an, puiské li té dispozé tèt li pou sa: paské malgré li té Bondié, li té vîn tounin moun épi nan volonté moun li-an li té soumèt tèt li, antan li obéyi-ou, ou minm Bondié Papa-l *jous nan lanmò, lanmò koua-a minm.*

Konsa an vérité, ou minm Kris Bondié mouin, ou té rabésé pròp tèt ou, pou mouin minm mouton ki té pèdi rout la ou té poté-m sou zépòl ou yo, épi ou té minnin-m manjé nan yon koté gin zèb vèt, épi ou té nourì-m avèk dlo ansègnman ki douat la pa lintèmediè min pastè-ou yo, yo minm antan sé ou minm minm ki té minnin yo manjé, yo minm apré sa yo té minnin bann mouton-an ou té chouazi-a épi ki té ékstraòdinè-a al manjé.

Ou té rélé-m koulié-a, ou minm Granmèt, pa pouvoua min gran-prèt ou-a pou-m sèvi pitit ou-ap nourri yo. Vrèman ak ki mouayin providansiyèl ou té fè sa mouin pa konnin: ou minm sèl ou té konnin sa.

Vrèman, ou minm Granmèt, fè sakit péché-m yo ki lou-a vîn léjè, yo minm mouin té fè mankman grav ak yo-a; nètouayé éspri-m ak kè-m. Kondui-m nan chémin ki douat la minm jan ak yon lanp ki limin.

Ban mouin diskou nan ouvri bouch, fè-m kado yon lang ki klè épi ki pa anbarasé gras a lang difé Éspri-ou la, pou prézans ou-a toujou kontrolé-m.

Minnin-m manjé, Granmèt, épi bay manjé ansanm avè-m, pou kè mouin pa fè-m panché ni adouat ni agoch, min sé pou bon Éspri-ou la dirijé-m nan chémin ki douat la, épi sé pou aksion-m yo fèt dapré volonté-ou épi sé pou dènié yo fèt konsa.

Kanta ou minm vrèman, ou minm pouint tèt vizib sa-k pròp nèt la, ou minm asanblé ékstraòdinè Égliz la, k-ap mandé Bondié sèkou, ou minm koté Bondié répozé-a, résévoua nan min nou ansègnman lafoua-a ki lib anba èrè, ak li Égliz la jouinn fòs, minm jan Papa nou yo té transmèt li-a.

RÉPONS

Mal 2, 6; Ps 88 (89), 22

R/. Laloua vérité-a té nan bouch li, yo pa-t jouinn péché nan po bouch li yo. * Nan lapè ak nan douatu li t-ap maché avè-m, sé sa Granmèt la di.

V/. Min-m réyèlman ap solid avèk li, épi bra-m ap ba-l fòs. * Nan lapè.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri Granmèt, pou gras a priyè prèt sin Jan, nou jouinn sèkou pou vré lafoua-a li minm li té anségné si tèlman byin-an, vîn tounin limiè ak fòs nou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

6 désanm
S. NIKOLA
Évèk

Li té évèk Mir, nan zòn Lisi (koulié-a sé péyi Turki), li mouri apèprè nan mitan katriyèm sièk la épi yo onoré-l kòm sin nan tout Égliz la, spésyalman apati dizièm sièk la.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461: pou évèk yo.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sint Ogustin, évèk, nan Jan

(Tract. 123, 5: CCL 36, 678-680)

Dézagréman lanmò-a sé pou fòs rinmin-an ranpòté viktoua sou li

Dabò Granmèt la, sa-l té konnin-an li mandé-l, sé pa yon sèl foua min yon lòt foua ankò épi yon touazièm foua, èské Piè rinmin-l; ni sé pa yon lòt bagay li tandé chak foua nan bouch Piè sinon li rinmin-l, ni sé pa yon lòt bagay li rékòmandé Piè chak foua sinon pou-l bay mouton-l yo manjé.

Toua déklarasion-an rinmèt toua négasion-an, pou lang nan pa sèvi rinmin-an mouins pasé krint la, pou lanmò k-ap ménasé-a pa sanblé provoké plis paròl pasé lavi ki prézan-an. Sé pou sèvis rinmin-an sé bay bann mouton Granmèt la manjé, si sé té prèv krint la négasion Pastè-a.

Moun yo k-ap bay mouton Kris la manjé avèk nanm sa-a, tankou yo vlé pou sé afè pa yo, sé pa afè Kris la, yo konvink tèt yo sé yo minm yo rinmin, sé pa Kris la.

Kont moun sa yo donk chak foua voua Kris la insisté ap véyé, yo minm Apot la ap jémi sé afè pa yo y-ap okipé, sé pa afè Jézu-Kri.

Réyèlman ki lòt bagay sa yé : *Èské ou rinmin-m? Bay mouton-m yo manjé*, pasé kòm si li t-a di: Si ou rinmin mouin, pa sonjé bay tèt ou manjé min mouton-m yo; ba yo manjé poutèt sé pou mouin yo yé, pa poutèt sé pou ou; sé gloua mouin pou chèché nan yo, sé pa pa-ou la; pouvoua mouin pou chèché, pa pa-ou la; avantaj pa-m pou chèché, pa pa-ou la; èské ou pap asosyé ak moun sa yo k-ap sèvi tan danjé yo, antan yo rinmin pròp tèt pa yo épi lòt bagay yo, ki konékté avèk kòmansman malè sa yo?

Sé pa pròp tèt yo donk yo rinmin, sa yo k-ap bay mouton Kris la manjé pa tankou pa yo, min yo ba yo manjé tankou pa-l yo.

Sé yon défo pou moun k-ap bay mouton Kris la manjé-a yo fè atansion anpil avè-l, pou sé pa afè pa yo-a y-ap chèché, angiz afè Jézu-Kri, épi sé nan sèvis pròp anvi yo, yo rapòté sa yo san Kris la té koulé pou yo-a.

Rinmin pou li-a nan moun sa k-ap bay mouton-l yo manjé-a, doué dévlopé nan yon si gran chalè spirituèl, pou li ranpòté viktoua minm sou krint naturèl lanmò-a, ki fè nou pa vlé mouri-a, minm lè nou vlé viv avèk Kris la.

Min, kèlkésoua jan lanmò-a t-a dézagréab, fòs rinmin-an doué ranpòté viktoua sou li; sa yo rinmin-l avèk li-a, li minm antan sé lavi nou li yé, ata lanmò-a li té vlé sipòté jous nan bout pou nou.

Réyèlman si pa-t gin okinn ti dézagréman nan lanmò, gloua mati yo pa t-ap tèlman gran.

Min si bon pastè-a ki té dépozé nanm li pou mouton-l yo, li té fè tèlman anpil mati pou li apati pròp mouton-l yo, èské pi plis toujou yo pa doué batay pou vérité-a jous nan lanmò épi jous nan san kont péché-a, sa yo li té konfié pou mouton yo minm yo ba yo manjé-a, sa vlé di pou anségné yo épi dirijé yo?

Épi pou sa, avèk égzanp soufrans li-a ki fèt anvan-an, kilès ki pa t-a ouè pastè yo doué rété kolé nan imité pastè-a, si li minm anpil mouton tou ap imité-l, anba sèl pastè sa-a nan yon sèl bann mouton-an, pastè yo, yo minm tou, sé mouton? Yo tout sètènman li té fè yo vîn tounin mouton pa-

l, yo minm pou yo tout li té soufri-a, paské li minm tou, pou-l té kapab soufri pou yo tout, li té vîn tounin mouton.

REPONS

Sirasid 45, 3; Psòm 77 (78), 70. 71

R/. Granmèt la té ba li gloua dévan fas roua yo, li té ba li doua an favè pèp li-a: * Épi li té montré-l gloua li-a.

V/. Granmèt la té chouazi sévitè-l la, pou-l kondui Israèl éritaj li-a al manjé. * Épi li té montré-l.

Priyè-a

N-ap priyé mizérikòd ou, Granmèt, ak tout kè nou, épi gras a rékòmandasion évèk sin Nikola k-ap plédé pou nou, protéjé nou nan tout danjé yo, pou rout sovè-a louvri pou nou san anyin pa ankonbré-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

7 désanm

S. ANBROUAZ

Évèk ak Savan sakré Égliz la

Mémoua

Li fèt Trèv, vè ané 340 nan yon fanmi romin, li étiyé a Ròm épi li kòmansé monté nan grad nan vil Sirm. Nan ané 374, pandan li t-ap okipé mét lòd Milan, yo chouazi-l kom évèk lavil la sanzatann, li sakré jou 7 désanm. Antan li kinbé ròl li avèk souin, li té pratiké charité-a nan pi ro dégré pou tout moun, li vîn tounin yon véritab gadyin ak anségnan fidèl yo. Li protéjé doua Égliz la yon fason séré; avèk sa-l ékri yo épi travay li fè li défann anségnman lafoua ki douat la kont Aryin yo. Li mouri samdi sin, jou 4 avril ané 397.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461 : pou évèk yo, épi Doktè (Savan sakré) Égliz la, 1501.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sint Anbrouaz, évèk

(Epist. 2, 1-2. 4-5. 7: PL 16 [edit. 1845], 847-881)

Avèk gras paròl ou yo, sé pou adousi pèp ou-a

Ou té résévoua fonksion sasèrdòs la épi, antan-ou chita nan plas gouvènay Égliz la, ou-ap gouvènin bato-a kont vag yo. Kinbé klé lafoua-a, pou minm gro tanpèt sièk sa-a pa kapab troublé-l. Lanmè-a gran réyèlman épi li laj, min ou pa bézouin pè; paské *li minm sou lanmè-a li té pozé fondasion-l, épi sou gran riviè yo li té préparé-l.*

Sé poua sé pa san mérit nan pami tout pakèt vag tè-a, Égliz Granmèt la rété imobil antan li bati sou gran ròch Apot yo, épi antan fondasion-l pap souké, li résévoua kont atak dlo salé-a ki déchinnin-an. Li lavé ak vag yo, li pa krazé, épi malgré anpil fouda réalité tè sa-a k-ap frapé ap sonnin avèk gran brui, poutan li ginyin yon pò ki asiré anpil pou-l sovè, koté li résévoua sa k-ap soufri yo. Min poutan, minm si nan lanmè-a li ajité, l-ap kouri nan gran riviè yo; épi gadé sé pa nan gran riviè sa yo, osijè yo, yo di: *Gran riviè yo té lévé voua yo.* Réyèlman sé gran riviè yo, k-ap koulé sot nan vant li-a, moun ki résévoua sa pou-l bouè sot nan Kris la, épi ki pran sot nan Éspri Bondié-a. Donk gran riviè sa yo, paské yo débòdé ak gras spirituèl la, yo lévé voua yo.

Sé riviè sa-a tou k-ap kouri nan sin li yo tankou dlo k-ap koulé ak fòs. Sé fòs gran riviè sa-a tou ki réjouï nanm ki anpè-a épi ki trankil la. Sot nan sa-k plin gran riviè sa-a, kèlkésoua moun ki résévoua-l la, tankou Jan évanjils la, tankou Piè ak Pòl, li lévé voua-l: épi tankou Apot yo té gayé voua prédikasion bòn nouvèl la jous nan tout limit ronnn tè-a ak mèsaj k-ap sonnin, konsa moun sa-a tou kòmansé poté bòn nouvèl Granmèt Jézu.

Résévoua donk nan Kris la, pou son pa-ou la soti tou. Ranmasé dlo-a sot nan anpil koté, sa nuaj profèt yo ap vidé-a.

Ninpòt moun ki ranmasé dlo-a sot nan mòn yo, épi ki ralé épi tiré vîn jouinn li sot nan sous yo, li minm tou li fè lapli tankou nuaj yo. Donk ranpli rézèvoua léspri-ou, pou li mouyé tè-ou la, épi pou-l rouzé ak sous lakay ou yo.

Konsa moun ki li anpil épi ki konprann, li ranpli: moun ki té ranpli-a li rouzé lòt yo; sé poua Sa-k Ékri-a di: *Si nuaj yo plin y-ap vidé lapli sou tè-a.*

Sé pou diskou-ou yo koulé byin, sé pou yo nèt épi klè, pou nan késion konpòtman moral la ou vidé dousè nan zòrèy pèp yo épi gras a paròl ou yo ou adousi pèp la, pou sé antan-l vlé, koté ou-ap minnin-an, li suiv.

Sé pou konvèsasion-ou yo ranpli ak konpréansion. Sé poua tou Salomon di: *Zam konpréansion-an sé lang sajès la*; épi yon lòt koté: *Sé pou po-bouch ou yo maré avèk intèlijans*, sa vlé di, sé pou déklarasion paròl ou yo briyé, sé pou intèlijans la fè étinsèl, épi sé pou konvèsasion-ou ak réfléksion-ou pa bézouin lòt éksplikasion; min sé pou diskou-ou la protéjé pròp tèt li tankou pròp zam li yo, épi pa kite yon sèl paròl ou soti pou granmési, épi avansé san sans.

REPONS

2 Tim 4, 2; cf. Sir 48, 4. 8

R/. Préché paròl la, insisté nan bon moman, nan mové moman ; démontré, reproché, sipliyé, * Nan tout pasians ak ansègnman.

V/. Ki moun ki kapab jouinn gloua minm jan avèk ou ou minm ki sakré roua yo pou chanjman konduit ? * Nan tout pasians.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Fortem piúmque præsulem*)

Chèf sa-a ki fò-a épi ki bon-an,
nou tout, an nou chanté-l,
li minm ki té chasé tanpèt dézòd mové chanjman
sièk sa-a t-ap vidé sou tè yo.

Li pa pè baton komandman k-ap souké,
 ni fi k-ap kòmandé,
 épi nan tanp-la, li fèmin pòt yo,
 li anpéché roua méchan-an antré.

Sékrè paj sakré-a
 mèt ki savé-a éspliké-l;
 antan l-ap bay ansègnman Bondié yo,
 li kléré ak yon fasilite ékstraòdinè pou-l palé.

Antan lafoua léspri yo soulvé,
 li fè bèl chanté koulé;
 gras a lafoua-a, li sou minm ran ak mati yo,
 li minm ki ranmasé zosman mati yo.

Koulié-a, lou-a ki déchinnin-an,
 chasé-l nan lanfè ak kout fouèt;
 ak limiè sians la,
 ankourajé nou, protéjé nou tout tan.

Gloua pou Trinité-a,
 li minm, antan ou-ap mandé-l avèk siksè,
 ak kantik nan kay sakré sièl la
 n-a rivé fè louanj li jous pou sièk. Amèn.

Priyè-a

Bondié, ki té fè sint Anbouaz vîn tounin savan lafoua katolik la, ak modèl fòs apot yo, nan Égliz ou-a lévé moun sèlon kè-ou, k-ap dirijé-l avèk fòs, épi avèk sajès. Pa pouvoua Jézu-Kri.

8 désanm
 IMAKILÉ KONSÉPSION
 MARI KI SIN, KI VIÈJ

Gran Fèt

Pou Prèmié Vèp yo

IMN (*Præclára custos vírginum*)

Ou minm k-ap protéjé vièj yo yon fason ékstraodinè,
 ou minm ki manman Bondié antan-ou rété vièj,
 pòt palè sièl la,
 éspérans nou, kè kontan sièl la;

Flè lis nan pami touf pikan,
 kolonb ki bèl anpil,
 branch ki jèmin sot nan chouk,
 rémèd pou koté nou blésé-a;

Kay défans koté dragon-an pa kapab antré,
 zétoual ki zanmi moun ki fè nofraj la,
 défann nou anba pièj yo,
 épi dirijé nou ak limiè-ou la.

Gayé fènoua ki tronpé nou yo,
 ouété ròch-pièj lanmè yo,
 nan mitan pakèt lanm yo
 montré chémin ki sètin pou moun ki pèdi rout yo.

Ou minm ki kléré pou kont ou, intak,
 san péché ki té la nan kòmansman nou-an,
 défèt tranzaksion sèpan ki jalou-a,
 ou minm ki ranpòté viktoua yon fason ékstraòdinè.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a
 ak pou Sa-a ou bay nésans la,
 yo minm ki té fè-ou kado gras la
 pou sé ou sèl ki sin konsa. Amèn.

Réf. 1 M-ap mété rayisans ant ou minm ak madanm nan, épi ant désandans ou ak désandans pa-l.

Psòm ak kantik nan **Komin Sint Vièj Mari**, 1354.

Réf. 2 Granmèt la té abiyé-m ak vètman ki sové-m nan, épi li té vlopé-m ak rad jistis la.

Réf. 3 Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras, Granmèt la avèk ou.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 29a. 30a

Sa-a yo Bondié té chouazi davans yo, li té déstiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a. Sa yo minm li té déstiné davans yo, li té rélé yo tou ; épi sa yo li té rélé-a, li té jistifié yo tou.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap fè louanj ou, Granmèt, * Paské ou té résévoua-m. M-ap fè louanj.

V/. Ou pa-t kité ènmi-m yo pran plézi sou mouin. * Paské ou té résévoua-m. Viv Papa-a. M-ap fè louanj.

Pou *Magnificat* la, réf. Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské li té fè gran bagay pou mouin, li minm ki gin pouvoua-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,

— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonnin péchè yo,

— bay tout moun sovè yo sovè-a épi lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,

— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,

— épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki té paré yon koté ki mérité résévoua Pitit ou-a nan konsépsion imakilé Vièj la, n-ap priyé pou ou minm ki té prezèvé-l anba tout tach gras a lanmò minm Pitit ou-a ou té prévoua-a, ou fè nou favè nou minm tou, gras a intèsèsion-l, pou nou rivé koté-ou pròp. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf.: Imakilé Konsépsion Vièj Mari-a, an nou sélébré-l: Kris la, Pitit li-a, Granmèt la, an nou adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Te dicimus præcónio*)

N-ap anonsé-ou avèk louanj la,
ou minm manman Bondié ki san tach la;
ak byinvéyans sou louanj nou yo
konplété yo ak gras ou-a.

Pitit Adan ki péchè yo,
nou pran nésans tankou pitit ki kontaminé;
tonbé papa yo té tonbé-a, ou minm sèl Vièj la,
ki pa-t konnin-l, sé sa nou kouè.

Tèt dragon malvéyan-an
ou krazé-l anba tras pié-ou,
sé ou minm sèl ki poté gloua
pou pran nésans san tach.

Onè ras nou-an,
ki ouété laront Èv la,
ou minm protéjé nou minm k-ap sipliyé,
ou minm lévé nou kanpé nou k-ap tonbé.

Sèpan ansyin-an, antan-ou puisan,
kasé ruz épi fòs l-ap fè sou nou,
pou nou kapab joui pou tout tan
kè kontan sièl yo pa lintèmédiè-ou.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a
ak pou Sa-a ou bay nésans la,
yo minm ki té fè-ou kado gras la
pou sé ou sèl ki sin konsa. Amèn.

Réf. 1 Dépi lè li fèt nan vant, Mari résévoua bénédikcion nan min Granmèt la ak mizérikòd nan min Bondié Sovè-l la.

Réfrin ak psòm nan Komin Sint Vièj Mari-a, 1361.

Réf. 2 Bondié té poté-l sékou granmatin dévanjou : Sa-a ki anro nèt la té fè tant li-a vîn sin.

Réf. 3 Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a: Granmèt la té pozé fondasion-ou sou mòn ki sin yo.

V/. Bondié ki gin tout pouvoua-a té maré rin-m ak fòs.

R/. Épi li té mété chémin-m san répròch.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan Lèt apot sin Pòl pou Romin yo

5, 12-21

Koté fot la t-ap débòdé-a, gras la débòdé pi plis

Frè yo : ¹² Minm jan akoz yon sèl moun péché té antré sou tè sa-a, épi avèk péché-a lanmò-a, sé konsa lanmò pasé nan tout moun, paské tout moun fè péché-a. ¹³ Sèké jouska laloua-a, péché-a té sou tè-a, min yo pa-t akizé moun pou péché-a, paské pa-t gin laloua. ¹⁴ Min lanmò-a té kòmandé kòm roua dépi Adan jouska Moyiz minm nan sa yo ki pa-t fè péché tankou dezobéyisans Adan-an, ki sèvi modèl pou sa-k vîn apré-a.

¹⁵ Sèlman kado-a pa suiv minm filiè avèk fot la ; réyèlman si akoz fot yon sèl moun tout foul moun yo mouri, gras Bondié-a ak kado nan yon sèl moun nan, Jézu-Kri, li vidé laj pi plis ankò nan pakèt foul moun yo.

¹⁶ Sé pa tankou sa-k té rivé poutèt yon sèl péché-a sa ap rivé konsa pou kado-a ; sèké jijman-an té abouti nan kondanasion akoz yon sèl la, min gras la minm li fè nou vîn kòrèk sot nan pakèt fot yo.

¹⁷ Réyèlman si akoz fot yon sèl moun lanmò-a té kòmandé pa lintèmédiè yon sèl la, moun yo ki résevoua chaj gras ak kado ak jistis pa lintèmédiè yon sèl moun nan, Jézu-Kri, y-ap kòmandé pi plis toujou kòm roua nan lavi-a. ¹⁸ Konsa, minm jan pa lintèmédiè fot yon sèl moun nan, tout moun té pasé anba kondanasion, konsa tou pa lintèmédiè jistis yon sèl moun nan, tout moun vîn kòrèk pou lavi-a ; ¹⁹ minm jan akoz dézobéyisans yon sèl moun nan, tout foul moun yo té vîn gin péché, konsa tou akoz obéyisans yon sèl la, foul moun yo vîn kòrèk.

²⁰ Laloua-a minm té vîn antré anba pou fot la té kapab débòdé. Koté fot la minm t-ap débòdé-a, gras la débòdé pi plis ; ²¹ konsa minm jan péché-a té kòmandé pou lanmò-a, konsa tou gras la ap kòmandé pa lintèmédiè jistis la pou lavi tout tan-an pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

RÉPONS Rom 5, 12; Lk 1, 30; cf. Ps 114 (116 A), 8; 17 (18), 19

R/. Akoz yon sèl moun péché-a té antré sou tè sa-a, paské tout moun fè péché. * Pa pè, Mari, ou té jouinn gras kot Bondié.

V/. Granmèt la té délivré nanm ou sot nan lanmò, épi kont ènmi-an li vîn tounin sa-a k-ap protéjé-ou la. * Pa pè.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sint Ansèlm, évèk

(Oratio 52 PL 158: 955-956)

*Ou minm Vièj, gras a bénédiksion-ou nan
sé tout natu-a ki béni!*

Sièl la, zétoual yo, tè-a, gran riviè yo, jou-a, nuit la epi kèlkésoua bagay ki soumèt anba pouvoua moun nan oubyin itilizasion-l, nan pèdi yo pèdi dignité-a, youn ap fè konpliman pou lòt, Notre-Dam, antan yo résisité nan yon sètin fason pa lintèmédiè-ou, épi sé kòm yon nouvo gras yo pa kapab palé, yo ba yo. Sé kòmsi réyèlman tout bagay té mouri, lè yo pèdi dignité yo fèt avèk li-a pou yo ankourajé dominasion oubyin itilité sa yo k-ap fè louanj Bondié-a, sé pou sa yo té fè yo; yo té antéré ak violans épi yo té dégradé ak mové itilizasion sa yo k-ap sèvi zidòl yo, sé pa poutèt sa yo té fè yo. Sé kòmsi vrèman minm bagay sa yo ki résisité yo ap réjoui paské déja sé sa yo ki déklaré Bondié-a k-ap dirijé yo ak dominasion-an épi k-ap anbéli yo ak itilizasion-an.

Min akòz nouvo gras la ki pa gin pri-a, sé kòmsi yo t-ap fété, lè Bondié li-minm, kréatè yo-a li-minm, sé pa sèlman yo té konsidéré l-ap kòmandé anlè yo-a yon fason invizib, min tou yo té ouè nan mitan yo l-ap sanktifié yo antan l-ap itilizé yo. Byin sa yo ki tèlman gran, yo té rivé pa lintèmédiè frui béni vant béni Mari ki béni-an.

Réyèlman, pa lintèmédiè gras ou-a ki ranpli-ou la, ni sa-k té anba tè-a yo kontan poutèt yo té libéré; ni sa-k té anro tè-a, yo kontan poutèt yo réparé. Sètènman pa lintèmédiè Pitit ki gin gloua-a, Pitit gloua virjinité-ou la, tout moun kòrèk yo ki té mouri anvan lanmò li-a ki bay lavi-a, y-ap fété poutèt kasé kaptivité yo-a kasé-a, épi anj yo ap fè konpliman pou rétablisman vil yo-a ki té a-mouatié détrui-a.

Ala yon madam ki plin épi ki plin dépasé avèk gras la, li minm débòdman plénitud li-a ap rouzé, konsa tout kréasion-an réviv! Ou minm

Vièj ki béni épi ki plis pasé béni, ou minm gras a bédiksyon-ou nan tout natu-a béni, pa sèlman sa ki kréyé yo Kraté-a béni yo, min Kraté-a tou kréatu-a béni-l!

Bondié, pròp Pitit li-a, li minm sèl ki pran nésans égal avèk li sot nan kè-l la, sa li té rinmin tankou pròp tèt pa-l la, sé li-minm li té bay Mari: épi sot nan Mari li té fè yon pitit pou li-minm, pa yon lòt, min minm nan; pou dapré natu-a yon sèl la épi minm nan té Pitit Bondié ak Mari an komin. Tout natu-a sé Bondié ki kréyé-l, épi Bondié pran nésans sot nan Mari. Bondié té kréyé tout bagay, épi Mari té anfanté Bondié. Bondié ki té fè tout bagay yo, li-minm té fè pròp tèt li sot nan Mari; épi konsa, tout sa-l té fè yo, li té réfè yo. Li minm ki té kapab fè tout bagay apati anyin, li pa-t vlé réfè san Mari sa-k té dézonoré yo.

Konsa Bondié sé papa kréatu yo épi Mari sé manman kréatu ki réfèt yo. Bondié sé papa tout sa ki établi yo épi Mari sé manman tout sa ki rétabli yo. Bondié réyèlman té anfanté sa-a pa lintèmediè li-minm nan tout bagay té fèt la; épi Mari té akouché sa-a pa lintèmediè li-minm nan tout bagay té sovè-a. Bondié té anfanté sa-a san li-minm nan anyin pa égzisté ditou-a; épi Mari té akouché sa-a san li-minm nan anyin ditou pa byin.

O! vrèman Granmèt la avèk ou, ou minm Granmèt la té ba-ou pou tout natu-a té doué ni ou ni li kalité bagay sa-a.

RÉPONS

Psòm 33 (34), 4; 85 (86), 13; Luk 1, 48

R/. Fè louanj Granmèt la avèk mouin: * Paské mizériköd Granmèt la gran sou mouin.

V/. Gadé vré, dépi koulié-a tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin. * Paské.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**IMN** (*In plausu grati cārminis*)

Ak bravo chanté ki fè plézi,
 sé pou gin nouvo kè kontan,
 pandan lavi Vièj la ki manman Bondié-a
 pran kòmansman-l yo.

Mari, gloua tè-a,
 pitit fi limiè tout tan-an,
 Pitit la té prezèvé-ou
 sot anba tout fot nèt.

Tach kòmansman-an
 té gayé nan tout sièk yo;
 ou minm sèl apré Sa-a ou anfanté-a
 yo pa di ou janm sal ak okinn péché.

Tèt sèpan rizèz la
 té krazé anba pié-ou;
 grandizè jéan méchan-an
 pèdi batay la dévan fistibal David la.

Kolonb ki dou, ki tou piti nan kè-ou,
 ki san pouazon péché-a,
 ou poté sign bon kè Bondié-a,
 ou poté ramo lagras ki tou fré-a.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a
 ak pou Sa-a ou bay nésans la,
 yo minm ki té fè-ou kado gras la
 pou sé ou sèl ki sin konsa. Amèn.

Réf. 1 Ala yon Manman ki rézèvé kò-l, ki pa janm fè ékspérians péché, ki mérité poté Bondié.

Psòm dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Vièj Mari, Granmèt Bondié ki anlè nèt la béni ou, plis pasé tout fi sou tè-a.

Réf. 3 Ralé nou, Vièj Imakilé, apré-ou sé pou nou kouri nan lodè pafin-ou yo.

LÉKTU KOUT

Iz 43, 1

Koulié-a minm, min sa Granmèt la di, li minm ki kréyé-ou, Jakòb, li minm ki fòmé-ou, Israël: « Pa pè, paské mouin té rachté-ou épi mouin té rélé-ou sou non-ou; sé pou mouin ou yé ».

RÉPONS KOUT

R/. Bondié ki gin tout pouvoua-a, * Li té maré sinti-m ak fòs. Bondié.

V/. Épi li té instalé chémin-m nan san tach. * Li té maré sinti-m ak fòs. Viv Papa-a. Bondié.

Pou *Benedictus* la, réf. Granmèt Bondié di sèpan-an : M-ap mété rayisans ant ou minm ak madanm nan, ant désandans ou ak désandans li; li-minm l-ap krazé tèt ou, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pandan n-ap sélébré Sovè nou-an, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Ou minm Solèy jistis la, sa Vièj Imakilé-a té pran dévan-l tankou limiè dévanjou-a,

— fè nou favè pou nou toujou maché nan limiè vizit ou-a.
 Sovè tè-a, ou minm ki té prezévé Manman-ou anba tout tach péché gras a
 pouvoua rédanmsion-ou nan,
 — kinbé nou pròp sot nan péché-a.
 Rédanmtè nou, ou minm ki té fè Vièj Mari Imakilé vîn tounin chanm ki
 pròp nèt koté ou abité épi kay sakré Éspri-Sin-an,
 — fè nou tounin tanp Éspri-ou la pou tout tan.
 Roua tout roua yo, ki té vlé pran manman-ou nan sièl la avèk ou, ak kò-l
 épi ak nanm li,
 — fè nou toujou ap réfléchi sou bagay ki anro yo.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té paré yon koté ki mérité résévoua Pitit ou-a nan
 konsépsion imakilé Vièj la, n-ap priyé pou ou minm ki té prezévé-l anba
 tout tach gras a lanmò minm Pitit ou-a ou té prévoua-a, ou fè nou favè
 nou minm tou, gras a intèsésion-l, pou nou rivé koté-ou pròp. Pa pouvoua
 Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm konplémentè yo, 1212; nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129),
 1154, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Li vivan, Granmèt la, paské nan mouin li réalizé mizérikòd li-a.

LEKTU KOUT

Éféz 1, 4

Li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, pou nou té kapab sin, san
 tach dévan fas li nan rinmin-an.

V/. Jodi-a sé Imakilé Konsépsion sint Vièj Mari.

R/. Li minm ki té krazé tè sèpan-an ak pié-l ki vièj la.

Pou Sèkst

Réf. Granmèt la té jouinn plézi-l nan ou, épi Bondié-ou la ap kontan poutè ou.

LEKTU KOUT

Cf. Éféz 1, 10b-12 a

Nan Kris la, sé la tou li chouazi rélé nou, li déstiné nou davans dapré plan li-a, li minm ki réalizé tout bagay yo dapré désizion volonté-l la, pou nou vîn sèvi louanj gloua li.

V/. Kè-m ak chè-m.

R/. T-ap fété nan Bondié vivan-an.

Pou Nòn

Ant. Bondié té kréyé-m nan jistis, li té pran min-m, li té protéjé-m.

LEKTU KOUT

Cf. Éféz 5, 25-27

Kris la té rinmin Égliz la épi li rinmèt tèt li pou li, pou-l té fè-l vîn sin, pou-l prezanté li minm minm Égliz la plin gloua bay pròp tèt pa-l, san-l pa gin tach ni pli ni anyin minm jan-an, min pou-l sin, san tach.

V/. Imakilé Konsépsion-ou nan, Vièj Manman Bondié.

R/. Té anonsé kè kontan bay tout tè-a.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Præclára custos virginum*, 1242.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou bèl nèt, Mari, épi tach péché orijinèl la pa nan ou.

Psòm ak kantik nan **Komin Sint Vièj Mari**, 1377.

Réf. 2 Ou sé gloua Jérusalèm, ou sé kontantman Israèl, ou sé onè pèp nou-an.

Réf. 3 Rad ou blan tankou lanèj, épi figi-ou tankou solèy.

LÉKTU KOUT**Rom 5, 20b-21**

Koté péché-a minm t-ap débòdé-a, gras la débòdé pi plis, pou minm jan péché-a té régné pou lanmò-a, konsa tou gras la ap régné pa lintèmédiè jistis la pou lavi tout tan-an pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Nan sa mouin té rékonèt * Ou té rinmin-m. Nan sa.

V/. Ou pa-t kité ènmi-ou fè kè-l kontan sou mouin. * Ou té rinmin-m. Viv Papa-a. Nan sa.

Pou *Magnificat* la, réf. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras; Granmèt la avèk ou, ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a béni, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,

— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonnin péchè yo,

— bay tout moun sovè yo sovè-a épi lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,

— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,

— épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki té paré yon koté ki mérité résévoua Pitit ou-a nan konsépsion imakilé Vièj la, n-ap priyé pou ou minm ki té prezèvé-l anba tout tach gras a lanmò minm Pitit ou-a ou té prévoua-a, ou fè nou favè nou minm tou, gras a intèsésion-l, pou nou rivé koté-ou pròp. Pa pouvoua Jézu-Kri.

9 désanm

S. JAN DIÉGO KOUAOUTLATOATZIN

Li fèt sot nan ras indijèn indyin yo nan tériroua Méksik koulié-a ozanviron ané 1475. Manman Bondié té montré tèt li ba li sou ti mòn *Tépéyak* la bò lavil Méksiko-a, épi apati sa li-minm, gason ki té résévoua yon lafoua ki nèt anpil, gras a umilitéé-l épi chalè dévouman-l, li té fè pou koté sa-a yo té bati yon légliz an lonè Sint Vièj Mari de Gouadaloupé, sé la li té répozé nan Grammèt la nan ané 1548.

Nan Komin Mésié ki sin yo, 1538.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan lèt-dékrè Jan-Pòl II, pap

(Mexicopoli, die 31 iulii 2002 datis)

Vièj Mari té konblé Jan Diégo ak konsolasion

« Li té lévé sa-k rabésé yo anlè » (Lk 1, 52): Bondié Papa-a té viré gadé yon moun ran sosial byin ba ki té fèt Méksik, sètadi Jan Diégo, li-minm li té anrichi ak kado pou-l gin nouvo nésans nan Kris la, pou-l kontanplé vizaj Sint Vièj Mari épi pou li ofri konkou travay pou évanjélizasion kontinan amérikin-an. Apati sa, sa parèt klèman kijan paròl yo sé vérité, sa apot Pòl sèvi avèk yo-a pou anségné métòd pou réalizé sové Bondié sové nou-an.

« Bondié té chouazi sa yo pa konsidéré sou tè-a épi sa yo méprizé yo, sa ki pa égzisté yo, pou-l détrui sa ki égzisté yo, pou okinn chè pa bay tèt li gloua dévan fas Bondié » (1 Kor 1, 28-29). Sin sa-a, li-minm non-l dapré tradision-an sé *Kouaoutlatoatzin*, ki vlé di « égl k-ap palé-a », té fèt ozanviron ané 1474 nan *Kouaoutitlan*, nan réjion pèp la rélé *Tékskoko*. Lè

li té gran épi li té marié, li té anbrasé Bòn Nouvèl la épi ansanm ak madanm-li li té lavé ak dlo batèm nan, antan li té propozé tèt li pou-l viv anba limiè lafoua-a épi dapré obligasion li té pran dévan Bondié ak dévan Égliz la.

Nan moua désanm ané 1531, pandan li t-apralé nan *Tlatèlòlko*, li té ouè vrè Manman Bondié-a ki té parèt dévan-l sou ti mòn yo rélé *Tépéyak* la, pou-l té kòmandé-l mandé évèk méksikin-an bati yon tanp nan koté-l té parèt la. Réponsab sakré-a, akoz insistans indijèn nan, té égzijé-l prèv yon évenman ékstraòdinè ki klè. Jou 12 désanm nan, Trè Sint Vièj Mari té fè Jan Diégo ouè li ankò, li té konblé-l ak konsolasion épi li té kòmandé pou li té alé sou tèt ti mòn *Tépéyak* la, sé la li té gin pou-l ranmansé flè épi poté yo vini. Malgré yo t-a konsidéré frédi tan frèt la épi jan koté-a té sèk, sin-an té jouinn flè ki té bèl anpil, li té mété yo nan manto-l épi li té poté yo bay Vièj la. Min Vièj la té ba-l lòd pou-l té rinmèt yo bay évèk la kòm prèv vérité-a. Antan-l kanpé dévan évèk la, Jan Diégo té louvri manto-a épi li té kité flè yo tonbé; lè sa-a imaj Vièj Gouadaloupé-a té parèt nan toual manto-a ki té inprimé pa mirak, ki dépi lè sa-a vîn tounin koté spiritualité nasion-an santré.

Lè yo bati tanp la an lonè « Rèn sièl yo », antan yon gran dévosion t-ap pousé sin-an, li té kité tout bagay pou-l konsakré lavi li kòm gadyin ti chapèl sa-a, épi li té résévoua pèlrin yo. Li té maché nèt nan chémin pou-l vîn sin-an nan priyè épi charité, antan li té pran fòs nan bankè ékaristik Rédanmtè nou-an, nan sèvis Manman Rédanmtè-a, nan fè youn ak sint Égliz la épitou nan obéyi pastè sakré yo. Tout moun ki té konnin-l té sézi poutèt ékla bon kalité-l yo, spésialman lafoua-a, éspérans la ak charité-a, umilité-a épi mépri bagay té yo.

Jan Diégo nan sinplisité lavi chak jou-a té kinbé Bòn Nouvèl la, san li pa-t réjité kondision indijèn li-an, sètènman li té konsian Bondié dépasé préjijé ras ak kilti épi li invité tout moun pou yo vîn tounin pitit li. Nan fason sa-a, sin-an té fè rout la vîn pi fasil koté nasion méksikin indijèn yo té résévoua rasanbléman nouvo mond la ni avèk Kris la ni avèk Égliz la.

Jous nan dènié jou lavi li, li té maché avèk Bondié ki rélé-l vîn jouinn li nan ané 1548. Souvni li ki toujou an rélasyon ak aparision Notre-Dam Gouadaloupé-a travèsè sièk yo épi li rivé touché divès réjion tè-a.

REPONS

Cf. 1 Kor 1, 27-29; Lk 1, 51.52

R/. Sé sa-k fèb sou tè-a Bondié té chouazi, pou-l fè sa-k fò yo ront; sa-k pa égzisté yo, * pou okinn chè pa bay tèt li gloua dévan fas Bondié.

V/. Li té fè bagay ki mandé fòs nan bra-l épi li té lévé sa-k rabésé yo anlè ; * pou okinn chè.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki pa lintèmédiè sin Jan Diégo té montré rinmin la Trè Sint Vièj Mari ginyin pou pèp ou-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan nou obéyi konsèy Manman nou Gouadaloupé té bay, nou mérité réalizé volonté-ou san rété. Pa pouvoua Jézu-Kri.

10 désanm

SINT VIÈJ MARI DE LORÈT

Kay ki sakré-a – li minm yon kronik yo ékri nan ané 1465 di yo jouinn li nan nuit 9 a 10 désanm 1294, sou minm ti mòn sa-a koté li yé jous koulié-a – sé li ki sous dévotion pou Mari-a ki parèt nan sanktuè Lorèt la, souvni mistè Inkarnasion-an épi égzanp évanjélik sint Fanmi Nazarèt la. Anpil Souvèrin Pontif té bay sanktuè Vièj Lorèt la yon atansion apostolik, li minm Benoua XV té proklamé patròn aviatè yo. Litani Lorèt yo gayé nan tout Égliz la.

Nan Komin Sint Vièj Mari, 1354, éksépté sa-k vîn apré la-a.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Jan Pòl II, pap, pou anivèsè sèt sièk Kay Lorèt la ki sakré-a

(Lettera a Mons. P. Macchi, 15 agosto 1993: *Insegnamenti di Giovanni Paolo II*, XVI/2, 526-537)

Mari, éspas kòporèl épi spirituèl Inkarnasion-an

Kay Lorèt la ki sakré-a, sé pa sèlman yon « rélik » li yé, min pito yon « ikôn » tout bon vré épi ki gin anpil valè. Sé pa « ikôn » vérité yo ki séparé parapò a sansibilité-a, min « ikôn » yon sèl évenman ak mistè, sa vlé di *Inkarnasion Paròl la*.

Inkarnasion-an réyèlman yo raplé anndan mi sa yo ki sakré yo, tousuit li réprann sans bibliki ki pròp pou li-a épi ki otantik la; réyèlman sé pa sèlman osijè doktrîn ki konsèné union ant Bondié ak moun, min pito sé osijè évenman ki té rivé nan yon moman tan byin égzakt épi nan yon koté byin prési, jan paròl Apot la montré sa yon fason ékstraòdinè: *Lè plénitud tan-an rivé, Bondié voyé Pitit li-a, ki fèt sot nan yon madanm*.

Mari sé Madanm nan; jan nou t-a kapab di-a, li sé éspas an minm tan kòporèl épi spirituèl koté Inkarnasion-an té fèt la. Min Kay la minm, koté li té viv, sé rapèl klè bagay sa-a.

Souvni lavi kaché Nazarèt la raplé bagay asiré épi pròp lavi tout gason yo ak tout fi yo. Li rénovlé sètènman sans sin fanmi-an doué sin-an, antan-l montré tousuit tout kantité bon kalité yo, sa yo tèlman minimizé jodi-a, sètadi fidéлитé-a, respè pou lavi-a, édikasyon pitit yo, pran souin priyè-a, épi bagay sa yo fanmi krétyin yo kapab jouinn anfin anndan mi Kay sa-a ki sin-an: premié “égliz anndan kay” ki pi ro nan istoua-a.

Kay sa-a ki sakré-a fè sonjé, an minm tan grandè vokasyon lavi konsakré-a épi virjinité-a pou Rouayòm Bondié-a, sa ki té gin kòmansman-l ki byin kléré nan Mari an pèrson ki Vièj é ki Manman.

Anfin nou t-a vlé répété jèn yo k-apralé an pèlerinaj nan Kay Manman-an paròl sa yo nou té di yo lontan: « Alé kot Mari, alé avèk Mari... nan kè nou sé pou “fiat” li-a (“sé pou volonté-ou fèt”) rézoné. Sé pou Bondié t-a fè pou, dapré sa Kay Nazarèt la kòmandé-a, jèn yo rivé rénovlé anprésman yo-a nan kondision katolik layik yo pou rémété Kris la nan kè yo, nan fanmi yo, nan sians la épi nan sosiété-a.

Élan ki kòrèk la nan tan nou-an pou rékonèt plas sa-a médam yo doué ginyin nan Égliz la ak sosiété-a, isit la vrèman li jouinn okazion ki pi adapté pou chèché-l. Paské *Bondié té voyé Pitit li-a, ki fèt sot nan yon madanm*, tout médam yo, nan Mari, yo lévé nan yon tèl dignité yon fason pou yo pa bézouin pansé yon lòt ki pi gran pasé sa-a.

An plis, okinn konsidération téorik pa kapab lévé dignité travay moun nan pi ro pasé konnin Pitit Bondié-a li-minm té travay Nazarèt épi li té pèmèt yo rélé-l *pitit atizan-an*.

Kijan, anfin, nou pa t-a kapab raplé « chouazi pòv yo », sa Égliz la té fè nan Konsil la épi li té ranfòsé yon fason pi klè chak foua apré sa. Mi Kay ki sin-an, mi ki dékalé yo épi ki sinp yo, avèti nou sé Bondié li-minm ki té kòmansé choua sa-a nan Mari, li minm ki, jan yo li nan tèks Konsil la, « ranpòté pri-a nan pami sa-k rabésé yo ak sa-k pòv yo dévan Granmèt la, yo minm k-ap éspéré sové yo gin pou yo sové-a ak konfians épi ki résévoua-l nan min-l ».

Nan tout tan réyèlman, pou sa ki konsènè povreté-a ak souffrans la, malad yo té ginyin premié plas nan istoua Sanktuè-a, yo minm ki an premié pami tout té vîn fè pèlerinaj nan Kay ki sakré-a épi yo té gayé répitasyon-l nan nasion yo. Èské gin yon lòt koté réyèlman yo té résévoua yo pi byin si sé pa nan Kay Manman-an nou rélé nan Litani Lorèt la « Santé malad yo » épi « Konsolatrix sa-k nan lapinn yo »?

«Sanktuè Lorèt sa-a – tankou Jan XXIII té di-a – sé pou-l rivé vîn tounin yon fènèt ki byin louvri sou tout ronnn tè-a, antan-l raplé voua kaché yo k-ap anonsé sanktifikasyon nanm yo, fanmi yo épi pèp yo ».

REPONS

R/. Réyèlman vré ou béni nan médam yo paské Bondié té mété tant li-a nan ou. * Ou-ap konsakré pakèt pèp yo bay Granmèt la.

V/. Sa-a sièl yo pa-t kapab kinbé-a, ou té poté-l nan vant ou. * Ou-ap konsakré.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki antan-ou akonpli sa-ou té promèt papa yo, ou té chouazi sint Vièj Mari, pou-l té vîn tounin Manman Sovè-a, fè nou favè pou nou suiv égzanp li yo, li minm umilité-l té fè-ou plézi-a, épi obéyisans li té avantaj pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

11 désanm S. DAMAZ PRÉMIÉ Pap

Li té Éspagnòl, li fèt apéprè nan ané 305. Antan yo admèt li pami klèjé romin-an, yo sakré-l Évèk Ròm nan ané 366, nan pèriòd difikilté; li réyini anpil sinòd kont chismatik yo ak érétik yo, li dévlopé sélébrasyon mati yo anpil, li dékoré kavò yo avèk bèl poézi. Li mouri nan ané 384.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Liv Réfléksion sint Ogustin, évèk, Kont Fostus

(Lib. 20, 21: CSEL 25, 562-563)

N-ap sélébré mati yo ak yon vénérasion rinmin épi kòm asosié

Pèp krétyin-an sélébré ansanm souvni mati yo ak yon solanité rélijyé ni pou provoké imitasion-an ni pou asosié nan mérit yo ginyin yo épi pou-l jouinn sékou ak priyè yo, yon fason poutan, pou nou pa drésé lotèl pou okinn mati yo, minm si sé nan souvni mati yo.

Kilès réyèlman nan résponsab yo antan li kanpé bò lotèl la nan koté kò sin-yo yé-a, ki té janm di: N-ap ofri ba ou, ou minm Piè; oubyin Pòl; oubyin Sipriyin? Min sa yo ofri-a sé Bondié yo ofri-l, li-minm ki té kouroné mati yo, bò koté souvni sa-l kouroné yo, pou yon pi pran santiman révéyé apati avètisman koté yo yé-a minm, pou ankourajé charité-a ni nan sa yo nou kapab imité-a, ni nan sa-a ki fè nou kapab la antan l-ap édé nou.

Donk nou vénéré mati yo ak vénérasion rinmin épi kòm asosié. Sé avèk vénérasion sa-a tou nan lavi sa-a yo vénéré moun Bondié ki sin yo, yo minm nou santi kè yo paré pou kalité soufrans sa-a poutèt vérité évanjil la; min yo minm, mati yo, sé avèk plis dévosion nan mézi yo pi asiré apré yo fin ranpòté viktoua nan tout bagay yo, nan mézi tou n-ap préché avèk louanj ki gin pi plis konfians sa-k ranpòté viktoua yo déja rivé nan lavi ki gin plis kontantman-an pasé pou sa yo k-ap goumin ankò jous koulié-a nan lavi sa-a.

Min nan vénérasion sa-a, sa yo rélé “latri”-a, poutèt sé sèvis yo doué yon fason spésial pou Bondié-a, nou pa vénéré ak li ni nou pa anségné pou vénéré ak li, sof pou Bondié sèl.

Min kòm ofrann sakrifis la fè pati vénérasion sa-a, sé poutèt sa yo rélé idolatri pa moun yo ki prézanté bagay sa-a tou bay zidòl yo, nan okinn

fason konsa nou pa ofri kichòy, oubyin nou pa kòmandé pou ofri-l soua bay okinn mati, soua bay okinn nanm ki sin, soua bay okinn anj; épi ninpòt moun ki tonbé nan èrè sa-a, yo blamé-l palintèmediè ansègnman kòrèk la, soua pou yo korijé-l, soua pou yo fè-l fè atansyon.

Réyèlman, minm sin yo tou yo minm, antan sé moun yo yé, pa-t vlé yo ofri ba yo, sa yo konnin sé Bondié sèl yo doué-l. Sa té parèt nan Pòl ak Barnabé, lè Likaonyin yo, antan yo té sézi ak mirak ki té fèt palintèmediè yo-a, yo té vlé fè sakrifis ba yo tankou pou dié yo, antan réyèlman Pòl ak Barnabé té chiré rad yo, yo fè déklarasyon épi yo konvink yo sé pa dié yo yé, yo té anpéché yo fè sa pou yo.

Min yon bagay sé sa nou anségné-a, yon lòt bagay sa nou sipòté-a; yon bagay sé sa nou gin lòd pou kòmandé-a, yon lòt bagay sa nou kòmandé pou korijé-a épi, jiskaské nou korijé-l, nou bliyé toléré-l.

REPONS

Psòm 115 (116 B), 15; 33 (34), 21; cf. Judit 10, 3

R/. Li gin valè dévan jé Granmèt la lanmò sin-l yo. * L-ap protéjé tout zo yo, youn nan yo pap krazé.

V/. Granmèt la té abiyé yo ak rad ki fè plézi. * L-ap protéjé.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nou fété mérit mati-ou yo san nou pa sispann, yo minm pap sin Damaz té onoré épi té rinmin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

12 désanm
SINT VIÈJ MARI DE GOUADALOUPÉ

Nan ané 1531, Vièj Mari té montré tèt li bay Jan Diégo Kouaoutlatoatzin, ki té soti nan ras indijèn indyin yo, sou ti mòn *Tépéyak* la bò vil Méksiko nan téritoua Méksik koulié-a, épi nan manto li-a pòtré Vièj Mari-a té rété yon fason ékstraòdinè, pòtré sa-a jous koulié-a san rété fidèl krétyin yo vénéré-l. Pa lintèmédiè mésié sa-a ki té résévoua yon lafoua ki nèt anpil, Manman Bondié-a ki Manman Égliz la ap rélé tout pèp yo pou yo rinmin Kris la.

Nan Komin Sint Vièj Mari, 1354.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan rapò yo transmèt la, sa yo rélé «Nican Mopohua»-a

(*sæc. XVI, ex archivo Archidiœcesis Mexicopolitanæ*)

Èské isit la mouin pa la, mouin minm Manman-ou?

Nan ané 1531, apré kèk jou nan moua désanm nan, kòm té gin yon moun indyin pòv ak bon karaktè, yo rélé non-l Jan Diégo, moun *Kouaoutitlan*, jan yo rapòté-a, sou plan administrasion spirituèl la sé rélijiié ki té rété *Tlatilòlko* yo ki té résponsab li, jou samdi granmatin, li t-apralé *Tlatilòlko* pou sèvis Bondié-a. Min lè li rivé bò ti mòn yo rélé *Tépéyak* la té déjà fè klè. Li té tandé yon chan anlè tèt ti mòn nan. Min lè chan-an té fini, épi yo pa-t tandé-l ankò, li té tandé yo rélé-l sot nan pati anlè ti mòn nan, yo té di-l : « Jan Diégo, mouin rinmin-an ». Minm lè-a li té gin kouraj monté koté li té konnin yo rélé-l la.

Min lè-l té rivé sou tèt ti mòn nan li té ouè yon madanm kanpé ki té rélé-l pou-l vîn jouinn li. Lè li té rivé dévan-l, li té sézi anpil pou jan-l té bèl: rad li yo t-ap briyé tankou solèy. Tousuit Vièj la té déklaré-l sa-l té vlé. Li di-l: « Sé pou konnin, pitit mouin rinmin anpil anpil la, mouin sé

Sint Mari, mouin toujou totalman vièj, manman Bondié tout bon vré-a, ki fè lavi-a, li minm ki té kréyé tout bagay épi ki soutni yo, Granmèt sièl la ak tè-a. Mouin vlé anpil, mouin anvi ak tout fòs, pou nan koté sa-a minm yo bati yon tanp pou mouin, koté m-ap fè ouè rinmin mouin-an ak tandrès mouin-an, antan mouin montré-l m-ap fè louanj li, m-ap bay sékou ak protéksion, paské réyèlman vré mouin minm sé Manman nou-an ki gin bon kè-a ni pou ou ni pou nou tout ki kanpé kòm yon sèl sou tè sa-a épi pou ninpòt lòt yo ki rinmin-m yo, k-ap chèché-m yo, k-ap rélé-m avèk dévotion épi avèk konfians. Isit la m-ap kouté dlo nan jé yo avèk chagrin yo, nan kè séré yo m-ap fè yo dibyin épi nan tout tribilasyon yo m-ap poté solision. Min pou sa-m anvi-a réalizé, alé nan vil Méksiko-a kay évèk la. Di li sé mouin minm ki voyé-ou, pou fè li konnin kijan mouin vlé pou yo bati yon kay pou mouin isit la, pou yo drésé yon tanp pou mouin isit la nan plinn nan ».

Lè li té rivé anndan vil la, minm lè-a li té alé nan kay évèk la, non li sé té Jan de Zumarraga, nan òrd sin Fransoua-a. Min lè réponsab la té tandé Jan Diégo, antan li té prèské pa kouè-l ditou, li té réponn li: « Pitit mouin sé pou vini yon lòt foua ankò épi lè sa-a m-a tandé-ou. Mouin minm minm m-a réfléchi kisa k-ap posib pou fèt osijè sa-ou vlé-a ak sa-ou anvi-a ».

Nan démin, li té ouè Rèn nan donk ki t-ap désann sou ti mòn nan koté li minm li t-ap gadé-a. Rèn nan té vini rankontré-l toupré ti mòn nan, li té kinbé-l épi li té di: « Kouté, pitit mouin rinmin-an: pa pè anyin ditou ni pa soufri nan kè-ou, pa fè anyin dèt pou maladi monnonk ou-a, oubyin kèlkésoua kè séré. Èské isit la mouin pa la, mouin minm Manman-ou? Èské ou pa kanpé anba lonbraj mouin ak protéksion-m? Èské mouin pa sous lavi-ou avèk kontantman-ou? Èské-ou pa rété sou vant mouin-an, nan bra mouin yo? Èské ou bézouin yon lòt bagay? Pa pran lapinn, ni pa troublé. Li di: Monté, pitit mouin rinmin-an, sou ti mòn nan épi koté sa-a ou té ouè-m nan épi mouin té palé avèk ou-a, la ou-ap ouè diféran flè. Pran épi ranmasé yo, épi antan ou sot la poté yo dévan-m ».

Konsa Jan désann épi flè yo li té ranmasé-a li té poté yo bay rèn sièl la. Li minm minm lè li té ouè yo li té pran yo ak min li yo ki mérité respè yo épi li té tounin mété yo nan manto Jan-an épi li té di-l: « Pitit mouin rinmin anpil la, flè sa yo sé sign ou-ap poté bay évèk la. Gadé, ou sé mésajé-m, mouin rinmèt ou sa paské mouin fè-ou konfians. Ou minm mouin ba-ou lòd fòmèl: fè atansyon pou pa ouvri manto-ou la sof dévan évèk la épi sa-ou poté-a ou-a montré-l li. Épitou ou-a rakonté kijan ou té monté sou ti mòn nan épi la ou té pran flè yo, sa-m kòmandé-ou la épi tout sa-ou té ouè épi ou té admiré, pou li kouè épi li fè sa-m vlé osijè tanp la pou yo bati-a ».

Donk lè rèn sièl la té kòmandé bagay sa yo, Jan té pran rout nan diréksyon lavil Méksiko. Li t-apralé ak kè kontan paské tout bagay t-apral byin pasé. Antan Jan antré minm, li té ajénou dévan évèk la épi li té rakonté-l tout sa li té ouè épi poukisa yo té voyé-l. Li té di-l: « Mèt, sa-ou té kòmandé-m nan mouin té fè-l. Mouin té alé di Dam ki bay lòd la, rèn sièl la, Sint Mari Manman Bondié ou té mandé yon sign pou té kouè-m épi pou té bati yon tanp la-minm koté li minm Vièj la té anvi-a. Mouin té di-l donk mouin té promèt ou m-ap poté ba ou yon sign kèlkonk volonté-l la. Konsa li té tandé sa ou t-ap tann nan: li té byin pran késion sign ou té mandé-a pou réalizé volonté-l la épi jodi-a granmatin-an li té kòmandé-m pou-m tounin vîn koté-ou ».

Donk tout vil la té kouri vini: yo té ouè yon pòtré ki mérité respè, yo té sézi, yo t-ap admiré-l tankou yon travay Bondié, yo t-ap lapriyé. Épi jou sa-a monnonk Jan Diégo-a té di tou kijan yo rélé Vièj la épi yo té doué rélé pòtré li-a Sint Mari toujou Vièj de Gouadaloupé.

RÉPONS

Cf. Ap 12, 1

R/. Yon gran sign té parèt nan sièl la : sé yon madanm ki vlopé nan solèy la, épi lalîn nan anba pié-l; * Sou tèt li yon kouròn douz zétoual.

V/. Sé pou anj yo kontan, sé pou arkanj yo fété nan Vièj Mari. * Sou tèt li.

Priyè-a

Bondié, Papa mizèrikòd yo, ou minm ki té mété pèp ou-a anba patronaj spésial Manman Pitit ou-a ki sin anpil la, fè tout moun ki rélé sint Vièj Gouadaloupé-a favè pou, avèk yon lafoua ki pi vif, yo chèché dévlopman pèp yo nan chémin jistis ak lapè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

13 désanm

S. LUSI

Vièj épi Mati

Mémoua

Nan pèsékision Diokléysin-an, probabléman, li mouri Sirakuz. Sélébrasion-l gayé prèské nan tout Égliz la, dépi lontan lontan, non-l antré nan Kanon romin-an.

Nan Komin Mati yo, 1431, oubyin Komin Vièj yo, 1511.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv sin Anbrouaz, évèk, Osijè Virjinité-a

(Cap. 12, 68. 74-75; 13, 77-78: PL 16 [edit. 1845], 281. 283. 285-286)

Ou kléré gras kò-ou la ak klèté léspri-a

Ou minm, youn nan pèp la, youn nan foul la, sètènman ou minm youn nan vièj yo, ki kléré gras kò-ou la ak klèté léspri-a (ou toupré réyèlman ou minm pou konparé avèk Égliz la), ou minm, sé sa-m di, rété nan chanm ou épi nan tan nannuit la, tout tan sé pou médité Kris la épi vini l-ap vini-an sa yo espéré nan tout moman yo.

Jan-ou yé-a, sé konsa Kris la té anv-ou, jan-ou yé-a sé konsa Kris la té chouazi-ou. Konsa antan pòt la louvri, li antré; réyèlman li pa kapab tronpé, li minm ki té promèt li t-ap gin pou antré-a. Anbrasé donk sa-ou t-ap chèché-a; al rankontré-l épi ou-ap vîn kléré; kinbé li, priyé pou-l pa alé tousuit, sipliyé pou-l pa rékilé. Paròl Bondié-a réyèlman ap kouri; ak dégou yo pa pran-l, ak néglijans yo pa kinbé-l. Sé pou nanm ou pran dévan nan paròl li-a, épi mété pié-ou nan tras paròl sièl la; sé tousuit réyèlman l-ap travèsé.

Anfin ki sa li minm li di? *Mouin té chèché-l épi mouin pa-t jouinn li: mouin té rélé-l épi li pa-t réponn mouin.* Pa sipozé ou pa fè-l plézi, ou minm ki té rélé-a, ou minm ki té priyé-a, ou minm ki té louvri-a, paské li té pati sitèlman vit: anpil foua li pèmèt nou sibi tantasion. Présizéman pou foul yo k-ap priyé-l pou-l pa ralé kò-l, kisa li di nan Évanjil la? *Nan lòt vil yo tou fò-m poté bòn nouvèl paròl Bondié-a; paské sé pou sa yo voyé-m.* Minm si sa t-a sanblé li pati alé, soti yon lòt foua, chèché.

Kiyès minm, si sé pa sint Égliz la, ki doué anségné-ou nan ki fason pou kinbé Kris la? Pi plis toujou li déjà té anségné, si sa-ou li-a ou konprann li: *Sé sa ki té rivé yon ti kras, sé sa-l di, lè-m té dépasé kité yo, joutan mouin té jouinn sa nanm mouin té rinmin-an: mouin té kinbé-l épi mouin pa t-ap lagé-l.*

Ak kisa minm yo kinbé Kris la? Sé pa avèk kòd égzijans, sé pa avèk né ki byin maré; min sé avèk chinn rinmin-an, avèk frin léspri-a li maré; épi yo kinbé-l avèk aféksion nanm-nan.

Si ou minm tou ou vlé kinbé Kris la, sé pou chèché, sé pa pou pè chatiman-an; trè souvan sé nan mitan toumant kò-a réyèlman, nan min moun k-ap pèsékité yo, yo jouinn Kris la pi byin.

Sé sa ki té rivé yon ti kras, sé sa-l di, lè-m té dépasé kité yo. Nan yon ti éspas tou pitit réyèlman épi nan yon ti moman tou kout lè ou-ap chapé sot nan min sa k-ap pèsékité-ou yo, épi san-ou pa sikonbé anban pouvoua yo sou tè-a, Kris la ap vîn rankontré-ou, épi li pap sipòté pou sibi tantasion

pi lontan. Sa-k t-ap chèché Kris la konsa-a, sa-a ki té jouinn Kris la konsa-a, li kapab di: *Mouin té kinbé-l, mouin pap lagé-l; jouskaské mouin fè-l antré nan kay manman-m épi nan chanm sa-k té poté-m nan vant la.* Kisa ki kay manman-ou lan épi ki chanm li-an, si sé pa sa-k anndan-ou nan épi sékrè sa-ou yé-a?

Kay sa-a sé pou kinbé-l, sékrè kay sa-a pròpté-l; pou lè kay la vîn san tach, kay spirituèl la lévé nan sasèrdòs ki sin-an antan-l soudé ak ròch kouin anlè-a, épi pou Éspri-Sin-an abité nan li.

Sa-a ki chèché Kris la konsa-a, sa-a ki sipliyé Kris la konsa-a, li pa lagé-l, okontrè minm tanzantan li vizité-l ankò; li avèk nou réyéلمان jous nan achèyman tè-a.

REPONS

R/. Granmèt la té jouinn li agréab nan batay la, paské kot Bondié ak kot moun yo li jouinn gloua: an fas chèf yo li palé sajès: * Épi Granmèt tout bagay yo té rinmin-l.

V/. Sa-a sé vièj la ki té préparé yon koté agréab pou Bondié rété nan kè-l. * Épi Granmèt.

Pou Louanj yo nan matin

Pou *Benedictus* la, réf. Mouin minm pòv sèvant, mouin pa-t fè lòt bagay pasé ofri sakrifis bay Bondié ki vivan-an; koulié-a minm, kòm pa-t rété anyin ankò, sé pròp tèt pa-m mouin ofri.

Pou Vèp yo

Pou *Magnificat* la, réf. Nan pasians ou, ou té posédé nanm-ou, Lusi, épouz Kris la; ou té rayi sa ki sou tè yo, ou kléré avèk anj yo; ak pròp san-ou ou ranpòté viktoua sou ènmi-an.

Priyè-a

Granmèt, tanpri, fè bèl lapriyè Lisi ki sin, ki vièj, ki mati, chofé nou, pou nou fété nésans li nan tan sa-a, pou nou konsidéré bagay k-ap diré tout tan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

14 Désanm

S. JAN DE LA KOUA

Prèt ak Savan sakré Égliz la

Mémoua

Li fèt Fontibéri an Éspagn apéprè nan ané 1542. Apré li fin pasé kèk tan kay Karmélit yo, nan ané 1568, sou konsèy sint Tèrèz d'Avila, li kòmansé travay an premié nan pami frè yo pou-l réfè òganizasyon Fanmiy rélijijé sa-a. Li té sipòtè anpil traka, li té déplouyè anpil aktivité pou sa. Nan ané 1591 li mouri Oubéda, li té mérité bèl louanj kòm moun ki sin épi ki gin sajàs. Liv yo li ékri sou rélasyon-l ak Bondié, sèvi témouin sou sa.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461 ak Doktè (Savan sakré) Égliz la, 1501.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kantik spirituèl sin Jan d'la Koua, prèt

(Red. B, str. 36-37, Edit. E. Pacho, S. Juan de la Cruz, Obras completas, Burgos, 1982, pp. 1124-1135)

Konésans mistè ki kaché-a nan Kris Jézu-a

Minm si anségnan ki sin yo té dékouvri anpil mistè avèk mèvèy épi nanm ki gin dévosyon yo té konnin yo nan kondision mòd lavi sa-a, jous

koulié-a poutan pi gran pati ladan-l rété pou énoncé, pi plis ankò pou konprann.

Sé pousa yo doué fouyé afon nan Kris la, li minm ki tankou yon mîn ki chajé, antan li gin anpil kanal trézò, koté plis yon moun fouyé fon ladan-l, li pap janm jouinn finisman yo oubyin bout yo. Okontrè nan ninpòt ki kanal y-ap dékouvri bò isit bò lòt bò nouvo vinn nouvo richès.

Akòz sa Apot Pòl té di osijè Kris la li minm: *Nan li tout trézò sajès ak sians Bondié kaché*. Trézò sa yo nanm nan pa kapab antré nan yo, ni li pap réyusi rivé koté yo, sof si anvan sa li t-a travèsè profondè soufrans yo épi li t-a antré antan li sipòté sou paranndan ak sou padéyò, épi sof si anvan li t-a résévoua nan min Bondié byinfè intéléktuèl épi sansib épi égzèsis spirituèl ki diré lontan t-a vîn anvan.

Tout bagay sa yo sètènman yo pi ba épi sé dispozision yo yé pou rivé nan finfon konésans mistè Kris la ki dépasé anlè nèt yo, ki sajès ki pi ro pasé tout lòt sa yo kapab rivé ginyin nan lavi sa-a.

O! Ala sa t-a bèl pou moun yo t-a konnin li totalman inposib pou rivé nan profondè richès ak sajès Bondié yo si sé pa toudabò an pasan nan profondè soufrans yo, antan yo sipòté nan pliziè fason, pou konsa nanm nan mété konsolasion li-a ak sa-l anvi-a akoté. Sé tout bon réyèlman vré nanm nan ki anvi sajès Bondié-a, vrèman toudabò li chouazi pou antré nan profondè koua-a.

Sé poutèt sa sin Pòl t-ap ankourajé Éfézyin yo *pou yo pa fébli nan tribilasion yo*, épi pou yo mété anpil fòs sou yo, épi *antan yo anrasinin épi yo fondé nan charité-a, pou yo rivé konprann avèk tout sin yo, kisa sa yé lajè ak longè ak rotè ak profondè: konnin charité Kris la tou ki dépasé anlè nèt la, pou yo plin nan tout plénitud Bondié-a*.

Paské sé koua-a ki pòt la koté yo kapab antré nan mòd richès sajès li-a, épi minm pòt sa-a li jinnin, épi pandan anpil moun anvi plézi yo kapab rivé ginyin lè yo pasé ladan-l, sé pou yon ti kras an réalité anvi antré ladan-l nan yé.

REPONS

1 Kor 2, 9-10

R/. Jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé, ni sa pa-t monté nan kè moun nan,
* Bagay yo Bondié té préparé pou sa ki rinmin-l yo.

V/. Kanta pou nou Bondié té révéle palintèmediè Éspri-a. * Bagay yo Bondié té préparé.

Priyè-a

Bondié, ki té fè sin Jan vîn tounin yon prèt ki bliyé tèt li nèt, épi ki rinmin koua-a yon fason ékstraòdinè, fè nou favè, pou antan n-ap suiv égzanp li san rété, nou rivé nan kontanplasion gloua-ou la tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

21 Désanm

S. PIÈ KANIZIUS

Prèt ak Savan sakré Égliz la

Pou rapèl

Li fèt Nimèg, nan Oland, nan ané 1521; li étidié Kològn Agripîn, li antré nan Konpagni Jézu-a; nan ané 1546 li sakré Prèt. Yo voyé-l an Almagn, pandan anpil ané li travay anpil pou-l défann lafoua katolik la épi pou-l asiré-l avèk sa li ékri épi avèk prèch li fè. Li ékri anpil liv, spésialman Katéchis la. Li mouri Fribour an Suis, nan ané 1597.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Liv prèt sin Piè Kanizius té ékri yo

(Edit. O. Braunsberger, Petri Canisii Epistolæ et Acta, I, Friburgi
Brisgovia, 1896, pp. 53-55)

Ou té konnin, Granmèt, nan ki pouin épi konbyin foua nan minm jou sa-a ou té konfié Almagn ban mouin.

Anvan li té pati pou Almagn, péyi sa-a li té mérité yo ba-l tit dézièm apot li-a, sin Piè Kanizius, apré li fin résévoua bénédikcion apostolik la, té fè ékspérians bagay spirituèl yo ki té ro anpil, yo minm li dékri avèk paròl sa yo:

« Sa té fè-ou plézi, ou minm ki bon dépasé mézi, ou minm Gran Prèt pou tout tan-an, pou rézilta bénédikcion sa-a épi konfirmasion yo té rékòmandé-m avèk souin bay Apot ou yo, yo minm yo konsidéré nan Vatikan-an épi ki réalizé mèvèy, antan ou minm ou-ap kòmandé-a, koté yo té ofri-m ak kalité intèmediè sa yo gran konsolasion sansib épi gras ou-a ki prézan-an. Yo té béni, réyèlman, yo minm tou, yo té ankourajé mision an Almagn nan, sanblé yo té promèt mouin y-ap ban mouin byinvéyans kòm apot Almagn. Ou té konnin, Granmèt, nan ki pouin épi konbyin foua nan minm jou sa-a ou té konfié Almagn ban mouin, li minm pou li apré sa mouin té kontinué pran souin, li minm pou li-a mouin té anvi viv épi mourir.

Kanta ou minm, tankou antan ou ouvri pou mouin Kè Kè-ou ki sin anpil la, li minm yo té fè-m ouè dévan-m pou-m égzaminé-l, ou té kòmandé pou-m té bouè nan sous sa-a, sètadi antan ou invité pou-m tiré dlo yo k-ap sovè-m nan sot nan sous ou yo, Sovè-m nan. Mouin minm réyèlman vré mouin té anvi anpil pou gran riviè lafoua-a, éspérans la ak charité-a koulé sot la nan mouin. Mouin té souaf povreté, chasteté, obéyisans; mouin té mandé pou t-a lavé tout mouin minm, pou abiyé-m épi anbéli-m. Apati la, apré mouin fin jouinn Kè-ou ki dou anpil la épi mouin t-a ozé kaché souaf mouin-an nan li, ou té promèt mouin yon rad ki fèt an toua pati, ki t-a kapab protéjé nanm ki san rad la, épi ki t-a koréponn trè byin ak angajman sa-a: sé t-a lapè, rinmin épi pèsévérans. Antan mouin fòtififié avèk rad sa-a k-ap sovè-m nan, mouin té gin konfians anyin pa t-ap manké-m, min tout bagay t-a réyisi pou gloua-ou ».

REPONS

Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33

R/. Tout skrib ki jouinn ansègnman nan rouayòm sièl yo, * Li sanblé ak yon moun ki papa fanmi, ki rétiré sot nan trézò li sa-k nèf ak sa-k ansyin.

V/. Nan kè moun ki gin ladrès la sajès la répozé épi li anségné ninpòt sa ki ignoran yo. * Li sanblé.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo.

Pou Vèp yo

Réf. O Ansègnan ki bon anpil, limiè Égliz la ki sin-an, ou minm sin Piè, ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou.

Priyè-a

Bondié, ki té fè prèt sin Piè vîn fò nan bon kalité ak ansègnman pou-l défann lafoua katolik la, gras a intèsésion-l, fè nou favè, pou sa yo k-ap chèché vérité-a, yo jouinn ou kòm Bondié ak kè kontan, épi pou pèp fidèl yo pèsévéré antan y-ap proklamé lafoua yo nan ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

23 désanm
S. JAN DE KÉNTI
Prèt

Pou rapèl

Li fèt nan vil Kénti, nan diosèz Krakovi, nan ané 1390; li sakré prèt, pandan anpil ané li té gin kòm travay pou-l anségné nan akadémi Krakovi-a, apré sa li résévoua mision pou-l okipé parouas Ilkouz. Li té gin yon lafoua douat, li té anségné-l nan fason ki pi bon-an. Li té gin anpil bon kalité, spésyalman piété-a ak charité pou prochin-an, atèl pouin li té vîn tounin yon modèl pou lòt profèsè yo ak pou élèv yo. Li mouri nan ané 1473.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt pap Kléman XIII

(2 febr. 1767: *Bullarii romani continuatio*, IV, pars II, Pratis 1843, pp. 1314-1316)

Bondié sèl té toutafè nan kè li, Bondié sèl té nan bouch li

Nan pami mésié ki ékstraòdinè yo ki sipériè nan anségnman-an avèk yon lavi ki sin, ki té fè épi an minm tan té anségné, épi ki té défann lafoua douat la ènmi yo t-ap konbat la, li kòrèk sètènman nan ti kantité-a pou yo t-a konté sin Jan de Kenti, moun ki té konnin-l nan akadémi Krakovi-a pèsonn pap diskité li té transmèt sians li té tiré sot nan sous ki nèt anpil la, pandan nan tan sa yo nan lòt réjion ki pa ékaté trò louin érédi ak chism t-ap avansé ak violans épi disiplin moral ki pi sin yo sa li t-ap éséyé ékspliké pèp la antan li préché foul la apati éstrad la, ak umilité, ak kontinans, ak mizérikòd, ak mové trétman kò-a, li té ranfòsé-l ansanm ak lòt bon kalité yon prèt ki san répròch épi yon ouvriyé ki vyan.

Sé poutèt sa li pa-t sèlman ajouté yon onè ak yon prèstij spésial pou profèsè akadèmi sa-a, min li té kite tou yon égzanp admirab ki t-ap poté avantaj pou tout lòt yo ki t-a okipé minm fonksion sa-a, pou yo fè éfò san parès pou yo ranpli fonksion ansègnman-an ak pèfèksion épi pou yo ansègné sians Sin yo ansanm ak lòt kapasité yo pou louanj avèk gloua yon sèl Bondié-a antan yo kléré ak tout éfò épi travay.

Pou rélijion-an, sa-k fè-l té okipé afè Bondié yo, umilitéé-a té ajouté sou li, ki té fè li pa-t janm avili pèsonn moun parapò a li minm, malgré fasilman li té an tèt tout moun kanta sians la, li té préféré pou li minm, plis toujou réyèlman li té souété pou tout moun mété-l akoté épi méprizé-l; li té rivé tèlman louin jous li té sipòté avèk nanm trankil ni sa k-ap kritiké-l yo ni sa ki méprizé-l yo.

Li té konpagnon umilitéé-a ak yon sinplisité yo pa jouinn fasil, ou t-a di sé yon timoun; sé poutèt sa nan sa-l fè yo ak sa-l di yo pa-t gin okinn ruz, pa-t gin okinn fè sanblan; sa-l té ginyin ki fèmin nan kè-l, li té di-l tousuit. Si paraza apati paròl li yo, malgré sa-l t-ap di yo sé té vré, li té sispèk sa té lévé yon mékontantman kay lòt yo, anvan li té alé sou lotèl la, li té vini mandé padon antan l-ap sipliyé pa tèlman pou li minm min pito pou fot lòt la. Chak jou réyèlman vré, apré li té fîn fè dévoua fonksion li, antan-l soti nan lékòl la l-al dirèktéman nan légliz la, koté li té prolonjé pandan lontan kontanplasion yo ak priyè yo dévan Kris la ki kaché nan Ékaristi-a. Bondié sèl té toutafè nan kè-l, Bondié sèl té nan bouch li.

REPONS

Cf. Iz 58, 7-8

R/. Kasé pin-ou nan, bay sa-k grangou-a, épi sa-k nan bézouin yo ak sa-k san kay yo, fè yo antré lakay ou: * Lè sa-a, limiè-ou ap éklaté tankou dévanjou, épi jistis ou-a ap maché dévan fas ou.

V/. Lè-ou ouè yon moun ki san rad, kouvri-l, épi pa méprizé chè-ou la.

* Lè sa-a, limiè-ou ap éklaté.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Nan sa tout moun ap konnin sé disip mouin nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt.

Pou Vèp yo

Réf. Amèn mouin di nou : Sa nou té fè pou youn nan pi piti moun mouin sa yo, sé pou mouin nou té fè-l. Vini, nou minm Papa-m béni yo, pran posésion ringn nan yo té paré pou nou-an dépi nan kòmansman tè-a.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, sou modèl prèt sin Jan, nou avansé nan sians sin yo, épi antan nou ofri mizérikòd bay tout moun, nou jouinn padon koté-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

26 désanm
S. ÉTIÈN
Prémié Mati

Fèt

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la ki pran nésans la, li minm ki té kouronnin sint Étien nan, vini, an nou adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a**IMN** (*Festum célèbre mártiris*)

Ak fèt kantité foul la, mati Étièn nan
 an nou onoré-l kòrèktéman,
 li minm ki an prémié nan konba-a
 kléré ak palm viktoua-a.

Mati ki fidèl la, tousuit
 antan-l rézisté fo-témouin yo,
 té ouè Jézu nan gloua-a,
 ki kanpé adouat Papa-a.

Koulié-a n-ap mandé-ou, ou minm
 mati ki ékstraòdinè, poté sékou, lévé;
 antan n-ap priyé fè nou jouinn
 pou palè-roua sièl la ouvri.

Ou ki lavé nan gran riviè san-an,
 ou-ap kléré ak limiè ki anro-a;
 koulié-a sonjé siplikasyon nou-an
 pou avèk ou nou joui gloua-a.

Fè nou favè ba nou kado sa-a
 ou minm Pitit ki pran nésans nan Vièj la,
 antan avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a
 ou-ap régné pou tout sièk. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Antan Étièn té plin ak Éspri-Sin-an, li fiksé sièl la, li ouè gloua Bondié-a ak Jézu ki kanpé adouat Papa-a.

Psònm yo nan Komin yon sèl Mati, 1439.

Réf. 2 Étièn, antan-l pozé jénou-l atè, li t-ap rélé ak gran voua antan-l di : Granmèt Jézu, pa mété péché sa-a sou kont yo.

Réf. 3 Pèsonn pa-t kapab rézisté sajès la ak Éspri-a ki t-ap palé-a.

V/. Tribilasion ak kè séré anvayi-m.

R/. Lòd ou yo sé méditation-m.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Travay Apot yo

6, 8 — 7, 1-2. 44-60 — 8, 1

Mati Étièn

^{6,8} Étièn té plin gras ak fòs, li t-ap fè anpil prodij ak sign nan pèp la. ⁹ Gin kèk ki lévé, yo té fè pati nan sinagòg sa yo rélé Ésklav libéré yo, Sirénéyin yo ak Aléksandrin yo, ak sa ki té nan Silisi ak Lazi yo, yo t-ap diskité avèk Étièn. ¹⁰ Yo pa-t kapab rézisté sajès la ak Éspri-a ki t-ap palé-a. ¹¹ Lè sa-a yo voyé kèk moun an kachèt pou di yo té tandé l-ap di paròl blasfèm kont Moyiz ak kont Bondié. ¹² Konsa yo soulvé pèp la ak anyin yo ak skrib yo, yo fonsé ansanm, yo sézi-l, yo kondui-l nan tribinal la. ¹³ Yo mété fo-témouin ki di : « Mésié sa-a pa sispann palé paròl kont koté sa-a ki sin-an ak kont laloua-a. ¹⁴ Réyèlman nou tandé l-ap di : “Jézu moun Nazarèt sa-a ap détrui koté sa-a, l-ap chanjé abitud Moyiz té transmèt nou yo” ».

¹⁵ Yo tout t-ap gadé-l fiks, yo tout ki té chita nan tribinal la, yo té ouè fas li tankou fas yon Anj.

^{7,1} Chèf prèt la minm té di: « Èské sé konsa bagay sa yo rivé? » ² Li minm li té di: « Mésié frè yo ak papa yo, kouté.

⁴⁴ Tant témouagnaj la té avèk papa nou yo nan dézè-a, jan Bondié té réglé ba yo-a antan li palé ak Moyiz pou-l té fè-l dapré modèl li té ouè-a.

⁴⁵ Lè yo fin résévoua-l, papa nou yo fè-l antré nan péyi nasion yo yo té posédé-a avèk Jozué, nasion sa yo Bondié té chasé dévan fas papa nou yo, jous nan jou David yo, ⁴⁶ li minm ki té jouinn gras dévan Bondié-a épi ki té mandé pou-l “jouinn yon tant pou Bondié Jakòb la”. ⁴⁷ Salomon minm té bati yon kay pou li. ⁴⁸ Min Sa-a ki Anro nèt la pa abité nan kay ki fèt ak min moun, jan Profèt la di-a :

⁴⁹ “*Sièl la sé trôn mouin,
tè-a minm sé machéskalié pié-m yo.*

*Kilès kay nou t-a bati pou mouin, sé sa Granmèt la di,
oubyin ki koté pou-m t-a répozé-a ?*

⁵⁰ *Èské sé pa min-m ki té fè tout bagay sa yo ?”.*

⁵¹ Tèt du, jé ak zòrèy bouché, tout tan n-ap rézisté Éspri Sin-an ; minm jan ak papa nou yo, ⁵² sé konsa nou yé tou. Kilès nan profèt yo papa nou yo pa-t pèsékité ? Yo té touyé sa yo ki té anonsé davans sa-a ki kòrèk la t-ap vini-an, li minm nou té rinmèt koulié-a, nou té tuyé-a. ⁵³ Nou minm ki té résévoua laloua-a nan min Anj yo épi nou pa-t kinbé-l la ».

⁵⁴ Lè yo tandé bagay sa yo, yo t-ap fè kè yo vîn du kont li, yo t-ap séré dan kont li. ⁵⁵ Li minm li té plin ak Éspri-Sin-an, li fiksé sièl la, li ouè gloua Bondié-a ak Jézu ki kanpé adouat Bondié, ⁵⁶ li di : « Min li, mouin ouè sièl yo louvri, ak Pitit moun nan ki kanpé adouat Bondié ». ⁵⁷ Yo luvé voua yo byin fò, yo fèmin zòrèy yo, yo fonsé ansanm sou li. ⁵⁸ Yo jété-l déyò vil la, yo kòmansé kalonnin-l ak kout ròch. Témouin yo té dépozé rad yo nan pié yon jénòm yo té rélé Sòl. ⁵⁹ Pandan yo t-ap kalonnin-l ak kout ròch, Étièn t-ap lapriyè, li t-ap di : « Granmèt Jézu, résévoua éspri-m ». ⁶⁰ Li pozé jénou-l atè, li rélé byin fò, li di : « Granmèt, pa mété péché sa-a sou kont yo ». Pandan l-ap di sa, li dòmi nan Granmèt la.

^{8.1} Sòl minm té dakò avèk sa yo ki té touyé-l la.

RÉPONS

R/. Étièn, sèvitè Bondié-a, li minm Juif yo t-ap kalonnin-l ak kout ròch, li té ouè sièl yo ouvri: li té ouè épi li té antré: * Ala kontantman pou moun nan, sièl yo ouvri pou li-a.

V/. Konsa pandan toubiyon ròch k-ap kraké yo t-ap frapé, nan palè anlè yo anndan sièl la klèté Bondié-a té kléré-l. * Ala kontantman.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Fuljans de Rusp, évèk

(Sermo 3, 1-3. 5-6: CCL 91 A, 905-909)

Zam charité-a

Yè, nou té fété nésans roua pou tout tan nou-an nan tan-an; jodi-a n-ap fété trionf soufrans sòlda-a.

Yè, réyèlman, Roua nou-an ki abiyé ak manto chè-a, antan li té soti nan chanm vant ki vièj la, li té aksépté vizité tè-a; jodi-a sòlda-a, antan-l soti nan tant kò-a an trionf li té vouayajé al nan sièl la.

Roua nou-an, antan sé li ki anro nèt, pou nou li vini antan-l rabésé, min li pa-t kapab vini san anyin. Li té poté sètènman gran kado pou sòlda-l yo, avèk kado sa yo li pa-t sèlman anrichi yo an kantité, min li té ba yo fòs tou pou yo batay san yo pa pèdi. Li té poté réyèlman kado charité-a, ki t-ap kondui moun yo al patisipé nan sa Bondié yé-a.

Sa-l té poté-a donk li té distribué-l; li pa-t diminué kichòy nan li, min yon fason ékstraòdinè, an minm tan li té anrichi provrété fidèl yo, épi li té rété li-minm tou plin ak trézò ki pap manké yo.

Charité-a donk ki té dépozé Kris la sot nan sièl la vîn sou tè-a, sé li-minm ki té lévé Étièn sot sou tè yo al nan sièl la. Charité-a ki té pran dévan nan roua-a, sé li minm ki apré sa té briyé nan sòlda-a.

Étièn donk, pou-l té mérité résévoua kouròn nan dapré non li, li té gin charité-a kòm zam épi pa lintèmédiè charité-a li té ranpòtè viktoua tout koté. Pa lintèmédiè charité Bondié-a li pa-t sédé bay Juif ki t-ap fè-l méchansté yo, pa lintèmédiè charité pou prochin-an li té intèsédé pou sa-k t-ap bay kout ròch yo. Pa lintèmédiè charité-a li t-ap diskité ak sa-k té pèdi rout yo pou yo té korijé; pa lintèmédiè charité-a li t-ap lapriyé pou yo pa pini sa-k t-ap bay kout ròch yo.

Antan puisans charité-a té soutni-l, li té ranpòté viktoua sou Sòl ki té vîn méchan ak raj épi sa-l té ginyin sou tè-a kòm pèsèkitè, li té mérité ginyin-l kòm konpagnon nan sièl la.

Charité-a minm ki sin-an ki pa bouké-a té dézire jouinn, antan l-ap priyé, moun sa yo li pa-t réyisi konvèti antan-l ba yo avètisman-an.

Épi min koulié-a Pòl kontan avèk Étièn, avèk Étièn l-ap joui klèté Kris la, avèk Étièn l-ap fété, avèk Étièn l-ap régné. Koté réyèlman Étièn pran dévan-an, antan kout ròch Pòl yo té touyé-l la, sé la Pòl té suiv, antan priyé Étièn yo té édé-l.

Ala yon lavi tout bon vré, frè-m yo, koté Pòl pa ront osijè touyé li touyé Étièn nan, min Étièn kontan osijè konpagni Pòl la, paské charité-a kontan nan toulèdè: Charité-a sètènman nan Étièn té dépasé méchansté Juif yo, charité-a nan Pòl té kouvri pakèt péché yo, charité-a nan toulèdè minm jan-an té mérité posédé ringn sièl yo.

Charité-a donk sé sous ak orijîn tout byin yo, défans sipériè, rout ki minnin nan sièl la. Moun ki maché nan charité-a, li pap kapab pèdi rout, ni li pap pè. Sé li minm [charité-a] ki dirijé, sé li minm ki protéjé, sé li minm ki kondui.

Sé poutèt sa, frè yo, paské Kris la té mété néchèl charité-a ki pou sèvi pou tout krétyin monté nan sièl la, kinbé ak fòs charité tout bon-an, pratikè-l youn aléga lòt épi antan n-ap fè progrè nan li, monté.

REPONS

R/. Jounin yè-a Granmèt la té pran nésans sou tè yo, pou Étièn té kapab pran nésans nan sièl yo; li té antré sou tè-a, * Pou Étièn té antré nan sièl la.

V/. Yè, roua nou-an, antan-l té abiyé ak manto chè-a, antan-l soti nan chanm vant ki vièj la, li té aksépté vizité tè-a. * Pou Étièn.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Christus est vita véniens in orbem*)

Kris la sé lavi ki vini sou ronm tè-a,
li résévoua kou ki blésé-l, li chaviré lanmò,
li rétownin adouat Papa-a, l-ap régné
koté-l chita anro-a.

Étièn an premié suiv li kòm sèvitè,
li dékoré ak tit déstiné sa-a,
sa byinvéyans Éspri Granmèt la
té ba li antan l-ap souflé-a.

Li kanpé, yo kalonnin-l ak yon lapli ròch,
li sipòté laraj lanmò-a ki vlé sal li-a,
pou ènmi yo li mandé padon antan-l pran pitié
ak kè ki gin rékonésans.

Antan n-ap kriyé, nou mandé-ou, ou minm ki béni an premié
kòm mati ak situayin ki asosié ak sa yo ki kòrèk yo:
ou minm ki nan sièl, ou éritié réjion ki kléré yo :
voyé favè yo.

Louanj gloua n-ap chanté pou Trinité ki sin-an
nou ki kontan kòm konpagnon mati yo,
sé li ki té bay Étièn poté premié kouròn yo
nan batay lanmò-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nanm mouin té kolé apré-ou, paské yo té kalonnin kò-m ak kout ròch poutèt ou, Bondié mouin.

Psòm dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Étièn té ouè sièl yo louvri, li té ouè épi li té antré : ala kontantman pou moun sa-a sièl yo louvri ba li-a.

Réf. 3 Min mouin ouè sièl yo louvri épi Jézu ki kanpé adouat pouvoua Bondié-a.

LEKTU KOUT

Tr Ap 6, 2b-5a

Sé pa nòm al pou nou kité paròl Bondié-a pou n-ap sèvi sou tab yo; égzaminé avèk atansyon réyèlman vré, frè yo, sèt mesié nan pami nou ki gin bon témouagnaj, ki plin ak Éspri épi ak sajàs, n-a instalé yo pou travay sa-a; kanta nou minm, n-ap pèsévéré nan priyè-a ak sèvis paròl la. Épi paròl la té fè tout foul la plézi.

RÉPONS KOUT

R/. Fòs mouin, * Épi louanj mouin sé Granmèt la. Fòs mouin.

V/. Li vîn tounin sovè-a pou mouin. * Épi louanj mouin sé Granmèt la. Viv Papa-a. Fòs mouin.

Pou *Benedictus* la, réf. Pòt sièl yo louvri pou sint Étièn, ki kouronnin an premié nan kantité mati yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo, Sovè nou-an, témouin fidèl la, pa lintèmédiè mati yo touyé yo poutèt paròl Bondié-a, an nou sélébré-l antan n-ap di byin fò :

Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té anbrasé lanmò-a libréman kòm témouagnaj lafoua-a,

— ba nou, Granmèt, véritab libèté éspri-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té déklaré lafoua-a jous nan san-an,

— ba nou, Granmèt, douati ak pèsévérans lafoua-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki antan yo sipòté koua-a té suiv tras ou,

— fè, Granmèt, nou sipòté tribilasyon lavi-a avèk kouraj.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té lavé rad yo nan san Mouton-an,

— fè nou ranpòté viktoua, Granmèt, sou tout pièj chè-a ak tè-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nou pran modèl sou sa n-ap sèvi-a, pou nou aprann rinmin ata ènmi yo tou, paské n-ap fété anivèsè sa-a ki té aprann priyé minm pou pèsékite yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a avèk réfrin yo, 416.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 10-11

Bondié tout gras la, li minm ki té rélé nou nan gloua tout tan-l nan nan Kris Jézu, apré nou ffin soufri yon ti kras, sé li minm k-ap fè nou ffin bon nèt, l-ap asiré nou, l-ap rann nou solid, l-ap ba nou fondasyon. Pou li otorité-a nan sièk sièk yo. Amèn.

V/. Ak rad ki fè plézi-a Granmèt la té abiyé-l.

R/. Épi li té mété kouròn bèlté-a sou tèt li.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT**

Jak 1, 12

Ala kontantman pou moun nan ki soufri tantasion-an, paské, lè l-ap fin bay prèv li, l-ap résévoua kouròn lavi-a, sa Bondié té promèt moun ki rinmin-l yo.

V/. Nan Bondié mouin té espéré.

R/. Mouin pap pè sa yon moun kapab fè-m.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Saj 3, 1-2a. 3b

Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé, touman lanmò pap touché yo. Dévan jé moun san sajàs yo, yo sanblé yo mouri ; époutan yo minm yo nan lapè.

V/. Antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt.

R/. Pandan y-ap poté zépi yo.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nou pran modèl sou sa n-ap sèvi-a, pou nou aprann rinmin ata ènmi yo tou, paské n-ap fété anivèsè sa-a ki té aprann priyé minm pou pèsékité yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Tout bagay nan oktav Nésans Granmèt la, tankou jou 26 désanm nan, 464.

Si yon koté yo t-a sélébré fè S. Étièn nan kòm solanité: imn nan, réfrin yo, léktu kout la épi répons la nan Louanj yo nan matin, 1283; psòm yo, kantik la épi priyé yo nan Komin mati yo, 1377.

27 désanm
S. JAN
Apot ak Évanjélis

Fèt

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua Apot yo, Granmèt la, vini, an nou adoré-l.
Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

Hymnus (*Virginis virgo veneránde custos*)

Ou minm vièj gadyin Vièj la yo doué vénéré-a
ki té sèvi anons Paròl la ak fidéлитé-a,
korijé mové zak sèvitè-ou yo,
Sin Jan.

Nan sous gran riviè k-ap jayi pou tout tan-an
ou-ap kouri al ladan-l, ou minm k-ap rasazié ronnn tè-a ki souaf la;
li tiré dlo an plin, yon fason pou-l bouè an premié,
kè ak kè.

Ou minm, onè éklatan tè-a ak sièl la,
mandé padon pou tonbé nou tonbé yo;
ba nou pou nou pénétré nan sakréman ki anro nèt la,
sa-ou té anségné-a.

Antan ou kontanplé Paròl kaché Papa-a
ou vidé lagras lafoua-a sou ronnn tè-a;
nou minm, pou nou kapab joui vizion tou tan-an,
poté nou travèsé, ou minm gid ki bon-an.

Onè ki anro nèt sé pou Kris la san rété,
li minm sint vièj Mari té anfanté-a,
li minm ak Papa-a minm jan ak Souf ki Sin-an
l-ap régné nan sièk yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Jan té rann Paròl Bondié-a témouagnaj, épi li té sèvi Jézu-Kri témouin osijè tou sa-l té ouè.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- ² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- ³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- ⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- ⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Jan té rann Paròl Bondié-a témouagnaj, épi li té sèvi Jézu-Kri témouin osijè tou sa-l té ouè.

Réf. 2 Sa-a sé disip la, sa-a Jézu té rinmin-an.

Psòm 63 (64)

Priyè kont ènmi yo

Plis pasé tout bagay yo montré valè soufrans Granmèt la nan psòm sa-a (S. Ogustin).

- 2 Bondié, kouté voua-m k-ap plinn ; *
 prézèvé nanm mouin sot nan krint ènmi-an.
- 3 Protéjé-m sot nan rasanbléman méchan yo, *
 sot foul moun yo k-ap fè méchansté-a.
- 4 Yo té filé lang yo tankou yon épé, †
 yo té ajusté flèch yo, sé paròl anpouazonnin, *
- 5 pou yo t-a tiré flèch an kachèt kont sa-k san répròch la.
 San-z-atann yo t-ap tiré flèch sou li, épi yo pa pè, *
- 6 youn té soutni lòt nan mové kòz la.
 Yo té antann yo pou yo kaché pièj yo, *
 yo t-ap di : « Kilès k-ap ouè yo ? ».
- 7 Yo té kalkilé méchansté, †
 yo réalizé plan yo fîn kalkilé-a. *
 Anndan moun nan ak kè-l sé yon trou san fon.
- 8 Sèlman Bondié tiré flèch sou yo ; †
 san-z-atann, yo pran gro kou, *
- 9 pròp lang yo fè yo fébli.
- 10 Tout moun k-ap ouè yo, y-ap souké tèt yo, *
 tout moun ap vîn pè ;

y-ap déklaré sa Bondié fè, *
y-ap konprann aksion-l yo.

- ¹¹ Moun ki kòrèk la ap kontan nan Granmèt la, l-ap espéré nan li, *
tout moun ki douat nan kè yo ap jouinn gloua.

Réf. Sa-a sé disip la, sa-a Jézu té rinmin-an.

Réf. 3 Sa-a sé Jan, li minm ki té apuiyé sou pouatrîn Granmèt la nan soupé-a: ala kontantman pou apot la, li minm yo révéle sékrè sièl yo ba li-a.

Psòm 98 (99)

Li sin Granmèt Bondié nou-an

Ou anlè Chéribin yo, ou minm ki chanjé mové kondision tè-a, lè ou té vîn fèt dapré résanblans nou-an (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Pèp yo ap frissonnir ; *
li chita anlè chéribin yo, tè-a ap tranblé.
- ² Granmèt la gran nan Siyon, *
li lévé byin ro anlè tout pèp yo.
- ³ Sé pou yo fè louanj pou non-ou ki gran, ki mérité respè, *
paské li sin.
- ⁴ Roua ki gin fòs la, li rinmin jistis : †
sé ou minm ki fiksé sa ki douat yo, *
jijman ak jistis, sé ou minm ki fè-l nan Jakòb.
- ⁵ Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré dévan éskabo pié-l, *
paské li sin.

- ⁶ Moyiz avèk Aaron, nan pami prèt li yo *
ak Samuèl nan pami yo, sa-k rélé non-l yo.
Yo té rélé Granmèt la, li minm li té réponn yo, *
- ⁷ nan kolòn nuaj la li t-ap palé avèk yo.
Yo té kinbé témouagnaj li yo, *
ak kòmandman li té ba yo-a.
- ⁸ Granmèt Bondié nou, ou té konn kouté yo ; †
Bondié, ou té konn padonnin yo, *
antan-ou té korijé lidé yo té fè.
- ⁹ Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré-l sou mòn li ki sin-an, *
paské li sin, Granmèt Bondié nou-an.

Réf. Sa-a sé Jan, li minm ki té apuiyé sou pouatrîn Granmèt la nan soupé-a: ala kontantman pou apot la, li minm yo révélé sékrè sièl yo ba li-a.

V/. Yo té rakonté louanj Granmèt la ak puisans li yo.

R/. Ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan prémié Lèt apot sin Jan-an

1, 1 — 2, 3

Paròl lavi-a épi limiè Bondié-a

^{1,1} Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a, sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, ² épi lavi-a té manifésté, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an. ³ Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm nou gin

kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri. ⁴ Épi bagay sa yo nou ékri yo nou minm pou kè kontan nou-an vîn an plin. ⁵ Min mèsaj la, sa nou té tandé sot nan Jézu-Kri-a épi sa nou té anonsé nou-an, sèké Bondié sé limiè, pa gin okinn ténèb nan li.

⁶ Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan ténèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité ; ⁷ min si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu-Kri, Pitit li-a, pròpté nou anba tout péché.

⁸ Si nou di nou pa gin péché, nou pran pròp tèt pa nou nan pièj, épi vérité-a pa nan nou. ⁹ Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nétouayé nou sot nan tout fot.

¹⁰ Si nou di nou pa fè péché, nou fè-l tounin mantè, épi paròl li-a pa nan nou.

^{2,1} Ti pitit mouin yo, mouin ékri nou bagay sa yo pou nou pa fè péché ; min si yon moun fè péché, nou gin yon avoka bò kot Papa-a, Jézu-Kri ki kòrèk la, ² li minm minm li sé padon pou péché nou yo ; pa pou pa nou yo sèlman, min tou pou pa tout tè-a.

³ Min kijan nou konnin nou rékonèt Jézu, sé si nou obsèvé kòmandman-l yo.

RÉPONS

1 Jn 1, 2. 4; Jan 20, 31

R/. Nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an; épi bagay sa yo nou ékri yo nou minm, * Pou kè kontan nou-an vîn an plin.

V/. Sa yo, yo ékri yo, pou nou kouè Jézu sé Kris Pitit Bondié ; épi pou antan nou kouè-a, nou gin lavi nan non-l. * Pou kè kontan.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sint Ogustin, évèk, nan Épit Jan-an
(Tract. 1, 1. 3: PL 35, 1978. 1980)

Lavi-a li-minm montré tèt li nan chè-a

Sa ki té la dépi nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo épi min nou yo té touché-a osijè Paròl lavi-a. Kilès ki touché Paròl la avèk min yo, si sé pa paské Paròl la vîn tounin chè épi li té abité nan nou ?

Paròl sa-a minm ki té vîn tounin chè-a, pou yo té touché-l ak min yo, li té kòmansé vîn tounin chè apati Vièj Mari: min sé pa lè sa-a Paròl la té kòmansé, paské li té di *sa-k té la nan kòmansman-an*. Gadé si Lèt li-a pa jouinn témouagnaj ak Évanjil li-a, koté talè-a nou sot tandé-a. *Nan kòmansman sé té Paròl la épi Paròl la té kot Bondié.*

Pètèt osijè Paròl lavi-a konsa yon moun t-a konprann tankou sé t-a yon fason pou palé osijè Kris la, min sé pa kò Kris la li-minm, sa yo té touché ak min yo. Gadé kisa ki suiv: *Épi lavi-a li-minm té montré tèt li*. Kris la donk sé Paròl lavi-a.

Épi koté li té montré tèt li-a? Li té la réyèlman dépi nan kòmansman, min li pa-t montré tèt li bay moun yo: li té montré tèt li poutan bay anj yo ki té ouè yo épi ki té manjé-l tankou pin yo. Min kisa sa-k Ékri-a di? *Moun nan té manjé pin anj yo.*

Donk lavi-a li-minm minm té montré tèt li nan chè-a; paské yo mété nan montré tèt la tou pou réalité-a kè-a sèlman kapab ouè-a, jé yo tou yo ouè-l, pou-l ka géri kè yo. Sé sèlman ak kè-a réyèlman yo ouè Paròl la: kanta chè-a yo ouè-l ak jé kò-a tou. Té gin mouayin pou nou té ouè chè-a, min pa-t gin mouayin pou nou té ouè Paròl la: Paròl la té vîn tounin chè, sa nou t-a kapab ouè-a, épi li té géri nan nou mouayin pou nou t-a ouè Paròl la.

Épi, jan-l di-a, sé témouin nou yé; épi nou anonsé nou lavi pou tout tan-an ki té kot Papa-a épi ki té montré tèt li nan nou, sa vlé di: li montré tèt li pami nou; sa yo t-a di pi klè, li montré tèt li ba nou.

Sa donk nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé nou li. Sé pou charité nou-an fè atansyon: Sa donk nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé nou li: yo minm yo té ouè Granmèt la li-minm prézan nan chè-a, épi yo té tandé paròl yo sot nan bouch Granmèt la, épi yo té anonsé nou. Épi nou minm minm nou té tandé, min nou pa-t ouè.

Èské nou gin mouins chans pasé yo minm ki té ouè épi ki té tandé-a? Épi kijan fè li té ajouté: Pou nou minm tou nou asosié avèk nou? Yo minm yo té ouè, nou minm nou pa-t ouè, époutan nou asosié; paské nou kinbé minm lafoua-a ansanm.

Épi asosié nou asosié-a sé avèk Bondié Papa-a épi Jézu-Kri Pitit li-a. Épi bagay sa yo, jan-l di-a, nou té ékri yo ba nou, pou kontantman nou-an kapab plin. Li di kontantman ki plin-an nan asosié nou asosié-a minm, nan charité-a minm, nan youn nou fè youn nan minm.

REPONS

R/. Sa-a sé Jan, li minm ki té apuiyé sou pouatrîn Granmèt la nan soupé-a: * Ala kontantman pou apot la, li minm yo té dévoualé sékrè sièl yo.

V/. Kouran dlo Évanjil la li té bouè yo sot nan sous pouatrîn sakré Granmèt la. * Ala kontantman.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn (*Cohors beáta Séraphim*)

Foul Sérafin yo ki sin-an
 ap fè louanj sa-a Kris la rinmin anpil la;
 troup pa nou-an ap réponn
 ak kantik k-ap imité yo.

Li aprann, sa-a ki vénérab la anségné-l,
 li minm koté Paròl la soti-a,
 pou-l plin vant manman-an,
 san-l pa kité vant Papa-a.

Sé chans pou ou, Jan :
 Mèt la ki prévouayan-an té chouazi-ou,
 pou-ou byin ouè bèl limiè Tabòr la
 ak chagrin jadin-an.

Yo sézi-ou nan bagay ki anlè nèt,
 ou konsidéré sékrè sièl la,
 ou égzaminé mistè Mouton-an tou
 ak mistè Égliz la.

Ou minm ki résévoua lonè pou vîn pitit Vièj la,
 ou minm ki vîn apré non ki ro-a,
 minnin nou kòm pitit bay Manman-an,
 kaché nou nan léstomak Kris la.

Gloua ki gran anpil pou Paròl la,
 li minm ki vîn tounin chè-a épi nou kouè-a,
 ansanm ak Papa-a ak Éspri-a rékonfò-a
 pou sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Jan ki vièj, Apot ak Évanjélis, Granmèt la chouazi-l, épi li rinmin-l plis pasé lèt yo.

Psòm dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Sa-a sé Jan, li minm ki vièj, sé li minm Granmèt la sou koua-a té rinmèt Manman-an ki Vièj la.

Réf. 3 Disip sa-a Jézu té rinmin-an, li té di: Sé Granmèt la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 19-20

Piè ak Jan réponn, yo di yo : « Si sa kòrèk dévan fas Bondié pou nou kouté nou pasé Bondié, jijé sa; nou minm nou pa kapab pa di sa nou té ouè ak sa nou té tandé ».

RÉPONS KOUT

R/. Ou instalé yo kòm chèf * Sou tout tè-a. Ou instalé.

V/. Y-ap sonjé non-ou, Granmèt, * Sou tout tè-a. Viv Papa-a. Ou instalé.

Pou *Benedictus* la, réf. Paròl la té vîn tounin chè, épi li té abité nan nou, épi nou té ouè gloua li-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasion Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lèvé sot nan pami mò yo parèt an prémié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Papa, ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout kréati.

Papa, ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Papa, ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ki té louvri sékrè Paròl ou-a ba nou pa lintèmédiè apot sin Jan, fè nou favè, tanpri, pou, sa li minm li té vidé nan zòrèy nou si tèlman byin-an, nou sézi-l avèk fòmasyon intélizans ki gin kapasité. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pèsòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a avèk réfrin yo, 416.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 19b-20

Bondié té mété paròl rékonsiliation-an nan nou. Pou Kris la donk nou sèvi komisionè, sé tankou si sé Bondié k-ap bay ankourajman pa lintèmédiè nou : n-ap insisté pou Kris la, kité yo rékonsilié nou avèk Bondié.

V/. Nan tout tè-a son yo té soti.

R/. Jous nan limit ronnn tè-a paròl yo rivé.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 12a. 14

Pa lintèmediè min Apot yo té gin anpil sign ak prodij ki t-ap fèt nan pèp la. Yo t-ap vîn pi plis minm, foul gason ak fi ki té kouè nan Granmèt la.

V/. Mouin té kinbé témouagnaj Bondié yo.

R/. Ak kòmandman-l yo.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 41-42

Apot yo té pati tou kontan sot dévan tribinal la, paské yo té konsidéré yo alarotè pou yo soufri mové trétman pou non-an; épi chak jou nan tanp la ak alantou kay yo pa-t sispann ap bay ansègnman épi ap anonsé bòn nouvèl Jézu sé Kris la.

V/. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, sé sa Granmèt la di.

R/. Paské non nou yo ékri nan sièl yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Tout bagay nan oktav Nésans Granmèt la, tankou jou 27 désanm nan, 466.

Si yon koté yo t-a sélébré fè S. Jan-an kòm solanité: imm nan, réfrin yo, léktu kout la épi répons la nan Louanj yo nan matin, 1295; psòm yo, kantik la épi priyè yo nan Komin Apot yo, 1400.

28 désanm
S. INOSAN YO
Mati

Fèt

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la ki pran nésans la, li minm ki té kouronnin Inosan yo ki mati yo, vini, an nou adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Hymnum canéntes mártýrum*)

Antan n-ap chanté imn
an nou déklaré mati Inosan yo,
sa yo tè-a té pèdi ak dlo nan jé,
min sièl la résévoua yo ak kè kontan;

Sa yo roua san pitié-a té touyé-a,
min Kréatè-a ki gin bon kè ranmasé yo,
antan-l mété yo nan kontantman ansanm avèk li
nan limiè rouayòm pou tout tan-an.

Li té kléré pou Kris la yon fason ékstraòdinè
lanmò inosan fidèl yo;
anj yo t-ap poté nan sièl yo
timoun dézan yo ak pi piti yo.

Ala kontantman pou vil sa-a,
koté Rédanmtè-a pran nésans la,
épi antan-l pran nésans la sé premié sakrifis
mati yo ki déklaré ladan-l!

Yo rété kanpé antan rad yo ap briyé tankou zèklè
 dévan trôn nan koulié-a,
 yo minm ki té lavé rad yo
 tou rouj ak san Mouton-an.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Pitit ou yo tankou mouton, yo t-ap vòltijé, antan y-ap chanté louanj ou, Granmèt, ou minm ki té libéré yo-a.

Psòm nan Komin Mati yo, 1411.

Réf. 2 Yo minm sé sa yo rachté sot nan pami moun yo, kòm premié frui pou Bondié ak Mouton-an: yo san tach dévan trôn Bondié-a.

Réf. 3 Kè kontan tout tan sou tè yo: kontantman ak fèt y-ap jouinn, épi soufrans ak plint ap pati.

V/. Sin yo t-ap chanté yon kantik nouvo dévan fotèy Bondié-a ak Mouton-an.

R/. Tè-a t-ap rézonnin ak voua yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Égzòd

1, 8-16. 22

Masak timoun Ébré yo nan Éjip

Nan jou sa yo : ⁸ Yon nouvo roua lévé Éjip, li pa-t rékonèt Jozèf ; ⁹ li di pèp li-a : « Gadé, pèp pitit Israèl yo vîn anpil, li vîn pi fò pasé nou : ¹⁰ an nou ouè, an nou aji ak pridans, pou-l pa vîn pi plis, pou si gin lagè kont nou, li pa gonflé kan ènmi nou yo, pou-l pa batay kont nou, pou-l pa sòti nan péyi-a ». ¹¹ Li mété chèf travay sou yo, pou yo fè yo pasé mati anba gro travay ; yo bati vil abitasion Faraon yo, Pitom ak Ranmsès. ¹² Plis yo t-ap fè yo pasé mati, sé plis yo t-ap vîn anpil, yo t-ap dévlopé. ¹³ Éjipsyin yo té rayi pitit Israèl yo, yo t-ap fè yo pasé mati, yo t-ap pasé yo nan jouèt ; ¹⁴ yo t-ap fè lavi yo vîn anmè ak travay ki rèd pou préparé tè pou fè brik, ak tout kalité travay yo fè pézé sou yo nan travay tè-a.

¹⁵ Fi yo ki t-ap fè akouchman madam Ébré yo, non youn sé té Sifra, non dézièm nan sé té Poua. Roua Éjip la palé avèk yo. ¹⁶ Li di : « Lè n-ap fè akouchman madanm Ébré yo, gadé byin sou dé ròch yo; si sé yon ti gason li yé, fè-l mouri; si sé yon ti fi li yé, nou mèt kité-l viv ».

²² Faraon pasé tout pèp li-a lòd, li di : « Tout gason ki fèt, jété-l nan riviè-a ; si sé fi, kité-l ».

RÉPONS

Iz 65, 19; Ap 21, 4. 5

R/. M-ap kontan nan pèp mouin-an: * Yo pap tandé voua kriyé ankò ladan-l, ni voua rèl.

V/. Pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò. Min mouin fè tout bagay nouvo. * Yo pap tandé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Quodvultdéus, évèk

(Sermo 2 de Symbolo: PL 40, 655)

Yo poko minm palé épi yo fè déklarasyon pou Kris la

Li pran nésans ti bébé toupiti-a, gran Roua-a. Gin maj ki sot louin ki vîn rivé; yo vini pou yo adoré sa-a ki kouché nan krèch la, min k-ap régné nan sièl la ak sou tè-a. Antan maj yo anonsé Roua-a ki pran nésans la, Éròd troublé, épi pou-l pa pèdi ringn li-an li vlé touyé-l, Sa-a minm si-l té kouè nan li-a, ni isit la li t-ap asiré, ni nan lavi ki san fin-an li t-ap régné.

Kisa-ou pè Éròd paské ou tandé Roua-a pran nésans la? Li pa vini pou-l rétiré-ou, min pou-l ranpôté viktoua sou djab la. Min ou minm antan ou pa konprann bagay sa yo ou troublé épi ou aji ak méchansté; épi pou détrui yon sèl ou-ap chèché-a, pa lintèmediè lanmò kantité ti bébé sa yo, ou tounin kriminèl.

Sa pa fè-ou rékilé ditou, tandrès manman k-ap kriyé yo, oubyin dèy papa yo k-ap antéré pitit yo, ni rèl ak jémisman ti bébé yo. Ou touyé sa-k toupiti nan kò yo-a, paské krint la touyé-ou nan kè-a; épi ou pansé si ou réalizé sa-ou anvi-a, ou-ap kapab viv lontan, lè sé Lavi-a li-minm ou-ap chèché touyé.

Li minm poutan, sous lagras la, toupiti-a épi gran-an, ki kouché nan krèch la, li fè trôn ou-an pè: li aji pa lintèmediè-ou antan ou pa konnin rézon-l yo, épi li libéré nanm yo sot nan prizon djab la. Li té résévoua pitit ènmi yo nan kantité sa yo adopté yo.

Sa-k toupiti yo mouri pou Kris la san yo pa konnin, paran yo kriyé pou mati yo k-ap mouri yo: li minm Kris la, antan yo pa-t ko palé, li fè yo vîn tounin bon kalité témouin li. Min kijan li régné, li minm ki té vini pou-l régné konsa. Min libératè-a déjà bay libérasion-an, épi Sovè-a bay sovè li sovè nou-an.

Kanta ou minm Èròd, san ou pa konn sa, ou troulé épi ou vîn méchan; épi pandan ou-ap fè méchansté kont sa-k toupiti-a, ou déjà ap ofri-l vénérasyon, épi san ou pa konnin.

Ala li gran kado gras la! Pa lintèmediè ki mérit pa yo, pou ti bébé yo t-a gin posibilité ranpôté kalité viktoua sa-a? Yo pa ko minm palé épi yo fè déklarasyon pou Kris la. Yo pa ko minm kapab pran batay ak mouvman manb yo, époutan yo déjà ap poté ramo viktoua-a.

REPONS

Cf. Apokalips 5, 14; 4, 10; 7, 11

R/. Yo té adoré sa-a k-ap viv pou tout tan gin tan-an. * Antan yo t-ap voyé kouròn yo dévan trôn Granmèt Bondié yo-a.

V/. Épi yo té lagé kò yo sou fas yo dévan trôn nan, yo t-ap béni Sa-a k-ap viv pou tout tan gin tan-an. * Antan yo t-ap voyé kouròn yo.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Audit tyránnus ánxius*)

Chèf méchan-an gin kè soté lè-l tandé
prins tout roua yo vini,
li minm k-ap dirijé non Israèl la
épi k-ap kinbé pouvoua-roua David la.

Li dékontrolé, li rélé byin fò bay mésajé-a :
« Sa-a k-ap nan plas nou-an li la, y-ap mété nou déyò;
gad yo, alé, pran épé,
binyin bèso yo ak san ! »

Sa tout kalité méchansté sa yo ap sèvi ?
 Ki krim k-ap édé Èròd ?
 Yon sèl nan tout lanmò sa yo
 ki chapé san problèm, sé Kris la.

Salu pou nou, flè mati yo,
 lè nou té fèk ap ouè limiè-a minm
 sa-a ki t-ap rapousuiv Kris la té pran nou,
 tankou yon gro kout van pran roz ki fèk fèt.

Nou minm prémié viktim pou Kris la,
 bann mouton ki tou délika pou sa k-ap sakrifé yo,
 nou tou sinp anba lotèl la minm,
 n-ap joué ak branch palm yo ak kouròn yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Y-ap maché avèk mouin an blan, paské yo mérité sa, sé sa Granmèt la di.

Psòm dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Ti moun tou piti yo ap fè louanj pou Granmèt la; antan yo mouri y-ap préché, sa yo pa t-a kapab fè lè yo t-ap viv.

Réf. 3 Nan bouch ti bébé ak sa ki nan tété, ou fè louanj la fîn apouin akòz ènmi-ou yo.

LÉKTU KOUT

Jér 31, 15

Yon voua yo tandé nan Rama, plint, dlo nan jé Rachèl k-ap kriyé sou pitit li yo, li réfizé konsolé sou pitit li yo, paské yo pa égzisté ankò.

RÉPONS KOUT

R/. Sin yo ak sa-k kòrèk yo, * Sé pou tout tan y-ap viv. Sin yo.

V/. Épi sé kot Grammèt la rékonpans yo yé. * Sé pou tout tan y-ap viv. Viv Papa-a. Sin yo.

Pou Benedictus la, réf. Yo té touyé ti bébé inosan yo poutèt Kris la, sé roua méchan-an ki té fè ti moun nan tété yo mouri: y-ap suiv Mouton san tach la li minm, épi tout tan y-ap di : Gloua pou ou, Grammèt.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Gloua Kris la sé pou nou sélébré-l, li ki san zam nan min-l, min avèk lame tou blan timoun yo, té ranpòté viktoua sou tiran-an, épi an nou di byin fò :

Ou minm lamé mati yo ki tou blan-an ap fè louanj ou.

Ou minm Kris la, ti moun piti Inosan yo té ran ou témouagnaj san yo pa palé, min ak san yo,

— fè nou déklaré rékonèt-ou dévan moun yo ni avèk paròl ni avèk aksion.

Ou minm ki té fè sa yo ki pa-t ko kapab al nan batay, déjà mérité ramo viktoua-a,

— nou minm ki anrichi ak kantité sékou viktoua sa yo, pa kité nou sikonbé.

Ou minm ki té lavé rad Inosan yo ak san-ou nan,

— pròpté nou anba tout péché.

Ou minm ki té voyé ti moun piti ki mati yo nan sièl la davans kòm premié frui rouayòm ou-an,

— pa kité yo chasé nou sot nan sal résépsion pou tout tan-an.

Ou minm ki, lè-ou té ti bébé, té konnin pèsékision épi égzil,
 — prèzèvé ti bébé yo ki an danjé akòz grangou oubyin lagè oubyin
 katastròf.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Bondié, ou minm jodi-a Inosan mati yo proklamé louanj ou-a san yo
 pa palé min antan yo mouri-a, fè nou favè, tanpri, pou lafoua-ou la, sa
 lang nou ap palé-a, nan konduit nou tou lavi nou montré-l. Pa pouvoua
 Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou sémèn ki tonbé-a avèk réfrin yo, 416.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Lam 1, 16

Mouin minm antan m-ap kriyé, épi jé-m ap koulé dlo; pitit mouin yo
 dézolé, paské ènmi-an té pran fòs.

V/. Ak rad ki fè plézi-a Granmèt la té abiyé-l.

R/. Épi li té mété kouròn bèlté-a sou tèt li.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Cf. Lam 2, 11

Jé-m té fébli ak dlo kriyé, zantray mouin té boulvèsé ; pandan ti bébé
 ak sa-k nan tété t-ap mouri sou laplas vil la.

V/. Moun kòrèk yo minm sé pou tout tan y-ap viv.

R/. Épi kot Granmèt la rékonpans yo yé.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Jér 31, 16a. 17a

Sispann rèl ou-a, pa kriyé, sispann kité dlo koulé sot nan jé-ou, paské gin rékonpans pou travay ou-a. Gin éspérans pou sa k-ap rivé-ou alafin, sé Granmèt la di.

V/. Sin yo ap fété nan gloua-a.

R/. Y-ap réjoui nan kabann yo.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Tout bagay nan oktav Nésans Granmèt la, tankou jou 28 désanm nan, 468.

Si yon koté yo t-a sélébré fè S. Inosan yo kòm solanité: imn nan, réfrin yo, léktu kout la épi répons la nan Louanj yo nan matin, 1303; psòm yo, kantik la épi priyè yo nan Komin mati yo, 1377.

29 désanm
S. TOMA BÈKÈT
Évèk ak Mati

Pou Rapèl

Li té fèt Londr nan ané 1118; li té nan klèjé Kantòbèri épi li vîn chansélié roua-a. Nan ané 1162 yo té chouazi-l kòm évèk. Li défann doua Égliz la avèk kouraj kont roua Anri II, sé pou sa yo té fòsè-l al an égzil an Frans pandan sis ané. Lè-l tounin nan patri-a, li té sipòté anpil bagay ankò, joutan gad roua yo touyé-l nan ané 1170.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Toma Békèt, évèk

(Epist. 74: PL 190, 533-536)

Yon moun pa kouroné si li pa batay jan sa doué fèt

Si nou pran souin pou sa yo di nou yé-a sé sa nou yé, épi nou vlé konnin signifikasion non nou-an, nou minm yo rélé évèk yo épi gran prêt yo, nou doué konsidéré ak yon atansyon san rété épi pran modèl sou tras sa Bondié té établi kòm Gran Prèt pou tout tan-an, li minm ki té ofri pròp tèt pa-l bay Papa-a pou nou sou lotèl koua-a, épi antan l-ap konsidéré san rété apati koté l-ap gadé nan anro sièl yo nèt aksyon avèk intansyon aksion tout moun yo, alafin l-ap rimmèt chak moun dapré travay li.

Nou té pran plas li réyèlman nan administré tè-a, nou té rivé ginyin gloua non-an, onè dignité-a, épi nou té posédé frui travay spirituèl yo pou yon tan, antan nou vini apré Apot yo ak mésié ki té avèk Apot yo nan tèt Égliz yo, pou sèvis nou-an détrui dominasion péché-a ak lanmò-a, épi antan l-ap dévlopé ansanm nan lafoua ak progrè bon kalité yo, kay Kris la ap bati-a grandí nan yon tanp ki sin nan Granmèt la.

Épi sètènman kantité évèk yo anpil. Nan konsékrasion-an nou té promèt pou nou okipé anségné épi nourri épi byin pran souin avèk atansyon épi chak jou n-ap déklaré sa ak paròl, min pa pito lafoua promès la t-a rivé grandi apati témouagnaj aksyon yo. Rékòlt la anpil vré, yon sèl oubyin kèk pa t-a kont pou ranmasé-l épi rasanblé-l nan dépo Granmèt la.

Kilès poutan ki t-a douté Égliz Ròm nan sé tèt tout Égliz yo épi sé sous doktrîn katolik la? Kilès ki pa konnin sé Piè yo té rinmèt klé rouayòm sièl la? Èské sé pa nan lafoua ak nan doktrîn Piè-a tout chapant Égliz la rété kanpé ansanm, joutan nou tout al rankontré Kris la nan moun ki fîn apouin nèt la, pou nou fè yon sèl nan lafoua-a épi nan konésans Pitit Bondié-a?

Li nésésè sètènman pou gin anpil moun k-ap planté, anpil k-ap rouzé, paské avansman paròl la égzijé sa, épi éljajisman pèp yo, puiské ansyin pèp la tou, li minm yon sèl lotèl té asé pou li, li té nésésè pou-l ginyin plizyè anségnan, ni koulié-a nan rasanbléman ak gran kantité pèp k-ap rivé yo, yo minm Liban-an pa kont pou mét difé, épi bèt Liban yo, non plis, min ni tout Judé-a pa kont pou sakrifis yo boulé toutantié-a.

Min ninpòt kilès ki rouzé oubyin planté, Bondié pa fè anyin grandi, sof pou sa ki té planté nan lafoua Piè-a épi ki répozé nan lafoua li-a.

Sé ak rézon yo ranvouayé pi gran jijman pèp yo ba li, pou Pontif Romin-an égzaminé épi antan sé anba li yo dispozé administratè Égliz la ki manman-an, nan mézi yo fè yo vini nan yon pati okipasion-an, yo égzèsé pouvoua yo konfié yo-a.

Sonjé anfin kijan papa nou yo té sové, kijan épi pa lintèmédiè ki tribilasyon Égliz la té dévlopé épi té agrandi; ki tanpèt batiman Piè-a té travèsé, batiman sa-a ki gin Kris la k-ap kondui-l; nan ki fason yo rivé nan kouròn, sa lafoua yo-a ap briyé pi klè sot nan tribilasyon-an.

Sé konsa foul tout sin yo ap avansé, pou sa toujou vré, paské yon moun pa kouroné si li pa batay jan sa doué fèt.

REPONS

R/. Granmèt la té kouroné-ou ak kouròn jistis la: * Li té vlopé-ou avèk rad gloua li-a, épi Bondié, Sin Israèl la, abité nan ou.

V/. Sé bon konba-a ou té batay, ou té fini kous ou-a, kouròn jistis la rézèvé pou ou. * Li té vlopé-ou.

IMN *Te Deum*, 707.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Sa ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap kinbé-l pou lavi tout tan-an.

Pou Vèp yo

Réf. Nan rouayòm sièl yo, sin yo abité, épi sé pou tout tan y-ap répozé.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té bay sin Toma mati, gras pou-l bay lavi-l avèk gran kouraj pou jistis la, fè nou favè gras a intèsésion-l pou nou rénonse lavi nou pou Jézu-Kri nan sièk sa-a, pou nou kapab jouinn li nan sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

31 désanm
S. SILVÈS PRÉMIE
Pap

Pou rapèl

Li sakré Évèk Égliz Ròm nan nan ané 314, li dirijé Égliz la sou Konstantin le Gran. Nan tan sa-a, Donasyin yo ki té fè bann apa yo épi Aryin yo ki t-ap préché kont ansègnman Égliz la, yo té provoké anpil dézas. Li mouri nan ané 335 épi yo antéré-l nan simitiè Prisil la, sou rout Salaria.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Istoua Ékléziastik Euzèb de Sézaré, évèk

(Lib. 10, 1-3: PG 20, 842-847)

Osijè lapè Konstantin-an

Osijè tout bagay, gloua pou Bondié ki gin tout pouvoua épi ki roua tout bagay; rémèsiman tou pou Jézu-Kri sovè ak rédanmtè nanm nou yo, pa lintèmediè li-minm n-ap priyé pou lapè-a solid épi li diré épi pou-l konsèvé lib ni parapò a bagay ékstériè yo ni parapò a tout dézagréman nanm nan épi tout sa k-ap troublé-l.

Déja yon jou trankil épi klè, ki pa gin okinn nuaj noua k-ap kouvri-l, t-ap kléré Égliz Kris la ki gayé sou tout tè-a ak klèté limiè sièl la. Sa té pèmèt tou pou minm sa yo ki té étranjé parapò a group rélijion nou-an, si yo pa t-ap joui minm jan ansanm avèk nou, min sètènman yo té résévoua kèk pati épi tankou yon débòdman byin sa yo, sa Bondié té pran souin nou avèk yo-a.

Kanta nou minm sitou réyèlman ki mété tout éspoua nou nan Kris la, yon kalité kè kontan yo pa t-a kouè té nan nou, épi yon kalité réjouisans ki sot nan Bondié t-ap réyoné sou tout figi, lè nou té ouè tout koté mank respè tiran yo détrui yo kèk tan anvan, té tounin viv tankou sé sot anba yon déstriksion ki té diré épi ki té yon dézas, épi légliz yo yon lòt foua té lévé sot dépi fondasion rivé nan yon rotè ki dépasé mézi, épi yo té kléré nan kult la avèk yon ékla ki té pi gran lontan pasé sa yo t-ap konbat anvan-an.

Réyèlman spékta la nou té souété-a épi nou té anvi-a, yo té ofri nou li, sètadi fèt dédikas nan chak vil, épi konsékrasion légliz ki fèk bati.

Pou fè sa, évèk yo té rasanblé, pèlrin ki sot lòt koté épi nan réjion ki ékaté byin louin t-ap vini; charité pèp yo ansanm ak byinvéyans youn pou lòt t-ap mété ansanm nan yon sèl asanblaj avèk manb Kò Kris la.

Sé pousa dapré sa profèt la té déklaré-a, koté bagay ki té gin pou vini yo té anonsé davans anba kèk imaj sékrè: *Zo t-ap anbouaté ak zo épi jouintu ak jouintu*, épi ninpòt lòt bagay minm paròl profétik la té vrèman sètènman anonsé anba fènoua anvlop paròl yo.

Sé té yon sèl puisans Éspri Bondié-a ki t-ap alé-vini nan pami tout manb yo ansanm ; yon sèl nanm tout moun; minm élan lafoua-a; yon sèl akò pou yo tout ki t-ap sélébré Bondié avèk imn yo.

Déja réyèlman vré sérémoni évèk yo ki té byin fèt anpil épi sakrifis prèt yo ki té fèt avèk souin épi tout rit Égliz la ki sot nan Bondié épi ki sin yo, isit la psòm sa k-ap chanté yo épi sa yo k-ap kouté paròl ki rété yo Bondié transmèt ba nou yo; lòt bò-a, sa yo ki pral nan sèvis Bondié ki kaché yo. Yo t-ap transmèt tou sinbòl mistè soufrans ki sovè nou-an.

Anfin, yon foul moun mélanjé tout laj ni gason ni fi, antan yo konsantré ak tout kè nan priyè yo ak aksion-d-gras yo, ak pi gran kè kontan nanm yo t-ap vénéré Bondié ki fè tout byin yo.

RÉPONS

Kol 3, 15; Gal 3, 28; Ps 149, 1

R/. Sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou yo, sé ladan-l yo té rélé nou tou nan yon sèl kò ; épi sé pou nou di mèsì. * Nou tout réyéلمان sé yon sèl nou yé nan Kris la.

V/. Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; louanj li nan asanblé sin yo. * Nou tout.

IMN *Te Deum*, 707.

Pou Louanj yo nan matin

Pou *Benedictus* la, réf. Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm.

Priyè-a

Poté pèp ou-a sékou, Granmèt, gras a intèsésion pap sin Silvès k-ap soutni-l, pou antan l-ap travèsé lavi sa-a anba diréksion-ou, li mérité jouinn lavi ki pap janm fini-an avèk kè kontan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JANVIÉ

1é Janvié
 Uitièm jou Nésans Granmèt la
 S. MARI MANMAN BONDIÉ

Solanité

Oùè 511

2 janvié
 SS. BAZIL LE GRAN AK GRÉGOUA NAZIANZ,
 Évèk ak Savan Égliz la

Mémoua

Bazil fèt Sézaré nan Kapadòs nan ané 330 nan yon fanmi krétyin ; li té savan nan literatu, li té kléré nan bèl kalité, li antré nan lavi dézè-a, min nan ané 370 yo fè-l évèk lavil li-a. Li batay kont Aryin yo ; li ékri anpil bagay yon fason ékstraòdinè, spésialman règ mouàn yo, anpil monastè an Orian jous koulié-a toujou y-ap suiv yo ; li déplouayé gran aktivité pou-l édé pòv yo. Li mouri nan ané 379, jou premié janvié.

Grégoua té fèt minm ané 330 la, toupré Nazianz, li vouayajé anpil pou-l rivé jouinn sians. Li té suiv Bazil nan dézè-a, min yo sakré-l prèt épi évèk. Nan ané 381 yo chouazi-l kòm évèk Konstantinòpl ; min, akòz group k-ap chiré Égliz li-a, li tounin Nazianz, koté-l mouri jou 25 janvié 389 oubyin 390. Poutèt anségnman ékstraòdinè-l avèk fasilité li té gin pou-l palé, yo rélé-l : *téolojyin-an*.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461, oubyin Komin Doktè (Savan sakré) Égliz-la, 1501.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Grégoua de Nazianz, évèk

(Oratio 43, in laudem Basilii Magni, 15. 16-17. 19-21: PG 36, 514-523)

Tankou yon sèl nanm k-ap poté dé kò

Yo té ginyin nou Atèn, tankou dlo yon gran riviè k-ap koulé, soti nan sous minm patri-a ki divizé al nan diféran réjion poutèt souaf konésans la épi yon lòt foua ankò yo maché ansanm, tankou apati yon rékonpozision, sètadi antan Bondié pousé sa fèt.

Lè sa-a donk gran Bazil mouin-an, sé pa sèlman mouin minm ki té suiv li avèk admirasion poutèt mouin t-ap obsèvé ni jan li té sérié nan kondit li yo, ni jan li té réfléchi yon fason ékilibré épi ak prudans; min lòt yo tou, ki pa-t ankò konnin-l, mouin t-ap konvink yo pou yo fè minm jan-an. Réyèlman anpil moun admiré-l tousuit poutèt rénomé-l ak sa yo té tandé sou li ki té déjà pran dévan-l.

Apati sa, kisa ki té rivé? Li minm sèl prèské nan pami tout moun ki té vini Atèn pou étudié, li té chapé anba règ jénéral la antan li rivé jouinn pi gran onè pasé kondision sa-k fèk rivé yo té sanblé ginyin-an. Bagay sa-a sé té yon préparasion pou zanmi nou t-ap zanmi-an; sé la étinsèl rapò séré nou-an; konsa youn té vîn rinmin lòt.

Antan tan-an t-ap avansé, youn té déklaré lòt sa nou té anvi-a épi filozofi-a sé sa nou t-ap chèche jouinn, lè sa-a réyèlman vré déjà youn té tout bagay pou lòt, nou té nan minm kay, nou té manjé ansanm, nou té antann nou, antan sé yon sèl minm bagay nou t-ap konsidéré, antan nou t-

ap mété ansanm chak jou ak plis chalè épi pi fèm sa nou té anvi youn aléga lòt.

Sa-k t-ap kondui nou sé yon égal espérans konésans la, sètadi réaltité ki pi dézirab anlè tout; époutan pa-t gin jalouzi, min chèché égal ak lòt la té gin valè. Sa-a sé té konba toulèdé, non pa pou youn té pran premié plas, min pou youn té sédé premié plas la bay lòt la: toulèdé réyèlman té pran loua lòt la kòm pa-l.

Sanblé pou toulèdé sé té yon sèl nanm k-ap poté dé kò. Paské si sé yon ti kras konfians yo t-a doué ginyin nan sa yo ki di tout bagay anndan tout bagay; kanta pou nou sètènman nou doué kouè, toulèdé té rété nan lòt la épi bò kot lòt la.

Pou ni youn ni lòt, sèl travay ak sèl pasion ki té ginyin sé té vèrtu-a, épi viv pou espérans k-ap vini-an épi konparé nou konsa pou anvan nou kité lavi sa-a nou pasé al ladan-l. Sa réyèlman antan nou té mété-l dévan jé nou, nou t-ap dirijé lavi nou ak tout aksion nou yo, ni antan nou suiv lòd Bondié yo, ni antan youn pou lòt nou révéyé éfò vèrtu-a; épitou, si sa pa t-a parèt trò arogan pou di, toulèdé nou té règléman ak modèl youn pou lòt, pou distingé sa-k douat ak sa-k krochi.

Épi kòm gin kèk non pou youn ak pou lòt, yo résévoua soua sot nan paran yo soua apati pròp tèt yo, sa vlé di, yo vîn ginyin apati pròp éfò yo épi konpòtman yo: pou nou okontrè gran bagay la épi gran non-an sé té ni viv krétyin épi poté non-an.

REPONS

Dan 2, 21-22; 1 Kor 12, 11

R/. Granmèt la bay saj yo sajès la épi sa yo ki konprann disiplîn nan, sians la: * Li minm li révélé sa-k fon yo ak sa-k kaché yo épi limiè abité avèk li.

V/. Tout bagay sa yo, sé yon sèl minm Éspri-a ki fè yo, antan-l séparé bay chak moun nan mézi li vlé. * Li minm.

Pou Louanj yo nan matin

Pou Benedictus la, réf. Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo.

Pou Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Sa ki té fè épi ki té anségné, sé gran y-ap rélé-l nan rouayòm sièl yo.

Priyè-a

Bondié, ki aksépté kléré Égliz ou-a avèk égzanp ak ansègnman évèk sin Bazil ak sin Grégoua, fè nou favè, tanpri, pou nou aprann vérité-ou nan imilité, épi pou nou réalizé-l avèk fidéлитé nan charité. Pa pouvoua Jézu-Kri.

3 janvié TRÈ SIN NON JÉZU

Tout bagay nan jou-a, éksépté sa-k suiv la yo:

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Bèrnardin de Sièn, prèt

(Sermo 49, cap. 1: Opera Omnia, IV, 495ss.)

Gran fondasion lafoua-a sé Non Jézu-a

Sa-a réyèlman sé trè sin Non sa-a, li minm ansyin papa yo té anvil anpil la, sa yo t-ap tann ak anvil kè séré-a, sa ki té pronlonjé ak anvil fatig, sa yo t-ap rélé ak anvil plinyin-an, sa yo té mandé ak anvil dlo nan jé-a, min nan tan gras la, yo té bay li ak mizérikòd. Kaché, tanpri, non puisans la, sé pa pou yo tandé non vanjans la, sé pou yo kinbé non jistis la. Ba nou non mizérikòd la, sé pou non Jézu-a rézonnin nan zòrèy mouin yo, paské lè sa-a, réyèlman vré, voua-ou dous épi figi-ou anbéli.

Sé poutèt sa gran fondasion lafoua-a sé Non Jézu-a ki fè pitit Bondié yo. Lafoua rélijion katolik la réyèlman sé nan konésans Jézu-Kri li chita épi nan limiè-a ki limiè nanm nan, pòt lavi-a, fondasion sovè nou sovè pou tout tan-an. Bagay sa-a si yon moun pa t-a ginyin-l oubyin t-a kité-l, sé kòm si l-apralé san limiè nan fènoua nannuit la épi jé fèmin l-ap tonbé tèt anba nan danjé-a, épi kèlkésoua rotè rézon l-ap kléré avè-l la, sé yon gid avèg l-ap suiv, lè pou-l konprann sékrè sièl yo sé pròp intèlijans li l-ap suiv, oubyin, antan li néglijé fondasion-an, l-ap rédi pou-l bati kay la, oubyin antan li kité pòt la li vlé antré atravè tèt kay la. Fondasion sa-a donk sé Jézu, limiè-a épi pòt la, k-ap montré tèt li kòm chémin bay sa ki pèdi rout yo, li té prezanté limiè lafoua-a bay tout moun, pa lintèmédiè-l Bondié yo pa konnin-an yo kapab chèché-l, sa yo chèché-a y-ap kouè-l, sa yo kouè-a y-ap jouinn li. Fondasion sa-a soutni Égliz la ki fabriké nan non Jézu. Non Jézu sé klèté prédikatè yo, paské li fè paròl yo-a sé tankou limiè li kléré, yo anonsé-l, yo tandé-l. Épi ki koté ou pansé sa soti pou tout tè-a vîn ginyin kantité limiè lafoua sa-a épi tèlman vit épitou byin cho, si sé pa paské yo préché Jézu? Èské sé pa ak limiè épi gou non sa-a tou Bondié té rélé nou nan limiè-l la ki ékstraòdinè-a? Pou sa yo kléré yo épi ki ouè limiè-a nan limiè sa-a, sé ak rézon Apot la di: « Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou limiè nan Granmèt la: sé tankou pitit limiè pou nou maché ».

Sé poutèt sa, ala yon non ki gin gloua, ala yon non ki gin gras, ala yon non ki mandé rinmin épi ki gin puisans! Gras a ou méchansté yo défèt,

gras a ou yo ranpòté viktoua sou advèsè yo, gras a ou malad yo libéré, gras a ou sa k-ap sibi kontrariété yo jouinn fòs ak réjouisans.

Sé ou minm ki onè sa-k koué yo, sé ou minm ki anségnan prédikatè yo, sé ou minm ki ranfòsé travayè yo, sé ou minm ki soutni sa-k manké fòs yo. Ak flannm difé épi chalè-ou la, sa yo anvi yo vîn chofé, favè yo mandé yo, yo rivé jouinn yo, nanm k-ap kontanplé yo santi yo transpòté épi gras a ou tou sa yo ki trionfé yo glorifié nan gloua sièl la. Ansanm avèk yo, Jézu ou ki dou anpil, fè nou vîn roua pa pouvoua non-ou nan ki sin anpil la.

REPONS

Cf. Ps 5, 12; 88, 16b-17a

R/. Tout moun ki espéré nan ou, Granmèt, sé pou yo kontan, sé pou yo fété pou tout tan. Ou kouvri yo ak lonbraj ou épi yo jouinn gloua nan ou, * Yo minm ki rinmin non-ou nan.

V/. Granmèt, nan limiè fas ou y-ap maché, épi nan non-ou y-ap fété tout jounin. * Yo minm ki rinmin.

Pou Louanj yo nan matin

Pou *Benedictus* la, réf. Li té rinmèt tèt li, pou-l té libéré pèp la épi pou-l té rivé posédé yon non k-ap pou tout tan pou pròp tèt li.

Pou Vèp yo

Pou *Magnificat* la, réf. Ou-ap rélé non-l Jézu : paské sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché-l yo.

Priyè-a

Bondié, ki té vlé sovè ras moun nan nan Paròl ou-a ki vîn tounin chè-a, bay pèp ou yo mizérikòd la y-ap mandé-a, pou tout moun konnin pa gin dèt non pou rélé pasé non Sèl Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

7 janvié
S. RÉMON DE PÉNYAFÒR
Prèt

Li fèt toupré Barsèlòn apèprè nan ané 1175. Yo fè-l Chanouàn Égliz Barsèlòn nan, apré sa li antré nan fanmi Frè Préchè yo. Sou lòd Pap Grégoua 9, li konpozé sa yo rélé « dékrétal » yo. Yo chouazi-l kòm chèf fanmi rélijyé-l la, li kondui-l avèk règléman ki bon anpil. Nan sa-l ékri yo, gin yon plas spésial pou « Liv ki étidié ka prinsipal yo » ki prezanté pou bay sakréman pénitans la yon fason kòrèk épi avèk anpil frui. Li mouri nan ané 1275.

Nan Komin Pastè yo (Gadyin yo), 1461.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan yon Lèt sin Rémon, prèt

(Monumenta Ord. Præd. Hist. 6, 2, Romæ 1901, pp. 84-85)

Sé pou Bondié rinmin-an ak lapè-a bay kè nou yo lapè

Si tout moun ki vlé viv ak piété nan Kris la gin pou yo soufri pèsékision, jan prédikaté vérité-a té di réyèlman vré-a, antan-l pap bay manti, pa gin pèsonn, jan-m pansé-a, ki chapé anba prinsip jénéral sa-a, sof moun ki néglijé oubyin ki pa okouran pou-l viv san éksè, kòrèktéman épi avèk piété nan sièk sa-a.

Nou minm minm sé pa pou yo konté nou nan pami moun sa yo kay yo trankil épi nan répo épi an sékirité, épi fouèt Granmèt la pa sou yo, yo minm ki minnin jou yo byin alèz épi k-ap désann nan lanfè nan yon ti moman.

Purté ak piété nou-an réyèlman vré li mérité sa épi li égzijé sa, pou paské nou akséptab épi agréab kot Bondié, sé pou sa yo nétoouyé purté nou-an ak kou dri jous nan sinsérité ki anplin nèt la. Sé pou sa si épé-a doublé sou nou pafoua oubyin triplé, yo doué konsidéré sa-a tou ni kòm kontantman nèt ni kòm prèv rinmin.

Épé-a ki filé dé bò-a sé konba déyò épi krint anndan. Krint sa-a doublé oubyin triplé anndan, lè éspri mèt-dam nan ap inkiété finfon kè yo ak manti épi flatrî; épi mòd jan lagè sa-a sètènman nou té aprann li asé jous koulié-a, otréman li t-ap inposib pou rivé nan bèlté lapè ak trankilité sou paranndan sa-a.

Épé-a minm doublé épi triplé sou déyò, lè san rézon pèsékision ékléziastik la soti osijè bagay spirituèl yo koté blésu yo pi rèd, sitou sot nan zanmi yo.

Sa-a sé sint koua Kris la yo kapab anvî-a, sa réyèlman vré André ki gin kouraj la té résévoua ak kè kontan-an, sé nan li sèl Véso yo chouazi-a sètifié pou yo jouinn gloua.

Viré gadé poutèt sa nan diréksion Jézu, lotè lafoua-a épi ki konsèvé-l la, li minm ki té soufri antan li inosan anpil épi anba min moun pa-l yo, épitou yo té mété-l avèk kriminèl yo; épi antan n-ap bouè kalis Granmèt la ki tèlman gin gloua, di Granmèt la mèsî, li minm ki bay tout byin yo.

Bondié rinmin-an ak lapè-a li minm sé pou-l bay kè nou yo lapè épi sé pou-l fè nou alé pi vit sou rout la pou li kaché nou, an atandan, nan kachèt fas li-a kont déranjman lèzòm, joustàn l-ap fè nou antré épi l-ap transplanté nou koté n-ap chita pou tout tan nan bèlté lapè-a ak nan tant konfians la ak nan répo richès féstin-an.

RÉPONS

R/. Ak réyon ansègnman li-a li té kléré sa yo ki chita nan fènoua yo: *
Épi ak chalè charité-a li té rachté sa yo ki té maré nan mizè épi ak fè.

V/. Li té kondui sa-k pèdi yo sot nan chémin péché-a, li té libéré pòv la sot nan sa-k gin pouvoua-a. * Épi ak chalè charité-a.

Priyè-a

Bondié, ki té anbéli prèt sin Rémon ak fòs mizérikòd ékstraòdinè pou péchè yo ak prizonié yo, fè nou favè, gras a intèsésion li pou, antan nou dégajé anba ésklavaj péché-a, nou chèche sa-k fè-ou plézi ak kè nou lib. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN YO

Réfrin pou *Magnificat* la, sa yo indiké pou premié Vèp yo, yo kapab anplouayé yo tou, si yo vlé, nan mémoua Sin yo pou dézièm Vèp yo.

KOMIN DÉDIKAS LÉGLIZ

Pou premié Vèp yo

IMN, *Urbs Ierúsalem beáta*, tankou nan dézièm Vèp yo, 1346.

PSÒM YO

Réf. 1 Plas Jérusalèm yo ap gin kè kontan, épi tout vouazinaj yo ap di kantik kontantman: Alélouya.

Psòm 146 (147 A)

Puisans ak bonté Granmèt la

Ou minm n-ap fè louanj ou Bondié, ou minm n-ap déklaré ou Granmèt.

- ¹ Fè louanj Granmèt la,
paské sa bon pou yo chanté pou Bondié nou-an, *
paské sa bon pou fè louanj.
- ² Antan Granmèt la bati Jérusalèm, *
l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.
- ³ Li minm ki géri kè ki krazé, *
ki pansé koté yo blésé yo ;
- ⁴ ki konté kantité zétoual yo, *
ki rélé yo tout sou non yo.
- ⁵ Granmèt nou-an gran, pouvoua-l gran, *
yo pa kapab sondé sajès li.

- 6 Granmèt la soutni moun ki dosil yo, *
min li rabésé péchè yo jous atè.
- 7 Sonnin dévan Granmèt la, nan aklamasion, *
chanté kantik pou Bondié nou-an sou gita.
- 8 Li minm ki kouvri sièl la avèk nuaj yo, *
li préparé laplui pou tè-a.
Li minm ki fè mòn yo pousé zèb *
ak ti plant pou sa k-ap sèvi moun yo.
- 9 Li minm ki bay bèt yo manjé yo, *
pitiit gragra yo k-ap rélé yo.
- 10 Sé pa nan fòs yon choual li mét plézi li, *
ni nan jarèt yon moun li gin satisfaksion.
- 11 Sa-k bay Granmèt la satisfaksion, sé moun ki krinn li yo, *
épi nan yo, moun ki éspéré sou mizérikòd li-a.

Réf. Plas Jérusalèm yo ap gin kè kontan, épi tout vouazinaj yo ap di kantik kontantman: Alélouya.

Réf. 2 Granmèt la ranfòsé kròchèt pòtay ou yo, li béni pitit ou yo anndan-ou.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.

- 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- 19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- 20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Granmèt la ranfòsé kròchèt pòtay ou yo, li béni pitit ou yo anndan-ou.

Réf. 3 Nan vil Bondié-a lamé sin yo kontan, épi anj yo ap chanté imn dévan trôn Bondié-a, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)

² Paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *
(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *
(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.
R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Nan vil Bondié-a lamé sin yo kontan, épi anj yo ap chanté imm dévan trôn Bondié-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé sitouayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki

bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Èspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Kay ou-a, Granmèt, * Sin li sin-an, sa alé byin avèk li. Kay ou-a.

V/. Pou longè jou yo, * Sin li sin-an, sa alé byin avèk li. Viv Papa-a.
Kay ou-a

Pou Magnificat la, réf. : Sé pou nou réjouï avèk Jérusalèm épi fété nan li, nou tout ki rinmin-l, pou tout tan.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an ki dépozé nanm li pou pitit Bondié yo ki té gayé yo, li rasanblé yo fè youn, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou minm ki bati kay ou-a sou ròch la,

— asiré Égliz ou-a ak lafoua ki solid la épi ak konfians la.

Granmèt Jézu, ou minm san-an ak dlo-a té koulé sot nan kòt ou-a,

— fè Égliz ou-a vîn tou nèf ak sakréman téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an.

Granmèt Jézu, ou minm ki prézan nan mitan moun yo ki rasanblé nan non-ou nan,

— réponn priyè Égliz la ap fè ak yon sèl kè-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki vîn abité ansanm ak Papa-a kay moun ki rinmin-ou yo,

— fè Égliz ou-a vîn apouin nèt nan rinmin ki soti nan Bondié-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki pa jété moun ki vîn jouinn ou-an déyo,

— fè tout défin yo antré nan kay Papa-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékrasion tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèt, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou fowl la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Épou Égliz la, an nou adoré-l ladan-l. (T.P. Alélouya).

Oubyin : Kris la, li minm ki té rinmin Égliz la, vini, an-n adoré-l. (T.P. Alélouya).

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu

IMN (*Christe, cunctórum dominátor alme*).

Ou minm Kris la, k-ap dominé tout bagay yo ak byinvéyans,
pèp ou-a k-ap sipliyé ap fè éko nan palè-a,
chak ané lè tan yo rétounin
pou sélébré fèt yo.

Koté sa-a yo rélé, sé vré, palè roua-a
pòt sièl san mézi épi k-ap briyé
pou sa yo k-ap chèché patri lavi-a
li résévoua yo tout.

Kay sa-a ki sakré-a rasanblé pèp ou-a,
sé la piété-a anrichi ak sakréman yo san rété,
li nourri ak manjé sièl yo pou tout tan
kado lavi-a.

Sé pou sa, Bondié n-ap mandé-ou pou aksépté ak vizaj trankil
sèvitè-ou yo antan ou-ap gouvènin yo,
yo minm k-ap fété ak rinmin ki pi gran-an
kè kontan tanp ou-a.

Sé pou yon louanj égal sélébré Papa ki anlè nèt la
ou minm tou, Sovè-a, roua ki gin bon kè, pou tout tan-an;
sé pou gloua Éspri-Sin-an rézoné
sou tout tè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé tèt nou, pòt yo, sé pou yo soulvé nou, pòt pou tout tan yo.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 704.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua bénédiksjon nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- ⁶ Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- ⁷ Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.

- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
 Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
 sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
 drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
 pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
 Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Lévé tèt nou, pòt yo, sé pou yo soulvé nou, pòt pou tout tan yo.

Réf. 2 Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo. †

Psòm 83 (84)

Anvi tanp Granmèt la

Nou pa gin isit la yon vil k-ap diré, min sé sa k-ap vini-an n-ap chèché
 (Ébr 13, 14).

- 2 Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo ! *
- 3 Nanm mouin anvi, li t-ap dépéri pou kay Granmèt la.
 Kè-m ak chè-m *
 t-ap fété nan Bondié vivan-an.
- 4 Minm ti zouazo-a jouinn yon kay pou li, †
 toutrèl la jouinn yon nich, koté li dépozé ti pitit li yo : *
 lotèl ou yo, Granmèt puisans yo, roua-m ak Bondié-m.
- 5 Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a : *
 pou tout tan y-ap fè louanj ou.
- 6 Ala kontantman pou moun sa-a ki jouinn sékou-l nan ou-a, *
 li dispozé monté pou-l monté yo nan kè-l.

- ⁷ Lè y-ap pasé nan bafon souaf la, y-ap fè-l tounin yon sous, *
 réyèlman laplui nan matin-an ap vlopé-l ak bénédiksyon.
- ⁸ Y-ap maché sot nan puisans al nan puisans, *
 Bondié dié yo ap fè yo ouè-l nan Siyon.
- ⁹ Granmèt, Bondié puisans yo, kouté priyè-m ; *
 panché zòrèy ou, Bondié Jakòb.
- ¹⁰ Protèktè nou, gadé, Bondié, *
 voyé jé sou fas Kris ou-a.
- ¹¹ Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil, †
 mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan, *
 plis pasé pou-m abité nan tant péchè yo.
- ¹² Sèké Granmèt Bondié-a sé solèy ak boukliyé, †
 Granmèt la ap bay gras ak gloua ; *
 li pap anpéché sa yo jouinn byin
 yo minm k-ap maché nan inosans la.
- ¹³ Granmèt puisans yo, *
 ala kontantman pou moun sa-a ki éspéré nan ou.

Réf. Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo.

Réf. 3 Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a !

Psòm 86 (87)

Jérusalèm, manman tout nasion yo

Jérusalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹ Fondasyon-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
² Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *

- pasé tout tant Jakòb yo.
- 3 Y-ap di bèl bagay sou ou, *
vil Bondié-a !
- 4 M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
sa yo fèt isit la.
- 5 Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
- 6 Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
« Sa yo fèt isit la ».
- 7 Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
« Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a !

V/. M-ap adoré nan tanp ou-a ki sin-an.

R/. Épi m-ap fè déklarasion pou non-ou, Granmèt.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Apokalips apot sin Jan-an

21, 9-27

Vizion Jérusalèm ki nan sièl la

⁹ Youn nan sèt anj yo ki gin sèt kalis plin ak sèt dènié chatiman yo, li rivié, li palé avèk mouin antan-l di : « Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an ». ¹⁰ Li soulvé-m nan éspri anlè yon mòn ki gran, ki ro, li montré-m vil sin-an Jérusalèm k-ap désann sot nan sièl la sot kot

Bondié, ¹¹ ki gin klèté Bondié-a ; limiè-l tankou piè ki gin anpil pri-a, tankou piè jasp sou mòd kristal ; ¹² li té gin yon gran miray ki ro, ki té gin douz pòt, sou pòt yo douz anj, té gin *non* ki té ékri sou yo : douz *tribu pittit Israël*-yo. ¹³ *Nan diréksion olévan : toua pòt ; nan diréksion nò : toua pòt ; nan diréksion sid : toua pòt ; nan diréksion okouchan : toua pòt.* ¹⁴ Miray vil la té gin douz kolòn, sou yo té gin douz non douz Apot Mouton yo.

¹⁵ Épi sa-k t-ap palé avèk mouin-an té gin yon rozo pou méziré an lò, pou-l méziré vil la ak pòtay li yo ak miray li-a. ¹⁶ Épi vil la gin fòm yon karé, épi longè-l minm jan avèk lajè-l. Épi li méziré vil la avèk rozo-a sou douz-mil stad, longè-l, ak lajè-l, ak rotè-l, yo égal. ¹⁷ Épi li méziré miray li-a, sankarann-kat koudé, mézi moun, ki mézi Anj. ¹⁸ Matério miray li-a, sé jasp, épi vil la an lò ki nè, tankou kristal ki nè. ¹⁹ Fondasion miray vil la, yo dékoré avèk tout kalité bèl ròch ki gin gran valè. Prémie fondasion-an, sé jasp; dézièm nan, sé safir; touazièm nan, sé kalsédouàn; katriyèm nan, sé pèrl. ²⁰ Sinkièm nan, sé sardouàn; sizièm nan, sé sard; sétieèm nan, sé krizolit; uitièm nan, sé béril; névièm nan, sé topaz; dizièm nan, sé krizopaz; onzièm nan, sé iasint; douzièm nan, sé amétis.

²¹ Épi douz pòtay yo, sé douz pèrl. Chak pòtay té fèt ak yon sèl pèrl, épi plas vil la, sé lò ki nè tankou kristal ki transparan.

²² Mouin pa ouè tanp ladan-l : sé Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a ki tanp li ak Mouton-an. ²³ Vil la pa bézouin solèy ni lafin, pou yo kléré-l ; paské klèté-a kléré-l, épi lanp li sé Mouton-an. ²⁴ Épi nasion yo ap maché gras a limiè-l la; épi roua yo sou tè-a ap poté richès yo ba li. ²⁵ Épi pòt li yo pap fèmin lajounin; réyéلمان, pap gin nuit la. ²⁶ Y-ap poté gloua ak konsidérasion nasion yo ba li. ²⁷ Épi okinn bagay ki sal pap antré ladan-l, ni sa k-ap fè bagay ki dégoutan, ni sa k-ap bay manti; sé sèلمان sa yo ki ékri nan liv lavi Mouton-an.

RÉPONS

Cf. Ap 21, 21; Tob 13, 17. 18. 11

R/. Plas ou yo, Jérusalèm, ap kouvri ak lò ki nèt, y-ap di kantik kè kontan nan ou ; * Épi nan tout katié-ou yo tout moun ap di : Alélouya.

V/. Ou-ap kléré ak yon bèl limiè, tout kouin tè-a ap adoré-ou. * Épi nan tout katié-ou yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli Orijen, prèt, sou Jozué pitit Nûn

(Homilia 9, 1-2: PG 12, 871-872)

Tankou ròch vivan y-ap bati nou nan kay ak lotèl Granmèt la

Nou tout ki kouè nan Kris Jézu, yo di sé *ròch vivan* nou yé, dapré sa Ékritu-a déklaré antan-l di: *Nou minm sé ròch vivan nou yé, ki bati kòm kay spirituèl nan yon sasèrdòs ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, ki akséptab pou Bondié pa lintèmédiè Jézu-Kri.*

Minm jan réyèlman nan ròch sou tè-a nou konn obsèvé ròch sa yo minm ki pi valab yo épi pi puisan yo, sé yo an premié yo mété kòm fondasyon pou kapab konfié yo épi dépozé anlè yo tout poua konstriksion-an, sé konsa pou-ou konprann tou osijè ròch vivan yo, gin kèk ki nan fondasyon kay spirituèl sa-a. Kilès minm yo yé, sa yo mété nan fondasyon yo? *Apot yo ak profèt yo. Sé konsa réyèlman Pòl li minm té di sa antan l-ap anségné: Yo bati nou, sé sa-l di, sou fondasyon Apot yo ak profèt yo, antan ròch mitan kouin anlè-a sé Kris Jézu Granmèt nou-an.*

Min pou-ou kapab préparé-ou pi byin, ou minm k-ap kouté-a, pou konstriksion kay sa-a, pou yo jouinn ou kòm yon ròch ki pi pré fondasyon-an, aprann sé Kris la li minm ki fondasyon kay sa-a n-ap dékri koulié-a. Sé konsa réyèlman apot Pòl di: *Pèsonn réyèlman pa kapab mété yon lòt fondasyon pasé sa-k té pozé-a ki Kris Jézu.* Ala kontantman donk

pou sa yo ki té konstrui kay rélijion-an, kay sin-an, sou kalité fondasyon sa-a yo byin konnin-an.

Min nan kay légliz sa-a doué gin lotèt tou. Sé sa-k fè donk mouin pansé ninpòt nan nou ki *ròch vivan* ki adapté pou sa épi ki dispozé pou okipé priyè yo, pou lajounin ak nannuit yo ofri démann bay Bondié épi yo sakrifé sakrifis siplikasyon yo, sé yo minm avèk yo Jézu bati lotèl la.

Min gadé byin ki kalité louanj yo inskri an plis pou ròch lotèl yo minm. *Jan Moyiz ki fè laloua-a té di-a*, sé sa-l di, *pou yo bati lotèl la apati ròch ki toutantié, sa fè-a pa pasé nan yo*. Kilès ki ròch toutantié sa yo? Pètèt kalité ròch toutantié sa yo ki pa kontaminé yo, t-a kapab sin Apot yo, antan yo tout an minm tan fè yon sèl lotèl, poutèt yon sèl nanm nan ak akò-a. Sé konsa réyéman yo rapòté, yo tout t-ap priyé ansanm ak yon sèl nanm épi antan yo té ouvri bouch la, yo té di: *Ou minm, Granmèt, ki konnin kè tout moun*.

Sa yo donk ki té kapab priyé ak yon sèl nanm, yon sèl voua épitou yon sèl éspri, sé yo minm pètèt ki dign, ki doué konstrui tout ansanm yon sèl lotèl, koté anlè-l Jézu t-a ofri sakrifis la bay Papa-a.

Poutan nou minm tou sé pou nou éséyé travay pou nou tout nou t-a di minm bagay la ak yon sèl nanm, antan nou pansé yon sèl bagay la, antan nou pa fè anyin poutèt rivalité ni poutèt gloua ki vid, min antan nou rété nan yon sèl santiman épi nan minm pansé-a, pou si pètèt nou minm tou nou t-a kapab vîn tounin ròch pou lotèl la.

RÉPONS

Cf. Iz 2, 2. 3; Ps 125 (126), 6

R/. Kay Granmèt la gin fondasyon sou tèt mòn yo, épi li lévé anlè tout ti rotè yo: * Épi tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li, y-ap di : Gloua pou ou, Granmèt.

V/. Antan y-ap vini minm, yo vini avèk fèt, antan y-ap poté zépi yo. * Épi tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 336, 1. 6: PL 38 [edit. 1861], 1471-1472. 1475)

Konstriksion épi dédikas kay Bondié-a nan nou

Solanité foul rasanbléman sa-a, sé konsékrasyon kay priyè-a. Konsa kay priyè nou yo sé sa-a, kay Bondié-a sé nou minm minm. Si kay Bondié-a sé nou minm minm, nou minm minm nan sièk sa-a yap bati nou pou nan finisman sièk la yo dédié nou. Kay la, pi plis ankò konstriksion-an gin travay, dédikas la gin fèt.

Sa yo t-ap fè la-a lè sa yo t-ap lévé-a, sé sa ki fèt konsa lè yo rasanblé sa ki kouè yo nan Kris la. Antan yo kouè-a réyèlman, sé kòm si nan forè yo ak nan mòn-yo yo tayé boua yo ak ròch yo; min lè yo katéchizé, yo batizé, yo fòmé, sé kòm si nan min atizan yo ak ouvriyé yo, yo dégrosi, yo aligné, yo ékari.

Poutan yo pa fè kay Bondié-a, si sé pa ak charité-a yo asanblé. Boua sa yo ak ròch yo, si yo pa kolé youn sou lòt ak yon sèt in lòd, si yo pa maré ansanm anpè, si antan yo kolé ansanm youn pa-t rinmin lòt yon sèt in fason, pèsonn pa t-ap antré isit la. Anfin, lè ou ouè nan kèk konstriksion ròch ak boua yo byin anbouaté ansanm, ou antré avèk sékirité, ou pa pè pou-l tonbé.

Antan konsa Granmèt la Kris la vlé antré, épi abité nan nou, kòm si antan l-ap bati li t-ap di: *Sé yon kòmandman nouvo mouin ba nou, pou nou youn rinmin lòt. Yon kòmandman, li di, mouin ba nou.* Nou té ansyin réyèlman, nou pa-t ko fòmé yon kay pou mouin, sé nan dékonb nou yo nou té lagé. Konsa, pou nou kapab soti nan ansyin dékonb nou-an, sé pou youn rinmin lòt.

Konsa sé pou charité-ou konsidéré kay sa-a yo gin pou bati toujou sou tout ronm tè-a, jan yo té anonsé davans la épi yo té promèt la. Lè réyèlman yo t-ap bati kay la apré kaptivité-a, jan gin sa nan yon lòt psòm, yo t-ap di: *Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; chanté pou Granmèt la tout tè-a*. Sa yo té di la-a: *Yon kantik nouvo*; sé sa Granmèt la té di: *Yon kòmandman nouvo*. Ki sa réyèlman ki gin kantik nouvo, si sé pa rinmin ki nouvo-a? Chanté sé pou sa-k rinmin-an. Voua chanté sa-a sé chalè rinmin ki sin-an.

Sa donk nou ouè ki fèt la-a yon fason kòporèl nan miray yo, sé pou-l fèt yon fason spirituèl nan éspri yo; épi sa nou konstaté ki fèt nèl la-a nan ròch yo ak boua yo, sé sa ki pou fèt nèl nan kò nou yo antan sé gras Bondié-a k-ap bati.

Konsa an premié sé pou nou rann Granmèt Bondié nou-an gras, li minm koté tout sa yo bay ki pi bon-an soti épi tout kado ki bon nèl, épi sé pou nou fè louanj ak tout élan kè nou pou jan li bon, paské pou konstrui kay priyé sa-a, li té vizité nanm fidèl li yo, li té révéyé santiman-an, li té bay sékou, li té inspiré sa yo ki pa-t ko vlé yo, pou yo vlé, li té édé éfò bòn volonté-a pou yo té fè; épi palintèmediè gras Bondié *ki travay* nan moun pa-l yo *ni vlé-a ni réyalizé nèl la pou bòn volonté-a* tout bagay sa yo sé li minm ki kòmansé yo, li minm ki té réyalizé yo nèl.

RÉPONS

Ps 83 (84), 2-3. 5

R/. Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo: nanm mouin té anvì, li té défayi * Nan lakou Granmèt la.

V/. Moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt, pou tout tan y-ap fè louanj ou. * Nan lakou Granmèt la.

IMN *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, (*Anguláris fundaméntum*)

Fondasion ròch kouin,
 sé sa Kris la yé, sé mision-l sa,
 li minm ki fè ròch miray yo
 fè yon sèl konstriksion nan ni youn ni lòt,
 li minm Siyon ki sin-an résévoua-a,
 li minm moun ki kouè-a rét nan li-a.

Tout vil sa-a ki sakré-a,
 li minm Bondié rinmin-an,
 li minm ki plin ak kantik louanj
 ak rèl chanté fèt,
 l-ap déklaré ak chalè nan kè-l
 Bondié toua, li yon sèl.

Bondié ki anlè nèt, vini nan tanp sa-a,
 ou minm y-ap lapriyè-a,
 épi ak bon kè-ou ki sansib la
 résévoua démann moun k-ap lapriyè yo;
 vidé lajè bénédiksyon-an
 tout tan isit la.

Isit la sé pou tout moun mérité
 résévoua sa yo mandé yo
 épi posédé sa yo réyisi jouinn yo,
 ansanm ak sin yo tout tan,

sé pou yo mérité antré nan paradi-a,
antan yo travèsé nan répo-a.

Gloua ak onè pou Bondié tout koté,
li minm ki anlè nèt la,
yon sèl minm nan pou Papa-a ak Pitit la
ak Éspri-Sin-an,
louanj ak otorité pou yo
pou sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Kay mouin-an sé kay priyè y-ap rélé-l.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Ou béni, Granmèt, nan tanp ou-an ki sin-an.

Réf. 3 Fè louanj Granmèt la nan asanblé sin yo.

LÉKTU KOUT

Iz 56, 7

M-ap minnin yo sou mòn mouin-an ki sin-an, épi m-ap fè kè yo kontan nan kay priyè-m nan: sakrifis antié yo ak bèt yo sakrifié yo ap fè-m plézi sou lotèl mouin-an, paské kay mouin-an sé kay priyè y-ap rélé-l pou tout pèp yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la gran. * Li mérité anpil louanj. Granmèt la gran.

V/. Nan vil Bondié nou-an, sou mòn li ki sin-an. * Li mérité anpil louanj. Viv Papa-a. Granmèt la gran.

Pou *Benedictus*, réf. Zaché, fè vit désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m rété. Kanta li minm antan-l fè vit, li té désann épi li té résévoua-l lakay li ak kè kontan. Jodi-a, Bondié fè kay sa-a sové, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nou minm, ròch vivan, ki bati sou ròch ki chouazi-a, Kris la, an nou priyé

Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou Égliz li-a li rinmin-an, épi an nou déklaré lafoua nou nan Égliz sa-a antan n-ap di :

Sa-a sé kay Bondié-a épi sé pòt sièl la.

Papa ou minm k-ap fè jadin-an, nétouayé pié rézin-ou nan, véyé sou li, fè-l vîn anpil,

— pou dévan fas ou li plin tout tè-a.

Gadyin pou tout tan-an, protéjé bann mouton-ou nan épi fè-l dévlopé,

— pou tout mouton yo rasanblé fè yon sèl anba yon sèl gadyin-an, Pitit ou-a.

Ou minm k-ap simin-an ki gin tout pouvoua-a, simin paròl la nan jadin-ou nan,

— pou-l donnin frui san foua plis nan rékòlt pou tout tan-an.

Ou minm Sajès la k-ap bati-a, fè kay ou-a ak fanmiy ou-a vîn sin,

— pou vil ki sot nan sièl la, Jérusalèm nouvo-a, parèt pou tout moun kòm Épouz la ki nan gloua-a.

Papa nou.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékrasyon tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèt, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou foul la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1212), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 1154.

Pou Tièrs

Réf. Tanp Granmèt la sin, sé jadin Bondié, sé kay Bondié bati.

LÉKTU KOUT**1 Kor 3, 16-17**

Èské nou pa konnin sé tanp Bondié-a nou yé, épi Éspri Bondié-a abité nan nou ? Si yon moun détrui tanp Bondié-a, Bondié ap détrui moun sa-a; tanp Bondié-a réyèlman li sin, tanp sa-a sé nou minm.

V/. Granmèt, mouin té rinmin bèlté kay ou-a.

R/. Épi koté tant gloua-ou la yé-a.

Pou Sèkst

Réf. Sa alé byin ak kay ou-a, Granmèt, sin li sin-an pou longè jou yo.

LÉKTU KOUT**2 Kor 6, 16**

Nou minm réyèlman, sé tanp Bondié vivan-an nou yé; jan Bondié té di-a: « M-ap abité nan yo épi m-ap maché, m-ap Bondié yo, épi yo minm y-ap pèp mouin ».

V/. Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm.

R/. Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan.

Pou Nòn

Réf. Sa-a sé kay Granmèt la, ki bati byin solid; ki gin bon fondasion sou ròch solid la.

LÉKTU KOUT**Jér 7, 2 b. 4-5 a. 7 a**

Kouté paròl Granmèt la, nou minm k-ap antré nan pòt sa yo, pou nou adoré Granmèt la. Pa mét konfians nan paròl manti, antan n-ap di :

« Tanp Granmèt la, tanp Granmèt la, tanp Granmèt la ki la ». Paské si nou dirijé rout nou yo épi aksion nou yo byin, m-ap fè nou abité nan koté sa-a.

Oubyin :

Aj 2, 6 a. 7. 9

Mìn paròl Granmèt lamé yo : M-ap souké tout nasion yo, épi trézò tout nasion yo ap rivé, m-ap plin kay sa-a ak gloua, sé sa Granmèt lamé yo di. Gloua dènié kay sa-a ap pi gran pasé premié-a, sé sa Granmèt lamé yo di; épi nan koté sa-a, m-ap bay lapè, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Antré nan pòtay Granmèt yo avèk déklarasion.

R/. Épi nan lakou-l yo avèk imn.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN (*Urbs Ierúsalem beáta*)

Vil Jéruzalèm ki sin-an,
 sa yo rélé Vizion Lapè-a,
 li minm ki bati nan sièl la
 ak ròch vivan,
 li minm ki kouronnin ak anj yo
 tankou éskòt pou épouz la,
 Li tou nèf, l-ap vîn sot nan sièl la,
 li paré pou chanm nòs la,
 pou li minm ki san tach,

li fè yon sèl kò ak Granmèt la.
 Plas li yo ak miray li yo
 fèt ak lò ki san mélanj nè;

Pòt li yo kléré ak bèl bijou
 kè kay sakré-a louvri tou gran,
 épi tout moun ki té pasé tray sou tè-a
 poutèt non Kris la,
 yo fè yo antré ladan-l
 poutèt sa yo mérité-a.

Ròch yo ki vîn byin lis
 anba kou, anba chaj,
 ak min li, bòs mason-an
 ranjé yo nan plas yo;
 li mété yo pou yo reté
 nan kay sakré yo.

Gloua ak onè pou Bondié tout koté,
 li minm ki anlè nè la,
 yon sèl minm nan pou Papa-a ak Pitit la
 ak Éspri-Sin-an,
 louanj ak otorité pou yo
 pou sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : Bondié nan mitan-l, li pap souké.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé poua nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.
- Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
- 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
- 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : Bondié nan mitan-l, li pap souké.

Réf. 2 Nan kay Granmèt la n-apralé antan nou kontan.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proche kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Nan kay Granmèt la n-apralé antan nou kontan.

Réf. 3 Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *
(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *
(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.
R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo.

LÉKTU KOUT

Ap 21, 1 a. 2-3. 22. 27

Mouin té ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié, paré tankou yon épouz ki anbéli pou mésié-l la. Épi mouin té tandé yon gran voua sot nan trôn nan, k-ap di: « Min tant Bondié-a avèk moun yo! L-ap abité avèk yo, épi yo minm y-ap pèp li; épi li minm, Bondié avèk yo, l-ap Bondié yo ». Épi mouin pa-t ouè tanp nan li: réyèlman, Granmèt la, Bondié ki gin tout pouvoua-a, sé tanp li, épi Mouton-an. Okinn bagay ki sal pap antré ladan-l, ni sa k-ap fè bagay ki dégotan, ni sa k-ap bay manti, sé sèlman sa yo ki ékri nan liv lavi Mouton-an.

RÉPONS KOUT

R/. Ala kontantman pou moun yo ki abité * Nan kay ou-a, Granmèt. Ala kontantman.

V/. Pou sièk sièk yo y-ap fè louanj-ou. * Nan kay ou-a, Granmèt. Viv Papa-a. Ala kontantman.

Pou *Magnificat* la, réf. Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : sa-a sé kay Bondié-a, koté yo rélé non-l nan, sé sou li yo té ékri : Non-m ap isit la, sé sa Granmèt la di.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an ki dépozé nanm li pou pitit Bondié yo ki té gayé yo, li rasanblé yo fè youn, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou minm ki bati kay ou-a sou ròch la,

— asiré Égliz ou-a ak lafoua ki solid la épi ak konfians la.

Granmèt Jézu, ou minm san-an ak dlo-a té koulé sot nan kòt ou-a,

— fè Égliz ou-a vîn tou nèf ak sakréman téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an.

Granmèt Jézu, ou minm ki prézan nan mitan moun yo ki rasanblé nan non-ou nan,

— réponn priyè Égliz la ap fè ak yon sèl kè-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki vîn abité ansanm ak Papa-a kay moun ki rinmin-ou yo,

— fè Égliz ou-a vîn apouin nèt nan rinmin ki soti nan Bondié-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki pa jété moun ki vîn jouinn ou-an déyò,

— fè tout défin yo antré nan kay Papa-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékrasion tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèt, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou fowl la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN SINT VIÈJ MARI**Pou premié Vèp yo****IMN** (*María, quæ mortálium*)

Mari, ou minm ki sèvi ak tout rinmin ki nan kè-ou
 pou-ou résévoua lapriyè moun ki gin pou yo mouri yo,
 min n-ap mandé-ou antan n-ap sipliyé,
 rét koté nou tout tan.

Rét prézan, si chinn lèd péché yo
 maré nou byin séré;
 fè vit défèt antrav yo
 ki maré kè yo ak péché yo.

Poté nou sékou, si pòtré sièk sa-a k-ap tronpé-a
 atiré nou ak riz li,
 pou kè nou pa kité santié k-ap sové nou-an
 antan-l bliyé sièl la.

Poté-n sékou, si minm pou kò-a
 sa-k rivé ki kontrè t-a ménasé-l;
 fè tan yo vîn trankil,
 pandan étènité-a ap kléré.

Protéjé pitit ou yo tou
 lè tan lanmò-a rivé,
 pou, antan ou-ap édé yo,
 yo ba yo rékonpans k-ap diré-a.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a,
 ak pou Sa-a ou Anfanté-a,
 yo minm ki vlopé-ou
 ak rad gras la ki ékstraòdinè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Kraté tout bagay yo.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Kréatè tout bagay yo.

Réf. 2 Ou té anfanté Sa-a ki fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Ou té anfanté Sa-a ki fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj.

Réf. 3 Granmèt la béni-ou, pitit fi, paské pa lintèmediè-ou nou jouinn frui lavi-a.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
- 10 sa-l té ranjé davans nan li, *
 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :

li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Granmèt la béni-ou, pitit fi, paské pa lintèmediè-ou nou jouinn frui lavi-a.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm ki Vièj, apré ou fîn anfanté, * Ou toujou rété Vièj. Ou minm.

V/. Manman Bondié, intèsédé pou nou. * Ou toujou rété Vièj. Viv Papa-a. Ou minm.

Pou *Magnificat* la, réf. Granmèt la té gadé rabèsman-m, épi Sa-a ki gin pouvoua-a té fè gran mèvèy nan mouin.

Oubyin:

Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské Bondié té voyé jé sou pòv ti sèvant li-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :
Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,

— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonin péchè yo,

— bay tout moun sovè yo sovè-a épil lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,

— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,

— épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Oubyin yon lòt :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Ou minm ki té fè Mari vîn tounin manman mizérikòd la,

— moun ki an danjé yo, fè yo santi rinmin manman-an li gin pou yo-a.

Ou minm ki té vlé Mari vîn tounin manman fanmiy nan kay Jézu ak Jozèf la,

— gras a lapriyè-l, fè tout manman yo édé chofé rinmin-an épi vîn sin-an nan fanmiy yo.

Ou minm ki té bay Mari fòs lè-l té kanpé tou kolé koua-a épi ou té plin-l ak kontantman nan rézireksion Pitit ou-a,

— moun ki nan tribilasyon yo, ba yo soulajman épi asiré éspérans yo-a.

Ou minm ki té fè Mari fiksé atansion-l sou paròl ou-a épi ou té fè-l tounin sèvant ou ki fidèl,

— gras a lapriyè-l, fè nou vîn tounin sèvitè ak disip Pitit ou-a.

Ou minm ki kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Nan Tan Avan :

Bondié, ou minm ki té vlé pou Paròl ou-a pran chè nan vant sint Vièj Mari, lè Anj la té poté nouvèl la; fè sa k-ap sipliyé-ou yo favè, pou, nou minm ki kouè li sé Manman Bondié tout bon vré, li édé nou ak intèsésion-l yo koté-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan Tan Nésans Granmèt la :

Bondié, ou minm ki, gras a virjinité sint Mari ki donnin-an, té fè ras moun nan sovè tout tan kòm rékonpans, fè nou favè, tanpri, pou nou santi l-ap intèsédé pou nou, li minm pa lintèmédiè-l nou mérité résévoua lotè lavi-a, Granmèt nou, Jézu-Kri Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Pitit Mari-a, vini, an-n adoré-l.

Oubyin : Antan n-ap sélébré fèt sint Vièj Mari-a, an nou fè kè nou kontan pou Granmèt la.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Quem terra, pontus, æthera*)

Li minm tè-a, lanmè-a, lè-a
ap sèvi, adoré, proklamé
k-ap kòmandé toua nivo-a,
kay fèmin Mari-a ap poté-l.

Li minm lalîn nan, solèy la épi tout bagay
ap sèvi dapré tan yo,
antan gras sièl la vidé
zantray jèn fi-a ap transpòté-l.

Ala kontantman pou manman-an ak kado
ki fè, kréatè ki anlè-a,
antan-l kinbé tè-a nan min-l,
nan kòf vant la li fèmin.

Ala kontantman pou mèsajé sièl la,
lè Éspri-Sin-an fékondé-l,
sa nasion yo t-ap tann nan
yo vidé-l nan matris la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mari résévoua bénédiksion nan min Granmèt la ak mizérikòd nan min Bondié Sovè-l la.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 704.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua bénédiksion nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- ⁶ Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.

- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Mari résévoua bénédiksion nan min Granmèt la ak mizérikòd nan min Bondié Sovè-l la.

Réf. 2 Sa-a ki Anro nèt la té fè tant li-a vîn sin.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé pousa nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.

- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.
- Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
- 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
- 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Sa-a ki Anro nèt la té fè tant li-a vîn sin.

Réf. 3 Yo di bagay gloua osijè-ou, Vièj Mari !

Psòm 86 (87)

Jéruzalèm, manman tout nasion yo

Jéruzalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- 1 Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
- 2 Granmèt la rinmin pèt Siyon yo *
pasé tout tant Jakòb yo.
- 3 Y-ap di bèl bagay sou ou, *
vil Bondié-a !

- ⁴ M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
sa yo fèt isit la.
- ⁵ Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
- ⁶ Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
« Sa yo fèt isit la ».
- ⁷ Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
« Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yo di bagay gloua osijè-ou, Vièj Mari !

V/. Ala kontantman pou moun ki kouté paròl Bondié-a.

R/. Épi ki kinbé-l.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan prémié liv Kronik yo

17, 1-15

Profési osijè pitit David la

Nan jou sa yo: ¹ Kòm David té abité nan kay li-a, li té di Natan profèt la: « Gadé mouin minm mouin abité nan kay ki fèt ak boua-sèd, arch aliens Granmèt la la minm li anba yon tant po-bèt yo ». ¹ Natan di David: « Tout sa ki nan kè-ou yo, fè yo; réyèlman Bondié avèk ou ».

³ Sé poutèt sa nan nuit sa-a paròl Bondié-a vîn rivé kot Natan antan-l di: ⁴ « Alé épi palé ak David sèvitè-m nan: Min sa Granmèt la di: Ou minm ou pap bati yon kay pou mouin pou-m abité; ⁵ ni réyèlman mouin pa-t rété nan yon kay dépi tan sa-a, lè-m té fè Israèl sòti-a jous jodi-a, min mouin té toujou ap vouayajé sot nan tant al nan tant, sot nan yon koté

pou-m rété al nan yon lòt koté.⁶ Ninpòt koté mouin t-ap maché nan tout Israël, èské té palé ak youn nan jij Israël yo, sa mouin té pasé lòd pou yo okipé pèp mouin-an, épi mouin té di: Pouki sa nou pa-t bati yon ka yak boua-sèd ou mouin?⁷ Koulié-a poutèt sa, ou-ap palé konsa kot sèvitè-m nan David: Min sa Granmèt lamé yo di: Mouin té pran-ou, lè-ou t-ap suiv bann mouton-an nan patiraj yo, pou vîn chèf pèp mouin-an Israël;⁸ épi mouin té avèk ou, tout koté ou t-ap maché alé, mouin té touyé tout ènmi-ou yo dévan-ou épi mouin té fè yon non pou yo tankou pa youn nan pi gran yo anpil mouin ap nonmin sou tè-a.⁹ Mouin té bay pèp mouin-an Israël yon koté épi mouin té planté-l, pou-l abité ladan-l, san-l pa souké anko, ni pitit péché yo pa fè-l tranblé ankò tankou nan kòmansman-an¹⁰ épi dépi jou yo koté té mété jij yo pou pèp mouin-an Israël épi mouin té rabésé tout ènmi-ou yo. Konsa m-ap anonsé-ou Granmèt la ap gin pou bati yon kay pou ou.¹¹ Lè ou-ap fîn plin jou-ou yo, pou-ou alé kot papa-ou yo, m-ap fè yon désandans lévé apré ou, k-ap sot nan pitit ou yo, épi m-ap kinbé ringn li-an solid.¹² Li minm l-ap bati yon kay pou mouin, épi m-ap asiré fotèy li-a jous pou tout tan.¹³ Mouin minm m-ap yon papa pou li, épi li minm l-ap yon pitit pou mouin; mouin pap ouété mizérikòd mouin-an sot sou li, tankou mouin té ouété-l sot nan sa-a ki té anvan-ou nan.¹⁴ M-ap instalé-l nan kay mouin-an ak nan rouayòm mouin-an jous pou tout tan, épi trôn li ap solid anpil pou tout tan ».

¹⁵ Dapré tout paròl sa yo épi dapré tout vizion sa-a, sé konsa Natan palé ak David.

RÉPONS

Lk 1, 28

R/. Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Granmèt la, kraté tè-a: * Ou té anfanté Sa-a ki fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj.

V/. Mouin salué-ou, Mari, Plin-Gras; Granmèt la avèk ou. * Ou anfanté.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Sofronius, évèk

(Oratio 2, In sanctissimæ Deiparæ Annuntiatione, 21-22. 26: PG 87, 3, 3242. 3250)

*Bénédikcion Papa-a té parèt antan l-ap kléré moun yo
pa lintèrédiè Mari*

Mouin salué-ou, plin lagras, Grammèt la avèk ou. Épi kisa ki t-a kapab pi ro anlè pasé kè kontan sa-a, ou minm Vièj Manman? Oubyin ki sa ki t-a kapab pi sipériè pasé gras sa-a Bondié té chouazi pou ou minm sèl la? Oubyin ki sa yo t-a kapab pansé ki pi agréab épi pi kléré pasé-l? Tout bagay rété louin parapò a mirak la yo kapab ouè nan ou-a, tout bagay rété plat anba gras ou-a; tout bagay kinbé dézièm plas minm sa yo konsidéré anpil, épi yo vîn gin yon gloua ki vrèman pi ba.

Grammèt la avèk ou; épi kilès ki t-a gin odas konparé avèk ou? Bondié sot nan ou; èské li t-a kapab ralé kò-l sot nan tras ou, épi pou-l pa t-a ba ou pi plis ak kè kontan prémié plas la épi sipériorité-a? Sé poutèt sa, antan mouin konsidéré privilèj ou yo ki dépasé anlè tout créatu yo, ak konpliman ki pi ro yo m-ap rélé pou ou: *Mouin salué-ou, plin lagras, Grammèt la avèk ou.* Sot nan ou réyèlman sé pa sèlman pou moun yo, yo té bay kè kontan, min yo té bay li tou pou puisans ki anro yo.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské malédikcion Èv la ou chanjé-l an bénédikcion; paské Adan, li minm ki té blayi anvan ak madichon ki té frapé-l la, ou té fè pou pa lintèrédiè-ou li vîn béni.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské pa lintèrédiè-ou bénédikcion Papa-a té parèt antan-l kléré moun yo, épi li té libéré yo anba ansyin malédikcion-an.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské pa lintèrédiè-ou zansèt ou yo té jouinn sovè yo sovè yo-a; ou minm puiské ou té gin pou

anfanté Sovè-a, li minm ki té préparé pou zansèt yo sové Bondié t-ap sové yo-a.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo*, paské san sémans ou té donnin-l kòm frui, li minm k-ap bay ronn tè-a bénédiksionn-an an kantité, épi li té rachté-l sot nan malédiksion k-ap jèmin pikan-an.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo*, paské malgré ou sé yon madanm nan kondision natirèl la, poutan ou vîn tounin Manman Bondié tout bon vré. Réyèlman si sa-a ki té gin pou pran nésans sot nan ou-a, dapré vérité-a, sé Bondié ki pran chè-a, ou minm minm dapré doua-a ak rézon-an yo di-ou Manman Bondié, ou minm sètènman sé tout bon vré ou anfanté Bondié.

Ou minm réyèlman, anndan vant ou ki fèmin-an, sé Bondié li-minm minm ou ginyin, antan li rété nan ou dapré chè-a, épi sot nan ou antan-l soti tankou yon épou, épi l-ap préparé kè kontan pou tout moun, antan li kominiké limiè Bondié-a bay tout moun.

Nan ou minm réyèlman, ou minm Vièj la, tankou nan yon sièl ki klè anpil épi k-ap briyé, Bondié *té pozé tant li-a; épi li soti nan ou tankou épou-a sot nan chanm nòs la*; épi antan-l imité kous jéan-an, nan lavi li-a li kouri rout la, pou-l vîn sové tout vivan yo, épi antan li laji tèt li dépi sot nan rotè sièl yo al jous nan rotè sièl yo, li ranpli tout bagay ak chalè Bondié-a épitou an minm tan ak yon ékla ki bay lavi.

RÉPONS

R/. Réyèlman vré ou béni nan pami médam yo, paské ou té chanjé malédiksion Èv la an bénédiksion. * Bénédiksion Papa-a té parèt antan-l kléré pou moun yo.

V/. Pa lintèmédiè-ou zansèt ou yo té jouinn sové yo sové yo-a.
* Bénédiksion.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sin Èlred, abé

(Sermo 20, In Nativitate beatæ Mariæ: PL 195, 322-324)

Mari, manman nou

An nou proché kot épouz li-a, an nou proché kot manman li-a, an nou proché kot pi bon sèvant li-a. Tout sa sé sint Mari.

Min kisa n-apral fè pou li? Ki kalité kado n-ap ofri-l? Sa t-a tèlman bon si omouin nou t-a kapab rémèt li sa nou doué-l la poutèt dèt la? Nou minm minm nou doué-l onè-a, nou minm minm nou doué-l sèvis la, nou minm minm nou doué-l rinmin-an, nou minm minm nou doué-l louanj la. Nou minm minm nou doué-l onè-a, paské sé Manman Granmèt nou-an. Réyèlman moun ki pa onoré manman-an, pa gin dout nan sa, li dézonoré pitit la. Yon lòt foua Ékritu-a di: *Onoré papa-ou ak manman-ou.*

Kisa donk n-ap di, frè yo? Èské li minm minm sé pa manman nou li yé? Sètènman, frè yo, li minm minm réyèlman vré sé manman nou. Pa lintèmédiè-l réyèlman nou pran nésans, pa pou tè-a min pou Bondié.

Nou tout, jan nou kouè-a épi nou konnin-an, nou té nan lanmò-a, nan viyéisman-an, nan fènoua yo, nan mizè-a. Nan lanmò-a paské nou té nan dékonpozision-an; nan fènoua yo, paské limiè sajès la té manké nou, épi konsa toutafè nou t-ap péri.

Min pa lintèmédiè Sint Mari nou vîn gin yon nésans ki pi bon anpil pasé pa lintèmédiè Èv la, poutèt Kris la té pran nésans sot nan li. Nan plas viyéisman-an nou té tounin jouinn novoté-a, nan plas dékonpozision-an inposibilité dékonpozision-an, nan plas fènoua yo limiè-a.

Li minm minm li sé manman nou, manman lavi nou, manman inposibilité dékonpozision nou-an, manman limiè nou-an. Apot la di osijè

Granmèt nou-an: *Li minm Bondié fè vîn tounin sajès épi jistis épi sanktifikasion épi rédanmsion pou nou.*

Li minm donk ki manman Kris la, li manman sajès nou-an, li manman jistis nou-an, li manman sanktifikasion nou-an, li manman rédanmsion nou-an. Sé pou sa li pi manman nou pasé manman chè nou-an. Konsa nésans nou sot nan li-a sé li ki pi bon paské sé nan li minm sin nou vîn sin-an soti, sajès nou-an, jistis nou-an, sanktifikasion nou-an, rédanmsion nou-an.

Ékritu-a di: *Fè louanj Granmèt la nan sin-l yo.* Si yo doué fè louanj Granmèt nou-an nan sin sa yo li fè puisans ak mirak pa lintèmediè yo-a, sé pi plis ankò yo doué fè louanj pou li nan sa-a koté li fè pròp tèt li-a, li minm ki admirab anlè tout sa ki admirab yo.

RÉPONS

R/. Kontantman pou ou, sint Vièj Mari, épi ou mérité tout louanj: * Nan li solèy jistis la té soti, Kris la, Bondié nou-an, li minm pa lintèmediè-l nou sovè épi nou rachté (T.P. Alélouya).

V/. An nou sélébré fèt sint Vièj Mari ak kè kontan. * Nan li.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Konstitision dògmatik *Lumen génitium* (Limière nasion yo) dézièm Konsil Vatikan-an osijè Égliz la

(Nn. 61-62)

Matènitè Mari-a nan dispozision distribision gras la

Sint Vièj la, dépi tout tan, dapré désizion Providans Bondié-a, té déstiné davans kòm manman Bondié ansanm avèk inkarnasion Paròl

Bondié-a, sou tè sa-a li té vénérab Manman Bondié Rédanmte-a, yon fason spésial plis pasé lòt yo li té yon asosié ki gin gran kè épi yon sèvant Granmèt la ki gin umilité. Antan li poté Kris la nan vant li, li ba li nésans, li nouril, li ofri-l nan tanp la bay Papa-a, épi antan li soufri ansanm ak Pitit li-a k-ap mouri sou koua-a, li té kolaboré yon fason ki vrèman spésial nan travay Sovè-a, ak obéyisans, ak lafoua, ak éspérans épi ak charité k-ap bay flanm pou réfè lavi surnaturèl nanm yo. Sé pou rézon sa-a li vîn tounin manman nou nan dispozision gras la.

Min matènitè Mari sa-a nan dispozision distribision gras la ap diré san rété, dépi apati konsantman li té bay ak fidélitè nan anonsiasion-an, sa-l té kinbé tou san ézité anba koua-a, jous nan akonplisman définitif tout sa yo chouazi yo. Nan sièl yo réyèlman koté yo té pran-l nan, li pa-t sispann ròl sa-a, ki sèvi pou sovè-a, min gras a intèsésion-l nan ki vîn pi plis la, li réyisi fè nou jouinn kado k-ap sovè nou pou tout tan-an.

Ak charité li ginyin kòm manman-an, li pran souin frè Pitit li-a, yo minm ki an pèlérinaj toujou épi k-ap panché nan danjé ak nan kè séré, jous yo fè yo fîn rivé nan patri kè kontan-an.

Sé pou sa nan Égliz la yo invoké Sint Vièj Mari ak tit: Avoka, Oksiliatris, Sékourab, Médiatris. Poutan sé pou yo konprann sa yon fason pou nan dignité avèk éfikasité Kris la kòm sèl Médiatè-a sa pa rétiré anyin, sa pa ajouté anyin.

Pa gin okinn kréatu ki t-a kapab janm konsidéré sou minm nivo avèk Paròl ki pran chè-a épi ak Rédanmte-a, min minm jan sasèrdòs Kris la sé nan diféran fason ni minis yo ni pèp fidèl la patisipé ladan-l, épi minm jan yon sèl bonté Bondié-a sé nan diféran fason li vîn koulé réyèlman nan kréatu yo, konsa sèl médiasion Rédanmte-a li pa anpéché min li fè diféran kolaborasion ki patisipé sot nan yon sèl sous la lévé kanpé kay kréatu yo.

Min kalité ròl an dépendans sa-a Mari ginyin-an, Égliz la pa ézité déklaré-l, sé san rété li ékspérimanté-l épi rékòmandé-l bay kè fidèl yo,

pou yo kolé kè yo pi séré sou Médiatè-a ak Sovè-a, antan yo apuiyé sou sékou manman sa-a.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 42

R/. Virjinité ki sin épi ki san tach, ak ki louanj pou-m lévé-ou anlè, mouin pa konnin; * Paské li minm sièl yo pa kapab kinbé-a, ou té poté-l nan vant ou.

V/. Ou béni nan médam yo épi frui vant ou-a béni. * Paské li minm.

Nan solanité ak fèt, *Te Deum*, 707.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**IMN** (*O gloriósa dómina*)

Ou minm Rèn ki nan gloua-a,
ki anlè nèt dépasé zétoual yo,
Sa-a ki té kréyé-ou avèk prévouayans la,
ou nour-i ak lèt nan sin-ou ki sakré-a.

Sa Èv té détrui-a antan-l vîn tris,
ou minm ou rinnèt li ak ti moun ou-ap nour-i-a;
pou zétoual ki t-ap kriyé yo té antré,
ou nivlé santié-a ak bon kè-ou.

Ou sé pòtay roua-a ki anlè-a,
ak pòt limiè-a ki kléré kon zèklè-a;
lavi-a yo ba nou pa lintèmedié Vièj la,
nasion ki rachté yo, sé pou nou bat bravo pou li.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a,
 ak pou Sa-a ou Anfanté-a,
 yo minm ki vlopé-ou
 ak rad gras la ki ékstraòdinè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala kontantman pou ou, Mari, paské pa lintèmédiè ou-minm sovè tè-a sovè-a li rivé ; kòm ou déjà nan gloua-a ou kontan dévan Granmèt la ; intèsédé pou nou kot Pitit la.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743 :

Réf. 2 Ou sé gloua Jérusalèm, ou sé kontantman Israèl, ou sé onè pèp nou-an.

Réf. 3 Mari ki Vièj, sé pou-ou toujou kontan, ou minm ki té mérité poté Kris la, sovè-a.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 61, 10

Mouin kontan anpil nan Granmèt la, nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan, paské li abiyé-m ak rad sovè mouin sovè-a épi li vlopé-m nan manto jistis la, tankou yon épouz ki dékoré ak bijou-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té chouazi-l, * Li té chouazi-l davans. Granmèt la.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Li té chouazi-l davans. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. Pòt paradi-a té fèmin pou tout moun akòz Èv, épi gras a Mari ki Vièj li vîn louvri byin laj.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an, pandan n-ap sélébré-l, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Ou minm Solèy jistis la, sa Vièj Imakilé-a té pran dévan-l tankou limiè dévanjou-a,

— fè nou favè pou nou toujou maché nan limiè vizit ou-a.

Paròl pou tout tan-an, ou minm ki té chouazi Mari kòm kòf kontra-a ki pap gaté-a pou-ou abité-a,

— libéré nou anba péché-a k-ap gaté nou-an.

Sovè nou, ou minm ki té gin manman-ou toupuré koua-a,

— fè nou favè, antan l-ap intèsédé kòz nou, pou nou gin kè kontan nan patisipasion soufrans ou yo.

Jézu, ou minm ki byinvéyan anpil, ou minm ki antan-ou té pandié sou koua-a ou té rinnèt Mari bay Jan kòm manman,

— fè nou viv yon fason pou yo rékonèt nou kòm pitit li.

Oubyin yon lòt :

Sovè nou-an, pandan n-ap sélébré-l, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Sovè tè-a, ou minm ki té présévé Manman-ou anba tout tach péché gras a pouvoua rédanmsion-ou nan,

— kinbé nou pròp sot nan péché-a.

Rédanmtè nou, ou minm ki té fè Vièj Mari vîn tounin chanm ki pròp nèt
koté ou abité épi kay sakré Éspri-Sin-an,

— fè nou tounin tanp Éspri-ou la pou tout tan.

Paròl pou tout tan-an, ou minm ki té aprann manman-ou chouazi pi bon
pòsion-an pou li,

— fè nou favè pou nou pran modèl sou li, antan n-ap chèché manjé-a k-
ap diré pou lavi tout tan-an.

Roua tout roua yo, ki té vlé pran manman-ou nan sièl la avèk ou, ak kò-l
épi ak nanm li,

— fè nou toujou ap réfléchi sou bagay ki anro yo.

Granmèt sièl la ak tè-a, ou minm ki té fè Mari kanpé kòm rèn adouat ou,

— fè nou favè mérité asosié nan minm gloua li-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Nan Tan Avan :

Bondié, ou minm ki té vlé pou Paròl ou-a pran chè nan vant sint Vièj
Mari, lè Anj la té poté nouvèl la; fè sa k-ap sipliyé-ou yo favè, pou, nou
minm ki kouè li sé Manman Bondié tout bon vré, li édé nou ak
intèsésion-l yo koté-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan Tan Nésans Granmèt la :

Bondié, ou minm ki, gras a virjinité sint Mari ki donnin-an, té fè ras
moun nan sovè tout tan kòm rékonpans, fè nou favè, tanpri, pou nou santi

l-ap intèsédé pou nou, li minm pa lintèmediè-l nou mérité résévoua lotè lavi-a, Granmèt nou, Jézu-Kri Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1212), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127), yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Yo tout t-ap pèsévééré ansanm nan priyè avèk Mari manman Jézu.

LÉKTU KOUT

Sof 3, 14. 15 b

Fè louanj, pitit fi Siyon; pousé rèl, Israèl ! Réjoui, fété ak tout kè, pitit fi Jérusalèm ! Roua Israèl la Granmèt la nan mitan-ou.

V/. Manman ki sin-an épi Vièj ki intak la, rèn tè-a ki nan gloua-a.

R/. Intèsédé pou nou kot Granmèt la.

Pou Sèkst

Réf. Manman Jézu té di : Ninpòt sa li di nou, sé pou nou fè li.

LÉKTU KOUT

Zak 9, 9

Fété kont kò-ou, pitit fi Siyon; éklaté ak fèt, pitit fi Jérusalèm. Min Roua-ou la ap vîn jouinn ou, li minm ki kòrèk la, li minm ki sovè-a.

V/. Ala manman sa-a gin gloua.

R/. Li minm ki té anfanté roua sièl la.

Pou Nòn

Réf. Granmèt la té di manman-l : Madanm, min pitit ou. Apré sa li té di disip la : Min manman-ou, alélouya.

LÉKTU KOUT**Judt 13, 18-19**

Ou béni, ma fi, sot nan Bondié ki anro nèt la, plis pasé tout médam yo ki sou tè-a. Épi li béni, Granmèt, Bondié nou-an, ki té kréyé sièl la ak tè-a, ki té dirijé-ou nan blésé tèt chèf ènmi nou yo. Paské louanj ou pap sispann sot nan kè moun yo k-ap sonjé puisans Bondié jous pou tout tan.

V/. Mari t-ap konsèvé tout paròl sa yo.

R/. Antan-l t-ap kalkilé yo nan kè-l.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN (*Ave, maris stella*)

Mouin salué-ou, zétoual lanmè-a,
manman ki anfanté Bondié,
ou minm ki toujou rété vièj,
kè-ou kontan, ou minm, pot sièl la.

Ou minm ki résévoua « Avé » sa-a
nan bouch Gabrièl,
instalé nou fèm nan lapè-a,
antan-ou chanjé non « Éva »-a.

Défèt chinn koupab yo,
 poté limiè pou avèg yo,
 chasé mal nou yo,
 fè nou jouinn tou sa ki bon.

Montré ou sé manman,
 sé pou-l réservoua priyè-a pa lintèmediè-ou,
 li minm ki té pran nésans pou nou-an
 li té konpòté-l kòm sa-k pou ou.

Vièj ki san parèy,
 ki dou pasé tout moun,
 fè nou dégjé sot nan fot nou yo,
 fè nou tou dou, fè nou kinbé kò nou pròp.

Ba nou lavi ki nèt la,
 paré chémin ki asiré,
 pou antan nou ouè Jézu,
 nou kontan ansanm tout tan.

Louanj pou Bondié Papa-a,
 konsidérasion pou Kris la ki anlè nèt la,
 onè pou Léspri Sin-an,
 pou toua yo ki yon sèl la. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras; Granmèt la avèk ou.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè déklarasion pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras; Granmèt la avèk ou.

Réf. 2 Min sèvant Granmèt la: sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
 sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
 Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Min sèvant Granmèt la: sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.

Réf. 3 Ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a béni.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *

li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

5 li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,

6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,

7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,

dapré richès gras li-a, †

8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès

9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
dapré bon plézi-l,

sa-l té ranjé davans nan li, *

10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a béni.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras, * Granmèt la avèk ou. Mouin salué-ou.

V/. Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni. * Granmèt la avèk ou. Viv Papa-a. Mouin salué-ou.

Pou Magnificat la, réf. Ala kontantman pou ou, Mari, ou minm ki té kouè : y-ap fèt nèt nan ou, sa yo té di-ou sot nan Granmèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,

— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonnin péchè yo,

— bay tout moun sovè yo sovè-a épil lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,

— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,

— épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Oubyin yon lòt :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj,
li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-
a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Ou minm ki té fè Mari vîn tounin manman mizérikòd la,

— moun ki an danjé yo, fè yo santi rinmin manman-an li gin pou yo-a.

Ou minm ki té vlé Mari vîn tounin manman fanmiy nan kay Jézu ak Jozèf
la,

— gras a lapriyé-l, fè tout manman yo édé chofé rinmin-an épi vîn sin-an
nan fanmiy yo.

Ou minm ki té bay Mari fòs lè-l té kanpé tou kolé koua-a épi ou té plin-l
ak kontantman nan réziréksion Pitit ou-a,

— moun ki nan tribilasyon yo, ba yo soulajman épi asiré éspérans yo-a.

Ou minm ki té fè Mari fiksé atansyon-l sou paròl ou-a épi ou té fè-l tounin
sèvant ou ki fidèl,

— gras a lapriyé-l, fè nou vîn tounin sèvitè ak disip Pitit ou-a.

Ou minm ki kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin
yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Nan Tan Avan :

Bondié, ou minm ki té vlé pou Paròl ou-a pran chè nan vant sint Vièj Mari, lè Anj la té poté nouvèl la; fè sa k-ap sipliyé-ou yo favè, pou, nou minm ki kouè li sé Manman Bondié tout bon vré, li édé nou ak intèsésion-l yo koté-ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Nan Tan Nésans Granmèt la :

Bondié, ou minm ki, gras a virjinité sint Mari ki donnin-an, té fè ras moun nan sovè tout tan kòm rékonpans, fè nou favè, tanpri, pou nou santi l-ap intèsédé pou nou, li minm pa lintèmediè-l nou mérité résévoua lotè lavi-a, Granmèt nou, Jézu-Kri Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

KOMIN APOT YO

Pou premié Vèp yo

IMN (*Exsúltet cælum láudibus*)

Sièl la ap fété ak louanj
tè-a ap vòltijé ak kè kontan :
gran fèt sa yo ki sakré yo
y-ap chanté gloua Apot yo.

Nou minm jij ki kòrèk yo k-ap jijé sièk sa-a,
nou minm vré limiè tè-a,
n-ap priyé ak sa nou anvi nan kè nou,
kouté priyè k-ap sipliyé yo.

Nou minm ki fèmin sièl la
épi ki louvri séri-l yo avèk yon paròl,
ak yon lòd, tanpri, démaré nou
sot nan tout péché nou yo.

Sou lòd nou
santé ak maladi tout moun obéyi,
géri moun ki malad nan konduit yo,
fè nou rétounin vîn jouinn fòs.

Konsa, lè jij la, Kris la, ap vini
nan finisman sièk la,
l-a fè nou kapab jouinn
kè kontan tout tan ansanm avèk li.

Louanj gloua pou Bondié,
 li minm ki fòmé nou ak ansègnman Évanjil la
 pa lintèmediè nou, nou minm ki Apot,
 épi ki fè nou kapab rapousuiv bagay sièl yo.
 Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Jézu té rélé disip li yo, li té chouazi douz nan yo, yo minm li té minm bay non Apot.

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasyon yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua
 (Éb 13, 15).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasyon yo, *
 fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- ² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
 vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Jézu té rélé disip li yo, li té chouazi douz nan yo, yo minm li té minm bay non Apot.

Réf. 2 Antan yo kité filè yo, yo suiv Granmèt la, Rédanmtè-a.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹² [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³ [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴ [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵ [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶ [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷ [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸ [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹ [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰ [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Antan yo kité filè yo, yo suiv Granmèt la, Rédanmèt-a.

Réf. 3 Nou sé zanmi-m, paské nou té kinbé fèm nan rinmin-m nan.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- ⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- ⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- ⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- ¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nou sé zanmi-m, paské nou té kinbé fèm nan rinmin-m nan.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 42-45

Yo tout t-ap pèsévéré nan ansègnman apot yo ak nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyè yo. Krint la minm té rivé nan tout nanm ; anpil prodij ak sign t-ap fèt tou pa lintèmediè apot yo. Tout moun yo minm ki té kouè yo té égal épi yo té gin tout bagay an komin, yo té vann propriété yo ak byin yo, yo té séparé yo pou tout moun, dapré sa chak moun té bézouin.

RÉPONS KOUT

Jan 13, 35

R/. Nan sa tout moun ap konnin, * Nou sé disip mouin. Nan sa.

V/. Si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt. * Nou sé disip mouin. Viv Papa-a. Nan sa.

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pa nou minm ki té chouazi-m, min sé mouin minm ki té chouazi nou, mouin té mété nou pou nou alé épi pou nou poté frui épi pou frui nou-an diré.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasion Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lévé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout kréati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,
 — pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan
 kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,
 — fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,
 — résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua Apot yo, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu

IMN (*O sempiternæ cùriæ*)

Yo minm prins konsèy pou tout tan
 roua ki anro nèt la,
 sa yo sé antan Jézu li minm té anségné yo
 li té bay yo kòm Apot ronm tè-a,

Jérusalèm ki anro-a,
 sa limiè-l sé Mouton-an,
 sé nou li ginyin kòm piè gran valè k-ap briyé,
 nou minm kòm fondasion ékstraòdinè.

Sé nou minm tou l-ap fété ak rékonésans
 kounié-a, Égliz la épouz Kris la,
 sa mésaj nou-an té konvoké-a,
 sa nou té konsakré avèk san nou-an.

Lè sièk yo ap rivé bout
 Rédanmtè-a ap chita kòm jij,
 ak louanj nou minm tou n-ap chita,
 tankou séna gloua anlè-a.

Sé pou sa antan priyè nou-an ap édé-n san rété
 sé pou-l ranfòsé-n,
 pou sémans yo nou té planté yo
 fléri nan galata sièl la.

Gloua tout tan pou Kris la,
 ki fè nou tounin mésajé-l yo,
 nou minm, sé pou Papa-a ak Éspri-a
 ranpli nou ak rékonfò grandè yo-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nan tout tè-a son yo té soti, épi paròl yo jous nan limit ronn tè-a.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
 travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.

- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon é pou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Nan tout tè-a son yo té soti, épi paròl yo jous nan limit ronm tè-a.

Réf. 2 Yo té anonsé sa Bondié fè, yo té konprann aksion-l yo, alélouya.

Psòm 63 (64)

Priyè kont ènmi yo

Plis pasé tout bagay yo montré valè souffrans Granmèt la nan psòm sa-a (S. Ogustin).

- 2 Bondié, kouté voua-m k-ap plinn ; *
prézèvé nanm mouin sot nan krint ènmi-an.
- 3 Protéjé-m sot nan rasanbléman méchan yo, *
sot foul moun yo k-ap fè méchansté-a.
- 4 Yo té filé lang yo tankou yon épé, †
yo té ajusté flèch yo, sé paròl anpouazonnin, *

- 5 pou yo t-a tiré flèch an kachèt kont sa-k san répròch la.
San-z-atann yo t-ap tiré flèch sou li, épi yo pa pè, *
- 6 youn té soutni lòt nan mové kòz la.
Yo té antann yo pou yo kaché pièj yo, *
yo t-ap di : « Kilès k-ap ouè yo ? ».
- 7 Yo té kalkilé méchansté, †
yo réalizé plan yo fîn kalkilé-a. *
Anndan moun nan ak kè-l sé yon trou san fon.
- 8 Sèlman Bondié tiré flèch sou yo ; †
san-z-atann, yo pran gro kou, *
pròp lang yo fè yo fébli.
- 9 Tout moun k-ap ouè yo, y-ap souké tèt yo, *
10 tout moun ap vîn pè ;
y-ap déklaré sa Bondié fè, *
y-ap konprann aksion-l yo.
- 11 Moun ki kòrèk la ap kontan nan Granmèt la, l-ap éspéré nan li, *
tout moun ki douat nan kè yo ap jouinn gloua.

Réf. Yo té anonsé sa Bondié fè, yo té konprann aksion-l yo, alélouya.

Réf. 3 Yo té anonsé jistis li, tout pèp yo té ouè gloua li.

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sovè tè-a sovè-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- 1 Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- 2 Nuaj yo ak brouya entouré-l, *

- jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- 3 Difé ap maché dévan-l, *
- l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- 4 Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
- tè-a ouè, li sézi.
- 5 Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
- dévan fas Granmèt tout tè-a.
- 6 Sièl yo anonsé jistis li, *
- tout pèp yo ouè gloua li.
- 7 Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
- sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
- Adoré-l, tout anj li yo.
- 8 Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †
- pitit fi Juda yo fété, *
- poutèt jijman-ou yo, Granmèt.
- 9 Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèt anlè tout tè-a, *
- ou lévé byin ro anlè tout dié yo.
- 10 Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
- li protéjé nanm sin-l yo, *
- li délivré yo sot nan min péchè yo.
- 11 Limiè-a lévé pou moun ki kòrèk la, *
- ak kè kontan pou kè ki douat yo.
- 12 Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
- fè déklarasion pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Yo té anonsé jistis li, tout pèp yo té ouè gloua li.

V/. Yo té rakonté louanj Granmèt la ak puisans li yo.

R/. Ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan prémié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

1, 18 — 2, 5

Apot yo préché koua-a

Frè yo: ^{1,18} Paròl koua-a réyèlman sé yon foli pou moun k-ap pèri yo ; min pou sa yo k-ap sovè yo, sètadi nou minm, sé pouvoua Bondié. ¹⁹ Min sa-k ékri-a di :

« *M-ap pèdi sajès saj yo,
m-ap réjté intéljans intéljian yo* ».

²⁰ Koté saj la ? Koté skrib la ? Koté moun k-ap ranpòté viktoua sou sièk sa-a ? Èské Bondié pa fè sajès tè sa-a vîn tounin foli ? ²¹ Réyèlman, paské nan sajès Bondié-a, tè-a pa-t konprann Bondié pa lintèmédiè sajès Bondié-a, Bondié té desidé sovè moun ki kouè yo pa lintèmédiè foli prèch la. ²² Sèké Juif yo ap mandé sign, Grèk yo ap chèché sajès, ²³ nou minm minm n-ap préché Kris la yo klouré sou koua-a, pou Juif yo minm sé yon skandal, pou nasion yo minm sé yon foli; ²⁴ min pou sa yo rélé yo, Juif yo ak Grèk yo, sé Kris la, puisans Bondié-a ak sajès Bondié-a, ²⁵ paské sa-k fou pou Bondié, li pi saj pasé moun yo ; sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo.

²⁶ Gadé réyèlman rélé yo rélé nou-an, frè yo, sèké pa gin anpil saj dapré chè-a, ni anpil moun ki gin pouvoua, ni anpil moun ki sot nan gran ras; ²⁷ min sé sa-k fou sou tè-a Bondié té chouazi, pou-l fè saj yo ront, sé sa-k fèb sou tè-a Bondié té chouazi, pou-l fè sa-k fò yo ront ; ²⁸ sé sa-k san konsidèrasion ak sa yo méprizé sou tè-a Bondié té chouazi, ak sa-k pa anyin, pou-l détrui sa-k kichòy yo, ²⁹ pou okinn chè pa bay tèt li gloua dévan fas li. ³⁰ Sé gras a li tou nou nan Kris Jézu, li minm ki vîn tounin sajès pou nou sot nan Bondié, ak jistis, ak sanktifikasion, ak rédanmsion, ³¹ pou jan sa ékri-a :

« *Moun k-ap bay tèt li gloua,
sé nan Granmèt la pou-l bay tèt li gloua* ».

^{2,1} Épi mouin minm, lè-m rivé koté nou, frè yo, mouin pa-t vini pa lintèmédiè ékstravagans diskou oubyin sajès, antan m-ap anonsé nou mistè Bondié-a. ² Mouin pa-t konsidéré réyèlman mouin konn kichòy nan pami nou, sof Jézu-Kri épi li minm sa-a ki klouré sou koua-a. ³ Épi mouin minm sé nan féblès épi krint épi anpil tranbléman mouin té lakay nou ; ⁴ diskou mouin-an épi prèch mouin-an pa-t nan paròl sajès k-ap chèché konvink, min sé té nan montré Éspri-a ak puisans la, ⁵ pou lafoua nou-an pa nan sajès lèzòm, min nan puisans Bondié-a.

RÉPONS

Cf. Mt 10, 18. 19-20

R/. Lè n-ap kanpé dévan roua yo ak préfè yo, pa réfléchi sou fason oubyin sou sa n-ap di: * Sé nan lè sa-a minm réyèlman y-ap ba nou sa pou nou di-a.

V/. Sé pa nou minm réyèlman k-ap palé; min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou. * Sé nan lè sa-a minm.

Dézièm léktu-a yo pran-l nan Pròp pou Sin yo.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, tankou nan Pròp pou Sin yo.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa sé komandman-m nan : sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin té rinmin nou.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Yon charité ki pi gran, pèsonn pa ginyin-l pasé sa-k t-a dépozé nanm li pou zanmi-l yo.

Réf. 3 Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa-m kòmandé nou, sé sa Granmèt la di.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé sitouayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou instalé yo kòm chèf * Sou tout tè-a. Ou instalé.

V/. Y-ap fè sonjé non-ou, Granmèt. * Sou tout tè-a. Viv Papa-a. Ou méré yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Nan fondasion vil ki sin-an, Jérusalèm, gin non douz Apot Mouton-an; épi lanp li-a sé Mouton-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, antan nou résévoua éritaj sièl la nan min Apot yo, an nou rann Papa nou-an gras pou tout kado-l yo, antan n-ap di byin fò :

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Louanj pou ou, Granmèt, pou tab kò-a ak san-an, sa Apot yo transmèt nou-an,

— sé li minm ki réfè nou, épi ki fè nou viv.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou tab paròl ou-a, sa Apot yo paré pou nou-an,

— koté yo ba nou limiè-a ak kè kontan-an.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou Égliz ou-a ki sin-an, ki bati sou Apot yo,

— li minm koté nou vîn fòmé yon sèl kò ansanm nan.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou bingn batèm nan ak pénitans la ou konfié Apot yo,

— li minm ki lavé nou sot nan tout péché yo.

Sé pou troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Papa nou.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1212), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127), yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Antan nou alé, préché, Bòn Nouvèl péyi-roua-a : nou té résévoua gratis, sé pou nou bay gratis.

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 19b-20

Bondié té mété paròl rékonsiliation-an nan nou. Pou Kris la donk nou sèvi komisionè, sé tankou si sé Bondié k-ap bay ankourajman pa lintèmédiè nou : n-ap insisté pou Kris la, kité yo rékonsilié nou avèk Bondié.

V/. Nan tout tè-a son yo té soti (T.P. Alélouya).

R/. Jous nan limit ronnn tè-a paròl yo rivé (T.P. Alélouya).

Pou Sèkst

Réf. Min mouin avèk nou touléjou, joustann sièk la akonpli nèt.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 12a. 14

Pa lintèmediè min Apot yo té gin anpil sign ak prodij ki t-ap fèt nan pèp la. Yo t-ap vîn pi plis minm, fowl gason ak fi ki té kouè nan Granmèt la.

V/. Yo té kinbé témouagnaj Bondié yo.

R/. Ak kòmandman-l yo.

Pou Nòn

Réf. Nan pasians nou n-ap posédé nanm nou.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 41-42

Apot yo té pati tou kontan sot dévan tribinal la, paské yo té konsidéré yo alarotè pou yo soufri mové trétman pou non-an; épi chak jou nan tanp la ak alantou kay yo pa-t sispann ap bay ansègnman épi ap anonsé bòn nouvèl Jézu sé Kris la.

V/. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, sé sa Granmèt la di.

R/. Paské non nou yo ékri nan sièl yo.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Exsúltet cælum láudibus*, 1385.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé nou minm ki té rété avèk mouin nan éprèv mouin yo.

Psòm 115 (116 B)**Aksion-d-gras nan tanp la**

Pa lintèmédiè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- ¹⁰[1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹[2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- ¹²[3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³[4] M-ap pran kalis ki sové nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴[5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵[6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †

- ¹⁷ [8] m-ap sakrifié sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ [9] M-ap rinmèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹ [10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Sé nou minm ki té rété avèk mouin nan éprèv mouin yo.

Réf. 2 Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
n-ap kouché byin ta, †
n-ap manjé pin fatig, *
sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a.

Réf. 3 Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, min m-ap rélé nou zanmi mouin, paské tou sa-m té tandé kot Papa-m, mouin té fè nou konnin yo.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- ⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- ⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- ⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,

sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, min m-ap rélé nou zanmi mouin, paské tou sa-m té tandé kot Papa-m, mouin té fè nou konnin yo.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 11-13

Kris la té bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé sa-k évanjélis, dèt yo minm sé gadyin ak anségnan pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun apouin nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Anonsé nan pami nasion yo * Gloua Granmèt la. Anonsé.

V/. Mèvèy li yo nan mitan tout pèp yo. * Gloua Granmèt la. Viv Papa-a. Anonsé.

Pou *Magnificat* la, réf. Nan jénérasyon k-ap réfèt la, lè Pitit moun nan ap chita sou fotèy grandè-l la, n-ap chita nou minm tou, pou nou jijé douz group fanmi Israèl yo.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasyon Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lèvé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout kréati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

KOMIN MATI YO

POU PLIZIÈ MATI

Pou premié Vèp yo

IMN (*Sanctorum meritis inclita gaudia*)

Antan nou asosyé ak mérit sin yo,
n-ap chanté kè kontan ékstraòdinè yo,
ni aksion yo fè ki mandé anpil kouraj,
sèké gras a kantik yo nanm nou anvi jouinn favè
ras bon kalité moun sa yo ki ranpòté viktoua-a.

Pou mésié ki mati yo :

Sé yo minm tè-a té vlé kinbé-a antan-l t-ap ménasé yo,
min yo méprizé-l nèt, tè sa-a ki pa kapab donnin anyin-an
ak flè li ki pa kapab bay frui-a,
épi yo suiv ou, ou minm Kris la, bon roua sièl la.

Pou médam ki mati yo :

Sé yo minm fi sa yo tè-a té vlé kinbé-a antan-l t-ap ménasé yo,
min yo méprizé-l nèt, tè sa-a ki pa kapab donnin anyin-an
ak flè li ki pa kapab bay frui-a,
épi fi sa yo suiv ou, Jézu-Kri, bon roua sièl la.

Sé yo minm ki sipòté kòlè ak mové tretman poutèt ou;
 yo pa fè tandé rèl babié ni plinyin,
 min antan kè yo rété an silans,
 éspri yo byin dakò pa sispann gin pasians.

Ki voua, ki lang, ki kapab kaché
 kado ou préparé pou mati yo ?
 Yo tou rouj ak san k-ap koulé,
 yo anrichi ak kouròn lorié ki byin kléré.

Bondié ki toua, ki yon sèl, n-ap priyé-ou,
 pou-ou lavé fot yo, pou-ou ouété sa k-ap fè nou ditò,
 pou-ou bay sèvitè-ou yo lapè, pou nou minm tou
 ou ba nou gloua-a pou tout sièk yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sin yo té sibi anpil soufrans pou yo rivé ranpoté viktoua mati-a avèk asirans.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I

¹ Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.

² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasyon-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.

Réf. Sin yo té sibi anpil soufrans pou yo rivé ranpoté viktoua mati-a avèk asirans.

Réf. 2 Avèk ramo viktoua-a sin yo rivé nan rouayòm nan, yo mérité résévoua kouròn onè yo nan min Bondié. (T.P. Alélouya).

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *

Granmèt la poté-m sékou.

- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

Réf. 2 Avèk ramo viktoua-a sin yo rivé nan rouayòm nan, yo mérité résévoua kouròn onè yo nan min Bondié.

Réf. 3 Mati yo té mouri pou Kris la, épi y-ap viv pou tout tan.

Kantik

1 Piè 2, 21-24

Osijè soufrans volontè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 21 Kris la tou té soufri pou nou, †
antan li kitè yon modèl pou nou, *
pou nou suiv tras li yo ;
- 22 li minm ki pa-t fè péché, *
yo pa-t jouinn tronpri nan bouch li ;
- 23 li minm, lè yo t-ap ba-l madichon, li pa-t bay madichon, †
lè li t-ap soufri, li pa-t fè ménas, *
okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ;

24 li minm ki poté péché nou yo *
 nan kò-l sou boua-a,
 pou, antan nou mouri parapò a péché yo,
 nou viv parapò a jistis la : *
 li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Réf. Mati yo té mouri pou Kris la, épi y-ap viv pou tout tan.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 35. 37-39

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? Tribilasyon, oubyin kè séré, oubyin pèsékision, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin épé ? Min nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua poutèt sa-a ki té rinmin nou-an. Mouin sètin réyèlman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni présion, ni tan k-ap vini yo, ni fòs, ni rotè, ni profondè, ni okinn lòt kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Nanm moun ki kòrèk yo, * Sé nan min Bondié yo yé. Nanm.

V/. Épi soufrans lanmò-a pap touché yo. * Sé nan min Bondié yo yé.
 Viv Papa-a. Nanm.

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pou sa yo réyèlman rouayòm sièl yo yé, yo minm ki té méprizé lavi tè-a, épi ki té rivé nan rékonpans rouayòm nan épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinmèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou plizie fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou plizière Médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua mati yo, Granmèt la, vini an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN, (*Rex glorióse mártýrum*)

Ou minm roua mati yo ki nan gloua-a,
kouronnin sa-k déklaré rékonèt ou yo,
yo minm ki antan yo méprizé sa-k sou tè-a
ou minnin yo nan sa-k nan sièl yo.

Sé yon zòrèy byinvéyan tousuit
pou mété sou voua nou yo;
n-ap chanté trionf sakré-a,
pa konsidéré sa nou manké yo.

Ou minm ou ranpòté viktoua nan mati yo
 antan ou-ap padoné ak sa-k déklaré rékonèt ou yo;
 ou minm ranpòté viktoua sou péché nou yo
 antan ou bay padon-an.

Ba nou sa, Papa ki gin bon kè anpil la,
 épi Sèl Sa-a ki parèy ak Papa-a,
 avèk Éspri Paraklè-a
 antan ou-ap régné pou tout sièk. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 San sin mati yo sé pou Kris la yo vidé-l sou tè-a; sé poutèt sa yo
 té résévoua rékonpans ki la pou tout tan-an.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a
 (Tr Ap 4, 27).

- ¹ Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
 pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- ² Roua yo sou tè-a kanpé, †
 chèf yo rasanblé fè yon sèl *
 kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- ³ « An nou kasé chinn yo, *
 an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- ⁴ Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
 Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- ⁵ Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *

- nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplin nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. San sin mati yo sé pou Kris la yo vidé-l sou tè-a; sé poutèt sa yo té réservoua rékonpans ki la pou tout tan-an.

Réf. 2 Sa-k kòrèk yo sé pou tout tan y-ap viv, épi sé kot Granmèt la rékonpans yo yé.

Psòm 32 (33)

Louanj pou Granmèt la k-ap voyé jé sou nou

Tout bagay té fèt palintèmediè-l (Jan 1, 3).

I

- 1 Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo ; *
- louanj la alé ak moun ki douat yo.
- 2 Fè déklarasion pou Granmèt la sou gita, *
- sou instriman dis kòd la, chanté pou li.
- 3 Chanté yon kantik nouvo pou li, *
- joué mizik byin pou li avèk gran bravo,
- 4 sèké paròl Granmèt la douat, *
- tout aksion-l yo nan fidélité.
- 5 Li rinmin jistis ak jijman ; *
- mizérikòd Granmèt la plin tè-a.
- 6 Ak paròl Granmèt la sièl yo fèt, *
- ak souf bouch li tout lamé yo.
- 7 Li ranmasé dlo lanmè-a tankou nan yon kalbas, *
- bafon lanmè yo, li séré yo nan ja.
- 8 Sé pou tout tè-a respékté Granmèt la, *
- dévan fas li sé pou tout moun sou tè-a tranblé.
- 9 Paské li minm li palé, épi bagay yo fèt, *
- li kòmandé, yo kréyé.
- 10 Granmèt la gayé plan nasion yo, *
- li bloké kalkil pèp yo.
- 11 Min plan Granmèt la rété pou tout tan, *
- kalkil kè-l pou jénérasion ak jénérasion.

Réf. Sa-k kòrèk yo sé pou tout tan y-ap viv, épi sé kot Granmèt la rékonpans yo yé.

Réf. 3 Sin mouin yo, nou minm ki té batay nan sièk sa-a, mouin minm m-ap rinmèt nou rékonpans travay yo.

II

- 12 Ala kontantman pou nasion-an,
 ki gin Granmèt la pou Bondié-l, *
 pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.
- 13 Antan-l nan sièl la Granmèt la voyé jé-l, *
 li ouè tout pitit moun yo.
- 14 Antan-l nan koté li abité-a li voyé-jé-l *
 sou tout moun ki abité tè-a.
- 15 li minm ki fòmé kè yo chak, *
 ki égzaminé tout travay yo.
- 16 Roua-a pap sovè gras a yon kantité lamé, *
 sòlda vanyan-an pap délivré gras a kantité fòs li.
- 17 Sé pa vré choual ap sèvi pou sovè, *
 ak kantité fòs li, li pap sovè.
- 18 Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo, *
 sou moun ki éspéré sou mizérikòd li-a,
- 19 pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò, *
 pou-l ba yo manjé nan grangou.
- 20 Nanm nou ap tann Granmèt la, *
 paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm ;
- 21 paské nan li kè nou ap kontan, *
 épi nan non-l ki sin-an n-ap éspéré.
- 22 Sé pou mizérikòd ou vîn sou nou, Granmèt, *
 tankou nou té éspéré sou ou.

Réf. Sin mouin yo, nou minm ki té batay nan sièk sa-a, mouin minm m-ap rinmèt nou rékonpans travay yo.

V/. Nanm nou ap tann Granmèt la.

R/. Paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm.

PRÉMIÉ LÉKTU

Si gin koté yo prolonjé ak vijil la, nan plas léktu ki suiv la y-ap pran léktu: Saj 5, 1-15, 1549, avèk R/. Mésié ki sin yo, 1417.

Sot nan liv Sajès la

3, 1-15

Nanm moun kòrèk yo nan min Bondié

¹ Nanm moun ki kòrèk yo minm, sé nan min Bondié yo yé, touman lanmò pap touché yo.

² Dévan jé moun san sajès yo, yo sanblé yo mouri ;
lè yo pati kité tè sa-a, moun yo konsidéré sa tankou yon malè ;

³ lè y-al fè rout yo kité nou, sa parèt kòm si yo té péri ;
époutan yo minm yo nan lapè.

⁴ Minm si dévan moun yo sibi anpil mati,
éspérans yo-a konblé ak lavi ki pa kapab mouri-a.

⁵ Yo jouinn koréksion nan ti kras,
y-ap jouinn bon pozision nan anpil ;
sèké Bondié té sondé yo,
épi li té jouinn yo kòrèk pou li.

⁶ Li fè yo bay prèv yo, tankou lò nan difé ;
tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li aksépté yo ;

⁷ lè tan-an rivé, y-ap kléré.
tankou étinsèl y-ap kouri nan difé ;

⁸ y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo,
Granmèt yo-a kòmandé kòm roua pou tout tan.

⁹ Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a.
Moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an,
paské li bay kado ak lapè pou sa yo li chouazi-a.

¹⁰ Méchan yo minm, dapré sa yo pansé
y-ap résévoua chatiman, yo minm ki néglijé moun ki kòrèk la,
ki réjité Bondié.

¹¹ Sa-k méprizé sajès la ak édikasion-an, l-ap nan mizè.
Éspérans yo vid, travay yo san frui,
aktivité yo pa sèvi anyin.

¹² Madanm yo pa gin bon sans,
piti yo pèvèti,
ras yo madichonnin,

¹³ paské ala kontantman pou madanm ki pa kapab fè pitit la,
sa-k san tach la, ki pa konn kabann nan péché,
l-ap gin frui nan vizit nanm yo.

¹⁴ Gason ki pa ka fè pitit la, ki pa fè mové aksion ak min-l,
ki pa brasé mové pansé kont Granmèt la,
y-ap ba-l gras laloua-a ki byin chouazi
ak yon éritaj gran kè kontan nan Tanp Granmèt la.

¹⁵ Frui bon éfò gin anpil gloua, rasîn intèlijans la pa kapab péri.

RÉPONS

Cf. Éféz 4, 4. 5

R/. Mésié ki sin yo té vidé san yo ki gin gloua-a pou Granmèt la, yo té
rinmin Kris la nan lavi yo-a, yo té pran modèl sou li nan lanmò yo-
a: * Épi sé poutèt sa yo té mérité kouròn trionf la.

V/. Yon sèl éspri, yon sèl lafoua té nan yo. * Épi sé poutèt sa.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Sipriyin, évèk épi mati

(Ep. 6, 1-2: CSEL 3, 480-482)

*Nou minm ki anvè rive nan sa Granmèt la promèt yo
nou doué imité Granmèt la nan tout bagay*

Mouin salué nou, frè yo mouin rinmin anpil la, antan mouin souété tou joui prezans pròp fas nou, si kondision koté-a t-a pèmèt mouin rivé lakay nou. Kisa réyèlman ki t-a kapab rivé-m ki pi souétab épi ki fè kè pi kontan pasé rété koté nou koulié-a, pou-m t-a anbrasé min sa yo ki pròp épi inosan épi antan yo kinbé lafoua Granmèt la, yo té répousé obéyisans sakrilèj la.

Kisa ki pi agréab épi ki pi ro pasé salué bouch nou yo koulié-a ki té fè déklarasion pou Granmèt la ak voua ki gin gloua, pou jé nou tou gadé-m prézan, yo minm ki, lè yo té méprizé sièk la, antan yo té gadé Bondié, yo té rété ak dignité.

Min paské yo pa bay posibilité pou kè kontan sa-a vîn égzisté, mouin voyé lèt sa-a bay zòrèy nou ak jé nou an ranplasman pou mouin; nan lèt sa-a mouin di mèsè épi mouin ankourajé an minm tan pou nou pèsévéré avèk fòs épi fèmté nan déklarasion gloua sièl la, épi antan nou antré nan chémin konsidérasion ki sot nan Granmèt la, pou nou rivé résévoua kouròn nan, gras a puisans spirituèl la, antan nou gin Granmèt la k-ap protéjé nou épi k-ap kondui nou, li minm ki té di: *Min li, mouin avèk nou toujou joutan tè-a fîn rivé bout li.*

Ala chans pou prizon sa-a, li minm prezans nou té kléré-a! Ala chans pou prizon sa-a, ki té voyé moun Bondié yo nan sièl la! Ala fènoua ki briyé pi plis pasé solèy la li-minm, épi ki pi kléré pasé limiè sa-a ki sou

tè-a, koté yon sètin fason tanp Bondié yo drésé épi manb nou yo vîn sin gras a déklaré nou déklaré nou pou Bondié-a!

Épi pa gin anyin dòt koulié-a ki vidé nan kè ak nan léspri nou pasé lòd Bondié yo ak kòmandman sièl yo, pa lintèmédiè yo Éspri-Sin-an té toujou pousé nou pou nou sipòté soufrans la. Sé pou pèsonn pa sonjé mouri n-ap mouri-a min mouri nou pap mouri-a, ni chatiman pou yon tan-an, min gloua pou tout tan-an, puiské yo ékri: *Li gin valè dévan Bondié lanmò moun li yo ki kòrèk yo*. Épi yon lòt foua: *Sakrifis pou Bondié sé yon léspri ki krazé, yon kè yo pilé épi yo rabésé Bondié pa méprizé-l*.

Épi yon lòt foua, koté Ékritu Bondié-a ap palé osijè toumant ki konsakré mati Bondié yo épi ki sanktifié yo ak prèv soufrans la li-minm: *Épi si dévan moun yo, yo té sipòté soufrans, éspérans yo-a té plin ak mouri yo pap mouri-a. Y-ap jijé nasion yo épi y-ap kòmandé pèp yo épi Grammèt yo-a ap régné pou tout tan*.

Lè donk n-ap sonjé nou minm n-ap gin pou jijé épi régné ansanm ak Kris la Grammèt la, li nésésè pou nou fété épi, ak kè kontan sa k-ap vini yo, pou nou pilé anba pié nou soufrans yo ki la koulié-a, antan nou konnin dépi kòmansman tè-a sé konsa sa té établi pou jistis la soufri anba isit la nan konba kont sièk la, lè nan kòmansman-an tousuit an prémié yo té touyé Abèl ki kòrèk la, épi apati la ninpòt moun kòrèk ni profèt ni apot yo té voyé yo.

Pou yo tout Grammèt la tou nan li minm minm, li té mété tèt li kòm égzanp, antan li anségné sé sèlman sa yo ki suiv li atravè chémin li-an k-ap rivé nan rouayòm li-an, antan-l di: *Moun ki rinmin nanm li nan sièk sa-a, l-ap pèdi-l*. *Épi moun ki rayi nanm li nan sièk sa-a l-ap konsèvé-l pou lavi étènèl la*. Épi ankò: *Pa pè sa yo k-ap touyé kò-a, alòské nanm nan yo pa kapab touyé-l: min pi plis sé pou nou pè sa-a ki kapab touyé ni nanm nan ni kò-a nan jèèn nan*.

Pòl minm ankourajé nou pou nou minm ki anvi rivé nan sa Grammèt la promèt yo, nou doué suiv modèl Grammèt la nan tout bagay: *Nou sé pitit*

Bondié, sé sa-l di, min si nou sé pitit sé éritié Bondié nou yé tou, épitou nou éritié ansanm ak Kris la, si réyèlman nou soufri ansanm ak li, pou yo fè nou vîn gran ansanm avèk li tou.

RÉPONS

R/. Antan nou minm n-ap batay épi antan sa lafoua-a rasanblé yo ap goumin, Bondié ap égzaminé, anj li yo ap égzaminé, Kris la tou ap égzaminé. * Ala kantité dignité gloua sa yé, épi ala kantité kontantman pou nou rasanblé an prezans Bondié épi pou nou kouroné nan min Kris la, jij la.

V/. Sé pou nou pran zam ak tout fòs épi sé pou nou paré pou konba-a avèk yon léspri ki pa gaté, yon lafoua intak, yon énéji ki tou paré. * Ala kantité.

Nan solanité yo ak fèt yo, Te Deum, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Ætérna Christi múnera*)

Ak tout kontantman nan kè nou n-ap chanté
kado Kris la ki la tout tan yo
ak viktoua mati yo,
antan n-ap pot louanj nou doué yo.

Prins Égliz la,
jénéral lagè ki ranpòté viktoua,
sòlda palè sièl la
ak vrè limiè tè-a.

Yo ranpòté viktoua sou sièk la ki t-ap fè yo pè-a
 épi yo méprizé soufrans kò-a,
 yo pran chémin rakousi lanmò ki sakré-a,
 yo rivé posédé limiè ki sin-an.

Anba min bouro ki san léspri-a,
 san sakré-a vidé,
 min yo minm yo rété san yo pa chanjé
 gras a lavi k-ap diré tout tan-an.

Lafoua sin yo ki konsakré-a,
 éspérans fidèl yo ki pa fébli-a,
 charité Kris la ki kòrèk nèl la
 ranpòté viktoua sou chèf tè-a.

Nan yo gloua Papa-a,
 nan yo volonté Éspri-a,
 nan yo Pitit la fété,
 sièl la plin ak kè kontan.

Koulié-a, ou minm Rédanmtè-a, n-ap mandé-ou,
 pou sèvitè-ou yo k-ap priyé-a,
 ou fè yo asosié ak mati yo
 pou sièk k-ap diré tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Pandan mati Kris la té nan soufrans, yo t-ap fiksé sièl yo ak jé yo, yo t-ap di : Poté nou sékou, Granmèt.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Éspri ki sin yo ak nanm moun ki kòrèk yo, di inn pou Bondié, alélouya.

Réf. 3 Troup Mati yo, sé pou nou fè louanj Grammèt la nan rotè anlè yo.

LÉKTU KOUT

2 Kor 1, 3-5

Li béni, Bondié ak Papa Grammèt nou Jézu-Kri, Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolation-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasyon nou, pou nou minm tou nou kapab konsolé sa yo k-ap pasé tout kalité tray yo, gras a ankourajman-an, sa Bondié ankourajé nou ak li-a; paské, minm jan soufrans Kris yo anpil nan nou-an, konsa tou pa lintèmediè Kris la konsolation nou-an vîn anpil.

RÉPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk yo minm, * Sé pou tout tan y-ap viv. Moun ki kòrèk yo.

V/. Kot Grammèt la rékonpans yo rété. * Sé pou tout tan y-ap viv. Viv Papa-a. Moun ki kòrèk yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Ala kontantman pou moun k-ap soufri pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl yo yé.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo, Sovè nou-an, témouin fidèl la, pa lintèmediè mati yo touyé yo poutèt paròl Bondié-a, an nou sélébré-l antan n-ap di byin fò :

Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té anbrasé lanmò-a libréman kòm témouagnaj lafoua-a,

— ba nou, Granmèt, véritab libèté éspri-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té déklaré lafoua-a jous nan san-an,

— ba nou, Granmèt, douati ak pèsévérans lafoua-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki antan yo sipòté koua-a té suiv tras ou,

— fè, Granmèt, nou sipòté tribilasion lavi-a avèk kouraj.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té lavé rad yo nan san Mouton-an,

— fè nou ranpòté viktoua, Granmèt, sou tout pièj chè-a ak tè-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a

mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè Médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1212), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127), yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Granmèt la té ba yo yon batay ki mandé kouraj, pou yo vîn konn ranpòté viktoua, paské sa jès la pi fò pasé tout bagay.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 10-11

Bondié tout gras la, li minm ki té rélé nou nan gloua tout tan-l nan nan Kris Jézu, apré nou fin soufri yon ti kras, sé li minm k-ap fè nou fin bon nèt, l-ap asiré nou, l-ap rann nou solid, l-ap ba nou fondasyon. Pou li otorité-a nan sièk sièk yo. Amèn.

V/. Sin yo, ki éspéré nan Granmèt la.

R/. Y-ap gin fòs, épi yo pap fébli.

Pou Sèkst

Réf. Granmèt la té kouroné yo avèk kouròn jistis, épi li té ba yo non ki sin pou gloua-a.

LÉKTU KOUT

Cf. Ébr 11, 33

Sin yo té ranpòté viktoua sou péyi-roua yo pa lintèmédiè lafoua-a, yo réalizé jistis la, yo réservoua promès yo nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

V/. Lapinn nou-an.

R/. Ap vîn tounin kè kontan.

Pou Nòn

Réf. Antan yo alé yo t-apralé épi yo t-ap kriyé, antan y-ap lagé sémans yo-a.

LÉKTU KOUT

Saj 3, 1-2a. 3b

Nanm moun kòrèk yo nan min Bondié, épi touman lanmò-a pap touché yo. Dévan jé moun ki san léspri yo, yo sanblé yo mouri; yo minm minm yo nan lapè.

V/. Antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt.

R/. Pandan y-ap poté zépi yo.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Sanctorum méritis ínclita gáudia*, 1405.

PSÒM YO

Réf. 1 Kò sin yo, yo antéré nan lapè, épi non yo ap viv pou tout tan.

Psòm 114 (116 A)

Aksion-d-gras

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a (Tr Ap 14, 22).

- 1 Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.
- 2 Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- 3 Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.
Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn †
- 4 épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Antan Granmèt la protéjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sovè-m.
- 7 Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- 8 Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- 9 M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo.

Réf. Kò sin yo, yo antéré nan lapè, épi non yo ap viv pou tout tan.

Réf. 2 Mouin té ouè nanm sa yo té touyé yo poutèt paròl Bondié-a épi poutèt témouagnaj la yo té ginyin-an.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmédiè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- ¹⁰[1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹[2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- ¹²[3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³[4] M-ap pran kalis ki sové nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴[5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵[6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷[8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸[9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹[10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Mouin té ouè nanm sa yo té touyé yo poutèt paròl Bondié-a épi poutèt témouagnaj la yo té ginyin-an.

Réf. 3 Sa yo sé sin yo, ki té rinmèt kò yo pou téstaman Bondié-a, épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9, 10, 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- ^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- ¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- ¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajès, *
 fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Sa yo sé sin yo, ki té rinmèt kò yo pou téstaman Bondié-a, épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an.

LÉKTU KOUT

1 Piè 4, 13-14

Nou minm mouin aprésié anpil la, antan nou patisipé nan soufrans Kris la, sé pou nou kontan, pou nou kapab fété ak kè kontan tou lè gloua-l la ap révéle-a. Si yo manké nou déga poutèt non Kris la, ala kontantman pou nou, paské Éspri gloua-a ak Bondié-a pozé sou nou.

RÉPONS KOUT

R/. Fè kè nou kontan nan Granmèt la, * Épi sé pou nou fété, nou minm ki kòrèk yo. Fè kè nou kontan.

V/. Épi sé pou nou jouinn gloua, nou tout ki gin kè douat yo. * Épi sé pou nou fété, nou minm ki kòrèk yo. Viv Papa-a. Fè kè nou kontan.

Pou Magnificat la, réf. Yo kontan nan sièl yo nanm sin yo, ki té suiv tras Kris la; épi paské poutèt rinmin-l nan, yo té vidé san yo, sé pou sa y-ap régné avèk Kris la pou tout tan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinmèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè Médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpôté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpôté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU YON SÈL MATI
Prémié Vèp yo

IMN (*Deus, tuórum mílitum*)

Bondié, éritaj, kouròn
ak rékonpans sòlda-ou yo,
antan n-ap chanté louanj mati-a,
lagé nou sot nan kòd péché-a.

Témouin sa-a té déklaré ak bouch li
sa-l té kouè nan fon kè-l la;
antan l-ap suiv Kris la li té rivé jouinn li
ak san-l li kité koulé-a.

Réyèlman vré antan-l konsidéré kè kontan tè-a
avèk mové atirans li yo
tankou bagay k-ap pasé,
li rivé jous nan sièl la.

Li kouri ak fòs al jouinn soufrans yo,
épi li sipòté yo avèk kouraj,
antan-l vidé san-l pou ou,
li posédé kado pou tout tan yo.

Gras a priyé sa-a k-ap sipliyé-a
n-ap mandé-ou, ou minm ki bon anpil,
nan viktoua mati sa-a,
padonnin fot sèvitè-ou yo,

Pou nou rivé patisipé
nan rékonpans li avèk li,
pou nou joui sou fotèy sièl yo,
ansanm ak li san rété.

Louanj ak gloua san rété,
 pou ou. Papa, ansanm ak Pitit la,
 ansanm ak Éspri-Sin Paraklè-a,
 pou sièk sièk yo. Amèn.

Pou yon vièj ki mati : *Virginis Proles opiféxque Matris*

Pitit Vièj la, ou minm ki fè Manman-ou,
 ou minm Vièj la té poté-ou nan vant la épi Vièj li té anfanté-a,
 n-ap chanté fèt viktoua yon vièj:
 résévoua démann nou yo.

Vièj ou sa-a, li minm ki sin kom vièj ak mati,
 pandan li cho pou-l donté kò frajil fi yo ginyin-an,
 ak kò li, li té ranpòté viktoua
 sou sièk sa-a k-ap vidé san-l.

Konsa antan li pa pè ni lanmò-a,
 ni tout kalité soufrans térib ki zanmi lanmò-a,
 antan-l té vidé san-l,
 li té mérité monté nan sièl ki sakré-a,

Gras a priyè-l, Bondié ki sin,
 padonnin fot nou yo, raché mové tandans nou yo,
 pou imn kè ki nèt la kapab sonnin pou ou,
 pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa ki rékonèt mouin dévan moun yo, mouin minm tou m-ap rékonèt li dévan Papa-m.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjyé-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I - II

- 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.

- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

Réf. Sa ki rékonèt mouin dévan moun yo, mouin minm tou m-ap rékonèt li dévan Papa-m.

Réf. 2 Sa ki suiv mouin, li pap maché nan fènoua yo, min l-ap gin limiè lavi-a, sé sa Granmèt la di.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.

- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Réf. Sa ki suiv mouin, li pap maché nan fènoua yo, min l-ap gin limiè lavi-a, sé sa Granmèt la di.

Réf. 3 Minm jan yo anpil souffrans Kris la nan nou, konsa, gras a Kris la tou, l-ap anpil konsolasion nou-an.

Kantik

1 Piè 2, 21-24

Osijè soufrans volontè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 21 Kris la tou té soufri pou nou, †
 antan li kité yon modèl pou nou, *
 pou nou suiv tras li yo ;
- 22 li minm ki pa-t fè péché, *
 yo pa-t jouinn tronpri nan bouch li ;
- 23 li minm, lè yo t-ap ba-l madichon, li pa-t bay madichon, †
 lè li t-ap soufri, li pa-t fè ménas, *
 okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ;
- 24 li minm ki poté péché nou yo *
 nan kò-l sou boua-a,
 pou, antan nou mouri parapò a péché yo,
 nou viv parapò a jistis la : *
 li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Réf. Minm jan yo anpil soufrans Kris la nan nou, konsa, gras a Kris la tou, l-ap anpil konsolasion nou-an.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 35. 37-39

Kilès k-ap séparé nou sot nan rinmin Kris la ? Tribilasion, oubyin kè séré, oubyin pèsékision, oubyin grangou, oubyin manké rad, oubyin danjé, oubyin épé ? Min nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua poutèt sa-a ki té rinmin nou-an. Mouin sètin réyèlman ni lanmò, ni lavi, ni anj, ni chèf, ni présion tan sa-a, ni tan k-ap vini yo, ni fòs, ni rotè, ni profondè, ni okinn lòt kréatu pa kapab séparé nou sot nan rinmin Bondié-a, ki nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

RÉPONS KOUT

Pou yon mati gason :

R/. Ak gloua ak konsidérasion, * Ou kouronnin li, Granmèt. Ak gloua.

V/. Ou té intalé-l sou travay min-ou yo. * Ou kouronnin li, Granmèt.
Viv Papa-a. Ak gloua.

Pou yon mati fi :

R/. Bondié té chouazi-l, * Li té chouazi-l davans. Bondié té chouazi-l.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Li té chouazi-l davans. Viv Papa-a.
Bondié té chouazi-l.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon mati gason : Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la jous nan lanmò, épi dévan paròl méchan yo li pa-t pè; fondasion-l té pozé réyèlman sou ròch ki solid la.

Pou yon mati fi : Li té maré tay li ak fòs, li té mét kouraj nan bra-l, sé pousa lanp li-a pap janm étinn.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap dí :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinmèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou, nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit li

yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té pran rézistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua mati yo, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Beáte (Beáta) martyr, prospéra*)

Mati ki sin sé pou kontan
jou trionf ou-a,
koté pou rékonpans san-an
yo ba-ou kouròn sa-k ranpòté viktoua-a.

Sé ou minm sa-a ki sot nan fènoua sièk la,
lè ou ranpòté viktoua sou bouro-a ak jij la,
jou-a té poté-ou nan sièl la
li rinmèt ou bay Kris la ak éklatman kè kontan.

Kounié-a ou-ap patisipé ak anj yo
ou kléré toupatou ak rad ékstraòdinè,
sa-ou té lavé kòm témouin ki pap tonbé
nan rivière san-an.

Rét prézan koulié-a épi sipliyé,
pou sa fè Kris la plézi
panché zòrèy byinvéyans li,
épi pa kité moun pa-l yo poté chaj tout domaj yo.

Proché isit la yon ti kras
antan ou-ap poté favè Kris la
pou sans yo ki lou yo
santi soulajman padon-an.

Onè pou Papa-a ak Pitit la
épi Éspri Paraklè-a,
yo minm ki mété kouròn k-ap rété-a
sou tèt ou nan palè gloua-a. Amèn.

Pou yon vièj ki mati: *O Christe, flos convallium*

Ou minm Kris la, flè tè fon yo,
sé ou minm n-ap lévé anlè ak louanj yo,
poutèt ou té dékoré vièj sa-a
ak palm mati-a tou.

Li minm ki gin bon jijman, ki gin fòs, ki saj,
li té déklaré lafoua-a san krint,
touman ki térib yo, sé poutèt ou minm,
li té résévoua yo san-l pa pè.

Konsa lè-l méprizé chèf tè sa-a,
 antan-l rich ak kado-ou la
 sa-l rivé ginyin ak yon batay jous nan san-an,
 li té ranpòté rékonpans tout tan yo.

Ou minm Rédanmtè-a ki gin bon kè
 ajouté nou kòm asosié mérit li yo,
 pou ak yon éspri ki pròp nou joui
 frui san-ou nan.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Tout moun ap rayi nou poutèt non mouin ; min sa ki pèsévéré
 jouskalafin, sé li minm k-ap sové.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a
 (Tr Ap 4, 27).

- ¹ Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
 pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- ² Roua yo sou tè-a kanpé, †
 chèf yo rasanblé fè yon sèl *
 kont Granmèt la ak kont Kris li-a :

- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. Tout moun ap rayi nou poutèt non mouin ; min sa ki pèsévééré jouskalafin, sé li minm k-ap sové.

Réf. 2 Soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révélé nan nou-an.

Psòm 10 (11)

Granmèt la, konfians moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn satisfaksion (Mt 5, 6).

- ¹ Sé nan Granmèt la moun kaché kò-m; kòman nou fè di-m : *
« Sové kò-ou nan mòn nan tankou irondèl la » ?
- ² Sèké méchan yo gin tan drésé zam pou tiré flèch yo, †
yo ajisté flèch yo sou kòd la, *
pou yo tiré an kachèt sou moun ki gin kè yo douat.
- ³ Si fondasion yo fîn démoli, *
sa pou moun ki kòrèk la fè ?
- ⁴ Granmèt la nan tanp li-a ki sin-an, *
Granmèt la gin trôn li nan sièl la.
Jé-l ap gadé sou pòv la,
pòpiè-l ap pozé pitit moun yo késion.
- ⁵ Granmèt la ap pozé moun ki kòrèk la ak méchan-an késion ; *
moun ki rinmin péché-a, li rayi nanm li.
- ⁶ L-ap fè chabon difé tonbé sou méchan yo ; *
sé difé, souf ak van cho k-ap pòsion éritaj yo.
- ⁷ Sèké Granmèt la kòrèk, li rinmin jistis, *
moun ki douat yo ap ouè fas li.

Réf. Soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révélé nan nou-an.

Réf. 3 Tankou lò nan founèz Granmèt la té fè sa-l chouazi yo bay prèv yo, épi tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li té aksépté yo pou tout tan.

Psòm 16 (17)

Granmèt, sovè-m anba méchan yo

Nan jou li té pasé nan chè-a... antan-l ofri priyè épi li té ékzosé (Ébr 5, 7).

- 1 Kouté jistis mouin, Granmèt, *
panché sou priyè-m.
Paré zòrèy ou nan priyè-m, *
- 2 ki pa sot nan bouch manti.
Sé pou jijman-m nan soti nan fas ou ; *
- 3 sé pou jé-ou ouè sa ki douat yo.
Sondé kè-m, vizité-m nan nuit ; †
- 4 éséyé-m avèk difé, *
ou pap jouinn méchansté nan mouin.
Bouch mouin pa pasé akoté, nan aksion moun, *
- 5 poutèt paròl bouch ou
mouin kinbé tèt mouin louin chémin sa k-ap fè violans yo.
Kinbé plant pié-m nan santié-ou yo, *
- 6 pou démach mouin pa tranblé.
Mouin minm sé koté-ou mouin rélé, paské ou kouté-m, Bondié ; *
- 7 panché zòrèy ou sou mouin, kouté paròl mouin yo.
Fè mèvèy mizèrikòd ou yo parèt, *
- 8 ou minm ki sovè moun ki éspéré nan ou yo anba sa k-ap ataké yo,
nan min douat ou.
Protéjé-m tankou grinn jé, †
- 9 anba lonbraj zèl ou, protéjé-m *
sot nan fas méchan yo, yo minm k-ap pèsékité-m nan.
Ènmi-m yo ap fè vironn mouin nan kòlè, †
- 10 yo fèmin nan gra yo gra-a ; *
bouch yo ap palé avèk arogans.

- ¹¹ Y-ap avansé koulié-a, y-ap antouré-m, *
yo désidé jé yo pou yo blayi moun nan tè-a.
- ¹² Yo sanblé ak lion ki paré pou dévoré sa-l pran, *
épi ak pitit lion ki instalé nan kachèt yo.
- ¹³ Kanpé Granmèt, pran dévan fas li, chiré-l ; *
raché nanm mouin sot nan min méchan-an, avèk épé ou,
- ¹⁴ sot nan mitan mò yo ak min-ou, Granmèt, *
sot nan mitan mò yo, sa yo ki manké pòsion lavi yo-a.
Ak rézèv ou yo ki kaché ou plin vant yo, *
yo gin kont pitit,
yo kité rès yo pou désandans yo.
- ¹⁵ Kanta mouin minm, nan jistis m-ap ouè fas ou, *
lè m-ap révéyé, m-ap satisfè dévan fas ou.

Réf. Tankou lò nan founèz Granmèt la té fè sa-l chouazi yo bay prèv yo, épi tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li té aksépté yo pou tout tan.

V/. Tribilasion ak kè séré té anvayi-m.

R/. Lòd ou yo sé méditation-m.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Sirasid

51, 1-17

*Aksion-d-gras pou Bondié ki délivré moun pa-l yo
sot nan tribilasion-an*

¹ « M-ap déklaré mouin rékonèt ou, Granmèt roua.

M-ap fè louanj ou Bondié sovè-m.

² M-ap déklaré mouin rékonèt non-ou,
paské ou sèvi-m sékou ak protèktè,

³ ou libéré kò-m sot nan pèdision,
 sot anba lang méchan-an,
 épi sot anba po bouch sa k-ap fè manti,
 épi dévan fas sa-k kanpé yo ou poté-m sékou.

⁴ Ou libéré-m
 dapré kantité mizérikòd non-ou,
 anba min sa-k t-ap rélé yo,
 ki té préparé pou yo manjé-a,

⁵ anba min sa-k t-ap chèche nanm mouin yo,
 épi anba pòt tribilasion yo, ki té antouré-m yo,

⁶ anba chalè flanm nan, ki t-ap vlopé-m nan,
 épi nan mitan difé-a mouin pa boulé ;

⁷ anba profondè vant lanfè-a
 épi anba lang sal la, épi anba paròl manti-a,
 anba min roua méchan-an
 épi anba lang ki pa kòrèk la.

⁸ Nanm mouin ap fè louanj Granmèt la jous lanmò.

⁹ Lavi-m t-ap proche nan lanfè anba-a.

¹⁰ Yo té vlopé-m tout koté, pa-t gin pèsonn pou édé-m ;
 mouin t-ap gadé nan sékou lèzòm, min pa-t ginyin.

¹¹ Mouin sonjé mizérikòd ou, Granmèt,
 avèk aksion-ou, ki égzisté dépi sièk tan,

¹² paské ou délivré moun ki konté sou ou yo, Granmèt,
 épi ou libéré yo anba min nasion yo.

¹³ Mouin fè siplikasion-m monté sot sou tè-a,
 mouin priyé pou-ou délivré-m anba lanmò-a k-ap koulé-m.

¹⁴ Mouin rélé Granmèt la : “Sé ou ki papa-m,
 pa lagé-m nan jou tribilasion mouin-an,
 avèk nan tan ògéyé yo san sékou-a.

¹⁵ M-ap fè louanj non-ou avèk insistans,
 m-ap fè louanj li nan rékonésans”,
 ou kouté priyé-m nan.

¹⁶ Ou libéré-m sot nan koté mouin t-ap pèdi-a,
ou délivré-m sot nan tan mové-a ;

¹⁷ sé poua m-ap rékonèt, m-ap di louanj pou ou,
m-ap béni non Granmèt la ».

RÉPONS

Sir 51, 2; Ps 30 (31), 8

R/. M-ap déklaré mouin rékonèt non-ou, Granmèt, * Paské ou sèvi-m
sékou ak protèktè.

V/. M-ap vòltijé épi m-ap réjouï nan mizérikòd ou-a,
Granmèt. * Paské.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 329, In natali martyrum: PL 38, 1454-1456)

Lanmò mati yo gin pri, sa yo achté ak pri lanmò Kris la

Pa lintèmediè sa sin mati yo té akonpli-a, yo minm ki fè Égliz la fléri
tout koté-a, ak pròp jé pa nou yo nou konstaté nan ki pouin sa nou t-ap
chanté-a sé vérité, paské *lanmò sin-l yo gin pri dévan Granmèt la*: si
dévan nou li gin pri, pi plis dévan-l, li minm sé pou non-l sa fèt la.

Min lanmò yon sèl la sé pri lanmò sa yo. Ki kantité lanmò yon sèl té
achté antan l-ap mouri-a, li minm, si li pa-t mouri, grinn blé-a pa t-ap vîn
anpil la? Nou té tandé paròl li yo, lè soufrans la t-ap proché-a, sètadi, lè
rédiannsion pa nou-an t-ap proché-a: *Si grinn blé-a ki tonbé nan tè-a pa
mouri, li minm sé pou kont li l-ap rété: min si li t-a mouri, sé anpil frui l-
ap poté.*

Réyèlman sou koua-a li té fè yon gran komès; koté sa-a bous pri nou-an té démaré, lè kòt li-a té louvri-a ak lans moun ki té frapé-l la, pri tout tè-a té koulé sot la.

Yo té achté fidèl yo épi mati yo, min lafoua mati yo té bay prèv; sé san-an ki témouin. Sa ki té dépansé pou yo-a, yo té rinmèt li épi yo té akonpli sa sin Jan di-a: *Minm jan Kris la té déposé nanm li-a pou nou-an, sé konsa nou minm tou nou doué déposé nanm nou yo pou frè nou yo.*

Épi yon lòt koté yo di: *Ou té chita sou yon tab ki gran, konsidéré avèk atansyon sa yo mété dévan-ou nan, paské fòk ou préparé minm bagay yo.* Sé yon tab ki gran koté manjé nou manjé-a sé mèt tab la li-minm minm. Pèsonn pa nourri invité yo ak pròp tèt pa-l: sé sa Granmèt la, Kris la, fè; sé li minm ki fè invitation-an, sé li-minm ki manjé-a ak bouason-an. Mati yo donk té rékonèt ki sa yo t-ap manjé épi yo t-ap bouè, pou sé minm bagay yo t-a rinmèt.

Min kibò sé minm bagay yo t-a rinmèt la, si sé pa li minm ki t-a bay pou yo té ka rinmèt la, li-minm ki an premié té dépansé-a? Apati la Psòm nan tou, koté nou té chanté sa-k ékri-a: *Li gin pri dévan Granmèt la lanmò sin-l yo, kisa li mandé nou?*

Moun nan té konsidéré la-a kantité bagay li té résévoua nan min Bondié; li té égzaminé ki kantité kado gras Sa-a ki gin Tout Pouvoua-a, ki té kréyé li-a, ki té chèché-l antan-l pèdi-a, ki té padoné-l lè-l té jouinn li-a, ki té édé-l antan-l t-ap goumin ak fòs ki fèb yo, ki pa-t ralé kò-l lè-l té an danjé-a, ki té kouronnin-l lè-l té ranpòtè viktoua-a, li minm ki bay pròp tèt li kòm rékonpans-la: li té konsidéré tout bagay sa yo, li té rélé byin fò, li té di: *Kisa m-ap rinmèt Granmèt la pou sa li minm li té rinmèt mouin yo? M-ap lévé kalis sovè li sovè-m nan.*

Kisa ki kalis sa-a? Kalis soufrans anmè-a épi ki kapab sovè-a: kalis, sa-a, si doktè-a pa bouè ladan-l anvan-an, malad la t-ap pè bouè-l la. Sé kalis sa-a minm: nou rékonèt kalis sa-a nan bouch Kris la antan l-ap di: *Papa, si sa kapab fèt, sé pou kalis sa-a travèsé sot koté-m.*

Osijè kalis sa-a, mati yo té di: *M-ap pran kalis sovè li sovè-m nan épi m-ap rélé non Granmèt la.* Kijan mati yo t-a ranpòté viktoua, si li-minm li pa-t ranpòté viktoua nan mati yo, li-minm ki té di: *Fè kè nou kontan paské mouin ranpoté viktoua sou sièk la?* Jénéral an chèf sièl yo t-ap kòmandé léspri yo ak lang yo, épi pa lintèmédiè yo, li té krazé diab la sou tè-a, épi li té kouroné mati yo nan sièl la. Ala kontantman pou nou, ki té bouè kalis sa-a konsa! Doulè yo té fini épi yo té résevoua onè yo.

Koutè avèk atansyon donk, nou minm mouin rinmin anpil yo: sa nou pa kapab ouè ak jé nou yo, réfléchi yo ak léspri nou ak nanm nou, épi ouè réyéلمان *li gin pri dévan Granmèt la, lanmò sin-l yo.*

RÉPONS

2 Tim 4, 7-8; Fil 3, 8-10

R/. Sé bon konba-a mouin té konbat, mouin té rivé nan bout kous la, mouin té kinbé lafoua-a: * Sa-k rété-a sé kouròn jistis la ki rézèvé pou mouin-an.

V/. Mouin fè tout bagay vîn tounin fatra parapò a rivé konnin Kris la, épi pou-m patisipé nan soufrans li-a, antan mouin konfòmé-m ak lanmò li-a. * Sa-k rété-a.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**IMN** (*Martyr Dei, qui (quæ) únicum*)

Mati Bondié, ou minm ki trionfé
sou ènmi yo ki pèdi batay la,
antan ou-ap suiv sèl Pitit Papa-a,
ou-ap joui nan sièl la antan-ou ranpòté viktoua-a,
Éfasé dèt péché nou-an
gras a priyè-ou la,
antan-ou anpéché mal la gaté sa l-ap touché,
antan-ou répousé dégoutans lavi-a.

Chinn yo déja lagé
sa yo ki té maré kò-ou ki sakré-a;
délagé nou sot nan chinn sièk sa-a,
gras a rinmin Pitit Bondié-a.

Onè pou Papa-a ak Pitit la
ak Éspri Paraklè-a,
yo kouronnin-ou ak kouròn k-ap diré tout tan-an,
nan palè gloua-a. Amèn.

Pro martyre virgine: *O castitátis sîgnifer*

Chèf moun ki rété vièj yo,
épi fòs mati yo,
ou minm ki bay toulédé rékonpans yo,
ak bon kè-ou kouté moun k-ap sipliyé yo.

Vièj sa-a ki gin gran kè-a,
 li minm ki sin kòm vièj ak mati,
 ki mérité yon plas byin ro antan-l ranpòté dé kouròn yo,
 isit la minm, konpliman yo poté-l anlè.

Li kinbé fèm nan témouagnaj li fè pou ou,
 ak yon kè cho, plin kouraj,
 li té mét zam kont li minm nan min bouro-a,
 épi li rinmèt ou éspri-l.

Konsa, antan-l aprann ranpòté viktoua
 sou kou moun ki fè kòlè-a
 ak sou atirans tè-a k-ap flaté-a,
 li aprann nou lafoua intak la.

Gras a priyè l-ap fè pou nou,
 padonnin nou tout dèt nou yo,
 antan-ou disparèt sa-k pousé-n nan péché,
 antan-ou mété-n anba lagras ou-a.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Bouch mouin ap fè louanj-ou, Granmèt, paské mizérikòd ou-a pi bon pasé lavi.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Mati Granmèt la, sé pou nou béni Granmèt la pou tout tan.

Réf. 3 Sa-a k-ap ranpòté viktoua-a, m-ap fè-l vîn tounin kolòn nan tanp mouin-an, sé sa Granmèt la di.

LÉKTU KOUT

2 Kor 1, 3-5

Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolasion-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasyon nou, pou nou minm tou nou kapab konsolé sa yo k-ap passé tout kalité tray yo, gras a ankourajman-an, sa Bondié ankourajé nou ak li-a; paské, minm jan soufrans Kris yo anpil nan nou-an, konsa tou pa lintèmediè Kris la konsolasion nou-an vîn anpil.

RÉPONS KOUT

R/. Fòs mouin, * Épi louanj mouin sé Granmèt la. Fòs mouin.

V/. Li vîn tounin sovè-a pou mouin. * Épi louanj mouin sé Granmèt la. Viv Papa-a. Fòs mouin.

Pou *Benedictus* la, réf. Sa ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap kinbé-l pou lavi tout tan-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo, Sovè nou-an, témouin fidèl la, pa lintèmediè mati yo touyé yo poutèt paròl Bondié-a, an nou sélébré-l antan n-ap di byin fò :

Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té anbrasé lanmò-a libréman kòm témouagnaj lafoua-a,

— ba nou, Granmèt, véritab libèté éspri-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té déklaré lafoua-a jous nan san-an,

— ba nou, Granmèt, douati ak pèsévérans lafoua-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki antan yo sipòté koua-a té suiv tras ou,

— fè, Granmèt, nou sipòté tribilasyon lavi-a avèk kouraj.

Pa lintèmédiè mati-ou yo, ki té lavé rad yo nan san Mouton-an,
— fè nou ranpòté viktoua, Granmèt, sou tout pièj chè-a ak tè-a.
Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou, nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit li yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té

pran rezistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an

Réf. Granmèt la té ba-l yon batay ki mandé kouraj, pou-l vîn konnin ranpòté viktoua, paské sajès la pi fò pasé tout bagay.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 10-11

Bondié tout gras la, li minm ki té rélé nou nan gloua tout tan-l nan nan Kris Jézu, apré nou fin soufri yon ti kras, sé li minm k-ap fè nou fin bon nèt, l-ap asiré nou, l-ap rann nou solid, l-ap ba nou fondasion. Pou li otorité-a nan sièk sièk yo. Amèn.

V/. Ak rad ki fè plézi-a Granmèt la té abiyé-l.

R/. Épi li té mété kouròn bèlté-a sou tèt li.

Pou Sèkst

Réf. Granmèt la té kouroné-l avèk kouròn jistis, épi li té ba li non ki sin pou gloua-a.

LÉKTU KOUT

Jak 1, 12

Ala kontantman pou moun nan ki soufri tantasion-an, paské, lè l-ap fin bay prèv li, l-ap résévoua kouròn lavi-a, sa Bondié té promèt moun ki rinmin-l yo.

V/. Nan Bondié mouin té espéré.

R/. Mouin pap pè sa yon moun kapab fè-m.

Pou Nòn

Réf. Antan yo alé yo t-apralé épi yo t-ap kriyé, antan y-ap lagé sémans yo-a.

LÉKTU KOUT

Saj 3, 1-2a. 3b

Nanm moun kòrèk yo nan min Bondié, épi touman lanmò-a pap touché yo. Dévan jé moun ki san léspri yo, yo sanblé yo mouri; yo minm minm yo nan lapè.

V/. Antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt.

R/. Pandan y-ap poté zépi yo.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Deus, tuórum mílitum*, 1431; **oubyin pou yon mati ki vièj**: *Virginis Proles opiféxque Matris*, 1432.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa ki vlé vîn apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, épi sé pou-l pran koua-l, épi sé pou-l suiv mouin.

Psòm 114 (116 A)**Aksion-d-gras**

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a (Tr Ap 14, 22).

¹ Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.

- ² Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- ³ Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.
Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn †
- ⁴ épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- ⁵ Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- ⁶ Antan Granmèt la protéjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sové-m.
- ⁷ Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- ⁸ Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- ⁹ M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo

Réf. Sa ki vlé vîn apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, épi sé pou-l pran koua-l, épi sé pou-l suiv mouin.

Réf. 2 Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ki nan sièl yo ap fè-l jouinn konsidérasion.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- ¹⁰ [1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹ [2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- ¹² [3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³ [4] M-ap pran kalis ki sové nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴ [5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵ [6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶ [7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷ [8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ [9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹ [10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ki nan sièl yo ap fè-l jouinn konsidérasion.

Réf. 3 Sa ki pèdi nanm li poutèt mouin minm, l-a jouinn li pou tout tan.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- 4,11 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- 5,9 Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- 10 épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- 12 Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajàs, *
 fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Sa ki pèdi nanm li poutèt mouin minm, l-a jouinn li pou tout tan.

LÉKTU KOUT

1 Piè 4, 13-14

Nou minm mouin aprésié anpil la, antan nou patisipé nan soufrans Kris la, sé pou nou kontan, pou nou kapab fété ak kè kontan tou lè gloua-l la ap révéle-a. Si yo manké nou déga poutèt non Kris la, ala kontantman pou nou, paské Éspri gloua-a ak Bondié-a pozé sou nou.

RÉPONS KOUT

R/. Ou éséyé nou, Bondié, * Épi ou minnin nou nan fréchè. Ou éséyé nou.

V/. Ou pròpté nou nan difé, tankou yo pròpté lajan-an. * Épi ou minnin nou nan fréchè. Viv Papa-a. Ou éséyé nou.

Pou Magnificat la, réf. Nan rouayòm sièl yo, sin yo abité, épi sé pou tout tan y-ap répozé.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinnèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou,

nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit li yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té pran rézistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

**KOMIN PASTÈ YO
(GADYIN YO)**

Pou premié Vèp yo

IMN (*Vir celse, forma fùlgida*)

Pou yon pastè (gadyin):

Moun ki nan sièl la, modèl kalité ki byin kléré,
aksépté kantik la
k-ap chanté gran aksion Bondié yo,
antan l-ap déklaré sa-ou yé-a jan-ou mérité-l.

Sa-a ki Prèt an chèf tout tan-an,
li té délivré ras moun k-ap mouri yo pou Bondié,
li té rinmèt nou bay Bondié
nan nouvo kontra lapè-a.

Sé li minm ki té fè-ou sèvitè kado-l la,
pou-ou véyé sou li, pou-ou séparé-l,
pou-ou bay Papa-a gloua
épi pou-ou bay pèp li yo lavi.

Pou yon pap:

Ou minm ki nan sièl la, ou t-ap kòmandé pak mouton yo
ak klé yo Piè té résévoua-a,
épi ou t-ap okipé bann mouton yo
ak paròl lagras la, avèk aksion ki san tach.

Pou yon évèk:

Ou minm ki vîn pi rich ak bon kalité
 antan Éspri-a konsakré-ou la,
 ou minm ki chèf, ou transmèt
 manjé ki byin gra-a k-ap sové nou-an.

Pou yon prèt:

Ou minm yo té lévé
 nan dènié grandè kòm roua,
 ou té vîn tounin anségnan, prèt, sakrifis,
 gras a paròl ou ak aksion ou yo.

Ou minm ki abité nan sièl yo,
 sonjé Égliz la ki sin-an,
 pou tout mouton yo chèché jouinn
 manjé Kris la k-ap bay kontantman-an.

Gloua pou Trinité-a,
 li minm ki kouronnin travay plin konsidérasion ki sin-an
 avèk kè kontan ou mérité
 kòm sèvitè fidèl la. Amèn.

Pou pliziè pastè (gadyin): *Sacrata nobis gaudia*

Chak ané jou sa-a tounin
 avèk kè kontan sakré pou nou;
 jou sa-a n-ap fè louanj pou chèf pak mouton yo
 avèk konsidérasion yo mérité.

Pou yo véyé sou bann mouton yo,
 yo pa néglijé okinn travay;

yo protèjé-l épi avèk anpil sajès,
yo fè-l jouinn bon patiraj.

Yo anpéché lou-a vîn bò koté-l,
yo chasé vòlè yo byin louin limit pak la,
yo fè mouton yo manjé kont kò yo ak bon manjé gra,
yo pa janm abandoné pak mouton-an.

Nou minm chèf bann mouton yo, nou minm ki sin anpil yo,
antan n-ap joui tout kalité kè kontan sa yo koulié-a,
mandé lagras pou nou
dévan tribinal jij la.

Ou minm Kris la, prèt an chèf pou tout tan,
gloua pou ou yon fason égal
ak pou Papa-a épi Èspri rékonfò-a,
pou sièk k-ap diré tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 M-ap ba nou gadyin dapré kè-m, y-ap ba nou manjé sians ak ansègnman.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè
(Lk 1, 52).

¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.

² Sé pou non Granmèt la béni *

- dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lèvé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lèvé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. M-ap ba nou gadyin dapré kè-m, y-ap ba nou manjé sians ak ansègnman.

Réf. 2 Sé mouin minm k-ap okipé mouton-m yo : sa-k pèdi-a, m-ap chèché-l; épi sa-k pati-a, m-ap fè-l tounin.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
 2 m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 3 Pa mét konfians nou nan chèf, *
 nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
- 4 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
 sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la,
- 6 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
 lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
- 7 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
 li bay sa-k grangou yo manjé.
- Granmèt la défèt chinn yo, *
 8 Granmèt la kléré avèg yo,
 Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
 min rout péchè yo, li gayé-l.
- 10 Granmèt la ap roua pou tout tan, *
 Bondié-ou la, Siyon,
 pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Sé mouin minm k-ap okipé mouton-m yo : sa-k pèdi-a, m-ap chèché-l; épi sa-k pati-a, m-ap fè-l tounin.

Réf. 3 Bon gadyin-an té dépozé nanm li pou mouton-l yo.

Kantik

Éfèz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Bon gadyin-an té dépozé nanm li pou mouton-l yo.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 1-4

Ansyin yo, ki nan pami nou yo, mouin sipliyé nou, mouin minm ki ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké gloua-l la ki gin pou-l révéle apré-a : Okipé bann mouton Bondié-a ki nan mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak tout bòn volonté nou ; san nou pa kòmandé kòm mèt sou pòsion-an nou résponsab la, min antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an. Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Prèt Granmèt la, * Béni Granmèt la. Prèt Granmèt la.

V/. Sin yo ak moun ki tou piti nan kè yo, fè louanj Granmèt la. * Béni Granmèt la. Viv Papa-a. Prèt Granmèt la.

Pou Magnificat la, réf. Pou yon pap oubyin yon évèk : Prèt Sa-k Anro nèt la ak glas bon kalité yo, bon gadyin nan pèp la, ou minm ki té fè Granmèt la plézi.

Pou yon pè : Mouin fè-m tout bagay ak tout moun pou-m rivé sové tout moun.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki établi kòm Gran Prèt an favè moun yo nan sa ki gin rapò ak Bondié, an nou sélébré-l avèk louanj ki alarotè, antan n-ap priyé-l ak umilité :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm ki kléré Égliz ou-a yon fason ékstraòdinè pa lintèmédiè moun k-ap dirijé-l yo, ki sin épi san parèy yo,

— fè krétyin yo toujou kontan ak minm klèté sa-a.

Ou minm ki padonnin péché pèp la, lè tankou Moyiz gadyin ki sin yo ap priyé-ou,

— pa lintèmédiè intèsésion yo, fè Égliz ou-a vîn sin antan ou-ap pròpté-l san rété.

Ou minm ki té vidé luil la sou sin-ou yo nan mitan frè yo épi ki té dirijé Éspri-ou la nan yo,

— fè Éspri Sin-an plin tout moun yo k-ap dirijé pèp ou-a.

Ou minm minm ki té sa gadyin ki sin yo té posédé-a,

— pa kité youn nan sa yo ou té rivé ginyin ak san-ou nan rété louin-ou.

Ou minm ki bay mouton-ou yo lavi pou tout tan-an pa lintèmédiè gadyin Égliz la, pou pèsonn pa raché yo sot nan min-ou,

— sovè défin yo, yo minm ou té dépozé nanm-ou pou yo-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Priyé-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sin **N.** té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp, antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sovè tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N.** yon fason ékstraòdinè nan pastè yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-

ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévéré nan lafoua ak lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévlopé nan gras ak konésans Granmèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévlopé nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidéлитé dévan-ou sèlon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Chèf gadyin yo, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Christe, pastórum caput atque princeps*)

Pou yon pastè (gadyin):

Ou minm Kris la, tèt épi chèf pastè yo,
 antan kontantman pran-l pou-l sélébré fèt sa-a,
 foul la ki dévoué-a ap chanté psòm ak kantik sakré
 louanj yo li doué fè-a,

Pou yon pap:

Yo minm ou té bay Piè kòm mouton
 pou-l té fè tè-a toutantié yon patiraj sakré,
 li minm volonté-ou mété la nan pouint tèt ki pi anlè-a
 li té dirijé-l.

Pou yon évèk:

Pou yon konba ki rèd nan lagè pou anro-a
 Éspri-ou la sakré-l anndan ak kado sin-krèm nan anplin
 épi li té mété-l
 pou-l okipé pèp ki sin-an.

Pou yon prèt:

Ou minm minm antan li fè-ou tounin minis li chouazi
 épi antan li asosié-ou kòm prèt, li té ba ou
 pou rété kanpé kòm gid fidèl pou pèp la
 épi bon nourisié.

Sé li ki té kondui bann mouton-an épi li té modèl li,
 li té limiè pou avèg la, soulajman pou mizérab la,
 papa ki prévouayan pou yo tout ansanm
 épi li té tounin tout bagay pou tout moun.

Ou minm Kris la, ki bay sin yo kouròn yo mérité-a
 nan sièl yo, fè nou suiv antan nou dispozé aprann
 lavi mèt yo épi pou anfin nou posédé
 yon finisman ki sanblé ak pa yo-a.

Sé pou yon louanj égal sélébré Papa ki anlè nèt la
 ou minm tou, Sovè-a, roua ki gin bon kè, pou tout tan-an;
 sé pou gloua Éspri-Sin-an rézoné
 sou tout tè-a. Amèn.

Pou pliziè pastè (gadyin): *Dum sacerdotum célébrant fidèles*

Antan fidèl yo ap sélébré prèt yo
 ak sèvis fèt solanèl yo doué vénéré yo,
 sé nan louanj ou yo konsidérasion sa-a rétonin,
 ou minm Prèt ki anro nèt la.

Sé gras a kado-ou la papa yo té kapab
 anségné pèp yo sémans limiè-a,
 aprann dirijé-l ak konpòtman ki sin yo
 épi nourri-l ak paròl lavi-a.

Min, minm ak kontrariété yo pa-t kapab fè yo kite
 asirans kous lafoua-ou la san rété,
 sa éspérans sètin rékonpans
 k-ap vini yo té animé-a.

Sé poutèt sa, apré yo fin travèsé difikilté lavi frajil la
 jan sa doué fèt la, antan yo rivé jouinn plas yo
 nan patri sièl la, y-ap joui kontantman
 lapè di solid la.

Anro nèt mérit gloua-a épi louanj la,
 pou ou, roua tout roua yo, Bondié tout tan-an,
 tout sa ki égzisté ap sélébré-ou nan tout tan
 ak nan tout sièk. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Si yon moun vlé vîn premié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisité, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
 (S. Iréné).

- ² Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
 sou sové ou sové nou-an l-ap fété anpil.
- ³ Ou ba li sa kè-l té anvî-a, *
 ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- ⁴ Ou pran dévan-l nan bénédikcion dousè-a ; *
 ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.

- 5 Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- 6 Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *
ou mété grandè ak bèlté sou li ;
- 7 paské ou fè-l sèvi bènédiksion pou sièk sièk la, *
ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
- 8 Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
nan mizérikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.
- [9 - 13]
- 14 Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Si yon moun vlé vîn prémié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun.

Réf. 2 Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

I

- 2 Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
- 3 pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
- 4 sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.

- 5 Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
- 6 Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
- 7 Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
- 8 Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
- 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.

Réf. Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

Réf. 3 Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a.

II

- 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
yo vidé luil sou mouin an kantité.
- 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- 13 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- 14 Yo planté nan kay Granmèt la, *
nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.

- ¹⁵ Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
¹⁶ pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
kachèt mouin-an, *
pa gin défo nan li.

Réf. Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a.

V/. Ou-ap kouté paròl nan bouch mouin.

R/. Épi ou-ap anonsé yo pou mouin.

PRÉMIÉ LÉKTU

Pou yon pap oubyin yon évèk:

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyin yo 2, 1-13. 19-20

Sonjé travay nou-an

¹ Nou konnin nou minm minm, frè yo, kijan nou té rivé lakay nou, sé pa-t pou granmési ; ² min anvan sa, nou té soufri, yo té maltrété nou nan vil Filip, jan nou konnin-an ; nou té gin konfians nan Bondié nou-an, pou nou anonsé nou Bòn Nouvèl Bondié-a avèk anpil souin. ³ Prèch nou-an pa-t soti nan èrè, ni nan inpurté, ni nan riz ; ⁴ min, tankou moun Bondié fîn vérifié pou-l konfié nou Bòn Nouvèl la, sé konsa nou palé ; sé pa tankou moun k-ap chèché fè moun yo plézi, min sé Bondié nou t-ap chèché fè plézi, li minm ki vérifié kè nou. ⁵ Nou pa janm préché pou flaté moun, jan nou konnin-an, ni pou chèché fè lajan, Bondié témouin, ⁶ ni pou chèché gloua nan min moun yo, ni nan nou minm ni nan min lòt moun yo. ⁷ Malgré nou té kapab fè nou santi chaj kòm apot Kris la, okontrè nou té fè kò nou tou piti nan mitan nou, tankou yon nouris k-ap souin pitit li yo. ⁸ Konsa nou té si tèlman rinmin nou anpil, sé pa Bòn

Nouvèl Bondié-a sèlman nou té vlé ba nou min ata lavi nou, paské nou té gin anpil valè pou nou. ⁹ Nou sonjé, frè yo, kijan nou travay, nou fatigé kò nou : lannuit ak lajounin, nou t-ap travay, pou nou pa pézé sou nou, pandan nou t-ap préché nou Bòn Nouvèl Bondié-a. ¹⁰ Nou témouin ansanm ak Bondié, kijan konduit nou té sin, kòrèk, san répròch koté nou, nou minm ki kouè-a ; ¹¹ nou konnin kijan nou té yé ak chak moun nan nou, tankou yon papa ak pitit li yo, ¹² antan n-ap priyé nou, n-ap konsolé nou, pou nou maché kòrèk pou Bondié ki rélé nou nan rouayòm li-a ak nan gloua li-a.

¹³ Sé poua nou minm nou di Bondié mèsi san rété, paské, lè nou résévoua paròl Bondié-a nou té tandé nan bouch nou-an, nou pa résévoua-l tankou yon paròl moun, min tankou sa li yé-a vré, tankou paròl Bondié-a, li minm ki aji nan nou minm ki kouè yo. ¹⁹ Kisa réyèlman ki éspérans nou₁ oubyin kè kontan nou₁ oubyin kouròn fièté nou₁? Èské sé pa nou₂ minm dévan Granmèt nou₀-an Jézu nan vini l-ap vini-an? ²⁰ Nou₂ minm minm, réyèlman, nou₂ sé gloua nou₁-an ak kè kontan nou₁-an.

RÉPONS

Tr Ap 20, 28 ; 1 Kor 4, 2

R/. Okipé tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a * Pou nou kondui Égliz Bondié-a, sa Bondié té achté ak san Pitit li-a.

V/. Sa yo mandé moun ki résponsab distribué yo, sé pou yo jouinn yo fidèl. * Pou nou kondui.

Pou yon prèt:

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Timoté-a 5, 17-22; 6, 10-14

Bon konba prèt la épi moun Bondié-a

Ou minm moun aprésié anpil la : ^{5,17} Ansyin yo ki dirijé byin yo, sé doub konsidérasion yo mérité, sitou sa k-ap fatigé kò yo nan paròl épi ansègnman. ¹⁸ Sa-k ékri-a di réyèlman : « *Bèf k-ap pilé-a, ou pap maré bouch li* » épi : « *Travayè-a mérité salè-l* ». ¹⁹ Kont yon ansyin, pa aksépté akizasion, sof si sou dé ou toua témouin. ²⁰ Koupab yo, dévan tout moun korijé yo, pou rès yo gin krint. ²¹ Mouin avèti-ou dévan Bondié, épi Kris Jézu épi anj yo ki chouazi yo, pou bagay sa yo, ou kinbé yo san jijman ki pa gin fondman, antan-ou pa fè anyin dapré panchan. ²² Pa pozé min vit sou pèsonn, pa asosié péché lòt moun; kinbé pròp tèt-ou nèt.

^{6,10} Rasîn tout mal yo réyèlman sé anvi lajan, moun ki té mét lidé yo sou sa, yo té dévié sot nan lafoua-a, yo té ralé anpil soufrans sou pròp tèt yo.

¹¹ Kanta ou minm, moun Bondié, ralé kò-ou sot sou bagay sa yo ; suiv jistis la okontrè, respè sa-k sakré-a, lafoua-a, charité-a, pasians la, dousè-a. ¹² Batay bon batay lafoua-a, chèché kinbé lavi tout tan-an, koté yo rélé-ou la, sa-ou té fè bèl déklarasion lafoua pou li-a dévan pakèt témouin yo.

¹³ Mouin pasé-ou lòd, dévan Bondié ki bay tout bagay lavi-a, ak dévan Kris Jézu ki té bay témouagnaj bon déklarasion sou Pons Pilat, ¹⁴ pou-ou kinbé kòmandman-an san fot, san répròch, joutan Granmèt nou Jézu-Kri rivé.

RÉPONS

1 Kor 4, 1-2; Prov 20, 6

R/. Konsa sé pou yo konsidéré nou tankou minis Kris la ak moun ki réponsab distribué mistè Bondié yo : * Ki sa yo mandé moun ki réponsab distribué yo, sé pou yo jouinn li fidèl.

V/. Anpil moun sé moun bon kè yo rélé yo, min moun fidèl la, kilès k-ap jouinn li ? * Ki sa yo mandé.

DÉZIÈM LÉKTU

Pou yon pap:

Sot nan Prèch sin Léon legran, pap

(Sermo 3 de natali ipsius, 2-3: PL 54, 145-146)

Sa Kris la mété nan Piè-a kontinué rété

Malgré nou minm pou nou réalizé sèvis fonksion nou-an, bon zanmi yo, nou trouvé alafoua nou fèb épi nou pa aktif, paské si nou anvi fè yon bagay avèk dévouman épi désizyon, nou fè réta akòz frajilité kondision nou-an minm; poutan antan nou ginyin posibilié ki pap sispann pou jouinn padon Prèt pou tout tan-an épi ki gin tout pouvoua-a, li ki sanblé ak nou, ki égal ak Papa-a, ki té fè sa Bondié yé-a désann jous nan sa moun nan yé-a, ki té fè sa moun nan yé-a monté jous nan sa Bondié yé-a, nou kontan yon fason kòrèk épi avèk piété osije sa li minm minm li yé-a: paské, minm si li té konfié souin mouton-l yo bay anpil pastè li minm poutan li pa-t lagé konsèvasion bann mouton li rinmin-an.

Sé sot nan protèksion prinsipal épi ètènèl sa-a nou té résévoua tou fonksion travay apostolik la, li minm ki pa sispann okipé travay li-a ditou: épi solidité fondasyon-an koté yo bati roté tout Égliz la, okinn chaj tanp la ki répozé sou li pa fatigé-l.

Solidité lafoua li-a réyèlman, sa yo té fè louanj li nan chèf Apot yo, li diré tout tan; épi minm jan sa Piè té kouè nan Kris la kontinué rété, sé konsa sa Kris la té mété nan Piè-a kontinué rété. Konsa dispozision

vérité-a rété, épi sin Piè, antan-l pèsévéré nan fòs ròch la résévoua-a, li pa-t lagé gouvènay Égliz la li té résévoua-a.

Konsa réyèlman plis pasé lòt yo, yo té mété-l an plas, tout tan yo di ròch, tout tan yo déklaré fondasyon, tout tan yo instalé-l gadyin pòt rouayòm sièl yo, tout tan li jij sa pou yo maré ak sa pou yo lagé, désizyon jijman-l yo gin pou yo rété tou nan sièl yo, yo mété-l kòm chèf, antan li minm li asosié ak Kris la, pou pa lintèmediè jan yo rélé-l yo nou konnin mistè yo minm.

Li minm li réalizé koulié-a yon fason ki pi plin épi ak plis pouvoua sa yo té konfié-l yo, épi tout pati fonksion yo avèk okipasyon yo, yo réalizé pa lintèmediè Sa-a k-ap glorifié-l la nan li minm épi avèk li minm.

Si réyèlman nou fè kichòy yon fason douat, épi yo rékonèt li yon fason douat, si yo jouinn yon bagay sot nan mizèrikòd Bondié-a gras a siplikasyon chak jou yo, sé travay li yo ak mérit li yo, li minm pouvoua li vivan nan koté-l chita-a épi otorité-l drésé pi ro.

Bagay sa-a, réyèlman sé déklarasyon sa-a ki té mérité ginyin-l, sa Bondié Papa-a té inspiré nan kè apot la, ki dépasé tout bagay ki pa sètin yo nan opinion moun yo, épi ki résévoua solidité ròch okinn chòk pa fè tranblé-a.

Réyèlman nan tout Égliz la, sé chak jou Piè ap di *Ou sé Kris la, Pitit Bondié vivan-an*, épi tout lang k-ap fè déklarasyon pou Granmèt la, li bingnin nan ansègnman son voua sa-a.

RÉPONS

Mt 16, 18; Ps 47 (48), 9

R/. Jézu té di Simon : Mouin di-ou sé Piè ou yé, épi sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an, * Épi pòt lanfè yo pap gin pouvoua dévan-l.

V/. Bondié té pozé fondasyon-l pou tout tan. * Épi pòt.

Pou yon fondatè Égliz:

Sot nan Liv réfléksion sint Ilèr, évèk, sou Psòm yo

(Nn. 7-10: PL 9, 696-697)

Bondié bati épi li konsèvé vil li-a

*Si Granmèt la pa-t bati kay la, sé pou anyin yo té travay sa k-ap bati-l yo. Nou minm nou sé tanp Bondié-a épi Éspri Bondié-a abité nan nou. Kay sa-a épi tanp Bondié-a li plin ak ansègnman épi ak puisans Bondié yo, épi ak kè-a ki vîn sin-an li kapab vîn tounin abitasion Bondié; osijè-l la profèt la sèvi témouin konsa: *Tanp ou-a ki sin-an, li admirab nan égal li égal la. Viv sin-an, ékilib la, kontrolé moun nan kontrolé tèt li-a, sé tanp sa yé pou Bondié.**

Konsa kay sa-a sé Bondié ki gin pou bati-l. Réyèlman sa ki bati ak travay moun yo pa kontinué rété, ni li pa rété kanpé ak sa ansègnman sièk la mété; ni li pa konsèvé ak travay vid épi ak souin okipasion nou-an.

Sé yon lòt fason pou-l bati; sé yon lòt fason pou-l konsèvé: sé pa sou tè-a, sé pa sou sa k-ap koulé-a épi sab k-ap glisé-a pou yo kòmansé-l; min fondasyon-l sé sou profèt yo ak Apot yo pou yo plasé-l.

Avèk ròch vivan yo li doué dévlopé, sé ròch mitan kouin anlè-a ki doué kinbé-l ansanm, li doué bati nan ranmasé fòs yo ansanm épi nan mézi kò Kris la, ak kouasans sa-k fè youn kinbé lòt la, li doué dékoré tou ak bèl aspè épi konvnans gras spirituèl yo.

Kay sa-a Bondié doué bati konsa-a, sètadi, avèk ansègnman-l yo, li pap tonbé. Kay sa-a vîn grandi nan pliziè kay dapré diféran konstriksion fidèl yo nan yon sèl pa nou-an pou dékorasion ak élajsiman vil li-a ki sin-an.

Vil sa-a, dépi lontan, sé Granmèt la ki gadyin k-ap véyé-l la, lè li té protéjé Abraam k-ap vouayajé-a, lè li té sovè Izaak yo t-ap sakrifé-a, lè li té anrichi Jakòb ki t-ap sèvi-l la, lè li té mété Jozèf yo té vann nan alatèt

Éjip, lè li té bay Moyiz fòs kont Faraon-an, lè li té chouazi Jozué kòm chèf lagè-a, lè li té libéré David anba tout danjé yo, lè li té fè Salomon kado don sajès la, lè-l té la avèk profèt yo, lè li té poté Éli alé-a, lè-l té chouazi Élizé-a, lè-l té nourri Danièl la, lè-l té rouzé timoun yo nan boukan-an, lè-l té kanpé kòm katriyèm kot toua yo, lè li té instrui Jozèf pa lintèmédiè anj la antan li t-ap fòmé pròp tèt li apati Vièj la; li rafèmi Mari, li voyé Jan davans, li chouazi Apot yo, li priyé Papa-a antan-l di: *Papa ki sin konsèvé yo; lè-m té avèk sa yo, mouin té voyé jé sou yo nan non-ou*: lè anfin li minm minm, apré soufrans la, li promèt véyé protéksion-l nan ap véyé sou nou pou tout tan-an, antan-l di: *Min li, mouin avèk nou touléjou jous nan finisman sièk la*.

Sa-a sé protéksion ètènèl vil li-a ki gin kontantman-an épi ki sin-an, ki vîn rasanblé apati anpil nan yon sèl la épitou nan nou chak sé vil pou Bondié-a. Sé Granmèt la donk ki doué bati vil sa-a, pou li grandi nan dévlopman réalizasion-l nan. Pèféksion réyéلمان pa déja nan kòmansman konstriksion-an: min pa lintèmédiè konstriksion-an yo préparé réalizasion pèféksion-an.

RÉPONS

1 Piè 2, 4-5; Ps 117 (118), 22

R/. Antan nou proché kot Granmèt la, ròch vivan-an, * Nou minm tou tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati nou kòm yon kay spirituèl, nan yon sasèrdòs ki sin, pou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié aksépté yo, pa pouvoua Jézu-Kri.

V/. Sa-a sé ròch la ki vîn tounin mitan kouin anlè-a. * Nou minm tou.

Oubyin yon lòt, sitou pou yon évèk:

Sot nan Prèch sin Fuljans de Rusp, évèk

(Sermo 1, 2-3: CCL 91 A, 889-890)

Administratè fidèl épi ki gin bon jijman

Granmèt sèvitè yo, yo minm li té mété dévan pou pèp li-a, antan li vlé montré fonksion spésial yo-a, li di: *Kilès nou pansé li yé yon administratè ki fidèl épi ki gin bon jijman, li minm patron-an mété sou fanmi li-a, pou li ba yo mézi blé-a lè tan-an rivé? Ala kontantman pou sèvitè sa-a, li minm lè patron-an rivé, li jouinn li ap fè konsa.*

Kilès ki Mèt sa-a, frè yo? San dout sé Kris la, li minm ki di disip li yo: *Nou rélé-m Mèt épi Granmèt, épi nou byin di, sé sa mouin yé réyèlman.*

Kilès minm ki fanmi patron sa-a? Asuréman li sé sa Granmèt la li-minm té rachté sot nan min ènmi yo épi ki té afranchi-l pou téritoua-l la. Fanmi sa-a sé Égliz katolik la ki gayé sou tout ronnn tè-a ak donnin l-ap donnin anpil la épi li jouinn gloua poutèt sé san Granmèt li-a ki gin valè-a ki té rachté-l. *Pitit moun nan, réyèlman, jan li minm li di-a, pa-t vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi, épi bay nanm li kòm rédanmsion pou anpil moun.*

Li minm minm li sé bon pastè-a, ki té dépozé nanm li pou bann mouton-l yo. Bann mouton bon pastè-a donk sé fanmi Rédanmtè-a minm.

Administratè-a minm kilès li yé, li minm ki doué alafoua fidèl épi gin bon jijman, apot Pòl montré nou li, antan l-ap palé sou pròp tèt pa-l avèk konpagnon-l yo, li di: *Konsa sé pou yon moun konsidéré nou kòm sèvitè Kris la épi administratè mistè Bondié yo. Sé sa minm déjà y-ap chèché nan pami administratè yo; pou yo jouinn sa ki fidèl.*

Min pou youn nan nou pa konsidéré sé Apot yo sèlman yo fè administratè, antan li néglijé fonksion konba spirituèl la, sèvitè parésé k-ap dòmi san fidèlité épi san bon jijman-an, sin Apot la li-minm antan-l

montré évèk yo tou sé administratè yo yé, li di: *Évèk la tou réyèlman doué san répròch, tankou administratè Bondié.*

Donk nou sé sèvitè papa fanmi-an, nou sé administratè Granmèt la, nou té résévoua mézi blé n-ap distribué ba nou-an.

Si n-ap mandé vrèman kisa mézi blé sa-a yé, Apot sin Pòl tou montré nou li, antan-l di: *Pou chak moun dapré jan Bondié té séparé mézi lafoua-a.*

Konsa sa Kris la bay non mézi blé-a, sé li minm Pòl rélé mézi lafoua-a, pou nou konnin blé spirituèl la pa anyin dèt pasé vénérab sakrèman lafoua krétyin-an. Nou ba nou mézi blé-a nan non Granmèt la, chak foua antan nou kléré ak kado gras spirituèl la, n-ap égzaminé chak pouin dapré règ vrè lafoua-a; épi minm mézi blé sa-a nou té résévoua-l pa lintèmediè administratè Granmèt la, lè chak jou nou té tandé paròl vérité-a pa lintèmediè sèvitè Bondié yo.

RÉPONS

Mt 25, 21. 20

R/. Kouraj, sèvitè ki bon épi ki fidèl. Sou ti bagay yo ou té fidèl, sou anpil bagay m-ap mété-ou: * Antré nan kè kontan Granmèt ou-a.

V/. Mèt, sé sink piès lajan ou té rinmèt mouin : min sink lòt sa rapoté an plis. * Antré.

Pou yon prèt:

Sot nan Dékrè *Presbyterorum ordinis* dézièm Konsil Vatikan-an osijè ministè ak lavi prèt yo

(N. 12)

Rélé yo rélé prèt yo pou pèfèksion-an

Ak sakréman òrd la, prèt yo vîn sanblé ak Kris la ki prèt la, kòm sèvitè Tèt la, pou yo bati épi konstrui tout Kò li-a, ki Égliz la, tankou kolaboratè òrd Évèk yo. Déjà sètènman nan konsékrasyon batèm nan, tankou tout krétyin yo, yo té résévoua sign ak kado yon apèl ak yon gras tèlman gran pou, minm nan féblès moun nan, yo kapab épi yo doué rapousuiv pèfèksion-an, dapré paròl Granmèt la: *Konsa sé pou nou minm nou bon nèt tankou Papa nou ki nan sièl yo li bon nèt la.*

Prèt yo doué rivé ginyin pèfèksion sa-a réyèlman vré dapré yon rézon spésial, sètènman sa yo ki konsakré bay Bondié-a yon nouvo fason-an nan résévoua yo résévoua òrd-la, yo vîn tounin instriman vivan Kris la , prèt étènèl la, pou yo réyusi kontinué atravè tan yo travay li-a ki admirab la, ki té rémété ansanm tout sosiété moun yo ak éfikasité ki sot anro-a.

Kòm donk tout prèt, nan fason pa-l, sé ròl pèrsòn Kris la minm l-ap akonpli, li anrichi tou ak gras patikilié pou antan l-ap sèvi moun yo konfié-l yo épi tout pèp Bondié-a, li kapab rapousuiv yon fason ki pi adapté, pèfèksion Kris la, sa li kinbé plas li-a, épi pou sin li sin-an sèvi rémèd pou féblès chè moun nan, li minm ki pou nou vîn tounin gran-prèt *ki sin, ki inosan, ki san tach, ki séparé parapò a péchè yo.*

Kris la li-minm Papa-a té sanktififié oubyin konsakré-a épi té voyé sou tè-a, *li té bay pròp tèt pa-l pou nou pou-l té rachté nou anba tout péché, épi pou-l té nètouayé pou li minm yon pèp yo kapab aksépté, ki chèché bon aksion yo, épi konsa, atravè soufrans la, li té antré nan gloua li-a; minm jan-an prèt yo ki konsakré gras a onkion Espri-Sin-an épi Kris la voyé yo, yo fè travay chè-a mouri nan yo épi yo dévoué tèt yo totalman*

pou sèvis moun yo, épi konsa nan sin yo vîn sin-an ki anrichi yo nan Kris la, yo réyusi fè progrè pou yo rivé nan pèfeksion moun nan.

Konsa antan y-ap réalizé sèvis Éspri-a ak jistis la, nan mézi yo kité Éspri Kris la anségné yo, li minm ki ba yo lavi épi kondui yo, yo vîn gin asirans nan lavi spirituèl la. Réyèlman, pa lintèmédiè aksion sakré chak jou yo minm, minm jan pa lintèmédiè ministè yo-a toutantié, sa yo réalizé-a an kominion avèk évèk la épi prèt yo, yo dispozé pou pèfeksion lavi-a.

Sin prèt yo sin-an li minm minm kontribué anpil pou yo kapab akonpli pròp ministè yo-a antan-l poté frui: malgré réyèlman gras Bondié-a kapab akonpli travay sovè moun nan sovè-a palintèmediè minis ki pa alarotè tou, poutan, an règ jénéral, Bondié préféré montré mèvèy li yo palintèmediè sa yo ki lè yo vîn pi dosil pou Éspri-Sin-an pousé yo épi kondui yo, poutèt yo fè youn pi séré ak Kris la épi poutèt kalité lavi y-ap minnin ki sin, yo kapab di ansanm ak Apot la: *Alò m-ap viv, min déjà sé pa mouin minm, sé Kris la réyèlman vré k-ap viv nan mouin.*

RÉPONS

1 Tés 2, 8; Gal 4, 19

R/. Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèlman nou té vlé rinmèt nou, min ata nanm nou yo tou: * Paské nou té aprésié nou anpil.

V/. Ti pitit mouin yo, sa yo m-ap anfanté yon lòt foua-a joutan Kris la vîn fòmé nan nou. * Paské.

Pou yon misionè:

Sot nan Dékrè *Ad gentes* dézièm Konsil Vatikan-an osijè aktivité misionè Égliz la

(Nn. 4-5)

Antan nou alé, sé pou nou anségné tout nasion yo

Granmèt Jézu, anvan li té bay ak libètè lavi li pou tè-a, li té dispozé ministè apostolik la épi li té promèt l-ap voyé Éspri-Sin-an yon fason pou toulèdé té asosié ansanm nan fè travay sovè moun yo sovè-a rivé fèt tout koté épi tout tan.

Éspri-Sin-an ap fè tout Égliz la fè youn nan kominion-an ak sèvis la atravè tout tan yo, li fòmè-l ak diféran kado yérarchik épi karismatik, antan l-ap bay òganizasyon ekléziastik yo lavi tankou nanm yo épi antan l-ap fè antré nan kè fidèl yo minm nanm mision-an, sa Kris la li minm té fè-a. Pafoua minm anvan aksion apostolik la li vini yon fason yo kapab ouè, minm jan li akonpagné-l épi li dirijé-l san rété nan divès fason.

Granmèt Jézu dépi nan kòmansman *té rélé koté-l sa yo li minm li té vlé-a, épi li té fè pou yo té douz ansanm avèk li, épi pou-l té voyé yo préché*. Konsa Apot yo té jèm nouvo Israèl la épi an minm tan oriijn yérarchi sakré-a.

Alafin, kòm yon foua pou tout avèk lanmò-l épi rézireksion-l li té akonpli nan li-minm minm mistè sovè nou sovè-a épi fè tout bagay vîn nouvo-a, Granmèt la ki vîn ginyin tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, anvan yo pran-l nan sièl la, li té fondé Égliz li-a kòm sakréman sovè nou sovè-a, épi li té voyé Apot yo sou tout tè-a, tankou li-minm minm Papa-a té voyé-l la, antan l-ap kòmandé yo: *Konsa antan nou alé, sé pou nou anségné tout nasion yo, antan nou batizé yo onon Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an, aprann yo kinbé tout bagay yo mouin té kòmandé nou yo ninpòt sa yo yé*.

Apati la sé yon dévoua Égliz la ginyin pou-l kontinué planté lafoua Kris la ak sovè li sovè nou-an, soua pa pouvoua lòd li bay klèman, sa òrd Évèk yo té érité sot nan Apot yo, yo minm prèt yo ap asisté yo, ansanm ak siksésè Piè-a ki pastè an chèf Égliz la, soua pa pouvoua lavi Kris la fè koulé nan manb li yo.

Konsa mision Égliz la akonpli gras a travay la ki fè antan li obéyi lòd Kris la épi lagras ak charité Éspri-Sin-an ap pousé-l la, li vîn prézan antan li aji an plin pou tout moun yo oubyin nasion yo, pou li kondui yo al nan lafoua, libète épi lapè Kris la, ak égzanp lavi épi prèch, ak sakréman yo épi lòt mouayin lagras yo, yon fason pou chémin ki lib la épi solid la louvri pou yo, pou yo kapab patisipé anplin nan mistè Kris la.

RÉPONS

Mk 16, 15-16; Jan 3, 5

R/. Antan nou alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la bay tout créatu: * Moun k-ap kouè épi k-ap résévoua batèm, l-ap sovè.

V/. Si yon moun pa fèt yon lòt foua sot nan dlo-a ak Éspri-a, li pa kapab antré nan rouayòm Bondié-a. * Moun k-ap kouè.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Inclitus rector pater atque prudens*)

Pou yon pastè:

Papa ki kondui nou yon jan ékstraòdinè, ki gin sajès,
n-ap fété gran viktoua li ranpòté,
li minm ki sèvi lafoua-a témouin, li kontan san rété,
l-ap régné nan sièl la.

Pou yon pap:

Li minm ki chita sou fotèy Piè-a ki anlè nèl la,
kòm chèf ak mèl bann mouton yo yo pa kapab konté-a,
li louvri rouayòm sièl yo avèk pouvoua,
gras a klé Granmèt la.

Pou yon évèk:

Li minm ki té sèvi ak kado sakré
prèt la, chèf la ak mèl la pou pèp yo,
li paré kado lavi sakré-a,
kòm chèf ak moun ki gin sajès.

Pou yon prèt:

Li té chèf ki fè gran aksion, li té mèl
ki montré ansègnman lavi sakré-a
épi sé tout tan li t-ap chèché fè Bondié plézi
avèk yon kè nèl.

Koulié-a, nou tout n-ap priyé-l antan nou apuiyé sou li,
 pou-l lavé kondision péché nou-an ak bon kè-l,
 épi pou-l kondui nou ak priyé-l
 jous nan pouint anlè sièl la.

Réspè ak pouvoua pou Bondié sèl,
 louanj anro nan sièl la, ak onè pou tout tan,
 li minm k-ap kòmandé tout tè-a,
 antan l-ap réglé-l avèk laloua-l yo. Amèn.

Pou pliziè pastè (gadyin): *Hi sacerdotes Dómini sacráti*

Prèt Granmèt yo, yo minm ki viv pou Bondié nèt,
 yo minm ki fidèl ap ofri sakrifis pou Granmèt la,
 yo té gadyin pèp la
 avèk yon rinmin ki pa fè parès.

Réyèlman vré, antan yo té konsèvé
 kado bénédiksion yo té résévoua-a,
 yo té maré rin yo ak fòs pou yo fè éfò
 poté lanp ki kléré nan min yo.

Konsa tou, y-ap mét atansion, y-ap véyé,
 lè Granmèt la ap vîn frapé pòt la,
 y-ap kouri al rankontré-l byin vit
 pou yo louvri kay la.

Pi gran réspè gloua-a ak louanj la,
 pou ou, roua tout roua yo, Bondié pou tout tan,
 tou sa ki égzisté ap fè fèt pou ou
 pou tout tan ak sièk tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou minm nou sé limiè tè-a. Yon vil ki bati sou yon mòn pa kapab rété kaché.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Konsa, sé pou limiè nou kléré dévan moun yo, pou yo kapab ouè bon aksion nou yo, épi pou yo bay pou Papa nou gloua.

Réf. 3 Li vivan, paròl Bondié-a épi l-ap aji épi li kapab pénétré pi louin pasé tout épé ki filé dé bò.

LÉKTU KOUT

Ébr 13, 7-9a

Sonjé réponsab nou yo, ki té palé nou paròl Bondié-a ; antan konsidéré dènié moman lavi yo, pran modèl sou lafoua yo. Jézu-Kri yè ak jodi-a sé minm nan, épi pou sièk yo! Pa kité yo pran tèt nou avèk yon pakèt ansègnman ki sot déyò.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, * Mouin té mété gadyin. Sou ou.

V/. Lajounin kon lannuit, yo pap sispann préché non Granmèt la. *
Mouin té mété gadyin. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus* la, réf. Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, bon gadyin-an, ki té dépozé nanm li pou mouton-l yo, an nou fè louanj avèk rékonésans épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Okipé pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm Kris la, ki aksépté montré mizérikòd ou-a ak rinmin-ou nan nan gadyin ki sin yo,

— ou pa janm sispann aji avèk nou ak mizérikòd.

Ou minm ki kontinué ap réalizé ròl gadyin nanm yo pa lintèmédiè moun yo ou mété kinbé plas ou-a,

— pa sispann kondui nou, ou minm minm, pa lintèmédiè moun k-ap dirijé nou yo.

Ou minm ki rété kòm médsin kò yo ak nanm yo, nan sin-ou yo k-ap kondui pèp yo,

— sèvis k-ap fè nou viv la épi k-ap fè nou vîn sin-an, pa janm sispann réyalizé-l nan nou.

Ou minm ki instrui bann mouton-ou yo, gras a ladrès ak charité sin yo,

— bati nou san rété nan sa k-ap fè nou vîn sin-an, pa lintèmédiè gadyin nou yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sin **N**. té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp, antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sové tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N**. yon fason ékstraòdinè nan pastè yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-

ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévére nan lafoua ak lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévloché nan gras ak konésans Granmèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévloché nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidéлитé dévan-ou selon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Papa, tankou ou té voyé-m sou tè-a, mouin minm tou mouin té voyé yo sou tè-a.

LÉKTU KOUT

1 Tim 4, 16

Fè atansyon pròp tèt ou ak ansègnman-an, insisté nan yo ; antan-ou fè sa, ou-ap sovè pròp tèt ou, ni sa yo k-ap kouté-ou la.

V/. Granmèt la té chouazi sévitè-l la.

R/. Pou-l kondui Jakòb, éritaj li-a.

Pou Sèkst

Réf. Sa ki réservoua nou, li réservoua-m ; épi sa ki réservoua-m, li réservoua sa-a ki voyé-m nan.

LÉKTU KOUT

1 Tim 1, 12

Mouin gin rékonésans pou sa-a ki ban-m fòs la, Kris Jézu Granmèt nou-an, paské li konsidéré mouin mérité konfiants, li mété-m nan sèvis la.

V/. Mouin pa ront Bòn Nouvèl la.

R/. Sé fòs Bondié li yé pou sovè nou.

Pou Nòn

Réf. Sé asosié Bondié nou yé ; nou minm minm nou sé jadin Bondié, nou sé kay Bondié bati.

LÉKTU KOUT

1 Tim 3, 13

Sa yo minm ki fè sèvis yo byin, yo bay pròp tèt yo yon bon pozision épi anpil asirans nan lafoua-a ki nan Kris Jézu-a.

V/. Si Grammèt la pa bati kay la.

R/. Sé pou grammesi y-ap travay moun k-ap bati-l yo.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Vir celse, forma fùlgida*, 1461; *oubyin pou pliziè Pastè: Sacrata nobis gáudia*, 1462.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin vîn tounin sèvitè Bòn Nouvèl la, dapré kado gras Bondié-a.

Psòm 14 (15)

Kilès ki mérité parèt dévan Grammèt la ?

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- ¹ Grammèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- ² Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
k-ap palé vérité nan kè-l,
- ³ ki pa chèché troupé ak lang li, †
ki pa fè prochin-l méchansté, *
ki pa fè prochin-l afron.

- ⁴ Li konsidéré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
 min li fè louanj pou sa yo ki krinn Granmèt la.
 Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †
- ⁵ li pa prété lajan-l ak intèrè, *
 li pa aksépté kado sou do inosan.
- Moun ki aji konsa, *
 li pap souké pou tout tan.

Réf. Mouin vîn tounin sèvitè Bòn Nouvèl la, dapré kado gras Bondié-a.

Réf. 2 Sèvitè fidèl, ki gin sajès, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li.

Psòm 111 (112)

Kontantman mésié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

- | | | |
|--------------|---|---|
| ¹ | Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, * | א |
| | nan lòd li yo li mét anpil anvì. | ב |
| ² | Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, * | ג |
| | ras moun ki douat yo ap béni. | ד |
| ³ | Gloua ak richès nan kay li, * | ה |
| | jistis li ap rété pou sièk sièk la. | ו |
| ⁴ | Limiè-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, * | ז |
| | li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. | ח |
| ⁵ | Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, † | ט |

- 6 ki réglé afè-l yo kòrèk, * י
paské pou tout tan li pap souké. כ
- 7 Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, * ל
lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè. מ
- 8 Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, † נ
kè-l asiré, li pap pè, * ס
joustan li méprizé ènmi-l yo. ע
- 9 Li té distribué, li té bay pòv yo ; † פ
jistis li rété pou sièk sièk la, * צ
kòn li ap lèvé nan gloua-a. ק
- 10 Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, † ר
l-ap manjé dan, l-ap dépéri. * ש
Anvi péchè yo ap détrui. ת

Réf. Sèvitè fidèl, ki gin sajès, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li.

Réf. 3 Mouton-m yo ap kouté voua-m, épi ap gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
Roua nasion yo !
- 4 Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
Paské ou minm sèl ou Sin, †

paské tout nasion yo ap vini
y-ap adoré nan fas ou, *
paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Mouton-m yo ap kouté voua-m, épi ap gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 1-4

Ansyin yo, ki nan pami nou yo, mouin sipliyé nou, mouin minm ki ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké gloua-l la ki gin pou-l révéle apré-a : Okipé bann mouton Bondié-a ki nan mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak tout bòn volonté nou ; san nou pa kòmandé kòm mèt sou pòsion-an nou résponsab la, min antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an. Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Min sa-a ki rinmin frè-l yo. * Li lapriyé anpil pou pèp la. Min sa-a.

V/. Épi li rinmèt lavi li pou frè-l yo. * Li lapriyé anpil pou pèp la. Viv Papa-a. Min sa-a.

Pou *Magnificat* la, réf. Sa-a sé intandan fidèl la épi ki gin prévouayans la, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-an, pou-l ba yo pòsion blé-a nan tan-an.

Oubyin : Mouin di-ou mési, Kris, bon gadyin, ou minm ki aksépté kondui-m nan gloua sa-a; konsa mouin mandé-ou pou mouton yo ou té konfié-m yo patisipé avèk mouin nan gras ou-a pou tout tan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki établi kòm Gran Prèt an favè moun yo nan sa ki gin rapò ak Bondié, an nou sélébré-l avèk louanj ki alarotè, antan n-ap priyé-l ak umilité :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm ki kléré Égliz ou-a yon fason ékstraòdinè pa lintèmédiè moun k-ap dirijé-l yo, ki sin épi san parèy yo,

— fè krétyin yo toujou kontan ak minm klèté sa-a.

Ou minm ki padonnin péché pèp la, lè tankou Moyiz gadyin ki sin yo ap priyé-ou,

— pa lintèmédiè intèsésion yo, fè Égliz ou-a vîn sin antan ou-ap pròpté-l san rété.

Ou minm ki té vidé luil la sou sin-ou yo nan mitan frè yo épi ki té dirijé Éspri-ou la nan yo,

— fè Éspri-Sin-an plin tout moun yo k-ap dirijé pèp ou-a.

Ou minm minm ki té sa gadyin ki sin yo té posédé-a,

— pa kité youn nan sa yo ou té rivé ginyin ak san-ou nan rété louin-ou.

Ou minm ki bay mouton-ou yo lavi pou tout tan-an pa lintèmédiè gadyin Égliz la, pou pèsonn pa raché yo sot nan min-ou,

— sové défin yo, yo minm ou té dépozé nanm-ou pou yo-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyé-a

Priyé-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sin **N**. té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp, antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton

yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sovè tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N.** yon fason ékstraòdinè nan pastè yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévééré nan lafoua ak lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévlo pé nan gras ak konésans Grammèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévlopé nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidélimité dévan-ou sélon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN DOKTÈ YO
(SAVAN SAKRÉ ÉGLIZ LA)

Pou premié Vèp yo

Tout bagay nan Komin pastè yo, éksépté sa-k suiv la-a:

IMN, Ætérne sol, qui lúmine, tankou pou Ofis léktu-a.

LÉKTU KOUT

Jak 3, 17-18

Sajès la ki sot anro-a, toudabò minm li gin yon konduit réspéktab, apré sa li chèché lapè, li tou dou, li pran konsèy, li plin mizérikòd ak bon frui, li pa gin préjjé, li pa fè ipokrit; frui jistis la minm sé nan lapè li simin, pou moun yo k-ap fè lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Bouch moun ki kòrèk la, * L-ap médité sajès la. Bouch moun.

V/. Épi lang li palé jijman-an. * L-ap médité sajès la. Viv Papa-a. Bouch moun.

Pou Magnificat la, réf. Sa ki té fè épi ki té anségné, sé gran y-ap rélé-l nan rouayòm sièl yo.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin **N.** ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a

avèk fidèlité épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Fontèn sajàs la, Granmèt la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Ætérne sol, qui lúmíne*)

Solèy tout tan-an,
ou minm ki plin tout bagay yo kréyé yo ak limiè-a,
limiè ki anro nèt la minm pou intélíjans yo,
kè nou ap chanté-ou.

Gras a Éspri-ou k-ap chofé nou,
ti limiè vivan yo kléré isit la;
gras a yo santié ki sové nou yo
parèt klè pou sièk yo.

Sa paròl Bondié voyé sot nan sièl la montré,
sa intélíjans natirèl la montré,
pa lintèmediè sa yo ki sèvitè lagras la
li té kléré ak yon nouvo klèté.

Mésié sa-a ki patisipé nan kouròn moun sa yo,
li minm ki mérité respè gras a ansègnman-l ki klè,
mésié sa-a ki sin-an, li kléré byin kléré,
li minm n-ap chanté louanj pou li-a.

Antan l-ap lapriyè pou nou,
Bondié, tanpri, fè nou favè,
pou nou suiv santié vérité-a,
pou nou rivé jouinn ou.

Kouté nou, Papa ki gin bon kè anpil,
ni Sèl Pitit la ki égal ak Papa-a,
ansanm avèk Èspri Paraklè-a,
antan ou-ap kòmandé pou tout sièk yo. Amèn.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Sajès la

7, 7-16. 22-30

Kontantman moun ki kòrèk yo bò kot Bondié

⁷ Mouin té priyé, épi yo ban-m intéljans ;

mouin té rélé, épi éspri sajès la vîn nan mouin ;

⁸ mouin pito-l pasé péyi roua yo ak trôn roua yo ;

mouin konsidéré richès yo kòm anyin dévan-l.

⁹ Mouin pa mété-l sou balans avèk piè ki gin anpil pri ;

paské tout lò ki ginyin sé yon ti kras sab, konparé avèk li ;

dévan-l, lajan sé tankou labou.

¹⁰ Mouin rinmin-l pasé santé ak bèl figi ;

mouin pito-l pasé limiè,

paské limiè-l pa kapab étinn.

¹¹ Avèk li sé tout kalité byin ki vîn jouinn mouin,

sé yon richès yo pa kapab konté ki vini pa lantrémiz li.

¹² mouin té fè kè-m kontan osijè yo tout paské sé sajès la ki té réglé yo,

min mouin pa-t konnin li té manman bagay sa yo.

¹³ Sé san riz mouin té aprann, sé san anvî m-ap transmèt,

richès li, mouin pap kaché-l;

¹⁴ sé yon trézò ki pap fini pou lèzòm,
moun ki sèvi avèk li yo, Bondié panché pou-l rinmin yo,
yo jouinn rékòmandasion gras a kado yo ki sot nan édikasion-an.

¹⁵ Kanta mouin minm minm, Bondié ban-m favè
pou-m palé ak konviksion,
pou-m pansé lidé ki adapté ak sa-l ban mouin yo,
paské li minm li sé chèf sajès la
épi li korijé saj yo.

¹⁶ Nan min-l réyèlman ni nou minm ni paròl nou yo rété,
ni tout sajès ni sians ak téknik pou travay yo.

RÉPONS

Saj 7, 7-8; Jak 1, 5

R/. Mouin té priyé, épi yo ban-m intèlijans; * Mouin té rélé, épi éspri sajès la vîn nan mouin, mouin té pito-l pasé péyi roua yo ak trôn yo.

V/. Si youn nan nou manké sajès, sé pou-l mandé Bondié, ki bay tout moun dépasé mézi, san-l pa fè répròch, épi l-ap ba li. * Mouin té rélé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Glas lafoua-a Giyòm abé monastè Sin Téodorik

(PL 180, 384)

Nan Éspri-Sin-an yo doué chèché intèlijans lafoua-a

Ou minm, nanm fidèl, lè yo fè mistè ki pi kaché yo antré nan lafoua-ou la k-ap tranblé natirèlman, gin odas épi di, pa antan ou pral dévan étud la, min antan ou-ap suiv rinmin-an: Kijan bagay sa yo rivé fèt?

Késion-ou nan, sé priyé-ou pou-l yé, sé rinmin pou-l yé, sé piété pou-l yé, épi yon anvè ki plin umilitéé, sé pa antan ou-ap fouyé grandè Bondié nan sa-k ro yo, min antan ou-ap chèché sovè yo sovè-a nan sa Bondié fè yo pou sovè nou-an. Épi Anj gran konsèy la ap réponn ou: *Lè Paraklè-a ap vini, sa mouin minm m-ap voyé ba nou sot kot Papa-a, li minm l-ap fè*

nou konnin tout bagay, épi l-ap aprann nou tout vérité-a. Pèsonn réyèlman pa konnin afè moun nan, si sé pa éspri moun nan ki nan li-a; konsa tou afè Bondié pèsonn pa konnin yo, si sé pa Éspri Bondié-a.

Fè vit donk pou patisipé nan Éspri-Sin-an. Li prézan, lè yo rélé-l; ni yo pa rélé-l non plis si-l pa déjà la. Épi lè-l vini paské yo rélé-l, li vini nan abondans bénédiksyon Bondié-a. Li sé fòs gran riviè-a k-ap fè vil Bondié-a kontan-an.

Épi lè l-ap rivé, si li jouinn ou tou piti épi trankil, antan paròl Bondié yo fè-ou tranblé, l-ap répozé sou ou; épi l-ap révéle-ou sa Bondié Papa-a rétiré sot nan moun saj yo ak moun ki gin ladrès yo dapré sièk sa-a; épi y-ap kòmansé kléré pou ou, bagay sa yo disip Sajès la sou tè-a té kapab di; min yo minm yo pa-t kapab poté sa, toutotan Éspri vérité-a pa-t vini, li minm ki t-ap aprann yo tout vérité-a.

Nan li yo doué résévoua oubyin aprann sa sé pou bon tan yo t-a tann nan bouch kèlkésoua moun ki pa-t kapab résévoua-l oubyin aprann li apati lang vérité-a li minm. Dapré sa réyèlman Vérité-a li minm li di: *Bondié sé Éspri.*

Épi minm jan li nésèsè pou sa yo k-ap adoré-l la, sé nan éspri-a ak vérité-a pou yo adoré; konsa pou sa yo ki anvi konnin li oubyin aprann konnin li, sé sèlman nan Éspri-Sin-an li posib pou chèché intéljans lafoua-a épi signifikasyon vérité sa-a ki klè-a épi san voual la.

Nan fènoua ak ignorans lavi sa-a, réyèlman, pou pòv dapré éspri-a, li minm li sé limiè k-ap kléré-a; li minm l-ap ralé charité-a; li minm l-ap fè vîn gin dousè-a; li minm l-ap fè moun nan proche kot Bondié-a; li minm ki rinmin-an nan sa-k rinmin-an; li minm ki dévosyon-an; li minm ki piété-a.

Li minm ki révéle jistis Bondié-a bay fidèl yo sot nan lafoua-a al nan lafoua-a; li minm pou gras la li bay gras, pou lafoua sa-k kouté-a li bay yon lafoua ki ékléré.

RÉPONS

Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33

R/. Tout skrib ki jouinn ansègnman nan rouayòm sièl yo, * Li sanblé ak yon moun ki papa fanmi, ki retiré sot nan trézò li sa-k nouvo yo ak sa-k ansyin yo (T.P. Alélouya).

V/. Nan yon kè ki gin ladrès sajès la répozé, épi ninpòt sa-k ignoran yo li fòmé yo. * Li sanblé.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Konstitisyon dògmatik *Dei Verbum* dézièm Konsil Vatikan-an osijè révélation Bondié-a

(Nn. 7-8)

Osijè transmision révélation Bondié-a

Kris la, Granmèt la, li minm nan li-a tout révélation Bondié-a vîn réalizé-a, li té bay Apot yo kòmandman, pou yo préché Bòn Nouvèl la bay tout moun, sa yo té promèt anvan pa lintèmediè profèt yo, sa li minm li té akonpli-a épi ak pròp bouch li-a li té proklamé-a, kòm sous tout vérité-a k-ap sovè nou-an épi lign konpòtman moral yo doué aprann nan, antan li té kominiké yo kado Bondié yo.

Bagay sa-a sètènman té fèt avèk fidéлитé, soua gras a Apot yo, yo minm ki té transmèt yo nan sa yo t-ap di nan prèch yo, nan modèl konduit yo épi nan òganisation yo, sa yo té résévoua ni nan bouch, nan konpòtman épi nan aksion Kris la, ni sa yo té aprann nan min Éspri-Sin-an; soua gras a Apot sa yo épi mésié ki té avèk Apot yo, yo minm ki, anba inspirasion minm Éspri-Sin-an, té ékri nouvèl sovè nou sovè-a.

Min pou nan Égliz la yo té konsèvé Bòn Nouvèl la san rété toutantié épi yon fason vivan, Apot yo té kité évèk yo kòm siksésè, antan yo rinmèt

yo pròp plas ansègnman yo-a. Sa réyèlman vré Apot yo té rinnèt la, li gin ladan-l tout sa ki sèvi pou pèp Bondié-a kapab minnin yon lavi ki sin ak pou kouasans lafoua-a. Épi konsa Égliz la, nan ansègnman li, lavi li épi nan sélébrasion li, té kontinué konsèvé épi transmèt bay tout jénérasion yo, tout sa li minm li yé, tout sa li kouè.

Tradision sa-a ki sot nan Apot yo ap fè progrè nan Égliz la anba asistans Éspri-Sin-an: konpréansion ni réalité yo ni paròl yo transmèt yo dévlopé réyèlman, soua apati kontanplasion ak étud moun ki kouè yo, yo minm k-ap médité yo nan kè yo, soua apati intélijans profon bagay spirituèl yo fè ékspérians yo-a, soua apati prédikasion sa yo ki ansanm ak siksésion évèk yo té résevoua asirans karism vérité-a. Sa vlé di, nan déroulman sièk yo, Égliz la san rété ap fè éfò pou rivé nan plénitud vérité Bondié-a, joustan nan li minm minm paròl Bondié yo réalizé nèt.

Sa sin Pèr yo té di, témouagné prézans tradision sa-a k-ap bay lavi-a, sé richès li-a yo té fè koulé nan pratik ak nan lavi moun ki kouè-a épi nan Égliz-la k-ap priyé-a.

Pa lintèmediè minm tradision-an, Égliz la té vîn konnin lis konplè liv sakré yo, épi minm liv sakré sa yo, sé nan li yo vîn konprann yo pi afon épi yo fè yo vîn aktif san rété; épi konsa Bondié li minm ki té palé lontan ap konvèsé san rété avèk Épouz Pitit li rinmin-an, épi Éspri-Sin-an li minm pa lintèmediè-l voua vivan Évanjil la ap rézoné nan Égliz la épi, atravè Égliz la, sou tè-a, li kondui moun ki kouè yo nan tout vérité-a, épi li fè paròl Kris la abité nan yo avèk abondans.

RÉPONS

1 Piè 1, 25; Lk 1, 2

R/. Paròl Granmèt la rété pou tout tan: * Sa-a minm sé paròl bòn nouvèl la yo té préché nou-an. (T.P. Alélouya).

V/. Daprè sa yo té transmèt ba nou-an, sa yo minm ki té ouè dépi nan kòmansman-an épi ki té sèvitè paròl la. * Sa-a minm sé paròl.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Doctor æternus còleris piúsque*)

Anségnan pou tout tan épi ki bon,
ou minm Kris la ki fè konnin laloua k-ap sové-a,
ou minm sèl yo kouè ou gin paròl lavi-a,
n-ap fè konpliman pou-ou.

N-ap rélé-ou, bon Gadyin ronn tè-a,
antan-ou nan sièl la, ou tout tan ap asiré
paròl Épouz la, yo minm ki fè san rété
limiè-a la sou tè-a.

Sé ou minm ki ba nou sèvitè k-ap kléré
tankou zétoual doré k-ap fè étinsèl,
k-ap dévoualé nou ansègnman lavi ki sin-an,
sa yo ki sètin.

Sé pousa y-ap chanté louanj pou-ou, ou minm Mèt,
ou minm Éspri-a ki vidé richès ékstraòdinè
nan bouch savan sakré yo,
ki fè sé ak fòs limiè-ou la k-ap nourri nou parèt.

Koulié-a, sa-a ki kòrèk la n-ap fété-a,
l-ap sipliyé pou-ou fè pèp ou-a favè
pou-l avansé ak limiè ki fè kè-l kontan
joustan li chanté imn pou ou nan limiè ki plin nèt la. Amèn.

LÉKTU KOUT

Saj 7, 13-14

Sajès la, sé san riz mouin té aprann li, sé san jalouzi m-ap transmèt li; richès li, mouin pa kaché yo. Sé yon trézò ki pap fini réyèlman pou moun yo; moun yo ki rivé ginyin-l, yo paré pou zanmi nan Bondié poutèt yo jouinn rékòmandasion gras a kado yo ki sot nan édikasion-an.

RÉPONS KOUT

R/. Sajès sin yo, * Pèp yo ap rakonté-l. Sajès sin yo.

V/. Épi Égliz la ap proklamé louanj yo. * Pèp yo ap rakonté-l. Viv Papa-a. Sajès sin yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin **N.** ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a avèk fidélimité épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ætérne sol, qui lúmíne*, 1502.

LÉKTU KOUT

Jak 3, 17-18

Sajès la ki sot anro-a, toudabò minm li gin yon konduit respéktab, apré sa li chèché lapè, li tou dou, li pran konsèy, li plin mizèrikòd ak bon frui, li pa gin préjijé, li pa fè ipokrit; frui jistis la minm sé nan lapè li simin, pou moun yo k-ap fè lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan mitan Égliz la, * Li té louvri bouch li. Nan mitan.

V/. Épi Granmèt la té plin-l ak éspri sajès ak intélijans. * Li té louvri bouch li. Viv Papa-a. Nan mitan.

Pou Magnificat la, réf. O Anségnan ki bon anpil, limiè Égliz la ki sin-an, ou minm sin N., ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin N. ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a avèk fidélité épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN VIÈJ YO

Pou premié Vèp yo

IMN (*Iesu, coróna vírginum*)

Jézu, kouròn vièj yo,
ou minm Manman sa-a poté nan vant li-a
antan sé li minm sèl ki rété vièj lè-l anfanté-a,
ak bon kè-ou résévoua sa n-ap mandé yo,

Ou minm k-ap okipé mouton yo nan mitan lis yo,
antan-ou antouré ak foul vièj yo,
épou ki kléré ak gloua
épi ki bay épouz yo rékonpans yo.

Koté-ou pasé, vièj yo suiv ou,
épi y-ap kouri dèyè-ou
antan y-ap chanté louanj
ak bèl imn k-ap rézonnin tout koté.

N-ap priyé-ou,
ba nou plis favè
pou éspri nou pa janm fè ékspérians
anyin k-ap blésé nou pou gaté nou.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a ak pou Éspri rékonfò-a,
nan sièk ki pap janm fini yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Vini, pitit fi-m yo, proche bò kot Granmèt la, épi l-ap fè nou kléré.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- 1 Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- 2 Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- 3 Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Vini, pitit fi-m yo, proche bò kot Granmèt la, épi l-ap fè nou kléré.

Réf. 2 Koulié-a n-ap suiv-ou ak tout kè nou épi nou gin respè pou-ou, épi n-ap chèché fas-ou, Granmèt, pa fè nou ront.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li soufflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Koulié-a n-ap suiv-ou ak tout kè nou épi nou gin respè pou-ou, épi n-ap chèché fas-ou, Granmèt, pa fè nou ront.

Réf. 3 Fété, nou minm vièj Kris la, antan n-ap joui mariaj ki sot anlè-a, ki pap gin finisman-an.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmédiè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- ⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- ⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- ⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,

sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Fété, nou minm vièj Kris la, antan n-ap joui mariaj ki sot anlè-a, ki pap gin finisman-an.

LÉKTU KOUT

1 Kor 7, 32b. 34a

Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasion osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri.

RÉPONS KOUT

R/. Pòsion pa-m sé Granmèt la. * Sé sa mouin té di nan kè-m. Pòsion.

V/. Granmèt la bon pou nanm moun k-ap chèché li. * Sé sa mouin té di nan kè-m. Viv Papa-a. Pòsion.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon vièj ki mati: Min vièj la ki gin kouraj la déjà ap suiv Mouton yo krisifié pou nou-an, li sakrifé antan-l rézèvé kò-l, li imolé pou lavi byin réglé-a.

Pou yon vièj : Antan Épou-a té vini, vièj ki prudan-an ki tou paré-a té antre avèk li nan nòs yo.

Pou pliziè vièj : Vièj ki gin ladrès, paré lanp nou yo : min Épou-a ap vini, sòti al rankontre-l.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki té fè louanj pou sa yo k-ap chèché rét vièj poutèt rouayòm sièl yo, an nou fè fèt pou sélébré-l épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :
Jézu, roua vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, ki té paré Égliz la tankou yon vièj ki rézèvé kò-l nèt pou ou minm sèl kòm Épou,

— fè-l vîn imakilé épi fè-l vîn sin.

Ou minm Kris la, vièj ki sin yo té soti al rankontré-ou avèk lanp yo,

— pa janm pèmèt manké luil fidéлитé-a nan lanp sèvant yo ki konsakré tèt yo ba ou.

Ou minm Granmèt, Égliz la ki vièj té kinbé lafoua-a nan ou-a toutantié épi san mélanj,

— bay tout krétyin yo yon lafoua toutantié épi san mélanj.

Ou minm ki fè pèp ou-a favè pou-l jouinn kè kontan nan fèt vièj **N.** ki sin-an,

— ba nou tou pou nou kontan antan l-ap intèsédé tout tan pou nou.

Ou minm ki té résévoua sint vièj yo nan soupé nòs ou yo,

— résévoua défin yo ak byinvéyans nan palè sièl la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi nou mérité dévlopé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévelopé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la, Roua vièj yo, vini, an-n adoré-l.

Oubyin: Mouton-an vièj yo ap suiv la, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Ofis léktu

IMN

Pou yon vièj: *Dulci deprómat cármine*

Sé yon poèm ki dous pèp la pran
nan dévosion solanèl yo,
pandan nan anro sièl yo
vièj sa-a kléré ak gloua.

Vièj ki té konn okipé louanj Kris la
 déja ak fòs tankou gason,
 kounié-a ak lamé sin yo
 li fè youn nan kè kontan.

Li ranpòté viktoua antan-l rézèvé kò-l
 parapò a vis féblès chè-a;
 li méprizé karès tè-a
 antan-l suiv tras Kris la.

Pa lintèmediè-l, ou minm Kris la, dirijé nou
 antan-ou protéjé nou anba tout ènmi yo;
 korijé glisman péché yo
 ranpli nou ak bon kalité yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

Pou pliziè vièj: *Gaudéntes festum cólimus*

Antan nou kontan n-ap pran souin fété
 vièj Kris la ki sin yo,
 k-ap suiv Granmèt la
 ak yon kè pròp nan louanj yo.

Ou minm flè lis lavi kò ki byin réglé-a,
 roua vièj yo, ou minm ki sin anpil,
 ou minm, gadyin rézèvé kò-a,
 répousé manti démon yo.

Ou minm nan zantray byin réglé yo
 ou jouinn plézi ak anpil bon kè,

lavé fot nou fè yo,
antan ou padonnin sa-n té fè ki mal yo.

Antan n-ap mandé n-ap rann gras;
nou pèdi, dirijé chémin nou-an;
ou minm, papa ki pran pitié-a,
tanpri poté nou sékou.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Vièj ki bèl anpil, ki prudan, ou minm ki klè nan désizion-ou, ou ginyin Paròl san tach la kòm épou nanm ou.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.

³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.

⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :

⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.

- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Vièj ki bèl anpil, ki prudan, ou minm ki klè nan désizion-ou, ou ginyin Paròl san tach la kòm épou nanm ou.

Réf. 2 Péyi-roua sou tè-a avèk tout sièk-la, mouin té méprizé yo poutèt amou Granmèt mouin-an Jézu-Kri.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- ² Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- ³ Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- ⁴ Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- ⁵ Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.

- 6 Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Péyi-roua sou tè-a avèk tout sièk-la, mouin té méprizé yo poutèt amou Granmèt mouin-an Jézu-Kri.

Réf. 3 Roua-a anvi bèlté-ou, paské sé Granmèt Bondié-ou li yé.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.

- ¹⁶ Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- ¹⁷ Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- ¹⁸ Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè déklarasyon pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Roua-a anvi bèlté-ou, paské sé Granmèt Bondié-ou li yé.

V/. Ou té fè-m konnin rout lavi yo.

R/. Ou-ap plin-m ak kè kontan avèk fas ou.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan prémié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

7, 25-40

Virjinité krétyin-an

Frè yo : ²⁵ Osijè vièj yo, mouin pa gin kòmandman Granmèt la ; min sé yon konsèy m-ap bay tankou yon moun Granmèt la fè favè, pou yo kapab fè-m konfians. ²⁶ Mouin konsidéré sé yon bon bagay poutèt nésésité ki la koulié-a, oui, sé yon bon bagay pou moun nan rét jan li yé-a. ²⁷ Èské ou marié ak yon madanm ? pa chèché séparé. Èské ou pa marié ak yon madanm ? pa chèché marié. ²⁸ Si-ou marié, ou pa fè péché ; si yon vièj marié, li pa fè péché. Sèlman n-ap gin tribilasyon nan chè sa-a ; mouin minm mouin vlé évité nou sa. ²⁹ Konsa, mouin di nou, frè-m yo : « Tan-an kout ; moun ki marié, sé pou yo viv kòm si yo pa marié ; ³⁰ moun k-ap kriyé, kòm si yo pap kriyé ; moun ki gin kè kontan, kòm si yo pa gin kè kontan ; moun k-ap achte, kòm si yo pa posédé ; ³¹ moun k-ap sèvi

avèk tè sa-a, kòm si yo pap sèvi avèk li ; sèké, figu tè sa-a, l-ap pasé ». ³² Mouin vlé mouin minm pou nou pa gin préokipasion. Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasion osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. ³³ Sa ki avèk madanm nan minm, li gin préokipasion osijè afè tè-a, kijan pou-l fè madanm li plézi, ³⁴ épi li séparé. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri ; sa-k marié-a minm, l-ap réfléchi sou afè tè-a, kijan pou-l fè mari-a plézi. ³⁵ Sèlman bagay sa-a, sé pou avantaj nou mouin di-l, sé pa pou-m drésé pièj pou nou, min sé pou sa ki onèt épi pou sa ki ofri fasilité pou priyé Granmèt la san anpéchman.

³⁶ Si yon moun pansé sé yon ront pou vièj li-a si-l dépasé laj, épi sé konsa sa doué fèt, sa-l vlé-a sé pou-l fè-l, li pa fè péché, sé pou yo marié !

³⁷ Sa-k kinbé fèm nan kè-l la minm, san-l pa gin yon kontrint, antan li gin pouvoua sou pròp volonté pa-l, épi bagay sa-a li jijé-l nan pròp kè-l pou-l kinbé vièj li-a, li fè byin. ³⁸ Atèl pouin é sa-k marié vièj li-a, li fè byin, é sa-k pa marié-l la, li fè pi byin.

³⁹ Yon madanm angajé pandan tout tan mari-l ap viv. Si mari-a mouri minm, li vîn lib, ak sa-l vlé li mèt marié, sèlman nan Granmèt la. ⁴⁰ Ap gin plis kontantman pou li minm si-l rété konsa, dapré konsèy pa-m nan. Mouin sipozé mouin minm tou mouin gin Éspri Bondié-a.

RÉPONS

R/. Roua-a té anvi bèl vizaj ou-a, sa li minm li té fè-a: sé Bondié-ou li yé, sé Roua-ou li yé: * Roua-ou la sé li minm tou ki Épou-ou la.

V/. Ou marié ak Roua-a Bondié-a, sé li ki ba-ou kado, sé li ki dékoré-ou, sé li ki rachté-ou, sé li ki fè-ou sin. * Roua-ou la.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Sipriyin, évèk é mati, osijè konpòtman vièj yo

(Nn. 3-4. 22. 23: CSEL 3, 189-190. 202-204)

Ak richès virjinité-a kè kontan manman-an ogmanté

Koulié-a, kanta nou minm, sé ak vièj yo n-ap palé, yo minm poutèt gloua yo-a lèvé pi ro-a sé pi pi gran souin pou yo pran tou. Sé flè boujon Égliz la, dignité ak dékoration lagras spirituèl la, karaktè favorab la, travay louanj ak onè ki toutantié épi ki pap gaté-a, pòtré Bondié k-ap korésponn ak lavi sin Granmèt la, pòsion ki pi byin kléré nan bann mouton Kris la. Pa lintèmédiè yo gloua donnin Égliz la ki manman ap donnin-an kontan épi nan yo li fléri anpil, nan mézi gin plis richès virjinité ki ajouté nan kantité-l, kè kontan manman-an ogmanté. Sé ak yo minm n-ap palé, sé yo minm n-ap ankourajé avèk aféksion plis pasé avèk otorité épi antan nou byin konsian nou dènié épi pi piti épi byin ba, sé pa kichòy n-ap réklamé pou kritiké libèté san kontròl la, min paské n-ap fè gran atansyon pou nou pran souin-an, nou krinn pi plis osijè atak djab la.

Ni non plis, fè atansyon sa-a sé pa yon krint ki vid san rézon, li minm ki konsyéé pou pran chémin sové yo sové nou-an, ki présèvé kòmandman Granmèt la ki bay lavi yo, pou sa yo ki déklaré yo moun Kris la épi antan yo ralé kò yo sot nan atirans chè-a yo konsakré tèt yo ni nan chè ni nan léspri bay Bondié, yo réalizé travay yo-a nèt ki déstiné pou yon gran rékonpans, ni pou yo pa fè éfò chèché anbéli yo épi fè ninpòt lòt moun plézi sof Granmèt yo-a, li minm nan min-l tou y-ap tann rékonpans virjinité-a.

Vièj yo, sé pou nou kinbé, sé pou nou kinbé sa nou kòmansé yé-a. Sé pou nou kinbé sa n-ap yé-a. Sé yon gran rékonpans ki gin pou nou, yon gran pri vèrtu, pi gran kado chasteté-a. Sa n-ap yé-a, nou minm sé sa nou déja kòmansé yé. Nou minm nou déja kinbé gloua réziréksion-an nan sièk sa-a, nou travèsè sièk la san kontaminasion sièk la: paské nou pèsévéré

chast épi vièj, nou égal avèk anj Bondié yo. Sèlman sé pou virjinité-a rété épi diré solid épi intak épi jan sa kòmansé avèk fòs la sé pou-l pèsévére san rété, ni sé pa dékorasion bijou yo oubyin rad yo pou-l chèché min konpòtman yo.

Sé voua Apot la, li minm Grammèt la té rélé “véso li chouazi-a”, li minm Bondié té voyé pou dévoualé kòmandman sièl yo. *Prémié moun nan*, sé sa-l di, *sé apati labou tè-a, dézièm nan sé apati sièl la: jan sa-a ki apati labou-a sé konsa tou sa yo ki apati labou-a, épi jan sa yo ki sot nan sièl la konsa sa-k sot nan sièl yo tou. Minm jan nou té poté pòtré sa ki sot nan labou-a, sé pou nou poté pòtré sa-a ki sot nan sièl la. Virjinité-a poté pòtré sa-a, sa-k toutantié-a poté-l, sa-k sin-an poté-l épi vérité-a.*

RÉPONS

1 Kor 7, 34; Ps 72 (73), 26

R/. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la * L-ap réfléchi afe Grammèt la, pou-l sin nan kò-a ak nan éspri-a (T.P. Alélouya).

V/. Bondié kè mouin, épi Bondié sé pòsion pa-m pou tout tan. * L-ap réfléchi.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Dékrè *Perfèctæ caritatis* dézièm Konsil Vatikan-an osijè fason ki adapté pou rénovèlman lavi rélijyé la

(Nn. 1. 5. 6. 12. 25)

Égliz la ap suiv Kris la, sèl épou-a

Dépi nan kòmansman Égliz la réyéleman té gin gason ak fi ki t-ap chèché suiv Kris la antan yo té mété konsèy évanjélik yo an pratik avèk yon pi gran libtété épi antan yo pran modèl sou li yon fason pi séré, épi yo chak nan fason pa yo té minnin yon lavi ki konsakré bay Bondié, nan

pami yo anpil, antan souf Èspri-Sin-an té inspiré yo, oubyin yo té viv lavi yo pou kont yo oubyin yo té fòmé fanmi rélijyé, yo minm Ègliz la avèk otorité li byin kontan résévoua yo épi li té aprouvé yo.

Konsa, apati plan Bondié, yon variété ékstraòdinè kominoté rélijyé té vîn dévlopé ki poté bon konkou pou Ègliz la, non sèlman òganizé *pou tout bon travay épi pou-l té paré pou travay sèvis la nan konstriksion kò Kris la*, min tou antan li té dékoré ak divès kalité don pitit li yo, li té parèt *tankou yon épouz ki anbéli pou mari li*, épi pa lintèmédiè li, yo rékonèt *divès fòm sajès Bondié-a*.

Min nan kantité variété don sa yo, tout moun yo Bondié rélé pou yo mété konsèy évanjélik yo an pratik épi ki fè sa ak fidéлитé, yo konsakré tèt yo yon fason patikilié bay Granmèt la, antan yo suiv Kris la, li minm ki vièj épi pòv ki té rachté moun yo pa lintèmédiè obéyisans la *jous nan lanmò lakoua-a* épi li té sanktifié yo.

Konsa, antan charité-a pousé yo, sa Èspri-Sin-an té vidé nan kè yo-a, chak foua pi plis yo viv pou Kris la épi *pou kò li-a ki Ègliz la*. Poutèt kalité don yo fè-a ki anbrasé tout lavi yo, yo vîn fè youn ak Kris la ak plis chalè, sa fè Ègliz la vîn gin plis lavi épi apostola li-a vîn kapab donnin plis frui lavi.

Sé pou manb ninpòt institu sonjé nan léspri yo toudabò ak angajman konsèy évanjélik yo, sé yon répons yo bay apèl Bondié fè yo-a, yon fason pou, non sèlman yo mouri parapò a péché-a, min tou antan yo rénonse tè-a, y-ap viv pou Bondié sèlman. Yo té rinmèt tout lavi yo réyèlman pou sèvis li. Sa sètènman vîn tounin yon konsékration spésial, ki anrasiné afon nan konsékration batèm nan épi ki éksprimé-l pi an plin.

Moun yo ki pran angajman konsèy évanjélik yo, sé pou yo chèché épi pou yo rinmin Bondié anvan tout bagay épi, nan tout sikonstans ki rivé, sé pou yo fè èfò pou yo pa kité lavi kaché avèk Kris la nan Bondié, koté rinmin pou prochin-an vîn soti épi pousé pou sovè tè-a ak pou bati Ègliz

la. Sé charité sa-a minm k-ap soutni épi k-ap dirijé mété y-ap mété konsèy évanjélik yo an pratik la.

Chasteté *poutèt rouayòm sièl yo*, sa rélijyé yo pran angajman pou li-a, sé pou yo konsidéré-l tankou yon don ékstraòdinè lagras la. Li libéré kè moun nan yon fason patikilié, pou charité aléga Bondié-a épi aléga tout moun yo limin pi plis, sé pou sa sé yon sign spésial byin sièl yo épitou yon mouayin ki vrèman byin adapté pou rélijyé yo konsakré tèt yo avèk élan nan sèvis Bondié-a épi nan travay apostola-a. Konsa yo minm, dévan tout fidèl krétyin yo, y-ap raplé yon fason admirab mariaj sa-a Bondié fè-a épi k-ap manifésté anplin nan sièk k-ap vini-an koté Égliz la gin Kris la kòm sèl épou-a.

RÉPONS

R/. Ala bèl ou bèl, vièj Kris la, * Ou minm ki té mérité résévoua kouròn Granmèt la, kouròn virjinité pou tout tan-an.

V/. Yo pap kapab détounin-ou sot nan palm virjinité-a, ni séparé-ou sot nan rinmin Pitit Bondié-a. * Ou minm ki té mérité.

Nan solanité yo ak fè yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN

Pou yon sèl vièj: *Aptáta, virgo, lámpade*

Ou minm ki Vièj, avèk lanp ou paré,
 antré nan nòs gloua
 roua ki égzisté tout tan-an,
 li minm foul yo nan sièl la ap fè louanj li-a.

Invité yo byin résévoua nan résépsion anlè-a
 ou-ap fè youn avèk Épou ki nan sièl la,
 ak atachman kontra ki san répròch la,
 ou rich avèk mérit rézèvé tèt ou-a.

Aprann nou règ konduit,
 ankourajé nou avèk priyè-ou,
 pou nou kapab rézisté
 dévan riz ènmi nou-an.

Modèl lavi vièj yo,
 sé pou Mari priyé Pitit li-a,
 pou sékou-l édé nou
 pandan nou égzilé sou tè sa-a.

Gloua pou Bondié,
 pou sièk ki pa gin finisman yo,
 poutèt viktoua vièj la,
 ki fè asanblé sièl la kontan. Amèn.

Pou pliziè vièj: *Iesu, coróna virginum*, 1511.

PSÒM YO

Réf. 1 Ak tout libèté-m mouin déklaré rékonèt Kris la, ak tout kè-m mouin souaf Kris la, mouin anvi avèk Kris san rété. (T.P. Alélouya).

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Béni Granmèt la, nou minm vièj yo: sa-a ki simin konsèy nan nou pou-n rété vièj la, sé déjà pròp kado-l yo l-ap kouronnin nan nou.

Réf. 3 Sin yo ap fété nan gloua-a, yo minm viktoua sou chè-a ak san-an kléré pou yo-a.

LÉKTU KOUT

Kant 8, 7

Gran dlo yo pa-t kapab étinn rinmin-an, ni gran riviè pap nouayé-l; si yon moun t-a bay tout richès lakay li pou rinmin-an, sé tankou anyin yo t-ap méprizé-l.

RÉPONS KOUT

R/. Kè-m té di-ou : * Sé fas-ou mouin té chèché. Kè-m té di-ou.

V/. Sé fas-ou, Granmèt, mouin vlé jouinn. * Sé fas-ou mouin té chèché. Viv Papa-a. Kè-m di-ou.

Pou *Benedictus* la, réf. pou yon vièj ki mati: Ala kontantman pou vièj la ki rénonse pròp tèt li épi ki pran koua-l, ki suiv modèl Granmèt la nèt, li minm ki épou vièj yo épi chèf mati yo.

Pou yon sèl vièj : Min vièj ki jijé byin-an té travèsé al kot Kris la, antan l-ap briyé tankou solèy nan puisans sièl la nan group vièj yo.

Pou pliziè vièj : Nou minm, vièj Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, épou ak kouròn vièj yo, ak voua nou ki kontan an nou pousé rèl épi an nou sipliyé-l ak élan rinmin-an, antan n-ap di :

Jézu, kouròn vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, sint vièj yo té rinmin-ou kòm sèl épou,
 — pa pèmèt pou anyin t-a séparé nou sot nan charité-ou la.
 Ou minm ki kouronnin Mari, manman-ou, kòm rènn vièj yo,
 — gras a intèsésion-l fè nou sèvi-ou tout tan avèk yon kè ki nètt.
 Gras a intèsésion sèvant ou yo, ki té toujou ap chèché okipé-ou avèk yon
 kè ki toutantié épi san pataj, pou yo té kapab sin ni nan kò yo ni nan
 léspri yo,
 — fè figi tè sa-a k-ap pasé-a pa janm raché nou sot nan min-ou.
 Granmèt Jézu, ou minm épou, vièj ki saj yo t-ap tann ou rivé-a,
 — fè nou favè pou nou tann ou antan n-ap véyé nan éspérans la.
 Gras a intèsésion sint **N.**, ki té yon vièj saj épi ki té fè pati sa ki gin ladrès
 yo,
 — ba nou yon lavi san fot épi sajès.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion
 sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté
 abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé
 avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi
 nou mérité dévloppé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévolpé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1212), nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon: mété nan Granmèt Bondié-a éspérans mouin.

LÉKTU KOUT

Saj 8, 21a

Mouin té konnin mouin pa t-ap kapab kinbé otréman, si sé pa Bondié ki bay, épi sa-a minm sé té konnin ak sajès, konnin nan kilès kado-a soti.

V/. Sa-a sé vièj saj la.

R/. Sa Granmèt la jouinn ap véyé-a.

Pou Sèkst

Réf. Résévoua-m, Granmèt, dapré promès ou-a, épi m-ap viv ; pa fè-m ront nan tann m-ap tann nan, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 7, 25

Osièj vièj yo, mouin pa gin kòmandman Granmèt la, min sé yon konsèy m-ap bay, tankou yon moun ki rivé jouinn mizérikòd nan min Granmèt la pou-m fidèl.

V/. Sa-a sé vièj saj la.

R/. Épi youn nan sa ki gin bon jijman yo.

Pou Nòn

Réf. Ala bèl li bèl jénérasyon ki san répròch la avèk ékla.

LÉKTU KOUT

Ap 19, 6b. 7

Li roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, paské nòs mouton-an rivé, épi madanm li té préparé tèt li.

V/. Mouin té jouinn sa-a nanm mouin rinmin-an.

R/. Mouin té kinbé-l mouin pap lagé-l.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Iesu, coróna vírginum*, 1511.

PSÒM YO

Réf. 1 Pou ou mouin rété vièj, épi antan-m kinbé lanp la limin, ou minm Épou-a, m-ap vîn jouinn ou.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».

- 2 Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- 3 Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- 4 Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- 5 Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- 6 Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Pou ou mouin rété vièj, épi antan-m kinbé lanp la limin, ou minm Épou-a, m-ap vîn jouinn ou.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- 1 Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.

- Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- 2 Sé pou granmèsi ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- 3 Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- 4 Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- 5 Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Réf. 3 Éspri mouin vîn solid, épi sé nan Kris la li gin fondasion.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

- pa lintèmédiè Jézu-Kri pou li minm, *
daprè bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,
daprè richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
daprè bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Éspri mouin vîn solid, épi sé nan Kris la li gin fondasion.

LÉKTU KOUT

1 Kor 7, 32b. 34a

Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasion osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri.

RÉPONS KOUT

R/. Yo té minnin vièj yo bay Roua-a, * Antan y-ap fété ak kè kontan.
Yo té minnin.

V/. Yo té fè yo antré nan kay sakré Roua-a, * Antan y-ap fété ak kè kontan. Viv Papa-a. Yo minnin.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon vièj ki mati : Nan yon sèl sakrifis, sé dé kouròn n-ap sélébré, rézèv kò-a épi dévoua rélijion-an. Li rété vièj épitou li rivé jouinn mati-a.

Pou yon sèl vièj : Vini, épouz Kris la, résévoua kouròn nan, sa Granmèt la té préparé pou ou-a pou tout tan-an.

Pou pliziè vièj : Sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, k-ap chèché fas Bondié nou-an.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki té fè louanj pou sa yo k-ap chèché rét vièj poutèt rouayòm sièl yo, an nou fè fèt pou sélébré-l épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Jézu, roua vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, ki té paré Égliz la tankou yon vièj ki rézèvé kò-l nèt pou ou minm sèl kòm Épou,
— fè-l vîn imakilé épi fè-l vîn sin.

Ou minm Kris la, vièj ki sin yo té soti al rankontré-ou avèk lanp yo,
— pa janm pèmèt manké luil fidéлитé-a nan lanp sèvant yo ki konsakré tèt yo ba ou.

Ou minm Granmèt, Égliz la ki vièj té kinbé lafoua-a nan ou-a toutantié épi san mélanj,
— bay tout krétyin yo yon lafoua toutantié épi san mélanj.

Ou minm ki fè pèp ou-a favè pou-l jouinn kè kontan nan fèt vièj **N.** ki sin-an,

— ba nou tou pou nou kontan antan l-ap intèsédé tout tan pou nou.

Ou minm ki té résévoua sint vièj yo nan soupé nòs ou yo,
— résévoua défin yo ak byinvéyans nan palè sièl la.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi nou mérité dévlopé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévpé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU MÉSIE KI SIN YO**Pou premié Vèp yo****IMN**

Pou yon sin: *Iesu, redemptor omnium*

Jézu, rédanmtè tout moun yo,
kouròn sièl la k-ap diré tout tan-an,
jodi-a, montré pi plis jan kè-ou sansib
pou-ou kouté voua nou.

Sin-an ki déklaré non-ou ki sakré-a
té fè jou sa-a kléré,
li minm pèp fidèl la ap sélébré chak ané
ak sérémoni sa yo.

Li pasé nan mitan bagay ki pou sièk la
antan-l té maché ak kè pozé,
li rét fidèl pou-ou tout tan
antan l-ap suiv chémin ki sovè-l la.

Avèk sajàs, li rénonse
plézi tè-a k-ap pasé yo,
ak kè kontan l-ap joui rékonpans
ansanm ak anj sièl yo.

Ak bon kè-ou ba nou lagras
pou nou suiv tras li yo,
gras a priyè-l la
padoné dèt péché sèvitè-ou yo.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil,
gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a
ansanm ak Éspri Paraklè-a
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou pliziè mésié ki sin: *Inclitos Christi fámulos canámus*

N-ap chanté louanj sèvitè Kris la ki san parèy yo,
yo minm ki kléré ak lafoua avèk aksion ékstraòdinè.
yo minm tè-a asosié ak sièl la
pou dékoré yo ak louanj jodi-a.

Réyèlman vré ak kè yo tou dou, tou pòv, tou pròp,
yo pa-t konn viv nan péché
joutan nanm yo sot sou tè-a san okinn antrav
pou volé al nan sièl la.

Sé poua yo déja kontan
poté maléré yo sékou, suiyé dlo nan jé yo,
géri nanm yo ki blésé,
fè manb ki té malad yo tounin joui santé.

Konsa sé pou louanj nou kònin pou di yo mési,
sèvitè Bondié sa yo ki gin bon kè;
nan moman difisil n-ap travèsé,
sé pou yo kontinué poté-n sékou ak bon kè yo.

Pou Bondié Sèl gloua ak otorité,
louanj nan sièl la, ak onè tout tan,
li minm k-ap kòmandé tout tè-a
antan l-ap réglé-l avèk laloua-l yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun yo ki grangou épi ki souaf jistis la, paské y-ap satisfè.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki éspéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
- 2 m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
- m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 3 Pa mét konfians nou nan chèf, *
- nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
- 4 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
- jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
- sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la,
- 6 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
- lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
- li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
- 7 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
- li bay sa-k grangou yo manjé.
- Granmèt la défèt chinn yo, *
- 8 Granmèt la kléré avèg yo,
- Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
- Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †

òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
min rout péchè yo, li gayé-l.

¹⁰ Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
Bondié-ou la, Siyon,
pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Ala kontantman pou moun yo ki grangou épi ki souaf jistis la, paské y-ap satisfè.

Réf. 3 Li béni, Bondié, li minm ki té chouazi nou pou nou vîn sin, san tach, nan rinmin-an.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

³ Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

⁵ li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,

⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,

- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,
dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
dapré bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Li béni, Bondié, li minm ki té chouazi nou pou nou vîn sin, san tach, nan rinmin-an.

LÉKTU KOUT

Fil 3, 7-8

Bagay sa yo ki té sèvi-m kòm avantaj la, mouin konsidéré yo tankou yon domaj poutèt Kris la. Réyèlman mouin konsidéré tout bagay kòm domaj poutèt sians Kris Jézu Granmèt mouin-an ki dépasé tout bagay la : poutèt li mouin fè tout bagay yo pasé kòm domaj, mouin konsidéré yo kòm fatra, pou-m kapab jouinn avantaj mouin nan Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té rinmin li, * Épi li té fè-l bèl. Bondié.

V/. Li té abiyé-l ak yon manto gloua. * Épi li té fè-l bèl. Viv Papa-a. Bondié.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon sèl mésié ki sin : M-ap konparé-l ak yon moun ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch.

Pou pliziè mésié ki sin : Jé Granmèt la sou moun ki respékté-l yo, ak sou sa yo ki espéré sou mizérikòd li-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

An nou inploré Papa-a, sous tou sa-k fè nou vîn sin, pou, pa lintèmédiè modèl sin yo épi intèsésion yo, li fè nou rivé nan lavi ki sin-an, épi an nou di :

Sé pou nou sin, paské ou minm ou sin.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou yo rélé nou pitit ou épi pou sé sa minm nou yé-a,

— fè Égliz la ki sin-an déklaré rékonèt ou sou tout ronnn tè-a.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou nou maché jan sa konvtab, antan nou fè-ou plézi nan tout bagay,

— fè nou donnin frui nan bon aksion.

Papa ki sin, ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmédiè Kris la,

— konsèvé nou nan non-ou, pou nou tout nou vîn fè yon sèl.

Papa ki sin, ou minm ki té rélé nou al nan résépsion sièl la,

— pa lintèmédiè pin-an, ki désann sot nan sièl la, fè nou rivé jouinn charité ki pi anplin-an.

Papa ki sin, padoné fot tout péchè yo,

— épi résévoua défin yo nan limiè fas ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lintèsésion sin N., pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèche imité Sèl Pitit ou-a avèk fidélimité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijyé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévére ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélimité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèféksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikaté :

Bondié, ou minm ki té fè sin **N.** lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou

souv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki mérité yo admiré-l nan sin-l yo, vini, an-n adoré-l.

Oubyin : An nou fè louanj pou Bondié nou-an antan n-ap fété **N.** ki sin.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN

Pou yon sèl sin: *Iesu, redemptor omnium*, 1538.

Pou pliziè sin: *Inclitos Christi famulos canamus*, 1539.

PSÒM YO

Réf. 1 Li té mandé-ou lavi, ou té ba li-l, Granmèt ; ou té mété gloua ak gran onè sou li.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisité, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
(S. Irené).

² Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
sou sovè ou sovè nou-an l-ap fété anpil.

- ³ Ou ba li sa kè-l té anvî-a, *
ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- ⁴ Ou pran dévan-l nan bénédiksion dousè-a ; *
ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- ⁵ Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- ⁶ Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *
ou mété grandè ak bèlté sou li ;
- ⁷ paské ou fè-l sèvi bénédiksion pou sièk sièk la, *
ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
- ⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
nan mizérikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.

[9 - 13]

- ¹⁴ Lévè, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Li té mandé-ou lavi, ou té ba li-l, Granmèt ; ou té mété gloua ak gran onè sou li.

Réf. 2 Santié moun kòrèk yo avansé tankou limiè k-ap kléré, épi li grandi jous li fè jou nèt.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

I

- ² Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
- ³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *

- ak vérité-ou la tout nannuit,
 4 sou instriman dis kòd la, sou gita, *
 avèk akonpagnman bas.
- 5 Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
 m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
- 6 Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
 sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
- 7 Moun sòt pa konnin sa, *
 moun san léspri pa konprann sa.
- 8 Péchè yo mèl pousé tankou zèb, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo mèl fléri,
 sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
- 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.

Réf. Santié moun kòrèk yo avansé tankou limiè k-ap kléré, épi li grandi jous li fè jou nèl.

Réf. 3 Sa-k kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, tankou pié sèd Liban l-ap bay anpil lòt.

II

- 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
- 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.

- ¹³ Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- ¹⁴ Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- ¹⁵ Y-ap donnin frui toujou nan viyéès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- ¹⁶ pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Sa-k kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, tankou pié sèd Liban l-ap bay anpil lòt.

V/. Moun kòrèk la Granmèt la té kondui-l nan santié ki douat.

R/. Épi li té montré-l péyi roua Bondié-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan liv Sajès la

5, 1-15

Moun kòrèk yo, vrè pitit Bondié

¹ Moun kòrèk yo minm ap kanpé avèk anpil asirans
 an fas sa yo ki t-ap fè-l pasé tray yo
 épi ki t-ap méprizé travay li-a.

² Antan yo ouè-l y-ap tranblé avèk krint ki fè pè anpil
 y-ap sézi poutèt toudinkou yo ouè-l sovè san yo pa-t éspéré,

³ antan y-ap di nan yo minm, antan yo régrèt,
 antan éspri yo séré y-ap plinn :

⁴ « Sé té li minm sa-a, sa nou t-ap pasé nan rizib lontan-an,
 nou té fè-l tounin tankou yon bagay ki mérité yo déréspekté-l.

Nou minm ki san rézon
nou té konsidéré lavi li tankou yon bagay san rézon,
nou té konsidéré finisman-l san onè.

⁵ Kòman yo té mété-l nan pami pitit Bondié yo
épi sé nan pami sin yo éritaj li yé ?

⁶ Konsa nou té pèdi diréksion sot nan chémin vérité-a,
épi limiè jistis la pa-t kléré pou nou,
solèy la pa-t lévé pou nou.

⁷ Nou té anbrouyé nan santié péché-a ak pèdision-an,
nou té maché nan dézè san chémin,
chémin Granmèt la minm nou pa-t konnin-l.

⁸ Sa ògèy la té sèvi nou ?

Oubyin richès yo avèk arogans yo, sa yo té poté pou nou ?

⁹ Tout bagay sa yo pasé tankou yon lonbraj
épi tankou yon nouvèl k-ap pasé,

¹⁰ tankou yon batiman k-ap travèsé dlo-a ki an mouvman-an,
épi lè-l ffin pasé yo pa kapab jouinn tras li-a,
ni santié karèn li-a nan vag yo ;

¹¹ oubyin tankou yon zouazo k-ap volé nan lè-a,
yo pa kapab jouinn okinn prèv rout li,
ak brui zèl li li frapé lè-a ki léjé-a,
li fann li avèk fòs rèl antan l-ap bat zèl li li travèsé,
épi apré sa yo pa jouinn okinn sign chémin ;

¹² oubyin tankou yon flèch yo lansé nan diréksion yon koté yo vizé :
lè-a chiré minm lè-a li rétownin sou li-minm,
atèl pouin yo pa konnin chémin li.

¹³ Konsa nou minm tou, nou fèt, minm lè-a nou disparèt,
nou pa gin okinn tras bon kalité nou mérité montré ;
nan méchansté nou-an nou fini ».

¹⁴ Sèké éspoua péchè yo sé pay blé van-an ap poté,
tankou kim léjé-a tanpèt la gayé-a,
tankou lafimin-an van-an voyé tout koté-a,

tankou souvni yon moun ki fè ladésant lakay ou yon sèl jou li pasé.

¹⁵ Kanta moun kòrèk yo minm sé pou tout tan y-ap viv,
épi nan Granmèt la rékonpans yo yé,
pansé yo kot Sa-a ki Anro nèt la.

RÉPONS

1 Jn 3, 7. 8. 10

R/. Pa kité pèsonn tronpé nou ; moun ki fè sa-k kòrèk, li kòrèk;
* Moun ki fè péché, sé nan djab la li soti, paské dépi nan kòmansman
djab la fè péché.

V/. Sé nan sa yo ouè klè sa-k pitit Bondié yo ak sa-k pitit djab yo.
* Moun ki fè.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo

1, 29 — 2, 16

Sé pou nou gin nan nou minm santiman sa yo ki té nan Kris Jézu-a

Frè yo : ^{1,29} Yo fè nou favè pou Kris la, pou non sèlman nou koué nan li, min pou nou soufri pou li tou, ³⁰ antan nou gin minm batay la, sa nou ouè nan mouin-an épi koulié-a nou tandé osijè-m nan.

^{2,1} Si gin yon konsolasion nan Kris la, si gin yon ankourajman charité, si gin yon kominion éspri-a, si gin zantray pitié, ² fè kè-m kontan nèt, antan nou gin minm santiman, minm charité, nou fè yon sèl kè, nou gin minm fason pou nou anvizajé bagay yo. ³ Viv san nou pa gin okinn jalouzi, san nou pa chèché okinn gloua ki vid, min antan nou rabésé tèt nou pou chak moun konsidéré lòt la kòm pi sipériè pasé-l, ⁴ san chak moun pa konsidéré avantaj pèsonèl li, min okontrè afè lòt yo.

⁵ Sé pou nou gin nan nou minm santiman sa yo ki té nan Kris Jézu-a :

⁶ li minm, malgré li té nan kondision Bondié,

égal li égal avèk Bondié-a, li pa-t konsidéré sa tankou yon bagay

li kinbé pou pròp tèt pa-l,
⁷ min li vidé pròp tèt li antan li pran kondision ésklav,
 li vîn tankou tout moun,
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun.
⁸ Li rabésé pròp tèt li, antan li obéyi jous nan lanmò,
 lanmò lakoua-a minm.
⁹ Sé pou sa Bondié lévé-l anlè,
 li ba-l yon non,
 ki anlè tout non,
¹⁰ konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé*
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
¹¹ *épi tout lang pou déklaré*
 « sé Granmèt Jézu-Kri yé! »,
 pou gloua Bondié Papa-a.

¹² Sé poutèt sa, nou minm mouin aprésié anpil la, jan nou toujou fè sa
 yo mandé-a, pa sèlman lè-m la avèk nou, min pi plis toujou koulié-a lè-m
 pa la-a, sé pou nou travay avèk krint ak tranbléman pou nou sové. ¹³ Sèké
 ni travay pou nou vlé fè kichoy la ni travay pou nou fè-l vré-a, sé Bondié
 ki réalizé-l nan nou, poutèt byin li vlé-a. ¹⁴ Min fè tout bagay san plinyin,
 san ézité, ¹⁵ pou nou kapab san répròch, byin sinp kòm pitit Bondié, san
 tach nan mitan yon nasion ki gaté, ki pèvèti, koté n-ap kléré tankou sous
 limiè sou tè-a, ¹⁶ antan nou poté paròl lavi-a. Sa ap sèvi pou gloua-m nan
 jou Kris la, paské sé pa pou granmési mouin té kouri, ni sé pa pou
 granmési mouin té travay.

RÉPONS

Fil 2, 12-13; Jan 15, 5

R/. Sé pou nou travay avèk krint ak tranbléman pou nou sové: * Sèké
 ni travay pou nou vlé fè kichoy la ni travay pou nou fè-l vré-a, sé Bondié
 ki réalizé-l nan nou, poutèt byin li vlé-a.

V/. Granmèt la di : San mouin minm nou pa kapab fè anyin. * Sèké ni
 travay.

Pou yon sin ki té viv nan mariaj:

Sot nan prémié Lèt apot sin Piè-a

3, 7-17

Granmèt la, Kris la, sé pou nou fè ouè jan li sin nan kè nou yo

⁷ Nou minm tou mari yo, antan nou abité ansanm ak madanm nou, nou chèché konprann yo, tankou yon ti véso frajil, sé pou nou trété yo avèk konsidérasion, tankou moun ki éritié lavi gras la ansanm avèk nou, pou priyè nou pa jouinn anpéchman.

⁸ Anfin réyèlman nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikòd, pou nou gin umilité, ⁹ pou nou pa rinmèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété dibyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédiksiyon-an kòm éritaj.

¹⁰ Réyèlman, moun ki *vlé rinmin lavi*
pou-l ouè jou ki bon,

sé pou-l sispann fè lang li palé mal,

¹¹ pou bouch li pa di paròl k-ap tronpé;
sé pou-l kité chémin sa ki mal pou-l fè sa ki byin,
sé pou-l chèché lapè, pou-l rapousuiv li.

¹² Paské *jé Granmèt la pozé sou moun ki kòrèk yo,*
épi zòrèy li panché sou lapriyè yo;
min figi Granmèt la ap sivyéé moun k-ap fè sa-k mal yo.

¹³ Sa-k pou nui nou, si n-ap chèché sa-k byin? ¹⁴ Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou. *Pa pè moun yo k-ap fè nou pè-a, pa troublé ditou.* ¹⁵ *Granmèt la minm, Kris la, sé pou nou fè rékonèt li sin nan kè nou, sé pou nou toujou paré pou nou réponn tout moun k-ap mandé nou kont sou éspérans ki nan nou-an.* ¹⁶ Min sé pou sa fèt avèk sinplisité, avèk respè, antan nou gin bon konsians. Konsa, sou pouin y-ap

palé nou mal la, y-a blijé ront, yo minm k-ap fè kalomni kont bon konduit nou gin nan Kris la. ¹⁷ Pito nou soufri akòz byin n-ap fè, si volonté Bondié pèmèt sa, pasé pou nou soufri poutèt mal n-ap fè.

RÉPONS

1 Piè 1, 13. 15; Lévi 11, 44

R/. Sé pou nou maré rin éspri nou, dapré sa-a ki rélé nou-an, Sa-a ki Sin-an ; * Sé pou nou minm tou nou vîn sin nan tout konduit nou.

V/. Mouin minm réyèlman mouin sé Granmèt la Bondié nou-an : sé pou nou sin, paské mouin minm mouin Sin. * Sé pou nou minm tou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Travay Apot yo

(Homilia 20, 4: PG 60, 162-164)

Limiè krétyin-an pa kapab kaché

Pa gin anyin ki pi frèt pasé yon krétyin ki pa okipé sovè lòt yo.

La-a ou pa kapab pran povreté-a kòm prêtèks: réyèlman madanm nan ki té mété dé ti piès monnin yo, ap akizé-ou. Épi Piè t-ap di: *Lajan ak lò mouin pa ginyin*. Pòl li minm tou té tèlman pòv, atèlpouin souvan li té grangou, épi li té manké sa-k nésèsè pou manjé-a.

Ou pa kapab mété mank rénomé-a dévan: paské yo minm yo té san rénomé, sé nan moun ki san rénomé yo té soti. Ou pa kapab pran prêtèks sé ignoran ou yé: paské yo minm tou yo pa-t konn li. Ou pa kapab mété maladi kòm objèksion: paské sé konsa Timoté tou té yé, li minm ki souvan té malad.

Chak moun kapab itil prochin-an, si-l vlé akonpli sa-k pou li yo.

Èské nou pa ouè piéboua ki pa donnin frui yo kijan yo solid, kijan yo bèl, yo ro, yo lis épi yo gran? Min, si nou t-a gin yon jadin, nou t-a pito gin pié grénad ak pié oliv ki donnin frui pasé pou nou t-a ginyin lòt yo: lòt yo réyèlman sé pou plézi yo yé, é pa pou itilite, épi minm si yo t-a itil kichòy, li piti.

Sé konsa yo yé, sa ki konsidéré sa-k pou yo sèlman-an; byin plis, yo pa minm konsa sètènman, min sé pou pinision-an sèlman yo bon. Paské piéboua sa yo sèvi pou bati épi pou soutni kichòy. Sé konsa yo té yé vièj sa yo ki té kinbé kò yo, ki té gin konsidérasion, ki té gin tanpérans; min sa-k pa itil pèsonn yo, sé pou sa y-ap boulé yo. Sé konsa yo yé, sa-yo ki pa bay Kris la manjé.

Sé pou byin rémaké poutan okinn nan yo pa jouinn akizasion osijè pròp péché-l yo, sé pa paské li té pran mové plézi, sé pa paské li té fè fosèman, osijè okinn sètènman; min sé paské li pa-t itil yon lòt. Sé konsa li té yé sa-k té antéré piès lajan-an, antan li prézanté yon lavi ki san fot min ki pa itil yon lòt.

Kijan, sé sa m-ap mandé, pou-l t-a krétyin, sa-a ki konsa-a? Si lévin-an ki mélanjé ak farîn nan pa chanjé tout bagay la nan minm kalité-a, èské sé lévin vrèman li t-a yé? Kisa réyèlman vré, si losion-an pa t-a dégajé bon lodè pou sa-k proché yo, èské n-ap rélé sa losion?

Ou pa t-a doué di: Mouin pa kapab minnin lòt yo: paské si-ou té krétyin, li pa posib pou sa pa fèt. Paské minm jan sa yo ki natirèl yo pa gin kontradiksion nan yo: konsa tou sa n-ap di-a: sé nan sa krétyin-an yé-a réyèlman bagay la rété.

Pa mété bagay ki déréspekté Bondié. Si-ou t-a di solèy la pa kléré, ou déréspekté-l; si-ou t-a di krétyin-an pa kapab itil, sé Bondié ou t-a déréspekté épi ou t-a di li bay manti. Li pi fasil réyèlman pou solèy la pa t-a chofé ni kléré, pasé pou yon krétyin pa kléré; li t-a pi fasil pou limiè-a tounin fènoua, pasé pou sa t-a rivé.

Pa di, bagay la inposib: paské sé sa ki kontrè-a ki inposib. Pa mété bagay ki déréspékté Bondié. Si afè pa nou yo nou réglé yo yon fason ki douat, yo minm toutafè y-ap égzisté épi y-ap suiv yon sètin fason tankou bagay natirèl. Limiè krétyin-an pa kapab kaché: yo pa kapab kaché yon lanp ki si tèlman kléré.

RÉPONS

Éfèz 5, 8-9; Mt 5, 14. 16

R/. Nou minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché tankou pitit limiè. * Frui limiè-a sé nan tout bonté, jistis ak vérité.

V/. Nou minm nou sé limiè tè-a. Sé pou limiè nou-an kléré dévan moun yo. * Frui limiè-a.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sint Ogustin, évèk

(Sermo 96, 1. 4. 9: PL 38, 584. 586. 588)

Osijè vokasion tout moun pou yo vîn sin-an

Si yon moun vlé suiv mouin, sé pou-l rénonse pròp tèt pa-l, sé pou-l poté koua li-a épi sé pou-l suiv mouin. Sa sanblé rèd épi lou, sa Granmèt la té kòmandé-a, pou si yon moun vlé suiv li, sé pou-l rénonse pròp tèt pa-l la. Min li pa rèd ni lou sa li-minm li kòmandé-a, li k-ap édé pou sa-l kòmandé-a rivé fèt.

Paské bagay sa-a tou sé vérité, sa yo di-l nan Psòm nan: *Poutèt paròl bouch ou, mouin minm mouin té kinbé chémin ki rèd yo. Épi bagay sa-a sé vérité, sa li minm li té di-a: Jouk mouin-an fasil, épi chaj mouin-an léjé. Ninpòt ki bagay ki rèd réyéلمان nan sa yo kòmandé-a, pou-l léjé, charité-a fè-l.*

Kisa sa yé, *Sé pou-l poté koua li-a?* Sé pou-l sipòté ninpòt sa ki difisil: sé konsa pou-l suiv mouin. Dépi réyèlman li kòmansé suiv mouin minm ak konpòtman yo épi kòmandman mouin yo, l-ap gin anpil moun k-ap kontrarié-l, l-ap gin anpil moun k-ap anpéché-l, l-ap gin anpil moun k-ap dékonséyé-l, épi bagay sa-a ap soti nan moun sa yo minm ki tankou sé konpagnon Kris la. Yo t-ap maché avèk Kris la, sa yo ki t-ap anpéché avèg la rélé fò-a. Soua nan ménas, soua nan flatri, soua nan ninpòt anpèchman, si ou vlé suiv, viré nan diréksion koua-a; poté, pran, pa sikonbé.

Konsa nan tè sa-a, pou sin, pou bon, pou rékonsilié, pou sové, pi plis ankò pou sové lòt, koulié-a minm pou sové an éspérans, *Sé nan éspérans réyèlman yo té sové nou:* nan tè sa-a donk, sa vlé di Égliz la, ki toutantié ap suiv Kris la, li té di pou tout moun: *Moun ki vlé suiv mouin, sé pou-l rénonse tèt li.*

Sé pa réyèlman vièj yo ki doué kouté, épi sa-k marié yo pa doué kouté; oubyin vèv yo doué kouté, épi sa-k gin mari yo pa doué kouté; oubyin mouàn yo doué kouté, épi épou yo pa doué kouté; oubyin klèjé-a doué kouté, épi layik yo pa doué kouté: min tout Égliz la, tout kò-a, manb yo tout ansanm, ki diféran épi ki répati dapré travay yo chak ginyin-an, sé pou yo suiv Kris la.

Sé pou Égliz la toutantié ki yon sèl la suiv, sé pou kolonb la suiv, sé pou épouz la suiv, sa yo rachté-a épi yo fè kado san Épou-a sé pou-l suiv. La-a inosans virjinité-a gin plas li; la-a kontinans vèv la gin plas li; la-a chasteté épou yo gin plas li.

Manb sa yo minm ki gin plas yo la-a, nan katégori yo, épi nan plas yo, épi nan fason pa yo, sé pou yo suiv Kris la; sé pou yo rénonse pròp tèt yo, sa vlé di sé pa pou yo asiré sou pròp tèt yo; sé pou yo pran koua yo, sa vlé di sé pou yo sipòté sou tè-a pou Kris la ninpòt sa tè-a t-a mété kont yo. Sé pou yo rinmin sa-a ki li minm sèl pa bay désépsion-an, li minm sèl ki pa tronpé tèt li-a, li minm sèl ki pa tronpé lòt: sé pou yo rinmin-l, paské sa li promèt la sé vérité. Min paské sé pa koulié-a li bay, lafoua-a ap ézité: kinbé fèm, pèsévéré, sipòté, andiré réta-a, épi ou té pran koua-a.

RÉPONS

R/. Sa-a, sé li minm ki dévan Bondié té fè travay ki mandé gran fòs yo, épi ak tout kè-l li té fè louanj Granmèt la: * Li minm minm sé pou li intèsédé pou péché tout pèp yo.

V/. Min yon moun san répròch, vré adoratè Bondié, antan li évité tout sa-k mal épi antan li rété nan inosans li-a. * Li minm minm li sé pou li intèsédé.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**IMN**

Pou yon sèl mésié ki sin : *Iesu, coróna célsior*

Jézu, kouròn ki pi ro pasé sièl la,
ak vérité ki dépasé tout rotè,
ou minm ki bay rékonpans tout tan-an,
pou sèvitè ki gin konfians nan ou,

Foul la k-ap sipliyé-a,
padonnin fot li yo
antan-ou défèt né kòd li-a,
gras a priyè sa-a ki nan sièl la.

Li minm ki pa rinmin anyin ki san valè,
li sèvi ak sa-k sou tè-a
yon fason pou-l fè-ou plézi, ou minm sèl,
ak tout chalè kè-l.

Ou minm, Kris la, roua ki bon anpil,
sa-a k-ap déklaré rékonèt ou san rété-a,
li pilé ènmi-an byin fò anba pié-l,
sa k-ap fè arogan-an ansanm ak konplis li.

Li kléré ak bon kalité-l, ak lafoua-l,
li mét atansion nan lapriyè,
li réglé tout aktivité kò-l byin sinp,
li mérité antré nan résépsion sièl yo.

Gloua pou Bondié Papa-a,
pou ou minm tou, sèl Pitit la,
avèk Éspri Paraklè-a,
pou sièk ki pap fini yo. Amèn.

Pou pliziè mésié ki sin : *Beáta cæli gáudia*

Kè kontan sièl la ki sin yo,
rékonpans déklarasion lafoua-a,
fidèl yo k-ap suiv Kris la,
nou déja jouinn yo an kantité.

Panché zòrèy nou ak bon kè,
pou kouté louanj n-ap chanté pou nou
ak kantik sakré,
nou minm ki égzilé andéyò patri-a.

Antan rinmin Kris la boulvèsé nou,
nou pran koua ki rèd pou poté-a,
nou obéisán, nou pa fè parès
épi nou cho nan charité-a.

Nou méprizé riz démon yo
avèk atirans sièk la;

antan nou sèvi Kris la témouin nan konduit nou,
nou travèsé nan sièl la.

Nou minm ki déjà ap joui gloua-a, koulié-a,
kouté priyè tout moun sa yo
ki mét tout kè yo pou yo chèché
siv modèl nou yo.

Gloua pou Trinité-a,
k-ap minnin nou nan sièl la
poutèt bon kè-l
épi gras a priyè nou yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té ba yo gloua tout tan-an, l-ap fè yo éritié yon non
k-ap diré tout tan.

Psòm ak Kantik dimanch sémèn I, 743.

Réf. 2 Sèvitè Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan.

Réf. 3 Sin yo ap fété nan gloua-a, y-ap réjoui nan kabann yo.

LÉKTU KOUT

Rom 12, 1-2

Mouin mandé nou avèk insistans, frè yo, pa pouvoua mizérikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab; épi pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalité nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki apouin nèt.

RÉPONS KOUT

R/. Laloua Bondié li-a * Nan kè li. Laloua Bondié.

V/. Épi pié-l pap bité. * Nan kè-l. Viv Papa-a. Laloua Bondié.

Pou Benedictus la, réf. pou yon sèl mésié ki sin :

Sa ki fè vérité-a, li vini kot limiè-a, pou aksion-l yo parèt klè, paské sé nan Bondié yo fèt.

Pou pliziè mésié : Ala kontantman pou moun yo k-ap mété lapè-a, ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la Bondié ki sin-an, frè yo, an nou lèvé-l anlè, antan n-ap priyé pou nou sèvi-l nan sa-k fè nou sin-an ak nan jistis la dévan-l tout jou nou yo, an nou aklamé :

Sé ou minm sèl ki sin, Granmèt.

Ou minm ki té vlé pou yo tanté-ou nan tout bagay minm jan ak nou, sòf péché-a,

— pran pitié pou nou, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té rélé nou tout pou nou rivé nan pèfeksion rinmin-an,

— fè nou vîn sin, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té pasé nou lòd pou nou vîn tounin sèl tè-a ak limiè pou moun yo sou tè-a,

— kléré nou, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té vlé sèvi, pa pou yo sèvi-ou,

— fè nou sèvi ni ou minm ni frè nou yo ak umilité, Granmèt Jézu.

Ou minm, ékla gloua Papa-a épi figi sa-l yé-a minm,

— fè nou ouè fas ou nan gloua-a, Granmèt Jézu.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lantèsésion sin **N.**, pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou plizière :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèché imité Sèl Pitit ou-a avèk fidèlité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijie :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidèlité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résevoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikaté :

Bondié, ou minm ki té fè sin **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Sa ki kinbé paròl Kris la, réyèlman vré charité-a apouin nèt nan li.

LÉKTU KOUT

Gal 6, 7 b-8

Sa yon moun té simin, sé sa tou l-ap rékòlté; paské sa k-ap simin pou chè-l la, sot nan chè-a l-ap rékòlté déstriksion, sa k-ap simin pou éspri-a minm, sot nan éspri-a l-ap rékòlté lavi tout tan-an.

V/. Granmèt la ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an.

R/. L-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo.

Pou Sèkst

Réf. Sa ki fè volonté Papa-m ki nan sièl yo, sé li minm k-ap antré nan rouayòm sièl yo.

LÉKTU KOUT

1 Kor 9, 26-27a

Mouin minm sé konsa m-ap kouri, sé pa san diréksion ; sé konsa m-ap batay, sé pa lè-a m-ap frapé ; min m-ap drésé kò-m, m-ap maté-l.

V/. Ala kontantman pou moun sa-a, ou té korijé-a, Granmèt.

R/. Épi ou té aprann li laloua-ou la.

Pou Nòn

Réf. Jé pa-t ouè, Bondié, andéyò ou minm, sa-ou té préparé pou moun k-ap tann ou yo.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 8. 9 b

Frè yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé ; konsa Bondié lapè-a ap avèk nou.

V/. Tout moun ki éspéré nan ou, y-ap gin kè kontan.

R/. Pou tout tan y-ap fété, ou-ap abité nan yo.

Pou dézièm Vèp yo**IMN**

Pou yon sin: *Iesu, redemptor omnium*, 1538.

Pou pliziè sin: *Inclitos Christi famulos canamus*, 1539.

PSÒM YO

Réf. 1 Yo jouinn li san tach épi apouin nèt; l-ap gin gloua pou tout tan.

Psòm 14 (15)

Kilès ki mérité parèt dévan Grammèt la ?

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- ¹ Grammèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- ² Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
k-ap palé vérité nan kè-l,
- ³ ki pa chèché tronpé ak lang li, †
ki pa fè prochin-l méchansté, *
ki pa fè prochin-l afron.
- ⁴ Li konsidéré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
min li fè louanj pou sa yo ki krinn Grammèt la.
Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †
- ⁵ li pa prété lajan-l ak intèrè, *
li pa aksépté kado sou do inosan.
- Moun ki aji konsa, *
li pap souké pou tout tan.

Réf. Yo jouinn li san tach épi apouin nèt; l-ap gin gloua pou tout tan.

Réf. 2 Gras Bondié-a ak mizérikòd la nan sin-l yo, épi konsidèrasion-an nan sa-l chouazi yo.

Psòm 111 (112)

Kontantman mésié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

| | | |
|----|---|---|
| 1 | Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, * | א |
| | nan lòd li yo li mét anpil anvì. | ב |
| 2 | Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, * | ג |
| | ras moun ki douat yo ap béni. | ד |
| 3 | Gloua ak richès nan kay li, * | ה |
| | jistis li ap rété pou sièk sièk la. | ו |
| 4 | Limière-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, * | ז |
| | li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. | ח |
| 5 | Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, † | ט |
| | ki réglé afè-l yo kòrèk, * | י |
| 6 | paské pou tout tan li pap souké. | כ |
| | Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, * | ל |
| 7 | lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè. | מ |
| | Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, † | נ |
| 8 | kè-l asiré, li pap pè, * | ס |
| | joustan li méprizé ènmi-l yo. | ע |
| 9 | Li té distribué, li té bay pòv yo ; † | פ |
| | jistis li rété pou sièk sièk la, * | צ |
| | kòn li ap lévé nan gloua-a. | ק |
| 10 | Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, † | ר |
| | l-ap manjé dan, l-ap dépéri. * | ש |
| | Anvi péchè yo ap détrui. | ת |

Réf. Gras Bondié-a ak mizérikòd la nan sin-l yo, épi konsidérasion-an nan sa-l chouazi yo.

Réf. 3 Sin yo t-ap chanté yon kantik nouvo dévan fotèy Bondié-a ak Mouton-an, épi tè-a t-ap rézonnin ak voua yo.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Sin yo t-ap chanté yon kantik nouvo dévan fotèy Bondié-a ak Mouton-an, épi tè-a t-ap rézonnin ak voua yo.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 28-30

Nou konnin pou moun yo ki rinmin Bondié, tout bagay tounin an byin, yo minm li té rélé dapré plan li. Réyéلمان, sa-a yo li té chouazi davans yo, li té déstiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a, pou li minm li vîn tounin premié pitit nan pami tout foul frè yo ; sa yo li té déstiné davans yo, li té rélé yo tou ; épi sa yo li té rélé-a, li té jistifié yo tou ; sa yo minm li té jistifié-a, li té ba yo gloua-a tou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la kòrèk, * Épi li té rinmin jistis la. Granmèt la.

V/. Fas li té ouè sa ki douat. * Épi li té rinmin jistis. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Magnificat* la, réf. Sèvitè ki bon, ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a.

Pou pliziè mésié ki sin : Yo té rét fidèl jous yo mouri, épi yo té résévoua kouròn lavi-a nan min Granmèt la.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

An nou inploré Papa-a, sous tou sa-k fè nou vîn sin, pou, pa lintèmediè modèl sin yo épi intèsésion yo, li fè nou rivé nan lavi ki sin-an, épi an nou di :

Sé pou nou sin, paské ou minm ou sin.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou yo rélé nou pitit ou épi pou sé sa minm nou yé-a,

— fè Égliz la ki sin-an déklaré rékonèt ou sou tout ronnn tè-a.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou nou maché jan sa konvtab, antan nou fè-ou plézi nan tout bagay,

— fè nou donnin frui nan bon aksion.

Papa ki sin, ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmediè Kris la,

— konsèvé nou nan non-ou, pou nou tout nou vîn fè yon sèl.

Papa ki sin, ou minm ki té rélé nou al nan résépsion sièl la,

— pa lintèmediè pin-an, ki désann sot nan sièl la, fè nou rivé jouinn charité ki pi anplin-an.

Papa ki sin, padoné fot tout péchè yo,

— épi résévoua défin yo nan limiè fas ou-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lintèsésion sin **N.**, pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèché imité Sèl Pitit ou-a avèk fidélimité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijyé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévére ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélimité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bédiksyon péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikatè :

Bondié, ou minm ki té fè sin **N.** lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU MÉDAM KI SIN YO

Pou premié Vèp yo

IMN

Pou yon madam ki sin: *Fortem virili pectore*

Madam nan ki gin fòs kouraj la,
nou tout, an nou fè louanj li,
li minm k-ap kléré tout koté
avèk gloua sin li sin-an.

Li minm, antan-l blésé ak rinmin ki sin-an,
pandan l-ap maché sou bagay sièk sa-a k-ap pasé yo,
pou-l al nan sièl la,
li té travèsé chémin ki rèd.

Antan-l donté kò-l ak jèn,
antan l-ap nourri éspri li
ak bon manjé priyè-a,
li rivé joui plézi sièl la.

Ou minm Kris la ki Roua, fòs moun ki gin kouraj yo,
ou minm sèl ki fè gran bagay,
gras a priyè-l, tanpri,
kouté ak byinvéyans sa k-ap sipliyé-ou yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki ba nou lagras
pou nou éspéré avantaj mérit sèvant ou-a ki sin-an
avèk rékonpans tout tan yo. Amèn.

Pou pliziè médam ki sin : *Christe, cunctórum sator et redémpctor*

Ou minm Kris la, kréatè ak rédanmtè tout moun,
 ki réglé sièl la, tè-a, lanmè-a,
 padonnin dèt péché tout moun yo
 k-ap chanté louanj pou ou-a,

Ou minm ki kaché bijou yo anndan véso frajil la,
 antan ou fè médam yo vîn rézèvé kò yo,
 avèk fòs nanm yo,
 épi ou fè yo ranpòté viktoua ki éklatan.

Yo minm nou ouè ki fèb nan sansibilité yo,
 ou kouronnin kado ou fè yo avèk mérit yo,
 ou fè yo abité nan rouayòm nan,
 pou yo rété tout tan nan sièl la.

Onè ak otorité pou Papa-a ki anlè nèt la,
 louanj pou ou, Pitit la, ak respè ékstraòdinè,
 minm pouvoua pou Éspri Sin-an,
 koulié-a ak pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Non Granmèt la béni, li minm ki akonpli mizérikòd li-a nan sèvant li-a.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- 1 Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- 2 Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- 3 Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Non Granmèt la béni, li minm ki akonpli mizérikòd li-a nan sèvant li-a.

Réf. 2 Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm, paské li té béni pitit ou yo anndan-ou.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm, paské li té béni pitit ou yo anndan-ou.

Réf. 3 Granmèt la jouinn plézi-l nan ou; Bondié ou la ap jouinn kontantman poutèt ou.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *

li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

5 li minm ki té destiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,

6 pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,

7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,

dapré richès gras li-a, †

8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès

9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
dapré bon plézi-l,

sa-l té ranjé davans nan li, *

10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Granmèt la jouinn plézi-l nan ou; Bondié ou la ap jouinn kontantman poutèt ou.

LÉKTU KOUT

Fil 3, 7-8

Bagay sa yo ki té sèvi-m kòm avantaj la, mouin konsidéré yo tankou yon domaj poutèt Kris la. Réyèlman mouin konsidéré tout bagay kòm

domaj poutèt sians Kris Jézu Granmèt mouin-an ki dépasé tout bagay la : poutèt li mouin fè tout bagay yo pasé kòm domaj, mouin konsidéré yo kòm fatra, pou-m kapab jouinn avantaj mouin nan Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap fété épi m-ap réjoui * Nan mizérikòd ou-a. M-ap fété.

V/. Paské ou té voyé jé sou jan-m pòv. * Nan mizérikòd ou-a. Viv Papa-a. M-ap fété.

Pou Magnificat la, réf. Ba li nan frui min-l yo, sé pou aksion-l yo fè louanj li nan pòtay yo.

Pou pliziè médam : Y-ap fè louanj nou nan non-l ki sin-an; moun yo k-ap chèché Granmèt la, sé pou kè yo kontan.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Granmèt la, pa lintèmediè Médam yo ki sin yo, an nou priyé-l pou Égliz la, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Pa lintèmediè tout médam ki mati yo, yo minm ki ranpòté viktoua sou lanmò chè-a avèk fòs léspri-a,

— bay Égliz ou-a fòs nan tantasion-l yo.

Pa lintèmediè médam ki té marié yo, ki té avansé nan lagras ak mariaj ki sin-an,

— bay Égliz ou-a pou-l donnin frui nan apostola-a.

Pa lintèmediè médam ki té vèv yo, ki té lévé kondision solitè yo-a épi ki té fè-l vîn sin, antan yo té priyé épi pran ka moun,

— bay Égliz ou-a pou-l montré tè-a sakréman charité-ou la.

Pa lintèmediè médam ki té anfanté piti pou rouayòm Bondié-a ak pou sosiété moun nan,

— bay Égliz ou-a pou-l anfanté tout moun pou lavi-a ak pou sové y-ap sové-a.

Pa lintèmediè tout médam ki sin yo, ki té mérité ouè limiè fas ou,

— fè défin yo nan Égliz ou-a joui kè kontan minm vizion sa-a pou tout tan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sèkou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki ékstraòdinè nan sin-l yo, vini, ann adoré-l.

Oubyin: An nou fè louanj pou Bondié nou-an antan n-ap fété **N.** ki sin.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN

Pou yon madam ki sin: *Hæc fémina laudábilis*

Madam nan, sa yo kapab fè louanj li-a
 épi ki onoré ak mérit yo,
 poutèt li gin pouvoua nan konpòtman ki sin,
 konsa li trionfé avèk anj yo.

Sot nan yon kè ki dévoué anpil
 antan l-ap priyé Granmèt la ak dlo nan jé,
 nan vèy, nan jèn,
 li té éritié avèk pèsistans la.

Antan li méprizé gloua tè-a,
 épi ak yon éspri ki toujou an antié,
 aprè yon jistis ki apouin nèt
 li té travèsé anlè sièl yo.

Li minm ki té anrichi kay li
 ak askion ki fè vîn sin,
 li kontan koulié-a pou tout tan
 ak kado palè sièl yo.

Louanj pou yon sèl Granmèt la ki toua-a,
 li minm ki gras a priyé madam sa-a,
 lè lavi-a ap rivé bout nèt,
 l-ap mété nou ansanm ak sitouayin sièl yo. Amèn.

Pou pliziè médam ki sin: *Hæ féminæ laudábiles*

Médam yo, sa yo kapab fè louanj yo-a
épi ki onoré ak mérit yo,
poutèt yo gin pouvoua nan konpòtman ki sin,
konsa yo trionfé avèk anj yo.

Sot nan yon kè ki dévoué anpil
antan y-ap priyé Granmèt la ak dlo nan jé,
nan vèy, nan jèn,
yo té éritié avèk pèsistans la.

Antan yo méprizé gloua tè-a,
épi ak yon éspri ki toujou an antié,
aprè yon jistis ki apouin nèt
yo té travèsé anlè sièl yo.

Yo minm ki té anrichi kay yo
ak askion ki fè vîn sin,
yo kontan koulié-a pou tout tan
ak kado palè sièl yo.

Louanj pou yon sèl Granmèt la ki toua-a,
li minm ki gras a priyé médam sa yo,
lè lavi-a ap rivé bout nèt,
l-ap mété nou ansanm ak sitouayin sièl yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Li louvri bouch li bay sajès la, épi laloua dousè-a sou lang li.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- ² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- ³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- ⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- ⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Li louvri bouch li bay sajàs la, épi laloua dousè-a sou lang li.

Réf. 2 Médam ki sin yo, antan yo éspéré nan Bondié, yo té chanté nan kè yo.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- 2 Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- 3 Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- 4 Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Médam ki sin yo, antan yo éspéré nan Bondié, yo té chanté nan kè yo.

Réf. 3 Yo fè yo antré kot Granmèt la nan kè kontan épi fèt.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- 17 Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- 18 Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè déklarasyon pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Yo fè yo antré kot Granmèt la nan kè kontan épi fèt.

V/. Sé pou réfléksion kè-m toujou dévan fas ou.

R/. Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, ou k-ap rachté-m.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sé pou yo pran tèks ki pi adapté yo, sot nan sa yo jouinn pi ro-a nan Komin mésié ki sin yo, 1549.

Yon lòt, pou médam ki sin ki té viv nan mariaj la:

Sot nan liv Provèb yo

31, 10-31

Madam k-ap krinn Bondié-a

- ¹⁰ Madanm ki gin kouraj la, kilès k-ap jouinn li ?
Byin louin dépasé piè bijou, li gin valè.
- ¹¹ Kè mari-l gin konfians nan li, li pa manké jouinn avantaj ;
- ¹² pandan tout tan lavi madanm nan,
sé byin l-ap fè pou mari-l, sé pa mal ;
- ¹³ li chèché linn ak koton,
li travay yo avèk ladrès min-l.
- ¹⁴ Li tankou batiman machann yo,
li poté provizion-l sot louin.
- ¹⁵ Li lévé dépi lannuit,
li séparé pòsion manjé pou kay li,
ak lòd bay sèvant li yo,
- ¹⁶ Li réfléchi sou yon jadin, li achté-l;
ak rézilta travay min-l li planté jadin rézin.
- ¹⁷ Li maré rin-l ak fòs,
li mét fòs nan bra-l.
- ¹⁸ Li arésié kijan komès li maché byin,
lanp li pa étinn nan nuit.
- ¹⁹ Li lonjé min-l nan plèt fil la,
douèt li pa pè manyin zégui ;
- ²⁰ li louvri plat min-l bay maléré-a,
li lonjé min-l bay pòv la.
- ²¹ Li pa pè lanèj pou kay li,

paské tout kay li gin dé rad,
²² li fè dra,
 ak koton ak vlou li abiyé,
²³ yo rékonèt mari-l nan pòt yo,
 lè-l chita avèk ansyin yo nan péyi-a,
²⁴ li fè toual ak koton li vann yo,
 li ofri sintu bay machann nan.
²⁵ Fòs ak kondidérasion abiyé-l,
 l-ap ri nan jou k-ap vini-an apré-a.
²⁶ Li louvri bouch li ak sajès,
 sé laloua favè-a ki sou lang li.
²⁷ L-ap sivéyé alé vini k-ap fèt nan lakay la,
 sé pa pin parésé li manjé.
²⁸ Pitit li yo ap kanpé, y-ap déklaré li gin chans,
 mari-l ap fè louanj li:
²⁹ « Anpil médam té fè aksion ki mandé kalité ékstraòdinè,
 min ou minm ou dépasé yo tout ».
³⁰ Bèl prezantasion tronpé, bèl figi vid :
 madanm ki krinn Granmèt la, sé li minm ki mérité louanj.
³¹ Ba li nan frui min-l,
 sé pou travay li fè louanj li nan pòt vil yo.

RÉPONS

Cf. Prov 31, 17. 18; cf. Ps 45 (46), 6

R/. Li té maré rin-l ak fòs, épi li té mété fòs nan bra-l: * Sé poussa lanp li pap janm étinn.

V/. Bondié té poté-l sékou pa pouvoua fas li-a, Bondié nan mitan-l, li pap tranblé. * Sé poussa.

Oubyin yon lòt, pou minm madam ki sin-an:

Sot nan premié Lèt apot sin Piè-a

3, 1-6. 8-17

Sé pou nou fè rékonèt Kris la sin nan kè nou

¹ Sé pou médam yo obéyi mari yo, pou, minm si ginyin ki pa kouè nan paròl la, gras a konduit médam yo, san paròl, yo rivé konvink yo ; ² antan yo konsidé ré konduit nou ki onèt, nan respè. ³ Konpòtman nou pa doué réglé sou bagay ki parèt déyò, très chévé, ronn lò, ni bèl rad ki abiyé nou ; ⁴ min sé sa-k kaché nan kè moun nan, nan sa-k pa kapab gaté-a, yon éspri trankil, tou dou, sé sa ki gin valè dévan fas Bondié. ⁵ Sé konsa réyèlman lontan médam ki té sin yo, ki té éspéré nan Bondié, yo té konn anbéli kò yo, antan yo té obéyi pròp mari yo, ⁶ tankou Sara ki té obéyi Abraam, antan li rélé-l mèt ; sé pitit fi li nou yé, antan nou aji byin, san nou pa pè okinn boulvès.

⁸ Anfin réyèlman nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikòd, pou nou gin umilité, ⁹ pou nou pa rinmèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété díbyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédiksion-an kòm éritaj.

¹⁰ « Réyèlman, moun ki vlé rinmin lavi

pou-l ouè jou ki bon,

sé pou-l sispann fè lang li palé mal,

pou bouch li pa di paròl k-ap tronpé;

¹¹ *sé pou-l kité chémin sa ki mal pou-l fè sa ki byin,*

sé pou-l chèché lapè, pou-l rapousuiv li.

¹² Paské jé Granmèt la pozé sou moun ki kòrèk yo,

zòrèy li panché sou lapriyé yo;

min figi Granmèt la ap sivéyé moun k-ap fè sa-k mal yo ».

¹³ Épi kilès k-ap nui nou, si n-ap chèché sa-k byin? ¹⁴ Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou ! *Pa pè moun yo k-ap fè nou*

pè-a, pa troublé ditou, ¹⁵ *Granmèt la,* minm Kris la *sé pou nou fè ouè li sin nan kè nou,* sé pou nou toujou paré pou nou réponn tout moun k-ap mandé nou kont sou éspérans ki nan nou-an. ¹⁶ Min sé pou sa fèt avèk sinplisité, avèk respè, antan nou gin bon konsians. Konsa, sou pouin y-ap palé nou mal la, y-a blijé ront, yo minm k-ap fè kalomni kont bon konduit nou gin nan Kris la. ¹⁷ Pito nou soufri akòz byin n-ap fè, si volonté Bondié pèmèt sa, pasé pou nou soufri poutèt mal n-ap fè.

RÉPONS

Fil 2, 2. 3. 4; 1 Tés 5, 14-15

R/. Sé pou nou gin charité, antan nou rabésé tèt nou pou chak moun konsidéré lòt la kòm pi sipériè pasé-l: * San chak moun pa konsidéré avantaj pèsonèl li, min okontrè afè lòt yo.

V/. Soutni sa-k fèb yo, pran pasians ak tout moun; toujou rapousuiv byin-an ni youn pou lòt ni pou tout moun. * San chak moun.

DÉZIÈM LÉKTU

Sé pou yo pran tèks ki pi adapté yo, sot nan sa yo jouinn pi ro-a nan Komin mésié ki sin yo, 1554.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Louanj yo nan matin

IMN

Pou yon madam ki sin : *Nóbilem Christi fámulam disérta*

Avèk bèl voua an nou chanté
 sèvant Kris la ki jouinn gran konsidèrasion-an,
 li minm ki té chèché rivé nan ran madanm ki gin kouraj la,
 sa pasaj liv sakré-a kouvri ak louanj la.

Li minm ki gin yon lafoua vivan, yon éspérans ki sin
 ak yon rinmin ki cho pou Bondié,
 rasîn ki donnin anpil bon aksion
 koté rinmin pou frè yo pran nésans dépasé mézi.

Jézu, kité mérit li yo touché-ou, padonnin nou
 tout dèt fot nou yo, nou minm ki koupab yo,
 pou nou kapab chanté louanj pou ou, jan sa doué fèt la,
 avèk yon kè ki san tach.

Onè ak otorité pou Papa-a ki anro nèt la,
 louanj pou ou, Pitit la, ak respè ékstraodinè,
 minm pouvoua pou Éspri Sin-an,
 koulié-a ak pou tout tan. Amèn.

Pou pliziè médam ki sin : *Nóbiles Christi fámulas disérta*

Avèk bèl voua an nou chanté
 sèvant Kris yo ki jouinn gran konsidèrasion yo,
 yo minm ki té chèché rivé nan ran madanm ki gin kouraj la,
 sa pasaj liv sakré-a kouvri ak louanj la.

Tè-a pa ranpòté viktoua sou yo avèk pièj li yo,
 yo minm ki obéyi kòmandman Papa-a ak tout volonté yo,
 pou yo chèché simin bon lodè Kris la,
 tout koté.

Yo donté kò-a, yo nourì léspri-a ak priyè ki sin,
 yo méprizé avantaj k-ap pasé yo,

pou yo chèché rékonpans lavi
k-ap diré tout tan-an.

Pou Bondié sèl : konsidérasion ak otorité,
louanj nan rotè sièl la ak onè tout tan,
li minm k-ap kòmandé tout tè-a,
antan l-ap réglé-l ak laloua-l yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nanm mouin té kolé apré-ou, min douat ou té soutni mouin.

Psòm ak *Kantik dimanch sémèn I*, 743.

Réf. 2 Min Granmèt la ba-ou fòs; ou-ap béni pou tout tan.

Réf. 3 M-ap fété épi m-ap réjoui nan mizérikòd ou-a, Granmèt.

LÉKTU KOUT

Rom 12, 1-2

Mouin mandé nou avèk insistans, frè yo, pa pouvoua mizérikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab; épi pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalite nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki apouin nèt.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té poté-l sékou * Pa pouvoua fas li-a. Bondié té poté-l.

V/. Bondié nan mitan-l, li pap tranblé. * Pa pouvoua fas li-a. Viv Papa-a. Bondié té poté-l.

Pou *Benedictus* la, réf. Ringn sièl yo sanblé ak yon machann k-ap chèché bon pèrl; lè-l jouinn youn ki gin valè, li té bay tou sa-l ginyin, épi li té achte-l.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk tout médam ki sin yo, frè yo, an nou déklaré rékonèt Sovè nou-an, épi ansanm an nou rélé :

Vini, Granmèt Jézu.

Granmèt Jézu, ou minm ki té padonnin péchrès la anpil fot, paské li té rinmin anpil,

— padonnin nou, paské nou fè anpil péché.

Granmèt Jézu, ou minm médam ki sin yo té konn sèvi-ou sou rout la,

— fè nou favè pou nou suiv tras ou yo.

Granmèt Jézu, ou minm mèt sa-a Mari t-ap kouté pandan Mart t-ap sèvi-ou la,

— pèmèt nou sèvi-ou nan lafoua-a ak charité-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki té rélé tout moun k-ap fè volonté-ou frè-ou, sè-ou ak manman-ou,

— fè nou favè pou nou toujou fè-ou plézi nan paròl nou yo ak nan aksion nou yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sèkou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidéлитé nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèféksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bédikksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou

suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (1212), nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 1154, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 1011.

Pou Tièrs

Réf. Sou sèvitè-m yo ak sèvant mouin yo m-ap vidé sot nan Éspri-m nan.

LÉKTU KOUT

Gal 6, 7 b-8

Sa yon moun té simin, sé sa tou l-ap rékòlté; paské sa k-ap simin pou chè-l la, sot nan chè-a l-ap rékòlté déstriksion, sa k-ap simin pou éspri-a minm, sot nan éspri-a l-ap rékòlté lavi tout tan-an.

V/. Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an.

R/. K-ap maché nan laloua Granmèt la.

Pou Sèkst

Réf. Kè-m ak chè-m t-ap fété nan Bondié vivan-an.

LÉKTU KOUT

1 Kor 9, 26-27a

Mouin minm sé konsa m-ap kouri, sé pa san diréksion ; sé konsa m-ap batay, sé pa là-a m-ap frapé ; min m-ap drésé kò-m, m-ap maté-l.

V/. Mouin té jouinn sa-a nanm mouin rinmin-an.

R/. Mouin té kinbé-l mouin pap lagé-l.

Pou Nòn

Réf. Mouin minm mouin pou rinmin-m nan, épi rinmin-m nan li pou mouin.

LÉKTU KOUT**Fil 4, 8. 9 b**

Frè yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé; konsa Bondié lapè-a ap avèk nou.

V/. M-ap chanté pou ou, Granmèt.

R/. M-ap chanté psòm, m-ap chèché konprann nan chémin ki san tach la.

Pou dézièm Vèp yo**IMN**

Pou yon madam ki sin: *Fortem virili pectore*, 1571.

Pou pliziè médam ki sin: *Christe, cunctórum sator et redemptor*, 1572.

PSÒM YO

Réf. 1 Sèvant ou-a, Granmèt, kontan nan sové ou sové-l la.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- 1 Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- 2 Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- 3 Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- 4 Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- 5 Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- 6 Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Sèvant ou-a, Granmèt, kontan nan sové ou sové-l la.

Réf. 2 Fondasion tout tan yo sou ròch la; sé konsa kòmandman Bondié yo nan kè médam ki sin yo.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- 1 Si Granmèt la pa bati kay la, *
 sé pou granmèsi y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
 Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- 2 Sé pou granmèsi ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- 3 Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- 4 Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- 5 Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Fondation tout tan yo sou ròch la; sé konsa kòmandman Bondié yo nan kè médam ki sin yo.

Réf. 3 Min Granmèt la té ba-l fòs; sé poua l-ap béni pou tout tan.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,

- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Min Granmèt la ba-l fòs; sé poua l-ap béni pou tout tan.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 28-30

Nou konnin pou moun yo ki rinmin Bondié, tout bagay tounin an byin, yo minm li té rélé dapré plan li. Réyéلمان, sa-a yo li té chouazi davans yo, li té déstiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a, pou li minm li vîn tounin premié pitit nan pami tout foul frè yo ; sa yo li té déstiné davans yo, li té rélé yo tou ; épi sa yo li té rélé-a, li té jistifié yo tou ; sa yo minm li té jistifié-a, li té ba yo gloua-a tou.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té chouazi-l, * Épi li té chouazi-l davans. Bondié.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Épi li té chouazi-l davans. Viv Papa-a. Bondié té chouazi-l.

Pou Magnificat la, réf. Kè-m té fété nan Granmèt la, épi kè-m té louvri paské mouin té kontan nan sa-k sové-m nan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la, pa lintèrédiè Médam yo ki sin yo, an nou priyé-l pou Égliz la, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Pa lintèrédiè tout médam ki mati yo, yo minm ki ranpòté viktoua sou lanmò chè-a avèk fòs léspri-a,

— bay Égliz ou-a fòs nan tantasion-l yo.

Pa lintèrédiè médam ki té marié yo, ki té avansé nan lagras ak mariaj ki sin-an,

— bay Égliz ou-a pou-l donnin frui nan apostola-a.

Pa lintèrédiè médam ki té vèv yo, ki té lévé kondision solitè yo-a épi ki té fè-l vîn sin, antan yo té priyé épi pran ka moun,

— bay Égliz ou-a pou-l montré tè-a sakréman charité-ou la.

Pa lintèrédiè médam ki té anfanté piti pou rouayòm Bondié-a ak pou sosiété moun nan,

— bay Égliz ou-a pou-l anfanté tout moun pou lavi-a ak pou sové y-ap sové-a.

Pa lintèrédiè tout médam ki sin yo, ki té mérité ouè limiè fas ou,

— fè défin yo nan Égliz ou-a joui kè kontan minm vizion sa-a pou tout tan.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sékou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua Bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** l'évé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU RÉLIJYÉ YO

Tout bagay nan Komin Mésié ki sin yo, 1538, oubyin Médam yo ki sin, 1571, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

IMN, tankou pou Ofis léktu-a.

Pou Magnificat la, réf. Si yon moun pa rénonse tou sa-l posédé, li pa kapab disip moun, sé sa Granmèt la di.

Oubyin pou yon rélijyé : Sa-a ap résévoua bénédiksion nan min Granmèt la, épi mizérikòd nan min Bondié ki sové-l la, paské sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la.

Oubyin pou yon rélijyé : Granmèt la té résévoua-l kòm épouz pou tout tan, nan lafoua ak mizérikòd.

Priyé-a

Priyé-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidéлитé nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vi-n kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N**. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki ékstraòdinè nan sin-l yo, vini, an-n adoré-l.

Oubyin: An nou fè louanj Bondié nou-an antan n-ap sélébré sin (sint) **N**.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Læti coléntes fámulum*)

Antan n-ap fété sèvitè sa-a ak kè kontan,
li minm ki té sèvi-ou yon fason kòrèk,
n-ap chanté kantik rinmin-an
pou ou, Granmèt, avèk rékonésans.

Li minm ki té fidèl ap suiv Kris la,
li viré do byin louin bay tout plézi
tè-a ap ofri
ni richès yo k-ap pasé byin vit la.

Li konsakré tèt li ba ou, li mété-l anba lòd lòt moun,
antan li obéyi ak yon kè ki santi-l pòv,
li konsèvé chè-l nèt, pou-l pran modèl
sou Kris la épou vièj yo.

Li chèché fè-ou plézi,
li kolé kò-l sou ou sèlman,
li chofé éspri-l, paròl li oubyin aksion li
avèk difé rinmin-an.

Antan li konsakré tèt li ba ou sou tè-a
avèk chinn rinmin sa yo,
li jouinn libèté-a tout tan,
li pati al nan sièl la koté li trionfé-a.

Antan nou ankourajé ak égzanp li yo
fè nou favè pou-n monté nou minm tou avèk yon kè ki cho,
pou n-al fè louanj ou ansanm ak Pitit la ak Éspri-a,
avèk imm sièl yo. Amèn.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-24

Yo bay chak moun gras la pou bati kò Kris la

Frè yo : ¹ Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché kòrèk dapré vokasion yo rélé nou ladan-l nan ; ² avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; ³ antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a. ⁴ Yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl espérans vokasion nou-an ; ⁵ yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; ⁶ yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

⁷ Chak moun nan nou réyéman yo ba li gras la dapré mézi kado Kris la. ⁸ Sé poua yo di :

« Antan-l monté nan rotè-a, li kondui anprizònman-an nan prizon, li bay moun yo kado yo ».

⁹ Késion « li monté » sa-a, sa sa vlé di, si sé pa paské li té kòmansé désann nan réjion ki anba tè-a ? ¹⁰ Sa-a ki désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, pou-l plin tout bagay.

¹¹ Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dòt ankò sé sa-k évanjélis, dòt yo minm sé gadyin ak savan sakré : ¹² pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, ¹³ joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun kòrèk nèl la, nan mézi laj plénitud Kris la. ¹⁴ Konsa nou pap tankou ti moun piti ankò k-ap ézité, nou pap kité yo fè nou fè lavironn nan tout van mové ansègnman moun, nan riz moun k-ap toudi nou nan mové chémin ; ¹⁵ okontrè, antan n-ap fè vérité-a nan rinmin, n-a dévlopé nan li minm pa lintèmédiè tout bagay, li minm ki tèl la, Kris la ; ¹⁶ sé nan li tout kò-a fè yon sèl, li maré ak tout kalité jouinti k-ap transmèt mouvman-an, dapré aktivité ki nan mézi chak manb, pou kò-a dévlopé antan l-ap bati nan charité-a.

¹⁷ Mouin di nou, mouin sètifié nou sa nan Granmèt la, pou nou pa maché ankò tankou moun yo ap maché nan jijman yo ki vid la. ¹⁸ Yo gin intèlijans la ki nan fènoua, yo vîn étranjé parapò a lavi Bondié-a poutèt ignorans ki nan yo-a poutèt kè yo vîn avèg-la, ¹⁹ antan yo fè pròp tèl yo vîn insansib, yo lagé kò yo nan libètinaj nan fè tout kalité sa-k pa pròp nan rinmin lajan.

²⁰ Nou minm sé pa konsa nou té aprann Kris la, ²¹ si omouin nou té tandé-l épi nou té résévoua ansègnman nan li, dapré vérité ki nan Jézu-a. ²² Sé pou nou kité moun ansyin-an ki t-ap aji dapré konduit lontan-an, moun ansyin sa-a gaté antan l-ap suiv anvi k-ap tronpé moun. ²³ Min sé

pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay, ²⁴ sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a, ki kréyé sèlon Bondié nan jistis la ak vérité-a ki sin-an.

RÉPONS

Mt 19, 29. 27

R/. Tout moun k-ap kité kay oubyin frè, oubyin sè, oubyin papa, oubyin manman, oubyin pitit, oubyin jadin, poutèt non mouin, * L-ap résévoua san foua plis, l-ap ginyin lavi tout tan-an

V/. Min nou minm nou kité tout bagay, nou suiv ou ; ki sa n-ap ginyin ? * L-ap résévoua san foua.

Oubyin, pou yon monial :

Lk 10, 42. 39

R/. Sé yon sèl ki nésèsè. * Pi bon pòsion-an li té chouazi, sa yo pap ouété nan min-l nan.

V/. Antan-l chita pou kont li nan pié Granmèt la, t-ap kouté paròl li. * Pi bon pòsion-an.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli pap sin Grégoua le Gran nan Évanjil yo

(Lib. 2, hom. 36, 11-13: PL 76, 1272-1274)

Sou tè-a, min pa dapré tè-a

Mouin vlé avèti nou, pou nou kité tout bagay, min mouin pa vlé présipozé. Si donk nou pa kapab kité tout bagay tè-a, konsa kinbé bagay yo ki pou tè-a, yon fason poutan pou yo pa kinbé nou sou tè-a palintèmédiè yo, pou réalité tè-a yo posédé-l, sé pa li ki posédé nou; pou sa nou ginyin-an li anba kontròl léspri nou, pou si rinmin réalité tè yo t-a

ranpòtè viktoua sou léspri nou, sa pa rivé pou sé t-a pito réalité léspri-a ginyin yo ki posédé-l.

Donk sé pou yo sèvi ak réalité tan sa yo épi sé pou yo anvi réalité pou tout tan yo; sé pou réalité tan sa yo nan chémin-an, sé pou yo anvi sa-k pou tout tan yo nan aboutisman-an. Sé tankou sou koté pou yo gadé ninpòt sa y-ap fè sou tè sa-a. Sé pou jé léspri nou viré nan diréksion dévan nou, pandan ak tout intansion sa-a y-ap gadé koté nou pral rivé-a.

Sé pou yo raché vis yo jous nan fon, pa sèlman sot nan aksion travay la, min ata sot nan pansé kè-a sé pou yo dérasinin yo. Ni plézi lachè, ni préokipasion kiriozité, ni chalè anbision, pa doué anpéché nou patisipé nan Soupé Granmèt la, min bagay sa yo tou n-ap fè yon fason onèt sou tè-a, sé kòm si nou t-a touché yo ak yon bò léspri nou sèlman, pou bagay tè-a yo pèmèt yo, sèvi kò nou yon fason, antan yo pa jinnin kè-a ditou.

Donk, frè yo, nou pa ozé di nou pou nou kité tout bagay; min kanminm, si nou vlé, minm antan nou kinbé, nou kité tout bagay, si nou okipé bagay tan sa yo yon fason poutan pou ak tout léspri nou, nou dirijé nan bagay ki pou tout tan yo. Li sèvi ak tè-a, min kòm si li pa t-ap sèvi avèk li, moun sa-a ki ramné pou sèvis lavi li tout sa ki nésésè sou pa déyò, min kanminm ki pa kité yo kontrolé léspri li pou sa ki anba kontròl yo sèvi déyò épi yo pa janm kasé intansion nanm nan k-apral nan diréksion sa-k anro yo. Ninpòt moun yo donk ki konsa, vrèman pou yo tout bagay tè-a yo la, pa pou yo anvi yo, min pou yo sèvi ak yo. Konsa sé pa pou gin anyin k-ap réladé sa léspri nou anvi-a, okinn plézi réalité ki sou tè sa-a pap jinnin nou.

Si byin-an yo rinmin-l, léspri-a jouinn plézi nan byin ki pi bon yo, sa vlé di, sa-k nan sièl yo. Si yo krinn sa-k mal la, yo mété dévan nanm nan

sa-k mal pou tout tan yo, pou pandan li byin ouè la-a ni sa pou-l rinmin pi plis la, ni sa li doué krinn pi plis la, li pa rété kolé ditou sou dènié sa-a.

Pou nou rivé fè bagay sa yo, nou gin yon médiatè ant Bondié ak moun yo, k-ap édé nou-an, li minm pa lintèmediè-l n-ap rivé jouinn tout bagay yo pi vit, si nou boulé ak véritab rinmin-an pou li, li minm k-ap viv épi k-ap régné ansanm ak Papa-a ak Éspri-Sin-an, Bondié, nan sièk sièk yo. Amèn.

RÉPONS

1 Kor 7, 29. 30. 31; 2, 12

R/. Tan-an kout ; sa-k rété-a sé pou minm moun ki gin kè kontan yo, kòm si yo pa gin kè kontan ; épi moun k-ap profité tè sa-a, kòm si yo pa profité nè: * L-ap pasé réyéلمان, figi tè sa-a (**T.P.** Alélouya).

V/. Kanta nou minm, nou pa résévoua éspri tè sa-a. * L-ap pasé.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*O redemptóris píetas colénda*)

Ala bon kè rédanmptè-a yo doué fété-a,
ki antan-l chouazi moun yo pou konsakré bay Papa-a,
ou dirijé kè yo yon jan ékstraòdinè ak sou divès kalité fòm,
dapré signal Éspri-a!

Sa yo ou fè pran nésans sot nan vré Bondié-a,
 gras a dlo-ou la,
 ou vlé mété gras charité-a souvan nan yo,
 gras a nouvo jèm nan, ou minm Kris la.

Ou rélé : sa yo ou rélé yo kouri byin vit,
 yo kité tout bagay, lè yo tandé ou pasé yo lòd,
 nan santié koua-a koté Roua-a pasé-a,
 pou yo rivé chèché Papa-a sèl.

Konsa sin sa-a ki nan sièl la, ki gin kè-l cho-a,
 li té kolé kò-l sou ou antan-l rinmin-ou ak tout fòs li,
 li té anvi jouinn tout grandè bon kalité yo
 ki fè kè moun kontan-an.

Louanj pou Papa-a ki anro nèt la, pou ou Kris la ki chèf la,
 sé pou-l rézonnin minm jan-an pou Éspri Sin-an,
 nou minm ki bay san foua plis
 pou moun ki bay ti kras byin ak gran kè. Amèn.

Pou *Benedictus* la, réf. Si yon moun fè volonté Papa-m, sé li minm ki frè-m, sè-m ak manman-m, sé sa Granmèt la di.

Oubyin: Pòsion pa-m sé Granmèt la; li bon pou nanm k-ap chèché-l la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N.** té pèsévére ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidéлитé nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfèksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vi-n kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N**. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Læti coléntes fámulum*, 1601.

Pou *Magnificat* la, réf. Nou minm ki té kité tout bagay épi ki té suiv mouin, n-ap résévoua san foua plis épi n-ap posédé lavi pou tout tan-an.

Oubyin : Koté frè yo fè yon sèl pou bay Bondié gloua, koté sa-a Granmèt la ap bay bénédiksyon-an.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N**. té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksyon sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vi-n kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N**. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU SA-K TÉ FÈ AKSION MIZÉRIKÒD YO

Tout bagay nan Komin Mésié ki sin yo, 1538, oubyin Médam yo ki sin, 1571, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Sa ki pran pitié pou pòv la, ala kontantman pou li; sa ki kouè nan Grammèt la, li rinmin mizérikòd la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin N., nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résevoua bénédikcion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan premié Lèt apot sin Jan-an

4, 7-21

Sé pou nou rinmin youn lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti

⁷ Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti ; épi tout moun ki rinmin sé nan Bondié li

pran nésans, li konnin Bondié. ⁸ Moun ki pa rinmin, li pa konnin Bondié, paské Bondié sé rinmin. ⁹ Nan sa-a charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li. ¹⁰ Nan sa-a charité-a yé : sé pa kòm si sé nou ki té rinmin Bondié, min sé li minm ki té rinmin nou, li voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

¹¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, si Bondié rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou. ¹² Bondié, pèsonn pa janm ouè-l. Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou, charité-l la réalizé nèt nan nou. ¹³ Nan sa nou konnin nou rété nan li épi li minm nan nou, sèké li té ba nou nan Éspri-l la. ¹⁴ Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin Papa-a voyé Pitit li-a kòm sovè tè-a. ¹⁵ Tout moun ki rékonèt Jézu sé Pitit Bondié, Bondié rété nan li, épi li minm nan Bondié. ¹⁶ Nou minm nou konnin, nou kouè nan charité-a Bondié ginyin pou nou-an. Bondié sé charité, moun ki rété nan charité-a, li rété nan Bondié, épi Bondié nan li.

¹⁷ Nan sa rinmin Bondié-a kòrèk nèt nan nou, pou nou gin konfians jou jijman-an ; sèké, jan-l yé li minm nan, sé konsa tou nou minm nou yé sou tè sa-a. ¹⁸ Pa gin krint nan rinmin-an ; min rinmin ki fîn kòrèk nèt la, li voyé krint la déyò, paské krint la gin pinision ; moun ki nan krint, li pa kòrèk nèt nan rinmin-an.

¹⁹ Nou rinmin Bondié, paské Bondié té rinmin nou an premié. ²⁰ Si youn moun di : « Mouin rinmin Bondié », épi li rayi frè-l, li sé youn mantè. Sa-k pa rinmin frè-l la li ouè-a, Bondié li pa ouè-a, kijan li kapab rinmin-l ? ²¹ Sa-a sé kòmandman-an nou té résévoua nan min Bondié-a : pou sa-k rinmin Bondié-a, li rinmin frè-l la tou.

RÉPONS

1 Jn 5, 3; Sir 23, 37

R/. Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo: * Épi kòmandman-l yo pa lou (T.P. Alélouya).

V/. Pa gin anyin ki pi dous pasé okipé kòmandman Granmèt la. * Épi kòmandman-l yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Lèt pou Romin yo

(Homilia 15, 6: PG 60, 547-548)

Mizèrikòd la, Kris la kòmandé-l

Bondié réyèlman té rimmèt Pitit li-a; kanta ou minm minm ata yon pin ou pa vlé ba li, li-minm yo té rimmèt épi yo té touyé pou ou-a.

Papa-a poutèt ou minm pa-t épagné-l, malgré réyèlman vré sé pròp Pitit li-a li té yé; kanta ou minm minm ou méprizé-l, li-minm k-ap dépéri ak grangou-a; malgré ou fèt pou sa-yo résévoua-ou, yo minm ki pou li-a, épi bagay sa-a ou gin pou fè-l poutèt ou minm.

Ki bagay ki t-a pi mal pasé injistis sa-a? Yo rimmèt li poutèt ou, yo touyé-l poutèt ou, li maché alantou antan-l grangou poutèt ou; nan sa-k pou li yo, bay, pou ou minm ou résévoua avantaj: poutan minm konsa ou pa bay.

Èské yo pa pi sòt pasé ròch yo, yo minm ki antan kantité bagay sa yo ralé yo, yo rété nan méchansté sa-a ki pou djab la? Épi réyèlman li minm li pa-t konsidéré sa asé pou-l sibi koua-a ak lanmò-a; min li té vlé vîn pòv tou, épi étranjé ki t-apralé bò isit bò lòt bò épi san rad, épitou yo jété-l nan prizon, épi li souffri maladi, pou omouin konsa tou li té sipliyé-ou.

Si ou pa rimmèt mouin minm jan-an, jan-m souffri pou ou-a, gin pitié pou mouin kanminm poutèt pòv mouin pòv la. Si ou pa vlé pran pitié poutèt pòv mouin pòv la, kè-ou t-a fébli poutèt maladi-a oubyin poutèt

prizon-an: si minm bagay sa-yo pa pousé-ou nan bon santiman, sé pou konsanti poutèt sé yon ti kras bagay y-ap mandé-a. Mouin pap mandé-ou anyin ki kouté chè, min pin, koté pou-m rété, paròl konsolasion.

Si apré sa, ou toujou rété rèd, omouin poutèt ringn sièl yo sé pou t-a vîn pi bon, omouin pou rékonpans mouin té promèt yo. Èské vrèman ou pa gin okinn nosion bagay sa yo minm?

Omouin poutèt natu-a, sé pou kasé-ou, antan ou ouè sa-k san rad la, épi sonjé mouin té san rad sou koua-a, sa mouin té soufri poutèt ou-a. Si-ou pa vlé poutèt sa anvan-an, omouin poutèt dènié sa-a koté mouin pòv la épi mouin san rad la.

Mouin té anchinnin poutèt ou lè sa-a, épi koulié-a tou poutèt ou-minm; pou antan-ou chanjé kè soua pou prémié chinn yo soua pou sa yo, ou aksépté ban-m kichòy nan mizèrikòd la: mouin té san manjé poutèt ou, yon lòt foua mouin grangou poutèt ou; mouin té souaf antan-m té pandié sou koua-a, nan pòv yo koulié-a mouin souaf; pou oubyin pou prémié yo oubyin pou dènié sa yo mouin atiré-ou vîn jouinn mouin, épi pou fè-ou vîn gin bon kè pou kapab sové.

Sé pou sa, ou minm, akòz mil atachman byinfè, mouin mandé pou sé tou pa-ou koulié-a pou rinmèt mouin: mouin pa égzijé tankou sé doué ou doué-m, min pou-m kouroné sa-k bay kado-a, épi pou ti kras bagay sa yo mouin bay rouayòm nan.

Mouin pa di: « Fè-m pa pòv ankò »; ni « Fè-m kado anpil richès, malgré mouin pòv poutèt ou », min sé pin sèlman mouin mandé, épi yon rad, épi nan grangou yon ti konsolasion.

Si yo jété-m nan prizon, mouin pa fòsé-ou pou défèt chinn mouin yo épi pou mété-m déyò, min sé yon bagay mouin mandé sèlman: pou-ou ouè sé poutèt ou mouin anchinnin; bagay sa-a pou mouin minm ap yon gras sifizan pou-m kapab ouvri sièl la pou ou. Malgré mouin minm mouin

té défèt chinn ki lou anpil pou ou; min sa ap asé pou mouin si ou aksépté vizité-m antan mouin nan chinn.

Mouin kapab sètènman kouroné-ou san sa, min mouin vlé pou gin dèt, pou ansanm avèk kouròn nan yon sètèn konfians vîn ajouté pou ou.

RÉPONS

Mt 25, 35. 40; Prov 19, 17

R/. Mouin té grangou, épi nou té ban-m manjé ; mouin té souaf, épi nou té ban-m bouè ; mouin té étranjé, épi nou té résévoua-m: * Amèn mouin di nou: Ninpòt ki lè nou té fè sa pou youn nan frè-m sa yo ki pi piti yo, sé pou mouin nou té fè sa (T.P. Alélouya).

V/. Li prété Granmèt la, moun ki sansib pou pòv la. * Amèn mouin di nou.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yon an matin

Pou *Benedictus* la, réf. Nan sa tout moun ap konnin sé disip mouin nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou,

antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksyon péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

Pou *Magnificat* la, réf. Amèn mouin di nou : sa nou fè pou youn nan pi piti sa yo ki pou mouin yo, sé pou mouin nou fè-l. Vini, nou minm Papa-m béni-an, pran posésion rouayòm nan ki té paré pou nou dépi kòmansman tè-a.

POU ÉDIKATÈ YO

Tout bagay nan Komin Mésié ki sin yo, 1538, oubyin Médam yo ki sin, 1571, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Obsèvé, pitit mouin, lòd papa-ou yo, épi pa méprizé laloua manman-ou nan, min toujou maré-l nan kè-ou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té fè sin (sint) **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Matié

(Hom. 59: PG 58, 580. 584)

Nou doué okipé sa-k bon pou timoun yo

Kòm Granmèt la di: *Anj timoun yo ouè fas Papa-m*, épi: *Sé pou sa mouin minm mouin té vini*, épi: *Papa-m vlé sa*, moun sa yo ki t-apral gin pou pran souin yo, li fè yo vîn pi atantif.

Èské ou pa ouè ak ki grosè miray li té antouré yo, antan-l ménasé ak malè yo pa kapab sipòté moun yo k-ap fè yo tonbé-a, épi antan li promèt gran byin pou moun yo k-ap sèvi yo-a, épi k-ap pran souin yo-a, épi li ranfòsé bagay sa-a avèk égzanp li épi égzanp Papa-a? Sa-a, nou minm tou, sé pou nou imité-l, antan nou pa réfizé résevoua anyin nan sa ki sanblé byin ba épi fatigan an favè frè yo: min minmsi yo t-a doué sèvi, soua li t-a piti, soua li t-a san valè, moun sa-a sé akòz li yo résevoua travay sa-a; kèlkésoua jan bagay la t-a fatigan; minmsi yo t-a doué travèsé mòn ak falèz, sé pou yo sipòté tout bagay pou sovè yon frè. Li tèlman gran vrèman souin Bondié ap pran pou nanm nan, sé sa ki fè *ata Pitit li-a li pa-t épagné-l*.

Sé pou sa mouin sipliye, granmatin lè n-ap soti nan kay la, sé yon sèl objéktif sa-a pou nou ginyin, épi préokipasion sa-a an prémié, pou ouété nan danjé-a sa yo k-ap tonbé ladan-l nan.

Anyin sètènman pa gin plis pri pasé yon nanm: *Kisa réyèlman sa ap rapòté yon moun si li rivé ginyin tout tè-a, min nanm li soufri domaj?* Vrèman rinmin lajan té ranvèsé épi té jété tout bagay anba, épi li té sékoué krint Bondié-a, sé konsa, tankou yon roua nan yon sitadèl, li pran posésion nanm yo. Poutèt sa nou néglijé sa-k pou sovè ni nou minm ni pitit nou yo, antan n-ap okipé yon sèl bagay la, kijan pou nou vîn pi rich, n-ap kité richès yo bay lòt moun yo épi yo minm bay lòt, épi sa yo tou ankò bay sa k-ap vîn apré yo, konsa minm, nou t-a kapab di nou pa priyé min sé transmèt n-ap transmèt lajan ak sa nou ginyin yo. La-a sé yon gran foli; la-a timoun yo vîn pi san valè pasé ésklav yo. Paské nou korijé ésklav yo, minm si sé pa poutèt yo minm, min dapré bon plézi nou;

timoun yo minm sé pa minm prévouayans la yo bénéfisié, min, pou nou, yo gin mouin valè pasé ésklav yo.

Épi sa-m bézouin palé osijè ésklav yo minm? Nou pran souin timoun yo mouins pasé bèt yo, nou gin plis préokipasion pou bourik yo ak choual yo pasé pou pitit nou yo. Si yon moun gin yon milèt, li pran anpil souin pou-l fè-l jouinn yon moun ki bon anpil nan okipé choual, pa youn ki malonèt, pa youn ki vòlè, pa youn ki abitué sou, pa youn ki pa konn métié-l; min si nou doué bay pitit nou yon moun pou fè édikasion-l, nou aksépté ninpòt moun ki vîn dévan nou paraza épi san chouazi, minmsi pa gin okinn métié ki pi gran pasé sa-a.

Ki métié ou kapab konparé ak sa-a ki gin réponsabilité drésé nanm nan, épi fòmé léspri ak karaktè jèn nan? Li minm ki doué gin tèlman kapasité, ki doué montré plis konsians pasé ninpòt pint ak skilptè. Kanta nou minm sé pa sa ditou n-ap okipé, min sé yon sèl bagay nou ouè, sé pou-l aprann lang nan. Épi n-ap fè éfò sèlman nan travay pou nou rivé jouinn sa. Sé pa réyèlman pou-l kapab rivé palé l-ap aprann lang nan, min pou-l ranmasé lajan; yon fason pou si san kapasité palé-a yo té kapab vîn rich, nou pa t-ap okipé aprantisaj sa-a ditou.

Èské ou pa ouè ki kantité pouvoua lajan ginyin? Kijan li anvayi tout bagay, épi li trinnin moun yo koté li vlé tankou ésklav ki maré yon sètin fason? Min ki avantaj pou nou nan kalité akizasion sa yo? Nou minm ak paròl yo n-ap ataké pouvoua sa-a, li minm ak réalité yo li ranpòté viktoua sou nou. Anfin minm konsa nou pap sispann ataké-l ak paròl yo, épi si nou rivé jouinn kichòy ak diskou-a, ni mouin minm ni nou minm n-ap jouinn avantaj; otréman si nou pèsévéré nan pozision nou-an, sa-k té dévoua-m nan mouin té fin fè-l.

Bondié minm sé pou-l ni libéré nou sot anba maladi sa-a, ni ban mouin pou-m jouinn gloua nan nou; paské sé pou li gloua-a ak kòmandman nan sièk sièk yo. Amèn.

REPONS

Cf. Prov 23, 26; 1, 9; 5, 1

R/. Ban-m kè-ou, pitit, épi jé-ou yo sé pou yo kinbé chémin-m yo, * Pou yo ajouté gras sou tèt ou (**T.P.** Alélouya).

V/. Fè atansion, pitit mouin, nan sajès mouin-an, épi panché zorèy ou nan prudans mouin-an. * Pou yo ajouté.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 707.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Pou *Benedictus* la, réf. Sa ki gin mizérikòd, li anségné épi li fòmé bann mouton-l nan tankou yon gadyin.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té fè sin (sint) **N.** lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

Pou *Magnificat* la, réf. Kité ti moun piti yo vîn jouinn mouin : réyèlman sé pou moun ki tankou yo ringn sièl yo yé.

RÉFRIN POU *BENEDICTUS* AK *MAGNIFICAT*

Réfrin pou *Magnificat* yo, ki indiké pou premiè Vèp yo, yo kapab sèvi avèk yo tou, si yo vlé, pou dézièm Vèp nan mémoua sin yo.

Komin pou Dédikas yon légliz

Pou premiè Vèp yo : Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm épi fété nan li, nou tout ki rinmin-l, pou tout tan.

Pou Louanj yo nan matin : Zaché, fè vit désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m fè ladésant. Kanta li minm antan-l fè vit, li té désann épi li résévoua-l lakay li ak kè kontan. Jodi-a, Bondié fè kay sa-a sovè.

Pou dézièm Vèp yo : Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : sa-a sé kay Bondié-a, koté yo rélé non-l nan, sé sou li yo té ékri : Non-m ap isit la, sé sa Granmèt la di.

Komin Sint Vièj Mari

Pou premiè Vèp yo : Granmèt la té gadé rabèsman-m, épi Sa-a ki gin pouvoua-a té fè gran mèvèy nan mouin.

Oubyin : Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské Bondié té voyé jé sou pòv ti sèvant li-a.

Pou Louanj yo nan Matin : Pòt paradi-a té fèmin pou tout moun akòz Èv, épi gras a Mari ki Vièj li vîn louvri byin laj.

Pou dézièm Vèp yo : Ala kontantman pou ou, Mari, ou minm ki té kouè : y-ap fèt nèt nan ou, sa yo té di-ou sot nan Granmèt la.

Komin Apot yo

Pou premié Vèp yo : Sé pa nou minm ki té chouazi-m; min sé mouin minm ki té chouazi nou, mouin té mété nou pou nou alé épi pou nou poté frui épi pou frui nou-an diré.

Pou Louanj yo nan matin : Nan fondasion vil ki sin-an, Jérusalèm, gin non douz Apot Mouton-an, épi lanp li-a sé Mouton-an.

Pou dézièm Vèp yo : Nan jénérasion k-ap réfèt la, lè Pitit moun nan ap chita sou fotèy grandè-l la, n-ap chita nou minm tou, pou nou jijé douz group fanmi Israël yo.

Komin pliziè Mati

Pou premié Vèp yo : Sé pou sa yo réyèlman rouayòm sièl yo yé, yo minm ki té méprizé lavi tè-a, épi ki té rivé nan rékonpans rouayòm nan épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an.

Pou Louanj yo nan matin : Ala kontantman pou sa yo ki sibi pèsékision poutèt jistis la, paské sé pou yo péyi-roua sièl la yé.

Pou dézièm Vèp yo : Yo kontan nan sièl yo nanm sin yo, ki té suiv tras Kris la; épi paské poutèt rinmin-l nan, yo té vidé san yo, sé pou sa y-ap régné avèk Kris la pou tout tan.

Komin yon sèl Mati

Pou premié Vèp yo :

Pou yon mésié ki mati : Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la jous nan lanmò, épi dévan paròl méchan yo li pa-t pè; fondasion-l té pozé réyèlman sou ròch ki solid la.

Pou yon madam ki mati : Li maré rin-l ak fòs, épi li mété fòs nan bra-l; sé pousa lanp li pap janm étinn.

Pou Louanj yo nan matin : Sa ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap kinbé-l pou lavi tout tan-an.

Pou dézièm Vèp yo : Nan rouayòm sièl yo, sin yo abité, épi sé pou tout tan y-ap répozé.

Komin Pastè yo (Gadyin yo)

Pou premié Vèp yo :

Pou yon Pap oubyin yon Évèk : Prèt Sa-k Anro nèt la ak glas bon kalité yo, bon gadyin nan pèp la, ou minm ki té fè Granmèt la plézi.

Pou yon Prèt : Mouin fè-m tout bagay ak tout moun, pou-m rivé sové tout moun.

Pou Louanj yo nan matin : Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm.

Pou dézièm Vèp yo : Sa-a sé intandan fidèl la épi ki gin prévouayan la, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-an, pou-l ba yo pòsion blé-a nan tan-an.

Oubyin : Mouin di-ou mèsi, Kris, bon gadyin, ou minm ki aksépté kondui-m nan gloua sa-a; mouin mandé-ou pou mouton yo ou konfié-m yo patisipé avèk mouin nan gras ou-a pou tout tan.

Komin Savan sakré (Doktè) Égliz la

Pou premié Vèp yo : Sa ki té fè épi ki té anségné, sé gran y-ap rélé-l nan péyi roua sièl yo.

Pou Louanj yo nan matin : Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo.

Pou dézièm Vèp yo : O Anségnan ki bon anpil, limiè Égliz la ki sin-an, ou minm sin N., ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou.

Komin Vièj yo

Pou premié Vèp :

Pou yon vièj ki mati : Min vièj la ki gin kouraj la déjà ap suiv Mouton yo krisifié pou nou-an, li sakrifié antan-l rézèvé kò-l, li imolé pou lavi byin réglé-a.

Pou yon vièj : Antan Épou-a té vini, vièj ki prudan-an ki tou paré-a té antré avèk li nan nòs yo.

Pou plizièm vièj: Vièj ki gin ladrès, paré lanp nou yo : min Épou-a ap vini, sòti al rankontré-l.

Pou Louanj yo nan matin :

Pou yon vièj ki mati: Ala kontantman pou vièj la ki rénonse pròp tèt li épi ki pran koua-l, ki suiv modèl Granmèt la nèt, li minm ki épou vièj yo épi chèf mati yo.

Pou yon vièj: Min vièj ki jijé byin-an té travèsé al kot Kris la, antan l-ap briyé tankou solèy nan puisans sièl la nan group vièj yo.

Pou pliziè vièj: Nou minm, vièj Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan.

Pou dézièm Vèp :

Pou yon vièj ki mati: Nan yon sèl sakrifis, sé dé kouròn n-ap sélébré, rézèv kò-a épi dévoua rélijion-an. Li rété vièj épitou li rivé jouinn mati-a.

Pou yon vièj: Vini, épouz Kris la, résévoua kouròn nan, sa Granmèt la té préparé pou ou-a pou tout tan-an.

Pou pliziè vièj: Sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, k-ap chèché fas Bondié nou-an.

Komin Mésié ki sin yo

Pou premié Vèp :

Pou yon sèl: M-ap konparé-l ak yon mésié ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch.

Pou pliziè: Jé Granmèt la sou moun ki respékté-l yo, ak sou sa yo ki éspéré nan mizérikòd li-a.

Pou Louanj yo nan matin :

Pou yon sèl: Sa ki fè vérité-a, li vini kot limiè-a, pou aksion-l yo parèt klè, paské sé nan Bondié yo fèt.

Pou pliziè: Ala kontantman pou moun yo k-ap mété lapè-a, ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié.

Pou dézièm Vèp yo :

Pou yon sèl : Sèvitè ki bon, ki fidèl antré nan kè kontan Granmèt ou-a.

Pou pliziè: Yo té fidèl jous nan lanmò, épi yo résévoua kouròn lavi-a nan min Granmèt la.

Komin Médam ki sin yo

Pou premié Vèp :

Pou yon sèl : Ba li nan frui min-l yo, sé pou aksion-l yo fè louanj li nan pòt lavil yo.

Pou pliziè : Résévoua louanj nan non-l ki sin-an; sé pou-l kontan, kè moun yo k-ap chèché Granmèt la.

Pou Louanj yo nan matin : Ringn sièl yo sanblé ak yon machann k-ap chèché bon pèrl; lè-l jouinn youn ki gin valè, li té bay tou sa-l ginyin, épi li té achté-l.

Pou dézièm Vèp yo : Kè-m té fété nan Granmèt la, épi kè-m té louvri paské mouin té kontan nan sa-k sové-m nan.

Komin Rélijié yo

Pou premié Vèp : Si yon moun pa rénonse tou sa-l posédé, li pa kapab disip moun, sé sa Granmèt la di.

Oubyin pou yon mesié rélijié : Sa-a ap résévoua bédiksyon nan min Granmèt la, épi mizérikòd nan min Bondié ki sovè-l la, paské sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la.

Pou yon fi rélijié : Granmèt la té résévoua-l kòm épouz pou tout tan, nan lafoua ak mizérikòd.

Pou Louanj yo nan matin : Si yon moun fè volonte Papa-m, sé li minm ki frè-m, sè-m ak manman-m, sé sa Granmèt la di.

Oubyin : Pèsion pa-m, sé Granmèt la; li bon pou nanm moun k-ap chèché-l la.

Pou dézièm Vèp yo : Nou minm ki kite tout bagay épi ki suiv mouin-an, n-ap résévoua san foua plis épi n-ap posédé lavi pou tout tan-an.

Oubyin : Koté frè yo fè yon sèl pou bay Bondié gloua, koté sa-a Granmèt la ap bay bédiksyon-an.

Komin pou moun ki fè aksyon mizérikòd yo

Pou premié Vèp yo : Sa ki pran pitié pou pòv la, ala kontantman pou li; sa ki kouè nan Granmèt la, li rinmin mizérikòd la.

Pou Louanj yo nan matin : Nan sa tout moun ap konnin sé disip moun nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt.

Pou dézièm Vèp yo : Amèn mouin di nou : Sa nou té fè pou youn nan pi piti sa yo ki pou mouin yo, sé pou mouin nou té fè-l. Vini, nou minm Papa-m béni-an, pran posésion péyi-roua-a yo té paré pou nou dépi nan kòmansman tè-a.

Komin pou édikaté yo

Pou premié Vèp yo : Obsèvé, pitit mouin, lòd papa-ou yo, épi pa méprizé laloua manman-ou nan, min toujou maré-l nan kè-ou.

Pou Louanj yo nan matin : Sa ki gin mizérikòd, li anségné épi li fòmé bann mouton-l nan tankou yon gadyin.

Pou dézièm Vèp yo : Kité ti moun piti yo vîn jouinn mouin : réyèlman sé pou moun ki tankou yo ringn sièl yo yé.

OFIS DÉFIN YO

Yo doué adapté priyè yo, antan yo chanjé si sé pou gason oubyin si sé pou fi, épi si gin yon sèl oubyin si gin anpil, dapré sikonstans ki prezanté yo.

OFIS DÉFIN YO

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua-a tout bagay ap viv pou li-a, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 703.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Qui vivis ante saecula*)

Ou minm ki vivan anvan sièk yo
épi sé ou minm ki sèl sous lavi-a,
nou minm, Bondié, k-ap sibi lanmò-a
épi ki gin dèt péché-a, viré gadé nou.

Papa, ou té desidé pou moun k-ap fè péché-a
sibi chatiman lanmò-a,
pou lè pousiè-a al nan pousiè-a,
li t-a bay tèt li mouayin padon-an.

Min souf lavi-a minm
sa-ou té mété nan li ak prévouayans la,
li kontinué rété pou tout tan
kòm jèm ki pap finnin.

Éspérans sa-a sé soulajman li yé:
n-ap réprann fòs, Granmèt,
épi premié nan sa-k résisité yo,
Kris la ap ralé nou bò koté-ou.

Pou yon défin gason:

Bay sèvitè-ou défin sa-a
 pou-l joui nan ringn lavi-a,
 li minm lafoua Kris la té binyin-l,
 li minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Pou yon défin fi:

Bay sèvant-ou défin sa-a
 pou-l joui nan ringn lavi-a,
 li minm lafoua Kris la té binyin-l,
 li minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Pou yon pliziè défin:

Bay frè sa yo ki mouri nan ou
 pou yo joui nan ringn lavi-a,
 yo minm lafoua Kris la té binyin yo,
 yo minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Fè nou antré tousuit nan rouayòm sa-a
 lè n-ap kite tè-a
 pou nou tout nou chanté
 ou minm ki finisman, ou minm ki kòmansman. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sot nan tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m: Rédanmètè moun, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a.

Psòm 39 (40), 2-14. 17-18

Rémèsiman ak démann sékou

Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, sé yon kò ou té paré pou mouin (Ébr 10, 5).

I

- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la, *
li panché sou mouin.
- 3 Li kouté rèl mouin, *
li ouété-m sot nan fos mizè-a ak nan labou ki sal la ;
li mété pié-m kanpé sou ròch, *
li fè plant pié-m asiré.
- 4 Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin, *
yon chanté pou Bondié nou-an.
Anpil moun ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap éspéré nan Granmèt la.
- 5 Ala kontantman pou moun ki mété éspérans li nan Granmèt la, *
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti.
- 6 Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo, †
épi pansé-ou yo pou nou : *
pa gin ki sanblé avèk ou.
Si mouin t-a vlé déklaré yo, pibliyé yo, *
yo dépasé chif.
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, *
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa, *
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini.
Nan roulo liv la yo ékri osijè-m, *
- 9 pou-m fè volonté-ou.

Bondié mouin, mouin dakò ; *
laloua-ou la nan zantray mouin ».

Réf. Sot nan tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m: Rédanmtè mouin, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a.

Réf. 2 Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; gadé pou vîn poté-m sékou.

II

- ¹⁰ Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ; *
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin.
- ¹¹ Jistis ou-a mouin pa kaché-l nan kè-m, *
vérité-ou la ak sékou-ou la, mouin di-l.
Mouin pa kaché mizérikòd ou-a *
ak vérité-ou, bay gran rasanbléman-an.
- ¹² Kanta ou minm Granmèt,
pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ; *
sé pou mizérikòd ou-a ak vérité-ou la
toujou soutni mouin,
- ¹³ paské mal yo antouré-m, sa yo pa kapab konté yo ; †
yo vlopé-m, péché-m yo, *
mouin pa kapab ouè.
Yo multiplié pi plis passé chévé tèt mouin, *
épi kè-m lagé-m.
- ¹⁴ Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; *
Granmèt, présé vîn poté-m sékou.

- ¹⁷ Sé pou yo fété, sé pou yo kontan nan ou tout sa k-ap chèché-ou yo, *
épi y-ap di tout tan : « Sé pou ouè jan Granmèt la gran »,
sa yo ki rinmin sové ou sové nou-an.
- ¹⁸ Kanta mouin minm mouin maléré épi pòv ; *
sé Granmèt la k-ap okipé-m.
Sékou-m ak libératè-m sé ou minm ; *
Bondié mouin, pa mizé.

Réf. Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; gadé pou vîn poté-m sékou.

Réf. 3 Nanm mouin té souaf Bondié vivan-an ; kilè m-a vini épi m-a parèt dévan fas Granmèt la ?

Psòm 41 (42)

Anvi Granmèt la ak tanp li-a

Sa-k souaf la sé pou-l vini ; sa-k vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a (Ap 22, 17).

- ² Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, *
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié.
- ³ Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ; *
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- ⁴ Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit, *
pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ⁵ Mouin sonjé bagay sa yo, nanm mouin fonn anndan mouin ; †
paské mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la, *
jous nan kay Bondié-a,
nan chanté fèt avèk louanj, *
fèt foul la k-ap fè louanj la.

- 6 Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
 épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
 Éspéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
 sovè fas mouin épi Bondié mouin.
- 7 Anndan mouin nanm mouin chagrin ; †
 sé poua mouin sonjé-ou *
 dépi sot nan tè Jourdin-an ak Èrmon-an,
 sot nan mòn Misa-a.
- 8 Bafon-an rélé bafon-an, nan voua kaskad ou yo ; *
 tout lanm ou yo ak vag ou-a travèsé anlè mouin.
- 9 Lajounin Granmèt la voyé mizérikòd li-a, †
 épi nannuit kantik li-a bò koté-m : *
 priyè bay Bondié lavi mouin.
- 10 M-ap di Bondié : *
 « Sé ou minm ki protéksion-m.
 Poukisa ou bliyé-m nan, †
 épi poukisa m-ap maché tou chagrin, *
 pandan ènmi-m nan ap trakasé-m nan ? ».
- 11 Pandan zo-m yo ap krazé-a, †
 y-ap jouré-m, sa k-ap fè-m pasé tribilasion yo, *
 pandan y-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- 12 Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
 épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
 Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
 sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Nanm mouin té souaf Bondié vivan-an ; kilè m-a vini épi m-a parèt dévan fas Granmèt la ?

V/. Mizérikòd ou yo anpil, Granmèt.

R/. Fè-m viv dapré paròl ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 12-34

Réziréksion Kris la, éspérans fidèl yo

Frè yo : ¹² Si y-ap préché Kris la résisité sot nan pami mò yo, kòman fè gin kèk nan pami nou ki di : pa gin réziréksion mò ? ¹³ Si pa gin réziréksion mò, Kris la pa résisité non plis tou. ¹⁴ Min si Kris la pa résisité, prèch nou-an vid, lafoua nou-an vid tou. ¹⁵ Nou vîn tounin moun k-ap sèvi fo-témouin pou Bondié, paské nou sèvi témouin kont Bondié, nou di li lévé Kris la, li minm li pa lévé-a, si mò yo pa résisité. ¹⁶ Réyèlman, si mò yo pa résisité, Kris la pa résisité non plis tou. ¹⁷ Si Kris la pa résisité, lafoua nou pa vo anyin ; jous koulié-a toujou nou nan péché nou yo ; ¹⁸ konsa sa k-ap dòmi nan Kris la, yo péri tou. ¹⁹ Si sé pou lavi sa-a sèlman n-ap éspéré nan Kris la, nou pi mizérab pasé tout moun.

²⁰ Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo, premié frui nan pami sa-k t-ap dòmi yo. ²¹ Paské sé pa lintémédiè yon moun lanmò-a té rivé, sé pa lintémédiè yon moun tou réziréksion mò yo : ²² minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la. ²³ Chak moun nan ran-l : premié frui-a sé Kris la, apré sa sé sa yo ki pou Kris la, ki té koué li t-ap vini-an, ²⁴ apré sa, sé finisman-an, lè l-ap rinnèt péyi-roua-a bay Bondié Papa-a, lè l-ap fè tout otorité tout pouvoua ak tout fòs disparèt la.

²⁵ Li gin pou-l kòmandé *joustan li mété tout ènmi yo anba pié-l*. ²⁶ Dènié ènmi-an, sé lanmò-a k-ap fin détrui ; ²⁷ *sèkè li fòsé tout bagay rét anba pié-l*. Lè l-ap di : « Tout bagay obéyi-l » la, san dout sé aléksépsion Sa-a ki mété tout bagay anba pié-l la. ²⁸ Min lè tout bagay ap obéyi anba-

I, lè sa-a atò Pitit la li minm ap rinnèt tèt li bay Sa-a ki té mété tout bagay yo anba pié-l la, pou Bondié kapab tout bagay nan tout moun.

²⁹ Otréman, kisa yo fè, sa-k batizé pou mò yo? Si mò yo pa résisité ditou, pou kisa yo batizé pou yo? ³⁰ Pouki nou₁ minm tou nou₁ ékspozé tèt nou₁ tout lè? ³¹ Chak jou m-ap mouri pou pròp gloua pa nou₂-an, frè yo, sa-m gin nan Kris Jézu Granmèt nou₂-an. ³² Si sé dapré moun mouin té batay kont bèt sovaj yo nan Éfèz, sa sa rapòté-m, si mò yo pa résisité sé pou nou₀ manjé, épi sé pou nou₀ bouè, démin réyèlman n₀-ap mouri. ³³ Pa tronpé tèt nou₂: « Mové konvèsasion gaté bon conduit ». ³⁴ Rét véyé yon fason kòrèk épi pa fè péché! Sé ignorans Bondié réyèlman kèk ginyin; pou ront mouin palé nou₂.

RÉPONS

1 Kor 15, 25-26 ; cf. Ap 20, 13. 14

R/. Kris la gin pou-l régné, joutan Bondié mété tout ènmi yo anba pié-l : * Dènié ènmi-an minm, sé lanmò-a k-ap fîn détrui.

V/. Lè sa-a lanmò-a ak lanfè-a rinnèt mò pa yo, y-ap voyé lanfè-a ak lanmò-a nan étan difé-a. * Dènié ènmi-an.

Oubyin yon lòt :

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 35-57

Réziréksion mò yo épi avènman Granmèt la

Frè yo : ³⁵ Yon moun kapab di : « Kijan mò yo ap lévé ? ak ki kalité kò y-ap vini ? » ³⁶ Ou pa konprann, ou minm, sa-ou simin-an, li pa viv si-l pa mouri, ³⁷ ou minm ki simin-an, sé pa kò k-ap vîn apré-a ou simin, min sé yon grinn ki san po, parégzanp grinn blé oubyin lòt bagay konsa.

³⁸ Bondié minm ba-l yon kò jan-l té vlé, épi chak nan sémans yo pròp kò pa-l. ³⁹ Tout chè pa minm chè-a, min youn sé moun yo, yon lòt minm chè bèt kat pat yo, yon lòt minm chè zouazo yo, yon lòt minm pouason yo, ⁴⁰ épi kò nan sièl yo, épi kò sou tè yo, min sé yon jan, gloua sa-k nan sièl yo yé; yon lòt jan minm, pa sa-k sou tè yo. ⁴¹ Yon kalité gloua solèy, épi yon kalité gloua lalîn, épi yon kalité gloua zétoual yo. Yon zétoual réyèlman diféran ak yon lòt zétoual nan gloua.

⁴² Sé konsa tou pou rézéréksion mò yo. Yo simin nan sa k-ap gaté, li lévé nan sa ki pap gaté ; ⁴³ yo simin nan laront, li lévé nan gloua ; yo simin nan féblès, li lévé nan fòs ; ⁴⁴ yo simin yon kò ki gin souf, sé yon kò éspri ki lévé. Si gin yon kò ki gin souf, gin yon kò éspri tou ; ⁴⁵ dapré sa-k ékri-a : « *Prémié moun nan Adan vîn tounin yon souf vivan* », dènié Adan-an ap vîn tounin yon éspri k-ap bay lavi. ⁴⁶ Sèlman sé pa sa-k éspri-a ki parèt anvan, sé sa-k gin souf la, apré sa, sé sa-k éspri-a ki vini.

⁴⁷ Jan sa-a ki té sot nan tè-a yé, konsa tou sa yo ki sot nan tè-a ap yé ; ⁴⁸ jan sa-a ki sot nan sièl la yé, konsa tou sa yo ki sot nan sièl la ap yé.

⁴⁹ Konsa, minm jan nou té poté pòtré sa ki sot nan tè-a, sé konsa tou pou nou poté pòtré sa ki sot nan sièl la. ⁵⁰ Bagay sa-a mouin di: Frè yo, chè ak san pa kapab éritié péyi- roua Bondié-a, ni dékonpozision pa kapab éritié inposibilité dékonpozision-an.

⁵¹ Min yon mistè m-ap di nou : Nou tout sètènman n-ap résisité, min sé pa nou tout k-ap chanjé. ⁵² Nan yon moman, nan yon mouvman jé, nan dènié tronpèt la ; tronpèt la ap sonnin réyèlman, épi mò yo ap résisité intak épi nou minm n-ap chanjé. ⁵³ Fò kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilite pou pa gaté-a, épi fò kò sa-a k-ap mouri-a abiyé avèk posibilite pou pa mouri. ⁵⁴ Lè kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilite pou pa gaté-a, épi kò sa-a k-ap mouri-a ap abiyé ak fòs pou-l pa mouri-a, lè sa-a paròl ki ékri-a ap réalizé :

« *Lanmò-a anglouti nan viktoua-a.*

⁵⁵ *Koté viktoua-ou, lanmò ?*

Koté pikèt anpouazonnin-ou nan, lanmò ? ».

⁵⁶ *Pikèt anpouazonnin lanmò-a sé péché-a, fòs péché-a sé laloua-a.*

⁵⁷ *Granmèsi Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri.*

RÉPONS

Cf. Jòb 19, 25. 26. 27

R/. Mouin kouè Rédanmtè-m nan ap viv, épi nan dènié jou-a m-ap résisité sot anba tè-a, * Épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m sovè-m nan.

V/. Sa-a m-ap ouè mouin minm nan, sé pa yon lòt ; sé ak jé-m m-ap gadé-l. * Épi nan chè-m.

Oubyin yon lòt :

Sot nan dézièm Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

4, 16 – 5, 10

*Lè kay sa-a ki sou tè-a, koté nou rété-a, li vîn détrui,
gin yon abitation pou tout tan ki préparé nan sièl yo*

Frè yo : ^{4,16} Sé pousa nou pa fébli ; min, malgré moun nou-an ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, malgré sa, sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. ¹⁷ Réyèlman, tribilasyon n-ap pasé koulié-a, pou yon moman-an épi ki tou léjè-a, l-ap réalizé yon chaj gloua nan nou pou tout tan, ki dépasé tout rotè ; ¹⁸ nou pap konsidéré bagay yo kapab ouè, min bagay yo pa kapab ouè : sèké bagay yo kapab ouè yo, sé pou yon tan yo la ; min sa yo pa kapab ouè yo minm, yo la pou tout tan.

^{5,1} Nou konnin réyèlman si kay nou sa-a ki sou tè-a, koté nou abité-a, li vîn détrui, nou gin nan sièl yo yon kay ki pa fèt ak min moun, sa Bondié bati pou nou-an, ki la pou tout tan. ² épi réyèlman nan bagay sa-a n₁-ap plinn, antan nou₁ anv_i abiyé avèk abitasion nou₁-an ki sot nan sièl la; ³ si sé abiyé, sé pa san rad yo jouinn nou₁, ⁴ épi réyèlman, nou₁ minm ki nan tant la, n-ap plinn, antan nou anba chaj poutèt nou pa vlé dézabiyé min rét abiyé pou lanmò-a anglouti anba lavi-a. ⁵ Sa-k réalizé nou₁ pou bagay sa-a, Bondié ki ba nou₁ garanti Éspri-a.

⁶ Nou gin konfians tout tan, nou konnin réyèlman, pandan nou nan kò-a, n-ap fè pèlérinaj louin Granmèt la; ⁷ sé nan lafoua réyèlman n-ap maché, sé pa nan vizion, ⁸ min nou gin konfians épi nou t-a pito fè pèlérinaj la louin kò-a, pou nou prézan kot Granmèt la. ⁹ Sé poua nou éséyé fè-l plézi, soua nou absan, soua nou prézan ¹⁰ Sèké nou tout, nou gin pou nou parèt dévan tribinal Kris la, pou chak moun résévoua sèlon sa-l té fè, soua byin soua mal, pandan li té nan kò-a.

RÉPONS

Cf. Ps 50 (51), 5

R/. Granmèt, pa jijé-m dapré aksion-m: mouin pa-t fè anyin ki alarotè dévan-ou: sé pou sa m-ap priyé grandè-ou, * Pou ou minm, Bondié, ou éfasé péché-m nan.

V/. Lavé-m nèt, Granmèt, sot nan injistis mouin-an, épi pròpté-m sot nan péché-m nan. * Pou ou minm, Bondié.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Anastaz d'Antiòch, évèk

(Oratio 5, de Resurrectione Christi, 6-7. 9 :
PG 89, 1358-1459. 1361-1362)

Kris la ap transfigiré kò rabésman nou-an

Pou sa Kris la té mouri épi li té viv, pou li tounin Granmèt ni sa-k mouri yo ni sa-k vivan yo. Min Bondié pa Bondié moun mouri yo, min moun vivan yo. Sé pou sa mò yo, sa li-minm ki té viv la ap dominé sou yo-a, yo pa mò ankò, min yo vivan; épi pou rézon sa-a lavi-a ap dominé sou yo, pou yo vivan, antan yo pap pè lanmò ankò minm jan Kris la ki lévé sot pami mò yo, li pap mouri ankò.

Konsa, sa-k lévé yo épi ki libéré sot nan koripsion-an, yo pap ouè lanmò-a ankò, yo gin pou yo patisipé nan rézireksion Kris la, minm jan li-minm li té patisipé nan lanmò yo-a.

Réyèlman sé pa pou yon lòt rézon li té désann sou tè-a, tè sa-a pròp baro-l yo t-ap jinnin san rété-a, si sé pa *pou krazé pòt bronz yo épi pou-l kasé baro fè yo*, épi pou-l té minnin lavi nou vîn jouinn li sot nan koripsion-an, nan plas ésklavaj la li ba nou libèté-a.

Sé pou sa si travay dispozision sa-a yo ouè li poko fîn réalizé nèt – jous koulié-a, réyèlman, moun yo ap mouri, épi kò yo ap dékonpozé ak lanmò-a – sa pa doué fèt pou sa t-a bay okazion pèdi lafoua. Déja réyèlman anvan tout byin yo, sa yo té di yo, nou té résévoua garanti-a pa lintèmédiè premié frui nou yo, yo minm pa lintèmédiè yo nou té rivé nan rotè sièl la, épi nou té chita ansanm avèk sa-a ki pran nou lévé anlè ansanm avèk li-a, jan Pòl té di kèk koté: *Épi li té résisité nou ansanm avèk li, épi li té fè nou chita ansanm avèk Kris la nan sièl yo.*

Min n-ap rivé jouinn akonplisman-an lè tan Papa-a té détèminé davans la ap rivé, lè nou minm n-ap dépozé laj timoun nan, épi n-ap fîn tounin *nan moun ki apouin nèt la*. Sé sa réyèlman Papa sièk yo té vizé, pou kado

yo bay la vîn solid épi pou yo pa méprizé-l ankò ak léspri k-ap rétounin nan laj timoun ankò.

Min puiské kò Granmèt la résisité dapré éspri-a, kisa yo doué di, lè Pòl témouagné osijè kò yo; *yo simin dapré nanm nan, épi yo lévé dapré éspri-a*: sètadi yo transfòmé nan transfigirasion gloua Kris la chèf la ki pran dévan-an?

Puiské Apot la tou bagay sa-a li té byin konnin-an, sa li di ki gin pou rivé tout ras moun nan pa lintèmediè Kris la, li-minm *k-ap transfigiré kò rabésman nou-an*, pou-l fè-l gin minm kondision ak kò gloua li-a.

Sé poutèt sa, si transfigirasion-an sé chanjé pou vîn yon kò dapré éspri-a, sa-a minm sé gin minm kondision ak kò gloua Kris la: réyèlman sé avèk yon kò dapré éspri-a Kris la té résisité, bagay sa-a ki pa anyin dòt pasé *li té simin nan kalité infériè*, min sé sa-a minm ki chanjé vîn nan onè.

Sa-a minm, lè-l té minnin premié frui natu nou-an bay Papa-a, an minm tan sé tout bagay toutantié li té minnin: puiské li té promèt sa, lè-l té di: *Lè y-ap lévé-m anlè, m-ap minnin tout moun vîn jouinn mouin*.

RÉPONS

Jan 5, 28-29; 1 Kor 15, 52

R/. Tout moun ki nan kavò yo, y-ap tandé voua Pitit Bondié-a ; * Épi y-ap soti, sa-k té fè byin yo, sé pou réziréksion lavi-a; sa-k té fè mal yo minm, pou réziréksion jijman-an.

V/. Nan yon moman, nan batman yon jé, nan dènié tronpèt la, mò yo ap résisité san koripsion. * Épi y-ap soti.

Oubyin yon lòt :

Sot nan Lèt sin Brolion, évèk

(Epist. 19 : PL 80, 665-666)

Éspérans tout moun ki kouè yo, Kris la k-ap résisité-a

Éspérans tout moun ki kouè yo, Kris la rélé moun ki pati kité tè-a “sa k-ap dòmi yo”, li pa rélé yo “sa-k mouri yo”, antan-l di: *Lazar, zanmi nou-an, ap dòmi.*

Min ata Apot la ki sin-an pa vlé pou nou gin lapinn osijè sa k-ap dòmi yo épi sé poutèt sa, si lafoua nou-an gin sa, paské tout moun ki kouè nan Kris la dapré voua évanjil la, yo pap mouri pou tout tan, ak lafoua-a nou konnin puiské li minm li pa-t mouri, nou minm tou nou pap mouri.

Paské Granmèt la li-minm, sou lòd ak nan voua Chèf Anj yo ak nan tronpèt Bondié-a, l-ap désann sot nan sièl la, épi mò yo ki nan li yo, y-ap résisité.

Konsa éspérans rézireksion-an ap ankourajé nou, paské sa nou pèdi isit la, laba-a n-ap tounin ouè yo; sèl bagay sé pou nou byin kouè nan li, sa vlé di antan nou obéyi kòmandman-l yo, li minm, koté-l, gin pi gran puisans pou-l lévé mò yo pi fasil pasé nou minm pou sa yo somèy la anparé-a. Min, nou di bagay sa yo, époutan mouin pa konnin ak ki atachman yo fè nou rékilé ak dlo nan jé, épi atachman anvi-a kasé kouayans éspri-a. Élas! ala kondision moun nan mizérab, épi san Kris la, tou sa n-ap viv san konsistans.

Ou minm, lanmò, ki divizé sa-k té ataché ansanm yo épi ki séparé yon fason ki rèd épi ki méchan moun ki té zanmi yo! Puisans ou yo déjà fin krazé. Sa-a déjà démoli jouk ou-a ki san pitié-a, li minm ki té ménasé-ou pa lintèmediè rèl Ozé-a: *Ou minm lanmò, m-ap lanmò pa-ou.* Sé pou sa pa lintèmediè Apot la n-ap frapé pié sou ou: *Koté viktoua-ou la, lanmò? Koté pikèt ou-a, lanmò?*

Sa ki té ranpòté viktoua sou ou-a li té rachté nou, li minm ki té rinmèt nanm li-a yo rinmin-an nan min sa-k san pitié yo, pou apati sa-k san pitié yo li té fè zanmi pou li. Sa long vrèman épi sa anpil, sa yo doué déplouayé apati sint Ékritu yo pou konsolasion tout moun ansanm nan. Min sa kont pou nou, éspérans rézireksion-an épi viré nou viré jé nou nan diréksion gloua Rédanmtè nou-an, nan li nou konsidéré nou déjà résisité ak lafoua-a, antan Apot la di: *Si réyèlman nou mouri avèk Kris la, nou kouè n-ap viv tou ansanm avèk li.*

Nou pa réyèlman pou nou, min pou sa-a ki té rachté nou-an, sé nan volonté li-a volonté pa nou-an doué toujou pandié ; sé pou sa nou di nan priyè nou-an: *Sé pou volonté-ou fèt.* Sé pou rézon sa-a li nésésè pou nou di avèk Jòb nan finéray la: *Granmèt la té bay, Granmèt la té ouété, sé pou non Granmèt la béni.* Sé pou nou di sa avèk Jòb isit la, pou nou pa diféran avèk li laba-a lè ka-a prézané.

RÉPONS

1Th 4, 13-14; cf. Jér 22,10

R/. Osijè sa k-ap dòmi yo, nou pa doué gin chagrin tankou lòt yo ki pa gin éspérans la : * Si réyèlman nou kouè Jézu té mouri épi li té résisité, konsa tou sa ki té dòmi pa pouvoua Jézu yo, Bondié ap minnin yo avèk li.

V/. Pa kriyé sou mò yo, ni pa pran dèy sou li ak dlo nan jé. * Si réyèlman.

Priyè-a

Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan rézireksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak rézirkéksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li minm ki té konnin mistè rézirkéksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizérikòd ou-a avèk siplikasyon, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizérikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou éfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmètè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sovè moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo, yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj

ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasion kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Spes, Christe, nostræ véniaë*)

Jézu-Kri, éspérans padon nou,
ou minm lavi-a, rézireksion-an;
nan diréksion-ou kè nou ak jé nou viré
lè doulè lanmò-a tonbé sou nou san zatann.

Ou minm tou, ou té soufri répignans lanmò-a
ak pikan-l yo ki rèd yo,
ou té bésé tèt ou,
tou dou, ou té rinmèt éspri-ou bay Papa-a.

Réyèlman vré ou pran féblès nou yo,
gadyin ki gin kè sansib,
ou fè nou favè pou nou soufri ansanm avèk ou,
épi pou nou abité ansanm avèk ou anndan kè Papa-a.

Antan-ou pandié anlè-a, bra-ou louvri.
nan kè-ou ki pèsé-a ou rédi
sa yo ki gin pou yo mouri-a,
yo minm ki chajé ak maladi ak chagrin kè soté.

Ou minm ki krazé pòt lanfè yo,
ou louvri sièl yo lè-ou fè-n ranpòté viktoua-a,
koulié-a drésé nou, nou minm ki nan lapinn nan,
fè nou viv apré lanmò-a.

Pou yon gason ki mouri :

Frè nou-an k-ap dòmi koulié-a
 nan répo lapè pou kò-a,
 sé pou-l véyé-ou ak kè kontan,
 pou-l chanté louanj pou ou. Amèn.

Pou yon fi ki mouri :

Sè nou-an k-ap dòmi koulié-a
 nan répo lapè pou kò-a,
 sé pou-l véyé-ou ak kè kontan,
 pou-l chanté louanj pou ou. Amèn.

Pou pliziè moun ki mouri :

Frè (ak Sè *oubyin* Sè) nou yo k-ap dòmi koulié-a
 nan répo lapè pou kò yo,
 sé pou yo véyé-ou ak kè kontan,
 pou yo chanté louanj pou ou. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Zo ki té krazé yo, y-ap fété pou Granmèt la.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- 3 Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizèrikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.

- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Zo ki té krazé yo, y-ap fété pou Granmèt la.

Réf. 2 Anba pot lanfè-a, Granmèt, délivré nanm mouin.

Kantik

Iz 38, 10-14. 17-20

Kè séré moun k-ap mouri-a, kè kontan sa-k géri-a

Sé mouin vivan-an, mouin té mouri... min mouin gin klé lanmò-a (Ap 1, 17-18).

- 10 Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo †
m-apral nan pòt anba tè-a ; *
mouin té mandé rès ané-m yo.
- 11 Mouin té di : Mouin pap ouè Granmèt Bondié
sou tè vivan yo, †

mouin pap ouè moun ankò *
pami sa yo ki abité gras tè-a.

- 12 Abitasion-m nan yo té raché-l,
yo détaché-l minnin-l louin-m *
tankou tant gadyin mouton yo ;
yo té roulé lavi-m tankou moun k-ap fè toual ; *
pandan m-ap tré sé fil la li té koupé-l sèk pou mouin.

Sot matin rivé nan asouè *
ou té gin tan fini avèk mouin.

- 13 Mouin kouché plat jous nan matin, *
tankou yon lion, sé konsa li krazé tout zo mouin yo ;
sot matin rivé nan asouè *
ou gin tan fini avèk mouin.

- 14 Tankou ti iron dèl sé konsa m-ap plinyin, *
m-ap médité tankou toutrèl ;
jé-m yo ap fébli *
antan y-ap lévé gadé nan diréksion anro-a.

- 17 Ou minm ou té ralé nanm mouin *
sot nan trou dékonpozision-an,
sèké ou té jété dèyè do-ou *
tout péché mouin yo.

- 18 Paské sé pa bafon-an k-ap fè déklarasion pou ou, *
lanmò pap fè louanj ou ;
moun k-ap désann nan fòs la, *
yo pap éspéré sou vérité-ou la.

- 19 Sé vivan-an, vivan-an minm k-ap fè déklarasion pou ou,
tankou mouin minm jodi-a ; *
papa ap fè pitit yo konnin vérité-ou la.

²⁰ Granmèt, vîn sové-m, †
 n-a chanté ak son gita touléjou lavi nou *
 nan kay Granmèt la.

Réf. Anba pot lanfè-a, Granmèt, délivré nanm mouin.

Réf. 3 M-ap fè louanj Bondié-m nan, nan lavi mouin.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

¹ Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
² m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
³ Pa mét konfians nou nan chèf, *
 nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
⁴ Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
⁵ Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
 sa-a ki gin espérans li nan Granmèt Bondié-l la,
⁶ li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
 lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
⁷ li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
 li bay sa-k grangou yo manjé.
 Granmèt la défèt chinn yo, *
⁸ Granmèt la kléré avèg yo,

Granmèt la lèvé sa-k tonbé yo, *

Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,

⁹ Granmèt la protèjé étranjé yo, †
òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
min rout péchè yo, li gayé-l.

¹⁰ Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
Bondié-ou la, Siyon,
pou jénérasion ak jénérasion.

Réf. M-ap fè louanj Bondié-m nan, nan lavi mouin.

Oubyin :

Réf. 3 Sé pou tout éspri fè louanj Granmèt la.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
fè louanj li nan sièl puisans li-a.

² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
fè louanj li dapré kantité grandè-l.

³ Fè louanj li nan son tronpèt, *
fè louanj li sou bandjo ak gita,

⁴ fè louanj li sou tanbou ak dans, *
fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,

⁵ fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †
 fè louanj li ak sinbal fèt : *
 tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Réf. Sé pou tout éspri fè louanj Granmèt la.

LÉKTU KOUT

1 Tés 4, 14

Si nou kouè Jézu té mouri épi li té résisité, konsa Bondié tou ap ralé moun k-ap dòmi yo koté-l pa lintèmediè Jézu ansanm avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap fè louanj ou, Granmèt, * Paské ou té résévoua-m. M-ap fè louanj.

V/. Ou té fè dèy mouin-an tounin kè kontan pou mouin. * Paské ou té résévoua-m. Viv Papa-a. M-ap fè louanj ou.

Pou *Benedictus* la, réf. Mouin minm mouin sé rézireksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin-an, minm si-l té mouri, l-ap viv; épi tout moun k-ap viv, épi ki kouè nan mouin, li pap mouri pou tout tan.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, li minm ki té fè Jézu-Kri lèvé sot nan pami mò yo épi k-ap fè kò lanmò nou yo viv la, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Granmèt, fè nou viv nan Kris la.

Papa ki sin, nou minm ki antéré nan lanmò-a ansanm ak Pitit ou-a gras a batèm nan épi nou minm ki résisité avèk li nan rézireksion-l nan, konsa fè nou favè pou nou maché nan nouvo té lavi-a,

— pou, minm lè n-a mouri, nou toujou viv avèk Kris la.

Papa ki pran souin nou davans, ou minm ki té ba nou pin vivan-an ki désann sot nan sièl la, pou nou toujou manjé-l yon fason ki sin-an,

— fè nou gin lavi pou tout tan-an épi pou nou résisité nan dènié jou-a.

Granmèt, ou minm ki té bay Pitit ou-a ki antré nan agoni-a pou yon anj té rékonfòté-l,

— tanpri lè n-ap gin pou-n alé, aksépté konsolé nou ak éspérans ki dous la.

Ou minm ki té délivré toua ti moun yo sot nan mitan difé-a,

— libéré nanm défin yo anba chatiman yo y-ap soufri pou péché yo.

Bondié moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo, ou minm ki fè Jézu lévé sot nan pami mò yo,

— fè défin yo lévé épi nou minm tou mété nou ansanm avèk yo nan gloua pou tout tan-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan rézireksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak rézireksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li

minm ki té konnin mistè rézireksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizèrikòd ou-a avèk siplikasyon, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizèrikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou èfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmètè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sové moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo, yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasion kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.

Pou Lè nan mitan-an**IMN** (*Qui lacrimátus Lázarus*)

Lè sé toulétoua ti Lè yo y-ap, yo kapab anplouayé pou Tièrs: prémié, katriyèm ak sinkièm strof yo; pou Sèkst: dézièm katriyèm ak sinkièm; pou Nòn: touzièm, katriyèm ak sinkièm.

1. Ou minm dlo té koulé nan jé-ou pou Lazar
antan ou jémi ansanm ak sè-l yo,
ou té fè-l gin anpil pouvoua
antan-ou fè-l rétownin nan aféksion sè-l yo:
2. Ou minm ki té mandé ak bon kè
padon-an pou sa-k koupab yo,
épi sé paròl mizérikòd
ou té di konpagnon souffrans ou-a:
3. Ou minm, antan ou-ap mouri,
ou té bay disip la manman ki Vièj la,
pou li minm li té kapab prézan kot fidèl ou yo
nan dènié agoni-an:
4. Ba nou, Kris Granmèt,
nou minm ou rachté ak san-ou nan,
pou chagrin lanmò-a ki rèd la
li chanjé nan kè kontan lavi-a.

Pou yon défin gason:

5. Rélé sèvitè-ou la,
ki pati sot nan sièk sa-a,
pou koté lanmò-a déjà pa égzisté-a
li chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

Pou yon défin fi:

5. Rélé sèvant ou-a,
ki pati sot nan sièk sa-a,
pou koté lanmò-a déjà pa égzisté-a
li chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

Pou pliziè défin:

5. Rélé sèvitè-ou yo,
ki pati sot nan sièk sa-a,
pou koté lanmò-a déjà pa égzisté-a
yo chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

PSÒM YO

Pou Tièrs: Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin.

Pou Sèkst: Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

Pou Nòn: Bondié, o non-ou sové-m, nan pouvoua-ou, libéré-m.

Psòm 69 (70)

Bondié, vîn édé mouin

Granmèt, sové nou, n-ap péri (Mt 8, 25).

² Bondié, tanpri vîn édé mouin ; *
Granmèt, fè vit pou-ou poté-m sékou.

- 3 Sé pou yo ront, sé pou yo dézonoré, *
sa k-ap chèché pran nanm mouin yo.
Sé pou yo ralé kò yo dèyè, sé pou yo ront, *
sa-k anvè pou malè rivé-m yo.
- 4 Sé pou yo tounin avèk désépsion yo-a, *
yo minm k-ap di-m : « Sé bon, sé bon ».
- 5 Sé pou yo fété, sé pou yo tout gin kè kontan nan ou,
sa k-ap chèché-ou yo, *
tout tan, sé pou yo di : « Bondié gran »,
sa-k rinmin sovè ou sovè yo-a.
- 6 Mouin minm mouin sé yon pòv, yon maléré ; *
Bondié, fè vit pou mouin.
Sé ou minm k-ap édé-m, sé ou minm k-ap délivré-m ; *
Granmèt, pa fè réta.

Psòm 84 (85)

Li tou pré nou sovè n-ap sovè-a

Lè Sovè nou-an tonbé nan tè-a, Bondié béni tè li-a (Orijèn).

- 2 Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la, *
ou fè prizonié Jakòb yo tounin.
- 3 Ou padonnin fot pèp ou-a, *
ou kouvri tout péché-l yo.
- 4 Ou réfoulé tout kòlè-ou la, *
ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan.
- 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou, *
viré kòlè-ou la sot sou nou.
- 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou, *
oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la

- sot nan jénérasyon al nan jénérasyon ?
- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vîn ba nou lavi, *
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt, *
sové ou sové nou-an ba nou li.
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di, †
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo, *
avèk pou sa yo ki chanjé nan kè yo.
- 10 Réyèlman li tou pré moun ki krinn li yo, sové li sové nou-an, *
pou gloua-a abité sou tè nou-an.
- 11 Mizérikòd ak vérité rankontré, *
jistis ak lapè anbrasé.
- 12 Vérité-a lévé sot sou tè-a, *
jistis la panché sot nan sièl la.
- 13 Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a, *
tè nou-an ap bay frui li.
- 14 Jistis ap maché dévan-l, *
l-ap pozé pié-l sou rout la.

Psòm 85 (86)

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- 1 Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- 2 Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sové sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap éspéré nan ou.
- 3 Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.

- 4 Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- 5 Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- 6 Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- 7 Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- 8 Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- 9 Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,
- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
m-a maché nan vérité-ou la ;
fè kè-m vîn tou sinp, *
pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasyon pou ou, Granmèt Bondié mouin,
ak tout kè mouin, *
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèt la.
- 14 Bondié, ògèyé yo té soulvé kont mouin, †
asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,
- 16 voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †

bay sèvitè-ou fòs ou, *
sové pitit sèvant ou-a.

- ¹⁷ Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sèkou
ou té konsolé-m.

Pou lòt Lè yo, yo pran psòm konplèmantè yo nan séri II épi III, 1212.

Pou Tièrs

Réf. Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin.

LÉKTU KOUT

Jòb 19, 25-26

Mouin konnin réyéلمان rédanmtè-m nan ap viv, épi nan dènié jou-a
m-ap résisité sot anba tè-a, m-ap vlopé ak po-m ankò, épi nan chè-m m-
ap ouè Bondié-m nan.

Oubyin:

2 Mak 7, 9 b

Roua tout tè-a ap fè nou lévé nan réziréksion lavi tout tan-an, nou
minm ki mouri pou laloua-l yo.

V/. Poukisa ou chagrin, nanm mouin, épi poukisa ou troublé anndan
mouin ?

R/. Éspéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò.

Pou Sèkst

Réf. Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

LÉKTU KOUT

Saj 1, 13-14a. 15

Bondié pa-t fè lanmò, ni li pa kontan poutèt vivan yo k-ap pèdi-a. Réyèlman li té kréyé tout bagay, pou yo égzisté. Jistis la réyèlman diré tout tan, li pap kapab mouri.

V/. Nan mitan lonbraj lanmò, mouin pap pè malè.

R/. Paské ou minm, Granmèt, ou avèk mouin.

Pou Nòn

Réf. Bondié, o non-ou sovè-m, épi nan pouvoua-ou, libéré-m.

LÉKTU KOUT

Iz 25, 8

Bondié ap chaviré lanmò-a pou tout tan, épi Granmèt la ap ouété dlo nan jé sot nan tout figi, l-ap ouété laront pèp li-a sot sou tout tè-a, paské Granmèt la palé.

V/. Bondié, kouté priyè-m nan.

R/. Koté-ou tout chè vini.

Pou Vèp yo**IMN** (*Imménsæ rex poténtiæ*)

Roua ki gin pouvoua yo pa kapab méziré-a,
ou minm Kris la, ki krazé flèch lanmò-a,
sa sèvi pou gloua Papa-a
épi pou nou jouinn konsidèrasion.

Antan-ou pran féblès nou yo,
épi antan-ou mandé gran batay;
lanmò-a ki té bay sèpan-an yon viktoua,
ou té krazé-l anba pié-ou lè-ou mouri, sé ou-k ranpòté viktoua.

Antan-ou lévé ak fòs sot nan kavo-a,
 ou fè nou toujou ap vîn tou nèf pou lavi-a
 gras a mèvèy sakré Pak la,
 nou minm ki té mouri yon lòt foua akoz péché-a.

Fè nou favè lavi lagras la,
 pou lè ou-ap tounin kòm Épou-a,
 ou-ap jouinn nou ak lanp nou tou limin
 déja paré pou sièl la.

Jij ki byin pozé, résévoua nou
 nan limiè-a ak répo-a,
 nou minm lafoua-a té maré ak Trinité ki sin-an
 épitou charité-a.

Pou yon gason ki mouri :

Rélé sèvitè-ou la,
 li minm ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvi al nan rouayòm Papa-a,
 pou-l fè louanj ou tout tan. Amèn.

Pou yon fi ki mouri :

Rélé sèvant ou-a,
 li minm ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvi al nan rouayòm Papa-a,
 pou-l fè louanj ou tout tan. Amèn.

Pou pliziè moun ki mouri :

Rélé tout frè yo,
 ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvi al nan rouayòm Papa-a,
 pou yo fè louanj ou ansanm tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1. Granmèt la protèjé-ou anba tout malè : Granmèt la ap protèjé nanm-ou.

Psòm 120 (121)

Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- 1 M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- 2 Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- 3 Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- 4 Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israèl la.
- 5 Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- 6 Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- 7 Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- 8 Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Granmèt la protèjé-ou anba tout malè : Granmèt la ap protèjé nanm-ou.

Réf. 2. Si-ou kinbé fòt yo, Granmèt : Granmèt, kilès k-ap rété kanpé ?

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- ² Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.
- ³ Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- ⁴ Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.
- ⁵ Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- ⁶ nanm mouin éspéré nan Granmèt la *
plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou *
- ⁷ sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la,
Paské kot Granmèt la sé mizèrikòd, *
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- ⁸ Sé li minm k-ap rachté Israèl *
sot nan tout fot li yo.

Réf. Si-ou kinbé fòt yo, Granmèt : Granmèt, kilès k-ap rété kanpé ?

Réf. 3. Minm jan Papa-a lévé mò yo pou-l fè yo viv, konsa tou Pitit la ap bay moun li vlé lavi.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ⁶ Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- ⁷ min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- ⁸ li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- ⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- ¹⁰ konsa, o non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- ¹¹ épi tout lang pou déklaré : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Réf. Minm jan Papa-a lévé mò yo pou-l fè yo viv, konsa tou Pitit la ap bay moun li vlé lavi.

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 55-57

Koté viktoua-ou la, lanmò ? Koté pikèt ou-a, lanmò ? Pikèt lanmò-a sé péché-a, fòs péché-a sé laloua-a. Granmès Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Nan ou, Granmèt, mouin té espéré. * Mouin pap janm jouinn laront minm. Nan ou.

V/. M-ap fété épi m-ap réjoui nan mizérikòd ou-a. * Mouin pap janm jouinn laront minm. Viv Papa-a. Nan ou.

Oubyin :

R/. Nan mizérikòd ou-a, Granmèt, * Fè yo répozé. Nan mizérikòd ou-a

V/. Ou minm k-ap vini pou jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mourir. * Fè yo répozé. Viv Papa-a. Nan mizérikòd ou-a.

Pou *Magnificat la, réf.* Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vîn jouinn mouin; épi moun ki vîn jouinn mouin-an, mouin pap jété-l déyò.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, li minm nou espéré kò mizè nou-an ap pran fòm sou kò gloua li-a, an nou akلامé-l, antan n-ap di :

Ou sé réziréksion nou ak lavi nou, Granmèt.

Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan-an, ki té lévé zanmi-ou Lazar sot nan pami mò yo,

— lévé défin nou yo pou lavi-a ak gloua-a, yo minm ou té rachté gras a san-ou nan ki gin pri-a.

Ou minm Kris la, ki konsolé sa-k nan lapinn yo, ou minm ki té suiyé dlo, ak bon kè-ou, nan jé fanmi yo alokazion lanmò Lazar la ak jènòm nan ak ti fi-a,

— konsolé tout moun k-ap kriyé ansanm pou défin yo.

Ou minm Kris sovè-a, krazé ringn péché-a nan kò lanmò nou-an, pou, minm jan nou té mérité salè lanmò-a pou péché sa-a,

— konsa tou nan ou nou résévoua lavi pou tout tan-an.

Ou minm Kris rédanmtè, viré gadé moun yo ki pa gin éspérans yo, paské yo pa konnin-ou,

— pou yo kouè nan réziréksion-an ak nan lavi sièk k-ap vini-an.

Ou minm ki té fè avèg la ouè-ou byin klè, antan-ou ba-l limiè pou jé-l yo,

— dévoualé fas ou bay défin yo ki poko ouè limiè-ou la.

Ou minm ki pèmèt pou kay koté nou abité sou tè sa-a krazé yon lè,

— tanpri ba nou kay ki pa fèt ak min moun, sa-k pou tout tan-an nan sièl yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan réziréksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak réziréksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li minm ki té konnin mistè réziréksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizérikòd ou-a avèk siplikasyon, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizérikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou éfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmètè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sovè moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo, yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasyon kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.

Konpli-a nan dimanch, 1192.

APINDIS (DÉGI)

I KANTIK AK ÉVANJIL POU VIJIL YO

Moun ki vlé prolonjé sélébrasion Vijil dimanch yo, solanité yo ak fèt yo, dapré tradision-an, é sa mérité louanj, sé pou yo sélébré toudabò Ofis léktu-a ; min apré toulèdé léktu yo épi anvan *Te Deum* nan, sé pou yo ajouté kantik yo ak Évanjil la jan yo indiké sa pi ba-a. Lè fèt Granmèt la rivé jou dimanch, yo kapab di Évanjil soua dimanch koté-l tonbé-a, tankou pi ba-a, soua apati fèt la, nan ka sa-a yo pran-l nan Léksionè Mès la.

Dapré avantaj, yo kapab fè oméli-a apati Évanjil la. Apré sa yo chanté *Te Deum*, yo di priyè-a épi yo fè konklizyon Lè-a tankou nan Òrdinè-a.

PRÒP POU TAN-AN

TAN AVAN

KANTIK YO

Réf. Sé pou kontan épi sé pou-ou réjoui, pitit fi Siyon, paské min m-ap vini, épi m-ap abité nan mitan-ou, sé sa Granmèt la di.

Kantik

Iz 40, 10-17

Bon gadyin-an : Bondié ki anlè nèt la é ki konn tout bagay nèt la
Min m-ap vini, tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin (Ap 22, 12).

¹⁰ Min Granmèt Bondié-a k-ap vini ak fòs, *
épi bra-l ap kòmandé :

min pri travay li avèk li, *

épi rékonpans li dévan-l.

- 11 Tankou yon gadyin ap okipé bann mouton-l, †
 nan bra-l l-ap rasanblé mouton yo,
 épi nan dé bral-l l-ap lévé yo ; *
 sa-k plinn yo, li minm minm l-ap poté yo.
- 12 Kilès ki té méziré dlo yo ak ponyin li,
 épi ki té dispozé sièl yo ak pla min-l, †
 ki té kinbé pousiè tè-a nan barik,
 ki té pézé mòn yo nan balans, *
 ak ti rotè yo nan plato balans ?
- 13 Kilès ki té dirijé éspri Granmèt la ? *
 Oubyin kilès ki té konn fè-l ouè désizion pou-l pran ?
- 14 Kot ki moun li t-ap pran konsèy, ki pou té instrui-l, *
 ki pou té aprann li santié jijman,
 ki pou aprann li sians *
 épi fè-l ouè chémin bon désizion ?
- 15 Min nasion yo tankou yon gout dlo ki sot nan yon so, †
 tankou yon ti pousiè, sé sa yo vo sou balans ; *
 min zilé yo tankou yon ti kras pousiè.
- 16 Liban-an pap kont pou fè difé, *
 bèt li yo pap kont pou sakrifis antié.
- 17 Tout nasion yo kòm pa égzisté dévan-l ; *
 tankou anyin, sé vid, sé sa yo vo pou li.

Kantik

Iz 42, 10-16

Kantik osijè Bondié ki ranpòté viktoua épi ki sovè

Y-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan (Ap 14, 3).

- 10 Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la, *
 sé pou louanj li vîn sot nan bout tè-a ;
 † sa k-ap désann sou lanmè-a ak sa ki plin-l nan, *
 zilé yo ak sa-k abité nan yo,
- 11 Sé pou dézè-a ak vil li yo fété, *
 lakou yo koté Kédar abité-a.
 Sé pou pousé rèl fèt, sa-k abité Pétra yo, *
 sou tèt mòn yo, sé pou yo pousé rèl.
- 12 Sé pou yo mété gloua pou Granmèt la, *
 pou yo anonsé louanj li nan zilé yo.
- 13 Granmèt la ap sòti tankou vanyan-sòlda, *
 tankou gason k-ap fè lagè, l-ap éksité jalouzi-l ;
 l-ap pousé rèl li, li fè voual-l éklaté, *
 sou ènmi-l yo li ranpòté viktoua.
- 14 « Mouin té toujou pé bouch mouin, mouin té fè silans,
 mouin té pran pasians ; †
 tankou sa k-ap akouché, mouin t-ap pousé rèl piké, *
 mouin t-ap plinn, mouin t-ap grondé an minm tan.
- 15 M-ap fè mòn yo ak ti roté yo vîn dézè, *
 m-ap fè tout zèb yo séché ;
 m-ap fè riviè yo tounin zilé, *

m-ap fè ma dlo yo vîn sèch.

- ¹⁶ M-ap kondui avèg yo sou rout yo pa konnin, *
 nan santié yo pa-t konnin, m-ap fè yo maché ;
 m-ap fè fènoua tounin limiè dévan jé yo, *
 m-ap fè sa-k tòdé yo vîn douat ».

Kantik

Iz 49, 7-13

Palintèmediè sèvitè-l la Granmèt la rachté pèp la

Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li (1 Jnn 4, 9).

- ⁷ Min paròl Granmèt la,
 rédanmtè Israèl la, Sin-l nan, †
 pou sa-a yo méprizé-a,
 pou sa-a nasion yo rayi-a, *
 pou ésklav mèt yo :
 « Roua yo ap gadé, y-ap kanpé ansanm, *
 pitit roua yo tou, y-ap adoré,
 poutèt Granmèt la ki fidèl, *
 Sin Israèl la ki chouazi-ou la ».
- ⁸ Min sa Granmèt la di : †
 « Nan tan favè-a mouin kouté-ou, *
 nan jou pou sovè-a mouin poté-ou sékou ;
 mouin protéjé-ou, mouin instalé-ou kòm aliens pèp la, *
 pou-ou mét péyi-a kanpé,
 pou-ou posédé éritaj ki gayé yo ;

- 9 pou-ou di sa yo ki nan prizon yo : “Sòti”, *
 épi sa ki nan fènoua yo : “Parèt”.
- Sou rout yo, y-ap jouinn manjé, *
 nan tout ti rotè ki té dékalé
 y-ap jouinn jadin manjé yo-a ;
- 10 yo pap grangou, yo pap souaf, *
 chalè oubyin solèy la pap frapé yo,
 paské sa-a k-ap kondui yo-a, li pran pitié, *
 l-ap minnin yo nan sous dlo yo.
- 11 M-ap fè tout mòn mouin yo vîn tounin rout, *
 santié-m yo ap drésé.
- 12 Min sa yo ap vîn sot louin, †
 min dèt k-ap vîn sot nan nò ak réjion lanmè-a, *
 dèt minm ankò sot nan péyi Sinim ».
- 13 Fè louanj, sièl yo, fété tè-a ; *
 fè louanj éklaté, mòn yo,
 paské Granmèt la konsolé pèp li-a, *
 li pran pitié pou pòv li yo.

Apré sa yo li Évanjil osijè Rézireksion-an :

ÉVANJIL YO

PRÉMIÉ DIMANCH AVAN

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 1-12

Pouki sa n-ap chèché vivan-an avèk mò yo ?

¹ Prémie jou sémèn nan, granmatin, médam yo rivé nan kavo-a, yo poté pomad yo té paré yo. ² Yo jouinn ròch la ki roulé sot nan kavo-a. ³ Yo antré, yo pa jouinn kò Granmèt la. ⁴ Rivé, pandan yo rét sézi nan éspri yo pou bagay sa-a, gin dé mésié ki kanpé bò koté yo ak rad kléré. ⁵ Kòm médam yo té pè, yo té bésé fas yo atè, mésié yo di yo : « Pouki sa n-ap chèché vivan-an avèk mò yo ? ⁶ Li pa isit la, li résisité. Sonjé ki kalité paròl li té di nou, lè-l té nan Galilé toujou-a, ⁷ lè-l té di : “Pitit moun nan, yo gin pou yo rinnèt li nan min péchè yo, y-ap klouré-l sou koua, sou touazièm jou-a l-ap lévé” ». ⁸ Yo vîn sonjé paròl li yo. ⁹ Yo soti kité kavo-a, yo anonsé tout bagay sa yo bay onz yo ak tout lòt yo. ¹⁰ Sé té Mari Madlèn, ak Jàn, ak Mari, manman Jak, ak lòt médam yo ki té avèk yo, yo di Apot yo bagay sa yo. ¹¹ Min paròl sa yo, pou yo minm té tankou kozé ki pa gin sans, yo pa kouè yo. ¹² Piè minm lévé, li kouri al nan kavo-a, li panché, li ouè moso toual yo pou kont yo, li tounin antan-l sézi anndan kè-l pou sa-k rivé-a.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 121.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

DÉZIÈM DIMANCH AVAN

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-35

Rét avèk nou, paské asouè rivé

¹³ Té gin dé nan disip Jézu yo t-apralé pròp jou sa-a nan yon vil ki té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. ¹⁴ Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé yo. ¹⁵ Rivé, pandan y-ap fè konvèsasyon épi y-ap chèché antré yo, Jézu minm antan-l proche, t-ap maché avèk yo. ¹⁶ Jé yo minm té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li. ¹⁷ Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a ? ». Épi yo kanpé tou tris. ¹⁸ Antan youn yo rélé Kléofas pran laparòl, li di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa-t konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? ». ¹⁹ Li di yo : « Ki bagay ? ». Yo di-l : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. ²⁰ Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinmèt li nan kondanasyon lanmò, épi yo klouré-l sou koua. ²¹ Kanta nou minm nou té éspéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; min koulié-a sou tout bagay sa yo, jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé. ²² Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, ²³ antan yo pa jouinn kò-l, yo vini antan y-ap di yo ouè ata vizion anj yo ki di li vivan. ²⁴ Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; kanta li minm minm yo pa ouè li ».

²⁵ Épi li minm li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè pou nou koué nan tou sa Profèt yo té palé yo ! ²⁶ Èské sé pa bagay sa yo Kris la té gin pou-l té soufri, épi antré nan gloua-l la ? ». ²⁷ Antan li kòmansé apati Moyiz ak tout Profèt yo, li t-ap éspliké yo nan tout sa-k Ékri yo sa-k té

konsèné-l. ²⁸ Yo proché bò vil la koté yo t-apralé-a, li minm li té fè kòm si l-apral pi louin, ²⁹ yo té fòsè-l, antan y-ap di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré pou-l rété avèk yo. ³⁰ Épi rivé pandan li té lonjé kò-l avèk yo-a, li té pran pin, li té béni, li té kasé, li t-ap ba yo. ³¹ Jé yo té vîn louvri, yo té rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo. ³² Youn té di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé ak nou sou chémin-an, épi li t-ap éspliké nou sa-k Ékri yo ? ». ³³ Antan yo lévé minm lè-a, yo té tounin Jérusalem. Yo té jouinn Onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, ³⁴ yo t-ap di : « Granmèt la té résisité vrèman épi li té parèt dévan Simon ». ³⁵ Yo minm minm yo t-ap rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, épi kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 186.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

TOUAZIÈM DIMANCH AVAN

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 35-53

Sé konsa Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo

Lè sa-a : ³⁵ Disip yo t-ap rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, épi kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

³⁶ Pandan y-ap palé bagay sa yo, Jézu kanpé nan mitan yo, li di yo : « Lapè pou nou ». ³⁷ Yo troublé, yo sézi, yo té konprann sé yon éspri yo

té ouè-a. ³⁸ Li di yo : « Pouki sa nou troublé-a, ak pansé sa yo k-ap monté nan kè nou-an ? ³⁹ Gadé min-m yo ak pié-m yo, sé mouin minm minm ; touché pou nou ouè ; yon éspri pa gin chè ak zo, jan nou ouè mouin ginyin-an ». ⁴⁰ Pandan l-ap di sa, li montré yo min yo ak pié yo. ⁴¹ Yo pa-t ko kouè, yo té sézi ak kontantman, li di : « Èské nou gin kichòy pou manjé isit la ? ». ⁴² Yo ofri-l yon moso pouason griyé ak yon gato mièl. ⁴³ Li manjé dévan yo.

⁴⁴ Li di yo : « Sé paròl sa yo mouin té palé nou-an, lè-m té avèk nou toujou-a, li té nésésè pou tou sa-k ékri sou mouin nan laloua Moyiz la ni profèt yo ni psòm yo, pou yo té réalizé ». ⁴⁵ Lè sa-a li louvri intélijans yo, pou yo konprann sa-k ékri yo. ⁴⁶ Li di yo : « Sé konsa sa té ékri, Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, ⁴⁷ pou yo préché pénitans nan non-l ak padon péché yo nan tout nasion, kòmansé sou Jérusalèm. ⁴⁸ Nou minm nou témouin bagay sa yo. ⁴⁹ Mouin minm m-ap voyé promès Papa-m nan nan nou ; kanta nou minm rété nan vil la, joutan nou abiyé ak puisans ki sot anro-a ».

⁵⁰ Li kondui yo nan diréksion Bétani ; antan li lévé min-l, li béni yo. ⁵¹ Rivé, pandan l-ap béni yo, li pati sot koté yo épi yo poté-l nan sièl la. ⁵² Yo minm antan y-ap adoré yo tounin Jérusalèm avèk anpil kè kontan ; ⁵³ yo té tout tan nan Tanp la, antan y-ap béni Bondié.

IMN Te Deum, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 253.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KATRIYÈM DIMANCH AVAN

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 1-18

Li té gin pou-l té résisité sot nan pami mò yo

¹ Prémie jou sémèn nan, Mari Madlèn rivé granmatin, nan kavou-a, pandan té fénoua toujou ; li ouè ròch la lèvé sot nan kavou-a. ² Li kouri vîn kot Simon Piè ak lòt disip la, sa Jézu té rinmin-an, li di yo : « Yo lèvé Granmèt la sot nan kavou-a, nou pa konnin koté yo dépozé-l ». ³ Piè soti, ni lòt disip sa-a, yo rivé kot kavou-a. ⁴ Yo t-ap kouri yo toulédé ansanm, lòt disip sa-a té kouri pi vit pasé Piè, li rivé an prémie nan kavou-a. ⁵ Lè-l panché, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a ; min li pa antré. ⁶ Simon ki t-ap suiv li vîn rivé tou, li antré nan kavou-a, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a, ⁷ ak mouchoua-a ki té sou tèt li-a, min ki pa-t pozé avèk bann toual yo, min li té vlopé apa nan minm koté-a. ⁸ Lè sa-a atò lòt disip sa-a antré, li minm ki té vîn an prémie nan kavou-a, li ouè, li kouè. ⁹ Sèké yo pa-t ko konnin sa-k ékri yo, li té gin pou-l té résisité sot nan pami mò yo. ¹⁰ Konsa disip yo rétownin lakay yo ankò.

¹¹ Mari té kanpé bò kavou-a, sou pa déyò, li t-ap kriyé. Pandan l-ap kriyé, li panché, li gadé anndan kavou-a. ¹² Li ouè dé Anj an blan ki chita, youn bò tèt la ak lòt la bò pié yo, koté yo té pozé kò Jézu-a. ¹³ Yo di-l : « Madanm, pouki sa ou-ap kriyé ? ». Li di yo : « Sé paské yo pran Granmèt mouin-an, mouin pa konnin koté yo mété-l ». ¹⁴ Pandan l-ap di sa, li viré gadé dèyè, li ouè Jézu kanpé ; min li pa-t konnin sé té Jézu. ¹⁵ Jézu di-l : « Madanm, poukisa ou-ap kriyé ? Kilès ou-ap chèché ? ». Li minm antan-l konprann sé jéran jadin-an, li di li : « Mèt, si sé ou-k té ouété-l, di-m koté-ou té dépozé-l ; épi mouin minm m-a pran-l ». ¹⁶ Jézu di-l : « Mari ! » Li viré, li di-l : « Rabouni (sa vlé di Mèt) ! » ¹⁷ Jézu di-l :

« Koulié-a pa kinbé-m ; mouin pa ko monté kot Papa-m. Min al kot frè-m yo, di yo : “M-ap monté kot Papa-m ak Papa nou-an, Bondié-m nan ak Bondié nou-an” ». ¹⁸ Mari Madlèn rivé, li anonsé disip yo : « Mouin té ouè Granmèt la ! », épitou sé bagay sa yo li té di-l.

IMN Te Deum, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 314.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òdinè-a.

TAN NÉSANS GRANMÈT LA

KANTIK YO

Réfrin yo

Nan Nésans Granmèt la épi dézièm dimanch apré Nésans la : Y-ap rélé non-l Émmanuèl, sa vlé di: « Bondié-avèk-nou ».

Nan fèt Sint Famiy nan : Réyèlman vré, ou sé Bondié ki kaché, Bondié Israèl, Sovè.

Nan solanité sint Mari Manman Bondié : Ala yon manman ki té réspèktab épi yon vièj ki té anfanté sé Mari, li minm ki té gin pitit nan vant san kontaminasion épi ki té anfanté Sovè-a san doulè.

Nan Épifani Granmèt la : Jodi-a sou tè-a jèn fi-a anfanté Bondié sièl la pou nou, li minm maj yo adoré, li minm yo ofri kado; nou tout an nou mét ajénou dévan sa-a ki rachté nou-an.

Nan Batèm Granmèt la : Rivière Jourdin-an té kinbé kò-l, lè Granmèt la té antré ladan-l nan, dlo-a té tranblé, nouvo kréasion-an lévé sot nan riviè-a, kréasion sa-a ki kléré tout sièk tan-an.

Kantik

Iz 26, 1-4. 7-9. 12

Kantik après viktoua sou ènmi yo

Miray vil la gin douz fondasion (Cf. Ap 21, 14).

- ¹ Vil fò nou-an ap sové nou ;
li té mété miray ak avan-miray.
- ² Ouvri pòt yo, épi l-ap antré nasion kòrèk la, *
sa k-ap kinbé vérité-a.
- ³ Projè li-a solid ; *
ou-ap kinbé lapè-a,
paské nan ou li té éspéré.
- ⁴ Sé pou nou éspéré nan Granmèt la pou sièk tout tan yo,
Granmèt la ki blòk ròch tout tan-an.
- ⁷ Santié moun ki kòrèk la, li douat ; *
ou égalizé rout douat moun ki kòrèk la.
- ⁸ Nan rout jijman-ou yo, Granmèt, nou té éspéré nan ou ; *
sé non-ou ak souvni-ou nanm nou anvi.
- ⁹ Nanm mouin anvi-ou nan nuit, *
min tou anndan fon kè-m ak éspri mouin m-ap chèché-ou.
Lè-ou fè jijman-ou yo kléré sou tè-a, *
moun yo ki abité fas tè-a aprann jistis.

- ¹² Granmèt, ou-ap ba nou lapè ; *
paské tout aksion nou yo, sé ou minm ki fè yo pou nou.

Kantik

Iz 40, 1-8

Osiyè vini Granmèt la ap vini-an

Paròl Granmèt la diré pou tout tan. Sa-a sé paròl la yo té anonsé nou-an (1 Piè 1, 25).

- ¹ Konsolé, konsolé, pèp mouin, *
sé Bondié nou-an ki di sa.
- ² Palé ak kè Jérusalèm,
épi ankourajé-l, †
paské méchansté-l la fîn disparèt, *
fot li-a éfasé ;
li fîn résévoua doub nan min Granmèt la *
pou tout péché-l yo.
- ³ Voua moun nan k-ap rélé-a : †
« Nan dézè-a paré chémin Granmèt la, *
drésé santié Bondié nou yo
nan tè ki pa gin anyin-an.
- ⁴ Tout tè-fon ap lévé, *
épi tout mòn ak bit tè ap bésé ;
épi sa-k krochi yo ap vîn douat, *
sa-k gin trou yo ap vîn tounin chémin égalizé :
- ⁵ épi gras Granmèt la ap révélé, *

épi tout chè ap ouè ansanm
sé bouch Granmèt la ki té palé ».

- ⁶ Voua sa-a k-ap di-a : « Rélé ! ». *
Épi mouin di : « Ki sa pou-m rélé-a ? ».
Tout chè sé zèb, *
épi tout gloua-l tankou flè jadin ;
- ⁷ zèb la séché, épi flè-a tonbé, *
paské Éspri Granmèt la soufflé nan li.
Réyèlman sé zèb pèp la yé. †
- ⁸ Zèb la séché, épi flè-a tonbé ; *
paròl Granmèt nou-an minm diré pou tout tan.

Kantik

Iz 66, 10-14 a

Konsolasion ak kè kontan nan vil ki sin-an

Lòt la minm, Jérusalèm ki anlè-a, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹⁰ Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm, fété nan li, *
nou tout ki rinmin-l ;
fè kè nou kontan anpil, *
nou tout ki té pran lapinn sou li,
- ¹¹ pou nou bouè lèt kont kò nou *
nan sin-l k-ap ba nou konsolasion,
pou nou sousé lèt ak délikatès k-ap koulé an kantité *
nan tout kalité gloua li.
- ¹² Sèké sé sa Granmèt la di : †
« Min m-ap fè tankou yon riviè lapè vidé sou li, *

tankou yon ravîn k-ap débòdé, gloua nasion yo sou li.

N-ap sousé lèt, y-ap poté nou sou koté, *

y-ap karésé nou sou jénou.

¹³ Tankou yon ti moun manman-l ap konsolé, †

konsa mouin minm m-ap konsolé nou ; *

épi n-ap konsolé nan Jérusalèm.

¹⁴ N-ap gadé, kè nou ap kontan, *

zo nou ap jèmin tankou zèb ».

Apré sa yo li Évanjil la :

25 désanm

NAN NÉSANS GRANMÈT LA

Évanjil la, tankou nan Mès pou vijil la, soua fòm long la : Mt 1, 1-25, soua fòm kout la : Mt 1, 18-25.

Dimanch anndan oktav Nésans Grammèt la

NAN FÈT SINT FAMIY LA

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 19-31

Apré ui jou Jézu vini

¹⁹ Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan, pòt yo té fèmin, koté disip yo té yé-a, poutèt yo té pè Juif yo, Jézu té vini, li té kanpé nan

mitan, li di yo : « Lapè pou nou ! ». ²⁰ Lè-l té fin di sa, li té montré yo min yo ak bò kòt la. Disip yo minm té kontan, lè yo ouè Granmèt la. ²¹ Li té di yo donk yon lòt foua ankò : « Lapè pou nou ! Minm jan Papa-a té voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou ». ²² Lè-l té fin di sa, li té soufflé sou yo épi li di yo : « Résévoua Éspri-Sin-an. ²³ Moun yo n-ap rinnèt péché pa yo, yo rinnèt pou yo, moun yo n-ap kinbé yo, yo kinbé ».

²⁴ Toma, youn nan Douz yo, sa yo rélé Didim nan, li pa-t avèk yo lè Jézu té vini-an. ²⁵ Lòt disip yo minm t-ap di-l : « Nou té ouè Granmèt la ! ». Li minm minm li té di yo : « Si-m pa ouè mak klou yo nan min-l yo, si-m pa mété douèt mouin nan plas klou yo, si-m pa mété min-m nan kòt li, mouin pap kouè ».

²⁶ Apré ui jou, disip li yo té anndan ankò, Toma té avèk yo. Jézu vini antan pòt yo té fèmin, li té kanpé nan mitan, li té di : « Lapè pou nou ! ». ²⁷ Apré sa, li di Toma : « Mété douèt ou isit, gadé min-m yo, lonjé min-ou, mété-l nan kòt mouin : sispann manké lafoua, sé pou-ou kouè ! ». ²⁸ Toma réponn, li té di-l : « Granmèt mouin ak Bondié mouin ! » ²⁹ Jézu di-l : « Paské ou té ouè-m, Toma, ou té kouè. Ala kontantman pou moun ki pa-t ouè, min ki té kouè ! ».

³⁰ Jézu té fè anpil lòt sign ankò dévan disip li yo, yo pa-t ékri nan liv sa-a. ³¹ Sa yo, yo té ékri yo, pou nou kouè Jézu sé Kris Pitit Bondié, épi pou antan nou kouè-a, nou gin lavi o non-l.

Oubyin Évanjil fèt la, sa yo pap li ané sa-a nan Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 451.

Konklizyon Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

Prémié janvié

NAN SOLANITÉ SINT MARI MANMAN BONDIÉ

Évanjil nan Komin T. S. Vièj Mari, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 511.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

DÉZIÈM DIMANCH APRÉ NÉSANS GRANMÈT LA

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

21, 1-14

Jézu vini, li pran pin-an, li ba yo épi pouason-an tou

Lè sa-a : ¹ Jézu té parèt ankò dévan disip yo bò lanmè Tibériad la. Li té parèt minm konsa. ² Té gin ansanm Simon Piè ak Toma, sa yo rélé Didim nan, ak Natanaèl, ki té moun Kana Galilé-a, ak pitit Zébédé yo ak dé lòt nan disip li yo. ³ Simon Piè di yo : « M-apral lapèch ». Yo di-l : « N-ap vini nou minm tou avèk ou ». Yo té soti, yo té monté nan batiman-an, min nan nuit sa-a yo pa-t pran anyin.

⁴ Lè matin minm déja rivé, Jézu té kanpé sou bò lanmè-a ; min disip yo pa-t konnin sé té Jézu. ⁵ Jézu minm di yo : « Timoun yo, èské nou gin kichòy pou manjé ? ». Yo té réponn li : « Non ». ⁶ Li minm minm li té di yo : « Voyé filè-a adouat batiman-an, n-a jouinn ». Yo té voyé-l donk, épi yo pa-t kapab rédi-l monté akòz kantité pouason yo. ⁷ Disip Jézu té rinmin-an minm di Piè : « Sé Granmèt la ! ». Simon Piè minm, lè-l té

tandé sé Granmèt la, li pasé yon rad nan rin-l, – sèké li té nu-kò –, épi li lagé kò-l nan lanmè. ⁸ Lòt disip yo minm rivé nan batiman-an – réyèlman yo pa-t louin tè-a, min apèprè désan koudé –, y-ap ralé filè pouason yo.

⁹ Lè yo té désann atè-a minm, yo ouè chabon difé ki pozé, épi yon pouason ki pozé sou yo ansanm ak pin. ¹⁰ Jézu di yo : « Poté nan pouason yo nou sot pran koulié-a ». ¹¹ Simon Piè minm té monté, épi li té rédi filè-a monté vîn sou tè-a plin ak gro pouason, san-sinkant-toua. Épi malgré yo té anpil la, filè-a pa chiré. ¹² Jézu di yo : « Vîn manjé ». Min pèsonn nan disip yo pa-t ozé pozé-l késion : « Ou minm kilès ou yé ? », antan yo konnin sé Granmèt la.

¹³ Jézu vini, li pran pin-an, li ba yo épi pouason-an tou. ¹⁴ Sa-a déja sé touazièm foua Jézu té parèt dévan disip li yo, lè-l té résisité sot nan pami mò yo.

IMN Te Deum, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 531.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

6 janvié

NAN ÉPIFANI GRANMÈT LA

Évanjil la, tankou nan Mès jou Nésans Granmèt la : Jan 1, 1-18, oubyin si yo vlé nan Mès dézièm dimanch nan « kouran ané-a », ané C : Jan 2, 1-12.

IMN Te Deum, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 594.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

 Dimanch ki rivé apré 6 janvié

NAN BATÈM GRANMÈT LA

Léktu sint Évanjil la dapré Matié

28, 1-10. 16-20

Li résisité sot pami mò yo, min li pran dévan nou nan Galilé

¹ Nan asouè apré saba-a, nan klèté premié jou sémèn nan, Mari Madlèn ak lòt Mari-a vîn gadé kavo-a. ² Té vîn gin yon gran tranbléman-tè : réyèlman Anj Granmèt la désann sot nan sièl la, li rivé, li roulé ròch la, li chita sou li. ³ Aparans li té tankou zèklè, rad li té blan tankou lanèj. ⁴ Gad yo tèlman sézi dévan-l, yo té tranblé, yo vîn tankou moun mouri. ⁵ Anj la minm pran laparòl, li di médam yo : « Pa pè, nou minm ; mouin konnin sé Jézu ki té klouré sou koua-a n-ap chèché. ⁶ Li pa isit la : li résisité réyèlman, jan-l té di-a. Vini, n-a ouè plas koté yo té dépozé-l la ; ⁷ épi pati byin vit al di disip li yo : “Li résisité sot pami mò yo, min li pran dévan nou nan Galilé ; sé la n-a ouè-l”. Min mouin avèti nou ». ⁸ Yo minm yo pati byin vit sot nan kavo-a, ak sézisman ak gran kè kontan, yo té kouri al pot nouvèl bay disip li yo.

⁹ Min Jézu vîn rankontré yo, li di : « Salu ». Yo minm yo té proché, yo té kinbé pié-l, yo té adoré-l. ¹⁰ Lè sa-a atò, Jézu té di yo : « Pa pè ; alé, anonsé frè-m yo, pou y-al nan Galilé, sé la y-a ouè-m ».

¹⁶ Onz disip yo té pati, y-al nan Galilé, sou mòn nan koté Jézu té ba yo lòd pou yo alé-a. ¹⁷ Lè yo ouè Jézu, yo té mét ajénou ; min kèk nan yo t-ap douté. ¹⁸ Jézu minm antan-l proché, li té palé avèk onz disip yo, antan-l di : « Yo rinmèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a. ¹⁹ Alé, donk,

anségné tout nasion yo antan nou batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an,²⁰ antan nou aprann yo obsèvé tou sa mouin té kòmandé nou. Min mouin avèk nou touléjou, jous longè tan-an fîn rivé bout li ».

Oubyin Évanjil fèt la, sa yo pa li ané sa-a nan Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 679.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

PRÒP POU SIN YO

8 désanm

NAN IMAKILÉ KONSÉPSION

SINT VIÈJ MARI

Réf. Mouin salué-ou, roz paradi-a, ou-minm k-ap boujonnin nan gras Bondié-a; mouin salué-ou, épouz ki anbéli avèk bijou annò; mouin salué-ou, ou minm ki fè Bondié plézi plis pasé lajoua kè kontan anj yo ba li-a.

Kantik yo, tankou nan Komin T. S. Vièj Mari, 1696.

Évanjil la nan Komin-an, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 1242.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN YO

Nan dédikas yon légliz ak nan Komin Sin yo, yo pran Évanjil la sot nan sa yo pa li nan Mès la.

KOMIN DÉDIKAS YON LÉGLIZ

Réf. Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, sa-ou té bati pou louanj ak gloua non-ou nan, Granmèt, alélouya.

Kantik

Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b

Aksion-d-gras pou libérasion pèp la

Li montré-m vil ki sin-an Jérusalèm... ki gin klété Bondié-a (Ap 21, 10-11).

- ⁸ Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, *
nou tout, fè louanj grandè-l.
Òganizé jou fèt, *
fè louanj pou li.
- ⁹ Jérusalèm vil ki sin-an, *
li té frapé-ou poutèt aksion min-ou yo.
- ¹⁰ Fè déklarasion pou Granmèt la nan byin aksion *
épi béni Roua sièk yo,
pou tant li-a kapab tounin vîn rébati nan ou avèk kè kontan, *
pou-l fè tout égzilé yo kontan nan ou,

pou-l rinmin tout maléré yo nan ou *
pou tout sièk sièk yo.

- ¹¹ Yon bèl limiè ap kléré *
nan tout kouin tè-a ;
anpil nasyon ap soti byin louin vîn koté-ou, †
ni moun ki abité tout bout tè-a,
y-ap vîn dévan non sin ou-a *
y-ap gin kado nan min yo pou roua sièl la.
Pou jénérasyon ak jénérasyon y-ap ba-ou kè kontan, *
non dam yo chouazi-a ap pou sièk sièk yo.
- ¹³ Lè sa-a sé pou kontan sé pou fété poutèt pitit moun ki kòrèk yo, †
paské yo tout ap rasanblé, *
y-ap béni Granmèt la pou tout tan-an.
- ¹⁴ Sé chans pou moun ki rinmin-ou yo, *
sé chans pou sa yo k-ap kontan nan lapè-ou la.
- ¹⁵ Nanm mouin, béni Granmèt la, gran roua-a, *
- ¹⁶ paské nan Jérusalèm y-ap bati tankou yon vil
kay li-a *
pou tout sièk yo.

Kantik

Iz 2, 2-3

Mòn kay Granmèt la anlè tèt mòn yo

Tout nasyon yo ap vini, y-ap adoré nan fas ou (Ap 15, 4).

- ² Ap rivé nan dènié jou yo, *
mòn kay Granmèt la ap paré anlè tèt mòn yo,

épi l-ap lévé anlè ti mòn yo, *
tout nasyon yo ap koulé vîn jouinn li.

- ³ Anpil pèp ap vini épi y-ap di : †
« Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, *
ak nan kay Bondié Jakòb la,
l-ap aprann nou chémin-l yo, *
n-ap maché nan santié-l yo » ;
paské sé nan Siyon laloua-a ap soti, *
épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.

Kantik

Jér 7, 2-7

Lamantasion pèp la nan tan grangou ak lagè

Al rékonsilié avèk frè-ou la anvan ; aprè sa ou-a vini, ou-a ofri kado-ou la (Mt 5, 24).

- ² Kouté paròl Granmèt la, tout moun Juda, *
k-ap antré nan pòt sa yo,
pou nou adoré Granmèt la.
- ³ Min paròl Granmèt lamé yo, Bondié Israèl la : †
Fè rout nou yo ak travay nou yo vîn bon, *
m-ap fè nou abité nan koté sa-a.
- ⁴ Pa mét konfians nan paròl manti, antan n-ap di : *
« Tanp Granmèt la, tanp Granmèt la,
tanp Granmèt la ki la ! ».
- ⁵ Paské si nou dirijé rout nou yo byin *
ansanm ak kalkil nou yo,

- si nou fè jijman ant moun nan avèk prochin-l, *
- 6 si nou pa fè kalomni sou étranjé-a, òfélin-an ak vèv la,
si nou pa vidé san inosan nan koté sa-a, *
- si nou pa maché dèyè dié étranjé yo,
pou malè pa rivé nou,
- 7 m-ap fè nou abité nan koté sa-a, *
nan tè-a mouin té bay papa nou yo
dépi tout tan jous pou tout tan-an.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 1325.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN SINT VIÈJ MARI

Réf. Fè kè-ou kontan, Vièj Mari, ou minm ki té mérité poté Kris la, li minm ki té kréyé sièl la ak tè-a, paské ou té bay tè-a Sovè-a, alélouya.

Jou 8 désanm : Réf. Mouin salué-ou, roz paradi-a, ou-minm k-ap boujonnin nan gras Bondié-a; mouin salué-ou, épouz ki anbéli avèk bijou annò; mouin salué-ou, ou minm ki fè Bondié plézi plis pasé lajoua kè kontan anj yo ba li-a.

Kantik

Iz 61, 10 - 62, 3

Rèl fèt profèt la osijè nouvo Jérusalèm nan

Mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a... ki abiyé tankou yon fi k-ap marié ki anbéli pou mari-l (Cf. Ap 21, 2).

- ^{61,10} Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la, *
 nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,
 paské li abiyé-m ak rad ki sovè-m nan, *
 li vlopé-m nan manto jistis la,
 tankou yon mesié k-ap marié dékoré ak kouròn, *
 épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.
- ¹¹ Réyèlman, minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, †
 minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, *
 sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
 ni louanj la tou dévan tout nasion yo.
- ^{62,1} Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, *
 épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil,
 joutan moun jistis li-a soti tankou klèté, *
 épi sovè-l la kléré tankou lanp.
- ² Nasion yo ap ouè jistis ou-a *
 épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la ;
 y-ap rélé-ou ak yon non nouvo, *
 sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.
- ³ Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, *
 yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.

Kantik

Iz 62, 4-7

Gloua nouvo Jérusalèm nan

Min tant Bondié-a avèk moun yo ! L-ap abité avèk yo (Ap 21, 3).

- ⁴ Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò, *
 yo pap rélé tè-ou la « Dézolé » ankò ;
 min y-ap rélé-ou « Bòn volonté-m nan li », *
 épi tè-ou la « Sa yo marié avèk li-a »,
 paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou, *
 épi tè-ou la ap madan marié.
- ⁵ Sèké minm jan yon jèn gason chouazi yon vièj pou-l marié, *
 sé konsa pitit ou yo ap chouazi-ou ;
 minm jan épou-a ap kontan poutèt épouz la, *
 sé konsa Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.
- ⁶ Sou miray ou yo, Jérusalèm, mouin instalé santinèl ; *
 Tout lajounin, tout lannuit, yo pap janm sispann palé.
 Nou minm k-ap fè sonjé Granmèt la, pa sispann palé, †
- ⁷ pa kité-l an silans non plis tou, *
 joustan li rébati Jérusalèm,
 joustan li fè-l vîn tounin louanj tè-a.

Kantik

Sir 39, 17-21

Ala gran travay ou yo gran, Granmèt !

Gras a Dié, li minm k-ap montré pafin lodè konésans li-a pa lintèmediè nou (2 Kor 2, 14).

- 17 Kouté mouin, pitit ki gin respè yo, *
 épi tankou roz ki planté sou bò dlo yo
 chè nou ap fléri ;
- 18 tankou boua liban sé pou nou gin odè agréab, *
 19 sé pou nou donnin flè tankou lis.
 Lévè voua nou chanté louanj kantik *
 di dibyin pou Granmèt la
 nan tout travay li yo.
- 20 Bay non-l grandè †
 épi fè déklarasion pou li nan louanj li, *
 nan kantik po-bouch nou avèk sitar ;
 épi konsa n-a di nan louanj la : *
- 21 « Tout travay Granmèt yo, yo bon anpil ».

Réf. Fè kè-ou kontan, Vièj Mari, ou minm ki té mérité poté Kris la, li minm ki té kréyé sièl la ak tè-a, paské ou té bay tè-a Sovè-a, alélouya.

Jou 8 désanm : Réf. Mouin salué-ou, roz paradi-a, ou-minm k-ap boujonnin nan gras Bondié-a; mouin salué-ou, épouz ki anbéli avèk bijou annò; mouin salué-ou, ou minm ki fè Bondié plézi plis pasé lajoua kè kontan anj yo ba li-a.

Évanjil la nan Komin-an, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN APOT YO

Réf. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, paské non nou yo ékri nan sièl yo, sé sa Grammèt la di.

Kantik

Iz 61, 6-9

Alians Grammèt la avèk sèvitè-l yo

Bondié fè nou kapab vîn sèvitè nouvo Alians la (2 Kor 3, 6).

- ⁶ Nou minm y-ap rélé nou Prèt Grammèt la, *
 y-ap di nou Sèvitè Bondié nou-an ;
 n-ap manjé richès nasion yo, *
 n-ap pran plas yo nan gloua yo-a.
- ⁷ Nan plas doub laront yo-a ak dézonè-a, *
 y-ap fè louanj pòsion pa-l la ;
 sé pousa sé dé pòsion éritaj y-ap résévoua nan péyi yo-a, *
 sé kè kontan tout tan k-ap pou yo.
- ⁸ Paské mouin minm Grammèt la ki rinmin jijman-an, *
 mouin rayi piyaj ak méchansté ;
 m-ap ba yo rézilta travay yo nan vérité, *
 m-ap passé yon aliens tout tan avèk yo.
- ⁹ Y-ap rékonèt désandans yo nan nasion yo, *
 ak sémans yo nan mitan pèp yo ;
 tout moun k-ap ouè yo ap rékonèt yo, *
 paské yo sé désandans Grammèt la béni.

Kantik

Saj 3, 7-9

Gloua moun kòrèk yo ap ginyin-an

Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy nan péyi-roua Papa yo-a (Mt 13, 43).

- ⁷ Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré,*
tankou étinsèl nan pay, y-ap kouri ;
- ⁸ y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo, *
Granmèt yo-a ap kòmandé kòm roua pou tout tan.
- ⁹ Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a, *
moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an,
paské gras ak mizérikòd pou sin-l yo, *
vizit la pou moun li chouazi yo.

Kantik

Saj 10, 17-21

Bondié gid pèp li-a pou-l sové

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la y-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an (Ap 15, 2. 3).

- ¹⁷ Bondié té rinmèt bay sin yo rékonpans fatig yo, *
li té kondui yo nan rout mèvèy,
li té sèvi yo kòm voual pandan lajounin, *
kòm limiè zétoual yo pandan lannuit.
- ¹⁸ Li té fè yo travèsé nan lanmè Rouj la, *
li té kondui yo nan dlo ki anpil la ;

- ¹⁹ ènmi yo minm, li té nouayé yo, *
épi sot nan profondè bafon-an li té fè yo monté.
- ²⁰ Sé poua sa-k kòrèk yo té pran richès méchan yo †
épi yo té chanté kantik pou non ou ki sin an, Granmèt, *
min-ou ki ranpòté viktoua-a,
yo té fè louanj li yo tout ansanm,
- ²¹ paské sajès la té louvri bouch sa-k pa-t ka palé yo *
épi li té fè lang ti moun yo fè bèl déklarasion.

Réf. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, paské non nou yo ékri nan sièl yo, sé sa Granmèt la di.

Évanjil la nan Komin pastè yo, soua, si yo vlé, nan Mès samdi dézièm sémèn tan « nan kouran ané-a » : Mk 3, 13-19.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN MATI YO

I. Pou pliziè mati

Réf. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo, pap gin dèy, ni rèl, ni okinn doulè ankò, paské premié bagay yo pati.

Kantik

Saj 3, 1-6

Nanm moun kòrèk yo sé nan min Bondié yo yé

Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la dépi koulié-a. Oui... sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran (Ap 14, 13).

- ¹ Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé, *
touman lanmò pap touché yo.
- ² Dévan jé moun san sajès yo, yo sanblé yo mouri, *
lè yo pati kité tè sa-a, sa sanblé yon malè,
- ³ lè y-al fè rout yo kité nou, sé kòm si yo péri : *
époutan yo minm yo nan lapè.
- ⁴ Minm si, dévan moun, yo sibi anpil mati, *
éspérans yo-a konblé ak lavi ki pa kapab mouri-a ;
- ⁵ yo jouinn koréksion nan ti kras, nan anpil yo té byin konpòté yo, †
paské Bondié té sondé yo, *
épi li té jouinn yo kòrèk pou li.
- ⁶ Li fè yo bay prèv yo, tankou lò nan difé, *
tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li aksépté yo.

Kantik

Saj 3, 7-9

Gloua moun kòrèk yo ap ginyin-an

Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy nan péyi-roua Papa yo-a (Mt 13, 43).

- ⁷ Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré,*
tankou étinsèl nan pay, y-ap kouri ;

- 8 y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo, *
 Granmèt yo-a ap kòmandé kòm roua pou tout tan.
- 9 Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a, *
 moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an,
 paské gras ak mizérikòd pou sin-l yo, *
 vizit la pou moun li chouazi yo.

Kantik

Saj 10, 17-21

Bondié gid pèp li-a pou-l sové

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la y-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an (Ap 15, 2. 3).

- 17 Bondié té rinmèt bay sin yo rékonpans fatig yo, *
 li té kondui yo nan rout mèvèy,
 li té sèvi yo kòm voual pandan lajounin, *
 kòm limiè zétoual yo pandan lannuit.
- 18 Li té fè yo travèsé nan lanmè Rouj la, *
 li té kondui yo nan dlo ki anpil la ;
- 19 ènmi yo minm, li té nouayé yo, *
 épi sot nan profondè bafon-an li té fè yo monté.
- 20 Sé poussa sa-k kòrèk yo té pran richès méchan yo †
 épi yo té chanté kantik pou non ou ki sin an, Granmèt, *
 min-ou ki ranpòté viktoua-a,
 yo té fè louanj li yo tout ansanm,
- 21 paské sajès la té louvri bouch sa-k pa-t ka palé yo *
 épi li té fè lang ti moun yo fè bèl déklarasion.

Réf. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo, pap gin dèy, ni rèl, ni okinn doulè ankò, paské premié bagay yo pati.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la. Nan fèt Ss. Inosan yo, jou 28 désanm, Évanjil Jan 12, 24-26.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

II. Pou yon sèl mati

Réf. M-ap akonpli nan chè mouin sa-k manké nan soufrans Kris la pou kò-l ki Égliz la.

Kantik yo, tankou pi ba-a.

Évanjil la nan Komin-an, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN YON SÈL OUBYIN PLIZIÈ MÉSIE AK MÉDAM KI SIN

Pou yon mésié ki sin, yon médam ki sin oubyin plizie sin:

Réf. Sé pou rin nou tou maré, épi pou lanp nou limin nan min nou.

Pou yon vièj ki sin :

Réf. Nan mitan nannuit la, yo tandé yon rèl : min Épou-a vini, sòti al rankontré-l.

Kantik

Jér 17, 7-8

Kontantman pou moun ki mét konfians nan Granmèt la

Ala kontantman pou moun ki kouté paròl Bondié-a épi ki kinbé-l (Lk 11, 28).

⁷ Bénédiksion pou moun ki mét konfians nan Granmèt la, *
ki mét éspérans li nan Granmèt la ;

⁸ l-ap tankou yon pié boua yo transplanté sou bò dlo yo, †
ki plonjé rasîn li yo nan fréchè, *
li pap pè lè chalè-a ap rivé :

fèy li ap rét vèt, †
nan tan séchrès la li pap nan tèt chajé, *
li pap janm manké donnin frui.

Kantik

Sir 14, 22 ; 15, 3. 4. 6b

Kontantman moun ki saj la

Sajès la jouinn jistis nan min tout pitit li yo (Lk 7, 35).

^{14,22} Ala kontantman pou moun ki abité nan sajès la †
épi k-ap médité nan jistis la *
épi k-ap réfléchi nan sans li sou konsidérasion Bondié.

- 15.3 L-ap fè-l manjé nan pin lavi-a ak intèlijans la *
 épi sé dlo sajès ki sovè-a y-ap fè-l bouè,
 l-ap rété byin fèm nan li épi li pap balansé, †
 4 l-ap asiré nan li épi li pap ront ; *
 l-ap lévé tèt li pi ro pasé prochin-l yo
 6 épi sé non ki anro nèt la l-ap fè-l éritié *
 Granmèt Bondié nou-an.

Kantik

Sir 31, 8-11

Ala kontantman pou moun ki pa alé dèyè lò

Fè richès ki pap manké nan sièl la (Lk 12, 33).

- 8 Ala kontantman pou moun yo jouinn san tach †
 épi ki pa alé dèyè lò, *
 ni ki pa éspéré nan lajan ak nan trézò.
 9 Kilès sa-a, épi n-ap fè louanj li ? *
 Li té fè mèvèy réyèlman nan pèp li-a.
 10 Kilès yo éséyé ladan-l épi li kòrèk nèt ? *
 L-ap gin gloua tout tan-an.
 Kilès ki té kapab pasé akoté épi li pa pasé akoté, *
 fè mal épi li pa-t fè ?
 11 Sé pou sa byin-l yo ap solid nan Granmèt la, *
 épi charité-l yo
 tout asanblé sin yo ap rékonèt yo.

Pou yon mésié ki sin, yon médam ki sin oubyin pliziè sin:

Réf. Sé pou rin nou tou maré, épi pou lanp nou limin nan min nou.

Pou yon vièj ki sin :

Réf. Nan mitan nannuit la, yo tandé yon rèl : min Épou-a vini, sòti al rankontré-l.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 707. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

II

INTÈSÉSION KI PI KOUT KI KAPAB SÈVI POU VÈP YO

Kalité priyè sa yo ki kout anpil, yo toujou kapab sèvi avèk yo pou Vèp yo si yo vlé, nan plas lòt yo propozé yo. Si gin ka ki prezanté, yo kapab minm ajouté non moun.

Dimanch

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Pran pitié pou pèp ou-a, Granmèt.

Égliz ou-a, konsèvé-l.

Pap nou-an **N.** , protéjé-l.

Évèk nou-an **N.** , édé-l.

Pèp ou-a, sové-l.

Lapè-a, prezèvé-l.

Moun ki pa kouè yo, kléré yo.

Moun k-ap kòmandé pèp yo, dirijé yo.

Pòv yo, soulajé yo.

Sa-k nan tribilasyon yo, konsolé yo.

Òfélin yo, pran pitié pou yo.

Défin yo, poté yo sékou.

Lindi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Vizité pèp ou-a, Grammèt.

Égliz ou-a, konsolidé-l.

Pap nou-an **N.**, konsèvé-l.

Évèk nou-an **N.**, protéjé-l.

Misionè yo, dirijé yo.

Prèt yo, vlopé yo ak jistis.

Rélijié yo, fè yo vîn sin.

Rayisans yo, étinn yo.

Ti moun yo, nourri yo ak lagras ou-a.

Jèn jan yo, fè yo fè progrè nan sajès la.

Moun ki antré nan laj yo, soutni yo épi konsolé yo.

Zanmi nou yo, fè yo favè an kantité.

Défin yo, fè yo antré nan group sin yo.

Madi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Kouté nou, Grammèt.

Égliz ou-a, sonjé-l.

Pap nou-an **N.**, défann li.

Évèk nou-an, **N.**, édé-l.

Vil nou-an, fè-l dévlopé.
 Moun ki fè nou dibyin yo, ba yo rékonpans.
 Moun ki marié yo, kinbé yo nan lapè.
 Moun ki fiancé yo, ba yo konsèy.
 Moun k-ap chèché travay yo, fè yo jouinn.
 Maléré yo, poté yo sékou.
 Moun k-ap sibi pèsékision yo, pran défans yo.
 Tout moun ki pèdi rout yo, fè yo tounin.
 Fè défin yo jouinn glouaé pou tout tan-an.

Mèkrédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
 kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Égliz la, fè-l toujou ap vîn pi jèn.
 Pap nou-an **N.**, plin-l ak kado-ou yo.
 Évèk nou-an **N.**, ba-l konkou.
 Nasion yo, konsèvé yo nan lapè.
 Nan tout kay, sé pou-ou abité.
 Fanmi nou-an, sonjé-l.
 Jistis la, fè-l fè progrè.
 Moun k-ap travay tè-a, fè yo jouinn frui.
 Vouayajè yo, akonpagné yo.
 Travayè yo, asisté yo.
 Vèv yo, poté yo sékou.
 Défin yo, ba yo lavi pou tout tan-an.

Jédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Sé nan ou, Granmèt, nou mét espérans nou.

Égliz la, fè-l toujou ap dévlopé.

Pap nou-an **N.**, ba-l santé.

Évèk nou-an **N.**, kléré-l.

Rélé travayè nan rékòlt ou-a.

Fanmi nou yo, plin yo ak bénédiksion.

Malad yo, géri yo.

Moun k-ap batay kont lanmò yo, vizité yo.

Égzilé yo, fè yo tounin nan péyi yo.

Dézas yo, anpéché yo frapé nou.

Tan-an, fè-l bon.

Lapli-a, réglé-l.

Défin yo, ba yo répo.

Vandrédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Sé nan ou, Granmèt, nou mét konfians nou.

Égliz ou-a, fè-l vîn kòrèk nèt.

Pap nou-an **N.**, protéjé-l.

Évèk nou-an **N.**, soutni-l.

Group Évèk yo, asisté yo.

Moun ki pa gin kay yo, okipé yo.

Moun ki grangou yo, réfè fòs yo.
 Avèg yo, kléré yo.
 Moun ki nan laj yo, konsolé yo.
 Vièj sakré yo, ba yo asirans.
 Juif yo, rélé yo nan nouvo kontra-a.
 Moun k-ap fè laloua yo, ba yo sajès.
 Moun ki gin tantasion yo, ba yo fòs.
 Moun ki mouri yo, ba yo limiè tout tan-an.

Samdi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
 kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Poté pèp ou-a sékou, Granmèt.

Tout moun yo, fè travay Égliz ou-a rasanblé yo.
 Pap nou-an **N.**, ba-l santé.
 Évèk nou-an **N.**, protéjé-l ak bénédikcion-ou.
 Moun ki nan ran prèt yo, kondui yo ak min-ou.
 Layik yo, fè yo vîn sin.
 Travayè yo, okipé yo.
 Rich yo, fè yo sin yon fason kòrèk ak richès yo.
 Moun ki fèb yo, protéjé yo.
 Prizonié yo, délivré yo.
 Tranbléman-d-tè yo, répousé yo louin nou.
 Anba lanmò sibit, présèvé nou.
 Moun ki mouri yo, résévoua yo nan vizion-ou la.

III

**FÒMUL KI KAPAB SÈVI POU FÈ ANTRÉ
NAN PRIYÈ GRANMÈT LA**

- 1 Koulié-a, priyè sa-a Kris Granmèt la té aprann nou-an, nou tout ansanm, an nou di-l : *Papa nou...*
- 2 Priyè nou-an, an nou kontinué-l, antan n-ap mandé pou ringn Bondié-a rivé : *Papa nou...*
- 3 Louanj ak démann nou yo, an nou ramasé yo an rakousi avèk paròl Kris la, antan n-ap di : *Papa nou...*
- 4 Koulié-a louanj ak démann nou yo, an nou asiré yo pa lintèmédiè priyè Granmèt la : *Papa nou...*
- 5 An nou fè louanj Bondié yon lòt foua ankò, an nou priyé-l ak paròl Kris la minm : *Papa nou...*
- 6 **(Pou Kris la)** Sonjé nou, Granmèt, lè ou-a vini nan ringn ou-an; aprann nou lapriyè : *Papa nou*
- 7 Koulié-a, antan nou asosié ak volonté Granmèt nou Jézu-Kri-a, nou gin lodas déklaré : *Papa nou...*
- 8 Koulié-a, kòmandman Granmèt la, antan n-ap réyalizé-l, an nou di : *Papa nou...*
- 9 Antan n-ap suiv modèl priyè-a ki sot nan Kris Granmèt nou-an, an nou di : *Papa nou...*
- 10 Koulié-a, an nou di priyè sa-a Kris la té ban nou kòm modèl tout priyè : *Papa nou...*

IV

FÒMUL BÉNÉDIKSYON

KI KAPAB SÈVI POU LOUANJ YO NAN MATIN AK VÈP YO

Diak la, oubyin, si-l pa la, prèt la minm, di invitasyon-an : Bésé tèt nou pou bédiksyon-an. Apré sa prèt la lonjé min-l sou pèp la, li di bédiksyon-an, antan tout moun réponn : Amèn.

I. Nan sélébrasyon tan litijik yo

1. Nan Avan-an

Bondié ki gin tout pouvoua-a, ki gin mizérikòd la,
li minm nou kouè Sèl Pitit li-a té vini-an, épi n-ap tann li rétonnin-an,
sé pou-l fè nou vîn sin antan-l kléré nou gras a vini Pitit li-a ap vini-an,
épi sé pou-l anrichi nou ak bédiksyon-l.

R: Amèn.

Nan chémin lavi sa-a sé pou-l fè nou rét fèm nan lafoua-a,
sé pou-l ba nou kè kontan ak éspérans la,
sé pou-l fè nou donnin frui nan charité-a.

R: Amèn.

Pou nou minm k-ap réjoui avèk éspri dévoué
poutèt Rédanmtè nou-an vini dapré chè-a,
lè l-a vini dézièm foua-a nan gloua li-a,
nou anrichi ak rékonpans lavi tout tan-an.

R: Amèn.

Epi sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la **✝** ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

2. Nan Nésans Granmèt la

Bondié ki bon san limit la,
li minm ki té chasé ténèb tè-a gras a Pitit li-a ki té pran chè-a,
épi li minm ki fè nuit (jou) sa-a ki sin anpil la kléré gras a mèvèy nésans
li-a,

sé pou-l chasé ténèb vis yo sot nan nou
épi sé pou-l fè kè nou kléré ak limiè bon kalité yo.

R: Amèn.

Épi li minm ki té vlé pou anj li-a anonsé gadyin mouton yo gran kè
kontan nésans li-a ki sovè nou-an,
sé pou li minm li ranpli éspri nou yo avèk kè kontan-l
épi sé pou-l fè nou vîn tounin mésajé Bòn Nouvèl li-a.

R: Amèn.

Épi li minm ki té asosié bagay tè yo avèk sa-k nan sièl yo gras a Pitit li-a
ki pran chè-a,
sé pou-l ranpli nou ak kado lapè li-a épi bòn volonté li-a
épi sé pou-l fè nou vîn asosié avèk Égliz ki nan sièl la.

R: Amèn.

Sé pou bènédiksion Bondié ki gin tout pouvou-a,
Papa-a, ak Pitit la ✝ ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

3. Kòmansman ané-a

Bondié ki sous ak orijîn tout Bénédiksion
sé pou-l fè nou favè gras la,
sé pou-l vidé Bénédiksion-l an kantité
épi sé pou-l protéjé nou atravè tout ané-a an santé, épi san domaj.

R: Amèn.

Sé pou-l konsèvé lafoua nou intak,
sé pou-l ba nou andirans nan éspérans la,
sé pou-l ba nou yon charité ki pèsévéré jouskalafin
avèk pasians ki sin.

R: Amèn.

Sé pou-l dispozé jou nou yo avèk aksion nou yo nan lapè-l,
sé pou-l égzosé priyè nou yo isit la épi tout koté
épi sé pou-l minnin nou ak kè kontan nan lavi pou tout tan-an.

R: Amèn.

Sé pou Bénédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la ✝ ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

4. Nan Épifani Grammèt la

Bondié ki té rélé nou soti nan ténèb yo pou-n antré nan limiè san parèy li-a,
ak bon kè, sé pou-l vidé Bénédiksion-l nan sou nou
épi sé pou-l fè kè nou yo rété fèm nan lafoua-a, éspérans la ak charité-a.

R: Amèn.

Épi poutèt n-ap suiv Kris la ak konfians
li minm ki parèt sou tè-a jodi-a kòm limiè k-ap kléré nan ténèb yo,
sé pou-l fè nou minm tou nou tounin limiè pou frè nou yo.

R: Amèn.

Lè n-a fini pèlerinaj nou,
sé pou-l fè nou rivé jouinn sa maj yo t-ap chèché antan étoual la té maché
dévan yo-a :
ak gran kè kontan yo té jouinn limiè ki sot nan limiè-a,
Kris la, Granmèt la.

R: Amèn.

Sé pou bédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la ✝ ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

II. Nan sélébrasion Sin yo

5. Pou Mari ki sin, ki Vièj

Sé pou Bondié ki té vlé délivré ras lézòm ak bon kè-l
gras a nésans Pitit Mari ki sin, ki vièj la,
aksépté anrichi nou ak bédiksion-l.

R: Amèn.

Sé pou nou toujou santi protéksion-l tout koté,
li minm ki fè nou rivé résévoua lotè lavi-a.

R: Amèn.

Épi nou minm ki rasanblé jodi-a ak santiman dévotion-an
sé pou nou poté alé avèk nou kado kè kontan léspri-a
ak rékonpans sièl la.

R: Amèn.

Sé pou Bénédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la, **✝** ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

6. Pou Apot yo

Bondié ki té fè nou favè instalé nou fèm sou fondasyon Apot yo,
sé pou-l aksépté béni nou
gras a mérit ékstraòdinè priyè Apot **N.** épi **N.** (Apot **N.** ki sin)

R: Amèn.

Sé pou, gras a sékou Apot yo, li fè nou vîn tounin témouin lavérité-a,
li minm ki té vlé ba nou sékou gras a lansègnman yo ak modèl yo.

R: Amèn.

Sé pou gras a lapriyè yo,
nou réyisi rivé nan éritaj patri tout tan-an,
yo minm ki fè nou posédé asirans lafoua-a gras a lansègnman yo-a.

R: Amèn.

Sé pou Bénédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la, **✝** ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

7. Pou tout Sin yo

Sé pou Bondié, gloua ak kè kontan Sin yo,
béni nou ak bédiksyon tout tan-an,
li minm ki té fè nou favè vîn gin fòs gras a intèsésion ékstraòdinè yo.

R: Amèn.

Antan nou délivré anba sa-k mal koulié-a poutèt intèsésion yo,
épi nou instoui ak égzanp konduit ki sin,
sé pou yo jouinn nou toujou okipé nan sèvis Bondié ak frè yo.

R: Amèn.

Konsa, avèk yo tout,
n-a réyisi, nou minm tou, posédé kè kontan patri sa-a
koté Égliz la ki sin-an kontan rasanblé pitit li yo
avèk situayin anro-a nan lapè tout tan-an.

R: Amèn.

Sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

III. Lòt bédiksyon

8. Nan dédikas légliz

Bondié, Granmèt sièl la ak tè-a
ki té vlé rasanblé nou jodi-a nan konsékrasyon kay sa-a,
sé pou-l fè nou plin ak bédiksyon sièl la.

R: Amèn.

Sé pou-l fè nou vîn tounin tanp li-a,
épi kay Éspri Sin-an,
li minm ki té vlé pou tout pitit ki té gayé yo
vîn rasanblé nan Pitit li-a.

R: Amèn.

Antan nou fîn pròp tout bon,
sé pou nou vîn kapab gin Bondié ki abité nan nou,
pou nou posédé éritaj kè kontan tout tan-an
ansanm avèk tout Sin yo.

R: Amèn.

Sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, **+** ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

9. Nan Ofis pou défin yo

Sé pou Bondié tout konsolasyon-an béni nou,
li minm ki té kréyé moun nan avèk bon kè-l yo pa kapab palé-a,
épi ki té bay moun ki kouè yo éspérans y-ap résisité nan rézéréksyon Sèl
Pitit li-a.

R: Amèn.

Nou minm ki vivan-an, sé pou-l padonnin nou dèt pou péché yo,
épi sé pou-l pèmèt tout défin yo rivé koté ki gin limiè ak lapè-a.

R: Amèn,

Sé pou nou tout nou viv ak kè kontan san rété ansanm avèk Kris la,
li minm nou kouè tout bon vré li résisité sot nan pami mò yo.

R: Amèn.

Sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Léspri Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

V

**FÒMUL AKT PÉNITANSIÈL
YO KAPAB ANPLOUAYÉ POU KONPLI-A**

1. **Apré yon ti moman silans, tout moun ansanm di fòmul konfèsion-an :**

Dévan Bondié ki gin tout pouvoua, dévan nou minm tou, frè-m yo,
mouin rékonèt mouin fè anpil péché
nan sa mouin pansé,
nan sa mouin di,
nan sa mouin fè.
Mouin rékonèt tou,
mouin pa fè sa pou-m té fè.

épi, antan yo chak frapé léstomak yo, yo di :

Tou sa, sé fòt mouin, sé fòt mouin, sé fòt mouin vré !

Apré sa yo kontinué :

Sé pou sa, mouin mandé
Mari ki sin é ki toujou rété vièj,
tout zanmi Bondié ki nan sièl,
épi nou minm tou, frè-m yo,
lapriyè Bondié, Granmèt nou-an, pou mouin.

Apré sa, sa k-ap présidè-a bay absolusion-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

2. Oubyin sa k-ap prezidè-a di :

Granmèt nou mandé-ou padon.

Pèp la réponn :

Paské nou koupab anpil.

Sa k-ap prezidè-a :

Fè nou ouè jan ou gin bon kè.

Pèp la :

Vini sovè nou

Apré sa, sa k-ap prezidè-a bay absolusion-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou

Sé pou-l padoné péché nou

pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

3. Oubyin : sa k-ap prezidè-a, oubyin yon lòt ki kapab, déklaré invokasion ki pral suiv yo oubyin lòt avèk Kyrie, eleison :

Jézu Granmèt, ou minm Bondié Papa-a voyé
pou sovè tout moun, pitié pou nou.

Pèp la réponn :

Pitié pou nou.

Prèt la :

Jézu-Kri, ou minm ki vîn sou tè-a,
pou délivré tout péchè, pitié pou nou.

Pèp la :

Pitié pou nou.

Prèt la :

Granmèt nou, ou minm ki chita adouat Papa-a,
pou plédé an favè nou, pitié pou nou,

Pèp la :

Pitié pou nou.

Apré sa, sa k-ap prezidé-a bay absolution-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

GID YO

GID ALFABÉTIK SÉLÉBRASION YO

| | |
|--|------|
| Anbrouaz, évèk é doktè Égliz la, 7 désanm | 1238 |
| André, apot, 30 novanm | 1223 |
| Bazil legran ak Grégoua Nazianz, évèk é doktè Égliz la, 2 janvié | 1314 |
| Damaz, pap, 11 désanm | 1261 |
| Étièn, premié mati, 26 désanm | 1277 |
| Fransoua Gzavié, prèt, 3 désanm | 1231 |
| Grégoua Nazianz ak Bazil legran, évèk é doktè Égliz la, 2 janvié | 1314 |
| Inosan yo, mati, 28 désanm | 1299 |
| Jan, apot é évanjélis, 27 désanm | 1287 |
| Jan Damasèn, prèt é doktè Égliz la, 4 désanm | 1233 |
| Jan de Kénti, prèt, 23 désanm | 1275 |
| Jan de la Koua, prèt é doktè Égliz la, 14 désanm | 1270 |
| Jan Diégo Kouaoutlatoatzin, 9 désanm | 1256 |
| Jézu-Kri, Granmèt nou-an: | |
| — Batèm | 679 |
| — Épifani, (6 janvié) | 594 |
| — Fanmi Jézu, Mari ak Jozèf ki sin-an | 451 |
| — Nésans, 25 désanm | 419 |
| — Trè Sin Non Jézu, 3 janvié | 1317 |
| Lusi, vièj é mati, 13 désanm | 1267 |
| Mari, Trè Sint Vièj: | |
| — Imakilé Konsépsion Sint Vièj Mari, 8 désanm | 1242 |
| — Sint Mari Maman Bondié, 1 janvié | 1314 |
| — Sint Vièj Mari de Gouadaloupé, 12 désanm | 1264 |
| — Sint Vièj Mari de Lorèt, 10 désanm | 1258 |
| Nikola, évèk, 6 désanm | 1236 |
| Piè Kanisius, prèt é doktè Égliz la, 21 désanm | 1272 |
| Rémon de Pényafòr, prèt, 7 janvié | 1320 |
| Silvès, pap, 31 désanm | 1311 |
| Toma Békèt, évèk é mati, 29 désanm | 1308 |

GID IMN YO

| | |
|--|---------------|
| Æterna Christi munera [Ak tout kontantman nan kè nou n-ap chanté] | 1420 |
| Æterne sol, qui lumine [Solèy tout tan-an]..... | 1502 |
| Angularis fundamentum [Fondasyon ròch kouin]..... | 1341 |
| A Patre Unigenite [Sèl Pitit ki soti nan Papa-a] | 679 |
| Aptata, virgo, lampade [Ou minm ki Vièj, avèk lanp ou paré] | 1527 |
| A solis ortus cardine [Dépi sot nan limit kot solèy lévé-a] | 414, 351 |
| Audit tyrannus anxius [Chèf méchan-an gin kè soté lè-l tandé]..... | 1303 |
| Ave, maris stella [Kè kontan sièl la ki sin yo] | 1377 |
| Beata caeli gaudia [Kè kontan sièl la ki sin yo] | 1559 |
| Beate (Beata) martyr, prospera [Mati ki sin sé pou kontan]..... | 1439 |
| Candor aeternae Deitatis alme [Klètè rékonfò Bondié tout tan-an] | 413, 344 |
| Captator olim piscium [Ou minm ki té abitué péché pouason lontan] | 1226 |
| Certum tenentes ordinem [Antan n-ap kinbé lòd ki fiksé-a] | 328, 468 |
| Christe, cunctorum dominator alme | |
| [Ou minm Kris la, k-ap dominé tout bagay yo ak byinvéyans]..... | 1331 |
| Christe, cunctorum sator et redemptor | |
| [Ou minm Kris la, kréatè ak rédanmtè tout moun]..... | 1572 |
| Christe, pastorum caput atque princeps [Ou minm Kris la, tèt épi chèf pasté yo]..... | 1470 |
| Christe, qui, splendor et dies [Ou minm Kris la, klètè ak lajounin] | 324, 728 |
| Christe, redemptor omnium [Ou minm Kris la, rédanmtè tout moun] | 411, 340, 357 |
| Christe, splendor Patris [Kris la, klètè Papa-a] | 456 |
| Christus est vita veniens in orbem [Kris la sé lavi ki vini sou ronnn tè-a] | 1283 |
| Cohors beata Seraphim [Foul Sérafin yo ki sin-an] | 1295 |
| Conditor alme siderum [Ou minm ki kréyé sièl yo, ki antréténi yo] | 113 |
| Corde natus ex Parentis [Sa-a ki gin nésans sot nan kè Papa-a]..... | 511, 421 |
| Deus, tuorum militum [Bondié, éritaj, kouròn]..... | 1431 |
| Dicamus laudes Domino [An nou fè louanj pou Granmèt la] | 329, 469 |
| Doctor aeternus coleris plusque [Anségnan pou tout tan épi ki bon] | 1508 |
| Dulce fit nobis memorare parvum [Sa dous pou nou sonjé ti kay Nazarèt la] | 451 |
| Dulci depromat carmine [Sé yon poèm ki dous pèp la pran] | 1517 |
| Dum sacerdotum celebrant fideles [Antan fidèl yo ap sélébré prèt yo]..... | 1471 |
| Exsultet caelum laudibus [Sièl la ap fété ak louanj]..... | 1385 |
| Festum celebre martyris [Ak fèt kantité foul la, mati Étièn nan] | 1278 |
| Fit porta Christi pervia [Pòt Kris la vîn louvri]..... | 523 |
| Fortem piumque praesulem [Chèf sa-a ki fò-a épi ki bon-an]..... | 1240 |
| Fortem virili pectore [Madam nan ki gin fòs kouraj la] | 1571 |

| | |
|---|---------------|
| Gaudentes festum colimus [Antan nou kontan n-ap pran souin fété]..... | 1518 |
| Haec femina laudabilis [Madam nan, sa yo kapab fè louanj li-a]..... | 1579 |
| Hae feminae laudabiles [Médam yo, sa yo kapab fè louanj yo-a]..... | 1580 |
| Hi sacerdotes Domini sacriati [Prèt Granmèt yo, yo minm ki viv pou Bondié nè] | 1489 |
| Hostis Herodes impie [Eròd, ènmi méchan] | 589, 490 |
| Hymnum canentes martyrum [Antan n-ap chanté imm] | 1299 |
| Iesu, corona celsior [Jézu, kouròn ki pi ro pasé sièl la]..... | 1558 |
| Iesu, corona virginum [Jézu, kouròn vièj yo]..... | 1511 |
| Iesu, redemptor omnium [Jézu, rédanmèt tout moun yo]..... | 1538, 1227 |
| Iesus refusit omnium [Jézu té kléré tout moun] | 692 |
| Immensae rex potentiae [Roua ki gin pouvoua yo pa kapab méziré-a]..... | 1663 |
| Implente munus debitum [Antan l-ap ranpli fonksion li doué fè-a] | 682, 548 |
| Inclitos Christi famulos canamus | |
| [N-ap chanté louanj sèvitè Kris la ki san parèy yo]..... | 1539 |
| Inclitus rector pater atque prudens | |
| [Papa ki kondui nou yon jan ékstraòdinè, ki gin sajès] | 1488 |
| In plausu grati carminis [Ak bravo chanté ki fè plézi] | 1250 |
| Laeti colentes famulum [Antan n-ap fété sèvitè sa-a ak kè kontan]..... | 1601 |
| Magi videntes parvulum [Antan Maj yo ouè ti pitit la]..... | 590, 475 |
| Magnis prophetae vocibus [Ak gran voua yo profèt yo anonsé]..... | 327 |
| Maria, quae mortalium [Mari, ou minm ki sèvi ak tout rinmin ki nan kè-ou]..... | 1354 |
| Martyr Dei, qui (quae) unicum [Mati Bondié, ou minm ki trionfé] | 1450 |
| Nobilem Christi famulam diserta [Avèk bèl voua an nou chanté] | 1587 |
| Nobiles Christi famulas diserta [Avèk bèl voua an nou chanté] | 1588 |
| Nunc, Sancte, nobis, Spiritus [Koulié-a, Sint-Éspri]..... | 117, 416 |
| O castitatis signifer [Chèf moun ki rété vièj yo] | 1450 |
| O Christe, flos convallium [Ou minm Kris la, flè tè fon yo]..... | 1440 |
| O gloriosa domina [Ou minm Rèn ki nan gloua-a] | 1372 |
| O lux beata caelitem [Limière kontantman sa-k nan sièl yo]..... | 447, 373 |
| O redemptoris pietas colenda [Ala bon kè rédanmptè-a yo doué fété-a]..... | 1606 |
| O sempiternae curiae [Yo minm prins konsèy pou tout tan] | 1390 |
| Praeclara custos virginum [Ou minm k-ap protèjé vièj yo yon fason ékstraòdinè]..... | 1242 |
| Quem terra, pontus, aethera [Li minm tè-a, lanmè-a, lè-a]..... | 1361 |
| Quicumque Christum quaeritis [Nou tout k-ap chèché Kris la] | 592, 471, 484 |
| Qui lacrimatus Lazarum [Ou minm dlo té koulé nan jé-ou pou Lazar]..... | 1657 |
| Qui vivis ante saecula [Ou minm ki vivan anvan sièk yo] | 1631 |
| Radix Iesse floruit [Rasîn Jésé-a té fléri] | 514 |
| Rector potens, verax Deus [Chèf puisan, vré Bondié] | 118, 416 |

| | |
|---|---------------|
| Rerum, Deus, tenax vigor [Bondié, fòs solid bagay yo]..... | 119, 417 |
| Rex gloriose martyrum [Ou minm roua mati yo ki nan gloua-a] | 1411 |
| Sacrata nobis gaudia [Chak ané jou sa-a tounin]..... | 1462 |
| Sanctorum meritis inclita gaudia [Antan nou asosié ak mérit sin yo] | 1405 |
| Te Deum laudamus [Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou] | 707 |
| Te dicimus praeconio [N-ap anonsé-ou avèk louanj la] | 1245 |
| Te lucis ante terminum [Ou minm anvan finisman limiè-a]..... | 114, 412, 727 |
| Ternis horarum terminis [Touazièm pòsion lè yo déroulé] | 330, 470 |
| Urbs Ierusalem beata [Vil Jérusalèm ki sin-an] | 1346 |
| Veni, redemptor gentium [Vini, rédanmtè nasion yo]..... | 325 |
| Verbum salutis omnium [Paròl ki sové tout moun yo]..... | 323 |
| Verbum supernum prodiens [Paròl anlè-a k-ap avansé-a]..... | 115 |
| Vir celse, forma fulgida [Moun ki nan sièl la, modèl kalité ki byin kléré]..... | 1461 |
| Virginis Proles opifexque Matris [Pitit Vièj la, ou minm ki fè Manman-ou]..... | 1432 |
| Virginis virgo venerande custos [Ou minm vièj gadyin Vièj la yo doué vénéré-a]..... | 1287 |
| Vox clara ecce intonat [Voua klè-a min l-ap éklaté] | 116 |

GID PSÒM YO

| | |
|--|----------------------------------|
| 1 Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo..... | 740 |
| 2 Pouki sa nasion yo ap boulvésé..... | 424, 741, 1412, 1441 |
| 3 Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ?..... | 742 |
| 4 Lè-m té rélé ou té kouté-m, Bondié jistis mouin..... | 1188 |
| 5, 2-10. 12-13 Kouté paròl mouin yo ak zòrèy ou, Granmèt..... | 760 |
| 6 Granmèt, pa réproché-m nan mové san-ou..... | 756 |
| 7 Granmèt Bondié-m, nan ou mouin espéré..... | 765 |
| 8 Granmèt, Granmèt nou..... | 957 |
| 9 A (9) M-ap fè déklarasyon pou ou, Granmèt ak tout kè-m..... | 757 |
| 9 B (10) Pouki sa, Granmèt, ou kanpé byin louin..... | 771 |
| 10 (11) Sé nan Granmèt la mouin kaché kò-m; kòman nou fè di-m..... | 767, 1443 |
| 11 (12) Sové-m, Granmèt, paské sin disparèt..... | 773 |
| 12 (13) Jouskilè Granmèt, ou-ap bliyé-m pou jous lafin ?..... | 781 |
| 13 (14) Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié »..... | 782 |
| 14 (15) Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ?..... | 768, 1494, 1565 |
| 15 (16) Prézèvé-m, Bondié..... | 847, 1205 |
| 16 (17) Kouté jistis mouin, Granmèt..... | 796, 1444 |
| 17 (18), 2-30 Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin..... | 787 |
| 17 (18), 31-51 Bondié, rout li san tach..... | 802 |
| 18 (19) A Sièl yo ap rakonté gloua Bondié..... | 426, 876, 1288, 1391, 1519, 1581 |
| 18 B (19 B) Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm..... | 436, 764 |
| 19 (20) Sé pou Granmèt la réponn ou, jou tray la..... | 783 |
| 20 (21), 2-8. 14 Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou..... | 784, 1472, 1546 |
| 21 (22) Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m nan ?..... | 1057 |
| 22 (23) Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m..... | 861, 1090 |
| 23 (24) Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l..... | 516, 775, 1081, 1332, 1362 |
| 24 (25) Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin..... | 810 |
| 25 (26) Jijé-m, Granmèt..... | 827 |
| 26 (27) Granmèt la sé klètè-m, sé sa-k sové-m nan..... | 798 |
| 27 (28), 1-3. 6-9 Sé koté-ou, Granmèt, mouin rélé..... | 828 |
| 28 (29) Poté bay Granmèt la, pitit Bondié yo..... | 683, 762 |
| 29 (30) M-ap lévé-ou anlè, Granmèt, paské ou té délivré-m..... | 813 |
| 30 (31), 2-17.20-25 Sé nan ou, Granmèt, mouin espéré..... | 870, 1202 |
| 30 (31), 2-6 Sé nan ou, Granmèt, mouin té espéré..... | 871, 872 |
| 31 (32) Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li..... | 814 |
| 32 (33) Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo..... | 778, 1413, 1415 |

| | |
|---|---------------------------------|
| 33 (34) M-ap béni Granmèt la nan tout tan | 843 |
| 34 (35), 1-2. 3c. 9-19. 22-23. 27-28 Granmèt, jijé sa k-ap jijé-m yo..... | 818 |
| 35 (36) Méchansté-a palé tou ba ak péchè-a nan mitan kè-l | 791 |
| 36 (37) Pa éksité kont méchan yo | 885 |
| 37 (38) Granmèt, pa fè-m éksplikasyon nan kòlè-ou | 934 |
| 38 (39) Mouin té di : « M-ap véyé sou rout mouin yo... » | 901 |
| 39 (40), 2-14.17-18 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la | 878, 880, 1633, 1634 |
| 40 (41) Ala kontantman pou mouin ki fè atansyon pòv la | 830 |
| 41 (42) Tankou yon sèf anvi al nan sous dlo yo | 874, 1635 |
| 42 (43) Jijé-m, Bondié | 890 |
| 43 (44) Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé..... | 918 |
| 44 (45) Yon bon paròl monté sot nan kè-m..... | 427, 881, 882, 1520, 1581, 1583 |
| 45 (46) Bondié sé kachèt nou ak fòs nou | 470, 831, 1363, 1348 |
| 46 (47) Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo | 437, 613, 793 |
| 47 (48) Granmèt la gran, li mérité anpil louanj | 438, 808 |
| 48 (49) Kouté sa, tout nasion yo | 897, 898 |
| 49 (50) Bondié dié yo Granmèt la palé | 982 |
| 50 (51) Pitié pou mouin, Bondié..... | 821, 937, 1052, 1648 |
| 51 (52) Kijan pou fè louanj pròp tèt ou pou méchansté-a | 903 |
| 52 (53) Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié »..... | 895 |
| 53 (54), 3-6. 8-9 Bondié, o non-ou sové-m..... | 895 |
| 54 (55), 2-15. 17-24 Bondié, panché zòrèy ou nan lapriyé-m nan | 910, 911 |
| 55 (56), 2-7b. 9-14 Pitié pou mouin, Bondié, paské moun nan ap foulé-m anba pié | 927 |
| 56 (57) Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin..... | 805, 928 |
| 58 (59), 2-5. 10-11. 17-18 Délivré-m sot nan min ènmi-m yo, Bondié mouin..... | 943 |
| 59 (60) Bondié, ou té réjé nou, ou té détoui nou | 944 |
| 60 (61) Kouté démann mouin, Bondié..... | 960 |
| 61 (62) Sé nan Bondié sèlman pou-ou répozé, nanm mouin | 913 |
| 62 (63), 2-9 Bondié, sé Bondié-m ou yé | 744 |
| 63 (64) Bondié, kouté voua-m k-ap plinn | 960, 1289, 1392 |
| 64 (65) Ou mérité kantik, Bondié, nan Siyon..... | 892 |
| 65 (66) Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a | 685, 686, 1082, 1084 |
| 66 (67) Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou | 915, 1005 |
| 67 (68) Bondié lévé, sé pou ènmi-l yo gayé..... | 998 |
| 68 (69), 2-22.30-37 Sové-m, Bondié | 1048 |
| 69 (70) Bondié, tanpri vîn édé mouin | 1024, 1658 |
| 70 (71) Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré | 991 |
| 71 (72) Bondié, bay roua-a jijman-ou | 473, 599, 930, 931 |

| | |
|--|-----------------------------|
| 72 (73) Ala bon Bondié bon pou sa ki douat yo..... | 1097 |
| 73 (74) Poukisa, Bondié, ou té réjité jouskalafin | 1008 |
| 74 (75) N-ap fè déklarasion pou ou, Bondié | 1025 |
| 75 (76) Yo rékonèt Bondié nan Juda..... | 862, 863, 1091, 1092 |
| 76 (77) Ak voua-m kot Bondié, mouin té rélé | 905 |
| 77 (78), 1-39 Pèp mouin, konsidéré ansègnman-m nan | 1160 |
| 77 (78), 40-72 Konbyin foua, yo té provoké-l nan dézè-a | 1176 |
| 78 (79), 1-5. 8-11. 13 Bondié, nasion yo té rivé nan éritaj ou-a..... | 1040 |
| 79 (80) Ou minm k-ap kondui Israèl, fè atansion..... | 921, 1041 |
| 80 (81) Fété pou Bondié sékou nou | 924 |
| 81 (82) Bondié kanpé nan réyinion Bondié-a | 1106 |
| 83 (84) Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo ! | 985, 1333 |
| 84 (85) Ou jouinn jousans ou, Granmèt, nan tè-ou la | 484, 1003, 1659 |
| 85 (86) Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m..... | 1018, 1195, 1660 |
| 85 (86), 1-10 Panché zòrèy ou, Granmèt | 614 |
| 86 (87) Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo..... | 517, 1035, 1364, 1334 |
| 87 (88) Granmèt, Bondié sovè mouin | 1122, 1123, 1208 |
| 88 (89), 2-38 Mizérikòd Granmèt la sé tout tan m-ap chanté yo..... | 1014 |
| 88 (89), 2-30 Mizérikòd Granmèt la | 486, 1014, 1016 |
| 88 (89), 39-53 Époutan, ou té réjité, ou té méprizé..... | 1031, 1032 |
| 89 (90) Granmèt, ou sèvi nou kachèt | 1033 |
| 90 (91) Moun ki abité nan protéksion Sa-a ki anro nèt la | 1192 |
| 91 (92) Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la | 954, 1473, 1474, 1548; 1180 |
| 92 (93) Granmèt la roua ! Li vlopé ak bèlté | 970 |
| 93 (94) Ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, Granmèt | 1138 |
| 94 (95) Vini, an nou fété pou Granmèt la | 704 |
| 95 (96) Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo | 499, 601, 988 |
| 96 (97) Granmèt la roua ! Tè-a ap fété..... | 501, 603, 908, 1393 |
| 97 (98) Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, paské | 502, 615, 1022 |
| 98 (99) Granmèt la roua ! Pèp yo ap frisonnin | 518, 1038, 1290 |
| 99 (100) Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a | 825, 1056 |
| 100 (101) M-ap chanté mizérikòd ak jijman-an | 1117 |
| 101 (102) Granmèt, kouté priyè-m..... | 1113 |
| 102 (103) Béni Granmèt la, nanm mouin..... | 1129 |
| 103 (104) Béni Granmèt la, nanm mouin..... | 851 |
| 104 (105) Fè déklarasion pou Granmèt la, rélé non-l..... | 834 |
| 105 (106) Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon..... | 949 |
| 106 (107) Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon..... | 1065 |

| | |
|--|--|
| 107 (108) Kè-m paré, Bondié | 1132 |
| 109 (110), 1-5. 7 Granmèt la té di Granmèt mouin-an | 441, 618, 752, 864, 978, 1093 |
| 110 (111) M-ap fè déklarasion pou Granmèt la ak tout kè-m | 979 |
| 111 (112) Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la | 619, 1094, 1495, 1565 |
| 112 (113) Fè louanj, ti moun Granmèt la | 419, 962, 1355, 1463, 1512, 1540, 1572 |
| 113 A (114) Lè Israël t-ap kité Éjip la | 753 |
| 113 B (115) Sé pa nou minm, Granmèt, sé pa nou minm | 865 |
| 114 (116 A) Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté..... | 945, 1426, 1455 |
| 115 (116 B) Mouin té gin konfians, minm lè-m di..... | 963, 1400, 1427, 1456 |
| 116 (117) Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo | 841, 1386 |
| 117 (118) Fè déklarasion pou Granmèt la | 749, 750, 856, 1406, 1433, 1433, 1434 |
| 118, I (119), 1-8 Ala kontantman pou moun ki san tach nan chemin-an..... | 780 |
| 118, II (119), 9-16 Kòman pou yon jènòm kapab nèt nan chemin-l ?..... | 795 |
| 118, III (119), 17-24 Fè sèvitè-ou dibyin, épi m-a viv | 810 |
| 118, IV (119), 25-32 Nanm mouin kolé nan pousiè-a..... | 826 |
| 118, V (119), 33-40 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt | 842 |
| 118, VI (119), 41-48 Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt | 878 |
| 118 VII (119), 49-56 Sonjé paròl ou-a ou bay sèvitè-ou la..... | 894 |
| 118, VIII (119), 57-64 Pòsion pa-m, Granmèt | 910 |
| 118, IX (119), 65-72 Ou té fè sèvitè-ou dibyin, Granmèt | 926 |
| 118, X (119), 73-80 Min-ou yo fè-m, yo fòmé-m | 942 |
| 118, XI (119), 81-88 Nanm mouin rivé jous nan bout nan sovè ou sovè-m nan | 959 |
| 118, XII (119), 89-96 Pou tout tan, Granmèt | 990 |
| 118, XIII (119), 97-104 Sé pa ti kras rinmin mouin rinmin laloua-ou la, Granmèt..... | 1007 |
| 118, XIV (119), 105-112 Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a..... | 846 |
| 118, XV (119), 113-120 Mouin té rayi sa-k gin kè doub yo | 1039 |
| 118, XVI (119), 121-128 Mouin té fè jijman ak jistis..... | 1073 |
| 118, XVII (119), 129-136 Témouagnaj ou yo ékstraòdinè | 1106 |
| 118, XVIII (119), 134-144 Ou kòrèk, Granmèt | 1121 |
| 118, XIX (119), 145-152 Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt | 839 |
| 118, XX (119), 153-160 Gadé jan-m rabésé, dégajé-m..... | 1153 |
| 118, XXI (119), 161-168 Chèf yo té pèsékité-m san rézon..... | 1170 |
| 118, XXII (119), 159-176 Sé pou priyè-m nan proché | 1184 |
| 119 (120) Lè-m nan tribilasyon, mouin té rélé kot Granmèt la | 1107, 1212 |
| 120 (121) M-ap lévé jé-m nan mòn yo..... | 946, 1213, 1665 |
| 121 (122) Mouin kontan, lè yo té di-m | 1077, 1378, 1213, 1349, 1532, 1593 |
| 122 (123) Koté-ou mouin té lévé jé-m yo | 994, 1214 |
| 123 (124) Si Granmèt la pa-t nan nou | 995, 1215 |

| | |
|--|--|
| 124 (125) Moun yo ki mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon..... | 1010, 1216 |
| 125 (126) Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an..... | 1027, 1217 |
| 126 (127) Si Granmèt la pa bati kay la..... | 1028, 1380, 1218, 1401, 1533, 1594 |
| 127 (128) Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la | 1154, 1218 |
| 128 (129) Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn | 1154 |
| 129 (130) Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt | 442, 1078, 1203, 1666 |
| 130 (131) Granmèt, kè-m pa gonflé | 1011 |
| 131 (132) Sonjé David, Granmèt | 1044 |
| 132 (133) Gadé kijan sa bon, kijan sa fè plézi | 1170 |
| 133 (134) Gadé, béni Granmèt la | 1189 |
| 134 (135) Fè louanj pou non Granmèt la | 1061, 1062 |
| 134 (135), 1-12 Fè louanj pou non Granmèt la | 594, 596 |
| 135 (136) Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon | 1109 |
| 136 (137), 1-6 Sou bò gran riviè Babilòn yo..... | 1124 |
| 137 (138) M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt, ak tout kè-m | 1126 |
| 138 (139), 1-18, 23-24 Granmèt, ou té sondé-m, ou té konnin-m..... | 1140 |
| 139 (140), 2-9, 13-14 Délivré-m, Granmèt, sot anba moun méchan-an..... | 1171 |
| 140 (141), 1-9 Granmèt, mouin rélé koté-ou, fè vit vîn koté-m | 735 |
| 141 (142) Avèk voua-m kot Granmèt la mouin rélé | 737 |
| 142 (143), 1-11 Granmèt, kouté priyé-m | 1149, 1199 |
| 143 (144) Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an | 1156 |
| 143 (144), 1-10 Li béni, Granmèt la | 1120 |
| 144 (145) M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua | 966 |
| 145 (146) Fè louanj Granmèt la, nanm mouin | 1135, 1541, 1652 |
| 146 (147 A) Fè louanj Granmèt la, paské sa bon pou yo chanté... .. | 1151, 1325 |
| 147 (147 B) Fè louanj Granmèt la Jérusalèm..... | 420, 940, 1326, 1356, 1387, 1513, 1573 |
| 148 Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo | 973 |
| 149 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; louanj li..... | 747 |
| 150 Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a..... | 860, 1089, 1653 |

GID KANTIK YO

| | |
|--|------------|
| AT 1 Égz 15, 1-4 b. 8-13. 17-18 An nou chanté pou Granmèt la | 839 |
| AT 2 Dèt 32, 1-12 Kouté, sièl yo, m-apral palé..... | 956 |
| AT 3 1 Sam 2, 1-10 Kè-m té fété nan Granmèt la | 907 |
| AT 4 1 Kr 29, 10-13 Ou béni, Granmèt Bondié Israël, papa nou | 762 |
| AT 5 Tob 13, 2-8 Li béni, Bondié ki vivan pou tout tan-an..... | 776 |
| AT 6 Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo | 1167, 1693 |
| AT 7 Jdt 16, 1-2. 13-15 Bay signal chanté pou Bondié-m nan sou tanbou yo | 792 |
| AT 8 Prov 6, 1-6. 10-12 Sajès la té bati kay li | |
| AT 9a Saj 3, 1-6 Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé | 1703 |
| AT 9b Saj 3, 7-9 Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré..... | 1701, 1703 |
| AT 10 Saj 9, 1-6. 9-11 Bondié papa mouin yo ak Granmèt mizérikòd la | 1071 |
| AT 11 Saj 10, 17-21 Bondié té rinnèt bay sin yo rékonpans fatig yo | 1701, 1704 |
| AT 12 Saj 16, 20-21. 26 ; 17, 1a Sé ak manjé Anj yo ou nourri pèp ou a | |
| AT 13 Sir 14, 22 ; 15, 3. 4. 6b Ala kontantman pou moun ki abité nan sajès la | 1706 |
| AT 14 Sir 31, 8-11 Ala kontantman pou moun yo jouinn san tach..... | 1707 |
| AT 15 Sir 36, 1-7. 13-16 Pran pitié pou nou, Bondié tout bagay, voyé jé gadé nou..... | 875 |
| AT 15b Sir 36, 14-19 Pran pitié pou pèp ou-a | |
| AT 16 Sir 39, 17-21 Kouté mouin, pitit ki gin respè yo | 1698 |
| AT 17 Iz 2, 2-5 Ap rivé nan dènié jou yo | 987 |
| AT 17 Iz 2, 2-3 Ap rivé nan dènié jou yo | 1694 |
| AT 18 Iz 9, 1-6 Pèp ki t-ap maché nan fènoua yo | |
| AT 19 Iz 12, 1-6 M-ap fè déklarasyon pou ou, Granmèt | 923 |
| AT 20 Iz 26, 1-4. 7-9. 12 Vil fò nou-an ap sové nou | 1004, 1683 |
| AT 21 Iz 33, 2-10 Granmèt, pran pitié pou nou, nan ou nou té espéré | |
| AT 22 Iz 33, 13-16 Kouté, nou minm ki louin yo, sa mouin té fè | 1020 |
| AT 23 Iz 38, 10-14. 17-20 Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo | 890, 1650 |
| AT 24 Iz 40, 1-8 Konsolé, konsolé, pèp mouin | 1684 |
| AT 25 Iz 40, 10-17 Min Granmèt Bondié-a k-ap vini ak fòs..... | 1036, 1672 |
| AT 26 Iz 42, 10-16 Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la | 1102, 1674 |
| AT 27 Iz 45, 15-25 Réyèlman vré, ou sé yon Bondié ki kaché..... | 823 |
| AT 28 Iz 49, 7-13 Min paròl Granmèt la | 1675 |
| AT 29 Iz 61, 6-9 Nou minm y-ap rélé nou Prèt Granmèt la..... | 1700 |
| AT 30 Iz 61, 10 - 62, 5 Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la | 1134, 1697 |
| AT 31 Iz 62, 4-7 Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò | 1698 |
| AT 31b Iz 63, 1-5 Kilès sa-a k-ap vîn sot nan Édòm nan | |

| | |
|---|--|
| AT 32 Iz 66, 10-14 a Sé pou nou réjouï avèk Jérusalèm, fété nan li | 1150, 1685 |
| AT 33 Jér 7, 2-7 Kouté paròl Granmèt la, tout moun Juda | 1695 |
| AT 34 Jér 14, 17-21 Jé-m yo ap koulé dlo..... | 1054 |
| AT 35 Jér 17, 7-8 Bénédiksion pou moun ki mét konfians nan Granmèt la | 1706 |
| AT 36 Jér 31, 10-14 Kouté paròl Granmèt la, nasion yo | 807 |
| AT 37 Lam 5, 1-7. 15-21 Sonjé, Granmèt, sa-k té rivé nou | |
| AT 38 Éz 36, 24-28 M-ap pran nou sot nan nasion yo | 1182 |
| AT 39 Dan 3, 26. 27. 29. 34-41 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo | 1118 |
| AT 40 Dan 3, 52-57 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo | 859, 1088 |
| AT 41 Dan 3, 57-88. 56 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la | 745, 971 |
| AT 42 Oz 6, 1-6 Vini, an nou tounin kot Granmèt la | |
| AT 43 Abak 3, 2-4. 13 a. 15-19 Granmèt, mouin té tandé sa y-ap di sou ou | 939 |
| AT 44 Sof 3, 8-13 Tann mouin, sé sa Granmèt la di | |
| NT 1 Lk 1, 46-55 Nanm mouin ap chanté | 724 |
| NT 2 Lk 1, 68-79 Li béni, Granmèt Bondié Israël la | 718 |
| NT 3 Lk 2, 29-32 Koulié-a, Granmèt, ou mèl kite sèvitè-ou la pati | 1190 |
| NT 4 Éféz 1, 3-10 Li béni, Bondié | 769, 883, 996, 1111, 1357, 1380, 1388, 1402, 1466, 1514, 1534, 1542, 1574, 1595 |
| NT 5 Fil 2, 6-11 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié | 421, 738, 849, 964, 1079, 1667 |
| NT 6 Cf. Kol 1, 12-20 N-ap di Bondié Papa-a mèsì | 443, 800, 916, 1029 |
| NT 7 Cf. 1 Tim 3, 16 Li minm ki té manifésté-a nan chè-a | 597 |
| NT 8 1 Piè 2, 21-24 Kris la tou té soufri pou nou | 1408, 1436 |
| NT 9 Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou | 785, 899, 1012, 1428, 1458 |
| NT 10 Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a N-ap di ou mèsì | 816, 932, 1046 |
| NT 11 Ap 15, 3-4 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo | 621, 832, 947, 1064, 1496, 1567 |
| NT 12 Cf. Ap 19, 1-2. 5-7 Alélouya. Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an..... | 754, 868, 980, 1095, 1327, 1350 |

GID LÉKTU BIBLIK LONG YO

* Gid la mété nan prémié lis la (I) léktu ki pi long yo, nan dézièm nan minm sa-k pi kout yo (II).

I

A. T.

| | |
|----------------------------|------|
| Égz 1, 8-16. 22..... | 1301 |
| 1 Kr 17, 1-15..... | 1365 |
| Prov 31, 10-31 | 1584 |
| Saj 3, 1-15..... | 1416 |
| Saj 5, 1-15 | 1549 |
| Saj 7, 7-16. 22-30..... | 1503 |
| Sir 51, 7-17 | 1445 |
| Iz 1, 1-18..... | 124 |
| Iz 1, 21-27; 2, 1-5..... | 136 |
| Iz 2, 6-22; 4, 2-6..... | 145 |
| Iz 5, 1-7..... | 154 |
| Iz 11, 1-10..... | 429 |
| Iz 16, 1-5; 17, 4-8..... | 162 |
| Iz 19, 16-25..... | 171 |
| Iz 21, 6-12..... | 179 |
| Iz 22, 8-23..... | 189 |
| Iz 24, 1-18..... | 200 |
| Iz 24, 19 — 25, 5 | 210 |
| Iz 25, 6 — 26, 6 | 218 |
| Iz 26, 7-21 | 227 |
| Iz 27, 1-13..... | 237 |
| Iz 29, 1-8..... | 246 |
| Iz 29, 13-24..... | 256 |
| Iz 30, 18-26..... | 268 |
| Iz 30, 27-33; 31, 4-9..... | 277 |
| Iz 31, 1-3; 32, 1-8..... | 287 |

| | |
|--------------------------------|----------|
| Iz 32, 15 - 33, 6..... | 295 |
| Iz 33, 7-24..... | 304 |
| Iz 42, 1-8..... | 573 |
| Iz 42, 1-9; 49, 1-9..... | 687 |
| Iz 45, 1-13..... | 334 |
| Iz 46, 1-13..... | 344 |
| Iz 47, 1. 3b-15..... | 353 |
| Iz 48, 1-11..... | 363 |
| Iz 48, 12-21; 49, 9b-13..... | 372 |
| Iz 49, 14 — 50, 1..... | 382 |
| Iz 51, 1-11..... | 392 |
| Iz 51, 17 — 52, 1-2. 7-10..... | 402 |
| Iz 60, 1-22..... | 604 |
| Iz 61, 1-11..... | 581, 624 |
| Iz 62, 1-12..... | 634 |
| Iz 63, 7-19..... | 644 |
| Iz 63, 19 — 64, 11..... | 653 |
| Iz 65, 13-25..... | 662 |
| Iz 66, 10-14. 18-23..... | 671 |

N. T.

| | |
|---------------------------------------|------------|
| Mt 28, 1-10. 16-20..... | 1690 |
| Lk 24, 1-12..... | 1677 |
| Lk 24, 13-35..... | 1678 |
| Lk 24, 35-53..... | 1679 |
| Jan 20, 1-18..... | 1681 |
| Jan 20, 19-31..... | 1686 |
| Jan 21, 1-14..... | 1688 |
| Tr Ap 6, 8 — 7, 1-2. 44-46; 8, 1..... | 1279 |
| Rom 5, 12-21..... | 1246 |
| 1 Kor 1, 18 — 2, 5..... | 1223, 1395 |
| 1 Kor 7, 25-40..... | 1522 |
| 1 Kor 15, 12-34..... | 1637 |
| 1 Kor 15, 35-57..... | 1638 |
| 2 Kor 4, 16 — 5, 10..... | 1640 |
| Éféz 4, 1-24..... | 1602 |
| Éféz 5, 21 — 6, 4..... | 452 |

| | |
|-------------------------------|------|
| Fil 1, 29 — 2, 16..... | 1551 |
| Kol 1, 1-14..... | 474 |
| Kol 1, 15 — 2, 3 | 489 |
| Kol 2, 4-15..... | 504 |
| Kol 2, 16 — 3, 4 | 539 |
| Kol 3, 5-16..... | 547 |
| Kol 3, 17 — 4, 1 | 556 |
| Kol 4, 2-18..... | 564 |
| 1 Tés 2, 1-13. 19-20..... | 1475 |
| 1 Tim 5, 17-22; 6, 10-14..... | 1477 |
| Ébr 2, 9-17 | 520 |
| 1 Piè 3, 1-6. 8-17..... | 1553 |
| 1 Piè 3, 7-17..... | 1586 |
| 1 Jn 1, 1 — 2, 3..... | 1291 |
| 1 Jn 4, 7-21 | 1609 |
| Ap 21, 9-27 | 1335 |

GID LÉKTU BIBLIK KOUT YO

II

A. T.

| | |
|---------------------------|--|
| Jén 49, 10..... | 150, 214, 282, 367 |
| Dét 4, 7 | 495, 587, 630 |
| Dét 5, 16 | 457 |
| Dét 6, 4-7 | 1190 |
| Tob 14, 6-7 (cf.) | 496, 588, 631 |
| Judt 13, 18-19 | 1377 |
| Jòb 19, 25-26 | 1662 |
| Kant 8, 7 | 1529 |
| Saj 1, 13-14a. 15 | 1663 |
| Saj 3, 1-2a. 3b | 1286, 1425, 1455 |
| Saj 7, 13-14 | 1509 |
| Saj 7, 26-27..... | 568, 675 |
| Saj 8, 21a | 1531 |
| Iz 2, 3 | 205, 273, 358 |
| Iz 2, 3 b-4..... | 553, 659 |
| Iz 2, 11..... | 159, 224, 292 |
| Iz 4, 2 | 184, 251, 340, 350, 359, 369, 378, 389, 398, 409 |
| Iz 4, 2-3..... | 507, 639 |
| Iz 4, 3..... | 185 |
| Iz 7, 14 b-15..... | 158, 223, 291, 377 |
| Iz 9, 1 | 553, 659 |
| Iz 9, 5 | 493, 585, 629 |
| Iz 10, 20-21 (cf.) | 142, 207, 274 |
| Iz 10, 24. 27 (cf.) | 142, 207, 275 |
| Iz 11, 1-3 a | 183, 250, 338, 408, 578, 696 |
| Iz 12, 2 | 160, 225, 293 |
| Iz 12, 5-6..... | 495, 587, 631 |

| | |
|-------------------------------|--|
| Iz 13, 22 - 14, 1 (cf.) | 143, 208, 275 |
| Iz 25, 8 | 1663 |
| Iz 42, 1 | 578, 696 |
| Iz 43, 1 | 1251 |
| Iz 45, 8 | 166, 232, 299, 387 |
| Iz 45, 13 | 509, 640 |
| Iz 45, 22-23 | 559, 667 |
| Iz 48, 20 | 510, 641 |
| Iz 49, 6 | 579, 617, 697 |
| Iz 49, 8 b-9 a | 542, 648 |
| Iz 52, 7-10 | 611 |
| Iz 56, 7 | 1342 |
| Iz 60, 4 a-5 | 553, 659 |
| Iz 61, 1-2 a | 576, 694 |
| Iz 61, 10 (cf.) | 1373 |
| Iz 61, 11 | 185, 252, 341, 351, 360, 370, 379, 389, 399, 410 |
| Iz 62, 11-12 a | 551, 657 |
| Iz 65, 1 | 510, 641 |
| Jér 7, 2b. 4-5a. 7a. | 1345 |
| Jér 14, 9 (cf.) | 1210 |
| Jér 23, 5 | 151, 215, 284 |
| Jér 23, 6 | 152, 215, 284 |
| Jér 29, 11. 13 | 176, 243, 310 |
| Jér 30, 18 a | 176, 243, 310 |
| Jér 30, 21 a. 22 | 174, 241, 308, 396 |
| Jér 31, 7-8 a | 561, 668 |
| Jér 31, 11-12 a | 561, 669 |
| Jér 31, 15 | 1305 |
| Jér 31, 16a. 17a | 1307 |
| Lam 1, 16 (cf.) | 1306 |
| Lam 2, 11 (cf.) | 1306 |
| Bar 3, 5-6 a | 177, 244, 311 |
| Bar 5, 3-4 | 527 |
| Éz 20, 41-42 a | 569, 677 |
| Éz 34, 11-12 | 570, 677 |
| Éz 34, 15-16 (cf.) | 152, 216, 284 |
| Dan 9, 19 | 160, 225, 293 |
| Mi 2, 12 | 570, 678 |

| | |
|-----------------------|---------------|
| Mi 5, 2-3 a. 4 a..... | 524 |
| Mi 5, 3-4 a..... | 168, 234, 300 |
| Sof 3, 14. 15 b..... | 1376 |
| Aj 2, 6 a. 7. 9 | 1346 |
| Aj 2, 6 b. 9 | 168, 234, 301 |
| Zak 2, 15..... | 617 |
| Zak 8, 7-8..... | 562, 669 |
| Zak 9, 9..... | 527, 1376 |
| Mal 3, 20-21 b..... | 168, 235, 301 |
| 2 Mak 7, 9 b..... | 1662 |

N. T.

| | |
|----------------------------|---------------------------|
| Tr Ap 2, 42-45 | 1389 |
| Tr Ap 4, 19-20 | 1296 |
| Tr Ap 5, 12a. 14 | 1298, 1399 |
| Tr Ap 5, 41-42 | 1298, 1399 |
| Tr Ap 6, 2b-5a | 1284 |
| Tr Ap 10, 36..... | 441, 481, 536 |
| Tr Ap 10, 37-38 | 579, 680, 698 |
| Rom 5, 20b-21 | 1254 |
| Rom 8, 3 b-4 | 466, 562, 670 |
| Rom 8, 28-30 | 1567, 1596 |
| Rom 8, 29a. 30a | 1243 |
| Rom 8, 35. 37-39 | 1409, 1436 |
| Rom 12, 1-2 | 1560, 1589 |
| Rom 13, 11-12 | 130, 194, 262, 316, 348 |
| Rom 13, 13-14 a..... | 132, 196, 264, 319 |
| 1 Kor 1, 7 b-9 (cf.) | 153, 216, 285, 370 |
| 1 Kor 3, 16-17 | 1345 |
| 1 Kor 4, 5..... | 161, 226, 294, 380 |
| 1 Kor 6, 19-20 | 1531 |
| 1 Kor 7, 32b. 34a | 1515, 1535, 1564, 1592 |
| 1 Kor 15, 55-57 | 1668 |
| 2 Kor 1, 3-5 | 1422, 1452 |
| 2 Kor 5, 19b-20 | 1297, 1398 |
| 2 Kor 6, 16 | 1345 |
| 2 Kor 8, 9..... | 448 |
| Gal 4, 4-5..... | 422, 513, 528, 1358, 1381 |

| | |
|-------------------------------|-------------------------|
| Gal 6, 7 b-8 | 1563, 1592 |
| Éféz 1, 4 | 1252 |
| Éféz 1, 10b-12 a (cf.) | 1253 |
| Éféz 2, 3 b-5..... | 468, 642 |
| Éféz 2, 19-22 | 1227, 1328, 1397 |
| Éféz 4, 11-13 | 1229, 1403 |
| Éféz 4, 26-27 | 1204 |
| Éféz 5, 25-27 (cf.) | 1253 |
| Fil 2, 6- 7 | 461 |
| Fil 3, 20b-21..... | 143, 208, 276, 361 |
| Fil 3, 7-8 | 1543, 1575 |
| Fil 4, 4-5 | 134, 198, 266, 321, 351 |
| Fil 4, 8. 9 b | 1564, 1593 |
| Kol 1, 13-15..... | 545, 651 |
| Kol 3, 12-13..... | 460 |
| Kol 3, 14-15..... | 460 |
| Kol 3, 17 | 461 |
| 1 Tés 3, 12-13 (cf.) | 133, 197, 264, 319 |
| 1 Tés 4, 14 | 1654 |
| 1 Tés 5, 9-10 | 1197 |
| 1 Tés 5, 23 | 1206 |
| 1 Tés 5, 23-24 | 121, 186, 253, 313, 341 |
| 2 Tés 1, 6. 7. 10 (cf.) | 133, 197, 265, 320 |
| 1 Tim 1, 12 | 1493 |
| 1 Tim 1, 15 | 544, 650 |
| 1 Tim 3, 13 | 1494 |
| 1 Tim 4, 16..... | 1493 |
| 2 Tim 1, 9-10 | 597 |
| Tit 2, 11-12 | 439, 480, 535 |
| Tit 3, 4-5 (cf.)..... | 621 |
| Ébr 1, 1-2 | 434, 478, 534 |
| Ébr 11, 33 (cf.) | 1425 |
| Ébr 13, 7-9a | 1490 |
| Jak 1, 12 | 1286, 1454 |
| Jak 3, 17-18 | 1501, 1510 |
| Jak 5, 7-8. 9 b..... | 169, 235, 302, 390 |
| 1 Piè 4, 13-14 | 1428, 1458 |
| 1 Piè 5, 1-4 | 1467, 1497 |

| | |
|------------------------------|------------------|
| 1 Piè 5, 8-9 a | 1200 |
| 1 Piè 5, 10-11 | 1285, 1424, 1454 |
| 2 Piè 1, 3-4 (cf.) | 496, 632 |
| 2 Piè 3, 8 b-9 | 244, 311, 399 |
| 1 Jn 1, 1-3 | 445, 481, 537 |
| 1 Jn 1, 5 | 545, 651 |
| 1 Jn 1, 5 b. 7 | 464, 554, 660 |
| 1 Jn 4, 9 | 440, 480, 536 |
| 1 Jn 5, 20 | 531, 571 |
| Ap 15, 4 | 617 |
| Ap 19, 6b. 7 | 1532 |
| Ap 21, 1a. 2-3. 22. 27 | 1351 |
| Ap 21, 23-24 | 544, 650 |
| Ap 22, 4-5 | 1193 |

GID TÈKS POU DÉZIÈM LÉKTU YO

| | |
|--|------|
| Aelredus Rievallensis [Èlrèd de Rivo] | |
| Sermo 20, in Nativitate beatae Mariae | 1369 |
| Ambrosius Mediolanensis [Anbrouaz de Milan] | |
| Epist. 2, 1-2. 4-5. 7 | 1239 |
| Exp. in Lucam lib. 2, 19, 22-23. 26-27 | 374 |
| Lib. de Virginitate 12, 68. 74-75; 13, 77-78 | 1267 |
| Anastasius Antiochenus [Anastaz d'Antiòch] | |
| Oratio 5, de Resurrectione Christi 6-7. 9 | 1642 |
| Anselmus Cantuariensis [Ansèlm de Kantòrbéri] | |
| Oratio 52 | 1248 |
| Lib. Proslogion 1 | 172 |
| Athanasius Alexandrinus [Atanaz d'Aléksandri] | |
| Epist. ad Epictetum 5-9 | 521 |
| Augustinus [Ogustin d'Ipòn] | |
| Contra Faustum lib. 20, 21 | 1262 |
| Tract. in Epist. Ioannis 1, 1. 3 | 1293 |
| Tract. in Ioannem 17, 7-9 | 549 |
| Tract. in Ioannem 123, 5 | 1236 |
| Enar. in Psalm. 37, 13-14 | 306 |
| Enar. in Psalm. 109, 1-3 | 220 |
| Sermo 13 de Tempore | 584 |
| Sermo 96, 1. 4. 9 | 1556 |
| Sermo 185 | 405 |
| Sermo 194, 3-4 | 566 |
| Sermo 293, 3 | 259 |
| Sermo 329, in natali martyrum | 1447 |
| Sermo 336, 1. 6 | 1339 |
| Basilius Magnus [Bazil le Gran] | |
| Lib. de Spiritu Sancto 26, 61. 64 | 540 |

| | |
|---|------|
| Beda Venerabilis [Bèd le Vénérab] | |
| Exp. in Lucam lib. 1, 46-55 | 385 |
| Bernardus Abbas [Bèrnar Abé de Klèrvo] | |
| Hom. in Laudibus Virginis Matris 4, 8-9 | 365 |
| Sermo 5 in Adventu Domini 1-3 | 156 |
| Sermo 1 in Epiphania Domini 1-2 | 476 |
| Braulio Caesaraugustanensis [Brolion de Saragòs] | |
| Epist. 19 | 1644 |
| Carolus Borromeo [Charl Boromé] | |
| Litterae pastorales | 138 |
| Clemens papa Decimus tertius [Kléman XIII, pap] | |
| Bulla canonizationis S. Ioannis de Kety | 1275 |
| Concilium Vaticanum II [Dézièm Konsil Vatikan-an] | |
| Ad gentes 4-5 | 1486 |
| Dei Verbum 3-4 | 297 |
| Dei Verbum 7-8 | 1506 |
| Lumen gentium 48 | 212 |
| Lumen gentium 61-62 | 1370 |
| Perfectae caritatis 1. 5. 6. 12. 25 | 1525 |
| Presbyterorum ordinis 12 | 1484 |
| Cyprianus [Sipriyin de Kartaj] | |
| Tract. de bono patientiae 13 et 15 | 181 |
| Tract. de habitu virginum 3-4. 22. 23 | 1524 |
| Epist. 6, 1-2 | 1418 |
| Cyrillus Alexandrinus [Siril d'Aléksandri] | |
| Comm. in Evang. Ioannis lib. 5, 2 | 655 |
| Cyrillus Hierosolymitanus [Siril de Jérusalèm] | |
| Catechesis 15, 1-3 | 127 |

| | |
|--|----------|
| Epist. ad Diognetum [Lèt pou Diognèt} 8, 5 — 9, 5 | 346 |
| Ephraem diaconus [Éfrèm, diak nan Édès] Comm. in Diatessaron 18, 15-17 | 164 |
| Eusebius Caesariensis [Euzèb de Sézaré] Historia ecclesiastica lib. 10, 1-3 | 1311 |
| Comm. in Isaiam 40 | 191 |
| Faustus Regiensis [Fostus de Réjyòm] Sermo 5, de Epiphania 2 | 673 |
| Franciscus Xavier [Fransoua Gzavié] Litterae ad S. Ignatium | 1231 |
| Fulgentius Ruspensis [Fuljans de Rusp] Sermo 1, 2-3 | 1482 |
| Sermo 3, 1-3. 5. 6 | 1281 |
| Gregorius Magnus [Grégoua le Gran] Hom. in Evangelia, lib. 2, 36, 11-13 | 1604 |
| Gregorius Nazianzenus [Grégoua de Nazianz] Oratio 39, in sancta Lumina 14-16. 20 | 574, 690 |
| Oratio 43, in laudem Basilii Magni 15. 16-17. 19-21 | 1315 |
| Oratio 45, 9, 22. 26. 28 | 148 |
| Guillelmus Abbas S. Theodorici [Giyòm Abé de S. Téodorik] Tract. De contemplando Deo 9-11 | 270 |
| Speculum | 1504 |
| Hilarius Pictaviensis [Ilèr de Pouatié] Tract. in Psalm. 126, 7-10 | 1480 |
| Hippolytus [Ipolit de Ròm] Tract. Contra haeresim Noeti 9-12 | 491 |
| Tract. De refutatione omnium haeresum 10, 33-34 | 394 |

| | |
|--|------|
| (Pseudo Hippolytus) [Pseudo-Ipolit] | |
| Sermo in sancta Theophania, 2. 6-8. 10 | 636 |
| De Imitatione Christi [Osijè Imitasion Kris la] | |
| Lib. 2, 2-3 | 280 |
| Ioannes Chrysostomus [Jan Krizostòm] | |
| Hom. in Acta Apostolorum 20, 4 | 1554 |
| Hom. in Epist. ad Romanos 15, 6 | 1611 |
| Hom. in Evangelium Ioannis 19, 1 | 1225 |
| Hom. 59 in Matthaëum | 1615 |
| Ioannes a Cruce [Jan de la Koua] | |
| Tract. de ascensu montis Carmeli, lib. 2, 22 | 203 |
| Canticum spiritale, Red. B, str. 36-37 | 1270 |
| Ioannes Damascenus [Jan Damasèn] | |
| Declaratio fidei 1 | 1233 |
| Ioannes Paulus papa Secundus [Jan Pòl II, pap] | |
| E litteris decretalibus de S. Ioanne Didacis..... | 1256 |
| Ex Epístola pro VII sæculári anniversáριο Almæ Domus Lauretanæ | 1259 |
| Irenæus Lugdunensis [Iréné de Lion] | |
| Adversus Haereses, lib. 3, 20, 2-3 | 356 |
| Adversus Haereses, lib. 4, 20, 4-5 | 289 |
| Adversus Haereses. lib. 5, 19, 1; 20, 2; 21, 1 | 239 |
| Isaac Abbas Monasterii de Stella [Izaak Abé Monastè Zétoual la] | |
| Sermo 51 | 248 |
| Leo Magnus [Léon le Gran] | |
| Epist. 31, 2-3 | 336 |
| Sermo in Nativitate Domini 1, 1-3 | 431 |
| Sermo in Nativitate Domini 6, 2-3. 5 | 505 |
| Sermo in Epiphania 3, 1-3. 5 | 608 |
| Sermo de natali ipsius 3, 2-3 | 1478 |

| | |
|--|------|
| Maximus Confessor [Maksim le Konfèsè] | |
| Capita quinquies centena, Centuria 1, 8-13 | 557 |
| Maximus Taurinensis [Maksim de Turin] | |
| Sermo 100, de sancta Epiphania 1. 3 | 665 |
| Ex tradita relatione, quae « Nican Mopohua » nuncupatur | 1264 |
| Origenes [Orijèn] | |
| Hom. in Iesu Nave 9, 1-2 | 1337 |
| Paulus papa Sextus [Pòp VI, pap] | |
| Allocutio Nazareth habita 1964 | 453 |
| Petrus Canisius [Piè Kanizius] | |
| E scriptis eiusdem | 1272 |
| Petrus Chrysologus [Piè Krizològ] | |
| Sermo 147 | 230 |
| Sermo 160 | 626 |
| Proclus Constantinopolitanus [Proklus de Konstantinòpl] | |
| Oratio 7 in sancta Theophania 1-3 | 646 |
| Quodvultdeus [] | |
| Sermo 2 de Symbolo | 1302 |
| Raimundus de Penyafort [Rémon de Pényafòr] | |
| Epistola | 1320 |
| Sophronius [Sofronius] | |
| Oratio 2, in sanctissimae Deiparae Annuntiatione 21-22. 26 | 1367 |
| Thomas Becket [Toma Békèt] | |
| Epistola 74 | 1308 |

GID RÉPONS YO

| | |
|--|-----------|
| Ak réyon ansègnman li-a | |
| [Doctrinae suae radiis] | 1321 |
| Akoz yon sèl moun péché-a té antré sou tè sa-a | |
| [Per unum hominem] (Rom 5, 12; Lk 1, 30; cf. Ps 114 (116 A), 8; 17 (18), 19) | 1247 |
| Aksépté paròl la, Vièj Mari | |
| [Suscipe verbum, Virgo] (Cf. Lk 1, 31. 42) | 367 |
| Ala bèl ou bèl, vièj Kris la | |
| [O quam pulchra] | 1527 |
| Ala kontantman pou ou ki té kouè | |
| [Beata quae credidisti] (Lk 1, 45. 46; Ps 65 (66), 16) | 376 |
| Ala kontantman pou ou, Vièj Mari | |
| [Beata es, Virgo] (Lk 1, 28) | 521, 1366 |
| Ala rinmin yo rinmin tant ou yo | |
| [Quam dilecta tabernacula] (Ps 83 (84), 2-3. 5) | 1340 |
| An nou priyé youn pou lòt | |
| [Oremus pro invicem] (Kol 4, 3 ; cf. Ps 50 (51), 17) | 565 |
| Anj la té rélé ak yon voua byin fò | |
| [Clamavit Angelus in forti] (Ap 18, 2. 4. 5) | 180 |
| Anpil nasion ap proche | |
| [Properabunt gentes multae] (Mi 4, 2; Jan 4, 25) | 205 |
| Antan Granmèt-la ap maché bò lanmè Galilé-a, | |
| [Ambulans Dominus iuxta] (Mt 4, 18. 19) | 1224 |
| Antan mouin gadé byin louin | |
| [Aspiciens a longe] (Cf. Ps 48 (49), 3; 79 (80), 2; 23 (24), 7. 9) | 129 |
| Antan n-ap maché nan Kris la | |
| [Ambulantes in Christo] | 308 |
| Antan nou alé sou tout tè-a | |
| [Euntes in mundum] (Mk 16, 15-16; Jan 3, 5) | 1487 |
| Antan nou minm n-ap batay | |
| [Praeliantes nos et fidei] | 1420 |
| Antan nou proche kot Granmèt la, ròch vivan-a | |
| [Ad Dominum accedentes] (1 Piè 2, 4-5; Ps 117 (118), 22) | 1481 |
| Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèlman nou té vlé rinnèt nou | |
| [Cupide volebamus tradere] (1 Tés 2, 8; Gal 4, 19) | 1485 |

| | |
|--|----------|
| Ban-m kè-ou, pitit | |
| [Praebe, fili, cor] (Cf. Prov 23, 26; 1, 9; 5, 1) | 1618 |
| Bondié nou-an ap tounin épi l-ap pran pitié pou nou | |
| [Revertetur et miserebitur] (Mi 7, 19; Tr Ap 10, 43) | 222 |
| Bondié té déstiné nou davans | |
| [Praedestinavit nos Deus] (Éféz 1, 5; Rom 8, 29) | 478 |
| Bondié té rinmin nou, li té voyé Pitit li-a | |
| [Deus dilexit nos] (1 Jn 4, 10-11. 16)..... | 550 |
| Éjipsyin yo ap rékonèt Granmèt la jou sa-a | |
| [Cognoscent Ægyptii Dominum] (Iz 19, 21; Lk 13, 29) | 172 |
| Èské yon madanm kapab bliyé ti bébé li | |
| [Numquid oblivisci potest] (Iz 49, 15; cf. Ps 26 (27), 10)..... | 384 |
| Èspri Granmèt Bondié-a sou mouin | |
| [Spiritus Domini super] (Iz 61, 1 ; Jan 8, 42)..... | 583, 626 |
| Étièn, sèvitè Bondié-a | |
| [Stephanus, servus Dei] | 1280 |
| Fè atansion-m, pèp mouin, | |
| [Attendite ad me] (Cf. Iz 51, 4. 5; 35, 10)..... | 394 |
| Fè louanj Granmèt la avèk mouin | |
| [Magnificate Dominum mecum] (Ps 33 (34), 4; 85 (86), 13; Lk 1, 48) | 1249 |
| Fè louanj, sièl yo, fété tè-a | |
| [Laudate, caeli, et exsulta] (Iz 49, 13; 47, 4)..... | 355 |
| Granmèt la ap dirijé pòv yo nan jijman-an | |
| [Diriget Dominus mansuetos] (Ps 24 (25), 9-10; Zak 7, 9)..... | 282 |
| Granmèt la ap voyé anj li yo avèk gran tronpèt | |
| [Mittet Dominus angelos] (Cf. Mt 24, 31; Iz 27, 13) | 239 |
| Granmèt la bay saj yo sajès la | |
| [Dat Dominus sapientiam] (Dan 2, 21-22; 1 Kor 12, 11)..... | 1316 |
| Granmèt la jij nou, Granmèt la fè laloua pou nou | |
| [Dominus iudex noster] (Cf. Iz 33, 22; Ps 96 (97), 1)..... | 306 |
| Granmèt la té ba li gloua dévan fas roua yo | |
| [Dominus glorificavit illum] (Sir 45, 3; Ps 77 (78), 70. 71)..... | 1238 |
| Granmèt la té jouinn li agréab nan batay la | |
| [Grata facta est] | 1269 |
| Granmèt la té kouroné-ou ak kouròn jistis la | |
| [Coronavit te Dominus] (Cf. 2 Tim 4, 7) | 1310 |
| Granmèt lamé yo ap désann sou mòn Siyon-an | |
| [Descendet Dominus exercituum] (Iz 31, 4. 5; 30, 29) | 279 |

| | |
|--|----------|
| Granmèt, pa jijé-m dapré aksion-m [Domine, secundum actum] (Cf. Ps 50 (51), 5) | 1641 |
| Granmèt, sé Bondié-m ou yé [Domine, Deus meus] (Cf. Iz 25, 1ab. 2ad; Ébr 11, 30)..... | 212 |
| Jan té ouè Jézu k-ap vîn koté-l [Vidit Ioannes Iesum] (Jan 1, 29; Iz 53, 11)..... | 666 |
| Jé moun ki ouè yo pap voualé [Non caligabunt oculi] (Iz 32, 3. 4; Jér 23, 5) | 288 |
| Jé moun nan ki t-ap gadé anlè [Oculi sublimes hominis] (Is 2, 11 ; Mt 24, 30) | 147 |
| Jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé [Oculus non vidit] (1 Kor 2, 9-10 a) | 1272 |
| Jé-ou yo ap ouè mètt k-ap anségné-ou la [Erunt oculi tui] (Iz 30, 20-21; Dèt 18, 15) | 298 |
| Jérusalèm, pa pè, paské ou pap ront [Jerusalem, noli timere] (Iz 54, 4; 29, 7) | 247 |
| Jérusalèm, sovè ou-ap sovè-a prèt pou-l rivé [Jerusalem, cito veniet] (Cf. Iz 56, 1; Mi 4, 9; Iz 43, 3) | 655 |
| Jézu té di Simon : Mouin minm mouin di-ou ou sé Piè [Dixit Iesus Simoni] (Mt 16, 18; Ps 47 (48), 9)..... | 1479 |
| Jodi-a limiè ki sot nan limiè-a té parèt pou nou [Hodie nobis apparuit] | 648 |
| Jodi-a nan Jourdin-an, lè Granmèt la fîn batizé [Hodie in Iordane] (Cf. Mt 3, 16. 17; Lk 3, 22) | 690 |
| Jodi-a sièl yo ouvri, lanmè-a vîn dous [Hodie caeli aperti sunt] (Ps 113 A (114), 5) | 576, 692 |
| Jodi-a vrè lapè-a désann pou nou sot nan sièl la [Hodie nobis de caelo] | 432 |
| Jodi-a, pou nou, Roua sièl yo té aksépté pran nésans [Hodie nobis caelorum] | 430 |
| Jounin yè-a Granmèt la té pran nésans sou tè yo [Hesternam die Dominus] | 1282 |
| Kanta nou minm nou pa résévoua éspri tè sa-a [Nos non spiritum] (1 Kor 2, 12. 10; Éféz 3, 5) | 542 |
| Kasé pin-ou nan, bay sa-k grangou-a [Frange esurienti panem] (Cf. Iz 58, 7-8)..... | 1276 |
| Kay Granmèt la gin fondasion sou tètt mòn yo [Fundata est domus] (Cf. Iz 2, 2. 3; Ps 125 (126), 6) | 1338 |

| | |
|---|------|
| Kléré, kléré, Jérusalèm, paské limiè-ou la rivé [Illuminare, illuminare, Ierusalem] (Iz 60, 1. 3)..... | 608 |
| Konsa sé pou yo konsidéré nou tankou minis Kris la [Sic nos existimet] (1 Kor 4, 1-2 ; Prov 20, 6) | 1477 |
| Kontantman pou ou, sint Vièj Mari [Felix es, sacra] | 1370 |
| Kouraj, sèvitè ki bon épi ki fidèl [Euge serve bone] (Mt 25, 21. 20) | 1483 |
| Kouté paròl Granmèt la [Audite verbum Domini] (Cf. Jér 31, 10; 4, 5)..... | 357 |
| Kouté-m, nou minm ki fèmin kè nou [Audite me, duri corde] (Iz 46, 12. 13) | 346 |
| Kris la gin pou-l régné [Oportet Christum regnare] (1 Kor 15, 25-26 ; cf. Ap 20, 13. 14) | 1638 |
| Kris la sé tèt kò Égliz la [Christus est caput] (Kol 1, 18. 17)..... | 491 |
| Laloua vérité-a té nan bouch li [Lex veritatis fuit] (Mal 2, 6; Ps 88 (89), 22) | 1235 |
| L-ap parèt alafin, épi li pap bay manti [Apparebit in finem] (Cf. Abak 2, 3; Ébr 10, 37)..... | 182 |
| Lavé nou, pròpté nou [Lavamini, mundi estote] (Iz 1, 16. 18. 17)..... | 127 |
| Lavi-a té manifesté ... Nou konnin Pitit Bondié-a vini [Vita apparuit et] (1 Jn 1, 2 ; 5, 20)..... | 567 |
| Lè n-ap kanpé dévan roua yo ak préfè yo [Dum steteritis ante] (Cf. Mt 10, 18. 19-20) | 1396 |
| Lévé, fè louanj, nou minm ki abité nan poussiè-a [Exspergiscimini et laudate] (Cf. Iz 26, 19; Dan 12, 2)..... | 229 |
| Li gin valè dévan jé Granmèt la lanmò sin-l yo [Pretiosa in conspectu] (Ps 115 (116 B), 15; 33 (34), 21; cf. Judt 10, 3) | 1263 |
| Li té maré rin-l ak fòs [Accinxit fortitudine lumbos] (Cf. Prov 31, 17. 18; cf. Ps 45 (46), 6)..... | 1585 |
| Li té sakajé rézin-ou nan [Exterminavit vineam tuam] (Ps 79 (80), 14. 15. 3. 16. 15)..... | 156 |
| Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la [Mulier inupta et virgo] (1 Kor 7, 34; Ps 72 (73), 26) | 1525 |
| M-ap Bondié yo, yo minm y-ap pèp mouin [Ego ero eis] (Ez 37, 27-28; Ébr 8, 8) | 657 |

| | |
|--|------|
| M-ap déklaré mouin rékonèt non-ou [Confitebor nomini tuo] (Sir 51, 2; Ps 30 (31), 8)..... | 1447 |
| M-ap fè yon jèm jistis jèmin pou David [Germinare faciam David] (Cf. Jér 33, 15. 16; Iz 16, 5)..... | 164 |
| M-ap fè yon profèt lévé pou yo [Prophetam suscitabo eis] (Dét 18, 18; Lk 20, 13b; cf. Jan 6, 14b)..... | 290 |
| M-ap kontan nan pèp mouin-an [Gaudebo in populo meo] (Iz 65, 19; Ap 21, 4. 5)..... | 1301 |
| M-ap mét tant mouin-an nan mitan nou [Ponam tabernaculum meum] (Lév 26, 11-12; 2 Kor 6, 16)..... | 249 |
| M-ap pasé yon kontra pou tout tan avèk nou [Feriam vobiscum pactum] (Iz 55, 3-4; Tr Ap 28, 28)..... | 166 |
| Mésié ki sin yo té vidé san yo ki gin gloua-a [Viri sancti gloriosum] (Cf. Éféz 4, 4. 5)..... | 1417 |
| Mín Granmèt la ap vini [Ecce Dominus veniet] (Cf. Ps 28 (29), 11; Iz 40, 10)..... | 158 |
| Mín li, rasîn Jésé-a ap désann pou sovè pèp yo [Ecce radix Iesse] (Cf. Iz 11, 10; Lk 1, 32)..... | 338 |
| Mín pitit mouin-an, li minm mouin chouazi-a [Ecce puer meus ...] (Mt 12, 18. 21 (Iz 42, 1))..... | 574 |
| Mín plénitud tan-an déjà rivé [Ecce iam venit] (Cf. Gal 4, 4-5 ; Éféz 2, 4 ; Rom 8, 3)..... | 149 |
| Mín sa-l di, Sin-an, Vré-a, sa-k gin klé David la [Haec dicit Sanctus] (Ap 3, 7. 8)..... | 191 |
| Mizérikòd mouin-an pap rékilé louin-ou [Misericordia mea non recedet] (Iz 54, 10. 13 ; 48, 17)..... | 272 |
| Mouin batay bon batay la, mouin fini kous mouin [Bonum certamen certavi] (2 Tim 4, 7-8; Fil 3, 8-10)..... | 1449 |
| Mouin kouè Rédanmètè-m nan ap viv, [Credo quod Redemptor] (Cf. Jòb 19, 25. 26. 27)..... | 1640 |
| Mouin minm m-ap vini pou-m rasanblé [Ego veniam ut] (Iz 66, 18. 19; Jan 17, 6. 18)..... | 673 |
| Mouin minm mouin té égzaminé-ou nan founèz malè-a [Ego probavi te] (Iz 48, 10. 11; 54, 8)..... | 365 |
| Mouin té grangou, épi nou té ban-m manjé [Esurivi et dedistis] (Mt 25, 35. 40; Prov 19, 17)..... | 1613 |
| Mouin té ouè Éspri-a k-ap désann [Vidi Spiritum descendentem] (Jan 1, 32. 34. 33)..... | 638 |

| | |
|--|------|
| Mouin té ouè yon sièl nouvo [Vidi caelum novum] (Ap 21, 1. 3. 4)..... | 664 |
| Mouin té priyé, épi yo ban-m intéljians [Optavi, et datus] (Saj 7, 7-8; Jak 1, 5) | 1504 |
| Mouin té tandé yon gran voua ki sot nan trôn nan [Audi vocem magnam] (Ap 21, 3; Iz 25, 8)..... | 220 |
| Moun ki t-ap fè grandizè-a blijé bésé jé-l [Oculi sublimes hominis] (Iz 2, 11 ; Mt 24, 30)..... | 147 |
| Nan jou sa-a Granmèt la ap pansé blès pèp li-a [In illa die alligabit] (Cf. Iz 30, 26. 18; Ps 26 (27), 14)..... | 270 |
| Nan jou sa-a, moun soud yo ap tandé paròl liv la [Audient in die illa] (Iz 29, 18. 19; cf. Mt 11, 4. 5)..... | 258 |
| Nan Kris la, ak tout kò-l, tou sa Bondié yé-a abité an plin [In Christo inhabitat] (Kol 2, 9. 10. 12) | 505 |
| N-ap di Bondié Papa-a mèsi [Gratias agamus Deo] (Kol 1, 12. 13 ; Jak 1, 17)..... | 475 |
| N-ap tann Sovè-a Granmèt Jézu-Kri [Salvatore[m] expectamus Dominum] (Fil 3, 20-21; Tit 2, 12-13)..... | 213 |
| Nasion yo ap ouè jistis ou-a [Videbunt gentes iustitiam] (Iz 62, 2-3)..... | 636 |
| Nou anonsé nou lavi tout tan-an [Annuntiamus vobis vitam] (1 Jn 1, 2. 4; Jan 20, 31)..... | 1292 |
| Nou minm ki té louin lontan-an [Vos qui aliquando] (Éféz 2, 13-14. 17)..... | 507 |
| Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin [Nos vidimus et testificamur] (1 Jn 4, 14; 1, 9)..... | 585 |
| Nou minm nou sé limiè nan Granmèt la [Vos estis lux] (Éféz 5, 8-9; Mt 5, 14. 16)..... | 1556 |
| Nou pap viré do ba ou [Non discedemus a te] (Ps 79 (80), 19. 20; 105 (106), 4) | 174 |
| Nou tout ki té batizé nan Kris la [Quicumque in Christo] (Cf. Gal 3, 27-28)..... | 548 |
| Okipé tout bann mouton-an [Attendite universo gregi] (Tr Ap 20, 28; 1 Kor 4, 2)..... | 1476 |
| Osijè sa k-ap dòmi yo [De dormientibus non contristemini] (1Tés 4, 13-14; cf. Jér 22,10) | 1645 |
| Osito aprè sint André té tandé voua Granmèt la ki t-ap préché-a [Mox ut vocem] | 1226 |

| | |
|--|------|
| Pa gin sové yo kapab sové nan okinn lòt moun [Non est in alio] (Tr Ap 4, 12; Iz 9, 6)..... | 348 |
| Pa kité pèsonn tronpé nou [Nemo vos seducat] (1 Jn 3, 7. 8. 10)..... | 1551 |
| Paròl Granmèt la rété pou tout tan [Verbum Domini manet] (1 Piè 1, 25; Lk 1, 2)..... | 1507 |
| Paròl la té vîn tounin chè ... Nan kòmansman [Verbum caro factum ... In principio] (Jan 1, 14. 1)..... | 559 |
| Paròl la té vîn tounin chè ... Yo ouè-l sou tè-a [Verbum caro factum ... In terris visus] (Jan 1, 14; cf. Bar 3, 38)..... | 493 |
| Pèp mouin-an ap instalé nan kay lapè [Sedebit populus meus] (Iz 32, 18. 17; Jan 14, 27)..... | 297 |
| Pitit yo, sé pou nou obéyi paran nou yo nan Granmèt la [Filii, oboedite parentibus] (Éféz 6, 1-2 ; Lk 2, 51)..... | 453 |
| Plas ou yo, Jérusalèm, ap kouvri ak lò ki nèt [Plateae tuae, Ierusalem] (Cf. Ap 21, 21; Tob 13, 17. 18. 11)..... | 1337 |
| Pouki sa, ou té fè nou ap pèdi rout [Quare errare nos] (Iz 63, 17. 19)..... | 646 |
| Préché paròl la, insisté nan bon moman, nan mové moman [Praedica verbum, insta] (2 Tim 4, 2; cf. Sir 48, 4. 8)..... | 1240 |
| Rékòlt la anpil sé vré, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé [Messis quidem multa] (Lk 10, 2; Tr Ap 1, 8)..... | 1233 |
| Réyèlman vré ou béni nan médam yo ... Sa-a sièl yo pa-t kapab kinbé-a [Vere benedicta tu ... Quem caeli capere non poterant]..... | 1261 |
| Réyèlman vré ou béni nan pami médam yo ... Pa lintèmèdiè-ou zansèt ou yo [Vere benedicta tu ... Per te progenitôres tui]..... | 1368 |
| Roua-a té anvi bèl vizaj ou-a [Concupivit Rex speciem]..... | 1523 |
| Sa yo ap lévé voua yo, y-ap fè louanj grandè Granmèt la [Hi levabunt vocem] (Iz 24, 14. 15; Ps 95 (96), 1)..... | 203 |
| Sa-a k-ap paré rout Granmèt la, li rivé [Praecursor Domini venit] (Cf. Mt 11, 11. 9)..... | 193 |
| Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmmandman-l yo [Haec est caritas] (1 Jn 5, 3; Sir 23, 37)..... | 1610 |
| Sa-a sé Jan, li minm ki té apuiyé sou pouatrîn Granmèt la nan soupé-a [Iste est Ioannes]..... | 1294 |
| Sa-a sé jou ki kléré anpil la, koté Sovè tè-a té parèt la [Hic est dies praeclarus]..... | 610 |

| | |
|--|------|
| Sa-a, sé li minm ki dévan Bondié té fè travay ki mandé gran fòs yo [Iste est, qui] | 1558 |
| Sanktifé nou, pitit Israël yo [Sanctificamini, filii Israel] (Cf. Égz 19, 10. 11; Dét 7, 15; Dan 9, 24) | 404 |
| Sé bon konba-a mouin té konbat [Bonum certamen certavi] (Cf. Ex 19, 10. 11; Deut 7, 15; Dan 9, 24)..... | 1449 |
| Sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou yo [Pax Christi dominetur] (Kol 3, 15; Gal 3, 28; Ps 149, 1)..... | 1313 |
| Sé pou nou fè kè nou kontan, sé pou nou apouin nèt [Gaudete, perfecti estote] (2 Kor 13, 11; Éféz 5, 19; Kol 3, 23) | 455 |
| Sé pou nou gin charité [Caritatem habete] (Fil 2, 2. 3. 4; 1 Tés 5, 14-15)..... | 1587 |
| Sé pou nou maré rin éspri nou [Succincti lumbos mentis] (1 Piè 1, 13. 15 ; Lévi 11, 44)..... | 1554 |
| Sé pou nou travay avèk krint ak tranbléman pou nou sovè [Cum metu et tremore] (Fil 2, 12-13; Jan 15, 5) | 1552 |
| Sé pou sièl yo kontan, sé pou tè-a fété [Laetentur caeli, et exsultet] (Cf. Iz 49, 13; Ps 71 (72), 7) | 374 |
| Sé pou-m diminué, li minm minm sé pou-l grand [Me oportet minui] (Cf. Jan 3, 30; 1, 27; Mk 1, 8)..... | 260 |
| Sé sa-k fèb sou tè-a Bondié té chouazi [Infirma mundi elegit Deus] (Cf. 1 Kor 1, 27-29; Lk 1, 51.52)..... | 1258 |
| Sé toua kalité kado ki gin pri maj yo té ofri [Tria sunt munera] | 628 |
| Sé yon sèl ki nésésè [Unum est necessarium] (Lk 10, 42. 39)..... | 1604 |
| Si nou résisitè ansanm avèk Kris la [Si conresurrexistis Christo] (Cf. Kol 3, 1-2; Lk 12, 34)..... | 540 |
| Sièl yo, fè larouzé désann sot anro-a [Rorate, caeli, desuper] (Cf. Iz 45, 8; cf. 16, 1)..... | 336 |
| Sonnin troupèt nan Siyon [Canite tuba in Sion] (Cf. Joèl 2, 15; Iz 62, 11; Jér 4, 5)..... | 140 |
| Tan-an kout [Tempus brevium est] (1 Kor 7, 29. 30. 31; 2, 12)..... | 1606 |
| Tankou yon manman ap konsolé pitit li yo [Sicut mater consolatur] (Cf. Iz 66, 13; 1 Roua 11, 36; Iz 66, 14; 46, 13) | 232 |
| Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion [Omne quodcumque facitis] (Kol 3, 17) | 557 |

| | |
|---|------------|
| Tout jénérasion ap di ala kontantman pou mouin [Beatam me dicent] (Lk 1, 48-50)..... | 387 |
| Tout moun k-ap kité kay oubyin frè [Omnis qui reliquit] (Mt 19, 29. 27) | 1604 |
| Tout moun ki éspéré nan ou, Grammèt [Omnes qui sperant in te] (Cf. Ps 5, 12; 88, 16b-17a)..... | 1319 |
| Tout moun ki nan kavoye [Omnes qui in monumentis] (Jan 5, 28-29; 1 Kor 15, 52)..... | 1643 |
| Tout skrib ki jouinn ansègnman nan rouayòm sièl yo [Omnis scriba, doctus] (Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33)..... | 1274, 1506 |
| Vil Bondié-a, ou-ap kléré ak yon bèl limiyè [Civitas Dei, luce] (Cf. Tob 13, 11. 13-14; Lk 13, 29)..... | 675 |
| Vini, an nou monté sou mòn Grammèt la [Venite, ascendamus ad montem] (Mi 4, 2b; Jan 4, 25)..... | 138 |
| Virjinité ki sin épi imakilé [Sancta et immaculata virginitas] (Cf. Lk 1, 42)..... | 523, 1372 |
| Yo té adoré Sa-a k-ap viv pou tout tan gin tan-an [Adoraverunt viventem in saecula] (Cf. Ap 5, 14; 4, 10; 7, 11) | 1303 |
| Yo té voyé anj Gabrièl kot Mari ki Viè [Missus est Gabriel] (Cf. Lk 1, 26. 27. 30. 31. 32)..... | 241 |
| Yon gran sign té parèt nan sièl la [Signum magnum apparuit] (Cf. Ap 12, 1) | 1266 |
| Yon ramo ap lévé sot nan chouk Jhésé-a [Egredietur virga de stirpe] (Iz 11, 1. 5. 2)..... | 407 |
| Yon ti pitit ap pran nésans pou nou [Nascetur nobis parvulus] (Cf. Iz 9, 5. 6; Lk 1, 32; Jan 1, 4) | 396 |

GID RÉPONS KOUT YO

| | |
|-------------------------------------|---|
| Ak gloua ak konsidérasion | |
| [Gloria et honore] | 1437 |
| Ala kontantman pou moun yo ki abité | |
| [Beati qui habitant] | 1351 |
| Anonsé nan pami nasion yo | |
| [Annuntiate inter gentes] | 1229, 1403 |
| Bondié Granmèt | |
| [Domine Deus] | 680 |
| Bondié ki gin tout pouvoua-a | |
| [Deus omnipotens] | 1251 |
| Bondié té chouazi-l | |
| [Elegit eam Deus] | 1437, 1597 |
| Bondié té poté-l sékou | |
| [Adiuuabit eam] | 1589 |
| Bondié té rinmin li | |
| [Amavit eum Dominus] | 1543 |
| Bouch moun ki kòrèk la | |
| [Os iusti] | 1501 |
| Démin | |
| [Crastina die] | 408 |
| Fè kè nou kontan nan Granmèt la | |
| [Laetamini in Domino] | 1429 |
| Fòs mouin, | |
| [Fortitudo mea] | 1284, 1452 |
| Granmèt la gran | |
| [Magnus Dominus] | 1342 |
| Granmèt la kòrèk | |
| [Iustus Dominus] | 1567 |
| Granmèt la té chouazi-l | |
| [Elegit eam Dominus] | 1373 |
| Granmèt la té fè konnin | |
| [Notum fecit Dominus] | 434, 478, 494, 508, 543, 559, 568, 576, 585 |
| Jodi-a n-ap rékonèt | |
| [Hodie scietis] | 422 |

| | |
|--|--|
| Kay ou-a, Granmèt | |
| [Domum tuam, Domine] | 1329 |
| Kè-m té di-ou | |
| [Tibi dixit cor] | 1529 |
| Kris, Pitit Bondié vivan-an ... Ou minm ki gin pou-ou vini | |
| [Christe, Fili Dei ... Qui venturus es] | 130, 194, 262, 316 |
| Kris, Pitit Bondié vivan-an ... Ou minm ki pran nésans sot nan Vièj Mari | |
| [Christe, Fili Dei ... Qui natus es] | 534 |
| Kris, Pitit Bondié vivan-an ... Ou minm ki té anba lòd Mari | |
| [Christe, Fili Dei ... Qui Mariae] | 458 |
| Kris, Pitit Bondié vivan-an ... Ou minm ki té parèt jodi-a | |
| [Christe, Fili Dei ... Qui apparuisti] | 694 |
| Laloua Bondié li-a | |
| [Lex Dei eius] | 1561 |
| Li té doué sanblé ak frè-l yo nan tout bagay | |
| [Debit per omnia] | 462 |
| M-ap fè louanj ou, Granmèt ... Ou pa-t kité ènmi-m yo | |
| [Exaltabo te, Domine ... Nec] | 1243 |
| M-ap fè louanj ou, Granmèt ... Ou té fè dèy mouin-an tounin kè kontan | |
| [Exaltabo te, Domine ... convertisti] | 1654 |
| M-ap fété épi m-ap réjoui | |
| [Exsultabo et laetabor] | 1576 |
| Mín sa-a ki rinmin frè-l yo | |
| [Hic est fratrum amator] | 1497 |
| Montré nou, Granmèt | |
| [Ostende nobis, Domine] | 121, 134, 186, 198, 254, 266, 313, 321, 342, 351 |
| Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras | |
| [Ave, Maria, gratia] | 1382 |
| Moun ki kòrèk yo minm, sé pou tout tan | |
| [Iusti autem in perpetuum] | 1422 |
| Nan min-ou yo, Granmèt, | |
| [In manus tuas, Domine] | 729 |
| Nan mitan Égliz la | |
| [In medio Ecclesiae] | 1510 |
| Nan mizérikòd ou-a, Granmèt | |
| [In misericordia tua, Domine] | 1668 |
| Nan ou, Granmèt, mouin té espéré | |
| [In te, Domine, speravi] | 1668 |

| | |
|---|---|
| Nan sa mouin té rékonèt [In hoc cognovi] | 1254 |
| Nan sa tout moun ap konnin [In hoc cognoscent omnes] | 1389 |
| Nanm moun ki kòrèk yo [Iustorum animae] | 1409 |
| Ou éséyé nou, Bondié [Probasti nos, Deus] | 1458 |
| Ou instalé yo kòm chèf [Constitues eos principes] | 1228, 1296, 1397 |
| Ou minm ki Vièj, apré ou fin anfanté [Post partum, Virgo] | 1358 |
| Paròl la té vîn tounin chè ... li té abité [Verbum caro factum ... et habitavit] | 445, 464, 466, 468, 482, 497, 513, 528, 531, 537, 545, 554, 562, 571, 579 |
| Paròl la té vîn tounin chè ... Nan sa-l plin-an [Verbum caro factum ... Et de plenitudine] | 449 |
| Pòsion pa-m sé Granmèt la [Pars mea Dominus] | 1515 |
| Prèt Granmèt la [Sacerdotes Domini] | 1467 |
| Sajès sin yo [Sapientiam sanctorum] | 1509 |
| Sé li minm ki vini [Hic est qui venit] | 698 |
| Sé nan min-ou, Granmèt [In manus tuas, Domine] | 729 |
| Sé nan sa y-ap rékonèt [In hoc cognoscent] (Io 13, 35) | 1389 |
| Sin yo ak sa-k kòrèk yo [Sancti et iusti] | 1305 |
| Sou ou, Jérusalèm, I-ap lévé, Granmèt la [Super te, Ierusalem, orietur] | 140, 150, 158, 166, 174, 183, 205, 214, 223, 232, 241, 250, 273, 282, 291, 299, 308, 339, 348, 358, 367, 377, 387, 397 |
| Sou ou, Jérusalèm, mouin té mété gadyin [Super te, Ierusalem, constitui] | 1490 |
| Vini pou libéré nou [Veni ad liberandum nos] | 143, 153, 161, 169, 177, 208, 217, 226, 235, 244, 276, |

| | |
|----------------------------------|---|
| | 285, 294, 302, 311, 361, 370, 380, 390, 400 |
| Y-ap adoré-l | |
| [Adorabunt eum] | 611, 629, 639, 648, 657, 667, 676 |
| Y-ap jouinn bénédiksion nan li | |
| [Benedicentur in ipso] | 598, 621, 632, 642, 651, 660, 670 |
| Yo té minnin vièj yo bay Roua-a | |
| [Afferentur Regi virgines] | 1535 |

GID ABRÉVIASION YO

I. Liv Sint Ékritu yo

| | |
|--------------------|---|
| Abak | Liv profèt Abakuk |
| Abd | Liv profèt Abdias |
| Aj | Liv profèt Ajé |
| Am | Liv profèt Amòs |
| Ap | Apokalips apot sin Jan |
| Bar | Liv profèt Baruk |
| Dan | Liv profèt Danièl |
| Dét | Liv Détéronòm |
| Ébr | Lèt pou Ébré yo |
| Éféz | Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo |
| Ésd | Liv Ésdras (= I Ésdras) |
| Ést | Liv Éstèr |
| Égz | Liv Égzòd |
| Éz | Liv profèt Ézékièl |
| Fil | Lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo |
| Fm | Lèt apot sin Pòl pou Filémon |
| Gal | Lèt apot sin Pòl pou Galat yo |
| Iz | Liv profèt Izayi |
| Jak | Lèt apot sin Jak |
| Jan | Évanjil dapré Jan |
| Jén | Liv Jénèz la |
| Jér | Liv profèt Jérémi |
| Jij | Liv Jij yo |
| 1, 2 é 3 Jn | Prémié, dézièm ak touazièm Lèt apot sin Jan |
| Jòb | Liv Jòb |
| Joèl | Liv profèt Joèl |
| Jon | Liv profèt Jonas |
| Joz | Liv Jozué |
| Jud | Lèt apot sin Jud |

| | |
|-------------------|---|
| Judt | Liv Judit |
| Kant | Kantik dè kantik |
| Ko | Liv Koèlèt (= Ékléziast) |
| Kol | Lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo |
| 1 é 2 Kor | Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo |
| 1 é 2 Kr | Prémié ak dézièm liv Kronik (I é II Paralipomèn) |
| Lam | Lamantasion (= Trèn) |
| Lév | Liv Lévitik |
| Lk | Évanjil dapré Luk |
| 1 é 2 Mak | Prémié ak dézièm liv Makabé yo |
| Mal | Liv profèt Malachi |
| Mi | Liv profèt Miché |
| Mk | Évanjil dapré Mark |
| Mt | Évanjil dapré Matié |
| Na | Liv profèt Naoum |
| Nb | Liv Nonb |
| Néé | Liv Néémi (= II Ésdras) |
| Oz | Liv profèt Ozé |
| Ps | Liv Psòm yo |
| 1 é 2 Piè | Prémié ak dézièm Lèt apot sin Piè |
| Prov | Liv Provèb yo |
| Rom | Lèt apot sin Pòl pou Romin yo |
| 1 é 2 Roua | Prémié ak dézièm liv Roua yo (= III é IV Roua) |
| Rut | Liv Rut |
| Saj | Liv Sajès la |
| 1 é 2 Sam | Prémié ak dézièm liv Samuèl (= I é II Roua) |
| Sir | Sira (= Ékléziastik) Liv Sirasid (Binn Sira) |
| Sof | Liv profèt Sofoni |
| 1 é 2 Tés | Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyin yo |
| 1 é 2 Tim | Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Timoté |
| Tit | Lèt apot sin Pòl pou Tit |
| Tob | Liv Tobi |
| Tr Ap | Travay Apot yo |
| Zak | Liv profèt Zakari |

II. Liv Pèr l'Égliz yo ak Souvèrin Pontif yo

| | |
|-------------|--|
| AAS | Acta Apostolicae Sedis (Typis Polyglottis Vaticanis) |
| CCL | Corpus Christianorum Latinorum (Brepols, Turnhout) |
| CSEL | Corpus Scriptorum Ecclesiasticorum Latinorum (Vindoboni) |
| PG | Patrologia Graeca |
| PL | Patrologia Latina |
| PLS | Patrologiae Latinae Supplementum |
| PS | Patrologia Syriaca |
| SCh | Sources chretiennes (Le Cerf, Paris) |

GID JÉNÉRAL

| | |
|---|-------------|
| Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an (11 avril 1971)..... | 5 |
| Dékrè Kongrégasion pou Kult Divin-an (7 avril 1985)..... | 6 |
| Konstitision Apostolik « Laudis canticum » | 9 |
| Dispozision jénéral osijè Litiji Lè yo | 18 |
| Tab jou litijik yo..... | 92 |
| Tablo dat sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la | 95 |
| Kalandriyé Romin jénéral | 98 |
| Pròp pou Tan-an | 111 |
| Tan Avan-an, jous nan jou 16 désanm | 113 |
| Tan Avan-an, jous apré jou 16 désanm | 323 |
| Tan Nésans Granmèt la, jous nan solanité Épipani..... | 411 |
| Tan Nésans Granmèt la, apati solanité Épipani | 589 |
| Déroulman Òrdinè Litiji Lè yo | 701 |
| Distribision Psòm yo ak Kantik yo sou kat sémèn | |
| Sémèn I | 735 |
| Sémèn II | 846 |
| Sémèn III | 962 |
| Sémèn IV | 1077 |
| Pou Konpli yo | 1188 |
| Psòm konplémantè yo | 1212 |
| Pròp pou Sin yo..... | 1221 |
| Novanm..... | 1223 |
| Désanm | 1231 |
| Janvié | 1314 |

Komin yo

| | |
|---|------|
| Komin dédikas légliz | 1325 |
| Komin Sint Vièj Mari | 1354 |
| Komin Apot yo | 1385 |
| Komin mati yo: | 1405 |
| Pou pliziè mati | 1405 |
| Pou yon sèl mati | 1431 |
| Komin pastè yo (gadyin yo) | 1461 |
| Komin doktè Égliz la (savan sakré Égliz la) | 1501 |
| Komin vièj yo | 1511 |
| Komin mésié ki sin yo | 1538 |
| Komin médam ki sin yo | 1571 |
| Pou rélijjié yo | 1600 |
| Pou sa-k té fè aksion mizérikòd yo | 1609 |
| Pou édikatè yo | 1615 |
| Réfrin pou <i>Benedictus</i> ak <i>Magnificat</i> | 1620 |

| | |
|---------------------|------|
| Ofis défin yo | 1629 |
|---------------------|------|

Apindis (Dégi)

| | |
|--|------|
| I. Kantik ak Évanjil pou Vijil yo | 1672 |
| Pròp pou Tan-an: | |
| Tan Avan-an | 1672 |
| Tan Nésans Granmèt la | 1682 |
| Pròp pou Sin yo | 1692 |
| Komin yo | 1693 |
| II. Intèsésion ki pi kout ki kapab sèvi pou Vèp yo | 1709 |
| III. Fòmul ki kapab sèvi pou fè antré nan Priyè Granmèt la | 1714 |

| | |
|---|------|
| IV. Fòmul bénédiksion ki kapab sèvi pou Louanj yo nan matin ak Vèp yo..... | 1715 |
| V. Fòmul akt pénitansièl yo kapab anplouayé pou Konpli-a | 1723 |

Gid yo

| | |
|------------------------------------|------|
| Gid alfabétik sélébrasion yo | 1729 |
| Gid imn yo | 1730 |
| Gid psòm yo | 1733 |
| Gid kantik yo | 1738 |
| Gid léktu bibliik long yo | 1740 |
| Gid léktu bibliik kout yo | 1743 |
| Gid tèks pou dézièm léktu-a..... | 1748 |
| Gid répons yo | 1753 |
| Gid répons kout yo | 1762 |
| Gid abréviasion yo | 1766 |
| Gid jénéral..... | 1769 |

* *

*